Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :
1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.

15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 1 dari 21
Jilid # : 1
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 15.5 x 10.8 cm.

Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Oct 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Rêgi f 0.50

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 1.

Bale Pustaka - Batawi Sèntrêm.

--- [1] ---

Serie No. 1259

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 1.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

1. Kartasura bêdhah, kraton ngalih dhatêng Sala[1]

1. Dhandhanggula

1. mêmanise tyas rêsêp migati | ing pangulah mring rèh kasarjanan | anêtêpi ing ugêre | jênêngirèng tumuwuh | sinung têngran budi mumpuni | dera sang amurwèngrat | ngumala sumunu | tumraping jagad lir surya | nyênyunari niskara sèsining bumi | kang nyata lan kang samar ||

2. minôngkaa kastawaning dasih | myang pracihnaning pangliga[2] murda | têrus ing lair batine | marang lumèbèripun | sihirèng Hyang kang tanpa têpi | marma kacèlu dahat | ing tyas amêmangun | wuryaning kanang carita | praja wutah ing rah sinawung kakawin | mahambêk widayaka ||

3. yèku adêging kraton kêkalih | Surakarta lan Ngayogyakarta | Adiningrat pinangkane | turutaning pangapus | anukili ing saananing | pêpèngêtan kadhatyan | pamudyaning ulun | mêmalar sinamadana | barkahira sanggyaning para winasis | ingkang pratamèng sastra ||

4. purwakaning pawarti winardi | nurutakên babad Kartasura | duk wiwit ing jumênênge | Kangjêng Ingkang Sinuhun | Pakubwana kang kaping kalih | nèng nagri Kartasura |

--- 4 ---

bôndha tur abandhu | asugih pratiwa wadya | binathara ing jagad anyakrawati | wibawa paribawa ||

5. tuhu ratu agung ambawani | ing bawana tlatah nuswa Jawa | tanpa petungan balane | pra santana nung-anung | aprakosa maring ajurit |

samya sumungku suka | jroning tyas gumulung | andêrpati abipraya | pra kawula ing jro myang jabaning nagri | tan pae anggêpira ||

6. nadyan silih pra bala Kumpêni | kang rumêksa wontên Kartasura | datan pendah panganggêpe | lan wadyabala prabu | dene ingkang para radpêni | sampun lambang prasêtya | pawong mitran tuhu | salami lan sri narendra | marma arjèng praja anjrah ingkang janmi | murah sandhang lan boga ||

7. suprandene yèn sampun pinasthi | apêsipun jayaning narendra | tuhu yèn angebatake | yèku duk praptanipun | parangmuka têmpuh ngajurit | kalawan bôngsa Cina | nadyan wontênipun | ing satru kadi tan gôndra | suprandene kêkês kang para bupati | sirna kamayanira ||

8. pra punggawa myang para prajurit | prawiranung andêling ranangga | lir kabuncang sudirane | karkate têlas murud | têka uwas giris amiris | mung nêdya ngungsi gêsang | nora lawan mungsuh | tan pae lan wadu jana | wus dilalah karsaning Kang Murbèng Bumi | rusaking Kartasura ||

9. kawarnaa kangjêng sri bupati | sasirnane wau mêngsah Cina | wus kondur malih ngadhaton | miwah wadyabalagung | pra

--- 5 ---

santana mantri bupati | tanapi wong Walônda | wus samya umantuk | mring wismane sowang-sowang | nanging dahat risakipun kang nagari | tangèh môngga puliha ||

10. duk puniku pangagêng Kumpêni | kang rumêksa anèng Kartasura | Tuwan Baron Hogêndhorop | pangkat kumêndhan mayur | tuhu wantêr maring ajurit | cukat cakêt ing karya | wasis anênuju | barang rèh karsa narendra | kala bêdhahipun Kartasura nagri | katon sih sungkêmira ||

11. ing saparan tut pungkur sang aji | sêdya labuh sabaya antaka | tan mambu yèn bôngsa seje | ngêsorkên sungkêmipun | para wadya punggawa mantri | marma sangêt sihira | kangjêng sang aprabu | mring wau tuwan kumêndhan | nganti karsa amundhut kadang taruni | angadhi kramanira ||

12. dene kadang narendra kang kêni | kinanthi ing samubarang karya | Dyan Mas Sujana timure | diwasanya jêjuluk | Jêng Pangeran Amangkubumi | mahambêg martotama | otamane kasub | ing rèh pangulahing praja | tata titi nastiti salir pakarti | cakêt karsaning raka ||

13. amungkasi yèn tinuduh jurit | sabên aprang linulutan wadya | kèringan satru kalane | tan kewran glaring mungsuh | Martapura duk madêg baris | nèng tanah Sukawatya | apan sampun wudhu | pra bupati datan lawan | dupi pangran kang tinuduh nanggulangi | Martapura kasoran ||

14. marma langkung trêsna sri bupati | tanah Sukawati tigang nambang | sinungkên dadya lênggahe |

--- 6 ---

môngka ganjaranipun | gènnya sampun labêt nagari | mungkasi parangmuka | lawan malihipun | karsaning raka narendra | jêng pangeran pinatah nyenapatèni | sabên wontên lurugan ||

15. mantrimuka manggalèng bupati | Radèn Adipati Pringgalaya | lan sang nata wadya ipe | patih lêbêt winuwus | nama Sindurêja Dipati | kunêng mangsuli kôndha | duk ing alamipun | barusah ingkang nagara | kadang miwah santana jêng sri bupati | kèh lolos saking praja ||

16. madêg baris nèng kidul nagari | kadang nama Pangran Buminata | Singasari ing kalihe | sarta pulunan prabu | Pangran Pamot lan Dyan Mas Said | Arya Suryakusuma | kang sampun jêjuluk | nama Pangeran Dipatya | Arya Mangkunagara arine malih | Pangran Mangkudiningrat ||

17. para pangeran pulunan katri | sami putranipun Jêng Pangeran | Mangkunagara kadange | sêpuh jêng sang aprabu | ingkang kendhang dhatêng Batawi | wau ta cinarita | ing sasampunipun | nata kondur mring Tasura | ri sêdhêngnya pêpêkan sagung bupati | pasisir môncapraja ||

18. ari Soma sang nata tinangkil | ingayap pra sarimpi badhaya | asri tinon busanane | ngampil pacara prabu | nata lênggah ing dhampar rukmi | wontên ing sitibêntar | kang cakêt ing ngayun | Jêng Gusti Pangran Dipatya | Anom Mêngkunagara sudibya luwih | rajaputra Mataram ||

19. gya Jêng Pangran Arya Mangkubumi | senapati ngalaga Tasura |

--- 7 ---

nulya pra santana andhèr | ing kanan kering prabu | twan kumêndhan lan para upsir | inggih samya sumewa | ing ngarsa sang prabu | munggèng ing kursi satata | anèng ngandhap sing bangsal manguntur tangkil | jro tratag sitibêntar ||

20. wong kaparak gandhèk kanan kering | tinindhihan bupati kaparak | prajurit jro baris andhèr | tata sajuru-juru | de kang manggèn paglaran sami | kalih sang mantrimuka | alênggah ing ngayun | Dyan Dipati Pringgalaya | Sindurêja nulya pra nayakèng aji | sagung bupati jaba ||

21. sinambungan kang para bupati | ing pasisir myang môncanagara | samya sowan sadayane | pra punggawa supênuh | ingkang botên sumiwèng aji | Dipati Pranaraga | ingkang dadya tunggul | wadananing pra bupatya | môncapraja ing bang wetan lawan malih | Panêmbahan Cakrèngrat ||

22. ing Madura ingkang madanani | pra bupati pasisir bang wetan | samya rumêksa tlatahe | rèhning jaman dahuru | pra santana amadêg baris | dadya sandeyèng driya | tilar nagrinipun | de êrèh ing pra bupatya | ing pasisir kalawan môncanagari | kêbut mring Kartasura ||

23. miyosira kangjêng sang niwi |[3] datan pae lawan saban-saban | duk maksih rêja jamane | nanging jro tyas ngêndhanu | sanityasa amangonêngi | risakipun kang praja | tanapi kadhatun | saisine rajabrana | aprasasat brastha syuh sirna binasmi | dening kang mungsuh Cina ||

24. yèn ginagas saya angranuhi | yèn [yè...]

--- 8 ---

[...n] rinasa tansah karêrônta | ing Kartasura risake | patih dinuk ing wuwus | rêngênta hèh sira dipati | kadarpaning tyas ingwang | tan kêna sinayut | arsa angalih nagara | desa êndi kang prayoga wetan iki | sun arsa kuthagara ||

25. adipati lawan sira adhi | Hogêndhorêp padha lumakua | pikirên ngêndi bêcike | patih kalih wotsantun | tur sandika dhatêng nglampahi | sang nata nulya jêngkar | kondur angadhatun | kang sewaka gya luwaran | twan kumêndhan lawan dipati kêkalih | myang pra nayaka jaba ||

26. abudhalan pan sarêng saari | anênitik desa wetan praja | wusnya atas pamriksane | kumêndhan rêmbagipun | papan ingkang wiyar waradin | amung ing Kadipala | kang dinalih patut | dèn dêgi pura narendra | nayogyani risang mantrimuka kalih | desa nulya binabad ||

27. dipun ukur badhening kang puri | nanging wontên sêmanging wardaya | pra nujum Jawa rêmbage | mupakat Dyan Tumênggung | Ônggawôngsa Puspanagari | Tumênggung Mangkuyuda | têmbe jangkanipun | yèn nagri nèng Kadipala | langkung arja winongwong jinayèng jurit | cacade enggal risak ||

28. Dyan Tumênggung Ônggawôngsa angling | dhuh ki lurah sing panawang kula | dhusun Sala prayogine | kinaryaa kadhatun | badhe têtêp tulus basuki | yèn lama wimbuh arja | kukuh tur abakuh | mulyaning talatah Jawa | ambêludag dunya sabrang angajawi | sirna lêlakon [lêlako...]

--- 9 ---

[...n] yuda ||

29. dyan dipati kalih angrujuki | jangkanipun Tumênggung Gawôngsa | kumêndhan alon dêlinge | sudara kalihipun | myang sagunging para bupati | lamun ing desa Sala | sangêt awonipun | papan lêdhok datan wrata | lawan malih kacêlakên ing banawi | sae ing Kadipala ||

30. ewamakatên yèn tan prayogi | lan suwawi anitik mangetan | ingkang pakantuk papane | patih lan pra tumênggung | nayogyani mariksa malih | wetan banawi Sangkrah | orêg pra wadyagung | praptèng papan lêmpar wiyar | Sanasèwu tuwan kumêndhan ngrêmbagi | sae kinarya praja ||

31. risang mantrimuka têtanyaris | maring Dyan Tumênggung Ônggawôngsa | kadiparan prayogane | Ônggawôngsa turipun | dhuh ki

lurah lamun suwawi | tan liyan dhusun Sala | saking petang ulun | yèn wontên wetan bangawan | tiyang Jawi badhe wangsul Buda malih | tansah tukar lan rowang ||

32. wau risang kalih nindyamantri | lan kumêndhan kalane miyarsa | tansah lêgêg gèdhèg-gèdhèg | jro tyas kalangkung ngungun | mring waskithanipun kang galih | Tumênggung Ônggawôngsa | nging pakèwêdipun | de kang jinôngka prayoga | papan rawa lêdhok mandhukul tur sungil | prênah têpi bangawan ||

33. ri sampuning kang para bupati | lan kumêndhan pêpatih kalihnya | gêlêng gumolong rêmbuge | kang kinarya kadhatun | èstu Sala ingkang pinilih | amung miturut jôngka | amamrih rahayu |

--- 10 ---

samana sigra bubaran | patih kalih kumêndhan myang pra bupati | wangsul mring Kartasura ||

34. laju marêk byantara narpati | ngaturakên lampahing dinuta | purwa madya wasanane | rêmbaging punggawagung | dhusun Sala ingkang prayogi | kinaryaa nagara | tulus kêkahipun | sri narendra angandika | hèh dipati ingsun iya amarêngi | nuli sira rakita ||

35. kalihipun risang nindyamantri | twan kumêndhan lan para niyaka | lèngsèr sing ngarsa sang katong | pêpatih sigra dhawuh | mring sagunging para bupati | nayaka jroning praja | myang para tumênggung | bupati môncanagara | ing pasisir samya samakta ing kardi | bôndha bau myang kriya ||

36. enjang bidhal risang patih kalih | twan kumêndhan myang para bupatya | tan winarna ing lampahe | praptaning Sala dhusun | ambabadi badhening puri | tinata binabanjar | ing sapantêsipun | wong cilik ing desa Sala | kinèn ngalih marang ing desa lyan sami | orêg samya boyongan ||

37. wus tinata-tata rinarakit | sakèh siti lêdhok ingurugan | ingukur ômba dawane | nging rèh karya kasusu | pagêr buminira kang puri | mung jinaro kewala | wadyalit kumêrut | lêksan kang anambut karya | dene kôntha-kanthane ingkang nagari | anelad Kartasura ||

38. paripurnaning pangupakarti | Adipati Pringgalaya lawan | Sindurêja marêk age | ing ngarsa sang aprabu | tur uninga sampating kardi | gènnya badheni pura | wau sang aprabu |

--- 11 ---

gya dhawuhkên tata-tata | anêtêpi adat watoning narpati | lamun angalih praja ||

39. wusnya samêkta salir piranti | sri narendra lawan pramèswara | putra-putri sadayane | ngrasuk busana luhung | kang pinatik ing sêsotyadi | sorote pindha laban | sêsiring sumunu | dahat lêngêng sinatmata | atanapi badhaya manggung myang srimpi | wus maharjèng busana ||

40. garwanipun nindyamantri kalih | miwah garwaning para pangeran | bupati sapanêkare | ngrasuk busana sampun | sowan pêpak nèng dalêm puri | nata ngagêm basahan | dene pra tumênggung | jro praja mônçanagara | myang pasisir risang mantrimuka kalih | tanapi wadyabala ||

41. wong Kumpêni pêpakan anangkil | ambêlabar anèng pagêlaran | santana pangeran andhèr | basahan agêmipun | lir panjrahing kang puspitadi | sing pelaging busana | wau sang aprabu | lan pramèswari narendra | miyos saking kadhatyan têdhak sitinggil | ingayap pra biyada ||

42. sigra jêngkar saking Kartawani | ngalih kadhaton mring dhusun Sala | kêbut sawadyabalane | busêkan saprajagung | pinèngêtan angkate nguni | anuju ari Buda | enjing wancinipun | wimbaning lèk ping sapta wlas | Sura Êje kombuling pudya kapyarsi | ing nata kang sangkala ||[4]

43. têdhakira kangjêng kang siniwi | pra

--- 12 ---

prajurit Kumpêni lan Jawa | urmat drèl atri swarane | sinauran mriyêm gung | magênturan anggêgêtêri | slomprèt tambur musikan | suling

bêndhe barung | munggang kodhokngorèk ngangkang | carabalèn pradôngga munya ngêrangin | orêg wong sanêgara ||

44. kapiyarsa swaraning kang janmi | barung lawan tabuhan mawarna | drèl sanjata mriyêm gêdhe | pangriking turônggagung | kadya bêlah kang jagad katri | wau ta winursita | patrap lampahipun | jêngkarnya sri naradipa | kang nèng ngarsa badhe wringin kurung nagri | bêktan sing Kartasura ||

45. wuri nulya kang bangsal pangrawit | ngusung wêwêtahan ngayap wadya | dwipangga ngayap sratine | kuda titihan prabu | abdi gamêl kang anjajari | wuri gya pra punggawa | mantri myang panèwu | bupati nayaka jaba | anon-anon nitih kuda dèn songsongi | ngiring pacara wadya ||

46. tinindhihan sang anindyamantri | kang ingayap prajurit myang wadya | sangkêp saupacarane | gya Kumpêni sumambung | prajurite samya lumaris | cacah gangsal brêgada | mayor tindhihipun | wahana turôngga jajar | lawan Kangjêng Gusti Pangeran Dipati | Anom Mangkunagara ||

47. nulya pangulu ngulama kêtib | juru suranata myang pradikan | ingkang sumambung wurine | pusaka namanipun | Cêngkal Baladewa Kiyai | nulya para pangeran | gya titihan prabu | rata ingayap kaparak | kanan keri amangangge sarwa abrit | ngampil-ampil [ngampi...]

--- 13 ---

[...l-ampil] pacara ||

48. banyak dhalang lawan sawunggaling | arda waleka sasaminira | tinindhihan bupatine | wuri ingkang sumambung | tandhu joli jêmpana adi | sumrêg sêlar-sêluran | tan anggop lumintu | yèku ingkang tinitihan | pramèswari miwah sagunging pra putri | myang swamining punggawa ||

49. abdi gêdhong kanan lawan kering | abdi kraton panandhon tan têbah | bupati gêdhong tindhihe | angayab ngurung-ngurung | wuri ingkang sumambung malih | pusaka kraton Jawa | kathah warninipun | winadhahan ing kandhaga | sinongsongan jênar ingapit prajurit | ingkang sumambung wuntat ||

50. pra prajurit wahana turanggi | nulya sagunging para bupatya | pasisir môncanagrine | saupacaranipun | nitih kuda dipun songsongi | bandera myang daludag | miwah payung agung | maneka warna bra sinang | angêrangin pradangganing pra bupati | tinabuh urut marga ||

51. binarungan musikan Kumpêni | slomprèt tambur suling bêndhe kêndhang | umyung gumuruh swarane | lampahing wadya sêlur | langkung sêsêg ngèbêki margi | bêlabar mring ra-ara | kuda cacahipun | gangsal lêksa winatara | gunge wadya sing mandrawa yèn kaèksi | kadi samodra wutah ||

52. apuyêngan solahing wadyalit | kang boyongan tumutur ing nata | adaya-daya sêdyane | umyung dènnya sung-usung | rêreyongan samargi-margi | ya ta sapraptanira | ing Sala sang prabu | bangsal pangrawit ingêtrap |

--- 14 ---

anèng tarub paglaran kang wus rinakit | bala andhèr sumewa ||

53. nata lênggah ing bangsal pangrawit | para upsir kalawan kumêndhan | samya ngadêg nèng kanane | bangsal lênggahan prabu | pra prajurit banjêng abaris | Kumpêni miwah Jawa | anèng alun-alun | sri narendralon ngandika | dhusun Sala ingalih nama nagari | Surakartadiningrat ||

54. ki pangulu ngulama lan kêtib | sigra donga wilujênging praja | jêng sri nata dhawuhake | nanêm waringin kurung | wringin kang lèr ingkang jênêngi | kalih sang mantrimuka | dene kanthinipun | bupati bêkêl nayaka | kang jênêngi wringin kidul wadananing | bupati môncapraja ||

55. ri sampuning tinanêm kang wringin | kinurmatan drèl maryêm sanjata | Kumpêni Jawa arame | pradôngga munya umyung | barung tambur slomprèt lan suling | sang nata gya ngadhatyan | luwaran wadyagung | mring pondhoknya sowang-sowang | wong Kumpêni sinung pakuwon wetaning | lun-alun lèr kadhatyan ||

56. têtêp prasida sri narapati | ngadhaton nèng nagri Surakarta | datan ana sangsayane | satata amêmangun | prayogane rakiting nagri | nadyan papan ing Sala | alêdhok mandhukul | awit dening sinantosan | pra santana bupati punggawa mantri | samya atata wisma ||

57. nahan wusing antara tri sasi | wontên sêrat sing gurdadur[5] jendral | mring tuwan mayor jujuge | gatining srat sung wêruh | lamun jendral arsa pêpanggih | ing kangjêng sri narendra | de ngalih kadhatun |

--- 15 ---

dadya kêdah uningaa | lan malihe arsa jajah tanah Jawi | mriksa loji lan tanah ||

58. ingkang risak duk prang Cina nguni | wusnya tamat pamaosing sêrat | tuwan kumêndhan ge-age | anyanthèlakên atur | nyuwun sowan jêng sri bupati | ri sampunnya ngandikan | mayor sigra laju | malêbêt ing dhatulaya | tan winarna ing marga praptaning puri | mayor èsmu kasmaran ||

2. Kabar Sala badhe katamuan jendral ing Batawi, sarta pêpanggihanipun Pangeran Adipati Mangkunagara kalihan Mayor Hogêndhorêp.

2. Asmaradana

1. dhuh pukulun sri bupati | ambatur uningèng tuwan | yèn ulun tampi sêrate | pun kaki jêng tuwan jendral | raosipun kang sêrat | manawi parêng ing kayun | arsa prapta nagri tuwan ||

2. sowan ing jêng padukaji | rèhne mêntas karya kitha | nênggih pun kaki lampahe | mangetan jujug Madura | ngiras amêmariksa | sakathahing dhusun-dhusun | kang risak kala prang Cina ||

3. saking wetan rawuh ngriki | ri sampuning pêpanggihan | konduripun amangilèn | mêdal ing tanah Mataram | sang nata angandita[6] | iya bangêt rênaningsun | dene kaki sarjuning tyas ||

4. têtinjo mring jênêng mami | besuk apa gone prapta | tuwan kumêndhan ature | rawuhipun [rawuhi...]

--- 16 ---

[...pun] tuwan jendral | dèrèng mawi têmbaya | kalamun parêng sang prabu | kawula arsa siyaga ||

5. bôndha kinarya badhèni | suyasa ingkang prayoga | kagêm pakuwon rawuhe | pun kaki jêng tuwan jendral | sri narendra ngandika | adhi panjênêngan ingsun | wus marêngi aturira ||

6. sira sarêmbuga nuli | anane wong lawan bôndha | lan dipati sakarone | kumêndhan matur sandika | jawat astamit mêdal | samana sarêmbag sampun | lawan sang mantri wasesa ||

7. risang dipati kêkalih | dupi wus kaprasadonan | dening Kumêndhan Hondhorop | parentah samêktèng karya | marang para bupatya | datan lami sampat sampun | bôndha bau tuwin kriya ||

8. ri saksana dèn wiwiti | pandamêle kang suyasa | tan winarna rêroncène | nêdhênge anambut karya | kasaru praptanira | garêbong carakanipun | Pangeran Arya Pancuran ||

9. sarwi amundhi kintaki | têrang jêng gurnadur jendral | gatining rèh nandukake | pamapas cipta angkara | Pangran Mangkunagara | pinurih mangimur-imur | ayu myang widadèng karsa ||

10. pênêda mring jêng Kumpêni | sarta bêktia mring nata | Tuwan Kumêndhan Hondhorop | wus anduga karsanira | para rad ing Jakarta | duta sampun kinèn laju | garêbong sigra umangkat ||

11. dhumatêng ing pakuwoning | Pangeran Mangkunagara | datan winarna lampahe | ing ênu sapraptanira | pustaka wus tinampan | binuka [bi...]

--- 17 ---

[...nuka] sinuksmèng kalbu | mangkana ungêling sêrat ||

12. pustaka pinandara ring | saliring pudya raharja | sing manah êning rumêmbe | saking kadang para wrêda[7] | kang winilut sangsaya | nèng Jakarta ajêjuluk | Pangeran Arya Pancuran ||

13. mugi katura ri mami | kang dadya wod tyas kasrêdan | satriyagung bêbisike | Pangeran Mangkunagara | kang ambêg santa budya | budiman anrus martayu | tumuse ngasturi ngambar ||

14. mardu mardawa arjanti | jujur ing saparibawa | ambawani pangulahe | kridhaning tyas parotama | tumanêm ing silarja | jajahaning budi mêngku | mêmaniking tyas ngumala ||

15. maladi kontabing bumi | buntas marang kabudayan | digjayane ing palugon | dening gunane mring aprang | kèringan parangmuka | linulutan pra wadyagung | tuhu prajurit utama ||

16. wiyose kanang kintèki | yayi mas paraning trêsna | mugi anirnakna babo | bara-baraning bramatya | berata kang sandea | rèhning kabubuh ing sêpuh | pun kadang dadya nêmpuh byat ||

17. ngumbar berawaning ati | ngaturakên cumanthaka | sumundhul atur sêdyane | dununging rèh kang sayogya | lamun datan katampan | sayêkti cintaka muput | lir kênèng papa pantaka ||

18. botên pisan nêdya lamis | anyênyêla lêlêmêsan | nyênyampahi kakangane | ing karsaning kadang ingkang | sampun ambêk gunawan | mung matur sajatosipun | tumrapipun kaprawiran ||

--- 18 ---

19. ing asmaralaga yayi | sintên kang purun tumanggah | kalawan sira riningong | yèn ta mung sababagira | yakti dahat katrêsan | dening widigdanta tuhu | têmah nungku ngèstupada ||

20. nanging tandukipun yayi | lamun sisip kalbèng cacad | awon têmên juwarane | kadi ujaran bêbasan | amirong kampuh jingga | liripun balela ratu | wah mêngsah Kumpêni ingkang ||

21. kaonang-onang undhagi | mring rèh ulahing ayuda | tanpa wilangan balane | sangkêp sakapraboning prang | yèkti dede timbangan | mêngsah Kumpêni lan ratu | marma pun kakang kumêdah ||

22. tur pamrayoga ing yayi | kalamun condhong ing karsa | lêhêng kondura dèn age | ambêbana sihing nata | kadi langkung utama | suwita wong tuwanipun | dhasar kang madêg narendra ||

23. dene ta kalamun yayi | sônggarunggi mring Walônda | panggiha pun kakang dhewe | wit dene kang pangandika | kangjêng gurnadur jendral | datan liyan karsanipun | mung amrih raharjanira ||

24. dhuh yayi lamun suwawi | gèn kula asung pirêmbag | dhinahara yêkti sae | upami datan arsaa | mung ngumbar drênging karsa | têtêp tan ngeman sadulur | tilarane kangjêng rama ||

25. lan pun kakang atur uning | ramanta ingkang sawarga | atilar putra kathahe | gangsal kang jalu sakawan | kang wanita sajuga | ingkang jalu wayahipun | kuwawa angêmbat watang ||

26. satamating panupèksi | kang kintaka jêng pangeran | trênyuh widrawa ing

--- 19 ---

tyase | sru karantan maring kadang | kang wontên ing Jakarta | alola linglung wulangun | dening tinilar ing rama ||

27. myang jroning tyas katêtangi | mèngêt lampahaning rama | kang dahat karya wirage | nganti dangu tan ngandika | sarwi amêtêk jaja | kêmbêng-kêmbêng arawat luh | tinênggak-têngggak tan kêna ||

28. saberatirèng wiyadi | pangeran angunandika | babo limut têmên ingong | yèn bêbasaning manusa | lir sarah nèng samodra | sarah kang minôngka manus | samodra minôngka suksma ||

29. saparan akontrang-kantring | winasesa dening tirta | karêp pribadi tan duwe | mangkono uga manusa | tan wajib yèn suwala | ing takdir Hyang Mahaluhur | mung kudu suka narima ||

30. saksana ngandika aris | hèh Grêbong sira matura | marang Kumêndhan Hondhorop | rêmbag kang wus sun tupiksa | kamot jroning nuwala | abangêt panuwun ingsun | sih marmane kadang tuwa ||

31. sayêktine ingsun pikir | pamrih kang marang raharja | nora pisan bêbasane | yèn mung suka angas karta | tan anut rèhing raja | lan Kumpêni ingkang agung | apa tan ajrih Hyang Suksma ||

32. mung iku wangsulan mami | lah uwis sira mundura | angasoa maring pondhok | pun Grêbong mundur tur sêmbah | ngaso mring pamondhokan | ri sampuning kalih dalu | wangsul dhatêng Surakarta ||

33. laju tumamèng jro loji | umarêk tuwan kumêndhan | wus tinutur sadayane | sadhawuhipun pangeran | suka tuwan [tuwa...]

--- 20 ---

[...n] kumêndhan | mirêng Grêbong aturipun | dinalih lamun sanyata ||

34. Grêbong nulya kinèn bali | kapanggiha lan pangeran | tur uning yèn tuwan mayor | arsa panggihan priyôngga | anèng ing Picis desa | pun Grêbong umangkat laju | kumêndhan lumêbèng pura ||

35. praptèng byantara narpati | kumêndhan alon turira | pukulun yèn kapanujon | lan karsa sri naranata | ulun arsa pêpanggya | putra tuwan sang aprabu | Pangeran Mangkunagara ||

36. samadosan wontên Picis | ulun purih umantuka | suwita ing ngarsa katong | ywa kongsi karya rêrêsah | dhatêng tyang padhusunan | sri narendra ngandikarum | adhi sun mangayubagya ||

37. nging sumêlanging tyas mami | kaya-kaya durung nyata | Si Said kasaguhane | adate mung nônggakrama | supaya dèn umbara | sapungkure kang sung rêmbug | karya ru-ara wong desa ||

38. ewamangkana ta adhi | rèhning wus jangji panggihan | prayoga mangkata age | bok manawa kanyataan | nêdya mulih mring praja | iya panjênêngan ingsun | kang paring pangan lan pangkat ||

39. kumêndhan gya amit mijil | enjingipun lajêng mangkat | mung bêkta juga upase | rowang Jawa amung tiga | datan samêktèng bala | praptèng Picis wus kapangguh | lan Pangran Mangkunagara ||

40. anèng wetaning banawi | pangeran tan bêkta bala | amung sakawan kang dhèrèk | ri sampuning anjum asta | ngunjuk anggur kalihnya | twan kumêndhan sangunipun | nulya sami wawan [wawa...]

--- 21 ---

[...n] sabda ||

41. kumêndhan wacana manis | dhuh pangeran kadiparan | yèn ta kalantur karsane | karya risak wong padesan | sintên ingkang kecalan | marmatur kula kalangkung | pangeran mugi dhahara ||

42. pirêmbag ingkang prayogi | saking Pangeran Pancuran | kang sampun kamot sêrate | lêpat paduka ing nata | kang sampun kalampahan | kula kang nanggêni tuhu | yêkti antuk pangaksama ||

43. pangeran lêga ing galih | midhangêt pirêmbagira | Tuwan Kumêndhan Hondhorop | dene sagah nanggênana | nglêbur sakèhing dosa | pangeran arsa mituhu | rêmbag kondur maring praja ||

44. nulya ngunjuk anggur malih | kumêndhan lawan pangeran | pangran waspadèng tingale | pêdhanging tuwan kumêndhan | katingal langkung pelag | kumacelu ayun wêruh | kumêndhan datan lênggana ||

45. pêdhang ingaturkên nuli | sêdhèt tinarik ing ngarsa | pangran alon ngandikane | sudara pêdhang punika | dede pêdhang Walônda | sae pakantuk ing wangun | lir pêdhang damêlan Jawa ||

46. tuwan kumêndhan nauri | dhasar pêdhang suduk Jawa | rama paduka sang katong | ingkang aparing wasiyat | kala nèng Pranaraga | Côndhabirawa ranipun | marmanya pêdhang punika ||

47. sabên ari miwah ratri | tan kenging pisah sacêngkang | tansah kula sandhing mawon | wit kathah karamatira | wasiyat ing Mataram | pêdhang nulya sinung wangsul | dhumatêng tuwan kumêndhan ||

48. gantya kumêndhan yun uning | wangkinganipun [wangkinganipu...]

--- 22 ---

[...n] pangeran | kang katon pelag srasahe | dhuwung tinampèkkên nulya | tinarik mring kumêndhan | sangêt ing pangungunipun | myat pelaging wangunira ||

49. sampun sinarungkên malih | katur wangsul mring pangeran | ri sampun nutug kalihe | dènnya sami pagunêman | twan kumêndhan pamitan | arsatur uningèng prabu | jawat asta gya bubaran ||

50. twan kumêndhan nabrang Picis | pangeran mring panambangan | nanging sajroning galihe | pan amung anôngga krama | tan nêdya mituhua | twan kumêndhan rêmbagipun | wuwusên tuwan kumêndhan ||

51. prapta Surakarta nagri | laju tur uningèng nata | purwa madya wusanane | kalanipun pêpanggihan | sawusira antara | dèn anti ing dhatêngipun | pangeran tan ana prapta ||

52. taksih angadêkkên baris | bahak ngrayudi padesan | wong cilik puyêngan gègèr | kathah dhusun karisakan | kapyarsa saking praja | nanging datan pinaèlu | wit sawêg gêlak pakaryan ||

53. suyasa ingkang prayogi | karya pakuwoning jendral | tuwin mêmangun liyane | wit nagri sawêg bêbakal | arsa tamian jendral | pangeran lan kadangipun | nutug gènnya karya rusak ||

54. gantya mangke kang winarni | ri sampuning santun warsa | jêngkaripun sang pamase | saking nagri Kartasura | ngalih mring Surakarta | wontên sêrat prapta asung | wruh tamtune ari tanggal ||

55. badhe rawuh ing Sêmawis | jêng tuwan gurnadur jendral | langkung trusthèng

--- 23 ---

ing galihe | Sri Narendra Surakarta | de wit jaman Mataram | Kartasura praptanipun | ngalih praja Surakarta ||

56. jêng gurnadur ing Batawi | dèrèng wontên ingkang prapta | pêpanggihan lan sang katong | pan lagya punika ana | marma jêng sri narendra | dening sangêt rênanipun | karsa mêthuk mring Samarang ||

57. ngiras pêpara yun uning | samodra lèr tanah Jawa | sang nata wus dhawuhake | mring nindyamantri kalihnya | tanapi mring kumêndhan | sang mantri wasesa sampun | mêmatah samêktèng karya ||

58. sarta dhawuh mring bupati | pasisir êlèr sadaya | badhe rawuhe sang katong | lawan jêng gurnadur jendral | dhatêng nagri Samarang | marma pasisir sadarum | kinèn sowan mring Samarang ||

59. bupati jroning nagari | jaba jêro sapunggawa | sapalih ingkang andhèrèk | kang sapalih têngga praja | dene para santana | akathah kang kantun tugur | kang dhèrèk mung sawatara ||

60. bupati môncanagari | ingkang cêlak Surakarta | kêrigan prasamya dhèrèk | sri narendra wus dhêdhawah | ing ari tanggal wulan | badhe têdhakipun wau | anganthi tuwan kumêndhan ||

3. Ingkang Sinuhun ing Surakarta mêthuk jendral dhatêng Samarang.

3. Kinanthi

1. ing ari sajuga nuju | dwi wêlas Rabingulakir | warsa Dal ing wanci enjang | wau kangjêng sri bupati | karsa [kar...]

--- 24 ---

[...sa] angrasuk busana | sakapraboning narpati ||

2. rinêngga sarwa mas murub | sinotya pinatik-patik | nawa rêtna tanpa una | têmpuring praba mrabani | amblêrêngi mrabangkara | sawusnya dandos sang aji ||

3. miyos saking ing kadhatun | ingayap maring pra gusti | myang para srimpi badhaya | ingkang samya ngampil-ampil | upacaraning narendra | banyak dhalang sawunggaling ||

4. lantaran pêdhang myang tulup | kêbut lar pêksi kudasih[8] | kacu mas arda waleka | tamèng talêmpak jêmparing | gandhewa gadhing kawuryan | maneka warna mantêsi ||

5. risang kalih mantri ngayun | myang sagung kliwon bupati | upsir kalawan kumêndhan | tanapi panèwu mantri | wus pêpak andhèr balabar | anèng paglaran anangkil ||

6. tan antara sang aprabu | bidhal saking ing nagari | anitih jêmpana endah | wadya wandawa kang ngiring | sru gumuruh swaranira | srining paran kang kaèsthi ||

7. munggang kodhokngorèk ngungkung | tinêmbang barung lan suling | slomprèt tambur kalasôngka | musikan munya dumêling | binarung êdrèl sanjata | sinauran mriyêm loji ||

8. swarane lir gêlap sèwu | sarêng ngampar sing wiyati | glêgar-glêgêr ngombak-ombak | kadya ambêlahna bumi | ibêkan wong sajro praja | wurahan samya ningali ||

9. kang dadya cucuking laku | anjajari nèng ngarsaji | bupati môncanagara | ing Kêdhu lawan Mantawis | Bagêlèn ngambal Pacitan | Garobogan datan [data...]

--- 25 ---

[...n] kari ||

10. samya nitih turônggagung | sambada prabote adi | ingayap kang upacara | miwah kang wadya prajurit | arja samya sinongsongan | sagung kang para bupati ||

11. sabên sajuga tumênggung | balanya kang nitih wajik | wontên dhomas myang sanambang | samya pelag amantêsi | murub mubyar kang busana | tinon langkung ngrêspatèni ||

12. ing wuri ingkang sumambung | sagung kaliwon bupati | myang prajurit kêkapalan | tanapi panèwu mantri | jroning praja Surakarta | tinindhihan patih kalih ||

13. nulya upacara prabu | banyak dhalang sawunggaling | tanapi arda waleka | waos sulam amarapit | kampil ing abdi kaparak | amangangge sarwa abrit ||

14. de para santana prabu | angapit ing kanan kering | kang tan têbah sri narendra | mung Jêng Pangran Mangkubumi | kalawan tuwan kumêndhan | samya wahana turanggi ||

15. abra kang busana murub | sinawang langkung arjanti | katon patitis sabarang | ing rèh karsaning narpati | twan kumêndhan lan pangeran | marma datan kêna têbih ||

16. wuri malih kang sumambung | bupati môncanagari | ing Madiun lan Caruban | Blora Ngawi Purwadadi | Kamagêtan Jagaraga | ing Rajègwêsi tan kari ||

17. ingayap pacaranipun | miwah kang wadya prajurit | samya pelag kang busana | datan ana nguciwani | arja kang para bupatya | nitih wajik dèn songsongi ||

18. daludag lan payung agung | bandera awarni-warni |

--- 26 ---

ijo biru kapurônta | irêng abang putih kuning | sabên bupati sajuga | banderane seje warni ||

19. datan wontên kêndhatipun | sagung wadya kang lumaris | wadya kang wahana kuda | kalih lêksa malah luwih | tanpa petungan cacahnya | kang dharat sagunging dasih ||

20. abraning busananipun | pra wadyabala myang dasih | ingkang tata gêgunungan | sarwa pelag môncawarni | sing mandrawa sinatmata | sumiring arga kabêsmi ||

21. sabên desa ingkang agung | kang kamargan dèn sinungi | carabalèn munya umyang | pradôngga munya ngêrangin | rontèk panjêran daludag | plêngkung sêsêkaran adi ||

22. wadya gumolong asêlur | angèbêki margi-margi | balabar mring ara-ara | wêwah-wêwah wong ningali | wong padesan ewon lêksan | anggili kang samya prapti ||

23. marma ara-ara dhusun | wana jurang miwah kali | èrèng-èrèng turut marga | kang kamargan sri bupati | jêjêl pipit kêbak janma | tuwa anom jalu èstri ||

24. rêroncène tan cinatur | rêrênggan samargi-margi | têdhakipun sri narendra | saking gunging wadya aji | de ratu musthikaningrat | ing bawana ambawani ||

25. rêmbên têdhaknya sang prabu | mung mamrih ayêming abdi | dimène aywa rakasa | enggar manahe pra dasih | arja suka-parisuka | tigang dalu anèng marga ||[9]

26. wau ta sarawuhipun | anèng Lampor sang siniwi | pinêthuk baris Walônda |

--- 27 ---

samya wahana turanggi | dwi atus drahgundêrira | kumêndur nagri Samawis ||

27. Tuwan Teling julukipun | ingkang anindhihi baris | pangagênging wong Walônda | kang mondhongi sri bupati | bupati pasisir pêpak | mêthuk sarêng lan Kumpêni ||

28. tuwan kumêndur wus tundhuk | jawat asta lan jêng sang sri | sigra laju lampahira | saya wêwah kèhing baris | praptaning talatah praja | wimbuh gung kurmatan aji ||

29. Kumpêni lan pra tumênggung | panyuba-nyubane luwih | kodhokngorèk munya ngangkang | pradôngga munya ngêrangin | tambur slomprèt myang musikan | kêndhang suling sarêng muni ||

30. baris Kumpêni ambarung | drèl sanjata warni-warni | mariyêm gêng magênturan | gêtêr patêr magêtêri | yayah manêngkêr triloka | lir ngêbur hèring jaladri ||

31. janma miyat rêbut dhucung | Walônda Cina myang Jawi | Arab Kêling lan Bênggala | êncik koja amêpêki | kadi gabah ingintêran | orêging wong sanagari ||

32. jalwèstri jêjêl supênuh | uyêg sêsêg anêsêki | pinggiring lurung atarap | amarapit ngapit-apit | kumudu-kudu yun miyat | warnane narendra Jawi ||

33. dadya kadêrêng andarung | tan angetang anak rabi | rêbut ênggèn yêl-uyêlan | jalwèstri wus dadi siji | kèh rare miwah para dyah | kapipit-pipit kajêpit ||

34. ana jêtung kapirangu | myat cahya jêng sang siniwi | dene anuksmèng sasôngka | wadya mratah pêkik-pêkik |

--- 28 ---

wasis pasanging busana | mêmantês angadi ragi ||

35. baguse asungsun timbun | dening rinêngga sarwa sri | asrining busana mubyar | rupa mas sêsotya manik | nunging cahya marakata | lir manidhêm sitarêsmi ||

36. marma kathah pra dyah ayu | rêragan dènnya tumiling | mring lêng-lênging kang katingal | liringe lir ngujiwati | kang kèswari nganti wudhar | tinon tan sêdya tinolih ||

37. wontên ingkang pungun-pungun | lir kênèng tibra nêkani | pambayun kang ngênyu dênta | kadhêsêg nganti kapidih | wêntise kèsisan sinjang | kumilat datan pinikir ||

38. sawênèh juwêt amuwus | ngalêm mring para pinêkik | esthane kadya jêjawat | wontên malih jawil-jawil | rêrasan lan rowangira | astanya sarwi gablogi ||

39. dhuh lae-lae bok ayu | sajêg ngong tinitah urip | umiyat kadi wong ika | lagi ing samêngko iki | iba bungahe tyas ingwang | yèn bangkita sandhing linggih ||

40. pantês kinudang ing kidung | pantês kondhang ing agêndhing | pra satriya Surakarta | myang sagung bupati mantri | bêsus wiraga karana | saparibawa mantêsi ||

41. dhuh babo-babo wong agung | sêsotyanipun rat Jawi | têka baguse kaliwat | prabaning cahya dumêling | lir teja ngêmu wangkawa | wênêse amilangoni ||

42. wus masthi bae kang dulu | yèn mulih praptaning panti | agung môndraka lêng-lêngan | kusut tumonton mring laki | nora sotah sinandhinga | mung kèpi kang

--- 29 ---

anyar prapti ||

43. tangèh ginupitèng kidung | solahing wong sanagari | cinatur jêng sri narendra | dupi prapta ngajêng loji | Jêng Tuwan Gurnadur Jendral | Baron van Emuk agipih ||

44. dènnya lumarap amêthuk | ngancarani sri bupati | ri wuse jawatan asta | nata sinambut umanjing | jro trun kang wus sumadhiya | rinêngga sarwa sutradi ||

45. lèmèk prangwadani babut | lênggah jajar sang kêkalih | mênggêp munggèng dirgasana | bupati satriya mantri | jroning praja Surakarta | pasisir môncanagari ||

46. aglar sumiwa[10] ing ngayun | sajuru sabilik-bilik | kawangwang saking mandrawa | busanane milangêni | lir lintang ambabar sêkar | pating gêbyar pating krêlip ||

47. jêng tuwan jendral gurnadur | samana sampun ngaturi | nambrama amanuhara | wilujêng ing sri bupati | atanapi tur prasêtya | pangandikanira manis ||

48. dhuh prapta kula sang prabu | pan amung parlu martuwi | dhumatêng paduka nata | rèhning mêntas wontên kawis | dahuruning prajanira | saking karsanta sang aji ||

49. ngalih kitha Sala dhusun | punika kula kaluwih | kadêrêng badhe uninga | labêt dening gunging asih | kangjêng Kumpêni Walônda | dhumatêng narendra Jawi ||

50. sang prabu mangsuli arum | prasêtyanipun Kumpêni | sih marma mring kraton Jawa | rumêksa mamrih basuki | sangêt sukarêna kula | panjênêngan kula ugi ||

51. datan darbe sigan-sigun | agêngipun sônggarunggi | nanging mung mantêp pracaya |

--- 30 ---

mring Kumpêni lair batin | saking dening rêsêp kula | kula anggêp kulit daging ||

52. jêng tuwan suka kalangkung | myarsa prasêtyaning aji | ri sampunipun antara | sang nata jêngkar sing loji | kondur dhatêng pasanggrahan | kang sampun dhêndhêng cumawis ||

53. pra bupati datan kantun | tantara dangu praptaning | sêsugun mawarna-warna | saking Kumpêni mêpêki | myang sing bupati Samarang | warata sawadya alit ||

54. sawusnya rêrêm sang prabu | jêng gurnadur amartuwi | sigra amurwèng kalangyan | mriksa ananing jaladri | nutug gènnya mangun suka | jêng tuwan lan sri bupati ||

55. wusnya angsal pitung dalu | dènnya wontên ing Samawis | sang aprabu lan jêng tuwan | gya jêngkar mring Sala nagri | sami anitih jêmpana | lamun sayah nitih wajik ||

56. sang aprabu munggèng ngayun | jêng tuwan jendral nèng wuri | de ananing pakurmatan | tan siwah kadi duk nguni | têdhakipun sri narendra | dhatêng nagari Samawis ||

57. wadyakuswa sangsayagung | wêwah bupati pasisir | tanapi bala Walônda | Jêng Pangeran Mangkubumi | yèn nata nitih jêmpana | kinon angamping-ampingi ||

58. adharat ing lampahipun | nèng kanan utawi keri | ngampil pamucangan nata | gêgujêngan turut margi | luwês cucut tandukira | katonton putus ing budi ||

59. ajrih durcara ing wuwus | awas marang wirang isin | tan gumunggung adiguna | kuntap ing pranata titi | titi

--- 31 ---

marang ing wêweka | tan galak tutut ing liring ||

60. têtêg yèn amanggih kewuh | tangginas marang ing kardi | marma langkung sih myang rama | pangran datan kêna têbih | saya rêmbên ingkang lampah | gangsal latri anèng margi ||

61. dupi têdhaknya sang prabu | praptèng kitha Bayalali | sang nata dhingini lampah | ari Dite nuju kaping | pitu likur nunggil wulan | rawuh Surakarta nagri ||

62. tuwan kumêndhan tan kantun | umiring jêng sri bupati | sawusnya nata ngadhatyan | kumêndhan gya mundur amit | angrêrakit pasanggrahan | jro loji rinobaya sri ||

63. badhe ing pakuwonipun | jêng gurnadur ing Batawi | gêdhong loji duk samana | kang dadi lagya satunggil | nêp candhela dèrèng dadya | marma mung tinutup mori ||

64. jam satunggal wancinipun | jêng gurnadur jendral prapti | kodhokngorèk munya ngangkang | drèl Kumpêni wanti-wanti | mariyêm miwah sanjata | de panggenanipun baris ||

65. Kumpêni myang wadya prabu | anèng alun-alun sami | wau kangjêng sri narendra | miyos dhatêng srimanganti | amêthuk jêng tuwan jendral | jêng tuwan laju mring puri ||

66. orêg wong jro pura kêbut | tan petungan kang ningali | jalwèstri jêjêl sêk-sêkan | pinggir marga kêbak janmi | sawusira sawatara | jêng tuwan anèng jro puri ||

67. nulya amit ing sang prabu | arsa makuwon mring loji | sang nata sumarah karsa | jêng tuwan jendral gya mijil | sinatriya pra punggawa | kang anom samya umiring ||

--- 32 ---

4. Wontênipun jendral ing Surakarta sarta mulabukanipun Pangeran Mangkubumi sêrik galihipun.

4. Sinom

1. jêng tuwan gurnadur jendral | sampun makuwon ing loji | sinangkalan praptanira | wong nywara orêg ing bumi |[11] sagung para bupati | makuwon sasukanipun | enjinge sri narendra | têdhak martuwi mring loji | surup surya lagya kondur maring pura ||

2. dupi prapta pêndhak enjang | jêng tuwan gantya martuwi | sinambut lan mangun suka | kongsi diwasaning ari | jêng tuwan lagya amit | praptèng kawan arinipun | jangkêpe kaping tiga | têdhaknya jêng sri bupati | maring loji jêng tuwan mangun wicara ||

3. sang nata ngaturan ngiwa | wus panggih sami pribadi | mung kanthi dêlèr satunggal | jêng gurnadur matur aris | traping krama maripih | mêmalad mamèt saarju | dhuh pukulun sang nata | ingkang satuhu bawani | ing bawana talatah ing nuswa Jawa ||

4. mugi ta anglêpatêna | ing bêbêndu tulah sarik | dhatêng rad pêni India | miwah sampun sônggarunggi | kula matur sajati | tiyang Kumpêni gènipun | wontên ing nuswa Jawa | ngayom barkahing narpati | ingkang sampun kawuryan satuhu trêsna ||

5. marma Kumpêni sadaya | ing sêdya tarlèn mêmamrih | tata arjaning kang praja | mulyaning karaton Jawi | tulusa [tulu...]

--- 33 ---

[...sa] ing salami | dalah satalatahipun | sampun wontên durcara | bêbaya kang bêbayani | lir pakartining Cina ngrangkakkên praja ||

6. mila lamun jêng paduka | kaparêng panudyèng galih | pasisir êlèr sadaya | kagadhuhna ing Kumpêni | môngka pracihna yêkti | sih kadarmannya sang prabu | dhatêng bôngsa Walônda | kang rumêksa kraton Jawi | amêmitran datan pêgat salaminya ||

7. dene lamun kasambadan | anggadhuh tanah pasisir | kang pinrih yêkti mung arja | tan ngewahi adat Jawi | myang pamêdaling siti | ingkang konjuk ing sang prabu | sapintên kathahira | Kumpêni mung dadya margi | lumadosing paos kadya saban-saban ||

8. duk miyarsa sri narendra | têmbunging jendral Kumpêni | langkung kagyat ing wardaya | dene tan nyana sayêkti | yèn jendral ingkang prapti | minta siti lèr sadarum | kang nèng têpi samodra | dahat ribêng tyas narpati | gya mangsuli pangandika manuhara ||

9. dhuh eyang mênggahing kula | tan liyan amung marêngi | sabarang ingkang kinarsan | mring sagunging pra radpêni | awit sampun ngugêmi | ubayèng mung mrih rahayu | nglêngkara yèn ngaraha | tiwasipun tanah Jawi | mila kula tan nêdya suwalèng karsa ||

10. nanging yogya dèn sarônta | kula mundhut rêmbag dhingin | maring pra nayakèng praja | sanès ari sung pawarti | jêng gurnadur mangsuli | dhuh sang prabu sampun dhawuh | dhatêng para dipatya | ing sayêkti tanpa kardi | botên wande punggawa [pungga...]

--- 34 ---

[...wa] mung mrih durcara ||

11. tandhanipun dèrèng lama | gènnya sang prabu ajurit | nêdya ngungsir mring Walônda | saking turing pra dipati | môngka jroning rat Jawi | ingkang misesa amêngku | yêkti amung paduka | sintên kang purun ngalangi | yèn wus dadi karsane kang madêg raja ||

12. rèhne wau sri narendra | pinilut sabda artati | tinêtêr-têtêr pinêlak | dadya mupus tyasiraji | anut titahing Widi | alon pangandikanipun | eyang kula apasrah | marêngi nagri pasisir | nèng Kumpêni tan pae nèng asta kula ||

13. jêng tuwan gurnadur jendral | sigra ngrangkul sri bupati | dhuh sang nata kang sanyata | trêsna pracayèng Kumpêni | pakewuhing rat Jawi | Kumpêni sanggêm amikul | beya akêthèn yutan | sarat sajroning ajurit | awêndrana Kumpêni môngsa nyambata ||

14. sang nata malih ngandika | eyang pamêdal pasisir | paosipun sabên warsa | lumados mring kraton Jawi | kula dèrèng ngèngêti | marma kula arsa dangu | mring kang juru panômpa | yèn sampun têrang patitis | panjênêngan kula akintun pratela ||

15. nulya kondur sri narendra | sapraptanirèng jro puri | nimbali sang mantrimuka | myang Jêng Pangran Mangkubumi | tan antara gya prapti | adipati kalihipun | ngandika sri narendra | marma sira sun timbali | kawruhana yèn praptane kaki jendral ||

16. darbe paminta maringwang | anggadhuh bumi pasisir | ingsun ora

--- 35 ---

bisa ondhan | kudu sah sajroning linggih | dadi ingsun nuruti | ing rèh kadhêsêk ing wuwus | angungun atur sêmbah | sira dipati kêkalih | dene sampun dhawuh lilah padukendra ||

17. sang nata malih ngandika | iya apa kang pinikir | mung pamêtune kewala | sira rêmbuga kang nuli | apa ginawe kêdhik | apa ta ginawe agung | Dipati Sindurêja | umatur ing sri bupati | dhuh pukulun dinamêl kêdhik kewala ||

18. kalih lêksa sabên warsa | dene Rahadyan Dipati | Pringgalaya aturira | kawan lêksa sabên warsi | ri sêdhêngnya anggalih | paos pasisir sang prabu | wau ta praptanira | Jêng Pangeran Mangkubumi | laju marêk ngastuti padaning raka ||

19. sang nata alon ngandika | wruhanira Mangkubumi | yèn praptane kaki jendral | minta anggadhuh pasisir | sun yayi wus marêngi | Kumpêni pamintanipun | wit kapêngkok wicara | jêng pangeran matur aris | dhuh pukulun dene tan botên kadosa ||

20. punapa tan kaèngêtan | lamun jênênging narpati | mung darma mêngku kewala | bang-bang lum-aluming nagri | yêkti wontên pêpatih | nayaka para tumênggung | tuwin para santana | punika kang darbe wajib | amasesa angalangna angujurna ||

21. inggih dèrèng wontên adat | ratu pêpadon pribadi | sang nata alon ngandika | iya bênêr sira yayi | nanging sun duk pêpanggih | minta sarèh datan antuk | pangeran atur sêmbah | jendral sajatine janmi | sanès buta punapa ngangkah

--- 36 ---

ngalêthak ||

22. sayêkti tuhu nglêngkara | yèn rodapêksa Kumpêni | dhatêng panjênêngan nata | ngandika sri narapati | lah kaya priye yayi | panggawe wus katarucut | dadi nora amôntra | ingsun lawan sira yayi | tan prayoga lamun ngêkèhna wicara ||

23. marma sun mupus kewala | sumarah titahing Widi | iya pirabara benjang | yèn manggih kaharjan luwih | de kadangira sami | lamun ana ingkang mêsgul | rèhning padha rumôngsa | tinilaran rama swargi | mung sun sarah apa ing sêsukanira ||

24. andhêku umatur nêmbah | Jêng Pangeran Mangkubumi | pukulun môngsa wontêna | tiwas paduka narpati | tiwas sadaya sami | kang darbe kak amung ratu | sakarsa-karsa tuwan | sintên kang purun mancèni | kadang tuwan mung nêdya apês kewala ||

25. sang nata malih ngandika | hèh yayi mas Mangkubumi | mung pamêtune kewala | pikirên ingkang prayogi | ature Si Dipati | Sindurêja sabên taun | pinapantês rong lêksa | Si Pringgalaya Dipati | aturira patang lêksa sabên warsa ||

26. iku êndi kang prayoga | paran rêmbugira yayi | pangeran umatur nêmbah | pukulun jêng sri bupati | mugi dèn kawikani | siti pasisir sadarum | èstu kathah wêdalnya | saking bandaring jaladri | mung punika waragad karaton Jawa ||

27. yèn panuju ing karsendra | tuwan mundhuta sakêthi | lamun botên makatêna | atis kraton nagri Jawi | siti Pajang Matawis | Bagêlèn tanapi [tana...]

--- 37 ---

[...pi] Kêdhu | nyanggi pakaryan praja | bau lumêbêt nagari | angladosi barang rèh karsa narendra ||

28. pundi ta dhaharing nata | punapa môncanagari | bogang arta bogang karya | tangèh lamun sagêd nyait | tiyang môncanagari | kathah wulêd paosipun | sri narendra duk myarsa | dhawuh mring sang nindyamantri | hèh dipati kayaparan rêmbugira ||

29. samyatur tur sêmbah kewala | andhêku pêpatih kalih | lir kadya konjêm pratala | sang nata sampun andugi | dhawuh timbalan aji | kinèn mundura rumuhun | supadi bakit wawah | utaminipun pamikir | nêmbah mêdal sarêng wong agung têtiga ||

30. sapraptanira ing jaba | Jêng Pangeran Mangkubumi | laju kondur maring wisma | sang mantrimuka kêkalih | kondur sarêng nèng margi | rêraosan kalihipun | Dipati Pringgalaya | ngandika sarwi bêbisik | kadiparan rêmbage kangjêng pangeran ||

31. mojar Dipati Sindurja | yèn Pangeran Mangkubumi | ing galih tan angon môngsa | mung ngèngêti agêng inggil | luhuring kraton Jawi | tangèh èngêt apêsipun | lir rêmbuge pangeran | tan jamak tumrap ing mangkin | wit nirnakkên manise karaton Jawa ||

5. Dhandhanggula

1. kunêng Jêng Pangeran Mangkubumi | sapraptaning sana karêrônta | sri narendra timbalane | dènnya kakênan sampun | ing upadi sadu mêmanis | dadya tansah anggagas | paran wêkasipun | karaton ing

--- 38 ---

tanah Jawa | yèn pisaha kalawan tanah pasisir | tan wande karepotan ||

2. putêk ing tyas sanityasa tistis | mangunêngi laladan tan arja | kang jumrunuh mring prajane | dening mangunahipun | budi longok tan wrin ing wèsthi | satêmah bakal nistha | jênêngirèng ratu | ya ta wau jêng pangeran | animbali abdinipun para mantri | catur pangajêngira ||

3. wong ing Kartasura ingkang kalih | mas Brêmara saking Kapurbayan | kang wus kanggêp suwitane | minôngka pinisêpuh | sinung aran Radèn Ngabèi | Martawijaya sarta | juga rowangipun | Sumatali kang sêsuta | pinaringan sêsêbutan Mas Ngabèi | Samadipura nama ||

4. ingkang kalih abdi Sokawati | apêparab Dêmang Jayarata | ingkang dadya sisihane | Wirasêtika juluk | Jêng Pangeran Amangkubumi | dhawuhkên pangandika | bocah sun paring wruh | wingi ingsun ingandikan | pinaringan warta kalawan tinari | ing kangjêng sri narendra ||

5. jêng gurnadur minta wong pasisir | sri bupati sinêsêg wicara | satêmah anglilakake | dene pamêtunipun | wong Kumpêni ing sabên warsi | ngaturakên mring nata | kadi sabênipun | Adipati Sindurêja | tur rêmbuge mung rong lêksa sabên warsi | Dipati Pringgalaya ||

6. patang lêksa sabên-sabên warsi | wong Kumpêni yêkti mung sumarah | ing sadhawuh ngladèkake | dupi ingsun dinangu | ngong aturi mundhut sakêthi | Sindurja Pringgalaya | dinangu sang prabu | karone

--- 39 ---

kinèn mikira | prayogane ingkang dadi atur mami | amung dhêku kewala ||

7. pijêr minggu tan ngunjukkên pikir | katon sônggarunggine maringwang | sri narendra timbalane | padha tinundhung mêtu | kinèn mikir ingkang prayogi | lah sira rasakêna | kang kaya tur ingsun | lan ature Pringgalaya | Sindurêja sira rani bênêr êndi | matur mantri sakawan ||

8. dhuh pukulun èstu lêrês gusti | tanah uruting têpi samodra | akathah kabandarane | patih kalih turipun | mung kabêkta maras ing galih | yèn kapêntog wicara | dening jêng gurnadur | aywa kongsi antuk cêla | tan rumêksa ngarah kacukup ing gusti | kang cakêp botên lôngka ||

9. Rôngga Wirasêtika lingnyaris | inggih kakang Dêmang Jayarata | nadyan kathah santanane | sang nata sêmunipun | mung jêng gusti ingkang tinari | tanapi pinarcayan | iku têgêsipun | baya pakewuhing praja | mung kang rayi ingandêl tinari-tari | angalang ngujurêna ||

10. ing samêngko sanak Sukawati | sayêktine kakang Jayarata | kudu salin pambêkane | tinuman mèn kalantur | gêdhèkakên tyase pribadi | ingkang darbe curiga | pangaji nêm suku | cipta arêga limalas | tumbak rêga nêm jampêl ciptanên sami | yèn pangaji sadaya ||

11. sabuk solok dèn anggêpa sami | kalawan sabuk cindhe jalamprang | wong kang darbe picis sêtèng | nganggêp reyal sapuluh | dèn tuwajuh anrus ing batin | anon mungsuh sanambang |

--- 40 ---

ciptanên mung satus | santosaning tekadira | lamun ora kumêdhèp yêkti sinung sih | nugrahaning Hyang Suksma ||

12. lama-lama sêngkakêna malih | jro tyasira supaya dadia | nagara prajurit gêdhe | munjuli prawiranung | ing Madura lan Surawèsthi | wêwinih kaprawiran | saking karsa prabu | de gusti mung têlung nambang | tinêmpuhkên bot repoting tanah Jawi | pratôndha yèn karasa ||

13. pra santana sêsanga kang maksih | têka amung jêng gusti kewala | kang tinari esuk sore | kinathik siyang dalu | dening raka sri narapati | yèku panggawe gawat | abot yèn dinulu | ènthèng lamun linampahan | dèn tumitih ing titahira Hyang Widi | luhur kalawan andhap ||

14. lamun têmên ora kêna gingsir | cêndhak dawa yèku wus tinitah | ing manusa mung antêpe | puji minôngka paju | panglêpasing papa prihatin | budi kang sinêmbadan | anjajah tuwajuh | tan kumêdhèp barang karya | sakaryane dêdana dinadak dadi | pusaka pangawasa ||

15. jêng pangeran angandika aris | hèh ta dêmang lawan sira rôngga | bangêt panarimaningong | tanapi mring sirèku | Martajaya dèn angantêpi | apa sasêdyanira | kang wus sira wuwus | ingsun ngèstrèni kewala | lamun têmên-tinêmênan ing sakapti | dening Kang Murbèng Jagad ||

16. wêwêkas ingsun mring sira sami | nadyan silih anggêdhèkkên manah | aywa gumunggung anggêpe | adiguna adigung | awit iku wisaning [wisa...]

--- 41 ---

[...ning] urip | marma ywa kongsi pêgat | marsudi mrih ayu | ayu mring sabarang polah | polah ingkang mamrih sampurna ing budi | budi mring karaharjan ||

17. utamane wong tinitah urip | dèn abisa angenaki manah | marang sapadha-padhane | pêpadhane tumuwuh | angêkèhna panggawe bêcik | luwês manis ing basa | basukining têmbung | bungaha kang padha myarsa | gêgulangên ing siyang pantara ratri | ciptanên ing wardaya ||

18. lan dèn kèsthi aywa kongsi lali | madhêp manêmbahira ing Suksma | wruha marang wêkasane | wêkasaning tumuwuh | têtumanên dimèn lêstari | lêstarine sampurna | sampurnaning kawruh | kawruh marang kauwusan | karakêta marang tingal kang sajati | jati-jatining tunggal ||

19. yèn wus tunggal dèn maksih kêkalih | kêkalihe gusti lan kawula | lair kalawan batine | yèku upamanipun | yèn wus têpung lair lan batin | kadi wrêksa candhana | ambune atêrus | wangi ing jaba jro ngambar | ngambar-ambar wignya babar ujar bêcik | rêricikaning raga ||

20. lamun sira wus wignya ngrêricik | jro tyasira saliring prakara | nora samar kahanane | anane barang laku | laku ingkang sira lakoni | yèku janma utama | dene wus amêngku | wêwêngkone jagad raya | barang lair mung jumrunuh anututi | dadi sasêdyanira ||

21. kunêng Jêng Pangeran Mangkubumi | putus rêmbage pratiwa wadya | gantya kangjêng sang pamase | bab ing pamêdalipun |

--- 42 ---

wong pasisir ing sabên warsi | datan karsa ngagêma | pangeran turipun | turing Dipati Sindurja | kang dhinahar mung rong lêksa sabên warsi | wus ngutus mring apatya ||

22. mundhi nawala jêng sri bupati | kanthi sêrat pratelaning cacah | pasisir ing pamêdale | dhumatêng jêng gurnadur | sri bupati tan paring uning | mring kang rayi pangeran | wau lampahipun | risang kalih mantrimuka | sapraptaning loji sampun apêpanggih | lan jêng gurnadur jendral ||

23. wusing jawat asta sang dipati | gya ngaturkên nawalèng narendra | tinampèn tinupiksa ge | jêng tuwan suka langkung | duk anuksma raosing tulis | aris kang pangandika | anêdha satuhu | rad Kumpêni ing India | mring andika risang kalih nindyamantri | enggaling tampi sêrat ||

24. pratelaning pamêdal mantêsi | mangke kula ayun uningaa | sang nata pintên kadange | Pringgalaya umatur | ingkang sêpuh kantun satunggil | Pangeran Danupaya | dene ingkang wolu | prasami anèm sadaya | Jêng Pangeran Ariya Adinagari | nuntên Adiwijaya ||

25. nulya Jêng Pangeran Mangkubumi | gya Jêng Pangeran Ariya Rôngga | Jêng Pangeran Matarame | Pangran Slarong rinipun | Jêng Pangeran Panular malih | Pangran Bèi pulunan | kadangipun sêpuh | sang nata ingkang pêputra | wontên malih dados mêngsah ingkang kalih | madêg ardi Sêmbuyan ||

26. Buminata lawan Singasari | pulunan nata kang dadya mêngsah | Mangkunagara lan Pamot |

--- 43 ---

prasamya ngrisak dhusun | angrêriwut têtiyang alit | jêng tuwan ngungun myarsa | angandika arum | dyan dipati pra santana | ingkang trêsna tan kesah saking nagari | andika saenana ||

27. dupi midhangêt Dyan Adipati | Pringgalaya suka jroning nala | de antuk marga sêdyane | Sindurêja jumurung | sigra Pringgalaya Dipati | umatur mring jêng tuwan | dhuh kangjêng gurnadur | kadang santana narendra | kang nèng nagri samya kirang dharing sabin | mung têtiga kang cêkap ||

28. Adinagara Arya Matawis | lurah santana sabinnya kathah | Mangkubumi katigane | punika kang linangkung | tigang èwu cacahe sabin | tan wontên tumimbanga | para kadang prabu | pangeran wus kadya raja | awibawa winongwong jêng sri bupati | kalangkung kinasihan ||

29. jêng pangeran ingkang madanani | pra santana Pangran Dinagara | lênggahe sabin cacahe | mung sèwu gangsal atus | lan Pangeran Arya Matawis | kang lênggah cacahira | sèwu kawan atus | Pangran Rônggadiwijaya | gangsal atus lênggahe pangran nyatunggil | dene para pangeran ||

30. ingkang sami sinung lênggah siti | namung nigang atus ingkang mratah | marma langkung musakate | kang tan cêkap dharipun | aprasasat tan darbe abdi | pantês wontên kang mêdal | wit saking ngêlalu | tan bangkit lamun umiyat | mring Pangeran Ariya Amangkubumi | kang agung tanpa timbang ||

31. jêng gurnadur jendral tanya malih | Pangran Mangkubumi

--- 44 ---

karta jaman | ing nguni pintên sawahe | Pringgalaya turipun | mung nêmatus cacahing sabin | wit saking kinasihan | ing raka sang prabu | marma sarwa kinacekan | sayêktine kacèke kapati-pati | jendral nolih ngandika ||

32. hèh Gêndhorop apa ta sayêkti | yèn sanyata pagene bineda | kumêndhan alon ature | pukulun milanipun | kinacekan lawan sêsami | awit kangjêng pangeran | kangge karyanipun | putus pangolahe praja | cukup cakêp barang rèh karyaning aji | môngka gul-aguling prang ||

33. ingkang kathah pangran ukur urip | mung nêsêgi lêlurung kewala | anggêdhèkakên angkuhe | kala jêngkar sang prabu | sami nungkul Sunan Garêndi | tyas kêkês lir wanudya | tan wirang ing kalbu | Pangran Mangkubumi tobat | botên sotah nungkul dhatêng Sunan Kuning | milalu mring Samarang ||

34. lan malihe tanah Sukawati | tigang nambang nguni rinayudan | Martapura sabalane | Kumpêni pra tumênggung | sabên ngungsir prangnya kalindhih | dupi pangran tumêdhak | mêngsah kapalayu |

marma tanah Sukawatya | pinaringkên mônâka ganjaran narpati | gènnya mungkasi karya ||

35. jêng gurnadur angandika aris | dhingin iku ngungsi mring Samarang | duk Kartasura bêdhahe | bênêr gêdhe tyasipun | nanging rada kakehan thithik | lah iya dadak apa | dèn êlong rongèwu | karia sèwu kewala | yèn anglurug sayêkti kanthi Kumpêni | lan sagung [sa...]

--- 45 ---

[...gung] pra dipatya ||

36. samya ngiring Pangran Mangkubumi | dadya amung nindhihi kewala | lah dyan dipati kalihe | dika matur sang prabu | kula ingkang tur pamrayogi | sabinipun dèn longa | ingkang kalih èwu | kantuna sèwu kewala | ingkang kalih èwu dèn wêwahna maring | punggawa pra santana ||

37. de pratelan sampun kula tampi | sakalangkung ing panuwun kula | gêngipun kadarman katong | kalih sang mantri ngayun | tur sandika jawat astamit | laju tumamèng pura | praptèng ngarsa prabu | matur solahing dinuta | lan wêlinge jêng gurnadur mring apatih | mangkana aturira ||

38. dhuh pukulun kangjêng sri bupati | kaki paduka jêng tuwan jendral | kala wau apitakèn | pra pangeran sadarum | sabinipun sawiji-wiji | amba matur prasaja | ing sawontênipun | sabinipun rayi tuwan | Jêng Pangeran Mangkubumi dèn wastani | kêkathahên piyambak ||

39. marma pun kaki wau mêmêling | tur prayogi ing jêng sri narendra | mugi dèn longa lênggahe | kakantuna kang sèwu | ingkang kalih èwu dèn turi | mundhut winêwahêna | mantri myang panèwu | miwah sagung pra pangeran | ingkang taksih sakêdhikên dharing sabin | duk midhangêt sang nata ||

40. ruwêt rêntêng jroning tyas tan sipi | sigra dhawuh patih sigra mêdal | tur sêmbah lèngsèr kalihe | saking ing ngarsa prabu | sri narendra sigra nimbali | mayor wus malbèng pura | jawat asta sampun | sri naranata ngandika | hèh ta adhi sira [si...]

--- 46 ---

[...ra] mau apa uning | kalane kaki jendral ||

41. angrasani dhimas Mangkubumi | tuwan kumêndhan alon turira | pan sami taksih wontêne | ing ngarsa jêng gurnadur | tiwasipun pêpatih kalih | tan purun ngalingana | mring rayi pukulun | sarêng ulun tinakenan | inggih matur mila Pangran Mangkubumi | kaot sabine kathah ||

42. awit saking pangeran prajurit | têtêp dadya kanthining nagara | ing aprang pilih bobote | wantêr atêguh timbul | titih lamun amangun jurit | mungsuh pangran sakawan | tan kewran ing tangguh | kalamun kathahên lawan | gya utusan nêdha bantu mring Kumpêni | mung sadasa kewala ||

43. nanging jêng tuwan sampun nuruti | aturipun sang mantri wasesa | de wus kalêbêt galihe | Pringgalaya kang rêmbug | amba ugi dipun dhawuhi | sabinipun ri tuwan | kêkantuna sèwu | dene yèn wontên lurugan | rayi tuwan taksih anyenapatèni | sang nata duk miyarsa ||

44. saya putêk raosing kang galih | ngandikalon adhi kayaparan | têka mangkono dadine | tuwan kumêndhan matur | saupami pêpatih kalih | asèndhèn ing kawula | èstu bangkit matur | ngalingi rayi paduka | ing têtêpe Jêng Pangeran Mangkubumi | kadi kang wus kalampah ||

45. ulun sampun amrih ngati-ati | pitakenan tan dhawah kawula | mring Pringgalaya dhawuhe | dene ta pênêdipun | ri paduka tuwan timbali |

--- 47 ---

sang nata andhawuhna | ngêlong sabinipun | yèn sampun kalingan warsa | sapêngkêring jendral pinaringkên malih | ywa kongsi don asmara ||

5. Pangeran Mangkubumi mêdal saking nagari.

6. Asmaradana

1. ngandika sri narapati | lah adhi sira mêtua | yayi mas sun timbalane | wuse mayor jawat asta | saksana amit mêdal | dupi pukul pitu dalu | ingkang rayi tinimbalan ||

2. Jêng Pangeran Mangkubumi | agêpah gya manjing pura | wus marêk byantara katong | ngandika sri naranata | yayi sun asung warta | aja susah tyasirèku | sumaraha takdiring Hyang ||

3. jendral tur prayoga mami | angêlonga lungguhira | ingkang rongèwu cacahe | karia ingkang sanambang | santana miji sira | upama sun tan mituhu | sayêkti kurang prayoga ||

4. mayor mau sun timbali | ature duk kaki jendral | andangu mring patih karo | cacah lungguhira sawah | miwah sakadangira | Pringgalaya ingkang matur | prasaja saananira ||

5. mayor angungun kêpati | upama jendral têtanya | marang Si Mayor Hondhorop | ature nêdya dèn arah | aywa kongsi ngêlonga | yayi kang dadya lungguhmu | dene rêmbuge kumêndhan ||

6. mêngko prayoga nuruti | karsane gurnadur jendral |

--- 48 ---

gampang yèn wus saungkure | sêdhênge kalingan warsa | sun balèkkên mring sira | ora owah cacahipun | maksih ganêp têlung nambang ||

7. narimaa bae dhingin | ywa kongsi dadya tyasira | pangeran sêrêt ature | rèhne karsane narendra | amba datan suwala | nanging ta prayoginipun | kawula paduka bucal ||

8. ngicalakên dhok[12] satunggil | pintên banggi manggih gêsang | supadi paduka katong | sampun ngantos kalepetan | ing labêt kang tan arja | awit paduka pukulun | lawan rad pêni India ||

9. sabadan sakulit daging | upami tan mituhua | mindhak kirang utamane | tuwan ingkang nêtêpana | balung sungsum Walônda | dene kawula pukulun | tan nêdya durakèng raja ||

10. mung nêdya papa prihatin | paduka anglilakêna | dèn eklas ing lair batos | kang raka duk amiyarsa | carocosan kang waspa | trênyuh ing tyas amargiyuh | ketang trêsnane mring kadang ||

11. kang dadya woding panggalih | amung sajuga punika | kang kênèng tinaros-taros | barang rèh ingêring praja | ambêk santa budiman | môngka bêbokong prajagung | pikuwating kraton Jawa ||

12. dangu sang nata tan angling | jêng pangran umatur nêmbah | ulun nuwun lilah katong | sumêdya tilar nagara | nyarêngi angkatira | benjang-enjang jêng gurnadur | amerang miyat ing janma ||

13. sri bupati ngandikaris | pan sarwi anênggak waspa |

--- 49 ---

adhuh yayi kaya priye | rèhning wus kêncêng sêdyanta | sun jurung puja arja | mugi winongwong Hyang Agung | ingsun sung pamugut trêsna ||

14. gawenên sarana yayi | asung sandhang lawan boga | ing wadyabalanta kabèh | arta têlung èwu reyal | saksana wus tinampan | kang rayi umatur nuwun | gya nguswa padèng rakendra ||

15. waspanya pangran drês mijil | tur sêmbah mijil sing pura | praptane padalêmane | dhawuh samêkta mring bala | nanging tan kawistara | kunêng wau jêng gurnadur | wusnya jangkêp pitung dina ||

16. gènnya anèng Sala nagri | pinutus kèhe wicara | sampun amit ing sang katong | Dyan Dipati Pringgalaya | Dipati Sindurêja | tumutur ing jêng gurnadur | kanthi kang para bupatya ||

17. pasisir môncanagari | miwah bupati jro praja | akêbut prasamya dhèrèk | ingkang kantun têngga praja | amung ing sawatara | tabuh pônca wancinipun | anuju ing ari Tumpak ||

18. gurnadur bidhal sing nagri | agêng pakurmatanira | datan pae lan rawuhe | miyos ing tanah Mataram | laju anjog Toyamas | marmanya bupatinipun | Mataram kalih tut wuntat ||

19. Dyan Tumênggung Rajaniti | Tumênggung Jayawitana | gumuruh swaraning kang wong | wadya pasisir nèng wuntat | punggawa Surakarta | môncanagara nèng ngayun | lan kalih sang mantrimuka ||

20. wau Pangran Mangkubumi | wanci bangun nis sing praja | nyarêngi jendral bidhale | sagarwa kawula warga |

--- 50 ---

rêreyongan lampahnya | kapungkur srining prajagung | agung kasangsayèng marga ||

21. wus lêpas lampahing margi | pangeran sakulawarga | miwah sawadyabalane | sapraptaning Sukawatya | pinêthuk abdi desa | lajêng pacak barisipun | anèng Pandhak Karangnôngka ||

22. kunêng nagari Matawis | wontên santana angraman | nèng gunung Gamping barise | wus kathah gêgamanira | Dyan Mas Guntur kang nama | sampun asilih jêjuluk | Pangran Suryadikusuma ||

23. putraning pangeran bèi | Ngabèi Dèn Mas Sudira | duk myarsa ing lampah gêdhe | jendral mêdal ing Mataram | bubar larut sasaran | lumajêng Radèn Mas Guntur | anusup ing wanapringga ||

24. gurnadur prapta Matawis | makuwon jroning Ngayogya | tigang dalu ing lamine | umiyat labêting kitha | pasar gêdhe ing karta | Palèrèt samya dinulu | lajêng mariksa samodra ||

25. sakiduling nuswa Jawi | wusnya nutug gènnya miyat | wangsul mring Ngayogya manèh | jêng tuwan ngungun tumingal | saening tanah Yogya | ri sampuning tigang dalu | budhal saking ing Mataram ||

26. gantya kang winarnèng tulis | nagari ing Surakarta | wusnya têrang pamyarsane | sira Kyai Saradipa | lolosipun pangeran | sarêng lawan jêng gurnadur | wanci bangun saha bala ||

27. laju tur uning mring loji | kumêndhan ngungun miyarsa | Tuwan Mayor Hogêndhorop | nulya malêbèng jro pura | wus tundhuk lan sang nata | tur

--- 51 ---

uninga lolosipun | ingkang rayi saha bala ||

28. sampun praptèng Sukawati | anèng Pandhak Karangnôngka | laju umadêg barise | sri narendralon ngandika | adhi kaya pa sira | Hogêndhorêp lon umatur | inggih yèn mênggah kawula ||

29. nadyan kathah kadang aji | kang sami tilar nagara | nanging kalamun liyane | sampun satunggal punika | ing manah wus karasa | yèn èstua dados mungsuh | pasthi yèn awrat sinôngga ||

30. lan malihipun rêspati | ngladosi karsa narendra | kinathik kêni tinaros | dadya kanthining nagara | amba datan kaduga | tiyang Jawi tatanipun | kolunya karya piala ||

31. sampun tumrap para gusti | kadange kang madêg nata | yèn pantêsa kinarya won | sanadyan kônca kewala | inggih botên prayoga | lamun kinaryaa dudu | mayor sarwi sarikutan ||

32. ngusapi waspa drês mijil | sênggruk-sênggruk aturira | dhuh sang nata ing samangke | kecalan gul-agul praja | saking during punggawa | duk punika Dyan Tumênggung | Tohjaya sumiwèng nata ||

33. kumêndhan nolih sarya ngling | hèh bapak Panji Tohjaya | saking gunging sungkêm ingong | lan nata tan nêdya pisah | nanging kaya mibêra | marang langit raganingsun | tan bangkit miyat wong Jawa ||

34. ingsun bapak kulit putih | ora niyat gawe ala | marang wong abang kulite | merang marang Gusti Allah | wong Jawa iki ora |

--- 52 ---

wong bêcik-bêcik satuhu | têka jinegal warasan ||

35. Jêng Pangeran Mangkubumi | sajinis kang duwe praja | tur abêcik pambêkane | ing pikir tinari kêna | ing prang putus ing gêlar | wantêr titi tatag tangguh | golèki wong kaya apa ||

36. nauri Tumênggung Panji | Tohjaya hèh tuwan aja | padha wong Jawa kowe wor | lamun kaya Si Tohjaya | tobat agawe ala | abang putih kulit iku | ana bêcik ana ala ||

37. apan sarwi briga-brigi | kumêndhan sigra ngrêrêpa | lah ya bapak kowe bae | kinathik marang sang nata | ywa kaya Pringgalaya | Ki Tohjaya manthuk-manthuk | nora niyat pêpucungan ||

6. Madêg baris wontên ing Pandhak Karangnôngka, ngalih dhatêng Gêbang, lajêng ajak-ajak Pangeran Mangkunagara sarta Sultan Dhandhun Martèngsari supados kêmpal.

7. Pocung[13]

1. sang aprabu pangandikanira arum | adhi sira aja | age-age anututi | kirim tulis angrêrapu mring ari mas ||

2. Mangkubumi maksih kabranang tyasipun | manawa wus lêjar | barêng lan utusan mami | yèn ing mêngko mundhak nênangi bramatya ||

3. mayor dhêku tabe pamit sarêng mêtu | lan Panji Tohjaya | kalihe wus praptèng jawi | kunêng [ku...]

--- 53 ---

[...nêng] malih gantya ingkang winursita ||

4. jro tyasipun agung dènnya wayang-wayung | kang tilar nagara | Jêng Pangeran Mangkubumi | kang ngadêgkên baris Pandhak Karangnôngka ||

5. wus amupus andêrpati ciptanipun | dadya amêmacak | patinggi ing Sukawati | ingkang bêcik-bêcik kinarya punggawa ||

6. nadyan sajung yèn bêcik dadya tumênggung | Dyan Martawijaya | Samadipura Ngabèi | Rôngga Wirasêtika samya pinacak ||

7. punggawagung namung namane lastantun | Dêmang Jayarata | sampun jinunjung kang linggih | sinung nama Dyan Tumênggung Jayadirja ||

8. wong panajung Ki Martatruna jinunjung | bupati ingaran | Dyan Tumênggung Brajamusthi | kadangipun ran Tumênggung Brajadênta ||

9. bêkêl gunung panèkêt rupane bagus | bêkêl pangalusan | jinunjung pangkat bupati | nama Radèn Tumênggung Ranadiningrat ||

10. wontên malih wong kalang ingkang jinunjung | kinarya punggawa | ugi apangkat bupati | nama Radèn Tumênggung Sutadipura ||

11. malihipun Natasingron mantrinipun | pinacak punggawa | sarta sinungan kêkasih | nama Radèn Tumênggung Rêksanagara ||

12. amangsuli kôndha kang sampun kapungkur | Radèn Martapura | Paridan namanya alit | duk kasor ing aprang anèng Sukawatya ||

13. Jêng Pangeran Mangkubumi ingkang mukul | Radèn Martapura | nêdya mantuk mring nagari | Garobogan nanging datan kalampahan ||

14. awit kitha Garobogan wus karêbut | kumêndur Samarang | malah mantune pribadi | Martapura kang

--- 54 ---

anama Pulangjiwa ||

15. dèn puk-ipuk marang ing tuwan kumêndur | tinanêm Grobogan | dèn êbang lungguh bupati | dimèn purun nyêpêng Radèn Martapura ||

16. dadya sanggup ngubur maratuwanipun | binêktan Walônda | sèkêt saking ing Samawis | Pulangjiwa wus angancik Garobogan ||

17. dadya bingung Martapura tanpa dunung | ngilang buwang badan | wus amindha janma kuli | mung kathokan kudhung sarung mring Samarang ||

18. tan ana wruh yèn Martapura anamur | akêkêthon abang | sade dara lawan pitik | kang tumingal dèn nyana êncik kewala ||

19. pra bupati kinèn ngubrês mring kumêndur | amung Garobogan | kang tansah dèn osak-asik | nora nyana kalamun anèng Samarang ||

20. Martapura darbe pêpulunan mantu | ran Jayapuspita | Ônggakusuma Suwandi | kang sêsuta Rahadyan Ônggakusuma ||

21. Buminatan kocapa Suwandi wau | manjing jroning praja | Surakarta arsa ngabdi | ngaturakên pêjah gêsang ing narendra ||

22. praptanipun ing jêng ratu agêng katur | bakda mahrib têdhak | mring regol kidul manggihi | sanalika sangêt ing pamuwunira ||

23. dupi sampun lêjar angandika arum | bapakmu si edan | Si Paridan ana ngêndi | nêmbah matur pun rama sampun angical ||

24. kangjêng ratu atur uninga sang prabu | yèn Jayapuspita | Ônggakusuma Suwandi | prapta nungkul ngaturakên pêjah gêsang ||

25. sang aprabu angandika mring kang ibu | tumbake [tu...]

--- 55 ---

[...mbake] pun upas | ing mangke punapa taksih | yèn binêkta kula ibu yun uninga ||

26. kangjêng ratu utusan tumbak pinundhut | wus katur sang nata | langkung rêsêp mariksani | kyai upas wasiyat Kudus nagara ||

27. sri narendra pangandikanira arum | pun upas punika | kula arêsêp ningali | kula pundhut agêntos darbe pusaka ||

28. nulya dhawuh ature sumôngga kayun | nanging jarêm ing tyas | wau sira mas Suwandi | kangjêng ratu akathah pêparingira ||

29. reyal satus busana pangadêg têlu | mas Suwandi sigra | mondhok wismanipun mantri | juru bêras Arya Kudus ingkang nama ||

30. wetan Pepe wismèng Arya Kudus Paku | lawan Martapura | prênah kakangnya tumuli | kunêng malih kawuwus Dyan Martapura ||

31. laminipun nèng Samarang kalih tèngsu | angalih ping tiga | momor bêburuh mêmêlit | mêlit godhong bayare satus têlung wang ||

32. nulya wontên Bugis dosa kapalayu | cacahipun gangsal | lawan wong Koja satunggil | sarêng minggat binêkta Dyan Martapura ||

33. mlampah dalu analasak ing wanagung | mondhok yèn raina | kalamun dalu lumaris | kawan ari lampahe praptèng Lawiyan ||

34. rencangipun nênêm tinilar ing kampung | Radèn Martapura | wus manybing[14] praja pribadi | angêngisêp ngulati Ônggakusuma ||

35. panggih wontên ing wismane kadangipun | nanging Martapura | datan purun apêpanggih | lan Ki Arya Kudus kadangira [kadang...]

--- 56 ---

[...ira] tuwa ||

36. mung kang mantu winêlingakên wus pangguh | matur yèn ki upas | pinundhut ing sri bupati | lan Pangeran Mangkubumi sampun mêdal ||

37. botên sande inggih amurwèng prang pupuh | anèng Sukawatya | sampun angêdêgkên baris | mas Suwandi wus binêkta mring Lawiyan ||

38. sarêng dalu sampun dados rêmbagipun | mundur mring Kaondhan | siyange tumbas turanggi | nèng Kaondhan antuk turôngga sadasa ||

39. rêmbagipun mring Sukawati anusul | nêdya asuwita | Jêng Pangeran Mangkubumi | budhal dalu ing marga datan winarna ||

40. byar raina Pandhak Karangnôngka rawuh | jujug Martajaya | lajêng katur marang gusti | tinimbalan wau Radèn Martapura ||

41. praptanipun ing ngarsa sigra rinangkul | langkung ngungunira | Jêng Pangeran Mangkubumi | mas Suwandi ngrakêti angaras pada ||

42. pra punggawa andhèr kang sowan ing ngayun | Radèn Martapura | anulya jinunjung linggih | sinung nama Dipati Pugêr Bupatya ||

43. gumarumung ngèstrèni para tumênggung | dene Japuspita | Suwandi jinunjung linggih | nama Radèn Tumênggung Suryanagara ||

44. jêng pangeran matah prajurit tinuduh | angêlar jajahan | Martajaya dèn kanthèni | Dyan Tumênggung Brajamusthi Jayadirja ||

45. tri punggawa wontên kuda tigang atus | ngatêr lampahira | Dipati Pugêr ing mangkin | dèn antukkên dhatêng kitha Garobogan ||

46. wontên malih cinatur magangnya prabu | Radèn Tambakbaya | Suligi namanya alit |

--- 57 ---

asli Nglasêm ngabdi duk nèng Pranaraga ||

47. kesah dalu mring Sukawati anusul | nêdya asuwita | pangeran suka nampèni | Tambakbaya pinacak dadya punggawa ||

48. kunêng Adipati Pugêr lampahipun | praptèng Garobogan | bêdhah tan wani ngawali | Pulangjiwa angungsi dhatêng Samarang ||

49. lan ing Warung ginitik sampun anungkul | dhatêng Sang Dipatya | Pugêr sampun dèn tanêmi | kang tinanêm Ngabèi Kartanagara ||

50. Adipati Pugêr wangsul sawadyagung | dhatêng Sukawatya | wus panggih ngaturkên warti | sasolahe dènnya angrêbat nagara ||

51. Adipati Pugêr pamrayoganipun | ngalih pasanggrahan | kang polatane prayogi | ingaturan pacak baris Majarata ||

52. ngidulipun ing Gêbang punika patut | wus rêmbag sadaya | budhal Pangran Mangkubumi | dhatêng Gêbang rineka kuthaning raja ||

53. wadyabala wus rakit pakuwonipun | rêmbage Dipatya | Pugêr aparinga uning | mring kang rayi kalih lan Mangkunagara ||

54. Radyan Tambakbaya wau kang tinuduh | lan mantri têtiga | mantri alit Sukawati | Adipati Pugêr ingkang karya sêrat ||

55. duk puniku Pangran Mangkubumi durung | darbe juru sêrat | milane Pugêr Dipati | kang dèn iras akarya sêrat ibêran ||

56. sêrat sampun pinaringkên kang ingutus | Radyan Tambakbaya | têtiga ponang kintaki | ingkang kalih mring kang rayi kalih pisan ||

57. Jêng Pangeran Buminata Singasantun |

--- 58 ---

tigane Pangeran | Ariya Mangkunagari | ngajak kumpul ywa kongsi bèncèng ing karsa ||

58. duta sampun lumampah samantrinipun | amung salawe prah | cacahipun kang turanggi | kang jinujug Pangeran Mangkunagara ||

59. ingkang baris ing Panambangan gènipun | lor Nglorog prênahnya | pangeran wus silih nami | ajêjuluk Susunan Adiprakosa ||

60. praptanipun duta ing Nambangan katur | sigra tinimbalan | Tambakbaya marêk aglis | praptèng ngarsa sêrat pinundhut binuka ||

61. dupi sampun pustaka sinuksmèng kalbu | dangu mring caraka | apa wus lawas suligi | kangjêng rama gone atinggal nagara ||

62. duta matur dèrèng lami wêdalipun | sarêng lawan jendral | nulya pangeran anuding | anganthèni caraka dhatêng Sêmbuyan ||

63. mantrinipun Pancatnyana kang tinuduh | ngatêr dutanira | Jêng Pangeran Mangkubumi | duta mangkat angungkurkên Panambangan ||

8. Pangkur

1. kunêng gantya kang winarna | Pangran Buminata kang anèng wukir | lan kang rayi Singasantun | ingkang anêmbe prapta | saking wetan ngadêg Kadhiri rumuhun | Mayor Kèngsêr kang anglanggar | prangan wangsul ngilèn malih ||

2. mangkya angumpul kang raka | Jêng Pangeran Buminata kang baris | nèng tanah Sêmbuyan gunung | suyut wong tigang dhomas | ing Kasine pangeran pakuwonipun | ingkang kinarya nagara | wus tinata rinarakit ||

3. ing kanan keri rinata | ngiringakên lèpèn ngungkurkên wukir | kumalungkung

--- 59 ---

ambêg digung | kadêrêng ardèng karsa | jêng pangeran samana wus madêg ratu | sarta asêsilih nama | Sultan Dhandhun Martèngsari ||

4. pêpatih sampun amacak | sinung nama Radèn Dipati Gêndhing | kalih pangajêng Tumênggung | Purbaningrat satunggal | satunggile Dipaningrat namanipun | dene wong gunungan kathah | kinarya mantri bupati ||

5. mangkana duk siniwaka | Kangjêng Sultan Dhandhun Amartèngsari | aglar prang punggawanipun | andangu kang pawarta | Ki Dipati Gêndhing anêmbah umatur | kawarti raka paduka | Jêng Pangeran Mangkubumi ||

6. manggih duka lawan jendral | mangke sampun mijil saking nagari | sarêng jendral konduripun | raka dalêm pangeran | anèng Sukawati madêg barisipun | sampun angêlar jajahan | ngirupi môncanagari ||

7. lan pun kakang Martapura | sampun nungkul jinunjung ingkang linggih | Dipati Pugêr ranipun | tuwin Jayapuspita | pun Suwandi inggih jinunjung tumênggung | anama Suryanagara | kathah tiyang Sukawati ||

8. ingkang pinacak punggawa | ri sêdhêngnya sultan agunêm kawis | kasaru dasih umatur | jawi wontên caraka | saking putra tuwan kang umadêg ratu | Susunan Adiprakosa | lan ngirid caraka malih ||

9. kang saking raka paduka | Jêng Pangeran Ariya Mangkubumi | kagyat ing tyas Sultan Dhandhun | Martèngsari ngandika | timbalana caraka sigra lumêbu | anulya kapat caraka | ngaturkên nawalèng gusti ||

10. binuka sampun kadriya |

--- 60 ---

suraosing sêrat asung pêpeling | dèn karuwan sêdyanipun | aja sok tundha bema | barang pikir tanpa tuwas lamun tanggung | ya ta wau angandika | Sultan Dhandhun Martèngsari ||

11. hèh Arya Bangkong mêtua | carakane kakang mas Mangkubumi | sayah lèrènna pondhokmu | nêmbah mundur lan duta | wus makuwon ing

wuri gêlêngkên rêmbug | anari punggawanira | Sultan Dhandhun Martèngsari ||

12. lah iya padha rasakna | kakang êmas sung uning marang mami | yèn wus tinggal kakang prabu | banjur arsa murwèng prang | ing samêngko angantêp ing karsaningsun | dadi rowang dèn karuwan | yèn dadi mungsuh ginitik ||

13. bocah Gunungkidul sira | apa wani lan bocah Sukawati | Dipati Gêndhing wotsantun | purun yèn sami rucah | mring pangeran sayêkti ajrih kalangkung | lan malih putra paduka | Pangeran Mangkunagari ||

14. saking pangintên kawula | badhe dhèrèk dhatêng ing Sukawati | dhèrèk paduka tan purun | kalamun makatêna | saya langkung pakèwêd pamanah ulun | aluwung pênêd nunggila | lan raka paduka gusti ||

15. awit raka jêngandika | linulutan ing wadya dèn eringi | sakathahing mêngsahipun | jêr wantêr maring rana | lamun sampun magut yuda têguh timbul | tan kumêdhèp sinadasa | apanggah wani ngêmasi ||

16. pangeran kang kathah-kathah | yèkti uwas maras giris amiris | manawi aprang kasêlut | dharat anglandhak tumbak | yèn putunga [putung...]

--- 61 ---

[...a] tumbake anarik dhuwung | sintên ta ingkang tumimbang | lir raka paduka gusti ||

17. sultan kalane miyarsa | ing ature Radèn Dipati Gêndhing | mring kang raka tansah gunggung | langkung bramatyanira | netya andik angatirah mukanipun | jaja bang awinga-winga | kumêdut padoning lathi ||

18. asta kiwa malangkadhak | asta têngên srawean anudingi | mantri kalawan tumênggung | nyambi ngêlus gêmbala[15] | langkung sora dhawuh pangandikanipun | bocah priye pikirira | ature Dipati Gêndhing ||

19. ngapêskên sariraningwang | kinon anut kakang mas Mangkubumi | iya ana bênêripun | sababe kadang tuwa | nanging dahat sumêlange ing tyas ingsun | dene bibèkne kakang mas | bèbète wong gendhong sênik ||

20. nadyan padha anak raja | nanging ingsun mêtu sing pramèswari | ratu kadipatèn ibu | lamun ingsun anuta | mring kakang mas bibèkne wijil kapundhung | putune wong gendhong bêras | buyute wong mikul pari ||

21. canggah warènge wong desa | matun gaga sinambi angon sapi | macul maluku anggaru | luhure saka apa | adat kuna nadyan padha anak ratu | kang mêngku mêngkoni jagat | putra saka pramèswari ||

22. kang abdi dhêku sadaya | mènjêp ewa kang têbih ting kalêsik | sapuluh ngandêlna ibu | mung kumênthus kewala | nadyan silih ibu Kangjêng Ratu Kidul | nanging datan kêndêl aprang | abdine têmah prihatin ||

--- 62 ---

23. sangsara kaponthal-ponthal | ya ta wontên abdi sêpuh kêkalih | Purbanagara ranipun | lan Radèn Tambakyuda | sadhèrèke Tambakbaya ingkang sêpuh | tunggile Tambaknagara | kang dadya kliwon Panumping ||

24. maksih wontên Surakarta | wau Purbanagara lawan ari | Tambakyuda nêmbah matur | ngrêrapu maring sultan | yêkti sampun kaluhuran dhawuh prabu | nanging sampun tilar nalar | anyingkiri dalil kadis ||

25. sadaya wiji punika | ingkang dados ugêr jalêr sayêkti | sutane wong gendhong wakul | lamun kinarsan raja | inggih botên dados kanisthaning ratu | sarta tan ngrisak agama | kalamun wontêna mantri ||

26. asli sutane wong desa | asuwita nuli tinriman putri | dèrèng wontên tabêtipun | yèn guna lan prawira | ugêr taksih kusuma wijiling dhusun | sanès lan raka paduka | Jêng Pangeran Mangkubumi ||

27. bagus sêmbada pidêksa | sarwa sèdhêt mancur cahyanya wêning | têtela putraning ratu | prawira widigdaya | solah wingit datan gumunggung adigung | samya sêgêr kang suwita | ing prang wani nanggulangi ||

28. marma sae jêng paduka | ngaturana angsul-angsul kang tulis | sinanggikrami karuhun | lawan atur-atura | sawontêne pamêdale Wukirkidul | lamun gusti amampanga | tan sande dipun lurugi ||

29. abdi paduka Sêmbuyan | yêkti kasor mêngsah tyang Sukawati | lan sae ingkang angadu | inggih raka paduka | dhasar kanthi [ka...]

--- 63 ---

[...nthi] Martapura purun tangguh | duk miyarsa langkung kewran | Sultan Dhandhun Martèngsari ||

30. dadya anut turing wadya | nulya dhawuh karya surat ngangsuli | têmbungipun Sultan Dhandhun | Singasari Pangeran | tan lênggana ing raka nut barang tuduh | Pancatnyana tampi sêrat | tur sêmbah anulya pamit ||

31. duta praptèng Panambangan | wus linajêngakên mring Sukawati | sarta atur angsul-angsul | Pangran Mangkunagara | ugi namung nyanggikrami karsanipun | caraka praptaning Gêbang | laju ingaturkên gusti ||

32. sêrat saking Panambangan | miwah sêrat wau kang saking wukir | ajumbuh suraosipun | tan wontên kang amampang | kunêng wau gantia ingkang winuwus | têdhaknya gurnadur jendral | Toyamas anjog ing Têgil ||

33. wong agung ing Surakarta | lawan sagung bupati môncanagri | mantrimuka kalihipun | kinèn samya wangsula | lajêng pamit amangetan lampahipun | jendral datan kongsi lama | dènira nèng nagri Têgil ||

34. lajêng kondur nitih palwa | ya ta wau kalih sang nindyamantri | ing Samarang sampun rawuh | lan kumêndur wus panggya | rèrèh sawatawis ari sigra laju | sapraptaning Surakarta | panggih mayor patih kalih ||

35. anampèkakên pustaka | saking jendral maring mayor pribadi | laju prasamya lumêbu | mayor lan sang dipatya | praptèng pura samya ngabêkti sang prabu | pêpatih lan pra bupatya | mayor sigra buka tulis ||

36. raosipun [raosi...]

--- 64 ---

[...pun] kang nawala | mayor kinèn miranti ing ajurit | nulya anirnakna mungsuh | tan wruh yèn mungsuh wêwah | tuwan jendral badhe akintun bêbantu | prajurit ingkang santosa | saking nagari Batawi ||

37. nata dhawuh ing apatya | Pringgalaya yèn Pangran Mangkubumi | mêdal barisipun agung | ngirup môncanagara | mungsuh para pangeran wus samya anut | riyêg sabarang rèhira | Pangeran Amangkubumi ||

38. andhêku Sang Adipatya | Pringgalaya cinêthik langkung ajrih | mangkana wus kinèn mêtu | sagung kang saking kesah | sri narendra sigra angandika arum | dhumatêng tuwan kumêndhan | sun arsa akirim tulis ||

39. mring ari mas Sukawatya | sung pawarta yèn sasi Madilakir | ingsun arsa amêmantu | putraningsun kang nama | Ratu Alit sun tarimakakên antuk | Bupati Wiryadiningrat | sira siyagaa kardi ||

40. tuwan kumêndhan turira | ulun arsa kengkenan mring Samawis | sung uninga mring kumêndur | tuwan andhawuhêna | wêwêlingan busana kang adiluhung | mayor sigra pinaringan | pemut wêlingan gya mijil ||

41. antawis satêngah côndra | tuwan mayor wus sarêmbag lan patih | amênêdi wismanipun | Radèn Wiryadiningrat | miwah kilèn srimanganti jro kadhatun | sampat saliring pakaryan | gènnya busananing nagri ||

42. kawarnaa sri narendra | amisudha Radèn Tumênggung Panji | Tohjaya jinunjung lungguh | bupati gêdhong kanan | sinung nama Puspanagara Tumênggung | magang ran [ra...]

--- 65 ---

[...n] Citradiwirya | gêntosi Tumênggung Panji ||

43. jêng sri nata gya utusan | sung tupiksa Pangeran Mangkubumi | mayor kalangkung jumurung | ing karsa sri narendra | kang supadi liliha ing galihipun | mayor ugi kintun sêrat | sarwi kintun warni-warni ||

44. Dyan Tumênggung Jawikrama | Naladirja kalawan Sindupati | kang ingutus ing sang prabu | Saradipa tut wuntat | tan kawarna ing marga Gêbang wus rawuh | anjujug Martawijaya | wus laju katur ing gusti ||

45. duta samya tinimbalan | pinanggihan sadaya nèng pandhapi | kalangkung sinugun-sugun | ngrangin punang pradôngga | nawalendra lawan mayor suratipun | wus katur kangjêng pangeran | anggambuh tinampèn kalih ||

7. Sabibaripun mantu ing karaton Surakarta, lajêng angangkatakên prajurit mangalèr saha mangidul.

9. Gambuh

1. wau ta suratipun | saking raka kangjêng sang aprabu | tinupiksa kadriya raosing tulis | pangeran anggung andhêku | manggihi dutaning katong ||

2. jro tyas langkung margiyuh | karêrantan tilar kadang sêpuh | nora nana kang rumêksa angawaki | ingkang minôngka pikukuh | pangeran anggung wirangrong ||

3. anênggak waspanipun | sarwi ngandika mring dutèng prabu | hèh Tumênggung Jawikrama Sindupati | lan Naladirja [Naladir...]

--- 66 ---

[...ja] sirèku | padha matura sang katong ||

4. gone sariraningsun | tinggal trêsna marang ratuningsun | upamane lir kaya tinggal bêbayi | kang durung bisa lumaku | bêrangkang pinggiring waton ||

5. tan ana kang atunggu | kaya mangkono panyiptaningsun | sapa ingkang rumêksa karaton Jawi | ingsun kukuhêna kukuh | ingsun dhoyongêna dhoyong ||

6. lamun ana kang ngrungu | Jawikrama pangandikaningsun | sayêktine padha ngarani dalêming | Jawikrama nêmbah matur | dhawuh paduka sayêktos ||

7. akêkah dhoyongipun | nagri Jawi nèng paduka tuhu | lamun wontên tiyang ngucap majanani | sayêkti wong tanpa kusur | dene ngina amêmoyok ||

8. pangeran ngandikarum | saupama kondura wak ingsun | maring praja sumiwi jêng sri bupati | wicara wus katarucut | iya sapa wruh ing êndon ||

9. dadia tikus langu | miwah dadia bulus kaluyu | tan kumêdhèp ujêr swara wus kawijil | nora selak ajur mumur | tan suminggah praptaning bot ||

10. surat satunggilipun | saking mayor binuka kang têmbung | angrêrêpa ngêla-êla langkung manis | akathah pangêbangipun | tuwan kumêndur lan mayor ||

11. pangeran datan keguh | sajroning tyas maksih kukuh bakuh | duta nata miwah dutaning Kumpêni | pinarnah pakuwonipun | wusnya tri ratri nèng pondhok ||

12. pamit sinung sul-angsul | saungkuring duta pangran gupuh | andhawuhkên ambêrêg mênjangan kancil |

--- 67 ---

wusnyantuk buron wanagung | amêpak bêras lan kêbo ||

13. rêmbatan kawan atus | maesane cacah têlung puluh | tuwin kidang mênjangan banthèng lan kancil | wusnya samêkta sadarum | Ranawijaya kang kinon ||

14. lawan pun Jayèngranu | mantri kêkalih sigra lumaku | ingkang ngirid pasumbang katur sang aji | ratu alit kramanipun | gantya ingkang winiraos ||

15. wau ta lampahipun | Jawikrama Rahadyan Tumênggung | Naladirja lan Ngabèi Sindupati | kêkêran Saradipèku | dutanira tuwan mayor ||

16. sarêng ing praptanipun | anjujug mayor lajêng lumêbu | katur nata kang sul-angsul tinupèksi | anggubêt suraosipun | kanthi sêmu ngolok-olok ||

17. wantu tulisanipun | Dipati Pugêr Paridan iku | bisa gayêng ngamadaka nônggakrami | amirit piride alus | luwêse mêmbut binanyol ||

18. duta samya dinangu | aturipun dhuh gusti sang prabu | barisipun rayi tuwan sampun dadi | langkung saking kalih èwu | wisma kang rinakit pondhok ||

19. kang myarsa samya ngungun | tuwan mayor wus pamit umêtu | datan lami duta Sukawati prapti | rêrêmbatan kawan atus | patang puluh kang ginotong ||

20. maesa têlung puluh | anjujug mayor laju wus katur | mring sang nata duta saking Sukawati | ngaturkên bon-abonipun | dènnya mêmantu sang katong ||

21. mangkana praptanipun | tanggal kaping wolulas [wolula...]

--- 68 ---

[...s] anuju | ari Kêmis ing sasi Jumadilakir | maksih Êdal taunipun | praptaning karya mêmanton ||

22. busêkan saprajagung | nindyamantri santana tumênggung | atanapi sagunging panèwu mantri | makajangan nèng lun-alun | mangun suka gêntos-gêntos ||

23. cinêndhak roncènipun | gênging bawahaning amêmantu | dhaupipun putri lan santana aji | sangkêp uparêngganipun | nadyan bakal kang kadhaton ||

24. tantara laminipun | karsanira kangjêng sang aprabu | Radèn Wiryadiningrat jinunjung linggih | Pangran Pakuningrat juluk | dhawuh timbalan sang katong ||

25. patih lan pra tumênggung | twan kumêndhan Kumpêni sadarum | angèstrèni dhawuh timbalaning aji | jroning praja wus misuwur | mangkana gantya rinaos ||

26. wusnya lêt kalih tèngsu | wontên prajurit Kumpêni rawuh | dragundêre dwi atus saking Batawi | atindhih Mayor Tênangkus | kinèn anirnakkên mungsoh ||

27. wus katur ing sang prabu | nata dhawuh mring mantri pangayun | sawusira tampi dhawuh patih kalih | mêmatah ing punggawagung | kang nglurug myang jagi kraton ||

28. samana wus arêmbug | patih kalih lan Mayor Tênangkus | atanapi Hogêndhorêp datan kari | gêlêng gumolonging rêmbug | mung sakêdhik kang mangalor ||

29. kinathahan kang ngidul | wit pangerane kathah kang ngidul | pra punggawa sigra samêkta ing kardi | bêbêgjan tibaning umur | wus pêsthi yèn dadya mungsoh ||

30. kang mangidul dèn pupuh | mayor kalih

--- 69 ---

senapatinipun | miwah malih Pringgalaya Adipati | sapanêngên pra tumênggung | amung satunggil kang kalong ||

31. bupati sarèhipun | Pangran Pakuningrat ingkang kantun | pan linintu Mataram bupati siji | Rajaniti ingkang tumut | Jayawinata tunggu brok ||

32. lan wong kalang sadarum | bupatine mantri myang panèwu | tumut ngidul rumêksa mariyêm sami | dragundêr Walônda satus | kalih atus dharat golong ||

33. dene ta ingkang nglurug | amangalèr senapatinipun | Adipati Sindurja lan pra bupati | sapangiwa pra tumênggung | panèwu mantri mangisor ||

34. dragundêr wolung puluh | prajurit dharat satus rongpuluh | ingkang dadya senapatining Kumpêni | Kapitan Kop namanipun | datan tinindhihan mayor ||

35. ingkang pinatah kantun | bupati lêbêt lan malihipun | pra santana wêwolu kanthi prajurit | jagêr Wlandi patang puluh | tindhih Kapitan Salotor ||

36. dupi samêkta sampun | bala Kumpêni myang wadya prabu | amarêngi Sênèn Pon wimbaning sasi | Ruwah ping salikur taun | maksih Dal saksana bodhol ||

37. anglurug andon pupuh | angkatipun saking alun-alun | sri narendra samana miyos tinangkil | bupati kliwon kang nglurug | samya ngabêkti sang katong ||

38. twan mayor kalihipun | wusnya jawat astanya sang prabu | sarêng budhal kang ngalèr myang ngidul sami | swarane bala gumuruh | lir gora rèh anjingga nom ||

--- 70 ---

8. Pangeran Mangkunagara ambêdhah ing Kaduwang, Pangeran Mangkubumi angrampit ing Surakarta, lajêng mundur dhatêng rêdi Garigal.

10. Durma

1. pan sinigêg wadyabala kang lumampah | gantya ingkang winarni | kang baris nèng Gêbang | nuju siniwèng wadya | Jêng Pangeran Mangkubumi | andhèr balabar | lagya agunêm pikir ||

2. duk samana kasaru ing praptanira | têliking mantri ngarsi | gancangan tur wikan | yèn mêngsah sampun mêdal | sangkêp kapraboning jurit | kangjêng pangeran | dhawuh samêkta baris ||

3. sarta paring sêrat marang Panambangan | Pangran Mangkunagari | kinèn ngidul gêcak | dhatêng kitha Kaduwang | supadi karya kuwuring | mêngsah kang nglarag | tan winarna ing margi ||

4. sapraptaning pabarisan Panambangan | duta ngaturkên tulis | sawusnya kadhadha | suraosing pustaka | pangeran umangkat a | praptèng Kaduwang | lajêng campuh ing jurit ||

5. Dyan Tumênggung Kaduwang datan kuwawa | tumanggah ing ajurit | dene jêng pangeran | nêsêg sawadyanira | bubar wong Kaduwang ngisis | kuthane bêdhah | nulya dipun jarahi ||

6. tinanêman Pangeran Dewakusuma | tiyang amanguntèki | ingalih namanya | Radèn Natawijaya | têtêp alungguh bupati | anèng Kaduwang | Pangran Mangkunagari ||

7. sigra wangsul kondur dhatêng Panambangan |

--- 71 ---

wuwusên Sukawati | ingkang pirêmbagan | Dipati Pugêr turnya | sampun paduka lawani | sae ngoncatan | binabingung ing jurit ||

8. pinarapat pinara gangsal punggawa | miwah kang para mantri | supadi tan bisa | nangguh ênggoning mêngsah | Jêng Pangeran Mangkubumi | sigra parentah | marang para bupati ||

9. kakang Pugêr sira lan Suryanagara | Si Warung Angabèi | padha angalora | Rônggga Wirasêtika | sira angetana kanthi | Ranadiningrat | Samapura ywa kari ||

10. padha sira anggubêda keri kanan | dene kang dhèrèk mami | sira Jayadirja | lawan Rêksanagara | tanapi Si Brajamusthi | sawadyanira | sun arsa ngrampit nagri ||

11. sawusira gumolong ingkang pirêmbag | Pangeran Mangkubumi | miwah pra bupatya | sawadyabalanira | wus myarsa mungsuh mèh prapti | nèng Jatimalang | langkung agêng kang baris ||

12. baris Gêbang samana têngara ambyar | gêlare wus miranti | sampun pitung dina | ping sanga likur Ruwah | budhal Pangran Mangkubumi | ngilèn lampahnya | malêbêt ing nagari ||

13. mung punggawa sakawan ingkang binêkta | kawan atus turanggi | wus nabrang bêngawan | rêrêp têngahing wana | wana rèndèng kalih ratri | tanggal sapisan | Siyam dènira ngrampit ||

14. wanci dalu tabuh sawêlas praptanya | lajêng ngobong-obongi | kilèn Pringgalayan | angidul tinaratas | anggrêng swaraning kang agni | awor lan surak | madhangi sanagari ||

--- 72 ---

15. kuwur kawur ibêkan wong Surakarta | gêng alit ting jalêrit | tambuh solahira | mêdal nglurung tinumbak | kang mêmpên kabyukan agni | mangidul ngambah | ing Sindurjan kabêsmi ||

16. sapangidul sapangilèn sapangetan | kang pawaka mawrêdi | ngungkuli kadhatyan | wong ngili mawurahan | samya manjing jroning puri | kawêlasarsa | ingkang tan antuk margi ||

17. tembak andhèr nèng pinggir jaro kadhatyan | mungsuh prapta ambêdhil | agègèr puyêngan | wau jêng sri narendra | nimbali kapitan prapti | Salotor lawan | soldhadhu kalih dèsi ||

18. sri narendra sampun angrasuk busana | kalawan kangjêng gusti | pangeran dipatya | wontên ing palataran | budhal mangidul sang aji | Salotor malang | sampun sunan rumiyin ||

19. dèrèng wontên abdi paduka kang prapta | amung Kumpêni kêdhik | abdi kadipatyan | samana wontên prapta | kèndêl wau sri bupati | dupi miyarsa | surak sanjata muni ||

20. têdhak malih gugup sarwi angandika | iku yêkti Suwandi | ya dudu ari mas | Si Suwandi kewala | Dyan Endranata gya prapti | lan Jakartika | Dhelo namanya alit ||

21. sri narendra alon pangandikanira | Dhelo iku Suwandi | matur Jakartika | dede Suwandi tuwan | rayi paduka pribadi | nata ngandika | dudu Si Mangkubumi ||

22. Si Suwandi iku yêkti kang dinuta | adhi mas Mangkubumi | matur Endranata |

--- 73 ---

wontên songsonge jênar | ngandika iya Suwandi | kinon yayi mas | anganggo payung kuning ||

23. gya Kapitan Salotor apêparentah | hèh sagung para mantri | padha singkirêna | wong ngili aja pêdhak | wong wadon rare ngrubêdi | padha dohêna | lan jaro dèn sumingkir ||

24. sigra mantri kaparak kang sampun prapta | amburak wong kang ngili | panèkêt sadaya | nindhihi kancanira | jaro kidul dèn barisi | kang mujur ngetan | kanthi rolas Kumpêni ||

25. sampun wontên satus prajurit kaparak | sarean Sêlèr nami | ingkang jinagenan | yèku kidul wiwara | kang kilèn sri narapati | lawan Kapitan | Salotor kang jagèni ||

26. para mantri kaparak nèng ngarsanira | kangjêng sri narapati | cacah kawan wêlas | nulya wong kadipatyan | wontên salawe kang prapti | Jayakartika | matur ing sri bupati ||

27. yèn suwawi lan karsa jêng sri narendra | kawularsa mêdali | sampun ngantos cêlak | lawan jaro kang mêngsah | dèrèng ngandika sang aji | Salotor ngucap | paran karêpirèki ||

28. Jakartika nauri iya kapitan | ingsun ingkang mêtoni | sira aja obah | rumêksa sri narendra | Kapitan Salotor angling | iya mêtua | nanging dèn ngati-ati ||

29. sri narendra anulya maringi tumbak | nêmbah wus dèn tampèni | tabe lan kapitan | sapuluh rowangira | kang têtiga bêkta bêdhil |

--- 74 ---

pêpitu tumbak | sapraptanirèng jawi ||

30. anêratas anggêgêlar solahira | mangilèn praptèng wuri | sawurining mêngsah | nulya wangsul mangetan | wus awor lan bajag inthil | baturing mêngsah | kang samya dharat wuri ||

31. tinumbakan saking wuri kêni papat | kang pêjah dèn tigasi | kang kathah anggundam | mire ngalèr ngalêmpak | têtindhihe angundhangi | kinèn mundura | agni sangsaya dadi ||

32. tanpa rungyan gumarêbêging dahana | wor jêriting rarywalit | ya ta Jakartika | lampahe bêkta sirah | nèng landheyane pribadi | cacah sakawan | praptèng ngabyantaraji ||

33. langkung suka sang nata miwah kapitan | nulya kang êlèr prapti | mantri kancanira | Pangeran Pakuningrat | Dyan Tirtawijaya nami | kliwon lênggahnya | matur atur udani ||

34. lamun mêngsah kang lèr sampun mundur samya | amanabrang ing kali | Pepe katingalan | kèndêl ngêntosi rowang | tan dangu bubar lumaris | ngalèr sadaya | tan wontên ingkang kari ||

35. nulya kondur ing dhatulaya sang nata | Jakartika nèng ngarsi | pinaring sêmôngka | langkung suka narendra | lajêng pinarak ing kursi | nèng palataran | ing tabuh satêngah tri ||

36. praptaning kang mungsuh ing pukul sawêlas | bubarnya satêngah tri | enjang sri narendra | tabuh satêngah sapta | têdhak arsa mariksani | wisma kang samya | katon maksih kabêsmi ||

37. praptanira sang nata ing Kadipala |

--- 75 ---

kèndêl eram ningali | Grêmêt sapangetan | Kabangan sapangetan | Pringgalayan lawan malih | Sratèn kidulnya | wus brastha dening agni ||

38. ingkang botên kobar salèring Sêrêngan | Kamlayan ugi maksih | gantya kawarnaa | kang baris Jatimalang | Sindurja lawan Kumpêni | dalu miyarsa | yèn nagari dèn rampit ||

39. atêngara enjang Dipati Sindurja | lan sagung pra bupati | sapalih binêkta | bidhal angilèn samya | Kumpêni bêkta sapalih | Bêlangkêr Litnan | sampun nabrang banawi ||

40. kasarêngan pangeran saundurira | dalu saking angrampit | wus praptèng bangawan | kang wetan mèh anyabrang | kang kilèn sampun nyabrangi | mundur kang wetan | sami atata baris ||

41. pangajênge wong Sukawati kang nabrang | pangirid nêmpuh jurit | rasukan kuthungan | dhuwung amung satunggal | tan cara kadi prajurit | cara wong midhang | yèku kang mobat-mabit ||

42. wastranira bathik balonthang kasmaran | datan angatawisi | ingkang songsong jênar | maksih nèng kilèn ngimbang | ingêdrèl mêksa angungkih | wong Surakarta | sami panas ing galih ||

43. aningali mring kang rasukan kuthungan | wontên sajuga mantri | ran Tôndhawijaya | andêl ing Kasindurjan | sarowange amrêpêki | dupi wus pêrak | Tôndhawijaya bêdhil ||

44. datan antuk wong kang rasukan kuthungan | malah majêng nyêlaki | pan arsa tinumbak |

--- 76 ---

dening Tôndhawijaya | dupi winawas tan pangling | lamun pangeran | namur nunggil wadyalit ||

45. Dyan Ngabèi Tôndhawijaya sabala | samya lumayu gêndring | ajrih lumawan prang | wong kulambi kuthungan | wadya Sala lan Kumpêni | kang anèng wuntat | kagyat gènnya ningali ||

46. dadya dhadhal kalulun lumayu ambyar | kawur salah panampi | angira pinêlak | mring wadyane pangeran | Kumpêni ngêdrèl ping kalih | kangjêng pangeran | sawadyane wus gusis ||

47. amangetan lampahe tan tinututan | wadyane ingkang kari | wontên kalih bêlah | wadya kang kathah-kathah | nyingkirkên jarahan sami | wong Surakarta | miwah bala Kumpeni ||

48. sami dongèng[16] gêgêtun dènnya umiyat | dene mungsuhe kêdhik | nulya tinututan | tinut wuri kewala | pan lajêng minggah ing wukir | wukir Garigal | sigra mudhun ing trêbis ||

49. kudanira sami tinuntun kewala | Kumpêni myang wong Jawi | prasamya amêdal | pangeran dèrèng minggah | wadya gamêl Wanakarti | mulat gustinya | dèrèng minggah ing wukir ||

50. Wanakarti tangan ceko kalih pisan | kêncèt sukune keri | uthi ngamuk mêngsah | tan kandhêg binêdhilan | anêmpuh baris Kumpêni | numbak Walônda | lêlima kang ngêmasi ||

51. dupi nolih miyat gustinya wus minggah | lumayu niba tangi | nusul minggah ngarga | mungsuh gumuyu samya | si ceko bôndakalani | mendah ajaa | ceko akarya kingkin ||

--- 77 ---

9. Prajurit ing Surakarta lan Kumpêni angubrês ing tanah Sêmbuyan saanteronipun.

11. Asmaradana

1. wus minggah dhatêng ing wukir | ardi alit ing Garigal | angumpul garwa putrane | ing Gêbang sampun tinilar | sadaya ingandikan | ya ta wong Kumpêni wau | lawan Dipati Sindurja ||

2. sapunggawa wadya sami | ngumpul nèng Gêbang barisnya | têtindhih Kapitan Êkop | ngumpul sakumpêninira | dene wau kang mêngsah | mantri Sukawati ngriku | miwah kang nama punggawa ||

3. tan manggèn kang dèn dunungi | lèr wetan kilèn samyana | sumêbar tan kêni pinrèh | dadya tan antuk têlukan | Dipati Sindurêja | mungsuh tan kêna tinangguh | anggung siyang ratri prapta ||

4. pating kalicir yèn enjing | lamun binujung lumajar | tinilar kêkinthil bae | pratingkahe lir migêna | dadosipun kang rêmbag | wukir Garigal kinêpung | ing ngriku gèning pangeran ||

5. wau Pangran Mangkubumi | junjung abdi gamêlira | kang ngamuk prang duk kasompok | Wanakarti kang wus kocap | apan kinarya dêmang | wong sèkêt lêlungguhipun | Ki Dêmang Larasiduwa ||

6. kunêng tanah Sukawati | kang maksih ayun-ayunan | gantya malih winiraos | kang nglurug mangidul samya | Dipati Pringgalaya | Hogêndhorêp lan Tênangkus |

--- 78 ---

senapatining ayuda ||

7. barise kèndêl nèng Picis | Pangeran Mangkunagara | angirabakên barisê | sagung punggawa pangarsa | wus sami amèt papan | Ki Surajaya Tumênggung | wus anggubêd barisira ||

8. mayor budhal saking Picis | ngangsêg angidul angetan | Pangran Mangkunagarane | mapan baris Sudimara | sampun ayun-ayunan | aprang lèrès sêdyanipun | Pangeran Mangkunagara ||

9. cucuking prang wus apanggih | bêdhil-binêdhilan gantya | Mayor Tênangkus Hondhorop | sarêng miyarsa sanjata | tinilar barisira | gêgancangan lampahipun | samya wahana turôngga ||

10. kanthi upas Jawi Wlandi | kalih likur cacahira | sarêng mamprung panyandêre | wau karsaning pangeran | arsa angêtap ing prang | Kudanawarsa turipun | prayogi angoncatana ||

11. sanjata mungêl ping kalih | bubar barising pangeran | angidul ngetan parane | badhe anjog ing Sêmbuyan | kèndêl mayor kalihnya | barise wuri wus rawuh | ngêbroki ing Panambangan ||

12. pakuwon sampun rinakit | loji miwah pasewakan | nulya dadoskên rêmbage | angenggalkên lampahira | Dipati Pranaraga | sampun prajangji angumpul | angêrakat ing Sêmbuyan ||

13. Sultan Dhandhun Martèngsari | ingkang arsa pinungkasan | sampun lumampah dutane | Adipati Pringgalaya | ing marga tan winarna | praptèng Kaduwang kacundhuk | Dipati [Di...]

--- 79 ---

[...pati] Suradiningrat ||

14. wus panggih lan duta kalih | tinulak kinèn wangsula | sira matura ing mayor | atanapi kyai lurah | yèn sun wus nèng Kaduwang | kapan amunggah mring gunung | padha asêmayan dina ||

15. ingsun mêtu saking ngriki | patêmon anèng Sêmbuyan | duta sigra wangsul ngilèn | sapraptaning Panambangan | Dipati Pringgalaya | mring loji lan dutanipun | ingkang saking Pranaraga ||

16. wêwarta kapêthuk margi | Dipati Suradiningrat | santosa ing samêktane | tri èwu kang kêkapalan | dene prajurit dharat | kadi langkung kawan èwu | lêksan tiyang kang ngrêrêmbat ||

17. kèndêl nèng Kaduwang mangkin | ngêntosi parentah kula | mayor alon ing wuwuse | sudara pirêmbag kula | sae nulya parentah | êmbèn kula mangkat ngidul | anginggahi mring Sêmbuyan ||

18. Sultan Dhandhun Martèngsari | punika kang kula gêcak | sudara kèndêl nèng kene | miwah sagung wadya Jawa | dene kang kula bêkta | Mlayakusuma Tumênggung | Dyan Tumênggung Jawikrama ||

19. lan Citradiwirya malih | sakancane para magang | kula bêkta sadayane | prandene wong Pranaraga | kawarti sampun kathah | sakathahing pra tumênggung | kantun dhèrèk saudara ||

Nyandhak jilid 2.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W . (kembali)
2. panglingga. (kembali)
3. Kurang satu suku kata: miyosira kangjêng sang siniwi. (kembali)
4. § Rêbo: 17 Sura, Je 1670. Utawi taun Walandi 1745. (kembali)
5. gurnadur. (kembali)
6. angandika. (kembali)
7. wrêdha. (kembali)
8. kudhasih. (kembali)
9. Guru lagu seharusnya: 6i, tigang dalu anèng margi. (kembali)
10. sumewa (dan di tempat lain). (kembali)
11. Sengkalan: wong nywara orêg ing bumi (1671 A.J. 1746/47 A.D.). (kembali)
12. dhog. (kembali)
13. Teks asli: Pucung. (kembali)
14. manjing. (kembali)
15. gumbala. (kembali)
16. dongong. (kembali)

Serie No. 1259a

Babad Giyanti

Anggitanipun: Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 2.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Prajurit ing Surakarta lan Kumpêni angubrês ing tanah Sêmbuyan saanteronipun.[1]

20. Kumpêni ingkang lumaris | satus tumut saudara | miwah mariyêm kalihe | Tumênggung Sasrawijaya | puniku kula bêkta | dene ta pra mantrinipun | wong Kalang kantun sadaya ||

21. mêngsah ingkang alit-alit | kang wontên ing Pamasaran | miwah kang wontên Kanitèn | kula borong saudara | yèn pantês dipun larag | nanging Kumpêni dragundur | kawula bêkta sadaya ||

22. rêmbagipun sampun dadi | ing dalu datan kawarna | enjang têngara budhale | kumêrab kang balakuswa | Hogêndhorêp nèng ngarsa | ing wuri Mayor Tênangkus | lampahe minggah Sêmbuyan ||

23. Sultan Dhandhun Martèngsari | wus ngirabakên kang wadya | gangsal atus prajurite | kang samya nitih turôngga | Tumênggung Purbaningrat | lan Dipaningrat Tumênggung | dadya senapati yuda ||

24. dene Adipati Gêndhing | mirèkakên para garwa | pan pitung dasa cacahe | binakta minggah mring arga | pinrênah ing Pidêksa | cinatur ing lampahipun | Pangeran Mangkunagara ||

25. praptaning Burêng ningali | lamun barise kang paman | anèng Burêng pamanggène | punggawane tinimbalan | Tumênggung Purbaningrat | praptèng ngarsa ngandikarum | Pangeran Mangkunagara ||

--- 4 ---

26. jêng paman pamagut jurit | kang dinangu aturira | inggih wau timbalane | gusti jêng rama paduka | kula kinèn bantua | dhatêng paduka pukulun | ing mangke paduka prapta ||

27. pangeran ngandika malih | ya bêcik kene kewala | Burêng prayoga papane | sira iku Purbaningrat | dadi pangawat kanan | de pangawat kiwanipun | Si Tumênggung Dipaningrat ||

28. Kumpêni kang bujung sami | sun watara nuli prapta | dèrèng kèndêl andikane | bala Kumpêni gya prapta | wanci ngajêngkên arsa | tumingal ing mungsuh agung | têngara tambur tinêmbang ||

29. ngabani têmpuh ing jurit | sapalih dragundêrira | mayor ngirid ngarsa dhewe | ingêdrèl sapisan bubar | ingkang munggèng pangawat | sabalane Sultan Dhandhun | Martèngsari wus lumajar ||

30. Sultan Dhandhun Martèngsari | dupi myat balane buyar | anyandêrakên kudane | nunjang palang tan kaetang | anusul wanapringga | sipat kuping plajêngipun | sagung balanira sultan ||

31. Pangeran Mangkunagari | nèng Dhadha sabalanira | kapêngkok tadhah prang rame | bêdhil-binêdhil lan mêngsah | sêsêg-sinêsêg gantya | wau Twan Mayor Tênangkus | têtulung pangêdrèlira ||

32. tan pêgat awanti-wanti | bingung balane pangeran | saking kadrêsan mimise | mantrine kabranan tiga | nulya mundur lon-lonan | kang surya wus nunggang gunung | Kumpêni kèndêl drèlira ||

33. dening kasaput ing ratri | Kumpêni makuwon samya | anèng Burêng sabalane |

--- 5 ---

Pangeran Mangkunagara | dalu-dalu lumampah | angilèn anjujur gunung | tan sagêd dhahar myang nendra ||

34. kèndêl wanci madya ratri | byar rina lajêng lêlampah | angilèn menggok mangalèr | kèndêl dhusun Samêlaran | atata pamondhokan | gantya wau kang winuwus | ingkang baris Panambangan ||

35. sira risang nindyamantri | rêmbagan lan pra bupatya | arsa anglanggar barise | Pangeran Pamot kang ana | ing Gubug Angin desa | ingkang kêkalih tumênggung | kinèn têngga Panambangan ||

36. soldhadhu dharat Kumpêni | satus tinilar sadaya | miwah mariyêm kalihe | amung tumênggung sakawan | kang binêkta anglarag | Alpèrès Wati kang tumut | Walandine mung têtiga ||

37. wontên sèwu gunging baris | budhal saking Panambangan | kang dadya senapatine | Dyan Dipati Pringgalaya | gantya kang winursita | Kapitan Kop nusul ngidul | atilar ing Sukawatya ||

38. Tuwan Hondhorêp manggihi | tan antara praptanira | baris ing Pranaragane | orêg wong ing pabarisan | dêdamêl agêng prapta | gumuruh swarèng wadyagung | turôngga tanpa wilangan ||

39. wontên kang atur upêksi | yèn Dipati Pranaraga | ingkang prapta sabalane | Tuwan Hogêndhorêp mapag | sajawining pondhokan | Tuwan Kapitan Kop tumut | andulu untabing wadya ||

40. pirang bêbulak kaèksi | kèbêkan dening turôngga | Kapitan Kop gèdhèg-gèdhêg |

--- 6 ---

dipatine maksih têbah | pangarsa wus balabar | apelag busananipun | sampêt pirantining yuda ||

41. adangu dènira nganti | praptane bupatinira | ngiwa nêngên pangarsane | wus kèbêkan sakèh papan | wuri gili tan kêndhat | kadya mêndhung angêndhanu | magêrsarine kang ngayap ||

42. ngampil pacara dipati | para putra tigang dasa | prasamya amandhi towok | sinami rasukanira | warata bludru rêta | nyamping wora-wari rumpuk | nindhihi bala pangarsa ||

43. datan antara kaèksi | Dipati Suradiningrat | nadyan wus kathah putrane | wangune kadya jêjaka | rasukan bludru rêta | rinenda mas nyampingipun | ran samboja madukara ||

44. amangking curiga katri | sêsingêl têlaga muncar | sang adipati praptane | age tumêdhak sing kuda | gapyuk arêrangkulan | lawan Hogêndhorêp Mayur | mayor adrês ingkang waspa ||

45. uwal astane kinanthi | sapraptaning pamondhokan | tabean Kapitan Êkop | Mayor Tênangkus tabean | sawusnya tata lênggah | mayor maksih sênggruk-sênggruk | sang dipati nênggak waspa ||

46. kalih karantan ing galih | duk kawon prang ing Puhbuta | dalu pêtêng mung wong loro | wusnya lilih mayor mojar | dene nora kayaa | datan nyana raganingsun | bisa têmu lan si bapak ||

47. milane bapak ing mangkin | wus nêm warsa tan sumewa | nora

--- 7 ---

runtik sang akatong | panukune duk samana | panêbasing kapenak | Tênangkus lan Kop anjêtung | miyarsa pirêmbagira ||

48. wau Radèn Adipati | Suradiningrat têtanya | mring tuwan Kapitan Êkop | sudara karya ing ngrika | punapa sampun rata | kapitan nauri wuwus | tangèh sagêda warata ||

49. sampun bêdhah Sukawati | nanging tan angsal têlukan | yèn mangetan miwah ngalèr | taksih tan kêna ingambah | Dipati Pranaraga | tanya malih wuwusipun | punapa kônca kawula ||

50. bupati môncanagari | barise dèrèng anunggal | lingira Kapitan Êkop | pindho damêl yèn sagêda | tunggil baris lan kula | inggih dèn adhangi mungsuh | sintên kang sudara têdah ||

51. Dipati Pranaraga ngling | sudara kang kula patah | bupati sanga cacahe | sami lan kang kula bêkta | prajurit kêkapalan | langkung saking tigang èwu | cacah wong wontên salêksa ||

52. kalanipun kula maksih | wontên ing kitha Kaduwang | samya prapta utusane | Bupati Madiun Japan | Balora Jagaraga | Kalangbrèt Kartasanèku | Ngawi Ngrawa lan Caruban ||

53. anèng Bayêm gènnya baris | botên sagêd tumindaka | pangerane ngadhang dhewe | beda lan pangeran kathah | nyokot kuping yèn aprang | kalamun kônca tumênggung | adoh saking prajanira ||

54. nagrine nuli dèn broki | kônca bupati kèwêdan | Kapitan Kop gèdhèg-gèdhèg | Dipati Suradiningrat |

--- 8 ---

mring Hondhorêp têtanya | ngriki paran wartinipun | ênggène Mangkunagara ||

55. mayor anauri aris | kula kaecalan lacak | tan uning mangke dunungе | yèn têranga kula langgar | dene kalih kang mêngsah | bapak sayêkti wus ngrungu | padha nome wong Sêmbuyan ||

10. Angubrês Sultan Dhandhun Martèngsari, Pangeran Singasari.

12. Sinom

1. tuwan kula amiyarsa | Sultan Dhandhun Martèngsari | ing Kasine wus dèn tilar | angungsi wontên ing Lincip | ing Pidêksa kang ardi | wontên guwane asirung | amot wong kalih dhomas | korine amung satunggil | prajurite kabêkta ngili sadaya ||

2. kawarti êlèr punika | Pangeran Amangkubumi | balane pating salêbar | lor kidul wetan dèn jègi | ting kulicir yèn enjing | tan kantênan prênahipun | wong saba botên kêna | tinêmpuhan nganan ngeri | mayor kalih alon dènira manabda ||

3. Mring Dipati Pranaraga | suwawi ing benjing-enjing | bêkta batur sawatara | ing Kasine yun udani | kuthane mungsuh jirih | kadiparan rakitipun | dene jumênêng nata | Sultan Dhandhun Martèngsari | anauri Dipati Suradiningrat ||

4. dhuh tuwan môngsa pelaga | wong rêraton wontên wukir | punika pangeran ala | balane [bala...]

--- 9 ---

[...ne] maksih sakêdhik | nuli jumênêng aji | sayêktine botên arus | daya wania aprang | amung bêbujung pawèstri | yèn pinaran gancangan ngili kewala ||

5. liwat saking botên layak | mangkana sang adipati | balane wus sinung prênah | pakuwon sampun rinakit | amung kèndêl sawêngi | enjang têngara gumuruh | mayor kalih wus mangkat | lan Dipati Pranaragi | prajurite dharat namung kawan dasa ||

6. wontên sewu kang turôngga | dragundêr satus pinilih | lan sagung kang pra bupatya | ing marga datan winarni | ing Kasine wus prapti | dêdamêl kèndêl nèng ngriku | wontên lun-alunira | mayor kêkalih ngubêngi | aningali wangunan rakiting kitha ||

7. parentah ngubrês gènira | Sultan Dhandhun Martèngsari | dêdamêle pinarapat | tinindhihan ing bupati | ing Kapidêksa wukir | pinaranan gya kinêpung | wiwaraning kang guwa | wusnya binuka nulyaglis | ingêdrèlan sanjata kaping sadasa ||

8. apêtêng sajroning guwa | pinggir guwa dèn isèni | bêbêlaning alang-alang | jinêjêl sinulêd gêni | murub pating jalêrit | kang anèng pinggir gènipun | têngah gègèr puyêngan | pangrasane dèn lêboni | kalataka[2] dhang-dhêng muni jaban guwa ||

9. tuwan mayor sakalihan | gumujêng alatah sami | awit sultane tan ana | mung para dyah ting jalêrit | sêsambate dharindhil | ngaruara manrês kalbu | dadya kalangkung wêlas | wau twan mayor kêkalih |

--- 10 ---

sumawana dipati ing Pranaraga ||

10. rêmbag tinilar kewala | guwa datan dèn lêbêti | kasaru ing praptanira | wong padesan tur udani | yèn Pangran Singasari | punika pisah gènipun | palajênge mangetan | anilap urut pasisir | awêwarta mring mayor sang adipatya ||

11. yèn Singasari Pangeran | mangetan turut pasisir | nulya age tinututan | Kumpêni Jawi sapalih | angidul ngetan sami | anglud ing salacakipun | dhusun ingkang kamargan | kèh wisma kang dèn obongi | lampahira dèn anut têkèng Pacitan ||

12. datan kapanggih wus ilang | Jêng Pangeran Singasari | kang bujung wangsul sadaya | marang ing Kasine malih | mayor lan adipati | nèng Kasine sangang dalu | sagung bêbêkêl desa | kang têluk sami ngaturi | marang mayor satuse pêndhok sakawan ||

13. prasamya pêndhok kancana | Hogêndhorêp kang nampèni | patêluke wong padesan | ugêr salawe satunggil | saking petang pinanggih | sampun angsal pêndhok satus | akathah langkungira | tuwan mayor sukèng galih | duk samana wangsul mring Burêng barisnya ||

14. kang kantun Kasine samya | para mantri Pranaragi | ingkang angubrês Sêmbuyan | santana putra nindhihi | saking Burêng agilir | kang turôngga pitung atus | tuwan mayor miyarsa | lamun sang anindyamantri | ngirabakên baris mukul Pamasaran ||

15. Alpèrès Wati [Wa...]

--- 11 ---

[...ti] binêkta | môngka kanthining ajurit | mayor sigra pêparentah | mring Jawikrama Bupati | binêktanan Kumpêni | dragundêre patang puluh | wong Bali kalih bêlah | prajurit môncanagari | pitung atus ingkang sami kêkapalan ||

16. saking Burêng wus umangkat | mangilèn anjujur wukir | anjog kidul Pamasaran | Pangran Pamot kang dèn pinrih | mudhun mangalèr sami | Pringgalaya barisipun | Gubug Angin wus bêdhah | mangilèn Alpèrès Wati | Pamasaran Pangeran Pamot wus nilap ||

17. mangidul minggah ing arga | kapêthuk bala Kumpêni | lan Tumênggung Jawikrama | gepak ngilèn sawadyèki | lajêng anilap malih | pisah lan punggawanipun | kalih pangkat bupatya | tumênggung ingkang wêwangi | Suramangunjaya lan Suradigdaya ||

18. binujung saparanira | wau tumênggung kêkalih | wus angilang marang wana | jro jurang kang dèn ungsèni | dadya kelangan lari | sakathahe kang bêbujung | sami wangsul sadaya | marang pabarisan malih | kang tinilar amung mantri pêpacêkan ||

19. amacak mantri sadasa | sira sang anindyamantri | saurut panggenan mêngsah | sami pinacêkan mantri | wau ta kang winarni | Hogêndhorêp lan Tênangkus | anggêlêngakên rêmbag | margi kang mring Sukawati | aywa kongsi samar sumêlang kang ngambah ||

20. Tumênggung Yudanagara | ing Banyumas kang tinuding | abarisa Pacangakan | miwah sawetaning malih | kanthi priyayi nagri | kaliwon mantri panèwu | nyarêngi [nya...]

--- 12 ---

[...rêngi] antukira | Kaptin Kop mring Sukawati | kang angatêr para mantri Pranaraga ||

21. pitung atus kang turôngga | Kapitan Kop wusnya pamit | saking Burêng sigra budhal | mantuk marang Sukawati | sarêng kang sami baris | urut Pacangakanipun | Tuwan Êkop Kapitan | tumut nitik gèning baris | kang prayoga kilèn Matesih Sêkaran ||

22. tri ari tuwan kapitan | tan laju mring Sukawati | myat tataning barisira | Tumênggung Yudanagari | lan Môndaraka Mantri | anarubakên wong dhusun | kapitan lan rahadyan | Tumênggung Yudanagari | lêlênggahan nèng pandhapa pasanggrahan ||

23. tuwan kapitan manabda | sudara mugi nêksèni | upami para pangeran | kang dadya mêngsah puniki | yèn bangkit bêdhah nuli | ing Pranaraga karêbut | kula apan pratignya | botên ngambah nagri Jawi | atêtanya Tumênggung Yudanagara ||

24. mila sudara pratignya | Kapitan Kop angling malih | dene kathah kang gêgaman | sêmbada prabote bêcik | wadya môncanagari | mung sapalih watinipun | kang koningan ing kula | kawêngku ing Pranaragi | sapangiwa kang têngên dèrèng uninga ||

25. Tumênggung Yudanagara | angungun duk amiyarsi | ing dalu datan winarna | budhal marang Sukawati | tan winuwus ing margi | barisan Gêbang prapta wus | kapanggih sang dipatya | Sindurêja awêwarti | sabên dalu tiwas mati kang barduwak ||

26. tuwan tan kenging kinôntha | riwuke

--- 13 ---

wong Sukawati | sok matèni wong barduwak | lah kadiparan ing mangkin | Kapitan Kop nauri | kula utusan mangidul | kathah mungsuh ing ngrika | ananging ènthèng ing jurit | nadyan kêdhik ing ngriki awrat sinôngga ||

27. Kapitan Kop gya utusan | mawi srat mring mayor kalih | minta bantu wit kawratan | wus umêsat kang tinuding | sapraptane ing wukir | barêng pabarisan agung | laju katur kang sêrat | mring tuwan mayor kêkalih | tinurutan sigra mayor pêparentah ||

28. bupati jroning nagara | Mlayakusuma tinuding | ngirid sapanêkarira | sakathahing para mantri | lawan Mangunnagari | samantri panèwu sèwu | dragundêr kalih dasa | tigang dasa kang lumaris | lampahira angalèr Gêbang pucungan ||

11. Pangeran Mangkubumi saking rêdi ing Garigal anggêpuk ing Grobogan sarta ing Dêmak.

13. Pocung[3]

1. cacahipun ing dêdamêl wontên sèwu | kalêbêt kang dharat | wadya Jawa lan Kumpêni | lampahira wus prapta barisan Gêbang ||

2. lan Dipati Sindurêja wus apangguh | myang tuwan kapitan | gya sinung pakuwon sami | samya asrêp tyase wong sapabarisan ||

3. kunêng gantya ing mangke ingkang winuwus | kang anèng Garigal | Jêng Pangeran Mangkubumi | wanci [wa...]

--- 14 ---

[...nci] dalu nimbali para punggawa ||

4. pra tumênggung sadaya wus praptèng gunung | sumiwa ing ngarsa | pangeran ngandika aris | hèh sakèhing bocah sun amundhut rêmbag ||

5. lamun sira jumurung sun arsa mudhun | laju mring Grobogan | anggitik baris Kumpêni | kang atugur nèng kuloning Garobogan ||

6. baris iku yèn kongsia nabrang ngidul | sakèh abdiningwang | wong ing tanah Sukawati | yêkti bênthèt akeron kuwur tyasira ||

7. pra tumênggung umatur sèwu jumurung | lêrês karsa tuwan | amantêpa para abdi | sampun ngantos sèdhèng mring liyan panyipta ||

8. wusnya rêmbug sigra siyaga wadyagung | têdhak saking arga | sagarwa putra tan kari | laju ngalèr mangilèn anjog Galagah ||

9. pra tumênggung ingkang pitu kinèn kantun | tiga kang binêkta | dene kang kantun ing wuri | samya kinèn ambêbidhung baris Gêbang ||

10. garwa putranipun pangeran tan tumut | tinilar ing Ngrancang | pangeran lampahe prapti | Garobogan lan Dipati Pugêr panggya ||

11. aturipun yèn paduka arsa gêpuk | Kumpêni barisnya | ing Winong tanggêl samangkin | lèpènipun agêng tan kenging sinasak ||

12. jêng pangeran mêksa adrêng karsanipun | kinèn karya sasak | Dipati Pugêr nuruti | tan adangu punang sasak sampun dadya ||

13. barisipun Kumpêni sampun angrungu | yèn pangeran prapta | arsa anglanggar ing jurit | tuwan [tuwa...]

--- 15 ---

[...n] mayor anambur ngundhangi bala ||

14. karsanipun andhingini nêdya mukul | barise pangeran | aywa kongsi dèn lurugi | wus samêkta sakapraboning ayuda ||

15. sampun mêtu mayor laju lampahipun | Wlônda kawan dasa | kawan atus Bugis Bali | praptèng kali têmpuk nabrang rêbut sasak ||

16. ngundur-undur pangeran sabalanipun | mring papan kang lêmpar | Kumpêni mangsah ngêdrèli | tarung lèrès tinuntun mring papan wiyar ||

17. lêt sadhusun amanggih bêbulak agung | sigra ingabanan | nêmpuh kang para prajurit | campuh bêdhil-binêdhil atri swaranya ||

18. yudanipun wong Kumpêni dèn bêbingung | kinitêr kinalang | ing turôngga kanan keri | amistuli yèn ingêdrèl giniwaran ||

19. dangu-dangu Kumpêni kaku tyasipun | kang dharat wus sayah | ambêkane ting karêmpis | tinarajang ingamuk punggung kèh pêjah ||

20. tuwan Mayor As kêni tinumbak lampus | Bugis Bali kathah | kiwul ulêng ing ajurit | janma Bugis kang kajodhi pitung dasa ||

21. Wlônda putih ingkang pêjah wolu likur | sisane sar-saran | palayune rêbut urip | binabujung abuyar pating salêbar ||

22. numbuk-numbuk kang bujung pating galuguk | langkung kasarakat | Kumpêni kang maksih urip | ngungsi maring Dêmak tanapi Samarang ||

23. balanipun pangeran para tumênggung | Dyan Samadipura | Tumênggung Suryanagari | katigane Tumênggung Ranadiningrat ||

24. samya [sa...]

--- 16 ---

[...mya] anglud maring Dêmak ambêbujung | lan Dyan Martalaya | Kumpêni kang dèn kêkinthil | jêng pangeran anusul anèng ing wuntat ||

25. praptanipun ing Dêmak laju angêsuk | bupati ing Dêmak | Tisnawijaya kang nami | mapag yuda datan bangkit ngudhilana ||

26. samya kuwur anut kang lumayu kawur | ngungsi mring muara | kang lumayu mring Samawis | amakêtêr giris miris tansah uwas ||

27. Rôngga Tisnawijaya matur kumêndur | lamun kitha Dêmak | wus kancikan mêngsah mangkin | satumpêse Kumpêninipun Mayor As ||

28. twan kumêndur dahat dènnya nêrêng bêndu | sigra pêparentah | kang mêdal laut rumiyin | Twan Kumêndur Teling arsa miyos dharat ||

29. ya ta wau jêng pangeran praptanipun | anèng kitha Dêmak | kidul lan kang dèn êbroki | mangun suka dene jarahane kathah ||

30. kalih dalu Kumpêni kang mêdal laut | kèndêl asamêkta | amêndhêti baitalit | arsa mudhik Dal warsa mukul pangeran ||

31. Wlônda satus Mayor Pal têtindhihipun | Bugis kalih bêlah | satus prajurite Bali | dalu-dalu mudhike marang jro kitha ||

32. balanipun pangeran sami katungkul | byar mêngsah praptanya | Kumpêni gya jujug kori | tarung kagèt arame rêbutan papan ||

33. karsanipun pinanggihan yudanipun | wontên tur uninga | yèn kumêndur badhe prapti | mêdal dharat ambêkta prajurit kathah ||

34. sêdyanipun sinupit ing prang sinêlut |

--- 17 ---

Dyan Samadipura | ambêdhah Gêbyog ing wuri | pagêr bumi kidul wetan kang dèn bêdhah ||

35. wismanipun ingobongan sarwi mêtu | mangidul mangetan | kèndêl Godhong tata baris | wong Kumpêni angêbroki kitha Dêmak ||

36. ya ta wau Kumêndur Teling prapta wus | kalawan Mas Rôngga | Tisnawijaya kang ngiring | atêtanya êndi ênggone pangeran ||

37. tuturipun Mas Rôngga mungsuh kang rawuh | kang ngancik ing Dêmak | Pangeran Amangkubumi | yèn kapara nyata dene nuli nilap ||

38. aturipun wong Dêmak ingkang dinangu | tuwan dèrèng nyata | dene balane mung kêdhik | tan wontên wruh yèn nyata miwah dedea ||

39. twan kumêndur duka Mas Rôngga ginêbug | ingaranan dora | kaping nêm Mas Rôngga eling | kaping pitu Mas Rôngga nyandhak ukiran ||

40. ngingêr dhuwung amanthêlêng netyanipun | gya rinêbut kathah | garêjêgan samya nyapih | twan kumêndur nitih kuda sigra mangkat ||

41. nyandêr mamprung lawan dragundêre satus | wangsul mring Samarang | Mas Rônggra tan anyarêngi | sabalane lampahe alon kewala ||

42. ya ta wau Kumpêni prasamya ngrungu | lamun mêngsahira | anèng Gêgodhong anganti | sigra budhal baris Kumpêni anglarag ||

43. pra tumênggung kêkalih ingkang tumutur | Gêgodhong mèh prapta | Jêng Pangeran Mangkubumi | wus miyarsa sigra angêrakit bala ||

44. nèng ra-ara ginêlaran yudanipun |

--- 18 ---

baris pinarapat | jro padesan dèn sinungi | para mantri pinilih wantêring yuda ||

45. wong Kumpêni prapta laju drèl gumrudug | mungsuh giwar ngiwa | Kumpêni lagya ngisèni | sinarêmpêng tinumbakan kathah kêna ||

46. mundur ngidul angetan sigra tinêmpuh | kang kulon anyêrang | kang kidul mêlak bêdhili | nolih ngidul kang wetan nêmpuh anunjang ||

47. dadya bingung Kumpêni malêbèng dhusun | amêmpên sêdyanya | dhusun sampun dèn ênggèni | lagya manjing ingamuk kathah kang pêjah ||

48. saya bingung ting palinguk numbuk-numbuk | kalih kang bupatya | lan tuwan mayor anggêndring | nyandêrakên kuda ngungsi mring Samarang ||

49. sutanipun Atmanagara Tumênggung | ran Martawijaya | nungkul pinacak bupati | sinung nama Dyan Tumênggung Suranata ||

50. kitha Dêmak ingkang êlèr lungguhipun | dene kang kidulan | ingkang pinacak bupati | Sumajaya kaprênah pulunanira ||

51. Pangran Wijil pradikan ing Kadilangu | sêmbada ing warna | pasêmon sudirèng jurit | nama Pangran Tumênggung Gadamastaka ||

52. ya ta wau bupati ingkang lumayu | praptaning Samarang | sarêng lan bala Kumpêni | salang tunjang datan angetang wêwirang ||

53. laju marêk tur uning tuwan kumêndur | sarèh ing ayuda | purwa madya amêkasi | langkung ngungun dene prang ngidêri kilang ||

--- 19 ---

12. Kumpêni ngubrês Pangeran Pamot lan Pangeran Mangkunagara.

14. Dhandhanggula

1. gantya ingkang kawuwusa malih | Pangran Dipati Mangkunagara | kang binujung saparane | tinut ngalor angidul | mudhun jurang sumêngkèng wukir | ngucira kabarasat | ngalintêr anglantur | amubêng ubêng-ubêngan | sabên-sabên pinaranan angoncati | ngunthul kaponthal-ponthal ||

2. dunungipun tansah ngolah-ngalih | sakalangkung ing musakatira | tan bangkit nadhah myang sare | Akas Mayor Tênangkus | nora wangwang ing rina wêngi | angodhol lampahira | lan Gêndhorêp Mayur | angilang-ilang kinalang | kinarakat jinujul barojol maring | anjog nagri Mataram ||

3. samya kèndêl anglampahkên têlik | awit saking kaecalan lacak | mangkana mayor kalihe | amidhangêt pitutur | yèn wus anèng nagri Matawis | manggèn anèng Saminan | ing Bradhasan dhusun | mayor kalih arsa nglarag | ingkang kinèn kantun anèng Burêng baris | Dipati Pranaraga ||

4. punggawane Radèn Adipati | Suradiningrat ing Pranaraga | pinilihan ingkang sae | wahana kuda sèwu | lan sagunging dragundêr Wlandi | Tumênggung Jawikrama | ingkang kinèn tumut | ri sampunira samêkta | laju budhal lampahe pinara kalih | prajurit Pranaraga ||

5. gangsal atus [a...]

--- 20 ---

[...tus] tumut mêdal margi | Parambanan Tênangkus Mayornya | kang gangsal atus malihe | Tuwan Gêndhorêp Mayur | mêdal wukir anjog Magiri | praptane ing Mataram | Jawinata mêthuk | Tênangkus Mayor tabean | nèng pakuwon sinuba-suba mênuhi | dahat sukaning driya ||

6. Hogêndhorêp wus praptèng Magiri | Radyan Tumênggung Jayawinata | arsa mêthuk sawadyane | bêndhenira angungkung | prajurite samya miranti | ingkang wahana kuda | wontên pitung atus | akotang baludru rendan | nyampingira anaracak cara Bali | pancèn langking lancingan ||

7. anggaring kang curiga binudir | para mantri samya sinongsongan | abra sinang busanane | sêmune ambêk purun | asarigak branyak jêlanthir | kadya wayang lanyapan | mantri ing Matarum | lamun cinôndra ing warna | anglir pendah rajaputra dwarati |[4] kang parab Radèn Sômba ||

8. sigra budhal saking ing Matawis | Mayor Tênangkus mèsêm têtanya | gawok sajroning driyane | sudara Dyan Tumênggung | Jawikrama kula tingali | solahe wong Mataram | myang pasikonipun | bèntên lan tyang Pranaraga | Dyan Tumênggung Jayawikrama nauri | inggih lêrês yèn beda ||

9. Pranaraga nama tiyang wukir | wangsul ing Mataram parêk raja | mila yêkti lamun kacèk | Tênangkus manthuk-manthuk | tan antara budhaling baris | Hogêndhorêp wus prapta | balane gumuruh | laju manjing pasanggrahan | wusnya tabe [ta...]

--- 21 ---

[...be] Hogêndhorêp têtanyaris | pundi gène pangeran ||

10. Jayawinata nauri aris | pangran sawadyane nèng Saminan | nging wus bibar malih ngalèr | amangetan kang purug | ing Pambrêgan mangidul malih | tuwan mayor kalihnya | myarsa langkung jêtung | jêlu tyas angangah-angah | dene pangran sabên pinaran ngoncati | dadya nglêrêmkên wadya ||

11. wusnya nèng Ngayogya tigang ari | tuwan mayor kalih gya budhalan | kêbut sawadyabalane | maksih kadya rumuhun | Hogêndhorêp kang mêdal wukir | kang mêdal Parambanan | Twan Mayor Tênangkus | ingiring pra wadya Jawa | Tuwan Mayor Tênangkus mèt sukèng galih | mupung wruh tanah Jawa ||

12. Hogêndhorêp wau kang winarni | sampun prapta Ponjong pangungangan | mayor apasang gêlare | buwang kêton rongatus | dèn sinungkên têtiyang dèsi | kinèn anuduhêna | umpêtaning mungsuh | lagya kèndêl tigang dina | anèng Ponjong wontên kang matur bêbisik | ênggènipun kang mêngsah ||

13. Pangran Pamot nèng Katongan dhelik | namur lampah momor wong padesan | amung pêpitu abdine | marma tan wontên kang wruh | Tuwan Mayor Gêndhorêp aglis | milih wong Pranaraga | kang nate mêmandung | antuk tiyang tigang dasa | bupatine sakawan ingkang kinanthi | bêkta rowang anglima ||

14. marginipun saking kilèn rumpil | saking êlèr jurang jro kalintang | saking kidul jurang lèpèn | saking wetan asirung |

--- 22 ---

nanging kêna pinêksa ugi | kang mêtu saking wetan | kinèn wong rongpuluh | nênêm kang sikêp sanjata | wus kêkangsèn angkate satêngah katri | saking baris ngungangan ||

15. tan kawarna ing marga wus prapti | mayor kêdah ngêntosi byar enjang | kuda dèn tilari kabèh | dupi byar minggah sampun | mayor gendhong bêdhil pribadi | kang munggèng ngarsanira | mung janma têtêlu | anèng wuri gangsal wêlas | praptèng latar dèrèng wontên tiyang tangi | Hogêndhorêp mangetan ||

16. ingkang mêtu wetan wus kapanggih | sami dhêpès kinèn sami minggah | jagi wetan bubuhane | wus pênêd rakitipun | wong kang turu ngèmpèr kêkalih | sêmune punakawan | anulya pinêstul | sirah pêcah kapisanan | satunggile tangi garegah binêdhil | agundam wus palaskra || [5]

17. nulya surak samya ambêdhili | wisma ingkang dèn gèni pangeran | pating jalêrit swarane | mayor mangalèr sampun | pangerane ambêdhah wuri | mêtune reyab-reyab | datan mawi sabuk | mung nyamping siji kewala | gya pinêstul tan kêni lumayu gêndring | nêmpuh byat glundhung jurang ||

18. tinututan binêdhil ping kalih | lêpat namung angengingi wrêksa | nanging arêmpu srirane | sirah katanggor watu | tunggak êri padhas myang curi | sapraptanirèng ngandhap | jurang jro anyamut | pangeran langkung kantaka | mayor wangsul wong lanang kacandhak urip | nênêm ingkang binônda ||

19. jarahane sadaya

--- 23 ---

binagi | kang kadarbe ing mayor piyambak | wontên sèwu pangajine | sakawan dhuwungipun | mawi carabalèn satunggil | prabot sarwa kancana | de kang prabotipun | salaka amung sajuga | bêruk êmas cakur mas karga mas adi | anggar mas katimang mas ||

20. kancing pêpitu gagrag mas sami | rasukane pra tumênggung alas | amung ingambil kancinge | têtêp pangaji sèwu | langkung tigang atus watawis | mayor kalangkung suka | wong nêm kang kapikut | ingkang kalih punakawan | pinêjahan kang sakawan tiyang alit | linuwaran kewala ||

21. mayor mèh antuk pangran satunggil | manah ayêm tan kinèn ngupaya | ing jurang pangran ênggène | anèng Ponjong sadalu | wangsul ngetan mring Burêng malih | dene ingkang tinilar | nèng Ponjong atugur | mung para mantri Mataram | kang pinacak wuwusên kang dèn ulari | Pangran Mangkunagara ||

22. sapraptane saking ing Matawis | mubang-mubêng nèng wukir kewala | ngetan angidul angalèr | ngoncati yèn binujung | kasarakat kang para abdi | ya ta pangran miyarsa | yèn Majasta dhusun | kanggenan baris Walônda | kawan dasa pangirid Alpèrès Wati | amung prajurit dharat ||

23. wontên sèwu prajurite Jawi | tindhih Adipati Pringgalaya | ya ta pangeran karsane | arsa dhatêngi nêmpuh | dene bala Kumpêni kêdhik | tur adharat kewala | ènthèng sanggènipun | Kumpêni mung kawan dasa | Danawarsa tinari dipun bubuhi |

--- 24 ---

magut wong kapatihan ||

24. kanthi Kartadirja Angabèi | Puspawijaya katiganira | Jayasimpangan kapate | dene kalimanipun | Mantri Malangdrigama nami | kang anglanggar Walônda | wadya jro sadarum | sawusnya dadya kang rêmbag | pangran budhal sawadya Majasta prapti | sigra anêmpuh yuda ||

25. Alpèrès Wati gancang ngabani | bala Kumpêni kang rakit panggah | anambur barêng lan êdrèl | pangeran balanipun | mantri jêro ngilês turanggi | Kumpêni gulagêpan | nênêm ingkang lampus | Tumênggung Kudanawarsa | sigra nêmpuh wong Pringgalayan nadhahi | rame ulêng-ulêngan ||

26. ngilês ing prang katulak ing bêdhil | saragêni Pringgalayan kathah | tinunjang binidhung bae | kapalan wongsal-wangsul | wong Kapringgalayan anêbih | dadya tan magut yuda | pijêr ting palinguk | tan kongsi dangu kang aprang | wontên patrol saking baris Burêng prapti | mêdhun ing Katêguhan ||

27. wontên sèwu cacahe kang baris | lawan turôngga môncanagara | arsa mangilèn lampahe | kèndêl dupi angrungu | êlèr kathah sanjata muni | mila wangsul kang nganglang | angalèr gumrudug | prasamya adhehan nyongklang | Pangran Mangkunagara duk aningali | gya mundur saha wadya ||

28. amangidul lajêng minggah wukir | mungsuh prasamya bêrêg sêdyanya | pangeran alon lampahe | arsa wangsul atangguh | langkung èwêd balane sami | kèh ngrangkêp bêbandhangan | milanipun [milanipu...]

--- 25 ---

[...n] laju | Adipati Pringgalaya | taksih ngusir kalawan bala Kumpêni | laju mring Pamasaran ||

29. kasaput ing dalu wong Kumpêni | sami makuwon ing Pamasaran | wau pangeran lampahe | sanadyan wanci dalu | datan kandhêg mêksa lumaris | langkung ing wingkingira | pabarisan agung | salèring Burêng angetan | kang barduwak uninga sinapa bêdhil | sinungsun kaping tiga ||

30. sawêg sami nadhah wong Kumpêni | pukul sawêlas sanjata munya | ênggèn barduwak prênahe | datan pantara dangu | kang barduwak atur udani | yèn wontên kêkapalan | langkung tigang atus | kadi punika pangeran | mayor kalih sigra parentah ngundhangi | asiyaga turôngga ||

31. analamur lampah tan katawis | wontên kuda sèwu kapat bêlah | anjujul dalu lampahe | ngidul ngetan tinurut | salasahe ingkang tinitik | sampun untap-untapan | wau lampahipun | kèndêl nèng Dhawe pangeran | byar raina Kumpêni prapta bêdhili | gugup palajêngira ||

32. ngidul ngetan minggah graning wukir | balanira ibêk kathetheran | Kumpêni anut lampahe | anjog ing Ardi Sèwu | apan sampun kecalan lari | mayor wangsul kalihnya | mring pakuwonipun | barisan Burêng wus prapta | ri saksana nglampahkên têlik anglari | kang anggambuh panggenan ||

--- 26 ---

13. Kumpêni wontên ing Burêng kenging apusipun Surajaya.

15. Gambuh

1. tantara arinipun | wusnya rêrêm Twan Mayor Tênangkus | lawan Hogêndhorêp samya gunêm pikir | mrih enggal sirna kang mungsuh | sakecane kang linakon ||

2. awit saking pakewuh | de kang mungsuh ngendrani tan tangguh | dadya têtêp atap nèng Burêng abaris | yèn mrawasa ngalèr ngidul | parêk datan kongsi adoh ||

3. marma kalangkung prêlu | matah wadya kang jaga dêlanggung | saking Burêng anjog Surakarta nagri | karêksaa wong kang ngintu[6] | ywa manggih bêbaya ing don ||

4. wus gêlêng ingkang rêmbug | Hogêndhorêp lan Mayor Tênangkus | atanapi Adipati Pranaragi | katur nindyamantri sampun | Pringgalaya wus rumojong ||

5. Tumênggung Singaranu | wong numbakanyar bupatinipun | sapanêkarira panèwu myang mantri | miwah saprajuritipun | kang kinèn jagi pakewoh ||

6. anèng ing lurung-lurung | ingkang samya kamargan wong ngintun | wus siyaga kang tinuduh pacak baris | budhal sabala gumuruh | sikêp kaprabon prang popor ||

7. baris lèr Wijil gunung | ya ta wontên mungsuh ingkang rawuh | wadyanira Pangeran Mangkunagari | gêgêdhêgi juligipun | sabên wong ngintun sinêbrot ||

8. Surajaya Tumênggung | Sewataranata julukipun | rowangira [ro...]

--- 27 ---

[...wangira] pitung puluh nora luwih | praptane barisan bidhung | nanging datan purun tanggon ||

9. duk samana binujung | dening barisipun Singaranu | palayune anggubêd jêbul ing wuri | mrêpêki maring prajagung | jêbul wetan jêbul kulon ||

10. tan antara gya wangsul | prapta malih binêrêg lumayu | jêbul babad krura mangkrak ngêngobongi | linanggar gagal mangidul | binujung gubêd mangalor ||

11. wanci baskara surup | Surajaya lan sarowangipun | mara sandi mindhik-mindhik arsa dingkik | barisipun Singaranu | kang yun linurah ing pangrok ||

12. rêm-rêm sirêm manêmpuh | mangsah jroning barisan dharusul | ngamuk punggung panggah lir manggala gêdhig | kang tinêmpuh kuwur mawur | mung sakêdhik kang prang popor ||

13. tikêl pat rowangipun | kathah wadyanipun Singaranu | nging tan nyana lamun mêngsahipun prapti | Dyan Tumênggung Singaranu | panggah ing prang têmah layon ||

14. samana sampun katur | maring tuwan mayor kalihipun | katigane katur risang nindyamantri | yèn Singaranu Tumênggung | kasambut madyèng palugon ||

15. Mayor Hondhorêp bêndu | briga-brigi paran baya iku | mantri desa bisa matèni bupati | apa tan merang ing kalbu | Pringgalaya kang mangkono ||

16. ing wuri sapa kang wruh | pra pangeran ingkang dadi mungsuh | gawe gita tikêl pitu lan ing mangkin | ingsun amerang kalangkung | lamun kapanggih sang katong ||

17. mangkono sigra

--- 28 ---

nambur | kaku tyase Hogêndhorêp Mayur | kalih èwu kêkapalan kang dèn irid | kinêrig para tumênggung | wêngis wicarane mayor ||

18. gêni têmên tyasipun | daya-daya wruha dhapuripun | cêcakruke Si Surajaya trayoli | de ombak gumuna agung | angina lawating pelor ||

19. rewange mung wong dhusun | nora luwih mung wong pitung puluh | têka kumadibya matèni bupati | payo Surajaya amuk | aywa mingkar dipun tanggon ||

20. tanggulangên wong gêndhung | lamun arsa wruh sudiraningsun | baya sêbit kupingira ingsun gigit | gêgêlah mindha gul-agul | nora wurung amacothot ||

21. ngungsia jurang parung | èrèng-èrèng rêrayung ing gunung | môncawali putra môncawali putri | nuksmaa têtikus langu | mumbula langit dèn adoh ||

22. aji jaya nung-anung | kumpulêna yèn kewala ingsun | maksih wêruh saparan masthi sun ungsir | rasakna têtambanipun | wong kang nglanangi palugon ||

23. samana mangkat gupuh | pra prajurit kapalan rongèwu | pinarapat tinindhihan ing bupati | samya asêsumbar amuk | payo kene aprang popor ||

24. gancangan lampahipun | kang turôngga adhehan gumrudug | sakathahe wadya Kumpêni lan Jawi | juwêt asêsumbar amuk | yèn nyata kacung dèn tanggon ||

25. ing nalika puniku | kang pra upsir myang para tumênggung | para mantri mratah praptèng wadya alit |

--- 29 ---

mangan anginum lumaku | samya amuk wuwusing wong ||

26. wusnya lêpas kang laku | wontên wong desa ngaturi wêruh | lamun Surajaya umpêtan samangkin | anèng ing dhusun Waluyu | wus katur mring tuwan mayor ||

27. mayor parentah gupuh | maring sagung kang para tumênggung | dèn marapit gêlare apasang rakit | Surajaya yèn dharusul | ywa kongsi gagal marojol ||

28. duk mayor tampi tuduh | nuju kèndêl nèng Serenan dhusun | sigra budhal kang sèwu mangilèn sami | desa Waluyu dèn irup | ingkang wetan maro ênggon ||

29. mayor lan pra tumênggung | sampun manjing ing desa Waluyu | pinggir desa wus pêpêt kèbêkan baris | tarap kêpung dènnya ngêpung | sikêp sanjata myang waos ||

30. ngêrakat barisipun | wong pitung puluh dèn but rongèwu | Surajaya sampun amiyarsi warti | dadya bingung ting bilulung | sarowange lajêng ngalor ||

31. wus dalu wancinipun | rowangira samya ting palinguk | dene pinggir desa sampun dèn barisi | dadya wus anyipta lampus | Surajaya tansah dongong ||

32. kulithihan trapipun | sigra manggih rekadaya luhung | rowangira kinèn mindha sikêp sami | karya pikulan rongpuluh | têtiga ingkang ginotong ||

33. Surajaya pan sampun | amasang obor amung têtêlu | kang pikulan prasamya dinokok ngarsi | alok Surajaya amuk | jatine pikulan kothong ||

--- 30 ---

34. mangidul lampahipun | Surajaya lan sarowangipun | ing samarga-marga cangkême ngacuwis | alok Surajaya amuk | samêngko yêkti katanggor ||

35. binethetan wadhukmu | kanggo tontonan anèng marga gung | sinujenan wêsi bang kongsi maringis | sinêmpal-sêmpal baumu | ajur mumur dèn dhêdhêplok ||

36. wuri pikulanipun | ana kang ngidung sinom parêmbun | wênèh ana asmaradana kinanthi | ngêlak-ngêlik mêlang-mêlung | sinênggakan sarwi alok ||

37. wurine kang sumambung | gêgamêlan cangkême kumruwuk | kinêndhangan narunthung kadya thongthong grit | ayêm rarase tyas konus | tan môntra yèn namur lakon ||

38. kang baris anèng kidul | ngrungu swara wong mlaku kumruwuk | wontên juga panuwane pra minantri | Mêrtasura aranipun | kabangan lir kabarongot ||

39. dadya kalangkung bêndu | wêngis lanas sami caranipun | hèh mandhêga sira iku gênjik ngêndi | dene cocotmu kumruwuk | turut dalan alêlagon ||

40. lah apa ta gobogmu | gumarunggung lir guwa kang sirung | tan miyarsa para gêdhe anêdhaki | tuwan mayor kalihipun | arsa analikung mungsoh ||

41. ngubrês durung katêmu | sira kumaki nrang baris agung | datan kêndhat gêgêmbyakan acariwis | kurang ajarmu kalantur | nora nganggo angon kosok ||

42. apa talotok asu | dudu uwong mulane dharusul | yèn mangkono pantês [pantê...]

--- 31 ---

[...s] lambemu sun gunting | sun dublag bata cocotmu | lamun maksih angacêmong ||

43. Surajaya duk ngrungu | sarowange tan nêdya maèlu | ujar ingkang datan jujur ngrancam ati | wangsulane rum-rum tinum | ayêm pasanging pasêmon ||

44. dhuh-dhuh dara priyantun | sampun ganas mangku sêrêng bêndu | dinaliha yèn kawula tiyang alit | lêgêtane kirang emut | watara rêringa kothong ||

45. kawula tiyang pikul | kapatihan prapta arsa ngintun | para mantri ingkang samya andon jurit | mila cariwis kumruwuk | kinarya jampining angop ||

46. lan malih kula ngrungu | Surajaya arsa dèn talikung | sarowange yèn kacandhak dèn gêbiri | awit tuwan mayor bêndu | dèn ubrês dèrèng kapanggoh ||

47. anggèn kula kumruwuk | acarawak rèhning wanci dalu | bok ginagas sambang rapêt mung supadi | inggih botên karya kisruh | pangupayane kang mungsoh ||

48. Mêrtasura duk ngrungu | sakancane datan nyana tuhu | nêpsunira sakala lilih mangsuli | lah ya wis banjura wêdhus | gya laju lampahnya alon ||

49. praptèng kidul Waluyu | samya gumuyu pating galuguk | guguk kêkêl buwang pikulan matèni | obor sarwi nguwus-uwus | wakingsun tan malih bangkong ||

50. tan dadi tikus langu | maksih maujud manusa tuhu | mawa obor sinumêd padhang ngluwihi | suprandene tan ana wruh | kang dèn barisi mrêkongkong ||

51. samana sampun laju |

--- 32 ---

Surajaya lan sarowangipun | rinikatkên byar rina wus praptèng wukir | mayor ingaturan wêruh | yèn Surajaya wus lolos ||

52. inggih ing wau dalu | ngakên tiyang kapatihan ngintun | para mantri ingkang sami pacak baris | sigra ambuwang pêpikul | dupi kapungkur ing mungsoh ||

14. Wontên ing dhusun Papringan Pangeran Mangkunagara dipun gêcak Kumpêni.

16. Pangkur

1. tuwan mayor duk miyarsa | kagyat ing tyas gawokira tan sipi | dhêlêg jêtung pungun-pungun | sigra bubarkên wadya | mayor angling maring sagung pra tumênggung | pun Surajaya punika | punapa tlotoking dhêmit ||

2. putu gandarwo Sêmbuyan | dudu uwong dene julig kapati | kinêpung ing wong rongèwu | marojol enak-enak | kang angêpung bingung kadi kênèng cubung | kaya apa dhapurira | bok iya bisa kapanggih ||

3. matane arsa sun cuplak | gêr gumujêng sadaya pra bupati | sadangunira lêlaku | anênggih kang rinêmbag | datan liyan amung kajuliganipun | Surajaya dene kadya | brakasakan bôngsa sandi ||

4. tan antara lampahira | tuwan mayor lan sagung pra bupati | barisan Burêng wus rawuh | Dipati Pranaraga | awêwarti pangeran ing wau langkung | amangilèn dèrèng têbah | têlik kula lagya prapti ||

5. kèndêl [kèndê...]

--- 33 ---

[...l] nèng dhusun Papringan | wontên tigang onjotan saking ngriki | mayor angundhangi sampun | siyaga ing ayuda | Adipati Pranaraga wus arêmbug | bêkta prajurit kapalan | kalih èwu malah luwih ||

6. sigra budhal gêgancangan | langkung ngangah-angah mayor kêkalih | sagunging para tumênggung | samya nandêrkên kuda | prapta wanci baskara ngajêngkên surup | wontên ing dhusun Papringan | Pangeran Mangkunagari ||

7. datan nyana lan angira | lamun mêngsah Kumpêni andhatêngi | dene wayahe wus dalu | mila balane ura | akêkaring ana ingkang ngambil rumput | pangerane lagi prapta | saking ing wana pribadi ||

8. Hogêndhorêp munggèng ngarsa | mung pêpitu kanthine andhingini | waspada paningalipun | pangeran katon dharat | gya pinêstul kagyat langkung dènnya gugup | wit dèrèng sikêp gêgaman | kalithihan marang wuri ||

9. tan dangu tambur gumêrah | kukuk surak wadya môncanagari | Kumpêni ngêdrèl gumrudug | wadya môncanagara | amarapit mangilèn desa kinêpung | wadyabalane pangeran | nadhahi prang ting kulicir ||

10. kathah kang lajêng umpêtan | ingkang mangsah kajodhi angêmasi | balane pangeran sumyur | buyar pating salêbar | kang kabrasat palayune rêbut dhucung | nunjang palang tan angetang | jurang parang dèn ungsèni ||

11. para dyah arêbut paran | kuwur ing tyas mawur katawur ngisis | wus kapisah [kapi...]

--- 34 ---

[...sah] ênggènipun | mung nêdya ngungsi gêsang | ting jalêrit rarywalit kawêlasayun | pangeran arsa umangsah | punakawane bondhèti ||

12. pinêksa ngaturan oncat | lumaksana ing rèh enggal ngoncati | lumayu maksih binujung | ingêdrèl saking wuntat | mungsuh sirna baskara diwasa surup | saking pitulunging Suksma | marang darahing Matawis ||

13. prapta ingkang gara-gara | bayu bajra wor jawah riwis-riwis | gora rèh asindhung riwut | pêtêng dhêdhêt limêngan | dadya kewran kang bêbujung samya wangsul | akathah bandhanganira | kalih bêlah kang turanggi ||

14. sanjata waos akathah | wus makuwon wau sagunging baris | anèng ing Papringan dhusun | samya andum jarahan | suka-suka dènira ajayèng pupuh | yèn sampuna surup surya | lawan jawah riwis-riwis ||

15. pangeran yêkti kacandhak | nadyan manjing wana dèn osak-asik | rèhning jawah angin dalu | sampun akarisakan | pan kinira tan bangkit pulih tri taun | kabanjur brastha swuh sirna | kang dadya riwuking bumi ||

16. wau ta kang winursita | pangeran kang kasoran ing ajurit | palajênge kang tut pungkur | punakawan satunggal | nusup-nusup medhun jurang singup-singup | tan angetang pringgabaya | nèng wana sigra kapanggih ||

17. Tumênggung Kudanawarsa | kanthi sutanira jalu satunggil | lan pangeran garwanipun | nama Mas Ajêng Matah | gendhong suta sapihan kêkalihipun |

--- 35 ---

Dyan Ajêng Sombro mlasarsa | katisên anèng wanadri ||

18. rêreyongan lampahira | wong lanange kapat bocah tan luwih | karo bocah èstrinipun | dalu pêtêng tur jawah | marga lunyu dene tanggung jawahipun | laju dènira lêlampah | tan bangkit nadhah lan guling ||

19. nuntên kang eyang kapanggya | anèng wana Dyan Ayu Sanawati | lan kêkalih rowangipun | langkung dènnya kasrakat | lampahira nilap-nilap jujur gunung | analasak wanapringga | wit ajrih kawruhan janmi ||

20. dadya angiras umpêtan | putra alit anggung dènira nangis | saking tan kambêtan sêkul | amung pisang alasan | kang anama bacici kaluthuk sèwu | kang dadya rêm-arêmira | panangise rare alit ||

21. dene ta wonge kang tuwa | kang pinangan amung dhangkèling kunci | kalangkung kawêlasayun | pangeran datan dhahar | sanès ari kathah abdinya kapranggul | dharat myang wahana kuda | ngumpul sawidak kang abdi ||

22. Tumênggung Kudanawarsa | alon matur tanggêl lampah puniki | mindhak kawadakèng mungsuh | dene prayoganira | luhung nilap angèla kaswarèng mungsuh | wadya ingkang kêkapalan | kinèn lumampah kariyin ||

23. pun Tumênggung Surajaya | anunggila wadya môngka têtindhih | dene paduka pukulun | sami dharat kewala | bucal badan manawi wontên pitulung | angungsi rama paduka | Jêng Pangeran Mangkubumi ||

--- 36 ---

24. dadya rêmbug wus pinisah | ingkang dharat lawan ingkang turanggi | wontên Pakiringan dhusun | dènira pêpisahan | ingkang dharat kalih dasa cacahipun | pinisah malih ing lampah | kantun pitu mêgatruhi ||

17. Mêgatruh

1. wong kang tiga wêlas nalêsêp ing dhusun | ingkang gangsal atut wuri | pangeran lan patihipun | pitu kang jalu tan luwih | katiga rare kang wadon ||

2. sigra lajêng pangeran ing lampahipun | ngidul ngetan alumaris | analasak ing wanagung | tan anut marganya lami | minggah dhusun jurang sigrong ||

3. kasêrakat kasangsaya lampahipun | tan kêna panggih lan janmi | anilap anusup-nusup | yèn aso mêtêki sikil | lêsu lêsah kadi lempoh ||

4. agung dènnya anutuh sariranipun | kantêpe kapati-pati | êri curi tan kaetung | lampahe nungsang jêmpalik | amunggah tumurun anjog ||

5. gumlaring kang wanawasa kang kadulu | myang saliring kang kapyarsi | anênangi ing nala kung | kayatnan ruming wiryadi | ngonggo-onggo rèh kadudon ||

6. ingkang eyang wantuning wanodya sêpuh | Radyan Ayu Sanawati | ngaruara sambatipun | yèku eyang saking èstri | kawijilan dhusun Ngêndho ||

7. tan kawarna lamine dènnya lêlaku | dadya prapta anèng Lincip | inggih ing Pidêksa gunung | Sultan Dandhun Martèngsari | nèng kono dènnya makuwon ||

--- 37 ---

8. pangran panggih lan kang paman Sultan Dhandhun | nanging rêmbage tan dadi | dadya mung sipêng sadalu | nulya pamit numpal kèli | anêdya ngungsi mangalor ||

9. mring kang paman ingkang watakira puguh | Jêng Pangeran Mangkubumi | tur datan kakehan rêmbug | nadyan akèh rêmbug pikir | nanging kang prêlu linakon ||

10. seje lawan rêmbagira Sultan Dhandhun | orehane ngiwir-iwir | kawismayane pinutus | mrantasi salir pakarti | têmahane amacothot ||

11. lampahira ngalèr ngetan jujur gunung | Pangeran Mangkunagari | dhusun Sêmbuyan kapungkur | bumi Kaduwang wus prapti | lajêng anjujur mangalor ||

12. praptanipun anèng Ônggabayan dhusun | lèr Kaduwang lêrêsnèki | saking lamining lêlaku | katur senapati jurit | yèn pangeran namur bolos ||

13. tuwan mayor lan nindyamantri wus rêmbug | sigra dhawuhkên waradin | maring ing bêbêkêl dhusun | yèn wong liwat dudu warni | kinèn mikut lamun ngalor ||

14. yèku Pangran Mangkunagara anamur | kasrakat nêdya angungsi | suwita ing ramanipun | Jêng Pangeran Mangkubumi | parentahe tuwan mayor ||

15. sadhengaha wonge kang abangkit mikut | pan ginanjar dadya mantri | lawan reyal limang atus | marma wong padesan sami | wus samya angatos-atos ||

16. dupi ana wong liwat kang jalu pitu | nanging busanane bêcik | wus kinira lamun iku |

--- 38 ---

Pangeran Mangkunagari | wong desa prasamya gêndhong ||

17. gêndhong barung titir kothekan gumuruh | pangeran dèrèng andugi | nyana liyan prêlunipun | wong padesan gènnya titir | titir wuwuh kadi lampor ||

18. sarwi alok payo-payo nyata iku | Pangeran Mangkunagari | tômpa reyal limang atus | yèn bangkit mikut wong iki | ingkang lêlaku mangalor ||

19. duk miyarsa kèndêl dènira lêlaku | Pangeran Mangkunagari | wus anêdya derah lampus | sigra angisèni kêdhil[7] | wong padesan asru alok ||

20. saya brubul wong prapta mijil sing dhusun | kadya sêsulung anggili | sikêp pêdhang towok wadung | pênthung garanggang myang linggis | ana ingkang gawa bronjong ||

21. ana waos canggah ganthol gantar tangsul | panèkêt kang anindhihi | nyêkêl panglawe nèng ngayun | alok payo dèn abêcik | kêpungên aja marojol ||

22. abdinipun pangeran pating palinguk | rupêk pandulune sami | lir sakarat ciptanipun | dene kinêpung wong bumi | tumbak canggah wus mirantos ||

23. dupi parêk peksane age anubruk | pangeran nulya ambêdhil | wong desa buyar sumawur | dadya tan wani mrêpêki | mung kinêpung saking adoh ||

24. wus dilalah karsane Hyang Mahaluhur | kalamun darah Matawis | kang durung tumibèng kukum | datan kêni ginagampil | marang sapadhane kang

--- 39 ---

wong ||

25. nulya prapta gara-gara sindhung riwut | mêsês bajra angin-angin | gora rèh riris atêdhuh | gêtêr dhèdhèt erawati | sagung wong desa dharodhog ||

26. dadya samya manjing padesan kang bujung | Pangeran Mangkunagari | jawah angin alêlaku | kang ngêpung katungkul sami | ingkang lumaris wus adoh ||

27. praptèng dhusun Matesihan ing daruju | kang garwa kang eyang nuli | tinitipkên tiyang dhusun | pangran singidan mring wukir | gone Ajar Samakaton ||

28. sakalangkung amêtêk putêk tyasipun | makêtir-kêtir matistis | wimbuh kambuh kabarubuh | ing padhepokan wus prapti | pandhitane samya miyos ||

15. Pangeran Mangkunagara wontên ing Padhepokan Samakaton.

18. Mijil

1. sang pandhita kalih kakang adhi | Adisana Anom | Adirasa prênah kakangane | manuhara samya ngacarani | praptane sang pêkik | maring wismanipun ||

2. sinugata sakadare langip | tumrap wong dhêdhepok | wusnya rêrêm pangeran galihe | awêwarti lêlakoning nguni | miwiti mêkasi | ginanjar sadarum ||

3. marma mangke pangran praptèng wukir | dening sru wirangrong | minta têdah ingkang amrih sae | aprasêtya sêdya amastuti | barang rèh sang yogi |

--- 40 ---

tan suwalèng kayun ||

4. sang pandhita kalih sampun dugi | karsaning sang anom | matur aris dêkung ing wuwuse | dhuh wong agung kang dahat kaswasih | ywa êru ing galih | pun kaki sung tutur ||

5. milanipun paduka ing mangkin | aprang têmah rêmpon | karisakan sawadyabalane | wit paduka ujub riya kibir | ambêk gêdhag-gêdhig | adigung gumunggung ||

6. mung ngandêlkên wêgiging pambudi | dibyaning palugon | sarwa cukup cupêt ing sarate | aji jaya-jaya wijayanti | môndraguna sêkti | prawira dibyanung ||

7. supe lamun sor ungguling jurit | kagungan Hyang Manon | gênging karsa kerut ing ardane | madêg nata tan winawas budi | Jêng Susunan Adi- | prakosa jêjuluk ||

8. kang makatên liwat saking sisip | sisiping lêlakon | awit wahyu nurbuah yêktine | botên kenging ginayuh lan gampil | saking gêdhag-gêdhig | jayaning prang kasub ||

9. pintên kuwate wong gêdhag-gêdhig | têmah manggih asor | sampun nelad ing lêlampahane | rama tuwan kang umadêg aji | ning Sêmbuyan wukir | juluk Sultan Dhandhun ||

10. dèrèng môngsa ngêgungkên kamuktin | angèsthi pra sinom | pitung dasa cacahe garwane | tur mantrine mung salawe iji | datan wrin ing jati | mung ambêk gumunggung ||

11. tuwas tiwas wèh wisaning dhiri | dadine kadudon | dèn geguyu dening sêsamane | marma anggèr dèn awas dèn eling | yèn [yè...]

--- 41 ---

[...n] titahing Widhi | apês ênggènipun ||

12. anelada ing rèh kang arjanti | utamèng lêlakon | kadi eyang paduka wiyose | pan wong agung sêsotyaning bumi | ingkang ambawani | rat Jawa sawêgung ||

13. Kangjêng Panêmbahan Senapati | duk ing tyas migatos | amêmayu mangayuh wahyune | datan pêgat dènnya mangun tèki | amawas ing dhiri | kulinèng asamun ||

14. mêlêng mêndêng gumolong mring jati | jatine Hyang Manon | kinunjara barang rèh ardane | amrih miyat ingkang miyatani | sampurnaning dhiri | putus ing pangawruh ||

15. nulya wontên sasmitaning Widhi | kang akarya gawok | warni lintang prapta ing ngarsane | awêwarti wus katrimèng Widhi | kinon madêg aji | amêngku kaprabun ||

16. suprandene lumuh ing wiryadi | madêg narakatong | nadyan silih wus kathah wadyane | maksih adrêng pamêsuning budi | budi kang mumpuni | ing jagat sawêgung ||

17. sruning brata kataman sayêkti | wahyu kang kinaot | tri bawana wus kawêngku kabèh | amêngkoni ngalam sahir kabir | roroning atunggil | lan jatining êdur ||

18. dadya sampat sampêt ing pakarti | barang rèh lêlakon | tatas rantas kentas rêruwêde | mungsuh jroning badan wus kajodhi | lir Hyang Wisnumurti | wirotamèng kewuh ||

19. jaya-jaya jayaning ajurit | putus rèh palugon | wusnya wêning narawang anane | lagya karsa ngadoni

--- 42 ---

ing jurit | munah satru sêkti | utamane kasub ||

20. têtêp dadya kalêngkaning bumi | musthika kinaot | ambawani rat Jawa sakèhe | trah-tumêrah prapta ing samangkin | mirut sining bumi | srah jiwa sumuyut ||

21. dene tuladan ing jaman mangkin | kang kenging rinaos | rama tuwan ingkang amandhirèng | baris wontên tanah Sukawati | Pangran Mangkubumi | ing pambêkanipun ||

22. kang tinulad lan linuri-luri | lair praptèng batos | kadi nguni ing lêlampahane | eyang Tuwan Kangjêng Senapati | karêm mawas dhiri | mrih sampurnèng kawruh ||

23. kawruh marang wêkasing dumadi | dadine lêlakon | datan samar purwa wasanane | saking dahat waskithaning galih | yèku ing aurip | ran manusa punjul ||

24. marma nadyan balane wus dadi | tan kewran ing pupoh | ngirup tanah môncanagarane | suprandene tan yun madêg aji | wit sampun udani | dèrèng mangsanipun ||

25. mangke anggèr kalamun suwawi | inggih sampun ngantos | kèrêm ngèlmi têguh sêsamine | kadigdayan nuragan kasêktin | awit ngèlmi lair | angêkèhkên dudu ||

26. anggèr karêma têtèki dhingin | nêgês karsèng Manon | dèn atêtêp mantêp ing idhêpe | idhêp maring Hyang Kang Murbèng Bumi | supayane dadi | dadi wêkasipun ||

27. wêkasane wong tinitah urip | dèn kongsi praptèng don | lamun têmên [têmê...]

--- 43 ---

[...n] anunggal jatine | pan tinêmu arang kang kinapti | waskitha ing gaib | tan samar atêrus ||

28. têrus karakêt mring tingal jati | jatining pangawroh | mrih sampurna anunggal anane | yèn wus nunggal dèn maksih kêkalih | kêkalihe gusti | lan kawulanipun ||

29. laku lair lawan laku batin | yèn sampun gumolong | janma guna utama arane | dene sampun amêngku mêngkoni | kang cinipta dadi | kang sinêdya rawuh ||

30. nadyan silih prang ngidêri bumi | mungsuhira ewon | lamun anggèr mantêp ing idhêpe | pasrah kumandêl marang Hyang Widhi | gaman samya ngisis | dadya têguh timbul ||

31. wit manusa mung darma nglampahi | ing karsa Hyang Manon | apês unggul yêkti wus darbèke | sampun susah yèn tinitah alit | sokura ing Widhi | yèn tinitah luhur ||

32. dèn prayitna bekaning dumadi | kang murungkên lakon | badhe luhur kathah rêncanane | bêbakale kawiryan sayêkti | amung lara pati | dèn mantêp dèn emut ||

33. ginulanga dimène lêstari | lêstari kang manggon | marma anggèr dèn sarèh galihe | arèrèha anèng ngriki dhingin | mêmêsua budi | budi kang mrih luhur ||

34. lamun sampun êning ing panggalih | agêlêng gumolong | sakarsanta sumôngga nah anggèr | nanging pun kaki kêdah mêmêling | ing paningal mami | kang kênèng rinuruh ||

35. rama paduka ing Sukawati | wahyune wus blorong | yêkti bangkit têmbe [tê...]

--- 44 ---

[...mbe] mulyakake | mring paduka wibawa bawani | ywa liyan pangungsi | ing ramanta wau ||

36. sang pandhita gènnya mituturi | mring sang prawiranom | kongsi kalih ratri ing lamine | pangran dahat karaosing galih | dadya amastuti | kasmaran pitutur ||

16. Mayor damêl dora sêmbada, mêjahi tiyang dipun awatakên Pangeran Mangkunagara lan Pangeran Pamot.

19. Asmaradana

1. Pangeran Mangkunagari | rèrèh nêntrêmkên sarira | anèng dhepok Samakaton | dahat musakat kasrakat | merang kasurang-surang | wirangrong darung-kalarung | wimbuh kabubuhing ujar ||

2. dadya tan pêgat sêmèdi | minta nugrahaning Suksma | atilar dhahar myang sare | kunêng malih kawuwusa | kadi sarêng ing lampah | ananging gênti cinatur | kang anèng Burêng barisan ||

3. wau ta mayor kêkalih | sampun eca manahira | dene wus sirna mungsuhe | nadyan tan praptèng antaka | kêna ingaran sirna | uripe prasasat lampus | nora bisa lamun arsa ||

4. angadêgna baris malih | amung singidan kewala | lawan sagarwa putrane | tarub kabèh wong padesan | amung pangran satunggal | Mangkudiningrat kang juluk | arine Pamot Pangeran ||

5. sabên baris [bari...]

--- 45 ---

[...s] datan têbih | lawan barise kang raka | sapraptane tuwan mayor | dèrèng katon magut yuda | ing wartane wus nyata | Pringgalaya kalanipun | bêdhah Gubug Angin desa ||

6. pangeran lumayu dhêlik | bala bubar ting salêbar | umpêtan nèng wana bae | ajrih kapanggih ing janma | dadya matah parentah | tuwan mayor kalihipun | wadya kang badhe tinilar ||

7. sagung pêpacêkan mantri | kang kinèn baris pêpanthan | myang baris Panambangane | dèn êlih maring ing Taman | dragundêr kawan dasa | dene ta têtindhihipun | Alpèrès Wati kang nama ||

8. karsaning mayor kêkalih | Alpèrès Wati ingangkat | dadya litnan ing lungguhe | dene senapati Jawa | angrèh mantri pacêkan | Jayawikrama Tumênggung | lan Dêmang Surakartika ||

9. kang baris ing Kalikuning | senapatining Walônda | Alpèrès Kèbêr namane | uga wus ingangkat litnan | wadya kang pinilihan | mung dragundêr patang puluh | dene senapati Jawa ||

10. Dyan Tumênggung Rajaniti | kang angrèh mantri pacêkan | lan numbakanyar kaliwon | Angabèi Cakrajaya | tarub sagung arahan | sakathahe baris wau | mung kidul kang mawi Wlônda ||

11. ing Kamalon kang abaris | senapatining ayuda | mung sajuga bupatine | Dyan Tumênggung Naladirja | Ngabèi Jasamodra | lurah mantri tuwaburu | lan para mantri pacêkan ||

12. dene kang têngga Matawis | Tumênggung Jayawinata | lan [la...]

--- 46 ---

[...n] Wôngsayuda kanthine | baris jro bata Ngayogya | kabèh bumi Mataram | ingkang wolu likur èwu | arahane nèng Ngayogya ||

13. kang wetan winuwus malih | para mantri pêpacêkan | wetan Ngutêr sapangalor | narithik baris arahan | senapatining yuda | kilèn Matesih gènipun | Tumênggung Yudanagara ||

14. ing Banyumas lan Ngabèi | Môndaraka kanthinira | wus warata desa kabèh | dene tanah ing Kaduwang | Dipati Pranaraga | ingkang rumêksa ing kewuh | lan jampangi ing Sêmbuyan ||

15. wusnya gêlêm ing panggusthi | mayor bubarakên wadya | gumêrah swaraning kang wong | Adipati Pranaraga | sampun kinèn mantuka | gusis datan ana kantun | kang baris Burêng sadaya ||

16. wau ta mayor kêkalih | amangilèn lampahira | mariksa sakèh barise | laju dhatêng ing Mataram | panggih lan Jawinata | atilar parentah sampun | tigang dalu nèng Mataram ||

17. budhal wangsul ngetan malih | tuwan mayor kalihira | Tênangkus lawan Hondhorop | sampun santosa tyasira | mulat sagung barisan | lan wus têrang wartinipun | ngilange para pangeran ||

18. kèndêl baris Kalikuning | tuwan mayor sakalihan | Litnan Sakèbêr pondhoke | dalu samya pirêmbagan | Rajaniti ingundang | wus sinungan reyal satus | bêbisik gènnya wacana ||

19. kinon pados sirah kalih | kang anom bagus ing warna | sarta kang tatah [ta...]

--- 47 ---

[...tah] untune | Rajaniti atêtanya | tuwan karya punapa | nauri Hondhorêp Mayur | lah ta dèn mèndêl kewala ||

20. Dyan Tumênggung Rajaniti | samana sampun anduga | yèn ana gêlar badhene | sarwi mèsêm saurira | tuwan puniki kirang | êndhas roro reyal satus | êndhase kere kewala ||

21. mayor gumujêng nguncali | wêwahipun satus reyal | Rajaniti mêdal age | sapraptanira ing jaba | bisiki patihira | nuju wontên magangipun | magang kalang pamajêgan ||

22. warnanira langkung pêkik | pinatèn sampun tinigas | ngupaya ing satunggale | patih samana umiyat | sutane rôndha Bayat | akêcokan sêmunipun | anak radèn ing Têmbayat ||

23. anom warnane apêkik | pinatèn sampun tinigas | anèng jawi pondhokane | tan ana wong kang uninga | kuwônda kalih pisan | pinêtak ing Kaliwanglu | têbih saking pabarisan ||

24. sigra binêkta umanjing | pondhok ing satêngah rolas | duk mulat Tuwan Hondhorop | pêkik-pêkik ingkang sirah | dahat sukaning driya | anulya cinampur barus | dinalit langkung prayoga ||

25. wadhahe tong alit kalih | sami cinirenan sastra | kang satunggal Pangran Pamot | tinukup prang nèng Katongan | dene satunggalira | Mangkunagara kapupu | aprang anèng ing Papringan ||

26. Pangran Pamot duk kajodhi | tinukup [tinu...]

--- 48 ---

[...kup] anèng Katongan | dening Hogêndhorêp dhewe | Pangeran Mangkunagara | prang rina nèng Papringan | Hogêndhorêp lan Têngkus | kang samya ngawaki yuda ||

27. ing ratri Sakèbêr nuding | sareyan kinèn ngatêrna | kalih wêlas dragundêre | pacêkan mantri sakawan | turôngga tigang dasa | bêkta êtong mangkat sampun | kanthi sêrat mring Samarang ||

28. praptane Samarang nagri | linajêngakên kewala | surate mayor kalihe | mring Batawi katur jendral | pustaka wus kadriya | dahat sukarênanipun | jêng tuwan gurnadur jendral ||

29. duk samana anyarêngi | Mas Rôngga Tisnawijaya | milênggahkên prakawise | atur sêrat maring jendral | nêbut botên narima | sêrat tinupiksa sampun | mring rad pêni ing India ||

30. mangkana raosing tulis | tur uning kala pangeran | Mangkubumi sabalane | ambêdhah nagari Dêmak | Mas Rôngga atur wikan | nêdhaki tuwan kumêndur | praptane nagari Dêmak ||

31. pangran mingsêr dèrèng têbih | kumêndur anêrêng kuda | kurang titi pariksane | ingaran ature dora | Mas Rôngga ginêbugan | tuwan kumêndur gya wangsul | dhatêng nagari Samarang ||

32. môngka Pangran Mangkubumi | mung mingsêr nèng Godhong desa | wong Kumpêni sakantune | anglanggar prang têtumpêsan | sawusira kadhadha | dening radpêni sadarum | sêrat ature Mas Rôngga ||

33. rêmbage para idêlir | rad Kumpêni

--- 49 ---

ing India | mastani lêrês ature | Mas Rôngga Tisnawijaya | kumêndur tuhu nasar | kang mangkono datan arus | dadya pramodaning praja ||

34. ing sajroning nusa Jawi | wiwit ing jaman Mataram | durung ana pawartane | punggawa katiban gêbag | liya mantri kabayan | buwang tejaning prajagung | wong agung prentah anasar ||

35. karya apêsing ajurit | tangèh yèn bangkit unggula | mangkana kumpul rêmbage | rad Kumpêni ing India | kumêndur ing Samarang | Twan Teling kêdah ingundur | saking kalênggahanira ||

36. dene kang kinarya ganti | Mayor Hondhorop prayoga | awit wus kathah labête | mring Kumpêni ing India | miwah mring kraton Jawa | sri narendra asih tuhu | kang wong kumpulan wong Jawa ||

37. Gurnadur Jendral Batawi | wus karya surat parentah | nimbali mayor kalihe | myang kumêndur ing Samarang | wus mêsat kang dinuta | mring Samarang jujugipun | mangsuli kang winursita ||

38. wau tuwan mayor kalih | sawusnya mriksa barisan | ing kilèn laju mangalèr | kapanggih mantri wasesa | Dipati Pringgalaya | rêmbag bibarkên wadyagung | mayor laju mring Cangakan ||

39. prapta sajawining baris | Tumênggung Yudanagara | gurawalan pamêthuke | sawusira anjum asta | lajêng atata lênggah | Tuwan Hogêndhorêp muwus | kang kidul mungsuh wus sirna ||

40. amung katun[8] Sukawati | kang anglurug kasulayah | Yudanagara [Yudana...]

--- 50 ---

[...gara] saure | inggih tuwan kadiparan | kula prihatin dahat | kinêpung ing sabên dalu | rina tan bangkit sêsaba ||

41. mayor awacana aris | sudara para bupatya | inggih sakantun-kantune | kula ngalèrkên sadaya | nanging ta pintênbara | sagêd kesah raganingsun | saking nagri Surakarta ||

42. bok manawi kula bangkit | tumut-tumuta angrêmbag | prakawis mêngsah kang êlèr | yèn maksih nèng Surakarta | nadyan sampun uninga | botên bangkit milu-milu | mênèk milu kaluputan ||

43. Yudanagara nauri | inggih tuwan kadiparan | punapa wontên bedane | aranipun sami mêngsah | lawan sami santana | Tuwan Hogêndhorêp Mayur | nauri dhuh saudara ||

44. pasthi bêda Mangkubumi | sakawit dèn kaniaya | ing Sukawati lênggahe | ing ngajêng rinêbut ing prang | bêbea wutahing rah | nuntên kalakon rinêbut | dadya ganjaraning raja ||

45. sadèrènge Sukawati | kenging pinukul pangeran | wrata rinayudan kabèh | inggih dhatêng Martapura | pra bupati tan lawan | wong Jipang lan wong Madiun | Balora myang Jagaraga ||

46. ting paringis anjaginggis | dèn abên lan Martapura | botên wani sami mopo | sakèh wong môncanagara | dèn abên tan kaduga | Martapura prang calimut | ajuwêt tan ngangge môngsa ||

47. kongsi kangjêng sri bupati | dahat kawêkèn ing driya | gya dhawuhkên timbalane | sintên berat Martapura |

--- 51 ---

ginanjar Sukawatya | pangeran ngawaki pupuh | sagêd amungkasi karya ||

48. puniku mênggah Kumpêni | praptane turun limalas | botên liyan kang aduwe | lan malih kangjêng pangeran | tuhu kalêngkaningrat | sinatriya sudibyanung | môngka lajêring nagara ||

49. apa ratu kurang bumi | upami dèn lironana | nadyan kathaha kang darbe | kang darbe samya wong ala | dados abahan apa | Pangran Mangkubumi wau | duk maksih anèng nagara ||

50. dadya senapati jurit | sami enak wong sapraja | yèn nglurug urunan bae | sabên-sabên pra bupatya | mung panèwu nyatunggal | pangran lima mêngsahipun | samya kasêsêr ing yuda ||

51. suprandene tiyang Jawi | kolu akarya piala | wong bêcik dèn rubuhake | sayêkti puniku benjang | antuk pitulunging Hyang | nambungi Mayor Tênangkus | wong Jawa tanpa kanthia ||

17. Baris Kumpêni wangsul dhatêng Sala. Mayor badhe dipun bêsêli Patih Pringgalaya sarta Sindurja.

20. Kinanthi

1. dhuh sudara dyan tumênggung | sabên jinis mêsthi kanthi | darma tataning agama | mung wong Jawa tan praduli | dhatêng ing agamanira | marma apês ing ajurit ||

2. katôndha pratandhanipun | arsa numpês mring Kumpêni | agamane datan [data...]

--- 52 ---

[...n] kêna | wong abêcik dèn alani | parandene tan kasoran | mungsuh jitus wong Kumpêni ||

3. nêtêpi agamanipun | yêktine yèn barêkati | kathah bèntêning agama | nanging awon lan prayogi | sakèhe titahing Suksma | sayêkti sami ngênggèni ||

4. manthuk-manthuk Dyan Tumênggung | Yudanagara sarywa ngling | gih lêrês puniku tuwan | mangkana wus kalih ratri | mayor anèng Pacangakan | laju maring Sukawati ||

5. wontên kuda pitung atus | kang ngiring mayor kêkalih | nanging wong Jawa kewala | sakêdhik bala Kumpêni | mung dragundêr kalih wêlas | prapta wus surup hyang rawi ||

6. mayor kalih panggih sampun | lawan sang anindyamantri | Sindurja myang pra bupatya | rêmbagipun sampun dadi | bubar wangsul maring praja | Kapitan Kop lan apatih ||

7. ingkang tinanggênah kantun | mung kalih atus Kumpêni | senapatining ayuda | Litnan Balangkêr ing mangkin | jinunjung pangkat kapitan | dene wadyabala Jawi ||

8. bupati cacah sapuluh | ingkang dadya senapati | Tumênggung Kartanagara | bupati gêdhe lan malih | Tumênggung Mlayakusuma | bupati jawi panumping ||

9. amalih barisanipun | Mlayakusuma akanthi | satus kang bala Walônda | lawan wong Makasar Bugis | tindhih Balangkêr Kapitan | sakawan ingkang bupati ||

10. wontên sèkêt mantrinipun | tigang èwu gunging baris | manggèn nèng dhusun Sumêngka | ingkang anèng Gêbang kèri | Tumênggung

--- 53 ---

Kartanagara | senapatining ajurit ||

11. lawan wong Kumpêni satus | wus kalêbu Bugis Bali | Litnan Bal têtindhihira | sakawan kang pra bupati | mantri sèkêt winatara | tigang èwu gunging baris ||

12. wong desa ora na nungkul | tan ngangge pacêkan mantri | dadya lêlugu kewala | sami wongira pribadi | malah sabarang pinangan | sangune saking nagari ||

13. ing Gêbang Sumêngka sampun | tata rakit ingkang baris | mayor kalih sigra budhal | Kapitan Kop lan Dipati | Sindurêja saha bala | ing marga datan winarni ||

14. ing Surakarta wus rawuh | wong agung kang andon jurit | gumrah swarèng wadyakuswa | sasi Sapar kaping kalih | taun Be sangkalanira | pêksa wiku bahing bumi ||[9]

15. sami malêbèng kadhatun | sagung wong agung kang prapti | sowan ing jêng sri narendra | anjum asta mayor kalih | tanapi Êkop Kapitan | wus tata samya alinggih ||

16. nindyamantri nguswa suku | lan sagung para bupati | sang nata andangu warta | gènira amangun jurit | de kongsi satêngah warsa | Hogêndhorêp atur warti ||

17. ginalur sasolahipun | miwiti malah mêkasi | mayor malih aturira | pukulun jêng sri bupati | mêngsah prasamya umpêtan | sayah gèn amba ngulari ||

18. tyang padesan sampun tarub | sami tumut pacak baris | wus radin tilasing mêngsah | sirna de datanpa warti | pun Dipatya Pranaraga | sakancane tan sumiwi ||

19. amargi kawula [ka...]

--- 54 ---

[...wula] tuduh | rumêksa Kaduwang nagri | manawi mêngsah Sêmbuyan | wontên ingkang madêg malih | sayêkti lajêng ginêcak | dhatêng pun bapak dipati ||

20. nulya Kapitan Kop matur | pukulun jêng sang siniwi | amba ingkang nandhang tiwas | tan antuk têlukan siji | ing sabên dalu kinêpang | yèn rintên dèn kalèncèri ||

21. pangeran tan purun mêthuk | amilalu mring pasisir | aprang lawan pun Mayor As | anèng ing Dêmak nagari | Mayor As sawadyabala | Kumpêni atumpês tapis ||

22. ing Sukawati pukulun | barduwak agung ngêmasi | wusnya têlas aturira | prasami tinundhung mijil | praptèng loji tinututan | dhadharan saking jro puri ||

23. tan cinatur laminipun | praptane mayor kêkalih | nulya wontên sêrat prapta | saking Kumêndur Samawis | nimbali mayor kalihnya | têrang saking ing Batawi ||

24. tuwan mayor kalihipun | sigra sowan sri bupati | tur uning yèn tampi sêrat | tinimbalan mring Batawi | lamun kangjêng sri narendra | sampun kaparêng ing galih ||

25. Tênangkus Gêndhorêp Mayur | arsa umangkat tumuli | Hogêndhorêp matur nyêlak | pukulun jêng sri bupati | ambatur uningèng tuwan | nanging taksih nama wadi ||

26. inggih manawi panuju | kesah kawula ing mangkin | lajêng wisma nèng Samarang | pangangkah ulun wus lami | mung pangèstu jêng paduka | sri narendra ngandikaris ||

27. adhi sun paring pangèstu | yêkti katêkan sakapti | wit sabên [sa...]

--- 55 ---

[...bên] sun kirim layang | marang sagunging radpêni | tanapi gurnadur jendral | sira nora tau kari ||

28. kamot ing nawalaningsun | anaa undhakmu maning | de sira sêca rumêksa | marang panjênêngan mami | Hogêndhorêp sarikutan | ngusapi waspa drês mijil ||

29. kathah karaos tyasipun | gênging sih kadarman aji | mayor tabe amit mêdal | sapraptanira ing jawi | risang kalih mantrimuka | wus dangu nganti nèng loji ||

30. praptane Mayor Tênangkus | tabean lan patih kalih | sarwi mojar dhuh sudara | Pringgalaya Adipati | tuwin Dipati Sindurja | benjang ing sapungkur mami ||

31. kadi landhung ruwêtipun | talatah ing nuswa Jawi | sudara kalih kang karya | ruwêt rêntênging kang bumi | andhêku ulate pucat | risang kalih nindyamantri ||

32. langkung kumêpyur tyasipun | sigra anauri ririh | lah kadi punapa tuwan | kula sami tiyang alit | Tênangkus andik kang netya | mung gèdhèg datan nauri ||

33. ing batin Gêndhorêp Mayur | dahat sukane miyarsi | muwus dhawak tan kawêdal | ewuh rèhning kônca lami | mangkya Tênangkus angucap | amingkisakên wêwadi ||

34. Gêndhorêp nambungi wuwus | dhuh sudara dyan dipati | aluwung sami kondura | enjing wangsula mariki | wusnya tabe amit mêdal | sang adipati kêkalih ||

35. Pringgalaya alon muwus | suwawi paman dipati | rêmbagan nèng wisma kula | pun Tênangkus dènirangling | yêkti tan ngecani manah | Sindurêja [Sindu...]

--- 56 ---

[...rêja] anuruti ||

36. sapraptaning wisma laju | marang pakêbonan wuri | panakawane ginusah | amung pêpatihe kalih | rêmbage Sang Adipatya | Pringgalaya animbali ||

37. Suradipa kinèn ngêjum | mring mayor mrih sirnèng runtik | Sindurja anut kewala | pêpatihe gya nimbali | Suradipa wusnya prapta | pinulut lawan pêparing ||

38. dhinawuhan prêlunipun | kinon maripih kang ririh | mamrih pakolih dèn kêna | lilih lêjaring panggalih | ywa kongsi kadawa-dawa | Tênangkus dènira runtik ||

39. patih asung reyal nyèwu | Saradipa wus nampèni | lèngsèr sing ngarsa dipatya | laju tumamèng jro loji | mayor kalih nuju lênggah | Saradipa matur aris ||

40. punika reyal rongèwu | saking ing pêpatih kalih | bêktine katur ing tuwan | môngka panêbasing runtik | Mayor Tênangkus miyarsa | kumêjot padoning lathi ||

41. sru bêngis pangucapipun | akale wong apa iki | sêdyane darung andadra | lupute tinêbus picis | tobat niyat marènana | mung nêdya ginawa mati ||

42. hèh Saradipa wong iku | patih apa sira rani | matur môngsaborong tuwan | kula tan sagêd mastani | Tênangkus malih lingira | iku pêpatih trayoli ||

43. awit dene lakuningsun | jênêngi sarta ngawaki | yuda anirnakkên mêngsah | Hogêndhorêp kang darbèni | bubuhan umagut yuda | dene ta mungsuh kang lami ||

44. kang kacatur kang kadhapur |

--- 57 ---

sakabèhe sirna ênting | datan amôngga puliha | Hogêndhorêp lawan mami | kang amapas dadya kentas | tatas rantas rontang-ranting ||

45. mung mungsuh susulan iku | Jêng Pangeran Mangkubumi | panggawene Pringgalaya | ingkang ambôndakalani | nora nganggo bobot timbang | wong angakal ngukil-ukil ||

46. dadi tan ana wisipun | talêtuh ing nuswa Jawi | saanane Pringgalaya | lamun nora mêmarèni | iki reyale balèkna | nora ngupa-upa mami ||

47. prapta tanah Jawa ingsun | pinarcayan magut jurit | mungsuh kang pinêlêng sirna | dene mungsuh kari siji | tan wurung abot sinôngga | kang nglurug pasthi jêginggis ||

48. hèh Saradipa sirèku | dèn kêbat gonira bali | nadyan ratri lumakua | sun tan sotah reyal iki | iya dudu reyal lanang | reyal tan arus tur nisthip ||

49. dudu jarahaning mungsuh | dudu panganing prajurit | iki pangane pra setan | Ki Saradipa nulyamit | mêdal praptèng Pringgalayan | wus panggih pêpatih kalih ||

50. matur relay[10] sinung wangsul | kang kinarya nirêp runtik | samya jêtung duk miyarsa | Ki Saradipa tiniti | paranbaya wuwusira | Tênangkus duk sira prapti ||

51. Saradipa aturipun | makatên mayor dènnyangling | apa wong Jawa tan wikan | pasêmon wong siji-siji | boting abot bobot agal | nora wruh gambuh ing jurit ||

--- 58 ---

18. Pangagêng Walandi ing Sala santun oprup, Pangeran Mangkunagara nglajêngakên lampah badhe sowan ingkang rama Pangeran Mangkubumi.

21. Gambuh

1. kuwur pating galuyur | ing pamikir mamak ngawur-awur | yèn Kumpêni Pangeran Amangkubumi | nyawah ana pitung èwu | salêksa sanadyan wuwoh ||

2. yêktine luwih patut | môngka sawahe mung têlung èwu | têka nora wong Jawa bisa ngalingi | duk dinangu mring gurnadur | tutur galur mrih dèn êlong ||

3. pangeran iku besuk | iya lamun wurung dadi ratu | yêkti dadi prajurit punjul ing bumi | pamunahing satru mungsuh | nglêlanangi ing palugon ||

4. sathithik lagi thukul | gone ngudang kadang sang aprabu | winurungkên saka akale si drêngki | jail muthakil dalurung | toging êdon nora jegos ||

5. mung melik kang kaetung | kalong sathithik bae kaduwung | nora wurung yèn kalongan akèh benjing | wong karyewuh nêmu ewuh | wong karyasor nêmu asor ||

6. makatên wuwusipun | nguwus-uwuse Mayor Tênangkus | saking tiwas paduka ingaran jail | wasananing rèh tan wêruh | pikir ngawur tan binobot ||

7. dipati kalih jêtung | dhêlêg-dhêlêg duk ngrungu pitutur |

--- 59 ---

wusnya têlas ture Saradipa amit | nindyamantri kalihipun | anutuh kang wus linakon ||

8. ing dalu tan winuwus | enjangira Twan Mayor Tênangkus | lawan Hogêndhorêp bidhal saking nagri | ingatêr juga tumênggung | mring Samarang bupati jro ||

9. kaparak kerinipun | Nitinagara Radyan Tumênggung | sarèhira jajar panèwu myang mantri | patih kalih ngatêr laku | nging wangsul Ngampèl kemawon ||

10. prapta Samarang sampun | panggih kumêndur anulya banjur | mring Batawi lan kumêndur ing Samawis | datan kawarna ing laut | ing Batawi sampun rawoh ||

11. marêk ngarsèng rat agung | dhinawuhkên karsane gurnadur | wus mupakat sagunging para radpêni | yèn dadi Amral Tênangkus | dadya Gupêrnur Hondhorop ||

12. nèng Samarang pilungguh | dene Kumêndur Teling ingundur | kang gumantya mayor Surakarta nagri | Hogêndhorêp ingkang lungguh | Petor Juwana kang kinon ||

13. Gêndhorêp wus tinundhung | sarta sinung srat katur sang prabu | tur uninga Hogêndhorêp nèng Samawis | Surakarta gêntosipun | ing Juwana Tuwan Petor ||

14. wus umangkat gupêrnur | saking Batawi lumakyèng laut | duk samana ing Samarang sampun prapti | mêmatah parentahipun | marang kang gumantya mayor ||

15. Pêtor umangkat gupuh | saking Samarang kang ngatêr dlanggung | Dyan Tumênggung Nitinagara sang mantri | praptèng Surakarta sampun | lajêng tumamèng

--- 60 ---

kadhaton ||

16. wus sowan jêng sang prabu | Petor Juwana ngaturkên gupuh | surat saking jêng gurnadur ing Batawi | kadhadha suraosipun | Petor têtêp dadya mayor ||

17. mayor gya amit mêtu | lagya pitung ari praptanipun | sakit boyok dèrèng nindakakên kardi | pêndhak Sênèn mêndhanipun | bangkit manggihi dhêdhayoh ||

18. nulya kaêlut murus | sabên ari tan pêgat umangsur | kongsi gangsal côndra saya angranuhi | dadya katur mring gupêrnur | yèn sakite mayor dados ||

19. gupêrnur nuju sampun | gêgêntine Surakarta mayur | pinilihkên kang wus kulinèng wong Jawi | sarta pinapangkat oprup | inggih Piskal Totlomondo ||

20. duk puniku witipun | panggêdhene Wlônda nama oprup | wus sakeca tyase kang para bupati | dene kônca lami wangsul | Tuwan Oprup Totlomondo ||

21. kunêng malih winuwus | ingkang sawêg singidan nèng gunung | momor caktrik[11] Pangeran Mangkunagari | anggung dènira manêkung | ciptane gêlêng gumolong ||

22. sabên ratri pitêkur | anèng jurang pèrèng kang asamun | angêningkên cipta mindêng maring jati | jati-jatining kang putus | putusing kawruh ambontos ||

23. saking nêmên tinêmu | prapta nugrahaning Hyang dhumawuh | wus binuka kawruh wêkasing dumadi | anarawang barang laku | laku kang arsa linakon ||

24. dadya manusa punjul | amunjuli samaning

--- 61 ---

tumuwuh | dene sampun bangkit amêngku mêngkoni | gya amit arsa tumurun | sang pandhita wus rumojong ||

25. pangran sigra tumurun | sêdyanira laju arsa nusul | mring kang rama Jêng Pangeran Mangkubumi | abdi nênêm datan kantun | mlampah mlipir jurang sigrong ||

26. pêpèrèng-èrèng gunung | alon-lonan bok kawruhan mungsuh | kang abaris kilèn ardi wus miyarsi | ting kalêsik undhangipun | badhe angadhang nèng Pancot ||

27. wus umangkat rumuhun | pacêkan mantri têtindhihipun | apêparab Singamênggala Ngabèi | rowangipun wontên satus | sampêt piranti prang popor ||

28. pangeran dupi langkung | ingêlokkên lah payo ya iku | payo-payo wong desa prasamya titir | gêndhong kênthongan ambarung | titir kothekan lir lampor ||

29. surak alok gumuruh | wong padesan kang prapta barubul | ting kalonthang gantar ganthol kang cinangking | canggah bêndhe towok wadung | ana kang amikul bronjong ||

30. pangeran duk andulu | kèh wong ngadhangi surak gumuruh | anêmpuh byat jroning tyas aderah pati | mlipir nêrak barisipun | saya gumêrah wong alok ||

31. lah payo wetan kidul | êlor kulon nangkêbana gupuh | kinakalang kinêpung têpung bathithit | ana kang ngêthungkên wadung | wênèh canggah ganthol towok ||

32. bandhil brangkolang mamprung | sinawatkên pangran kang kinêpung | nanging datan ana wani amrêpêki |

--- 62 ---

mung alokira kumruwuk | surak kang wetan myang kulon ||

33. mantri têtindhihipun | aparentah canggahên dèn gupuh | wong padesan ingkang kinon samya ajrih | dene pangran nêrak purun | angasta lawung cinoncong ||

34. pangeran abdinipun | ting palinguk dhêlêg lênguk-lênguk | samya nangis sarwi awacana manis | bandara lan raganingsun | apa datan katon uwong ||

35. gêmblunge saya dlarung | wong desa iki ngarakat purun | binabêrêg lir ngitêr buron wanadri | pangeran kalane ngrungu | ngêrês ing tyas karêraos ||

36. sèlèh lawung manêkung | tan antara dhêdhêt riris têdhuh | gêtêr patêr prapta kang maruta tarik | mêsês bajra lita lesus | kumrusup kayon gumêrot ||

37. adrês praptaning jawuh | wor prahara swarane gumrubug | alimêngan gora rèh kagiri-giri | kang ngêpung uwur kabawur | kadrêsan liris dharodhog ||

38. bênggang gènira ngêpung | pangran saabdine sigra laju | wong padesan nora ana kang udani | wusnya têbah lampahipun | nulya têrang punang jawoh ||

39. padhang kadi duk wau | wong kang ngêpung samya ting palinguk | dene ingkang kinêpung suwung tan kèksi | angupaya ting bilulung | apan sarwi alok-alok ||

40. nanging kêmba lokipun | awit tan wruh pangran purugipun | kang bêbujung prasamya kecalan lari | dadya kèndêl samya jêtung | kunêng malih winiraos ||

41. pangeran kang binujung | dungkap prapta

--- 63 ---

ing Têlahab dhusun | sangêt sayah prasamya mêtêki wêntis | gaib karsaning Hyang Agung | tuhu yèn akarya gawok ||

42. môngka pracina[12] tuhu | lamun pangran têmbe dadya luhur | ing saparan rinêksa dening Hyang Widhi | wontên wong pêpitu rawuh | kêkapalan saking êlor ||

43. pangeran kagyat dulu | nyana wong mêgati arsa nubruk | dupi cêlak angaturakên turanggi | pangran dèrèng nate wanuh | wong pitu aturnya alon ||

44. dipun enggal pukulun | lampah paduka arsa anusul | ing ramanta Jêng Pangeran Mangkubumi | maksih nèng Dêmak kang kidul | ajêng-ajêngan lan mungsoh ||

45. pangeran sampun laju | nitih kuda lan saabdinipun | sarêng nolih wau wong kang sung turanggi | sampun tan wontên kadulu | pangeran angandikalon ||

46. kang asung kuda mau | wong ing ngêndi mêngko tan kadulu | Dyan Tumênggung Kudanawarsa nauri | lah sampun paduka wuwus | gaib pitulung Hyang Manon ||

47. wus lajêng lampahipun | praptèng Têlahab kèndêl nèng ngriku | wontên wonge Kudanawarsa kapanggih | Jiwaraga namanipun | praptane bêkta sêsugoh ||

48. abdi nadhah sadarum | nanging tan dhahar pangeranipun | amung mucang lan dhahar panganan kêdhik | asarèh tan ana mungsuh | kang bêbujung sampun adoh ||

49. Ki Jiwaraga matur | inggih paduka ngalèra kumpul | lan ramanta Jêng Pangeran Mangkubumi | sampun kathah balanipun | pikukuh kèh prawiranom ||

--- 64 ---

19. Pangeran Mangkunagara kapanggih Pangeran Mangkubumi, lajêng kaêtêrakên wangsul mangidul.

22. Sinom

1. mangke kang baris Sumêngka | myang baris Gêbang prasami | tan wontên sagêd sêsaba | kinêpung dèn kalèncèri | wong ewon tanpa kardi | mangkana sasampunipun | rêrêm pangran umangkat | ngalèr margèng ngiring-iring | jurang pèrèng asirung sampun kawuntat ||

2. saari dènnya lêlampah | anjog tanah Sukawati | tinakonan wong padesan | ngaku caraka tinuding | Pangran Mangkunagari | maring Dêmak nyuwun bantu | inggih dhatêng kang rama | wong desa ngluluskên sami | pangran nyare anèng Malela sabrangan ||

3. enjinge ngalèr anabrang | aris dènira lumaris | yèn kèndêl ngambah padesan | wong desa samya ngaturi | sêsêgah warni-warni | saari dènnya lêlaku | ratri nyare Baluthah | pangeran miyarsa warti | lamun garwa putranipun ingkang rama ||

4. wontên dhusun ing Gêlagah | samadyaning Kêndhêng wukir | Pangeran Mangkunagara | sigra nênggêl nacak wukir | ing Gêlagah wus prapti | Brajadênta kang atunggu | lan Radèn Tambakbaya | tigang atus kang turanggi | Tambakbaya Brajadênta tur uninga ||

5. mring kang bibi jêng pangeran | ran Mas Ayu Tejawati | lamun ingkang wayah prapta | Pangeran Mangkunagari |

--- 65 ---

mêntas kasor ing jurit | karisakan balanipun | arsa sowan kang rama | samangke wontên ing jawi | Tejawati alon dènira ngandika ||

6. mara enggal timbalana | Tambakbaya sigra mijil | pangeran wus ingaturan | saabdinira tan kari | sapraptaning ngarsaglis | angabêkti eyangipun | mas ayu angandika | adhuh nyawa wayah mami | dene sira kongsi anandhang kasrakat ||

7. kang wayah nêmbah turira | awit kasoran ing jurit | tinukup wontên Papringan | dhatêng pun mayor kêkalih | gusis kongsi balindhis | prabot prang tan wontên kantun | mila ngungsi ing rama | mangkê rama wontên pundi | angandika kang eyang Mas Ayu Teja ||

8. kulup ing samêngko lagya | ambêdhah Dêmak nagari | lawase wus kalih côndra | ênggone anèng pasisir | si adhi apa maksih | ya Sanawati eyangmu | pangran matur pun eyang | taksih sugêng anèng wukir | wusnya tigang dalu pangran nèng Gêlagah ||

9. arêmbagan karsanira | Tambakbaya kinon ngiring | nusul kang rama mring Dêmak | ingkang eyang anjurungi | Mas Ayu Tejawati | angandika jroning kalbu | bocah iki ing benjang | aja tanggung dadi kanthi | adhaupa antuk arine priyôngga ||

10. ri sampunira samêkta | pangeran ngaras pada mit | sigra budhal gêgancangan | Tambakbaya kang umiring | sirna bêbayèng margi | lamun ratri rêrêp dhusun | enjangipun lêlampah | prapta ing Warung nagari | bupatine suwêng

--- 66 ---

dhèrèk maring Dêmak ||

11. pangeran apirêmbagan | kalamun arsa pêpanggih | lawan Pugêr Adipatya | maring Garobogan nagri | Tambakbaya ngrojongi | lajêng pisah anèng Warung | wau Dyan Tambakbaya | angalèr ngilèn lumaris | jêng pangeran ngilèn lêrês lampahira ||

12. sapraptaning Garobogan | anulya têtakèn warti | Dipati Pugêr barisnya | wong padesan tur udani | yèn Pugêr Adipati | baris anèng Sumbêr

dhusun | têngga kitha Grobogan | lan jampangi Sukawati | sigra laju lampahnya mring Sumbêr desa ||

13. wus panggih sang adipatya | rinangkul dipun tangisi | dene dahat kasangsaya | wusnya lêjar sang dipati | matur anggèr samangkin | ngantia ngriki karuhun | awit rama paduka | kadi-kadi nuntên prapti | arsa têdhak atêtinjo baris Gêbang ||

14. kalawan arsa mêthuka | rama padukarsa prapti | inggih Jêng Pangeran Rôngga | nêdya sabiyantu budi | sigêg gênti winarni | Tambakbaya lampahipun | praptane kitha Dêmak | laju tur uninga gusti | yèn kang putra Pangeran Mangkunagara ||

15. prapta nusul ing samangkya | nunggil Pugêr Adipati | pangeran sigra utusan | dhumatêng sang adipati | ywa obah goning baris | pangeran umangkat ngidul | praptane kilèn Gêbang | lajêng umagut ing jurit | baris Gêbang ingamuk prang kuthetheran ||

16. anêsêg pangêdrèlira | Jêng Pangeran Mangkubumi | ngêsuk ngungkih saha bala | Kumpêni [Kumpê...]

--- 67 ---

[...ni] rolas kang mati | sakêdhap angunduri | ngidul ngilèn karsanipun | mêthuk Pangeran Rôngga | baris Gêbang duk ningali | mambu ilu pangrasane binalenan ||

17. maras miris tansah uwas | dhadhal angidul lumaris | kêbut mring Garompol desa | kang baris Sumêngka maksih | Mlayakusuma tindhih | lan Wiraguna Tumênggung | Tumênggung Ônggawôngsa | Mangkupraja lawan malih | kalimane Dyan Tumênggung Natayuda ||

18. Tuwan Balangkêr Kapitan | bitinge santosa trêtip | galugu rangkêp sakawan | panggenan mriyêm miranti | Pangeran Mangkubumi | pamêthuke tan kapêthuk | Kangjêng Pangeran Rôngga | mring kang raka anyidrani | wangsul ngalèr pangeran sabalanira ||

19. praptèng tanah Garobogan | ing Ramun kang dèn sanggrahi | Dipati Pugêr gya sowan | lan Pangran Mangkunagari | praptèng ngarsa ngabêkti

| carocosan waspanipun | kang rama nênggak waspa | kamiwêlasên ningali | gya rinangkul kinuswa lungayanira ||

20. dinangu pangran aturnya | dhuh rama musthikèng bumi | budiman amartotama | kotamane angayomi | ngayomi sining bumi | satatane tyas pinutus | kontap prawirèng yuda | pêpundhèning pra bupati | Sukawati pasisir môncanagara ||

21. pukulun mila kawula | milalu nandhang prihatin | awit duk wontên Papringan | tinukup dening Kumpêni | bala dèrèng arakit | laju kinarakat purun | kinêpang kinakalang |

--- 68 ---

têmah kèthèr pothar-pathir | kuthetheran bala ambyar ting salêbar ||

22. singa panggah kasulayah | dadya giris miris ngisis | boga busana warastra | prabot kapraboning jurit | bebas rinampas tapis | sajuga tan wontên kantun | èsthining tyas kawula | ing nguni praptaning mangkin | datan liyan amung ngayom jêng paduka ||

23. marma ulun laju sowan | mung nêdya sêtya ngastuti | barang rèh karsa paduka | ngarah sumarah nglampahi | prapta ing lara pati | pangeran ngandika arum | kulup ingsun tarima | prasêtyanira mring mami | aywa susah sumaraha ing satitah ||

24. manawa iya manawa | ana pitulung Hyang Widhi | kang dhumawuh marang sira | wong tuwa wajib nuwani | ing mêngko karsa mami | sira ingsun atêr ngidul | mulih marang Kaduwang | sun galih kaya pakolih | mrih mêmulih wadyanira kang singidan ||

25. mangkana kangjêng pangeran | ing dina Wraspati Manis | akarsa miyos sinewa | aglar kang para bupati | dhawuh parênging galih | ing mangke santun jêjuluk | nama Kangjêng Pangeran | Adipati Sukawati | Senapatining Prang Pramuka Jayèngrat ||

26. sarta dhawuhkên timbalan | Bupati Dêmak ing mangkin | Dyan Tumênggung Suranata | jinunjung ingkang palinggih | saking ngandhap

manginggil | karsa pinaring jejuluk | Dipati Suranata | kang sewaka saur pêksi | kanthi suka gustine asantun nama ||

27. sansaya agêng tyasira | sagung bupati myang mantri | pangeran sigra dhêdhawah | ingkang [ing...]

--- 69 ---

[...kang] kantun têngga baris | tindhih Pugêr Dipati | lan Brajadênta Tumênggung | Brajamusthi Jadirja | Tumênggung Rêksanagari | myang ing Warung Ngabèi Kartanagara ||

28. punggawa ingkang binêkta | Tumênggung Suryanagari | Mas Rôngga Wirasêtika | Tambakbaya datan kari | Samadipura malih | Ranadiningrat Tumênggung | Dipati Suranata | mung Gadamastaka kari | jaga lamun Kumpêni prapta ing Dêmak ||

29. lamun gêdhe kinèn oncat | angumpul lan Adipati | Pugêr anèng Garobogan | ing Balora kinèn gitik | wusnya gêlêng kang pikir | atêngara budhalipun | saking Ramun angetan | praptèng Sela ngidul malih | kèndêlira wayah tidhêming baskara ||

30. nèng Malela masanggrahan | ngutusi sêlir kêkalih | dalu padhang sami nabrang | ing Malela kidul kali | Pangran Mangkunagari | wontên abdi katri nusul | wong ing Matesih desa | dadya sadasa kang abdi | wanci wijiling surya sigra budhalan ||

31. wontên sèwu tigang dasa | wadya wahana turanggi | Pangeran Mangkunagara | lawan sapuluh kang abdi | panggenaning lumaris | kalêrês nèng ngarsanipun | kang rama datan pisah | lan panakawan anunggil | ingkang sami ngampil-ampil upacara ||

32. samana ing lampahira | praptèng Karja pukul katri | rêrêb sami masanggrahan | kunêng ingkang samya baris | Môndaraka Ngabèi | Yudanagara Tumênggung | kang anèng Pacangakan | sampun amiyarsa warti |

--- 70 ---

yèn pangeran ngatêrakên ingkang putra ||

33. sigra angundhangi bala | dhadhal amangidul sami | ngumpul pabarisan Taman | ingkang amawi Kumpêni | baris cilik narithik | sadaya mawur sumawur | maring Taman anunggal | ing dalu datan winarni | enjang budhal kang makuwon anèng Karja ||

34. wong Matesih abdinira | Pangeran Mangkunagari | wruh bubar kang pabarisan | Pangeran ing Sukawati | sawadyakuswa prapti | ngatêrakên putranipun | samya saos sêsêgah | rakit kapraboning jurit | kêkumpulan mantri jêro mantri jaba ||

35. têdhakira Jêng Pangeran | Sukawati duk ing wanci | pukul sawêlas sawadya | prapta anèng desa Bangsri | para mantri Matesih | prapta sagêgamanipun | kapalan pitung dasa | ngirid sêgah warni-warni | jodhang tenong asêlur dulur tan pêgat ||

36. tumpêng tumpuk tumpa-tumpa | opor bèbèk panggang pitik | gumêlar kongsi balabar | jêruk salak jambu kawis | dhuku pijêtan manggis | durèn gowok lan kapundhung | kêpêl mundhu kaleca | maneka warna mêpêki | wajik jênang jadah lèmpèng nèng karanjang ||

37. pangeran suka tumingal | katonton trêsnaning abdi | lajêng ngaturkên ing rama | bêktinipun para mantri | Pangeran Sukawati | marwata suta andulu | abdine ingkang putra | sabiyantu samya prapti | angandika Pangeran ing Sukawatya ||

38. kulup iku

--- 71 ---

balanira | saosna ing ngarsa mami | kang padha trêsna ing sira | wusnya majêng gya tiniti | sinabdan arum manis | saatur-ature katur | punika abdi cêlak | ingkang têbih dèrèng prapti | cacahira sawêg kuda pitung dasa ||

39. antara êlêt sadina | wontên wadya malih prapti | samya wahana turôngga | sikêp kapraboning jurit | cacahe winatawis | kumpulipun kalih

atus | sawusnya tigang dina | nèng Bangsri anulya ngalih | masanggrahan urutipun dhusun Ngêmplak ||

40. kongsi ing samadya côndra | ingkang eyang lawan sêlir | kang kalanipun pangeran | asingidan marang wukir | tinitipkên wong dèsi | samana wus prapta nusul | myang wadya ing padesan | gili kapalan kang prapti | kumpulira kawan atus winatara ||

41. Tumênggunge uga prapta | samêkta kaprabon jurit | kang rama dhawuhkên budhal | kang putra sigra ngundhangi | wadyanira lumaris | nèng ngarsa dadya panganjur | angidul ingkang lampah | wanci diwasaning ari | prapta dhusun Palêksan amasanggrahan ||

42. sadalu enjinge budhal | ngidul minggah graning wukir | wau kang baris ing Taman | ing tyas sami sônggarunggi | dene Pangran Dipati | ing Sukawati mangidul | kathah kang wadyakuswa | sikêp kapraboning jurit | sigra nambur prajurit tan kêna obah ||

43. sami tata baris mêdal | Pangeran ing Sukawati | lampahe wus prapteng arga | Sêmbuyan makuwon [makuwo...]

--- 72 ---

[...n] sami | gya utusan nimbali | maring Ngumbul Sultan Dhandhun | kang rayi matur gêrah | Pangran Sukawati runtik | srênging karsa arsa dhatêngkên dêduka ||

44. Pangeran Mangkunagara | matur maripih mrih lilih | ywa kongsi kadawa-dawa | sêrêng runtiking panggalih | pangeran anuruti | mring kang putra aturipun | budhal saking Sêmbuyan | munggah tumurun ing wukir | laju ngilèn anjog bumi Pamasaran ||

45. kunêng kang maksih singidan | Pangeran Pamot miyarsi | lamun ingkang rama prapta | masanggrahan anèng Moki | sowan lajêng ngabêkti | ingaras lungayanipun | balane nusul kêmpal | wontên satus kang turanggi | ya ta Pangran Mangkudiningrat miyarsa ||

46. lamun ingkang rama prapta | Jêng Pangeran Sukawati | sigra sowan saha bala | sawontêne ingkang abdi | prapta lajêng nungkêmi | ing pada

sarwi rawat luh | kumpule kang gêgaman | tigang èwu malah luwih | wuwuh-wuwuh wadyane para pangeran ||

47. nulya ngalih pasanggrahan | anèng dhusun Pucangsawit | myarsa yèn Kumpêni Taman | Kalikuning arsa prapti | pangeran tata baris | wus rinakit balanipun | nèng ara-ara wiyar | badhe pamêthuking jurit | ingantenan kongsi diwasaning surya ||

48. Kumpêni tan ana prapta | pakuwone sigra ngalih | nèng Pagêr gêlêngkên rêmbag | badhe mukul ing Matawis | nèng Pagêr tigang ratri | enjang têngara gumuruh | budhal kang balakuswa | balabar mênuhi [mênuh...]

--- 73 ---

[...i] margi | marga agêng kang kambah kèbêkan wadya ||

49. saari dènnya lêlampah | kèndêl Kamalon sawêngi | enjing atêngara budhal | karsa manjing ing Matawis | ing Parambanan prapti | ingkang minôngka panganjur | Pangran Mangkudiningrat | sampun malêbèng Matawis | pra pangeran sakawan angguladrawa ||

20. Pangeran Mangkubumi anggêbag Mataram, botên angsal damêl lajêng mangalèr, nêluk-nêlukakên, dumugi Grobogan, Blora, Jipang.

23. Dhandhanggula

1. ya ta wau lampahira prapti | amakuwon pangeran sakawan | sawetaning Pasar Gêdhe | wadyanira gumuruh | wong padesan dipun rayahi | gègère apuyêngan | duk angsal sadalu | angilèn arsa umangsah | nocok bata kang putra wus dèn dhawuhi | Pamot Mangkudiningrat ||

2. saking êlèr gènnya magut jurit | Pangran Dipati Mangkunagara | saking wetan umangsahe | kang kabêbahan kidul | Adipati ing Sukawati | wusnya rakit gya surak | swarane gumuruh | majêng marêpêki bata | binêdhilan saking sanginggiling biting | wadya kathah kabranan ||

3. punggawane Pangran Sukawati | Rôngga Wirasêtika kabranan | kêna mimis ing kempole | winuwung saking panggung | bêdhil pistul tan [ta...]

--- 74 ---

[...n] anggop muni | kang ngrangsang kapurancang | buncur ting galuyur | binandhêman bata sela | dadya mundur wadyabala Sukawati | giris mimis lir jawah ||

4. datan kongkih dèn ungkih ing jurit | lawang roro mriyême nyakawan | miranti obat mimise | mangkana undhang sampun | Jêng Pangeran ing Sukawati | tuwin kang para putra | undure mangidul | kèndêl dhusun Kapurancak | masanggrahan sadalu budhale enjing | ngalèr anjog ing Warak ||

5. wadyabalanira ngrayah sami | kalih ari anèng dhusun Warak | enjang angetan budhale | gantya ingkang winuwus | baris Taman lan Kalikuning | angumpul anèng Gondhang | sakumpêninipun | dragundêre wolung dasa | Litnan Kèbêr lawan Tuwan Litnan Wati | myang bupati sakawan ||

6. Jawikrama lawan Rajaniti | Yudanagara myang Naladirja | wontên salawe mantrine | kumpule kudanipun | wontên wolung atus watawis | tan cinatur kang dharat | rêmbag arsa mêthuk | wus samêkta gya budhalan | ngadhang kidul ing Kêmbang nulya kaèksi | baris kang mlampah ngetan ||

7. Litnan Sakèbêr samya prajanji | lawan para bupati sakawan | dalah sapara mantrine | singa ninggal lumayu | aywa nganti nêmu basuki | gêlêng golonging sêdya | Kumpêni gya nambur | mungsuh pinêdhot ing têngah | Tuwan Litnan Sakèbêr mangsah angungkih | kang tinêrak samana ||

8. nuju Pangeran Pamot kang baris | binendrong [bi...]

--- 75 ---

[...nendrong] ing sanjata wus dhadhal | Sakèbêr angamuk dhewe | anyakot lambenipun | kongsi nêdhas rahira mijil | malêdug kang tinunjang | wau garwanipun | Pangeran Pamot kapêlak | dhawah saking turôngga dèn parêpêki | mring Sakèbêr cinandhak ||

9. Pangran Adipati Sukawati | angandhêgi kang lumayu samya | kinèn ngungsi nèng wurine | dadya campuh atêmpuh | rame ulêng dènira jurit | Pangran Mangkudiningrat | wus têbih katawur | Pangeran Mangkunagara | sigra wangsul miyat ingkang rama jurit | anadhahi Walônda ||

10. wong Kumpêni kalih ingkang mati | tatu satunggal wong Sukawatya | kasaput dalu yudane | anulya samya mundur | Jêng Pangeran ing Sukawati | lawan Mangkunagara | ngalèr lampahipun | Pamot lan Makudiningrat[13] | pan katawur lumayu madyaning jurit | tan adangu samana ||

11. Pangran Pamot kapanggih ing margi | namung Pangeran Mangkudiningrat | tan ana wruh ing puruge | wau ta lampahipun | diwasaning hyang bagaspati | prapta ing dhusun Kopat | amakuwon sampun | Pangeran Mangkudiningrat | wus kapanggih sawadyabala umiring | enjang sigra budhalan ||

12. samya aris dènira lumaris | pukul tiga jawah angin prapta | pangran rêrêb sabalane | anèng dhusun Lêmuru | sakilèning Dêlanggu margi | prasamya pirêmbagan | mamrih pêncaripun | ing baris aja anunggal | adhêdhawah Jêng Pangeran Sukawati | kulup Mangkunagara ||

--- 76 ---

13. sira balia mangetan maning | kulup Pamot lan Mangkudiningrat | balia mangidul manèh | dèn pêncar aja kumpul | padha madêg baris pribadi | nêmbah pangran têtiga | sandika turipun | wijiling baskara budhal | pêpisahan Jêng Pangeran Sukawati | mangalèr saha wadya ||

14. mêdal margi agêng ingkang baris | kunêng nagari ing Surakarta | wusnya atas pamyarsane | pangran sawadyanipun | saking Dlanggu ngalèr lumaris | paran ingkang kinarsan | nindyamantri gupuh | lawan oprup pêparentah | maring wadya asiyaga pacak baris | ana ing lurung aglar ||

15. mantri pacalang atur udani | lamun Pangeran ing Sukawatya | laju mangalèr lampahe | wadyakoswa asêlur | badhe kèndêl tinawas warti | tiniti kang pacalang | dening tuwan oprup | wusnya têrang pêparentah | angundhangi bibarkên wadya kang baris | winarna Jêng Pangeran ||

16. Adipati Sukawati prapti | ing Pawêdhèn Majênang parentah | Suranata sabalane | kinèn ngalèr akumpul | barisipun Pugêr Dipati | myarsa Kumpêni prapta | angatêr Tumênggung | ing Dêmak Martanagara | lawan Wiranagara wong Dêmak sami | kang lèr suyud Walônda ||

17. mung kang kidul tan anut Kumpêni | anut Adipati Suranata | Gadamastaka kalihe | inggih pangidhêpipun | wong ing Dêmak ingkang sapalih | Dipati Suranata | bidhal ngalèr sampun | nusul Pugêr Adipatya | ngalèr ngetan ri sampunira [sa...]

--- 77 ---

[...mpunira] pêpanggih | nèng barisan Malowa ||

18. pêpak andhèr sagunging bupati | Pangran Tumênggung Gadamastaka | ugi anunggil barise | mêntas andon anglurug | bêdhah ingkang Balora nagri | Tumênggung Wilatikta | Balora wus ngumpul | Suranata awêwarta | yèn pangeran masanggrahan Pêlêm dèsi | wusnya rêrêp watara ||

19. Adipati Pugêr myarsa warti | wontên Kumpêni saking ing Jipang | ngrêbat Balora sêdyane | dipati undhang sampun | angirabkên sagunging baris | Rôngga Wirasêtika | ingkang atut pungkur | Pangeran ing Sukawatya | wus miyarsa sigratur uningèng gusti | lamun Bupati Jipang ||

20. kanthi tigang atus Bugis Bali | dragundêre amung pitung dasa | nèng Darapulu barise | sandi arsa mangrêbut | ing Balora nanging pawarti | arsa nêmpuh pangeran | pangran ngandikarum | hèh Rôngga sira karia | lan Jadirja sakancanira dèn bêcik | ingsun ngalor tumêdhak ||

21. punggawa papat bae kang ngiring | sira kabèh padha akaria | kêpungên Sumêngka bae | pangeran budhal sampun | ngalèr ngetan anjog ing Silip | Dipati Pugêr prapta | lan sakancanipun | anèng sakilèn Balora | pangran kidul wetan Balora abaris | wêwêngkon tanah Jipang ||

22. wong Kumpêni pan lagya lumaris | pinêthukkên sajawining wana | ginêlaran ing yudane | cêlak lajêng acampuh | wong Kumpêni asru ngêdrèli | tarung amung sakêdhap |

--- 78 ---

lajêng sami mawur | wadyabalane pangeran | mawurira malbèng wana nganan ngiri | anggubêd maring wuntat ||

23. laju nêmpuh kotbuta mangungkih | Bali Bugis Jawa kang tinrajang | puyêngan gugup agègèr | arame campuhipun | pangerane ngawaki jurit | dangu ulêng-ulêngan | mungsuh Jawa sumyur | mawur katawur lumajar | dragundêre dèrèng sagêd anulungi | kasêlut papanira ||

24. Bali Bugise kathah ngêmasi | kalih atus anulya dèn tilar | awor gêlasah bangkene | angetan lampahipun | Jêng Pangeran ing Sukawati | sawadya masanggrahan | anèng Darapulu | pangeran sigra utusan | andhawuhi marang Pugêr Adipati | myang sagung pra bupatya ||

25. kinèn wangsul amangidul malih | baris anèng tanah Sukawatya | ambêbidhunga barise | Kumpêni kang kêkuwu | nèng Sumêngka akarya biting | kang kinon gya budhalan | wau kang winuwus | Jêng Pangeran Sukawatya | amiyarsi yèn Bupati Jipang baris | wontên ing Pagêrwaja ||

26. cucuking prang sutane bupati | nama Dyan Panji Kartawijaya | Bulukumêndhung barise | wontên dêdamêl sèwu | sakantune bala Kumpêni | ajrih wangsul mangetan | ngidul ngilèn laju | nunggil baris ing Sumêngka | jêng pangeran lajêng mangetan lumaris | prapta Jêruk samana ||

Nyandhak jilid 3.

--- [0] ---

Isinipun

--- [0] ---

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. kalantaka. (kembali)
3. Teks asli: Pucung. (kembali)

4. Kurang satu suku kata: anglir pendah Rajaputra Dwarawati. (kembali)
5. palastra. (kembali)
6. ngintun. (kembali)
7. bêdhil. (kembali)
8. kantun. (kembali)
9. Sengkalan: pêksa wiku bahing bumi (2 Sapar 1672 A.J., 14 Februari 1747 A.D.). (kembali)
10. reyal. (kembali)
11. cantrik. (kembali)
12. pracihna. (kembali)
13. Mangkudiningrat. (kembali)

Serie No. 1259b

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 3.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Pangeran Mangkubumi anggêbag Mataram, botên angsal damêl lajêng mangalèr, nêluk-nêlukakên dumugi Grobogan, Blora, Jipang.[1]

27. pan kapêthuk wong Bali satunggil | Bali bule nama Yudaningrat | sowan suwita sêdyane | lamun kalilan sanggup | ngirit bêkta kancane malih | wong Bali kawan dasa | dèn ajak sêdarum | sêdyane sampun tinampan | jêng pangeran nuduh punggawa anggitik | baris ingkang pangarsa ||

28. Radèn Tambakbaya kang nindhihi | kanthi Tumênggung Ranadiningrat | budhal sawadyabalane | praptèng Bulu Kumêndhung | lajêng campuh rame ajurit | Panji Kartawijaya | sinêrot lumayu | rowange mati limalas | sampun bêdhah ing Bulu Kumêndhung baris | ngungsi ing Pagêrwaja ||

29. Bulu Kumêndhung wus dèn êbroki | prapta malih Bali Yudaningrat | lawan têtiga kancane | dene kang patang puluh | sagah sami mêthuk ing margi | lamun pangeran têdhak | dhatêng Majaranu | wusnya kalih dalu budhal | saking Bulu Kumêndhung arsa anggitik | kang baris Pagêrwaja ||

30. Pangran Adipati Sukawati | anèng marga nampèni cundaka | yèn Petor Grêsik upase | mantri Tuban Sadayu | kait nungkul biyantu budi | pangran sigra utusan | kanthi sêrat dhawuh | mring kalih Bupati Jipang |

--- 4 ---

wus umêsat caraka tan dangu prapti | barisan Pagêrwaja ||

31. sêratipun sampun dèn tampèni | dening Tumênggung Mangkunagara | Wôngsanagara kalihe | kadhadha raosipun | amangsuli tumênggung kalih | maring mantri caraka | kônca dika matur | gènipun kangjêng pangeran | paring dhawuh sayêktine kula pundhi | nanging dipun sarônta ||

32. kula raos-raosipun dhingin | sanès ari kula atur wikan | gêlênge kônca rêmbuge | caraka nulya wangsul | saungkure bupati kalih | prasamya pirêmbagan | sakecaning laku | nungkul miwah mapag yuda | lan têlike dinangu tiniti-titi | kathahe balakuswa ||

33. turing têlik nêmatus tan luwih | kêkapalan kang dharat sanambang | baris Pagêrwaja kabèh | tri èwu wolung atus | gunggungipun cacah prajurit | pan sèwu kapat bêlah | kêkapalanipun | rongèwu tri atus dharat | para mantri duk myarsa aturing têlik | rêmbag amapag yuda ||

34. wênèh rêmbag dèn rèrèh kariyin | suraosing srat samya rinasa | ginagas mrih sakecane | Mangkunagri Tumênggung | sigra maos kang ponang tulis | mangkana wuryanira | pèngêt layang ingsun | Jêng Gusti Pangran Dipatya | Sukawati senapatining ajurit | ing pramuka jayèngrat ||

35. dhumawuha mring karo bupati | kang abaris anèng Pagêrwaja | ingsun sung wêruh wiyose | kalamun arsa rawuh | dèn abêcik gonira cawis |

--- 5 ---

manawa kurang obat | mimis maryêm agung | sun anti ngalumpukêna | lamun uwis santosa sira dèn nuli | tur wikan ingsun prapta ||

36. duk midhangêt raosing kang tulis | para mantri anglês tyas amaras | sirna daya kawanène | nanging kalamun dalu | kèhing bala kang samya baris | tuwuh sudiranira | dadya tansah eyung | dèrèng gumolong kang rêmbag | kunêng gantya wuwusên Pangran Dipati | Sukawati utusan ||

37. ngantêp Bupati Jipang kêkalih | Ranadiningrat ingkang dinuta | pinapantês panganggène | lancingan panjèn wungu | rasukane kuwantong adi | kancing rasukan timang | sarwa sotya murub | asabuk cindhe puspita | udhêng jingga nyampinge samboja mijil | katri ponang curiga ||

38. mawi carabalèn kang satunggil | samya agême kangjêng pangeran | pinaringkên kinèn ngangge | dene ingkang tut pungkur | pinaringan mantri pinilih | sèkêt sinung busana | kêling bêbêdipun | èpèk renda timang êmas | rasukane naracak baludru langking | binudir ponang anggar ||

39. dhuwung kang ingangge myang winangking | pêndhok samya kancana tatahan | dalah saupacarane | Ranadiningrat sinung | upacara agêming gusti | mantri pinilih samya | mung ingakên batur | bature Ranadiningrat | wusnya rakit samêkta salir piranti | sigra anulya budhal ||

40. apan samya wahana turanggi | sinongsongan [sinongsong...]

--- 6 ---

[...an] Dyan Ranadiningrat | dhasar sarigak sêmune | wayah suta têtêlu | sinêmbuh ing busana adi | kucêm ingkang umiyat | prapta lampahipun | sajawine pabarisan | Dyan Tumênggung Ranadingrat samantri | mudhun saking turôngga ||

41. banderane linêlêt tumuli | sigra nuduh mantri kang dinuta | sajuga dharat lampahe | anuntun kudanipun | camêthine pan sinangkêlit | datan amawi tumbak | lampahira sampun | manjing jroning pabarisan | samya usrêg kumrêsêg pating kalêsik | caraka pinanggihan ||

42. duta matur kawula tinuding | dhatêng putra paduka Ki Lurah | Ranadiningrat wiyose | nêrang punapa antuk | kyai lurah martamu mriki | kalih Bupati Jipang | amangsuli arum | paran ing darunanira | yèn tan kêna de anak ingutus gusti | ywa kongsi wancakdriya ||

43. nêdha nuli andika aturi | anak Tumênggung Ranadiningrat | caraka wangsul lampahe | prapta lajêng umatur | lah suwawi dipun aturi | malêbèng pabarisan | samana wus laju | Tumênggung Ranadingrat | ingiringkên kang para mantri pinilih | prapta atata lênggah ||

44. surêm kucêm bupati myang mantri | aclum mêsum kasoran busana | Ranadiningrat têmbunge | dhuh paman dyan tumênggung | prapta kula ingutus gusti | makatên kang timbalan | bupati kang tugur | Pagêrwaja dhawuhana | rèhning tanpa Walônda sun paring peling | aran padha wong Jawa ||

45. lamun wangkot tan gatèkkên peling | sun têmêni [tê...]

--- 7 ---

[...mêni] têmah siya-siya | tumênggung kalih ature | anak radyan tumênggung | kula yêkti sampun atampi | karsane jêng pangeran | ngowêl abdinipun | wabatinan walairan | kadi sampun kagalih ing kangjêng gusti | raos ingkang mangkana ||

46. Ranadiningrat mangsuli aris | yèn makatên angsal kabatinan | sampun katawis laire | ing batin ujubipun | kangjêng gusti angagêm batin | kolura kabatinan | lair dèn kacukup | pasthi yèn sampun katrima | nanging mangke ing rèh sampun ngatawisi | kêdah pinukul ing prang ||

47. mantri Sidayu kalawan Tubin | angaturi gangsal atus reyal | lan nyakêmbaran karbine | cindhe anglimang kayuh | Dyan Tumênggung Jipang kêkalih | ngaturi nyèwu reyal | tinampan sadarum | Tumênggung

Ranadiningrat | pan sinungan pangangge anulya pamit | mantuk samantrinira ||

48. dupi angsal saojotan[2] nuli | ngungêlakên sanjata ping sapta | baris simpênan wêdale | saking Bulu Kumêndhung | lawan Ranadiningrat panggih | sampun sami winêkas | kapalan tri atus | nglanggar baris Pagêrwaja | Radèn Tambakbaya kang nindhihi baris | tarung lèrès kewala ||

49. baris Pagêrwaja sampun gusis | kunêng Tumênggung Ranadiningrat | sampun prapta ing lampahe | anèng Bulu Kumêndhung | laju marêk ngarsaning gusti | tur warta lampahira | yèn mantri tumênggung | kang abaris Pagêrwaja | samya tundhuk sêtya tuhu jroning batin | lan ngaturkên [ngaturkê...]

--- 8 ---

[...n] pratôndha ||

50. tigang èwu ingkang warni picis | warni karbin angalih kêmbaran | sadasa kayuh cindhene | pangeran suka langkung | sigra dhawuh budhalkên baris | marang ing Pagêrwaja | ing sarawuhipun | sadalu nèng Pagêrwaja | enjang bidhal têdhak ing Jipang nagari | anèng marga kapapag ||

51. lawan Yudaningrat bule Bali | bêkta kancanira kawan dasa | kang cinatur pangarêpe | Carangsoka ranipun | Prabakesa lan Pudhakmiring | Barak Jayalêksana | Têgal Angun-angun | kalawan Surajênaka | Pulangrêsmi Pulangsari Kartasari | Kumitir Kanigara ||

52. Baukara miwah Caranggadhing | Kêbolajêr lan Banyakparwata | samya tinimbalan andhèr | pangeran sukèng kalbu | aningali têtiyang Bali | pinaringan turôngga | wadya patang puluh | bêbêd kalawan rasukan | nanging dèrèng panganggenira sinami | mangkana jêng pangeran ||

53. wusnya rêrêp nèng Jipang saratri | laju budhal saking nagri Jipang | wangsul ngilèn sabalane | anèng wana kêkuwu | wana Sambèng Jipang kang bumi | atata wadyabala | wong Jipang kang tumut | Dêmang Suradimanggala | acungane Tumênggung Wôngsanagari | gantya kang winursita ||

54. tuwan gupnur wus miyarsa warti | prang ing Jipang Kumpêni tumpêsan | ingkang kapupu cacahe | Bugis Bali rongatus | Kumpênine putih mung kalih | kasêlut ênggènira | tan antuk têtulung | wangsul angetan kadhangan | dadya

--- 9 ---

ngilèn saking bingung rêbut urip | ngumpul baris Sumêngka ||

55. sigra parentah bantu ing jurit | wong Kumpêni lan wong Surabaya | kang kalih èwu cacahe | Madura kalih èwu | gêgunungganira kêkalih | Panji Sumanagara | dene sisihipun | ran Panji Rêksanagara | Tambakbaya Jayasukêrta Ngabèi | mantri ing Surabaya ||

56. langkung agêng bantu ingkang prapti | maring Jipang gupêrnur parentah | tiyang Kumpêni barise | kinon bubar sadarum | kang nèng Taman lan Kalikuning | mantuk mring Surakarta | lawan malihipun | Sakèbêr myang Wati Litnan | pan ingangkat pangkat kapitan kêkalih | dumunung jroning praja ||

57. kacarita kang nèng Sukawati | bala Kumpêni lan pra bupatya | dhusun Sumêngka barise | sangêt prihatinipun | datan sagêd mingkêt sanyari | sampun pitulas dina | tan ana wong cucul | rina wêngi pinaranan | saking sangêt bathêthêt wong Sukawati | bêndarane tan ana ||

58. sawêg gitik ing Jipang nagari | muhung lamun pangerane ana | sarèh rèrèh pratingkahe | yèn sêpi gustinipun | sasolahe anggêgirisi | gêgila tanpa ulap | lir wong luput sêmbur | Dyan Tumênggung Jayadirja | Brajadênta lan Tumênggung Brajamusthi | Rôngga Wirasêtika ||

59. Suryanagara Pugêr Dipati | lawan Tumênggung Rêksanagara | Samadipura malihe | Wilatikta Tumênggung | Natasingron Kartanagari |

--- 10 ---

Lurah Dêmang Bênggala | nênêm pra tumênggung | ingkang tukang anyêlambrang | ngalang-alang kapitu Pugêr Dipati | wantêr cucut aguna ||

60. tuwin para mantri alit-alit | ingkang darbe kapalan nyadasa | esuk sore ting kalèncèr | yèn dalu pra tumênggung | ngêpung mubêng ngubêngi baris | gêgiro karya gila | anggilani mungsuh | rina tumênggunge bubar | laju gilir para mantri alit-alit | prapta karya asmara ||

21. Saking Jipang mangilèn, campuh kalihan wadyabala Kumpêni ing salèripun rêdi Kêndhêng, lajêng yasa kitha ing Jakawal

24. Asmaradana

1. kunêng malih kang winarni | gupêrnur nagri Samarang | Tuwan Baron Hogêndhorop | parentah mring pra bupatya | pasisir ing bang wetan | bang êlèr kêrig sadarum | kinon bantu maring Jipang ||

2. gupêrnur arsa nêdhaki | bantu angawaki yuda | bupati pasisir kabèh | sawusnya tampi parentah | sigra samêktèng wadya | cinatur tuwan gupêrnur | wus angirabakên bala ||

3. budhal saking ing Samawis | wadya Kumpêni balabar | prapta ing Dêmak lampahe | gupêrnur amatah wadya | dragundêr pitung dasa | ingkang dharat kalih atus | samya asikêp sanjata ||

4. Mayor Pal ingkang nindhihi | kanthi wadyabala Jawa |

--- 11 ---

pan sakawan bupatine | kang kalih Bupati Dêmak | lan Kudus kalih pisan | parentahira gupêrnur | kinèn gitik Garobogan ||

5. bidhal baris kang tinuding | gupêrnur lajêng mangetan | duk prapta Jipang lampahe | dêdamêl ing Surabaya | Madura sampun prapta | miwah pasisir sadarum | pêpak kumpul anèng Jipang ||

6. gantya wau kang ginupit | nagari ing Surakarta | sri narendra dhawuh age | marang Salotêr Kapitan | bantu baris Sumêngka | ingkang ngatêr lampahipun | para mantri jro sadaya ||

7. samana kêrigan mantri | gêdhong kalawan kaparak | miwah mantri kadipatèn | ngatêr Salotêr lampahnya | wus budhal saking praja | kadi wontên kuda sèwu | Kumpênine pitung dasa ||

8. praptèng tanah Sukawati | Salotêr sabalanira | tansah binedhung lampahe | mring sagunging wong padesan | ing kanan keri marga | pating kalicir tut pungkur | anggêgila tanpa ulap ||

9. lamun dèn aruh-aruhi | dêgsura daluya dadra | barubul prapta rowange | nora ngobêri wong liwat | alase awoh jaran | giyuhing tyas kang lêlaku | rêriwuk samarga-marga ||

10. lamun linawan ngoncati | laju Salotêr lampahnya | ngampiri baris Garompol | Tumênggung Kartanagara | sawadyabalanira | ingajak ngalih angumpul | anèng barisan Sumêngka ||

11. Tumênggung Kartanagari | pêparentah marang [ma...]

--- 12 ---

[...rang] bala | bubarkên baris Garompol | budhal tan winarnèng marga | praptane ing Sumêngka | Salotêr kapanggih sampun | lawan Balêngkêr Kapitan ||

12. miwah kang para bupati | wus agung baris Sumêngka | sami sirna prihatine | Salotêr tampi parentah | Kumpêni saking Jipang | kinon angatêrna mantuk | gupêrnur wus anèng Jipang ||

13. baris anèng desa Gêrit | wong Madura Surabaya | kumpul nèng Gêrit barise | Salotêr apirêmbagan | Blangkêr kinèn ngatêrna | Kapitan Bêlangkêr mingkuh | miris maras yèn rinampas ||

14. dene Pangran Mangkubumi | muwêr anèng wana Jipang | ing Darapulu barise | Salotêr dadya bramantya | pan iku karyanira | iya dudu gaweningsun | ingsun mung bantu kewala ||

15. mungguhing barisan iki | maksih têtêp wajibira | malah baris ing Garompol | kang ora bisa anunggal | lawan baris Sumêngka | ingsun uwis atêtulung | kumpule lawan Sumêngka ||

16. Bêlangkêr merang mangsuli | iya nanging pra bupatya | iku ingsun gawa kabèh | lan rèh ingsun wong Walônda | sun pinta angatêrna | Salotêr sru wuwusipun | ya kabèh gawanên padha ||

17. nadyan mariyême iki | lamun arsa sira gawa | iya ingsun gawakake | pan ingsun môngsa wêdia | amung gêgawaningwang | saka Surakarta iku | wong Jawa miwah Walônda ||

18. mangkana ingkang kawarni | Dipati Pugêr kumpulan | lawan pra bupati [bupa...]

--- 13 ---

[...ti] kabèh | rêmbag sami ngaturana | marang ing gustinira | kang muwêr nèng Darapulu | lan gupêrnur jêng-ajêngan ||

19. Dipati Pugêr lingnyaris | kèh Kumpêni saking Sala | punika têlik tuture | arsa budhalan mring Jipang | nanging watara kula | pangeran arsa kinêpung | gupêrnur kang saking wetan ||

20. pangeran kula aturi | yèn rêmbag kônca sadaya | pra bupati wangsulane | jumurung mangayubagya | lingnya sang adipatya | Suryanagara sirèku | kang sun patah ngaturana ||

21. kondur marang Sukawati | samar sun gupêrnur prapta | dene ingkang kapindhone | ingsun iki tômpa layang | saka Pangeran Rôngga | pradikan ing Kadilangu | nêdya seba mring pangeran ||

22. minta pinapag pribadi | nyuwun patêmon nèng Kampak | kang kinon sandika ture | sigra budhal saha bala | satus kang kêkapalan | kang dharat mung pitung puluh | kêkalih banderanira ||

23. ing marga datan winarni | lampahe Suryanagara | wus prapta pabarisane | kagyat sami pinariksa | katur Suryanagara | kang prapta sabalanipun | sigra kinèn nimbalana ||

24. Suryanagara wus prapti | anungkêmi ngaras pada | wotsari dêkung ature | gusti paduka ngaturan | abdi dalêm pun kakang | kondura ngilèn pukulun | pangeran alon ngandika ||

25. iya kaya priye adhi | sun lagi ayun-ayunan | lan Si Gupêrnur Hondhorêp |[3] tur sêmbah ingkang liningan |

--- 14 ---

Kumpêni ing Sumêngka | sampun kathah bantunipun | kawarti badhe mangetan ||

26. paduka arsa dèn supit | lan abdi dalêm pun kakang | ing mangke tampi sêrate | Kadilangu Pangran Rôngga | lamun parêng ing karsa | sêdya sowan jêng pukulun | wontên kiwa têngên Kampak ||

27. jêng pangeran ngandikaris | iku wajib tinurutan | trah guru ana kajate | sigra dhawuha samêkta | ngungkung têngaranira | budhal saking Darapulu | wus kêbut sawadyabala ||

28. sigêgên ingkang lumaris | gantya ingkang cinarita | kadya sarêng lampahane | ginanti dhapuring kôndha | santana Surakarta | Pangran Silarong ranipun | lolos saking jroning praja ||

29. nêdya dhatêng ing Matawis | tinulak Jayawinata | dadya mangetan lampahe | ngungsi maratuwanira | Dipati Pranaraga | pinurih ngadêgna ratu | dyan dipati anggraita ||

30. dudu sêdyane wong iki | daya kalamun bagusa | kudu madêg narakatong | dyan dipati tan darana | pangran cinêkêl sigra | kinintunkên mring gupêrnur | ingkang baris anèng Jipang ||

31. pinusara cindhe abrit | sapraptanira ing Jipang | katur Gupêrnur Hondhorop | kang baris grit bumi Jipang | Pangran Silarong sigra | cinangkalak ing pring wulung | ingkang sakempol gêngira ||

32. sawusira dèn prantèni | wau kang dadya lêlaran | sira Pangeran Silarong | anèng jroning pabarisan | ing gêdhong dunungira | jawining pintu [pi...]

--- 15 ---

[...ntu] gupêrnur | antara ari pangeran ||

33. saking putêk tyas ngranuhi | dadya ngrêbut kris Makasar | kang jaga lajêng pinopor | nulya katulungan kathah | pinoporan kewala | sedane wontên ing ngriku | ginêbugan ing sanjata ||

34. sinarèkakên ing Giri | gupêrnur parentahira | kunêng malih winiraos | Balangkêr wus budhal enjang | saking baris Sumêngka | bupati kang ngatêr laku | Dyan Arya Mlayakusuma ||

35. Mangkupraja lawan malih | Dyan Tumênggung Wiraguna | Natayuda kalimane | Dyan Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Kartadipa | myang Ônggawôngsa Tumênggung | Tumênggung Kartanagara ||

36. dragundêre kang umiring | satus patang puluh kèhnya | tri atus cacah dharate | ya ta wau lampahira | Kumpêni lan pangeran | anèng ing wana kapêthuk | rame prang sami pangarsa ||

37. dêdêr-dinêdêr agênti | pra bupati Surakarta | prasamya ngawaki kabèh | Tumênggung Kartanagara | Tumênggung Wiradigda | lan Ônggawôngsa Tumênggung | Wiraguna Natayuda ||

38. miwah ingkang para mantri | kaliwon Kartanagaran | sami bapang pangamuke | Ngabèi Tambaknagara | arine Tambakbaya | dadya pramukaning pamuk | datan nêdya gumingsira ||

39. bupati ing Sukawati | sira Radèn Tambakbaya | duk umiyat mring arine | ambapang pangamukira | nyimpang tan nêdya lawan | pra bupati kancanipun | mire anut Tambakbaya ||

40. wadyalit anut bupati | pangiride ing prang

--- 16 ---

sêmpal | manawa dudu tangguhe | jêng pangeran anut nyimpang | giwar amrih kang lêga | wus dhadhal sawadyanipun | kang ubêt prapta ing wuntat ||

41. dadya wus samya lêstari | kang ngulon miwah kang ngetan | kadya sêsimpangan bae | tan ana ingkang kacurnan | sami rahayunira | pangran lajêng têdhakipun | tanah Sukawati prapta ||

42. makuwon ing Rajêgwêsi | ngasokakên wadyabala | Surakarta winiraos | kangjêng ratu ibu seda | sawusnya paripurna | pirantine layon laju | budhal saking Surakarta ||

43. sinarèkkên ing Magiri | rèhning pra bupati jaba | samya nèng lurugan kabèh | bupati kang ngatêr lampah | kalih jêro sadaya | gêdhong kiwa kanthinipun | bupati kaparak kanan ||

44. mangsuli ing Sukawati | pangeran têdhak ing Kampak | wit nèng kono samayane | rawuhipun jêng pangeran | Pangran Rôngga wus prapta | wusnya panggih prêlunipun | ngaturakên arinira ||

45. Dyan Sutawijaya wangi | nêdya labuh baya pêjah | tinampan ing suwitane | lajêng kinulawisudha | nama Pangeran Rôngga | ingkang raka sinung juluk | Pangran Rôngga Baledawa ||

46. jêng pangran wus ngidul malih | angetan anjog Majênang | nèng Kêbonagung makuwon | andangu baris Sumêngka | matur kang pra bupatya | pun Salotêr kang atunggu | Balangkêr kang dhatêng Jipang ||

47. sigra dhawuh ngêlèncèri | sabên enjing mring Sumêngka | kasaru têlik praptane |

--- 17 ---

tur uning kalamun arsa | linarag ing Walônda | ingkang baris Dêmak sampun | bidhal saking Lajêr desa ||

48. pangran lajêng asêmèdi | nêgês karsaning Hyang Suksma | mamrih miyat wahanane | kawêngku sagung jajahan | pangeran datan samar | mungsuh sirna kabarubuh | tumpês tan môngga puliha ||

49. enjing sigra angundhangi | arsa mapagakên yuda | bupati tinilar kabèh | mung kêkalih kang binêkta | Brajamusthi kalawan | Suryanagara Tumênggung | wusnya samêkta gya budhal ||

50. mangalèr wus nabrang wukir | Kêndhêng lampah gêgancangan | para mantri pangajênge | wus kapêthuk lawan mêngsah | sami Jawi kewala | Bupati Dêmak lan Kudus | ingkang anindhihi bala ||

51. para mantrine pangarsi | sigra dènnya campuh yuda | bêdhil-binêdhil arame | Tumênggung Suryanagara | angamuk saha bala | Bupati Dêmak kaburu | angungsi ing wurinira ||

52. Bugis Bali gya nulungi | Tumênggung Suryanagara | sinôngga prange kapêngkok | kacêkuthak gulagêpan | binendrong ing sanjata | dadya pangamuke kondur | anggubêd angering nganan ||

53. jêng pangeran maksih têbih | kagyat miyarsa sanjata | wadya pangarsa ge-age | matur yèn Suryanagara | sampun acampuh yuda | nanging kaawratan mungsuh | dadya kondur sabalanya ||

54. laju anggubêd wanadri | nèng kanan kerining mêngsah | sigra pangran timbalane | kabèh bocah jêjaranan | padha tinggalên ingwang | têtulunga dèn agupuh |

--- 18 ---

Si Adhi Suryanagara ||

55. kumrutug kang para mantri | lajêng masang anyêkuthak | wong Bugis Bali ambendrong | Tumênggung Suryanagara | gya mêdal saking wana | laju mangsah ngamuk punggung | sawadyanira kotbuta ||

56. mungsuh kisruh morat-marit | akèh rêbah kasulayah | Suryanagara pamuke | salin waos kaping tiga | satus Bugis Makasar | ingkang pêjah dipun amuk | Tumênggung Suryanagara ||

57. prajurit dragundêr prapti | angêdrèl Suryanagara | wus sayah ewah gêlare | Pangran Sukawati prapta | lan Bali kawan dasa | ingabên dharat wus campuh | jêng pangeran tumut dharat ||

58. arucat busana Jawi | mangagêm cara Makasar | kadya dhaèng lamun tinon | wus momor bala kang dharat | wong Bali kawan dasa | dupi miyat gustinipun | krura mangkrak anglir yêksa ||

59. kang katrajang tumpês tapis | kabarubuh ting jalêmpah | pangran nindhihi wurine | datan têbah atut wuntat | Bali pêjah satunggal | têtiga kang sami tatu | wuru ngamuk lan curiga ||

60. sayah samya sambat gusti | gusti kula nuwun toya | cinarita pangerane | nalika prang sandhing wangan | têdhak angambil toya | winadhahan godhong lumbu | ingombèkakên kang wadya ||

61. wusnya ngombe ngamuk malih | sadangune prang mangkana | kasatmatèng ing wadyane | pangeran satêngahing prang | angambilakên toya | Suryanagara andulu | têdhak saking kudanira ||

62. nyêlak lajêng [la...]

--- 19 ---

[...jêng] dèn dhawuhi | aja sira mèlu dharat | titihana kudaningong | lan anggonên payung ingwang | sakèhe jêjaranan | aja ura dèn akumpul | pangawat padha undurna ||

25. Durma

1. aja kudu adhi anganggo pangawat | karana rowang kêdhik | tikêl pat kèh mêngsah | mêngko yèn kawênangan | nora nganggo senapati | bakal dèn idak | yèn nganggo senapati ||

2. yêkti ana iya ringganing kang mêngsah | Suryanagara nuli | anitih turôngga | ngumpulkên kêkapalan | wus angangge payung kuning | mingêr angiwa | rèrèh amarêpêki ||

3. baris Jawa kang nèng wurining Walônda | obah samya anêbih | wenèh ana ngucap | iku pangeran prapta | kalorop Walônda iki | môngsa wurunga | tumpês dadya cêcindhil ||

4. sapratêlon bala Kumpêni kang pêjah | kapitan angabani | sasisaning pêjah | nêsêg bendrong sanjata | kapitan amistul aglis | mring Carangsoka | nanging tan angênani ||

5. sigra numbak Carangsoka mring kapitan | buntaring tumbak kontit | sinarêng ungêlnya | pistulipun kapitan | pucuking tumbak kang kêni | putung watangnya | munggèng ngandhaping godhi ||

6. Carangsoka gya ngrukêt narik curiga | goco lambunge kering | kapitan aniba | wus pêjah kapisanan | Carangsoka wuru gêtih | nyuduk anigas | anyundrik angakahi ||

7. Yudaningrat angamuk gya pinoporan | nanging [na...]

--- 20 ---

[...nging] datan ngêmasi | bingung kujengkangan | prapta Surajênaka | Pulangrêsmi Kartasari | numbak amêdhang | buwang tumbak ngakahi ||

8. Têgal Angun-angun anyandhak Walônda | papat mati kinêris | Barak Prabakesa | pangamuke lir yêksa | sêdhênge amôngsa daging | nyêndhal andhupak | mêdhang ngêris anyundrik ||

9. rame dêdêr-dinêdêr idêr-idêran | angrèp prajurit Bali | kèh kuthah ludira | sira Jayalêksana | palumpate langkung wêgig | kadya sikatan | marwasa nganan ngering ||

10. mung kêkalih Pudhakmiring Jalêksana | ingkang tumbake maksih | wasis aprang tumbak | tan kewran sinanjata | mayor mêdhangi mistuli | Jayalêksana | gya numbak saking wuri ||

11. pan karungkêb mayor jinangkah dèn idak | lajêng dipun kakahi | tangane kang kiwa | maksih ngadêgkên tumbak | kang têngên anarik kêris | nuduk walikat | butul trus jajanèki ||

12. jêng pangeran kopat-kapit sadangunya | dènira angombèni | tanna nganggo taha | malah kêrêp senggolan | lan mungsuh wus dèn arani | Kumpêni Islam | wong Makasar lan Bugis ||

13. awit saking busana cara Makasar | dadya dhaèng panardik | malah wong Makasar | siji anjaluk toya | duk sapisan dèn ombèni | mandêng amawas | kagyat lajêng ngrungkêbi ||

14. wus cinandhak sabuke ginawa ngiwa | têluk tur pati urip | pun sarean kisnap | mêngsah pêjah gulasah | tumpês tapis kapalipis | gêmpang

--- 21 ---

suh sirna | pitung dasa Walandi ||

15. Kumpênine Islam kalih atus bebas | amung gêsang kêkalih | katêlu têlukan | satêngahing ayuda | maring pangeran pribadi | ya ta winarna | sira Pugêr Dipati ||

16. lawan Adipati Dêmak kalih pisan | ngalèr ngetan abaris | anèng ing Malowa | ngadhang Kumpêni Jipang | bokmanawa anêkani | Pugêr Dipatya | dupi miyarsa warti ||

17. yèn pangeran dènnya prang karoban lawan | sigra dènnya dhatêngi | bupati katiga | lampahe gêgancangan | praptane datan mêningi | ramening aprang | mungsuh wus sirna gusis ||

18. bupatine Kudus Dêmak kalih pisan | kapalajêng kêkinthil | praptèng kitha Dêmak | maksih pangusirira | lajêng lolos mêdal kali | kitha ing Dêmak | wus sami dèn êbroki ||

19. dene Pangran Tumênggung Gadamêstaka | kidulan kang palinggih | dene kang kalaran[4] | Dipati Suranata | wus lajêng atur udani | mring gustinira | Jêng Pangran Sukawati ||

20. sampun andum jarahan Kangjêng Pangeran | Dipati Sukawati | senapati ing prang | ing pramuka jayèngrat | unggul dènira ajurit | laju budhalan | sawadya datan kari ||

21. lajêng ngidul aminggah ing Kêndhêng arga | sigra dènira ngrakit | karya pasanggrahan | anèng Jakawal desa | samana sampun ingalih | arane desa | winastan Majapait ||

22. kawuwusa Kumpêni lan pra bupatya | Surakarta [Surakar...]

--- 22 ---

[...ta] kang maring | ing Jipang wus prapta | lan gupêrnur panggihan | tabean kang pra bupati | antara dina | Bêlangkêr kinèn mulih ||

23. dèn atêrkên para bupati bang wetan | kalawan para mantri | Sampang Surabaya | tigang èwu sadaya | liya saking Bugis Bali | tuwin Makasar | miwah Kumpêni putih ||

24. budhal saking Jipang Balangkêr kalawan | sagung kang pra bupati | angilèn lampahnya | wau ta balanira | Jêng Pangeran Sukawati | kanêm punggawa | samya angadhang margi ||

25. anèng wana Darapulu ênggènira | pinarapat kang baris | Tumênggung Jadirja | Rôngga Wirasantika | Tumênggung Rêksanagari | Ranadiningrat | anyatus kang turanggi ||

26. lawan malih Brajamusthi Brajadênta | sarêng dêdamêl prapti | Darapulu wana | kang kidul gya têngara | bêndhe kukuk sarta bêdhil | kang êlèr munya | kilèn surak ngadhangi ||

27. sarêng obah ingkang êlèr anarajang | ingkang kidul ambêdhil | kang kilèn anêrak | bingung ingkang lêlampah | binêrêg wong Sukawati | prasamya giyak | sirêp binendrong bêdhil ||

28. sampun dangu datan ana kang nyuwara | nulya pating kulicir | lèr kidul lan wetan | punggawane ngatingal | sakêdhap angical malih | dadya sadina | datan bangkit lumaris ||

29. samya rêrêb ing ratri têngahing wana | sadalu kaping kalih | dènnya bêbêdhilan | saking lèr lawan wetan | turanggane dèn malingi | akèh kang kêna | praptane bangun enjing || [|...]

--- 23 ---

[...|]

30. atêngara budhalan ingkang lêlampah | dene ingkang anginthil | sami ingajangan | prajurit pinarapat | wong Sampang lawan wong Tubin | wong Surabaya | kang sami anyawisi ||

31. aprang urut marga kalawan sanjata | sagung wadya pasisir | myang wong Sukawatya | dadya tan kêna cêlak | wadya pasisir wus rakit | samya bubuhan | ing têngah lan ing pinggir ||

32. tigang ari lampahe praptèng Sumêngka | duk puniku nujoni | Sumêngka kinêpang | nênêm kang pra bupatya | dupi myat baris gêng prapti | bubar anunggal | punggawa kang ngênginthil ||

33. lajêng campuh rame prang ulêng-ulêngan | bêrêg-binêrêg gênti | sagung pra bupatya | balanipun pangeran | miwah sagung pra bupati | ing Surakarta | prasamya dèn songsongi ||

34. ngabên bala gumuruh surak gumêrah | rame swarane bêdhil | lir gêlap barungan | mungsuh kalamun cêlak | dèn mriyêm sing baluwarti | buyar anêngah | yèn kèndêl cêlak malih ||

35. sadina prang dalu mundur sowang-sowang | akathah kang ngêmasi | mungsuh lawan rowang | ing dalu tan winarna | enjinge para bupati | ing Sukawatya | bubar sawadyanèki ||

36. samya sowan gustinira mring Jakawal | praptane tur upêksi | dènnya ngadhang marga | lan ngaturkên bandhangan | jêng pangran suka ing galih | sigra dhêdhawah | pasanggrahan ingalih ||

37. kidul kali papanipun ragi wiyar | wanane dèn babadi | rinakit kadhatyan | lor alun-alunira |

--- 24 ---

kang kilèn panggenan masjid | kang pra bupatya | tata pakuwon sami ||

38. Jêng Pangeran Adipati Sukawatya | senapatining jurit | pramuka jayèngrat | enjang miyos sineba | aglar kang para bupati | ngabèi dêmang | sadaya samya nangkil ||

39. ngadêgakên wong saragni pitung dasa | kang anumbak kapilih | de wong Bali samya | kang cacah kawan dasa | kinarya mantri pinilih | lêlurahira | nama tumênggung kalih ||

40. Carangsoka sinung nama Surajigja | dene ingkang satunggil | namanira lama | Tumênggung Jalêksana | Yudaningrat pan kinardi | kabayan barak | sagung mantri pinilih ||

41. sinung lungguh sawah anyalawe cacah | nyatus lêlurahnèki | mawa prajanjian | lagya ngrowangi lapa | iya pirabara benjing | pangran ngandika | mring Pugêr Adipati ||

42. Kakang Pugêr amung rongatus patbêlas | bakal pêpangkon mami | yèn ngawaki yuda | pisah lan pra bupatya | pirabara wuwuh benjing | Pugêr turira | inggih dawêg samangkin ||

43. gantya ingkang cinatur barisan Jipang | gupêrnur ing Samawis | ingaturan wikan | yèn baris Lajêr sirna | Kumpêni atumpês tapis | Bali Makasar | siji tan ana kari ||

44. aprang lawan pangeranipun priyôngga | kagyat duk amiyarsi | kêkês jro tyasira | gupêrnur gya budhalan | margi anurut pasisir | kewran ing manah | gambuh ing mungsuh jurit ||

--- 25 ---

22. Wontên ing Jakawal Pangeran Mangkubumi mranata panggenanipun abdi, dipun lapuri bilih Dêmak karêbat ing wadyabala Kumpêni

26. Gambuh

1. malih ingkang winuwus | Pangeran Sukawati lagya duk | busanani kang mantri samya pinilih | Dipati Pugêr tinuduh | utusan akarya pêndhok ||

2. pêndhok bunton mas sêpuh | anêlung reyal ing wawratipun | sabuk cindhe kang padha jalamprang abrit | pinaring reyal rongèwu | Dipati Pugêr turnyalon ||

3. yatra pundi puniku | Jêng Pangeran Sukawati muwus | picis saka Surabaya Sawunggaling | sira tômpa têlung èwu | dhingin ana ngarsaningong ||

4. Pugêr matur gumuyu | kula maksih rimat kalih èwu | reyal saking pun Dipasana ing Tubin | sawêg kalong tigang atus | kula damêl tumbas bêstrong ||

5. punika mawon cukup | tinumbaskên ing busananipun | abdi dalêm prikônca mantri pinilah | pangran mèsêm ngandikarum | sokur kalamun mangkono ||

6. nanging kakang dèn gupuh | Dipati Pugêr sigra anuduh | mring Samarang tumbas cindhe sangkêlat brit | pêndhok mas mring Pathi Kudus | sigra umêsat kang kinon ||

7. tan lami praptanipun | katur samêkta panganggenipun | wus katongton pelag panganggening abdi | sangkêlat [sang...]

--- 26 ---

[...kêlat] sragêninipun | ananging kotang kemawon ||

8. wolung dasa cêcênthung | panumbake wolung dasa tlakup | pinilihe samya udhêng sutra kuning | mèh asri lamun dinulu | jêng pangeran ngandikalon ||

9. hèh kakang pra tumênggung | prajurite lamun ingsun dulu | maksih worsuh panganggone durung bêcik | balane siji tumênggung | dèn padha sanadyan bagor ||

10. kalamun ganêb satus | yêkti pelag mêdèni dinulu | nanging kakang sun dhingin ingkang ngalahi | picis kang rongèwu iku | apa gawene nèng kanthong ||

11. êdumên pra tumênggung | kanggo busanani balanipun | adipati matur gih puniku pikir | gumêlar kang katon mungsuh | aywa nglingsêmi pun dhaplok ||

12. sigra binage sampun | reyal rongèwu mring pra tumênggung | wus waradin tinumbaskên badhe lurik | ingkang samya warninipun | sabên tumênggung tan awor ||

13. kunêng gantya kawuwus | lampahira Hondhorêp Gupêrnur | kèndêl Pathi myarsa Dêmak ana baris | kêkalih bupatinipun | ingkang sami tunggu êbrok ||

14. nama Pangran Tumênggung | Gadamêstaka sabalanipun | satunggile Suranata Adipati | Bupati Dêmak nèm sêpuh | tinimbalan Hogêndhorop ||

15. dyan tumênggung tinantun | mapag yudane kalih tumênggung | bupatine Jêng Pangeran Sukawati | Martanagara sumaur | tuwan kula matur ewoh ||

16. kang dados èwêdipun | dene pangeranipun sok namur | tumut [tumu...]

--- 27 ---

[...t] aprang momor wadyabala alit | amangangge cara batur | puniku tuwan kang ewoh ||

17. gupêrnur asru bêkus | bapak jirèh tur agêng aluhur | angluwihi Pangeran Amangkubumi | Martanagara sumaur | nadyan gêdhe-gêdhe gombong ||

18. bêndarane dèn mungsuh | pan botên ilok tuwan gupêrnur | Tuwan Hogêndhorêp asru briga-brigi | de ngaku bêndara mungsuh | wong iki mêngko dèn kêthok ||

19. gumêr kang pra tumênggung | Martanagara maksih umatur | kadipundi ugêr tuwan para gusti | dene tuwan dika niku | mung bandara akon-akon ||

20. guguk tuwan gupêrnur | si bapak iki banjur nyêrudug | nora wirang wis dhaplok pêrangan wêdi | Citrasoma dipun gupuh | dika têr mulih si dhaplok ||

21. kalih Dyan Arya Kudus | bupati papat wus tandhingipun | kula ingkang mêmanuki anèng wuri | dika mangkat esuk-esuk | dèn sami aprang rêrêmpon ||

22. ing dalu tan winuwus | enjing budhal ingkang munggèng ngayun | Citrasoma Arya Kudus kang misihi | dragundêr ing wurinipun | sèkêt nanging êlêt adoh ||

23. Bupati Dêmak sampun | miyarsa lamun mungsuhe rawuh | gya têngara Suranata Adipati | tuwin Pangeran Tumênggung | Gadamêstaka mirantos ||

24. wontên wong pitung atus | kang kapalan cacah kalih atus | ingkang dharat pan sampun campuh ing jurit | wong Jêpara nunjang purun | bala ing Dêmak atanggon ||

25. bêdhilira [bê...]

--- 28 ---

[...dhilira] gumrudug | wong Dêmak kurang sanjatanipun | amung gagah kaconggah ngumbar kuwanin | wau pangeran tumênggung | tansah aprayitnèng kewoh ||

26. mungsuh wuri kèh rawuh | para prajurit Kudus barubul | angêbyuki wong Dêmak karoban tandhing | dadya gêlarira kuwur | amundur-mundur sinêrot ||

27. nulya prapta dragundur | kagyat wong Dêmak angêdrèl purun | bubar larut sar-saran tan môngga pulih | Suranata alon mundur | kanthi kang jaranan golong ||

28. lan Pangeran Tumênggung | Gadamêstaka lèrèh lumaku | sigra kumpul oncat saking ing nagari | wus kabrokan kithanipun | samya kèndêl nèng Gêgodhong ||

29. ngidul kêdhik jog timur | sigra nuduh carakatur wêruh | mring Pangeran Adipati Sukawati | senapatining prang pupuh | pramuka jayèng palugon ||

30. duta umêsat sampun | prapta Jakawal laju umatur | lamun Dêmak mangke kancikan Kumpêni | pun tumênggung nyadhong dhawuh | wontên ing timur angantos ||

31. pangran duk tampi atur | gya nuduh bantu bupati têlu | Jayadirja Suryanagara Suwandi | Mas Rôngga katiganipun | kanthi Dêmang Natasingron ||

32. Ngabèi Jayèngranu | lawan Dêmang Têgal Angun-angun | sarêng budhal kawan atus kang turanggi | dharat wontên pitung atus | lampah gancangan mangalor ||

33. ing marga tan winuwus | lampahing baris wus praptèng timur | panggih lawan Suranata Adipati | tuwin Pangeran Tumênggung | Gadamêstaka [Gadamê...]

--- 29 ---

[...staka] tur wartos ||

34. paran ing rèh kang patut | lampah paduka kinèn bêbantu | dede sanggan ing mangke gupêrnur prapti | nèng Dêmak sawadyanipun | para bantu muwus alon ||

35. milane kinèn bantu | nagari Dêmak ingkang rinêbut | dede pabên gupêrnure anênggani | alah dawêg sami mundur | dede tandhing dede bobot ||

36. laju prasamya wangsul | praptèng Jakawal sigra umatur | langkung agêng ing Dêmak mangke kang baris | gupêrnure ingkang rawuh | wontên ing Dêmak makuwon ||

37. pangeran ngandikarum | lah iya iku dudu mungsuhmu | balik sira kang padha angati-ati | bok muring-muring gupêrnur | bature aprang lan ingong ||

38. nèng Lajêr akèh lampus | iya lamun nêdya malês ukum | Si Dipati Suranata aja mulih | sutaningsun Si Tumênggung | Gadamêstaka mangkono ||

39. kawuwusa gupêrnur | sêdyanira lami dènnya tunggu | kitha Dêmak kasaru caraka prapti | Petor Samarang kang nuduh | prêlu angaturi wêroh ||

40. yèn wontên idlir rawuh | Jakub Musêl dinuta gurnadur | kanthi sêrat gupêrnur sigra ngundhangi | bubarkên wadya sadarum | lampah dharat amangalor ||

41. ing marga tan winuwus | praptèng Samarang sira gupêrnur | kang pustaka binuka sinuksmèng galih | mungêl idlir ingkang rawuh | ambêkta sutane wadon ||

42. tinarimakkên gupnur |

--- 30 ---

lawan tinuduh ambangun rêmbug | aprakara Pangran Arya Mangkubumi | yèn maksih kêna dèn êlus | kabranange satriya nom ||

23. Ing Jakawal mirêng badhe wontên kengkenan saking Samarang ngajak badhami

27. Sinom

1. dadya mangsuli carita | dening rèh liyan pakarti | anunggal dhapuring kojah | awit wêwinih sawiji | obah osiking bumi | mung ratu lawan gurnadur | dadining karusakan | saking tiwas para budi | anggêgampang nêkaburi barang tingkah ||

2. kalamun dadia arja | wit eling kang para budi | sabarang solah katingal | yêkti lali lan maknawi | lalining para budi | awit saking nikmat agung | apan wuruning donya | adoh panggawe maknawi | nora tètèh katutuh lali ing titah ||

3. ing nguni gurnadur jendral | sêsampunira nampèni | ing lilane sri narendra | panggadhuhe wong pasisir | kawuron sarwa lali | dènnya tampi nikmat agung | tan ngetang rèh sikara | sikara iku wêwinih | kaapêsan wêwalêse rèh sikara ||

4. ing mangke gurnadur jendral | ngawruhi têlangso budi | bêbuka andangu warta | Amral Tênangkus tiniti | gènira magut jurit | nèng tanah Pajang [Pa...]

--- 31 ---

[...jang] Matarum | anane pra pangeran | ingkang samya madêg baris | alon matur Amral Tênangkus mring jendral ||

5. mêngsah cacahipun gangsal | kang katur ing tuwan nguni | duk wontên ing Surakarta | aturing pêpatih kalih | nuntên wêwah satunggil | Mangkubumi namanipun | sarêng lan angkat tuwan | lolose saking nagari | purwanipun kesah inggih saking tuwan ||

6. marmane tilar nagara | tuwan ngaturi ngêlongi | ing lêlênggahipun sawah | dene mêngsah gangsal nguni | pangeran kadang kalih | kang tiga pulunanipun | pangeran kadang nata | Buminata Singasari | Buminata punika kang madêg raja ||

7. nèng Sêmbuyan silih nama | Sultan Dhandhun Martèngsari | dene ingkang pêpulunan | Mangkunagara satunggil | Mangkudiningrat kalih | Pangran Pamot tiganipun | mênggah ing wawratira | dèrèng nama mungsuh yêkti | bêbocahan pan amung riwuk kewala ||

8. ingkang minôngka pratôndha | yèn kula pukul ing jurit | prang sakêdhap nuntên ambyar | pothèl botên kongsi pêthil | kaponthal-ponthal ngili | abdine prasamya têluk | akathah dadya rencang | sami kenging dipun kanthi | nuduhakên gustine gone umpêtan ||

9. kang sampun kalokèng jana | jaya-jayaning ajurit | amiguna ing aguna | pan inggih amung satunggil | Pangeran Mangkubumi | tanggon lamun magut pupuh | tansah ngayomi wadya | mundur lon lamun kalindhih | botên purun cidrèng prang atarung dhadha ||

--- 32 ---

10. sêktine tan pae lawan | sajêmbaring jalanidhi | bakuhing tyas pindha rêtna | têtela ayuning bumi | kadi Hyang Wisnumurti | môngka pêpaku pikukuh | ing rat paramudita | kukuh ngandhêmi utami | datan keguh kadya prabata Maendra ||

11. kontap kotamèng satriya | kêtarta bêk silastuti | titikane pra punggawa | naracak samya bèrbudi | sabên sawiyah mantri | wikan ing wêweka putus | têtêg lamun ayuda | sêtya tuhu maring gusti | yèku môngka pratôndha musthikèng janma ||

12. wadyanira kang tinilar | tan wontên têluk satunggil | anêmpuh byat aprang cidra | tan ajrih ing lara pati | dèn kèdhêp ing wong cilik | pan dede suwadosipun | yèn ing mênggah kawula | inggih ing ngèlmi maknawi | wus têtela sêsêngkêraning Hyang Suksma ||

13. apan sampun ginantungan | wahyu gêng badhe linuwih | kadiparan gèn linawan | lamun kirang momot peling | sayêkti milalati | Jêng Tuwan Baron pan emut | ngungun duk amiyarsa | mila nalôngsa nututi | awarana pasrah Gupêrnur Samarang ||

14. marma nawala kang marang | Tuwan Gupêrnur Samawis | surasane rong prakara | kang dhingin anarimani | ingkang môngka pêparing | tuwan idlir sutanipun | Jakup Musêl dinuta | maring Samarang pribadi | manggihakên gupêrnur lan sutanira ||

15. Tuwan Gupêrnur Samarang | sawusira tampi tulis | dhawuhe gurnadur jendral | pan arsa [ar...]

--- 33 ---

[...sa] dipun awaki | angipuk mirapêti | sarta nrus ing batin tuhu | kang raka sri narendra | ngaturan maringi bumi | tigang lêksa wêwahe môncanagara ||

16. sigra amatah caraka | ingkang dhatêng Sukawati | Radèn Arya Endranata | duk mayor minggah ing nguni | alungguh nèng Samawis | Arya Endranata tumut | dèn suwun ing sang nata | sawontêne ing Samawis | Endranata dadya pangagênging jaksa ||

17. lawan malih kinanthenan | Kadilangu Pangran Wijil | kalih wus binêktan surat | budhal saking ing Samawis | dhatêng ing Sukawati | kunêng gantya kang winuwus | nagari Surakarta | mungsuh bubare kang baris | ting sarêndhul saking dènira umpêtan ||

18. sami madêg barisira | Pangeran Mangkunagari | barise anèng Gêmantar | prênah sakidul Matesih | suyud kalih wong bumi | sampun agêng barisipun | Pangran Mangkudiningrat | abaris ing Kêbomati | Pangran Pamot abaris wontên Kalesan ||

19. ing Sukawati Pangeran | nuduh sakawan bupati | nganglang kinon amariksa | barisan sawiji-wiji | yèn tan patut ingalih | kang pakantuk papanipun | Sêmbuyan sami tatrap | panggenane baris lami | pêtêng malih wong nglurugi tanpa karya ||

20. kèndêle tan wontên aprang | pan amung satêngah warsi | dènnya prang satêngah warsa | mêngsah ingkang anusuli | Jêng Pangran Sukawati |

--- 34 ---

bapa babune kang mungsuh | anyar dadining mêngsah | kang dadya mêngsah murwani | kabèh ngandhap manut ing rèh kawisesa ||

21. gantya malih kang winarna | Jêng Pangeran Adipati | Sukawati duk sineba | andhèr kang para bupati | tuwin kang para mantri | jawi lêbêt munggèng ngayun | aglar mantri pangarsa | miwah para mantri wuri | nanging dèrèng tinata têngên lan kiwa ||

22. Dipati Pugêr nèng ngarsa | sigra kang para bupati | Mas Rôngga Wirasantika | Suryanagara Suwandi | jajaripun alinggih | Dyan Jayadirja Tumênggung | miwah Samadipura | Brajadênta Brajamusthi | sinambungan Tumênggung Rêksanagara ||

23. Tumênggung Sutadipura | Ranadiningrat lan malih | Natasingron Surajigja | Jayalêksana nambungi | dene môncanagari | Dyan Pusparana Tumênggung | Bupati Jagaraga | Warung wus ngangkat bupati | sinung nama Tumênggung Kartanagara ||

24. Dyan Tumênggung Wilatikta | ing Balora lawan malih | Ngabèi Selanagara | ing Sêsela kang palinggih | bupati ing pasisir | Dêmak Pangeran Tumênggung | Gadamêstaka lawan | Suranata Adipati | Dyan Tumênggung Jipang Suradimanggala ||

25. sinambungan pra punggawa | panèwu kalawan mantri | panèkêt ngabèi dêmang | wau ta Sang Adipati | Pugêr umatur aris | ambatur uning pukulun | têlik kawula prapta | ingkang tugur ing Samawis | pun gupêrnur mangke nglampahkên caraka ||

26. pun Sukarya Endranata | wus mangkat saking Samawis |

--- 35 ---

kinanthèn rayi paduka | Kadilangu Pangran Wijil | manawi benjing-enjing | punang duta praptanipun | pisah wontên Majênang | abdi dalêm kang manuki | cacahipun kêkapalan kawan dasa ||

27. jêng pangeran angandika | hèh Kakang Pugêr Dipati | kayaparan rêmbugira | kalamun ingsun manggihi | apa sun lênggah kursi | apa lênggah ngisor ingsun | Dipati Pugêr sigra | nolih sagung pra bupati | anak putu kabèh kang para bupatya ||

28. kapriye pikire padha | umatur kang pra bupati | sumôngga karsa paduka | sadaya darmi umiring | Pugêr umatur aris | inggih gusti pênêdipun | praptane duta benjang | paduka lênggah ing kursi | awit saking manggihi dutaning mêngsah ||

29. majêng mangalèr paduka | ing wetan kang wontên kursi | pun Kakang Pangeran Rôngga | kursi sêsaosan tami | wontên kilèn satunggil | Pangran Wijil badhenipun | dene ta pun Sukarya | nunggila kawula linggih | angandika alon wau jêng pangeran ||

30. apa kakang wus prayoga | pikirên manèh kang wêning | Endranata ipeningwang | bok ayu kang dèn rabèni | Ratu Madurêtnadi | bok sinêbut dêksurèngsun | matur Pugêr Dipatya | sampun kêkathahên galih | jêng paduka satriya dibya sumbaga ||

31. kangjêng bok ayu paduka | kula kang dèn garundêli | tan gêpok sarira tuwan | de Endranata pinikir | amikir tikus mêngi | kêriga sacindhilipun |

--- 36 ---

ginitês gôndra pira | môngsa dadosa samênir | Endranata kaku kuluban katela ||

32. Endranata bêras wutah | kinulup dèn liwêt malih | dadi sêga sapa doyan | duk bêrase wor lan siti | tan kongsi dèn bêrsihi | iya lamun raganingsun | lalu ngêlih kewala | boya kudu mangan-mingin | bok sikêpe anak Tumênggung Jadirja ||

33. nora mangan pitung dina | suprandene boya sudi | gumêr sagung pra bupatya | angling malih sang dipati | basa Endranatèki | nyawa masuk ing lêlêmpung | daya lêmpunga Dêmak | lêmpunge wong Kalicacing | dèn anggoa grabah têlung dina pêcah ||

34. patut lamun kaarana | Kartinala Kalicacing | adol tike pinggir dalan | yèn ora ambarang suling | bêbarang gambang kanthi | kêndhangan cangkêm kumruwuk | lamun datan mangkana | patut[5] barang durma mijil | nganggo têkên tinuntun malbèng kampungan ||

35. sansaya ambata rêbah | gujênge kang pra bupati | adipati undhang-undhang | hèh sagung para bupati | iya sadina benjing | wong angon kuda lan lêmbu | aja na liya paran | padha dadia sawiji | ngulon bae anèng kiwa têngên marga ||

36. iya dalaning utusan | kang prapta saking Samawis | lan kabèh wong sabarisan | sipat lurah para mantri | padha nganggoa kêling | bêbêd ikêt sarta sabuk | alas ing kulon ika | babadana mêngko bêngi | sun gawene

--- 37 ---

iya pasar pabewakan ||

37. sagung sutaning bupatya | kadang kadeyane sami | enjang padha kasukana | lesan panah lesan bêdhil | padha nganggoa kêling | kadange

para tumênggung | anaa kang têtêgar | ajar kuda dèn kêstuli | amanggona kanan kering pabewakan ||

38. sawetaning pabewakan | Jatisana lan Kêsambi | têngah pasangana omah | omah joglo mêngko bêngi | kabèh mantri pinilih | ngadua gêmak lan sawung | anak Jayalêksana | dika nganggo udhêng gilig | dika nganggo bêbêd samboja bras wutah ||

39. sruwala baludru abang | kang rinenda panji-panji | èpèk trêmbalo nganggoa | babrêngos andika pidih | hèh sira Si Suwandi | anggokna carabalènmu | dina sesuk kewala | sagunging kônca bupati | carabalèn dika padha sêlangêna ||

40. mring mantri pinilih padha | dimène amêmêdèni | si anak Jayalêksana | brêngose sacêngkang sisih | lan anak Pudhakmiring | godhège simbar kang patut | dika go jangkang kula | dika bêbêd sarung Bugis | ingkang rêga limalas darbèk manira ||

41. lawan padha pêpayunga | ing sesuk mantri pinilih | sun wus karya payung kathah | ambilên ing pondhok mami | kang lagi têka wingi | iya payung pitung puluh | laku lêlinggihira | benjang dèn angadi ragi | ngatokêna wantêr kêndêl ing ayuda ||

42. sagung pra mantri pangarsa | nunggala mantri [ma...]

--- 38 ---

[...ntri] pinilih | ngadua gêmak lan sata | wetan pabewakan benjing | wong desa rigên sami | konên padha prapta esuk | yèn duta ing Samarang | lèrèn pabewakan sami | para mantri dèn kagèt budhalan seba ||

43. kabèh padha pêpayunga | dyan dipati sigra mijil | angêlar-êlar paseban | kang tan patut dèn owahi | jêng pangran pijêt galih | agèdhèg sarwi gumuyu | suka dènnya ngandika | nyata wêgig nyata julig | môngsa naa wong kang kaya kang dipatya ||

44. andhêku kang pra bupatya | tumênggung papat tut wuri | Dipati Pugêr lingira | anak padha dika bali | dika ngadhêp jêng gusti | lamun maksih

dèrèng kondur | tyas kula mêlang-mêlang | dandanan dèrèng prayogi | sabên lawang-lawang sami ingowahan ||

45. lurah numbak tinimbalan | miwah lurah ing saragni | prapta wus pinarentahan | wuwuha kang saos benjing | sabusananing jurit | nanging dèn padha atambuh | saragni lan panumbak | papat sisih lawang siji | para lurah ature sami sandika ||

46. wong padesan wus ngundhangan | binayar picis waradin | prasamya kinèn pêpasar | saari ywa kongsi mulih | wong angon kêbo sapi | jaran dhinawuhan sampun | aglar têpining marga | wusnya parentah waradin | tan winarna ing dalu enjang pucungan ||

--- 39 ---

24. Kengkenan saking Samarang dumugi ing Jakawal saha wangsulanipun Pangeran Mangkubumi

28. Pocung[6]

1. lan winuwus carakanira gupêrnur | lan sarowangira | Aryendranata wus prapti | pabewakan panggih lan mantri pangarsa ||

2. Jayèngranu ngaturi kèndêl rumuhun | badhe tur uninga | Aryendranata ningali | langkung ngungun kuda ewon nèng pangonan ||

3. pasar agung nèng kiwa têngên dêlanggung | wong lesan sanjata | miwah wong lesan jêmparing | sawetane gumêdêr kalangan gêmak ||

4. sêlur anglur wong têtêgar ngalor ngidul | ngulon miwah ngetan | pêpinggiring wana wukir | gêmah arja sarine kadi nagara ||

5. sri gumuruh wong adu sawung lan puyuh | dupi amiyarsa | lamun ana tamu prapti | para mantri gita bubar samya seba ||

6. apêpayung andulur asri dinulu | jajar apêpanthan | wong Bali mantri pinilih | ting salêmplah udhêng gilig ana jangkang ||

7. langkung ngungun Aryendranata amuwus | adhi wijil paran | têrah Mataram puniki | saênggone têka linulutan jalma ||

8. dadosipun sintên nyana wonge agung | tur apelag-pelag | akèh wong gagah rêspati | jujug sintên adhi pênêde ing lampah ||

9. lon sumaur Pangran Wijil pênêdipun |

--- 40 ---

jujug ri sampeyan | Martapura Adipati | pinituwa barang rèh môngka manggala ||

10. liyanipun samya nèm dèrèng tinantun | pun Suryanagara | Jayadirja lan Dipati | Suranata Mas Rôngga Wirasantika ||

11. pan sadarum bupati yêkti kawêngku | ing rayi sampeyan | inggih Pugêr Adipati | nulya prapta punggawa mantri pangarsa ||

12. Jayèngranu alon wau têmbungipun | suwawi lajênga | ri paduka kang ngaturi | Adipati Pugêr sampun mangkat sowan ||

13. kerid laju dutane tuwan gupêrnur | nèng marga kapapag | lawan Pugêr Adipati | sêsarêngan dènnya mudhun saking kuda ||

14. wusnya cundhuk Dipati Pugêr amuwus | bature mondhoka | ing kana pakuwon mami | kakang karo banjur barênga lan ingwang ||

15. iya mumpung kangjêng gusti durung kondur | pinarak paseban | paseban lun-alun sami | pan gumêrah saking kathahing têtiyang ||

16. Dyan Tumênggung Ranadiningrat kapêthuk | angêmban parentah | nimbali sang adipati | angirida duta kang saking Samarang ||

17. sigra laju sang dipati lampahipun | sarêng lan caraka | Endranata duk ningali | dahat ngungun kèhing janma nèng paseban ||

18. korinipun mung kêkalih pangkatipun | kori kang sapisan | pasebane tiga sisih | sami joglo bêntêt isine kang seba ||

19. ênggènipun sadaya kang pra tumênggung | busanabra mubyar | lir panjrahing puspitadi | asri tinon maneka warnabra sinang ||

20. lêbêtipun malih [ma...]

--- 41 ---

[...lih] paseban gung-agung | cacahe sakawan | ênggène mantri pinilih | anèng ngriku kèndêle Pugêr Dipatya ||

21. nulya katur maring gusti praptanipun | caraka Samarang | kèrid Pugêr Adipati | ingkang para bupati sigra ngandikan ||

22. malihipun pra mantri ing ngarsa pungkur | sami ingandikan | sarêng lan mantri pinilih | busanabra kêkêling kalawan sutra ||

23. pamèripun wong Samarang pêndhak Mulud | lan pêndhak riaya | padinan wong Sukawati | Endranata sipat kuping gêtunira ||

24. rakitipun duk ngandikan pra tumênggung | atata priyôngga | tuwin gèn mantri pinilih | samya anèng jro taratag pasanggrahan ||

25. gèning tamu wus rinakit dunungipun | sigra tinimbalan | sira radyan adipati | kinon ngirid lêbête duta Samarang ||

26. wus malêbu lan caraka kalihipun | jumênêng pangeran | munggèng sangajênging kursi | Pangran Rôngga tumut angadhêp sakêdhap ||

27. urmatipun mring Pangeran Kadilangu | pangeran ngandika | suwawi ing ngriki adhi | Endranata arsa tumut gya cinandhak ||

28. sarwi bêkus Dipati Pugêr amuwus | ing ngriki kewala | tunggil lan kula alinggih | nulya anut linggih Arya Endranata ||

29. ênggènipun Pangran Wijil Kadilangu | kilèn majêng ngetan | Pangran Rongga gènnya linggih | anèng wetan amangilèn ajêngira ||

30. suratipun gupêrnur sigra pinundhut | Arya Endranata | kang bêkta tinampèn nuli | mring dipati lajêng katur mring pangeran ||

31. binuka wus mangkana [mangka...]

--- 42 ---

[...na] ing wuryanipun | pèngêt kang pustaka | tulus miyosing tyas suci | pawong mitra ingkang satuhu sih trêsna ||

32. saking ulun Tuwan Hondhorêp Gupêrnur | ing nagri Samarang | ingkang misesa mêngkoni | pasisire Jawa bang êlèr sadaya ||

33. wrananipun kangjêng Kumpêni kang agung | kang bôndha prakoswa | tabe winantu pêpuji | puja arja raharjaning pawong mitra ||

34. mugi katur mitra ingkang sumbaganung | Jêng Gusti Pangeran | Adipati Sukawati | sepati ing prang pramuka jayèngrat ||[7]

35. kang marta yu mangayuh ayuning ayu | kalokaning jana | prawira waskithèng wangsit | putus titi titika ing tri bawana ||

36. têtêg têguh tan keguh amurwèng pupuh | yayah Hyang Kesawa | jaya-jayaning ajurit | jro rat Jawa rinata wus anèng asta ||

37. prawiranung tan gumunggung ambêg digung | katon wela-wela | têtela ayuning bumi | musthikaning têrah narendra Mataram ||

38. wiyosipun kula umatur satuhu | yèn eyang paduka | Kangjêng Gurnadur Batawi | wus karasa rinasa saya rumôngsa ||

39. purwanipun paduka nêmaha pupuh | sisipe pun eyang | kirang titi analiti | amêmardi wrêdaning atur druhaka ||

40. marmanipun ratpêni ingkang panuwun | paduka ngaturan | kondur dhatêng ing nagari | têrang raka paduka jêng sri narendra ||

41. dadya tunggul sagung prajurit sawêgung | lêstantun anama | jêng gusti pangran dipati | senapati ing prang pramuka jayèngrat ||

42. sinung wangsul Sukawati

--- 43 ---

tigang èwu | malah winêwahan | siti ing mômcanagari | tigang lêksa sanèsipun Sukawatya ||

43. dhuh-dhuh adhuh paduka mugi dèn amuk | emut kadang tuwa | datan ana kang ngawati | amranata tata arjaning rat Jawa ||

44. inggih lamun paduka arsa angrêmuk | ngrêmuk nuswa Jawa | sayêktine bosah-basih | sirna gêmpang sintên ingkang purun malang ||

45. risakipun nuswa Jawi yèn kalantur | sintên kang kecalan | yêkti paduka pribadi | titi tamat kadriya raosing sêrat ||

46. sawusipun winaos mriyêm jumêgur | sawetan gêdhogan | pamanggèning tan kaèksi | kaping sapta pangeran sigra ngandika ||

47. maring tamu hèh Endranata sirèku | padha kaslamêtan | bok ayu apa basuki | matur nêmbah Radèn Arya Endranata ||

48. salamipun bakyu paduka pukulun | manthuk jêng pangeran | Endranata matur malih | gih bok ayu paduka ngintuni dhêsthar ||

49. mung têtêlu modang cêmukiranipun | kang satunggal sawat | ênggènnya nyêrat pribadi | lan bok ayu paduka angarsa-arsa ||

50. dipun emut paduka mring kadang sêpuh | sintên kang angeman | risakipun nuswa Jawi | datan liyan sayêkti amung paduka ||

51. ngandikarum wus bênêr bok ayu iku | ingsun iki nora | nêdya salah ing nagari | amung nêdya suwita ing kadang tuwa ||

52. sêtya tuhu sumungkêm anrus ing kalbu | tan pêgat rumêksa | tata arjaning nagari | mamrih kontap kotamaning [kotama...]

--- 44 ---

[...ning] jêng sri nata ||

53. eman ewuh rêmak rêmpu pan katêmpuh | bot rêpoting praja | tan kumêdhèp praptèng pati | sun andhêmi dadi bantêning nagara ||

54. mugên mungkul lah mara cacadên ingsun | mungsuh wong lêlima | nora minta bantu mami | praptaning don ingsun agung sinikara ||

55. ya dèn katur mring bok ayu atur ingsun | nora kêkilapan | lêlakone awak mami | dèn niaya saajang-ajanging ajang ||

56. sapa wêruh dadi ajur kumur-kumur | yêkti wus nêmpuh byat | luluh lêbur dèn lakoni | alahuma wahbin lanabil kaeram ||

57. luwih ewuh gaib karsane Hyang Agung | iya pirabara | lamun anêmu basuki | tan bêbakal yèn Allah akarya rusak ||

58. esthiningsun sumarah Hyang Mahaluhur | kang murba misesa | ugêr sigra anambungi | hèh mênênga sira iku Endranata ||

59. nora arus sira arsa jabung alus | datan kulak warta | adol parungu kang dêling | bandhol ngrompol iku wong ing Sukawatya ||

60. ênggon wêlut dèn doli udhèt tan patut | mundhak kawanguran | mungsuh dhawuk Sukawati | aja kaya wêdhus dèn umbar kacangan ||

61. sok mêcucu anggêre bisa calathu | bingèn ana apa | sawah têlung èwu uwis | barang tingkah nora nganggo ngarah-arah ||

62. nora etung mung panastèn bae ketung | iki jêng pangeran | dudu sira lawan mami | lamun sira dèn cukur [cu...]

--- 45 ---

[...kur] môngsa gôndraa ||

63. dhingin iku mung sêsawah têlung èwu | nyakar sêka wongwa | dèn labuhi lara pati | sagawene gone rumêksa nagara ||

64. ingkang mau sapa dèn tandhingkên ingsun | bupati sajagat | mung jaginggis ting paringis | Sukawati sun rewangi pêpincangan ||

65. barêng uwus ana kang bisa angrêbut | padha panas driya | wong jail pating kathuwil | gustiningsun mêngko wus nêmah anekad ||

66. wus anglalu êmbuh dadine ing pungkur | mêngko dèn rêrêpa | yèn anuta dèn polahi | atêtombok bumi manèh têlung lêksa ||

67. wong gung-agung iya pijêr padha ngantuk | datan kaelingan | yèn Pangeran Mangkubumi | sutèng raja kang amutêr tanah Jawa ||

68. padha pêngung wong sapraja kabèh kumprung | pangran dèn pêpadha | kaya anêkêm cêcindhil | mêngko priye dene padha andhêdhêpa ||

69. wong wis labuh kalah sirna mênang ngukup | nora cipta gêsang | pirabara nêmu urip | yèn taliti Mataram yêkti mangkana ||

70. pae ingsun lawan sira kadi wêdhus | pikire butuhan | dèn wèhi sukêt sasuwir | sumarinthil datan ngitung wurinira ||

29. Pangkur

1. nauri Aryendranata | Adhi Pugêr bênêr wuwusirèki | pan ingsun panggonan luput | nanging ta kayaparan | wong kêkadang môngsa isin bangêr arus | jênênge tuwa kawogan | anggêgendholi wong lali ||

2. angling malih sang dipatya | jêlèh bosên [bo...]

--- 46 ---

[...sên] pikir nora wêwinih | pikir luput katarucut | kaping pat kaping lima | milu bubrah jagate agung rauru | rasane uwis karasa | biyang gaweane patih ||

3. kang pikire mamak rupak | pothar-pathir puthêr pating kuthikir | nora pênthèr ting kathuthur | kêthêr kang akêkancan | ngêndi ana wong tulung têka dipênthung | akêkudhung lulang macan | mrih sirna kang ngrêregoni ||

4. gone andhêplok nagara | mêlok-melik muluk rajabranadi | durga ngôngsa-ôngsa ketung | reyal ingkang katingal | sabên karya punggawa mantri panèwu | nora nganggo pilih papan | kêcing-kêcing diraupi ||

5. apa pacêklak wong mana | gawe Patih Pringgalaya madati | lan Tirtawiguna iku | padha adol nagara | kanthi jail muthakile kadalurung | nora têtêp antêpira | rusuh angrêsêki bumi ||

6. jêng pangeran angandika | Endranata miwah Si Adhi Wijil | dika makuwon karuhun | mring gène kang dipatya | mangke ratri kula karya angsul-angsul | enjinge andika mangkat | mantuk maring ing Samawis ||

7. pamit mundur kalihira | amakuwon wismane Dyan Dipati | Pugêr kang angirid mantuk | pra bupati sadaya | samya ngiring dhatêng Kapugêranipun | dyan dipati wus maragat | wingi maesa kêkalih ||

8. lawan wêdhuse sakawan | opor sèkêt-sèkêt panggange pitik | Pugêr kadi wong mêmantu | prapta tata alênggah | wedang maju Aryèndranata sru muwus | marang Pugêr Adipatya |

--- 47 ---

wong setanên sira iki ||

9. dene makuwon ing wana | dandanane ngluwihi wong Samawis | Dipati Pugêr amuwus | iki aran wong lanang | sayêktine kamurahane Hyang Agung | môngsa dadak kaya sira | gêlêm dadi kuli-kuli ||

10. sanadyan oleha rahmat | rahmat setan gumêr kang pra bupati | wontên jodhang kalih rawuh | saking ing pasanggrahan | mring Dipati Pugêr wau dhawuhipun | punika pêparingira | dhatêng tamu ingkang prapti ||

11. Adipati Pugêr nulya | dhawuhakên wau dhatêng têtami | ature prasamya nuhun | nulya dèn dhunkên samya | wêwadhahe sêmôngka durèn myang mundhu | prasamya bokor salaka | wadhahe pijêtan manggis ||

12. jêruk jirak lan sawangan | jambu salak talês gêmbili uwi | malinjo gayam kapundhung | sami bokor kancana | saya eram Endranata dènnya dulu | lajêng prasamya dhaharan | lan sagung para bupati ||

13. duta rêrêp mung sadina | lan sawêngi anèng ing Sukawati | sampun atampi wêwangsul | lajêng pamit umangkat | tan kawarna ing marga Samarang rawuh | katur kang sêrat wangsulan | mring gupêrnur ing Samawis ||

14. binuka sinukmèng driya | suraosing kadi duk amangsuli | mring Endranata ing dangu | gupêrnur langkung kewran | atanyaris maring duta kalihipun | kapriye polahe kana | dene têka ngadi-adi ||

15. nampik bumi têlung lêksa | têlung èwu apa kang dèn karsani |

--- 48 ---

iyèku wangsulanipun | panggawe wus kaliwat | dhingin amung trima sawah têlung èwu | mêngko kasèp duk kaswara | sapa wruh tibaning pati ||

16. nora angetung wêkasan | ora jamak apa bisa nglakoni | Aryèndranata turipun | tuwan kawula eram | kèhe wonge tan môntra-môntra wong dhusun | apênêt pelag-pelag |[8] busanane sarwa adi ||

17. jro wana dados nagara | pratingkahe lir wontên jroning puri | tuhu yèn winong Hyang Agung | tan wontên kakirangan | satingkahe kadya kamulyaning ratu | gupnur dahat kawêdhêngan | sigêg angupaya budi ||

25. Nyariyosakên kramanipun Pangeran Mangkunagara, kamantu ing Pangeran Mangkubumi, sarta kramanipun Gupêrnur ing Samarang, karawuhan ingkang Sinuhun ing Surakarta

18. gantya ingkang kawursita | pra pangeran kang samya madêg baris | kidul myang wetan prajagung | Pangran Mangkunagara | kang abaris anèng ing Gêmantar dhusun | milihi wong kang prayoga | pinacak dadya prajurit ||

19. sampun agung wadyanira | kêkapalan ginunggunga watawis | wontên sèwu malah langkung | kang rayi kalihira | prajurite kêkapalan gangsal atus |

--- 49 ---

Pangeran Mangkunagara | ingkang dadya pramugari ||

20. tansah sowan mring Jakawal | nèng Jakawal ngantos ing pitung ari | datan lami wangsulipun | kadhang samadya côndra | tugur anèng Jakawal

kasukan nutug | abên-abên sawung gêmak | langkung sagêd ngambil galih ||

21. lamun sowan ingkang rama | prajurite pinilihan kang bêcik | kêkapalan sangang atus | wolu likur bandera | wus pinarêng jodho pangran ngambil mantu | apanggih sanaking sanak | Dyan Ajêng Intên kang wangi ||

22. Dyan Ajêng Bruwok pêparab | dhaup ari Saptu Bêsar kang sasi | ping pônca wlas tanggalipun | nuju Êbe kang warsa | sagung ingkang bupati prasamya kumpul | sangkalanira ingetang | sêmbah sapta rasa siji ||[9]

23. jêng pangran dhatêngkên suka | ôndrawina lan sagung pra bupati | pitung ari laminipun | sawusira mangkana | ingkang garwa kalilan binêkta kondur | dhatêng barisan Gêmantar | nutug dènnya akaronsih ||

24. wusnya amiwaha putra | Jêng Pangeran Dipati Sukawati | senapatining prang pupuh | ing pramuka jayèngrat | miyos siniwakèng wadyabalanipun | pêpak andhèr ambalabar | dhawuh mring para bupati ||

25. kinon angêlar jajahan | angêngirup dhusun jawining nagri | Surakarta kang ingutus | Tumênggung Jayadirja | Rôngga Wirasantika katiganipun | Tumênggung Suryanagara | tindhih Pugêr Adipati ||

26. dhinawuhan baris langkap | sakilène Wanakarta tan têbih |

--- 50 ---

Ranadiningrat Tumênggung | lawan Rêksanagara | kinon anèng Pacangakan barisipun | kang liningan sigra budhal | praptèng papan pacak baris ||

27. ngirup tiyang padhusunan | kang tinêkan suyud tur pati urip | datan ana ingkang purun | malih kang cinarita | ingkang lagya kawêdhêngan mangun rêmbug | Idlir Gupêrnur Samarang | gêlêng golong ingkang pikir ||

28. amundhut mantri Samarang | mantri papat badhe bêkta kêkirim | sangkêlat miwah baludru | sutra ijo myang abang | miwah kang mur

akathah ingkang kêkintun | kanthi sêrat sung tupiksa | mring Pangeran Sukawati ||

29. yèn gupêrnur arsa krama | pangran pinrih kèndêl amangun jurit | supadi tan karya kisruh | wus mangkat kang caraka | miwah nuduh dutatur sêrat sang prabu | mangkana suraosira | gupêrnur atur upêksi ||

30. lamun arsa parakrama | antuk sutanipun Idlir Batawi | Jakup Musêl julukipun | idlir prapta priyôngga | Hogêndhorêp minta pangèstu sang prabu | raharjaning mangun krama | basukia ing salami ||

31. ewamakatên manawa | wontên lunturing sih jêng sri bupati | kaparênga nujwèng kayun | nêdhaki mring Samarang | anjênêngi ing dintên paningkahipun | sayêkti kalingga murda | sih dalêm pinundhi-pundhi ||

32. ngiras pantês pêpanggihan | lawan Idlir Jakup Musêl Batawi | yèn sang nata karsa dhawuh | mangun raharjanira | nuswa Jawi idêlèr sayêkti cukup | nampèni karsa narendra | môngka sulihing [su...]

--- 51 ---

[...lihing] Kumpêni ||

33. umêsat ingkang dinuta | mundhi sêrat konjuk jêng sri bupati | datan winarna ing ênu | gantya kang kawuwusa | nagri Surakarta kangjêng sang aprabu | ingkang wiyoga sungkawa | saking rêruwêting bumi ||

34. mêngsah sangsaya angrêda | duk samana nuju ari Rêspati | miyos maglaran sang prabu | andhèr ingkang sumewa | pra punggawa panèwu mantri supênuh | sagung satriya nèng ngarsa | miwah sang anindyamantri ||

35. Dyan Dipati Pringgalaya | Sindurêja jajarira alinggih | sri narendra sigra dhawuh | samun parênging karsa | Pangran Arya Mataram sinung jêjuluk | Pangran Arya Buminata | têtêp dadya pramugari ||

36. para santana narendra | lawan malih kang kinarsan gêntèni | lênggahipun Singaranu | bupati numbakanyar | kaliwone ingangkat sinung jêjuluk | Dyan Tumênggung Cakrajaya | kang sewaka saur pêksi ||

37. jumurung karsa narendra | sawusira sang nata dangu warti | mring dipati kalihipun | ênggènipun kang mêngsah | pra pangeran lawan dangu wartinipun | ingkang rayi Jêng Pangeran | Ariya Amangkubumi ||

38. matur Dipati Sindurja | rayi dalêm Pangeran Mangkubumi | nèng Kajawal[10] barisipun | ngadêgkên pawatangan | nanging mangke pan botên jumêjêng[11] ratu | mung ngalih nama Pangeran | Adipati Sukawati ||

39. senapati ing paprangan | putra Tuwan Pangran Mangkunagari | pan sampun ingambil mantu | kathah para bupatya | môncapraja [mô...]

--- 52 ---

[...ncapraja] pasisir ingkang anungkul | Garobogan Warung Sela | Jipang Dêmak Jagaragi ||

40. samya sowan rayi tuwan | malah angsal wêwah andêling jurit | abdi manggalaning pamuk | tyang Bali kawan dasa | ingkang kalih jinunjung nama tumênggung | rowangipun sinung lênggah | kinarya mantri pinilih ||

41. punggawane ri paduka | kang mangilèn ing Langkap gène baris | sakawan bupatinipun | Tumênggung Jayadirja | lawan Rôngga Wirasantika pukulun | Tumênggung Suryanagara | inggih punika Suwandi ||

42. tindhihipun pun Paridan | mangke sinung nama Pugêr Dipati | mèsêm ngandika sang prabu | Si Suwandi nèng kana | Si Paridan têgêse bêbotohipun | pira dohe saka praja | Sindurêja awotsari ||

43. Langkap kilèn Wanamarta | angêgirup tyang dhusun kanan keri | salingsir wetan pukulun | saking ngriki têbihnya | ingkang wetan Pacangakan barisipun | Tumênggung Ranadiningrat | Tumênggung Rêksanari ||[12]

44. kang kidul Mangkudiningrat | juluk Pakuwaja nèng Kêbomati | Pamot Kanitèn jêjuluk | baris wontên Kalesan | alon dènnya ngandika jêng sang aprabu | sapa aran Pakuwaja | Sindurêja awotsari ||

45. putra Tuwan Dyan Mas Sabar | ingkang nama Pangran Kanitèn gusti | Dyan Mas Sambiya pukulun | dene putra paduka | ingkang sêpuh Dyan Mas Sait kang jêjuluk | Pangeran Mangkunagara | nèng Gêmantar dènnya baris ||

46. suyut malih tiyang desa |

--- 53 ---

sampun pêtêng margi dhatêng Matawis | ing Sêmbuyan Sultan Dhandhun | pulih sampun angrêda | mantuk malih tigang dhomas Ardikidul | sri narendra angandika | Buminata sun arani ||

47. wong ngalômpra tanpa karya | kang kaèsthi amung parawan sunthi | Sindurêja lan si oprup | sira asamêktaa | mukul mungsuh iya ing sadina sesuk | kang nèng kulon Wanakarta | kanthia bocah bupati ||

48. ing jaba Si Pakuningrat | lawan bocah bupati jro kêkalih | Nitidiningrat Tumênggung | myang Si Tirtawiguna | Adipati Sindurêja tuwan oprup | prasamya matur sandika | gya luwaran jêng siniwi ||

49. ing dalu tan winursita | enjingira oprup lan dyan dipati | anata prajuritipun | Kumpêni Slam kang dharat | Bali Bugis Makasar cacah rongatus | kêkalih kapitanira | Barak Tolong kang nindhihi ||

50. dragundêr satus atarap | pra bupati sawadya wus miranti | bêlabar andhèr supênuh | prajurit kêkapalan | winatara wontên sèwu malah langkung | oprup anêmbang têngara | sigra budhal saking nagri ||

51. kunêng gantya kang winarna | sadèrènge kangjêng sri narapati | utusan amukul mungsuh | kilèning Wanamarta | Jêng Pangeran Sukawati tampi sampun | sêrat saking ing Samarang | surasane sung upêksi ||

52. yèn gupêrnur arsa krama | ngarsa-arsa sih dalêm sri bupati | rawuh anjênêngi dhaup | kalamun kasêmbadan | sri narendra têdhak ngiras mangun [mangu...]

--- 54 ---

[...n] rêmbug | mrih mulyaning nuswa Jawa | jêng pangran dipun aturi ||

53. sapêngkêring raka nata | mugi sampun dhawuh amangun jurit | maring wadyabalanipun | mrêpêki Surakarta | dene lamun sri narendra sampun kondur | saking nagri ing Samarang | sakarsanta karya brangti ||

30. Asmaradana

1. Jêng Pangeran Adipati | Sukawati sawusira | maos gupêrnur surate | sigra dènira utusan | bubarkên barisira | pra punggawa kang tinuduh | angêlar-êlar jajahan ||

2. samya tinimbalan mulih | mring pakuwon Sukawatya | mituruti pamintane | Tuwan Gupêrnur Samarang | karsanya jêng pangeran | mamrih utamaning laku | aywa kongsi aprang nistha ||

3. sagung kang para bupati | ri sampuning tampi dhawah | kêbut sawadyabalane | Dipati Pugêr wus kathah | dènnya antuk têlukan | sapangulon sapangidul | lèr kali Pepe kewala ||

4. sami mêmacaki mantri | warata kang srat parentah | baris Langkap bubar kabèh | mangkana oprup lampahnya | mèh prapta Wanakarta | wontên têlik saos atur | mring Pangeran Pakuningrat ||

5. yèn mêngsah wus bubar wingi | mung kantun mantri satunggal | Ki Ngabèi Amad Salèh | kang têngga ing Wanakarta | gya Pangran Pakuningrat | pratela mring tuwan oprup | lamun mêngsah wus bubaran ||

6. ngandikan mring Sukawati | mung tilar mantri satunggal | Ki Ngabèi Amad Salèh | Tumênggung Suryanagara | Rôngga Wirasantika |

--- 55 ---

Dipati Pugêr Tumênggung | Jayadirja saha bala ||

7. wus bubar tan ana kari | oprup langkung cuwanira | asru banting topiyone | lah dawêg lajêng pangeran | nadyan siji botêna | Ngabèi Mad Salèh niku | alah mulih tanpa karya ||

8. sae laju magut jurit | nadyan kêdhika botêna | Ki Ngabèi Amad Salèh | wontên kapal tigang dasa | Mad Salèh balanira | oprup ngundhangi dragundur | lamun wus prapta padesan ||

9. aywa ngetung gêdhe cilik | sipat lanang tinumpêsan | sampun lajêng panganjure | sira Dyan Suraprameya | andêl Pakuningratan | Dyan Tirtawijaya juluk | lan Radyan Subadiwirya ||

10. Ngabèi Mad Salèh uning | lamun kadhatêngan mêngsah | têngara ngungkung bêndhene | wus mêdal saking padesan | mapan nèng ara-ara | katon untabe kang mungsuh | ewon lan kanthi Walônda ||

11. sigra dènira ngoncati | angalèr sabalanira | Ki Ngabèi Amad Salèh | banderanira binabar | bêndhe ngungkung tinêmbang | wong Jawa sami bêbujung | Kumpêni malêbèng desa ||

12. dèrèng wontên wong kang ngili | sajrone ing Wanakarta | oprup kalangkung dukane | cuwa mangsah ngangah-angah | tan kêna wong katingal | pamêdhange goprak-gapruk | tuwa rare sipat lanang ||

13. puyêngan pating jalêrit | gumêr otêr mawurahan | sira Oprup Totlomondo | langkung mawêrdi krodhanya | kadya yêksa mamôngsa | pêpati sungsun matimbun |

--- 56 ---

latar kêbon jroning wisma ||

14. miwah ta sajroning masjid | wontên tiyang pitung dasa | jaka kaki-kaki rare | sampun tinumpês sadaya | wontên juga wong tuwa | nguni lungsuran pangulu | duk arjanèng Kartasura ||

15. nuwun kèndêl dèn lilani | pinanci pinaring pangan | wontên dhusun ing Gêgodhong | nanging sabên balanira | pangeran lan Walônda | campuh prang wontên ing ngriku | laju ngili Wanakarta ||

16. mantune ingkang mondhongi | Ki Ngabèi Saradipa | wus pinarêng ing ajale | nora kêna asêsambat | wus milu pinêjahan | akarya eram kang dulu | saênggon-ênggon pêpêjah ||

17. lir pendah babadan pacing | dragundêr satus kang mêdhang | katuwukên akèh melok | miwah poporing sanjata | akathah ingkang sigar | wusnya sirna wong sadhusun | oprup lan mantri wasesa ||

18. miwah katiga bupati | budhal saking Wanakarta | langkung kathah jarahane | dalu praptèng Surakarta | ing wanci bakda ngisa | lajêng tumamèng kadhatun | matur solahing dinuta ||

19. lamun Pugêr wus gumingsir | amung mantrine kewala | pun Ngabèi Amad Salèh | punika ingkang anglawan | langkung mêmanasing tyas | dhusun kang anut ing mungsuh | dadya dèn gêmpur sadaya ||

20. sri narendra ngandikaris | iya bênêr karêpira | iki mungsuh mundur kabèh | kang wetan wus padha bubar | kidul uga mangkana | tan ana nêlukkên [nêlukkê...]

--- 57 ---

[...n] dhusun | kajaba kang wus kèdêgan ||

21. oprup sampun pamit mijil | ing dalu datan kawarna | enjing prapta pustakane | Tuwan Gupêrnur Samarang | oprup wus manjing pura | surat katur ing sang prabu | binuka sinuksmèng driya ||

22. sang nata ngandika aris | oprup iki kang surasa | iya Gupêrnur Hondhorop | tur uning yèn arsa krama | antuk idlir sutanya | Jakup Musêl jênêng ingsun | arsa têdhak jênêngana ||

23. Si Hondhorêp gone krami | sira nuli sarêmbuga | lan dipati sakarone | prayogane ari tanggal | têdhak sun saka praja | lawan sapa ingkang tugur | sarta dhèrèk jênêng ingwang ||

24. oprup sandika mijil |[13] sapraptanira ing jaba | wus panggih lan patih karo | dadosing pirêmbagira | oprup lan sang dipatya | Soma juga tanggalipun | prayogining têdhak nata ||

25. kang tugur têngga nagari | Adipati Sindurêja | Arya Mlayakusumane | Tumênggung Kartanagara | Pangeran Pakuningrat | lan Wiraguna Tumênggung | liyane saking punika ||

26. kêrig dhèrèk mring Samawis | dene bupati majêgan | ing Mataram sakarone | Tumênggung Jayawinata | Rajaniti kanthinya | datan dhèrèk kantun tugur | anèng tanah ing Mataram ||

27. pra santana ingkang kari | Jêng Pangeran Buminata | sarèhe panêngên kabèh | dene prajurit Walônda | kang dharat kawan dasa | rumêksa jêmpana prabu | dragundêre wolung

--- 58 ---

dasa ||

28. oprup lawan nindyamantri | sawusnya dadi kang rêmbag | prasamya malbèng kadhaton | umatur jêng sri narendra | sadaya rêmbagira | amarêngi sang aprabu | oprup lawan sang dipatya ||

29. mêdal aparentah nuli | angrukti pirantinira | praptane ing ari Sênèn | tanggal pisan sasi Sura | nuju wau kang warsa | jêngkarira sang aprabu | saking nagri Surakarta ||

30. sinêngkalan têdhak aji | gunaning rêsi bahingrat |[14] kang wadya balabar ambèr | amênuhi wana marga | sagung bupati jaba | kang sami lumakyèng ngayun | bupati jro anèng wuntat ||

31. Jêng Gusti Pangran Dipati | Anom Amêngkunagara | Sudibya Rajaputrane | risang narendra Mataram | mandhirèng Surakarta | dhèrèk têdhaknya sang prabu | kêbut sapunggawanira ||

32. lampah dalêm tigang ratri | gupêrnur pamêthuktira[15] | myang bupati pasisire | nèng salèring Payungpudhak | satus dragundêrira | wong Surakarta kèh pandum | Hondhorêp mantun sarigak ||

33. mantun prak ati apêkik | manise sêbut kewala | wudharing badan gêdoblo | andhingini udhunira | gupêrnur saking kuda | amurugi sang aprabu | angrangkul sarwi karuna ||

34. kêsêsêgên dènnya nangis | sang nata mundhut turôngga | sigra dènnya ngunjukake | gupêrnur marang sang nata | nulya sami lêlampah | sagunging bala pangayun | kinèn lajêng mring Pragota ||

35. badhe pasanggrahan aji | sinaosan [sina...]

--- 59 ---

[...osan] ing Pragota | wadya pangarsa lampahe | wus sami praptèng Pragota | diwasaning baskara | rawuh dalêm sang aprabu | anèng ing nagri Samarang ||

36. Twan Jakup Musêl Idêlir | amêthuk wahana rata | wus panggih lan sang akatong | angrangkul arasan jôngga | idlir dahat noraga | sang nata ngaturan sampun | anitih tunggil sarata ||

37. sapraptanira ing loji | umyang kodhokngorèk ngangkang | barung musik lan swarane | carabalèn myang pradôngga | mariyêm magênturan | kadi angrubuhna gunung | gêgêtêri kang miyarsa ||

38. laju lênggah trun sang aji | idlir langkung kurmatira | ngungun dènnya sangêt sihe | dhatêng badhe mantunira | paran winalêsêna | sih dalêm jêng sang aprabu | kang satuhu tanpa timbang ||

39. satêngah wolu sang aji | jêngkar dhatêng ing Pragota | idêlèr andhèrèkake | lan gupêrnur mring Pragota | prapta wus masanggrahan | tuwan idlir myang gupêrnur | wangsul sarêng pamitira ||

40. ing dalu datan winarni | enjinge idêlèr prapta | lawan gupêrnur sarênge | sowan tuwi jêng sri nata | wusnya lênggah watara | nulya pamit sarêng mundur | antara ing tigang dina ||

41. sri narendra lan jêng gusti | dèn aturi jênêngana | gupêrnur ing paningkahe | idêlir mêthuk priyôngga | mawi ambêkta rata | badhe titihan sang prabu | miwah jêng pangran dipatya ||

42. idêlèr nganthi sang aji | inggahipun ing kareta | duk ngancikan pancadane |

--- 60 ---

jêplak wêsinira pokah | mêsat garègèl samya | tibèng siti duk andulu | idêlir kagyat ing driya ||

43. dangu dèn iling-ilingi | nora pantês yèn putunga | dene santosa prantine | idlir dahat kagawokan | ngunandika jroning tyas | apa baya sang aprabu | dêduka mring jênêng ingwang ||

44. idêlir umatur aris | sri narendra ingaturan | wangsul lênggah nyarèhake | idêlir sigra utusan | amundhut santun rata | amerang sajroning kalbu | nanging sinamun ing netya ||

45. tan antara rata prapti | idêlir matur ngrêrêpa | angaturi têdhak katong | myang jêng pangran adipatya | saksana sigra têdhak | saking Pragota sang prabu | sawadyabala balabar ||

46. sapraptanira ing loji | langkung saking saban-saban | Kumpêni atur kurmate | sawusira paripurna | paningkahing pangantyan | mangun kasukan sang prabu | sêsugun mawarna-warna ||

47. satêngahe pukul katri | unduripun sri narendra | antara kalih arine | idlir sowan ing sang nata | gupêrnur atut wuntat | prapta pasanggrahan tundhuk | idlir alon aturira ||

48. dhuh pukulun sri bupati | kawula dipun pitungkas | ing eyang tuwan sang katong | umatur paduka nata | lamun jêng tuwan jendral | ing mangke nalôngsa tuhu | rumaos ing sisipira ||

49. dene nguni angaturi | pamrayogi sri narendra | ngêlongi sabin lênggahe | rayi tuwan Jêng Pangeran | Mangkubumi kang dadya |

--- 61 ---

manggalèng prajurit punjul | kirang titi pamariksa ||

50. gurnadur tan ngintên yêkti | lamun dadya galihira | ngluwihi para kadange | mangkya atêmah putungan | nispala wawan-wawan | Walandi kang sampun lampus | ing prang satus kawan dasa ||

51. Kumpêni Islam kang mati | kawan atus pitung dasa | mung kaping tiga yudane | amêngsah rayi paduka | Mangkubumi Pangeran | yèn kalajêng bêndunipun | saèstu awrat sinôngga ||

52. gupêrnur sampun ngrêmbagi | dipun êbang tigang lêksa | lan tigang lêksa punjule | ngaturan kondur mring praja | sowan ing padukendra | nanging kêkah botên keguh | sampun nêmah anêmpuh byat ||

53. marma lamun sri bupati | kaparêng panudyèng karsa | ingindhakan pangêbange | sri narendra angandika | iya sakarsanira | lawan karsane gurnadur | ingsun mung nyarah kewala ||

54. wit ingsun liwat prihatin | duk gurnadur darbe karsa | ngêlongi gêgadhuhane | lungguhe sawah yayi mas | ingsun kongsi sêsambat | mantunira si gupêrnur | padha susahe lan ingwang ||

55. Yayi Êmas Mangkubumi | prawira ambêg pasaja | awêkêl ing bêbudène | durung tau wani cidra | marang ing kadang tuwa | rumêksa têmên nrus kalbu | tan kumêdhèp lamun yuda ||

56. môngka manggalèng prajurit | awantêr putus ing gêlar | sun dhawuhna akèh-akèh | Hogêndhorêp iya uga | wus nyipati priyôngga | lamun angawaki pupuh | mungsuh pangeran [pange...]

--- 62 ---

[...ran] lêlima ||

57. dèn ijèn bae tan kongsi | dadi gawening nagara | mêngko sun mung masrahake | lamun kêna tinututan | gêlêm mulih mring praja | seba marang jênêng ingsun | aja angarani sawah ||

58. pira-pira sun turuti | panjaluke yayi êmas | kadang kang dadya tyas ingong | rowang rumêksa nagara | yèku kang wus têtela | iya dadi kanthiningsun | karya mêmanising praja ||

26. Ingkang Sinuhun kundur dhatêng Surakarta, kramanipun Pangeran Adipati Anom, sarta karampunganing Kumpêni niyat anêmênani Pangeran Mangkubumi.

31. Dhandhanggula

1. Idlir Jakup Musêl turiraris | yèn makatên inggih botên susah | prakawis katêlangsone | eyang tuwan gurnadur | botên tuwan nutuh nambuhi | pan dede saking tuwan | inggih purwanipun | lamun tuwan ngêkahana | bok winastan kirang pracayèng Kumpêni | makatên tyas paduka ||

2. botên tiwas saking padukaji | inggih punika gurnadur jendral | ingkang tiwas panggawene | paduka sampun langkung | dene kadang kang dadya kanthi | kinarsakkên ing jendral | lorot lênggahipun | paduka datan suwala | botên kirang kasaenan [ka...]

--- 63 ---

[...saenan] sri bupati | èstu langkung utama ||

3. Jakup Musêl sampun anyathêti | barang pangandikane narendra | têrang rampung ing ature | idlir lawan gupêrnur | sigra pamit wangsul mring loji | tan winarna samana | ing sasampunipun | rêrêpira sri narendra | pitung ari anèng nagri ing Samawis | sigra jêngkar sing praja ||

4. kondur marang Surakarta nagri | ari Anggara tanggal ping sanga | agung Kumpêni kurmate | tan pae duk arawuh | twan gupêrnur lawan idêlir | kathah tur-aturira | ing kangjêng sang prabu | tigang ratri sri narendra | anèng marga praptanira ing nagari | anuju ari Sukra ||

5. wus ngadhaton kangjêng sri bupati | wadyabala mantuk sowang-sowang | wong cilik eca manahe | mangkana sang aprabu | animbali punggawa katri | Sindurja Pakuningrat | de katiganipun | Ariya Mlayakusuma | sri narendra andangu wartane wuri | hèh Dipati Sindurja ||

6. iya priye ing sapungkur mami | mungsuh apa mrêpêki nagara | dyan dipati lon ature | botên wontên pukulun | eca kèndêl ênggène lami | tan wontên obah molah | amung wartos ulun | para pangeran sadaya | samya ingandikan dhatêng Sukawati | èlèr-èlur gêntosan ||

7. marginipun tan purun margèni | inggih dhusun kang dèrèng kabawah | amung margèni bawahe | ngandika sang aprabu | aprakara Si Mangkubumi | ingsun wus suci asta | mring idlir gupêrnur | pan ora [o...]

--- 64 ---

[...ra] marga sakingwang | iya jendral margane tinggal nagari | puguting tyas yayi mas ||

8. nalikane ingsun andhawuhi | anèng pura iya mring yayi mas | ingsun longi gadhuhane | mung kudu amit lampus | merang miyat samaning janmi | nadyan dèn êlongana | mung satus rongatus | nora pisan cipta gêsang | kang kaèsthi amung nêdya nglampus dhiri | aminta lilah ingwang ||

9. yèku eling sutaning narpati | cacah cucah kakehan parentah | amung katon ing wirange | nêmah nekat anglampus | Yayi Êmas Amangkubumi | mêngko abot sinôngga | Walandane gêtun | katujune raganingwang | duk samana Hondhorêp wus sun dhawuhi | ing labête yayi mas ||

10. dahat dènnya Hondhorêp prihatin | sanggup lamun wus kalingan warsa | bumi dèn balèkkên manèh | mring yayi têlung èwu | jendral yêkti datan udani | nanging ta yayi êmas | basa wus katrucut | tan bisa ambalènana | ing basane ajur luluh dèn lakoni | ing mêngko kalampahan ||

11. Arya Mlayakusuma duk myarsi | dhawuh pangandikane narendra | barêbês mijil waspane | Pakuningrat dhêkukul | Sindurêja pucêt anjêgrig | nata malih ngandika | ing mêngko gurnadur | dahad[16] dènnya analôngsa | pangêbange lamun Yayi Mangkubumi | arsa mulih mring praja ||

12. têlung lêksa punjul Sukawati | têlung èwu dutane Walônda | bola-bali tanpa gawe | adhi mas malah nêpsu | diwèhana [di...]

--- 65 ---

[...wèhana] bumi sakêthi | nora niyat melika | dudu anak jagul | mung eling sutaning raja | nora bisa anganggo lambe balantik | ajur luluh anêmah ||

13. prang ping têlu Dhimas Mangkubumi | si gupêrnur kang matur maringwang | pawartane Walandane | pan satus patang puluh | Mêkasare lan Bugis Bali | kang mati prang ping tiga | iya patang atus | lawan punjul pitung dasa | mayor karo kapitane ya kêkalih | kairas ing yayi mas ||

14. Sindurêja nora darbe gêtih | nanging pamuwuse jroning nala | ingsun iki wong kêkarèn | barang rèh atut pungkur | sri narendra anguningani | marase Sindurêja | cinandhak sinamun | ngandika mring Mlayasuma | bala iki kakangira Mangkubumi | nukuli Surapatya ||

15. kadi Panêmbahan Senapati | wani tangguh trusing kalbu tatag | hèh Sindurja kayapriye | tangkêpe ing prang pupuh | Yayi Êmas Amangkubumi

| duk aprang lawan sira | Sindurja wotsantun | tangkêpipun rayi tuwan | nadyan kathah abdine botên nanglêdi | eca lorot kewala ||

16. yèn pinêlak punika tan kêni | bêbayani luhung kinèndêlna | amung lêstantun lampahe | datan kenging tinangguh | yèn têrkadhang abdine kêdhik | mêngsahe tikêl tiga | botên nêdya mundur | nuntên anglêlêt bandera | ingkang kathah nglêlêt bandera jro jurit | manahe sampun gêmpal ||

17. mila kathah katiwasan gusti | rayi dalêm [da...]

--- 66 ---

[...lêm] yèn nglêlêt bandera | badhe angantêp pamuke | têmahan gêmpur tumpur | ingkang sami nadhahi jurit | dene rayi paduka | ngawaki anamur | ngangge cara lurah numbak | kang nitihi kudane asongsong kuning | pun Suwandi kewala ||

18. ingkang dadya ngungun amba gusti | abdinipun kang samya tinilar | bêkêl dhusun sadayane | tan wontên purun têluk | amung sikêp tuwa pamburi | punika mung têrkadhang | nanging mèh sadarum | samya andhèrèk saparan | rayi dalêm saèstu jinayèng jurit | katôndha ing pratôndha ||

19. punggawane anaracak pêkik | wani tangguh bèrbudi yuwana | awêgig sabarang gawe | kontap prawira punjul | amunjuli punggawa nagri | titi patitis ing prang | kukuh datan keguh | kinarubut mêngsah kathah | Radyan Arya Mlayakusuma bêbisik | mring Pangran Pakuningrat ||

20. dhuh adhi mas punapa wus tampi | kyai lurah puniki agawat | amirit-mirit ature | anjiwit sisihipun | kang kinitêr aturing aji | Ki Lurah Pringgalaya | lulute amuput | puniku ingkang kinalang | Pakuningrat nauri sarwi bêbisik | inggih lêrês Sindurja ||

21. kasangêtên Pringgalaya yêkti | Singaranu mati nèng payudan | nora ginantèn sutane | utawi kadangipun | têka Cakrajaya kinardi | gamêle Martanata | ginawe tumênggung | mung katon sèwu kewala | Pringgalaya nora ngatokkên taliti | wicara yèn bagusa ||

22. Cakrajaya [Cakra...]

--- 67 ---

[...jaya] apa kang pinilih | dhapur nora amicara nora | rusuh nora na kapoke | mung reyal kang kaetung | datan pisan rumêksa gusti | mamrih arjaning praja | utamaning ratu | maksih akèh pagawean | Pringgalaya nganggo pikir bosah-basih | silulup ing pawuhan ||

23. nora etung rêrêgêd mênuhi | Pringgalaya gawe nora tata | sok karamas ing pacêrèn | anêmpuh bangêr arus | kadya paran tingkah puniki | angling Mlayakusuma | yayi kula bingung | ing rasa botên karasa | mila wau duk sang prabu angraosi | kang rayi Sukawatya ||

24. kula datan sagêd amiyarsi | awit môngsa andadak antuka | ngupayaa lêlirune | têtêp mantêp ing kalbu | kadi Kangmas Amangkubumi | madhangakên nagara | anyirnakkên mungsuh | prandene ginawe ala | awak dhèwèk malih yèn dadia usring | picise nora ana ||

25. sigra dhawuh kangjêng sri bupati | punggawa tri samya kinèn mêdal | antara côndra lamine | kèndêl tan wontên pupuh | kunêng malih ingkang winarni | kangjêng sri naranata | karsa amêmantu | mikramakkên atmajendra | jêng pangeran dipati antuk putrining | Jêng Ratu Madurêtna ||

26. kang patutan saking adipati | Cakraningrat Bupati Madura | Dyan Ajêng Wuku namane | sang nata wus anuduh | duta mundhi nawala maring | kangjêng gurnadur jendral | myang tuwan gupêrnur | sung uning miwaha putra | praptanira ing ari para [pa...]

--- 68 ---

[...ra] bupati | wus rakit makajangan ||

27. nguyu-uyu sakati sang aji | pra bupati ambêkta pradôngga | nèng sebane dhewe-dhewe | samya kasukan nutug | rêrênggane datan winarni | mung cinatur panggihnya | ri Anggara nuju | wimbaning lèk ping kawan wlas | amarêngi ing wulan Jumadilakir | Wawu sangkalanira ||

28. guna sapta rasaning narpati |[17] ningkah anèng sasana sewaka | panggih munggèng dalêm gêdhe | kunêng ingkang manungku | pinangantèn anèng jro puri | gantya kang winursita | Gêndhorêp Gupêrnur | wira-wiri dutanira | ngipuk-ipuk mring Pangeran Sukawati | nanging datan tinampan ||

29. kaku tyase ngantêp kanthi peling | Pangran Sukawati pindha arga | tinêmpuh ing angin gedhe | kukuh tan mawi keguh | langkung kewran para radpêni | dadine kang pirêmbag | para rad wus kumpul | mung nêdya ingantêp yuda | ginoco pat jendral ngupaya prajurit | maring nagri Walônda ||

30. tigang atus prajurit linuwih | pêpilihan nama Wlônda usar | apan seje panganggone | aba[18] saruwalipun | rasukane sangkêlat wilis | cêmêng kêkulukira | amawi kêkucur | kangkame sabêlah jaja | nanging taksih kinumpul nagri Samawis | angantos paprangkatan ||

31. kinêrigan Walônda pasisir | Surabaya Gêmbong lan Japara | Kumpêni Têgal tunggile | wus dadya gangsal atus | kalih atus dragundêrnèki | senapatining yuda | Sakèbêr kang sanggup | wus ngangkat mayor samana |

--- 69 ---

Mayor Kèbêr gêng inggil ototê bêcik | kadya Prabu Ngalêngka ||

32. pra prajurit Walônda kang sami | anèng Sala sampun pinilihan | kang prakosa satus kèhe | Kumpêni minta sampun | ing lilane jêng sri bupati | dhawuh timbalan nata | lila anrus kalbu | sira sang mantri wisesa | dhinawuhan mêmatah sagung bupati | biyantu pêpucungan ||

27. Bidhalipun prajurit saking kitha Surakarta badhe amikut Pangeran Mangkubumi

32. Pocung[19]

1. kang anglurug Pringgalaya tindhihipun | Dipati Sindurja | kang kantun têngga nagari | lan bupati jaba Pangran Pakuningrat ||

2. liyanipun krig bupati jawi tumut | nadyan pamajêgan | kang kilèn sami kinêrig | ing Banyumas Banjar Mêrdèn Panjêr Roma ||

3. Dhayaluhur Dhatar Ngayah lan Matarum | sadaya binêkta | mung Jayawinata kari | Kalibêbêr Têrsana tuwin Têmpuran ||

4. dene sagung môncanagara tinuduh | sami akêkirab | baris anèng jaban nagri | pra bupati pasisir ugi sadaya ||

5. pan tinuduh baris jaba nagrinipun | ingkang kinawruhan | Pangran Arya Mangkubumi | gêlaring prang prajurite kang ingumbar ||

6. ngalèr ngidul lêpas pra tumênggungipun | tan kêna ginampang | gêlare wus samya dadi |

--- 70 ---

punggawane wantêr tan ajrih ing pêjah ||

7. marmanipun mungsuh pra pangeran kidul | lêlima punika | nora nganggo dèn rawati | mung pinêlêng satunggal ing Sukawatya ||

8. asal putung kang siji kabèh malêdug | tan dadi abahan | mung Pangeran Sukawati | tinêmênan Kumpêni nora kainan ||

9. ing pangêlus ngêla-êla angrêrarapu[20] | aja kongsi tiwas | anèng samadyaning jurit | ingaturan kondur maring prajanira ||

10. yèn mituhu têlung lêksa sabinipun | lawan tigang nambang | prabu anom senapati | anèng Surakarta sor-soraning raja ||

11. wênang nabuh sabarang ing karsanipun | lilahe kang raka | têka dadak datan kungkih | mêksa mampang rêmbage gurnadur jendral ||

12. langkung kaku tyasira tuwan gurnadur | apa kang sinêdya | dene kukuh nora kungkih | dadya minta Kumpêni marang Samarang ||

13. lilanipun mring kang rayi dèn satuhu | badhe tinêmênan | aprang sapisan puniki | sri narendra lila nrus ngêbyarkên asta ||

14. milanipun kinarakat badhenipun | gêbyura samodra | ngungsia dhasaring warih | amumbula marang ing langit ping sapta ||

15. dipun êlud saparane dèn bêbujung | pan rinoban lawan | ing lampah mêlêng sawiji | rinakitan pasisir môncanagara ||

16. ya ta wau siyaganira wadyagung | wus tata warata | dhawuh timbalan narpati | kaping catur Rêjêp bidhal saking praja ||

17. ingkang kantun tata makajangan sampun |

--- 71 ---

bupati jro samya | akarya pakuwon mantri | anèng jroning pagêr jaroning kadhatyan ||

18. dunungipun Sindurêja dènnya tugur | kilèn sitibêntar | nging dèrèng karya sitinggil | Pangran Pakuningrat makuwon pagongan ||

19. malihipun para pangeran sadarum | sami makajangan | ing alun-alun marapit | kawuwusa ping catur Soma arinya ||

20. pra tumênggung barise wus samya kumpul | balabar bra sinang | Pringgalaya Adipati | wus samêkta budhal maring ing paseban ||

21. barisipun Kumpêni dhêndhêng ngêndhanu | kidul wringin kêmbar | Kumpêni dènira baris | karya ebat angajrihi kang umiyat ||

22. tigang atus Sakèbêr dragundêripun | tigang atus usar | dadya nêmatus turanggi | upêsire kang nênêm pangkat kapitan ||

23. litnanipun kalih wêlas cacahipun | Kumpênine Islam | ingkang dharat winitawis | pitung atus Bugis Bali lan Makasar ||

24. barisipun para bupati kang nglurug | lèr waringin kêmbar | ngilèn ngetan amênuhi | busanabra gêgaman maneka warna ||

25. pra tumênggung sami magêlaran sampun | cacahe sawêlas | Mlayakusuma akanthi | Wiraguna Tumênggung Kartanagara ||

26. malihipun Dyan Mangkupraja Tumênggung | Radyan Natayuda | Dyan Ônggawôngsa akanthi | Cakrajaya Dyan Tumênggung Wiradigda ||

27. Dyan Tumênggung Kartadipa lan Tumênggung | Banyumas Mataram | Yudanagri Rajaniti | myang Ngabèi [Nga...]

--- 72 ---

[...bèi] Ngayah Pasir Panjêr Roma ||

28. Dhayaluhur Banjar Kalibêbêripun | upêsir sadaya | lan Sakèbêr wus sumiwi | nèng paglaran nganti wiyose sang nata ||

29. tan adangu wiyosira sang aprabu | horêg panangkilan | lênggah ing amparan rukmi | sigra Mayor Sakèbêr ngandika nyêlak ||

30. nyêlak oprup sri naranata andulu | untabing kang wadya | agung èstu gêgirisi | angandika mring Dipati Pringgalaya ||

31. bocah ingsun wadana kliwon sadarum | sira dhawuhana | maju ngabêkti ing mami | sigra mangsah patih lan para bupatya ||

32. sampunipun lajêng pra kliwon sadarum | anulya ngandika | wau kangjêng sri bupati | hèh sagunge bocah sun kang arsa yuda ||

33. iya ingsun jurung salamêtirèku | tur sêmbah gumêrah | ature wadyabalaji | nulya mayor upêsir majêng tabean ||

34. duk puniku Sakèbêr bêbêntingipun | pan cindhe jalamprang | wus pamit ing sri bupati | sarêng budhal lan Dipati Pringgalaya ||

35. paminipun ginunggunga kang wadyagung | langkung yèn salêksa | kang ngrênggêp gêgaman jurit | kang angantêp lampah sapisan punika ||

36. bidhalipun urmat mariyêm jumêgur | panganjuring lampah | bupati sèwu akanthi | numbakanyar Dyan Tumênggung Cakrajaya ||

37. kang sumambung Bumi lan Bumija iku | Radyan Mangkupraja | Natayuda kang nambungi | sira Radyan Tumênggung Kartanagara ||

38. Dyan Tumênggung Wiraguna wurinipun |

--- 73 ---

Arya Mlayasuma | Wiradigda kang nambungi | wurinira Dyan Tumênggung Kartadipa ||

39. wurinipun bala Kumpêni sumambung | myang Kumpêni Islam | dene wurinipun malih | barisira Dyan Dipati Pringgalaya ||

40. wurinipun Yudanagara Tumênggung | sagung pamajêgan | lan Tumênggung Rajaniti | lampahipun anut iladuninira ||

41. wiwit ngidul dènnya mlampah sing lun-alun | anjok ing Pilalan | ing Jatitêkên kang dèsi | samya kèndêl baris makuwon sadaya ||

42. lêrêsipun ing Nusupan kidulipun | saratri enjingnya | budhal angetan sakêdhik | mung samadya onjotan arêrêp samya ||

43. pan sadalu anèng Samin raning dhusun | enjangira budhal | angenggoki iladuni | laju ngalèr lampahe asêsinoman ||

28. Prajuritipun Pangeran Mangkubumi angrampit kitha Surakarta

33. Sinom

1. amung angsal saonjotan | pangalère lampahnèki | kèndêl dhusun Jatimalang | ing ngriku badhe alami | ngiras ngêntos-êntosi | bala kang kantun ing pungkur | lan iladuninira | saking praja mindhik-mindhik | kunêng gantya mungsuh ingkang kawuwusa ||

2. kang baris anèng Jakawal | têlike atur udani | mangkana ing aturira | dhuh

--- 74 ---

pukulun kangjêng gusti | mêngsah mijil sing nagri | langkung agêng barisipun | Walandi kanêm bêlah | Mêkasar Bugis lan Bali | pitung atus Sakèbêr sênapatinya ||

3. têtindhih prajurit Jawa | Pringgalaya Adipati | pra bupati kalih wêlas | wontên salêksa kang baris | lampahe mindhik-mindhik | saking nagari pukulun | nèng Dhusun Jatimalang | ing mangke kèndêling baris | saonjotan têbihe saking ing praja ||

4. Jêng Pangeran Sukawatya | gya nimbali pra bupati | wusnya pêpak angandika | hèh Kakang Pugêr Dipati | mungsuhira wus mijil | saking praja luwih agung | Dipati Pugêr turnya | suwawi dipun tandhingi | binabingung gêlar sami ingowahan ||

5. putra paduka Pangeran | Mangkunagara prayogi | anuntêna tinimbalan | amrih sakecaning pikir | mantri ngarsa tinuding | umêsat ingkang ingutus | sagung kang pra bupatya | asaos ing siyang ratri | wus samakta busana kapraboning prang ||

6. ing ratri Kanjêng Pangeran | Adipati Sukawati | mangsah angêningkên cipta | nêgês karsaning Hyang Widhi | nunggal kahanan jati | sampurna

wêngku-winêngku | wus katon wela-wela | têtela lamun ing mangkin | dèrèng môngsa angantêpa magut yuda ||

7. wau lampahing utusan | kang marang Gêmantar prapti | Pangeran Mangkunagara | tinimbalan wus lumaris | datan amêpak baris | mung lan kuda kawan atus | sinêrung lampahira | ing Jakawal sampun prapti | ing ngarsaning kang

--- 75 ---

rama gya ngaras pada ||

8. lawan Pugêr sêsalaman | kang rama ngandika aris | kulup mêngko mungsuh mêdal | iya saking ing nagari | liwat gêdhening baris | nèng Jatimalang kêkuwu | matur nêmbah pangeran | kawula sumanggèng kapti | iya kulup ana dene karsaningwang ||

9. yèn mungsuh uwis karuwan | manjing tanah Sukawati | ingsun angrampit nagara | Kakang Pugêr bae kari | ana ing Sukawati | yèn durung karuwan durung | sira iya barênga | mêdal sakidul nagari | ingsun ingkang mêtu sakulon nagara ||

10. dene baris Jatimalang | lamun durung mobah mosik | ya ingsun mênêng kewala | amung angumbar prajurit | lan pamanira kalih | Buminata Singasantun | karo padha kirabna | dèn kêriga wong ing wukir | angancika marang ing kutha Kaduwang ||

11. yèn wus bêdhah ing Kaduwang | nêdya maring Pranaragi | nadyan ora kalampahan | dèn ana niyate ugi | wakira kang Suryadi | apa tan kêna ingadu | iku lamun kênaa | lêbokêna mring Matawis | matur nêmbah Pangeran Mangkunagara ||

12. botên kenging yèn pun uwa | pamanahanipun sami | lan pun paman kalih pisan | Buminata Singasari | langkung gènipun jirih | rayi paduka pukulun | maksih dhêlik nèng arga | anggege bangun kamuktin | dèrèng dhokoh ing prang gya jumênêng sultan ||

13. nama Sultan Malaekat | inggih Dhandhun Martèngsari | gumujêng kang pra bupatya | pangeran ing

--- 76 ---

Sukawati | alon dènirè angling | puluh-puluh ya sapuluh | wong lunga saka praja | yèn ora nêdya ngêmasi | satingkahe môngsa ta kadadèhana ||

14. iya kulup wus muliha | yèn ingsun sida angrampit | masthi utusan mring sira | iya ulihira iki | mêtua aja têbih | maripita baris agung | lah coba ungkabana | atine kang padha baris | tur sandika Pangeran Mangkunagara ||

15. wus pamit anguswa pada | têngara bêndhe tinitir | kang wadya sampun tinata | wolu banderanirèki | rinakit anyèkêti | Kudanawarsa nèng ngayun | Radèn Suryanagara | Jayadirja Brajamusthi | samya kinèn mêmanuki saking wuntat ||

16. wau ta ing lampahira | Pangeran Mangkunagari | praptèng dhêdhagan larangan | bewaking mungsuh udani | lumajêng tur upêksi | lamun wontên mêngsah rawuh | gègère apuyêngan | anambur wadya Kumpêni | baris Jawa wus mijil sami atata ||

17. Tumênggung Kudanawarsa | kang munggèng kuda sêsirig | turanggane ulês janjam | biru wuri pancal kalih | pra tumênggung miranti | tiningalan wong lêlaku | dudu wong magut ing prang | katur Sakèbêr wus mijil | lampahira ngidul ngetan lon kewala ||

18. ingkang lèr ana katingal | nanging wangsul ngalèr malih | graita kang pra bupatya | yèn Pangran Mangkunagari | seba ngatas ing kardi | mring kang rama baya iku | kukut sagung gêgaman | sami mantuk pondhok malih |

--- 77 ---

ya ta wau ing Jakawal kawursita ||

19. jêng pangeran amêmatah | Suryanagara tinuding | lan Rôngga Wirasantika | Tumênggung Jadirja kanthi | katri punggawa sami | kang

kinon karya pêpucuk | angrampit Surakarta | anyatus ingkang prajurit | kêkapalan tan wontên dharat satunggal ||

20. nyasupit banderanira | bêndhene sami nyatunggil | katri punggawamit nêmbah | têngara budhal anuli | Jêng Pangran Sukawati | ing wuri sigra anuduh | amêmanuki lampah | lampahe punggawa katri | Adipati Pugêr myang Ranadiningrat ||

21. lan Tumênggung Pusparana | kinintên budhalirèki | longkanga kalih onjotan | anyatus ingkang prajurit | amung Sang Adipati | Pugêr bêkta kalih atus | ingkang jampangi lampah | katri punggawa kang ngrampit | lampahira wus prapta ing Banyuanyar ||

22. kèndêl samya rakit gêlar | Jayadirja kang nêngahi | Mas Rôngga Wirasantika | binagi pangawat kering | ingkang têngên binagi | Suryanagara Tumênggung | kang badhe ngobong wisma | nyadasa tumênggung siji | tanpa tumbak bêdhil mung upêt kewala ||

23. kang tigang dasa punika | tan kêna milu ajurit | mung obong-obong kewala | upêt mancung dèn sumêdi | rêmbuge sampun dadi | wus samya budhal mangidul | kuda jojog adhehan | punggawane anèng ngarsi | sampun prapta sakilène Pringgalayan ||

24. Dipati Pugêr utusan | mêling katiga [kati...]

--- 78 ---

[...ga] bupati | lamun binujung ing mêngsah | kinèn mundur ngilèn sami | nèng Panasan dipati | dènnya kèndêl barisipun | wus dadi jangjinira | laju dènira lumaris | datan ana kang narka kalamun mêngsah ||

25. wontên mantri Natayudan | saking Jatimalang nagri | Dyan Tumênggung Natayuda | kang duta murugi swami | duta ingkang lumaris | binujung asru pinêstul | kang juru ngobong mangsah | kathah wisma dèn obongi | surak kukuk dahana saya angrêda ||

26. Tumênggung Suryanagara | kang ngidul wus nyabrang margi | gègèr obah sanagara | arungan samya angili | marang sajroning puri | mungsuh

surak sarwi kukuk | sagung para santana | wus angumpul pôncaniti | pra bupati samêkta gêgaman yuda ||

27. Adipati Sindurêja | Galadhag dènira baris | lan Pangeran Pakuningrat | wong cilik kuwur awiwrin | Pakuningrat tan prapti | mêngsah kang malbèng prajagung | nênêm banderanira | punggawane dèn songsongi | kang anongsong samya nèng nginggil turôngga ||

28. mantri ing Pakuningratan | Tirtawijaya Ngabèi | sarowangira wong papat | wus ngrasuk kaprabon jurit | Pulangjiwa Ngabèi | Sutadirya kanthinipun | Radyan Suraprameya | Rôngga Baki atut wuri | samya mapag yuda binêrêg mangetan ||

29. prajurit ing Sukawatya | êbèr budi kaduk wani | nora ngetung nèng jro praja | anglawan kang para mantri | kang binêrêg ngoncati | lumêbèng ing alun-alun | kèndêl [kè...]

--- 79 ---

[...ndêl] lèr pakauman | dèn mariyêm saking loji | kaping tiga kêni turôngga satunggal ||

30. ing alun-alun wus aglar | gêgamane pra bupati | sami ngêntosi parentah | tan wruh lamun mungsuh kêdhik | lawan kinintên yêkti | jêng pangeran ingkang magut | nindhihi balanira | purune manjing nagari | datan nyana yèn amung katri punggawa ||

31. Mas Rôngga Wirasantika | Tumênggung Suryanagari | lan Tumênggung Jayadirja | datan wontên malih-malih | bêkta nyatus prajurit | dadya kuda tigang atus | wau Sang Adipatya | Sindurêja duk udani | sigra dhawuh mapag mêngsah ingkang prapta ||

32. putunira Sindurêja | kalawan ipenirèki | Tumênggung Puspanagara | pun Bangkok ingkang wêwangi | Suradirja palinggih | panèkêt wong martalulut | sami panas ing driya | Suraprameya lan malih | Radèn Sutadiwirya Pakuningratan ||

33. punika prasamya mêdal | pangirid kathah ing wuri | wadyanira pra santana | wus akathah kang turanggi | jaba jro ingkang wani | wontên

kuda gangsal atus | mêdal praptèng Galadhag | kèndêl mariyêm ing loji | ya ta mêngsah kang wontên lèr pakauman ||

Lajêng nyandhak jilid 4.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. saonjotan. (kembali)
3. Guru lagu seharusnya: 8o, lan Si Gupêrnur Hondhorop. (kembali)
4. kaloran. (kembali)
5. pathêt. (kembali)
6. Teks asli: Pucung. (kembali)
7. Kurang satu suku kata: senapati ing prang pramuka jayèngrat. (kembali)
8. Kurang satu suku kata: apênêt apelag-pelag. (kembali)
9. Sengkalan: sêmbah sapta rasa siji (Sêtu, 15 Bêsar 1672 A.J., Sabtu, 19 Desember 1747 A.D.). (kembali)
10. Jakawal. (kembali)
11. jumênêng. (kembali)
12. Kurang satu suku kata: Tumênggung Rêksanagari. (kembali)
13. Kurang satu suku kata: oprup sandika umijil. (kembali)
14. Sengkalan: gunaning rêsi bahingrat (Sênèn, 1 Sura 1673 A.J.) [sic. seharusnya: Rêbo, sengkalan: gunaning rêsi bahingrat (Sênèn, 1 Sura 1673 A.J., Rabu, 3 Januari 1748 A.D.)]. (kembali)
15. pamêthukira. (kembali)
16. dahat. (kembali)
17. Sengkalan: guna sapta rasaning narpati (Sêlasa, 14 Jumadilakir 1673 A.J.) [sic. seharusnya: Rêbo, sengkalan: guna sapta rasaning narpati (Sêlasa, 14 Jumadilakir 1673 A.J., Rabu, 12 Juni 1748 A.D.)]. (kembali)
18. abang. (kembali)
19. Teks asli: Pucung. (kembali)
20. Lebih satu suku kata : ing pangêlus ngêla-êla angrêrapu. (kembali)

Serie No. 1259c

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 4.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

Wêwênangipun ingkang ngarang kaayoman miturut anggêr ingkang kapacak ing Sêtatsêblad 1912 No. 600.

--- [3] ---

Prajuritipun Pangeran Mangkubumi angrampit kitha Surakarta[1]

34. wus sami mundur lon-lonan | punggawa sami nèng wuri | Tumenggung Suryanagara | rasukan baludru wilis | apinggang puspitabrit | lancingan baludru wungu | udhêng jingga rinenda | anyuriga dhuwung katri | asêsirig anglangak ngiwa gandhewa ||

35. turôngga bopong apancal | kêkalih sukuning wuri | sêmune ladak baranyak | abagus pasêmon êdir | pantês mantêp ing jurit | Mas Rôngga rasukanipun | kotang putih kewala | akêkancing watu sapir | alancingan sangkêlat ijo rinenda ||

36. udhênge kinawêng Arab | anyuriga dhuwung katri | turôngga cêmêng adhehan | pantês dhokoh ing ajurit | Jayadirja winarni | leja bang rasukanipun | srêban kudhung binara | sruwal kombor cit surati | dhuwungipun kêkalih katiga pêdhang ||

37. kudane dhawuk bang pancal | anjojog agêng tur inggil | pantês tandho ing ayuda | wau kang sami nututi | Jayakartika mantri | kadipatèn prapta nusul | bêkta kônca sadasa | Bangkok kang dèn pituturi | cêlukêna ki kakang udhênge jingga ||

38. sumbarana kon mandhêga | iya iki Si Suwandi | Bangkok anguwuh sêsumbar |

--- 4 ---

payo mandhêga Suwandi | ing kene padha bêcik | Dyan Suryanagara ngrungu | nolih sarwi angucap | iya mêngko sun andhêgi | nanging bojonira saosna paesan ||

39. nulya pinistul tan kêna | kudane tansah sêsirig | amalês manah ping tiga | Suradirja duk miyarsi | sigra dènnya nglancangi | tan kawawa ngampêt kalbu | nangis sarwi sêsumbar | payo mandhêga Suwandi | dudu lanang lamun sira wêdi pêrang ||

40. Suradirja mèh narajang | Tumênggung Jayadirja glis | ngadhangi buntare Malang | Suradirja dèn gondhèli | Jakartika sarya ngling | cêlukên Si Jalal iku | Suradirja sêsumbar | hèh Jalal mandhêga bêlis | sarêbanmu ora ambêjaji sigar ||

41. Jadirja mèsêm kewala | Mas Rôngga kang gêbayani | praptèng wuri praptèng ngarsa | Jayakartika ngling malih | Tirtawijaya pinrih | cêlukên Si Gatha iku | nguwuh Tirtawijaya | payo Gatha padha bêcik | amandhêga sira setan ngobong wisma ||

42. Mas Rôngga Wirasantika | ngucap nudingi camêthi | hèh ta sanak Surakarta | padha Jawa dèn aeling | ing mêngko sun andhêgi | yèn prapta jaban prajagung | mêngko Garêmêt kana | ing kono sompok nagari | nora cuwa gêguyon lan bocah wana ||

43. prapta kilèn Buminatan | ngêblak-êblak kanan kering | katon wetaning Kaleca | na bandera kawan supit | lan ana payung putih | kadi senapatinipun | Jayakartika ngucap | sanak gawat laku iki | kulon [ku...]

--- 5 ---

[...lon] ika iya sawetan Kaleca ||

44. punggawane payung pêthak | Dipati Pugêr manawi | bali ing kene kewala | nanging aja nuli bali | padha ngêntèni dhingin | ywa kongsi katon ing mungsuh | tan dangu gandhèk prapta | mariksa mungsuh nèng êndi | ingkang para priyayi gambuh aturnya ||

29. Ing kitha Surakarta prajurit angêlud mêngsah ingkang ngrampit kitha

34. Gambuh

1. pinanggih sampun mundur | wetan Kaleca ing kèndêlipun | nanging inggih punika bantune prapti | wontên kuda gangsal atus | tan obah kèndêl kemawon ||

2. gandhèk prasamya dulu | wontên pintên gunggunge puniku | kang nauri watarane apradondi | wontên matur pitung atus | wontên wuwuh wontên kalong ||

3. Jayakartika muwus | kang ngrampit wau mung tigang atus | Rôngga Wirasantika Suryanagari | myang Jayadirja Tumênggung | katri pangiriding pupoh ||

4. kula kêkinthil wau | lan kônca kathah mung tigang atus | sanèsipun punika pan sawêg prapti | kang songsong pêthak puniku | Pugêr gêgêdhuging benggol ||

5. gandhèk prasamya wangsul | dinamêl atur kang pitung atus | pra priyayi abdi dalêm kang nênggani | Buminatan kilènipun | kèndêling baris amanggon ||

6. gêdhong kaparakipun | pan kajawi para [pa...]

--- 6 ---

[...ra] kadangipun | pra abdine santana kliwon bupati | datanapi abdinipun | jêng pangeran dipatyanom ||

7. tuwin mantri sapuluh | Jayakartika pangiridipun | samya nganti dhawuh timbalan narpati | wong gandhèk ing lampahipun | laju tumamèng kadhaton ||

8. panggih bupati tungguk | wus lajêng konjuk kangjêng sang prabu | dèrèng kondur taksih wonten srimanganti | saatur-ature katur | gandhèk ing sri narakatong ||

9. ngandika sang aprabu | bocah gandhèk kang kongsi prang mau | timbalana iridên ing ngarsa mami | liyane dimène tunggu | anèng Buminatan kono ||

10. gandhèk sandika wangsul | marang ênggèn pabarisanipun | praptanira têtiga kang dèn timbali | Suradirja Martalulut | Bangkok Jakartika Dhelo ||

11. kang tinanggênah kantun | maspadakakên unduring mungsuh | Radèn Tirtawijaya kaliwonnèki | Pangran Pakuningratipun | aywa obah saking ênggon ||

12. yèn dèrèng mêngsah mundur | sawusira gandhèk sigra wangsul | ngirid lampahira ingkang dèn timbali | nênggih priyayi katêlu | binêkta manjing kadhaton ||

13. prapta ing ngarsa prabu | winiji-wiji pandangunipun | Angabèi Jakartika matur dhingin | sasolah-solahe katur | priyayi têtiga gêntos ||

14. duk miyarsa sang prabu | langkung suka gumujeng angguguk | abdi dalêm gandhèk kinèn andhawuhi | mring sang mantrimuka lamun | bakdasar miyos [miyo...]

--- 7 ---

[...s] sang katong ||

15. gêgaman kang angumpul | dipun pêpak anèng alun-alun | Adipati Sindurja sigra ngundhangi | mring sagung para tumênggung | panèwu mantri pangisor ||

16. dèn pêpak pukul têlu | tur sandika ingkang tampi dhawuh | tan winarna bakdasar sagung prajurit | abaris ing alun-alun | loring wringin kurung abyor ||

17. santana pra tumênggung | miwah Dipati Sindurêja wus | sowan pêpak anèng pagêlaran sami | nulya miyos sang aprabu | oprup dhèrèk datan adoh ||

18. lênggah bangsal manguntur | tan adangu sigra dènnya mundhut | kudanira Endracapa wus kinambil | têdhak nitih kuda prabu | miwah Oprup Totlomondo ||

19. ngubêngi baris agung | kuda kalih mubêng nèng lun-alun | wusnya dangu têdhak mring bangsal pangrawit | tuwan oprup datan kantun | Sindurja umatur alon ||

20. pukulun sang aprabu | abdi dalêm ingkang atut pungkur | kang ngênginthil nalika mêngsah dhatêngi | anacahkên pra tumênggung | têrangipun ingkang mungsoh ||

21. gangsal punggawanipun | ambêkta prajurit amung nyatus | kanêmipun pun Paridan kang nindhihi | kèndêl pacak barisipun | wontên ing dhusun Gajahwong ||

22. kang prapta kalawau | ngrampit malêbèng jroning prajagung | tan sadaya nanging mung tiga bupati | tri atus prajuritipun | saking Pringgalayan ngalor ||

23. Jayadirja Tumênggung | Suryanagara kang atut pungkur | Rôngga Wirasantika

--- 8 ---

katiganèki | amung punika pukulun | kang tiga mung jagi banton ||

24. Pugêr têtindhihipun | kanthi Ranadiningrat Tumênggung | katigane Puspanagara manuki | anêlukakên wong dhusun | wontên dhusun ing Gajahwong ||

25. ngandika sang aprabu | Sindurêja andangua gupuh | darunane Sakèbêr lan adipati | muthak-muthêk nora maju | marang panggonane mungsoh ||

26. gêgalak racak iku | ing praja uwis dèn ambah mungsuh | Sukawati nora nuli dèn lêboni | Sindurêja sigra nuduh | duta mundhi dhawuh katong ||

27. prapta barisan dhawuh | adipati sakèbêr duk ngrungu | duka nata gugup angundhangi baris | budhal sawadyane kêbut | kèndêl prapta ing Garompol ||

28. konjuk jêng sang aprabu | lamun baris Jatimalang sampun | sami majêng kunêng wau sri bupati | dhawuh mring gandhèk ingutus | nimbali manjing kadhaton ||

29. Sindurja kalihipun | Pangran Pakuningrat ngirid laku | mantrinira jeng gusti pangran dipati | kang kaloka wantêripun | pun Jayakartika Dhelo ||

30. praptaning ngarsa prabu | katrinira samya makidhupuh | angandika alon kangjêng sri bupati | hèh dandana sira iku | iya ingsun tuduh Dhelo ||

31. mring Wanakarta tugur | pacak baris lamun ana mungsuh | kang anglarag punggawane Mangkubumi | kang ana lor Kalijêruk | baris desa ing Gajahwong ||

32. dhêgên ywa kongsi maju | lamun abot dèn enggal lumayu |

--- 9 ---

lan sira Jamênggala kanthinirèki | Dhelo sandika wotsantun | ngandika malih sang katong ||

33. mangkata dèn agupuh | lan Si Rajamênggala Tumênggung | wong jro rakah tarubna arahannèki | pacaka barisirèku | de bubuhanira Dhelo ||

34. kabèh sawetan gunung | Mrapi lawan ing gunung Rêbabu | tarubena ajakên apacak baris | nèng Wanakarta dèn kukuh | dèn angati-ati Dhelo ||

35. sandika aturipun | sarwi nolih ngilèn dènnya muwus | dhuh bandara manira ing dina benjing | lawan êmbèn dèn bêburu | mring Jadirja dèn kêkolong ||

36. bandara datan wurung | pun Jayadirja kula bêburu | sarwi ngakak Sindurja alon nauri | manira dongakkên sukur | hèh anak dipun kalakon ||

37. timbalane sang prabu | kalih umarêk ing ngarsa prabu | Jakartika Rajamênggala ngabêkti | sawusira sigra mundur | laju umangkat karoron ||

38. prapta pukul sapuluh | nèng Wanakarta ing lampahipun | Jakartika utusan mring urut Pêngging | pinrih samya prapta esuk | enjinge brubul punang wong ||

39. sadintên elar-elur | wus kapyarsa barisaning mungsuh | lamun Jayakartika ingkang mêdali | Rajamênggala tut pungkur | akathah mantri jro miyos ||

40. orêg barising mungsuh | dene rare wantêr arsa magut | sami gunêm mring gène Sang Adipati | Pugêr sami aturipun | pun Jayakartika Ngêndho ||

--- 10 ---

41. Dipati Pugêr muwus | hèh dèn padha ngati-ati tuhu | pan Si Jayakartika wong nglêluwihi | wus têtela bobotipun | sun dhewe ngawaki wêroh ||

42. duk kala bêdhahipun | ing Kartasura anggawa ingsun | Cina pitung puluh kudu milu mati | tan kena sun tulak wangsul | sapraptaningsun ing Ngêndho ||

43. nuli ingsun têtungkul | bali maning mangalor wak ingsun | Cina pitung puluh kang kari pinalih | saparo sêntananipun | dhinedhekan kang saparo ||

44. sanake pitu likur | amungsuh Cina kang kapat sasur | kapat sasur Dhelo ingkang andhèwèki | tumpês Cina kapat sasur | ngêndi ana wong mêngkono ||

45. duk prang layapan iku | Cina sapuluh anèng parau | dèn lumpati ijèn Cina tan ngundhili | matine Cina sapuluh | rinukêt bae ginoco ||

46. duk samana pan durung | dèn abdèkkên suwita ing ratu | mung suwita marang wakane Pak Cêplik | Si Kakang Endrakacendhul | suprandene dudu bobot ||

47. sapa tandhinge iku | Si Dhelo iku dhasare bagus | kaya Wirun mung pundhak suda sajênthik | tandhinga anak tumenggung | Ranadiningrat tan asor ||

48. Ranadiningrat mungguh | amanjing tuwa wangunanipun | anak rôngga kalah ragang yèn tinandhing | sinôngga ngètêl puniku | dadi rame tan ana sor ||

49. Mas Rôngga lon sumaur | kula sandika paduka adu | anggêr dede malaekat saking langit |

--- 11 ---

lamun manusa satuhu | sagène purun prang popor ||

50. inggih ing têmbenipun | lamun wontên dhadha ênggènipun | Jakartika paduka kang anandhingi | Ranadiningrat Tumênggung | Suryanagara wong roro ||

51. Jayadirja Tumênggung | lawan Pusparana kanthinipun | amanggèna munggèng ing pangawat kering | sami lawan têngênipun | prasamya tumênggung roro ||

52. dene bêkêl panajung | padha kiwakna ana ing pungkur | para mantri panèkêt kang anèng ngarsi | pan salawe wurinipun | singa kang mengo rinampog ||

53. yèn uwis padha rêmbug | sapisan iki dèn padha pamuk | ngêrêmêna netra dèn madhêp Hyang Widhi | yèn kongsia kapalayu | mung aprang lawan Si Dhelo ||

54. gêgawa tiwasipun | ilang kandêle marang wadyagung | yèn unggula iya ing sapisan iki | wuwuh kandêling wadyagung | sabarang tingkahe dados ||

55. poma dèn padha emut | nêdyaa mati pasrah Hyang Agung | iya pirabara lamun nêmu urip | yèn tiwas kocap ing mungsuh | dene ta amung samono ||

56. wong alas bobotipun | padha kumaki murwèng prang pupuh | iya lagi winêton bêbêkêl siji | nora pira wus lumayu | bobote si êntut bêton ||

57. marma kônca dèn guyub | anglêlèdhèk manas atinipun | rayahana de sakiwa têngên baris | yèn kongsia pitung dalu | Si Jayakartika abot ||

58. prihên [prih...]

--- 12 ---

[...ên] nuli anêpsu | bingungên padha padesanipun | obongana kang caket ênggoning baris | uculana bajag gundhul | dimène tyase kabrongot ||

59. yêkti yèn banjur magut | Jayakartika surane gêcul | iya môngsa ngêntènana rowang malih | wus watêke lanas bêrung | kuwanène mangkur lenyot ||

30. Jayakartika pêjah ing paprangan, kitha Surakarta kêkês Pangeran Mangkubumi gêtun

35. Pangkur

1. wuwusên Jayakartika | lan Tumênggung Rajamênggala sami | wus kathah arahanipun | kumpule ingkang dharat | sampun wontên cacah sèwu tigang atus | tigang atus kekapalan | Rajamênggala kang baris ||

2. sampun nêmatus kang dharat | kapal satus sawêg eca alinggih | wontên bêbêkêl umatur | yèn mêngsah sami nabrang | angobongi sagung wismaning wong dhusun | saurute dipun rayah | sampun gusis kêbo sapi ||

3. Jakartika duk miyarsa | lajêng bêndhe kumrap sagunging baris | Rajamênggala amuwus | anak paran ing karsa | botên ngèstokakên timbalan sang prabu | nauri Jayakartika | ingkang timbalan sang aji ||

4. atugur ing Wanakarta | mangke bumi ngriki kang dèn rayahi | dadya tanpa karya tuhu |

--- 13 ---

jajahan tan karêksa | tiyang alit ical pitik iwènipun | sayêkti prasasat pêjah | yèn paduka kêdah kari ||

5. inggih sakarsa paduka | kula mapag mêngsah dintên puniki | amrih mêngsah kesahipun | saking ing Panilaran | bilih sampun yêkti kula nuntên wangsul | amrih wiyaring jajahan | Rajamênggala nauri ||

6. inggih yèn makatên anak | kula tumut sigra bidhal kang baris | wus akumpul kalih èwu | kapal miwah kang dharat | kathah dharat akêdhik turangganipun | gumuruh asurak-surak | dhusun Têmpuran wus prapti ||

7. kèndêl makuwon sadaya | maksih gili kang kantun prapta malih | turôngga dharat asêlur | angling Rajamênggala | yèn ngantia inggih anak tigang dalu | yêkti arahaning anak | wontên kalih mèntên malih ||

8. wau kang wadya arahan | kathah lajêng anyabrang ngalèr sami | obah pakuwoning mungsuh | satêngah ana mêdal | panyanane Jayakartika kang magut | gègèr samêktèng ayuda | dangu-dangu tan kaèksi ||

9. wus sami wangsul sadaya | diwasaning baskara wontên prapti | caraka lajêng anjujug | barise Jakartika | bêkta sêrat tinampèn binuka sampun | mungêl sêrate Dipatya | Pugêr Benggol Sukawati ||

10. wuse salam kula anak | mring andika Jakartika Ngabèi | ing lampah kula dèn utus | Jêng Gusti Sukawatya | angrêmbagi ing anak [ana...]

--- 14 ---

[...k] kalamun sarju | angabdi kangjêng pangeran | dika anak dèn kauli ||

11. yèn mingsêr aris-arisan | majêng ngetan anak kang dèn pasrahi | kabèh sawetaning gunung | ngangkat dadya bupatya | sinung juluk Dipati Jayabinangun | limang èwu kidul dalan | anak dhewe kang duwèni ||

12. yèn bisa ngêlar jajahan | pira-pira jêng gusti tan mangêni | winênang karya tumênggung | anak para kalilan | saolèhe pitung èwu wolung èwu | mung para ingkang kuwasa | titipa nuksmaning tulis ||

13. mancêrêng ngling Jakartika | mêjanani munyuk ing Sukawati | iya dudu kere ingsun | dudu wong pêdarakan | sajung rong jung maksih kawulaning tu |[2] nora melik pangêbangnya | para gênjik Sukawati ||

14. sêrat winangsulkên sigra | hèh caraka sun tan sudi mangsuli | sun kinon mocok dhasipun | Pugêr Suryanagara | lan Si Rôngga kapat Jayadirja iku | nora numbak tambuh ingwang | sesuk esuk ingsun gitik ||

15. kang caraka sampun nulak | prapta katur maring sang adipati | katur ing sawuwusipun | Ngabèi Jakartika | samya suka gumujêng para tumênggung | ing dalu datan winarna | enjing kêkirab kang baris ||

16. Ngabèi Jayakartika | wus samêkta gêlarirèng ajurit | Rajamênggala Tumênggung | dadya pangawat kanan | dharatira nêmatus turôngga satus | kang dadya pangawat kiwa | sarupane wong ing Pêngging ||

17. kêkapalan pitung dasa | tigang [ti...]

--- 15 ---

[...gang] atus dharat langkung watawis | wontên wolung dasa pitu | ngalèr ngilèn lampahnya | pan katanggor ing papan radi gêgunung | kang pinangku Jakartika | kalih bêlah kang turanggi ||

18. tigang atus ingkang dharat | saluwihe kinèn nèng wuri têbih | nanging ta maksih kadulu | kinarya rewa-rewa | Jakartika ginrêbêg pra wadyanipun | pangajêng kapal sawidak | sarêng dènira lumaris ||

19. kiwa têngên kang pangawat | kang pangarsa sarêng dènnya lumaris | tan dangu nulya kadulu | pamanggèning kang mêngsah | Jayadirja kang pangawat têngênipun | ingkang dadya kanthinira | Dyan Singadirja Ngabèi ||

20. kêkapalan kawan dasa | miwah malih Amad Salèh Ngabèi | sawidak kapalanipun | gunggung pangawat kanan | prajurite wahana kuda rongatus | angidul ngilèn lampahnya | dene kang pangawat kering ||

21. Tumênggung Ranadiningrat | lan Tumênggung Pusparana anunggil | ngidul ngetan lampahipun | kalih atus turôngga | pêpilihan Ranadiningrat wongipun | prasamya wahana kuda | tan wontên dharat satunggil ||

22. saksana sarêng katingal | Adipati Pugêr manggèn nèng wuri | pandulune ngulon ngidul | miwah pangawat wetan | Adipati Pugêr angadani nêmpuh | dadya prajurit pangawat | kang samya campuh rumiyin ||

23. bêdhil-binêdhil aramya | Pusparana Ranadiningrat sami | anèng ing ngarsa gènipun | ngangsêg nêsêg abayak | datan ana nglancangi

--- 16 ---

banderanipun | binendrongan ing sanjata | tan kandhêg pangangsêgnèki ||

24. kuda rongatus sarêngan | Adipati Pugêr ngabani baris | kinèn angangsêga purun | sigra turangganira | pra prajurit anjojog nongklang anêmpuh | akukuk surak gumêrah | datan kandhêg dèn bêdhili ||

25. Tumênggung Rajamênggala | pan kapêlak tan bangkit anadhahi | dhadhal kang wadya malêdug | lumayu salang tunjang | pan kesisan tan olèh ngadu wongipun | Tumênggung Rajamênggala | sampun lumayu dèn ungsir ||

26. Dyan Tumênggung Pusparana | sawadyane ingkang prasamya ngungsir | Ranadiningrat kang wangsul | mingêr ngilèn barisnya | Dyan Tumênggung Jayadirja ngadu campuh | arame ulêng-ulêngan | pangawatira wong Pêngging ||

27. wong Pêngging karoban lawan | bêdhil luput lamun binêdhil kêni | nanging dèrèng nêdya mundur | kinawêt saking wetan | wus aliwung wong Pêngging pangamukipun | saking akathah kang pêjah | nemlikur para pêtinggi ||

28. wus dhadhal dharate samya | kawan wêlas wong dharat ingkang mati | Dyan Jayadirja Tumênggung | bikut pangamukira | para mantri ngawaki prasamya ngamuk | kiwa têngên sampun sêmpal | pangawat kiwa kèh mati ||

29. santanane Jakartika | amicara kadipundi puniki | sampun sêmpal kalihipun | inggih pangawat dika | ingkang têngên ngrumiyini pêdhotipun | tan wontên pêjah satunggal | pangawat kiwa kèh mati ||

30. kadi langkung tigang dasa |

--- 17 ---

tiyang Pêngging ing aprang kang ngêmasi | napa dika tan lumayu | kidul lèpèn kewala | Jakartika nora sumaur marêngut | dadya kèndêl kang angucap | pangarsa binêrêg nisih ||

31. Mas Rôngga Wirasantika | mangsah sareng lawan Suryanagari | Jakartika ênggènipun | lêlêbak iring arga | ingkang taksih dharat wonten kalih atus | Mas Rôngga awas tumingal | yèn Jakartika Ngabèi ||

32. mêdhun jog saking turôngga | lumaksana dharat tan mawi klambi | Mas Rôngga rasukanipun | sinuwèk gya binuwang | wusnya cêlak Suryanagara anguwuh | hèh Jakartika têluka | eman manawa ngêngmasi || [3]

33. Jayakartika samana | bêbêdipun inggih sêmbagi wilis | cindhe kêmbang sabukipun | udhêng jingga rinenda | sadangune dipun ampil dhuwungipun | ing mangke wiwit dhuwungan | mungsuhe samya nyêlaki ||

34. nanging dèrèng nyêpêng tumbak | datan môntra-môntra wong magut jurit | lir lêledhang têgar iku | nguwuh-uwuh Mas Rôngga | Jakartika aja ta pugal sirèku | yèn sira gêlêm nungkula | sayêktine nêmu becik ||

35. Jakartika angling sugal | hèh dubilah pêpathak Sukawati | akon anungkul maring sun | wong mangan bras tadhahan | bêras kasap kongsi agigis untumu | Si Jayakartika mangan | bêras wangèn saben ari ||

36. ambungên tanganmu padha | mambu apa hèh gênjik Sukawati | apa jampêng gêgobogmu | yèn wetan Mrapi ana | bocah [bo...]

--- 18 ---

[...cah] nganjir kalima plananganipun | môngsa ta dhêrakalana | têluk munyuk Sukawati ||

37. wau Tumênggung Jadirja | miwah Ranadiningrat sarêng prapti | saking bêbujung mangidul | wurine Jakartika | kang tinêmpuh wong dharate akèh lampus | tumpêsan kang sami gagal | lumayu mangidul sami ||

38. ana kang lumayu nunggal | marang gène Jayakartika jurit | wus parêng ing ajalipun | sigra Ranadiningrat | ngêtap kuda Jayakartika pinistut[4] | luput antuk santananya | kêna sirahe ngêmasi ||

39. gya Tumênggung Jayadirja | marêpêki wontên kilènirèki | Jayakartika pinunjul | kêna pilinganira | nora pasah nanging kobêng mengo bingung | emut gya nyandhak talêmpak | ngamuk sawadyanirèki ||

40. wontên dharat pitung dasa | wus kinêpung tan wontên angênèni | numbak inguncatan gupuh | lamun tinumbak kêna | Jakartika pinistulan ngalèr ngidul | talêmpakira tan angsal | kinêmbulan pra bupati ||

41. Suryanagara mêmanah | pra bupati kang samya amistuli | para mantri datan antuk | pra bupati kewala | wong cilike wus kinêpung kinarubut | tan ana bisa alihan | kadya numbaki cêcindhil ||

42. Jayakartika wus rêbah | gya pinocok utamangganirèki | sampun karsaning Hyang Agung | têka tan antuk bela | wong kang dharat pêjah sawidak têtêlu | anunggil sabin sakothak | dene ta kang

--- 19 ---

kudu urip ||

43. anyêkêl kudaning mêngsah | buwang kêris têluk sarwi anangis | wadyalit samya bêbujung | ngidul ngambil bandhangan | anèng Ngasêm dènnya pacak barisipun | Tumênggung Ranadiningrat | Dipati Pugêr anuding ||

44. angatêrakên mastaka | Ki Ngabèi Mad[5] Salèh lawan malih | Ki Ngabèi Jayèngranu | sirahe winadhahan | anèng ancak wong kêkalih kang amikul | Dipati Pugêr akalnya | dene sirahe prajurit ||

45. cinara ancak saradan | jinajaran tumbak sanjata ngarsi | kang dulu akèh kapiluh | wau Pugêr Dipatya | pêparentah anêlukakên wong dhusun | tan lagya jinajayèng prang | yudane wong Sukawati ||

46. cinatur ingkang kaplajar | Dyan Tumênggung Rajamênggala prapti | ing nagara wanci surup | panggih lan Sang Dipatya | Sindurêja alon dènira umatur | pun anak Jayakartika | inggih kapupu ing jurit ||

47. aprang wontên Panêlaran | lèring Lèpènjêram mêngsahe jurit | Suryanagara Tumênggung | Rôngga Wirasantika | Jayadirja Ranadiningrat Tumênggung | myang Tumênggung Pusparana | gangsal ingkang pra bupati ||

48. boten kenging kula ampah | kêkathahên mêngsah kang dèn tadhahi | wontên ing dhadha gènipun | kula pangawat kanan | tiyang Pêngging kang pangawat kiwanipun | kula pun Ranadiningrat | lan Pusparana kang gitik ||

49. nanging botên patos laras | inggih kenging kula tadhahi miring |

--- 20 ---

pun Jayadirja Tumênggung | gitik pangawat kiwa | langkung wanter pangamukipun abikut | tiyang Pêngging kathah pêjah | cacah kawan dasa iji ||

50. dene kang nempuh pun anak | Rôngga Wirasantika lan Suwandi | tan sagêd tulung-tinulung | sampun ajêng-ajêngan | ingkang pêjah sarêng pun anak pukulun | têtiyang sawidak tiga | nunggil sakothak kang sabin ||

51. wau kalane miyarsa | Sang Dipati Sindurja waspa mijil | ngutus panakawanipun | kang wadon tuturana | yèn lakine anèng paprangan kasambut | makajangane jro kana | sawetaning kangjêng gusti ||

52. hèh Adhi Rajamênggala | dawêg kula bêkta manjing jro puri | ing mangke andika matur | sasolah tingkah dika | tiwasipun Jayakartika jro pupuh | wau dutane Sindurja | wus warti mring para rabi ||

53. rabine Jayakartika | duk miyarsa lakine angêmasi | sarêng jêlih tangisipun | rabinipun sakawan | santanane gumuruh ambata rubuh | sang nata kagyat miyarsa | lah sapa kang mucung iki ||

36. Pocung[6]

1. wetanipun si kulup dipati iku | sang nata gya têdhak | kang putra dipun timbali | iya kulup sawetan jaro ana pa ||

2. tangis umyung kang putra nêmbah umatur | gih mantri kawula | pun Jakartika ngêmasi | gène aprang wontên salèr Lèpènjêram ||

3. sang aprabu sigra animbali wau | Dipati Sindurja | sapraptanira jro puri | wus angirid Tumênggung Rajamênggala ||

--- 21 ---

4. praptèng ngayun dinangu marang sang prabu | Sindurja tur sêmbah | Rajamênggala tur uning | Kalayuda kinarya pangawat kanan ||

5. kiwanipun tiyang ing Pêngging pukulun | pan sami bubuhan | botên kenging anulungi | tiyang Pêngging ingkang pêjah kawan dasa ||

6. pan kasêlut prange botên purun mundur | pun Jayakartika | kapupu madyaning jurit | sarowange cacah sawidak têtiga ||

7. wangkenipun pinocot tamangganipun | winadhahan ancak | pinikul tiyang kêkalih | jinajaran binêkta dhatêng Jakawal ||

8. ya ta wau alon ngandika sang prabu | ing sapungkurira | iya mungsuh ana ngêndi | nêmbah matur Tumênggung Rajamênggala ||

9. atut pungkur wontên Gumpang dèrèng wangsul | pun Suryanagara | Suwandi anglêlanangi | tan kumêdhèp kinarubut kalih dasa ||

10. sang aprabu dènira ngandika gugup | Sindurja mêtua | undhangana pra bupati | atugura nèng alun-alun sadaya ||

11. ywa katungkul pacalange dèn lumintu | Garêmêt Kaleca | kidul amataha mantri | ajagaa anèng ing Pajang Nglawiyan ||

12. wataraku Si Suwandi wani blêbu[7] | marang jroning praja | Rajamênggala turnyaris | dalu malih pukulun botên puruna ||

13. rintênipun inggih pun Suwandi purun | winongwong dening Hyang | rayi dalêm Sukawati | wadyanipun apurun-purun lêksana ||

14. jamakipun tyang antuk pêpêjah satus | apês antuk bela | mêngsah sadasa [sada...]

--- 22 ---

[...sa] ngêmasi | ing wusana mung tatu kalih kewala ||

15. sigra mundur dipati sing ngarsa prabu | undhang sanagara | aja na turu sawêngi | amêlèka bok mungsuh ing wêngi prapta ||

16. duk puniku wong jro praja alit agung | kêkês miris maras | miris uwas kêtir-kêtir | dene mungsuh gêguyon dadi tangisan ||

17. samya ngungun de samene bobotipun | iya sapa nyana | Jêng Pangeran Mangkubumi | dadi batur têka dadak dadi mêngsah ||

18. ya ta wau datan kawarna ing dalu | Dipati Sindurja | enjing malêbêt jro puri | tinimbalan praptèng ngarsa atur sêmbah ||

19. dhuh pukulun paran ing karsa sang prabu | pan abdi paduka | sajro praja ageng alit | sami kêkês tyasipun gêmpal sadaya ||

20. sang aprabu alon pangandikanipun | ya mêngko Sindurja | sun arsa miyos tinangkil | Adipati Sindurêja nulya mêdal ||

21. sigra dhawuh sowan pêpakan sadarum | ngalun-alun aglar | pra bupati miwah mantri | datanapi sagunging para santana ||

22. ya ta wau tantara miyos sang prabu | munggèng panangkilan | aglar satriya bupati | para mantri ingkang nindhihi gêgaman ||

23. pra tumênggung wus tilar barisanipun | ngandikan sadaya | aglar ing ngarsa narpati | sri narendra sora dènira ngandika ||

24. bocah ingsun para mantri pra tumênggung | miwah pra santana | kawruhana sira sami | aprakara patine Jayakartika ||

25. aja mêsgul aja na gêmpal atimu | Si Dhelo [Dhe...]

--- 23 ---

[...lo] palastra | tiwas madyaning ajurit | wus pinasthi saka karsaning Hyang Suksma ||

26. samya nuhun wadya sadaya turipun | sang nata ngandika | balik dèn angati-ati | manawa na ing cidrane mungsuhira ||

27. lamun dalu rundhanira dèn lumintu | Dipati Sindurja | nêmbah matur tur udani | sapunika inggih pangajênging mêngsah ||

28. sami mundur wontên lèr Pepe pukulun | pun Ranadiningrat | nèng Sokawoya abaris | samya ngantos dhawuhipun rayi tuwan ||

29. sang aprabu jêngkar sampun angadhatun | ing wêktu punika | sabên kèndêl pukul katri | sri narendra miyos lênggah magêlaran ||

30. nèng lun-alun ngidêri baris sang prabu | awahana kuda | ngecakakên tyasing dasih | kunêng gantya wau ingkang kawuwusa ||

31. lampahipun kang bêkta mastakèng mungsuh | prapta ing Jakawal | wus katur marang ing gusti | tinêdhakan wontên ing paseban jaba ||

32. duk andulu pangran mijil waspanipun | ngandika ya talah | liwat emane wong iki | têka mati pêpucuking bratayuda ||

33. mantrinipun kêkalih samya dinangu | katur aturira | miwiti malah mêkasi | saya ngungun agèdhèg sadangunira ||

34. duk puniku kang nuju sowan ing ngayun | bupati ing Dêmak | Warung Balora duk myarsi | samya dongong myat ngunguning gustinira ||

35. pangran muwus Suranata wruhanamu | mantrining sang nata | siji iki luwih bêcik | wantêr mantêp santosa labuh nagara ||

36. sabên ingsun kinon [kino...]

--- 24 ---

[...n] anglurug ngong suwun | duk prang Madegônda | pan ingsun kèsisan dasih | pan mung iki kang ana ing ngarsaningwang ||

37. nuli ngamuk amadhani wong sapuluh | akêplok angakak | tangkêpe lamun ajurit | ya mulane ing saparan ingsun gawa ||

38. kala ingsun ngosak-asik Gunungkidul | bêburu yayi mas | Buminata Singasari | amung iki ingkang dadi kanthiningwang ||

39. lamun iku olèhing pangajaningsun | lan Mangkunagara | Si Jayakartika wani | Arya Pamot lawan Si Mangkudiningrat ||

40. roro iku gêgayêmaning prang pupuh | dadi jênêng ingwang | nora susah bêbantoni | iya uwis dening Si Jayakartika ||

41. nora kudu ingsun ginawan tumênggung | sanadyan têlua | Si Jayakartika siji | ingsun pilih siji Si Jayakartika ||

42. waosipun lan dhuwungira wus katur | tinarik saksana | pangeran kagyat lingnyaris | dene iki Si Panji Mangunnagara ||

43. dhingin iku kang gadhuhi rama prabu | mring Mangunnagara | apa mulane ing mangkin | dene têka dèn anggo Jayakartika ||

44. dhinginipun Si Jayakartika durung | iya anganggoa | ing kêris Si Panji iki | yèn wus lawas pasthi kawruhan deningwang ||

45. ngandikarum hèh Mat Salèh Jayèngranu | balèkna marana | sirahe Si Dhelo nuli | kakang Pugêr konên wor gêmbunge kana ||

46. lamun durung jinupuk ing sanakipun | nadyan ta uwisa | susulna [su...]

--- 25 ---

[...sulna] sirahe iki | poma-poma ywa karya asmaraningwang ||

37. Asmaradana

1. jêng pangran ngandika malih | dhatêng ing Carangpradapa | Si Jayakartika kiye | ing nguni mantri kaparak | apa mulane dadya | mantri kadipatèn iku | hèh Carangpradapa sira ||

2. apa ta sira ngawruhi | ing purwane duk samana | lungsure kalungluhane[8] | Carangpradapa tur sêmbah | inggih mêningi amba | dipun suwun pocotipun | mring Dipati Pringgalaya ||

3. raka paduka sang aji | inggih anurut sakêdhap | nging lajêng kaparingake | dhumatêng putra paduka | pangeran adipatya | milane wontên pukulun | bratayuda sarêmpilan ||

4. Jakartika dèn kêcêki | dhatêng ing putra paduka | gusti pangran dipatyanom | wit sabine putra tuwan | tigang èwu punika | amung sèwu ingkang kantun | tinampèn putra paduka ||

5. ingkang kalih èwu maksih | wontên ing Kapringgalayan | dèn pundhut tansah sumados | botên angangge wêkasan | nuntên Jayakartika | kang kinèn mêndhêti purun | pundi kang kalêbêt sêrat ||

6. tyang Pringgalayan mêdali | para mantri para lurah | panumbak saragênine | mantri kêkalih kang têngga | nuntên Jayakartika | murugi sarwi kêkudhung | tobat mawia dhuwungan ||

7. rowang pitu rare alit | kabur tiyang Pringgalayan | pun Jagacitra pinocok | lawan pun Suradinala | inggih ugi tinigas | sirahipun kalih [ka...]

--- 26 ---

[...lih] katur | dhatêng ing putra paduka ||

8. putra paduka jêng gusti | nuwun lilah mring kang rama | ingkang sirah pamanjêre | timbalan dalêm kang dhawah | dhatêng putra paduka | kinèn manjêr wetanipun | nêm dhêpa saking Galadhag ||

9. dalu tinêngga ing mantri | yèn rintên lurah kewala | inggih manawi cinolong | dhatêng tiyang Pringgalayan | kinèn angrampog pisan | pan ing mangke sabinipun | pukulun putra paduka ||

10. sampun jangkêp amêndhêti | inggih saking Pringgalayan | kêdhik gène nyingêdake | Adipati Sindurêja | Pringgalaya kang kathah | Jêng Pangran Sukawati duk | miyarsa atêbah jaja ||

11. anjêtung dangu tan angling | lajêng sidhakêp kewala | mêrêm sarwi gèdhèg-gèdhèg | ya Allah astapirolah | dangu datan ngandika | pan amung anêbut-nêbut | wus antara dangunira ||

12. anulya atutup kuping | sawusnya dangu ngandika | mêngko sun idhêp karêpe | marmane jaili mringwang | iya Si Pringgalaya | dimèn tutug sêdyanipun | gone andhêplok nagara ||

13. iya apa kang pinanggih | wong gawe lêtuhing jagat | hèh Jayakartika kowe | sun walês ing kabatinan | bêcikira maringwang | nadyan silih sang aprabu | kang maringkên karyanira ||

14. sabên ingsun kinon jurit | anglurug kinanthèn sira | sira nora bedakake | ya sang nata iya ingwang | mangkono anggêpira | nadyan panèwu-panèwu | nora ana kaya sira ||

--- 27 ---

31. Pangeran Mangkubumi ngrampit Kraton Surakarta

15. hèh mantri ngarêp sirèki | Jayèngranu dhawuhêna | miwah sira Amat Salèh | Kakang Pugêr kon muliha | marang ing Sukawatya | gênti tunggu wisma ingsun | sida angrampit nagara ||

16. nanging ta pangrampit mami | wurung mêtu Banyuanyar | ingsun anabêt patine | Ngabèi Jayakartika | supayane dadia | iya têtangkêping pintu | tiwas mati pintu mênga ||

17. nanging ingsun lagi nganti | Sakèbêr lan Pringgalaya | muthak-muthêk ing Garompol | ing wartane mèh budhalan | amaju barisira | lamun uwis anèng Mungkung | ing kono pangrampit ingwang ||

18. anadene pra bupati | kang andhèrèk têdhak ingwang | ya amung lêlima bae | kang wus padha anèng kana | Kakang Pugêr sun tinggal | lan kabèh para tumênggung | padha kari tunggu wisma ||

19. lah uwis mangkata aglis | iya ora nganggo layang | pan mung layang kowe bae | mantri kalih nêmbah mêsat | saking ngarsa pangeran | ing marga datan winuwus | lampahe sadalu marga ||

20. ing barisan sampun prapti | Pugêr nuju kalêmpakan | caraka gya dhawuhake | timbalane Jêng Pangeran | Pugêr duk amiyarsa | muwus apa raganingsun | ing karsane jêng pangeran ||

21. diadu lan Adipati |

--- 28 ---

Pringgalaya saupama | tan nganggo Wlônda kanthine | Mayor Kèbêr Senapatya | ingsun môngsa wêdia | dèn karubuta wong wolu | mungsuh kaya Pringgalaya ||

22. maksih jaluk imbuh mami | sathithike papat êngkas | gumêr arame gujênge | para mantri pra bupatya | sigra ngundhangi bala | ngabêkti kang pra tumênggung | sami andum karaharjan ||

23. bêndhene ngungkung tinitir | budhalan sabalanira | pra bupati ngatêrake | wangsul saonjotan samya | Pugêr sadalu marga | enjingipun prapta sampun | wus panggih lawan pangeran ||

24. rinangkul dipun cêblèki | hèh wakane katiwasan | têka matèni Si Dhelo | mêsakake lawan eman | bênêre piniluta | Dipati Pugêr umatur | langkung dènira ngla-êla ||

25. sadasa jêr botên kêni | dalajate mega abang | panêmbahan mega belong | panêmbahan mega gêdhah | dadine nuntên pêjah | Brawijaya mega biru | akongkonan tan winawrat ||

26. sagunging para bupati | sadaya dèrèng kaduga | paridan plêca-plêcune | amung pangeran kaduga | dadya gumujêng latah | ngandika mring pra tumênggung | hèh sakèhe bocah ingwang ||

27. apa sira wus atampi | malêcune sang dipatya | matura priye têgêse | sira Suradimênggala | Tumênggung Wilatikta | Dipati Suranatèku | nak ingsun Gadamêstaka ||

28. iya Si Selanagari | Tumênggung

--- 29 ---

Kartanagara | miwah Rêksanagarane | Brajamusthi Brajadênta | Singarananagara | lawan Tegal Angun-angun | Jalêksana Surajigja ||

29. Yudaningrat Pudhakmiring | samyatur sêmbah sadaya | raos punika artine | sami nuwun tan kaduga | inggih nuwun jinarwan | kyai lurah plêca-plêcu | punika wontên punapa ||

30. pangeran ngandika aris | têgêse iki ki raka | nguring-uring sêntanane | iya ingkang dadi raja | kongkon Jayakartika | tan nganggo bobot puniku | mulane mati ing rana ||

31. payo padha dèn padoni | iya ingsun rewangana | iku pan bênêr lakune | wong kongkonan magut yuda | pasthi angambil manah | lan dadi wajibing ratu | budi atèr maring wadya ||

32. wong bênêr dèn uring-uring | mendahane yèn luputa | banjir bandhang panutuhe | gumêr sagung pra bupatya | Pugêr alon turira | bênêr ing pundi puniku | wus ratu anèng nagara ||

33. dadak ngêrenah wong cilik | Dhelo ingsun rowangana | angrêbut nagaraningong | iya pirabara benjang | iku sabda nora sah | pasahe Ngêndho mung satus | dikon nindhihi arahan ||

34. dèn adu lan pra bupati | mendah yèn nora nêlika | mungsuhe padha tos-atos | Dyan Tumênggung Jayadirja | gêdhe dhuwur agagah | sawahe sèwu nêmatus | Mas Rôngga Wirasantika ||

35. akanthèt otote bêcik | dhasare sugih [su...]

--- 30 ---

[...gih] santana | sawah rongèwu lungguhe | Tumênggung Suryanagara | kadi Sômba paradan | sawah sèwu limang atus | Tumênggung Ranadiningrat ||

36. kaya Panji Wanèngpati | lunga namur duk jêjaka | lêlungguh sèwu cacahe | Dyan Tumênggung Pusparana | kadya putra Wiratha | lêlungguhe sawah sèwu | bêbenggoling jênêng ingwang ||

37. têlung èwu sawah mami | dhangkale wong Sukawatya | lah sêka ngêndi bênêre | pênatus Jayakartika | wong prentah tanpa ngrasa | gumêr kang para tumênggung | awali ambal-ambalan ||

38. sang dipati angling malih | kukume puniku padha | wong tanpa dosa binêlok | dèn usung marang paprangan | dibrukake gêmrobyag | bêlokane nora ucul | banjur rinampog kewala ||

39. sabênêr-bênêring tandhing | iya Si Jayakartika | lawan Ngaèbi[9] Mat Salèh | miwah Singadirja sima | pan rongatusan ika | iku parentah satuhu | nora ngawur ngayawara ||

40. apa sun sarowang mami | dèn anggêp gênjik kewala | dupèh kuwuk desa kabèh | ya dadi abahan apa | dubilah nora talah | iya apa bedanipun | padha têrah Nabi Adam ||

41. sangsaya ambêlik-bêlik | gujênge kang pra bupatya | jêng pangran ngandika alon | lah kapriye sanak-sanak | padha kalah ta sira | sadaya sami umatur | saèstu asrah bongkokan ||

42. ya ta wontên playon ngungsi | patang puluh saking Sala | Mesa [Me...]

--- 31 ---

[...sa] Jêlamprang kancane | kang dadya pangajêngira | nami Singadirana | nêdya nusul kancanipun | kang nama Carangpradapa ||

43. nèng pakuwon wus kapanggih | maksih dadya kalangênan | Carangpradapa karyane | angawruhi wong niyaga | gandhèk ya kinawruhan | wantu parigêl umatur | Carangpradapa ris mojar ||

44. lingnya kakang dika inggih | lumampah nyêrat andika | dawêg kula aturake | Dipati Pugêr Manggala | dimèn konjuk Pangeran | Dipati Pugêr puniku | ngiras carik padamêlan ||

45. ing dalu samya lumaris | marang pondhok Kapugêran | prapta sampun manjing pondhok | dinangu Carangpradapa | katur saaturira | wus kinèn anggawa maju | Pugêr arêsêp tumingal ||

46. pinundhut tulisannèki | Pugêr kagyat duk tumingal | sampun angalêm tulise | dhapur Kasutamênggalan | Carik Natakusuman | sak Alah ing besuk-esuk | yêkti yèn suka pangeran ||

47. dene warnane apêkik | dhasar wong têka nagara | wêruh Samadipurane | suligi lawan brêmara | inggih pan kuwawuhan | datan kawarna ing dalu | enjing wus binêkta seba ||

48. jêng pangran sampun umijil | alênggah paseban jaba | Pugêr prapta nyebakake | abêbisik aturira | dadosa papenginan | dhasare pangeran dulu | langkung rêsêpe kalintang ||

49. nulya kinèn anênulis | sêrat maring ing Gêmantar | pinitungkas ijoane | Tumênggung Samadipura |

--- 32 ---

wau wus tinimbalan | prapta inganthukan maju | nèng wurine kang nênurat ||

50. langkung ngungune ningali | marang pawong mitranira | dupi wus dadya sêrate | katur mèsêm jêng pangeran | lajêng kinèn angêcap | wasis ing ukara alus | sampun nuduh kang dinuta ||

51. nulya damêl sêrat malih | ngilèn maring pra bupatya | sami nunggil parentahe | dina Sênèn angkatira | saking ing Majakawal | Kumpêni wus praptèng Mungkung | lagi angsal kalih dina ||

52. tan adangu nulya dadi | wus lajêng ngêcapi pisan | sigra lumampah dutane | kang mangidul ngilèn samya | sarêng sami sadina | kabèh pra bupati kumpul | ing pukul satêngah sanga ||

53. jêng pangeran ngandikaris | kabèh padha ngèstokêna | Si Singadirana kiye | lagi têka Surakarta | mêngko sun junjung lênggah | iya namaa tumênggung | Si Tumênggung Sindusastra ||

54. ing têgêse iku carik | nanging durung duwe kônca | lagi tri atus sawahe | Si Tambakpagêr Si Karas | ya pirabara benjang | tunggala lawan sirèku | Tumênggung Samadipura ||

55. pangeran wus angundhangi | wadya rongatus patbêlas | tumênggung tinilar kabèh | mung mantri bêkta sadaya | sakawan mantri ngarsa | nênêm para mantri pungkur | lêlurahe anyadasa ||

56. sakathahe pra bupati | rintên dalu wus samêkta | wau kang duta kalihe | sami prapta kalih pisan | ingkang marang Gêmantar | myang mring pabarisanipun | pra

--- 33 ---

bupati Sukawatya ||

57. samya sandika turnèki | bupati ing Sukawatya | sigra ngirabkên barise | têtêlukan kang jaranan | satus wolu cacahnya | saantuke kang anungkul | lèr marga sawetan marga ||

58. margi ngalèr Bayalali | margi ngetan Majasanga | mung Pênging kang maksih mogok | lèr margi nungkul sadaya | sayêkti pêpatutan | kang amogok kang anungkul | pan sami pakantukira ||

59. ing Ngasêm dèn broki malih | gonira nata pacêkan | wontên nêmatus angsale | ingkang warni kêkapalan | wontên sèwu kang dharat | gantya malih kang cinatur | Jêng Pangeran Sukawatya ||

60. budhal datan ngêtawisi | ari Soma Lêgi enjang | wimbaning lèk ping salawe | têdhakipun jêng pangeran | saking dhusun Jakawal | rêrêp kasarèn sadalu | enjang angidul lampahnya ||

61. Pangeran Mangkunagari | budhal saking ing Gêmantar | kêbut sawadyabalane | kunêng malih kawarnaa | barisan Kalijêram | pan ingkang kalih tumênggung | kinon amilih panggonan ||

62. amrih pêncar ingkang baris | Dyan Tumênggung Jayadirja | anèng Kêmadhoh barise | Tumênggung Ranadiningrat | nèng kulon Pringgalayan | wus pêpêt ing margi agung | tan ana kênèng lumampah ||

63. antawis ing wolung ratri | patine Jayakartika | lawan pangeran praptane | gègèr malih Surakarta | wong pacalang tan têbah | sampun katur ing sang prabu | mungsuh

--- 34 ---

tan nêdya mundura ||

38. Durma

1. wanci pukul sadasa prapta pangeran | ing Lèpènjêram dèsi | Dyan Suryanagara | Rôngga Wirasantika | Pusparana angantuni | bupati tiga | sampun majêng kang baris ||

2. abusêkan nagari ing Surakarta | katur ing sri bupati | kang rayi badhenya | èstu ngrampit nagara | ing mangke pan sampun prapti | Ngasêm pinarak | kèndêl anata baris ||

3. abdi dalêm macalang amung Kaleca | ngilèn pan botên kêni | kapêpêtan mêngsah | datan kenging ingambah | wontên sèwu kang turanggi | nging pêpilihan | rayi dalêm ngawaki ||

4. sarwi gugup dènnya ngandika sang nata | wong nglurug apa iki | nora wruh ing mêngsah | lamun umanjing praja | hèh Sindurja bok manawi | mindha yayi mas | yêktine Si Suwandi ||

5. Adipati Sindurja matur akêkah | dhuh pukulun sang aji | môngsa ta pandunga | inggih abdi paduka | nadyan busanane sami | sruwal rasukan | nging sanès dhêsthar gusti ||

6. rayi dalêm dhêstharipun cêmukiran | jingga Radèn Suwandi | calana rasukan | tan wontên ingkang siwah | inggile kaot rong nyari | lan ari nata | anyênyamar ing warni ||

7. lampahipun ajalêr rayi paduka | lan cahya kaot wêning | kathah kêkilapan | yèn inggih sadlerengan | dangu-dangu kuningnèki | Suwandi pêthak | rayi paduka wilis ||

8. sri narendra ngandika baya yayi mas | mung mandhêg Ngasêm nuding |

--- 35 ---

Suwandi kewala | Sindurja matur nêmbah | Suwandi dhuwunge katri | rayi paduka | amung wangkingan kalih ||

9. datan arsa amangking curiga tiga | sang nata ngandikaris | iya kancanira | aja na kang sêmbrana | bewake dèn ngati-ati | prapta Kaleca | gawat Si Mangkubumi ||

10. Sindurêja nêmbah mijil pêparentah | mring sagung pra bupati | tuwin pra santana | ngumpulkên wadyanira | ingkang wahana turanggi | sawusnya kêmpal | gunggunging kang prajurit ||

11. gangsal atus turanggane pra santana | dhomas ingkang lumaris | mêmatah parentah | aminta-minta bala | kaparak têngên tinuding | ywa kongsi kesah | kidul bubuhannèki ||

12. kinanthenan wong Kalang sadayanira | lan wong gêdhong sapalih | tindhih kaliwonnya | ngalèr bupatinira | kidul prasamya jagèni | ing praptanira | Pangran Mangkunagari ||

13. nanging sabên sontên sami magêlaran | mangkana kang winarni | pra jajar kaparak | dalah sarowangira | kang macalang Kleca dèsi | prapta kaplajar | mring jro prajatur uning ||

14. yèn ing Gumpang maya wus kanggenan mêngsah | Pangeran Sukawati | saking Ngasêm budhal | wadyanipun pangarsa | Jayasudirgan dèn broki | kagila-gila | bêbahak bêboyongi ||

15. anèng Tuwak Tumênggung Ranadiningrat | ing Gumpang kang barisi | bupati satunggal | Tumênggung Pusparana | bakdasar sang nata mijil | kapraboning prang | kang putra datan kari ||

--- 36 ---

16. lir sêsulung turôngga ingkang macalang | sang nata angidêri | munggèng ing turôngga | baris yèn winatara | pitung èwu malah luwih | dharat turôngga | oprup amarentahi ||

17. para mantri bae kang amacalanga | aja nganggo wong cilik | dhompo aturira | oprup kaku tyasira | wus têdhak saking turanggi | jêng sri narendra | lênggah bangsal pangrawit ||

18. duk pinarak malêdug turôngga prapta | kadya kaburu jurit | praptèng pagêlaran | matur atur uninga | yèn Pangeran Sukawati | pan sampun prapta | wadyanira anggili ||

19. kadi lajêng tangkêpe ingkang gêgaman | horêg sagunging baris | dragundêr wus prapta | satus gugup sang nata | kotrag wadya sanagari | bingung puyêngan | rare pating jalêrit ||

20. Totlomondo angling marang mantrimuka | kadiparan dipati | wau kula warah | pacalang kang prayoga | sampun mêmatah wong cilik | mantri kewala | têka pacalang cilik ||

21. nora arus karya kagyating narendra- | di ana bêngi-bêngi | wong gêdhe apêrang | wus satêngah nêm mangkya | sang dipati sigra nuding | mring putunira | Tirtawijaya nami ||

22. Pakuningrat nganthèni Suraprameya | kaparak anganthèni | Ki Bênêr samana | lawan mantri têtiga | oprup ingkang andhawuhi | iya awasna | yèn nyata anêkani ||

23. dipun enggal nuli balia kewala | sigra anêmbah sami | mantri mring sang nata | mêsat asêsandêran | ing Garêmêt [Ga...]

--- 37 ---

[...rêmêt] sampun prapti | datan katingal | lajêng mangilèn sami ||

24. amung kuda pêpitu praptèng Kaleca | kilèn Kaleca kèksi | wadyabala aglar | samya cucul turôngga | pangeran kang dèn sanggrahi | nèng Bêlulukan | mantri pangajêng sami ||

25. kèndêl anèng kilèn Kaleca gènira | dalah sasikêpnèki | ana kuda prapta | nora dèn munasika | tinakenan amangsuli | sarwi pratela | lamun kang prapta mangkin ||

26. tuhu kangjêng gusti pangeran piyambak | wadya ingkang umiring | mung bupati gangsal | benjing enjing umangsah | yèn dika maido kyai | kêna kewala | dika priksa pribadi ||

27. sigra wangsul anandêr ponang caraka | ing alun-alun prapti | orêg kang gêgaman | praptane kang pacalang | wus prapta ngarsèng narpati | umatur nêmbah | pukulun sri bupati ||

28. mêngsah kèndêl pra sami cucul turôngga | badhe ing benjing enjing | gènipun umangsah | angantêp yudanira | tuhu kang angirid baris | botên utusan | rayi dalêm pribadi ||

29. duk miyarsa anglês tyasira narendra | hèh Sindurja dèn bêcik | sawêngi ywa obah | bewakmu aja towang | ngandika malih sang aji | lah oprup sira | mapaga yuda benjing ||

30. pra santana kabèh milua ing sira | hèh sagung kadang mami | Yayi Dinagara | Dhimas Adiwijaya | Buminata lawan malih | iya Yayi Mas | Rôngga mapaga jurit ||

--- 38 ---

31. kulup Angabèi Adhi Mas Panular | myang Danupaya Yayi | dèn padha prayitna | oprup matur sandika | ing wanci wus bakda mahrib | kondur sang nata | sapraptanirèng puri ||

32. oprup pamit mêdal siyaga magut prang | miwah santana sami | wus samya siyaga | kunêng gantya winarna | Jêng Pangeran Sukawati | nèng Bêlulukan | ingkang rêmbug wus dadi ||

33. yèn pinêthuk ing Grêmêt miwah Kaleca | badhe gêlaring jurit | tan mawi pangawat | yèn unggul ing ayuda | anaa pangawat malih | panjinging praja | kang kinèn andhadhani ||

34. sakancane Dyan Tumênggung Jayadirja | ingkang pangawat kering | Dyan Suryanagara | Rôngga Wirasantika | Pakuningratan dèn broki | lèr Pakauman | kang dhadha jôg ing baris ||

35. Kadipala anjog sakidul Kêmlayan | nocok sakidul masjid | dene jêng pangeran | dadya pangawat kanan | Kadipala ngidul malih | nuntên angetan | lèr Pagajahan ngrampit ||

36. tan winarna ing dalu wuwusên enjang | têngara wong Kumpêni | tambure gumêrah | salomprèt mung satunggal | satus dragundêr Walandi | satus kang Islam | tindhih Kaptin Samsudin ||

37. pra santana nèng wurine Kumpêni Slam | sagêgamaning jurit | lamun ginunggunga | kalihe wus sadaya | bidhalipun ingkang baris | pan kinurmatan | maryêm ping sapta muni ||

38. gumarêdêg kèbêkan sagunging marga | bêndhe gong lawan suling | abarungan [aba...]

--- 39 ---

[...rungan] munya | kang anèng Balulukan | prajurit sampun rinakit | arêbat papan | Kaleca dèn ênciki ||

39. duk Tumênggung Suryanagara kalawan | Mas Rôngga kang angirid | myang Ranadiningrat | Tumênggung Pusparana | wus sami tilar turanggi | amaju rampak | ngirid mantri pinilih ||

40. praptèng wetan Kaleca bala Walônda | kèndêl amasang rakit | lèr Kumpêni Islam | kidul satêngah marga | sagung dragundêr Walandi | majêng sakêdhap | mungsuh kasêlak prapti ||

41. nyèrèd watang Mas Rôngga Wirasantika | miwah Suryanagari | anglêlandhak tumbak | giyak panêmpuhira | Kumpêni asru ngêdrèli | lir arga gugrag | swarane drèl Kumpêni ||

42. jêng pangeran nindhihi wurining bala | ingkang mantri pinilih | arja songsong jênar | dupi êdrèl ping tiga | mantri amalês ambêdhil | para bupatya | nusup kukusing bêdhil ||

43. alpèrèse tinumbak Suryanagara | niba saking turanggi | sareyan tinumbak | Rôngga Wirasantika | Surajigja anumbaki | pinistul kêna | baunira kang kering ||

44. Surajigja nora sangsaya sudaa | malah krodha mawêrdi | bikut pamukira | Wlônda papat kang pêjah | dhadhal barising Kumpêni | Kumpêni Islam | kathah ingkang ngêmasi ||

45. Totlomondo mubêng rumêksa ing bala | pra santana nulungi | nulya Jêng Pangeran | Sukawati mangarsa | atilar songsongira glis |

--- 40 ---

ngêtap turôngga | watangira pinusthi ||

46. amuk-amuk akukuk wong Sukawatya | giyak aloke sami | dhadhal pra santana | dadya mundur apisah | kalawan bala Kumpêni | Suwandi Rôngga | wus nitih kuda malih ||

47. miwah sagung para bupati kang dharat | sigra nitih turanggi | tut wuri santana | nyanjata saking wuntat | pistulira mobat-mabit | Pangeran Rôngga | binêdhil saking wuri ||

48. ricikira pistule Pangeran Rôngga | ingkang kêni ing mimis | jêmpole katratas | kipat pistule tiba | sinurakan wanti-wanti | Pangran Panular | bokonge kuda kêni ||

49. gobrah-gobrah sinurak akon nolèha | jêng pangran angajani | Suwandi sêsumbar | dhuh-dhuh para pangeran | dene sigit ingkang warni | asongsong jênar | jêbul jirih lir èstri ||

50. oprup atur uninga tiwasing aprang | ajidan kang rumiyin | nyandêr malbèng pura | ing alun-alun prapta | wêwarta yèn kasor jurit | gya manjing pura | umatur ing sang aji ||

51. lamun oprup kasor prang anèng Kaleca | mêngsah taksih angungsir | ajidan sawusnya | matur anulya mêdal | gugup kangjêng sri bupati | ngrasuk busana | kang putra dèn timbali ||

52. abusêkan katon kang obong-obongan | bêdhil sakin[10] mrêpêki | tambuh solahira | wadya ing Surakarta | larane sèwu panastis | nora karuwan | jêjênthik milu sêdhih ||

53. akatula-tula [akatula-tu...]

--- 41 ---

[...la] lir coplok-coploka | tuwa nom gêdhe cilik | wadya Sukawatya | kang bujung sing Kaleca | Suryanagara kêkinthil | tansah sêsumbar | wong Surakarta sami ||

54. anoleha dene iku kèh pangeran | padha asigit-sigit | apa nora wirang | dene têka lumajar | eman warnamu apêkik | tinggal gêlanggang | dudu sutèng narpati ||

55. kacarita Pangeran Mangkunagara | saking kidul angrampit | wontên kuda dhomas | wus nabrang Kaliwingka | kaparak ingkang nadhahi | kang dadi dhadha | kalang pangawat kering ||

56. Dyan Tumênggung Jayawikrama kalawan | Sumadinala kanthi | saragni jro samya | pinangku ing wadana | Pangeran Mangkunagari | sigra narajang | kukuk sawadyanèki ||

57. tinadhahan dèning kang wadya kaparak | rame bêdhil-binêdhil | pêngkuh ingkang dhadha | pangawat tinarajang | kang kiwa pêdhot tumuli | pangawat kanan | anempuh marêpêki ||

58. dadya mungsuh kang moncèr asangêt taha | dangu dènira jurit | punggawaning mêngsah | nama Ki Mangkuyuda | kabranan baune keri | gya ginosongan | binêkta mundur aris ||

59. dadya dangu ajêng-ajêngan kewala | gantya lèr kang winarni | Dipati Sindurja | Pangeran Pakuningrat | sakancane para mantri | tampi timbalan | kinon bantu ing jurit ||

60. bidhal ngilèn kapêthuk kang mundur yuda | nèng marga sawetaning | ing Kartanagaran | Kawiradigdan lama | kèndêl kang bala Kumpêni |

--- 42 ---

sakêdhap tata | mungsuh anunjang wani ||

61. ngamuk punggung kalawan watang curiga | Kumpêni angêdrèli | rinukêt kewala | Kumpêni kagegeran | wus rusak tataning baris | sang mantrimuka | putune angêmasi ||

62. dhadhal malih lumajêng baris Walônda | ngetan anurut marti[11] | kumpul pra santana | Pangeran Pakuningrat | amangidul ngetan malih | sang adipatya | dhawah saking turanggi ||

63. rinarômpa inginggahakên turôngga | gêgancangan lumaris | wontên tur uninga | lamun kang wayah tiwas | Tirtawijaya ngêmasi | kagyat amaras | nênggak waspa anggêndring ||

64. praptèng kidul Kamlayan bantune prapta | sakawan pra bupati | Dyan Puspanagara | kalih Nitinagara | Wiraguna lawan malih | sapatihira | kangjêng pangran dipati ||

65. kang anama Tumênggung Tirtanagara | sami majêng sakêdhik | wetan Kadipala | wau pamêthukira | cinatur mêngsah kang prapti | kang dadya dhadha | anjog sakidul masjid ||

66. ingkang kiwa anjog lêlurung Galadhag | kang têngên anjognèki | salèr kandhang gajah | pojok jaro kadhatyan | Jayadirja kang nindhihi | baris ing dhadha | lan para mantri ngarsi ||

67. pangawate keri têtindhih Mas Rôngga | lawan Suryanagari | pangawate kanan | jêng pangeran piyambak | Ranadiningrat kang ngiring | Dyan Jayadirja | Pusparana dèn kanthi ||

68. para mantri pinilih kang sapanduman | tumut Jadirja jurit |

--- 43 ---

dene kang saduman | tut wuri Pusparana | wau ta ingkang nadhahi | Puspanagara | lajêng campuh ing jurit ||

69. mantri ngarsa salawe kang mangsah yuda | kinon nèng ngarsanèki | Tumênggung Jadirja | kumrutug pistulira | salawe nora ngagopi | nêsêg anunjang | wantêr akaduk wani ||

70. karya ebat sagung janma kang umiyat | tandange para mantri | kadya saradula | galak amôngsa sarpa | dhasar jinajayèng jurit | winong dening Hyang | dhadhal kang pra bupati ||

71. Dyan Tumênggung Puspanagara sutanya | pupon kacandhak mati | lawan Jadirana | jaksa ing kadipatyan | sarêng kapupu ing jurit | anèng Kêmlayan | wong Surakarta miris ||

72. maras uwas tatas rantas anglês ing tyas | sumbar wong Sukawati | hèh wong Surakarta | katon apa wak ingwang | sira mlayu sun parani | pan dudu macan | lan dudu sarpa mandi ||

73. palajênge sagunge para santana | kang sarêng lan Kumpêni | prapta loji samya | ana kang lajêng ngetan | tan nêdya ngumpul mring puri | para pangeran | tan ana kankun[12] siji ||

74. Pangran Pakuningrat Dipati Sindurja | kèndêl sawadyanèki | ing sapinggirira | ngalun-alun kang wetan | kumpule ingkang prajurit | mung pitung dasa | dharat tan ana malih ||

75. Dyan Tumênggung Puspanagara kèndêlnya | nèng wismane pribadi | Dyan Nitinagara | lawan Tirtawiguna | lajêng lumêbêt ing puri | sakancanira | wau jêng sri bupati ||

76. arsa miyos tinunjang

--- 44 ---

wong ngili samya | manjing sajroning puri | tan wruh yèn kadhatyan | ing rèh bingung kalintang | wus lali kawula gusti | mung rêbut gêsang | pati-pati bêntusi ||

77. ana ingkang nangis kang lakine pêjah | para dyah kontrang-kantring | anèng palataran | Ngabèi Jadirana | ingkang sampun angêmasi | prang Kadipala | kang wadon angulati ||

78. pangrungune lakine anèng jro pura | bingung pating jalêrit | wêwah bong-obongan | kilèn kiduling pura | ngalad-alad gêgirisi | swaraning surak | barung grubuging agni ||

79. angumandhang sênggani swara ruara | gora kagiri-giri | gêtêr patêr kadya | bêlah ingkang bantala | langit sapta anungkêbi | prihatin dahat | kangjêng sri narapati ||

80. laju miyos lawan jêng pangran dipatya | kèndêl ing srimênganti | tambuh kapiyarsa | wontên mantri tur priksa | gusti mêngsah ngidak wani | pangarsanira | nocok sakidul masjid ||

81. abdi dalêm Sindurêja Pakuningrat | kang sami ambantoni | sampun kapêlajar | balanipun kèh pêjah | dene bêbantu ing wuri | Puspanagara | Nitinagara wingwrin ||

82. lawan Tirtanagara Tirtawiguna | sakancane angisis | tandange kang mêngsah | tuhu kagila-gila | tan kenging dipun tanggêni | nunjang angidak | golong gêlêng gumuling ||

83. Saradipa saking loji praptanira | dinangu ing sang aji | paran Saradipa | prang para santana |[13] Walônda lan pra bupati | Ki Saradipa | tur sêmbah [sê...]

--- 45 ---

[...mbah] nuwun gusti ||

84. abdi dalêm sampun sirna kapêlajar | samya arêbat urip | sawontêne mangkya | mèpèt ing panangkilan | mêngsah wontên kidul masjid | jêjêl ing marga | tarab tumbak kinêmpit ||

85. abdi dalêm Kumpêni muwêr kewala | jro loji tan mêdali | sônggarunggi ing tyas | inggih dhatêng paduka | ngandika jêng sri bupati | lamun mangkana | sagunge garwa mami ||

86. lawan gêdhe cilik sakèh putraningwang | gawanên maring loji | minôngka pratôndha | yèn ingsun wus pitaya | abipraya lan Kumpêni | nuli mangkata | sun arsa mapag jurit ||

87. lah dhawuhna mring oprup karsa manira | nêmbah Saradipa mit | malêbèng jro pura | ngirid pra garwa putra | sêpuh anèm para putri | kêrig sadaya | binêkta maring loji ||

88. bêdhah jaro prênah ingkang kidul wetan | sapraptanirèng loji | oprup duk tumingal | polahe garwa putra | miwah sagung putra putri | kang timur samya | ginendhong myang dèn indhit ||

89. langkung ngêrês Tlotomondo ing tyasira | sigra kinèn anarik | wau mriyêmira | kang marêk mring kadhatyan | oprup sampun dèn dhawuhi | lamun sang nata | arsa umagut jurit ||

90. wus pinêpak sawontêne abdinira | sampun tan wontên malih | mung mantri kaparak | wira-wiri macalang | gêdhong tumut dhatêng loji | ngiring pra garwa | putra putri lit-alit ||

91. oprup nuduh marang Salotêr Kapitan | mung bêkta [bê...]

--- 46 ---

[...kta] sa-Kumpêni | dhèrèk jêng sri nata | Salotêr sigra mangkat | wong ing kadipatèn prapti | malêbèng pura | pitung dasa watawis ||

92. kang umiring sang nata mung para magang | wong kawan dasa kalih | pinaringan tumbak | lan abdi suranata | wontên sadasa tan luwih | myang nyai lurah | papat kaparak jawi ||

93. sri narendra wus mangking Kyai Bêlabar | waos agêm sinandhing | pan Kyai Kêbomas | dene pangran dipatya | Ki Mesanular winangking | Kyai Baruwang | cinothe munggèng keri ||

94. waos Kyai Panatas sampun cinandhak | têdhak sri narapati | bêndhe Kyai Becak | ginêntosan wong lanang | Agul-agul Gêrdapati | ingkang rumêksa | ngampil tabuhirèki ||

95. lagya prapta salêbêting brajanala | ana wadyatur uning | kalamun Pangeran | Mangkunagara prapta | saking kidul dènnya ngrampit | akêkapalan | wadya sèwu watawis ||

96. kang nadhahi pra abdi dalêm kaparak | pun Kartinala tindhih | lawan Jawikrama | nanging karoban mêngsah | dene gènipun ajurit | lèr Kaliwingka | Kadhawung ngilènnèki ||

97. myarsa bêdhil wor surak tangis gumêrah | kuwur tyasnya sang aji | wong wayang-wuyungan | kadya gabah ngintêran | pawèstri myang rare alit | abilulungan | nunjang ngarsa sang aji ||

98. wantu dèrèng wontên sitinggil samana | mulat sri narapati | mangalèr katingal | blêduge wong lumajar | kasusu tiba kuwalik | tangi

--- 47 ---

katunjang | tangi malih anggêndring ||

99. sampun kobar pondhok kilèn pagêlaran | mungsuh katur umanjing | ngalun-alun samya | sigra têdhak sang nata | ngandika mring para abdi | lah payo bocah | sêdhênge mangsah jurit ||

100. abdi dalêm magang sami ting jalemprak | munggèng ngarsa sang aji | ana cikrak-cikrak | ana kang têtayungan | Mangkudiwirya Ngabèi | lêlurahira | Citradiwirya ari ||

101. duk inggahe Tumênggung Citradiwirya | tinanêm anèng Pathi | arine gumantya | kalurahane magang | tigang atus ingkang sabin | Mangkudiwirya | bagus anom winarni ||

102. akêkèjèk munggèng ngarsane sang nata | nêpsune awor tangis | mubêng kiprah-kiprah | dalah sakancanira | ana gêdrug-gêdrug siti | ana kang onclang | kèh warnane prajurit ||

103. sampun rawuh sang nata ing panangkilan | mulat ngilèn kaèksi | wong kulambi abang | têtiga kang satunggal | udhêng kuning klambi kuning | cêmêng waosnya | sinèrèt wangkit godhi ||

104. kang kêkalih tiyang badhugal kewala | nyangkêlit upêt sami | juru ngobong wisma | sang nata angandika | kang katon iki wong ngêndi | wadya turira | têtiya[14] Sukawati ||

105. sri narendra dhawuh nabuh Kyai Becak | Agul-agul kang gitik | kumapruk kewala | ping kalih kaping tiga | kaping pat maksih tan muni | katur sang nata | yèn Ki Becak tan muni ||

106. sri bupati dahat [daha...]

--- 48 ---

[...t] maras sajroning tyas | agèdhèg ngandikaris | abot Si Sujana | tuhu prajuritingrat | gêtêm-gêtêm sri bupati | wau kang putra | jêng pangran adipati ||

107. matur mring kang rama sarwi rawat waspa | kawula nuwun pamit | magut ing ayuda | inggih arsa mêthuka | prange Paman Mangkubumi | singa tiwasa | kang rama ngandikaris ||

108. kulup aja anadhahi pamanira | abot Si Mangkubumi | lawan durung môngsa | kang putra kêdah mêksa | kang rama sangêt gendholi | kadya raup rah | pasuryane jêng gusti ||

109. lir garudha pinandêng munggèng wantehan | saking ngampêt ing runtik | sang nata umiyat | baris mêndhak atarab | prênah lèr wetan watawis | mung pitung dasa | bandera kalih supit ||

110. sri narendra dangu baris ika sapa | lun-alun wetan iki | kang dinangu nêmbah | inggih abdi paduka | Sindurêja Adipati | lawan ri Tuwan | Pakuningrat kang baris ||

111. tiyang gandhèk sigra kinon dhawuhêna | ajênge ponang baris | gandhèk nulya mêsat | andhawuhkên timbalan | baris majêng winitawis | mung gangsal tindak | tan purun majêng malih ||

112. dhinawuhan majêng malih rambah-rambah | mopo datan lumaris | mung kèndêl kewala | giris miris umiyat | solahe wong Sukawati | anglandhak tumbak | wantêr prawirèng jurit ||

113. wali-wali timbalan dalêm sang nata | nanging tan mobah mosik | mêngsah rame surak |

--- 49 ---

kang anèng lor Kauman | dèn mariyêm saking loji | nanging tan kêna | surak awanti-wanti ||

114. baris dhadha mèpèt jaroning kadhatyan | kukuk surak gêtêri | samya giyak-giyak | Rôngga Wirasantika | kalawan Suryanagari | tênaganira | anglêlanangi bumi ||

115. yèn cinôndra lir wong agung Parangteja | eca dènnya sêsirig | anèng têngah marga | sarwi angikal watang | sinambi nindhihi baris | tanpa rêringa | karyebat kang ningali ||

116. Dyan Tumênggung Jayadirja munggèng dhadha | ngadhangkrang dèn payungi | nèng marga prapatan | kidul wetan Kêmlayan | kanthine nindhihi baris | Dyan Pusparana | ugi dipun payungi ||

117. wontên sèkêt pangayape Jayadirja | Pusparana kang ngiring | cacah tigang dasa | kang anama pangayap | surak giyak wanti-wanti | pangawat kiwa | kang lèr kukuk ngajrihi ||

118. sri narendra kèmêngan maras jroning tyas | swaragung sru marnani | mariyêm Walônda | tan bisa nyirêp surak | malah sora gêgirisi | swaraning surak | awor swaraning tangis ||

119. Pangran Sukawati angangsêg kadhatyan | têdhak saking turanggi | saya mawurahan | puyêngan wong sapraja | wadya kang baris ing Gadhing | giris tumingal | matur malêbèng puri ||

120. dene mêngsah solahe kagila-gila | mudhun saking turanggi | samya nyèrèd tumbak | cinêkêl godhinira | tinon dahat gêgilani | pating [pa...]

--- 50 ---

[...ting] jalegrang | lir buta môngsa daging ||

121. wus pinarak kilèn pojok jaro gènnya | Pangeran Sukawati | magêrsari ngayap | kiwa têngên ampilan | turôngga kinarung ngarsi | ragi keringnya | wadyanira kang sami ||

122. anjêjêgi jaro ana ngoyag-oyag | kalih dasa watawis | pra mantri kaparak | tindhih kaliwonira | lan mantri karaton sami | nadhahi ing prang | nèng lêbêt jaro panggih ||

123. sami sumbar-sumbaran payo mêtua | payo malbua aglis | payo kêthèk desa | gênjik lutung manjinga | ing kene ingsun tadhahi | kumaruk padha | anyingkur tunggak sêmi ||

39. Pangkur

1. wau ingkang para dêmang | Sukawati kang winor wong pinilih | dêmang ing Soka Jêngkilung | Dêmang Gonggang Dhalungan | dêmang ing Sribau lan Dêmang ing Mungkung | lawan dêmang ing Padonan | miwah Dêmang Gondhangrawi ||

2. Dêmang Kumêndhêng kalawan | Jatitêngah lan Dêmang Rajêgwêsi | dêmang ing Tambak Tanewung | lan Dêmang Ngimalodra | Dêmang Pujanggêni lan Guntur Barubuh | sami matur mring gustinya | gusti ambamit ngêmasi ||

3. asêsêg talingan amba | dèn wus-uwus kêthèk ing Sukawati | gênjik desa lutung gunung | dènnya umatur samya | majêng ngilèn

angungkurkên mêngsahipun | alon dènira ngandika | Jêng Pangeran Sukawati ||

4. hèh ta mêngko-mêngko bocah | aja gugup satêngahing ajurit | apa ta babak kupingmu | wus jamaking [ja...]

--- 51 ---

[...making] ayuda | sawêtune kang dêladag ing tyasipun | angolok-olok sêsumbar | aja ta sira ladèni ||

5. dèn ayêm sajroning aprang | kawruhana pati wus marêpêki | dèn eling madhêp Hyang Agung | kang sumbar ika Gêrba | ingsun ora pangling ing suwaranipun | bocah gêcul cilik mula | lonyote ginawa mati ||

6. nulya wontên duta prapta | saking Jayadirja mantri kêkalih | Dêmang ing Wulukumêndhung | Dêmang Ngendrasumêngka | nêmbah matur abdi dalêm pun Tumênggung | Jayadirja tur uninga | lamun raka padukaji ||

7. miyos ngawaki ayuda | sampun munggèng ing pagêlaran gusti | botên kathah abdinipun | kalawan putra tuwan | kirang langkung ing watawis kalih atus | kang abdi nuwun parentah | jêng pangeran ngandikaris ||

8. warahên Si Jayadirja | dèn akukuh yèn kakang prabu gitik | yèn mênêng-mênênga iku | aja na kang mangrêmpak | lan Si Suryanagara warahên gupuh | carakatur sêmbah mêsat | wus têbih nitih turanggi ||

9. anandêr mring Sêcayudan | praptanira katur sadaya sami | kang timbalan gustinipun | sawusnya lajêng sigra | marang gène kang pangawat kiwanipun | anandêr tan dangu prapta | barise Suryanagari ||

10. andhawuhakên parentah | lamun kangjêng sri narendra miyosi | arsa mapaga ing pamuk | wus anèng pagêlaran | kinèn sami kèndêla aja na magut | yèn pinukul [pinu...]

--- 52 ---

[...kul] dèn apanggah | Mas Rôngga lawan Suwandi ||

11. sigra mêdhun saking kuda | sinongsongan munggèng ngajênge baris | kang caraka sampun mundur | cinatur sri narendra | abdi dalêm kaparak ingkang tinuduh | macalang alon turira | dhuh gusti sri narapati ||

12. ing mangke rayi paduka | rawuh ngrampit Pangeran Mangkubumi | pojok jaro kilèn kidul | sang nata angandika | dudu Yayi Êmas Si Suwandi iku | pun Garba mantri kaparak | lêlurahing saragêni ||

13. nêmbah Warêngkêng turira | môngsa dadak pandunga amba gusti | dhatêng ing rayi pukulun | wus lênggah sinongsongan | kinêbutan saking kanan keringipun | ampilanipud[15] bêlabar | titihanipun turanggi ||

14. kinarung ing ngarsanira | dipun ayap dhatêng wong magêrsari | èmêng ngandika sang prabu | bêndhe apa wus munya | matur dèrèng sampun adangu kinutug | budhal saking panangkilan | kapêthuk pra mantri prapti ||

15. matur gusti rayi tuwan | Jêng Pangeran Mangkubumi angrampit | jaro jinêjêgan purun | pra abdi dalêm têlas | kêdhik ingkang anadhahi yudanipun | amung pun Surakartika | kalawan Nitinagari ||

16. lajêng angilèn sang nata | gêgêt waja biru netyaniraji | jroning tyas dahat margiyuh | lurah èstri sadaya | samya sambat anangisi sang aprabu | dhuh gusti sami emuta | paran dadose puniki ||

17. dhuh gusti sami emuta | yèn kêkadang sampun [sa...]

--- 53 ---

[...mpun] makatên gusti | adhuh gusti adhuh-adhuh | wimbuh ribêng narendra | Wôngsaniti donga wurine sang prabu | amuji lamtara bi-as | rowange sami nimbangi ||

18. prapta kilèn Suranatan | ragi kidul wêwurungan sitinggil | katon kang lagya don pupuh | dêdêr-dinêdêr samya | Dêmang Surakartika sarowangipun | karbin patbêlas waosnya | nêmbêlas cêmêng kaèksi ||

19. Tumênggung Nitinagara | sakarine panèkêt para mantri | panêlawe panêlung jung | wau Ki Singasuta | panêlung jung wong Singanagara mêtu | angamuk wus katadhahan | para Dêmang Sukawati ||

20. kinarocok mungsuh kathah | wadya Singanagara wus ngêmasi | kinrubut kunarpa ajur | wonge Surakartika | mapan jaga nèng jêro kang bêdhah wau | pinilih arsa manjinga | jaro bêdhah wus dèn goni ||

21. bature Surakartika | numbak mantri pinilih kang yun manjing | gya mundur bêdhahan gupuh | tinutup pan wus wêtah | Dêmang Surakartika ngandikan gupuh | Sêlotêr banderanira | sumusup songsongiraji ||

22. sang nata asru ngandika | hèh ta gêrot sakarine Kumpêni | kang tan lumajar mung kantun | rolas undangên kêbat | Twan Kapitan Sêlotêr nambungi wuwus | iya iridên sadaya | rumêksaa jaro iki ||

23. Mas Dêmang Surakartika | nêmbah mentar datan adangu prapti | sareyan Sèlêr wus tumut | Kumpêni kalih wêlas | lampahira [lampah...]

--- 54 ---

[...ira] ririh mêndhak mundhuk-mundhuk | praptèng pinggir jaro mêndhak | atrap bêdhil ngincêng jawi ||

24. mantri pinilih myang dêmang | katon samya linggih ngarsaning gusti | tarap waose pinangku | tan langkung kalih dasa | gya binêdhil saking jro jaro kadhatun | kalih wêlas sarêng munya | nging tan ana kang ngênèni ||

25. wusnya muni kang sanjata | wong Kumpêni samya lumayu gêndring | kinon wangsul datan purun | obat mimis binuwang | sarwi ngucap iya dudu tandhing ingsun | apranga lan sutèng raja | yaiku kang payung kuning ||

26. dadya tan kenging ngabêna | pan sagunge wadyabala Kumpêni | kawus dèn bêburu esuk | duk aprang nèng Kaleca | dadya sami Jawa kewala kang tangguh | arame tantang-tinantang | ana kang bêdhil-binêdhil ||

27. dangu-dangu jaro lêsah | songsongira pangeran nulya kèksi | dening kangjêng sang aprabu | songsonge sri narendra | katon saking pangeran panggenanipun | ngunandika sri narendra | abot sinôngga ing jurit ||

28. apa ta ngêntasi karya | ariningsun Adhi Mas Mangkubumi | durung ilang pupukipun | dene wus duwe tôndha | kadange kang tuwa-tuwa padha cubluk | paran ta dadine benjang | lêlakone Mangkubumi ||

29. solah bawaning ayuda | wong Kamangkubumèn sayakti kèksi | dening kangjêng sang aprabu | kacarita dènnya prang | awit enjing tabuh wolu ngrampitipun | ing mangke wus tabuh rolas | Ki Becak tinabuh [tina...]

--- 55 ---

[...buh] muni ||

30. angungkung ngayuh awiyat | kumandhange kadi ngorêgna bumi | alon ngandika sang prabu | payo bocah suraka | jêng pangeran myarsa Ki Becak munyasru | swara ngungkung nèng awiyat | wadya Sukawati tintrim ||

31. dhasare wus dangu aprang | sayah miwah sru kalimput ing agni | pangran gya ngundhangi mundur | mring sagung wadyanira | kang nèng dhadha myang pangawat kiwanipun | sadaya wus dhinawuhan | kinèn samya mundur aris ||

32. jêng pangeran mundhut kuda | mèsêm sarwi angandika mring abdi | payo bocah padha mundur | anêmêni ki lurah | lajêng nitih wau ing turangganipun | sêsirig pun Banyakmodang | ginarêbêg magêrsari ||

33. sarêng dhadhal lan pangawat | kilèn Kadipala mangalèrnèki | tata rèrèh lampahipun | bandera warna-warna | kadya ngiring kang maspadakakên laku | pra abdi dalêm kaparak | panèwu kalawan mantri ||

34. kang dadya juru macalang | lèr Garêmêt wangsuling para mantri | pangeran sarawuhipun | Kadarèn masanggrahan | Pangran Mangkunagara

saunduripun | saking prang nusul kang rama | ing Kadarèn dènnya panggih ||

35. pangran lan para bupatya | sami matur satingkahing ajurit | kang putra ragi sinêndhu | dene kabêrêg yuda | kurang rikat katêlompèn gêlaripun | lajêng sami pirêmbagan | amrih pakantuking jurit ||

36. ingkang putra nuwun lilah | amatrapi dhatêng kang rayi-rayi | ingkang kantun karyanipun | miwah dhatêng kang uwa | Pangran Suryadikusuma malihipun |

--- 56 ---

ingkang Paman Buminata | tiga Pangran Singasari ||

37. kang rama lon dhawuhira | patrapana nanging aja nêmêni | kapokna bae karuhun | sira balia ngetan | ingsun kulup mulih mring Jakawal dhusun | yèn wus aso banjur ingwang | marang tanah ing pasisir ||

38. sawusnya dadi kang rêmbag | kang pinatah amrih kobèting jurit | nèng Têgarèn kalih dalu | enjang sarêng bubaran | ingkang rama ngalèr kang putra mangidul | Pangeran Mangkunagara | ing dhusun Tulas wus prapti ||

39. masanggrahan tigang dina | ingkang rayi kêkalih sami prapti | miwah kang uwa wus rawuh | Surya Adikusuma | pan ingantêp kiyai timbalanipun | sapa pangidhêpanira | aja ngrêribêdi bumi ||

40. kiyai ngrampit nagara | sun timbali sira tan ana prapli[16] | lamun têtêp dadi mungsuh | ingsun kinèn gêcêka | pra pangeran têtiga ngaturkên dhuwung | sakalangkung tobatira | datan purun malih-malih ||

41. dhuwung linajêngkên sigra | ingaturkên mring Pangran Sukawati | katiga samya tinundhung | wau para pangèn |[17] samya pamit wangsul maring Gunungkidul | pangeran apêparentah | marang wadya sawatawis ||

42. kinon karya pasanggrahan | anèng dhusun Sunggingan kang prayogi | pangran sigra budhal laju | ngetan dhatêng Gêmantar | kunêng gantya

winuwus kang baris Mungkung | Sakèbêr lan Pringgalaya | myarsa nagari dèn rampit ||

43. dalu-dalu bêbodholan | samya mantuk dhatêng ing praja malih | pinêthukakên ing mungsuh |

--- 57 ---

ratri nèng Wanasraya | dadya nabrang ngilèn ingkang baris agung | anjog kèndêl Kapanasan | dènira apacak baris ||

44. wau ta Kangjêng Pangeran | Sukawati ing Jakawal wus prapti | wêwêlutan lampahipun | têntrêm ing Sukawatya | jajahane mêlar sangsaya angidul | ing Jatisari kaidak | nungkul marang Sukawati ||

45. Sakèbêr lan Pringgalaya | langkung sami kucêm dhatêng sang aji | lami dènira kêkuwu | anèng ing Kapanasan | ya ta bayar Sakèbêr maring wong dhusun | kinon nuduhkên gènira | Pangeran Mangkunagari ||

46. kang pasthi ênggène lama | kacarita Pangran Mangkunagari | antara ing kawan dalu | anglêlarag mangun prang | ngidak dhusun kidul praja prapta esuk | kadhang prapta wanci asar | ngobongi kidul nagari ||

47. makuwon ing Paserenan | amakuwon Baki myang Jatisari | wadya Surakarta bingung | mangkana Kapanasan | Mayor Kèbêr lan mantrimuka wus rêmbug | arsa tinukup pangeran | mamrih sirnèng dhandhanggêndhis ||

32. Pangeran Mangkubumi anjarah-rayah ing Juwana, lajêng wangsul dhatêng Jakawal

40. Dhandhanggula

1. Mayor Kèbêr milih pra bupati | ingkang badhe ginawa anglarag | anukup ing panggonane | pangran [pa...]

--- 58 ---

[...ngran] dènnya kêkuwu | Wiradigda ingkang pinilih | Tumênggung Cakrajaya | lawan malihipun | Tumênggung Kartanagara | Kartadipa myang Tumênggung Rajaniti | miwah Yudanagara ||

2. pitung puluh dragundêr dèn irid | kalih atus Bugis Balinira | prajurit Jawa kathahe | wontên turôngga sèwu | ari Ngahad Wage ing sasi | Ruwah ing gangsal wêlas | mangkat dalu-dalu | anjujug ing Paserenan | nanging pangran sawadyane sampun sêpi | lajêng dhatêng Gêmantar ||

3. pan saratri dènira lumaris | wanci wijiling baskara prapta | surak gumuruh sarêng drèl | pangeran langkung gugup | abusêkan pating jalêrit | kang têbih asamêkta | Sakèbêr têtulung | rame riwut lêng-ulêngan | kantun kêdhik pangeran wadyanirèki | wit kathah kang kesahan ||

4. nuju gêrah pangeran kang swami | pangran samêkta sacandhakira | garwa kinèn nyingkirake | ginendhong gamêlipun | kudanira dipun kambili | gugup asalang tunjang | kuda nama daru | kêkapa sarwa kancana | sigra nitih turôngga pangeran kanthi | abdi jalu lêlima ||

5. kumpul samya nanggulang ing jurit | liya punika kawur sar-saran | ura anèng wana bae | Sakèbêr prapta nubruk | asru dènnya ambendrong bêdhil | pangran anjog jêjurang | Kumpêni amuwung | pangeran turangganira | pun andaru karubuhan saking nginggil | tiba katiban kuda ||

6. pangran dadya dhawah kajumpalik | Mayor Kèbêr mistul mung

--- 59 ---

sapisan | jêngêr anon ing solahe | anarik cara wangsul | imbanira kasrèpèt[18] kêris | mijil rah tibèng jaja | nolih arsa kiwul | mèh ingancaran curiga | Mayor Kèbêr rowange agung bondhèti | dèn pinrih lumajara ||

7. pangran mire jurang ngiring-iring | barangkangan langgênan gandhewa | kudane tinilar bae | praptane nginggil pangguh | lan mantrine lêbêt satunggil | aran Jayaprameya | turanggane katur | Jayaprameya anulya | kudanira kancane kang dèn tumpaki | lajêng samya angetan ||

8. amung êlêt ing wana sakêlir | wus kapêthuk lan Kudanawarsa | tigang dasa kapalane | lajêng ngalèr katêmu | ingkang garwa myang para sêlir | pangran asrêp ing driya | dunya tan kaetung | Sakèbêr marêm jarahan | pan akathah mungsuhe tan dèn rawati | turôngga kang sarwa mas ||

9. lan dandanan kapraboning jurit | kathah kêni Sakèbêr sadaya | miwah ta pakinangane | sarwa kancana sêpuh | anggalênggêm Sakèbêr nuli | ngatag para bupatya | budhalan angidul | ngilèn anjog Pasunggingan | pakuwone pangeran kang dèn parani | tinêngga ing punggawa ||

10. pangagênge tumênggung kêkalih | Mangunjaya lan Suradigdaya | myang Rôngga Pramusitane | Dhandhang Môndhalika wus | myarsa warti sigra angrakit | samêkta ing ayuda | kuda pitung atus | wau Sakèbêr lampahnya | tan kawuwus ing marga sawusnya prapti | sawetan [sa...]

--- 60 ---

[...wetan] Pasunggingan ||

11. sigra bêndhe tumênggung kêkalih | datan anyana yèn mungsuhira | ewon Jawa pangajênge | sagêbragan amêthuk | rame dènnya bêdhil-binêdhil | anulya ingoncatan | lumayu angidul | binujung sampung[19] angilang | pasanggrahan Sunggingan têlas binasmi | Sakèbêr lampahira ||

12. lajêng ngalèr ngrêrayah samargi | urut Pedan Kalêpu myang Wôngga | Drêsanan Dlanggung praptane | dhusun Panasan dalu | gantya wau ingkang winarni | têlike Sang Dipatya | Pugêr kang tut pungkur | Sakèbêr salampahira | laju mantuk mring Jakawal sampun prapti | tur uning sang dipatya ||

13. nulya katur Pangran Sukawati | yèn Sakèbêr anukup Gêmantar | pangran ngundhangi balane | kang badhe kinèn bantu | ingkang kalih môngka pangirid | Rôngga Wirasantika | kalawan Tumênggung | Suwandi Suryanagara | kang ngabên prang Bupati Balora kanthi | Warung Sela Panolan ||

14. kuda dhomas wus budhalan aglis | gantya Pangran Amangkunagara | kang mlampah ngatêr swamine | nèng Matesih sadalu | radèn ayu gêrah

panastis | mila lampah lon-lonan | nèng Ngablak kapêthuk | bêbantu saking Jakawal | jêng pangeran sigra dènira dhawuhi | marang kapat punggawa ||

15. gangsal atus wadya kang turanggi | kinon ngatêrakên garwanira | mring Jakawal ngundurake | kuda kang tigang atus | Rôngga lawan Radèn Suwandi | binêkta mring pangeran | awangsul mangidul |

--- 61 ---

lajêng ngilèn lampahira | pangran sampun mangsit bupati kêkalih | arsa mring Jatisêkar ||

16. awit wong ing desa Jatisari | kang anuntun Sakèbêr lampahnya | mring Gêmantar panukupe | wau sapraptanipun | sakathahe wong Jatisari | kang lanang cinêkêlan | catur kang linampus | pinanjêran sirahira | anèng tunggon wong wadone dèn boyongi | amale jinarahan ||

17. sagung wisma samya dèn basmèni | gêmpur tumpur dhusun Jatisêkar | wusnya pangeran karsane | wong sajarahanipun | pinartiga pandumirèki | rong duman katur marang | kang rama puniku | Pangeran Mangkunagara | mung saduman amêndhêt satus pribadi | kalih atus kang rama ||

18. Pangran Mangkunagara lingnyaris | Paman Rôngga Man Suryanagara | iki wong gêdhe dosane | lamun kiyai dangu | panukupe Sakèbêr wêngi | iku kang awèh marga | mangkana wus mundur | pangeran marang Gêmantar | kang punggawa kêkalih mring Sukawati | ngiringkên bêboyongan ||

19. Jatisari pan wus dèn tanêmi | dening Rôngga aran Sêcadirja | lan kinèn anêlukake | dhusun ing Palur Jurug | saurute acungan sami | mangkana wus karupak | ing jajahanipun | nagari ing Surakarta | Totlomondo lan sang nata asung tulis | mring Gupêrnur Samarang ||

20. duk praptane nawalaning aji | tuwan gupêrnur prihatin dahat | nagri pasisir orêge | dening warta misuwur |

--- 62 ---

yèn pangeran ing Sukawati | badhe arsa cangkrama | saprajuritipun | kasukan êrah myang sirah | mila obah sagung bupati pasisir | tur uning mring Samarang ||

21. twan gupêrnur sigra marentahi | mring bupati pasisir sadaya | yèn arsa ngawaki dhewe | angadu usaripun | nanging jro tyas dahat prihatin | ruwêt rêntênging karsa | ketang purwanipun | dadya gupêrnur utusan | mring Batawi ngatas karsaning radpêni | gupêrnur amung nyarah ||

22. gantya cinatur nagri Matawis | Jawinata mirong maksih sasap | ingkang dadya ing purwane | dene myarsa pitutur | ing wartane bumi Matawis | Sinuwun Pringgalaya | ingkang tigang èwu | pinaringkên sutanira | ingkang nama Mas Komploh arsa kinardi | bupati ing Mataram ||

23. sakantune pan maksih lêstari | maring Tumênggung Jayawinata | pan amung sèwu cacahe | makatên badhenipun | karsanira sang nindyamantri | parentah dèrèng babar | wartane wus umyung | dadya Jawinata kagyat | gya samakta gêgaman kaprabon jurit | susahing tyas barusah ||

24. Jawinata panyiptaning galih | samangsane dhawuh kang parentah | sami sadina balike | ambêbêg wong Matarum | ya ta malih ingkang winarni | Pangeran Sukawatya | ngundhangi wadyagung | nutugakên karsanira | acangkrama dhateng nagari pasisir | bupati kang tinilar ||

25. têngga pakuwon ing Sukawati |

--- 63 ---

têtindhihe Pugêr Adipatya | Ranadiningrat kanthine | lan Jadirja Tumênggung | Pusparana ing Jagaragi | Tumênggung Brajadênta | lan Tumênggung Waru | dene kang dhèrèk pangeran | Sindusastra Samadipura akanthi | bupati ing Balora ||

26. Natasingron miwah Brajamusthi | Suryanagara lawan Mas Rôngga | ingkang dadya pangiride | ingkang môngka panganjur | lampahira sagunging baris | Dipati Suranata | Pangeran Tumênggung | Gadamastaka samana | wus anêmbang têngara budhal kang baris | saking dhusun Jakawal ||

27. wonten kalih èwu kang turanggi | kawan dasa cacahing bandera | kalih gôngsa carabalèn | katiga monggangipun | kêndhang gonge sarunèn siji | tamburipun sadasa | bèri bêndhenipun | inggih prasamya nyadasa | tan winuwus ing marga Dêmak wus prapti | Kudus Pathi kajangkah ||

28. gantya cinatur Sang Adipati | Pringgalaya lan Pèbêr miyarsa | lamun pangeran samangke | èstu andon anglurug | maring nagri tanah pasisir | baris ing Kapanasan | sigra dènnya kêbut | mayor lawan sang dipatya | sawadyane budhalan lajêng nututi | alampah gêgancangan ||

29. dragundêre kinon andhingini | malih cinatur nagri Samarang | wusnya atas pamyarsane | wau tuwan gupêrnur | yèn pangeran ing Sukawati | mring pasisir andon prang | anulya anuduh | bupati nagri Samarang | kinon mapag yuda akanthi Bupati |

--- 64 ---

Kaliwungu myang Kêndhal ||

30. kawarnaa Pangran Sukawati | wus ambêdhah Kudus Pathi praja | mung Japara mapagake | mêdal sing prajanipun | Citrasoma Rêksaprajèki | katur marang pangeran | yèn Jêpara mêthuk | gènnya pacak barisira | pêcak sawêt têbihe saking nagari | Mas Rôngga gya dinuta ||

31. lawan Tumênggung Suryanagari | amukula baris ing Jêpara | sigra budhal sabalane | mung kuda tigang atus | prajurite punggawa kalih | datan dangu katingal | barisaning mungsuh | nèng kilèn lèpèn Mas Rôngga | nabrang campuh wong Jêpara ambêdhili | kanthi Bugis Makasar ||

32. punggawa kalih anunjang wani | datan kandhêg binendrong sanjata | baris Japara gègère | akathah ingkang lampus | wong Bugise sisaning mati | wingwrin samya lumajar | binujung lumêbu | marang ing loji sadaya | bupatine manjing ing Juwana loji | saanak rabinira ||

33. wong Kumpêni anguluk-uluki | mriyêm saking loji kaping gangsal | punggawa kalih rêmbage | lajêng anulya mundur | dèrèng wontên timbalan malih | anggitik ing Juwana | mila sami mundur | Mas Rôngga

Wirasantika | Dyan Tumênggung Suryanagara wus prapti | ngaturakên bandhangan ||

34. angandika Pangran Sukawati | Adhi Suryanagara kaya pa | ing loji Juwana kiye | pangungsèn pra tumênggung | lan Bupati Kudus ya maksih | nèng Mayong durung têbah | saka prajanipun | umatur Suryanagara |

--- 65 ---

baris Mayong botên pantês dipun galih | amung loji Juwana ||

35. pan sumôngga ing karsa upami | jêng paduka tan arsa ambêdhah | sumingkir ajrih yudane | akêdhik labêtipun | ing prang tuwan anampik loji | baris Mayong punika | bupati ing Kudus | ing mangke amba kengkenan | lamun amba pribadi nistha ing jurit | mêngsah gêrèh lumahan ||

36. samya gumujêng kang pra bupati | langkung sukane kangjêng pangeran | Suwandi mêtu sanggupe | nulya parentah sampun | nak-sanake kalih tinuding | aran Côndrakusuma | Wôngsakusumèku | amung prajurit sawidak | praptèng Mayong rame campuh ing ajurit | kalih bupatinira ||

37. datan tahan ing pamuk nadhahi | sami dhadhal Kudus kalih pisan | gugup akèh bandhangane | ngungsi dhatêng parau | wangsulira santana kalih | tur wikan wus kaplajar | bupati ing Kudus | bandhangan katur sadaya | langkung suka Jêng Pangeran Sukawati | Suwandi tinarima ||

38. dahat gawok sagunging bupati | dene Tumênggung Suryanagara | asipat ing pangucape | pangeran budhal gupuh | marang Mayong kang dèn sanggrahi | tilas barisanira | bupati ing Kudus | ing ratri apirêmbagan | enjangira dènnya arsa mukul loji | ing Juwana punika ||

39. kang rinêmbag prayogining jurit | nênggih wontên têlik tur uninga | yèn cacahe Kumpênine | mung tigang dasa pitu | pan kalêbêt kêstabêlnèki |

--- 66 ---

Bugise pitung dasa | inggih botên langkung | wondene barise Jawa | gangsal atus bupati tiga tan luwih | Tuwan Petor Juwana ||

40. winginipun sampun angusungi | brana arta binêktèng baita | mangke wus winangsulake | dhatêng loji sadarum | dipun kintên botên dhatêngi | inggih têdhak paduka | pangran ngandikarum | yèn kaya mangkono benjang | iya adhi payo padha angawaki | saananing bupatya ||

41. aja na kang nganggo saragêni | iya kabèh padha gèra wuntat | hèh Suryanagara kowe | pangawat têngênipun | sira Rôngga pangawat kering | ngong dadi lurah numbak | ing dhadha gon ingsun | sapa dadi sulih ingwang | nitih kuda nganggo upacara mami | bupati ingsun gawa ||

42. mila namur wong panumbak sami | nanging adhi iya aja cuwat | ing ayuda sasêdhênge | misih akèh ing pungkur | pagawean kang dèn lakoni | pama anyuru jênang | kang apanas iku | ywa sêlak arêp kewala | dèn aririh ubêngana turut pinggir | aja anyuru têngah ||

43. suwe-suwe pan adhêm pribadi | iya mangkono wong bôndayuda | wus akèh lêluwangane | wong unggul pêrang iku | mungsuhe wus akèh ngêmasi | kang kari mung sapala | binêrêg sinêlud | ingamuk tan nganggo taha | wong wus unggul praptane don asor malih | yèku prang luwih nistha ||

44. pan ing ratri rêmbage

--- 67 ---

wus dadi | enjang têngara dènnya budhalan | saking ing Mayong angkate | balakuswa anggrêgut | panganjure pra dêmang sami | marga anjog Juwana | kang bala panganjur | prasami angrayah Cina | Cina bandar kagegeran pothar-pathir | dungkap praptèng Juwana ||

45. jêng pangeran wus matah sêsilih | kang kinarsan Dyan Wôngsakusuma | lan Suwandi nak-sanake | salin busananipun | sinung ngangge agêming gusti | saupacaranira | dalah kudanipun | sira Dyan Wôngsakusuma | wus anitih turôngga asongsong kuning | mimba kangjêng pangeran ||

46. ginarêbêg ing wong magêrsari | dene pangeran nèng ngarsa têbah | lurah numbak panggenane | ing Juwana winuwus | apan sampun miyarsa warti | yèn pangeran wus bidhal | sing sanggrahanipun | arsa anggêcak Juwana | gya miranti rêmbage malang ngantèni | Mêgatsari wacana ||

47. hèh ta Citradiwirya bayèki | dudu pangerane kang anglarag | iya mung Suwandi bae | ika nak-sanak ingsun | nora sae ngladèni jurit | marga wêwatêkira | cilik mula gêcul | dèrèng tutug arêrasan | pacalange praptane pating karêmpis | sarwi jingga nonoman ||

41. Durma

1. mantri ingkang macalang asru turira | suwawi dèn unduri | nyêlak bètèng pisan | mêngsah wau angkatnya | sami bêkta prabot ngrampit | linggis lan ôndha | manawi bêbayani ||

2. dèrèng dugi wau dènnya pirêmbagan | kasêlak [kasêla...]

--- 68 ---

[...k] mungsuh prapti | ingkang kêkapalan | nunjang sarwi nyanjata | wong Pathi samya nadhahi | bendrong sanjata | mungsuh angidak wani ||

3. sampun mawur baris ing Pathi sasaran | lumêbèng ing jro loji | bupati kalihnya | Citradiwirya lawan | Radèn Arya Mêgatsari | petor amapag | manjing mring bètèng loji ||

4. petor ngucap tuwan dhua jangan susah | apa ta Mangkubumi | tidhak kalihatan | brani pelor Olandha | tan adangu mungsuh prapti | surak agiyak | kukuk sarwi ambêdhil ||

5. ingkang payung kuning gène maksih têbah | samana wong Kumpêni | mriyêm dèrèng munya | pijêr ngawaskên mêngsah | jêng pangeran angabani | prajuritira | amuk angrangsang biting ||

6. ragi bali ijo nyampinge pangeran | kinencong cawêt aglis | anoncong talêmpak | Radyan Suryanagara | wus ambuwang waosnèki | anarik pêdhang | tumèmpèl baluwarti ||

7. Rôngga Wirasantika wus narik pêdhang | gugup wadya Kumpêni | drèle tuna dungkap | mriyême datan angsal | mantri pinilih ngandhani | Suryanagara | pan sampun praptèng nginggil ||

8. kêstabêle pinêdhang têtiga pêjah | mriyême dèn tunggangi | Rôngga sampun minggah | kathah kang para dêmang | angrèp sami ngrangsang biting | otêr puyêngan | ing jro tindhih-tinindhih ||

9. Bugis Bali bingung prange tan karuwan | tunjang-tinunjang gênti | dènnya kalêbêtan |

--- 69 ---

mung lima ambêk pêjah | ing wuri akèh nututi | Kumpêni kathah | kamuk balasah mati ||

10. kang lumajar arsa mêdala ing lawang | Pangeran Sukawati | anglandhak talêmpak | bapang têngah wiwara | anêrak kapitan Bugis | mèh tinalêmpak | têluk angrungkêb siti ||

11. gya cinandhak lambunge kinèn ngadêga | pangeran ngandikaris | sakèh rowangira | kang têluk kaya sira | tanggungên yèn kongsi mati | kapitan nêmbah | ngundhangi rowangnèki ||

12. tuwan petor bingung minggah mènèk ôndha | lajêng anggêbyur kali | tambuh solahira | busêkan yêl-uyêlan | prajurit wus kathah manjing | pan kabrojolan | kalih Bupati Pathi ||

13. mung Ngabèi Juwana ingkang kacandhak | saanak miwah rabi | kantun dènnya oncat | marma kathah kang gagal | sarêng wus malêbèng loji | prajurit kathah | melik bêrana sami ||

14. rêbut dhucung dènnya angambil barana | kathah tur adi-adi | reyal anyar-anyar | kêton talèn rupiyah | abyor bêlasah nèng siti | gêrobog pêcah | ginandhèn dèn gitiki ||

15. sinjang kêling bêlasah mawarna-warna | Pangeran Sukawati | lênggah pêthi brana | prajurit lagi prapta | tan wruh lamun gustinèki | pangran jinêngkang | pangran kagyat anolih ||

16. wadya ingkang jêngkangkên lajêng lumajar | ana kang prapta aglis | arêbut jarahan | saking gunging bêrana | nagri Juwana pan alit | mung sèwu cacah | Dêmak nêm èwu [èw...]

--- 70 ---

[...u] sami ||

17. lan ing Pathi cacahipun kapat bêlah | èwu nora nimbangi | kalawan Juwana | gungipun kang barana | wit kathah ingkang dhatêngi | pra among dagang | saking liyan nagari ||

18. sawusira têlas dènira jêjarah | pangeran nulya mijil | tata pasanggrahan | nèng wisma kabupatyan | nagri Pathi dèn tanêmi | pinara tiga | ingkang nyèwu kêkalih ||

19. ingkang nyèwu Rahadèn Wôngsakusuma | lan Mangunjaya sami | kinulawisudha | jinunjung saking ngandhap | ingangkat pangkat bupati | sêbutanira | radèn tumênggung sami ||

20. ingkang sèwu limang atus sutanira | Mangunonêng ing nguni | nama Dyan Undhakan | tiyang Kamêntaraman | radèn tumênggung kêkasih | Mangunkusuma | katri Bupati Pathi ||

21. ing Juwana pinarapat karsanira | sumêngit kang sapalih | sinung nama dêmang | inggih Jayanagara | Purbayuda kang nisihi | sêbutan dêmang | Purbalêgawa nami ||

22. kang sapalih pinalih pranakan Cina | nama pun Sêmang Silih | satunggil winastan | inggih Dêmang Sapanjang | ing Kudus kang dèn paringi | rongèwu pisan | Radèn Suryanagari ||

23. wusnya lami pangeran anèng Juwana | wontên sadasa ratri | Bugis bêbandhangan | pan tigang dasa gangsal | tinantun tumut ngêmasi | saparanira | tan nêdya pisah gusti ||

24. kapitannya karan kapitan Juwana | pinatah andhingini | maring Sukawatya | ngantukakên barana | reyal jarahan ing loji | loji Juwana | dadya rolas [ro...]

--- 71 ---

[...las] turanggi ||

25. saturôngga tigang èwu momotannya | kanthinira lumaris | kapitan Juwana | lan bupati satunggal | ing Warung ingkang tinuding | ngantukkên arta | dhatêng ing Sukawati ||

26. pra bupati sadaya sami utusan | ngantukakên prasami | arta jêjarahan | mangkana jêng pangeran | budhal marang Mayong malih | sabalanira | rêmên papan prayogi ||

27. Mayong tumut bumi Kudus duk samana | lagyantuk tigang ratri | têlik aturira | Sakèbèr Pringgalaya | wontên ing Tanjung samangkin | wus tigang dina | inggih gènipun prapti ||

28. arsa jujul dhatêng ing lampah paduka | wontên kang dipun anti | Gupêrnur Samarang | bêkta Walandi usar | usare sampun dhingini | wontên ing Dêmak | gupêrnur dèrèng prapti ||

29. ingkang ngirid pun Rôngga Tisnawijaya | pangeran ngandikaris | paran budinira | Adhi Suryanagara | miwah ta Rôngga sirèki | kalih tur sêmbah | inggih lamun suwawi ||

30. rêmbagipun pra abdi dalêm sadaya | prayogi andhingini | baris Tanjung ingkang | sampun prapta cinacak | pangran panuju ing galih | sigra têngara | tambur bêndhe tinitir ||

31. budhal saking Mayong kang wadya gumêrah | gantya ingkang winarni | ing Tanjung barisan | Sakèbêr Pringgalaya | sawusnya miyarsa warti | Kumpêni usar | prapta saking Samawis ||

32. arsa jujul ing lampahira pangeran | kang anèng Mayong baris | Sakèbêr kalawan | sira sang mantri muka | matah [ma...]

--- 72 ---

[...tah] prajurit kang kari | Kumpêni dharat | lawan para bupati ||

33. prajurite Kumpêni dharat tinilar | satus lan pra bupati | nênêm sawadyanya | Tumênggung Mangkupraja | Wiraguna lawan malih | Kartanagara | miwah Yudanagari ||

34. Cakrajaya Dyan Tumênggung Natayuda | amung kang para mantri | ing Kartanagaran | tindhih kaliwonira | kang pinêthil dhèrèk sami | mring mantri muka | dene para bupati ||

35. kang kinanthi anitik barising mêngsah | Tumênggung Rajaniti | lan Dêmang Ngurawan | Tumênggung Wiradigda | Ônggawôngsa lawan malih | Dyan Kartadipa | prajuriting Kumpêni ||

36. kêkapalan dragundêr satus sawidak | Sakèbêr kang nindhihi | wus nêmbang têngara | bêndhe tambur wurahan | budhalan sagunging baris | sing Tanjung desa | gantya malih winarni ||

37. Jêng Pangeran Adipati Sukawatya | senapatining jurit | ing Tanjung wus prapta | mêdal sakilèn desa | ngidul ngetan lampahnèki | agêng dhusunnya | mila datan katawis ||

38. dupi prapta sakidul wetaning desa | pangarsa tur udani | yèn mêngsah katingal | Kumpêninipun kathah | giyak sagunging prajurit | sarêng umangsah | ngamuk mantri pinilih ||

39. ngêtap kuda Tumênggung Suryanagara | pra bupati nututi | samya ngêtap kuda | Rôngga Wirasantika | kang ngajêngkên pra bupati | Suryanagara | nunjang angilês wani ||

40. pothar-pathir kuthetheran barisira | sagunge pra bupati | ingidak warasan | dadya

--- 73 ---

mawur sasaran | Kumpêni prang lan pinilih | myang para dêmang | amuk tangkêping jurit ||

41. têtumpêsan Kumpêni satus wus pêjah | bêlasah pinggir kali | sagung pra bupatya | ingkang samya lumajar | mung badan sapata kari | tilar dandanan | mêngsah suka jarahi ||

42. rêrêmbatan sangu praboting ayuda | kèh warnane kang kèksi | pêthi pinêcahan | êtong mimis myang obat | wontên wong kacandhak urip | kang tinakenan | Sakèbêr anèng êndi ||

43. aturira Sakèbêr kesah anglanggar | lawan sang adipati | pangeran parentah | lah payo nusul mêngsah | gya budhal sagunging baris | sawetan desa | ngalèr kang dèn margèni ||

44. ya ta wau Sakèbêr lan Pringgalaya | anèng sakilèn dèsi | miyarsa sanjata | kidul wetan prênahnya | nulya kinon mariksaglis | Rôngga Lêlana | akanthi para mantri ||

45. nandêr ngidul sapraptaning kidul desa | menggok angetan kèksi | wangke ambalasah | dangu-dangu katingal | lamun wangkening Kumpêni | kang pra bupatya | sawadyane wus gusis ||

46. nulya wangsul anandêr Rôngga Lêlana | matur akêmpis-kêmpis | tuwan katiwasan | sagunging pra bupatya | myang sagung bala Kumpêni | têngga rêmbatan | sirna tan wontên kari ||

47. wangke Bugis Makasar katon bêlasah | dene kang pra bupati | tan wontên katingal | satunggil pan wikana | ênggène botên kadugi |

--- 74 ---

pêjah gêsanga | kagyat duk amiyarsi ||

48. lajêng nambur Sakèbêr angangah-angah | nandêr mangidul sami | praptèng kidul desa | anon wangke bêlasah | rêmbatan wus sirna gusis | Kumpêninira | satus tan kari siji ||

49. langkung gawok dene kathah pra bupatya | nora katêmu siji | Sakèbêr saksana | lan sagung pra bupatya | lajêng amangalèr ririh | baris tinata | tan dangu wus kaèksi ||

50. Pangran Sukawati angantosi mêngsah | nèng têgal dènnya rakit | ngara-ara jêmbar | barise sampun tata | dhadhane mantri pinilih | pangawat kanan | Radyan Suryanagari ||

51. ingkang kiwa Mas Rôngga Wirasantika | pangeran andhadhani | Kumpêni barisnya | gêlar wulan tumanggal | baris Jawa lan Kumpêni | ing Surakarta | tikêl tiga watawis ||

52. balanira pangeran karoban lawan | kukuk wong Sukawati | dragundêr drèlira | sapisan sinusupan | rame têmpuhing ajurit | ulêng-ulêngan | awor asilih ungkih ||

53. Dyan Ngabèi Tambaknagara palastra | kaliwon ing Panumping | Kumpêni sakawan | litnan ingkang palastra | Sakèbêr kiwul mapulih | panyakotira | nêdhas lambenirèki ||

54. gobrah-gobrah kadya buta amêmôngsa | rukêt ingkang ajurit | apêdhang-pinêdhang | ana tumbak-tinumbak | ana kang bêdhil-binêdhil | ana curiga | rame rok silih ungkih ||

55. sira Londrop[20] Alpèrès tinumbak kêna |

--- 75 ---

mung lapaking turanggi | mring Jayaprabawa | lajêng narik curiga | ginoco alpèrès mati | pun Japrabawa | tinumbak saking wuri ||

56. mring Tumênggung Wiradigda kapisanan | sigra Suryanagari | angrukêt anumbak | Tumênggung Wiradigda | kaplêsat kudane kêni | kapangiringan | lêlèpèn pêdhot kalih ||

57. mèh pinindho Suwandi anggigit waja | mati mêngko wong iki | nulya katulungan | dene Kapitan Barak | pan sakawan rowangnèki | Suryanagara | kinêpung dèn kapati ||

58. mung kudane Suryanagara kang pêjah | mêdhun saking turanggi | wuru pamukira | awor malih kalingan | dragundêr mêngkap anuli | mayor tan kêndhat | pêdhange mobat-mabit ||

59. jêng pangeran anon wadya kang nèng dhadha | katon sayah ing jurit | wêlas jêng pangeran | sigra mundur lon-lonan | dupi miyat nganan ngering | pangawatira | Suryanagara maksih ||

60. miwah Rôngga dèrèng uwal pamukira | pangeran wangsul malih | angamuk manêngah | saking ramening aprang | pêpati sungsun atindhih | mungsuh lan rowang | nulya wau kang prapti ||

61. Radèn Ayu Adipati Pringgalaya | ginarêbêg prajurit | kapal tigang dasa | sarwi asongsong pêthak | pangrasane kang miyarsi | panguwuhira | hèh kulup Mangkubumi ||

62. kabangêtên babo nyawa solahira | nora angeman pati | bok uwis elinga | aja kaliwat-liwat |

--- 76 ---

myarsa Pangran Sukawati | mundur sawadya | lajêng kasaput wêngi ||

63. nanging rêmpu pangeran prajuritira | anglês bala Kumpêni | êpur têgêsira | Sakèbêr alon mojar | pigi mana dyan dipati | tuwan pangeran | singgah dhi mana nanti ||

64. anauri Adipati Pringgalaya | têmtu dhêkêt dhi sini | adha dhi bêrangkas | bukak pakean kudha | Mayor Sakèbêr ngling malih | saya mêlihat | têmên atinya kêcil ||

65. anauri Adipati Pringgalaya | kêndhati kêcil ati | asal jangan saya | dhèngên soldhadhu Blandha | Sakèbêr asru ambêlik | iya Olandha | nyang takut ati habis ||

66. mari ini malêm jugak baik brangkat | pigi dhi Dêmak nagri | wanci bakda ngisa | saking Tanjung budhalan | desa kang kamargan sami | samya ngobongan | minôngka tuduh margi ||

67. kacarita Tumênggung Suryanagara | dalu-dalu kêkambil | marga têlikira | sampun atur uninga | lamun rêmbaging Kumpêni | budhal mring Dêmak | kèndêl Tanjung tan wani ||

68. tinakenan mring kancane pra bupatya | dalu-dalu mring pundi | Suwandi saurnya | arsa gusah Walônda | nèng Tanjung ika nyukêri | Sakèbêr miwah | Pringgalaya Dipati ||

69. amung kuda salawe wus budhal sigra | kang kantun matur gusti | yèn Suwandi nglarag | pangeran angandika | hèh Rôngga paran pawarti | Rôngga tur sêmbah | wau amba takèni ||

70. dalu-dalu dene ngêngapani kuda | rencangipun [rencangi...]

--- 77 ---

[...pun] nauri | lamun arsa nglarag | Sakèbêr dipun gusah | tan purun angajak gusti | dhatêng kawula | myang kônca pra bupati ||

71. prajurite botên binêkta sadaya | mung salawe piniji | ingkang amiyarsa | samya gumuyu suka | wau lampahe wus têbih | Suryanagara | mèh anyandhak kêkinthil ||

72. wontên ingkang kantun bala Ônggawangsan | para mantri kêkalih | cacah kalih dasa | kang samya kêkapalan | cinêgatan dèn lancangi | datan anyana | lamun mungsuh nglancangi ||

73. gya sinapa kagyat mantri kalihira | wus nyana jroning ati | yèn Kangjêng Pangeran | Sukawati priyôngga | dene warnane apêkik | busana mubyar | pan dadya têluk aris ||

74. wusnya angsal kuda cacah kalih dasa | bêndhenira tinitir | baris gêng angira | baya sinusul marang | Jêng Pangeran Sukawati | lampah gancangan | Suryanagara bali ||

75. sapraptane Bêrangkas gawok sadaya | sagunge pra bupati | praptanira kathah | bandhangane turôngga | angsal bandera sasupit | katur pangeran | suka andhandhanggêndhis ||

42. Dhandhanggula

1. Mayor Sakèbêr myang nindya mantri | miwah sagung kang para bupatya | sadalu ribêd lampahe | enjing ing praptanipun | anèng Dêmak samya kapanggih | lawan kang kapalajar | sagung pra tumênggung | nanging pisah lawan bala | duk tumpêse prajurit dharat ing nguni | mawur arêbut gêsang ||

2. Radyan Tumênggung Kartanagari | miwah Tumênggung Yudanagara | Tumênggung [Tumêng...]

--- 78 ---

[...gung] Natayudane | Mangkupraja Tumênggung | lawan Lêksapraja Ngabèi | Tumênggung Cakrajaya | Majêgan sadarum | Kandhuruhan miwah Ngayah | lan ing Panjêr Pamêrdèn Dhaluhur Pasir | Kalibêbêr Trêsana ||

3. amung badan sapata kang kari | sakalangkung sami kawlasarsa | Sakèbêr dahat ngungune | gèdhèg sarwi amuwus | nyata abot Amangkubumi | jinurung ing Hyang Suksma | prabawane luhur | dene ta nora kayaa | janma ewon sirna kamanungsannèki | paran dadine benjang ||

4. Mayor Pèbêr sampun apêpanggih | lawan mayor usar têtabean | miwah para kapitane | ing rêmbag dadosipun | twan gupêrnur ingkang dèn anti | lan sagung wadyanira | kang para tumênggung | kapisah dèrèng angêmpal | sêdhêng ngumpul lawan nêntrêmakên pikir | sagung kang rusak ing tyas ||

5. kawarnaa Pangran Sukawati | senapati pramuka jayèngrat | sampun budhal sabalane | arsa kondur mangidul | kang tinilar nèng Kêndhêng sami | Dipati Suranata | myang Pangran Tumênggung | Gadamastaka kalawan | tiga pisan bupati nagri ing Pathi | lan pra dêmang Juwana ||

6. samya wontên timur dènnya baris | padhusunanira nagri Dêmak | wau pangeran kondure | ing Jakawal wus rawuh | eca manahira wadyalit | kang putra tinimbalan | duta mangkat sampun | ingkang marang ing Gêmantar | Pangran Mangkunagara pan sampun kerid | sapraptaning Jakawal ||

7. kuda pitung [pi...]

--- 79 ---

[...tung] atus kang umiring | wau pangeran atur pranata | ingaras bun-êmbunane | wusnya tata alungguh | nunggil lawan Pugêr Dipati | pangran dhawuh nalika | prang Juwana Tanjung | malah kongsi pitung dina | nèng Jakawal Pangeran Mangkunagari | kunêng malih winarna ||

Lajêng nyandhak jilid 5.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Kurang satu suku kata: sajung rong jung maksih kawulaning ratu. (kembali)
3. ngêmasi. (kembali)
4. pinistul. (kembali)
5. Mat. (kembali)
6. Teks asli: Pucung. (kembali)
7. mlêbu. (kembali)
8. kalungguhane. (kembali)
9. Ngabèi. (kembali)
10. sangkin (dan di tempat lain). (kembali)
11. margi. (kembali)
12. kantun. (kembali)
13. Kurang satu suku kata: pêrang para santana. (kembali)
14. têtiyang. (kembali)
15. ampilanipun. (kembali)
16. prapti. (kembali)
17. Kurang satu suku kata: wau para pangeran. (kembali)
18. kasrèmpèt. (kembali)
19. sampun. (kembali)
20. Hondrop. (kembali)

Serie No. 1259d

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 5.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

33. Kumpêni nglacak Pangeran Mangkubumi[1]

8. Gupnur Hondhorêp ing Dêmak prapti | panggih Pèbêr tinanggap tuturnya | ing prang sasolahbawane | gèdhèg dahat anjêtung | twan gupêrnur duk amiyarsi | Sakèbêr aturira | têlik gya dinangu | pamanggèning jêng pangeran | matur lamun wus kondur mring Sukawati | anèng dhusun Jakawal ||

9. amung para bupati pasisir | têtanêmane pangran sadaya | wontên ing timur barise | gupêrnur rêmbagipun | Mayor Pèbêr kinèn anganthi | sagung prajurit usar | anusula mungsuh | anggêcak ing Sukawatya | saparane pangeran ing Sukawati | kinèn ngungsir kewala ||

10. wusnya dadi gènnya gunêm pikir | badhe anglut marang Sukawatya | gupnur ing Dêmak wangsule | sagung kang pra tumênggung | miwah sira sang nindya mantri | lan gupêrnur tabean | sarêng budhalipun | kang mantuk marang Samarang | kang angetan sagunging baris Kumpêni | miwah kang pra bupatya ||

11. barisan timur kang dèn ampiri | bubar ngawêt nanging nora bisa | cara Pajang Matarame | mung sadina kabutuh | nora luwês olahing jurit | dadya golong lumajar | angungsi mangidul | gantya malih kawuwusa |

--- 4 ---

Jêng Pangeran Adipati Sukawati | kang lagya pagunêman ||

12. lan kang putra miwah pra bupati | ingkang amrih jêmbaring jajahan | ing ayuda mrih kobète | nuntên kang pra tumênggung | ingkang sami tinilar nguni | punggawa pasisiran | kang baris ing timur | Adipati Suranata | Pangran Gadamastaka myang pra bupati | ing Pathi lan Juwana ||

13. sami prapta umatur ing gusti | yèn Sakèbêr sampun binantonan | rongatus usar cacahe | samya Kumpêni jitus | ing ayuda tan pilih tandhing | mangkya kadya duk nabrang | wukir Kêndhêngipun | jêng pangran alon ngandika | hèh ta kulup paran prayoganing pikir | apa iya pinapag ||

14. dimèn wêruh tangkêping ajurit | sun cobane Si Kumpêni usar | kang putra gondhèl ature | saking pamanggih ulun | prayogine dipun oncati | margi abdi paduka | sangêt sayahipun | pangran kèndêl tan ngandika | ngêningkên tyas cipta mêlêng mring sawiji | narawang datan samar ||

15. mangke kêdah kèndêl mangun jurit | dèrèng môngsa angantêpa yuda | pangran alon timbalane | iya wus bênêr kulup | Kakang Pugêr ngetana bênjing | kulup sira ngidula | yèn wis katon mungsuh | angalor ngulon manira | rêmbug wusnya dadi sigra angundhangi | nyingkirakên para dyah ||

16. gya budhalan sagunging pra èstri | bupatine kang dhèrèk pangeran | amung sakawan cacahe | myang pasisir sadarum | ya ta datan kawarnèng

--- 5 ---

ratri | enjing têngara budhal | wadya pinartêlu | ingkang mangilèn pangeran | jog Majênang mangalèr sawadyanèki | lan mungsuh saliringan ||

17. mungsuh nabrang kidul Kêndhêng prapti | pangeran nabrang lèr Kêndhêng prapta | awêwêlutan lampahe | wong pasisir kang nungkul | kèh cinêkêl maring Kumpêni | Dipati Suranata | Pangeran Tumênggung | Gadamastaka kalawan | Dyan Tumênggung Pathi katiga dhingini | prapta nagaranira ||

18. Pangran Adapati[2] Sukawati | sampun prapta têlatah ing Dêmak | lawan sagung prajurite | lajêng mring Kadilangu | amundhut mring Pangeran Wijil | kadangipun sajuga | de pangeran durung | darbe abdi

kawijilan | sawêg saking Karanggan marma ing mangkin | ywa tanggung adarbea ||

19. dadya kang raka Pangeran Wijil | nama Pangeran Wirakusuma | tumut salampah badhene | pan wus binêkta sampun | pangran budhal sawadyanèki | wangsul marang ing Dêmak | makuwon ing Gubug | kunêng gantya winursita | Mayor Pèbêr myang Pringgalaya Dipati | miwah Kumpêni usar ||

20. sampun prapta tanah Sukawati | ing Jakawal amanggih gêgaman | akathah nanging lumèngsèr | sapalih kang angidul | kang mangetan inggih sapalih | kang tinarka Pangeran | Sukawati ngidul | dene mawi songsong jênar | kêkapalan pitung atus winatawis | kang ngetan sami uga ||

21. kang angidul ingkang tinut wuri | yèn binêrêg linawanan yuda | dadya tarung

--- 6 ---

lèrès bae | wau pakuwonipun | ing Jakawal dipun obongi | wus lajêng lampahira | Kumpêni mangidul | kèndêl wau pangungsirnya | pan kasaput ing dalu makuwon sami | wontên Gonggang Dhalungan ||

22. enjingira pangran sampun têbih | gaman praptane Matesih desa | angetan ilang larine | Kumpêni laju ngidul | maring Surakarta nagari | Pèbêr myang Pringgalaya | wau karsanipun | mayor usar lan kapitan | dimèn sowan ing kangjêng sri narapati | wus praptèng Surakarta ||

23. Oprup Totlomondo wusnya panggih | ingkang sami saking palurugan | lajêng ingirid lampahe | sowan jêng sang aprabu | praptanira kadhaton sami | sawusnya têtabean | lajêng tata lungguh | Sakèbêr lan mayor usar | kapitane kêkalih lutnannya kalih | mèsêm suka sang nata ||

24. salamine dèrèng aningali | Kumpêni kang busana mangkana | sangkêlat ijo rokine | samya abrit brukipun | topinira kêkucur sami | pêdhangipun apanjang | ngandika sang prabu | mring Dipati Pringgalaya | ditêmêni yayi êmas Mangkubumi | nganggo Walônda usar ||

25. Kumpênine usar maksih baris | lèr waringin kurung agêgabag | asri tinon busanane | wus dangu samya mundur | mêdal saking sajroning puri | apan dadi tontonan | usar praptanipun | Mangkuratan Pakubanan[3] | dèrèng wontên Kumpêni ingkang kadyèki | karya ebat [e...]

--- 7 ---

[...bat] kang miyat ||

26. sampun sinung pamondhokan sami | anèng loji bakal Wlônda usar | gantya kang winuwus mangke | kang makuwon ing Gubug | jêng pangeran ing Sukawati | budhal ngidul samana | Garobogan rawuh | lajêng ngidul saha bala | marang Sukawati kang dèn pasanggrahi | nèng dhusun Pasumbêran ||

27. Adipati Pugêr nulya prapti | panggih lawan pangran samya suka | anutugakên rêmbage | kintun pustaka ngidul | maring Pangran Mangkunagari | Pugêr atur pariksa | yèn kang rama rawuh | amakuwon ing Sumbêran | lawan kinèn siyaga kaprabon jurit | arsa mukul Mataram ||

28. praptèng Gêmantar kang punang tulis | katur pangran winaos gya budhal | angalèr lan sabalane | ing marga tan winuwus | praptanira ing Sukawati | mring rama ngaras pada | mangusapi lêbu | wus sami atata lênggah | Adipati Pugêr miwah pra bupati | aglar anèng ngayunan ||

34. Ing tanah Mataram Tumênggung Jayawinata ambalik

29. pan sinigêg kang mêmangun pikir | kawuwusa malih Surakarta | Pringgalaya ing samangke | nyiyosakên panyuwun | ing Mataram wus dèn turuti | gandhèk ingkang dinuta | dhawuhkên amundhut | sakathahing bêkêl desa | cinarita sapraptanirèng Matawis |

--- 8 ---

bêkêl datan lênggana ||

30. bêkêl tigang èwu dèn tampèni | amung kantun sèwu Jawinata | wau gandhèk saulihe | kadalon lampahipun | Parambanan sipêng saratri |

sarêng wus gagat enjang | bêkêl tigang èwu | prasamya minggat sadaya | ana ingkang kari ingandhêg tan kêni | amêksa samya kesah ||

31. nulya wontên dêdamêl kang prapti | tigang atus sami kêkapalan | Jayawinata sutane | Sêcawijaya juluk | lan pulunanira wêwangi | Puspawijaya miwah | juga kanthinipun | lêlurah mantri Mataram | kang anama Surajênggala Ngabèi | praptaning Parambanan ||

32. lan prayayi gandhèk wus apanggih | tuwin prayayi Kapringgalayan | wus sami tata linggihe | Sêcawijaya muwus | kula niki milane prapti | ingutus putra dika | pun rama tumênggung | yèn tan angsala sêsambat | sayêktine pun rama siyos ambalik | ambêkta wong Mataram ||

33. ingkang wolu likur èwu sami | pan binêkta ambalik sadaya | sampun binêbêg samangke | kang liningan sumaur | adhuh putu paran puniki | gya pamit wangsul nulya | kuda tigang atus | gandhèk sami pirêmbagan | lajêng mantuk tan angsal patinggi siji | praptèng praja asmara ||

43. Asmaradana

1. wus katur ing sri bupati | gandhèk kang saking Mataram | Jayawinata mopone | gumyahing wong sanagara | balik Jayawinata | dadya karsanya sang prabu | Adipati Sindurêja ||

2. kang kinèn [ki...]

--- 9 ---

[...nèn] akirim tulis | angrapu Jayawinata | ananggung yêkti wurunge | Adipati Sindurêja | sampun kintun pustaka | ya ta wau kang winuwus | Pangran Arya Danupaya ||

3. pamit kesah botên lami | sapraptane Parambanan | panggih mantri pangajênge | Tumênggung Jayawinata | pangeran angandika | hèh mantri tutura gupuh | mring paman Jayawinata ||

4. ingsun arsa mring Matawis | angumpul lawan si paman | iya apa sakarêpe | ingsun anganti ing sira | mantri kesah tur sêmbah | praptaning Ngayogya sampun | katur mring Jayawinata ||

5. ing sadhawuhe wêwêling | Pangran Arya Danupaya | Jayawitana[4] ambêkès | iku Pangran Danupaya | sok ngrusuhi bêndungan | ngrusuhi têlèdhèk dhusun | môngsa dadia abahan ||

6. nuli balia kon mulih | tutura ingsun tan arsa | yèn mêksa kudu marene | nuli mriyêmên dèn enggal | mantri wangsul turira | paduka ngaturan wangsul | ki tumênggung botên arsa ||

7. yèn paduka mêksa manjing | inggih dhateng ing Mataram | tanpa karya sayêktine | Pangran Arya Danupaya | wangsul apêlarasan[5] | praptane ing Babad dhusun | laju ambêdhah bêndungan ||

8. nulya wontên prapta malih | sira Jêng Pangeran Rôngga | ing Parambanan kèndêle | mantri pangajêng tur priksa | wontên pangeran prapta | Pangeran Rôngga abagus | Jayawinata lingira ||

9. iya balèkna tumuli | sanadyan silih bagusa |

--- 10 ---

sok ngrusuhi gêmak jagong | môngsa ngêntasana karya | mantri wangsul wêwarta | Jayawinata turipun | pangran kondur palarasan ||

10. nuntên wontên prapta malih | Pangran Suryadikusuma | lan Pangeran Arya Pamot | pangran kalih kèndêl samya | anèng ing Parambanan | mantri pangajêng asung wruh | yèn wontên pangeran prapta ||

11. Arya Pamot lan Suryadi | angucap Jayawinata | tarinên pangeran karo | lamun nyata uwis têrang | dhawuhe Jêng Pangeran | Sukawati apa sanggup | miturut pratikêl ingwang ||

12. sun aturi anglakoni | bêdhah Kêdhu sun tur bala | jaranan tri atus bae | mantri ngajêng wangsul sigra | panggih lawan pangeran | tinari pan samya purun | nglêboni ing Kêdhu praja ||

13. anulya wau dèn irid | nanging kinèn ambanjura | Suryadi lan Arya Pamot | tan kêna mampir Ngayogya | dene ta kang dinuta | lawan kuda tigang atus | Ngabèi Surajênggala ||

14. wus lajêng lampahirèki | kerid ing Surajênggala | sapraptanira Sêrowol | kilèn Tarayêm prênahnya | nêlukakên wong desa | kang nora têluk ginêpuk | majêng marang Parimana ||

15. wus kathah kang nungkul sami | amêmacak mantri desa | wimbuh agêng gêgamane | anyahak Kilènparaga | Payaman wus kaidak | saking kang êlèr wus suyud | anèng Watês barisira ||

16. kuda sèwu winêtawis | sagêd datan kawursita | kang sampun [sampu...]

--- 11 ---

[...n] agêng barise | cinatur Jayawinata | wus anampèni sêrat | pangrêpa angipuk-ipuk | saking Dipati Sindurja ||

17. winangsulan nanggikrami | sêratira sang dipatya | wus anglalu jroning tyase | mangkana mantri urunan | karajanitèn samya | wruh lamun têtela sampun | pratikêle Jawinata ||

18. pangeran kêkalih sami | marang Kêdhu binantonan | pratôndha ing pambalike | mantri rajanitèn rêmbag | kesah saking Ngayogya | mring Surakarta wus kêbut | sapraptanira jro praja ||

19. panggih lawan rajaniti | wit iku bupatinira | sagung mantri rajanitèn | binêkta mring kapatihan | lajêng kinèn ngaturna | mring srimanganti anjujug | Tumênggung Puspanagara ||

20. wus konjuk jêng sri bupati | Dyan Tumênggung Jawinata | têtêp tuhu pambalike | kang dhatêng Kêdhu punika | kêkalih pra pangeran | binêktan prajuritipun | têtindhih Surajênggala ||

21. lawan sampun angaturi | panungkul dhatêng Pangeran | Sukawati utusane | atur sanjata sadasa | lan waos kalih dasa | miwah reyalipun sèwu | nanging lampah dhêdhêmitan ||

22. sri bupati duk miyarsi | sigra dènira dhêdhawah | mring dipati sakarone | lan oprup kinèn amanah | dadosipun kang rêmbag | Sakèbêr ingkang amukul | ing Kêdhu dragundêrira ||

23. satus akanthi prajurit | kalih atus ingkang dharat | myang kalih atus usare | Mayor Por tindhihing [tindhih...]

--- 12 ---

[...ing] yuda | gunggung Kumpêni pêthak | gangsal atus cacahipun | gangsal atus Kumpêni Slam ||

24. senapatinipun Jawi | gantya Dipati Sindurja | sri narendra timbalane | sagung kang para bupatya | tan ewah ingkang lampah | kadi duk têtindhihipun | Adipati Pringgalaya ||

25. wus pamit ing sri bupati | budhal saking Surakarta | langkung agêng gêgamane | kalih ratri anèng marga | lampah mêdal Bahrawa | para bupati ing Kêdhu | môngka panganjuring lampah ||

26. mungsuh myarsa angoncati | Pangran Suryadikusuma | lan Pangeran Arya Pamot | mundur dhatêng ing Payaman | Kumpêni prapta Cathak | sagung kang para tumênggung | ingkang kinèn amukula ||

27. barise pangeran kalih | pra bupati lampahira | ing Payaman duk praptane | lajêng campuh ing ayuda | bêdhil-binêdhil samya | maksih gêtas perangipun | Pamot Suryadikusuma ||

28. sinarêmpêng angoncati | saking Payaman wus dhadhal | anglarug anjog ing Lengkong | Kumpêni kèndêl akarya | pakuwon binêcikan | ing Tarayêm ênggènipun | apacak baris santosa ||

29. kunêng gantya kang winarni | Sultan Dhandhun ing Sêmbuyan | miyarsa lamun wartane | pambalike Jawinata | ambêbêg wong Mataram | kèh para pangeran rawuh | mring Mataram tinampikan ||

30. gunêm lan Dipati Gêndhing | Purbaningrat Dipaningrat | miwah sira Arya Bangkong | myang Radèn Purbanagara | Kartasari kalawan | Tambakyuda [Tamba...]

--- 13 ---

[...kyuda] kang tinantun | sultan pangandikanira ||

31. sun arsa têdhak Matawis | bokmanawa Jawinata | ingsun kang pinilih dhewe | wartane kèh kadang ingwang | kang prapta tinampikan | kang maksih anèng prajagung | miwah kang wus anèng alas ||

32. awit ora ibu sori | padha bibi wong urakan | mulane tinampik kabèh | sigra angundhangi bala | ingkang rayi tinilar | atêngga Sêmbuyan gunung | Pangran Arya Singasêkar ||

33. Sultan Dhandhun Martèngsari | wus samêkta balanira | budhal saking ing Kasine | tigang atus kêkapalan | gangsal atus kang dharat | angilèn ing lampahipun | ing marga datan winarna ||

34. sampun prapta ing Magiri | anulya wau utusan | ingkang dinuta wong wadon | Bok Ajêng Sulah namanya | praptane ing Ngayogya | panggih Jawinata sampun | andhawuhkên kang timbalan ||

35. Sultan Dhandhun Martèngsari | inggih arsa pêpanggihan | lawan paduka ing mangke | kèwêdan Jayawinata | dene tan mêdal marga | dumarojog dutanipun | Tumênggung Jayawinata ||

36. budhal saking ing Matawis | pitung atus kêkapalan | wus prapta ing Magirine | kapanggih kalawan Sultan | Dhandhun Amartèngsêkar | angandika nêdya ngumpul | sabyantu baya antaka ||

37. Jawinata turiraris | inggih agampil bandara | nanging tur kawula anggèr | singa-singa ingkang karsa | ngabdèkaken kawula | ujêr karsa rêmak-rêmpu | wontên nagari Mataram ||

38. môngsa [mông...]

--- 14 ---

[...sa] sandea Matawis | linurugan ing Walônda | ing prang apilih bobote | tan nôngga yèn kadya amba | tan sande têtumpêsan | Sultan Dhandhun mèsêm muwus | gih paman bênêr andika ||

39. nanging yèn têrah Matawis | môngsa wêdia palastra | Jayawinata ature | bandara wêkdal samangkya | tan kenging ingandêlna | wêwatêkaning wong agung | asring tiwas tanpa tuwas ||

40. mêsakakên tiyang alit | santana wadya paduka | dene sami aprang lèrès | punapa tan amiyarsa | wartane eyang-eyang | sawêg sajuga kang thukul | raka paduka pangeran ||

41. Adipati Sukawati | pintên ta lamine mêdal | saking nagari ing mangke | dèrèng wontên tigang warsa | dènnya murwèng ayuda | pawartane sampun antuk | anumpês Kumpêni pêthak ||

42. myang Makasar Bugis Bali | kirang langkung wus sanambang | anèng madyaning palugon | pangeran kang kathah-kathah | windon dènnya murwèng prang | Walandi picak tan antuk | inggih satunggil kewala ||

43. paran gènnya anglabuhi | jêng sultan netyane pucat | abdinira dhingkul kabèh | dene Dyan Jayawinata | pasêmon aturira | Sultan Dhandhun sigra muwus | yèn kula wus kanthi dika ||

44. yêkti kêna dèn tingali | miwah kêna piniyarsa | Jayawinata ature | anggèr wong Jawa punika | angèl ingkang wêwatak | mung angilo tabêtipun | sanadyan têrah Mataram ||

45. bapa

--- 15 ---

raja ibu sori | kang amutêr tanah Jawa | nanging tabêting prang jirèh | yêkti kêdhik kang suwita | angrasa tanpa tuwas | lamun tabêting prang purun | yêkti kathah kang suwita ||

46. Jêng Pangeran Mangkubumi | karya ebat kang umiyat | enggale kathah wadyane | bupatine kalih dasa | satunggiling bupatya | abêbala tigang atus | kawan atus kang warata ||

47. môncanagara pasisir | akathah kang wus kaidak | yèn ginunggung sadayane | kadi yèn wontên salêksa | lah puniku wong Jawa | amung tabêting kang tinut | tabêt ala manggih ala ||

48. tabêt bêcik manggih bêcik | Jawinata nulya ngajak | pocapan lan punggawane | pintên lamine Pangeran | Mangkubumi murwèng prang | angawaki goprak-gapruk | balane lajêng alêksan ||

49. darbe bupati pasisir | bupati môncanagara | ingkang cêlak lawan gone | ing Sukawati punika | nora nganti sapasar | têlung dina nuli têluk | ing Warung lan Jagaraga ||

50. Garobogan Blora Pathi | Jêpara Juwana Jipang | Kudus ing Dêmak wus dene | hèh adhi Purbanagara | mungguh kang panjênêngan | bandara lami gènipun | pinarak tanah Sêmbuyan ||

51. bok inggih dika akali | ing Kaduwang langkung cêlak | tuwin ing Pranaragane | darapon nuli kandêla | inggih dhatêng wong Jawa | Purbanagara sumaur | kiyai sadasa-dasa ||

52. mangsane dèrèng marêngi | ngling malih Jayawinata |

--- 16 ---

kadi puniki karsane | Mataram wontên punapa | jêr wit saking kawula | tan wontên malangi kayun | tanpa karya ingancikan ||

53. bandara kula aturi | nabranga Kilènparaga | anjangkaha ing Pagêlèn | kula angaturi bala | tigang atus turôngga | Sultan Dhandhun manthuk-manthuk | gih bênêr puniku paman ||

54. kula nuli anglakoni | anjangkah Kilènparaga | sintên dika gawakake | umatur Jayawinata | gih pun Wiramanggala | anak kawula puniku | kawula sumanggèng karsa ||

55. dyan tumênggung wus amangsit | mring putra Wiramanggala | mangkana ing pitungkase | kulup yèn tan wani ngambah | sakulon Bagawônta | tan bêdhah Pagêlèn tuhu | sira nuli amoroda ||

56. apa gawe atut wuri | pangeran tan jegos aprang | angur golèka liyane | bandara kang wani aprang | Radèn Wiramanggala | wontên Magiri angantun | kanthi prawira taruna ||

35. Tumênggung Jayawinata kapanggih kalihan Pangeran Mangkunagara, lajêng campuh pêrang kalihan wadyabala Kumpêni

44. Sinom

1. Tumênggung Jayawinata | wus pamit saking Magiri | mantuk dhatêng ing Ngayogya | Sultan Dhandhun Martèngsari | budhal Ngilènparagi | wadya turôngga nêmatus | sèwu

--- 17 ---

wadya kang dharat | mangkana lampahing baris | wus angancik wontên dhusun Pakêboan ||

2. nulya pacak barisira | kawan èwu Kilènpragi | sawetaning Bagawônta | wus nungkul sadaya sami | amêmacak bupati | para patinggi kang patut | rongèwu pinarapat | kang rongèwu wus kinardi | pinarucah mantri jro saragni numbak ||

3. ingkang ingangkat bupatya | ing Pakêboan patinggi | Tumênggung Martanagara | lawan ing Lêndhah patinggi | kang ingangkat bupati | Jayapranata Tumênggung | bêbêkêl kamodinan | pinacak wadya bupati | sinung nama Dyan Tumênggung Wirasastra ||

4. Bêkêl Tarayu ingangkat | tumênggung sinungan nami | Dyan Tumênggung Wanadirja | Sultan Dhandhun Martèngsari | karya badhaya srimpi | lan mundhut talèdhèk dhusun | kinarya ringgit tiyang | tan kêna bathuk kalimis | pinundhutan supe pakaryaning aprang ||

5. dhusun kilèn Bagawônta | pra patinggi anyakikil | patuh tumut gêdhong kiwa | datan purun têluk aris | Jagabaya wêwangi | ingkang dadya tindhihipun | dhusun ing numbakanyar | sèwu kaparak waradin | urun bala madêg agêng barisira ||

6. wau kalane miyarsa | Sultan Dhandhun Martèngsari | agung andhawuhi surat | mring sagung para patinggi | pinrih têluk kang aris | wong Pagêlèn ora gugu | malah anguman-uman | iku Sultan Martèng jirih | sun tan sotah têluk Sultan Saridrana ||

--- 18 ---

7. iya kapan anabranga | Bagawônta sun tadhahi | wong desa wolulas samya | padha wani nyênyumbari | dadya marêming galih | wong patang èwu kang êmpuk | ambangun kawiryawan | wontên sa-Kilènpêragi | ringgit tiyang têledhekan bêbêdhayan ||

8. gantya ingkang cinarita | Pangeran Mangkunagari | kondure saking Jakawal | mundhi dhawuh tata baris | kinèn gitik Matawis | Jawinata ngantêp purun | angimanakên sapa | iya sapa dèn sênêngi | ingkang yakti wujude tuwajuh ing tyas ||

9. sapraptanira Gêmantar | Pangeran Mangkunagari | samêkta kapraboning prang | budhal sawadya lumaris | prajurit kang turanggi | saking wetan pitung atus | saking kilèn kang bala | pitung atus kang turanggi | wadya dharat akathah yèn cinatura ||

10. Pangeran Mangkudiningrat | pan sampun dipun dhawuhi | yèn timbalane kang rama | kinèn anggêcak Matawis | dene lamun lêstari |

Jawinata sungkêmipun | Pangran Mangkunagara | dhinawuhan anindhihi | barisira sagunge tiyang Mataram ||

11. lajêng kinèn angadua | lawan Sakèbêr ajurit | nagri Kêdhu dèn rêbuta | ingkang rama kang wêwêling | wau lampahing baris | pangeran sawadyanipun | prapta dhusun Mutihan | karya pakuwon anganti | arsa nglampahakên duta mring Mataram ||

12. kang baris ing Palanggêran | Pangeran Pamot wus prapti | sowan maring ingkang raka | dhusun Mutihan prênahing | sakidul kilèn Wêdhi |

--- 19 ---

pangeran sigra anuduh | Mantri Jayakintaka | bêkta sêrat mring Matawis | tan kawarna lampahe praptèng Ngayogya ||

13. panggih lan Jayawinata | pinaringkên punang tulis | tinampèn sinuksmèng driya | Jawinata mèsêm angling | inggih puniku adhi | ênggène bandara dhawuh | timbalane kang rama | Jêng Gusti ing Sukawati | kadiparan kalamun Jayawinata ||

14. darbe atur ngamandaka | anganggo lambe kêkalih | mônGsa dadia manusa | Sultan Dhandhun Martèngsari | praptane ing Matawis | laju kula jabung alus | baris sa-Kilènpraga | kula inggih botên ngimpi | ngugêmana pangran jirih ing ayuda ||

15. anulya karya wangsulan | punang pustaka wus dadi | binêkta pêpatihira | Puspawijaya Ngabèi | sarêng angkatirèki | lan pangran utusanipun | Mantri Jayakintaka | kathah dènnya atur bêkti | sapraptane ing pakuwon Pamutihan ||

16. laju marêk ngarsanira | Pangeran Mangkunagari | ngaturkên sêrat wangsulan | miwah sanjata sarakit | sajuga kang turanggi | lawan yatra kalih atus | miwah badhe rasukan | baludru wungu myang wilis | srat binuka pangeran kalangkung suka ||

17. myarsa têmbunging pustaka | Jawinata sungkêm yêkti | pangeran nulya kasukan | lawan Pêpatih Matawis | Puspawijaya Bèi | sinuba-suba

anutug | saratri anayuban | enjinge tinundhung mulih | Dyan Ngabèi Puspawijaya Mataram ||

18. Tumênggung Jayawinata |

--- 20 ---

kinèn sowana pribadi | praptaa ing Pamutihan | dèn wangêni limang ari | Puspawijaya pamit | lan pangeran wêlingipun | maring Puspawijaya | kang uwa Pangran Suryadi | kinèn bêkta mring Tumênggung Jawinata ||

19. Pangeran Mangkunagara | pêparentah mring kang rayi | kinèn sami anêlukna | dhusun kidul Bayalali | kang kinon mangkat aglis | Jayawinata winuwus | budhal saking Mataram | ing Pamutihan wus prapti | wadyanira kang samya umiring lampah ||

20. prajurit wahana kuda | sèwu nêmatus tan luwih | sèwu prajurite dharat | dene prajurit kang kari | têngga Ngayogya nagri | kalih èwu tigang atus | kang samya kêkapalan | dene sagunging prajurit | ingkang dharat akathah tanpa petungan ||

21. rinangkul Jayawinata | pangeran karasèng galih | duk sami baris Drêsanan | samya dadya senapati | Jayawinata ririh | wau dènira umatur | anggèr kula wus lama | kengkenan mring Sukawati | tur pratôndha dhumatêng rama paduka ||

22. kula dèn srahkên paduka | susah paduka nimbali | inggih ta môngsa sandea | paduka kula aturi | têdhak dhatêng Matawis | pangeran suka gumuyu | gih paman sampun kêmba | mangke kadipundi pikir | aprakara Si Pamot putra andika ||

23. lan wa Suryadikusuma | punapa sagêd mangsuli | ing bawah Kêdhu punika | Jayawinata turnyaris | botên kula watawis | dene dahat gawatipun | Kumpêni sampun [sa...]

--- 21 ---

[...mpun] kathah | bêbantu saking nagari | kanthi para bupati sawadyanira ||

24. pun wa Suryadikusuma | pamanah kula prayogi | yèn sampun rama paduka | Sultan Dhandhun Martèngsari | inggih gumingsir saking | sa-Kilènpraga puniku | kang uwa mêngkonana | kawan èwu Kilènpragi | dene mênggah rayi paduka sumôngga ||

25. pangeran alon ngandika | gih paman sampun prayogi | adhi mas Pamot punika | mantuka mring Pajang malih | dene uwa Suryadi | bilih inggih paman Dhandhun | Martèngsari wus kesah | mêngkonana Kilènpragi | awit paman Dhandhun ajrih magut yuda ||

26. bêdhah Kêduwang tan bisa | mring Pagêlèn saya jirih | gunêm sajroning nayuban | amuput kongsi saratri | Pangran Mangkunagari | enjang andhawuhi sampun | mring bupati pangarsa | kang kinèn ngatêr kang rayi | anampèni lênggah dhusun tanah Pajang ||

27. kawan èwu urutira | Malinjon Pokak ing Gadhing | sapangalèr sapangetan | watês sawetaning Upit | Jungkare Trayêm dèsi | Jurangjro saurutipun | winatês kawan nambang | langkung kêdah tur udani | sigra budhal pangran akanthi bupatya ||

28. Pangeran Pamot pinarnah | Marêbung dènira baris | wus atarub bawahira | Pangeran Mangkunagari | budhal marang Mantawis | sawadyakuswa wus kêbut | Pangran Mangkudiningrat | dhinawuhan kantun baris | atêtêpa anèng ing dhusun Mutihan ||

29. pangran lan [la...]

--- 22 ---

[...n] Jayawinata | lampahe Ngayogya prapti | ingaturan masanggrahan | nèng sajroning baluwarti | miwah sawadyanèki | cinatur ingkang tut pungkur | Sultan Dhandhun samana | morot sawadya tan kari | praptanira Ngayogya marêk pangeran ||

30. Rahadèn Wiramanggala | dinangu aturiraris | lamun Sultan Buminata | tan karsa ngawaki jurit | tur mung mêngsah patinggi | daya mêngsaha

tumênggung | mung ulah kawibawan | wontên sa-Kilènpêragi | karya tlèdhèk sarimpi miwah bêdhaya ||

31. sarta karya ringgit tiyang | tan kenging bathuk kalimis | sabên wanodya katingal | mrênyên arêsik sakêdhik | yêkti dipun pundhuti | pangran duk midhangêt atur | ngungun atêbah jaja | Wiramanggala Ngabèi | sampun kinèn aso maring wismanira ||

32. Pangeran Mangkunagara | sawêg angsal kalih ratri | dènira anèng Ngayogya | mantri pangajêng Matawis | prapta atur udani | yèn Sakèbêr badhenipun | anglarag mring Ngayogya | inggih kirang tigang ratri | angkatipun saking ing Tarayêm desa ||

33. pangeran lan Jawinata | rêmbagipun sampun dadi | lamun karsane pangeran | nglarag bidhale nyarêngi | Jawinata ngundhangi | mring wadya samaktèng pupuh | wusnya miranti budhal | gunging wadya winitawis | kadi langkung kawan èwu kêkapalan ||

34. rêmbag gêlaring ayuda | pinôntha pat kanêm sami | kang tinêmpuh ngoncatana | anjambaka saking wuri | aran gêlar manthalit | dimène [dimè...]

--- 23 ---

[...ne] kang samya dulu | tan bangkit ngaranana | kang unggul miwah kalindhih | kang supadya bingunge wadya Walônda ||

35. lampahe kèndêl Banaran | tinata ajaring jurit | nèng ara-ara awiyar | aradin têgale rêsik | pinara nêm kang baris | kang sakawan gangsal atus | Radyan Surajênggala | Puspawijaya lan malih | Ragayuda kalawan Sasrarudita ||

36. kang kawan pôntha punika | ingkang mêdal têngah margi | Tumênggung Jayawinata | bêkta sèwu kang prajurit | amêndhêm nèng wanadri | miwah ling-alingan dhusun | dene Sêcawijaya | Sasrawijaya Ngabèi | awor lawan Tumênggung Kudanawarsa ||

37. mêndhêm ling-alingan desa | pangeran angiwa nêbih | jaga anarombol aprang | baris Trayêm kang dèn incih | punggawa kang kinanthi |

Suradigdaya Tumênggung | lan Suramangunjaya | angalih atus turanggi | dangu dènnya ajar prang apêpucungan ||

45. Pocung[6]

1. pan kasaput ing dalu kèndêl ing ngriku | dhusun Kalajuran | enjinge sigra lumaris | urut marga gulang limpat ing ayuda ||

2. rêmbênipun dèn ajar urut dalanggung | lawan malihira | nganti têlik dèrèng prapti | amakuwon kèndêl sapinggiring marga ||

3. prapta dalu Tarayêman têlikipun | katur ing pangeran | tinanggap aturing têlik | èstu lamun Kumpêni enjang anglarag ||

4. lampahipun ing ngarsa para tumênggung | cacahipun gangsal | Wiradigda Rajaniti | Kartadipa Natayuda Wiraguna ||

5. wurinipun Mayor [Ma...]

--- 24 ---

[...yor] Por usare satus | nulya wong Makasar | Sêmbawa myang Bugis Bali | prajurite dharat amung kalih bêlah ||

6. kang sumambung Sakèbêr dragundêr satus | pan amung punika | Kumpêni miwah bupati | taksih kathah tinilar anèng ing wuntat ||

7. tan cinatur ing dalu enjing winuwus | budhal wus tinata | ing gêlar sami angèsthi | wong Kumpêni pukul nêm dènira budhal ||

8. lampahipun saonjotan prapta sampun | dhusun ing Babadan | kapêthuk bala Matawis | langkung kagyat Kumpêni kèndêl atata ||

9. sigra nambung wong Jawa tangara sampun | gong bèri wurahan | bêndhene ngungkung tinitir | anarajang Ngabèi Surajênggala ||

10. nulya campuh dèn êdrèl sigra lumayu | nuli Ragayuda | mangsah ingêdrèl ngoncati | sigra mangsah Ngabèi Pusparudita ||

11. campuhipun sadrèlan sigra lumayu | nanging tan lumajar | anggubêd anganan ngering | sigra mangsah Tumênggung Jayawinata ||

12. kumarutug ingêdrèl lajêng malêdug | kang para bupatya | yèn pisah lawan Kumpêni | kinaroyog ingulêng uyêl-uyêlan ||

13. dadya bingung Kumpênine mingak-minguk | wau kawarnaa | Pangeran Mangkunagari | sabalane lajêng manjing barisira ||

14. laju nêmpuh Suramangunjaya ngamuk | lan Suradigdaya | gègèr tan ana wruh mati | apuyêngan Kumpêni nambur umangsah ||

15. mangsahipun anèng pinggir pagêr dhusun | mariyêm [ma...]

--- 25 ---

[...riyêm] tinata | kasusu nora pakolih | gya rumagang Kumpêni ingkang adharat ||

16. barêng nêmpuh saking kidul wetan campuh | Kumpêni atatag | pangêdrèle wanti-wanti | sami giwar angalang saking têbihan ||

17. ya ta wau Sakèbêr kalane ngrungu | sanjata ing wuntat | arame pokokan pasthi | tinarombol Mayor Por sinung pariksa ||

18. sami mundur palotonan lampahipun | wusnya ragi têbah | muntap mungsuhnya kaèksi | kadi mêndhung pangumpule punang mêngsah ||

19. kang kadulu kêkapalan kawan èwu | kadya pagêr jarak | pandhêndhênge kang turanggi | wong Kumpêni samya manjing pamondhokan ||

20. mriyêmipun sinulêd sampun pakantuk | mêngsah kêkapalan | ura nuli kumpul malih | sami ngèrèk lampahe ngidul angetan ||

21. alon muwus Mayor Por mring rowangipun | ingkang songsong jênar | baya ika Mangkubumi | iya kapan praptane anèng Mataram ||

22. gya sumambung nindya mantri wuwusipun | tuwan jangan slempang | itu bukan Mangkubumi | sêbab gêlarênya prang bêgitu rupa ||

23. bêlun tamtu tapi saya kira itu | Pangran Prangwadana | kèndêl sang mayor kêkalih | duk puniku ing wanci satêngah rolas ||

24. praptanipun ngajêngkên pukul sapuluh | wong Mataram bubar | pangajêng dipun wuwuhi | baris Lengkong Ngabèi Surajênggala ||

25. bantunipun Puspawijaya jêjuluk | myang Sêcawijaya | pambajênge [pambajêng...]

--- 26 ---

[...e] ingkang siwi | Dyan Tumênggung Jayawinata Mataram ||

26. praptanipun Ngayogya wus wanci dalu | kalanipun aprang | mung sakêdhap nuli bali | datan ana kang tatu miwah palastra ||

27. enjingipun kasukan angadu sawung | wuwuh arjanira | sajroning nagri Matawis | saanane Pangeran Mangkunagara ||

36. Sultan Dhandhun Martèngsari nyaru wuwus dipun tandangi wadyabala Sukawati, lajêng têluk dhatêng Surakarta.

28. èlèr-èlur wong mênyang Pajang Matarum | gantya kawarnaa | Sultan Dhandhun Martèngsari | kang abaris wontên sa-Kilènpêraga ||

29. morotipun Wiramanggala rumuhun | langkung dukanira | mangke wong Kilènparagi | sami ewah tangkêpe dènnya suwita ||

30. sigra wau Kartasari kang ingutus | marang ing Mataram | lan Jayawinata panggih | kinèn mundhut sapalih bumi Mataram ||

31. aturipun Jayawinata anuwun | pan ajrih kawula | sampun ta mênggah sapalih | nadyan sajung sakothak ajrih ngaturna ||

32. kula sampun kajambak kêkuncung ulun | kula wong suwita | mring Pangeran Mangkubumi | pinasrahan anarubna wong Mataram ||

33. yèn wus tarub wong Mataram kinèn ngadu | amêngsah Walônda | wontên Tarayêm samangkin | dika matur yèn makatên atur kula ||

34. amit mantuk [ma...]

--- 27 ---

[...ntuk] Kartasari lampahipun | prapta Kilènpraga | wus panggih kalawan gusti | sampun katur saature Jawinata ||

35. dahat ngungun sakalangkung bêndunipun | matur Purbaningrat | paduka punika têbih | inggih sampun andhatêngakên dêduka ||

36. jêng pukulun yèn mundhut sabin Matarum | saking katêbihan | sawêg dinamêl ngajurit | anglampahi timbalan raka paduka ||

37. inggih luhung têdhak nyêlaka Matarum | lan rayi paduka | katimbalana anunggil | angêriga sadaya tiyang Sêmbuyan ||

38. sami rêmbug sigra budhal lampahipun | saking Pakêboan | Sela Bêntar sampun prapti | masranggahan ing dalu apirêmbagan ||

39. aturipun punggawa nuntên pukulun | jêng rayi paduka | ingutusan dèn timbali | sigra nuduh duta kang maring Sêmbuyan ||

40. duk puniku sampun budhal Sultan Dhandhun | saking Sela Bêntar | anjog ing tanah ing Gadhing | kang lèr wetan masanggrahan nèng Mamênang ||

41. Sultan Dhandhun kumalungkung ambêk agung | digung adiguna | kumênthus lawan kumaki | nora nganggo anolèh sariranira ||

42. pêksa darung paring sêrat asung pemut | marang ingkang putra | Pangeran Mangkunagari | kang ingutus Kandhuruan Wirasraya ||

43. têmbungipun kang pustaka ingkang dhawuh | yèn bumi Mataram | sadaya pinundhut nuli | sarta mundhut têluke Jayawinata ||

44. sêrat sampun tinampèn sinukmèng kalbu | mèsêm gigit waja | Pangeran [Pangera...]

--- 28 ---

[...n] Mangkunagari | angandika alon marang Kandhuruan ||

45. dutanipun Kangjêng Paman Sultan Dhandhun | sira umatura | ingsun ora amangsuli | sira bae matura mring kangjêng paman ||

46. têka mundhut iya ing patêlukipun | paman Jawinata | wus ana kang dèn têluki | iya iku jêng rama ing Sukawatya ||

47. yêkti dudu wong Bugis Bali Bangkulu | padha trah Mataram | dumèh bibi gendhong sênik | sapa wêruh jêr iku sutaning raja ||

48. nadyan ibu iya Nyai Rara Kidul | yèn ora wani prang | sapa kang ngandêl tut wuri | Jawinata wong lagi kinon magut prang ||

49. têtêp iku wong nguthuh akarya rusuh | ngrusuhi kang raka | sabênêr-bênêring pikir | ing Tarayêm patut iku dèn galiha ||

50. yèn arêbut panjênêngan yêkti besuk | yèn mungsuh wus sirna | anêdya jumênêng aji | singa-singa kang pinilih ing Hyang Suksma ||

51. sampun saru nêmpuh patrap arubiru | mêngsah taksih kathah | akarya pakewuh wuri | Kandhuruan sigra mundur amit nêmbah ||

52. kang winuwus wau ta ing praptanipun | Pangran Singasêkar | ngêrig wong Sêmbuyan wukir | dharat kawan atus kapal kalih bêlah ||

53. ingkang kantun maksih anggili anusul | Pangran Singasêkar | ingenggalkên wanti-wanti | milanipun prapta lancaran kewala ||

54. balanipun kathah ingkang samya nusul | wus panggih kang raka | ingkang rayi angabêkti | angandika Sultan Dhandhun Martèngsêkar ||

55. pira iku

--- 29 ---

kang prapta yayi balamu | kang rayi turira | ing wingking maksih anggili | ingkang sarêng kula namung kanêm bêlah ||

56. kunêng wau Kandhuruan praptanipun | wus katur sadaya | solah tingkahe tinuding | yèn kang putra botên amangsuli sêrat ||

57. aturipun tan nêmbadani pukulun | ing karsa paduka | amundhut bumi Matawis | lawan mundhut têluke Jayawinata ||

58. kang puniku putra tuwan ajrih matur | lamun dèrèng têrang | tuwin dèrèng dèn lilani | dhatêng raka paduka ing Sukawatya ||

59. têlasipun Kandhuruan gènnya matur | sigra praptanira | caraka saking Matawis | Pangran Mangkunagara nusuli sêrat ||

60. wêlingipun pangran marang kang ingutus | kinèn maspadakna | rowa ringkêse ing baris | sapa ingkang tinari barang prakara ||

61. duta laju marêk dhatêng ngarsanipun | Jêng Sultan Sêmbuyan | ngaturakên ponang tulis | wus tinampèn binuka sinuksmèng driya ||

62. wuryanipun pustakatur sêmbah ulun | kanthi atur bakal | rasukan baludru wilis | lan sanjata karbin alus sakêmbaran ||

63. malihipun kula paman ngaturi wruh | kalamun kawula | miwah Jawinata mangkin | dhinawuhan raka paduka jêng rama ||

64. dhawuhipun pamanamu karo iku | turutên kewala | kalamun anêdya bêcik | aja nganti karya rusuh rêbut bawah ||

65. sapa iku karya wiwit nora arus | arêbut cakotan | mungsuhe maksih sumandhing | yêkti dudu

--- 30 ---

iya labêting prawira ||

66. nora arus daya pêpadhane wêdhus | pan dudu manusa | dadi pambêkaning bêlis | ngong arêbut prakara sajroning aprang ||

67. milanipun kawula sangêt umatur | paman kalih pisan | kondura Sêmbuyan malih | amuktia mêngku sabin tigang dhomas ||

68. inggih lamun paman ngarsakkên prang pupuh | Tarayêm Walônda | punika mêngsah sayêkti | lamun karsa kawula ngiring kewala ||

69. inggih sampun katuwuhan galih rusuh | rusuh angrêrisak | dhatêng têtiyang Mantawis | têmahipun datan ngajèni sarira ||

70. langkung bêndu sultan nuduh caraka wus | bêkta srat wangsulan | Arya Bangkong kang tinuding | sampun prapta caraka nagri Ngayogya ||

71. surat katur winaos sinuksmèng kalbu | misih adêduka | Sultan Dhandhun Martèngsari | adrêng mundhut têluke Jayawinata ||

72. lan amundhut wuwuhing patêlukipun | pun Kudanawarsa | Pangeran Mangkunagari | langkung kagèt angadêg suraning driya ||

73. ngandika sru pangeran mring dutanipun | hèh duta muliha | ingsun ora amangsuli | mung bêktiku katur paman karo pisan ||

74. prakaraku nora anguwisi ingsun | ingsun wong ngawula | sayêkti ajrih ngaturi | pamundhute iya rama Buminata ||

75. duta mundur pangeran utusan sampun | angaturi sêrat | mring kang rama Sukawati | nuwun lilah angayoni ingkang paman ||

76. kang ingutus praptane wus tômpa dhawuh | yèn sampun [sampu...]

--- 31 ---

[...n] kalilan | ingkang paman dèn ayoni | mrih kapoke nanging aja tinêmênan ||

77. inggih sampun kalajêng ing risakipun | maria kewala | wêruha bênêr sathithik | aja kongsi balasak anasak-nasak ||

78. dimèn emut wêwatêkan ingkang limput | apêsing ayuda | satriya tan wêruh bêcik | utamane satriya gambuhing aprang ||

46. Gambuh

1. pangran nimbali gupuh | maring kang rayi kêkalihipun | lawan malih kang uwa Pangran Suryadi | wusnya prapta nulya kumpul | pangeran dhawuh mirantos ||

2. mring Bupati Mantarum | lamun arsa umagut ing pupuh | gusah ingkang paman Dhandhun Martèngsari | Jayawinata agu |[7] nimballir[8] kang baris Lengkong ||

3. Puspajaya puniku | lawan Sêcapuh Jaya kalihipun |[9] amung Surajênggala kang kinèn kari | lan Sasrarudita tunggu | nindhihi baris agolong ||

4. pangran budhalan sampun | saking Ngayogya lampahe ngidul | pangarsane Puspawijaya Ngabèi | Cawijaya kanthinipun | ing wurine nora adoh ||

5. pangran tiga sumambung | ginarêbêg wadyakuswa sêlur | wurinira malih ingkang anambungi | Jayawinata Tumênggung | sawadyanira gumolong ||

6. têtindhihe wadyagung | Pangran Mangkunagara nèng pungkur | pan kadalon lampahe kèndêl nèng margi | Pamêdêlan dhusun agung | kang baris sami makuwon ||

7. wuwusên Sultan Dhandhun | sampun miyarsa badhe ginêpuk | angundhangi sagung kang para prajurit | winatawis wontên [wontê...]

--- 32 ---

[...n] sèwu | adharat magut ing pupoh ||

8. lamun prang kuda iku | kari akèh jêjarananipun | wong Mataram turanggane bêcik-bêcik | cilik-cilik jaran gunung | amungsuh turôngga ewon ||

9. nêdya ngantêp prangipun | wong arsa salah pratikêlipun | wanining prang têka nora nganggo pikir | dene pêrang padha batur | dadak anêdya rêrêmpon ||

10. kang jamak duwe maklum | rêbut prakara salah ing laku | têka kudu anutugakên rêruntik | tan wruh kaluputanipun | prakara nora dèn ilo ||

11. katon kaliwat saru | môngka lamun wani aprang pupuh | lan Kumpêni yêkti akèh kang tut wuri | mangkana parentahipun | marang sira Arya Bangkong ||

12. undhangana rowangmu | sapa wonge kang akarya lampus | Jawinata sun gêntèkkên nèng Matawis | yèn mantri ingkang linampus | dadi mantri janjiningong ||

13. sigra têngara gupuh | bêndhe tinitir-titir angungkung | laju budhal Sultan Dhandhun Martèngsari | mapan nèng têgal kang patut | jêmbar papaning palugon ||

14. wus rakit balanipun | êmprit anêba gêlaring pupuh | ya ta wau prapta gêgaman Matawis | Puspawijaya panganjur | punang mungsuh jirap katon ||

15. Puspajaya duk dulu | datan bangkit ngampah ingkang kalbu | nora nganti parentaha nunjang aglis | mangsah kuda tigang atus | campuh acaruk prang popor ||

16. Sêcawijaya nusul | kukuk angsahe kuda tri atus | gulagêpan wong

--- 33 ---

dharat kèlês turanggi | numbak ingoncatan luput | tinumbak kêni sayêktos ||

17. Sultan Dhandhun andulu | lamun balane repot kèh lampus | nitih kuda ngamuk watange pinêthik | Puspajaya giwar asru | mingêr anggubêd ngalih gon ||

18. dadya wonge kèh lampus | pangerane kalih rampak ngamuk | Pangran Pamot Mangkudiningrat nadhahi | ingamuk gumujêng guguk | payo wong iki salah ton ||

19. giwar alon gumuyu | Kudanawarsa nadhahi pamuk | tinahanan sakêdhap anuli lali | Kudanawarsa tinêmpuh | tan gumingsir taksih tanggon ||

20. angrukêt Sultan Dhandhun | Kudanawarsa alon amuwus | kasurupan bêlis ya wong agung iki | dudu wanine satuhu | sajêge durung mangkono ||

21. dahat pangungunipun | Sultan Dhandhun amangsuli dhawuh | hèh Kudanawarsa payo gosok godhi | tadhahana tumbak ingsun | barêng mati lawan ingong ||

22. Kudanawarsa dulu | lamun sawontên pangamukipun | ingoncatan angrasa lamun wong cilik | wus gusis sabalanipun | loking wong mundur kataton ||

23. surak wong Gunungkidul | agêng tyasira sami angumpul | singa-singa kang pisah pasthi ngêmasi | kang mati wus têlung puluh | gone lan gustine adoh ||

24. kang kari samya ngumpul | datan bênggang pipit adu sikut | saparane kang tinêmpuh giwar gusis | lot-lotan lawe puniku | kadi wong

--- 34 ---

prang agêguyon ||

25. wau ta duk kadulu | saking wuri dahat dukanipun | Jêng Pangeran Ariya Mangkunagari | ngandika mring Dyan Tumênggung | Jayawinata kang kinon ||

26. lah paman dipun gupuh | mantri jêro cacah patang puluh | atilara mriyêm mindhak angrandhati | kang kinon anyandêr mamprung | pra mantri mangsah atanggon ||

27. campuh mantri jro kukuh | tan kêna kongkih dèn ungkih bakuh | pan katulak ing pamuk dipun gagahi | prange mantri patang puluh | nora keguh nora megos ||

28. Jayakintaka mistul | mring Pangeran Arya Singasantun | kêni èpèk-èpèk butul ingkang keri | akipat rahnya sumêmbur | kang antuk mistul gya alok ||

29. têtulung Sultan Dhandhun | para mantri mapagakên gupuh | jajanipun Sultan Dhandhun dèn larihi | tan pasah nanging sumaput | dèn ayati mèh pinindho ||

30. kêkês giwar lumayu | dhasar kang rayi wus nandang tatu | butul èpèk-èpèking asta kang kering | adrês kang êrah sumêmbur | lumayu tan mantêp bolos ||

31. abdine kinarubut | kadi rancapan tumpês barubuh | pitung puluh kapupu madyèng ngajurit | ingkang mati binabujung | ting talècèk sagon-ênggon ||

32. mantri kacandhak pitu | kang sajuga Pugêr mantunipun | ajêjuluk Radèn Rôngga Martasari | ginêsangan sadaya wus | kèndêl dènnya bujung mungsoh ||

33. ing lêlakon sabêdhug | taksih akathah saurutipun |

--- 35 ---

wong Sêmbuyan tumpês prang Mamênang nênggih | wong desa akèh kang mênthung | samya amelik panganggo ||

34. wong aprang nora urus | lêkas wani aprang tanpa tangguh | wani bingung Sultan Dhandhun Martèngsari | galihe kaya ngrêmpêlu | wong Mataram amakuwon ||

35. enjinge nulya ngutus | mantri Mataram kalih lumaku | bêkta sêrat katur maring Sukawati | tu[10] uninga ing prangipun | Sultan Dhandhun sampun kasor ||

36. lan bêkta kuping satus | môngka tôndha tan winarnèng ngênu | mantri duta sapraptaning Sukawati | ing jêng pangeran wus katur | caraka ngandikan karo ||

37. sêrat tinampèn sampun | laju binuka sinuksmèng kalbu | mèsêm suka Jêng Pangeran Sukawati | punang caraka dinangu | pratingkahirèng palugon ||

38. katur sadayanipun | ing purwa madya wasananipun | jêng pangeran animbali pra bupati | Dipati Pugêr tan kantun | sami sinungan pawartos ||

39. pangeran ngandikarum | sarwi maringakên suratipun | kakang Pugêr mantu dika Martasari | ing mêngko kênèng pinikut | mring Pangeran Arya Pamot ||

40. yêkti sakarsaningsun | yèn ingsun pundhut anuli katur | mung sêsolo si kulup Mangkunagari | kang wadon durung katêmu | lagi kinon angupados ||

41. iya panggonanipun | awor rabine adhi mas Dhandhun | Martèngjagad padha ngili maring wukir | Si Mangkunagara ngutus | mring wadya kinèn anyolong ||

--- 36 ---

42. Dipati Pugêr muwus | wong kudu jarag anêmu ewuh | wong ngawula ing Pangeran Martèngsari | môngsa bêcika tinêmu | ambantoni wong binoyong ||

43. pangeran siji iku | pêpatute mung kinarya buruh | amêloto dhasar mathakil bakicik | ujare nora tinêmu | asênggrang aruwêt lonyot ||

44. suka kang sami ngrungu | Dipati Pugêr pamoyokipun | duta kinèn makuwon wuwusên enjing | pinaringan reyal sèwu | lan sêrat ingkang suraos ||

45. sun asung reyal sèwu | ganjaranira bêcik prangipun | maring Jayawinata satus sun piji | myang Kudanawarsa satus | luwihe dèn dum saraos ||

46. maring ing liyanipun | sun srahake maring sira kulup | warakane sagunge para prajurit | mung môngka tôndha sih ingsun | punang caraka wotsinom ||

47. Sinom

1. mantri caraka gya budhal | saking tanah Sukawati | ing marga datan kawarna | prapta ing nagri Matawis | pangeran duk siniwi | para mantri ngabên sawung | myang kang para bupatya | Jayawinata nèng ngarsi | sinambungan Tumênggung Kudanawarsa ||

2. Tumênggung Suradigdaya | Suramangunjaya malih | Tumênggung Palangnagara | Malangdrigama Ngabèi | kagyat caraka prapti | mundhi nawala sul-angsul | pangeran sigra têdhak | miwah sagung pra dipati | samya ngadêg dènira nampèni sêrat ||

3. wusnya winaos gya lênggah | Pangran Mangkunagara ngling | marang sagung pra

--- 37 ---

bupatya | miwah sakèhing pra mantri | hèh sagung para mantri | miwah kang para tumênggung | kaliwat tinarima | pakaryanira ngajurit | mungsuh paman Buminata Singasêkar ||

4. kangjêng kyai sung pratôndha | katrêsnan reyal sakampil | kinèn ngêdum kang warata | marang sagunging prajurit | dene ingkang kapiji | pinaringan reyal satus | paman Jayawinata | Kudanawarsa sirèki | sakarine kinèn ambage warata ||

5. kampilan nulya binuka | kêtone anyar aputih | pangeran mèsêm ngandika | duk bêdhah Juwana kyai | olèhe kêton iki | Juwana kèh isinipun | wus dèn êdum warata | maring sagung pra prajurit | sigra lajêng kasukan angabên sata ||

6. mangsuli kang winursita | sutane Pugêr Dipati | Martasari rabinira | dèn pandungi sampun kêni | binêkta mring Matawis | panggih lawan lakinipun | Pangran Mangkunagara | Jawinata samya paring | mring dyan ayu arta kalawan busana ||

7. antara ing pitung dina | Kudanawarsa tinuding | mring Sukawati ambêkta | Radèn Ayu Martasari | miwah lakinirèki | ingkang kaping kalihipun | pangran nuwun kang garwa | binêkta dhatêng Matawis | lampahira Tumênggung Kudanawarsa ||

8. praptane ing Sukawatya | laju umarêg ing gusti | matur sawawêlingira | Pangeran Mangkunagari | Jêng Gusti Sukawati | tanya duk umagut pupuh | Danawarsa tur sêmbah | katur solahing ajurit | langkung suka pangeran [pange...]

--- 38 ---

[...ran] ing Sukawatya ||

9. Kudanawarsa ginanjar | rasukan baludru tulis | sarwi lon andikanira | Jêng Pangeran Sukawati | hèh sira ingsun tari | iki mariyêm tatêlu | nèng kene tanpa karya | mungguh sira becik êndi | ana kene karo ana ing Ngayogya ||

10. tur sêmbah Kudanawarsa | pênêt wonten ing Matawis | prayogi ingkang panggenan | tuwin kangge damel Gusti | Pangeran Sukawati | karênan mangsuli dhawuh | iya Kudanawarsa | bênêr pikirira yêkti | yèn mangkono gawanên barêng lan sira ||

11. Danawarsa tur sandika | Jêng Pangeran Sukawati | dhadhuh[11] maring wadyabala | angrukti ingkang piranti | bupati kang tinuding | angatêr ing lampahipun | Tumênggung Sindusastra | Tumênggung Suryanagari | para dêmang Sukawati mantri ngarsa ||

12. kang kinon angêmbanana | Jayadirana Ngabèi | nguni Bupati Juwana | saanak rayate sami | dyan ayu dèn dhawuhi | wusnya samêkta sadarum | gunggunge wadyabala | ingkang wahana turanggi | gangsal atus pitung atus[12] kang adharat ||

13. budhal saking Sukawatya | angidul dhatêng Matawis | ing marga tan winursita | sapraptanira ing Taji | wontên pêthukan malih | Suradigdaya Tumênggung | lan Suramangunjaya | bêkta wadya sawatawiw[13] | kalih atus samya wahana turôngga ||

14. sapraptanira Ngayogya | Pangeran Mangkunagari | amêthuk jawining kitha | prajurit ngurmati baris | drèl sanjata kaping tri | sinauran [sinaura...]

--- 39 ---

[...n] maryêm agung | praptaning pasanggrahan | swamining para bupati | sami sowan atur-atur kang sasêgah ||

15. ana tur sinjang sumêkan | kathah warnaning kang bêkti | Tumênggung Suryanagara | sakancane dèn saosi | pakuwon sêgah mintir | dalu ingandikan nayub | samya dhatêngkên suka | wong Mataram cingak sami | anon solahbawane wong Sukawatya ||

16. tuhu samya wasis bêksa | angungkuli wong Matawis | sêmbada bagus ing warna | katon limpad barang kardi | sura panggah ing jurit | dhokoh saguh nora keguh | sagunge wong Mataram | tuwa anom jalu èstri | tansah ngungun mulat wong ing Sukawatya ||

17. Tumênggung Suryanagara | mring pangeran matur aris | bandara anuwun warta | rama paduka kekalih | ing mangke wontên pundi | pangeran mangsuli muwus | taksih wontên Sêmbuyan | rêdi Ngadêg gone ngungsi | wiwit kala kasêsêr prang ing Mamênang ||

18. paman sultan bêlis lanat | lawan paman Singasari | laju bèncèng ingkang karsa | ngungun Dyan Suryanagari | sawusnya gangsal ratri | rêrêming para tumênggung | anèng nagri Ngayogya | wonten duta Sukawati | paring warta mring Pangran Mangkunagara ||

19. lamun sultan ing Sêmbuyan | Dhandhun Martèngsari mangkin | utusan mring Surakarta | nungkul sagah mangun jurit | mêngsah Mangkunagari | marmane kinèn anukup | Pangran Mangkunagara | miwah ingkang rayi kalih | akanthia Tumênggung Suryanagara ||

20. mung Tumênggung

--- 40 ---

Sindusastra | ingkang tinimbalan mulih | lan sapalih para demang | mantuk maring Sukawati | ingkang tumut sapalih | mangkana sêsampunipun | tampi ingkang timbalan | Pangeran Mangkunagari | lan Suwandi budhal saking ing Ngayogya ||

21. prajurit Mangkunagaran | sèwu wahana turanggi | prajurit ing Kapamotan | tigang atus kang lumaris | tri atus kang turanggi | Mangkuningrat tan winuwus | gangsal atus turôngga | gangsal atus kang lumaris | prajurite Tumênggung Suryanagara ||

22. kêkapalan miwah dharat | mung nigang atus tan luwih | nèng Pambrêkan tur uninga | marang Sultan Martèngsari | yèn karsa nungkul aris | sae kadadosanipun | kalamun datan arsa | badhe ginêcak tumuli | dèn atanggon ing aprang atarung dhadha ||

23. tigang ratri duta prapta | matur tan arsa badhami | Sultan Dhandhun Martèngsêkar | Pangeran Mangkunagari | ing sêmu wus udani | lamun sultan èstu têluk | mring nagri Surakarta | sigra dhawuh malih baris | Pangran Pamot lan Pangran Mangkunagara ||

24. anjujur wetan kewala | Tumênggung Suryanagari | Pangeran Mangkudiningrat | kinèn angalèra sami | Masaran kang dèn jogi | mangetan minggah mangidul | sampun amisah lampah | sigêgên ingkang lumaris | gantya ingkang cinatur sang mantri muka ||

25. Pringgalaya sawusira | tampi srat têlukirèki | Sultan Dhandhun Martèngsêkar | sigra dènnya mundhut mêthil | kekalih kang bupati | numbakanyar lawan sèwu | kang

--- 41 ---

baris Têrayêman | prapta Surakarta nagri | badhe kinèn mêthuk Sultan ing Sêmbuyan ||

26. tuwan oprup duk samana | wus tampi timbalan aji | mêthuk Pangran Buminata | oprup maksih sônggarunggi | minta sarèh rumiyin | cinatur malih kang nglurug | marang tanah Sêmbuyan | Tumênggung Suryanagari | ingkang wantêr dhokoh dhikihing ayuda ||

27. nora bangkit anyarèhna | ing karsa pêksa dhingini | ngajap agea tandhing prang | lawan Sultan Martèngsari | sawadya andhingini | Manyaran minggah mangidul | gancangan lampahira | aja nganti prapta kari | purun gosok godhi lan Sultan Sêmbuyan ||

28. Pangeran Mangkudiningrat | bêktani mantri kêkalih | andhingini tuduh marga | mangkana kang anèng wukir | Sultan Amartèngsari | sampun ingaturan wêruh | yèn mêngsah lèr punika | ingkang sêdya gosok godhi | nama Radèn Tumênggung Suryanagara ||

29. sampun minggah ing Manyaran | prajurite winitawis | tigang atus kêkapalan | sultan kalane miyarsi | lamun Suryanagari | mèh prapta anêdya campuh | gugup ngundhangi bala | Sultan Dhandhun angoncati | budhal ngetan sabalane salang tunjang ||

30. Pangeran Mangkudiningrat | anggêlak lampahing baris | Tumênggung Suryanagara | ing Patêmon sampun prapti | Sultan Dhandhun wus sêpi | wadyane tan wontên kantun | bala Suryanagaran | gya sinêbar ngubrês ardi | nanging cuwa suwung tan manggih manusa ||

--- 42 ---

31. Pangeran Mangkunagara | kalawan Suryanagari | utusan atur uninga | mring Pangeran Sukawati | Sultan Dhandhun ngoncati | mangkana ingkang winuwus | kang wontên Pasumbêran | Jêng Pangeran Sukawati | badhe jêngkar sing pakuwon guladrawa ||

37. Pangeran Mangkubumi tindak dhatêng Ngayogya, lajêng kadhatêngan kengkenanipun Kumpêni saking Samarang.

48. Dhandhanggula

1. karsa têdhak dhatêng ing Matawis | wadyakuswa sampun ingundhangan | kasaru wau praptane | ingkang rayi anusul | Jêng Pangeran Panular nitih | kuda tundhan kewala | kang dhèrèk mung pitu | suwitane tinarima | pinaringan busana lawan turanggi | gya budhal mring Mataram ||

2. wontên kalih èwu kang turanggi | Adipati Pugêr kang rumêksa | Sukawati wêwêngkone | kanthi catur tumênggung | liyanipun para bupati | mantri ngabèi dêmang | andhèrèk sadarum | balabar ngèbêki marga | Kangjêng Gusti Adipati Sukawati | praptane ing Masaran ||

3. gya utusan mring Sêmbuyan wukir | dhawuh Pangran Amangkunagara | lamun arsa têdhak mangke | dhatêng nagri Matarum | pangran sawusira nampèni | duta laju budhalan | andhingini laku | anjujur ngilèn kewala | Pangran Mangkudiningrat Suryanagari | kinèn seba Masaran ||

4. tata sesugun saurut margi |

--- 43 ---

Mangkudiningrat Suryanagara | wusnya sangkêp pangruktine | sowan ing ngarsa tundhuk | ngaras pada dinangu sami | satingkahing ayuda | sami aturipun | duk aprang anèng Mamênang | wus ginalur purwa madya amêkasi | suka kangjêng pangeran ||

5. nèng Masaran rêrêm kalih ratri | nulya budhal dhatêng ing Mataram | gumuruh wadyabalane | wau ta lampahipun | Pangran Arya Mangkunagari | jujur wukir kewala | Magiri jogipun | sapraptanira Ngayogya | Dyan Tumênggung Jawinata dèn dhawuhi | yèn kang rama mèh prapta ||

6. abusêkan sagung wong Matawis | Jawinata kinèn amapaga | saênggone kapêthuke | budhal sawadyanipun | baris Lengkong sami kinêrig | suta myang pêpulunan | binêkta amêthuk | sèwu nêmatus turôngga | wus kapêthuk Jêng Pangeran Sukawati | anèng ing Parambanan ||

7. gurawalan dènira ngabêkti | sarwi karuna Jayawinata | dalah suta pulunane | nangis pating salênggruk | langkung trustha duk aningali | Jêng Pangran Sukawatya | maring wong Matarum | santanane Jawinata | tuhu katon êbèrbudi kaduk wani | sêmbada warnanira ||

8. lajêng dinangu winiji-wiji | suta lawan pêpulunanira | nak-sanak lan misanane | andikanira arum | jêng pangeran ing Sukawati | maring Jayawinata | besan kramanipun | hèh Jayawinata sira | ingsun ajak sapati urip lan mami | anêbus tanah Jawa ||

9. Jayawinata umatur [u...]

--- 44 ---

[...matur] nangis | adhuh gusti pun Jayawinata | kang dadosa têtawure | saanak putu ulun | anglabuhi bêbantu jurit | pangran suka miyarsa | antêping tumênggung | saksana ngaturan budhal | Dyan Tumênggung Suryanagara kang dhingin | lawan Mangkudiningrat ||

10. sapraptane sawetaning nagri | ingurmatan prajurit kapalan | myang dharat dhêndhêng barise | ngêngurung pinggir dlanggung | Pangran Arya Mangkunagari | ingkang nindhihi wadya | carabalèn umyung | kodhokngorèk munya ngangkang | angêrangin pradôngga kang urut margi | drèl maryêm myang sanjata ||

11. asauran gêtêr-magêtêri | katon untaping wadya Mataram | asri tinon busanane | pangeran wus atundhuk | ngaras pada sarwi ngaturi | kang raka umanjinga | myang sawadyanipun | jro baluwarti Ngayogya | Pangran Mangkunagara makuwon jawi | lèr ngalun-alun mernah ||

12. rawuh lajêng lênggah ing pandhapi | pra bupati ngandikan sadaya | ingajak sarêng dhahare | suka bujana nginum | jêng pangeran ing Sukawati | jroning tyas analôngsa | nênggak waspanipun | saking dahat tan anyana | lamun antuk rahmating Hyang Kang Linuwih | ngrêda balane lêksan ||

13. wus bubaran amakuwon sami | cinarita ing sarawuhira | pangran nèng Mataram mangke | wadyane wêwah agung | punggawane apêkik-pêkik | sangkêp sarwa sêmbada | tan kuciwèng sêmu | pangran wus kadya narendra | nanging dèrèng anêdya jumênêng [jumê...]

--- 45 ---

[...nêng] aji | sanadyan wus samêkta ||

14. kang kaèsthi ing siyang lan ratri | amung kaprawiraning ayuda | kang munjuli sêsamane | kathahing wadyanipun | duk punika sampun nyamèni

| lan kang raka sang nata | myang punggawanipun | warata asugih bala | busanendah prabot kapraboning jurit | abra maneka warna ||

15. nuju ing ari Rêspati Manis | jêng pangeran miyos sinewaka | ing wadya punggawa andhèr | pra agung munggèng ngayun | jêng pangeran ngandika aris | kulup ing mêngko sira | sun paringi juluk | Dipati Mangkunagara | senapati paprangan panata baris | lêlanadikarèng rat ||

16. Jayawinata ingsun paringi | nama Adipati Jayaningrat | suta lawan pulunane | katêlu ingsun pundhut | ingsun junjung pangkat bupati | pulunan Puspajaya | sun paringi juluk | Tumênggung Sujanapura | sutanira Sêcawijaya Ngabèi | lan Si Ônggawijaya ||

17. Sêcawijaya sun paringi nami |[14] Radyan Tumênggung Jayanagara | anadene ta adhine | Hônggawijaya iku | ingsun ganjar nama ing mangkin | Tumênggung Jawinata | kaya ramanipun | dene lelungguhe padha | sèwu limang atus bupati sawiji | sawah Mataram jaba ||

18. lawan ingsun mundhut sawah malih | urut Baligo ing pinggir marga | amung kang rongèwu bae | ingsun paringkên iku | maring adhi Suryanagari | lan sakarênaningwang | sun paringi juluk | Dipati [Dipa...]

--- 46 ---

[...ti] Suryanagara | lêlungguhe rongèwu sawah Matawis | dene lungguhe lama ||

19. sèwu limang atus ingkang sabin | sun paringkên adhi mas Panular | lan ingsun êlih namane | ingsun paringi juluk | Pangran Mangkukusuma mangkin | lan Si Samadipura | arane sun pundhut | ingsun êlih kaarana | Dyan Tumênggung Wiradigda lawan malih | ya Si Sutadipura ||

20. namanira mêngko ingsun êlih | aran Dyan Tumênggung Môndaraka | bupati ing katêlune | dadia kanthinipun | anunggala pakaryèng jurit | lan Bupati Mataram | ngarêpêna Kêdhu | dèn golong gêlêng ing rêmbag | punggawa tri kang saking ing Sukawati | ingkang môngka manggala ||

21. adhi Dipati Suryanagari | ngêpunga lan Dipati Janingrat | sabarang ing rèh rêmbuge | lawan malihe kulup | Jayaningrat sutane èstri | sun pundhut

adhaupa | antuk putraningsun | Dyan Mas Êntho ing samangkya | ingsun junjung nama Pangeran Dipati | Anom Nagri Mataram ||

22. Pangran Dipati Mangkunagari | undhang-undhang mring kang asumewa | padha angèstokna mangke | mring sagung kang jinunjung | pra bupati asaur pêksi | mangkana wus luwaran | gya pangeran kondur | prapta dalêm pasanggrahan | dhahar sarêng lan sagunge pra bupati | samya dhatêngkên suka ||

23. gantya cinatur nagri pasisir | twan guprenur myang gurnadur jendral | samya miarsa[15] wartane | yèn mêngsah angêndhanu | Pangran Arya Amangkubumi |

--- 47 ---

wus ngancik ing Mataram | wong Jawa sumuyut | ngrêda dadra ngômbra-ômbra | wuwuh imbuh agung lêksan ingkang baris | nging dèrèng madêg nata ||

24. tuwan guprênur utusan malih | kang ingutus Radyan Endranata | lan Sarayuda kanthine | Patih Samarang iku | katigane Pangeran Wijil | Pangran Mangkunagara | duta jujugipun | sangsaya ngungun tumingal | Endranata mulat gunge wong Matawis | tinon kadya samodra ||

25. prapta pukul sanga ingkang wanci | pinaringkên mring Kudanawarsa | dèn prênah ing pakuwone | salèring alun-alun | Danawarsa duk amanggihi | sinjange parangrusak | songkok bludru wungu | apaningsêt cindhe kêmbang | kadi Bambang Swatama amagut jurit | apracôndha dahana ||

26. wadyanira satus kang sumiwi | palawungane Kudanawarsa | wontên rongatus karbine | bainèt wontên satus | bêstrongipun sawidak kalih | waos cêmêng lan benang | wontên tigang atus | bung ampel lan tumpêr ingas | lan talêmpak cêmêng ingkang ginarindim | kancana kawan dasa ||

27. Danawarsa duk praptaning tami | angidhuni sakidul pandhapa | angrapèpèh pamêthukte[16] | Aryendranata dulu | micarèng tyas patut wong iki | kaya Bambang Swatama | gagah tur abagus | sawusnya tata alênggah | Danawarsa ngabêkti Pangeran Wijil | lajêng mring Endranata ||

28. Aryendranata kagyat ing galih | mung nampèni

--- 48 ---

salaman amêksa | Danawarsa pangujunge | sawusnya sami lungguh | Endranata agung anglirik | mijil sugatèng wedang | panakawan sêlur | naracak pêndhoke êmas | sabuk cindhe kathah ingkang bêbêt kêling | polos myang supiturang ||

29. Kudanawarsa umatur aris | maring Radyan Arya Endranata | paduka punapa supe | dhatêng ing raga ulun | Endranata kagyat ningali | sarwi mangsuli sabda | tuhu datan emut | nauri Kudanawarsa | pan kawula punika abdine lami | wayah paduka pangran ||

30. inggih pun Wiradiwôngsa nguni | Arya Endranata kagyat jôla | marêpêki ngrangkul age | dhuh nyawa putraningsun | tan ngrêmpêlu lan nora ngimpi | sira Wiradiwôngsa | ing panduganingsun | putra santana Madura | lamun ora pranakan ing Surawèsthi | gagah bagus warnanta ||

31. dene têka bisa anglakoni | Wiradiwôngsa nora kayaa | samene kadadeane | Kudanawarsa matur | inggih brêkat paduka ugi | lan malih inggih darma | nglampahi pituduh | kang mratikêlakên lampah | sabarang rèh ri paduka Dyan Dipati | Pugêr gih Martapura ||

32. mangke sampun kalampahan yêkti | samya miturut satuturira | têka samantên dadose | amung paitan purun | lan paitan wani ngêmasi | ngandêl-kumandêl pasrah | mring Hyang Mahaluhur | ing mangke gusti kawula | Jêng Pangeran Adipati Sukawati | ing pramuka [pra...]

--- 49 ---

[...muka] jayèngrat ||

33. sugih wadyabala êmas picis | sami lan kang raka sri narendra | malah inggih watawise | akathah kaotipun | mênggah arta sugih kang rayi | wadya wahana kuda | langkung gangsal èwu | andêle wong jro kewala | kalih èwu kawan atus kang pinilih | kawan atus punika ||

34. ingkang pasthi binêkta ngêmasi | bupatine sampun kalih dasa | nigang atus prajurite | Aryendranata ngungun | yèn mangkono gustimu iki | duwe bala salêksa | Danawarsa matur | sayêkti langkung salêksa | wayah tuwan kewala lamun kinêrig | wus langkung pitung nambang ||

35. wusnya Endranata amangsuli | datan krama mring Kudanawarsa | pan lajêng kinulub bae | Danawarsa Tumênggung | suka anrus ing lair batin | tamu ngaturan siram | pinrênahkên sampun | langgare Kudanawarsa | apan botên sinowanakên tumuli | angantos tigang dina ||

36. enjing wontên dhawuh angundhangi | kèndêl asar sagunging bupatya | ngandikan saprajurite | ajar prang ngalun-alun | asikêpa kaprabon jurit | lor ngalun-alun wana | tarataban ngriku | ara-arane ajêmbar | lêlongkange papan ingkang dèn pondhoki | kinarya gêgulang prang ||

37. Danawarsa kancanira prapti | para tumênggung Mangkunagaran | samantri myang prajurite | Kudanawarsa matur | kula mugi tuwan alimi | dintên ajar-ajaran | sayêktine prêlu | sapalih [sapa...]

--- 50 ---

[...lih] prajurit kula | kang umiring sapalih jagi ing ngriki | têtindhih pêpulunan ||

38. inggih Jayasimpangan Ngabèi | rumêksaa dhatêng ing paduka | nyaosi barang karsane | wit saking dhawuhipun | kangjêng gusti dintên puniki | gêgulang campuhing prang | dene rekanipun | bêndara kula pangeran | sabalane kanthi Dipati Matawis | dalah wadya santana ||

39. miwah ingkang pra mantri pinilih | gêlêng-gumolong sapabarisan | kang minôngka Kumpênine | dene ta mêngsahipun | pra bupati ing Sukawati | lawan Mataram tiga | senapatinipun | Dipati Suryanagara | banderane sagung bupati nyasupit | tuwin wontên sakawan ||

40. Danawarsa lajêng pangkat baris | Pangran Dipati Mangkunagara | ingkang dadi Sakèbêre | ing baris pondhok kumpul | têtêl atap têtêp apipit | kilèn lun-alun gènnya | tinon kadi mêndhung | Radèn Arya Endranata | sarewange ningali angintip-intip | ngungun myat kèhing janma ||

41. apan sami sinaosan kursi | dene Ngabèi Jayasimpangan | amrih jênak pandulune | wau ta ingkang mungsuh | barisira sampun miranti | ingkang manggèn panjawat | kanan kerinipun | pra bupati Sukawatya | sawadyane dene ingkang andhadhani | senapatining yuda ||

42. Radyan Dipati Suryanagari | ngagêm songkok baludru rinenda | panji-panji lancingane | cindhe paningsêtipun | nyampingira [nya...]

--- 51 ---

[...mpingira] boja cêlari | rasukan karatean | katri dhuwungipun | winangking miwah inganggar | nitih kuda pancal sinongsongan putih | kadya Ratu Ngawôngga ||

43. samya songsongan para bupati | ngajêngakên senapatinira | ngêntosi dhawuh campuhe | wau kang munggèng panggung | jêng pangeran ing Sukawati | mriksa cacahing wadya | kilèn alun-alun | ingkang dharat tigang lêksa | tigang èwu kawan èwu kang turanggi | mariyêm kawan wêlas ||

44. kalantaka kawan dasa kalih | baris wetan lun-alun winarna | duk winilis ing cacahe | kapalan pitung èwu | kawan atus sawidak kalih | katur sagunging cacah | wau wong dêdulu | jalwèstri lir garêbêgan | sabên dina ajar kathah tiyang prapti | wong desa pagunungan ||

45. sigra dhawuh campuhing ajurit | Radyan Dipati Suryanagara | aba sarêng ing angsahe | pangawat têngênipun | Janapura Jayanagari | sawadyane turôngga | atêngara umung | kêndhang gong bêndhe wurahan | sarêng surak acampuh bêdhil-binêdhil | nusup pangawat kiwa ||

46. kang nindhihi bupati kêkalih | Jayadirja lan Ranadiningrat | sarêng giyak panêmpuhe | baris kilèn gya nambur | barung slomprèt bêndhe tinitir | samya surak sauran | carabalèn umyung | kodhokngorèk munya ngangkang | maryêm kalantaka bêdhil sarêng muni | lir pendah arga gugrag ||

47. pindha amuk angungkih tan kongkih |

--- 52 ---

aprang kuda anêsêg anunjang | dharat agagah tangguhe | lontaka maryêm agung | kadya gêlap lor kidul muni | kukus lir ampak-ampak | kagulung ing mêndhung | sakala pêtêng limêngan | datan antuk corok prajurit turanggi | mangsah angangah-angah ||

48. suka samya ingkang nêningali | tangkêp kadya aprang têtêmênan | wus dangu rukêt perange | lajêng ngundhangan mundur | samya kèndêl obat winilis | kang kalong prang turôngga | tigang lêksa patrum | mariyêm lan kalantaka | satus kati wau ta prapta anggili | jodhang êtong gotongan ||

49. Endranata mitênggêng ningali | satus eram pirang èwu eram | Jasimpangan tinanya ge | apa ta sabênipun | pêndhak Rêbo ajaring jurit | matur kang tinakonan | sampun adatipun | sabên ajar prang turôngga | tigang lêksa patrum têrkadhangan luwih | mangke yèn aprang dharat ||

50. kawan têngah lêksa patrum ênting | punika tong anggili gotongan | mangke prang dharat kanggene | jodhangan isinipun | pan sêmôngka minôngka paring | sagung mantri punggawa | Endranata muwus | kang payung putih nèng wetan | pangran sapa kang tinanya anauri | inggih dede pangeran ||

51. pan punika tungguling bupati | Radyan Dipati Suryanagara | pun Suwandi kala lare | bagus prawirèng punjul | mila sangêt dipun kasihi | wus ingakên santana | kalangkung dèn ugung | Dipati Suryanagara |

--- 53 ---

Radèn Arya Endranata duk miyarsi | ngungun sarwi ngandika ||

52. katon dahat awuwuh asigit | Si Suwandi dadi wong Mataram | sêmbada solahbawane | lawan busananipun | pan sumlamar lan para gusti | pangran putra narendra | amor nora kantun | Jasimpangan aturira | lênggahipun Suwandi sabin Matawis | kalih èwu andurma ||

49. Durma

1. wadya dharat dhinawuhan ajar ing prang | sigra Suryanagari | anêmbang têngara | bêndhe agêng sadasa | kalih dasa ingkang alit | gong bèri gôngsa | salawe agêng alit ||

2. tamburira cacahe salawe êprah | sarêng munya tinitir | swara sru wurahan | barung swarane janma | giyak surak wanti-wanti | kadya ampuhan | barung udan sêmèni ||

3. wadya dharat akukuk parêng umangsah | senapati ngawaki | dadya rêbut papan | pangawak keri kanan | bupatine angawaki | abêbêdhilan | rame rok silih ungkih ||

4. ingkang pindha Walônda êdrèle munya | mariyêm anauri | kukusing sandawa | kadi blêdug katiga | ampak-ampak anampêki | mungsuh angidak | nusup kukusing bêdhil ||

5. bingung liwung kuwur dene kamomoran | kang apindha Kumpêni | drèle kalantaka | sungsun mariyêmira | pangrasane kang miyarsi | kadya ngrubuhna | wukir gêng ing Mêrapi ||

6. senapati Dipati Suryanagara | lan sagung pra bupati |

--- 54 ---

wuru prang anunjang | samya narik curiga | ting jalêrit wong ningali | nunjang anepang | angidak angangkahi ||

7. wusnya dangu tinêtêgan unduring prang | sarêng unduring kalih | dhadhal kang pangawat | kacaryan kang umiyat | Aryendranata lingnyaris | punjuling jagad | Pangeran Mangkubumi ||

8. pan wus kadya prabawane naradipa | tuhu lananging bumi | wau kacarita | milanipun pangeran | dèrèng karsa amanggihi | dutèng Samarang | dene sawêg nimbali ||

9. Adipati Pugêr Benggol Sukawatya | inganti antara ri | bubaring ajar prang | Pugêr praptèng Prambanan | wadyanira kang umiring | wahana kuda | sèwu kapara luwih ||

10. sang dipati dalu nglampahkên caraka | dhatêng nagri Matawis | jujug pondhokira | Rôngga Wirasantika | aminta kirim prajurit | wahana kuda | sèwu lumayu wêngi ||

11. asamêkta Mas Rôngga Wirasantika | lawan Suryanagari | myang para bupatya | urunan kirim bala | samya wahana turanggi | sikêp gêgaman | bandera warni-warni ||

12. mangkat dalu mêthuk marang Parambanan | praptane wus kapanggih | lan Pugêr Dipatya | enjing sigra budhalan | kalih èwu kang turanggi | banderanira | angalih dasa sisih ||

13. wadyanira ingkang dharat kalih nambang | gunggunge ingkang baris | dados kawan nambang | tamburipun nêmbêlas | saking gêndhunge dipati | dutèng Samarang | dimèn gawoking ati ||

14. kang amêthuk Tumênggung Jayawinata | Wiranata akanthi |

--- 55 ---

Suramangunjaya | miwah Suradigdaya | enjing Kudanawarsa ngling | mring tamunira | rayi paduka prapti ||

15. Adipati Pugêr punika kang wadya | praptèng lun-alun gili | mêdhun sing turôngga | duta Samarang miyat | prajurit kang munggèng ngarsi | kang kêkapalan | sèwu dhomas watawis ||

16. Danawarsa matur lah inggih punika | balane sang dipati | kalih èwu dharat | kalih èwu turôngga | kodhokngorèk gông saruni | pradôngga miwah | carabalèn nèng wuri ||

17. gèdhèg-gèdhèg ngungun Arya Endranata | setanên wong puniki | hèh Kudanawarsa | ramakmu Si Paridan | têka dinulur Hyang Widhi | apa ta baya | ngèlmune bêlis iki ||

18. anèng wuri titihane tandhu lawan | ginarbêg magêrsari | satus tumbak benang | angangge gêrandim mas | ampilan nèng ngarsa sami | myang kering kanan | brasinang busana sri ||

19. arasukan sêsêling kêthu bathokan | sarwi anganggar godhing | tan nganggo dhuwungan | nyamping sarung samboja | jêjenggotira pinidih | tênaganira | lir dhaènge wong Bugis ||

20. pan sarakit sisih ampilan canela | kang sami ngampil-ampil | sami ngangge jangkang | wangun panjang cêrapang | endhong suwasa rong rakit | sinêling êmas | miwah gandhewa kalih ||

21. gandhewane ingaranan Baleragas | êmas sinilih asih | Pugêr jujugira | pondhok Mangkunagaran | Pangeran Mangkunagari | mêthuk [mêthu...]

--- 56 ---

[...k] ing lawang | kumrutug kang ngurmati ||

22. pra bupati wus aglar sakenjing mila | miwah kang para mantri | myang para santana | pêpak samya kêmpalan | pangeran arsa manggihi | têtamunira | dutanipun Kumpêni ||

23. Adipati Pugêr sawusira prapta | pangeran gya nimbali | mring Kudanawarsa | ngirid dutèng Walônda | Endranata Pangran Wijil | panggenanira | ing wetan dèn saosi ||

24. sakidule lênggahe Pugêr Dipatya | dyan dipati anunggil | saklasa kalawan | Pangran Mangkunagara | duk prapta Pangeran Wijil | pangeran têdhak | kurmat angacarani ||

25. lah kiyai sami lajênga kewala | Pangran Mangkunagari | lan Wijil salaman | nulya Pugêr Dipatya | sawusnya sagung bupati | kinèn ngujunga | dhatêng Pangeran Wijil ||

26. Endranata ngungun mulat pra bupatya | samya sigit awingit | têpsila susila | cahya abang sumringah | sinawang langkung rêspati | kasor prabawa | pra bupati nagari ||

27. Pangran Mangkunagara alon ngandika | kadipundi puniki | têka tanpa wêkas | karêpe si Walônda | wira-wiri dèn kongkoni | jêr wus kaliwat | panulunging Kumpêni ||

28. Endranata umatur marang pangeran | dhuh anggèr salamnèki | ibu jêngandika | lan malih kintun dhêsthar | parangrusak alit-alit | lan sêmukirang | gène nyêrat pribadi ||

29. lan paningsêt pêlangi têpèn sakêbar | pangran ngandika aris |

--- 57 ---

ibu karaharjan | kraos wontên Samarang | Aryendranata turnyaris | inggih raharja | Pugêr lajêng nambungi ||

30. sira iku Endranata lakunira | mundhak kakèhan sikil | sira kilap apa | dhingin duk anèng wana | prandene sira aturi | gusti tan arsa | iya ta mêngko malih ||

31. wus kakiyuk papusêre tanah Jawa | ewon lêksan kang abdi | kayapa karsaa | mungguh pangêpukira | Aryendranata nauri | jênênging tuwa | môngsa mundura mami ||

32. ginagêtak sinêntak masa maria | wong tuwa amrih bêcik | lali luput ala | bubuhane wong tuwa | nora nganggo wêdi isin | sapa kang nacad | liya kadang pribadi ||

33. gêmah rusak sapa rowange ngrasakna | mungguh nagara Jawi | yèn ora lan kadang | kapriye mungguh sira | sun iki sira arani | jêlèhi mata | ambosêni kêkirik ||

34. iya bênêr sabarang pangucapira | sayêkti sisip mami | mung apuranira | luputing kuna-kuna | ing jamane môngsa lali | ing mêngko iya | anggêpên jaman eling ||

35. Adipati Pugêr alon saurira | rusuh dadine iki | asru angandika | Pangran Mangkunagara | marang sagung pra bupati | tandhinge apa | apa bae pa apit ||

36. lamun bae padha milu ngêndi sira | gumrêng ture bupati | tumut sawung kula | pyambak ki sang dipatya | dadya tan ana ngiloni | Aryendranata | pangran ngandika malih ||

37. olèh têmêng[17] tandhing padha jago [ja...]

--- 58 ---

[...go] kawak | padhaa dene kalih | nanging kari gabah | gabahe wong Samarang | gula batu tèh cangkuwih | paman dipatya | gabah dhangkèling kunci ||

38. bokmanawa padha sêru gitikira | kari pêdhêse yêkti | pêdhês man dipatya | palangkringane sela | Aryendranata nauri | botên bêndara | pun paman adipati ||

39. duk Jakawal kula inggih sampun kalah | sampun karoban tandhing | ing Jakawal wana | ing Samawis nagara | pamère tiyang Samawis | dados badinan | wontên ing Sukawati ||

40. Adipati Pugêr alon wuwusira | Endranata sirèki | sabênêring lampah | nora gêlem tinuta | yèn ora gawa lih-olih | êndhas nèng ancak | êndhase patih kalih ||

41. dhase Sindurêja dhase Pringgalaya | dhase Gupnur Samawis | iku bokmanawa | yèn ora mangkonoa | nora duwe ujar kalih | wong wis tinêmah | tiba alara pati ||

42. nora merang mênang ngukup kalah ilang | pan uwis dèn lakoni | mêngko mindho sira | ngipuk mêmanas driya | dadak kêthimak-kêthimik | tikus angarah | arsa ambadhog kucing ||

43. wong wus nora dèn karsakakên amêksa | dadine wong kumaki | gumagah gumisa | wong wus wêruh têtela | lamun dhangkèl Sukawati | wus anêmpuh byat | tan bisa amindhoni ||

44. samya suka gumujêng kang pra bupati | pangeran ngandikaris | suwawi aseba |

--- 59 ---

paman Pugêr kalawan | kabèh kang para bupati | ngirid caraka | ingkang saking Samawis ||

45. sarêng budhal sing pondhok Mangkunagaran | gumrêdêg pra bupati | praptanira sowan | canthèl atur ngandikan | Pangeran Mangkunagari | lawan Dipatya | Pugêr ngandikan sami ||

46. katigane Adipati Jayaningrat | myang sagung pra bupati | pangran atur sêmbah | paran karsa paduka | Jêng Pangeran Sukawati | alon ngandika | iya undangên aglis ||

47. ngarah apa kulup ingsun nêmonana | ingsun tan sônggarunggi | awit praptanira | sêdyane amrih arja | tuluse kang bumi-bumi | yèn tinurutan | cupêt pakaryèng jurit ||

48. dadya kêdhik kaluhurane wong Jawa | nora tabêt kang jurit | iku karsaningwang | kulup Mangkunagara | dèn padha eling nglakoni | sakuwat-kuwat | môngka ngulihkên aji ||

49. nêmbah matur Dipati Mangkunagara | lamun makatên inggih | nuntên tinimbalan | Dyan Arya Endranata | pangeran mêdal pribadi | sapraptanira | srimanganti dhawuhi ||

50. lah suwawi paman Wijil ingandikan | kêkalih lan pun kaki | mung ingkang satunggal | pêpatih ing Samarang | dimène kantun nèng jawi | kanthi bupatya | papat ingkang manggihi ||

51. paman Rôngga kalayan Suryanagara | Janapura sirèki | myang Kudanawarsa | kapat samya ngandikan | sigra sarêngan lumaris | praptèng ngayunan | amung Pangeran Wijil ||

52. ingkang sinaosan [sinao...]

--- 60 ---

[...san] kursi pan satata | Endranata alinggih | nunggil pra bupatya | Dipati Jayaningrat | Pangeran Mangkunagari | lênggah anunggal | Pugêr Suryanagari ||

53. wusnya tata lênggah katur punang surat | mring Pangran Sukawati | sêrat gya binuka | sinuksmèng ing wardaya | mangkana wuryaning tulis | pèngêt kang sêrat | kanthi puja basuki ||

54. ingkang mijil saking sukcining warnaya[18] | sing mitranta kang asih | Gupêrnur Samarang | Baron Hondhorêp ingkang | amisesa ambawani | pasisir Jawa | bang êlèr wetan sami ||

55. waranane para rad pêni India | kang agung ambawani | tah talatahira | bawah angin sadaya | prakosa prawirèng jurit | abandhu bôndha | sih marma mring sêsami ||

56. kaatura ing mitranta kang sumbaga | wong agung ing Matawis | kang bêk martotama | musthikaning rat Jawa | ingkang asêsilih nami | Kangjêng Pangeran | Dipati Sukawati ||

57. senapati ing prang pramuka jayèngrat | wiyosipun Kumpêni | umatur pratela | mung amamrih raharja | kalamun panudyèng galih | pangran ngaturan | kondur dhatêng nagari ||

58. ingkang raka Sri Bupati Surakarta | ing mangke wus marêngi | pasrah ingkang praja | paduka jumênênga | Prabu Anom Senapati | sakarsanira | kèhe kang lênggah siti ||

59. nadyan nyuwun sapalih anggêre tunggal | Kumpêni anjurungi | karsane narendra | mupakat kang pirêmbag | lan sagung para radpêni | têtapak asta |

--- 61 ---

tanah Jawi pinalih ||

60. sawusira winaos kang punang surat | sêrat nguncalkên aglis | marang ingkang putra | Pangran Mangkunagara | winaca sinuksmèng galih | mèsêm pangeran | anêmbah matur aris ||

61. langkung sae paduka yèn ngarsakêna | ing rèh pating kacimih | punapa ing kina | pan botên sapunika | mila anyênyakit galih | alon ngandika | Jêng Pangran Sukawati ||

62. inggih adhi dika makuwon ing benjang | sêrat kula angsuli | miwah sira Arya | Endranata mêtua | dene ta ing karsa mami | tan bangkit owah | wuwus kang wus kawijil ||

63. Pangran Wijil Endranata samya mêdal | makuwon gone lami | anèng wismanira | Tumênggung Danawarsa | mung ngantos sadalu malih | enjing sinungan | sul-angsul karya kingkin ||

38. Pangeran Mangkubumi wangsul saking Ngayogya dhatêng Sukawati, Pangeran Buminata dhatêng Sala

50. Asmaradana

1. surate Gupnur Samawis | samana wus ingangsulan | dutane sinung pasangon | anyatus duta katrinya | Pangeran Sukawatya | kintun dhatêng kangbok Ayu | Kangjêng Ratu Madurêtna ||

2. lawon alus ing Matawis | patbêlas kodhi kang wiyar | kang ciyut samya cacahe | myang pèni-pèni [pè...]

--- 62 ---

[...ni-pèni] Mataram | susuh dhèndhèng menjangan | dadya kalih bêlah pikul | twan gupêrnur kinintunan ||

3. dhèndhèng mênjangan akanthi | sarang burung myang wowohan | sèkêt gotongan cacahe | budhal saking ing Mataram | dutanipun Walônda | ing marga datan winuwus | praptane nagri Samarang ||

4. surat ingaturkên aglis | tinampan ing juru basa | winaca katur artine | gupnur dahat dènnya eram | sèwu nora anduga | kukuh bakuhe tan keguh | nora pisan nganggo mêmbat ||

5. cinatur para bupati | pasisir êlèr myang wetan | wus asayuk ing sêdyane | samya atur kapênêdan | ing Pangran Sukawatya | nanging sinamun ing laku | mamrih aja kawistara ||

6. môngka tôndha têluk batin | atur busana myang arta | kang nglangkungi sêsamine | mung Bupati Surabaya | lan bupati ing Tuban | Sasranagara Tumênggung | Sawunggaling Dipasana ||

7. angaturakên prajurit | sinuwurkên lamun minggat | Jawa pitung dasa kèhe | Bugisipun pitung dasa | samya wahana kuda | Kapitan Bugis Sêmangun | lawan Kapitan Juwana ||

8. prajurit ing Surawèsthi | Pulangrêsmi tindhihira | prajurit Tuban tindhihe | anama Jayèngranginan | samya lêrês santana | brasinang busananipun | jangkêp sikêping ayuda ||

9. wusnya bidhal kang prajurit | têlik sigratur uninga | tuwan gupêrnur nulya ge | utusan mring Surabaya | miwah dhatêng ing

--- 63 ---

Tuban | amikut bupati têlu | linajêngkên mancal layar ||

10. binucal Selông nagari | prasamya datan anyana | bupati ing katigane | wau ta malih kocapa | kang wontên ing Mataram | kang tan pêgat amêmangun | anata prajuritira ||

11. miwah sagunge bupati | kang môngka manggalaning prang | pinilih kang pambêkane | santosa wantêr ing yuda | jêng pangran dèrèng karsa | ingaturan madêg ratu | mring sagung punggawanira ||

12. malah arsa wangsul malih | têdhak dhatêng Sukawatya | mawi mangidul lampahe | angampiri ing Sêmbuyan | rayi ingkang ngucira | tinêdhakan karsanipun | darapon purun panggiha ||

13. Dipati Pugêr tinuding | lan Tumenggung Jayadirja | anênggêl ngambah mangalèr | mêdal Piji Wanakarta | kinèn ngêlar jajahan | kang dhèrèk mring Wukirkidul | Dipati Suryanagara ||

14. mung wangsul Sêmbuyan wukir | dene kang têngga Mataram | Pangeran Dipati Anom | rinêksa ing maratuwa | Dipati Jayaningrat | kalawan para tumênggung | kadang kadeyan Mataram ||

15. pra Bupati Sukawati | kang tinilar ing Mataram | katiga senapatine | wong pinilih pitung dasa | sangkêp kapraboning prang | têtindhihe mantri pitu | rumêksa pangran dipatya ||

16. Pugêr budhal ngrumiyini | lan Tumênggung Jayadirja | lampahe nênggêl mangalèr | nurut margi gêng kewala | anjog ing Wanakarta | menggok ngilèn akêkuwu | anèng dhusun Kadirêja ||

17. sira [si...]

--- 64 ---

[...ra] Pugêr Adipati | Dyan Tumênggung Jayadirja | ngirupi wong desa kabèh | kang tumut bumi Samarang | anut datan suwala | mangsuli ingkang kawuwus | Jêng Pangeran Sukawatya ||

18. kang anèng nagri Matawis | budhalan saking Ngayogya | Magiri ngetan lampahe | Pangeran Mangkudiningrat | lawan Suryanagara | ingkang dhèrèk têdhakipun | de Pangran Mangkunagara ||

19. mêdal saêlèring wukir | lan Rôngga Wirasantika | katri Pangran Arya Pamot | anjog ing Laroh aminggah | wau Kangjêng Pangeran | Sukawati têdhakipun | Suryanagara nèng ngarsa ||

20. wadyane mung sawatawis | ingkang wahana turôngga | mung kalih bêlah cacahe | tiga bêlah ingkang dharat | waos cêmêng lan benang | lampahe tansah sinêrung | ngantos têbih lan pangeran ||

21. ciptane agea panggih | awani takêr ludira | sêbah dènnya myarsakake | dene karsane tan kaprah | môngka Suryanagara | kalêbêt santananipun | saking ibu lêrês misan ||

22. marma Radyan Adipati | Suwandi Suryanagara | tyasira kadya binrongot | ngajap nuli kapanggiha | lan Pangran Buminata | arsa tinumbuk kagapyuk | amrih cupêting pocapan ||

23. mila anginthar-angênthir | agung dènnya misah lampah | kadhang mung bala salawe | kadhang bêkta kawan dasa | amrih sagêd manggiha | nanging sabên dhawah suwung | Pangran Buminata nilap ||

24. Jêng Pangeran Sukawati | sawadyane masih têbah |

--- 65 ---

kang manganjuri lampahe | Dipati Suryanagara | wus prapta ing Sêmbuyan | ngosak-asik Gunungkidul | ngubrês Sultan Buminata ||

25. nanging tan sagêd kapanggih | jêng sultan nilap umpêtan | cinatur kang mêdal êlèr | Pangeran Mangkunagara | Rôngga Wirasantika | lan Pangeran Pamot sampun | prapta ing dhusun Sêmbuyan ||

26. Sultan Dhandhun Martèngsari | wus ngalih gènnya umpêtan | dadya mung panggih barise | Dipati Suryanagara | pangeran angandika | paman kula dahat ngungun | tyas kula botên sakeca ||

27. mênèk paman kang nyalênthik | panilape paman sultan | myang paman Singasarine | jêr paman sanake misan | matur Suryanagara | anggèr kang akèn lumayu | jer anggèr putra ponakan ||

28. pangeran gumujêng bêlik | suka gumêr kang miyarsa | dènira poyok-pinoyok | wau Pangran Buminata | gêblas dhatêng Pacitan | maring Sumbêr Nglorog Pagul | anjog tanah Pranaraga ||

29. nglampahkên dutatur uning | Sri Bupati Surakarta | sagah arsa nyirnakake | kang raka ing Sukawatya | mung minta bantu bala | nanging datan pinaèlu | kathah wong agung kang ngina ||

30. myang Oprup Gupnur Samawis | nora nana kang anggêga | maring pangeran ujare | sanggupe awani lawan | kang raka Sukawatya | dalah lare anggêguyu | asanggup nora sêmbada ||

31. anyumbari Mangkubumi | lan Suwandi bae kalah |

--- 66 ---

punggawa Kamangkubumèn | iya dèn ijèn kewala | mendah loro têlua | dudu ranggane kang magut | lawan dudu Jayadirja ||

32. mantri bae akèh wani | angêbut ro miwah tiga | para mantri Mangkubumèn | akèh ngajap tinandhingna | lan Pangran Buminata | Ki Dêmang Sokajêngkilung | lan Dêmang Gongganggalungan ||

33. lawan Dêmang Gondhangrawi | lawan Dêmang Pulungdara | Dêmang Bulukumêndhunge | kang sampun kalair ngajap | eman ngadu punggawa | dêmang ing Kudurbêrubuh | wani gosok godhinira ||

34. Pangeran Mangkunagari | yèn aja iku ajriha | maring ing marasêpuhe | ngutus bupati kewala | Tumênggung Wiranata | Kudanawarsa Tumênggung | miwah Suramangunjaya ||

35. padha sanggup anguwisi | nyêkêl Pangran Buminata | ingkang tinaha batine | Jêng Pangeran Sukawatya | katon yèn dèrèng rila | marang kadang kang jêjuluk | Sultan Dhandhun ing Sêmbuyan ||

36. milane sami ngawaki | ngalingi nisthane kadang | tan wurung gêpok slirane | ya ngêndi ana pangeran | sutèng Raja Mataram | bêkêl desa wani mungsuh | saking soring kang darajat ||

37. Jêng Pangeran Sukawati | abdine kathah miyarsa | ngandika dahat ngungune | mring kang rayi Buminata | wigare kang pratingkah | lawan wudharing pamuwus | miwah worsuh ingkang karsa ||

38. pangeran angrês ing galih | lamun midhangêt pawarta | dènnya kadaut lupute | têmah nandhang duka cipta |

--- 67 ---

papa kalunta-lunta | sabarang karsane kuwur | kuwur kaworan urakan ||

39. tan nêtês titi patitis | nora putus ing ayuda | nora nana lêlabête | yèn satriyagung Mataram | was-tiwas nora kentas | dene katutuh kapatuh | nora bakuh ing wicara ||

40. basa têrahing Matawis | kudu bakuh ing wicara | pêngkuh nora amalèsèt | yèn mindhonana wacana | kono kene kalongan | ilang darajate putung | apranga nora lêksana ||

41. nêdya angolaha pikir | pothar-pathir kuthetheran | ngêthêthêr pikire kèthèr | wong wus ilang kang darajat | anggayuh-gayuh tuna | angrêrangsang-rangsang luput | têmah papa tanpa guna ||

42. Jêng Pangeran Sukawati | praptèng Sêmbuyan miyarsa | kang rayi nêbih nilape | ngungsi bumi Pranaraga | agung dènnya utusan | maring nagri minta bantu | sagah mungsuh mring kang raka ||

43. nanging kangjêng sri bupati | tan pisan karsa miyarsa | ingkang rayi pamintane | mring oprup kêrêp utusan | uga datan anggêga | pangran minta mring guprênur | guprênur nulyatur surat ||

44. maring jêng sri narapati | lamun Pangran Buminata | aminta bantu karsane | sagah prang mêngsah kang raka | tan pantês ginaliha | dene lamun nyuwun pêthuk | mung arsa kondur kewala ||

45. paran gèn botên nuruti | mangkana gupnur aturnya | miwah Oprup Totlomondo | uga sinungan parentah | kadya ing aturira | ingkang konjuk sang aprabu |

--- 68 ---

mangkana ingkang winarna ||

46. ratu kadipatèn maksih | ingkang ibu jêng pangeran | tan kêndhat ing pamintane | maring kangjêng sri narendra | kondure ingkang putra | dadya sang nata anurut | dhawuhakên pangandika ||

47. maring oprus[19] kinèn aglis | mêthuk Pangran Buminata | nanging Oprup Totlomondo | anuwun inah sawulan | sêdhêng têlas kang jawah | mung wontêna mêndhanipun | mamrih ecane nèng marga ||

48. kunêng malih kang winarni | kang samya anèng Sêmbuyan | ingkang pinrih wus sirna doh | wong Sêmbuyan têluk samya | Jêng Pangran Sukawatya | sigra dènira dhêdhawuh | pan arsa kondur mangetan ||

49. Pangeran Mangkunagari | kondur dhatêng ing Gumantar | Suryanagara mangilèn | wangsul dhatêng ing Ngayogya | Pangran Mangkudiningrat | wangsul ing panggenanipun | pacak baris Pamutihan ||

50. Pamot kinèn minggah wukir | anata prajuritira | nèng Wukirkidul samangke | timbalane ingkang rama | Jêng Pangran Sukawatya | nampèni ing ampasipun | Sultan Dhandhun Martèngsêkar ||

51. Jêng Pangeran andhawuhi | mring Pangran Mangkunagara | bawahe adhimu Ngare | sira ingkang mêngkonana | mung êdumana bandar | pasar loro bae cukup | karya busananing bala ||

52. Pangeran Mangkunagari | amung sumarah sakarsa | Jêng Pangran Sukawatine | ngandika maring kang putra | Pamot sira jaluka | bandar marang kakangamu | loro bae lilaningwang ||

53. lan kulup Mangkunagari |

--- 69 ---

mungguhing pamikirira | sapa baya prayogane | kang dadi lurah santana | pangeran aturira | sumôngga karsa pukulun | dhawuh andika ing rama ||

54. ya kulup pandulu mami | adhimu Mangkudiningrat | akas dhangan barang gawe | lah iya besuk agampang | dadya sami miyarsa | kalurahan santanèku | badhe Pangran Mangkuningrat ||

55. gya budhal sarêng kang baris | cinatur ing Surakarta | wus dadya wau rêmbage | mêthuk Pangran Buminata | oprup ingkang dinuta | lan Ônggawôngsa Tumênggung | Dyan Tumênggung Cakrajaya ||

56. dadya bupati kêkalih | sèwu miwah numbakanyar | sakaliwon myang mantrine | bêdhol kang kalih bupatya | dene Kumpêni Islam | tigang kaptin naminipun | Tolong Dul Jalil Salijah ||

57. anyatus kapitan siji | tigang atus Kumpêni Slam | dene Oprup Totlomondo | bêkta satus dragundêrnya | ingkang dharat sawidak | gunggungipun kalih èwu | dedamêl sabrang lan Jawa ||

58. angkatira pukul katri | saking nagri Surakarta | byar prapta lèr Kêdhunggudèl | gègèr desa kang kamargan | dene tan ana warta | lampahe Kumpêni laju | anèng Ngutêr kèndêlira ||

59. bupati kalih rumiyin | lan kaliwon mantrinira | atut wuri utusane | Jêng Pangeran Buminata | gène wontên Wiraka | sapraptane dutanipun | kang saking ing Surakarta ||

60. matur yèn kang mêthuk [mêthu...]

--- 70 ---

[...k] prapti | utusan dalêm sri nata | tuwan Oprup Totlomondo | dragundêr satus binêkta | ingkang dharat sawidak | Kumpêni Slam tigang atus | kêkalih bupatinira ||

61. kalih èwu gunging baris | ingkang amêthuk paduka | gangsal atus turanggane | sèwu gangsal atus dharat | pangeran duk miyarsa | langkung asrêp galihipun | saking Wiraka wus budhal ||

62. sawadya sagarwa siwi | kadi wontên kalih bêlah | ingkang sèkêt wong lanange | satus wanodya sadaya | dalu saking Wikara[20] | bêdhug tiga praptanipun | baris ing Ngutêr punika ||

63. lawan oprup wus apanggih | aras-ingaras kang jôngga | sarêng byar tata barise | kunêng bupatine mêngsah | Tumênggung Wiranata | myarsa yèn Kumpêni methuk | ing Pangeran Buminata ||

64. nèng Ngutêr kèndêling baris | pangeran wus pinondhongan | Tumênggung Wiranatane | budhal saprajuritira | sami adhehan nyongklang | wontên kuda tigang atus | ingkang rumiyin kewala ||

65. prapta ing Ngutêr nulyaglis | kuda tigang atus mangsah | angepung oprup barise | ing wuri kathah kang prapta | Tumênggung Kartadirja | sagung pra mantri pangayun | prapta saprajuritira ||

66. ing Ngutêr kinêpung kikis | turôngga jinajar wayang | misih jiro gêgamane | akèh kang kinêpung ika | nanging gili kang prapta | sawêg angaturi wêruh | ing Pangran Mangkunagara ||

67. wontên ing Kêdhungwaringin | lagya ngalih pasanggrahan | saking Gêmantar ing mangke |

--- 71 ---

langkung prayogining papan | jurang ngubêngi toya | pakuwon tinata patut | kinêbon kinêmbang-kêmbang ||

68. mantri sakawan duk prapti | matur yèn Kumpêni prapta | tindhih Oprup Totlomondo | amêthuk rama paduka | Pangeran Buminata | ing mangke sampun angumpul | kang abdi nuwun parentah ||

69. kagyat pangeran miyarsi | hèh duta warahên enggal | Wiranata sakancane | yèn kuwagang dèn gêpuka | yèn ora dèn kodhola | dene ingsun nuli nusul | sigra abêndhe undurnya ||

51. Durma

1. duta mêsat saking Kêdhung sêsandêran | prapta ing Ngutêr aglis | dhawuhkên parentah | ngangsêk kang pra bupatya | Kumpêni mriyêm kêkalih | nulya pinasang | kidul kang lèr marpêki ||

2. dèn mariyêm kang lèr kang wetan mangrêmpak | bingung bala Kumpêni | nulya budhalira | saking Ngutêr tinata | dragundêr kang munggèng ngarsi | mriyêm wurinya | Kumpêni kang lumaris ||

3. pra kapitan Islam ingkang binacingah | kalawan pra bupati | abintang-binintang | carub ingkang gêgaman | saking Ngutêr sampun têbih | kinodhol mêngsah | kininthil dèn bêdhili ||

4. sarwi kukuk saking lèr miwah ing wetan | saking kidul nyaraki | pistul kadya udan | Pangran Mangkunagara | saking lèr sawadyanèki | nandêr anyongklang | gumrubyug anututi ||

5. mantri jêro kewala lan pêrangtandang | lawan saragni abrit | amêgati ngarsa | lajêng acampuh yuda |

--- 72 ---

kinalang rèrès ing jurit | kèndêl sakala | arsa nadhahi jurit ||

6. Totlomondo miwah wadyabala Wlônda | pangeran marêpêki | ingedrèl sapisan | Pangran Mangkunagara | mantrine satunggal kanin | Jayaprameya | wentise kenging bêdhil ||

7. sigra dhawah Pangeran Mangkunagara | maring kang para abdi | kinèn dharatana | mantri jro mangsah dharat | asru dènira angungkih | acaruk papan | katri Walônda mati ||

8. bangkenipun ingêrud lawan turôngga | kèndêl sagung prajurit | Totlomondo mojar | Tumênggung Ônggawôngsa | kadi ta paran ing kapti | sajroning aprang | tan katon ngati-ati ||

9. kawistara bapak gumluwèh kewala | Ônggawôngsa nauri | tuwan manah kula | sakala wau maras | dupi caruk drèl Kumpêni | ilange maras | mungguh bobote kèksi ||

10. tuwan dika wus nglakoni lawan kula | aprang lan Mangkubumi | môngsa makatêna | pratingkahing ayuda | Jêng Pangeran Mangkubumi | ngêdrèl sapisan | banjur acaruk kêris ||

11. mèsêm angling pêrang iki kaya apa | bapak karsanirèki | alon saurira | Tumênggung Ônggawôngsa | dèn tambuh eca lumaris | botên punapa | kadi prang lare alit ||

12. Totlomondo wus ayêm gêlar santosa | eca dènnya lumaris | gumrudug kang mêngsah | nanging sênggrang kewala | anggêgila gêgirisi |

--- 73 ---

yèn tinawêkal | riwuk tan angênèni ||

13. nanging datan antuk mangan antuk nendra | sipêng Tanjung sawêngi | kumrutug bêbalang | bêdhil lèr kidul wetan | pangran undhang amêmaling | gumriwis prapta | wus dèn udani maling ||

14. aparentah pangran mring para bupatya | rêriwukên sawêngi | sagung pra bupatya | ngêpung saking kadohan | Kumpêni tan antuk bukti | mung sangunira | roti saking nagari ||

15. enjing budhal mêngsah gumriwis tut wuntat | turôngga kêna mimis | kang nunggang tan kêna | nanging lajêng aniba | Pangeran Mangkunagari | kèndêl mung bala | punggawa kang ngênginthil ||

16. kèndêlira Tumênggung Kudanawarsa | kang sangêt angaturi | ing karsa paduka | inggih asil punapa | wong wus kesah dèn tututi | rama paduka | Jêng Gusti Sukawati ||

17. parentahe kinèn gusah ingkang paman | Sultan Amartèngsari | mangke tan ginusah | inggih kesah piyambak | têka dadak dèn regoni | paran ing karsa | pangran kèndêl nuruti ||

18. prapta êlèr Tangkisan wau lampahnya | wadyabala Kumpêni | bêbantu kang mapag | prapta ing Paserenan | Pringgalaya Adipati | bêkta sawidak | Kumpêni kang lumaris ||

19. lan Pangeran Arya Mataram kanthinya | mêthuk sakidul Baki | wus sami katingal | mêngsah pangodholira | kang mêthuk katingal sami | wangsul kang mêngsah | sami nabrang ing Picis ||

20. kèndêl Baki Adipati Pringgalaya |

--- 74 ---

oprup jawat astèki | pangran sêsalaman | kalawan Pringgalaya | Pangeran Arya Matawis | ngabekti lawan | kang raka dèn tangisi ||

21. sarêng budhal sapraptanira nagara | lajêng tumamèng puri | oprup jawat asta | Pangeran Buminata | ngabêkti raka narpati | sarwi karuna | sawusnya tata linggih ||

22. kinèn mêdal aso pinaring panggenan | sakidul wetan Gadhing | nguni wismanira | Rahadèn Wirayuda | wonge sèkêt kusi-kusi | apan tan ana | wonge pêndhokan siji ||

23. langkung nistha sagah lamun anyirnakna | mungsuh sadaya sami | kêkere ngêlômpra | wonge tan ana pakra | sri bupati andhawuhi | oprup supadya | sung uning mring Samawis ||

24. Pangran Buminata wus praptèng nagara | kunêng gantya winarni | Pangran Pamot ingkang | anèng wukir Katongan | ribêng tyas tigang prakawis | kang saprakara | kang rama andhawuhi ||

25. Pangran Sukawati wus maringi bawah | lan bandar dèn paringi | nanging ingkang raka | Pangran Mangkunagara | bandare tan dèn paringi | arsa ngatasa | yèn anuwuna ajrih ||

26. kapindhone kang dadya prihatin dahat | dene miyarsa warti | lurahe santana | badhene arinira | Mangkudiningrat yèn yêkti | kalangkung merang | anglurah mring kang rayi ||

27. ping tigane kang dadya prihatining tyas | dènira tan sêsiwi | agung binabana | putra lawan kang garwa | dadya nêmah amrih pati | nguntal warangan |

--- 75 ---

agênge sakêmiri ||

28. lawan duduhing jêram pêcêl lêlima | sapanginang watawis | dhawah buntayangad[21] | ngolang-aling kalintang | wuru tansah luntak gêtih | saking talingan | grana netra rah mijil ||

29. gulimpangan badhêdhêg padharanira | tan pêgat ngolang-aling | dahat amlasarsa | ing kalih dalu seda | anèng ing Katongan wukir | para mantrinya | samya atur udani ||

30. mring kang raka Pangeran Mangkunagara | miwah dhatêng kang rayi | kang baris Gangsiran | Pangran Mangkudiningrat | ingkang prapta andhingini | praptèng Katongan | ngungun waspa drês mijil ||

31. ingkang dhatêng Kêdhungwaringin wus prapta | kagyat kang raka aglis | akintun pêthakan | kunarpa binêcikan | pinurugakên Matawis | gènira mêtak | ing Panitikan nênggih ||

39. Kumpêni nglurugi Ngayogya Pangeran Mangkubumi têtulung, lajêng katungka dhatêngipun utusan Kumpêni saking Samarang.

32. pan cinatur Sakèbêr lan Sindurêja | kang anèng Trayêm baris | samya mrih upaya | angimplêng kadya setan | wontên mantri ing Matawis | asakit manah | pinulut dèn kintuni ||

33. Ki Ngabèi Surajênggala ingêbang | yèn ngêngakna kang kori | awèha dêdalan | ing saprayoganira | lan Kumpêni arsa gitik |

--- 76 ---

dalu kewala | kang nèng Lengkong abaris ||

34. lamun silih Ngabèi Suramênggala | tulus tyas mring Kumpêni | tinulung ing benjang | mring oprup lan Sindurja | katur ing jêng sang siniwi | ing minta dadya | bupati ing Matawis ||

35. sarwi kathah Kumpêni kêkintunira | Surajênggala melik | wus sagah samôngsa | mawi samayan dina | sarta sampun dèn kintuni | bandera ladrang | rong kalan wiyarnèki ||

36. panjangipun sadhêpa sabêlah jaja | dhasare abang langking | wus dadi kang rêmbag | mayor lan mantrimuka | mupakat para bupati | eca kang manah | wadyabala Kumpêni ||

37. wus amêndhêm dutane Surajênggala | sanake kang tinuding | anamar suwita | Dipati Sindurêja | dina Salasa kang janji | panglaragira | sagunge ingkang baris ||

38. kintun cacah Ngabèi Surajênggala | gêgaman kang abaris | ing Lengkong punika | kalih èwu sadaya | bêbêcike wong Matawis | inggih wus pêpak | anèng ing Lengkong sami ||

39. sok pêcaha ing Lengkong kang anèng Yogya | amung wong Sukawati | yêkti nulya dhadhal | supe Surajênggala | yèn prange wong Sukawati | ngungkuli lawan | Makasar Bali Bugis ||

40. duk punika Sakèbêr ing rêmbagira | baris Trayêm ing mangkin | kathah kang binêkta | lan kang tinilar têngga | ing pondhokan mung watawis | Mayor Por rêmbag | Sindurja Adipati ||

41. abipraya lan sagung para bupatya | kang tinilar

--- 77 ---

mung kalih | wewolu binêkta | ingkang para bupatya | Kumpêni satus kang kari | ingkang binêkta | kawan atus Walandi ||

42. kawan atus malih Kumpênine Islam | mangkana praptèng janji | ing malêm Salasa | Kumpêni wus sanega | miwah sagung pra bupati | sigra budhalan | ing wanci pukul kalih ||

43. wontên kawan èwu gunging kang gêgaman | ing Jamus sampun prapti | pangarsaning lampah | sira duk amiyarsa | Surajênggala Ngabèi | lajêng adandan | sabature pribadi ||

44. prajurite kawan dasa kêkapalan | dharat satus tan luwih | laju bêbudhalan | kagyat baris kang myarsa | dene sira Ki Ngabèi | Surajênggala | siyaga bêngi-bêngi ||

45. tinakenan arsa tilik wismanira | Sujanapura ugi | suwêng tilik wisma | lampahe wus antara | wau prajurit Kumpêni | apêpanggihan | lawan kyai ngabèi ||

46. wus dèn irid gègèr pondhok Jagapuran | wus samya dèn ajangi | pondhok Jawinatan | lan pondhok Jagapuran | ing Jaganagaran malih | sarêng narajang | Kumpêni angêdrèli ||

47. kuwur tawur gugup prajurit Mataram | kang wus samya kêkambil | nadhahi ngayuda | rame miwah kang dharat | Jaganagara ngawaki | rame sakêdhap | kumrutug drèl Kumpêni ||

48. pan sinêrot Tumênggung Jayanagara | kinarutug ing bêdhil | sinungsunan tiktak | dhadhal karoban lawan | wong Sujanapuran ngisis | Jayawinata | kang

--- 78 ---

tinêmpuh dèn bruki ||

49. kuthetheran tiba saking ing turôngga | Tumênggung Rajaniti | anulya anyandhak | mèh rinampog ing kathah | Mayor Sakèbêr marani | lah iku sapa | Rajaniti nauri ||

50. gih punika anake kang Jawinata | wus ingangkat bupati | nunggak sêmi nama | Tumênggung Jawinata | lamun sipating bupati | pan botên kêna | pinrih rusaking pati ||

51. yèn sampuna wau konangan kawula | rinampog angêmasi | wau Jawinata | jinaluk mring Walônda | kinintunkên mring Samawis | kinanthèn layang | yèn bandhangan bupati ||

52. supayane kêna dadi ular-ular | milane dèn bêciki | Dyan Jayawinata | anèng nagri Samarang | kunêng wau kang ajurit | ingkang kasor prang | ngungsi Ngayogya sami ||

53. baris agêng Kumpêni Lengkong ngêbrêgan | rêmbage pra bupati | gêcak ing Ngayogya | kèndêl Lengkong sakêdhap | lajêng ing dalu lumaris | kang nèng Mataram | gunêm sagung bupati ||

54. Adipati Janingrat Suryanagara | samya agunêm pikir | sakecaning lampah | Jayaningrat lingira | inggih anak Adipati | Suryanagara | kadospundi ing mangkin ||

55. anauri Dipati Suryanagara | yèn dhatêng mangke ratri | inggih ingajangan | saking lêbêt kewala | lamun dhatêng benjing-enjing | botên kasêsa | punika wontên pikir ||

56. yèn ing dalu prayogi dheprok kewala | botên mingkêd [mingkê...]

--- 79 ---

[...d] sanyari | pama mêdalana | prajurit sami gêmpal | kasoring prang Lengkong sami | lamun têtêga | inggih sawêngi mangkin ||

57. kadya pulih pêrangipun benjang-enjang | yèn oncata sakêdhik | ing wêngi punika | sapanginggile lêbar | yèn kukuh sawêngi mangkin | inggih sa-Allah | kula angudanèni ||

58. samya rêmbag sagung prajurit Mataram | anut Suryanagari | mriyêm kalataka | ing panggung wus pinarnah | mriyêm ing Juwana nguni | ingkang binêkta | marang ing Sukawati ||

59. mangke sampun sami wontên ing Ngayogya | tinata sampun rakit | wong Bugis sadaya | kinèn ngêstabêlana | kang samya têtêg ing jurit | wusnya samêkta | binage kang prajurit ||

60. ingkang kidul kang lèr miwah ingkang wetan | pinilihan kang bêcik | mriyêm kalantaka | pinangku nèng palatar | anggêcêk wong Sukawati | amanggih papan | wong anom angukuhi ||

Lajêng nyandhak jilid 6.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Adipati. (kembali)
3. Pakubwanan (dan di tempat lain). (kembali)
4. Jayawinata. (kembali)
5. apalarasan. (kembali)
6. Teks asli: Pucung. (kembali)
7. Kurang satu suku kata: Jayawinata agupuh. (kembali)
8. nimbali. (kembali)
9. Lebih satu suku kata: lawan Sêcajaya kalihipun. (kembali)
10. tur. (kembali)
11. dhawuh. (kembali)
12. puluh. (kembali)
13. sawatawis. (kembali)
14. Lebih satu suku kata: Sêcawijaya sun paring nami. (kembali)
15. miyarsa. (kembali)
16. pamêthuke. (kembali)
17. têmên. (kembali)
18. wardaya. (kembali)
19. oprup. (kembali)
20. Wiraka. (kembali)
21. buntayangan. (kembali)

Serie No. 1259e

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 6.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Kumpêni nglurugi Ngayogya, Pangeran Mangkubumi têtulung, lajêng katungka dhatêngipun utusan Kumpêni saking Samarang.[1]

52. Sinom

1. kunêng sajroning Ngayogya | kang ngrakit angantêb jurit | mêngsah Kumpêni wus prapta | nênggih wanci sirêp janmi | kilèn lèr dèn ênggoni | Sakèbêr lèr ênggènipun | sarêng surak nyanjata | dangu mungsuh tan malêsi | samya dhêdhêp sawusnya malês nyanjata ||

2. sarêng unining gamêlan | kodhokngorèk carabali | lawan surak giyak-giyak | Suryanagara Dipati | minggah panggung pribadi | lèr kilèn bala gumuruh | Dipati Jayaningrat | lèr wetan kang dèn inggahi | sinumêdan mriyême obat Walônda ||

3. dangu dènnya bêbêdhilan | mariyêm mawanti-wanti | sinungsun ing kalantaka | ngungun Kumpêni miyarsi | gumuruh nyênyumbari | wong Bugis samya bêkilu | baris Kumpêni ingkang | minariyêm saking nginggil | sarèhane kêni lan kudane sêmpal ||

4. sampun dangu wataranya | sagunge bala Kumpêni | dènira ngrangsang Ngayogya | prasamya bêdhil-binêdhil | malah wus bangun enjing | munya

ingkang bêdhug têlu | bubar bala Walônda | mantuk ing Tarayêm malih | byar raina baris Ngayogya kinirab ||

--- 4 ---

5. anututi sampun têbah | ing Lengkong kandhêging baris | kèndêl anèng ing Kasuran | wau duta kang tinuding | Jayaningrat Dipati | Ngayogya kala kinêpung | mêdal rung-urung toya | prapta ing Kêdhungwaringin | tur uninga yèn mêngsah Kumpêni prapta ||

6. gitik ing Lengkong wus bêdhah | pun Surajênggala balik | Tumênggung Jayawinata | gènira amapag jurit | kacandhak ing Kumpêni | tiba saking kudanipun | nanging kacandhak gêsang | binêkta dhatêng Samawis | mêngsah laju angêpung kitha Ngayogya ||

7. Pangeran Mangkunagara | gugup dènira miyarsi | angutus Jayaprabôngsa | mantri jro mring Sukawati | lampah kalih prakawis | Pangran Pamot sedanipun | lan mêngsah anggêgêcak | Ngayogya kinêpung kikis | wau Pangran Dipati Mangkunagara ||

8. angkate sarêng utusan | kang dhatêng ing Sukawati | kêrig saprajuritira | ginêlak lampah ing margi | wus prapta ing Matawis | pangeran sawadyanipun | Pangeran Adipatya | Anom Amangkunagari | sigra mêthuk angujung maring kang raka ||

9. myang Dipati Jayaningrat | prasami suka ing galih | praptanira jêng pangeran | katur solahing ajurit | pangeran ngandikaris | hèh Janapura sirèku | iya sira sun dhêndha | dene mulih tilik bali | mêngko sira baris Lengkong balènana ||

10. nora sun kanthèni sira | bala saka ing Matawis | mung para mantri kang samya | baris Pakasuran mangkin | kêrigên [kê...]

--- 5 ---

[...rigên] ja na kari | sira padha jakên maju | Tumênggung Janapura | sandikatur sêmbah amit | sigra budhal mêsat saprajuritira ||

11. praptèng Lengkong baris pacak | wus mantuk kadya ing nguni | Pangeran Mangkunagara | lan Jayaningrat ngraosi | kang tiwas ing ajurit | Jayawinata Tumênggung | paman kadi kawula | kelangan kadang satunggil | puluh-puluh sami mupus karsaning Hyang ||

12. sawusnya antara dina | mantri pangarsatur uning | yèn wontên dêdamêl prapta | kawarti dêdamêl ngiring | Pangeran Adipati | Sukawati ingkang rawuh | wahana kuda dhomas | angirid pangarêp jurit | lêlancaran Mas Rôngga Wirasantika ||

13. kagyat wau jêng pangeran | miwah sira Dyan Dipati | Jayaningrat asiyaga | Pangeran Mangkunagari | budhal sawadyanèki | lêbêt kang binêkta mêthuk | wus panggih anèng marga | têdhak saking ing turanggi | Pangran Mangkunagara angèstupada ||

14. anulya nitih turôngga | dinangu saurut margi | tan antara praptanira | wong Mataram samya baris | urung-urung ing margi | prapta drèl bêdhil abarung | mariyêm kalantaka | wus têdhak saking turanggi | jêng pangeran lajêng manjing pasanggrahan ||

15. pinarak anèng pandhapa | Jayaningrat angabêkti | lan kang putra Jêng Pangeran | Dipati Anom Matawis | Pangeran Sukawati | alon pangandikanipun | ki besan wus mupusa | ajal karsaning Hyang Widi | nora kêna ginawe padha manungsa ||

16. Adipati Jayaningrat |

--- 6 ---

anuwun waspanya mijil | pangeran alon ngandika | ki besan watara mami | anakmu Si Walidin | kaya nora têkèng lampus | malah sinungga-sungga | iku adating Kumpêni | pan kinarya ular-ularing prakara ||

17. mangkana wong ing Ngayogya | angrakit pakuwon sami | sêdyanipun Dyan Dipatya | Jayaningrat angaturi | lami anèng Matawis | jêng gusti sinuhun-suhun | marma nata sanggrahan | Pangeran Mangkunagari | anyêlaki pasanggrahan ing Bênggala ||

18. nulya Pangran Singasêkar | kang wontên Sêmbuyan wukir | tundhuk angaturkên sêrat | sumuyud arsa ngabêkti | ing raka kangjêng gusti | surat sinungan wêwangsul | kalawan kang timbalan | tigang dhomas tanah wukir | pinaringkên nanging wisma nèng Mataram ||

19. kêrigan sagarwa putra | rêreyongan urut margi | gangsal atus kêkapalan | gangsal atus kang lumaris | praptane ing Matawis | Kudanawarsa kang mêthuk | wus panggih jaban kutha | ingirid laju umanjing | pakuwone Dipati Mangkunagara ||

20. pinanggih anèng pandhapa | Pangeran Mangkunagari | angujung dhatêng kang paman | Pangran Arya Singasari | ingaturan tumuli | asowan ing kadang sêpuh | kèrid marang kang putra | wus prapta lajêng ngabêkti | ingkang raka angungun sarwi karuna ||

21. pan tansah anênggak waspa | wus dangu ngandika aris | wus yayi aja dinawa | pan wus titahing Hyang Widi | balik ta sira yayi | pira prajuritirèku | kang rayi matur nêmbah |

--- 7 ---

kirang kêdhik langkung kêdhik | inggih gangsal atus nanging dèrèng tata ||

22. Pangeran Mangkunagara | alon dènira nambungi | kadi langkung sapunika | rayi dalêm ingkang abdi | kula wau udani | kala paman rawuhipun | kados manggiha eca | tiyang kidul wukir mangkin | rayi dalêm sabab boten nama sultan ||

23. kalamun namaa sultan | awrat sinanggi ing alit | kadi ta jênate paman | Sultan Dhandhun Martèngsari | wong cilik kêmpis-kêmpis | tigang dhomas madêg ratu | inggih boten kasôngga | têlung dhomas dèn ratoni | samya dêngkèng gigire tiyang Sêmbuyan ||

24. gumêr sagung pra bupatya | kang munggèng ngarsa sumiwi | wau pangandikanira | Jêng Pangeran Sukawati | sira pondhokkên ngendi | iya pamanira iku | Pangran Mangkunagara | umatur saha wotsari | ing Bênggala manggèn sawetan kawula ||

25. nulya sami abubaran | Pangran Arya Singasari | makuwon wetan Bênggala | wus samya apacak baris | eca tyase wong cilik | kunêng malih kang winuwus | Tumênggung Wiranata | samana atur udani | tampi sêrat saking nagri Surakarta ||

26. sêrat katur ing Pangeran | Mangkunagara nupèksi | lajêng katur ingkang rama | kang sêrat langkung awingit | Pangran Dijaya mangkin | mring kang rayi minta mêthuk | amanggih kasusahan | Jêng Pangeran Sukawati | aparentah wau marang ingkang putra ||

27. kinèn amêthuka nulya | nuduha punggawa siji |

--- 8 ---

mring Pangran Adiwijaya | pangeran tur sêmbah mijil | wau ingkang tinuding | Dyan Wiranata Tumênggung | nulya Dyan Wiranata | anuduh mantri kêkalih | pan ambêkta kuda tundhan kawan wêlas ||

28. lawan sikêp kawan dasa | miwah mantri kang jagani | dalu ing pukul sadasa | ingkang mêthuk samya prapti | lan pangran wus apanggih | langkung sukanirèng kalbu | dandan sagarwa putra | miwah kang abdi gêng alit | jalu èstri wus lolos saking nagara ||

29. Ki Tumênggung Wiranata | ing Waru[2] dènira nganti | wus panggih lajêng lampahnya | asrêp tyase kang lumaris | byar rina kèndêlnèki | wontên dhusun ing Kalêpu | wuwusên ing nagara | wus katur marang sang aji | ing lolose Pangeran Adiwijaya ||

30. angungun sri naranata | Pringgalaya Adipati | marang oprup wus pratela | prasamya kinèn anitik | salasahe mring ngêndi | punapa ngumpul Matarum | manawi nêdya bawa | piyambak dhatêng ing pundi | sinalasah mangidul maring Mataram ||

31. wau ta ingkang lêlampah | pangeran sagarwa siwi | lan Tumênggung Wiranata | wus prapta nagri Matawis | pinêthuk ing bupati | Jayanagara Tumênggung | sapraptane Ngayogya | Pangeran Mangkunagari | ingkang ngirid manjing marang pasanggrahan ||

32. duk sewaka pasanggrahan | Jêng Pangeran Sukawati | kagyat kang abdi tur priksa | lamun ingkang raka prapti | gupuh dènnya nêdhaki | nèng paregolan amêthuk |

--- 9 ---

tundhuk lawan kang raka | kang rayi arsa ngabêkti | dyan cinandhak mring kang raka sêsalaman ||

33. anulya kêkanthèn asta | praptèng pandhapa alinggih | kathah karasèng jroning tyas | wau wong agung kêkalih | Pangran Mangkunagari | lan kang rayi sarêng maju | Pangran Mangkudiningrat | mring kang paman angabêkti | nulya Pangran Dipati Anom Mataram ||

34. wus dangu alêlênggahan | Jêng Pangeran Sukawati | ngandika marang kang putra | hèh kulup Mangkunagari | aturana tumuli | amakuwon pamanamu | nunggal kalawan sira | aturana kang prayogi | sarêng bubar lan sagung kang pra bupatya ||

35. prasamya ngatêr sadaya | mring Mangkunagaran sami | sawusnya tata alênggah | prapta Pangran Singasari | mring kang raka ngabêkti | rinangkul sarwi amuwus | bêgja panggih yayi mas | nora nyana awak mami | lamun milu lumêbu ing raka para ||

36. nêngna nagari Mataram | gantya Surakarta nagri | ingkang rayi malih kesah | Pangeran Rôngga ing wêngi | jujug ênggèning baris | Dyan Wiranata Tumênggung | Tumênggung Wiranata | ngatêr maring ing Matawis | enjingira Adipati Pringgalaya ||

37. tur uning jêng sang pamasa | lolosipun ingkang rayi | ngungun kangjêng sri narendra | dhawuh mring anindya mantri | pratela maring loji | Pringgalaya sigra laju | panggih oprup wêwarta | Totlomondo angling aris | kadiparan puniki radèn dipatya ||

38. dene santana kèh mêdal | manawi tan dèn paringi |

--- 10 ---

yatra pasisir punika | saurira dyan dipati | sayêkti dèn paringi | nanging inggih botên cukup | saking abdine kathah | sabine tan wontên prapti | dene sami kalingan mêngsah sadaya ||

39. oprup malih atêtanya | purugipun dhatêng pundi | punapa nusul kang raka | kang lolos enggal puniki | inggih dhatêng Matawis | sami tumut kadangipun | ingkang ambêk santosa | Pangran Arya Mangkubumi | sajatine padha kapengin prakosa ||

40. Adipati Pringgalaya | nauri puniku pasthi | mangke wontên Sidakarsa | pangajêngipun kang baris | pangeran wus tinampi | linajêngkên mring Matarum | orêg wông sanagara | kesahe pangeran kalih | katigane Pangeran Arya Panular ||

41. ribêng tyas jêng sri narendra | kesahe tiga kang rayi | ngraos tiwase kêkadang | nora bisa anyampêdi | kunêng malih winarni | ingkang wontên ing Matarum | Pangran Adiwijaya | sinungan bawah lêlinggih | patang èwu urut ing Gondhang Têmbêlang ||

42. ing Sêmangkak urut Pokak | mangalèr Kopat ing Ngupit | kang rayi parentahira | Jêng Pangeran Sukawati | kang raka dèn aturi | karya pêpatih tumênggung | sutanira punggawa | lumarap kinarya patih | sinung nama Radyan Tumênggung Urawan ||

43. kinèn têngga bawahira | urut Manjung urut Gadhing | Radyan Tumênggung Urawan | ing Manjung apacak baris | kadhang pangran pribadi | asring nêdhaki mring Manjung | wus kathah abdinira | winatawis [winatawi...]

--- 11 ---

[...s] kang prajurit | kawan atus ingkang wahana turôngga ||

44. nêmatus balane dharat | kang têngga anèng nagari | abdinipun pitung dasa | mangkana wau winarni | Jêng Pangran Sukawati | lagya siniwèng wadyagung | para putra santana | kadang kadeyan nèng ngarsi | gya praptane Dyan Tumênggung Wiranata ||

45. laju maring pasewakan | ngirid santana satunggil | kang nama Pangeran Rôngga | Mangkunagara nêdhaki | lajêng nulya dèn irid | praptane ing ngarsa gupuh | nungkêmi ngaras pada | mring Jêng Pangran Sukawati | nulya lajêng ing Pangran Adiwijaya ||

46. suyud kang para santana | ing Pangeran Sukawati | pasthi kukuhing Mataram | karsanira kangjêng gusti | Pangran Rôngga ingêlih | sampun sinungan jêjuluk | Pangeran Purubaya | ing bawahe duk pinikir | ing Pagêlèn badhene kang jinangkahan ||

47. mangkana sami bubaran | pangeran kang lagya prapti | sinungan sangu kewala | kalih èwu Kilènpragi | pêpalihanirèki | Suryakusuma ing dangu | benjang pangran kalihnya | samya Pagêlèn pinanci | pan ing mangke sawontênipun panduman ||

48. wau Pangeran Purbaya | eca ing galih miranti | anata santana wadya | amilih wong Kilènpragi | pan kinarya prajurit | kang wahana kuda satus | kalih atus kang dharat | wus têtêp ingkang umiring | mantrinipun kang agêng sawêg sakawan ||

49. samya pinaringan reyal | ing Jêng Pangran Sukawati | gangsal atus pra

--- 12 ---

santana | dadya agêng ingkang galih | suka kasukan sami | ngabên kêmiri myang sawung | sabên ari tan pêgat | samya angulah prajurit | pan kasaru duka Gupêrnur Samarang ||

50. nama Radèn Jayèngrana | dene ingkang dadya kanthi | Ngabèi Naladirana | prapta ing Ngayogya nagri | Pangeran Adipati | Mangkunagara jinujug | ingaturakên sigra | duta kang saking Samawis | Jêng Pangeran Adipati Sukawatya ||

51. dèrèng karsa manggihana | ngêntosi Pugêr Dipati | ingkang lagya tinimbalan | antawis rong dina prapti | saking gènira baris | Wanatara kilènipun | sawusnya Sang Dipatya | Pugêr prapta ing Matawis | angundhangi santana wadya sumewa ||

52. anuju ing ari Soma | Jêng Pangeran Adipati | Sukawati duk sineba | santana bupati mantri | andhèr aglar apipit | busanane adiluhung | caraka ing Samarang | tinimbalan sampun kèrid | praptèng ngarsa anyaosakên nawala ||

53. alon dènira ngandika | Jêng Pangeran Sukawati | hèh ta sira Jayèngrana | apa ta padha basuki | maksih katon wakmami | duk nèng Surakarta kumpul | sira anèng Samarang | lamun tan kolihan budi | marenea angumpul padha lêlaran ||

54. matur Radèn Jayèngrana | srikutan waspa drês mijil | adhuh gusti kabatinan | paduka kang amba pundhi | mugi paduka gusti | antuk pitulung Hyang Agung | lulus angaubana | ing dasih ingkang kaswasih | mung paduka satriyadi gambuhing prang ||

--- 13 ---

40. Pangeran Mangkubumi jumênêng nata wontên ing Ngayogyakarta, Sinuhun Pakubuwana II sèlèh kaprabon dhatêng putra, Pangeran Dipati Anom.

53. Gambuh

1. punang kintaka katur | wusnya binuka ing wuryanipun | sêrat ingkang winantu puja basuki | saking mitranta satuhu | Tuwan Baron Hogêndhôrôp ||

2. kang jumênêng gupêrnur | anèng nagri Samarang pilungguh | pinasrahan dhêdhak mêrang amis bacin | ngasta bang-bang alum-alum | pasisir Jawa bang êlor ||

3. angrèh wadyabalagung | ing dharatan myang kang anèng laut | waranane Kangjêng Kumpêni ing Indi | kang agung bôndha abandhu | luhur prakoswèng palugon ||

4. kaatura wong agung | kang sinuja wong Jawa sawêgung | musthikaning rajaputra ing Matawis | kang kaonang-onang kasub | prawira widagdèng kewoh ||

5. ingkang sinuhun-suhun | ing wadyagung asêsilih juluk | Jêng Pangeran Adipati Sukawati | senapatining prang pupuh | pramuka jayèngrat kaot ||

6. dhuh sumitra yèn tuhu | darahira Kangjêng Sang Aprabu | Pakubana kang jumênêng ing Samawis | mitrane Kumpêni tuhu | Kumpêni tan nêdya awon ||

7. amung mrih arjanipun | anrus ing kalbu bêbalung sungsum | trah-tumêrah tan nêdya gingsir sadêmi |

--- 14 ---

yèn mitra tan sotah tuhu | saking pitulung tan yêktos ||

8. punapa arsa mêtu | saking darah dalêm sang aprabu | lamun mêdal saking darahing Matawis | nadyan wuwuh sèkêt èwu | wadyabalane kang mungsoh ||

9. ana kang bisa mabur | wong kumpêni datan nêdya mundur | nora susah kinêmbulan ing ajurit | yèn mitra tan arsa anut | ing pangeran kang sayêktos ||

10. ugêr dèn samya tangguh | aja ana mrih dursilèng laku | dene mitra putraning narendra yêkti | nurut lakuning wong gêcul | nganggo watak ora ilok ||

11. iya yèn wus katrucut | môngsa kêna asêsambat besuk | sampun titi tamat panukmaning tulis | duta dhinawahan mundur | aso maring ing pakuwon ||

12. ing wuri sami rêmbug | para santana para tumênggung | Pangran Adiwijaya binobot dhingin | Purubaya kalihipun | kanthine samya miraos ||

13. Pangeran Singasantun | Pangran Mangkudiningrat angumpul | Pangran Mangkukusuma Pangran Suryadi | ingkang milu urun rêmbug | Mangkunagara tan amor ||

14. lan santana sadarum | nanging dadya pramugarinipun | anindhihi sagunge para bupati | Pangran Diwijaya wau | andhingini ing wiraos ||

15. hèh kabèh ariningsun | Ki Purubaya Ki Singasantun | ya Ki Mangkukusuma kakang Suryadi | ing mêngko paran kang rêmbug | aja na simpên dèn êtog ||

16. apa ta kakangamu |

--- 15 ---

bêcik nuli umadêga ratu | walêr sangkêr wong tuwa kang anadhahi | dimène wimbuh misuwur | aja tanggung kang linakon ||

17. gone ingaran mêtu | iya saking ing wilanganipun | sri narendra kang jumênêng ing Samawis | Kumpêni kang wiwit rusuh | karaton Jawa dèn êlong ||

18. pasisir pêthalipun | iku Kumpêni bangêt kaliru | iya têka raka para dèn êbruki | nêpsu dudu bênêripun | ing ujar pangolok-olok ||

19. padhaa kadangipun | ujar puniku arang kang wêruh | ingkang wêruh amung paman Adipati | Natasuma kanthinipun | kalawan pêpatih roro ||

20. Sindurja kalihipun | Pringgalaya liyane tan wêruh | nadyan kadang jêr nora sinung udani | tibane niayanipun | kala dadining palugon ||

21. yèn manira mung iku | para santana gilig kang rêmbug | ingkang pinrih amung adêging narpati | dhawahing wilalatipun | kang para santana golong ||

22. alon dènira muwus | Jêng Pangeran Diwijaya wau | mring kang putra Pangeran Mangkunagari | paran ki lurah sirèku | wong tuwamu kabèh golong ||

23. pangeran nolih pungkur | paman Pugêr paran ingkang rêmbug | miwah paman Dipati Suryanagari | Jayaningrat malihipun | Suranata môngsa borong ||

24. miwah para tumênggung | sadaya padha uruna atur | rama Adiwijaya karsane mangkin | mupakat sakadangipun | padha ngadêgakên katong ||

25. Dipati Pugêr matur |

--- 16 ---

yèn sampun bênêr pikir puniku | jinurungkên ing akèh sayêkti bêcik | kêlandhungên mênèk gabug | utama kang cêkak aos ||

26. lah paran cacadipun | ing mangke mungguh madêga ratu | pra pangeran santana wus kumpul sami | sampun asugih tumênggung | tur tumênggung padha bobot ||

27. dipatine wus agung | sêmbada lawan sabalanipun | nora kadi Sultan Dhandhun Martèngsari | bature lagya rongatus | angêmping jumênêng katong ||

28. sagone dèn bêburu | ngandêlakên biyung Nyi Ra Kidul | nadyan silih ibu Dèwi Kuraisin | yèn tingkahe nora pêcus | ing ayuda nora jegos ||

29. môngsa na gêlêm gugu | ratu wêdi prang tan duwe batur | suka gumyak gumujêng kang pra bupati | Mangkunagara gumuyu | ngakak sarwi matur alon ||

30. mring rama dhuh pukulun | paran sadaya punika sampun | anut rêmbag ing raka paduka sami | tan wonten salayèng kalbu | gulung-gumêlêng agolong ||

31. paduka madêg ratu | santana putra para tumênggung | samya gilig ing rêmbag sampun mantêsi | jeng pangeran ngandikarum | sun bangêt sukur Hyang Manon ||

32. kakang mas karsanipun | miwah si adhi sadayanipun | sun tarima prasêtyane mara mami | nanging ta tyas ingsun kulup | sumarah karsèng Hyang Manon ||

33. ya pirabara besuk | yèn ing mêngko durung darbe kayun | lamun misih jênênge Jêng Sri Bupati | Surakarta kakang prabu | tan [ta...]

--- 17 ---

[...n] pisan cipta mangkono ||

34. balik ta layang iku | kayapriye angsul-angsul ingsun | pan sadaya aturipun kang tinari | sumôngga karsa pukulun | jêng pangeran ngandikalon ||

35. iya pikirên kulup | Mangkunagara lan sakancamu | iya padha gawea rèngrèng pribadi | sun pundhut êndi kang patut | sayêktine kang sun anggo ||

36. ana têngahanipun | ana kang dhadha miwah ing gulu | ana dadi rong kêcap tinampèn ugi | ana tigang kêcapipun | ana dhuwur ana ngisor ||

37. kang ngisor pisan iku | dadi wêkasan pan rèngrèngipun | kangjêng gusti pangran dipati pribadi | gya Sindusastra Tumênggung | kinèn karya srat wus dados ||

38. wuryaning srat sul-angsul | pèngêt iki iya layang ingsun | Jêng Pangeran Adipati Sukawati | senapatining prang pupuh | pramuka jayèng palugon ||

39. kanthi puja mawantu | maring Tuwan Hondhorêp Gupêrnur | waranane sagung radpêni ing Indi | kang angrèh wadyabalagung | anèng Samarang pilunggoh ||

40. wiyose twan gupêrnur | luwih karêpe gonira muwus | angarani iya karêpmu pribadi | nanging sun tan nêdya mêtu | ing wêwilanganing tabon ||

41. trah Pakubanan ingsun | tan karya cacad sariraningsun | lawan ora amrih cidra ing Kumpêni | malah dèn cidrani ingsun | marang sira Hogêndhorop ||

42. kèh-akèh ujar ingsun | pan sakèhe

--- 18 ---

ya panggaweningsun | saka sira Hondhorêp kang mratikêli | sun dhingin darma lumaku | barang rèh saka Hondhorop ||

43. sun ora duwe catur | mapan kawakan marang gupêrnur | titi tamat èsthining tyas kamot tulis | tinimbalan dutanipun | prapta pinaring pasangon ||

44. pinaring srat wêwangsul | caraka pamit saha wotsantun | Jayèngrana mêsat saking ing Matawis | lêlancaran lampahipun | ing marga tan winiraos ||

45. Samarang praptanipun | kang surat katur marang gupêrnur | wus tinampèn juru basa anupèksi | saartine sêrat katur | marang Gupêrnur Hondhorop ||

46. kêju tyas dhêlêg jêtung | kaku tyasira lajêng rawat luh | animbali bupati Kêndhal piniji | Singawijaya Tumênggung | prapta ngarsane Hondhorop ||

47. alon dènira muwus | sun jaluk tumbak kyai tumênggung | wolu bae irêng godhi mas gêrandim | sopakên salaka iku | tumbak padha sapit abon ||

48. Tumênggung Kêndhal sampun | ngaturi tumbak marang gupêrnur | pra bupati pasisir dipun pundhuti | jangkêp tumbak patang puluh | bingung tyasira Hondhorop ||

49. magange pitung puluh | cinara Jawa panganggènipun | sabên dina ingulig pratingkah jurit | gupêrnur kaku tyasipun | kadya ge apêrang popor ||

50. sadaya pra tumênggung | dhinawuhan ywa ana katungkul | pra bupati ingkang nagarane cilik | duwea pêpati satus | ingkang [ing...]

--- 19 ---

[...kang] gêdhe têlung mono ||

51. kunêng ta kang winuwus | nagri Mataram ingkang mêmangun | ngêlar-êlar jajahan môncanagari | ing pasisir kang dèn ikut | Dipati Pugêr kang kinon ||

52. Pangran Purbaya wau | nagri Pagêlèn kang kinon mukul | Pangran Suryadikusuma kang kinanthi | Mangkusuma rowangipun | bupati dhandhang prang pupoh ||

54. Dhandhanggula

1. ing Mataram bupati kêkalih | Janapura lan Jayanagara | wontên sèwu prajurite | pangran katiganipun | wontên kalih èwu prajurit | wus nabrang Bagawônta | wong desa kèh nungkul | bawah Pagêlèn sadaya | kang kamargan lampahe sagunging baris | wau para pangeran ||

2. kinèn karya pêpatih bupati | sawarnine kang para santana | wus pinarentahan kabèh | sami patih tumênggung | kang wus sugih wadya prajurit | Pangran Purbaya karya | pêpatih tumênggung | anama Tirtanagara | Pangran Mangkukusuma ingkang pêpatih | Tumênggung Mangkudirja ||

3. pêpatihe Pangeran Suryadi | nama Tumênggung Manggalagita | wus sami kathah balane | Pagêlèn pinartêlu | kang sapalih pangeran siji | Pangeran Purubaya | kang sapalihipun | pinalih kalih pangeran | Pangran Mangkukusuma Pangran Suryadi | mangkana dènnya minta ||

4. dene mêngsah Kêdhu kang jagèni | Radyan Dipati Suryanagara | mantri Mataram tindhihe | Môndaraka Tumênggung | Wiradigda kang dadya kanthi | Dipati Jayaningrat | sawadya Matarum |

--- 20 ---

duk punika cinarita | wuwuh-wuwuh wadyabalane Jêng Gusti | Sukawati wus lêksan ||

5. nanging dèrèng jumênêng narpati | rakit-rakite sampun tinata | kadya ratu prabawane | wong Surakarta kèlu | kathah kesah dhatêng Matawis | wadyanya sri narendra | miwah wong kang nganggur | para mantri wus akathah | ingkang kesah suwita anèng Matawis | kathah minggah punggawa ||

6. cinarita kangjêng sri bupati | ribênging tyas ginagas amaras | tinilar para kadange | kang rayi wus misuwur | jêng pangeran ing Sukawati | balane wus alêksan | tanah Jawa suyud | pasisir môncanagara | kèh suwita para kadange bupati | kathah anèng Mataram ||

7. dadya gêrah kangjêng sri bupati | sasi Sawal lèk kaping sadasa | wau tibane gêrahe | langkung ing santêripun | grah sarira tan dhahar guling | supe purwa duksina | kangjêng sang aprabu | wêwah tan sagêd bobotan | malah kongsi dumugi ing kalih sasi | pan dèrèng karsa dhahar ||

8. Adipati Pringgalaya pikir | lawan oprup nimbali Sindurja | kang anèng Trayêm barise | kalawan patihipun | Pringgalaya ingkang tinuding | bêkta srat mring Samarang | mêsat kang tinuduh | Ngabèi Pringgawicitra | tan kawarna ing margi praptèng Samawis | wus katur suratira ||

9. wus tinampan surating dipati | mring gupêrnur prêlu sung tupiksa | yèn gêrah dalêm sangête | gupêrnur tanya gugup | iya pira prapta ing mangkin | lawase sri narendra |

--- 21 ---

tan bobotan mau | nauri Pringgawicitra | inggih tuwan sampun tiga têngah sasi | kagyat gupêrnur lingnya ||

10. iku mungguh lamun wong Kumpêni | nora bêbuwang sapuluh dina | pasthi yèn bosok wêtênge | nuli kabanjur lampus | wus muliha sun liya ari | lagi amundhut ingwang | Sampang limang atus | sun arsa gitik Mataram | sisan gawe Pringgawicitra nulyamit | gupêrnur gya utusan ||

11. pan kasaru caraka kang prapti | saking Batawi nimbali marang | tuwan gupêrnur ge-age | prapta Batawi sampun | sarêng Amral Tênangkus nguni | jendral kalangkung duka | dorane kang atur | de Pangran Mangkunagara | maksih urip malah ambêdhah Matawis | Mayor Por lawaning prang ||

12. dhihin angaturkên sirah kalih | apratela mustakèng Pangeran | Mangkunagri myang arine | Pamot aprang kapupu | jendral mangke arsa mundhuti | gupêrnur kang pangwasa | pangrèhe wadyagung | myang sagunge parentahan | jinabutan ature para radpêni | sayêkti pinariksa ||

13. sampun prapta ngarsane radpêni | sami andhawuhakên dêduka | dene dora ing ature | sirah kêkalihipun | mangke ingkang winastan mati | maksih urip sadaya | kumpul nèng Matarum | Mayor Por lawane aprang | dadi sira Hondhorêp kêna bilai | gupernur aturira ||

14. kula nguni inggih anglampahi | ingkang parentah jêng tuwan jendral |

--- 22 ---

mukul mêngsah nyirnakake | Mangkunagara wau | sakadange kula lurugi | lan kula tinindhihan | pun Mayor Tênangkus | ambêbujung saênggènnya | duk kacandhak Papringan rame ajurit | mungsuh rowang kèh pêjah ||

15. wontên kalih kang pejah apêkik | loking kathah kang pêjah pangeran | wong Jawa sami ature | mila mustakanipun | amba tigas katur mariki | ing mangke yèn dedea | sumôngga pukulun | amba datan manakawan | dèrèng uning mring Pangran Mangkunagari | miwah dèrèng kêkancan ||

16. pae Pangran Arya Mangkubumi | lami kêkancan lawan kawula | môngsa panglinga warnane | mêngsah sawadyanipun | apan sami risaking jurit | aprang lawan kawula | suh sirna sadarum | upami sampun wontêna | pangungsène mring Pangeran Mangkubumi | môngsa dadak thukula ||

17. sagêdipun madêg baris malih | Mangkubumi ingkang ingayoman | mangke mungsuh sakathahe | wus manjing balanipun | Jêng Pangeran Amangkubumi | kang tan purun kabala | Buminata mantuk | kabala mring Surakarta | kabèh samya kawêngku ing Mangkubumi | bapa babuning mêngsah ||

18. rêrêp sirêp sagung rad Kumpêni | sami matur ing gurnadur jendral | sampun pinanjang raose | cinupêta rumuhun | ngrêregoni pikir ing mangkin | Mangkubumi angrêbda | kang raka Sang Prabu | Raja Surakarta gêrah | twan gupêrnur ingapura dèn dhawuhi | maring gurnadur jendral ||

19. ingkang dadya karsaning Kumpêni |

--- 23 ---

winuwuhan pangawasanira | sinrah kabèh rêruwêde | bumi Pajang Matarum | yèn kalajêng surud sang aji | ywa nganggo wancak driya | kang pantês jinunjung | jumênênga naradipa | amung Kangjêng Gusti Pangeran Dipati | Anom Mangkunagara ||

20. têlas dhawuh gupnur mangkat aglis | tigang dina praptane Samarang | nuju antuk angin gêdhe | lajêng samapta sampun | kang prajurit Madura prapti | Dyan Carang Môndhalika | pangiriding laku | lan Brajapati sosoran | limang atus prajurit kang dèn tindhihi | binêktèng Surakarta ||

21. wus budhalan saking ing Samawis | langkung kathah bêktaning gêgaman | Kumpêni Bali Bugise | pra bupati tut pungkur | kunêng ingkang lagya lumaris | wuwusên ing Mataram | ngumpulkên wadyagung | para santana kang kesah | kang angêlar jajahan wus dèn timbali | miwah kang pra bupatya ||

22. Adipati Pugêr prapta malih | lawan Adipati Surakarta | lan Bupati Balorane | ing Jagaraga Warung | miwah Jipang ingkang sapalih | Dêmak sapalih prapta | Pathi Cêngkalsèwu | pakumpulan pagunêman | ing gêrahe kang raka jêng sri bupati | têlik tugur sadaya ||

23. ingkang wontên Pagêlèn wus prapti | tanah Pajang santana punggawa | sami prapta sadayane | têlik sadaya wau | ing sadina rong dina prapti |

sami ngaturkên warta | matur inggih lamun | gêrah dalêm sri narendra | sampun lami santêr datan arsa bukti | andinagung kantaka ||

--- 24 ---

24. tuwan gupnur winuwus mèh prapti | wus utusan marang Surakarta | yèn dina Rêbo praptane | dene kang arsa mêthuk | kangjêng gusti pangran dipati | Dyan Ayu Pringgalaya | dadya kanthinipun | sampun angundhangi bala | duk puniku wong Surakarta kèh malih | prapta samayan dina ||

25. kanjêng gusti budhal wanci enjing | miwah Radèn Ayu Pringgalaya | gumuruh wadyabalane | bupati ingkang mêthuk | Pakuningrat jêro kêkalih | kalih bupati jaba | numbakanyar sèwu | praptanira nèng Kaleca | twan gupêrnur pêpanggihan lan Jêng Gusti | Anom Mangkunagara ||

26. miwah radèn ayu adipati | têtabean tan dangu gya budhal | nunggil rata katigane | tansah nglirik gupêrnur | marang kangjêng pangran dipati | gêrahe ingkang soca | katon sênggangipun | dangu-dangu atêtanya | gêrah tuwan punapa tan kraos malih | nauri jêng pangeran ||

27. botên wontên kang karaos malih | gupnur langkung sukane kang manah | prapta ing loji lampahe | angaso enjingipun | badhe laju sowan mring puri | jêng gusti ingaturan | kondura rumuhun | sumados enjing lêbêtnya | dene wau gêrah dalem sang siniwi | panggêng santêr kewala ||

28. kangjêng gusti gya kondur mring puri | sang anindya mantri karo samya | tugur anèng pura bae | samana samya mêtu | amanggihi Gupnur Samawis | sawusnya jawat asta | lajêng tata lungguh |

--- 25 ---

gupnur tanya gêrah nata | amangsuli wau dipati kêkalih | taksih panggêng kewala ||

29. langkung ngungun Gupêrnur Samawis | dangu-dangu gupêrnur têtanya | mring Dipati Sindurjane | sintên sudara tuduh | anindhihi sagung kang baris | ingkang sudara tilar | Sindurja sumaur | bupati kang kula

patah | Dyan Tumênggung Kartanagara akanthi | Tumênggung Mangkupraja ||

30. gupnur manthuk inggih wus prayogi | Kartanagara lan Mangkupraja | yêkti pantês ing gawene | wusnya dalu gupêrnur | patih kinèn wangsul mring puri | sinigêg Surakarta | gantya kang winuwus | yêktine sarêng kang lampah | nanging ingkang carita kinarya gênti | nagari ing Mataram ||

31. têlikipun ingkang sami prapti | samya angsal pawarti waspada | lamun kang raka gêrahe | inggih kangjêng sang prabu | saya wêwah sangêt ing mangkin | sarira langkung risak | tangèh lamun lulus | gunêm sagunging santana | pra bupati sadina-dina agilir | anèng Mangkunagaran ||

32. sami rêmbag amêksa ngaturi | mring kang rama jumênênga nata | wus gilig kabèh rêmbuge | santana pra tumênggung | Pangran Mangkunagara ngirid | praptanirèng ngajêngan | sarêng aturipun | Pangeran Adiwijaya | Pangran Purubaya Pangran Singasari | Pangran Mangkukusuma ||

33. lawan sagung kang para bupati | jêng pangeran pinaksa ing kathah | manthuk alon timbalane | pêpaka sesuk-esuk | iya padha matêngkên pikir | mengko payo bubaran | sarêng awotsantun |

--- 26 ---

jêng pangeran sapraptanya | ing dalême kang bibi dipun aturi | bibi wau kawula ||

34. dipun pêksa sami dèn aturi | madêg nata mring para santana | miwah pra bupati babèh[3] | nauri ingkang ibu | dhuh pangeran kadosa pundi | pakone para kadang | tuwin punggawagung | lamun bandara nampika | nampik wahyu dadya durakèng Hyang Widi | karya masguling kathah ||

35. raka paduka kang wontên ngriki | Kangjêng Pangeran Adiwijaya | gêntine bapa yêktine | sakarsane tinurut | pangran nabda makatên bibi | kang bibi wuwusira | gih-gih sampun-sampun | ila-ilaning wong kuna | anut maring kadang tuwa ambrêkati | awit gêntining bapa ||

36. Kangjêng Gusti Pangran Sukawati | dadya èmêng tansah rinarasa | sadalu muput tan sare | anèng panêpèn nêkung | ngêningkên tyas angèsthi Widi | anêgês karsaning Hyang | Kang Murwèng Pandulu | wontên ambêk kang linakyan | sarengate narpati kataman ing sih | abiprayaning driya ||

37. wontên astha kapastha dèn èsthi | trustha muka kaèsthi ing ôngga | gumiri-giri gora rèh | gora-godha gumuruh | girayasên sihing dumadi | dadya dede dinalan | katula kalantur | punika kang pinaryitnan | bêbukane bêbèka ngalang-alangi | langêning karaharjan ||

38. ngraos wontên ingkang dipun èsthi | yèn kalakon jumênêng narendra | janji marang pêpatihe | miwah punggawanipun | byar

--- 27 ---

raina pangeran mijil | pinarak ing pandhapa | animbali gupuh | Pangeran Mangkunagara | angirida pra santana myang bupati | pangran praptatur sêmbah ||

39. sampun aglar santana bupati | angandika alon jêng pangeran | kulup rèhning wus karsane | sakèhing kadang ingsun | miwah ingkang para bupati | bakal junjung maringwang | jumênênga ratu | ingsun mung anut kewala | nanging padha dèn maklum myang angawruhi | barang rèh kaluputan ||

40. dene ratu asabèng wanadri | Pangran Mangkunagara sumôngga | santana pra bupatine | prasamya saur manuk | jêng pangeran ing Sukawati | kulup padha rasakna | dina sesuk-esuk | iya tanggal ping sapisan | sasi Sura anuju ing taun Alip | iku gon jumênêngan ||

41. nanging nora nuju Sênèn Kêmis | tanggal sapisan dina Jumuah | payo rêmbugên ing mangke | santana wus sarêmbug | miwah sagung para bupati | matur yèn sêpuh tanggal | lawan dintênipun | marma santana bupatya | abipraya jumênêng Jumuah ari | tanggal sapisan Sura ||

42. jêng pangeran uga wus anggalih | badhe patih pangulu myang jaksa | sarêng sadintên adêge | jêng pangran nulya kondur | Pangran Mangkunagara mijil | lawan sagung santana | tuwin punggawagung |

lajêng dhatêng pondhokira | Pangran Mangkunagara sagung bupati | pra santana rêmbagan ||

43. pangran dhawuh kinèn animbali | para pradikan ing tanah Pajang | Kudanawarsa ge-age | umêsat dutanipun | kang

--- 28 ---

nimbali pradikan sami | ing wong Galan Kajoran | ing Pacalanipun | Majasêm Konang Têmbayat | Kêmbangarum Pasucèn Astana Wêdhi | nadyan dalu praptaa ||

44. ingkang tanah Mataram prasami | kinèn sowan enjinge kewala | wus samya matêng rêmbuge | ing dalu tan winuwus | enjing sagung kang pra dipati | seba bêkta barisnya | sagung pra tumênggung | miwah kang para santana | sabarise nèng alun-alun ngèbêki | pan kadya garêbêgan ||

45. wiyosira Pangran Sukawati | sampun kadya kanthining narendra | kaprabon upacarane | asamêkta sadarum | kang ampilan anganan ngering | upacara karajan | kang praba ngênguwung | dene jroning panangkilan | pra santana bupati panèwu mantri | wus pêpak ambalabar ||

46. sapraptane ing wangun pangrawit | lênggah anèng ing amparan dênta | Pangeran Rôngga kilène | myang Pangran Kadilangu | munggèng kursi jajar alinggih | Sayid Ngabdulrahêman | kang kapindha oprup | Pangeran Mangkunagara | kinêjepan ngadêg lère Tuwan Sayid | sigra dènnya dhang-undhang ||

47. yèn kang rama umadêg narpati | nama Susunan Pakubuwana | Senapati Ngalagane | iya Ngandurahman Nur[4] | Sayidina Panatagami | ingkang tuhu narendra | mandhirèng amêngku | talatahing nuswa Jawa | saur manuk sagunge ingkang sumiwi | pradikan samya donga ||

48. munggang kodhokngorèk samya muni | gya binarung drèling wadyabala |

--- 29 ---

sinauran mriyêm gêdhe | kadya giri gumuntur | gêtêr patêr anggêgêtêri | wusnya kèndêl sadaya | pakurmatan wau | sang madêg nata dhêdhawah | kang kinarya patih ngiras senapati | Pangran Mangkunagara ||

49. patih kuwasa amisesani | bang-bang alum-alum nagri kasrah | kang kinarya pangulune | Ki Ngabdullah duk wau | pan mardika Astana Wêdhi | gêng luhur asambada | sinungan jêjuluk | Ki Pangulu Dipaningrat | lawan malih Ranawijaya Ngabèi | ingkang kinarya jaksa ||

50. wus jinunjung apangkat bupati | nama Tumênggung Sasmitasastra | sawusira dhawuhake | kondur wau sang prabu | kanthèn asta lan Tuwan Sayid | Sayid Ngabdulrahêman | dadya ipenipun | tinariman naking-sanak | putri Kablitaran antuk Tuwan Sayid | srimanganti duk prapta ||

51. nolèh dhawuhakên animbali | Pangran Dipati Mangkunagara | santana pra bupatine | gandhèk dhawuhkên sampun | pra pangeran patih bupati | kèrid tumamèng pura | lajêng sang aprabu | pinarak anèng pandhapa | andrawina lan sagung para bupati | miwah para pangeran ||

52. pra panèwu mantri kang nèng jawi | pinaringan saking jro jodhangan | anggili dangu pêdhote | kang dhatêng masjid Agung | pira-pira jodhangannèki | kèndêle pra pradikan | nèng surambinipun | prasami angêpung ajad | kongsi surup wau bubare kang baris | wêdale pra bupatya ||

53. nêngna ingkang

--- 30 ---

sampun madêg aji | gantya malih nagri Surakarta | Gupnur Hondhorêp praptane | pan sawêg tigang dalu | Pangran Buminata manggihi | rintên dalu kewala | mring gène gupêrnur | akathah wêwadulira | kapracaya mring gupêrnur dèn trêsnani | pan wus antuk pangêbang ||

54. kala gupnur duk manjing jro puri | sri narendra tan sagêd pinarak | sampun cat èngêt cat supe | gupêrnur lêbêtipun | patih kalih samya umiring | ingkang têngga sang nata | kang rayi sang prabu | Kangjêng Ratu Madurêtna | wong lanange Saradipa Ki Ngabèi | lawan Ki Wirajaya ||

55. gupnur prapta lênggah marêpêki | sri narendra datan angandika | gupêrnur sru ing ature | dhuh-dhuh kangjêng sang prabu | gêrah tuwan paran ing mangkin | yèn sampun tan kabangkat | inggih sang aprabu | aluhung nuntên pasraha | kraton tuwan dhatêng putra paduka ji | pangeran adipatya ||

56. mupung tuwan maksih amêningi | jênêngipun putra padukendra | sang nata ririh dhawuhe | lah sapa kowe iku | gupnur alon dènnya nauri | pun Hondhorêp kawula | ya ta sang aprabu | astanya arsa ngrangkula | nora gadug sarwi waspanya drês mijil | gupnur asalênggrukan ||

57. karêrantan kalane umiring | sri narendra duk bêdhah Pacina | lara-lapa dèn tutake | praptèng bang wetanipun | pirang warsa nabrang ing wukir | mangkya sang nata arsa | andhingini surud | kondur jaman kalanggêngan | Ratu Madurêtna anyandhing ing kering |

--- 31 ---

ngemutakên kang raka ||

58. ing ature gupnur wanti-wanti | sri narendra gya èngêt wardaya | ririh dhawuh andikane | gupêrnur iya sukur | dene sira têka pribadi | prakara sutanira | ki dipati iku | ya môngsa bodhoa sira | sadurunge sauwise pasrah mami | iya marang ing sira ||

59. lajêng kèndêl tan ngandika malih | gupnur mêdal wus eca kang manah | mung ngantos pêndhak enjinge | gupêrnur samêkta wus | ingkang prabot saking Batawi | wêlinge tuwan jendral | kalamun gupêrnur | jumênêngakên narendra | kinèn ngangge kagunganipun kulambi | miwah têkên karajan ||

60. têkên bludru pinasmèn rêspati | wujudipun têkên gêng jababah | wusnya ngrasuk busanane | karya gêtêr kang dulu | kadya Trajutrisna Narpati | Prabu Narakasura | ing pasêmonipun | dalu takèn Endranata | pratingkahe wong agung Mataram nguni | yèn ingadêgkên raja ||

61. enjing gupnur lumêbêt ing puri | dina Sênèn enjing ping sakawan | Sura Alip ing taune | sapraptane kadhatun | angaturi mring kangjêng gusti | nuli kêkampuhana | upacaranipun | para paman pinundhutan | pra santana kang pinatah ngampil-ampil | kadi adat kang rama ||

62. wus samêkta kaprabon narpati | kangjêng gusti miyos magêlaran | gupnur nganti nèng kanane | ngiring ampilan prabu | orêg sagung wadya jro mijil | miwah wong kadipatyan | kang miyat supênuh |

--- 32 ---

sapraptaning panangkilan | wus pinarak lan gupnur jajar nèng kursi | dhampar nganggur sakêdhap ||

63. gupnur angling hèh Radyan Dipati | Sindurêja miwah Pringgalaya | pra santana sadayane | lawan wadyabalagung | pra bupati kaliwon mantri | padha miyarsakêna | yèn mangke sang prabu | sèlèh karaton maringwang | wus amundhut nama Ki Agêng Matawis | marma talatah Jawa ||

64. ing samêngko ingkang angratoni | ya manira yèn ana malanga | têkakêna padha mangke | sadaya padha dhingkul | pra santana patih bupati | wontên satêngah êjam | angadêg gupêrnur | malih dènnya undhang-undhang | miyarsakna hèh patih para bupati | miwah kang pra santana ||

65. lamun wong gêdhe-gêdhe Bêtawi | tuwan jendral ngadêgakên raja | Pangeran Dipati Anom | sarta pangwasanipun | linuwihkên ing nguni-uni | jêjuluking narendra | ya ingkang Sinuhun | Jêng Sunan Pakubuwana | Senapati Ngalaga Ngabdurrahmani | Sayidin Natagama ||

66. tata pandhita rasaning bumi |[5] nulya jinunjung sang madêg nata | anglênggahi dhêdhampare | munggang gya munya umyung | drèl sanjata awanti-wanti | mriyêm gêng magêlaran | munya ting jalêgur | prajurit Walônda uga | urmat êdrèl sanjata mriyêm nauri | gumlêgêr ngombak-ombak ||

67. ki pangulu ngulama myang kêtib | juru suranata myang pradikan | andêdonga wilujênge | mring kang jumênêng ratu | patih kalih lan pra bupati | majêng ngabêkti

--- 33 ---

samya | ing kangjêng sang prabu | prapta kaliwon warata | jêngkar saking paglaran jêng sang siniwi | têdhak loji samana ||

68. rawuh dalêm anèng jroning loji | lênggah dhampar patih kalih ngarsa | banjêng pra bupati kabèh | sang nata sigra dhawuh | Buminata kang saking wukir | sinung nama pangeran | dipati kang lungguh | tigang èwu kathahira | lan minôngka senapatining prajurit | nulya kang pra santana ||

69. Adinagara Danupayèki | Pangran Ngabèi Arya Mataram | samya pinundhut dhuwunge | pinurugakên sampun | marang gêdhong paresan sami | gêdhong gêdhe wetannya | samya munggèng bangku | Pangeran Adinagara | angandika mring kang raka mring kang rayi | iki lêlakon apa ||

70. ingkang ala têka dadi bêcik | ingkang bêcik têka dadi ala | ingkang raka gèdhèg bae | ingkang rayi andhêku | Pangran Adinagara nuli | animbali ajidan | Jungkur praptèng ngayun | pangeran alon ngandika | iya Jungkur matura gupêrnur aglis | sun iki takon dosa ||

71. Jungkur dhêku sigra matur aris | tinêmbungkên wêlinge pangeran | tuwan pra pangeran mangke | sami awêling atur | milanipun sami nglampahi | ingkang kados punika | paran dosanipun | dene tan rumaos dosa | pun ajudan Jungkur sampun dèn bisiki | mring gupnur wangsul sigra ||

72. praptanira anjujug ing wuri | wurinira Pangran Dinagara | pan sampun dèn lairake | dhawuhe tuwan [tuwa...]

--- 34 ---

[...n] gupnur | botên dosa tuwan prasami | nanging gupêrnur karsa | angrêsiki mangun | kaarjaning tanah Jawa | sami kadang paduka ingkang nanggupi | ngradin sirnaning mêngsah ||

73. nanging minta paduka ywa kèksi | ngrêrubêdi lan adamêl taha | tan wontên malih-malihe | mèsêm lajêng gumuyu | mèncêp sampun mupus ing galih | ngandika jêr ku apa | dene ta kumênthus | marmane kasurang-surang | tunggal lawan kakangane Mangkubumi | nora sudi kanggonan ||

74. èpèh nyêrwètèh mungil ngêruwil | Mangkubumi kang akèh dèn eman | kang siji dèn singgahake | kang rayi aturipun | Jêng Pangeran Arya Matawis | inggih botên kadosa | kadadosanipun | têka makatên punika | mila kula atur paduka rumiyin | nyana mêmantunana ||

75. gya ladosan minuman sumaji | wancinipun wus pukul sawêlas | tuwan gupnur parentahe | pangran sakawanipun | sampun sami susah ing galih | inggih nêdya punapa | wong pinrih rahayu | ayêm tyas pangran sakawan | adhêdharan pan sami aminum sopi[6] | wau jêng sri narendra ||

76. andhawuhkên bupati ingalih | Pangran Pakuningrat marang jaba | pan dadya bupati gêdhe | gêdhe ngalih lumêbu | inggih dadya kaparak keri | Radyan Nitinagara | punika dèn lungsur | sami ipe sisihana | ingkang têngên Sasrawijaya wus lami | nama Sasradiningrat ||

77. Radyan Tumênggung Kartanagari | lêt sawarsa nênggih [nêng...]

--- 35 ---

[...gih] lungsurira | Sasradiningrat ngalihe | bupati kalangipun | Wirarana ingkang nglênggahi | duk nalika Dyan Sasra- | diningrat pinundhut | antuk Dyan Ajêng Kaluwak | Ki Ngabèi Surajênggala kinardi | tumênggung ing Mataram ||

78. Jawinata ingkang dèn gêntèni | nama Tumênggung Surajênggala | têlas wau timbalane | upêsir pra tumênggung | nutug samya sukanirèki | kasaru praptanira | caraka Matarum | tinimbalan maring ngarsa | mring gupêrnur caraka sru turirèki | tuwan kula dinuta ||

79. Kangjêng Gusti Pangran Mangkubumi | mundhut idin dènnya madêg nata | duk tanggal ing sapisane | Jumuwah dintênipun | gupnur asru dènnya nauri | nora ngidini ingwang | pan tuwan gurnadur | wus angadêgakên raja | nora nana ing Jawa ratu kêkalih | mung siji Surakarta ||

80. jêng pangeran dipati ing mangkin | wus ingangkat ratu kinawasa | ngluwihi rama eyange | punang caraka muwus | inggih nadyan dika kiyai | tan arsa ngidinana | parandene sampun | nolah-nolih dènnya ngucap | mèsam-mèsêm kadi wong dhêngglêng sayêkti | mandêlo dulerengan ||

81. tuwan gupêrnur akèn nakèni | ya wong apa lungguhe ing kana | kang tinakon lon saure | Patradipa ran ingsun | Bêkêl Ngêmbêl sawah sakikil | prandene nora beda | kongkonan tumênggung | gumêr wong gumuyu latah | patih kalih lan sagung para bupati | tuwin upsir sadaya ||

82. tuwan [tu...]

--- 36 ---

[...wan] gupnur gumujêng dènnya ngling | iya kakang Ngêmbêl Patradipa | nuli muliha dèn age | nora ngidini ingsun | Patradipa asru dènnya ngling | lah gèh amit-amitan | gumêr wong gumuyu | lagi ngadêg pinaringan | kêton rolas gumuyu dènnya nampèni | olèh kêbo sapasang ||

83. gumêr malih kang samya miyarsi | Patradipa malih wuwusira | aloma Walônda kuwe | wus lajêng lampahipun | Dyan Dipati Sindurja nuli | tinimbalan mangarsa | gupnur lon amuwus | dyan dipati kadiparan | kengkenane Pangeran Amangkubumi | Dipati Sindurêja ||

84. anauri gih tuwan puniki | Pangran Mangkubumi luwih guna | kongkon othe-othe bae | kang kinongkon wong pêngung | growal-growal dènira angling | gupêrnur lon wuwusnya | tan kula paèlu | nadyan gawea têtawa | sasukane anganggêpa rare cilik | môngsa anglabêtana ||

85. lamun durung iya pelor mami | dadi banyu miwah dadi lêmah | sêdhih tan ana gunane | sasukane sun turut | Mangkubumi kêkancan mami | marma kalawan ingwang | langkung purunipun | anganggêp sawiyah-wiyah | nora bêsèt tibane ing awak mami | pama rare kewala ||

86. sri narendra andhawuhkên malih | sutanira Radèn Pringgalaya | Pringgadipura namane | sinêngkakkên ngaluhur | pan pinacak dadya bupati | agêng pinaring nama | Rahadyan Tumênggung | Pringgadiningrat sawusnya | satêngah nêm kondur

--- 37 ---

ngadhaton sang aji | pra bupati bubaran ||

87. jumênênge kangjêng sri bupati | ingkang rama mêningi nêm dina | ing malêm Akad surude | wanci satêngah wolu | layon dalêm jêng sri bupati | sinarèkkên Nglawiyan | gupnur rêmbagipun | sawusira tigang dina | gupnur mantuk sande dènira ngawaki | amukul ing Mataram ||

41. Wadyabala Kumpêni ngungsir Pangeran Mangkubumi, campuh wontên ing rêdi Tidhar, lajêng madêg karaton ing Kabanaran.

88. Kangjêng Ratu Madurêtna mangkin | pan sinuhun kondur mring Samarang | sang nata amaringake | sarêng lawan gupêrnur | sapraptane nagri Samawis | gupnur nulya utusan | tur sêrat sang prabu | surasane pra pangeran | kapat pisan sinuhun ingkang tumuli | praptane ing Samarang ||

89. myang prajurit Madura anuli | sinarêngna lan Surajênggala | ngumpul baris Tarayême | ri sampunnya sang prabu | anupiksa raosing tulis | sigra amatah wadya | ngatêr lampahipun | para pangeran sakawan | sapraptane anèng Samarang nagari | linajêngkên binucal ||

90. maring Selong winuwusa malih | sri narendra sampun adhêdhawah | wong Madura sadayane | barisa Trayêm ngumpul |

--- 38 ---

têtindhihe ingkang prajurit | Dyan Carangmôndalika[7] | pêpulunanipun | pramèswarining narendra | duk samana radyan pinaringan putri | miwah arta busana ||

91. budhal Surajênggala angirid | gangsal atus prajurit Madura | prapta Tarayêm lampahe | sarêngan praptanipun | bantu ingkang saking Samawis | tigang atus Walônda | Bali Bugisipun | nênggih kapitan sakawan | kawan atus badhe mukul ing Matawis | tan winarna ing marga ||

92. sapraptane ing Tarayêm baris | eca tyase prajurit kang lama | dene prapta bêbantune | tuwuh sudiranipun | rêmbagira kang para tindhih | badhe gitik Ngayogya | nganti pra tumênggung | kang amêpêk sikêp tundhan | kunêng malih Ngayogya ingkang winarni | dadèkakên parentah ||

93. Pangran Purbaya Pangran Suryadi | lawan Pangeran Mangkukusuma | wus budhal marang Pagêlèn | dene bupati bantu | Jagaraga Janapurèki | kang ngilèn ngalèr marang | Tarayêm bêbedhung | Dipati Suryanagara | Môndaraka Wiradigda lawan malih | Radyan Jagaulatan ||

94. mantrinira Pangeran Dipati | Mangkunagara Jayaangkatan | ing tanah Pajang kang êlèr | Jayadirja Tumênggung | Brajadênta lan Brajamusthi | urut Pajang kang wetan | lawan ingkang kidul | Pangeran Adiwijaya | Pangran Mangkudiningrat kanthi bupati | pangarsa Wiranata ||

95. dene ingkang têngga Sukawati | Adipati Pugêr kanthinira | bupati môncanagrine |

--- 39 ---

ingkang sampun anungkul | bupatine Pangran Dipati | Arya Mangkunagara | kinon karya riwuk | mring pasisir anggêgila | pra bupati pasisir prasamya tintrim | tur acungan mring Yogya ||

96. ya ta wau Tarayêm winarni | wus samêkta mung anganti dina | pitung atus ing cacahe | Bugis Makasar Wangsul | gangsal atus Kumpêni putih | gangsal atus Madura | tindhihing wadyagung | Mayor Êtor[8] ingkang dadya | senapati dene ingkang anisihi | Sakèbêr balanira ||

97. tigang atus dragundêr Walandi | kalih atus Kumpêni kang dharat | wadya Jawa têtindhihe | sagung para tumênggung | Mangkupraja Kartanagari | Tumênggung Wiraguna | akanthi Tumênggung | Natayuda Wiradigda | Dyan Urawan Kartadipa Rajaniti | lawan Surajênggala ||

98. samya nindhihi bala pribadi | mantri miwah prajurit arahan | wontên salêksa gunggunge | gêgamane tumênggung | kalih èwu sabrang Kumpêni | saking Trayêm budhalan | pinêthuk binedhung | Dipati Suryanagara | sakancane sami ngaturi udani | maring nagri Mataram ||

99. Sri Bupati Mataram duk tampi | warta lamun Kumpêni wus budhal | sing Trayêm agung balane | bata kinèn anggêmpur | karsanira ngoncati jurit | nêdya awêwêlutan | anjog maring Kêdhu | bata Ngayogya wus sirna | pra bupati sadina-dina wus rakit | kapraboning ayuda ||

100. Suryanagara Radyan Dipati | tarung riwuk nganthil kering kanan | sinêrot [sinêro...]

--- 40 ---

[...t] ngoncati mire | tinilar atut pungkur | kaku tyase tan dèn lawani | mayor kalih parentah | aja na maèlu | prang setan tan dadi apa | kang lêlampah wong cilik kaliwat sêdhih | bingung akarekelan ||

101. kèndêl marga bêbadan sawêngi | enjing budhal Dyan Surajênggala | ingkang dadya pangarsane | kang nèng Yogya cinatur | budhal ngetan dene kang kari | ingkang môngka kêkawal | priyayi katêlu | Wiraguna Wiratmaja | Wiranala sangang atus gunging baris | samya wahana kuda ||

102. baris Trayêm prapta manggih sêpi | amung mantri têtiga kinawal | atata pamondhokane | mayor parentahipun | anêlasah mungsuh nèng ngêndi | lan kinèn anarubna | sakathahing dhusun | Tumênggung Surajênggala | lan Tumênggung Rajaniti samya nuding | nlasah paraning mêngsah ||

103. sira Suryanagara Dipati | tinimbalan tinuduh dadia | marang Kêdhu panganjure | angetan ora dangu | têdhakira Prabu Matawis | ngalèr lajêng anulya | ngilèn jog ing Kêdhu | Dipati Mangkunagara | saha bala ing lampah kang munggèng wuri | prajurite akathah ||

104. ing pasantrèn makuwon sawêngi | enjing budhal masanggrahan Pathak | wong desa wus nungkul bae | nabrang Pêraganipun | nèng Têmanggung Sri Narapati | Pangran Mangkunagara | mung saênggènipun | tarub tan ana kang malang | samya têluk kang wontên sipat priyayi | Radèn Mangunkusuma ||

105. Arya Kusuma sampun anunggil | lawan Dipati [Di...]

--- 41 ---

[...pati] Suryanagara | myang Môndaraka barise | Jagaulatanipun | Wiradigda wong Kêdhu sami | prasamya ingundhangan | satus jaran wolu |

wus kathah prajuritira | nging ombyokan kawuwus Pagêlèn sami | mring Kêdhu katimbalan ||

106. Pangran Purbaya praptanirèki | prajurite rongèwu turôngga | nyèwu pangeran kalihe | Mangkukusuma wau | lawan Pangran Arya Suryadi | prajurite turôngga | sami cacah nyèwu | nanging wau ingkang raka | durung tega angangsahêna prajurit | yêkti marahi gêtas ||

107. kawarnaa kang anèng Matawis | myarsa anèng Kêdhu mêngsahira | samya ngumpul sadayane | wong sa-Kêdhu sumuyud | yèn lamia anèng Matawis | sikêpe pra bupatya | minggat nusul mungsuh | rêmbag sigra bêbudhalan | baris agung sing Yogya mring Kêdhu malih | wus praptèng Parimana ||

108. Suryanagara Radyan Dipati | tur uninga yèn Kumpêni prapta | nèng Parimana barise | sigra budhal sang prabu | saking Kilènpêraga kêrig | wus prapta Ngadiraja | angantosi mungsuh | sadalu dènnya pirêmbag | pamêthuke mêngsah nèng Tidhar ajurit | dene ra-ara jêmbar ||

109. rakit gêlaring ayuda benjing | ingkang rama amundhut ing dhadha | mundhut katri punggawane | Jagapura Tumênggung | Janagara miwah Dipati | Jayaningrat Mataram | nèng dhadha gènipun | kang badhe ingabên dharat | Jêng Pangeran Dipati Mangkunagari |

--- 42 ---

kang ngajangi Madura ||

110. Radèn Dipati Suryanagari | angajangi wong Kumpêni Islam | katri punggawa kanthine | pacêkan Mantri Kêdhu | kang ginawa tumut ngobyongi | wus matêng kang pirêmbag | tan kawarnèng dalu | enjing budhal atêngara | rêbat papan Kumpêni budhal marpêki | amrih yuda kênaka ||

55. Pangkur

1. praptèng ara-ara Tidhar | wong Kumpêni kidul kang dèn anciki | kang êlèr Prabu Matarum | Kumpêni tata gelar | mayor kalih andhadhani ênggènipun | dragundêr lawan kang dharat | angumpul dadya sawiji ||

2. mriyêm kalih lawan tiktak | mung sakawan anèng dhadha anunggil | kang pangawat kiwanipun | prajurit ing Madura | Radèn Carangmôndhalika gangsal atus | pangawat kang têngênira | Kumpêni Islam prasami ||

3. Pangeran Mangkunagara | wus angilèn ngidul adhêpirèki | prajurite patang puluh | kang kinèn tilar tumbak | aja ewuh kapiran pêrange pistul | panah ingkang kalih dasa | Dipati Suryanagari ||

4. sabalane wus angetan | madhêp ngidul ngajêngkên bala Bugis | Makasar Sêmbawa Butun | pitung atus sadaya | pra bupati kalih kiwa têngênipun | nênêm ingkang munggèng dhadha | anunggil lawan Kumpêni ||

5. sri narendra ing Mataram | ngilèn ngetan jojog kudanirèki | wus prayoga rakitipun | asru dènnya ngandika | dèn abêcik mungsuhira kadi mêndhung | wus dènnya sawang-sinawang |

--- 43 ---

Mayor Por lanas ing jurit ||

6. mangke dèn ririh kewala | dimèn gitik eca dèn paekani | usar sampun katêlanjur | wontên kalih pambalang | wong Mataram samya giyak sarwi kukuk | angêdrèl Kumpêni usar | sapisan wus dèn susupi ||

7. mantri pinilih anunjang | para mantri kaparak anututi | para santana tumênggung | samya umangsah dharat | Janapura Jayanagara angamuk | akuwêl ulêng-ulengan | sami rok asilih ungkih ||

8. caruk rukêt amangrêmpak | rame udrêg gumuruh tambur bèri | bêndhe awor carawangsul | wor surake kang wadya | Adipati Suryanagara wus campuh | Wiradigda Môndaraka | pra dipati angawaki ||

9. Dipati Suryanagara | mantri anyar Kêdhu kang dèn tindhihi | ingadu dharat angamuk | lawan Kumpêni Islam | rame caruk surake wadya gumuruh | kadya prahara ruhara | kumarubut rêbut pati ||

10. Pangeran Mangkunagara | ngangsahakên prajurit kang turanggi | kumrutug swaraning pistul | wadya Madura mangsah | Carangmôndhalika ngabani angamuk | kotbuta anêmpuh rampak | mungsuh mêngkab nganan kering ||

11. panumbake ingoncatan | giwar mistul ana ingkang jêmparing | pinistulan ngalèr ngidul | wus kathah ingkang pêjah | kaku tyase anyarêmpêng nyêrot purun | tinadhahan kang sanjata | saking sanginggil turanggi ||

12. nêmpuh wusnya muni giwar | mistul wuri [wu...]

--- 44 ---

[...ri] jêmparing nganan ngering | sami kakuning tyasipun | sayah binakta giwar | Carangmôndhalika taksih apepayung | sami andheprok sadaya | Pangeran Mangkunagari ||

13. angangsahkên wong kang tigas | mantri jêro pangeran anindhihi | sarêng nyamêthi anêmpuh | nubruk ngilês turôngga | wong Madura bingung panumbake luput | kalamun tinumbak kêna | rusak buyar bosah-basih ||

14. Radèn Carangmôndhalika | cinakuthak pinistul sampun kêni | jaja kang kiwa anêluk | sigra Kudanawarsa | mudhun saking turôngga anumbak purun | Radèn Carangmôndhalika | kawatgata wus ngêmasi ||

15. tumpês kèlês wong Madura | gangsal atus mung limalas kang kèri | kacêkêl urip nêmlikur | mantrinipun satunggal | Dêmang Brajawati rolas kancanipun | tan karuwan palayunya | angungsi bala Kumpêni ||

16. Mayor Por kang kacakuthak | Kumpênine usar wus akèh mati | Sakèbêr nisih lumayu | amung pêjah sadasa | dragundêre usar kari pitung puluh | pisah mangiwa mangawat | tumenggung kalih tut wuri ||

17. Dipati Suryanagara | sakancane ngidak pangamuknèki | ungkih-ingungkih abakuh | sagung para kapitan | angawaki kang pra bupati anempuh | caruk rok aliru watang | cinorok rukêt kinêris ||

18. kapitan katiga pêjah | Kumpêni Slam rusak barisnya ngisis | ingamuk para tumênggung | para mantri sadaya |

--- 45 ---

ing prang wuru liwung ulengan apêluk | akèh kang watang-winatang | ana kang kêris-kinêris ||

19. Bugis Bali sampun risak | sakarine ngungsi marang Kumpêni | maksih rame ing prangipun | rukêt bala Walônda | wong Mataram barêng nêmpuh ambyuk nubruk | Dipati Suryanagara | saunggulira angungsir ||

20. lajêng ngawêt saking wetan | sarêng nêmpuh kotbuta ing ajurit | Kumpêni Slam kathah lampus | dragundêre wus giwar | Mayor Êpor ebat tanaganing mungsuh | lajêng dènira kaplajar | Kumpêni ingkang lumaris ||

21. nadhahi kalawan tiktak | wantu kêdhik satus ingkang lumaris | rukêt cinorok abingung | tumpês satus sakêdhap | ting gêlasah tiktake binandhang sampun | tuwin mariyêm tinilar | gusis lumayu angisis ||

22. Sakèbêr mulat mangetan | yèn Mayor Por sampun lumayu têbih | tambur lan banderanipun | tiba sampun kabandhang | mung Sakèbêr maksih rèrèh unduripun | mungsuh samya ambêbandhang | tan ana ingkang angungsir ||

23. Ki Tumênggung Wiradigda | Kartadipa lawan Kartanagari | tan pisah Sakèbêripun | Tumênggung Mangkupraja | Wiraguna lan Natayuda kabutuh | palayune katungkêpan | Dipati Suryanagari ||

24. kinêpung kèndêl kewala | samya nungkul wau kang mênang jurit | nèng padhusunan angaup | Pangeran Purubaya | wau pamit duk arsanira umagut | anyingkirakên kang garwa | sabubare aprang prapti ||

--- 46 ---

25. antuk Walônda satunggal | pan Walônda bingung tan wruh ing margi | kasasar dènnya lumayu | katur dhatêng kang raka | asêseba nèng ngandhap waringin agung | kang putra sampun umarak | miwah sagung pra bupati ||

26. sami ngaturkên bandhangan | Adipati Suryanagara ngirid | wau bupati katêlu | Suryanagara lênggah | ing wurine Pangran Mangkunagarèku | bisik-bisik aturira | pangeran nauri aris ||

27. Panumping pun Wiraguna | aja owah mantri kaliwonnèki | Suryanagara umatur | Mantri Kêdhu pacêkan | Ranadipa Randhusana cangkokipun | mantêp wantêr purun aprang | antuk kapitan satunggil ||

28. pêjahe rukêt tinumbak | pun Kapitan Layar Kapitan Bugis | kêkalih sareyanipun | kang têtulung dèn iras | wontên ngajêng kula anggènipun caruk | sang nataris angandika | iya uwonge kang êndi ||

29. nèng wingking kinèn mangarsa | lênggah mapan ngandika sri bupati | lah dene iku abagus | kulup Mangkunagara | iya mèmpêr Si Kudanawarsa iku | ingkang putra matur nêmbah | inggih sayêkti yèn mirib ||

30. ngandika wau sang nata | ingsun pundhut ingsun karya bupati | bupati miji wong sèwu | salungguhe kewala | kaarana Si Tumênggung Singaranu | sawah jro gêdhong kapêdhak | tur nêmbah konjêm ing siti ||

31. hèh adhi Suryanagara | tunggalêna iku karyaning jurit | Si Tumênggung Singaranu | lawan Si Wiradigda | Môndaraka Si Jagaulatan iku | Dipati Suryanagara |

--- 47 ---

sandika aturirèki ||

32. dènira prang lingsir wetan | lingsir kilèn nênggih bubaring jurit | cinacah Walônda lampus | kathahe tiga bêlah | Bali Bugis ingkang pêjah kawan atus | pan kawan atus sawidak | prajurit Madura mati ||

33. wong Jawanipun akathah | budhal saking paprangan sawadyèki | pakuwon Sukarwe dhusun | sadalu suka-suka | pra pangeran samya natab carawangsul | punggawa kang agêng samya | anatab kang carabali ||

34. Dipati Suryanagara | Adipati Jayaningrat Matawis | samya nabuh carawangsul | ing jro anatab munggang | pra prajurit sapocapan samya ngungun | kalane marwasèng mêngsah | saur-sinauran sami ||

35. kunêng ing dalu wus enjang | Jayaningrat Mataram tur udani | yèn Kumpêni lampahipun | mring Yogya mung sakêdhap | mampir kalih êjam prasamya alaju | angetan inggih wikana | ing lampah kang dèn purugi ||

36. suka wau duk miyarsa | sakalarsa kôndur dhatêng Matawis | têngara budhalanipun | Pangran Mangkunagara | Pangran Purubaya kang munggèng panganjur | Dipati Suryanagara | nèng wuri kang pra bupati ||

37. Kêdhu anyar têtêlukan | pra bupati samya atilar mantri | kang samya têngga ing Kêdhu | wau ta lampahira | pan sadina rêrêp dhusun Watukarung | enjing sawadyane budhal | praptane Ngayogya nagri ||

38. Mangkunagara angetan | ingkang rama dene dèrèng dhawuhi | badhe [ba...]

--- 48 ---

[...dhe] ing pakuwonipun | sinusul ingandikan | ingkang rama kèndêl ngêntosi nèng Bakung | sapraptanira kang putra | kang rama ngandika aris ||

39. kulup ingsun gawèkêna | ya kadhaton ing desa kidul iki | Kabanaran jêmbar iku | ingkang putra sandika | pra bupati ingirid sadaya tumut | prasamya andum pakaryan | Kêdhu Pagêlèn Matawis ||

40. ing Bakung ingkang atêngga | abdi dalêm ing jro ingkang prajurit | wau kang samya anambut | kitha ing Kabanaran | tan alama dadya pasang rakitipun | abagus rata ajêmbar | polatan ing kanan kering ||

41. Dipati Suryanagara | lan Dipati Jayaningrat tinuding | amondhongi sang aprabu | prapta matur tur sêmbah | kula ngutus ing putra tuwan sang prabu | Dipati Mangkunagara | tur wikan kadhaton dadi ||

42. jêng paduka ingaturan | sri narendra sigra budhal lumaris | ngidul ngetan praptanipun | pinêthuk baris urmat | drèl ping tiga urmat pangadhatonipun | arja sagung pra bupatya | atata pomahan sami ||

43. Pangeran Mangkudiningrat | Pangran Adiwijaya duk udani | kala mayor kalih langkung | sami kagyat tan nyana | dene mêdal margi agêng datan purun | mêdal pinggir gunung Kêmbang | angalèr ngetan jognèki ||

44. Jatinom Pabelan Kopat | ngalor anjog ing Ngêndho ngetan malih | praptèng Kuwêl ngalèripun | Pêngging kèndêl sakêdhap | nuju wontên baris arahan ing ngriku |

--- 49 ---

Mas Dêmang Surakartika | baris Pêngging kang nindhihi ||

45. pinarêng Sang Adipatya | Pringgalaya têtinjo baris Pêngging | sami kagète pinêthuk | Mayor Por têtabean | Mayor Pèbêr tabean lajêng angrangkul | Pringgalaya guragapan | adhuh tuwan kadipundi ||

46. sakèrine pra bupatya | ngujung maring Pringgalaya Dipati | Dyan Wiradigda Tumênggung | Tumênggung Kartadipa | miwah sira Kartanagara Tumênggung | Tumênggung Surajênggala | lan Tumênggung Rajaniti ||

47. kabèh prasasat wêwuda | dènnya pisah lawan kang wadya sami | Sakèbêr gêmêt atutur | sapolahe prang Tidhar | mangke kathah Mangkubumi balanipun | duk prang Tanjung kadar pira | prandene bôndakalani ||

48. sawusira dhêdhaharan | anèng Pêngging budhal mring Bayalali | Pringgalaya ngetan sampun | mantuk mring Surakarta | nèng Bondalêm

pisahe lan mayor wau | sapraptanira Samarang | Mayor Êpor ingkang kari ||

49. Sakèbêr kinèn wangsula | marang Surakarta sawadyanèki | dragundêre pitung puluh | saha sinungan gaman | prapta Surakarta gantya kang winuwus | Pangeran Adiwijaya | Mangkuningrat Singasari ||

50. ingkang sami tinanggênah | tanah Pajang duk langkunge Kumpêni | rencang Kumpêni kang kantun | prasamya binegalan | mring mantrine nênggih pangeran katêlu | angsal tambur lan bandera | kang binegal samya kingkin ||

--- 50 ---

42. Mangunonêng, utusanipun Kumpêni dipun pêjahi wontên ing Kabanaran

56. Asmaradana

1. wau wong agung Matawis | Pangeran Adiwijaya | Mangkudiningrat tigane | Jêng Singasari Pangeran | rêmbag prasamya sowan | marang kangjêng sang aprabu | kang ngadhaton Kabanaran ||

2. budhal praptane Matawis | katur sagunging bandhangan | lan ngaturakên wartane | lampahe mayor kalihnya | sang nata langkung suka | wus kinèn atata dunung | wismèng nagri Kabanaran ||

3. saya agung ingkang prapti | wong Kêdhu Pagêlèn samya | môncanagara kang êlèr | Dipati Pugêr kang prapta | bupati ing Balora | miwah bupati ing Warung | Sêsela myang Jagaraga ||

4. Jayadirja lawan malih | Man[9] Rôngga Wirasantika | wong Dêmak Jipang saparo | samya seba garêbêgan | mring nagri Kabanaran | anuju garêbêg Mulud | arja lir nagri wus lama ||

5. samana nagara dadi | nanging cara pabarisan | sagung wismane punang wong | samya ngajêngakên marga | jajidharan arata | wisma gêng-agêng anglajur | gênggêng jaro pra bupatya ||

6. lurunge jêmbar arêsik | akathah marga prapatan | prayoga wêdhi sitine | gasik kambah ing akathah | toya wêning tumumpang | sabên kang para tumênggung | sami adarbe

--- 51 ---

balumbang ||

7. miwah ingkang para mantri | tan towang karya balumbang | Jumungahipun agêdhe | Pasar Gêdhe sabên dina | dodolan warna-warna | warung urut pinggir lurung | murah kang sarwa tinumbas ||

8. garwa putrane sang aji | myang Pangran Mangkunagara | kang anèng Sukawatine | samana wus samya prapta | miwah kawulawarga | tan ana kantun wus kumpul | anèng nagri Kabanaran ||

9. langkung arjaning nagari | balabar ingkang pomahan | têgal tarataban kabèh | wus samya kaisèn wisma | wong ngumbara karasan | mangkana gantya winuwus | Kumpêni akarya gêlar ||

10. Mangunonêng duk rumiyin | pêpatihe Sunan Cina | kacêkêl kala bêdhahe | Randhulawang nèng Toyamas | marma anèng Jakarta | dadi gêloco nèng ngriku | ing mangke arsa dinuta ||

11. suwitaa mring Matawis | sarta ginawan nagara | ing Pathi dèn paringake | lakunipun rong prakara | yèn kanggo ginawea | pêpatih amangku rêmbug | pinasrah barang prakara ||

12. rinêmbugana kang bêcik | iya lawan dèn tanggunga | Kumpêni mitra sêdyane | sêca tuhu angamonga | mring trah Pakubuwanan | yèn wus tan kêna dèn êluk | nora ina pining sapta ||

13. lan anggawa maosandi | panutut anuting karsa | yèn mungguh wong Jawa pèlèt | Kumpêni usada trêsna | nora panggawe cidra | cinidrana yèn apêngkuh | pêngkuhe ambuwang nalar ||

--- 52 ---

14. samana wus angirupi | Mangunonêng mring wong desa | saking Kumpêni gêlare | piranti amranti bala | Mangunonêng wus mêdal | saking Kumpêni misuwur | minggat dosa rêbut gêsang ||

15. wus anjog nagari Pathi | bupatine samya kesah | mring Samarang pangungsine | wong Pathi nungkul kewala | tan ana kang malanga | Mangunonêng undhang sampun | siyaga kapraboning prang ||

16. wus samakta ingkang baris | saragêni wolung dasa | satus sawidak numbake | mantrinipun kawan wêlas | saking ing Pathi budhal | sakawan banderanipun | sêdyanjog ing Garobogan ||

17. ing Garobogan wus prapti | suwêng kang darbe nagara | Dipati Pugêr Patihe | Dêmang Wrêgadimanggala | ingkang têngga nagara | kalawan urunanipun | bupati môncanagara ||

18. Balora Warung lan malih | Jagaraga miwah Jipang | para mantri urunane | têngga nagri Garobogan | kapalan nigang dasa | dadya kumpul gangsal atus | sapalih pasisir Dêmak ||

19. dalême dyan adipati | anèng sawetaning Bicak | rinakit kadya kadhaton | Mangunonêng praptanira | mondhok paseban jaba | cingak wêwangunanipun | lan kathah ingkang atêngga ||

20. Wrêgamanggala manggihi | lan para mantri urunan | wong môncanagara kabèh | Mangunonêng tigang dina | kèndêl nèng Garobogan | andina patakonipun | solahbawaning dipatya ||

--- 53 ---

21. sabubare Randhukori | Dêmang Wrêgadimanggala | ingkang galur lêlakone | ngaturi para pangeran | kang apês lan digdaya | ingayonan wrating pupuh | kang apês tinundhung kesah ||

22. kang prawira dèn ugêmi | pamomonge rinungkêban | dènira dadi bêbotoh | Pangran Mangkubumi ingkang | tan mèngèng binotohan | mangkya kadadosanipun | jumênêng ratu prakosa ||

23. Mangunonêng brêbês mili | ngrasa tiwasing sarira | nèng Batawi dadi gloco | Dêmang Wrêgadimanggala | angandhêg lampahira | ngantos sautusanipun | tur uningèng Kabanaran ||

24. anuduh mantri kêkalih | kêkapalan kalih dasa | ing marga tan winiraos | praptanirèng Kabanaran | katur mring sang dipatya | sêrate winaos sampun | kadriya têmbunging surat ||

25. lajêng undhang pra bupati | seba mring Mangkunagaran | wus katur wau surate | ingkang saking Garobogan | Pangran Mangkunagara | lajêng sowan mring kadhatun | canthèl atur ingandikan ||

26. lawan Pugêr Adipati | myang Dipati Jayaningrat | katri prapta ngarsa katong | Pangeran Makunagara[10] | matur atur uninga | Mangunonêng praptanipun | badhe sumiwèng narendra ||

27. ngandika sri narapati | lah padha sira rêmbuga | lan para bupati kabèh | lah kakang Pugêr ta sira | Dipati Jayaningrat | priye kang dadi rêmbugmu | Dipati Pugêr turira ||

28. sumôngga karsa narpati | pun Mangunonêng punika | lair batinipun [bati...]

--- 54 ---

[...nipun] lobok | wite têngah lan wêkasan | loboke botên gothang | jaba jero ngajêng pungkur | gêgubrês edan-edanan ||

29. pikir botên mawi dêling | mung inggih iya punika | anglarug banjur dêlojor | paitane gêgêmblungan | angingkrang salengkrangan | mung nguyuh palari patut | punika atur kawula ||

30. Jayaningrat ing Matawis | ature inggih punika | pun Mangunonêng dede wong | upami kinarsakêna | anggarapa prakara | sayêktinipun têruwu | ping kalihipun punika ||

31. kula kintên ngêngilani | sagah dhatêng ing Walônda | anggêgampang tan wrin kewoh | punapa rare sadaya | kang ngadhêp padukendra | tan wruha panggawanipun | ing sasêran kamadaka ||[11]

32. ngandika sri narapati | yèn katêlu wus mupakat | kulup kapate lan ingong | nanging sanak-sanakira | santana pra bupatya | padha tarinên sadarum | Si Mangunonêng praptanya ||

33. wus mêdal wong agung katri | Pugêr karya srat wangsulan | wus kinèn anglajêngake | Mangunonêng lampahira | dutane wus tinulak | maring Garobogan mantuk | ing marga tan winursita ||

34. prapta sampun dèn dhawuhi | Mangunonêng lajêngira | sigra atêngara bêndhe | budhal saking Garobogan | dene kang wadyabala | kadi wontên kawan atus | lan mawi talèdhèk gangsal ||

35. kang gêndhèng samargi-margi | dènira nglangkungi wana | gumuruh alas [ala...]

--- 55 ---

[...s] pajatèn | alas ing Kêndhêng punika | praptane kidul arga | kèndêl ing Tambak Tênawung | amakuwon kalih dina ||

36. lajêng mangidul lumaris | Tumênggung Mangunonêngan | wus makuwon ing Garompol | akathah wong kang suwita | Pangran Mangkunagara | nuduh baris kang kalanthung | Tumênggung Kudanawarsa ||

37. Mantri Sukawati kalih | ingkang ngirid tuduh marga | Mangunonêng ing lampahe | manawi akarya gita | sagung baris pangarsa | samarga anitih tandhu | ngidul ngilèn lampahira ||

38. sapraptaning Jatisari | wangsuling wong Sukawatya | nanging sampun masrahake | mring mantri Mangkunagaran | kang ngirid angatêrna | Dêmang Jagayuda gêmblung | kang ngatêr mangidulira ||

39. sapraptane gunung Wijil | Ki Tumênggung Wiranata | kang kengkenan ngatêrake | lagya ing pukul sawêlas | watêse kèndêlira | amakuwon ing Kalêpu | dhusun agêng pinggir marga ||

40. duk lagya cucul turanggi | Tumênggung Kudanawarsa | liwat ngajêng pondhokane | mantri pangarsa binêkta | dènnya akarya eram | ngarsa kuda tigang atus | Ngabèi Rêsadirana ||

41. mukul tambure kêkalih | banderanipun sakawan | bêcik-bêcik prajurite | Mangunonêng sarowangnya | mêdal mulat kang liwat | atêtanya sapa iku | wontên bature uninga ||

42. saking Drêsanan manawi | Tumênggung Kudanawarsa | nênggih pangajêng balane | pitung atus kang turôngga | sami wong pêpilihan |

--- 56 ---

ing wurine tigang atus | prajurit wahana kuda ||

43. kalih èwu dharatnèki | Tumênggung Kudanawarsa | Mangkunagaran Pêpatèh | punika êmbane lama | nguni Wiradiwôngsa | Mangunonêng duk angrungu | julalatan guragapan ||

44. baturku ngadu kêmiri | Si Adhi Wiradiwôngsa | wus dadi prajurit gêdhe | môngsa lalia maringwang | lah age pôncadriya | umatura lamun ingsun | kangên arsa pêpanggiha ||

45. lumayu anêrak baris | praptèng ngarsa atur sêmbah | raka paduka salame | langkung kangên mring paduka | kèndêl Kudanawarsa | balane kang katalanjur | prasamya kinèn balia ||

46. menggok mangalèr sakêdhik | Mangunonêng eram mulat | Kudanawarsa balane | sura kinanthi nèng ngarsa | turôngga pitung dasa | samya cêmêng bajunipun | kuluk bêsur cêmêng samya ||

47. lancingan sangkêlat abrit | apanji-panji sadaya | mudhun saking turanggane | Tumênggung Kudanawarsa | gapyuk asêsalaman | Kudanawarsa rinangkul | si adhi nora kayaa ||

48. têka sami salin warni | adhi busananing bala | têka mangkene rakite | nauri Kudanawarsa | kakang inggih parentah | ing ratu ingkang tinurut | ratu prawira prakoswa ||

49. Pangeran Amangkubumi | kakang kang jumênêng nata | angluwihi darajate | ing aprang undhagi gêlar | waspada ing wêweka | kakang wontên pitung dalu | ngandika dhatêng kang putra ||

50. hèh ta kulup [kulu...]

--- 57 ---

[...p] adipati | babo dèn padha prayitna | ana upayaning mungsoh | akêri walikat ingwang | kaya nablok ananjak | parangmuka marasandu | pangendra kartisampeka ||

51. karasa iya tyas mami | bocah ingsun Suranata | kabèh nglakonana mangke | aja ana mangan sêga | mêsu nuragèng suksma | sun belani nora turu | lawan iya nora dhahar ||

52. kaya mèh prapta ing mami | lakune pangendrajala | satru anêngah badhene | kulup sira kasukana | lan sagung pra bupatya | aja katara yèn ingsun | gaib amangun budaya ||

53. ingsun lagi aprang batin | mêminta pitulunging Hyang | supaya kêna pamêlèh | sakèhe kang laku cidra | Mangunonêng miyarsa | pucêt netyanira payus | alêsu sariranira ||

54. Kudanawarsa ngrapêti | andika punika kakang | kapasang yogya sêdyane | wus lami nata ngandika | kulup Mangkunagara | sun têtêdha siyang dalu | olèha kanthi wak ingwang ||

55. kaya Mangunonêng nguni | nagara têluk kewala | bisa bêdhah praja gêdhe | Si Kakang Pugêr Dipatya | kanthine durung ana | dumadakan dika rawuh | pan sabda pandhita raja ||

56. cahyanira muncul malih | pucête asêmu bingar | dènnya miyarsa wuwuse | Tumênggung Kudanawarsa | ilang kang mêlang-mêlang | ginolong longe kumlungkung | mrih pirapêt angrêrêpa ||

57. bok kacakuthak sathithik | kacênthok kang kacêthikan | ginawa ing panggawene | ginagaping gita basa | basukine [ba...]

--- 58 ---

[...sukine] kang lampah | wus nora ametung untung | mung sêla sêlamêtira ||

58. kalangkung pamintaning sih | Tumênggung Kudanawarsa | wruh lamun gêmpal atine | upaya pinulasara | sarewa-rewaning rat | mêmaras miris angrungu | rèhe kang umadêg raja ||

59. sêdhat-sêdhèt ing panglirik | Tumênggung Kudanawarsa | ngungun cilike atine | dadra cidra badhenira | dhatêng ingkang anduta | badhe ngugêmi kang laku | sumungkêm lair batinnya ||

60. angling yèn makatên ugi | dhi Mênggung Kudanawarsa | kula dika sêtyakake | dhatêng ing Kangjeng Bandara | Pangran Mangkunagara | kula lair batin sujud | katura gambuh kang rama ||

57. Gambuh

1. matia raganingsun | ngayahan dalêm sajroning pupuh | nêdya sabilolah yêkti kula adhi | nanging ta kawula suwun | adhi pun Pathi kemawon ||

2. dadya Kyai Tumênggung | Kudanawarsa tan bangkit laju | Mangunonêng anggubêt sangêt jrihnèki | kalamun pisaha laku | anggondhèl kudu anggendhol ||

3. dadya wau tinurut | sarêng ing lampah kyai tumênggung | anèng dhusun Kalêpu sipêng sawêngi | nuntên budhal enjingipun | rêrêm dhusun ing Kamalon ||

4. wontên dêdamêl rawuh | sami mariksa bulus ing Jimbung | kuda sèwu prajurite bêcik-bêcik | abêcik punggawanipun | katon santosa tos-atos ||

5. lampah mawi panganjur | kuda rongatus banderanipun | kalih supit ing wuri sasupit malih |

--- 59 ---

nênggih kang turôngga satus | ing wuri sapôntha golong ||

6. kèndêl punggawanipun | Ki Mangunonêng atêtanyarum | inggih sintên adhi wong agung puniki | Kudanawarsa umatur | sampeyan supe kemawon ||

7. punika mantunipun | Dipati Pugêr ingkang jêjuluk | Dyan Suwandi mangke wus nama Dipati | Suryanagara gêgêdhug | dadya andêling palugon ||

8. angrèh wadyabalagung | sabin Mataram lêlungguhipun | saking Jimbung wartinipun kala wingi | Mangunonêng wuwusipun | punapa kenging tinakon ||

9. sampun dadi wong agung | Kudanawarsa alon sumaur | inggih lamun liyan sampeyan tan kêni | mara aturana gupuh | si adhi têmu lan ingong ||

10. sigra ngaturan wau | marang Kudanawarsa Tumênggung | Adipati Suryanagara lumaris | wus panggih lan Ki Tumênggung | Kudanawarsa lingnyalon ||

11. gih adhi milanipun | kula aturi kèndêl rumuhun | de ramanta punika arsa pêpanggih | Dipati Pathi rumuhun | nêdya sowan ing sang katong ||

12. dadya kagyat anjumbul | ing sêmu langkung dènira tambuh | dharakalan Dipati Suryanagari | murugi arsa angujung | Dyan Mangunonêng agupoh ||

13. nampik pangujungipun | akipa-kipa panyêgahipun | sampun-sampun pun anak inggih samangkin | môngka sipating kaprabun | samya salaman kemawon ||

14. eram dènira dulu | Ki Mangunonêng [Mangu...]

--- 60 ---

[...nonêng] busananipun | sabalane Dipati Suryanagari | lir wong Japara kang tuduh | mubyare miwah kèhing wong ||

15. alon dènira muwus | adhi dahat anggèn kula ngungun | botên dugi tibane Pajang Matawis | Suryanagara nak ingsun | sami lan wadananingong ||

16. duk arjaning prajagung | kula nèng Pathi dadya tumênggung | anyarêngi Citrasoma Adipati | seba ing garêbêg Mulud | kèhing wadya busana byor ||

17. Japara limang èwu | gunging bala myang busananipun | sami ugi lawan anak adipati | têka tan kêna winuwus | darajat parêk lan katong ||

18. pun anak kalih èwu | sabin Mataram lêlênggahipun | tinimbanga kawan èwu ing pasisir | katone ingkang dinulu | kathah ngriki karabing wong ||

19. prapta jodhangan sêlur | ing wanci wus ngajêngakên bêdhug | wontên jodhang sèkêt wus kinèn umiring | ing Prambanan badhenipun | kèndêl dhaharan ing kono ||

20. lajêng katri wong agung | praptèng Prambanan lêrêp sadarum | lajêng sami dhaharan Suryanagari | anuli wisan rumuhun | mring Danawarsa lingnyalon ||

21. inggih kakang tumênggung | kapasang yogya angiras laku | dhèrèkakên dhatêng uwa Adipati | Kudanawarsa Tumênggung | sumaur barêng lan ingong ||

22. datan kawarnèng dalu | timbalanira wau sang prabu | kadya mêthuk sami kinèn mêdal wingking | api-api alêlaku | angaku saking kinongkon ||

23. kathah para tumênggung | samya

--- 61 ---

binijig kang bagus-bagus | wontên nyatus kalih bêlah kang umiring | kang munggèng turôngga ngayun | banderanira nyajodho ||

24. lajêng prasamya tumut | ngiring Kudanawarsa puniku | lan angiring Suryanagara Dipati | ing marga datan winuwus | paminggir nagara katong ||

25. agabag kang wismagung | kang jinujug ing pakuwonipun | Adipati Pugêr sigra marentahi | wetane pakuwonipun | Ki Tumênggung Gajahbarong ||

26. suwung duk kalih dalu | dhatêng Pagêlèn pan kesah bantu | sampun katur sang nata wau kang prapti | kinèndêlakên sadalu | lan Pugêr kangên patêmon ||

27. bawa rasa sadalu | tutur-tinutur pratingkahipun | samya ngungun-ngungune sadaya sami | duk anèng Batawinipun | lami kinarya gêloco ||

28. enjing binêkta sampun | seba maring sira mantri ngayun | Jêng Pangeran Dipati Mangkunagari | nuju samya ngabên sawung | nèng pasowan ngajêng regol ||

29. korine tundha têlu | longkanging kori anyamut-nyamut | salawange nênêm pasebane sami | kêbak gêgaman prang pupuh | miwah sagunge panganggo ||

30. Mangunonêng gya laju | marang pangeran arsa angujung | nanging pangran datan arsa dèn ujungi | wus tata dènira lungguh | kang samya nêmoni dhayoh ||

31. saking wadhag ing laku | Ki Mangunonêng lajêng umatur | dhuh pangeran prapta kawula puniki | dhatêng Kumpêni angapus | sinung karya kula sagoh ||

32. bêndara batin ulun |

--- 62 ---

mung amrih luwar saking ingukum | botên sêja sumungkêm dhatêng Kumpêni | ywa kongsi kabanjur-banjur | gèn amba dados galoco ||

33. mangke badan pukulun | amung sêca sumungkêm trus kalbu | mring paduka tuwin rama padukaji | pêjah gesang ulun katur | tan darbe paningal mangro ||

34. pangeran lon sumaur | lah pintên banggi paman ing atur | bok dhinahar ing kangjêng sri narapati | miwah kônca kang biyantu | ing atur dhatêng sang katong ||

35. nging paman kula tutur | ratu kula ing wêwatakipun | luput pisan kêna pisan ing prakawis | saking ambêk lurus têrus | botên watak mirang-mirong ||

36. sabda kang wus kawêtu | rinungkêban nadyan dadi bubuk | Mangunonêng miyarsa tyasira alit | wantu lèrès manahipun | dadya datan bisa golong ||

37. angetan lan angidul | pangeran malih ngandika arum | benjing-enjing kula matur ing sang aji | bok pinarêng bêgjanipun | tinarima ing sang katong ||

38. wanci pukul sapuluh | pangeran sigra dènnya mêmundhut | pira-pira sêsaosan kang umijil | dhahar lan para tumênggung | akaton guyup gumolong ||

39. lajêng prasami nginum | lajêng umadêg talèdhèkipun | Mangunonêng ngaturkên talèdhèk kalih | anyaran ing angsalipun | saking pasisir bang kulon ||

40. angrêrangin karungu | gamêlanira kêplok gumuruh | rame sênggak sagung ingkang pra bupati | bubarira wanci surup | Mangunonêng amakuwon ||

41. laju [la...]

--- 63 ---

[...ju] ngupaya sawung | pêksi kêmiri gêmak ingadu | pra punggawa Mataram kèh kang ngasungi | dadya sukane kalangkung | ing sabên dalu among toh ||

42. asuka-suka nutug | lali dosane yèn tumpuk sungsun | apan uwis dadi gantungane pati | ngandêlkên prasêtyanipun | kang sampun kapungkur adoh ||

43. pangran wêlas andulu | dadya umatur ing rama prabu | nyuwunakên Mangunonêng uripnèki | kang rama andikanipun | hèh kulup aja mangkono ||

44. iya ing sêdyaningsun | sun uripi nanging sun angrungu | timbalane iya ramakamu swargi | dêstun têmên arêp wêruh | tyase Mangunonêng ingong ||

45. kaya pa rupanipun | dene kaliwat piangkuhipun | nora kongsi kalakon sang nata nguni | iya wus kasêlak surut | mêngko kaparêng kalakon ||

46. nglêstarèkakên ingsun | ing kadang tuwa pratignyanipun | lan kang Pugêr bangêt ture marang mami | yèn nguripana wong iku | nèng bumi akarya kêthoh ||

47. pangeran nêmbah matur | inggih wontên tiyang ingkang tutur | Wilatikna[12] Tumênggu[13] Blora nagari | ing saguthit-guthitipun | ing cipta sayêkti awon ||

48. ngandika sang aprabu | ing besuk Sênèn iku sun lampus | sigra nêmbah Pangeran Mangkunagari | wus mêdal saking kadhatun | amangsit mantrine jêro ||

49. prapta sêmayanipun | ing dina Sênèn dalu pinikut | Mangunonêng balane wus dèn awêri |

--- 64 ---

miwah rajabrananipun | cinacah ing têmbang Sinom ||

58. Sinom

1. anuju ing dina Soma | sri naranata tinangkil | aglar ingkang pra bupatya | satriya myang para mantri | jêjêl ing pôncaniti | nênggih wau sang aprabu | munggèng amparan dênta | tuwan kalih munggèng kursi | Sayid Yusup lan Sayid Ngabdul Rahêman ||

2. sri narendra angandika | iya kulup adipati | lêlaran sira saosna | sandika pangran wotsari | nolih ngetan ngêjèpi | ing lêlurah Martalulut | Ngabèi Nayagarwa | sakancane wus nampèni | pêdhang dalêm binakta mring palênggahan ||

3. Mangunonêng gya tinuwak | ing pêdhang sampun ngêmasi | sri bupati angandika | iya kulup adipati | Si Mangunonêng iki | dosane ngorakkên ratu | majanani nagara | angracut saraking nabi | duk Pacina ing tingkah sawênang-wênang ||

4. wus angrasa nora nana | taliti Rajèng Matawis | ing solah tanaganira | tan patut tinon ing janmi | lir Rabusamawati | lali yèn dadine uyuh | mêngko kang duwe gugat | ana ingkang angungkuli | berat marang gêgêlah rêgêding jagat ||

5. awit dene wus mupakat | Mangunonêng ukum pati | tur sêmbah wau kang putra | Pangeran Mangkunagari | nolèh ing pra bupati | sadaya asaur manuk | dene têtilarira | Pugêr ingkang dèn pasrahi | mung wanodya juga panêmbang badhaya ||

--- 65 ---

6. pinundhut marang narendra | nama Nyai Manarêsmi | wus misuwur sanagara | yèn Mangunonêng ngêmasi | warta praptèng Samawis | kapiyarsa ing gupêrnur | dahat pangungunira | utusan marang Batawi | tur uninga ing tuwan gurnadur jendral ||

43. Tumênggung Ônggawôngsa sarta Cakrajaya kawêdalakên saking Surakarta, wangsul dhatêng Pagêlèn

7. yèn Mangunonêng lampahnya | dinuta dening Kumpêni | kacêthikan wus kinarya | lunas anèng ing Matawis | nêngna kang sampun lalis | cinatur malih Gupêrnur | Samarang atur sêrat | ing kangjêng prabu taruni | wadanane wong sèwu lan numbakanyar ||

8. Dyan Tumênggung Ônggawôngsa | miwah Cakrajaya nami | kasuwun dèn wêdalêna | dhatêng Pagêlèn anuli | ambêktaa Kumpêni | ing Pagêlèn kinon ngrêbut | sawusnya tampi sêrat | wau kangjêng sri bupati | animbali Ônggawôngsa Cakrajaya ||

9. dhawuh dalêm sri narendra | hèh sira wadana kalih | sun duta anglurugana | krama nèng Pagêlèn nagri | mêtua ing Samawis | ngatas aparentahipun | bapa Gupnur Samarang | sandika bupati kalih | mêdal saking pura amundhi nawala ||

10. lajêng mring loji wus panggya | Oprup Totlomondo angling | benjang punapa angkatnya | sudara mêdal Samawis |

--- 66 ---

bupati kalih angling | inggih tuwan sesuk-esuk | Totlomondo manabda | kula inggih kintun tulis | layang kula pratela anunggal karsa ||

11. lawan ijoan kawula | sudara sami ngawruhi | kaanane Surakarta | tan wontên wong bisa bukti | dhinêsêkan kering |[14] pinêpêtan dening mungsuh | tan ana bisa nôngga | repot têdhaking Kumpêni | kang peparing amung kangjêng sri pamasa ||

12. lamun botên tinulunga | inggih karsaning Kumpêni | sajroning taun punika | sayekti wong cilik atis | apa kang dèn ratoni | tan ana manusanipun | sintên kang nanggi karya | ing raja miwah Kumpêni | gih punapa gawe ratu siya-siya ||

13. bupati kalih pamitan | ambêkta sêrat kêkalih | srate oprup lan sang nata | sapraptaning wisma sami | ngundhangi para mantri | numbakanyar lawan sèwu | kêrig saanak rayat | pra mantri Pagêlèn sami | nora ana ngingu bêbêt rêrangkêpan ||

14. ing Sêtu Wage umangkat | salawe Rabingulakir | maksih nunggal taunira | jumênêng dalêm sang aji | ing marga tan winarni | tigang dalu praptanipun | nagara ing Samarang | lawan gupêrnur wus panggih | têtabean surat kalih wus tinampan ||

15. wus winaos ingurmatan | mariyêm mawanti-wanti | gupnur alon wuwusira | sudara bupati kalih | ngantia limang bêngi | kula nimbali rumuhun | kanthine saudara | Tuwan Potêr Bayalali | lawan gawa soldhadhune [soldhadhu...]

--- 67 ---

[...ne] tigang dasa ||

16. kumêpyur wau tyasira | wau bupati kêkalih | Ônggawôngsa Cakrajaya | têmbungnya manis aririh | tuwan kalamun kenging | kawula adarbe atur | Kumpêni tigang dasa | punika inggih manawi | kêkathahên ing lampah dèrèng kantênan ||

17. têmah manawi kapiran | inggih têdhaning Kumpêni | sawab Pagêlèn sadaya | wus kêni dhatêng Matawis | pinartiga samangkin | kang darbe pangeranipun | sami wismèng Mataram | kang têngga Pagêlèn inggih | amung kêdhik para mantri pêpacêkan ||

18. yèn sampun kantênan wawrat | prange wong Pagêlèn benjing | kula anuntên kengkenan | minta bantu ing Kumpêni | kalangkung prêlu mangkin | prayogi tuwan akintun | sêrat mring sudaranta | Bupati Banyumas pinrih | angatêrna dhatêng ing lampah kawula ||

19. gupnur mèsêm wuwusira | inggih sudara prayogi | lawan Bupati Banyumas | sampun ambêkta Kumpêni | katiga kopralnèki | pangagênge Kopral Jakup | dika pênêt ambêkta | katiga tumênggung siji | dadya nênêm soldhat sareyan satunggal ||

20. namung ing têmbe kewala | kalamun bantu prajurit | kula akintun sareyan | Potêr ingkang anindhihi | gupêrnur marentahi | sareyan Rèke tinuduh | nênêm soldhadhunira | sêrat sampun dèn tampèni | ingkang dhawuh maring Bupati Banyumas ||

21. wus mangkat saking Samarang | wau bupati kêkalih | Ônggawôngsa Cakrajaya |

--- 68 ---

sareyan Rèke tan kari | nênêm soldhadhunèki | kapitu sareyanipun | kang dadya tindhihira | rêrêp anèng Lèpèntangi | enjing budhal ing Walèri kèndêlira ||

22. enjing budhal kajawahan | rêmbên lampahing Kumpêni | dhinaratakên kewala | wau bupati kêkalih | tan sagêt sung turanggi | langkung repot lampahipun | sapraptanirèng Batang | gènira kèndêl sawêngi | enjing mangkat kèndêl nagri Pakalongan ||

23. Adipati Jayaningrat | kang ngandhêg ing kalih latri | badhe anyaosi tundhan | lawan amrênahkên margi | kang bênêr enggal prapti | ing Pakalongan mangidul | jog Têrsana Têmpuran | angilèn ngidul jognèki | ing Lêlêdhok lajênga prapta gènira ||

24. bupati nagri Banyumas | wau dènnya pacak baris | wontên Sêgaluh samana | tapêl watêse kang bumi | Banyumas kang nagari | watês kang wetan Sêgaluh | wus dadya rêmbagira | anut bupati kêkalih | ing rêmbage Adipati Jayaningrat ||

25. sinung pakuwon pinrênah | wau wong agung kêkalih | sajawine paregolan | ing paseban kanan kering | Kumpêni dèn paringi | jroning paregolanipun | langkung sinuba-suba | dening Radyan Adipati | Jayaningrat sagunging têtamunira ||

26. sadalu nutug kasukan | badhayan sang adipati | ngrêrangin punang gamêlan | bubarira pukul katri | enjing malih winarni | pukul [puku...]

--- 69 ---

[...l] satêngah sapuluh | tamu samya ngaturan | sareyan Rèke wus prapti | sêsaosan wus aglar badhe dhaharan ||

27. Dyan Tumênggung Cakrajaya | wus prapta atata linggih | Dyan Tumênggung Ônggawôngsa | pamit apawadan sakit | kinèn mêksa mindhoni | dipati parentahipun | warahên binêtahna | ingsun antèni abukti | mêksa mopo Dyan Tumênggung Ônggawôngsa ||

28. katur ing pamoponira | duk miyarsa sang dipati | jaja bang rah sumarambah | mawinga-winga mawêngis | kocak tirahing lathi | angada-ada kumêdut | ngadêg suraning driya | angandika marang cèthi | jupukêna kêris ingsun si gupita ||

29. kang garwa kagyat ana pa | mundhut si gupita iki | santanane tinimbalan | para ipe sami prapti | dhuwunge sampun prapti | ningsêti paningsêtipun | angling marang sareyan | Rèke undangên pribadi | lara apa ing mau latri kasukan ||

30. apan iku lara awad | gêdhèkkên piangkuhnèki | dupèh punggawaning raja | mangan dadak dèn timbali | yèn ora dèn aturi | rampadan ing sabên esuk | apa lali yèn ingwang | iya dudu wong pasisir | Si Supama iya trah Rajèng Mataram ||

31. kang nothoki dhase padha | kakèkne buyute dhingin | sareyan Rèke uninga | dahat bênduning dipati | mêdal ing pondhoknèki | angrapu Radyan Tumênggung | Ônggawôngsa gya mara | wus kapanggih lan dipati | sru ngandika Adipati

--- 70 ---

Jayaningrat ||

32. hèh Tumênggung Ônggawôngsa | mamak langar sun arani | jampêng ingsun iki apa | iya wêwêton pasisir | dudu trahing Matawis | dene mêngkono angkuhmu | ingong kok kira-kira | cêcêdhis kaya sirèki | iya dudu anake Natakusuma ||

33. sawusira nguman-uman | wau sira Sang Dipati | Jayaningrat sigra nyandhak | cowèk nyambêlan nèng ngarsi | langkung dènira runtik | cowèk ginutukkên gupuh | maring Dyan Ônggawôngsa | kêni alise kang kering | dyan tumênggung panggah tan sêgu tan obah ||

34. Dyan Dipati Jayaningrat | sigra dènira nyumbari | payo kene Ônggawôngsa | angayoni parikêsit | mèh tindak sang dipati | anyêkêl ukiranipun | kang garwa sigra nyandhak | sareyan Rèke marani | angrêrêpa langkung manis aturira ||

35. jangan tuwan kêras gusar | Ônggawôngsa orang kêcil | tuwan trah Rajèng Mataram | lah mêmbri ampunan baik | Rèke wacana aris | mring Cakrajaya Tumênggung | marilah Cakrajaya | Ônggawôngsa ajak pigi | jangan sampe kliyatan tuwan dipatya ||

36. Ônggawôngsa ngajak mêdal | Cakrajaya kang umiring | ngaso mring pakuwonira | tan adangu samya prapti | para ipe dipati | amanggihi kang binêndu | muwus aparikêna | yèn èstua dados galih | amradata Dyan Tumênggung Ônggawôngsa ||

37. sayêktine sang dipatya | labuh rêrêmpon [rêrêmpo...]

--- 71 ---

[...n] nagari | dadia bubuk tinêmah | nagri Pakalongan iki | santana labuh pati | langkung saking kawan atus | wadyane kang cinêlak | sayêktine mèlu mati | wolung atus malah kapara langkunga ||

38. Rèke tansah angrêrêpa | ture marang sang dipati | mugi tuwan ngapuntêna | Gawôngsa gène tan prapti | punika datan saking | ngandêlkên punggawèng ratu | Sang Prabu Surakarta | dumèh bupati nagari | andhirèkkên dhatêng ing sariranira ||

39. miwah lamun angrasaa | lingsêm paduka timbali | sayêkti dede punika | inggih ingkang dados galih | kula purun nanggoni | ing warta watêkanipun | Tumênggung Ônggawôngsa | wantu wong lagya prihatin | sugih manah sawêg kêkathahên susah ||

40. sanès kalih Cakrajaya | ayêman tan sugih pikir | mila tan mawi suwala | Ônggawôngsa tyase mintir | mudhêng dhatêng prakawis | wiwite dadi tumênggung | sangêt ing kamlaratan | lamine wontên nagari | sakancane sami kirang sandhang pangan ||

41. miwah dandosaning aprang | labêt ing Pagêlèn mangkin | têlas wus kenging ing mêngsah | kadugi yèn pintên banggi | sagêda angantuki | narupkên santananipun | dadya putêking manah | badan lungkrah têmah sakit | mung punika datan wontên liyanira ||

42. mila mung ngapuntên tuwan | sang dipati duk miyarsi | lêga tyasira wus lêjar | sirna saksêriking galih | mangsuli sang dipati | saka liwat niyat ingsun | nanging antêpên uga |

--- 72 ---

nêdya ala apa bêcik | lawan ingsun apa sêdyane sun sarah ||

43. Dyan Tumênggung Cakrajaya | lan sareyan Rèke sami | mituturi Ônggawôngsa | ing tyas wus samya pinanggih | linabuh ingkang lali | lêluput padha rinacut | eling aja kapalang | kang kari pinacak bêcik | wus pinulih luwih malih saking lama ||

44. wus rêmbag ing angkatira | dyan dipati anyangoni | bupati kêkalihira | ngalih atus reyal anggris | sareyan dèn sangoni | inggih ugi kalih atus | bupati kalih pisan | warata kancane mantri | sami ngalêm lomane langkung narima ||

45. Kumpêni sinungan tundhan | sarta mantri tuduh margi | mangkat saking Pakalongan | angidul bênêr saari | minggah ing ardi rumpil | Pakalongan kidulipun | anjog ing tanah Banjar | sipêng sadalu anuli | enjingipun prapta Pamrêdèn nagara ||

46. lajeng prapta pabarisan | Sigaluh ênggèning baris | Tumênggung Yudanagara | urmat mêthukkên mring jawi | asêsalaman sami | lawan kêkalih tumênggung | tabean lan sareyan | kinanthi manjingirèki | pamondhokan wus samya tata alênggah ||

47. sareyan Rèke asigra | anampèkakên kintèki | saking Gupêrnur Samarang | tinampan tinupiksaglis | kadriya punang tulis | Yudanagara amuwus | kula aminta inah | inggih sapêkên puniki | kula ngêrig wong Batu kang wontên desa ||

48. punika [puni...]

--- 73 ---

[...ka] gupnur parentah | ngatêrna pun kakang kalih | kondur mring Pagêlèn praja | nauri bupati kalih | kula punika yayi | sumôngga ing karsanipun | angantosi sawulan | tan darbe bawa wak mami | sakarsane yayi mung anut kewala ||

49. lagya angsal tigang dina | nuntên wontên surat prapti | kang saking Gupnur Samarang | yèn sareyan Rèke mangkin | winisudha Kumpêni | pangkat kumêndhaning laku | Jakup minggah sareyan | kang wontên Toyamas lami | kinumpulkên dadya Kumpêni sadaya ||

50. kalawan Kumpêni Islam | salawe kang lagya prapti | sawusnya praptèng samaya | budhale bupati katri | ing Panjêr Ngayah Pasir | Banjar Mardèn Dhayaluhur | pra ramya urun bala | banderane warni-warni | wadya agêng barise lampah pucungan ||

59. Pocung[15]

1. anèng ngarsa mantri numbakanyar sèwu | Kumpêni ing têngah | dene kang munggèng ing wuri | sakancane Tumênggung Yudanagara ||

2. baris agung wus angancik Kaliwungu | nulya jog ing Roma | tan ana ingkang ngawali | para mantri balane para pangeran ||

3. samya mirut tan ana ingkang amêthuk | mung atur uninga | gustine wontên Matawis | wong Pagêlèn samya wisma Kabanaran ||

4. lampahipun ing Pagêlèn sampun rawuh | rawuh Jampisalam | tigang dalu lajêng malih | wus angetan prapta dhusun Jagabaya ||

5. Dyan Tumênggung Yudanagara gya wangsul | kondur mring Toyamas | kumêndhan Rèke kang kari | dyan tumênggung

--- 74 ---

kalih tata pabitingan ||

6. Dyan Tumênggung Ônggawôngsa ingkang kidul | kang lèr Cakrajaya | sawadyane kang ngênggèni | Kumpênine tumut kidul ênggènira ||

7. wus angumpul mantri numbakanyar sèwu | sami mêntas susah | musakat anèng nagari | mangke sami asrêp pêdhak desanira ||

8. dhusunipun pêdhak lèpên ginalugu | dene kalantaka | pinasang rinakit nginggil | wus santosa kumpule arahan kathah ||

44. Wadyabala Kumpêni campuh kaliyan wadyabala Kabanaran, wontên ing Banyudana (Bayalali)

9. dandanan gung polatan ing luhuripun | kunêng kang atêngga | Pagêlèn wus pacak baris | kawuwusa Gupêrnur Nagri Samarang ||

10. karsanipun angawaki ing prang pupuh | arsa nyirnakêna | mungsuh jroning taun Alip | pan angêrig sagung prajurit Madura ||

11. duk puniku panêmbahan datan rawuh | kapambêngan gêrah | dadya amung atur sulih | pêpatihe Mas Riya Môncanagara ||

12. pitung èwu cacahing prajuritipun | tindhih pra santana | kang samya wantêr ing jurit | aran Radèn Apanji Dipanagara ||

13. kang pinangku tumbaking prajuritipun | binang kapurancak | tumpêr ingas lan bung pacing | sisih Radèn Apanji Sumanagara ||

14. malihipun Panji Suranata Bagus | ingkang [ing...]

--- 75 ---

[...kang] winêngkonan | tumbak sulam lan gêrandim | ana wrêgu endhe têlorong lan kantar ||

15. kawan atus saragêni krêbinipun | de têtindhihira | aran Panji Kartasari | Kartayuda pulunannya panêmbahan ||

16. ênêm atus sragêni bayinètipun | pra ipe têtiga | ingkang samya anindhihi | sêsêpuhe Apanji Purwadipura ||

17. praptanipun Samarang prajurit agung | gupnur pêparentah | Mayor Kèngsêr Senapati | kawan atus Walônda kang tinindhihan ||

18. kalih atus kathahing dragundêripun | kalih atus dharat | wolung atus Bugis Bali | pra bupati pasisir ingkang lumampah ||

19. Dêmak Kudus Batang Kêndhal Kaliwungu | wus samêkta budhal | gupêrnur saking Samawis | bêkta mriyêm sakawan tiktak sakawan ||

20. ari Sabtu lampahe gêgaman agung | kadya wukir kobar | prajurit mawarni-warni | anglir alun gumulung agêgolongan ||

21. munggèng ngayun wong Madura lampahipun | kèndêl ing Ungaran | salatri enjing lumaris | nulya lêrêm malih anèng Salatiga ||

22. lajêngipun nèng Bayalali sadalu | wontên dutanira | Rôngga Bupati Samawis | akêkintun mring Sang Prabu Kabanaran ||

23. lampahipun amor lawan baris agung | duk saking Samarang | badhe nyimpang Bayalali | kawênangan bature Aryendranata ||

24. sêratipun myang obat mimis sapikul | pan sampun ingagrak | gupnur bêndune tan sipi | Mayor [Ma...]

--- 76 ---

[...yor] Kèngsêr pinasrahan pangawasa ||

25. kinèn laju kèndêl Toyadana dhusun | aja lunga-lunga | besuk angêntèni mami | jêjaganga sira anèng Banyudana ||

26. iya lamun sira tinêkanan mungsuh | aja na pêpeka | abot prange Mangkubumi | wus cinêkêl wau dutane Mas Rôngga ||

27. gupnur wangsul mring Samarang baris laju | praptèng Banyudana | prajurit Madura wiwit | angrêrayah ngobong-obèngi[16] padesan ||

28. barisipun tinata pakuwonipun | pring gêdhèg kinarya | kêkayon kang dèn têgori | rêrakite prasami cinara jagang ||

29. kunêng wau kang para mantri pangayun | samyatur uninga | maring Kabanaran nagri | lamun wontên mêngsah agêng Banyudana ||

30. twan gupêrnur ambêkta Walandi sèwu | kaduk loking warta | yêktine gunggung prajurit | Bugis Bali Wlônda Jawa myang Madura ||

31. pitung èwu aliya sêsikêpipun | pra Panji Madura | kang ngrêmbat ngiras prajurit | dadya lawan sikêp gunggunge salêksa ||

32. karsanipun sri narendra arsa mêthuk | wus gilig sadaya | santana lan pra bupati | amung kantun amanah rakiting gêlar ||

33. sang aprabu pangandikanira arum | paran rêmbugira | kulup lan kakang dipati | gêlar apa iku kang pantês kanggoa ||

34. yèn sirèku nganggo dumuk angun-angun | sagung mungsuhira | Kumpeni apacak biting | tan pakolèh lamun gêlara candrasa ||

35. iya lamun agêlara gajahbangun | saya

--- 77 ---

tan prayoga | yèn kinarya kagapati | miwah brajatisna lungit tan prayoga ||

36. nêmbah matur pangran mung anut sadhawuh | sumôngga ing karsa | kawula darma nglampahi | kakang Pugêr paran baya budinira ||

37. Pugêr matur lamun suwawi pukulun | inggih pinartiga | dhadhap pangawate kalih | adarbea inggih gêlar sowang-sowang ||

38. kiwanipun nganggoa candrasa patut | kang têngên punika | anganggea kagapati | ingkang dhadha angangge êmprit anêba ||

39. watêkipun ingkang candrasa atêpung | kadya grudhanglayang | kagapati têpung ugi | sri narendra pinuju mangayubagya ||

40. sira kulup ana têtêngên ênggonmu | dadia wak-awak | kang Pugêr sabêtirèki | akanthia Dipati Suryanagara ||

41. lan wong Warung Balora ingkang pinangku | dene ingkang kiwa | dhimas Pangran Singasari | sabêtira dhimas Pangran Purubaya ||

42. Si Tumênggung Janapura rowangipun | lan Jayanagara | Si Mangkudiningrat sami | anunggala gunggunga gêlar candrasa ||

43. iya kulup Kudanawarsa Tumênggung | ana kiwanira | pakolèhe cakêt mami | sun jagani bok kuwur sapangkonira ||

44. dadya ingsun nora adoh atêtulung | bisa kobêr nata | rusake pêpangkon mami | anadene kakang mas Adiwijaya ||

45. wuriningsun pangungsène wong kang lêsu | lawan anyandhinga | jun gênthong kang isi warih | awit kulon Ngasêm kaline tan ana ||

46. têngên iku kaline Pepe

--- 78 ---

wus cukup | pangawak kang kiwa | pan iya kaline Pêngging | dèn prayitna mungsuhmu padha prawira ||

47. wit mungsuhmu wong Madura luwih sèwu | warta pitung nambang | sapa kêlar anadhahi | lamun ora lawan pitulunging Suksma ||

48. iku durung ngetung prajurite jagul | lawan wong Walônda | Bugis Makasar myang Bali | pra bupati pasisir mèh kêkêrigan ||

49. iya kulup sira budhala rumuhun | lan sawadyanira | dadya lumaku sarênti | barêng kakang Pugêr myang Suryanagara ||

50. dèn lumintu budhal saking alun-alun | dhimas Mangkusuma | miwah kakang mas Suryadi | angulona ing Pagêlèn padhangêna ||

51. ingkang kukuh ywa kèguh katêkan mungsuh | lamun padha Jawa | awit dene mungsuh iki | ingkang gêdhe wus golong nèng Banyudana ||

52. dadi iku katri bupati ing Kêdhu | kakang Mangkupraja | Kartayuda lawan malih | Si Tumênggung Wiraguna ingsun gawa ||

53. rêmbag rampung kondur ngadhaton sang prabu | sagung pra bupatya | santana bubaran sami | samya tata samaktaning magut yuda ||

54. wadya agung enjing baris ngalun-alun | atarab balabar | sawusnya miyos sang aji | pra wong agung angabêkti lajêng budhal ||

55. barisipun apindha wana wun-awun | têtêg asauran | gong bèri bêndhe tinitir | warna-warna busanane wadyabala ||

56. ana wungu irèng abang kuning dadu | abra amarkata | lir pendah kang wukir sari | panganjure Dipati Suryanagara ||

57. pêndhak esuk [e...]

--- 79 ---

[...suk] budhal Pangran Singasantun | Pangran Purubaya | miwah sagung pra bupati | panganjure Tumênggung Jayanagara ||

58. kang rumuhun samya kèndêl ing Kalêpu | wau Sang Dipatya | Suryanagara wus rakit | sabalane pacak baris ing Drêsanan ||

59. duk puniku Mangkunagara wus rawuh | anèng desa Mudal | ngrakit pasanggrahan aji | pan kajujul bala ing wuri gung prapta ||

60. enjingipun budhal malih kang wadyagung | Pangran Purubaya | miwah sagung pra bupati | rêrêp Mudal cinatur kang anèng wuntat ||

61. sang aprabu jêngkar saking prajanipun | ngayap wadyabala | têtindhih kapat bupati | Jayadirja Mas Rôngga Wirasantika ||

62. tiganipun Dyan Wiradigda Tumênggung | kapat Môndaraka | dene bupati kang miji | datan têbih têdhak dalêm jêng sri nata ||

63. Dyan Tumênggung Wratmôka myang Singaranu | Sindusastra lawan | Tumênggung Rêksanagari | kalimane Tumênggung Ranadiningrat ||

64. sang aprabu wusnya rawuh mêdal dhusun | mundhut palapuran | cacah wadyaning bupati | miwah wadyanira kang para pangeran ||

Lajêng nyandhak jilid 7.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Warung. (kembali)
3. kabèh. (kembali)
4. Ngabdurahmannu. (kembali)

5. Sengkalan: tata pandhita rasaning bumi (1675 A.J., 1749/50 A.D.). (kembali)
6. kopi. (kembali)
7. Carangmôndhalika. (kembali)
8. Êpor. (kembali)
9. Mas. (kembali)
10. Mangkunagara. (kembali)
11. kamandaka. (kembali)
12. Wilatikta. (kembali)
13. Tumênggung. (kembali)
14. Kurang satu suku kata: dhinêsêkakên kering. (kembali)
15. Teks asli: Pucung. (kembali)
16. ngobong-obongi. (kembali)

Serie No. 1259f

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 7.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Wadyabala Kumpêni campuh kalihan wadyabala Kabanaran wontên ing Banyudana (Bayalali).[1]

65. kêmpalipun kang wahana kuda gunggung | salêksa rong dhomas | kang dharat datanpa wilis | dene praboting yuda kang cinarita ||

66. cacahipun kang bandera kawan atus | langkung wolung dasa | bêndhe bèri tanpa wilis | kodhokngorèk tiga carabalèn sanga ||

67. tamburipun lawan suling kawan atus | têtêge sakawan | samana jêng sri bupati | wusnya tampi lapuran dahat tan nyana ||

68. inggih lamun samantên kèhe wadyagung | dadya anêlôngsa | suka sukur ing Hyang Widi | gènnya sampun tampi sih nugrahaning Hyang ||

69. ngandikarum mring Jayadirja Tumênggung | kalawan Mas Rôngga | akèh wadyaningsun iki | lagi mêngko sun wêruh untabing bala ||

70. nanging ingsun tansah mêlang jroning kalbu | bêcik kang anyêngka | lan sinêngka wong ajurit | sapa wêruh iya dadine ngayuda ||

71. yêkti lamun gumantung karsèng Hyang Agung | kawula mung darma | mangkana sri narapati | pêparentah budhalan saking ing Mudal ||

72. kang panganjur nabrang Wanakarta sampun | gègèr Surakarta | prasami angati-ati | kang lêlampah pangayap jog [jo...]

--- 4 ---

[...g] Sidawayah ||

73. kiwanipun pangawate misah sampun | siji ngilènira | anjog Têlawong ing Pêngging | kadya ladhu prajurit ing Kabanaran ||

74. sang aprabu kèndêl makuwon Dêlanggu | kang putra Pangeran | Mangkunagara nèng Piji | Wanakarta jêjêl kanggenan gêgaman ||

75. dalunipun Kudanawarsa umatur | gusti yèn sêmbada | pun paman Suryanagari | dèn aturna dhatêng rama padukendra ||

76. yèn panuju nyuwun sakawan tumênggung | môngka tindhih wadya | lintune Suryanagari | Singaranu Brajamusthi Brajadênta ||

77. kapatipun pun Jayadirja Tumênggung | awit jêng ramendra | karsa ngawaki ing benjing | aprang dharat anindhihi wadyabala ||

78. sakalangkung pun paman kawatosipun | kumêdah rumêksa | anyêlaki sri bupati | akanthia Mas Rôngga Wirasantika ||

79. pangran rujuk Kudanawarsa ingutus | sowan ingkang rama | ing Dêlanggu praptèng wêngi | tinimbalan laju ing ngarsa wotsêkar ||

80. dhuh pukulun putra dalêm aturipun | pun Suryanagara | pakaryanipun ing benjing | sampun kongsi têbih lawan padukendra ||

81. lintonipun nuwun sakawan tumênggung | Singaranu lawan | Brajadênta Brajamusthi | sakawane pun Tumênggung Jayadirja ||

82. sang aprabu mèsêm angandika arum | ya Kudanawarsa | ingsun kaledhon ing pikir | ing prang dharat pisah lan Suryanagara ||

83. sapa iku kang eling apa si kulup | matur Danawarsa |

--- 5 ---

gusti kawula kang eling | mila katur dhatêng putra padukendra ||

84. sang aprabu gumujêng ngandika arum | ya Kudanawarsa | muliha sun wus marêngi | iya padha nuli sira prentahana ||

85. duk puniku Kudanawarsa Tumênggung | pinaring sang nata | kuluk bludru rendan adi | wus tinampan gyan mundur agêgancangan ||

60. Durma

1. tan kawarna ing dalu wuwusên enjang | budhal têngara muni | baris kang pangarsa | kumrab tanpa wilangan | èngêt ing parentah sami | angambil papan | Kumpêni wus miyarsi ||

2. dalunipun pra bupati kalêmpakan | miwah kang para panji | prajurit Madura | sadaya samya prapta | Mayor Kèngsêr senapati | alon lingira | paran punika benjing ||

3. wus têtela Sang Aprabu Kabanaran | sampun wontên ing Piji | kêrig prajuritnya | punggawa pra santana | nêdya amukul ing benjing | angantêp ing prang | Susunan Mangkubumi ||

4. pra dipati ature kadipunapa | tuwan yèn ing ajurit | asor ungguling prang | botên kenging suminggah | Hyang Suksma ingkang darbèni | pra Panji Sampang | mring mayor anauri ||

5. jangan susah tuwan mayor dhi atas prang | kaluk orang Kumpêni | bêrtêmên Madura | kumpul bêgini banyak | kêndhati dhitambah lagi | dhêlapan bêlas | sapêrti Mangkubumi ||

6. Mayor Kèngsêr pêparentah tata wadya | miwah mariyêmnèki | pra Panji Madura | matur jikaluk tuwan | kasih idhin besok pagi | bala [ba...]

--- 6 ---

[...la] nyang adha | dhi kidul kulon ini ||

7. saya pukul Bupati Kêndhal angucap | bênêr tuwan sayêkti | yèn kongsi kanggenan | kidul kilèn punika | gih tuwan repot ing jurit | botên ambêkan | batur ingkang ajurit ||

8. Mayor Kèngsêr sigra dènnya pêparentah | pra bupati pasisir | myang Kumpêni Islam | lor kulon bumènana | mriyêm siji tiktak siji | ingsun watara | tan arsa Mangkubumi ||

9. pasthi wetan dalan gêdhe ênggonira | bala Madura benjing | kulon kidul wetan | pêsthi ingkang bubuhan | kalawan Kumpêni putih | têlu tiktaknya | mariyêm têlung iji ||

10. ngambil papan Pangeran Mangkunagara | ngalèr ngilèn wus prapti | lan sawadyanira | miwah para bupatya | sang nata Ngasêm wus prapti | kèndêl aprênah | angawat kanan keri ||

11. Pangran Arya Purbaya Mangkudiningrat | angidul ngilèn sami | tuwin pra bupatya | ingkang sami pinatah | Kumpêni sampun udani | yèn mungsuhira | parentah masang rakit ||

12. wis miranti Kumpêni miwah Madura | cinatur sri bupati | prajurit kang pêrak | pan tigang dasa gangsal | cacahe mantri pinilih | lan wolung dasa | suranata prajurit ||

13. para mantri miwah ingkang para dêmang | wadya kaparak sami | kang sampun ginatra | ing kiwa têngênira | Madura nêmlikur nunggil | ing ngarsa pisan | suranata pinilih ||

14. ingkang rewa-rewa prajurit kaparak | têlase kang nambungi | saprajuritira |

--- 7 ---

Rôngga Wirasantika | têlung sungsun kang nambungi | Jayanagara | Jayapura nambungi ||

15. sinambungan ing Pangeran Singasêkar | prajurit kang turanggi | têpung barisira | Pangran Mangkudingrat | lan Pangran Purbaya kanthi | para bupatya | nênêm ingkang turanggi ||

16. ingkang têngên barise wadya kaparak | ngencong lèr kilèn sami | kang kiwa mangkana | sami pangencongira | kaparak ingkang prajurit | têngên têlasnya | nênggih kang anambungi ||

17. sawadyane Dipati Suryanagara | Danawarsa nêpungi | saprajuritira | lan Suramangunjaya | Pangeran Mangkunagari | wahana kuda | lan Pugêr Adipati ||

18. sakancane pêpitu para bupatya | prajurit kang turanggi | wau sri narendra | dangu pangawasira | nganan ngering wus prayogi | sigra têngara | kodhokngorèk munyatri ||

19. carabalèn Pangeran Mangkunagara | Pangeran Singasari | carabalèn samya | gumuruh tamburira | barung têtêg bêndhe bèri | kukuk asurak | lir guntur sèwu wukir ||

20. mêngsah dharat Dipati Suryanagara | kiwane animbangi | guntur ingkang gêlar | Rôngga Wirasantika | dhêdhêt kang bala Kumpêni | miwah Madura | lanas Radèn Suwandi ||

21. sakancane wus samya angrakit jagang | sri narendra nimbangi | Dipati Janingrat | Pangran Adiwijaya | binêkta dharat prasami | ririh lampahnya | sarêng campuhing jurit ||

22. wus ingaban wadya Kumpêni umangsah | drèle mawanti-wanti | wong Madura [Ma...]

--- 8 ---

[...dura] giyak | Radèn Suryanagara | katulak pamukirèki | agulagêpan | nadhahi drèl Kumpêni ||

23. mundur ririh Dipati Suryanagara | katulak pamuknèki | dènira miyarsa | nguwuh bala Madura | ing bature ing jro sami | bala Madura | wêtonana sun iki ||

24. sun Madura kabandhang kala prang Tidhar | kang jro nulya ngêtoni | Madura Mataram | amor ambalik samya | suranata lan pinilih | kang tinumbakan | kuwur Sampange balik ||

25. rikatira Dipati Suryanagara | saking lèr anungkêbi | lan Kudanawarsa | ulêng lan wong Madura | rame rok asilih ungkih | rukêt arikat | Madura akèh mijil ||

26. praptèng Pangran Dipati Mangkunagara | angilês ing turanggi | Madura kèh pêjah | bingung akuthetheran | wontên sawidak kang mati | sakarinira | samya malêbêt malih ||

27. nulya mriyêm sinungsun angrampit jagang | mundur akèh ngêmasi | kang kidul umangsah | Rôngga Wirasantika | katulak mariyêm sami | kalawan tiktak | mundur anêbih malih ||

28. kuwur sami nyinggah ingkang bêdhil tiktak | wong Madura winarni | Panji Kartayuda | rongatus sragêninya | numbak Panji Kartasari | catur tus samya | mangidul ngilèn sami ||

29. praptanira kidul ngilèn Ganawêlang | panggih mungsuhirèki | prajurit turôngga | dhêndhêng lir pagêr jarak | kêkalih kang payung kuning | dupi umiyat | yèn wong Sampang [Sa...]

--- 9 ---

[...mpang] mêdali ||

30. sarêng kukuk giyak nêmpuh ing rêrampak | pangeran anindhihi | wong Madura panggah | nora mingkêt sacêngkang | Panji Kartayuda anjrit | krêbin ingikal | udhêng binuwang siti ||

31. ingkang rama Radèn Panji Kartasêkar | uncal lawungirèki | panyêrote kêmba | Pangeran Purubaya | mênggah mung bêdhil-binêdhil | wau Pangeran | Mangkudiningrat bali ||

32. saragêninira kêkalih kang pêjah | Pangeran Purbayèki | mantrine kang pêjah | Ngabèi Martapura | pangerane sami nêbih | mulat wong Sampang | panggah tan kêna kongkih ||

33. dadya kèndêl ajêng-ajêngan kewala | ngawêt sawadyanèki | Pangran Purubaya | Pangran Mangkudiningrat | tuwin ingkang pra bupati | balane ambyar | marga gêng dèn barisi ||

34. bok kaburu kang baris ing Banyudana | sami ciptanirèki | ngadhang kêkumbahan | kunêng malih winarna | yêkti lampah anyarêngi | gêntos kocapa | gupnur praptèng Samawis ||

35. datan ngangge lêrêm alajêng kewala | Bupati ing Samawis | pinikut anulya | Rôngga Tisnawijaya | sinelong gupêrnur nuli | wangsul umangkat | maring barisan malih ||

36. praptanira Bayalali atêtanya | mring kumêndhan kang jagi | kumêndhan turira | mungsuh agêng kang prapta | sang nata têdhak pribadi | balane lêksan | kagyat gupêrnur aglis ||

37. mangkat kanthi kêkalih upas Walônda | upas Jawa kêkalih | samya kêkapalan |

--- 10 ---

lan Arya Endranata | rencange amung kêkalih | kang jêjaranan | kumpul wor kang turanggi ||

38. nandêr jojog turangganira wus prapta | kilèn Bondalêm sami | mêngsah katingalan | ewon kang munggèng kuda | tan kêndhak dènnya lumaris | mungsuh tinêrak | kagyat prasamya nisih ||

39. pan kinira lamun bêbantu kang prapta | bala kèh anèng wuri | dalu tiningalan | kuda wolu balaka | ing wuri tan nana malih | arsa bujunga | gupêrnur sampun têbih ||

40. prapta loring Ngaru-aru kilènira | ing Ganawêlang dèsi | ningali Madura | nêmatus maksih aprang | dêlèr sakêdhap ngampiri | panggih tabean | lan Panji Kartasari ||

41. miwah maring Radyan Panji Kartayuda | gupêrnur têtanyaris | Mangkubumi prapta | iya ing êndi gènnya | matur Panji Kartasari | wontên ing wetan | ênggène Mangkubumi ||

42. mêngsah kula puniku ujaring warta | Pangran Purbaya kanthi | Pangran Mangkuningrat | wetan pangeran kathah | gupnur tabe mangkat malih | laju mangetan | gènnya lumampah ririh ||

43. prapta Banyudana nuju ramening prang | lèr wetan kilèn sami | samya bêbêdhilan | saking ing katêbihan | dangu lèrèn kang prajurit | upêsir opyak | lamun gupêrnur prapti ||

44. Mayor Kèngsêr têtabean udhunira | gupnur saking turanggi | miwah pra bupatya | sadaya têtabean | wong Madura para panji | gupêrnur tanya | manggène sri bupati ||

--- 11 ---

45. wontên ingkang umatur nèng têngah marga | gènipun Mangkubumi | gupnur sigra nyandhak | sêmprong sinêmprong sigra | ngalor ngidul ajêngnèki | ngungun ing driya | dènira aningali ||

46. pandhêndhênge turôngga lir pagêr jarak | dharat angrèb ngêbêki | sêsawah padesan | gamêng tanpa wilangan | nulya ingundhangan malih | lèr kidul mangsah | jêjagang dipun rampit ||

47. ingkang têngên Dipati Mangkunagara | kiwa lajêng nimbangi | gumuruh duk surak | tambur bèri wurahan | kukuk awor carabali | abêbarungan | Kumpêni angêdrèli ||

48. nanging saking salêbêt jagang kewala | dêlère angadhêpi | mariyêm kang wetan | Mayor Kèngsêr kang nata | dragundêre mobat-mabit | pangawat samya | kang mangsah dèn mriyêmi ||

49. dhadhanipun Sri Bupati Kabanaran | kèndêl mung marentahi | angabên pangawat | katon songsonge jênar | kêthap-kêthip munggèng kursi | dènnya pinarak | kang munggèng ngarsa kêdhik ||

50. prajurite angiwa nêngên kewala | wuri datanpa wilis | Sa[2] Jayanagara | pangawat kiwa nunjang | kidul wetan wus angrampit | ngidak angrangsang | wong Madura nadhahi ||

51. akèh lanas kancane Carangcintaka | supe parentah sami | mêdal ting kêreyab | pojoke kidul wetan | Jayanagara Matawis | ingkang ingambah | lajêng caruk mangungkih ||

52. kaduk purun akuwêl bêdhil binuwang | amung tumbak lawan kris | ulêng angrêrampak | rame kang

--- 12 ---

bôndayuda | gupêrnur duka tan sipi | mariyêmira | ngidul ngetan dèn nêngi ||

53. manawantuk Madura caruk wor ing prang | Carangcintaka nênggih | rukêt lawan lurah | saragni Janêgara | buwang tumbak rukêt kêris | Carangcintaka | pêjah anulya aglis ||

54. Jayanagara arsa nigas mustaka | pan sampun dèn kakahi | nulya praptanira | Panji Suranagara | rongatus sarênge mijil | ngamuk kotbuta | rusak wadya Matawis ||

55. saya agung prajurit Madura mêdal | dêlèr asru ngadhangi | tinêrak kewala | tan kêna sinayutan | mundur prajurit Matawis | kathah kang pêjah | Pangeran Singasari ||

56. atêtulung prasamya bala turôngga | kêndho sêsabêtnèki | ingamuk Madura | sawadyanira giwar | kang lèr Madura mêtoni | rukêt kalawan | Dipati Suryanagri ||

57. sigra prapta Pangeran Mangkunagara | nunjang ngilês turanggi | prajurit Madura | bingung akuthetheran | Dipati Suryanagari | tan kongsi rusak | akas sêsabêtnèki ||

58. undurira Dipati Suryanagara | mung têtiga kang lalis | lan mantri satunggal | Madura kantun rolas | kasêlak sêsabêtnèki | dadya undurnya | mundur arèrèh ririh ||

59. datan kadya kang kidul sêsabêtira | kêndho tan mikantuki | mila Janagara | undure karusakan | salawe wonge ngêmasi | mungsuh Madura | amung sanga ngêmasi ||

60. wau bala Madura ingkang lèr wetan | kang mêdali kèh mati | kêdhik [kêdhi...]

--- 13 ---

[...k] ingkang gêsang | sami manjing pondhokan | mariyêm sami nusuli | amung sakawan | tan kandhêg gêgirisi ||

61. saundure Pangeran Mangkunagara | Dyan Suryanagara glis | umatur pangeran | anggèr dede kinôndha | tan kêna pinaksèng jurit | mêngsah Madura | tan kêna ginagampil ||

62. ing ayuda tan angsal tangguhe pisan | wontên timbalan prapti | saking ingkang rama | inggih sapisan êngkas | kinèn ngumpulkên prajurit | wau kang rama | badhe ngawaki malih ||

63. kinumpulkên prajurit ingkang kapisah | duk winêton rumiyin | dene wong Madura | palayune anêbah | Dipati Pugêr atêbih | nèng Sokawaya | saonjotan dohnèki ||

64. lan ing Banyudana Pugêr sawadyanya | lan sapanêkarnèki | kang para bupatya | nênggih môncanagara | ingundhangan ngumpul malih | Sang Adipatya | Pugêr lagya aguling ||

65. nèng gêgampèng pinggir kali Sokawaya | ngorok dènira guling | golêk impèn lagya | gandhèk kang undhang prapta | jrih mungu mring sang dipati | gandhèk agêlar | sigra ngunèkkên bêdhil ||

66. kagyat kukuk dadya wau sang dipatya | gandhèk umatur aris | paduka ngandikan | sri narendra umangsah | Pugêr alon dènira ngling | gandhèk matura | impènku ora bêcik ||

67. dudu dina iki dudu dina benjang | kalahe mungsuh iki | pan kari sawulan | yèn ugi praptèng môngsa |

--- 14 ---

nora nganggo dèn pêrangi | mungsuhe benjang | apan minggat pribadi ||

68. dèn balanga ing kalungsu bae minggat | gandhèk aturirèki | gih duka andika | kula ajrih matura | sang nata wus mangsah jurit | ngantos andika | kinèn sami ngêncêngi ||

69. adipati sigra nyêrat ing karopak | anèng luhur turanggi | mung rong larik têlas | gandhèk sira aturna | tinampan gandhèk nulyaglis | ambêkta sêrat | ya ta wau sang aji ||

70. ingkang wadya lor kidul kulon lan wetan | sarêng umangsah ngrampit | suraknya gumuruh | têtêg bèri sauran | tambur suling carabali | ngangsahkên bala | lor kidul angêbyuki ||

71. sru gumuruh surak kang dharat turôngga | kumrap anunjang wani | carabalèn kathah | bêndhe bèri sauran | tambure anggêgêtêri | kadya dhawuhan | bêdhah anggêgirisi ||

72. drèling mêngsah kadya gunturing prawata | mariyêm anusuni | gumuruh suraknya | giyak bala Madura | bakuh tan nêdya ginggangi | kidul bewakan | wus samya dèn obongi ||

73. wau prapta gandhèk kang ngaturkên surat | saking Pugêr Dipati | wusnya tinupiksa | sang nata mundhut kuda | nitih sarwi swarèng dasih | bocah mundura | wadya kang kanan kering ||

74. panyanane undure ratune kalah | samya lumayu ngisis | kèh tunjang-tinunjang | tan ana tolih kadang | lumayu kawalik-walik | tan wruh ing warta | gumrubyug rêbut dhingin ||

--- 15 ---

75. kathah tambur bandera ingkang tinilar | wong Madura kèh mijil | angambil bandhangan | Pangran Mangkunagara | ngungun tan uningèng warti | balane sirna | mung mantri jro kang kari ||

76. duta kawan dasa ngidul lampahira | Madura kang mêtoni | kasusu lêbêtnya | sami bêkta bandhangan | suka wus malêbêt biting | wau Pangeran | Mangkunagara prapti ||

77. ing marga gêng dèn mariyêm saking wuntat | eca lumampah aris | mriyêm datan kêndhat | Pangran Mangkunagara | maksih rinêksèng Hyang Widi | mimis kaliwat | wonge tan ana kêni ||

78. maksih nambur Pangeran Mangkunagara | praptèng Ngasêm pan maksih | tambur kang binuwang | tambure wong Mataram | miwah banderane kalih | kinèn ngambila | ing wadya ngasmarani ||

45. Sinuhun ing Kabanaran bidhal dhatêng Pagêlèn sarta Kêdhu badhe paring biyantu

61. Asmaradana

1. samana kantun pribadi | Pangeran Mangkunagara | amung mantri jro balane | kang maksih dhèrèk gustinya | wadya kang kathah-kathah | prasamya mawur katawur | palayune tan karuwan ||

2. wadyabala kang lumaris | kang saking lèr salang-tunjang | gumrêdêg nusul gustine | kang saking pangawat kiwa | dadya akadhungsangan | malêdug pendah wun-awun | kadya binujung [binu...]

--- 16 ---

[...jung] ing mêngsah ||

3. ratune kèndêl nèng Piji | angantosi balanira | kang dadi pangawat kabèh | lawan ngantosi kang putra | Pangran Mangkunagara | kèndêlira sang aprabu | wus dangu kang putra prapta ||

4. têdhak saking ing turanggi | Sri Bupati Kabanaran | Pangran Mangkunagarane | prapta ngaturkên bandera | tambur bêndhene wadya | kang tinilar nèng margagung | gawane wadya Mataram ||

5. lingsêm kang para bupati | kang darbe tambur bandera | pangeran ngakak gujênge | mungsuh dèn arani mêlak | banderane binuwang | mungsuhe tan ana mungup | palayune kadhungsangan ||

6. nulya arêmbagan sami | sri bupati angandika | kulup karia ing kene | angrêksaa tanah Pajang | ingsun arsa yun mulat | angatêr pamanirèku | Pangeran Arya Purbaya ||

7. Mangkukusuma tur uning | kasêsêr gonira yuda | amungsuh lan wong Pagêlèn | dene Si Jagaulatan | lamun Kêdhu dèn ambah | ana mungsuh têka Kêdhu | bupati sira parakna ||

8. pamanira Si Dipati | Suryanagara kalawan | Môndraka Wiradigdane | Bupati Kêdhu bandhangan | têtêpa Kabanaran | sakaliwon mantrinipun | aja owah gone wisma ||

9. dene mungsuh gupnur iki | yèn nêdya mukul Mataram | rêriwukên buri bae | sun tadhahane ing ngarsa | yayi mas Singasêkar | iya tunggala sirèku | milu tunggu tanah Pajang ||

10. kakang Pugêr dika mulih | bupati môncanagara | kakang dika gawa kabèh | Si Dipati Suranata |

--- 17 ---

pasisir ulihêna | kêncêngana Pathi Kudus | Juwana Lasêm lan Tuban ||

11. Jadirja Rôngga sirèki | kêkinthila nèng Madura | bocah saêlèring Pepe | lawan Bupati Samarang | jambakên saking wuntat | yèn baris Kumpêni maju | gitik Si Mangkunagara ||

12. nuli jambakên ing wuri | tarunga anglès kewala | nora lawas lakuningong | nabrang sa-Kulonparaga | têlas andika nata | sarwi sandika turipun | sarêng dènira budhalan ||

13. sri bupati mring Matawis | Pangeran Mangkunagara | mingsêr Barambang barise | wetaning sagung punika | Dipati Pugêr sigra | angalèr sakancanipun | badhe pasisir lampahnya ||

14. Rôngga Jayadirja kanthi | gubêd angilèn lampahnya | nèng Langkap pacak barise | Tingkir lawan Salatiga | myang kiwa têngênira | ing Bayalali wus suyud | gupêrnur gantya kinôndha ||

15. majêng barise nèng Piji | arsa mukul ing Mataram | ing Jabung pacak barise | Sri Bupati Surakarta | jêngkar saking ing praja | têdhak marang Piji dhusun | manggihi Gupnur Samarang ||

16. rawuh dalêm anèng Piji | pinêthuk ing baris urmat | Kumpêni lan Madurane | dêlèr mêdal jawinira | jagang ing baris panggya | têdhak sing kuda sang prabu | gapyuk lajêng têtabean ||

17. ngaturan mring pakuwoning | dêlèr wusnya tata lênggah | Madura para panjine | samya ngujung sri pamasa | sang nata angandika | bapa Hondhorêp gupêrnur | paman Pangran Buminata ||

--- 18 ---

18. kula pracayakkên mangkin | dhatêng Kumpêni kanthinya | kalih bupati lirune | ingkang kabandhang ing mêngsah | Tumênggung Wiraguna | Mangkupraja kalihipun | katigane Natayuda ||

19. bupati panumping bumi | dene namane kang anyar | inggih kula sami mawon | kalih ingkang ginêntenan | mung bupati sajuga | Bumija maksih gumantung | bapa kula dèrèng angsal ||

20. têtiyang ingkang prayogi | kang nindakakên pakaryan | bupati gih kaliwone | gupêrnur lon aturira | inggih sarèh kewala | kula ngupados pukulun | wadanane wong Bumija ||

21. têtiyang ingkang prayogi | ingkang kêndêl magut yuda | sri bupati andikane | lan malihipun pun paman | Dipati Buminata | puniku adarbe atur | kathah antuke sêmayan ||

22. bupatine mungsuh sami | lamun bapa parentaha | angajêngakên barise | Têmbêlang Pokak ing Gondhang | sêsanggupane prapta | mung gawene mungsuh tundhuk | maring paman Buminata ||

23. gupêrnur aturiraris | inggih agampil sang nata | ugêr yêkti sêsanggupe | môngsa kèwêdana marga | nata kèndêl tan nabda | radi merang jroning kalbu | dhawuhkên aturing paman ||

24. gupêrnur sru dènira ngling | ing mangke tuwan pangeran | galih anuntên tarube | arahan têtiyang desa | dimèn nuli wontêna | ingkang jagi têdhakipun | bala Kumpêni Madura ||

25. kang sami saos ing jurit |

--- 19 ---

ing karya jêng sri pamasa | pangran mathênthêng sanggupe | gagada tan ngangge prênah | wong agung kapang ngarsa | kêdhik wiwekane kaduk | sabarang dèn ucapêna ||

26. sarampunge kang ginalih | sri narendra sigra jêngkar | sing Piji gupnur urmate | atur prajurit Walônda | salawe dragundêrnya | sakawan upêsiripun | Mayor Sakèbêr manggala ||

27. rawuh dalêm sri bupati | nèng Jabung pukul sadasa | rêrêm dhaharan sang katong | sawusira satêngah pat | kondur mring Surakarta | Mayor Sakèbêr tan kantun | sapraptanira jro pura ||

28. wus ngadhaton sang siniwi | gantya malih kawarnaa | Nata Banaran têdhake | praptane Kamalon desa | dhawuh mring wadyabala | kinon umangkat rumuhun | nyabrang sa-Kilènparaga ||

29. anèng Kilènpraga kali | kinèn sami ngantosana | rawuh dalêm sang pamase | sawusnya wadya budhalan | wau ta sri narendra | sigra gènnya nulak wangsul | nyamur mung kuda sadasa ||

30. ing ratri rêrêm Saribit | arsa namakakên sarat | anamur wau lampahe | amung kalih abdinira | bêkta pipisan gêrang | myang dluwang isi puniku | tulisan binuntêl dluwang ||

31. prapta sakilèning Piji | têngah kali pinêndhêman | pipisan gêrang malihe | daluwang kang wis sinurat | sinalatakên sigra | dening kangjêng sang aprabu | kaping ing rolas rakangat ||

32. abdi kalih ngungun sami | lêrês inggih sri

--- 20 ---

narendra | ing babang[3] wetan kondure | prapta Saribit wanci byar | lajêng ing têdhakira | amung turôngga sapuluh | dhatêng sa-Kilènparaga ||

33. tan lêrêm Banaran nagri | praptane Kilènparaga | masanggrahan nèng Barosot | wus panggih lan wadyanira | kunêng malih winarna | kang baris ing Piji wau | antara ing tigang dina ||

34. lawan dènira mêndhêmi | sang nata ing Kabanaran | pipisan dèn salatake | nulya katiban wêwêlak | sagunging wong barisan | gêring sore isuk lampus | gêring esuk sore pêjah ||

35. Madura miwah Kumpêni | datan wontên kaliwatan | rumab panastis sakite | Mayor Kèngsêr senapatya | sakit sadina pêjah | dêlèr santêr gêrahipun | pitung ari datan lena ||

36. malah kongsi madya sasi | gêrahipun mêgap-mêgap | nging dèrèng prapta ajale | amung dahat santêrira | nahanakên kewala | Kumpêni alit kang lampus | dragundêre tigang dasa ||

37. salawe wadya lumaris | sèkêt wong Kumpêni Islam | patang atus Madurane | nanging tan môntra mêndhaa | kang gêring saya kathah | rina wêngi ting galuruh | giris maras kang miyarsa ||

38. gupêrnur pamitan mulih | ginotong anèng ing lincak | binarukutan kajênge | pinikul ing sikêp desa | wontên Madura prapta | kalih èwu kang bêbantu | kêkalih pangiridira ||

39. Ngabèi Kudapralangit[4] | lan Dêmang Kudaprangrupak | dêlèr wau [wa...]

--- 21 ---

[...u] duk angkate | mawi ninggali parentah | kinèn majêng barisnya | Sakèbêr lan Kop tinuduh | dene senapati Jawa ||

40. inggih Pangeran Dipati | Buminata Surakarta | dene para bupatine | Dyan Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Mangkuyuda | myang Rajaniti Tumênggung | Tumênggung Surajênggala ||

41. wus budhal saking ing Piji | langkung agênging gêgaman | prajurit Madura mangke | kalih èwu wêwahira | sapraptanirèng Pokak | ing Malese akêkuwu | pancak jagang kapurancang ||

42. sami mêndha ingkang sakit | nanging mungsuhe arungan | prapta riwuk esuk sore | kunêng gantya winursita | Sang Nata Kabanaran | ingkang pacak barisipun | wontên sa-Kilènparaga ||

43. wong Pagêlèn wus miyarsi | kang baris anèng watêsan | Tumênggung Cakrajayane | baris lèr lêrêng kalawan | samantri numbakanyar | dene kidul lêrêngipun | Dyan Tumênggung Ônggawôngsa ||

44. prayayi sèwu pra mantri | sami biting sinantosan | galugu rinangkêp tembok | Kumpêni amung sadasa | anunggal Ônggawôngsa | Tuwan Rèke tindhihipun | Dyan Tumênggung Cakrajaya ||

45. anyabrang sakidul kali | manggihi dhatêng kang uwa | Tumênggung Ônggawôngsa ge | amuwus Ki Cakrajaya | uwa paran ing karsa | dene wa krubuhan gunung | Sri Bupati Kabanaran ||

46. saèstu badhe mariki | kadiparan badhenira | yèn suwawi dawêg bolos | ingkang uwa

--- 22 ---

saurira | inggih lampah yèn nyata | batine utusanipun | kang anêlik dèrèng prapta ||

47. Cakrajaya muwus malih | kadiparan yèn kasèpa | tiwas uwas wêkasane | lan malih uwa kawula | angraos sampun sayah | kangelan salaminipun | rêmpu wontên nginggil kapal ||

48. akaku têmên tyas mami | uwa makatên punika | kang uwa batine jêthèt | sinamur agêgujêngan | rinapêtan ing netya | dhuh-dhuh adhuh nak tumênggung | barang rèh dene sarkara ||

62. Dhandhanggula

1. aja tinggal purwa madyanèki | dika dhingin wijil lit lir ingwang | ing Rendhetan têlung lawe | pan dadi gamêlipun | Martanaya pak garêm nguni | nuntên wontên lurugan | Samarang rumuhun | Martanaya tinimbalan | praptèng ngarsanira rahadèn dipati | hèh kulup Martanaya ||

2. sun sêlange kulup wongirèki | ing Rendhetan pan Si Udasara | lan bumine têlung lawe | iku sun gawe pamuk | iya besuk ingsun lironi | Martanaya tur sêmbah | sumôngga pukulun | kula bêktakkên kewala | botên susah paduka ingkang nglintoni | mèsêm radèn dipatya ||

3. iya kulup pangeranirèki | duwe wong tuwa iya maringwang | lagi anglakoni gawe | duwe bêbêcik iku | sira ngraosakên ing mami | iya luwih tarima | pinaringan sampun | busana sarwa lorodan | nuli dika pinacak lurah prajurit | jumênêng Nilasraba ||

--- 23 ---

4. uwit wong cilik dika rumiyin | nulya kangjêng sumare Nglaweyan | dika lan kula ginawe | sami nama tumênggung | kinèn angrèh abdine mantri | punapa walês dika | marang turunipun | yèn ènthènga bobot dika | sintên ngandêl marang anak putu benjing | gawe cacad acidra ||

5. Cakrajaya tumungkul tan angling | nulya pamit suwuk ingkang rêmbag | Tumênggung Ônggawangsane | marang loji wus pangguh | lan

Kumêndhan Rèke ngrêmbugi | tuwan wontên pawarta | Cakrajaya tutur | Susunan ing Kabanaran | badhenipun tuwan tumindak mariki | bala tanpa wilangan ||

6. yèn suwawi dawêg tuwan pêgi | mupung tamban asru wuwusira | anjêngèk Kumêndhan Rèke | paran ta ki tumênggung | dika tinggal papan wus bêcik | inggih benjing punapa | yèn wus katon mungsuh | karuwane gène mawrat | Ki Tumênggung Ônggawôngsa anauri | botên angangge wawrat ||

7. duk maksihe Pangran Mangkubumi | botên samèntên gunging kang bala | Mayor Sakèbêr balane | Kumpêni gangsal atus | Kumpêni Slam dhomas rumiyin | pra dipati sadaya | aprang lan puniku | susunan ing Kabanaran | tumpês tapis Kumpêni kêdhik kang urip | dhèwèke kudu mawrat ||

8. inggih ukum wong kudu ngêmasi | angur badan pasrahna uripan | duk mirsa Kumêndhan Rèke | angênês manahipun | anging lair maksih nasabi | sanadyan mangkanaa |

--- 24 ---

wong apa puniku | mundur durung katon mêngsah | ki tumênggung angusap jajanirèki | lae astapirolah ||

9. yèn andika kongsi aningali | marang mungsuh pasthi rusak dika | nadhahi dudu bobote | kang kula jaga mungsuh | pra pangeran kang anèng ngriki | Pangeran Purubaya | Mangkukusumèku | Pangran Suryadikusuma | tri pangeran puniku kula jagèni | sagêndhinging ayuda ||

10. sintên nyana banthèngane prapti | dèrèng mungsuhan wong kaya dika | siji puniku adate | mayor pan pêjahipun | lan Mayor As pêjahirèki | Mayor Por kapalajar | Sakèbêr bêrundhul | tuwan iku tur uninga | yèn praptaa Susunan Amangkubumi | nyabrang ing Bagawônta ||

11. wong Pagêlèn sadaya puniki | anumbaki kula lawan dika | desa kang kapungkur kabèh | mring dhèwèk dadi mungsuh | saya gigrig wau tyasnèki | Kumêndhan Rèke mojar | inggih ki tumênggung | gih sampun rina kewala | kula merang ing dalu dawêg lumaris | punapa karsa dika ||

12. ki tumênggung wus lêga ing galih | angundhangi prayitna siyaga | aja aswara ing akèh | besuk karuwanipun | têlik ingsun pan dèrèng prapti | kang amor lawan mêngsah | mangkana ing dalu | Ki Tumênggung Cakrajaya | ing dhepoke gumêdêr sawadyanèki | minggat balik mring mêngsah ||

13. lan dutane ki tumênggung prapti | sunan tinilar anèng Garongan | kadya samodra balane | pangran katiganipun | ngalèr anjog [a...]

--- 25 ---

[...njog] ing Banyuurip | Susunan Kabanaran | badhe mangke dalu | kèndêl wontên Bagawônta | Ki Tumênggung Cakrajaya sampun balik | wau kapêthuk marga ||

14. mantri Mataram têtiga ngirid | Ki Tumênggung Ônggawôngsa sigra | manggihi Kumêndhan Rèke | tuwan punika tamtu | Sunan Kabanaran mariki | ture kang kula duta | nênggih lampahipun | tinilar ing Kabarongan | Cakrajaya punika sampun ambalik | wus kesah sabalanya ||

15. samya gugup têngah dalu sami | budhal atilar ing barisira | agêgancangan lampahe | balane ki tumênggung | wontên tigang atus prajurit | satus kang kêkapalan | dharat kalih atus | Kumpêni kuda sadasa | sanjatane kawan dasa dharat sami | nênggih Kumpêni Islam ||

16. duk kêbyaran ing talaga nguni | dupi raina pan katingalan | wong desane titir kabèh | anututi bêbujung | ingkang arsa sami ngadhangi | Kumêndhan Rèke mojar | bênêr ki tumênggung | wong desa iki sadaya | uwis padha dadi batur mau sami | padha ngladèni karya ||

17. mêngko padha milu Mangkubumi | dumèh apa tumênggung saurnya | karo aku gêdhe kae | lan kêras aprangipun | ya mulane wong Jawa ajrih | kang sami ngadhang ngarsa | wau ki tumênggung | ngikal bêdhil balimbingan | cêluk-cêluk wong desa elinga sami | ajanaa sikara ||

18. dèn padha eling lamun wong cilik | na kang eling lan ana kang ora | kang lali [la...]

--- 26 ---

[...li] rame surake | agiyak sarta kukuk | ki tumênggung ngatag saragni | mangsah sarêng nyanjata | Kumpêni anusul | kang angadhang binêdhilan | kabèh kêna piyake anganan ngering | eca dènnya lumampah ||

19. sangsayakèh wong desane sami | sapangilèn wus samya miyarsa | wong ngadhang wus ngêtutake | Kumpêni Islam kantun | wong têtiga dipun tumbaki | sami tatu sadaya | siji lajêng lampus | ki tumênggung langkung duka | ora talah wong desa angkuhe sami | iya anêmu apa ||

20. kuda sèkêt samya ambêg pati | ingkang sèkêt atêngga rêmbatan | ki tumênggung ngamuk dhewe | Kumpêni tumut ngamuk | kang binêdhil akèh kang kêni | malêdug salang-tunjang | tan ana kang pêngkuh | wus akathah ingkang pêjah | ki tumênggung saking panggenan lumaris | wus prapta Winong samya ||

21. kèndêl sakêdhap lajêng lumaris | angungsi ing nagari Toyamas | samarga-marga lampahe | ingadhang tinut pungkur | tan cinatur lamining margi | prapta Pamrêdèn ika | ical aru-biru | Tumênggung Yudanagara | kang abaris Sagaluh sampun miyarsi | Kumpêni praptanira ||

22. ingkang saking Pagêlèn prasami | lawan Ki Tumênggung Ônggawôngsa | Tumênggung Cakrajayane | wus balik tumut mungsuh | Sunan Kabanaran ing mangkin | wus ngancik ing Wawaja | wong Pagêlèn tarup | kang rayi kalih ingangkat | Pangran Purubaya Mangkukusumèki | Pangran Suryadirana ||

23. ingkang

--- 27 ---

para mantri-mantri sami | tarup sadaya wus praptèng Roma | Sunan Kabanaran mangke | wus asrêp manahipun | aningali wau kang rayi | tarup Pagêlèn ômba | kêkapalanipun | wus tigang èwu kumpulnya | jêng susunan lajêng parentah kang rayi | kinèn agêng tyasira ||

24. wus pawitan iki sira yayi | ing Pagêlèn cacahe salêksa | lan pitung èwu punjule | kajaba tuwaburu | lan ing Roma Panjêr Pamrêdin | mantêp wong têlung lêksa | pawitanirèku | ingsun dhingin pawitana | wong samono kaya nora gêntos pikir | angrata tanah Jawa ||

25. têlung èwu mung pawitannèki | Sukawati tur pêdhak nagara | amung sabêdhug adohe | lawan panggenan ratu | ing Pagêlèn punika têbih | lawan kuthane raja | sapolahe tutug | yayi ngancika ing Roma | ing Banyumas nuli gitikên tumuli | Pamrêdèn ancikana ||

26. sun tinggali ya sira prajurit | kang pilih pinggir wong têlu bêlah | sangang puluh sanjatane | kang binang wolung puluh | tumbak irêng sêmune malih | padha amolung dasa | aja doh sirèku | yèn bênêr pangadunira | iku yayi padha lawan Bugis Bali | barêng rêmpu kalihnya ||

27. ingkang rayi umatur wotsari | ingkang raka malih angandika | sun yayi pisah nèng kene | sun anjog marang Kêdhu | ingkang rayi samya ngabêkti | kang raka sêsalaman | pangeran puniku | nênggih Suryadikusuma | gya têngara

--- 28 ---

kang raka lawan kang rayi | sarêng dènnya bubaran ||

28. tan winuwus lampahirèng margi | Pangran Purbaya wus praptèng Roma | ngulangan luwang ngajênge | watês Pamrêdènipun | panganjure Pagêlèn sami | pan sampun jêng-ajêngan | lawan barisipun | wau Tumênggung Banyumas | kawuwusa Sunan Kabanaran nênggih | praptèng Kêdhu sawadya ||

29. ing Jêmajar kang dèn pasanggrahi | gangsal dalu kondur mring Mataram | gumuruh wadyabalane | ing marga tan winuwus | praptanira nagri Matawis | wus manjing ing kadhatyan | sagung wadyanipun | wus tata pawismanira | eca tyase wong cilik gustine prapti | nagari Kabanaran ||

30. Pangran Mangkunagara ngunduri | barisipun wontên Kaserenan | sabên dina aprang rame | nging lèrès tangkêpipun | angrêridhu sagung bupati | yèn binêrêg anilap | tinilar tut pungkur | ing sabên dina mangkana | kaku tyase Madura miwah Kumpêni | dene prang sêsetanan ||

31. Mayor Pèbêr pirêmbagan sami | lawan Mas Arya Pôncanagara | pêpatih ing Madurane | lan para panji kumpul | lawan sagung para upêsir | tuwin para dipatya | nênggih kang rinêmbug | aprakara dene pangan | lawan repot inggih têdhaning Kumpêni | sagung wong pabarisan ||

32. Pangran Buminata kang tinari | pundi desa kang patut dèn ambah | kang kathah bêras parine | pangran alon sumaur | botên wontên ingkang nimbangi | liyane ing Masaran | gone

--- 29 ---

bêras pantun | yèn punika karêbata | botên kirang wong sabarisan puniki | sayêkti kacukupan ||

33. nulya matah prajurit lumaris | sèwu prajuritipun Madura | rongatus Kumpêni Slame | wong Jawa gangsal atus | Pangran Buminata bêktani | Radèn Wiryakusuma | duta têlung puluh | Kudapranglangit Madura | ngidul ngetan budhale saking ing baris | anglarag ngambil pangan ||

34. Pangran Mangkunagara miyarsi | lajêng budhal saking Kaserenan | mung winatara balane | turôngga tigang atus | bupatine pangeran nênggih | têtiga kang ajaga | kang abaris kidul | Tumênggung Suradigdaya | lan Tumênggung Suramangunjaya nênggih | tuwin Malangnagara ||

35. mantri ngajêng sakawan angiring | Malangprakosa Malangtrigama | Malangprawira malihe | lan Malangprawirèku | nunggil baris anèng Karangri | sakidul kilèn Bera | kuda gangsal atus | myarsa yèn mungsuh anglarag | sami kirab barise kang nganan kering | samana praptanira ||

36. lèr Karangri anulya ginitik | mêdal saking dhusun kering kanan | kukuk surak sarta bêndhe | ambêdhil sarta nambur | wong Madura panggah nadhahi | tinundha tinarajang | wong Madura kukuh | rame prang Madura dharat | mungsuh kuda rinewang lèrèsing jurit | kèh kêna kang kapisah ||

37. dadya ngumpul wong Jawane ngungsi | sami anèng wurine Madura | kinakatak sinalèrèt | mêngkab panyananipun | nubruk ngamuk ngilês turanggi | tan wruh lamun sakêdhap |

--- 30 ---

gêgêtêri gugup | prajurit Madura kathah | tatu pistul ingkang sadasa ngêmasi | dangu dènira aprang ||

38. wanci pukul sapuluh ajurit | lingsir kilèn dadya pirêmbagan | mundur baris benjing malèh | undure barisipun | pan anggolong mungsuh ngênginthil | mistuli saking kanan | kering saking pungkur | Pangeran Mangkunagara | saking wetan alingan dhusun anganti | badhe ginitik têngah ||

39. dupi sampun kaliwat sapalih | tinarajang sami nabêt kuda | tinunjang ngilês kudane | pêdhot barising mungsuh | pothar-pathir kathah ngêmasi | wau katri punggawa | non gustine rawuh | bangun malih yudanira | sami nunjang pambedhunge nganan kering | rêsah mungsuh kèh pêjah ||

40. wong Madura ngamuk dèn oncati | pinistulan wontên kang pinanah | sakit kathah pêpatine | ing wanci tunggang gunung | praptanira cêlak ing baris | prasamya tinulungan | wong barisan mêtu | Pangeran Mangkunagara | sawadyane undure ngidul aririh | wau wong gêdhe samya ||

41. asru ngungun rusak rowang kanin | akèh mati ingkang tatu kathah | Pangran Mangkunagarane | sawadyanira rawuh | masanggrahan dhusun Karangri | enjing sagung kang pêjah | wus kinèn amêrung | antuk kuping pitung dasa | sigra ngutus marang nagari tur kuping | prapta ing Kabanaran ||

42. lajêng katur ing sri narapati | ingkang putra ngaturakên sêrat | mratelakakên yudane | prang enjing malah surup | unggul ing prang kathah kang mati |

--- 31 ---

sadaya pitung dasa | yudane dipun suk | wangsul jawi pabarisan | langkung suka wau dènira miyarsi | Sang Natèng Kabanaran ||

43. kunêng bala Madura kang kari | langkung dening bramatyaning driya | kang sami ngambil pangane | tan antuk panganipun | mindhak kathah ingkang ngêmasi | enjing malih arêmbag | bantu mukul mungsuh | ambêkta Kumpêni pêthak | pitung dasa tigang atus Bugis Bali | Madura pêpucungan ||

63. Pocung[5]

1. Sampangipun kang binêkta kalih èwu | panjine têtiga | Kartayuda Kartasari | katigane Apanji Purwadipura ||

2. ya ta wau Pangran Mangkunagara wus | amiyarsa warta | yèn mêngsah wangsul ngagêngi | panji katri sakawan para gunungan ||

3. mantrinipun sadaya ingkang pangayun | wong Jawa punggawa | têtiga Wiradigdèki | Rajaniti kalawan Surajênggala ||

4. ya ta wau Pangran Mangkunagarèku | ngaturi kang paman | Pangran Arya Singasari | prapta lawan Tumênggung Kudanawarsa ||

5. mantri ngayun kinêrig sadaya sampun | praptèng lèr Têmbayat | pangeran kumpul miranti | lan balane Pangeran Mangkudiningrat ||

6. pangranipun gêrah cacarên puniku | langkung sangêtira | gêng-agêng cacarirèki | wus binêkta mantuk nagri Kabanaran ||

7. balanipun prajurite sami kantun | tumut ingkang raka | Pangran Mangkunagarèki | balanipun Pangeran Mangkudiningrat ||

8. kuda sèwu pangirid pêpatihipun | pun Jayasudirga | wus dadya dènira pikir | budhal ngajêng

--- 32 ---

tata dhusun Tundhasara ||

9. rakitipun sapit dumuk angun-angun | kinarya pangawat | kang têngên Wiranatèki | tinindhihan Tumênggung Kudanawarsa ||

10. kiwanipun Suradigdaya Tumênggung | Suramangunjaya | wuri Pangran Singasari | prajurite pitung atus kang turôngga ||

11. tan adangu katingal praptane mungsuh | salèr Tundhasara | dalêdêg mangidul sami | mungsuh bubar sigra dènnya amèt papan ||

12. sami gugup Kumpêni sigra anambur | sêmu kacakuthak | nora nganggo macalangi | lajêng campuh dragundêr ngêdrèl sanapan ||

13. mungsuh kawur kuwur mêngsah kang katêmpuh | prajurit Madura | para panjine nindhihi | bayak kantuk samya kamuk samya giwar ||

14. bêstrongipun wong Madura ingkang kantun | wontên tigang dasa | nèng ngarsane para panji | kathah tatu prajurit Mangkunagaran ||

15. mêngsah kiwul mungsuhira dhawul-dhawul | kinarapyak kuda | Pangeran Mangkunagari | nunjang saking wetan lajêng ngilènira ||

16. ngalèr ngidul panunjange sampun riwut | lir paksi sikatan | kadya bênce nyênyambêri | siyat-siyut mèngêti durjana prapta ||

17. sêndhal-sêndhul wong Madura samya bingung | bodhol-badhil dhadhal | busêkan pating basasik | anyakuthak kang cinênthok cêndhak-cêndhak ||

18. kadya wêlut cinadhak-candhak marucut | mungsuh kang kapisah | kathetheran pothar-pathir | kang abakuh apêngkuh angakah wêgah ||

19. kadya êpur tan ana kang asor unggul |

--- 33 ---

mantri jro satunggal | Jayasupônta ngêmasi | kang atatu sira Rônggo Panambangan ||

20. malihipun tumênggung satunggal tatu | pun Suradigdaya | kempole kang kiwa kêni | wiwit aprang lingsir kilèn bubar asar ||

21. atut pungkur sakêdhap para tumênggung | wus bali sadaya | wontên bêbantu kang prapti | kang bupati prapta saking Kabanaran ||

46. Pangeran Mangkunagara kadhawuhan angrampit kitha Surakarta

22. namanipun Jayaturôngga Tumênggung | lawan Janapura | pitung atap kang prajurit | kêkapalan kajawi ingkang adharat ||

23. malihipun lan ambêkta suratipun | Sunan Kabanaran | tinampan tinupiksaglis | wus kadriya bêbukane kang parentah ||

24. sira kulup ngrampita Surakartèku | dhimas Singasêkar | milua dutanirèki | timbalana Si Rôngga Jayasudirja ||

25. nulya wau sandika ing aturipun | sigra bubar ngetan | gandhèk angetan lumaris | badhe tata-tata anèng Pacarikan ||

26. pra tumênggung pinêpak sadayanipun | Rôngga Jayadirja | nênggih sampun dèn utusi | kênthing dina ngrampit nagri Surakarta ||

27. wus angumpul sagung punggawa panganjur | Suramangunjaya | Wiranata lawan malih | sampun saras tatune

--- 34 ---

Suradigdaya ||

28. mung sadalu nèng Carikan enjingipun | lajêng budhalira | lan kang paman Singasari | pra tumênggung nênêm sakawan nèng ngarsa ||

29. lampahipun angalèr ngilèn andarung | nabrang Kamanggaran | panganjure lajêng sami | angobongi desa kidul Surakarta ||

30. gègèripun puyêngan ing nagarèku | mungsuh ingkang prapta | Pangran Mangkunagarèki | anèng Babad lan Pangeran Singasêkar ||

31. pra tumênggung ing Surakarta tan mêtu | amuwêr kewala | miwah kang bala Kumpêni | samya mlampên[6] tan ana kang nêdya mêdal ||

32. nulya laju Pangran Mangkunagarèku | Garêmêt wus prapta | Pangran Arya Singasari | Jagapura kalawan Jayanagara ||

33. anèng kidul Kabangan aniwartèku | kang saking lèr prapta | Tumênggung Jadirja angling | kanthi lawan Mas Rôngga Wirasantika ||

34. mantri ngayun sadaya samya atumut | wontên kuda dhomas | punggawa kalih wus prapti | sowan marang pangeran anuwun prênah ||

35. sigra sinung pangawat panggenanipun | Rôngga Jayadirja | ing kiwa amangawati | têtimbangan Pangran Arya Singasêkar ||

36. dhadhanipun Pangran Mangkunagarèku | wong Kumpêni mêdal | amalih lampahirèki | Pringgalaya lan uprup lurung ênggènnya ||

37. ingkang kidul Adipati Sindurjèku | wong gêdhong kaparak | sapalih tumut mêdali | anèng Ngadipala ngilèn campuh ing prang ||

38. Ki Tumênggung Jayanagara angamuk | lan sawadyanira | Tumênggung Janapurèki |

--- 35 ---

nulya nusul sarta bala salang-tunjang ||

39. kalanipun Dipati Sindurja matur | myang wadya kaparak | gêdhonge kalulun sami | wontên bantu prapta turôngga pitulas ||

40. saking kidul Jayawikrama Tumênggung | anggitik ing têngah | pêdhot mungsuh walang ati | aprang tanggon Tumênggung Jayawikrama ||

41. wus angumpul ing Ngadiwarna puniku | wontên songsong jênar | Pangran Arya Singasari | dadya kèndêl Tumênggung Jayawikrama ||

42. Ki Tumenggung Jayanagara umatur | anuwun parentah | punapa tinunjang malih | angandika Pangran Arya Singasêkar ||

43. mêngko durung ki lurah pan dèrèng tarung | maksih bêbalangan | durung ingadu ajurit | senapati enak maksih prange kêmba ||

44. tan adangu bala Kumpêni prangipun | nulya wau Pangran | Mangkunagara ngundhangi | mundur ngalor anggolong apanthan-panthan ||

45. sami dulu mangalère ingkang mungsuh | bok akarya gêlar | ing Jèbrès pangetannèki | sami nyabrang bangawan Jurug mangetan ||

46. menggok ngidul punggawa kalih tinundhung | Mas Rôngga Jadirja | muliha mring Sukawati | lamun ngrampit malih sêsêmayan dina ||

47. lampahipun pangeran sabalanipun | prapta ing Carikan | sadalu kèndêlirèki | enjing budhal masanggrahan Kêdhungjambal ||

48. duk sadalu nuntên wontên duta rawuh | dutatur uninga | saking Banaran nagari | yèn kang rayi Pangeran Mangkudiningrat ||

--- 36 ---

49. gêrahipun cacar sangête kalangkung | pangeran parentah | ingkang paman Singasari | ingaturan têtêp anèng Kêdhungjambal ||

50. pra tumênggung lumakua mupung esuk | padha nglèncèrana | barisan Malese iki | têka kidul saka kulon saka wetan ||

51. Si Tumênggung Suramangunjaya iku | lan Suradigdaya | têka kidul amêtoni | Wiranata Cakrajaya têka wetan ||

52. loro iku têka kulon gone mêtu | Si Jayanagara | lawan Si Janapurèki | ingsun arsa têtinjo ing Kabanaran ||

53. wadyaningsun kabèh sun tinggal atunggu | paman Singasêkar | lakuningsun mring Matawis | nora gawa mung mantri jêro kewala ||

54. budhalipun sarêng byar budhal pan asru | tan amawi dharat | asar praptane nagari | ingkang rayi kapanggih angathang-athang ||

55. datan emut ingkang raka praptanipun | dangu ingkang garwa | apa bojomu wus lami | dene iya lara bangête kalintang ||

56. nêmbah matur inggih alami pukulun | rama padukendra | wingi dalu anêdhaki | amaringi gantèn milanipun sênggang ||

57. sang aprabu nimbali anguwuh-uwuh | botên amiyarsa | lawan botên aningali | angling malih Pangeran Mangkunagara ||

58. lamun iku têtômba jaba sadarum | padha tulakana | yèn sang nata wus maringi | nêmbah matur Dèn Ayu Mangkudiningrat ||

59. inggih dhawuh timbalanira sang prabu | yèn botên kalilan |

--- 37 ---

makatên usadèng jawi | sabên dintên jêjampi saking jro pura ||

60. botên dangu gandhèk kêkalih kang rawuh | opyak sanagara | kawruhan praptanirèki | pan paduka ngandikan manjing jro pura ||

61. sampun cucul lajênga manjing kadhatun | taksih prajuritan | tan kalilan anguculi | sampun kèrid praptanira ing jro pura ||

62. wusnya ngujung gya pinundhut aturipun | dènira ayuda | prang Tundhasara angrawit | sampun katur sasolahira sadaya ||

63. pan adangu pamanira Singasantun | tunggal lawan sira | apa na undhake malih | kuwanène sêrênge asmarèng laga ||

64. nêmbah matur dèrèng wontên indhakipun | pênêd pun Jadirja | akêndho datanpa budi | bok manawi dèrèng prapta kalamôngsa ||

65. kalihipun prasami kamalan dhuwur | lan paman Purbaya | tinimbanga botên silip | katigane sultan kang baris ing Pokat ||[7]

66. priye iku apa iya tanpa ngèlmu | wong lanang wêdi prang | duraka wêdi ngêmasi | pan kalêbu wêwilangan tanpa tekat ||

67. dhinirèku apa dhangan sakitipun | wingi sun marana | sun tingali sakitnèki | bangêt têmên cacarên mangkana ika ||

68. nêmbah matur inggih langkung sangêtipun | putra padukendra | inggih sarasa ing benjing | imbuh bagus burikipun growal-growal ||

69. sira kulup sapuluh wêngi kas iku | sira angrampita | gawanên punggawa katri | pamanira

--- 38 ---

Dipati Suryanagara ||

70. malihipun Môndraka Wiradigdèku | barênga lan sira | budhala saking nagari | sigra nêmbah wau umatur sandika ||

71. wanci pukul sawêlas kalilan mêtu | ujung pamitira | wasisan tan sowan enjing | prapta jawi lajêng kondur dalêmira ||

72. pra tumênggung akathah prapta ing dalu | punggawa têtiga | Môndraka Wiradigdèki | dhinawuhan lan Radèn Suryanagara ||

73. lamun besuk nênggih punggawa têtêlu | barêng lawan ingwang | gih timbalane kiyai | ngrampit malih mring nagari Surakarta ||

74. pra tumênggung sami sandika turipun | dalu tan kawarna | ya ta wuwusên ing enjing | sarêng budhal pangran lan punggawa tiga ||

75. pasar warung sadaya pamuwusipun | dhuh Gusti Pangeran | Dipati Mangkunagari | jinurunga lananga dènira yuda ||

76. mungsuhipun sirnaa aja na gêpuk | nagri Kabanaran | gustiku pangeran iki | nguwisana aja kongsi ingkang rama ||

77. cahyanipun pantês prajurit pinunjul | talat mulat-mulat | wong agung kang amengini | mung cacade dêdêge kurang satêbah ||

78. pra tumênggung Môndraka Wiradigdèku | ingkang munggèng ngarsa | Suryanagara ing wuri | ginarêbêg prajurit asongsong jênar ||

79. wus apangguh lan kang paman Singasantun | dhinawuhan nulya | paman andika tampèni | kang timbalan saking raka padukendra ||

80. inggih sinung aran pangran arya prabu | nama Singasêkar | pinundhut ing

--- 39 ---

raka aji | pinaringan Pangran Arya Prabu Jaka ||

81. dimènipun mindhak akêndêl prangipun | nama Singasêkar | dulune dene prajurit | mila pinaringan Arya Prabu Jaka ||

82. mèsêm muwun anak lurah ciptanipun | mêngko yèn apêrang | tak kêndêl tak wani mati | praptèng rana niyatku pating barisat ||

83. ing tyas ingsun duk anèng pondhokan mau | têka padha ilang | sing wani tan ana kari | kang amisih si maras si mêlang-mêlang ||

84. puluh-puluh sêpuluh ping têlung puluh | ora bisa telad | ki raka sri narapati | rama dika kêndêle kaya Walônda ||

85. sru gumuyu sagung kang para tumênggung | pangran pêparentah | mring sagung para dipati | dika paman Dipati Suryanagara ||

86. dika ngutus mring Mas Rôngga Jadirjèku | kang baris tampingan | Brajadênta Brajamusthi | Jayarata Tumênggung Ranadiningrat ||

87. mantrinipun dèn kêriga ja na kantun | besuk Rêbo ngarsa | ing kono gon ingsun ngrampit | patêmone iya ing Grêmêt kewala ||

88. budhal sampun Pangran Mangkunagarèku | saking Kêdhungjambal | sasantana pra dipati | daut kabèh baris agêng mring Carikan ||

89. enjingipun kêkirab kang baris agung | anabrang Manggaran | praptane kilèn bênawi | amdum[8] lampah ambagi kang pra dipatya ||

90. pra tumênggung nênêm kang kinèn rumuhun | ngancika ing Babad | ngobonga wismane sami | lamun durung prapta si paman Jadirja ||

91. paman Rôngga sakancane pra tumênggung |

--- 40 ---

bang êlèr sadaya | Suryanagara nambungi | kados êmbèn dhatênge pun paman Rôngga ||

92. kriganipun ingkang dèn antos pukulun | pangeran ngandika | pêparentah rèh prajurit | mring kang paman Pangran Arya Prabu Jaka ||

93. praptanipun pun paman Rôngga puniku | sampeyan majênga | mring Garêmêt andhadhani | tuwin kanthi Wiradigda Môndaraka ||

94. kiwanipun pangawat gangsal tumênggung | Suramangunjaya | Suradigdaya lan malih | Janapura miwah pun Jayanagara ||

95. gangsalipun pun Wiranata Tumênggung | sampeyan nèng dhadha | ginunggunga kang prajurit | kadi wontên tigang ewu kêkapalan ||

96. malah langkung inggih para demangipun | sadaya punika | mantri andêl Sukawati | prajurite kawan atus kêkapalan ||

97. inggih lamun sampeyan ngarsakna magut | pan botên kainan | kula badhe angantuni | lan pun paman Dipati Suryanagara ||

98. ingkang rêmbug wus dadya sadayanipun | Pangran Prabu Jaka | ngalor Babad dèn anciki | Pangran Mangkunagara ngilèn lampahnya ||

99. lampahipun Radèn Suryanagarèku | wau kang binêkta | kiduling nagari prapti | Pangran Mangkunagara sabalanira ||

100. kang kawuwus gègère Surakartèku | mungsuh kang ngadhêsak | ing Babad kang dèn anciki | ing êlèr wus prapta ing Kaleca samya ||

101. nulya ngutus atur wuninga mangidul | yèn êlèr wus prapta | pra dipati Sukawati | gya têngara Pangran Arya Prabu Jaka ||

--- 41 ---

102. baris dhaub andhêsêk mangalèripun | wus praptèng Kambangan | wau sagung pra dipati | pangran prabu ujung astana Lawiyan ||

103. wusnya ujung Pangran Prabu Jaka laju | ing Garêmêt prapta | parentah ing pra dipati | kang mangawat kiwa têngên kinèn mêngsah ||

104. laju riwut pra dipati barisipun | têpung kêkapalan | Kambangan Garêmêt nênggih | lèr Garêmêt punika anêkuk wetan ||

105. ingkang kidul ing Ngadipala anêkuk | ngetan praptanira | kilèn Katipès mêkasi | wadya Surakarta ayuda kanaka ||

64. Pangkur

1. sri bupati pêparentah | oprup kinèn miyosi ing ajurit | mapag sapraptaning mungsuh | lan patih kalih pisan | wadana jro satunggal binêkta magut | myang Pangeran Pakuningrat | wadana kaparak kering ||

2. katiga têngga sang nata | sigra nambur kumpul bala Kumpêni | ambêkta dragundêr satus | satus Kumpêni dharat | wus tinata ingkang kiwa têngênipun | Adipati Pringgalaya | pangawat têngên dèn goni ||

3. kinanthèn Kumpêni Islam | pun Kapitan Jawa Kapitan Bugis | lan sradhadhunipun satus | pangawate kang kiwa | Ki Dipati Sindurja sawadyanipun | kinanthèn Kapitan Burak | satus sradhadhune Bali ||

4. oprup ingkang munggèng dhadha | kang kinanthi nênggih bupati kalih | Radèn Mlayakusumèku | lan Pangran Pakuningrat | Kumpênine Islam amung kalih atus | anênggih kapitanira | Salijah lawan Duljalil ||

5. Makasar satus [satu...]

--- 42 ---

[...s] kang têngga | sri narendra nênggih Dhaèng Lêmbani | budhal kang wadya gumrêgut | kalih mriyêm binêkta | praptèng Buminatan salèr wetanipun | ing Kawiradigdan lama | tinata baris Kumpêni ||

6. dragundêr wuri kewala | jalan kaki pinangku anèng ngarsi | kalawan mariyêmipun | Dipati Pringgalaya | salèripun Andhasong ngilèn puniku | wontên longkang rolas cêngkal | kalawan bala Kumpêni ||

7. Ki Dipati Sindurêja | kilèn Kadipala cocong sakêdhik | larike ngilèn puniku | ngidul mêngsah tumingal | sami nêmpuh pangawate sarêng campuh | têngaranira gumêrah | arame bêdhil-binêdhil ||

8. wau ingkang lagya prapta | mêdal Wanakarta ngetan lumaris | Pangran Mangkunagarèku | gugup mirsa sanjata | nyongklang jojog sadaya prajuritipun | ing Garêmêt praptanira | arame dènira jurit ||

9. Dipati Suryanagara | amuwuhi nèng dhadha ambakuhi | Pangran Mangkunagarèku | namur pindha arahan | banderane dèn lêlêt songsong dèn ingkup | sawadya mung kawan dasa | mêdhun saking kuda sami ||

10. anuntun kuda sadaya | samya makan kuda anurut kali | kali Larangan puniku | tambuh kadya nêningal | Wiranata kinèn milih wadyanipun | mung tigang dasa kewala | kang sayogya wani mati ||

11. kuwasa saking ing dhadha | kang lor ika apa ta iku Bugis | kapitane kang kumingsun | sasuwene makanjar | mêncak-mêncak aprajurit [apraju...]

--- 43 ---

[...rit] tur pinunjul | têka ilêsên kewala | pasthi nuli dèn tulungi ||

12. sira mring si paman Rôngga | Jayadirja pasthi enggal nulungi | pêngalèr Wiranatèku | lan kuda tigang dasa | nèng Garêmêt angetan botên adangu | lajêng angalèr sadaya | sarêng anabêt turanggi ||

13. kukuk ing wuri gumêrah | kang katrajang baris Pringgalayèki | kapitan Jawa nèng ngayun | tinunjang kudandapan | Rôngga Jadirja gya sarêng atêtulung | prasamya nabêt turôngga | angilês anubruk wani ||

14. pothar-pathir kuthetheran | kinarapyak sêmpal abosah-basih | ulêng-ulêngan tan dangu | wus pêjah tigang dasa | kapitane angamuk kagulung-gulung | binuntaran ing landheyan | tinumbak poporing bêdhil ||

15. bodhal-badhil kèh kabandhang | têlakupe ilang kabandhang sami | kalawan prajuritipun | Dipati Pringgalaya | atêtulung kèlêsing turôngga lampus | Ngabèi Pringgawijaya | mungsuh tan asuwe bali ||

16. mring Garêmêt praptanira | langkung suka antuk bandhangan sami | Kumpêni arsa têtulung | ewuh wus awor ing prang | wadya Pringgalayan kuwur tumut kagum | wau ta kapitan Jawa | reyab-reyab sami ngungsi ||

17. sradhadhune tigang dasa | ingkang pêjah kèh pêjah sirahnèki | pitu lan kang sami tatu | banderane kabandhang | kêndhang gonge kabandhang kari katipung | cinangking pan sarwi pincang | kang gawa sukune kanin ||

18. sami ginujêng kewala |

--- 44 ---

sadangune makancar mamêdèni | bok wasana nora enjuh | oprup ewa tumingal | sinung ikêt Pangran Pakuningrat gupuh | udhênge panakawannya | sinungkên wus dèn tampèni ||

19. bocahe agarundêlan | digêgojog kapitan kêna sarik | dene iku nora enjuh | angkuhe nora kaprah | wani nonton talèdhèk sajro kadhatun | regol kunci wani bêdhah | jaro sawetan pandhapi ||

20. udhêng gilig rajang wandhan | dirampoga sêdhêng dosane nguni | dikira sandhang rongatus | mêngko toge kaparat | luwih têmên angkuh setan siji iku | Kapitan Êtèl angucap | nudingi sarwi mucicil ||

21. bêgitu trak adha guna | apa kêrja mau tinggal dhi sini | pan têrlalu brani malu | jangan toh kaliyatan | karja marah samoa orang sang prabu | lu pêgi lu punya orang | lu tradhak jangan dhi sini ||

22. Kapitan Jawa wus kesah | sabubare mantuk pondhoke lami | sangajênge masjid Agung | ujat Kumpêninira | banderane kabandhang sarunènipun | kapiyarsa sanagara | yèn kapitan Jawa baring ||

23. pêrange kêna musibat | kawarnaa wau kang maksih jurit | pangawat kiwa kang campuh | rame abêbêdhilan | Pangran Mangkunagara kang lampah nambuh | dupi cêlak lawan mêngsah | sawadya nitih turanggi ||

24. banderanira binabar | payung mêkar kagyat kang anon sami | barise dhadha

--- 45 ---

tinêmpuh | jalan kaki tinunjang | sami piyak ibuk nata mriyêmipun | sinulêt kadia gêlap | kuwur datan makantuki ||

25. satunggil sinulêt pêcah | bêdhat amêrapat mariyêm wêsi | tatale samya malêdug | kagum kang sandhing samya | kang satêngah anjêtung kadi wong bisu | Walandine kalih pêjah | wong Jawa sakawan kanin ||

26. lawan tumbak barêkatan | Pakuningrat aran pun bapa kaki | kêna gowang pucukipun | tatal mariyêm asal | Pangran Pakuningrat langkung dènnya ngungun | Kumpêni mati ing mêngsah | nênêm amung jalan kaki ||

27. pangeran anulya giwar | ngalèr ngilèn ngidul Garêmêt prapti | sadaya sami angungun | nyana dede pangeran | nyana Wiranata mindhoni umagut | Pangran Arya Prabu Jaka | pangungunira tan sipi ||

28. sami kèndêl ing ayuda | ngetan ngulon aso tan molah-malih | mung dragundêr sami laju | nanging botên atêbah | lan Kumpêni Islam pan sampun adalu | bok mêngsah anêdya cidra | mangke na mungsuhirèki ||

29. Pangeran Mangkunagara | mundur ngilèn lor kidul animbangi | nèng Gumpang pisahan sampun | Rôngga miwah Jadirja | sakancane mangalor para tumênggung | mantuk marang Sukawatya | Pangran Mangkunagarèki ||

30. angidul sawadyanira | Adipati Suryanagara nênggih | Môndraka Wiradigdèku | tumut angidul samya | kèndêl Bayalali makuwon sadalu | enjinge budhal mangetan | wangsul kacarikan [kacarika...]

--- 46 ---

[...n] malih ||

31. Pangeran Mangkunagara | duk angrampit Surakarta ping kalih | rusak kapitan Jawèku | Rêbo Pon ping pitulas | sasi Ruwah taksih Alip taunipun | sêngkalanira atunggal | lan adêge sri bupati ||

32. lan wontên bêbantu prapta | maring Pokak bantu saking Samawis | wong Sêmbawa kalih atus | sampun ngumpul ing Pokak | sangsaya gêng baris Pokak sangkin kukuh | nanging binabingung ing prang | jajahan tan bisa radin ||

33. wêtu punika akathah | wong Walônda kathah kang samya balik | golongan nênêm pêpitu | sasukane suwita | mung wong agung kêkalih ingkang jinujug | Pangeran Mangkunagara | lan Susunan Mangkubumi ||

34. kang dadi tambur sulingnya | apan sami Walandi kang kinardi | ana lurah pinapatut | kang dadi mantri ana | kang sêmbada ana ginawe wong agung | Pangeran Mangkunagara | kèh suka ginawe mantri ||

35. sawab abêr yudanira | mila susah nèng Pangran Mangkubumi | akêras apêrangipun | sayêktine kèh hingan | ing asale kang sami Walônda dhusun | nora kambah mangun yuda | dudu Walônda prajurit ||

36. lan arang pakaryanira | anèng Jawa suka dipun sawahi | mung têlung jung bisa cukup | balane mantrinira | kang kaprentah Walônda tiyange dhusun | sami wêlas têngah eca | mangkana ingkang winarni ||

37. Pangeran Mangkunagara | atur surat pratelan dènnya jurit | lan atur Walandi pitu | têlukan saking

--- 47 ---

Sala | dutanira praptèng Kabanaran katur | mring kang rama sri narendra | sukèng tyas sri narapati ||

38. pra dipati pinarênca | karsanira bingung bala Kumpêni | kang anèng Wêdhi tinuduh | têtiga pra dipatya | ing Tangkisan Gondhang katiga tumênggung | kang kidul kulon kang wetan | pêpitu kang pra dipati ||

39. ingkang salèring nagara | sapangilèn pêpitu pra dipati | kunêng malih kang winuwus | kadi sarêng ing lampah | nanging gantya wau pangucapanipun | Pangran Arya Purubaya | alami rêbatan biting ||

47. Paprangan ing Pagêlèn

40. Tumênggung Yudanagara | sakancane mantri bang kilèn sami | lawan wadanane sèwu | Tumênggung Ônggawôngsa | nèng Gumêlêm dènnya pacak barisipun | ambêbiting pan santosa | andina prang rêbat biting ||

41. Walandine mung sadasa | nêdha bantu mring nagari ing Têgil | nagari Têgil puniku | petoripun sor-soran | timbangipun ing wetan Surabayèki | yèn prakara kilèn Têgal | ingkang nyampuni prakawis ||

42. Ki Tumênggung Ônggawôngsa | miwah Yudanagara tur upêksi | yèn Pagêlèn kawonipun | Susunan Kabanaran | kang nêdhaki ingatêr ing arinipun | mangke Bagêlèn wus pêcah | wangsul ing Matawis malih ||

43. lan Tumênggung Cakrajaya | sampun ical kilayu [ki...]

--- 48 ---

[...layu] pisah dening | ambalik tumut ing mungsuh | Tumênggung Ônggawôngsa | nunggil wontên ing Toyamas ênggènipun | yèn botên binantonana | ing Toyamas tiwas benjing ||

44. tan lami bêbantu prapta | tigang dasa warni Kumpêni putih | Kumpêni Slam sangang puluh | dene Kumpêni pêthak | Litnan Markèt punika têtindhihipun | pangirid Kumpêni Islam | Litnan Babandhê namèki ||

45. alpèrès ulu sor-soran | praptanira ing Toyamas nagari | sami amanggihi mundur | dhatêng nagri Toyamas | Ônggawôngsa miwah Yudanagarèku | wus panggih arêrêmbagan | amrih sarkaraning jurit ||

65. Dhandhanggula

1. Ki Tumênggung Yudanagara ngling | kakang tumênggung paran ing karsa | inggih ing lampah pênêde | Ônggawôngsa sumaur | môngsa borong karsaning yayi | dene badan kawula | kalih prakarèku | kula purun ngandhêmana | têkèng pati yèn parentahe Kumpêni | kula botên suminggah ||

2. kaping kalih parentahe adhi | kula botên etung lara pêjah | sawab badan kula mangke | sarah upaminipun | yayi ingkang pama jaladri | saobahing kang toya | sarah darmi ngatut | Tumênggung Yudanagara | gih puniki kakang parentah Kumpêni | kula kinèn angrêbat ||

3. nagri Ngroma lan Pagêlèn nênggih | kula kinèn angêtêr pun kakang | enggala mantuk Pagêlèn | Ônggawôngsa Tumênggung |

--- 49 ---

pamuwuse manis aririh | inggih lamun sêmbada | lan adhi tumênggung | pênêd ngaturakên sêrat | inggih dhatêng Pangran Mangkukusumèki | sanadyan ta bêndara ||

4. ing batine jêr ipe sayêkti | ngaturana nyamping tigang lirang | miwah wontêna tunggale | kathah pikantukipun | maekani rubêding jurit | lan nyoroga antêpan | inggih amikantuk | gêlar wadi sinantosa | Ki Tumênggung Toyamas mèsêm nauri | inggih lêrês pun kakang ||

5. nanging pun kakang ingkang akardi | sêrat punika sumanggèng karsa | kula mung tampi dadose | anuntên dadosipun | ingkang sêrat sadintên mangkin | Tumênggung Ônggawôngsa | karya sêrat sampun | raose sami kaduga | ingêcapan anulya tiningkêm aglis | sinungkên kang dinuta ||

6. mêsat duta tan kawarnèng margi | prapta pasanggrahane Pangeran | Mangkukusuma nèng Mrêdèn | linarapakên sampun | katur surat wus dèn tampèni | dinangu dutanira | Toyamas Tumênggung | pangeran ajrih ambuka | sigra têdhak sowan mring kang raka aglis | Pangeran Purubaya ||

7. ngaturakên sêrat lagya prapti | wus tinampan dhatêng ingkang raka | binuka sinuksmèng mangke | tur sêmbah pun tumênggung | ing Toyamas katur ing gusti | bok ayu jêngandika | punika kinintun | nyamping

paningsêt lan dhêsthar | malihipun kawula atur udani | nagri dalêm Toyamas ||

8. binantonan Kumpêni ing mangkin | Kumpêni pêthak Kumpêni Islam |

--- 50 ---

mila kawula ing mangke | kalangkung èwêdipun | de praptane bala Kumpêni | lamun panduka karsa | nêdhaki pukulun | dhatêng nagari Toyamas | pan kagungan dalêm inggih siyang ratri | pun tumênggung sumôngga ||

9. lawan malih kawula aturi | atur pemut yèn Kumpêni benjang | sêdhêng aso pamukule | ing paduka pukulun | yèn pangeran kasoran jurit | sampun ming kalih marga | mêdal Watubarut | mêndhêta margi kang wetan | ingkang anjog ing Panjêr dhangan sakêdhik | wau duk amiyarsa ||

10. Pangran Purbaya kalangkung runtik | wusnya titi surate binucal | kang rayi atur sêmbahe | paran karsa pukulun | punapi gih kula angsuli | kang raka angandika | iya sakarêpmu | yèn kowe ngêtog maringwang | wong mêngkono apa gawe dèn wangsuli | kang raka angandika ||

11. nulya undhang Pangran Purbayèki | ing prajurit sami prayitnaa | kang rayi tinuduh age | atêngga bitingipun | Karangnôngka dhusun dèn goni | pacak biting santosa | sigra awotsantun | Pangeran Mangkukusuma | mring kang raka Pangran Arya Purbayèki | budhal sawadyanira ||

12. prapta Karangnôngka pasang rakit | prajurit ingkang samya adharat | pinatah jro biting kabèh | ing kering kananipun | kêkapalan têtindhih mantri | wuwusên ing Toyamas | wau Ki Tumênggung | Yudanagara kalawan | Ônggawôngsa rêmbage pan sampun dadi | kumêndhan kalihira ||

13. nganti angsul-angsul [angsul-ang...]

--- 51 ---

[...sul] nora prapti | têlung dina sigra atêngara | badhe amukul yudane | Pangran Purubayèku | Pangran Mangkukusuma nênggih | lan Suryadikusuma | budhal kang wadyagung | Ki Tumênggung Ônggawôngsa | munggèng ngarsa Krêtawijaya Ngabèi | ingkang darbe pun Roma ||

14. sinambungan prajuritirèki | wong Banyumas aran wong Kadipan | samya wong Bali Bêlèlèng | patang puluh pêpitu | gat-inggatan saking Batawi | ngagêman tumbak binang | sami ponthang pitu | Kumpêni ing wurinira | ing wurine Yudanagara nindhihi | Dhaluhur Pasir Ngayah ||

15. wus tinuduh mêndhêma wanadri | nyêgatana nyakuthak mrih rupak | kawusa gêmpala tyase | wau ta lampahipun | biting Karangnôngka kaèksi | bêndhe munya sauran | surak awor tambur | Ki Tumênggung Ônggawôngsa | majêng nisih ambukak bala Kumpêni | lan prajurit Kadipan ||

16. maju rampak lawan wong Kumpêni | ki tumênggung pangawat tinunjang | kang têngên sêmpal wus gègèr | sinêrot wus malêdug | wus tinilar tumênggung aglis | majêng ngidul saksana | pangawate kidul | wong Banjar Mrêdèn katunjang | sampun dhadhal wau kang bala Kumpêni | rame campuhing yuda ||

17. wong Kadipan sami ngungkih biting | lan Kumpêni ngêdrèl datan kêndhat | Kumêndhan Rèngkèl lan Markèt | kalih sami angamuk | maksih panggah kang anèng biting | Pangran Mangkukusuma | lan sabalanipun | kantun pêpalih kang dharat | kang turôngga wus dangu dhadhal [dhadha...]

--- 52 ---

[...l] angungsi | atilar gustinira ||

18. tuwin wau Pangeran Suryadi | nora tahan ingêdrèl Walônda | tan awani rok prang rèrès | tilar ing arinipun | Pangran Mangkukusuma maksih | Tumênggung Ônggawôngsa | saking lèr anêmpuh | wadya ngobrak-abrik nunjang | Ki Tumênggung Ônggawôngsa sigra manjing | lan wonge tigang dasa ||

19. ki tumênggung mrêpêki ngantosi | nguwuh-uwuh Kadipan manjinga | pangerane tèk balane | pangeran nolih wau | ngalèr dipun ajêngi bêdhil |

giwar sawadyanira | sanjatane ucul | pêpatihe ingkang kêna | Pangran Mangkukusuma miwah turanggi | kudane wus kabandhang ||

20. kantun kalih dasa ingkang abdi | wong Banyumas angalingi samya | dèn lancangi Kumpênine | samya ngênês tyasipun | nanging Pangran Purbaya runtik | môngka yèn kalairna | mring bitingan wangsul | Pangeran Mangkukusuma | sapraptane kitha Pamarêdèn nguni | bitingane kang raka ||

21. salin sipat sawadyanirèki | kang ningali gêmpah manahira | satus loke Kumpênine | saksana lajêngipun | kang ambujung sami ngèndêli | wong cilik angrêrayah | kang raka rinêngu | Pangran Suryadikusuma | nora layak badhè dèn wadulkên benjing | mring Sunan Kabanaran ||

22. wusnya ngaso kang bala Kumpêni | Kumêndhan Rèke ngajak majênga | miwah ta Kumêndhan Rèngkèl | tangara sigra laju | wau Pangran Purubayèki | nimbali pra dipatya | tinari prangipun |

--- 53 ---

Tumênggung Tirtanagara | Cakrajaya lan Tumênggung Sawunggaling | Tumênggung Rêksapraja ||

23. kang ingalih namanira mangkin | nama Tumênggung Kartanagara | tinari sami ature | pikantuk wêdalipun | prang ing jawi kobèt sakêdhik | pan botên sugih obat | amêmpên puniku | sawêg sami pirêmbagan | pacalange kang prapta atur udani | yèn mêngsah agêng prapta ||

24. sami gugup sagung pra dipati | nora kongsi akarya pangawat | mêdal sarêng campuh rame | kang môngka ngarsanipun | abdi dalêm kapilih pinggir | caruk lawan Walônda | rame yudanipun | Ki Tumênggung Ônggawôngsa | anglancangi anunjang mingêr angiring | lan kuda pitung dasa ||

25. Ki Ngabèi Martawijayèki | kuda sèkêt anunjang angambah | nusuli Ônggawangsane | tan tata ing panêmpuh | anon mungsuhira katawis | karoyêge gêgaman | tôndha riyonipun | kapilih pinggir rame prang | wong Kadipan rampak nunjang lan Kumpêni | ingkang tinêrak piyak ||

26. tangkêp wuri wong kapilih pinggir | arok rukêt ubêkan ing aprang | mung kapal satus mungsuhe | saking têngên anglambung | duk tinêtêr pangerannèki | kang songsong sinanjata | kêna dhandhan payung | tugêl bêt tibèng ing lêmah | Pangran Purubaya lumayu anggêndring | bala maksih rame prang ||

27. maksih ulêng wong kapilih pinggir | ana nguwuh yèn pangran wus dhadhal | prajurit samya anolèh | sinêrot lajêng mawut | niba tangi

--- 54 ---

nusul ing gusti | ingungsir kathah pêjah | binang tiga likur | tumbak binang awor bathang | wau pangran sinangsangan anèng margi | ing piranti duk prapta ||

28. kinalantaka saking wanadri | dadya mawur binendrong sanjata | tan tanggon saragênine | lajêng samya akukuk | surak giyak ana kang bali | atulak saking wuntat | palayune bingung | pangerane nilap-nilap | karusakan kaponthal awor wong cilik | kèndêl pambêrêkira ||

29. anèng Kalisapèn pijêr sami | mèt bandhangan akèh kang kacandhak | kang akèh nora pinatèn | kang pêjah pitung puluh | tigang dasa kang dèn bandani | tinakon asalira | akèh warnanipun | aku uwong ing Mataram | ana Pajang Kêdhu Pagêlèn sapalih | ana abdine lawas ||

30. wangsul marang ing Gumêlêm malih | Yudanagara lan Ônggawôngsa | Kumêndhan Rèngkèl lan Markèt | suka kang mêntas unggul | ing ayuda gantya winarni | Pangeran Purubaya | wau kèndêlipun | ing Gêgombang bumi desa | sakarine anulya apacak baris | lan sagung pra dipatya ||

31. para mantri prapta ting karênthil | saking kaplajar saking singidan | lan prajurit kapilihe | ngulicir praptanipun | pangran langkung ngungun ningali | wangune tan kèngêtan | langkung supenipun | dinangu kancane pêjah | tiga likur sakawan ingkang asragni | caos cêmêng sakawan ||

32. ingkang kathah kônca kang ngêmasi | gangsal wêlas [wê...]

--- 55 ---

[...las] ingkang numbak binang | kadangon ing prang rukête | tan wontên kang têtulung | yèn wontêna ingkang nulungi | kula maksih kaduga | ngundurêna mungsuh | maksih awrat duk matêdha | duk Patanjung utusan mungsuh Kumpêni | punika kadar pira ||

33. garundêlan Bali winitawis | wong Pagêlèn prange nora layak | mung siji kang bêcik prange | kang maksih tumut mungsuh | Ki Tumênggung Ônggawangsèki | wong samene binêdhag | palayune mamprung | wau ta kang kawuwusa | ingkang lagya sungkawa Pangran Suryadi | kêni ing rêraosan ||

34. arsa kesah tundhuk ing Kumpêni | nêdha pêthuk Tumênggung Toyamas | prapta duta lan surate | Ki Ônggawôngsa rêmbug | lan kumêndhan Rèke nujoni | Kumêndhan Rèke rêmbag | angaturi rêmbug | prasamya mêthuk colongan | wus kapêthuk wau Pangeran Suryadi | binêkta mring Toyamas ||

35. wus utusan marang Petor Têgil | tur uninga sampun tinarima | Pangeran Suryadi mangke | lajêngêna puniku | marang Têgil marang Sêmawis | samana wus binêkta | praptanira dangu | anèng nagari ing Têgal | lajêng marang Samarang linajêng maring | dhatêng Selong linêpas ||

36. ya ta wau ki tumênggung kalih | Yudanagara angêrig bala | angundhangi panêkare | badhe panglurugipun | apan dhatêng Pagêlèn malih | samakta sadhiyanya | gêgaman wus kumpul | budhal wau lampahira | maksih jroning sasi Ruwah angkatnèki |

--- 56 ---

dadya panganjur lampah ||

37. Ki Ngabèi Kartawijayèki | mantri Ngroma nulya sinambungan | Tumênggung Ônggawangsane | bala Kumpêni pungkur | pan anggamêng lampahe baris | nulya wadya Toyamas | kang nindhihi pungkur | Tumênggung Yudanagara | sabalane lampahira nulya prapti | bitingan Karanganyar ||

38. rêrêb dalu enjinge lumaris | datan owah rakiting lumampah | praptèng bumi ing Romane | kèndêl pan cêlak mungsuh | wau Pangran Purubayèki | lami dènnya miyarsa | yèn Kumpêni rawuh | samakta tata prayitna | masang rakit pangeran kalih nindhihi | pangawate kang kiwa ||

39. Ki Tumênggung Cakrajaya nguni | sakancane mantri numbakanyar | dene pangawat têngêne | sakancane tinuduh | Ki Tumênggung Kartanagari | lan sagung kang gêgaman | mantri tuwaburu | wau kumêndhan kalihnya | Rèke Markèt pan sami anata baris | dhadha miwah pangawat ||

40. kang dhadhani prajurit Kumpêni | lawan Tumênggung Yudanagara | ingkang pangawat têngêne | apan ta Ki Tumênggung | Ônggawôngsa sawadyanèki | kiwane Kandhuruan | Pasir Dhayaluhur | sigra nambur majêng lampah | Ki Tumênggung Ônggawôngsa andhingini | dènnya wus gambuh ing prang ||

66. Gambuh

1. kapalan pitung puluh | angrêmpêl katon sakêdhikipun | mangsah aris iya babo sapa iki | mung ngarêmpêl baturipun | dubilah têka amojok ||

2. cêmêng turangganipun |

--- 57 ---

pun Simbarmanik agêng aluhur | pan sumêblak tanggon tangkêping ajurit | ki tumênggung anèng ngayun | acêlak sami waspaos ||

3. ya iku ki tumênggung | katara ngikal bêdhile iku | balimbingan dèn ikal nginggil turanggi | sami gêmpal manahipun | oyag barise duk tinon ||

4. pan wontên tigang atus | wau kang pangawat kapalipun | Ônggawôngsa mung pitung puluh turanggi | parandene wani nêmpuh | sarêng nabêt kuda nêrot ||

5. saking wruh bobotipun | mungsuhe nadyan pangeranipun | wus ping lima dènira nadhahi jurit | wus kawruhan budinipun | nora mantêp ing palugon ||

6. binendrong bêdhil agung | pambêdhilira gugup sru kuwur | kang winalês satunggil mantrine kêni | niba ingkang kari mawur | sêmpal pangawate pêdhot ||

7. bêbujung ki tumênggung | sawadya kula mung pitung puluh | malih tandhing dèn apit dadi angapit | wau dènira bêbujung | ki tumênggung sampun adoh ||

8. mingêr angalèr gupuh | nuntên angilèn mêdal ing pungkur | wong Kumpêni pan maksih rame ajurit | Yudanagara Tumênggung | katon solahe saking gon ||

9. parigêl ing prang pupuh | awira-wiri ngalor angidul | angampingi yudane bala Kumpêni | ngangsahakên balanipun | wong Kadipan mangsah angkrok ||

10. drèlira gumarudug | bêdhil-binêdhil surak gumuruh | maksih kathah pangeran balanirèki |

--- 58 ---

dènnya kêdhik mungsuhipun | tumênggung prapta naronjol ||

11. bêdhili saking pungkur | pangeran kagèt sabalanipun | sami mawur pangeranira anggêndring | Kumpêni kèndêl tan bujung | Ki Ônggawôngsa angodhol ||

12. ngalèr ngetan binujung | sarwi binêdhilan saking pungkur | ting kacècèr prajurite akèh kêni | pambujênge dyan tumênggung | lan Kumpêni sampun adoh ||

13. mungsuh nolih ing pungkur | yèn adoh lawan Kumpêninipun | sami wang-wang pangerane angundhangi | tambur bêndhene angungkung | prajurit wangsul samyalok ||

14. payo idêkên iku | amung sathithik samono iku | mangsah sarêng pangeran ingkang nindhihi | Tumênggung Ônggawangsèku | kinarubut ing prang popor ||

15. ji papat ginarubuh | nora ayoman sabalanipun | mundur miring nadhahi bêdhil-binêdhil | prapta kilèn larènipun | ki tumênggung sigra mogok ||

16. lêlarènipun agung | tumbak-tinumbak pan ora gadug | amung bêdhil punika kang maksih urip | arame prang bêdhilipun | lan urip lakuning towok ||

17. wus arang bêdhilipun | kang wetan têlas ing obatipun | ingkang kilèn durung têlas obatnèki | tan kêndhat pambêdhilipun | mungsuh wetan mundur alon ||

18. kumêndhan kalihipun | wau miyarsa bêdhil gumuruh | ajidane ingutus kinèn ngaturi | Tumênggung Ônggawangsèku | aja prang dhewe mangkono ||

--- 59 ---

19. tumênggung sigra mundur | dhasar mungsuhe kang ngajak mundur | maras-maras bok usar umêdal malih | têtabean praptanipun | amung sangête panutoh ||

20. ngêndi palayonipun | iya andhêge wau kang mungsuh | ki tumênggung alon dènira nauri | kèndêl dhusun Jamberumput | sami kèndêl amakuwon ||

21. Kumpêni unduripun | ngupaya papan ingkang apatut | dhusun Wana sigra kang dèn pakuwoni | aparêk ing lèpèn agung | sigra pacak biting tembok ||

22. rajêg sami galugu | pra Kumpêni dene ingkang kidul | Ki Tumênggung Banyumas kang dèn bubuhi | wetan Ki Ônggawangsèku | Ngabèi Ngroma kang kulon ||

23. dalunipun tinukup | kang ngiring maling para tumênggung | ingkang wetan jinujug ing têngah wêngi | lajêng bêdhili gumrudug | katulak jro sami tanggon ||

24. winalês bêdhil agung | iya ngurugan sanjata mawur | pan ingiris winêton binêrêg sami | akèh kang cinandhak lampus | palajêngira wus adoh ||

25. prapta pakuwonipun | barisan agêng ing Jamberumput | sami ngungun nênukup kasoran jurit | mèh prapta ing Jamberumput | dènira wangsul kang mungsoh ||

26. kunêng ingkang winuwus | dutane Pangran Purubayèku | angaturi uninga kasoran jurit | saking Pamardèn prangipun | mring kang raka madêg katong ||

27. sapolah tingkahipun | asor ungguling paprangan katur | langkung duka sang nata sri narapati | nanging

--- 60 ---

sinimpên ing kalbu | ing tutuk datan kawiyos ||

28. milane kang dèn utus | ingandhêg anèng jroning prajèku | angantosi Pangran Mangkunagarèki | kinèn mariksaa iku | ing paman prang agung kasor ||

29. kocap ing praptanipun | Pangran Mangkunagara duk wau | lêlancaran tinimbalan mring nagari | prapta tan kalilan cucul | lajênga manjing kadhaton ||

30. praptane pura sampun | wusnya ngabêkti ing rama prabu | inguncalan sêrat Pagêlèn kang prapti | winaos sarwi gumuyu | dene sabên aprang kawon ||

31. nuju kang wontên ngayun | Dipati Jayaningrat Matarum | lawan Radèn Dipati Suryanagari | wusnya maos suratipun | pangeran nêmbah turnyalon ||

32. paran karsa pukulun | pan rayi dalêm tiwas kalangkung | ngrêrubêdi inggih kinanthi ing jurit | bawah rong lêksa nêmèwu | ing ayuda nora enjoh ||

33. yèn karsa jêng pukulun | gih pun paman Purbaya puniku | kakêrsakna dadosa lêlurahnèki | wong Suranata pukulun | sinabin satus kemawon ||

34. ing prang paduka pangku | bilih makatên darbea purun | yêkti ajrih tilara paduka aji | pinisah tan dadi batur | ing ayuda langkung amoh ||

35. mungsuh Walônda têlu | nungsang jêmpalik palayunipun | ing Pagêlèn puniku lêrêsing pikir | botên nganggo bol kacendhul | paman dipati kemawon ||

36. Suryanagara purun | mungsuh lan raja ing Bulupitu |

--- 61 ---

Ônggawôngsa Tumênggung asale cilik | jênêng nyêndhal buru butuh | sikêp ngangsu mikul lodhong ||

37. pan paman Purbayèku | dêstun abêtah imul jalêbut | Ônggawôngsa mungsuhe dadak malêncing | kinggilên paga rumuhun | ing karsa paduka katong ||

38. awit karsa sang prabu | lamun paman Purbaya gih sampun | anganciki ing Pagêlèn ingkang masthi | kadya sagêda ambanjur | ing tanah Banyumas lêdhok ||

39. miwah salajêngipun | pasisir Têgal pangetanipun | Pakalongan Kêndhal Batang Lèpèntangi | banjur Samarang kinêpung | yèn pangeran pan mêngkono ||

40. yèn paman dipatyèku | Suryanagara ing bobotipun | bêdhah ing Banyumas bae anglakoni | yèn jamak-jamaka iku | pangeran kang duwe bobot ||

41. ngandika sang aprabu | mêngkonoa manèh iya kulup | yèn bêcika jênênge wong tuwa iki | dèn tutakên kadangipun | tan dèn bakali dadya wong ||

42. sapa ta kang anêmu | wêwinih bawah sêmono iku | sira kulup lan ingsun manggiha dhingin | bawah têlung lêksa iku | sawulan bae angradon ||

43. sapuluh ta sapuluh | winawas ing tyas padha pinupus | de kèhana sarêngên mundhak akanji | yèn eling anaking ratu | kajêmak nora mêngkono ||

44. pinaring suratipun | saking kang raka prabu wêwangsul | dutanira mantri kalih kinèn mulih | marang ing Pagêlèn gupuh | amundhi nawala [na...]

--- 62 ---

[...wala] katong ||

45. datan kawarnèng ngênu | praptèng Pagêlèn carakanipun | langkung sigra mangilèn lampahirèki | praptèng baris Jamberumput | tur surat ing raka katong ||

46. tinupiksa sratipun | ragi dêduka paworing têmbung | ngolok-olok hèh yayi Purubayèki | èngêta sutaning ratu | trahing prajurit kinaot ||

47. dudu anaking jagul | elinga sira yèn kadang ingsun | Mangkubumi iki nora wêdi mati | jêr eling sutaning ratu | undhagi surèng palugon ||

48. lamun trahing Matarum | upajiwane kang dadi luhur | datan ana liyane amangun jurit | wong tani garu maluku | sudagar dagang lungandon ||

49. yèn trah Mataram iku | nora wania mati prang pupuh | sayêktine kapiran uripirèki | pasthine saturunipun | turun pisan tabokan wong ||

50. turun ping têlu mikul | wong nora idhêp gawene iku | tan angrasa uripe prasasat mati | kapindho durakèng ngèlmu | kasiku dene[9] Hyang Manon ||

51. wong kang wêdi ing lampus | angumpêtakên ing umuripun | umur iku wêwatêse wus pinasthi | yèn parêk ing ajalipun | tan kêna ginawe adoh ||

52. yèn adoh ajalipun | ingêlêbana gêgaman sèwu | tanpa rowang yèn durung watêse prapti | wong siji ngamuk wong sèwu | tan mati akèh kalakon ||

53. ana wong duwe catur | duk adhi [a...]

--- 63 ---

[...dhi] mas maksih nèng prajagung | mandahane ya Pangeran Rôngga iki | milua murwèng prang pupuh | ngungkuli mring raka katon ||

54. mêngko nora tinêmu | ing besuk apa patêmonipun | liwat têmên ing pangarêp-arêp mami | wajibe ing kadang sêpuh | ginajulan kadang anom ||

67. Sinom

1. Pangran Arya Purubaya | sawusira maos tulis | madêg suraning wardaya | sangêt dukane rakaji | nimbali pra dipati | para mantri praptèng ngayun | pangeran angandika | ingsun iki dèn dukani | dene abêr wong Pagêlèn yudanira ||

2. kakang Prabu Kabanaran | dukane yayah sinipi | kalah lan Si Ônggawôngsa | jalêbud bêtah ing isin | kabirènana sami | Bupati Pagêlèn iku | padha bangsane kalah | tan ana gawene urip | Pangran Purubaya sigra pêparentah ||

3. mêngko ingsun magut ing prang | kêrigên sapungkur mami | tan kêna jarane suda | sudukan parentah mami | payo kinêpung sami | biting Wanasida iku | pra dipati sandika | miwah ingkang para mantri | atêngara bêndhene munya sauran ||

4. tambure adhêrandhangan | ambarung kang carabali | gêgaman samêkta aglar | abra busanèng prajurit | wau pangeran kalih | budhal saking Jamberumput | gêgaman kang pangarsa | prajurit ing Roma sami | pangiride Tumênggung Kartanagara ||

5. Ki Tumêng Cakrajaya |[10] ing wurine kang nambungi | Panji Gêdhong

--- 64 ---

wurinira | lan Tumênggung Sawunggaling | Tambakbaya nambungi | pangeran kalih tut pungkur | prajurit kang turôngga | kalih èwu winitawis | kêrigane dèrèng samêkta sadaya ||

6. akathah kang dèrèng prapta | kêrigane kang prajurit | ing rêmbag pan sampun dadya | yèn badhe angêpung sami | biting winêton katri | kang kulon wetan lan kidul | êlèr ginawe towang | yèn mungsuh kasoran jurit | apan ana margane palayunira ||

7. praptèng wetan Wanasida | angilèn lampahirèki | mêdal sakidul bitingan | nênggih Kartanagarèki | prapta kilèning biting | nuntên ngetan ajêngipun | Tumênggung Cakrajaya | praptane sakidul biting | lajêng ngalèr angetan pangeran prapta ||

8. sarêng kukuk sarêng nunjang | apan wong sajrone biting | sami amasang darebas | nadhahi saking jro biting | rame dènira jurit | mangetan mangulon ngidul | gumuruh bêbêdhilan | surake awanti-wanti | kadya guntur surake mungsuh lan rowang ||

9. tumênggung kalih manggala | anjênêngi ing ajurit | nancêpakên songsongira | munggèng saluhuring biting | pangeran marêpêki | kinalantaka sinungsun | pangeran dèrèng obah | angêdhangkrang payung kuning | sami mèsêm bupati kalih rêrasan ||

10. dingarène ya pangeran | baya kasurupan iki | dene ta atêtêg mana | nora obah dèn bêdhili | kang raka anauri | punika watawisipun |

--- 65 ---

inggih môngsa têbiha | kadhawuhan srat rêruntik | mring kang raka Sri Bupati Kabanaran ||

11. Tumênggung Yudanagara | wuwuse anyalawadi | kakang lamun mangkanaa | môngsa mantêpa ing jurit | dede tyase pribadi | tyas sêsêlangan puniku | inggih lamun rêmbaga | kumêdah kula mêdali | yun uninga antêpe wong agung aprang ||

12. alon wau saurira | Tumênggung Ônggawangsèki | yèn pun adhi alapura | marang kumêndhan kêkalih | môngsa rêmbaga ugi | amit mêtuning prang pupuh | wau saking akathah | wadyane pangeran kalih | wong Pagêlèn kêrigane sami prapta ||

13. Pangran Arya Purubaya | parentah ing pra dipati | karya bètèng lêlumbangan | tumandang kang para mantri | ngangsêg kalawan biting | swaraning bala gumuruh | bêndhene asauran | wetan kulon kidul sami | swaranira kadya kongkang kajawahan ||

14. kêrigan andina prapta | wadyane pangeran kalih | kabèh wong Pagêlèn nambang | lêksan wong kêrigan sami | ngêpung ingkang bêbiting | nèng Wanasida puniku | kêmput pangêpungira | amung lèr kang dèn towongi | wong Banyumas minggat sinungan dêdalan ||

15. sabên dina bêbêdhilan | jro biting sajaban biting | wong jro biting kasusahan | alami kinêpung kikis | tan antuk ngambil bukti | wong sikêp pangiritipun | lamun mêdal utusan | sapraptanira ing jawi | lajêng minggat sami guwangi [guwang...]

--- 66 ---

[...i] kêranjang ||

16. sabên dina kagegeran | kulon kidul samya ngrampit | ngajêng-ajêng bantonira | gung utusan marang Têgil | anêdha bantu aglis | lamun barise kinêpung | kumêndhan Rèke lawan | kumêndhan Markèt gung sêdhih | ya ta kunêng nênggih wontên surat prapta ||

17. saking Petor ing Têtêgal | kumêndhan sami amanggil | tumênggung kalih wus prapta | inguncalan sêrat jawi | kang saking petor Têgil | tinupiksa têmbungipun | wontên bêbantu prapta | mayore langkung prajurit | Mayor Ubrus saking nagri Batawiyah ||

18. tan lami anèng Samarang | mangkya wus anèng Têtêgil | bêkta satus kalih wêlas | dragundêr ingkang turanggi | sawidak kalantaki | Kumpênine Islamipun | pan satus tigang dasa | kalawan kang pra dipati | ing Barêbês satunggal Têgil têtiga ||

19. marentahi mantrinira | wau tumênggung kêkalih | samia karya pondhokan | kêstale prasami kardi | wau kang para mantri | sami anambut karyèku | duk angsal tigang dina | kang pondhokan sampun dadi | wontên duta praptane saking Banyumas ||

20. duta ngaturi uninga | praptaning Mayor Ubrusting | Salambèr kapitanira | sami prajurit linuwih | gêgaman pra dipati | langkung saking tigang èwu | sèwu ingkang sênapan | kalih èwu waosnèki | tumpêr ingas tilitwi cêmêng lan benang ||

21. kathah prajurit Makasar | angkate sadintên benjing | saking nagari Toyamas |

--- 67 ---

mangkana tumênggung kalih | lan kumêndhan kêkalih | pirêmbagan kang amêthuk | Tumênggung Ônggawôngsa | sapanêkar para mantri | tan kawarna ing dalu wuwusên enjang ||

22. apan sami pirêmbagan | cinacah ingkang turanggi | kang prajurit kalih bêlah | wêdale saking ing biting | kori lèr dèn margani | prapta jawi kilèn sampun | baris mêngsah tinunjang | rame campuh ing ajurit | pan tinundha lor kidul ing prang sumahab ||

23. kang kidul dalêdêg samya | angilèn samya nututi | gumuruh surak wurahan | Tumênggung Ônggawangsèki | ngalèr mèt papan kêdhik | tinut wuri gya pinukul | rame dènira aprang | adangu bêdhil-binêdhil | kawuwusa Kumpêni ingkang lumampah ||

24. mirsa swaraning sanjata | rinikat dènnya lumaris | pangarsa Tumênggung Têgal | lawan dragundêr sapalih | mêdal margi wanèki | lajêng anungkêbi mungsuh | ambendrongi sanjata | kang mêngsah pinêlak sami | karepotan wong Roma kathah kang pêjah ||

25. pinêlak malih ingidak | tinungkêban kanan kering | rusak akathah kang pêjah | upêsir pêjah satunggil | tinumbak saking wuri | dènira nglancangi mungsuh | Tumênggung Ônggawôngsa | pangamuke ngowak-awik | ambalasah bosah-basih ting salêbar ||

26. kang kari balêdug giwar | sasaran mawur angisis | wangsul Kumpêni sadaya | Mayor Ubrus sampun manjing | marang sajroning biting | Kumpêni drèl kalaganjur | Tumênggung

--- 68 ---

ing Toyamas | mêthuk têtabean sami | pra tumênggung lan kumêndhan kalih pisan ||

27. sampun tata pêpondhokan | sagung bupati pasisir | nèng loji sami salaman | Mayor Ubrus paring tulis | saking Dêlèr Samawis | sakawan sêrat puniku | kumêndhan kalih lawan | bupati kalih nyatunggil | duk binuka Ki Tumênggung Ônggawôngsa ||

28. ing mangke pinaring nama | parentahira narpati | mijil ing Idlèr Samarang | namane dipun salini | nama Ônggawangsèki | ing punika kang rinacut | Tumênggung Arungbinang | pêparing dalêm ing mangkin | wus mupakat manggalanira barisan ||

29. Mayor Ubrus pêparentah | lamun kumêndhan kêkalih | Rèke Markèt tinimbalan | marang nagari Samawis | minggah kapitan sami | katrima pakaryanipun | dene ta ingkang dadya | sêsulihing senapati | pun Kapitan Salambèr gagah prakosa ||

30. wau undure kang mêngsah | Pangeran Purubayèki | Pangeran Mangkukusuma | miwah kang para dipati | rêmbage tilar sami | pabitingan Jamberumput | ngalih dhatêng Rêrambat | nênggih ing baris Kumpêni | bumi watês Pagêlèn miwah ing Roma ||

31. Mayor Ubrus atêtanya | mungsuh mangke wontên pundi | Ki Tumênggung Arungbinang | alon dènira nauri | mêngsah sampun anêbih | nèng Rêrambat barisipun | bumi Roma kang wetan | Mayor Ubrus angling malih | adandana payo nuli pinaranan ||

32. sigra

--- 69 ---

undhang saha bala | wau tumênggung kêkalih | tuwin Kumpêni parentah | Kapitan Salambèr nênggih | tinuding magut jurit | lan dragundêr patang puluh | satus Kumpêni Islam | tigang dasa jalan kaki | pra dipati Têgal Barêbês palihan ||

33. Ki Tumênggung Arungbinang | mangke manggalaning jurit | kalawan Ngabèi Roma | Kumpêni Islam nambungi | nulya bala Kumpêni | Salambèr pangiridipun | wuri pasisir samya | asri busanèng prajurit | kawuwusa kang baris nawung asmara ||

68. Asmaradana

1. barise pangeran kalih | lawan sagung pra dipatya | sampun miyarsa wartane | lamun Kumpêni anglarag | pangirid kang ambêkta | Tumênggung Ônggawangsèku | ing mangke pinaring nama ||

2. mila mindhak gêng kang galih | ran Tumênggung Arungbinang | ing ayuda manggalane | ênggène pangawat kanan | Kumpêni munggèng dhadha | kang pangawat kiwanipun | sawadya Ngabèi Roma ||

3. wong pasisir anèng wuri | rumêksa Kumpêninira | gangsal atus sênapane | mêngsah kang nglarag punika | cacah ingkang kapalan | botên langkung pitung atus | kalih èwu kang adharat ||

4. wus têlas ature têlik | pangeran asru ngandika | batur iki ing cacahe | prajurit ingkang turôngga | tigang èwu sadaya | dharat ana limang èwu | dubilah pagene kathah ||

5. tandhinge apit sayêkti | ayo padha ngantêp ing prang | kang wadya atur sêmbahe | inggih suwawi bêndara |

--- 70 ---

sami saur kukila | tinata pangawatipun | ingkang kiwa Cakrajaya ||

6. têngên Kartanagarèki | turangganira tinata | pangeran kalih dhadhane | kêpung pangawat lan dhadha | saking gunging gêgaman | ra-ara dhêndhêng ngêndhanu | turôngga apindha karang ||

7. tan dangu mungsuh kaèksi | katon atabe gêgaman | anggamêng doh wêkasane | Kapitan Salambèr mulat | panggabage kang mêngsah | nèng êndi bapak tumênggung | têtêmua lawan ingwang ||

8. ki tumênggung dèn aturi | tan adangu praptanira | mojar Kapitan Salambèr | inggih kadipundi bapak | mungsuhira akathah | punapa antuk bêbantu | saking nagri Kabanaran ||

9. duk prang Wanasida nguni | botên samèntên kang mêngsah | ki tumênggung lon saure | rumiyin nèng Wanasida | mêngsah baris martiga | kang tuwan prangi rumuhun | kang kidul kilèn sadaya ||

10. wetan tuwan tan udani | puniki dadya satunggal | milane samèntên kèhe | têlik kula ingkang warta | tan wontên bantu prapta | sampun susah yèn puniku | kula wruh boboting aprang ||

11. botên angunakarani | yèn ta sampuna bêndara | puniku pangran kêkodhèn | akêrêp prang lan kawula | pan dèrèng nate uga | bêbayani yudanipun | luwung kawus kalampahan ||

12. dene Pangran Mangkubumi | balaa satus kewala | kula lungani kemawon | botên kêna tinadhahan | lamun Pangran Purbaya |

--- 71 ---

wuwuha malih puniku | inggih tuwan lila dika ||

13. kula gitike rumiyin | pangawate ingkang kanan | sok sêmpala pangawate | adate ngatut kewala | botên darbèni kêkah | Kapitan Salambèr jêtung | lah iya sakarsanira ||

14. ki tumênggung ngidul malih | anunggili balanira | miwah mantri panêkare | wontên kuda kalih bêlah | ki tumênggung nèng ngarsa | milihi wadya kang purun | pantês binêkta mangarsa ||

15. sawêg anata prajurit | mungsuhe katon ngareyap | ingkang cinipta luwange | ki tumênggung yèn ayuda | wantêr nora pasaja | dadya kuda pitung puluh | ingkang ginawa nèng ngarsa ||

16. janji sarêng anyamêthi | ngikal bêdhil balimbingan | sarwi ngalih camêthine | ênggone nèng ngarsa pisan | ngabani bala sigra | lumampah ririh rumuhun | amarani goning mêngsah ||

17. mungsuhe alon ambêdhil | pambêdhile nora tata | têtela gêmpal atine | Ki Tumênggung Arungbinang | mangsit nyamêthi kuda | kang turôngga pitung puluh | sarêng dènnya nyabêt kuda ||

18. tinunjang mawur duk sami | ambêdhil sarwi lumajar | kyai tumênggung balane | kang wuri nusul sadaya | Tumênggung Arungbinang | wus têbih gènnya bêbujung | mingêr ngajêngkên pangeran ||

19. pangeran nolih ing wuri | katon pagawate sêmpal | lan Arungbinang praptane | ngikal bêdhil balimbingan | gègère manah gêmpal | barise mawur sumawur |

--- 72 ---

Kumpêni ngangsêg abayak ||

20. saking wuri bendrong bêdhil | saking agiris lumajar | anggêrus sirna barise | kudewon datanpa karya | kadya anggiring sangsam | wong siji mungsuh sapuluh | kang sapuluh kadhungsangan ||

21. wus têbih dènira ngusir | Ki Tumênggung Arungbinang | miwah Kapitan Salambèr | sami kèndêl abêbandhang | watawis saonjotan | kapitan suka gumuyu | bênêr ujare si bapak ||

22. têlik ingkang atut wuri | praptane atur uninga | pangeran kèndêl Kabumèn | badhe bêbiting santosa | pinggir lèpèn Luk Ula | ngupaya ingkang tarêjung | ngiras bantêre Luk Ula ||

23. sami mundur kang ngampiri | têlas baris ing Rêrambat | lajêng mring wana sêdyane | prapta mèh sirêping arka | lajêng mring loji samya | wus panggih lan Mayor Ubrus | tumênggung lawan kapitan ||

24. katur sasolahing jurit | tuwan mayor langkung suka | katur wontên ing Kabumèn | mêngsah apacak bitingan | Mayor Ubrus lingira | benjing yèn wus pitung dalu | dawêg sami pinurugan ||

25. ki tumênggung gih suwawi | badhe ngundhangi budhalan | amrêp mungsuh nèng Kabumèn | wadyagung sami samêkta | kunêng ing lampahira | wus prapta sêmayanipun | budhal sagunging gêgaman ||

26. kang môngka cucuking jurit | Ki Tumênggung Arungbinang | lawan sakônca mantrine | sumambung Ngabèi Ngroma | sinalusup Walônda | dragundêre patang puluh | lan sawidak Kumpêni

--- 73 ---

Slam ||

27. nuli ing wuri nambungi | Tumênggung Yudanagara | sawadya kônca mantrine | nulya munggèng wurinira | Mayor Ubrus sawadya | pasisir para tumênggung | gêgaman awarna-warna ||

28. kadya kang parwata gêni | saengga palasèng patma[11] | wontên mêngsah panganjure | wontên nêmatus turôngga | mapan panggenanira | wontên dhusun Jêrukgulung | tumingal mungsuh gêng prapta ||

29. sauran bêndhe tinitir | Ki Tumênggung Arungbinang | lawan Kapitan Salambèr | anandêr sami turôngga | kalih atus watara | tan taha pangundhangipun | mungsuh mawur amratiga ||

30. Salambèr têtanya aris | ki tumênggung paran karsa | mungsuh makètên kathahe | ki tumênggung aris mojar | mungsuhe masang gêlar | winalèkkên gêlaripun | wong gawe gêlar-ginêlar ||

31. tiru wong Pajang Matawis | tuwan môngsa kêdadèna | kaya kula wong Pagêlèn | gih tuwan môngsa mantêpa | lan môngsa têlatèna | kang ngalèr ngilèn angidul | puniki pikir kawula ||

32. desa gêng kilèn puniki | dika dhêdhêp jro pomahan | kula bêktani salawe | kêkalih mantri kawula | tunggal kalawan dika | kula ing mangke lumayu | kasusu kelangan dika ||

33. pasthi kula dipun usir | kula lumayu kewala | yèn kaliwat pamburune | andika tugêl ing têngah | sampun angangge tata | pan kula anuli wangsul | anjambak saking ing wuntat ||

34. mèsêm kapitan nauri | iya bapak wus prayoga |

--- 74 ---

sigra mangkat sabalane | aling-alingan padesan | dupi kapitan têbah | kyai tumênggung angidul | lampah karya gudandapan ||

35. kadi wong kelangan lari | polah kinarya gudandap | sarwi alok payo-payo | Arungbinang kantunira | mêngsah agêng tyasira | pating barubul bêbujung | Ki Tumênggung Arungbinang ||

36. kadya kaburu nututi | gumrubyug pambujungira | kadi kasusu gugupe | prapta gènira kapitan | wau ingkang singidan | sigra mêdal saking dhusun | kang bujung tinugêl têngah ||

37. anambur sarwi ngêdali | cinakuthak mungsuh rusak | kang binujung bali kabèh | anungkêbi saking wuntat | kuwur kathah kang pêjah | ulêngan kadya tinumpuk | tan bisa malês tinumbak ||

38. wolung puluh kang ngêmasi | miwah ingkang tatu kathah | agundhil pating palopor | wong gêlar kêna ginêlar | tiru Pajang Mataram | yèn kacêluk wani ngamuk | wong Paglèn nangis kewala ||

39. kalih atus winitawis | turôngga ingkang kabandhang | tumbak bêdhil tambuh kèhe | kang kari tan rupa janma | gêgêluprut jêblogan | kang rikat palajêngipun | ing Kabumèn sampun prapta ||

40. binuru kuwalik-walik | samarga-marga kèh pêjah | nèng dhusun Soka kèndêle | kang lêlampah anèng wuntat | Mayor Ubrus kalawan | pra dipati samya ngungun | samargi kathah pêpêjah ||

41. baris agêng sami prapti | nunggil anèng dhusun Soka |

--- 75 ---

ing ngriku sami makuwon | Salambèr sami tinanggap | para upêsir samya | sasolahira prang ngayun | dene sagung pra diwatya ||[12]

42. samya takèn tingkahnèki | mring Tumênggung Arungbinang | galêthêk mênthêl yudane | tan rêkasa kèh pêpêjah | ing dalu pirêmbagan | Kabumèn gèn mungsuh agung | apacak biting santosa ||

43. têlike tumênggung prapti | pratela gunêm mring mêngsah | nadhahi badhe rêrêmpon | ingkang darbe kadang pêjah | ing prang wingi punika | ingkang sagah sami ngamuk | Mayor Ubrus atêtanya ||

44. hèh sudara kadipundi | adate wong bôngsa dika | punapa ingkang kalakon | Ki Tumênggung Arungbinang | alon ing saurira | tuwan botên adatipun | kandhêg ing lambe kewala ||

45. dene wong Pajang Matawis | saujare kalampahan | yèn bôngsa kula Pagêlèn | tuwan arang kalampahan | ing benjing-enjing tuwan | gih kula malih nèng ngayun | têka tuwan tingalana ||

46. Mayor Ubrus angling malih | marang Tumênggung Toyamas | sudara paran pênêde | punapinggih benjang-enjang | wasisan pinurugan | punapa inganti besuk | Tumênggung Yudanagara ||

47. saure manis aririh | apa tuwan punya sukak | kula pandhèrèk kemawon | nanging tuwan sok rêmbaga | lan kang duwe nagara | puniku kakang Tumênggung | Arungbinang kang waspada ||

48. yèn mungguh nagara

--- 76 ---

ngriki | tuwan isia punapa | sayêkti kawruhan kabèh | Ubrus manthuk sarwi mojar | paran Tumênggung Têgal | hèh Têgal para tumênggung | kabèh paran budinira ||

49. Tumênggung Têgal nauri | kang tuwa Rêksanagara | sampun tuwan pindho gawe | rina wêngi ya sumôngga | botên susah anganyang | prajurit Kumpêni bêtul | laki-laki wong Tatêgal ||

50. kagyat kang samya miyarsi | durung ana kang mangkana | bupati wutah wadine | ngilangakên kasujanan | dêstun saruning praja | kang mêntas muwus kaduwung | tumungkul dènira lênggah ||

51. Mayor Ubrus marentahi | yèn anglarag benjang-enjang | amukul baris Kabumèn | ing dalu dènira undhang | kunêng wuwusên enjang | munya têngara gumuruh | budhal panganjuring lampah ||

52. wadanane sèwu nênggih | Ki Tumênggung Arungbinang | lawan sakônca mantrine | ing wuri Ngabèi Ngroma | lan prajurit sadaya | sumambung Kyai Tumênggung | Yudanagara Toyamas ||

53. wurine bala Kumpêni | anggamêng abra markata | wurine pra dipatine | ing Têgal bala ngêndharang | pindha giri puspita | kadi wontên pitung èwu | ingkang prajurit kewala ||

54. lampahe yèn winatawis | sawêg angsal saonjotan | wus kapêthuk pacalange | bala Kumpêni ngundhangan | aja na sudi karya | wontên kuda tigang atus | kinèndêlakên kewala ||

55. lampahe mêmèrèt nguni | nganthar angênginthar-inthar |

--- 77 ---

amrih tinurut margane | ngapusi mring êmbêl samya | Tumênggung Arungbinang | tan anurut marginipun | amèt margi pêpucungan ||

69. Pocung[13]

1. lampahipun wau gêgaman kang agung | prapta kilènira | ing Kabumèn pan kaèksi | bitingane kang mêngsah samya têngara ||

2. mulat lamun praptane kang mungsuh agung | bêndhe asauran | angrantêg kang carabali | banderane pinanjêr luhur bitingan ||

3. sapangidul panjêran banderanipun | wontên salawe prah | kang mêngsah sami ningali | pêpatute kaya wani rêrêmpon prang ||

4. lampahipun ki tumênggung menggok ngidul | gêgaman sadaya | nurut kang dadya pangarsi | mungsuh ing jro sami mulat kang lelampah ||

5. kèndêl jêtung mangu-mangu Mayor Ubrus | manggil kang sudara | kinèn wangsula duk prapti | ngarsèng mayor Ki Tumênggung Arungbinang ||

6. milanipun lampah andika mangidul | mungsuh sampun cêlak | ênggène wetan puniki | têka ngidul inggih ngulari punapa ||

7. ki tumênggung alon dènira amuwus | lagi kalih kêcap | Mayor Ubrus goyang angling | ambasêngut sarwi agoyang kapala ||

8. apa itu beta kira takut mungsuh | sira wêdi aprang | dika lumayu nèng wuri | gih Kumpêni kewala kang anèng ngarsa ||

9. sauripun gih sumôngga Mayor Ubrus | sintên kang tinêdah | ing lampah kang mianjuri | alon muwus wau Tumênggung Toyamas ||

10. sintên wêruh [wê...]

--- 78 ---

[...ruh] dalan ingkang gampang ewuh | kula wong Banyumas | dèrèng wruh jajahan ngriki | ingkang wêruh liya kang duwe nagara ||

11. gya sumaur ing Têgal para tumênggung | puniku sayogya | tinut kang duwe nagari | tuwan mayor rinêbahakên ing kathah ||

12. kinèn laju sira kiyai tumênggung | angidul kewala | mungsuh sami anyuraki | lampahira maksih angidul kewala ||

13. Mayor Ubrus langkung kaku ing tyasipun | manggil Arungbinang | lah kadipundi kiyai | botên-botên kula ngarti karsa dika ||

14. mungsuhipun sakalangkung parêkipun | têka lanthang-lanthang | mungsuh prak dipun tambuhi | sauripun tumênggung langkung watkata || [14]

15. gih puniku cêlak kalamun dinulu | yèn pinaranana | angèle kapati-pati | manawi ta turôngga kang sagêd ngambah ||

16. jaran mabur ngawang-awang sabanipun | bilih sagêd ngambah | kali Kabumèn puniki | langkung gawat tur wuwuh pinarantenan ||

17. kali kuwung pinggire langkung têrajung | bitinge kinarya | anjathok pinggiring kali | gih karêpe mungsuh ngriku tinunjanga ||

18. cinacubluk yèn purun binêkuk-bêkuk | kang wruh datan arsa | yèn mastani buta tuli | binalithuk ing mungsuh kinarya jakat ||

19. ingkang kidul têbih akêdhik puniku | kaline wus pêcah | mila ran kali Pamalih | mangke sami tiningalan kang waspada ||

20. lèpènipun tur radin pêpinggiripun | nadyan jaran picak | ing ngriku sagêd lumaris |

--- 79 ---

mangke kula nabrang kariyin mukul prang ||

21. sami rêmbug upêsir para tumênggung | ubrus langkung susah | dhêlêg-dhêlêg tan bisa ngling | ki tumênggung ingatag upêsir kathah ||

22. sigra laju lêga tyasira tumênggung | dadya gêlarira | wus canthèl kang têngga biting | tinunjanga janjine manut kewala ||

23. tan adangu wus prapta panggenan wau | tan dangu ngidulnya | prapta jog kali Pamalih | lampah rikat longkangan gêgaman kathah ||

24. ki tumênggung tan kandhêg sabalanipun | surak mawurahan | pambêdhile wanti-wanti | mêksa nunjang ki tumênggung sampun mêntas ||

25. lajêng nêmpuh kang tunggu biting lumayu | wau amukira | mungsuhe malêdug ngisis | pangerane kalih pisan wus lumajar ||

26. duk andulu Kumpêni lan pra tumênggung | lamun Arungbinang | wantêre anglêliwati | ngungun eram Mayor Ubrus analôngsa ||

27. samya guguk mayor ngabani dragundur | enggal anusula | sudara Rungbinang tuwin | mukul mungsuh dragundêr nyandêr sadaya ||

28. pra tumênggung gumrubyug panyandêripun | sadaya wus nyabrang | sarêng lan bala Kumpêni | samya nusul mring Tumênggung Arungbinang ||

29. mungsuh wau kacandhak mati sapuluh | nênêm ingkang gêsang | wus samya dipun bandani | ingaturkên mring mayor sadayanira ||

Nyandhak jilid 8.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Si. (kembali)
3. bang bang. (kembali)
4. Kudapranglangit. (kembali)
5. Teks asli: Pucung. (kembali)
6. mêmpên. (kembali)
7. Pokak. (kembali)
8. andum. (kembali)
9. dening. (kembali)
10. Kurang satu suku kata: Ki Tumênggung Cakrajaya. (kembali)
11. padma. (kembali)
12. dipatya. (kembali)
13. Teks asli: Pucung. (kembali)
14. watgada/gatgada. (kembali)

Serie No. 1259g

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 8.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Paprangan ing Pagêlèn.[1]

30. ya ta wau mayor lan para tumênggung | jajah pabitingan | kang kilèn sayêkti sungil | jurang parang agawat kaliwat-liwat ||

31. Ki Tumênggung Têgal guguk sarwi muwus | môngsa bodho besan | Arungbinang anyaguhi | dudu jalan kali wor kali pra setan ||

32. Mayor Ubrus angguguk sarwi anggunggung | sudara Rungbinang | pundi patut dèn pondhoki | yèn sadalu tuwan wetan Jampisalam ||

33. dene besuk amrih papan kang pakantuk | tuwan wontên desa | satunggil langkung prayogi | inggih lamun kanggènana pabarisan ||

34. lèpènipun agêng angubêngi dhusun | ingkang lèr kang wetan | alah andamêlkên biting | damêl kêna kang kidul kilèn kewala ||

35. kalih dalu anèng Soka benjingipun | budhal mring Ungaran | ingkang sampun dèn rakiti | ing Ungaran mring Tumênggung Arungbinang ||

36. kang wadyagung lan Kumpêni Mayor Ubrus | praptaning Ungaran | pinrênah wetaning kali | Mayor Ubrus kilèn kali karsanira ||

37. ki tumênggung kinèn mangun aja tanggung | sapisan bêcika | iki papan luwih baik | ki tumênggung pêparentah nambut karya ||

38. Mayor Ubrus wus santosa [santo...]

--- 4 ---

[...sa] ênggènipun | nulya pêparentah | mukul gone mungsuh sami | ginusahan pangerane saking têbah ||

39. ingkang kidul urut Têlaga wus larut | kantun Jagabaya | Martanagara namèki | ingkang êlèr Martadipane wêwaja ||

40. wus pinukul parentah ing Mayor Ubrus | sampun sami sirna | pangerane sampun têbih | sêdya nuwun bantu mring raka Mataram ||

41. Mayor Ubrus nênggih tampi suratipun | dêlèr ing Samarang | Ubrus kinèn anêbihi | anjangkunga Ubrus saking doh kewala ||

42. iya amung Si Salêmbèr bae iku | senapatining prang | dèn tinggalana prajurit | dragundêre patang puluh dèn tinggala ||

43. Islamipun iya satus patang puluh | astabêle rolas | sèkêt kang ajalan kaki | pra dipati papat Barêbês lan Têgal ||

44. wusnya maos sêrat mau mayor rêngu | agoyang kapala | ki tumênggung dèn anthuki | manjing wisma Ki Tumênggung Arungbinang ||

45. Mayor Ubrus alon dènira amuwus | sudara kayapa | pundi patut kula gèni | lan Pagêlan sampun parêk sampun têbah ||

46. Ki Tumênggung Arungbinang sauripun | tuwan kang prayoga | botên parêk botên têbih | inggih namung tanah Roma Wanasida ||

47. inggih sampun saniyat kula sarêju | ing sapungkur kula | dika mèt papan prayogi | papan watês ing Pagêlèn ing Mataram ||

48. tan winuwus enjing budhal Mayor

--- 5 ---

Ubrus | kang andhèrèk lampah | Tumênggung Toyamas nênggih | sakancane mantri bang kilèn sadaya ||

49. ki mênggung lan kapitan lan lampahipun | angatêr kewala | saonjotan wangsul malih | sapraptane parentah badhe budhalan ||

50. barisipun majêng dhatêng Watulêmbu | Paglèn tanah wetan | lor kidul kasahak sami | wus rinakit apacak biting santosa ||

51. pra tumênggung pasisir sadaya tumut | tinata pondhokan | ing kanan keringe loji | para mantri numbakanyar sami prapta ||

52. sami tundhuk kèrid ing para tumênggung | mung kaliwonira | kadange Cakrajayèki | tumut Cakrajaya sami angalêndhang ||

53. pangranipun sami mantuk ing Matarum | Pagêlèn wus rata | Arungbinang andhèwèki | pan rinangkêp wong sèwu lan numbakanyar ||

48. Sinuhun Kabanaran damêl gêgujêngan dhatêng wadyabala ingkang sami kawon pêrang ing Pagêlèn

54. tan winuwus ing Pagêlèn solahipun | gantya kawuwusa | tingkahe Pajang Matawis | duk Pangeran Dipati Mangkunagara ||[2]

55. praptanipun saking sowan rama prabu | nagri Kabanaran | bêkta bupati kêkalih | Ki Tumênggung Janapura Janêgara ||

--- 6 ---

56. lampahipun ana ing Wêdhi kapêthuk | Suramangunjaya | nênggih kaburu ing jurit | baris Pokak dumugi Wêdhi anglarag ||

57. kang pinukul Ki Mangun Surajayèku | lan Suradigdaya | sami kasoran ing jurit | mungsuhipun wong Sampang lawan Sêmbawa ||

58. oncatipun datan lumayu mangidul | ngilèn palajêngnya | mila kapêthuk ing margi | lan gustine Pangeran Mangkunagara ||

59. duk dinangu Suramangunjaya matur | gusti langkung kathah | mêngsah punika ngagêngi | Kumpênine Manguntên miwah Sêmbawa ||

60. kèndêlipun dhusun Pakirèn puniku | pangran prentah marang | tumênggung kêkalih aglis | lah tuntunên parakna mring ara-ara ||

61. yèn wus campuh dèn kêbat padha lumayu | kidul Galodhogan | angulona dèn angênthir | lamun ingsun wus nugêl kêbat balia ||

62. ya ta wau tumênggung kêkalih tumut | saking lèr wêdalnya | angidul sakilèn baris | majêng ngetan nêmpuh kuda kanêmbêlah ||

63. campuhipun Sampang Sambawa lan Wangsul | kang ingamuk bubar | malajêng ngilèn angênthir | sami ngungsir Kumpêni Sampang Sambawa ||

64. praptanipun Galodhogan ngilènipun | pangeran gya mêdal | anjambak saking ing wuri | mungsuh dharat tinunjang ngilês turôngga ||

65. kang lumayu sigra baline angamuk | anunjangi kuda | mungsuh sayah bosah-basih | ingkang pêjah anggulasah kasalayah ||

66. sindhungriwut ing payudan [payuda...]

--- 7 ---

[...n] siwat-siwut | caruk rok rinampak | yèn anumbak dèn oncati | pinêstulan jinêmparing tinowokan ||

67. pêjahipun Panji Kartadirja ngriku | lan Carangpradapa | Madura gunungan mati | Wôngsagêni lan numbak satus kang pêjah ||

68. pêjahipun wong Sêmbawa pitung puluh | Walandi sadasa | palayune dèn kêkinthil | sakin kathah kang pêjah saurut marga ||

69. kèndêlipun mungsuh dènira bêbujung | prapta jawi Pokak | wong jro biting anulungi | sami wangsul pangeran ngidul lêlampah ||

70. balanipun wau pangeran kang lampus | lan Jayanagara | kalih dasa kang ngêmasi | pêparentah Pangeran Mangkunagara ||

71. ingkang lampus mungsuh kabèh kinèn mêrung | winadhahan ancak | tigang ancak kêbak kuping | ingaturkên marang nagri Kabanaran ||

72. malihipun bêbandan Sêmbawa pitu | lan Bugis têtiga | katur dhatêng ing Matawis | sarta sêrat katurakên ingkang rama ||

73. lampahipun ing marga datan winuwus | prapta ing nagara | kang jinujug lampahnèki | Adipati Jayaningrat ing Mataram ||

74. lajêng katur sêrat lawan kupingipun | Dipati Janingrat | Dipati Suryanagari | Môndaraka nênggih ingkang tinimbalan ||

75. carikipun Tumênggung Sindusastrèku | kang lagya ginanjar | lêlênggahe wuwuh malih | jangkêp sèwu gadhing gangsal atus slira ||

76. jêksanipun Sastrasasmita Tumênggung | wus anèng ngayunan | putra pangeran ngabèi |

--- 8 ---

madanani kang prajurit Suranata ||

77. putranipun kang nama dipati sampun | wus anèng ngayunan | kang kinèn amaos tulis | sêrat saking Pangeran Mangkunagara ||

78. Ki Tumênggung Sindusastra maca sêru | Pangran Purubaya | têgêse dèn pêpiringi | sapratikêl murwèng prang madya wasana ||

79. pan tumungkul Pangeran Purubayèku | Sunan Kabanaran | surat titi ngandikaris | saking ngriki kakang mas putra andika ||

80. pan kêpêthuk Madurane kalih èwu | sèket dragundêrnya | kalih atus Bugis Bali | pangajênge kalih atus wong Sêmbawa ||

81. Jawinipun inggih wontên kalih atus | wonge putra dika | mung patang puluh dèn pilih | Janapura Janagara wolung dasa ||

82. mung rongatus mungsuh lan wong têlung èwu | yèn sarta lan akal | nanging pawitane wani | nora kalah antuke pêpêjah kathah ||

83. ancakipun têtiga maksih nèng ngayun | kinèn ambukaa | sadaya dipun uyahi | mila botên mambêt arus ing sarkara ||

70. Dhandhanggula

1. wau Pangran Arya Purbayèki | lawan Pangeran Mangkukusuma | kalihe pucêt netyane | lingsêm ajrih kalangkung | mring kang raka sri narapati | Pangran Adiwijaya | alon aturipun | botên kayaa susunan | kula nguni duk rêmên sabèng wanadri | alas Krêndhawahana ||

2. wontên dhukuh isi kaki-kaki | duk patêtak sampun anak-anak | pun Nalasuta [Nalasu...]

--- 9 ---

[...ta] Pak Gambrèng | wontên kaping sapuluh | dhukuhira kula ampiri | Banyurip gih Susunan | wastane kang dhukuh | mangke kadi sampun sirna | Nalasuta duk patêtak pun sêsiwi | anakipun lêlima ||

3. sawêg lênggah kula marêpêki | sapa sintên sampeyan punika | sintên sêsuta dhèwèke | kula bêlaka tutur | anak ratu puniki kaki | aran Adiwijaya | bapa sunan prabu | lênggahe sangsaya cêlak | dhuh gustiku pun kaki tur kumawani | inggih lamun satriya ||

4. sampun darbe pakarêman gusti | liya wanodya lawan turôngga | yèn karêma ing liyane | ical prawiranipun | dika trahing ratu prajurit | balik dika karêma | ing carita tutur | ngundhakakên kaprawiran | akarêman liyane botên bêciki | angrusak kalêksanan ||

5. kaprawiran sajroning ajurit | yèn satriya ngingu pakarêman | yèn prang botên kanggo gawe | dene apêse muput | sru gumujêng sri narapati | kangmas inggih sampeyan | botên nuntên mantun | kang raka gumujêng turnya | pindho gawe mung mari kula ampiri | si kaki Nalasuta ||

6. ngalih dhukuh kang kula ampiri | têbihipun pan kalih onjotan | lan kaki Nala dhukuhe | bilih mirsa puniku | bok pinindho dèn pituturi | gumyak kang pra dipatya | sang nata angguguk | Pangeran Adiwijaya | angling malih bênêr tuture si kaki | kula prang botên [bo...]

--- 10 ---

[...tên] daya ||

7. gumêr malih kang para dipati | sri narendra gumujêng angakak | kangmas sampeyan gumluwèh | wontên ingkang pitutur | têka botên dèn anggêp batin | kang raka aturira | gih talah sang prabu | pasthi dèrèng kuwarisan | tanah Jawa mung dika kalih pun Sait | kêndêl kaya Walônda ||

8. gumêr malih kang para dipati | sande sang nata arsa dêduka | marang kang rayi kalihe | kang raka kang amunjuk | Pangran Adiwijaya nênggih | wruh sêmune ri nata | yèn arsa bêbêndu | mring rayi Pangran Purbaya | Pangran Mangkukusuma sang nata lilih | linundrun mring kang raka ||

9. sigra mundhut sang sri narapati | kuping nèng ancak kinèn amindhang | rinajang ilang sipate | wus majêng pindhangipun | sinanèskên kang sakuwali | kang raka ingandika | yayi mas baturmu | wong Pagêlèn kari pira | para mantri miwah kang sipat prajurit | kang rayi matur nêmbah ||

10. kantun kalih dasa para mantri | duk rumiyin inggih kawan dasa | balik Ubrus sapalihe | pun adhi mantrinipun | kantun kalih wêlas samangkin | sapalih sami kesah | tumut Mayor Ubrus | dene prajurit kawula | kêkantune kalih bêlah kang turanggi | pun adhi sangang dasa ||

11. nulya dhahar wau sri bupati | lawan para santana sadaya | miwah para bupatine | ngandika sang aprabu | abdinira wau kang rayi | sadaya ingandikan | prapta dhèr ing ngayun | wus lorod dènira dhahar | carikane linorot maring ing jawi | mung wadya

--- 11 ---

Kapurbayan ||

12. lawan Mangkukusuman pinaring | ambêngan saking jêro sadaya | sakuwali pêpindhange | sami ngandikan maju | sru ngandika sri narapati | hèh wong Pagêlèn samya | pira ta mungsuhmu | Walônda kang anèng kana | akèh Pokak Kumpênine akèh kanthi | pitung èwu Madura ||

13. sira besuk padha dèn kabiri | yèn ora kêndêl sapisan êngkas | wong Pagêlèn matur kabèh | inggih sandika purun | yèn apranga ing benjing malih | agêng alit sadaya | sami purun matur | nulya sami pinaringan | sêkul ngancak lawan pindhang sakuwali | mangan nèng palataran ||

14. sami kokoh kabèh pindhang kuping | langkung eca dènnya sami nadhah | pindhang kinokoh takêre | iwake mung karupuk | lawan sambêl kadhêle sami | sampunira anadhah | ngandika sang prabu | wong Pagêlèn basakêna | pindhang apa kang padha sira kokohi | tur sêmbah tan uninga ||

15. nanging gusti êcane kêpati | dèrèng wontên pindhang alam donya | kadya punika raose | sang nata asru guguk | lah rasakna iku wong jêrih |

Pagêlèn iku padha | akèh wong kang bagus | padha wêdi mring Walônda | mêngko sira sun paringi pindhang kuping | kupinge wong Madura ||

16. anêracak wong Pagêlèn sami | rinewang pocapan lawan raja | wani sakêcoh-kêcohe | inggih benjing sang prabu | inggih kêndêl lamun ajurit | sang nata langkung suka | kèh swaraning [swara...]

--- 12 ---

[...ning] sanggup | gumêlar para dipatya | pra santana eram marang sri bupati | talatène pocapan ||

17. lan wong cilik tur dèn dêksurani | parandene langkung sukanira | kèh bisik padha bature | lamun duwea ingsun | gusti kaya wong agung iki | môngsa wêdia pêjah | rècèh ing pamuwus | padha kadange pan beda | ingkang rayi piangkuhe nglêliwati | kumêt nora balaba ||

18. sri narendra miyarsa ing batin | wantu cêlak jênênging ngarsanya | angandika mring arine | adhi mas Purbayèku | baturira iki katawis | durung pondhoh lan sira | pangawulanipun | aja angkuh marang wadya | tanpa gawe ing besuk angkuha yayi | yèn wus bêdhah Banyumas ||

19. aturira durung ana siji | ingkang wawuh matêng lawan sira | maksih byuk karambèn bae | têka enak atimu | yèn satriya amangun jurit | wêwiki nora kêna | gêdhèkakên angkuh | midak lombok nora pêcah | nuli angkuh tan wurung tiwas ing jurit | nora dadi dandanan ||

20. apan motangakên mring wong cilik | kang kinarya rècèh ing wacana | kalawan lila donyane | yèn oraa kadyèku | tiwas bae ingkang pinanggih | Pangran Adiwijaya | wruh kang rayi thukul | dukane mring arinira | sigra ngadêg karsane arsa banyoli | mring kang rayi sang nata ||

21. Pangran Purbaya tumungkul ajrih | tuwin Pangeran Mangkukusuma | Pangran Adiwijayane | ngadêg ing keringipun |

--- 13 ---

mring kang rayi sri narapati | ngandikèng arinira | pangran kalihipun | hèh sira iku Purbaya | iya misih ngingu pakarêmannèki | jago mêmarènana ||

22. lamun sira nora mêmarèni | kêna sote kaki Nalasuta | iya awak ingsun kiye | milane prang tan enjuh | durung bisa buwang wak mami | mring pakarêmanira | apêse amuput | nêrak marang Nalasuta | nanging ingsun kacukup wus tuwa mami | pan ora kaya sira ||

23. sira gagah prakosa apêkik | yèn tiwasa abêring ayuda | sayêkti gêgawa akèh | lan kêna ing sotipun | kaki Nalasuta Banyurip | wong duwe pakarêman | barang karyanipun | wèh tabêt marang nagara | nalutuhi niwasi panggawe bêcik | ing dur duraka arda ||

24. kadangira sri narendra iki | iku durung duwe pakarêman | timur malah diwasane | barang kasukanipun | nora duwe sêdya pribadi | ilok-ilok kewala | mring kadange sêpuh | bênêr kaki Nalasuta | sawêcane dene têka anglungguhi | sarambut nora cidra ||

25. nulya wadya Kapurbayan katri | mungkuk-mungkuk lajêng samya mutah | sri bupati timbalane | adhi Purubayèku | batur iku wêtokna aglis | aja ngabdèkkên sira | wong mangkono iku | iku tyase wong was-uwas | nora kêna kinanthi anêniwasi | têmpuhna ing ayuda ||

26. wong têtiga winêdalkên aglis | pan pinêcat kapriyayènira |

--- 14 ---

wau kuping Walandane | pinindhang malihipun | kang rinajang amung sapalih | sapalih wêwutuhan | winadhahan sampun | ing kêda gandhèk dinuta | pinaringkên Tumênggung Cakrajayèki | kang baris Bantardawa ||

27. kawon saking ing Pagêlèn nuli | pra dipati baris Bantardawa | miwah sakônca mantrine | pangerane kang laju | kalih dhatêng nagri Matawis | sowan ing Kabanaran | ing raka sang prabu | pra dipati kang tinilar | Kilènpraga Bantardawa dènnya baris | Tumênggung Cakrajaya ||

28. lawan Ki Tumênggung Sawunggaling | miwah Tumênggung Martanagara | gandhèk wau ing lampahe | praptèng Bantardawa wus | dhinawuhkên Cakrajayèki | tumênggung pinaringan | pindhang ing sang

prabu | sri bupati dhahar pindhang | langkung eca kèlingan Cakrajayèki | milane pinaringan ||

29. Cakrajaya abukuh nauri | inggih nuwun pinundhi mastaka | sri bupati sih mulane | gandhèk sinangon sampun | lajêng pamit sigra lumaris | ing wuri Cakrajaya | nuju mangsanipun | ing pukul satêngah rolas | dènnya dhahar pindhang paringan binukti | kinokoh langkung eca ||

30. garwanira Ki Cakrajayèki | putranira Pangran Têpasônta | lan sang nata nak-sanake | satêngah dhahar wau | Cakrajaya ngiling-ilingi | dèn ayu iki apa | iwak aranipun | enake kaliwat-liwat | ya rupane iki kaya jamur kuping | kari gêdhe kewala ||

31. baya jamur kuping gunung Sumbing | miwah jamur kuping ing Sundara | têka

--- 15 ---

mangkene rupane | kathah kang tumut dulu | nora nana bisa ngarani | Dèn Ayu Cakrajaya | alon wuwusipun | duk Mangunonêng praptanya | atur-atur pêpanganan dèn wadhahi | ana ing kothak timah ||

32. baya iku tunggale rumiyin | jamur kuping nagara Walônda | kapati-pati rasane | pungkas panarkanipun | jamur kuping nagri Walandi | Tumênggung Cakrajaya | sangêt karêmipun | kinanggokkên têlung dina | pan dipun ngêt panêdhane sabên enjing | kunêng malih winarna ||

49. Ing Madura gègèr, awit saking pandamêlipun Adipati Pugêr, baris Kumpêni ing Pokak kabibarakên

33. Pangran Mangkunagara nglèncèri | baris Pokak pan ing sabên dina | saking kidul saking êlèr | miwah para tumênggung | pangêpunge saking atêbih | prapta byar surup kesah | pangalèdhèkipun | nanging tan ana kang mêdal | baris Pokak amêmpên sajroning biting | tan ana mêtonana ||

34. tan amawi êlêt sabên enjing | pra dipati nglèdhèk baris Pokak | yèn kala ngambil pangane | sapalih ingkang mêtu | saking baris tiktakirèki | sapalih kang binêkta | myang mariyêmipun | dadya prang samarga-marga | Sakèbêre kadang ngawaki pribadi | kangge [kang...]

--- 16 ---

[...ge] sadasa dina ||

35. pan mangkana sabên ngambil bukti | nênggih êlêt ing sadana[3] dina | miwah satêngah wulane | wau ta duk angumpul | sakathahe para dipati | Pangeran Buminata | wau rêmbagipun | nimbangi solahing mêngsah | kari apa ingsun bisa anglakoni | samôngsa marenea ||

36. ing wuri dènira sami angling | yèn mangkono dhasmu tinaboka | malopor sapisan wae | Sakèbêr asru muwus | iya dhase pangeran iki | diantêma sapisan | banjur dadi bubuk | ingsun uwis têtabean | iya para raja Malayu lan Bugis | Makasar nyandhak Banjar ||

37. Rajèng Banjar ing Sambawa uwis | nora nana kang kaya mangkana | para raja darijine | Pangran Buminatèku | anak raja kaya gêmbili | dadi mangkana nora | ala anyarandu | tan ana kang tinêmua | Ki Tumênggung Rajaniti awêwarni | mau iya pangeran ||

38. animbali kang para dipati | duwe pikir animbangi mêngsah | yèn mungsuh prapta marene | pinurugi ing pungkur | tinimbangan mungsuh ing Gandhing | nanging poma enjoha | mung lambe latipun | mundhak anggêgalak racak | mungsuh iki kabèh padha muring-muring | dene polahe uga ||

39. mila pangran papat dèn buwangi | marang Selong bisa akal apa | iku kang duwe panggawe | samôngsa pisah iku | lan Kumpêni pasthi dèn jonjit | para kadang sadaya | iya mungsuh iku | tyase akèh lir binakar | aningali

--- 17 ---

kadange kang siji iki | dene ala kaliwat ||

40. yèn bisaa iku kang nglakoni | kaya sanak-sanake sadaya | ing aprang sarta gêlare | môngsa dadak jêrunthul | bali mulih nyang Sala malih | sajêge dadi mêngsah | durung canthuk lawung | iya aku dhewe nora | anglurugi durung tau anêmoni | pinaranana bocah ||

41. parandene malêncing anggêndring | mêngko maning yèn iku bisaa | mung Sakèbêr pakolihe | kowe anganthi iku | ana uga iya sakêdhik | duwe ling-aling sira | yèn pamuking mungsuh | sayêkti aduwe taha | mara iku ujêr kadange sayêkti | durung tega rusaka ||

42. yèn bisaa dhèwèke nglakoni | iya môngsa kaponthal-ponthala | galèthèk mulih marene | saking jêjêrihipun | nora nana gêlêm angabdi | mangkana pukul gangsal | mayor praptanipun | Sakèbêr palês Samarang | pondhokane Ki Tumênggung Rajaniti | tata ing kursi lênggah ||

43. Mayor Pèbêr bisik-bisik angling | heh tumênggung paran budinira | iya panggawean kiye | alawan nora uwus | sira karya amaekani | sun iki yèn bisaa | iyaa katêmu | lan Susunan Kabanaran | iya iku Pangerane Mangkubumi | ngong matur kang watgata ||

44. angur iya anglakoni mangkin | anampani paron tanah Jawa | durung pati kèh rusake | ing besuk pan kaduwung | nagarane wus bosah-basih |

--- 18 ---

iya môngsa wurunga | pêparoning ratu | yèn Susunan Surakarta | jaluk aprang ngawaki nglurug pribadi | prih sirnaning kang mêngsah ||

45. yèn mêngkono tan kêna pinalih | Rajaniti bêkès saurira | basakêna sira kuwe | sêkèh reyal jinaluk | apa gawe aprang pribadi | yèn kowe durung sirna | apa gawe magut | Sakèbêr malih wuwusnya | reyal apa dene mungguh si pasisir | iku seje prakara ||

46. basa Susunan Surakartèki | yèn apranga pantêse digdaya | iya na panêngêrane | Rajaniti sru muwus | iya apa têtêngêrnèki | Sakèbêr malih mojar | iya astanipun | durung tumon wong mangkana | sun tabean drijine kaya pênjalin | yèku goning prawira ||

47. Rajaniti gumujêng sarya ngling | iya lamun arsa ngawaki prang | nanging ta dudu bênêre | awit duk sang aprabu | kang sumare Nglawiyan jangji | marma Kumpêni tômpa | pasisir sadarum | Kumpêni ingkang anôngga | bot repote praja mungguhing ajurit | sigêg gantya winarna ||

48. ingkang wontên Garobogan nagri | Adipati Pugêr amiyarsa | lamun ing Madura mangke | wontên wong dhêkah gunung | gêntur dènnya amangun tèki | kabul ing pujinira | kathah muridipun | sang dipati gya utusan | anêniti nama kawijilannèki | wau kang mangun tapa ||

49. wangsulira utusan tur uning | ing Maduntên inggih sapunika | ingkang têngga nagarine |

--- 19 ---

awis pêpênêdipun | têlas sami wontên ing ngriki | kang sami baris Pokak | kèh pêpênêdipun | dene sampeyan miyarsa | ing pratapan Pak Nisab inggih sayêkti | kabul ingkang dêrajat ||

50. sang dipati mèsêm ngandikaris | iya sira balia mring Sampang | wèhna layang ingsun kiye | marang Pak Nisab iku | lawan ingsun akirim picis | satus dadi pratôndha | sakêmbaran pistul | talêmpake sakêmbaran | gêrandime godhi buntêlaning upih | iya nora katara ||

51. laku santri mêtu ing Garêsik | lakunira pan ora katara | sêrat pinaringkên age | lawan magang Sidayu | kinèn tumut tiyang kêkalih | layang munggèng jro kitab | nêmbah sigra laju | laku santri wong sakawan | tan kawarna ing marga praptèng Garêsik | lajêng nabrang mring Sampang ||

52. catur duta ing Madura prapti | wau anèng pondhoke Pak Nisab | kang sêrat pinaringake | kagyat tinampan sampun | garagapan dènnya nanggapi | duta binêkta ngiwa | binuka sratipun | pèngêt puniki kang sêrat | sarta salam bapa dika Ki Bupati | Pugêr ing Garobogan ||

53. Ki Sèh Marcu senapati murti | kang baboni wong môncanagara | wiyose sêrat ngong kiye | kang têka anak ingsun | bok dhèwèke kelangan wiji | dudu trah bêndarakan | dudu trahing dhusun | dhèwèke iku kang canggah | Pangran Macan ing Sumênêp ingkang pasthi | padha [pa...]

--- 20 ---

[...dha] trah Brawijaya ||

54. mêngko antuk pitulungan Widi | ampuh ing sabda mandi ing japa | aja lali ing wijine | bumi pitulas èwu | ing Madura Sumênêp iki | Sampang lan ing Balega | Pakacanganipun | Pamêkasan Ngarisbaya | iku kabèh dhèwèke kang gênti waris | ing mêngko kala môngsa ||

55. ing Madura prajurite sêpi | padha anglurug marang Mataram | iya iku wus sêdhênge | amangun ing prang pupuh | umadêga apacak baris | ambêdhah ing Madura | salina jêjuluk | Panêmbahan Lokantara | senapati paprangan adining jurit | ing Saklah wus pranyata ||

56. lawan ingsun sung pratôndha kêdhik | reyal satus pistul sakêmbaran | sakêmbaran talêmpake | ginêrandim mas iku | panjurung ngong mring nak dipati | muga ta kalakona | pitutur kang tuhu | titi tamat kang sayogya | saèsthine abipraya ambantoni | payo nuli gambuha ||

71. Gambuh

1. Pak Nisab duk angrungu | têmbunging sêrat suwarnèng tanduk | gumaregah tyasnya bangun alin-alin | surane wardaya nêmpuh | mubal bang-banging palugon ||

2. akèh bêcikanipun | winêkasakên prapta barubul | winangsitan yèn arsa amadêg baris | prapta sagêgamanipun | wus kathah kumpul ponang wong ||

3. wong desa urut gunung | watawis wontên wong pitung atus | wus pratôndha amadêg apacak baris | sampun asalin jêjuluk | panêmbahan [pa...]

--- 21 ---

[...nêmbahan] undhanging wong ||

4. Lokantara linuhung | senapati sura sudibyanung | talitine kang mêngku Madura nagri | têrah Brawijaya Prabu | kasup ing jayèng palugon ||

5. dutane Pugêr mantuk | barêng lan santri bodhol kumêbul | samya mancal angantosi ing Garêsik | arsa wruh têmpuhing pupuh | unggule tanapi asor ||

6. wau ta kang winuwus | Lokantara ambêdholkên sampun | barisira majêng dhatêng ing nagari | wus anêdya ambêk purun | gènnya amangun prang pupoh ||

7. gantya ingkang winuwus | Panêmbahan Cakraningrat sampun | myarsa warta yèn ana wong madêg baris | wus akathah balanipun | arsa ngrabasèng kadhaton ||

8. panêmbahan gya dhawuh | ngêrig sagung wadyabalanipun | sawontêne prajurit kang kinèn gitik | Dinagara tindhihipun | saking nagari wus bodhol ||

9. ing Tajungan kapêthuk | barising mungsuh lajêng acampuh | lajêng angrok tan dangu bêdhil-binêdhil | sampun buwang bêdhilipun | wong gunung tarunge ngosog ||

10. tumbak-tinumbak caruk | ulêng arame suduk-sinuduk | mungsuh rowang sampun kathah kang ngêmasi | ngêkêskên prabawanipun | Radèn Adinagara sor ||

11. ngoncati dèn bêbujung | katawur-tawur ingkang kaburu | Panêmbahan Cakraningrat animbali | patih jro wus praptèng ngayun | Rêksanagara agupoh ||

12. nêmbah ngandika asru | Saleman age [a...]

--- 22 ---

[...ge] maguta mungsuh | lan mampira ing loji tutura aglis | marang kumêndhan puniku | dèn prayitna ana mungsoh ||

13. Mas Rêksanagarèku | mampir ing loji sabalanipun | lawan Radèn Sabandar sarêngirèki | wus lapur barise laju | lampahe tan kongsi adoh ||

14. kapêthuk kang ambujung | Rêksanagara lajêng acampuh | rame rukêt Rêksanagara katitih | balane malêdug mawur | wus lumayu kinakodhol ||

15. kang binajung[4] kèh wangsul | sami ambalik tumbak siningkur | katarima pambalike dèn amini | pinêrnah munggèng panganjur | wus akèh kang milu mungsoh ||

16. praja gègèr gumuruh | wetan lan kidul praptane mungsuh | sami sêkti binêdhil sumbut tan kodhil | wong wêdi akèh lokipun | pawartane wuwuh uwong ||

17. Rêksanagara wau | datanpa rencang ing praptanipun | akèh mati kang urip sami ambalik | panêmbahan langkung gugup | karsane aprang andepok ||

18. wadya sangêt turipun | ngaturan sami lolos rumuhun | benjing malih angayun manah rumiyin | prajurit ingkang katawur | lan mêngsah lagya winongwong ||

19. panêmbahan anggugu | mungsuh marêmpak ing wetan kidul | panêmbahan wus gumingsir marang loji | lan sagarwaputranipun | kang kagungan samya winot ||

20. ing kuda miwah lêmbu | kumêndhan agya dènira mêthuk | panêmbahan mung pitulas ingkang abdi | wolulas [wolula...]

--- 23 ---

[...s] kalawan guru | Kyai Dulkarim tan adoh ||

21. masang mariyêmipun | tinata rakit sêlekonipun | êlêt lèpèn dalême kalawan loji | dalêm wus kabrokan mungsuh | Pak Nisab sigra ngadhaton ||

22. Madura bêdhahipun | dening Pak Nisab ing wulanipun | Dulkangidah taksih jroning taun Alip | dutane Martapurèku | ngantosi Madura kawon ||

23. wus lajêng lampahipun | saking Garêsik Grobogan rawuh | katur lamun Madura bêdhahirèki | Dipati Pugêr gya ngutus | mring Kabanaran sang katong ||

24. katur pratelanipun | nênggih ing Madura bêdhahipun | panggawene Dipati Pugêr kang dadi | kamandaka bêbalithuk | gawe pêcah êndhasing wong ||

25. langkung suka anggugug | Rajèng Kabanaran duk angrungu | pratelane Dipati Pugêr anênggih | gaib pakarya kang lêmbut | sigra parentah sang katong ||

26. gandhèk ing lampahipun | dhawuh kang putra parentahipun | baris Pokak aja na kang dèn lèncèri | dèn kèndêlna bae iku | parandene êmèh bodhol ||

27. dhawuh ing gandhèk wau | pangeran lawan para tumênggung | kayaparan wadine sri narapati | maneka parentahipun | gaib durung binadhe wroh ||

28. malih ingkang winuwus | Kapitan Madura dutanipun | marang Surabaya marang ing Samawis | yèn Madura ana mungsuh | wong Surabaya mirantos ||

29. dêlèr kalangkung [ka...]

--- 24 ---

[...langkung] ngungun | yèn Madura binêdhah ing mungsuh | lajêng surat parentah ingkang abaris | Pokak sami kinèn mundur | Mayor Sakèbêr lan Êkop ||

30. dene Maduranipun | kinèn lajêng mêdala Madiun | nulya anjog nagari ing Surawèsthi | Dulkangidah wolu likur | baris ing Pokak wus bodhol ||

31. sigra pangeran wau | Mangkunagara lan pra tumênggung | dhatêng Pokak mariksa tilasing baris | kinèn angobongi sampun | ulading dahana anggro ||

32. pangeran wus angutus | atur uninga ing rama prabu | lamun baris Pokak mangke minggat sami | lêrês pamêca sang prabu | ing mangke sayêkti bodhol ||

33. prapta kang pra tumênggung | ing Kabanaran wadya lit agung | andêdulu tembak sapinggiring margi | gumyah ing pangucapipun | yèn mungsuhe sampun kawon ||

34. suka kalangkung-langkung | sanagara ing pangrasanipun | mungsuh sirna alêga raosing galih | tan wruh yèn masih ambrubul | wau gênti winiraos ||

35. prajurit Surèngkewuh | budhal dhingini wong kalih èwu | atêtulung Tambakbaya kang dhingini | lawan Jayadiranèku | samya prajurit tos-atos ||

36. lancaran lampahipun | wong kalih èwu baita satus | wong Kumpêni kang badhe mangkat ing jurit | Kapitan Uce tinuduh | kapitan kang saking Gêmbong ||

37. Kumpêni putih satus | wong Bali Bugis kang kalih atus | mèh anumpak prajurit [pra...]

--- 25 ---

[...jurit] Madura prapti | Arya Môncanagarèku | kèrid sadaya punang wong ||

38. kang saking Pokak kêbut | pangeranira anjog Madiun | mêdal saking Kadhiri anjogirèki | prapta nagrira Surèngkewuh |[5] wus panggih prajurit amor ||

39. sarêng pamancalipun | wong Surabaya ingkang rumuhun | sampun mêntas dharatan wong Madurèki | lajêng pacak barisipun | mèh mangsah wontên pawartos ||

40. Madura praptanipun | lawan Kumpêni mèh prapta wau | tan antara êntase bala Kumpêni | Madura mung kalih èwu | kang dhingin lan Walônda wor ||

41. wus dadi rêmbagipun | lan wong Surabaya lajêng magut | ingkang munggèng dhadha pan bala Kumpêni | kang pangawat têngênipun | wong Surabaya kang kinon ||

42. Madura kiwanipun | Mas Arya Môncanagaranipun | lajêng lampahira manjing jroning puri | Panbahan Lokantarèku | Pak Nisab mirsa pawartos ||

43. yèn mêngsahira rawuh | angumpulakên prajuritipun | wontên sèwu mèt papan rêmbag prayogi | kutha Bangkalan puniku | ginawea aprang sompok ||

44. cêlak samodranipun | pênêt tajungan papan apêthuk | papan kobèt aradin cêlak wanadri | wong aprang pênêdirèku | wus dadi rêmbag ambolos ||

45. agugup lampahipun | wong Surabaya duk praptanipun | lan Madura miwah abala Kumpêni | kutha Bangkalan wus suwung |

--- 26 ---

Nisab Lokantara bolos ||

46. nanging ta botên dangu | Mas Riya Môncanagara wangsul | miwah sira prajurit Surabayèki | gumrêdêg sami anusul | apan dèrèng kongsi adoh ||

47. nèng jaban kithanipun | nèng ara-ara lèr wetanipun | wus kacandhak Pak Nisab ngabani nolih | Panbahan Lokantarèku | barise mapag anggolong ||

48. lajêng dènira campuh | Mas Riya Môncanagara ngamuk | saking kilèn wong Surabaya nadhahi | saking kidul wetan nêmpuh | rame têmpuh ing palugon ||

49. ya ubêgan jronipun | dadya nèng têngah sarowangipun | Panêmbahan Cakraningrat angaturi | kondur marang dalêmipun | Kumpêni kang wus anèng jro ||

50. panggih sakonduripun | lan panêmbahan rangkul-rinangkul | kawuwusa wau kang rame ajurit | mungsuh rowang akèh lampus | rukêting prang liru ênggon ||

51. Pak Nisab balanipun | kantun akêdhik nglela gènipun | Panji Surèngrana anarajang wani | tinumbak Pak Nisab rubuh | Mas Riya sigra angêthok ||

52. Pak Nisab sampun lampus | bala sakarine sami mawur | kang kacandhak urip sami dèn bandani | antuk bandan pitung puluh | binêkta anêmbang sinom ||

72. Sinom

1. bubar sagunging gêgaman | sapraptanirèng nagari | Panêmbahan Cakraningrat | pinarak pasowan jawi | lawan tamunirèki | Kapitan Uce puniku | miwah

--- 27 ---

kumêndhanira | kang prapta saking ajurit | mangsah nêmbah Mas Arya Môncanagara ||

2. myang Panji Suranagara | Kartayuda Kartasari | samya ngabêkti sadaya | miwah ingkang para mantri | lan para lurah sami | punika ingkang angujung | Arya Môncanagara | nuwun umatur ing gusti | wontên jawi prajurit ing Surapringga ||

3. angirid pun Jawirana | lawan pun Tambakbayèki | wau prang kang nyêgat wetan | prajurit ing Surawèsthi | kathah tuke pêpati | Pak Nisab

pangisisipun | kamuk wong Surabaya | sigra wau dèn timbali | kang pangirid santana ing Surabaya ||

4. Jadirana Tambakbaya | prapta wus munggèng ing kursi | Mas Arya Môncanagara | dinangu dènira jurit | anèng Pajang Matawis | ping sakawan yudanipun | duk aprang Toyadana | punika prang kang sayêkti | kang ngawaki susunan ing Kabanaran ||

5. Cakraningrat angandika | apa iku Mangkubumi | nama Sunan Kabanaran | Mas Riya umatur inggih | sae tangkêping jurit | atêtêg sarta asaguh | jênêngi ing ayuda | pinarak wontên ing kursi | datan osik sinêrot angeca-eca ||

6. pêpangkone ngarsa bubrah | lumajêng anganan ngeri | tan osik dènira lênggah | angêndhangi carabali | sarwi songsonge kuning | pan abdi dalêm pukulun | pra lurah kathah cêlak | nanging botên manah gigrig | amung ngawe-awe ing têtabuh kêndhang ||

7. abdi dalêm mundur nêmbah | pan dèrèng angsal [angsa...]

--- 28 ---

[...l] wêwêling | inggih saking jêng pangeran | purun dhatêng Mangkubumi | mung mring rencange inggih | sak ênggèn-ênggène purun | mèsêm duk amiyarsa | goyang kapalanirèki | ngusap jaja Panêmbahan Cakraningrat ||

8. apa ta wus sugih bala | dene madêg narapati | Mas Arya Môncanagara | umatur saha wotsari | duk prang Toyadanèki | prajurit kapalanipun | watawis tigang lêksa | kang dharat kadya jaladri | banderane pan sèwu malah langkunga ||

9. bupatine sami bêkta | kodhokngorèk carabali | galaganjur inggih kathah | pating jalêgur ngajurit | abra busananèki | angerami dhuh pukulun | kadya wukir dahana | kula prang kapalan inggih | kawan wêlas abdi dalêm kang pêjah prang ||

10. inggih pun Carangcintaka | pêjah prang Toyadanèki | mantri pun Kudapramila | lawan pun Kidang Garingsing | pun Dêmang Wanarungsit |

lan pun Gajah Angun-angun | gih pun Carangpradapa | pêjah prang dhusun Karangri | Panji Kartadirja prang ing Tundhasara ||

11. kang pêjah prang kalih setan | kang sami tinêdha gêring | wolung atus pitung dasa | abdi paduka prajurit | gring sore esuk mati | gêring esuk sore lampus | kathah binadhog setan | lawan kang pêjah ajurit | langkung ngungun Panêmbahan Cakraningrat ||

12. Kapitan Uce kalawan | prajurit ing Surawèsthi | kawan dintêne Madura | budhal mantuk Surawèsthi | utusan mring Samawis | tur uninga [uni...]

--- 29 ---

[...nga] mring gupêrnur | yèn karaman wus pêjah | aprang ingkang amêjahi | patih kula lawan misanan kawula ||

13. pun Arya Môncanagara | mêmisanan kawulèki | gih pun Panji Surèngrana | prajurit ing Surawèsthi | punika kang numpêsi | wong karaman baturipun | kunêng nagri Madura | ingkang kawursita malih | Adipati Pugêr lan para ditya ||[6]

50. Ing Mataram sami kalêmpakan Pangeran Adiwijaya katamtokakên ngêlar jajahan dhatêng Kêdhu

14. sowan dhatêng Kabanaran | gumuruh wadyanirèki | kalih èwu kang kapalan | tigang èwu dharatnèki | kathah tur pèni-pèni | tur-ature pra tumênggung | wong pasisir bang wetan | lampahe sang adipati | pan kêrigan ambêkta sagarwa putra ||

15. ing marga tan kawursita | lampahira anarêngi | Pangeran Mangkunagara | budhal saking ing Karangri | wus panggih anarêngi | tunggil pasipênganipun | anèng desa Jêmbangan | pangeran wadyanirèki | mantri ngajêng sami binêkta sadaya ||

16. miwah pra dipatinira | sadaya sami kinêrig | mung tilar mantri nyatunggal | kang têngga baris pangarsi | mila gumrah prasami | balane [bala...]

--- 30 ---

[...ne] para tumênggung | budhal marang Jêmbangan | wus angumpul pra dipati | ing Mateseh Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

17. Ki Tumênggung Wiranata | Tumênggung Cakrajayèki | Tumênggung Suradigdaya | lan Suramangunjayèki | Tumênggung Gajah malih | Jayasudirja Tumênggung | Bupati Sokawatya | nênggih sami anarêngi | Jayadirja Mas Rôngga Wirasantika ||

18. Ki Tumênggung Brajadênta | lan Tumênggung Brajamusthi | bupati môncanagara | kèrid ing Pugêr Dipati | kumpul Jêmbangan sami | ing enjange budhalipun | praptane Kabanaran | tinata lampahirèki | pangkat-pangkat sagung kang para dipatya ||

19. gumrah wadya sanagara | ingkang sami nêningali | wong agung kang lagi prapta | unggul dènira ajurit | mungsuh minggat pribadi | gêbèl kang samya dêdulu | tembak pinggiring marga | ngalun-alun tata baris | ingurmatan sang nata nèng panangkilan ||

20. mariyêm ambal-ambalan | gumuruh drèling saragni | sirêp drèl munggang angangkang | Pangran Mangkunagarèki | mangsah lan Ki Dipati | Pugêr ing ngarsa sang prabu | Pangran Mangkunagara | anguswa padaniraji | Adipati Pugêr sampun sêsalaman ||

21. sagung kang para dipatya | êlur sami angabêkti | gantya kang mantri sadaya | rinilan sami bêbêkti | mantri jronipun inggih | Pangran Mangkunagarèku | sami ngujung sadaya | suka gumujêng sang aji | aningali pratingkahe sowang-sowang ||

22. lajêng sami adhadharan | sang nata nèng

--- 31 ---

pôncaniti | lan sagung kang pra santana | tuwin kang para dipati | sadaya para mantri | ambêng saking pura sêlur | kathah ngiras kasukan | utawi angiras pikir | ing Pagêlèn punika kang wangsul mangkat ||

23. tiwase kang duwe bawah | Pangeran Purubayèki | amung watês Bagawônta | Paglèn agung bola-bali | Pangran Purubayèki | mungsuh tumênggung binujung | kinodhol agung dhadhal | kaponthal dipun kêkinthil | angalênthar pothar-pathir kuthetheran ||

24. asring mèh prapta ing ajal | Pangeran Purubayèki | yèn binuru Arungbinang | tinukup anèng wanadri | rusak sawadyanèki | tan ana bêbêcikipun | pangeran mèh kacandhak | tan ana kang nanggulangi | Arungbinang kèngêtan lamun bandara ||

25. kinèndêlakên kewala | angungsi pinggiring wukir | pinggir jurang jroning wana | anglegok datan katawis | margine langkung wêrit | parandene ngabên sawung | prasami ngeca-eca | môngsa marenea ugi | dene kiwa mungsuhe môngsa wêruha ||

26. tan wruh mungsuhe nèng Tungkak | têlike Rungbinang kinthil | api-api asuwita | Pangeran Purubayèki | jêrih nora mangarti | mêmungsuhan rakitipun | kêna karti sampeka | dutane mungsuh ngênginthil | mila sagènipun umpêtan konangan ||

27. Ki Tumênggung Arungbinang | wus pratela turing têlik | gènnya andhêlik pangeran | apan arsa dèn purugi | sampun [sampu...]

--- 32 ---

[...n] samêkta sami | budhalira ki tumênggung | balane winatara | dharate kang dèn kathahi | angkatira ulur pan ora katara ||

28. datan kawarna ing marga | wus parêk mêdal ing wingking | saragni dharat nèng ngarsa | lampahe pating daringkik | Pangran Purubayèki | sakeca angabên sawung | binêdhil saking wuntat | bêdhil nêm sinungsun muni | sarta surak lumayu tilar dandanan ||

29. Pangran Arya Purubaya | lumayu kuwalik-walik | dandanan kabèh tinilar | adhacah lumayu gundhil | bature rêbut urip | jagone maksih atarung | pangeran mèh kacandhak | dudu tabêt satriyadi | sampun kadya palayune wong urakan ||

30. nênggih kang raka sang nata | mêncil abdine kang rayi | satunggal ingkang tinanggap | polah tingkahe kang rayi | nalika andon jurit | sapratingkahira katur | yèn kala kalêmpakan | tinuturakên sayêkti | dimèn sangêt merange nuntên kèndêla ||

31. nanging Pangeran Purbaya | tan nêdya lingsêm ginêmpil | wus nêmah angrasa tiwas | awrating pati ngur urip | awèt mangan rijêki | sapawasing têngu wêruh | lamun amaksih gêsang | ana kang nyandhak rêruntik | isin apa yèn misih dadi pangeran ||

32. ginaguyu sumyak-sumyak | prandene nora buriki | nora babak kulitingwang | pira-pira nanggulangi | yèn tibaa wong cilik | dêdukane kakang prabu | ajur môngsa kalapa | apa gawe lara pati |

--- 33 ---

sawusira dhaharan kondur ngadhatyan ||

33. wus samya eca tyasira | wadya Mataram gung alit | wuwuh arjaning nagara | nagari Surakartèki | rinupak kanan kering | mung kari saubing payung | mung tunggon ingkang wetan | Gêmblung Samin Jatisari | ing Bakonan Sanasèwu tumut mêngsah ||

34. dene sakidul nagara | ing Pamupusan lan Baki | wus alami tumut mêngsah | mung Kuwarasan kang mêksih | lan Babat kadhang-kadhing | angacungi marang mungsuh | Dipati Pringgalaya | ing Kaleca dènnya baris | Wanakarta agung rêbatan lan mêngsah ||

35. kunêng Prabu Surakarta | langkung dènira mong kingkin | abdine kang nanggi karya | datan wontên kang kuwawi | dhepok sadaya sami | sinôngga jêngira prabu | yatra kang kalih lêksa | pamêtune wong pasisir | kang salêksa gangsal èwu ginaladhag ||

36. ingkang kari gangsal nambang | sumêrêp ingoning dasih | sabên wulan nuwun utang | sakancane pra dipati | miwah kang para mantri | tan ana kang duwe batur | ing wong Jawa punika | sanadyan panèkêt mantri | kathah manjing Kumpêni soldhadhu samya ||

37. sang nata kaku tyasira | dene sagah ing Kumpêni | anyirnakakên ing mêngsah | sabên wulan kintun tulis | miwah upêrhup sami | darwili sêsambatipun | rèhning ing kêkirangan | mungguh têdhaning Kumpêni | saking dene wos pinêpêt dening mêngsah ||

38. idlèr langkung èmêngira | pangupaya tan pakolih | dene ta mêngsah punika |

--- 34 ---

mundhak wulan mundhak malih | nora sangsaya gêmpil | sangsayagung dumalundung | dadya graitanira | sapisan kas sun têmêni | angundhaki kathah karya Kumpêni Slam ||

39. lawan angaturi surat | ing kangjêng sri narapati | aja susah sri narendra | aprang karo mungsuh iki | lagi acari baik | amrih raharjaning laku | nyang dhapêt pukul bebas | jalan jangan dhuwa kali | aja susah sang nata dèn sabarêna ||

40. kunêng wawan pinarkara | idêlèr lawan sang aji | wuwusên nagri Mataram | sampun dadosakên pikir | Pangran Diwijayèki | ingkang tinuduh mring Kêdhu | badhe ngêlar jajahan | ngingkup mêrpêki pasisir | budhal saking ing nagari Kabanaran ||

41. bêkta bupati wadana | Bumi Bumija Panumping | Panumpinge Wiraguna | Bumija Natayudèki | wadanane wong Bumi | Tumênggung Mangkuprajèku | senapatining lampah | Pangran Adiwijayèki | têtindhihe Dipati Suryanagara ||

42. bêkta kêkalih punggawa | Môndraka Wiradigdèki | praptane Kêdhu sadaya | nèng Cangak gêng pacak baris | abagi lampahnèki | Tumênggung Natayudèku | badhe amrêp ing Kêndhal | Jagaulatan kinanthi | matapita mantri Kamangkunagaran ||

43. Ki Tumênggung Wiraguna | kang mrêpêki Lèpèntangi | Môndaraka Wiradigda | ngalèr ngetan jog ing Pingit | Bahrawa dèn prêpêki | kang para Dipati Kêdhu | kang tumut Surakarta | bubar saking Pokak nguni | Mangkuyuda

--- 35 ---

Wiradigda nèng Bahrawa ||

44. dene wadana Bumija | unduran saking Samawis | Tumênggung Naladirana | tumut wontên ing Bahrawi | duk angsal kalih sasi | Naladirana Tumênggung | lara edan andadra | inganti tan kêna mari | gya pinêcat Tumênggung Naladirana ||

45. tanêman saking sang nata | wau ta ingkang kinardi | Tumênggung Jayawikrama | wus nama Nalayudèki | abaris anèng Rawi | katri bupati ing Kêdhu | wuwusên Natayuda | Natayuda ing Matawis | sampun ngancik têpis wiring nagri Kêndhal ||

46. pinêthuk agung ayuda | lawan kang duwe nagari | Tumênggung Singawijaya | rame dènira ajurit | kapupu wus ngêmasi | Tumênggung Natayudèku | mundur kang gitik Kêndhal | ing Bahrawa dèn bantoni | Kumpênine ran Johan Hindrik Abraham ||

47. Kumpênine salawe prah | tigang dasa jalan kaki | satus Kumpênine Islam | para mantri ing Samawis | lan mantri ing Bahrawi | praptaning Bahrawa têpung | Bupati Surakarta | wus rêmbag manjingkên baris | lan Kapitan Yan Hindrik Johan Abraham ||

48. baris Pingit inginggahan | pinêthuk campuh ing jurit | nanging prange êlêt jurang | arame bêdhil-binêdhil | tan ana kang nabrangi | jurang sangêt lêbêtipun | Johan Hindrik Abraham | kêdah majêng dèn gondhèli | dening sagung kang pra dipati sadaya ||

49. Yan Hindrik Johan Abraham | bêkta mariyêm satunggil | kang kinarya bêbalangan | Môndraka [Môndra...]

--- 36 ---

[...ka] Wiradigdèki | mêndhêt ampungan sami | sapih kasaput ing surup | Hindrik Johan Abraham | mundur marang Sitirawi | anèng Jambu gènira apamondhokan ||

50. Môndaraka Wiradigda | wangsul makuwon ing Pingit | dalu-dalu tur uninga | mring Rahadèn Adipati | Suryanagara nênggih | asarêngan praptanipun | duta kang saking Kêndhal | Pangran Adiwijayèki | tur uninga lamun ingkang rayi tiwas ||

51. Ki Tumênggung Natayuda | dènnya campuh ing prang wingi | wontên ing Parakan Kêndhal | Pangran Adiwijayèki | ngungun waspa drês mijil | mirsa ipenira lampus | madêg krodhèng wardaya | gupuh dènira nimbali | marang Radèn Dipati Suryanagara ||

52. adhi paran karsa dika | Si Natayuda ngêmasi | prang wontên Parakan Kêndhal | kula adhi benjing-enjing | umagut ing ajurit | ing Kêndhal nuli ginêpuk | Radèn Suryanagara | umatur anggèr dèn ririh | pan sampeyan punika pinaju tiga ||

53. pun Tumênggung Wiraguna | mundur wingi dènnya jurit | mundur dhatêng Kajomboran | mêngsah saking wetan prapti | kang saking Sitirawi | Kumpêni têtindhipun | Hindrik Johan Abraham | wingi campuh wetan Pingit | Wiradigda Môndraka yudakênaka ||

73. Pangkur

1. têlik kula ingkang prapta | pun Sakèbêr badhe ingkang mariki | ambêkta dragundêr satus | rongatus Kumpêni Slam | dados dhadha ing Kaliwungu mangidul | kang kilèn pangawat kanan | pun Jayaningrat [Jaya...]

--- 37 ---

[...ningrat] Dipati ||

2. ngêrig pasisir pangiwa | sampun prapta baris wontên Walèri | pan agêng dêdamêlipun | Dipati Pakalongan | ingkang kiwa Kumpêni pangawatipun | Yan Hindrik Johan Abraham | lah ta anggèr kadipundi ||

3. kinunêng kang sampun tiwas | ingkang kantun pinikir kang prayogi | kula botên ajrih lampus | yèn sampun kalêrêsan | Pangran Adiwijaya ngandika arum | lah paran ecaning lampah | Dipati Suryanagari ||

4. anggèr yèn mênggah kawula | ingkang kilèn anggèr kula kawali | pun Tumênggung Singaranu | lawan Mantri Bumija | siti lère rayi sampêyan pukulun | ing tatane botên owah | majêng mangalèr ing benjing ||

5. pun Tumênggung Wiraguna | binantonan sapalih Mantri Bumi | sampun ebah ênggonipun | saking Jombor kewala | dene kula ing benjing ingkang amukul | Yan Hindrik Johan Abraham | yèn wontên ungguling jurit ||

6. lamun kawula kasoran | inggih anggèr kula mundur rumiyin | dhatêng Payaman pukulun | Singaranu ngriwuka | Jagalatan sami kinèn aprang ngriwuk | pun Dipati Pangangsalan | awrat sinôngga ing jurit ||

7. prajuritipun akathah | santanane mantrine bêcik-bêcik | sanadyan Jawi pukulun | lamun trahing prawira | kapupugan paribasan bôndha-bandhu | sayêkti kathah pêpêjah | pun Jayaningrat Dipati ||

8. ing dalu tan winursita |

--- 38 ---

enjing budhal kang pinatah ing jurit | Ki Tumênggung Singaranu | lawan Mantri Bumija | Mantri Bumi sapalih ingkang bêbantu | mring Tumênggung Wiraguna | Dipati Suryanagari ||

9. lawan Ki Jagaulatan | abêbantu kang baris anèng Pingit | wadyanira pitung atus | prajurit kang turôngga | Jagalatan prajurite tigang atus | Dipati Suryanagara | sapraptanira ing Pingit ||

10. lajêng ngetan saha bala | Môndaraka lawan Wiradigdèki | wau kang baris ing Jambu | enjing têngara budhal | pra dipati tan kari sabalanipun | Yan Hindrik Johan Abraham | angirid bala Kumpêni ||

11. lagya satêngah onjotan | pan kapêthuk ing mêngsah andhatêngi | Jagaulatan nèng ngayun | kèndêl Kumpêni mapag | Mangkuyuda kang pangawat têngênipun | kiwane Ki Wiradigda | ing dhadha bala Kumpêni ||

12. Dipati Suryanagara | munggèng kiwa dhadha Wiradigdèki | sami Wiradigdanipun | mungsuh kalawan rowang | Môndaraka Tumênggung Mangkuyudèku | Dipati Suryanagara | mangsah dharat dèn songsongi ||

13. Kumpêni kang anèng dhadha | majêng Suryanagara payungnèki | wus parêk lajêng acampuh | bêndhe bèri sauran | drèl sapisan Suryanagara angamuk | lawan kang saragni dharat | rame patêmpuhing jurit ||

14. Yan Hindrik Johan Abraham | ngabani drèl tan kongsi kaping kalih | mêngkap pangawate larut | apan karoban lawan | dadya mundur wong

--- 39 ---

Kêdhu nora amburu | samya lumampah kewala | ririh kadya ngiring-iring ||

15. tan kongsi kathah kang pêjah | mung têtiga Kumpêni kang ngêmasi | pambêrêge prapta Jambu | kèndêl Suryanagara | Jagaulatan kinèn ngobongi dhusun | wus mundur Suryanagara | wangsul baris Pingit malih ||

16. Dipati Suryanagara | pêparentah dhatêng tumênggung kalih | Môndraka Wiradigdèku | aja anglarag-nglarag | mungsuh iki apan agêdhe ing pungkur | Adipati Jayaningrat | wus prapta ing Lapèntangi ||

17. Yan Hindrik Johan Abraham | tinimbalan mantuk dhatêng Samawis | dêlèr lagya amêmantu | têtilare sang nata | kang sumare Nglaweyan pangrutènipun | mila Dipati Janingrat | enggal praptaa Samawis ||

18. nadyan ta benjang ngluruga | maring Kêdhu budhal saking Samawis | pêpak punggawa gung-agung | angiras pirêmbagan | lan ing môngsa kalanira taun baru | bupati sami ngandikan | pêpakan anèng Samawis ||

19. Dèn Ajêng Jabir kang tuwa | tinarimakakên Bagus Karnadi | anak Rôngga Kaliwungu | dene Dèn Ajêng Warsah | tinarimakakên Radèn Tawangalun | putranira Panêmbahan | Cakraningrat Madurèki ||

20. aningkah sarêng sadina | langkung rame pista nagri Samawis | gumuruh môngsa puniku | nagari ing Samarang | pira-pira tontonan kasukan nutug | Adipati Jayaningrat | paningkahe kang malèni ||

21. panggih wismaning dipatya | êdrèlira [êdrèli...]

--- 40 ---

[...ra] ningkah kalawan panggih | urmat mariyêm gumuntur | kadya nêngkêr triloka | dènnya ambal-ambalan gora gumuruh | kontrag sapraja Samarang | tigang dalu pra dipati ||

22. lan Sakèbêr budhalira | marang Kêdhu lawan Radèn Dipati | Pakalongan tanggalipun | Sura kaping limalas | panggih putri kaping rolas tanggalipun | pinarêng sangkalanira | sami arga ngrasa tunggil ||[7]

23. ing taun Ehe punika | salin taun adêge sri bupati | kang lumayu marang Kêdhu | Pamalang sapangetan | Kaliwungu Watês sapangilènipun | Adipati Jayaningrat | kang minôngka senapati ||

24. senapatining Walônda | mayor kalih tuwa noming prakawis | Mayor Kop kang nama sêpuh | Sakèbêr senamudha | Dragundêre Sakèbêr Kop sami nyatus | jalan kakine nyawidak | ngalih bêlah Islamnèki ||

25. jog Kaliwungu supaya | sagung ingkang dêdamêl dadi siji | mônkga senapatinipun | Dipati Pakalongan | payung kuning katigalit putranipun | Tumênggung Kêndhal kinarya | pianjur lampahing baris ||

26. sadalu amasanggrahan | bumi Kaliwungu enjinge malih | wus anjog talatah Kêdhu | kèndêl anèng Madana | ingkang baris ing Pingit cêlak lumayu | angumpul kang baris Cathak | nanging ing tyas sami miris ||

27. dene senapati Jawa | andalêdêg dhasar sugih prajurit | lawan kuning payungipun | sugih rajabarana | andalêdêg aladak bupatinipun | anggagrag [anggagra...]

--- 41 ---

[...g] sugih pêpêjah | mêngsahe prasamya miris ||

28. Pangeran Adiwijaya | sampun rêmbag lan sagung pra dipati | sami ngunduri mangidul | kèndêl baris Payaman | Adipati Jayaningrat wus angrungu | mêngsah mundur mring Payaman | rêmbag ngajêngakên baris ||

29. mayor kalih anut samya | ing karsane wau radèn dipati | saking Madana wus kêbut | kang wadyagung wus prapta | kèndêl Cathak gyanya pacak barisipun | pra dipati Surakarta | kang wontên ing Sitirawi ||

30. wus sami miyarsa warta | baris agung wus nabrang jurang Pingit | gugup bêdhol barisipun | nusul wus praptèng Cathak | tinimbalan sagung kang para tumênggung | mring Dipati Jayaningrat | ngarsane mayor kêkalih ||

31. sami tinakèn pawarta | ana ngêndi kang bèi mungsuh iki | apa dadi siji iku | kumpul baris Payaman | Ki Tumênggung Mangkuyuda gya sumaur | tuwan pan amung têtiga | wontên Payaman puniki ||

32. Pangeran Adiwijaya | lan Dipati Suryanagara nênggih | lan Radèn Mangkuprajèku | dene kang kathah-kathah | sami mêcah Kilènpragi Singaranu | kalawan Mangunkusuma | nèng Têpasarana baris ||

33. Ki Tumênggung Môndaraka | nèng Manorèh sami Kilènpêragi | kang cêlak wetan puniku | wukir kêbak barisnya | Jagalatan lan pun Wiradigdanipun | Mayor Kop goyang kapala | punika paran ing pikir ||

34. wau ta kang kawuwusa | Pangran Adiwijaya nonjok [no...]

--- 42 ---

[...njok] tulis | mring dipati suratipun | wong wadon kang ambêkta | tan kawruhan wus tinampan suratipun | binuka sinukmèng driya | pèngêt iki layang mami ||

35. Pangeran Adiwijaya | salam ingsun dhimas marang sirèki | Jayaningrat kang amêngku | nagari Pakalongan | wiyosipun adhi mas ingsun angrungu | baris iki kang misesa | si adhi pangwasèng jurit ||

36. dene ta nora kayaa | iya apa dhimas bisa nglakoni | salang panthêlêng lan ingsun | paran dadine baya | apan wite mulane lêlurah ingsun | anekad wani Walônda | dene paman adipati ||

37. sinelong kêdhik dosanya | yayi êmas aran pangrasanèki | apa nora kaya ingsun | anak lan kaponakan | kaponakan iki kang padha angrêbut | anake têka tarima | dêstun tanpa ngrasa yêkti ||

38. titi mèsêm duk miyarsa | nanging Sang Dipati Jayaningrat brit | nimbali pêpatihipun | Ngabèi Wiradirja | lan Ngabèi Tirtanagara katêlu | sira Rôngga Wirakrama | prapta inguncalan sami ||

39. iku padha rasakêna | kangmas Adiwijaya paring tulis | apa kangmas duka iku | apa layang têmênan | aturipun sumanggèng ngarsa pukulun | dene wawratan kawula | wêwêngkoning agêng sami ||

40. sambung rapêting watêkan | lan ing tangèh wangun ingkang tinuding | abdi tan sagêd anggayuh | mênggah raka paduka | Jêng Pangeran Adiwijaya pukulun | sampeyan [sa...]

--- 43 ---

[...mpeyan] môngsa kilapa | yêkti sampun malangsangi ||

41. kaduga sang adipatya | paring rèrèng pinarêngakên carik | kinarya kang sêrat sampun | katur sinungkên duta | duta èstri wus ingatêr antukipun | ing marga tan winursita | ing baris Payaman prapti ||

42. ing wanci pukul sawêlas | panggih dutanira suratiraglis | wêwangsulira wus katur | binuka sinukmèng tyas | pèngêt ingkang pangabêktinira katur | pun Dipati Jayaningrat | nguni kangmas paring tulis ||

43. ingkang dhawuh ing kawula | inggih sampun kawula tupiksani | timbalan tuwan kang dhawuh | mênggah karsa sampeyan | sampun lêrês

tan wontêsanalah sarambut |[8] yèn sampun pinarêngêna | kula punika prajangji ||

44. kula punika kang sagah | mêngsah kalih sampeyan ing ajurit | Kumpêni prajangjinipun | yèn kula ngawonêna | ing paduka kongsi kungsul saking Kêdhu | sayêkti rama paduka | saking Selong dèn luwari ||

45. dadya punikatur kula | lamun tuwan inggih ngowêl sayêkti | dhatêng pun paman pukulun | tuwan angoncatana | yèn sampeyan wangkot sayêkti kulamuk | de paduka kêdah tahan | mulat ing kula ngajurit ||

46. kula benjing-enjing mêngsah | inggih datan darbe atur kêkalih | titi tamat suratipun | Pangran Adiwijaya | pan pinunggêl Radèn Suryanagarèku | prapta inguncalan sêrat | adhi kadipundi pikir ||

47. punika tonjoke prapta | ing Supama inggih ing benjing-enjing |

--- 44 ---

nêkani gitik prang pupuh | paran pênêde uga | Adipati Suryanagara umatur | sumôngga karsa sampeyan | sayêkti kalih prakawis ||

48. lamun paduka mêthuka | botên kenging tundha bema ngajurit | ing warti wêwatêkipun | galak lanas kalintang | têmah gajah mawi lar gôngsa lar wadung | lar pêdhang gamaning aprang | sintên kuwawi nadhahi ||

49. sugih santosa tur bôndha | abalaba luwih saking bèr budi | sayêkti bot bobotipun | sanadyan makatêna | yèn sampeyan sagah anggagahi saguh | rêmak-rêmpu ing ayuda | kula pan maksih kadugi ||

50. lan pun kakang Wiradigda | paman Môndaraka kalawan malih | paman Jagaulatipun | Singaranu kewala | anggèr lawan kang raka Radèn Tumênggung | Mangkupraja bakuhana | ing wuri sampun gumingsir ||

51. yèn rêmên rêmpu parênga | kula ingkang ngawaki ing pangirid | môngka manggalaning pamuk | kadi yèn katadhahan | lamun datan makatên sayêktinipun | kêmbang sungsang dika gancang | lumayu yèn kari mati ||

52. mung punikatur kawula | Pangran Adiwijaya duk miyarsi | lan Radèn Mangkuprajèku | sami angênês ing tyas | nora tahan andulu prang soroh amuk | Dipati Suryanagara | mulat ing wong agung kalih ||

53. lamun tyase sami gêmpal | Adipati Suryanagara angling | inggih kakang Singaranu | ingkang wingking akathah | mayor katri wartine [warti...]

--- 45 ---

[...ne] bêbantunipun | Yan Hindrik Johan Abraham | punika kang tumut malih ||

54. ambêkta Kumpêni samas | Bugis Bali pan inggih samas malih | benjing-enjing dhatêngipun | dawêg angêmbang sungsang | padha mubêng ngucira ing pinggir gunung | ing dalu tan kawuwusa | enjing wau kang kawarni ||

55. Adipati Jayaningrat | wus utusan bilang ing mayor kalih | kalamun arsa amukul | kang baris ing Payaman | wus têngara prajurite sami kumpul | mayor kêkalih asigra | amanggil kang pra dipati ||

56. prapta gya pinarentahan | tuwan-tuwan wau Radèn Dipati | Pakalongan arsa mukul | mungsuh baris Payaman | nanging kula wêtara puniku wurung | dèn andhêg môngsa kênaa | nging dika sami tut wuri ||

57. Tumênggung Kêdhu sadaya | dika dandan manawa sêlak kari | kula inggih sesuk-esuk | sigra kang pra dipatya | samya pamit mantuk siyaga prang pupuh | Adipati Jayaningrat | budhal saha wadyanèki ||

58. mung rongatus kang turôngga | sang dipati munggèng ngarsa pribadi | pranakan bajo pinungtu | ginim sing wungu sêkar | tambal miring binathik bang nyampingipun | apaningsêt canthèl pisan | pan mawi dhuwung kêkalih ||

59. satunggil kêmalon abang | paningsête cindhe kênanga wilis | linômbalit cindhenipun | sarta udud kewala | datan kèndêl lajêng ing panêmpuhipun | Pangeran Adiwijaya | lan Radèn Mangkuprajèki ||

60. barise ngêlun kewala |

--- 46 ---

punggawane samya tumut angisis | gumrubyug lumayu ngidul | pangerane lumajar | amung Radèn Suryanagara anjêtung | anikêl palayunira | ngetan angalor jog wuri ||

61. lan Tumênggung Wiradigda | Jagalatan tumut lor wetan nênggih | Ki Tumênggung Singaranu | Tumênggung Môndaraka | sami ngilèn prayayi kalih angidul | kèndêl urut Prabalingga | Jayaningrat Adipati ||

62. wus angancik ing Payaman | pêndhak enjing Sakèbêr sawadyèki | prapta ing Payaman sampun | sami amanggih suka | nora aprang prasamya manggih kêkuwu | apacak biting santosa | pra dipati ngraras ati ||

74. Mijil

1. kunêng kala kang apacak baris | ing Payaman kang wong | sang dipati pasisir kang kilèn | Jayaningrat ingkang senapati | wong Kêdhu prasami | paron kang anusul ||

2. ingkang kèdêkan baris Kumpêni | sumuyud punang wong | kang kèdêkan ing mungsuh pan dèrèng | Kilènparaga kang kidul maksih | Môndraka nindhihi | lawan Singaranu ||

3. lawan Radèn Mangunkusumèki | dene kang bang êlor | urut Parakan wus suyud kabèh | angladèni panganing Kumpêni | mungsuh kang sasupit | Suryanagarèku ||

4. Jagalatan lan Wiradigdèki | baris ngetan ngalor | langkung sompok angidul têmahe | dadya nikêl-nikêl lampahnèki | ngidul ngilèn malih | mubêng gêlaripun ||

5. praptèng Tarayêm angilèn malih | kèndêl ing

--- 47 ---

Sarowol | nèng Sarowol apacak barise | duk puniku andinagung jurit | enceran prangnèki | ngrêriwuk bêbingung ||

6. wong pasisir yèn kasoran jurit | ambantu Mayor Kop | lan dipati ing Pakalongane | mungsuh nyalimpêt undure sami | ngucira ing jurit | anjog anèng pungkur ||

7. nanging langkung angèl marginèki | kathah papan ewoh | saking Kilènparagi jurange | ya ta ingkang kawuwusa malih | nagari Matawis | kang jumênêng ratu ||

51. Ing Mataram mantu Pangeran Singasari, ingkang Sinuhun ing Surakarta nêsêg Kumpêni supados paprangan enggal kadamêl rampung. Mataram badhe kakêpang

8. lagya mêmangun palakramaning | kang rayi sang katong | Pangran Arya Prabu Jaka mangke | tinariman sutaning dipati | Pugêr nèng jro puri | sang nata kang mangku ||

9. pamrihira Ki Pugêr Dipati | ing tyas dèn bisa mor | lan kang rayi kang binadhe-badhe | amanggiha pitulung Hyang Widi | amanggiha luwih | prayoga binangun ||

10. ngadatipun yèn Pugêr Dipati | singa kang dèn êmong | ora wurung ing kadadeane | mila pinasrahan ingkang rayi | kang sarira mangkin | kayêktèn satuhu ||

--- 48 ---

11. sukur dadia ngluwihi mami | dhimas Singasinom | mila Pugêr pinardi pamonge | mrih kadadeane ingkang rayi | ing mangkya kang rayi | ningkah jro kadhatun ||

12. pra santana sadaya wus mijil | bupati pinaro | kang saparo mring Kasingasarèn | kang sapalih saos ngiring-iring | wêdale sang putri | saking jro kadhatun ||

13. orêg sanagara jalu èstri | kang sami nênonton | para dipati sagêgamane | saragni drèl pangantèn duk mijil | pan samargi-margi | praptèng dalêmipun ||

14. Jêng Pangeran Arya Singasari | gumuruh ponang wong | lajêng kasukan kang pinangantèn | pra santana miwah pra dipati | bubar pukul katri | lakone wus tutug ||

15. datan winuwus lami gya panggih | Pangran Singasinom | Adipati Pugêr sakancane | para dipati môncanagari | kinèn ngirid malih | binêktan têtunggul ||

16. Pangran Arya Prabu Jaka nênggih | Pugêr ingkang kinon | amomonga kasenapatène | nanging kutha nagara pasisir | sawetan Samawis | sapangetanipun ||

17. pinaringkên sira Ki Dipati | Suranata kang wong | lan Tumênggung Gadamastakane | pinaringan wadya jro prajurit | aran Jagapati | nênggih wolung puluh ||

18. wusnya pinaringan nuwalèki | gya budhal mangalor | pra dipati sawadyabalane | wontên tigang èwu kumpulnèki | prajurit turanggi | bupati wêwolu ||

19. tan kawarna lampahirèng [lampahi...]

--- 49 ---

[...rèng] margi | Pangran Singasinom | lan Dipati Pugêr sakancane | praptèng Garobogan tata pikir | sadhiya prajurit | kèndêl pitung dalu ||

20. pacak barise lèr Balorèki | watêsan martêlon | bumi Lasêm lawan Rêmbang duwe | rakit pakuwon kang pra dipati | tata kanan kering | karya alun-alun ||

21. sabên Sênèn sênenan asami | akathah ponang wong | ngiras ajar-ajar satêmêne | wong pasisir acungane prapti | wus eca kang galih | malih kang winuwus ||

22. Kabanaran ampasira nênggih | Pangran Singasinom | wong Sêmbuyan Gunungkidul kabèh | tigang dhomas pinaringkên mangkin | Pangran Adipati | Mangkunagarèku ||

23. kalih dhomas pinaringkên linggih | ingkang dhomas kinon | mêtokakên obat lêladène | wolung dhacin kang katur sang aji | kabèh kang non sami | andum pra tumênggung ||

24. kunêng malih nagari Batawi | nênggih Jendral Emop | ngraos luput ing mangke kawêkèn | awit saking Pangran Mangkubumi | purwane rumiyin | sabin tigang ewu ||

25. jendral akèn rongèwu ngêlongi | pan Gurnadur Emop | kinèn ngantunana sèwu bae | sakiting tyas Pangran Mangkubumi | nekad murwèng jurit | ing mangkya dumlundung ||

26. wus angrisak ing bala Kumpêni | madyaning palugon | datan kêna pinrih ing apêse | pira-pira prajurit Kumpêni | kang mukul [mu...]

--- 50 ---

[...kul] ing jurit | pakone gurnadur ||

27. ingkang pinrih tan kêna ngajurit | malah wuwuh ngradon | mila sangêt gurnadur lingsême | malah sampun madêg narapati | suyude wong Jawi | lêksan Jawanipun ||

28. pira-pira upaya tan dadi | mangkya Jendral Emop | praptèng ajal atilar donyane | Sapar taune dènnya ngêmasi | kang jumênêng mangkin | pan dhirèkturipun ||

29. Jakup Musêl Idlir tur upêksi | dhatêng ing sang katong | Jendral Emop prapta antakane | Jakup Musêl kang jumênêng mangkin | aluhung sang aji | anuntên angutus ||

30. inggih lêbêting taun puniki | pêpatih sang katong | kula pasthi ngawaki andhèrèk | ngiras wontên ugi kang pinikir | sang nata ngangsuli | dêlèr suratipun ||

31. yêkti kawula amung nuruti | sabarang wiraos | saking bapak dêlèr nurut bae | nanging kayaparan tingkahnèki | ing Surakartèki | binathêthêt mungsuh ||

32. sêtun ora kêna obah osik | esuk sore mungsoh | anêkani langkung kèh balane | lamun inggih ngesahna pêpatih | miwah punggawèki | paran têmahipun ||

33. ya ta botên bêngganga sakêdhik | pratingkahe mungsoh | Surakarta wus ilang namane | pasthi mungsuh anggêcêk nêkani | botên sande tapis | tumpês dadi bubuk ||

34. ponang wangsulan praptèng Samawis | binuka karaos | amranani ingkang saibate | radi kalikag idlèr [i...]

--- 51 ---

[...dlèr] rumiyin | sampun anyagahi | nyirnakakên mungsuh ||

35. sirna sajrone satêngah warsi | mangke tan kalakon | malah sakin angrêbda mungsuhe | dadya amuk amêmpêng krodhaning | anêdha prajurit | malih mring gurnadur ||

36. dhasar maratuwane kang dadi | jendral ing samêngko | wus prasasat angawaki dhewe | duta mêsat mring nagri Batawi | ing wuri ngundhangi | kang pra dipatyagung ||

37. sami siyaga kaprabon jurit | Tuban sapangulon | ing Samarang sapangetan kabèh | lagya ngantos duta mring Batawi | tan alami prapti | Kumpêni tri atus ||

38. Mayor Kalèrêk môngka pangirid | Bali Bugis Ambon | sampun prapta Samarang lampahe | bêkta parentah saking Batawi | patang atus nênggih | Kumpêni Slamipun ||

39. Mayor Kalèrêk sawusnya panggih | mring dêlèr têtakon | sintên mungsuh puniki arane | dlèr nyaut Mangkubumi rannèki | kuthane Matawis | kathah kadangipun ||

40. apan nênêm papat kadangnèki | kaponakan roro | yèku mungsuh ingkang gêgêdhèni | punggawane akèh yèn winarni | Kalèrêk sru angling | kapan beta pukul ||

41. nuli apranga lan Mangkubumi | dêlèr lingiralon | hèh Kalèrêk ya dèn alon bae | sira lèrèna Samarang dhingin | aja nuli jurit | ngawaki sirèku ||

42. pan wus ana kang sun kon anggitik | Sakèbêr lan Êkop | pan samêngko nèng

--- 52 ---

Kêdhu barise | ingsun dhewe kang arsa ngawaki | tunggua Samawis | ya sirèku besuk ||

43. mayor amuwus iya sun dhingin | bae arsa wêroh | Sakèbêr Kop ing kene barise | wusnya nuduh ngatêr lampahnèki | budhal sing Samawis | sapraptaning Kêdhu ||

44. pinêthuk ing baris angurmati | praptanira mayor | sigra mangsuk mring pakuwon age | tata lênggah miwah pra dipati | Kalèrêk tanya ris | ngêndi gone mungsuh ||

45. aku brani mukul Mangkubumi | sumaur Mayor Kop | punggawane bae anèng kene | Mangkubumi gone maksih têbih | kuthane Samawis | wus madêg rajèku ||

46. aja mukul yèn ora ngêrobi | Mangkubumi abot | ingsun lawan Si Sakèbêr kiye | salawase prange kang nadhahi | ngabiskên Kumpêni | ing prang watêkipun ||

47. kunêng laminya nèng Kêdhu nuli | pun Kalèrêk Mayor | wus sawulan pinanggil antuke | sapraptane nagari Samawis | Kumpêninirèki | ingkang tigang atus ||

48. kalih atus pinundhut tinuding | ngangsahkên palugon | mring Sukawati Kapitan Busèt | Kumpêni Slam kawan atus nênggih | kapitu bupati | budhal lampahipun ||

49. ngidul ngetan ing Dêmak dèn jogi | kèndêl ing Gagodhong | menggok mangidul nabrang wukire | wukir Kêndhêng ingkang dèn sabrangi | Grobogan dèn jogi | lajêngipun ngidul ||

50. balanipun [balanipu...]

--- 53 ---

[...n] Pangran Singasari | wus miyarsa wartos | lamun baris Kumpêni praptane | langkung agêng tan arsa manggihi | mire rêmbagnèki | ngetan gubêdipun ||

51. baris ewon ngilang nèng wanadri | pêcah mara têlon | baris Kumpni lajêng mangidule | mungsuh angriwuk ing kanan kering | bingung dèn begali | kang kari pêpikul ||

52. tan tinolih barising Kumpêni | wus praptèng Garompol | wus apacak santosa bitinge | punggawa Surakarta satunggil | sapanêkarnèki | Rahadèn Tumênggung ||

53. Pringgadiningrat sampun lumaris | praptaning Garompol | sampun kumpul baris Kumpênine | kunêng wau nagari Samawis | ngumpulkên prajurit | dêlèr angkatipun ||

54. tanggal pitulas Mulud kang sasi | gumuruh ponang wong | taun Ehe idêlèr balane | kadya taru pan arga kabêsmi | kang bala Kumpêni | anggamêng lir mêndhung ||

55. praptèng Ungaran kèndêl sawêngi | enjingira bodhol | Salatiga sadalu kèndêle | enjing budhal praptèng Bayalali | budhal pukul kalih | saking Bayawangsul ||

56. sarêng êbyar ing Kaleca prapti | gugup-gugup gupoh | patih kêkalih ing pamêthuke | sri bupati mijil saking puri | nèng Pacinan nênggih | dènira kapêthuk ||

57. sampun aras-ingaras duk panggih | binêktèng kadhaton | tan adangu idêlèr wêdale | sawadyane makuwon ing loji | nimbali bupati | kang wontên [wo...]

--- 54 ---

[...ntên] ing Kêdhu ||

58. katri punggawa ingkang pinêthil | sapanêkarnya wong | Rajaniti lan Wiradigdane | Surajênggala wus sami prapti | panêkar pra mantri | nèng Surakartèku ||

59. idlèr sampune pitulas wêngi | ingkang rêmbag dados | pamukule nagri Matarame | nanging balane lampah sinandi | pan binut kêkalih | katri saking Kêdhu ||

60. ingkang baris anèng Sukawati | ingandikan bodhol | kêrig prapta Surakarta kabèh | nagri Matawis sampun miyarsi | yèn dêlèr wus lami | nèng Surakartèku ||

61. agung kêkirab kang pra dipati | timbalan sang katong | pagiliran pra dipati kabèh | alêledhang sakidul nagari | sakilèn nagari | Wanakartanipun ||

62. dêlèr parentah kinèn rumiyin | Uprup Totlomondo | mukul Kabanaran ingkang kilèn | amêdala têngah margi nênggih | wus pamit sang aji | lawan pra tumênggung ||

63. Wiradigda lawan Rajaniti | Wiranata kang wong | lan Tumênggung Surajênggalane | Tumênggung Lasêm wonge pasisir | pan Kumpêni putih | bêkta tigang atus ||

64. satus dragundêr lan satus malih | usar ginawe bot | pan anyatus lan nyatus malihe | Kumpênine ingkang jalan kaki | Kumpêni Slam nênggih | kapitan tri nyatus ||

65. Kapitan Barak Kapitan Trai | lan Kapitan Tolong | Pangran Dipati Buminatane | têtindhihe kang para bupati | kadya gunging baris | wontên tigang [ti...]

--- 55 ---

[...gang] èwu ||

66. dene sagung bupati pasisir | saha bala katong | tumut tuwan idêlèr lampahe | kinaryalon mantuk mring Samawis | kang magut ing jurit | kang kalok mung uprup ||

67. mawi êlêt ing satêngah sasi | dêlèr dènnya bodhol | saking Surakarta sadinane | mantuk Samarang sajatinèki | benjing Bayalali | dènnya menggok ngidul ||

68. budhal gêgaman Surakartèki | Uprup Totlomondo | Pangran Buminata sakancane | pra dipati papat limanèki | bupati pasisir | ing Lasêm tumênggung ||

69. bêkta tiktak pat mariyêm kalih | Uprup Totlomondo | kèndêl Piji mangkya ing barise | pangajênge mungsuh duk miyarsi | wong Surakartèki | barise wus mêtu ||

70. sigra atur uningèng Matawis | Wiranata kang wong | mantri ngarsa dinuta lampahe | bêkta sêrat pratelanirèki | cacahing prajurit | lan punggawanipun ||

71. dutanira tan kawarnèng margi | wau kang kinongkon | jujug Pangran Mangkunagarane | lajêng katur mring sri narapati | srat atur upêksi | wus tata alungguh ||

72. sêrat saking bupati pangarsi | nulya kinèn maos | atur sêmbah inggih bêbukane | pun Tumênggung Wiranata gusti | ngaturi udani | ing mangke pukulun ||

73. mêngsah dalêm saking praja mijil | lampahe agolong | sap-êsapan tan owah ubênge | langkung rapêt lampahe kang baris | dragundêr nèng

--- 56 ---

ngarsi | nuntên wingkingipun ||

74. Kumpênine ingkang jalan kaki | wuri tiyang Ambon | nuntên Jawi rong bupati gène | nuntên tiktak pat mariyêm kalih | lan kastabêlnèki | nênggih tiga likur ||

75. nuntên Tumênggung Lasêm wor Bugis | lawan Minangkabo | kapitan jro ing Minangkabone | nuntên oprupe ing purinèki | Pangeran Dipati | Buminatanipun ||

76. nuntên kêkalih kang pra bupati | lan Kapitan Tolong | kang mungkasi wuri panggonane | kinalang-kalang saking ing têbih | saking kanan kering | tan obah ing laku ||

77. langkung rapêt lampahe kang baris | tan kêna cinorok | saking Piji ing wêngi budhale | kinakodhol ing wuri tan nolih | mangke sampun prapti | wontên ing Kalêpu ||

78. pêparentah wau sri bupati | kulup yèn mangkono | sira dhewe kang lumaku kiye | angirida kang para bupati | kang putra wotsari | sandika pukulun ||

79. besuk-esuk mangkata sirèki | kang putra wotsinom | paman Rôngga lan Jayadirjane | inggih tumuta umangkat benjing | ngandika sang aji | ya milu sirèku ||

80. sigra nêmbah mijil pra dipati | saking jro kadhaton | prapta jawi ngundhangi balane | pating bathithit wong sanagari | dalu tan kawarni | enjing wadya ngumpul ||

81. nèng alun-alun jêjêl kang baris | wiyose sang katong | pan angujung pangran sakancane | pra dipati mangaras [mangara...]

--- 57 ---

[...s] pada ji | samya anindhihi | marang barisipun ||

82. Suramangunjaya manganjuri | kang prajurit golong | panthan-panthan asri busanane | Suradigdaya ingkang nambungi | Jadirja tumuli | balane gumuruh ||

83. ajalang-jalang pangkate baris | langkung asri tinon | Rôngga Wirasêtika wurine | nulya bala Matawis ing wuri | Jayanagarèki | lan Janapurèku ||

84. wuri Pangeran Mangkunagari | wadyane sri tinon | warna-warna wau busanane | kadya palasa ing mônsa katri | umaguting dasih | kadya rèh tan mundur ||

75. Durma

1. tan kawuwus gêgaman saking nagara | sampun prapta ing jawi | kèndêl tata-tata | Pangran Mangkunagara | angiras sami amikir | lan pra dipatya | wau bala Kumpêni ||

2. ingkang wontên Kalêpu enjinge budhal | tan owah lampahnèki | glar jaladri arga | piningit sinantosa | Totlomondo pan undhagi | trahing prawira | ing nguni juru tulis ||

3. gêlar Baron Sakèbêr ingkang kinarya | duk prang Sêpanyol nguni | mungsuh satus raja | sang raja nora kalah | upêsire kang prayogi | kinèn lumampah | munggèng jawining baris ||

4. kinakodhol lampahnya samarga-marga | riniwuk kanan kering | marang Wiranata | lawan Ranadiningrat | Brajadênta Brajamusthi | tanna dirasa | eca dènnya lumaris ||

5. Totlomondo lampah ngubêngi barisnya | roki baludru [balu...]

--- 58 ---

[...dru] wilis | mubyar rinenda mas | kuluk bêsur rinenda | tandange awira-wiri | lawan Kapitan | Troi tan kêna têbih ||

6. mariyême munggèng wuri kalih pisan | tiktak ing kanan kering | kinêkêr gêgaman | samôngsa sinêroda | baris piyak mriyêm muni | angsal turôngga | bebas rangkêp kêkalih ||

7. kang anitih mêsat tujune tan kêna | eram kang kari nêbih | dadya sami bênggang | kang angodhol sadaya | eca prasamya lumaris | wus praptèng Gondhang | rêrangkah ingkang baris ||

52. Lampahipun wadyabala Kumpêni dhatêng Mataram, tuwin paprangan ing samargi-margi

8. pun Tumênggung Wiranata lajêngira | ngidul gepak ing Wêdhi | saha balanira | arsa atur uninga | baris agêng anèng jawi | pangiridira | Pangran Mangkunagari ||

9. Wiranata praptane atur uninga | yèn mêngsah dalêm prapti | sampun wontên Gondhang | anèh baris punika | cinorok pan botên kêni | rangkêp ingêsap | rangkêp wingit awêrit ||

10. pra dipati wontên ing jawi sadaya | pangran rêmbagirèki | Gondhang pinaliwat | ingong jêbul ing wuntat | pra dipati kanan kering | samôngsa mangkat | jinambak saking wuri ||

11. sigra [si...]

--- 59 ---

[...gra] budhal sampun dadi rêmbagira | sagung kang pra dipati | Tumênggung Jadirja | Rôngga Wirasêtika | anjog salor Gondhang nênggih | ngidul ajêngnya | dene Janapurèki ||

12. lan Tumênggung Jayanagara ênggènnya | wontên sakidul kali | ngalor ajêngira | Pangran Mangkunagara | lèr wetan Gondhang dèn jogi | ing Pamuluan | dhusun gènira baris ||

13. pra tumênggung pangarsa kinèn nglèdhèka | Suramangunjayèki | lan Suradigdaya | Tumênggung Wiranata | baris Gondhang dèn klèncèri | sadina-dina | soresuk dèn dhatêngi ||

14. baris Gondhang tan ana baris ngalebar | mungsuh prapta gumriwis | dèn mariyêm bubar | nora na têtêmênan | yèn kèndêl mariyêmnèki | lèr kidul prapta | rêp mari ngalèncèri ||

15. lamun dalu Pangeran Mangkunagara | nimbali pra dipati | samya akasukan | tandhak atêlèdhèkan | ngunggar manahing prajurit | dèrèng umangsah | pra dipatine sami ||

16. senapati dèrèng arsa ngawakana | dèrèng eca kang pikir | dèrèng antuk tingal | pamawasing ayuda | dene wus mondhok Kumpêni | tan kêna iya | ginampang ing ajurit ||

17. samangsane Kumpêni iya mangkata | tinêmpuh ing ajurit | mangkana kasukan | dalu kangjêng pangeran | mantri ngarsatur upêksi | Kumpêni Gondhang | dalu arsa lumaris ||

18. Pangran Mangkunagara karsane enggal | siyaga bêngi-bêngi | budhal saha bala | karine [kari...]

--- 60 ---

[...ne] lampahira | kabyaran sawetan baris | Gondhang kapapag | gandhèk saking Matawis ||

19. maringakên sêrat saking rama nata | tinampan tinupèksi | sêrat balêntongan | pratôndha yèn dêduka | têmbunge amung sakêdhik | kulup elinga | trahing ratu prajurit ||

20. nora nana kang sêmbrana kaya sira | apan kang dhingin-dhingin | sabarang pakaryan | padha mantu satunggal | wus titi kang punang tulis | jêtung pangeran | jêngêr tan kêna angling ||

21. dangu-dangu ngandika marang caraka | bangêt panuwun mami | hèh pra yayi kônca | gandhèk ingsun wicara | kalawan sira pribadi | pangrasaningwang | ingsun kinarya wakil ||

22. lamun ora ingsun aduwea wawas | kinarya senapati | sakêcoh-kêcoha | ngadu abdine nata | akèh atiwas ing jurit | ingsun kang tiwas | kang dinukan prasami ||

23. gandhèk pamit pangeran ungkur-ungkuran | ngidul sakilèn margi | nuntên ngilèn prapta | dhusun ing Galodhogan | ngumpulakên pra dipati | anulya prapta | bantu saking Matawis ||

24. kang angirid Adipati Jayaningrat | prajurit jro sapalih | martalulut lawan | wadya singanagara | nirbaya miwah pinilih | wong wirabraja | brajanala prajurit ||

25. wontên gangsal atus nanging prang ing dharat | lajêng mangalèr sami | lajêng tata lampah | gêlar angsahing aprang | prajurit jro kang dhadhani | kang têngênira | nênggih bupati kalih ||

--- 61 ---

26. Jayadirja Mas Rônggâ Wirasêtika | pangawat kiwanèki | kêkalih punggawa | Tumênggung Janagara | kalawan Janapurèki | Kudanawarsa | winuwuhkên lor sami ||

27. Wiranata tumut ing pangawat kiwa | dene bupati kalih | Suramangunjaya | miwah Suradigdaya | apan kinarya ngawali | kilèn gènira | Pangran Mangkunagari ||

28. angênggèni munggèng sawurining dhadha | sabab aprang turanggi | sigra atêngara | bèri bêndhe sauran | tamburnya anggêgêtêri | surak umangsah | kukuk sarêng angrampit ||

29. Uprup Totlomondo asowarèng bala | aja na kang mêtoni | ngantia parentah | uprup munggèng turôngga | adhehan ngidêri baris | kang wetan mangsah | dhadha anunjang wani ||

30. dèn mariyêm sinusul kalawan tiktak | rame bêdhil-binêdhil | uprup pêparentah | jalan kaki mêdala | nanging aja kongsi têbih | mapaka dhadha | umèb dalêdêg mijil ||

31. lajêng mapag binuncang pangêdrèlira | tan anggop wanti-wanti | adrês kadya jawah | mimis katibèng mêngsah | akathah kang nandhang kanin | tuwin kang pêjah | katulak pamuknèki ||

32. pun Kapitan Troi lawan kopralira | mangsah anêrak baris | ababad kalewang | kathah antuk pêpêjah | dragundêr sapalih mijil | kalawan usar | ingkang mêdal sapalih ||

33. sigra Pangran Mangkunagara umangsah | miwah kang pra dipati | prajurit turôngga | campuh dragundêr usar | arame bêdhil-binêdhil | tunjang-tinunjang | ulêt ungkih-ingungkih ||

--- 62 ---

34. ingkang anèng pangawat para dipatya | nusul ing senapati | atilar barisnya | Rôngga Wirasêtika | kalawan Jayadirjèki | Kudanawarsa | tuwin pangawat keri ||

35. wau Janapura miwah Janagara | sami nabêt turanggi | anambalang kuda | caruk arêbut papan | rame malih kang ajurit | aso kang dharat | tarung sami turanggi ||

36. rame tunjang-tinunjang ubêng-ubêngan | drèle mawanti-wanti | jadhêg tangkêbira | Pangran Mangkunagara | anggêgêr sawadyanèki | mèh kadya lesan | maksih katulak ngisis ||

37. pan angoso Pangeran Mangkunagara | solahirèng ajurit | pan mêntas kadukan | ing rama sri narendra | sagung kang lurah prasami | susul gustinya | mangkana kang ajurit ||

38. wiwit pukul sanga kongsi wayah ngasar | sami sayahe jurit | sarêng undurira | mungsuh kalawan rowang | Kumpêni mring pondhok malih | mung kalih pêjah | tatu nênêm tan malih ||

39. Pangran Mangkunagara ngidul angetan | ing Galodhogan prapti | kumpul pra dipatya | prasami kalêmpakan | pangeran ngandika aris | maring Mas Rôngga | paman Rôngga puniki ||

40. wong apêrang senapati durung eklas | nuli umangsah jurit | dêdukaning nata | yêkti kêna paturan | nging atur durung prayogi | agawe lêbar | wêweka dèrèng ngênting ||

41. prajurit kang atiwas madyaning yuda | kang pêjah miwah kanin | ingkang cinacahan | Pangran Mangkunagara |

--- 63 ---

inggih abdine pribadi | pêjah sadaya | sawidak ingkang kanin ||

42. sakathahing nênggih ginunggung kang cacah | karo bêlah kang kanin | pêjah tigang dasa | sigra akarya surat | katur ing rama sang aji | duta wus mêsat | marang nagri Matawis ||

43. Pangran Mangkunagara budhal angetan | angalèr kèndêl sami | dhusun ing Ngukiran | apacak barisira | wus tinuduh pra dipati | ingkang mangawat | têtêpa gène baris ||

44. lawan padha anglêlèdhèk baris Gondhang | mangkana sri bupati | sami piturunan | samantri-mantrinira | anglèncèri sabên enjing | wiwit sarêng byar | êrêb bubarirèki ||

45. kawuwusa dutanira Jêng Pangeran | Mangkunagara prapti | nagri Kabanaran | Pangran Mangkudiningrat | jinujug caraka prapti | lajêng kang surat | katur ing sri bupati ||

46. duk binuka patêmbayaning kang surat | ngaturkên pangabêkti | lawan pêjah gêsang | tiwas dènira yuda | angrampit pondhok Kumpêni | ngungkih narajang | dipun udani mimis ||

47. abdi tuwan ingkang tatu kalih bêlah | tigang dasa ngêmasi | wau duk miyarsa | Sang Nata Kabanaran | anjêtung tan bisa angling | tigang pandurat | analôngsa ing batin ||

48. dangu-dangu èngêt titahing Hyang Suksma | tan kêna dèn bakali | padhaning manungsa | ing pati lawan lara | dadya sukur ing Hyang Widhi | walahualam | nimbali lurah carik ||

49. prapta ngarsa Ki Tumênggung Sindusastra | sigra kinèn [ki...]

--- 64 ---

[...nèn] nênulis | angsul-angsul marang | Pangran Mangkunagara | pangungun rataning curi | kulup mung aja | taledhekan sirèki ||

50. bênggangakên sangating Jêng Rasulolah | wong lagi mangun jurit | ngêdohakên iya | pitulunging Hyang Suksma | sabarang ingsun lilani | mung iku aja | punang kang surat dadi ||

51. pinaringkên ing gandhèk Carangpradapa | sigra lampahirèki | praptaning Ngukiran | anuju kalêmpakan | ngundhangi kang pra dipati | apirêmbagan | masalah ing ajurit ||

52. wontên matur yèn gandhèk Carangpradapa | punika lagi prapti | bubar pajagongan | masuk Carangpradapa | pangeran andhodhok aglis | lan pra dipatya | dhawuh suratirèki ||

53. kinèn maca Mas Rôngga Wirasêtika | dangu sawusnya titi | mèsêm jêng pangeran | eca têmbanging surat | wus kapok iki kiyai | sok adêduka | durung titi patitis ||

54. pêparentah Pangeran Mangkunagara | mring sagung pra dipati | kônca pra dipatya | puniki kang timbalan | sampun ugi ngantêp jurit | yèn tan budhala | nadyan tan budhal nênggih ||

55. lamun tan tuk tayuh gih ngantêp ing yuda | gandhèk wus dèn sangoni | mêsat sigra-sigra | gandhèk Carangpradapa | wus prapta nagri Matawis | katur kang surat | saking kang putra nênggih ||

56. duk binuka katur sandikaning putra | mangkana kang winarni | Pangran Purubaya | punggawane sadaya | kang baris watêsan sami | prapta sadaya | tinunjang ing

--- 65 ---

Kumpêni ||

57. pra tumênggung ngungsi dhatêng ing nagara | ing Kabanaran prapti | Cakrajaya miwah | Kartanagara lawan | Tambakbaya Sawunggaling | Tirtanagara | lan Nilacala Bèi ||

58. Kumpêni Slam kalih atus kang binêkta | Kaptin Babandhêm nênggih | lan Dhaèng Margêlak | Litnan Ulun kalawan | Litnan satunggal Sapudin | sami prawira | têtangkêpaning jurit ||

59. rêmpêk lawan Ki Tumênggung Arungbinang | têtêg têtêp tur wani | mangkana kang karsa | Susunan Kabanaran | ing Gondhang kang dadi pikir | Kêdhu kalawan | Pagêlèn tan pinikir ||

60. binantonan prajurit jro andêling prang | wolung dasa winarni | nênggih Suranata | pêpangkoning sang nata | lawan wong bukti prang sabil | para ngulama | miwah kang para kaji ||

61. Kaji Bocor lan Kiyai Kaji Wingka | lan Kaji Tapsirudin | budhal saking praja | Pangran Mangkudiningrat | ingandikakakên ngirid | wus praptèng Gondhang | obah bala Kumpêni ||

62. amiyarsa yèn prajurit Suranata | punika sampun mijil | ngadate tan kêna | têbah lan rajanira | manawa namur ing jurit | pinanggil sigra | Tumênggung Rajaniti ||

63. Wiradigda Tumênggung Raja Jênggala | Tumênggung Lasêm prapti | Totlomondo mojar | paran ta tuwan-tuwan | pawarta ingkang sayêkti | andêling aprang | prajurit wingi prapti ||

64. bok Susunan Kabanaran namur ing prang | Tumênggung Rajaniti | têlik kula prapta | saking nagri Mataram | prajurit [praju...]

--- 66 ---

[...rit] andêl wus mijil | wong suranata | kang binantokkên jurit ||

65. rajanipun kèndêl anèng Watugondhang | ningali ing ajurit | botên samangkea | aprange Suranata | yèn budhal baris puniki | nêmpuh ing marga | dene kang aprang benjing ||

66. badri-badri bandar-bandar kang dinadar | punika dèn ayoni | yèn pêni ing karya | winor lan Suranata | prapta kawan dasa wêngi | badri kêrigan | Totlomondo lingnyaris ||

67. iya nyata sanadyan anamur lampah | praptane Mangkubumi | sayêkti yèn beda | tangkêpe wong ayuda | ingsun arsa kirim tulis | mring Surakarta | dene dêlèr alami ||

68. lamun ora mangkat ngawaki ngayuda | sanggupe nora lami | anusul maringwang | yèn ora nuli mangkat | Sakèbêr bae dèn aglis | binantokêna | nunggala lawan mami ||

69. golèkêna iya wong desa kewala | kang gawa layang mami | kang aja katara | yèn prapta Surakarta | jujuga kyai dipati | kalamun ora | Puspanagara bêcik ||

70. angaturna marang dêlèr surat ingwang | salawe sun bayari | padha angedana | aja na kêkêrisan | nulyantuk Ki Rajaniti | bêbêkêl jathak | binayar wus lumaris ||

71. tan kawarna ing marga caraka prapta | nagri Surakartèki | wau lampahira | jujug Puspanagara | sigra binêkta mring loji | lan dêlèr panggya | surat tinampan aglis || [|...]

--- 67 ---

[...|]

72. tinupiksa Totlomondo sambatira | dêlèr alon dènnya ngling | hèh bapak pan iya | ingsun arsa umangkat | Pangeran Sumênêp iki | pan lagi lara | iku kang sun antèni ||

73. gih punika Pangran Sumênêp kalihnya | kang magang lan kang dadi | tumut kalih pisan | Pangran Mangkunagara | puniku kang anyar dadi | Pangeran Cakra | nagara mêntas mari ||

74. prajurite Pangeran Tirtanagara | dhomas pilihan sami | pangeran kang magang | kalih atus wongira | tur santosa bêcik-bêcik | ipe ponakan | kang dadi lan kang mari ||

75. dêlèr sigra duta pinaring wangsulan | kinèn lumaksanaglis | dêlèr pêparentah | mring sagung pra dipatya | yèn badhe mangkat tumuli | sri naranata | wus têdhak dèn aturi ||

76. praptèng loji sang nata wus binisikan | aras-ingaras sami | kondure sang nata | dalu datan kawarna | enjing dêlèr budhalnèki | dina Salasa | rolas Rabingulakir ||

77. budhal enjing dêlèr saking Surakarta | wadya pênuh ing margi | prajurit salêksa | sabrang kalawan Jawa | parentah idlèr pribadi | Kumpêni pêthak | kawan atus prajurit ||

78. duk punika pan maksih murah Walônda | nêmatus Bugis Bali | Ambon lan Sêmbawa | Mandhar lawan Makasar | sapraptane Bayalali | ngèbêki papan | barise pra dipati ||

79. kunêng dêlèr ingkang lagya tata-tata | anèng ing Bayalali | ngidul badhenira |

--- 68 ---

anjog ing wetan Gondhang | wuwusên baris Kumpêni | kang baris Gondhang | wau karsanirèki ||

80. linêbonan ing dalu amuk umangkat | prajurit dèn pilihi | angsal kawan dasa | mangsah ing sirêp janma | praptèng Gondhang ingkang baris | lèr wetan ika | jinujug dèn lêboni ||

81. barduwake wong Lasêm kang tinarajang | sigra dènnya ngêdrèli | nunjang rukêt ing prang | ngamuk wong kawan dasa | kawanguran tan pakolih | katulak-tulak | binendrongan ing bêdhil ||

82. kathah tatu têtiga kang sampun pêjah | kang kathah mundur aglis | binujung sanjata | nanging tan winêdalan | mariyême kang nulungi | garubyagira | kang tinututan bêdhil ||

83. wau Pangran Mangkunagara miyarsa | miwah kang pra dipati | sami amiyarsa | gugup dènnya siyaga | budhal têtulung ing jurit | lèr kidul prapta | kapêthuk kang prang silip ||

84. wanci êbyar katingal ingkang kabranan | wus kinèn mire sami | wau senapatya | Pangran Mangkunagara | lajêng dènnya mangsah jurit | têngara gumrah | tambur kêndhang gong bèri ||

85. asauran bêndhe lor kidul lan wetan | umangsah pra dipati | kadya ngilês jagang | Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirjèki | Kudanawarsa | baris lor nunjang wani ||

86. ingkang kidul Janagara Janapura | sami nabêt turanggi | arsa ngilês jagang | katulak dening tindak | kang wetan gèn senapati | lawan gènira | bantu saking nagari ||

--- 69 ---

87. wong jro martalulut lan singanagara | nirbaya lan pinilih | nutra jagabaya | prajurit nyangkrahnyana | miwah braja lawan miji | wong wisamarta | umangsah dharat sami ||

88. parêng nêmpuh ginarujug ingêdrèlan | mariyêm anusuni | gumludhug ngawiyat | surak kang baris Gondhang | nyangkilung kang wadya Bugis | satu kapitan | adrêng kêdah mêtoni ||

89. Uprup Totlomondo dènnya pêparentah | aja na kang mêtoni | ngantia parentah | uprup jojog kuda gya | tan taha ngubêngi baris | satu Kapitan | Troi tan kêna têbih ||

90. kang prajurit kaparak sami anglungsar | mangsah dèn soki mimis | ampingan galêngan | maju sami rumangkang | wong Kumpêni jalan kaki | andheprok samya | dènira angêdrèli ||

91. saput lêbu kang rumangkang akèh kêna | lajêng nungkêmi siti | ingkang kari samya | mundur maksih rumangkang | prajurit Suranatèki | gêgêr kewala | Kumpêni wus udani ||

92. lamun baris kang kèndêl kalih bandera | andêle sri bupati | sampun sinaosan | samôngsa umangsaha | Kumpêni kang bêcik-bêcik | wau umangsah | kang samya bêkti sabil ||

93. Kaji Bocor kalawan Ki Kaji Wingka | Ki Kaji Têpsirudin | sami ngikal pêdhang | munggèng luhur turôngga | umangsah sarwi anjêrit | nandêr kudanya | pan arsa ngobrak-abrik ||

94. nunjang jagang mariyêm sigra pinasang | mimise obang-abing |

--- 70 ---

wau Kaji Wingka | apus kuda ing ngarsa | kinanthèt kalawan gigir | apusing wuntat | lan wêtêng dèn talèni ||

95. pamrihira kukuh aja kêna tiba | dupi katiban mimis | katênggêl wêtêngnya | kêna ing mimis sawat | tugêl bêt badan kang nginggil | wus tibèng lêmah | tunggak ing wêtêng taksih ||

96. kudanira anjojog saparanira | usus jaringan sami | sami kuleweran | kuda saparan-paran | sami kacêgatan baris | kalangkung eram | kang sami aningali ||

97. nora nana asap sae kang tumingal | kang alit tyasirèki | gêmpal sampun ilang | kathah-kathahing umat | kang agêng tyase tan osik | mung ciptanira | ing titah wus pinasthi ||

98. dènira prang sadintên abêbêdhilan | wiwit enjing angrampit | campuh rukêt enjang | nanging tan kathah pêjah | sami salamête ugi | aprang sadina | ukur-ukur kang mati ||

76. Pangkur

1. duta saking Surakarta | prapta sampun angaturakên tulis | kang saking tuwan gupêrnur | yèn ing mangke wus budhal | saking Surakarta praptèng Bayawangsul | uprup kinèn umangkata | saking ing Gondhang tumuli ||

2. ing Kamalon yèn wus prapta | aja mangkat ngantia dêlèr nênggih | ing Bayalali mangidul | uprup kang langkung suka | tan kawarna ing dalu wuwusên esuk | bala Kumpêni siyaga | tan owah arsa lumaris ||

3. mantri ngajêng tur uninga | baris Gondhang wau dènnya lumaris | sadaya

--- 71 ---

pan sampun kêbut | pangran sigra têngara | pra dipati kasusu budhal rumuhun | nututi lor kidul wetan | Kumpêni mulat ngandhêgi ||

4. kang saking kidul narajang | saking wetan sami nêmpuh nungkêbi | mariyêmira gumuntur | kang saking kidul wetan | prajurit jro andharat panêmpuhipun | ingêdrèlan binendrongan | tan kandhêg panunjangnèki ||

5. arupak paksa angidak | mèh kalingkap wau baris Kumpêni | prajurit Suranata wus | amor manjing sadaya | tan antara Kapitan Tolong anêmpuh | acaruk tarung landhehan | Kapitan Barak nulungi ||

6. dadya kondur amukira | prajurit jro tan ana kang mapaki | sami kêndho amukipun | bênêr ingkang dêduka | prajurit jro Suranata sampun masuk | mèh kuwur Kumpêni lingkap | kadhèwèkên bali malih ||

7. dadya Kumpêni rêrangkah | sami mondhok anèng satêngah margi | ing Jêglog sami kêkuwu | sakilèning Tangkisan | musuh parêng ambêngok têbih gènipun | tan ana ingkang sêmbada | Mangkunagara prajurit ||

8. amung prang lèrès kewala | digdayane ngucira prang manthalit | sami kaku ing tyasipun | prajurit Kabanaran | dadya sami ngêngah pêpurunanipun | miwah prajurit kaparak | manahnya kinarya malih ||

9. sabab senapatinira | wêwatêke nora tanggon ing jurit | mung anglawèr manahipun | kang dadi kanikmatan | yèn nêdyaa aprang kosok godhi caruk |

--- 72 ---

pira kèhe baris Gondhang | rêmên aprang ting garigih ||

10. watawisipun punika | baris Gondhang tigang èwu tan luwih | rêrubêd pêpikul sèwu | kawan èwu balaka | kang angêpung kuda wontên pitung èwu | dharate wontên salêksa | tikêl rolas maksih luwih ||

11. prajurit sami micara | abêr têmên aprang mangkene iki | anaa Radèn Tumênggung | iya Suryanagara | pasthi rame mendah ubêking prang pupuh | baya uwis gêgêlutan | rukêt ing prang caruk kêris ||

12. iki tarunge Mas Rôngga | Jayadirja taha mring senapati | padha ngêngah tangkêpipun | mundhak gawe kapiran | Radèn Suryanagara pijêr nèng Kêdhu | mangkana ing sabên dina | prang esuk rêp bubarnèki ||

13. nanging ta datanpa karya | pan wong batur ing sabên dina kêni | ana loro ana têlu | mangkana dêlèr mangkat | saking Bayalali baris agêng kidul | baris Kêdhu sumadosan | budhalan marang Matawis ||

14. Adipati Jayaningrat | lan Mayor Kop pirêmbag sampun dadi | budhal ngangsêg barisipun | mônghka manggalaning prang | Ki Tumênggung Kêndhal Singawijayèku | lawan Dipati Janingrat | sami bupati bèr wani ||

15. ing Tarayêm praptanira | tan tinolih riwut ing kanan kering | majêng baris praptèng Jamus | masuk tanah Mataram | kang tinilar amung kang anèng ing Kêdhu | Dipati Suryanagara | Pangran Arya Wijayèki ||

16. lawan Radèn Mangkupraja |

--- 73 ---

sakancane ngumpul Kilènparagi | dadya pêparon wong Kêdhu | ingkang wetan Paraga | sami tumut ing Kumpêni pra tumênggung | sidhangsiring ring-iringan | mangkana ingkang winarni ||

17. kang baris kilèn Tangkisan | Totlomondo sabên dina ajurit | wiwit aprang pukul pitu | pukul nêm sore bubar | sampun angsal anèng Jêglog tigang dalu | binathêthêt sabên dina | binaya mangap ing jurit ||

18. mangkana budhal sirenjang | tinututan aprang samargi-margi | binathêthêt binarukut | saking ing doh kewala | gênti nêmpuh kang wetan miwah kang kidul | dèn mariyêm sami bubar | mênêng bêdhil tangkêp malih ||

19. sadina dènira aprang | baris agêng Kamalon sampun prapti | undhang kèndêl ing wadyagung | nèng Têgal Pêkalongan | nuju môngsa katela pêndhêm wohipun | gumyah kang mungsuh mangrêmpak | acampuh bêdhil-binêdhil ||

20. jroning prang dhudhuk katela | Bugis Bali wong Jawa kang marahi | ukur bênggang mungsuhipun | sami arêbut pangan | dangu-dangu Walandane sami tumut | sapolahira wong Jawa | pramila arang kang bukti ||

21. jroning prang Walônda usar | wong kêkalih nandêr mring mungsuh sami | cêluk-cêluk arsa têluk | wus sami pinarêkan | ingaturkên tinarima têlukipun | katur marang Kabanaran | kinarya nunggil saragni ||

22. winastan pun Imajaya | Imajaya pinacak sawahnèki | nyalawe wus ngangge cênthung | sinung reyal [re...]

--- 74 ---

[...yal] nyadasa | kawuwusa tampingan mantri mangayun | kang saking lèr kilèn prapta | praptane atur udani ||

23. yèn mêngsah lèr kilèn prapta | sampun mangsuk inggih bumi Matawis | pun adipati pukulun | Janingrat Pangangsalan | lan pun Kêndhal Singawijaya Tumênggung | Kumpêni maksih tinilar | nèng wuri lan pra dipati ||

24. dadya Sunan Kabanaran | paring wikan dhatêng kang putra aglis | Pangran Mangkunagarèku | yèn baris Kêdhu mangkya | Jayaningrat manggalaning baris agung | wus manjing bumi Mataram | ing Watukarung abaris ||

25. andaladak Si Supama | dènnya aprang nora anganggo bênting | canthèl pisan sabukipun | kalambi paranakan | tinggal bala Kumpêni nèng Watukarung | Pangeran Mangkunagara | ngungun kalane miyarsi ||

26. dadya prajurit jro samya | ingantukkên dhatêng nagri Matawis | atêngga ing sang aprabu | sagung wadya kaparak | lan prajurit nênggih suranatanipun | lan Dipati Jayaningrat | budhal mantuk mring Matawis ||

27. prajurit jro sampun buyar | Pangran Mangkunagra angundhangi | ngêrig para mantrinipun | ingandikan ngalêmpak | para mantri Sukawati prapta sampun | miwah kang para punggawa | kang wontên Tampingan sami ||

28. mangkana apêparentah | senapati mangsah badhe ngawaki | wus aglar kang baris agung | têngara asauran | bêndhe bèri carabali barung tambur | saking lèr kidul lan wetan | atusan banderanya sri ||

29. golong-golong [golong-...]

--- 75 ---

[...golong] panthan-panthan | jalang-jalang pirang papan ngèbêki | kadi wong ngarak satuhu | Kumpêni barisira | sami dongong dènira andulu mungsuh | eram gunging kang gêgaman | lèr kidul wetan dalidir ||

30. yèn sinawang tandhingira | nora môntra-môntra marawoloni | tandhing jitus langkung mungsuh | kadya mêndhung watara | ing awiyat katingal saengga jawuh | Kumpêngni[9] barise tata | mungsuh kukuk nêmpuh aglis ||

31. têmpuh sarêng dènnya nunjang | drèl gumrudug tiktak sarêng amuni | kadya ladhu wukir guntur | langkung ramening yuda | bênggang kang lèr kang wetan sarêng anêmpuh | kang wetan dèn mriyêm bênggang | kang kidul mangsah ngêbyuki ||

32. kang kidul piyak dèn tiktak | ingkang êlèr gumriwis mangsah ngukih | kadya gora guntur kêtug | ubêkan ing paprangan | mila sanès tangkêping kang aprang pupuh | susunan ing Kabanaran | nèng Watugondhang ningali ||

33. praptane anamur lampah | nanging myarsa sagunging pra dipati | praptanira sang aprabu | anèng ing Watugondhang | mila numpês pra dipati yudanipun | nanging mêksa katadhahan | adrêsing mimis Kumpêni ||

34. bola-bali dènira prang | aso namung sarapan kang prajurit | ing nalika wanci bêdhug | prajurit kèndêl sarap | sampunira asarap sami umagut | sadina-dina mangkana | dènira prang ngasmarani ||

77. Asmaradana

1. wau ta ingkang ajurit | duk maksih ajêng-ajêngan | wontên [wontê...]

--- 76 ---

[...n] kang prapta mantrine | Pangeran Mangkudiningrat | prapta atur uninga | yèn prapta tuwan gupêrnur | balane kadya samodra ||

2. obah kang angêpung sami | Mas Rôngga Wirasêtika | kang tinuduh sakancane | Pangeran Mangkunagara | alon dènnya ngandika | Paman Rôngga pênêdipun | dika tuwani ing lampah ||

3. Mas Rôngga umatur aris | bêndara inggih sandika | lampah kawula wiyose | aprang punapa macalang | pangran alon ngandika | paman saprayoginipun | milane andika bêkta ||

4. pra dipati Sukawati | lan kula urun satunggal | Tumênggung Mataram mangke | inggih Si Jayanagara | miwah mantri sadaya | punika mantri pangayun | andika bêkta sadaya ||

5. apan inggih ungak-ungik | sakeca botên sakeca | amung antuka waspaos | punika bantu kang prapta | opyake tiyang kathah | dêlèr piyambak punika | balane awarna-warna ||

6. Mas Rôngga têngara aglis | tambur bèri mawurahan | wadya kumpul budhal ngalor | gangsal bupati binêkta | bandera salawe prah | kang turôngga wontên sèwu | arahan botên binêkta ||

7. sami prajurit kinanci | wau ta ing lampahira | Mas Rôngga masang gêlare | ampungan dhusun gêng ika | lawan para dipatya | amilih para tumênggung | bêkta nyèkêt prajuritnya ||

8. baris Kamalon kawarni | apan sampun tampi surat |

--- 77 ---

sira Uprup Totlomondo | parentah ingkang amapag | gène dêlèr nèng Kêmbang | bupati ingkang tinuduh | Tumênggung Surajênggala ||

9. Ki Rajaniti nguruni | Ngabèi Suramênggala | punika kadange anom | bêkta kuda kawan dasa | sèkêt Kumpêni usar | lan sèkêt dragundêripun | pukul kalih lampahira ||

10. praptane ing Kêmbang maksih | pukul ing satêngah lima | kèndêl sajawining pondhok | rintêne pinanggil prapta | tumênggung lan kapitan | ngarsane dêlèr dinangu | sapolah tingkahing yuda ||

11. wus siyang budhalirèki | môngka pangarsane lampah | Kumpêni saking Kamalon | ing wuri kadya samodra | idêlèr balanira | lir wana bêsmi wun-awun | kathah warni jinis sabrang ||

12. Pangeran Sumênêp nênggih | Pangeran Tirtanagara | nênggih dhomas prajurite | prasami wong pêpilihan | kabèh dinulang mangap | Sumênêp magang puniku | Pangeran Cakranagara ||

13. rongatus prajuritnèki | sami santana sadaya | pan kulewang curigane | sadaya sami gambira | dhasar kinudang-kudang | marang Idêlèr Undurup | ing kasap manggalaning prang ||

14. sami trah Jarananolih | para radèn pitung dasa | kinati-kati mring dêlèr | sanggupe sami maludag | wani caruk curiga | Mangkubumi sagènipun | nadyan nèng giri gothaka ||

15. ngarsane dêlèr tan têbih | prajurit Sumênêp samya | kang sakêpêl bêbrêngose |

--- 78 ---

athi-athi simbar jaja | kang asta wulu rambat | pangeranira abagus | rakit lir kêmbang Ngurawan ||

16. baris pangarsa lumaris | sapraptanirèng Karapyak | wau kang masang gêlare | kang aling-alingan desa | Mas Rôngga sakancanya | lan Jayadirja Tumênggung | Tumênggung Jayanagara ||

17. Brajadênta Brajamusthi | Tumênggung Ranadiningrat | sami anugêl barise | kuda tigang atus mangsah | ngawaki pra dipatya | baris pêdhot kuwur mawur | angidul palajêngira ||

18. tinunjang ngilês turanggi | rame dragundêr lan usar | tan kongsi nata barise | talajukan pambêdhilnya | tinubruk ing turôngga | sakawan Walônda lampus | pinêrungan kupingira ||

19. lajêng anggiwar prasami | ing wuri kagyat miyarsa | mangsah dalêdêg barise | umob lir jaladri bêna | kumpul bala sadaya | nênggih kang turôngga sèwu | lirih undure kang lampah ||

20. usar kêkalih bèr wani | anandêr nututi mêngsah | bature ing wuri adoh | sigra wau winangsulan | liningkung wus kinêban | ambêdhil sapisan luput | lajêng tinubruk kacandhak ||

21. usar kalih dèn brundhuli | sarwi tinuntun pan dharat | binakta lumayu age | wus amor gêgaman kathah | wau Surajênggala | tatu silit kodhokipun | tan bisa nitih turôngga ||

22. ginendhong baturirèki | Tumênggung Surajênggala | prapta ngarsanira dêlèr | tuwan mêngsah kang bêbegal | purunipun kalintang | inggih dede wadosipun |

--- 79 ---

idêlèr lajêng graita ||

23. iya iku Mangkubumi | anyorog boboting mêngsah | ngaku pacalang gawene | lah iki antêp-antêpan | besuk ana Mataram | nadhahana yudanipun | ing aprang baya kiyamat ||

24. Mangkubumi laki-laki | umatur Surajênggala | tuwan tiwas yudaningong | Kumpêni pêjah sakawan | kalih kacandhak gêsang | gèdhèg dêlèr sarwi muwus | tumênggung trak jadhi apa ||

25. pasthi iku Mangkubumi | arêp wruh untabing marga | pan prajurit pratamèng rèh | amêngku sakèhing gêlar | bisa anjalasutra | lawan dadi kancanipun | manggalane tri prakara ||

26. wau kang lumayu prapti | Mas Rôngga Wirasêtika | pra dipati sakancane | prapta ngarsane pangeran | katur sasolahira | dènnya ana ing dêlanggung | dene dêdamêl kang prapta ||

27. èstu yèn dêlèr pribadi | balane awarna-warna | ingiring prajurit ewon | Pangeran Mangkunagara | ngundhangi maring bala | ngombèrakên barisipun | ngundhangi kang pra dipatya ||

28. jinajar wayang kang baris | badhene yèn dêlèr prapta | cinacak sawatarane | bupati aprajangjian | dene batur akathah | malah nyêngka tandhingipun | praptane dêlèr punika ||

Nyandhak jilid 9.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca:

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Penomoran sub-judul di atas, mulai 48 sampai dengan 50 salah, melompat 1 menjadi 49 s/d 51. (kembali)
3. sadasa. (kembali)
4. binujung. (kembali)
5. Lebih satu suku kata: prapta nagri Surèngkewuh. (kembali)
6. Kurang satu suku kata: Adipati Pugêr lan para dipatya. (kembali)
7. Sengkalan: sami arga ngrasa tunggil (12 Sura 1671 A.J., 4 Februari 1746 A.D.). (kembali)
8. Lebih satu suku kata: sampun lêrês tan wontên salah sarambut. (kembali)
9. Kumpêni. (kembali)
10. Kategori
11. Agama dan Kepercayaan
12. Arsip dan Sejarah
13. Bahasa dan Budaya
14. Kisah, Cerita dan Kronikal
15. Koran, Majalah dan Jurnal
16. Referensi
17. Huruf Jawa
18. Lambang Fonetis
19. Penanggalan Jawa
20. Singkatan dan Akronim

Serie No. 1259h

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 9.

Bale Pustaka - 1937 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

Wêwênangipun ingkang ngarang kaayoman miturut anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêblad 1912 No. 600.

--- [3] ---

Lampahipun wadyabala Kumpêni dhateng Mataram, tuwin paprangan ing samargi-margi.[1]

29. wus rêmbag akarya aglis | ing gêlar wulan tumanggal | kang môngka tutung têngêne | Mas Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirja | sakancane pra tumênggung | wong Sukawati sadaya ||

30. kang kinarya tutung kering | Janapura Janagara | lan Suramangunjayane | Tumênggung Suradigdaya | lan sagung mantri jaba | kang dadya pêthiting tutung | Pangeran Mangkudiningrat ||

31. sapandêlêng têbihnèki | sungut kering sungut kanan | lamat-lamat nora katon | gênggêng kadi Jatingarang | abra ingkang busana | kang saking doh sri dinulu | sragênine pra dipatya ||

32. kang bajo sangkêlat abrit | kang sami kêkawêng pêthak | pating parêlok saking doh | miwah Kamangkunagaran | saragni lan panumbak | kang sami angangge cênthung | ting karêthap ting kalêncar ||

33. baris Kamalon sapalih | mêdal angalèr kang mapag | praptane Dêlèr Hondorop | Pangeran Mangkunagara | muni têngaranira | nulya kang para tumênggung | nititir tangaranira ||

34. uprup amêthuk pribadi | lan Pangeran Buminata | nanging tan dangu panggihe | lajêng sami alêlampah | pangarsanira prapta |

--- 4 ---

ing Kamalon kadya latu | dalêdêg angrèp pêpanthan ||

35. dêlèr kang anyandêr dhingin | ing Kamalon praptanira | katon anggabag mungsuhe | wau Pangran Buminata | lamine tan tumut prang | punika karsane gêndhung | kapalan mung kawan dasa ||

36. nanging sami dhawuk putih | nora angitung prayoga | mung miri dhawuke bae | nèng ngarsane dêlèr samya | lan sagung pra dipatya | saking kuda wus tumurun | nging maksih adêg-adêgan ||

37. lan sagung kang pra dipati | angling Pangran Buminata | Man Wiradigda bêcike | ginusah dimène nêbah | sampun ngrubêdi tuwan | lawan wong cilik puniku | kobêr akarya pondhokan ||

38. api-api tan miyarsi | Ki Tumênggung Wiradigda | Surajênggala dèn awe | dawêg man Surajênggala | pangeran nuli marang | marang gène barisipun | lajêng anyengklak turôngga ||

39. nora anolih ing wuri | Tumênggung Surajênggala | mring rajaniti kinêdhèp | dadya tan purun lumampah | samya kèndêl kewala | Pangeran Buminatèku | anèng ngarsa songsong pêthak ||

40. wus têbah lampahirèki | Pangeran Mangkunagara | ngatag prajurite lèrèg | sadasa lawan panumbak | iya namung sadasa | kinèn amêthuka gupuh | ing Pangeran Buminata ||

41. ngidul ngetan lampahnèki | Mas Rôngga Wirasêtika | angêtoni ing wingkinge | mung bêkta kuda sadasa | Tumênggung Jayadirja | mung bêkta [bê...]

--- 5 ---

[...kta] kuda pêpitu | anusul marang mas rôngga ||

42. baris agêng datan osik | sami ningali kewala | campuh kang saragni lorèk | wau Pangran Buminata | tinêtêr yudanira | galigapên nolih pungkur | Surajênggala tan ana ||

43. surak sakathahing baris | kidul lor miwah kang wetan | kadya guntur suraking wong | sinarêmpêng balanira | rinukêt saking ngarsa | saking lor mas rôngga nêmpuh | kèh tiba bature buyar ||

44. nora kêna dèn ayomi | tinêtêr kuwur kewala | sami tiba ting talêbok | kudalit pan kalorodan | Pangeran Buminata | ingawe-awe ing pistul | paksa kadya wong keringan ||

45. wong Mangkunagaran kalih | nyarêmpêng ngancari tumbak | pangeran anggiwar ngalèr | mas rôngga arsa anumbak | angetan Jayadirja | sigra anganyari pistul | bature mati sêsanga ||

46. sapuluh kacandhak urip | lajêng lumayu angênthar | mungsuh ngangsah sadayane | wau Pangran Buminata | songsongipun kabandhang | banderane sampun dangu | kabandhang sasupit pisan ||

47. lajêng mring pakuwonèki | wau Pangran Buminata | lajêng angêkêp kemawon | prang dadi rame arupak | dêlèr prajuritira | lagya prapta dèrèng cucul | banjur prang rame kewala ||

48. wetan kidul lèr ngêbyuki | Kumpêni ngêdrèl atadhah | sampun wuwuh mariyême | surake lir gêlap sasra | dyan bênggang sami nêbah | mariyêm tundha sinusul |

--- 6 ---

kadya gunture prabata ||

49. langkung rame ing ajurit | saputing dalu wus bubar | prajurit sami makuwon | Pangeran Mangkunagara | candhi pakuwonira | mangkya apan ragi mundur | sakêdhap ragi mangetan ||

50. utusan dhatêng Matawis | Pangeran Mangkunagara | atur uninga wiyose | yèn Dêlèr Kamalon prapta | ngirid prajurit lêksan | môngka manggalane kewuh | andêl Ngasmaradilaga ||

51. Pangeran Sumênêp kalih | sèwu prajurit pilihan | prajurit sabrang jinise | punika kalangkung kathah | ambèr kadya samodra | dêlèr kala praptanipun | sampun kula cacak ing prang ||

53. Sultan Kabanaran Tilar Praja, Ngungsi dhatêng Tanah Sukawati

52. mangkana pinaring aglis | angsul-angsul ingkang sêrat | nata ngundhangi balane | têdhak marang Pajarakan | wau ingkang dinuta | Pangran Mangkunagara wus | prapta ambêkta wangsulan ||

53. sêrat sampun tinupèksi | pangeran sigra parentah | mring sagung punggawa kabèh | ing prang aja na lêleda | sandika pra dipatya | dèn kêras padha anêmpuh | mrêpêki kang ngambil pangan ||

54. ingong ngandikan kiyai | badhe têdhak Pajarakan | pangeran siyaga age | Mas Rôngga Wirasêtika |

--- 7 ---

ing wuri pinasrahan | aparentah baris agung | pangran lampahe tan gawa ||

55. prajurite kathah kari | amung kuda wolung dasa | alêlancaran lampahe | Sri Bupati Kabanaran | têdhak mring Pajarakan | amung kuda kawan atus | tan pati ambêkta dharat ||

56. nèng Pajarakan duk prapti | sadalu kang putra prapta | Pangran Mangkunagarane | angabêkti ngaras pada | lan mantri lêbêtira | sadaya ngandikan ujung | agantya wong kawan dasa ||

57. sawusnya mundur anêbih | Susunan ing Kabanaran | pangandikanira alon | kulup iki karsaningwang | lamun si dêlèr prapta | ingsun durung olèh tayuh | lamun mapaga ngayuda ||

58. manawi sira pribadi | kulup ana tayuhira | kang putra matur wotsinom | kula malih yèn antuka | paduka dèrèng angsal | suka gumujêng sang prabu | iya ta lah kaya ngapa ||

59. kulup ing watara mami | si dêlèr sun tadhahana | ngarêp ing prang arêrêmpon | kaya sampyuh yun watara | uwor ngasmarèng laga | siya-siya raganingsun | têmah durakèng Hyang Sukma ||

60. angadu prang buta tuli | kulup mêngko karsaningwang | Kalibêning sapangalor | iku padha jagangana | miwah mangulon pisan | gawea rajêg galugu | kang putra matur sandika ||

61. parentah marang Dipati | Jayaningrat ing Mataram | wong desa ingarahake | tan alami jagang dadya | prajurit Anirbaya | Jagabaya

--- 8 ---

Martalulut | Saragni Singanagara ||

62. Mandhung Putra lawan Miji | mariyêmipun sakawan | pangeran wau rêmbage | lan kang rama sampun nêlas | budhal mring pabarisan | Natèng Kabanaran kondur | wadya sapalih tinilar ||

63. praptèng pasanggrahan candhi | Pangeran Mangkunagara | kang aprang maksiha rame | pra dipati tinimbalan | praptanira sadaya | dhawuh timbalan sang prabu | akarya sinduring aprang ||

78. Durma

1. wus sarêmbag sagunging kang pra dipatya | salin gêlarirèki | gène senapatya | Pangran Mangkunagara | kidul kilèn kang dèn gèni | dene punggawa | satunggil kang kinanthi ||

2. Sukawati Ki Tumênggung Jayadirja | mas rôngga kang ngênggoni | margi gêng kang wetan | lawan Kudanawarsa | pra dipati Sukawati | nunggil kang wetan | êlèr kang angênggèni ||

3. Pangran Mangkudiningrat lan Wiranata | kidul kang angênggèni | Janapura lawan | Tumênggung Janagara | Suramangunjaya malih | Suradigdaya | wau ta kang winarni ||

4. sira Idlèr pan Hondorop saha wadya | têngara budhal enjing | wontên tur uninga | baris têngara budhal | Pangeran Buminatèki | Surajênggala | môngka mukaning baris ||

5. atêngara ngangsêg sagung pra dipatya | tumêmpuh ing ajurit | parêng mundur mangsah | Pangran Mangkunagara | lan Tumênggung Jadirjèki | barêng umangsah | panganjur kang ginitik ||

6. Pangran Buminata lan Surajênggala |

--- 9 ---

tinêmpuh kowar-kawir | pan wus rinumpakan | lumayu bali samya | tinulung mariyêm sami | sakala bênggang | lor kidul nunjang malih ||

7. Pangran Mangkunagara lan Jayadirja | baris ngalangi margi | dadya kèndêlira | baris agêng lampahnya | makuwon Taji sawêngi | dalu gumêrah | dipun udani maling ||

8. saking Taji sarêng byar gènira budhal | wadya kadya jaladri | mungsuh akêkirap | têngara awurahan | tan owah gêlaring jurit | sami anunjang | rame bêdhil-binêdhil ||

9. kiwa têngên gantya mangsah miwah wuntat | ngajêng dèrèng kaèksi | gène senapatya | Pangran Mangkunagara | lan Tumênggung Jadirjèki | baris gêng prapta | ing Parambanan aglis ||

10. prapta Pangran Dipati Mangkunagara | Tumênggung Jadirjèki | mangsah sarêngi nunjang | ingêdrèl tinunjangan | kang maksih mangsah mangungkih | mriyêm pinasang | bênggang sakêdhapnèki ||

11. mênêng mriyêm kumroyok mangsah anunjang | ingêdrèl wanti-wanti | mundur mung sakêdhap | ing keri kanan wuntat | kadya karangrang gumriwis | eram kang mulat | prange Pajang Matawis ||

12. wus satêngah ari dènnya alumampah | riniwuk ing ajurit | kèndêl ing Prambanan | pangajêng kinèn mangkat | nabrang lèpèn Opak sami | gumrudug prapta | mungsuh angidak wani ||

13. kadya ladhu gumrudug turôngga lêksan | ing kanan keri wuri | miwah saking ngarsa | panggènan senapatya | Pangran Mangkunagarèki |

--- 10 ---

lan Jayadirja | kukuk anggêgirisi ||

14. kumareyab lor kidul wetan umangsah | kumarutug gumriwis | iya tan angapa | nanging ngribêdi lampah | amung kang kongsi kêpêncil | pisah barisnya | sayêkti yèn katail ||

15. nora wurung kabilaèn dening mêngsah | mangkana kang ajurit | ngasar samya bubar | Pangran Mangkunagara | sakancane pra dipati | nêbah tan nêbah | baris maksih kaèksi ||

16. dadya baris agêng tan kêna lumampah | dêlèr makuwon sami | dhusun Cupusela | sadalu datan ana | kang sami antuk aguling | sanadyan mêngsah | sami ringga ing galih ||

17. Pangran Mangkunagara anèng Samboja | dhusun pakuwonèki | pan maksih katingal | kabèh kang pra dipatya | pondhoke tan wontên têbih | dalu nênurat | enjing anonjok tulis ||

18. upas Jawa kalawan upas Walônda | mung kalih kang tinuding | praptèng Kabanaran | katur ing sri narendra | kang sêrat pinundhut aglis | duk tinupiksa | bêbukane kang tulis ||

19. pèngêt ingkang sêrat katabe manira | kang kathah-kathah nênggih | Idêlèr Samarang | pan Hogêndorop ingkang | pilênggah nagri Samawis | ingkang marentah | sagung wadya Kumpêni ||

20. ingkang ana lautan miwah dharatan | sagung pasisir Jawi | surat ngong katura | marang ing saudara | Pangran Arya Mangkubumi | kang madêg nata | lan karsane pribadi ||

--- 11 ---

21. ingkang sampun têtela kasubagèng prang | prajurit Tanah Jawi | dibya wirôtama | prawira widigdaya | kang wus kontran ing sabumi | ngasorkên lawan | ing rèh sujayèng wèsthi ||

22. ingkang sampun linairkên linampahan | dening kang mayor katri | kang wus nama mukya | prajurit tanah sabrang | Por Sakèbêr Kop pra sami | saha wus kathah | ingkang Kumpêni putih ||

23. akasukan munggèng asmara ranangga | mangke ngong anêkani | paran ingkang karsa | Susunan Kabanaran | punapa tan amrih prapti | ratu prawira | pijêr ngrêriwuk margi ||

24. saudara saengga kula utusan | kang mukul ing ajurit | ing sakarsa-karsa | mrih gêlar tan prayoga | kula kang dhatêng pribadi | têka maksiha | ngakale lare alit ||

25. besuk iya sasuka-suka yèn ingwang | wus prapta ing Matawis | mangkono prawira | nora aprang pra setan | wong lêlaku dèn riwuki | wus titi tamat | dêlèr kang ponang tulis ||

26. Sunan Kabanaran wus akarya surat | angsul-angsul wus dadi | sinungakên duta | upas wus sinangonan | nèng Kabanaran sawêngi | dutènjing prapta | dêlèr maksih anganti ||

27. anèng dhusun Cupuwatu barisira | enjing kang duta prapti | saking Kabanaran | sigra ngaturkên surat | sul-angsul tinampan aglis | nulya binuka | bêbukaning kang tulis ||

28. layangingsun sunan ingkang apilênggah | nagari ing Matawis | ingkang akadhatyan |

--- 12 ---

nênggih ing Kabanaran | wiyose dêlèr sirèki | kêkirim layang | iya wus praptèng mami ||

29. lawan iya sun wus ngawruhi sadaya | surasane kang tulis | aprakara sira | dêlèr ing lakonira | amradhayoh ing Matawis | ing lakonira | nêmu riwuking margi ||

30. nora saking ingsun kang gawe prakara | awit sira pribadi | gawe kamandaka | sira nèng Surakarta | ngaku mulih mring Samawis | ing Tugusona | ngidul mring Bayalali ||

31. nora nyana ingsun dhêdhayohan sira | mung Totlomondo iki | yèku dhayohingwang | sira kang tambuh lampah | ingsun mung nyambêlèh pitik | sêsuguh ingwang | gawe lêgok sirèki ||

32. wêwatone ya wong kadhayohan sira | maragad kêbo katri | iku maksih kurang | ya senapati apa | tambuh lakunira pasthi | kêna ing dhêndha | sira wus anglakoni ||

33. duk arsa prang iya anèng Banyudana | sira lêt patang sasi | anonjok maringwang | sêdhêng sêsuguh ingwang | kalah mênang sudhah pasthi | dudu manungsa | iya kang punya bagi ||

34. dene iki dêlèr mungguh lakonira | pan ora sun têmoni | sukan aprang nistha | sira anambung lampah | wus titi kang punang tulis | goyang kapala | dêlèr eram miyarsi ||

35. sarwi muwus tarlalu pandhe bicara | Pangeran Mangkubumi | alumuh kungkulan | tukang pra pikir tukang | angundhangi pra dipati | sami sinungan | anjawani ngajurit ||

--- 13 ---

36. Pangran Tirtanagara Sumênêp sira | tinuduh munggwèng ngarsi | angrurah anjakan | prajurite kulewang | pitung dasa munggwèng ngarsi | dêlèr têngara | budhal sagunging baris ||

37. saking Cupuwatu kang wadya balabar | kadya hèrnawa banjir | pangawate samya | miranti kering kanan | tan owah pangêpungnèki | binarukutan | wau ta kang winarni ||

38. Adipati Jayaningrat Pakalongan | wus anjog ardi Gamping | saha balanira | lawan Tumênggung Kêndhal | Kumpênine maksih têbih | nèng Watukêncang | wau wadya Matawis ||

39. wadya lêbêt kaparak wus winangsitan | kang tugur Kalibêning | prajurit Nirbaya | Saragni Jagabaya | Mandhung Nyutra miwah Miji | wong Tanuastra | lan wong Patranayèki ||

40. Martalulut kalawan Singanagara | lawan Mangundarèki | Darpati Awira | Braja lan Brajanala | Sangkraknyana lan Mayanggi | sèwu watara | kang tugur Kalibêning ||

41. Walandine sadaya dêmang sakawan | Dêmang Côndrajayèki | Dêmang Côndrayuda | lan Dêmang Imayuda | lan Dêmang Imajayèki | amangah-mangah | bajo sangkêlat abrib ||[2]

42. acêcênthung baludru irêng rinenda | bêbêd saboja sami | padone kèncèngan | bênting cindhe jo ridan | anyuriga cara Bali | ijo sangkêlat | renda pinanji-panji ||

43. angêdhangkrang dêmang Walônda sakawan | sami nindhihi baris | bature nyadasa | gawa tumbak [tu...]

--- 14 ---

[...mbak] ampilan | miwah pêdhang lawan karbin | sarewa-rewa | sarewaning bupati ||

44. wau wadyaning mungsuh sami kumêrap | kumreyap mangsah jurit | têngara sauran | gumuruh awor surak | arame bêdhil-binêdhil | lor kidul wetan | kadya rêbah ing wukir ||

45. baris agêng tan kandhêg dènnya lumampah | pan sampun dèn ajêngi | pinêngkok kang ngarsa | kèndêl katanggor jagang | wong Sumênêp mangsah sami | narik kalewang | nêdya angobrak-abrik ||

46. tinadhahan ing mariyêm kalantaka | maksa dènira ngungkih | kang ngêdrèl sênapan | rame dènira aprang | ingkang wuri kanan kering | mangsah lir gêrah | ambendrongi ambêdhil ||

47. maksih pajêg barise wadya kaparak | kukuh tan kêna ngungkih | mungsuh miwah rowang | kanin miwah kang pêjah | mungsuh rungak kang angungkih | mungsuh tan kathah | ananging bêcik-bêcik ||

48. wusanane prajurit amyang asinang | pating palancur sami | winantarèng mêngsah | Sang Nata Kabanaran | kang anamur anindhihi | tangkêpe beda | ayêm ingkang prajurit ||

49. kang nindhihi mantri Walônda sakawan | kang samya dèn payungi | sami ambrêngangang | busananira mubyar | sami eram mungsuhnèki | kaloking kathah | yèn punggawa Walandi ||

50. kang nindhihi têtêp kukuh datan obah | dadya wau kang têbih | sami ngungak-ungak | kang anèng kering kanan | samya gumujêng ing batin | lah jaman apa | Walônda

--- 15 ---

padha balik ||

51. padha dadia dêmang ngabèhi rôngga | iki jaman bêndhalit | wong Jawa kwèh samya | manjing sêrdhadhu sabrang | Kumpêni putih kèh balik | dadi wong Jawa | akèh kang dadi mantri ||

52. ramening prang Pangeran Mangkunagara | lan sagung pra dipati | sangêt panêmpuhnya | lèr kidul miwah wetan | ngajêng wadya jro nadhahi | asru anunjang | ngungkih maksa tan kungkih ||

53. pan sabêdhug dènira abôndayuda | kèndêl samya abukti | mungsuh lawan rowang | mangan sangune opak | Kumpêni amakan roti | nginggil turôngga | sanadyan pra dipati ||

54. miwah para pangeran mangkono uga | wus lakune wong jurit | Dêmang Imajaya | lan Dêmang Côndrajaya | minggah luhur jagang sami | ngalih rowangnya | tur sami dèn payungi ||

55. sami mulat baris Kumpêni samyeram | ajidan marêpêki | Dêmang Imajaya | lan Dêmang Côndrajaya | kalih bukan cênthung sami | sami pocapan | nênggih cara Walandi ||

56. Dêmang Imajaya hèh ta dêlèrira | ajidan maturaglis | maring tuwanira | ingsun peling balaka | yèn maksa sadina iki | manjing Mataram | sayêkti nora kêni ||

57. têtumpêsan baturmu samono kèhnya | pasthi kêna sapalih | abèn-abèn baya | kêna kabèh manawa | rèrèna sadina benjing | pan rajaningwang | tan nêdya anêmoni ||

58. iya ing salakune idêlèrira |

--- 16 ---

buh besuk taun buri | angantêp ing yuda | samêngko durung karsa | ajidan anandêr aglis | matur tuwannya | idêlèr wus pêpanggih ||

59. Dêmang Imajaya pun panas punika | Walandi usar balik | wau minggah jagang | pan sarwi sinongsongan | kula ingawe murugi | peling kalintang | aja ing dina iki ||

60. iya nêdya manjing nagara Mataram | apan ta raja mami | besuk-esuk êbyar | gone karsa budhalan | wus nêdya tinggal nagari | apan wus undhang | marang kang bala sami ||

61. duk miyarsa dêlèr sukane kalintang | pasaja Mangkubumi | nora gawe gêlar | pan ora kamandaka | padha kang muni ing tulis | raja têmênan | nora gêlar pênthalit ||

62. ingundhangan kang baris kèndêl sadaya | pakuwon Kalibêning | dalu kawarnaa | nagari Kabanaran | ginusisakên sawêngi | ruwêd wadonan | sami minggah ing wukir ||

63. sarêng êbyar kaping pitu ingkang tanggal | nuju ing dina Kêmis | atilar nagara | Sang Natèng Kabanaran | wisma kang para bupati | kinèn ngobonga | prajurit jro kang maksih ||

64. anèng Kalibêning kilèn angidula | ngetan nuruta wukir | patêmon Mutihan | kalawan sri narendra | baris agêng jêbul enjing | kang tunggu jagang | sampun kapanggih sêpi ||

65. pan gumulung anggolong saengga ombak | trunane kang jaladri | wau kawarnaa | Pangran Mangkunagara | lawan sagung pra dipati |

--- 17 ---

asalin gêlar | bupati kalong katri ||

66. Jayadirja Mas Rôngga Wirasêtika | lawan Wiranatèki | pinundhut ing rama | mêthuk kali Mutihan | binêkta lampah sang aji | wau Pangeran | Mangkunagara aglis ||

67. anututi ing Kumpêni lampahira | lan sagung pra dipati | kacandhak Grèdègan | lajêng campuh ngayuda | arame bêdhil-binêdhil | aprang sadina | wau lampahing baris ||

68. sampun prapta ing Ngayodya wanci ngasar | dêlèr lampahirèki | apan datan arsa | mampir ing Kabanaran | sapraptaning Ngayodyèki | anuju ngasar | pukul limane prapti ||

69. Adipati Jayaningrat Pakalongan | lan Singawijayèki | Sakèbêr Kop lawan | sagunging pra dipatya | kalawan wadya pra sami | Mantri twin Rôngga | Pakalongan wus panggih ||

70. miwah dene Tumênggung Kêndhal apanggya | tabe rangkulan sami | bêdhahing Mataram | nanging mêngsah arungan | wong cilik tan kobêr cingcing | Surajênggala | kalawan rajaniti ||

71. bumi Gêdhong Kapêdhak kang pinasrahan | Pangran Buminatèki | dening bumi jaba | nênggih sapalih sowang | ingkang sisih têngênèki | tumut pangeran | nênggih Buminatèki ||

72. jaba kiwa pinaro Surajênggala | lawan ki rajaniti | kunêng dêlèrira | kang makuwon Ngayodya | Natèng Kabanaran kingkin | kang tinggal praja | masanggrahan ing wukir ||

73. ya ta ingkang rayi Pangran Purubaya | lan Mangkukusumèki |

--- 18 ---

miwah bupatinya | Tumênggung Cakrajaya | tumut andhèrèk sang aji | sikêpe têlas | prajurit kantun kêdhik ||

74. lampah dalu sang nata mangetanira | badhe jog ngalor enjing | wau Cakrajaya | lumampah anèng wuntat | sikêpe kabotan nênggih | ginêlak-gêlak | Cakrajaya sru angling ||

75. bok dikêbat wong lêlaku anèng alas | pan kari adoh iki | mênèk ana macan | miwah wong bumi begal | sikêpe sumaur nangis | sadasa-dasa | jêr kabotan kiyai ||

76. cinamêthi walikate biyang-biyang | pikulanira aglis | ginuwang gumrobyag | tumênggung kênang lanat | bature kalih sathithik | dadak mêmala | tumênggung kêna sarik ||

77. digêgojog Cakrajaya kêna tulah | nangis ajêrit-jêrit | amor baris kathah | cangkême ngowak-owak | tumênggung nora matitis | akudhangsangan | kangèlan pothar-pathir ||

78. Arungbinang ika tumênggung têmênan | pikirane patitis | awèt anèng jaman | bature padha enak | uwong wadon dadi siji | Pagêlèn ômba | pan uwis dèn dhèwèki ||

79. digêgojog sira iku Cakrajaya | bêngak-bêngok misuhi | binuru tan kêna | ngalor ngidul umpêtan | mubêng dènnya nêrak baris | gumêr gumêrah | kang tumênggung pra sami ||

80. tan kacandhak binuru nyalimpêt têbah | wus adoh amisuhi | Cakrajaya [Cakraja...]

--- 19 ---

[...ya] edan | tumênggung kêna tulah | digêgojog kêna pidhir | mara rasakna | polahmu kowar-kawir ||

81. bêkakrakan baturmu kèh karusakan | sira ingkang akardi | wèh durakèng kathah | wus dangu lajêng ilang | anggawa bongkotan êpring | Si Hônggajaya | manahe langkung sakit ||

82. dipun rundhuk Ki Tumênggung Cakrajaya | winêton saking wuri | wus ingarah-arah | Tumênggung Cakrajaya | ngantuk sanginggil turanggi | pan ora nyana | ginitik saking wuri ||

83. pilingane kang kêna tiba gumrobyag | Hôngganala mindhoni | maksih ngathang-athang | pinupuh mring bongkotan | alok palayunirèki | mungsuh narajang | Walônda anututi ||

84. nulya gègèr ingkang wuri ngarsanira | pikulan dèn buwangi | nyana lamun mêngsah | wau gène sang nata | miyarsa gègèring wuri | kèndêl sadaya | mapag sagung prajurit ||

85. dangu-dangu kapiyarsa yakinira | yèn Ki Cakrajayèki | punika tukaran | kalawan sikêpira | sikêpe dèn jamalani | wus lara kesah | balik ngindhik-indhiki ||

86. banderane rinundhuk saking ing wuntat | ginitik bongkotan pring | niba saking kuda | kalaran Cakrajaya | ginotong mring baturnèki | langkung kasrakat | samarga dhandhanggêndhis ||

79. Dhandhanggula

1. data tita lingira ing nguni | kawuwusa Natèng Kabanaran | kang atilar kadhatone | mêdal ing wukir [wu...]

--- 20 ---

[...kir] kidul | saha bala myang garwa siwi | tuwin kang wadya-wadya | lan sarayatipun | enjing byar ngalor enggoknya | têdhak saking arga Pamutihan prapti | panggih katri punggawa ||

2. Ki Tumênggung Jayadirja nênggih | lawan Mas Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Wiranatane | aglar prajuritipun | anèng Pamutihan sawêngi | enjing budhal mangetan | ing Pamêdhèn rawuh | ingkang rayi kalih pisan | Pangran Purubaya Mangkukusumèki | tinilar ing Têmbayat ||

3. miwah para dipatine sami | kinèn anunggil pakaryanira | Pangran Mangkunagarane | marnahkên rayatipun | pangran kalih lan pra dipati | kinèn kidul Têmbayat | ing dhusun Parênggut | sawusnya mêrnahkên rayat | sigra budhal nusula dhatêng Matawis | tumut amrangi mêngsah ||

4. pangran kalih kanêm pra dipati | sapraptane nagri ing Mataram | sampun anunggal barise | Madegônda gènipun | sabên enjing campuh kang jurit | pangran nèng Garedegan | wiwit pukul wolu | pukul wolu dènnya bubar | sapraptane dêlèr ana ing Matawis | ingetang dènira prang ||

5. kaping lima prang karasanèki | prang Garèdègan ping sakawan | ping kalih prang ing Kacode | nulya pangeran mundur | ngasokakên ingkang prajurit | mundur ing tanah Pajang | baris anèng Jimbung | punggawa katri tinilar | Jayaningrat kalawan Janapurèki | katri [ka...]

--- 21 ---

[...tri] Jayanagara ||

6. lan Pangeran Dipati Matawis | putranira Sunan Kabanaran | lan Jayaningrat mantune | punika tumut kantun | sami baris wontên ing wukir | gantya wau winarna | nênggih sang aprabu | kang kèndêl Kawêdhèn Taman | pêparentah marang ing punggawa katri | Tumênggung Wiranata ||

7. rintên dalu kinèn andhatêngi | marang nagari ing Surakarta | Jayadirja kang saking lèr | kang saking wetanipun | Rôngga Wirasêtika nênggih | kilèn tumênggung nama | Surawijayèku | panêkarira mas rôngga | kang nindhihi sawetan wukir Marapi | parentah amêmatah ||

8. sawusira budhal sri bupati | pra dipati kang sami pinatah | wus kinèn misah lampahe | wau ta sang aprabu | lajêng anjog mring Sukawati | masanggrahan Têmpuran | dhusun wastanipun | Sang Nata Agung andonga | angluwihi dènnya karya pangabêkti | ing sunat kala katjat ||[3]

9. agung andarus sri narapati | lan amangun ing prajuritira | Suranata kathah longe | pêjah sajroning pupuh | amilihi wong Sukawati | anake wong ngulama | kang sami pinundhut | kang barèk bisa ngulama | lan pradikan kang patut dipun pilihi | kinanthi ing ngayuda ||

10. wus kapyarsa lamun sri bupati | akèh mantri kinula wisudha | kinarya wuwuh kirange | abdi prajuritipun | Suranata kang dèn jangkêpi | dadya kathah kang prapta |

--- 22 ---

nêdya suwitèku | cinoba pangajinira | wêwacane yèn ing Kuran wus prayogi | sinung luwih gonira ||

11. wontên upase Kapitan Bali | Kapitan Bara pêkik dhapurnya | êncik Janudin namane | wus lami inggatipun | saking Surakarta nagari | anèng Mangkunagaran | pasuwitanipun | ing mangkya samirsanira | yèn sang nata mundhuti wong bisa ngaji | kinarya Suranata ||

12. lamun pantês dhêdhapuranèki | yèn surèng prang kinarya punggawa | Suranata kwèh tatale | ingkang minggah tumênggung | Cik Janudin

graitanèki | pangajine wus bisa | dhapure abagus | saking Kamangkunagaran | inggatira nusul marang Sukawati | sapraptaning Têmpuran ||

13. lajêng katur marang sri bupati | pan cinoba andêrêsi Kuran | sang nata sukèng kalbune | dene warnane bagus | pinanjingkên Suranatèki | kanggêp pandêrêsira | sugih sajakipun | nama Mas Suramirana | pinangadêg busana saking sang aji | wus agêng manahira ||

14. kunêng ingkang anèng Sukawati | pasanggrahan dhusun Patêmpuran | lan sawadya prajurite | ingkang mangun manguyung | dènnya minta sihing dumadi | pitulunging Hyang Suksma | gantya kang winuwus | dêlèr kang wontên Ngayodya | utusane mring Surakarta sang aji | andadoskên kang rêmbag ||

--- 23 ---

54. Anyariyosakên Angkatipun Utusan ing Surakarta dhatêng Batawi, tuwin Paprangan Alit-alit

15. putusane mring nagri Batawi | sri narendra sagahe samôngsa | anglampahkên pêpatihe | sarta bêbêktanipun | kurmat jendral adate nguni | dêlèr duk kalih dasa | dina nèng Matarum | utusane Petor Rêmbang | tur uninga bêdhahe nagari Tubin | ing Pangran Prabu Jaka ||

16. mung sawulan dêlèr nèng Matawis | nulya matah kang badhe tinilar | kang binêkta ing antuke | pan Senapatinipun | Pakalongan Sang Adipati | mung Batang kang binêkta | dene ingkang kantun | Dêmak Kaliwungu Kêndhal | wong pasisir têngên mung kalih bupati | pan ing Kudus sadaya ||

17. ingkang mantuk Japara lan Pathi | lan ing Lasêm Kumpênine ika | mayor tinilar kalihe | Êkop Sakèberipun | kalihipun pan senapati | dene ta barisira | Senapatinipun | Pangeran ing Buminata | pra dipati pasisir kang senapati | nênggih Tumênggung Kêndhal ||

18. Totlomondo antuke narêngi | lawan idlèr mêdal Kêdhu samya | anèng Bahrawa pisahe | Samarang praptanipun | Ki Tumênggung Lasêm kinardi |

--- 24 ---

nênggih Sumanagara | ing mangkya jinunjung | madêg Dipati Samarang | ing namane wasiyat kang masiyati | Sinuhun Pakubwana ||

19. namanira Samarang Dipati | pan Dipati Suradimênggala | ing Trêbaya kakangane | gantyaning Lasêmipun | ing Trêbaya kang anggêntèni | bêkaur juru basa | Ki Bastam puniku | ran Ngabèi Kartabasa | Totlomondo praptane Surakartèki | wus panggih lan sang nata ||

20. matur solahira ing ajurit | ing purwa madya prapta wasana | tuwin idlèr pitungkase | inggih duta sang prabu | ingkang badhe dhatêng Batawi | punapa Sindurêja | myang Pringgalayèku | sri naranata ngandika | Sindurêja uwis lumakua nguni | kang durung Pringgalaya ||

21. Pringgalaya iki kang tinuding | Pakuningrat lan Pringgadiningrat | lan Tumênggung Banyumase | besuk tanggal sapuluh | wulan ngarêp Jumadilakir | gêgawan wus samêkta | mit mêdal pun uprup | lajêng dènnya kintun surat | mring Samarang samana praptèng môngsèki | ing tanggal ping sadasa ||

22. mangkat saking Surakarta nênggih | wau Adipati Pringgalaya | lan Pangran Pakuningrate | Pringgadiningratipun | lan Tumênggung Banyumas nênggih | mêthuk Têgal kewala | sumadosanipun | Adipati Pringgalaya | sakancane mangkat rêp saking nagari | nora lumaku siyang ||

23. gêgawane kuwatir ing galih | sabab nutup barise Jadirja | ing Kapanasan ênggone | nanging nuju katungkul | ing langkunge [langkung...]

--- 25 ---

[...e] radèn dipati | ing bakda ngisanira | nèng Ngasêm andulu | wontên kêkapal akathah | sami ngalèr tan wontên kèndêl satunggil | amung kantun wong dharat ||

24. Pringgalaya tyasnya sônggarunggi | Wiradipa sira têtakona | amora wong bumi bae | jaranan akèh iku | padha ngalor ya marang ngêndi | lan

pra yayine sapa | Dyan Wiradipa wus | nêmbah mêsat saking ngarsa | lampahira prapta panggih kang lumaris | wong siji tinakonan ||

25. wusnya angsal tanya nulya bali | praptèng Ngasêm alon aturira | inggih angsal pitakène | kapalan kathah wau | ki tumênggung sawadyanèki | inggih Surawijaya | tinimbalan wau | mring Tumênggung Jayadirja | lampahipun benjing enjing kinèn gitik | dhatêng lampah sampeyan ||

26. dipun kintên sampeyan puniki | lampah enjing mila botên nyana | sampeyan dalu budhale | ature têlikipun | yèn paduka budhal ing Kêmis | inggih botên anyana | lamun lampah dalu | duk miyarsa Pringgalaya | suka guguk Dhi Pakuningrat puniki | bêgja laku andika ||

27. yèn sida alakunira adhi | katiwasan pranga kari kathah | mangkya ta adhi pênêde | dawêg sami lumaku | wus tinata lampahirèki | Walônda kalih wêlas | tinuduh nèng ngayun | nuntên saragni sadaya | sawontêne panumbak sami nèng wuri | lan kanan kering samya ||

28. pêpak lampah

--- 26 ---

ing ngarsa ing wuri | rêmpêk prasami yitna prayitna | tan adangu ing lampahe | prapta ing Bayawangsul | asrêp têbih lawan bilahi | wus panggih lan kumêndhan | sami sukanipun | mung sadalu kèndêlira | Bayalali enjinge lajêng lumaris | prapta ing Salatiga ||

29. budhal saking Salatiga prapti | ing Ungaran sadalu angkatnya | praptèng Samarang enjinge | anuju dina Saptu | lawan dêlèr sampun apanggih | badhe dina Salasa | dêlèr angkatipun | mung bêkta kalih punggawa | ing pasisir Batang Pêmalang piniji | praptèng dina Salasa ||

30. numpak enjing saking ing Samawis | kang pinatah atêngga Samarang | misesa Mayor Kalèrès | paprentahan prang pupuh | sinrahakên kalèrêk mangkin | kang wontên ing barisan | kalih mayoripun | Êkop Sakèbêr punika | dènnya sami kawasa ngrèhkên prajurit | mratikêlakên ing prang ||

31. kalih dalu nglaut lampahnèki | praptèng Têgal Tumênggung Banyumas | duk tigang dina praptane | langkung suka Gupêrnur | anèng Têgal pan kalih latri | enjing dènira mancal | saking Têgalarum | kunêng kang anèng samodra | winursita Pangran Mangkunagarèki | lan sagung pra dipatya ||

32. ingundhangan sarêng budhalnèki | sami umangsah marang Mataram | sigra angêpung barise | Kumpêni pan kasusu | datan ana ingkang mêtoni | nulya Tumênggung Kêndhal | kang kêdah amêtu | Sakèbêr nurut kewala | marang gone

--- 27 ---

wong Kêndhal dhomas kinardi | gêlar mariyêm papat ||

33. munggèng ngarsa mriyêm dèn alingi | wuri jalan kaki lawan tiktak | gêlare Baron Sakèndhèr | kanan kering barukut | mêdal saking biting awêrit | mêngsah tan ana nyipta | ingkang mêngsah mêtu | dragundêr kang munggèng ngarsa | dupi têbih biting kinirangan sami | mriyêm datan pakangsal ||

34. panyanane mungsuh kang umijil | nora nana mariyêm ginawa | mila anunjang sarênge | têngara awor kukuk | nêmpuh ngrukêt ngilês turanggi | dragundêr wus lumajar | gubêt marang pungkur | prajurit katêtêl piyak | mariyême sinulêd datan ngêgopi | lawan tiktak tan kêndhat ||

35. mriyêm papat êbume kêkalih | wolu tiktak tan kêna tinêrak | kang ngalingi baris akèh | muni ngalor angidul | ngetan ngulon tan angêndhati | mungsuh kathah kabranan | rusak jisimipun | myang turôngga akèh sêmpal | dadya ngisis nora tadhah nêmah têbih | miris angrêp kèh rusak ||

36. prang sadina maju mundur sami | nora owah gêlare mangkana | nora kaconggah mungsuhe | mundur kasaput dalu | undurira bala Kumpêni | siji tan ana kêna | sadaya rahayu | amung sêtabêl satunggal | kêna mimis pundhake nora ngêmasi | alara lagi nora ||

37. dadya lami pangeran ngèndêli | unduripun dhatêng tanah Pajang | anèng ing Lusah barise | amung para tumênggung | kinèn gubêd tanah Matawis | datan bêtah dèn larag |

--- 28 ---

Kumpêni amukul | tan bisa lèrèn sadina | nulya mundur dhatêng tanah Pajang sami | Pangeran Purubaya ||

38. nèng Parêguk dènira abaris | dhusun alit sakidul Têmbayat | lan sakônca punggawane | kunêng malih cinatur | ing Pagêlèn kraman mandhiri | bisikan Damarwulan | wus kathah kang suyud | aprang lan Tumênggung Têgal | tiga pisan Tumênggung Têgal sor titih | prajurite kèh rusak ||

39. nulya wau kapitan pribadi | angawaki mukul Damarwulan | nèng Purwagônda barise | lawan sira Tumênggung | Arungbinang sami ngawaki | para Tumênggung Têgal | têngga barisipun | Kapitan Sulèmbar bêkta | dragundêre kawan dasa lan Kumpêni | Islame pitung dasa ||

40. ki tumênggung kêkapalanèki | kawan atus kathah kang tinilar | atêngga pabarisane | saking ing Selalêmbu | budhalira ing Rêbo enjing | wuwusên Damarwulan | budhal lampahipun | saking gone Purwagônda | pan kapêthuk ing Jênar baris Kumpêni | lajêng campuh ing yuda ||

41. wontên satus sabalanirèki | Damarwulan cara wong aseba | bawat kandhaga ngarsane | dene gêgamanipun | anggarêbêg ing kanan kering | tumbak irêng watara | wontên têlung puluh | rame campuhing ayuda | Kumpêni drèl Damarwulan nunjang wani | tan anggop ingêdrèlan ||

42. anyêruduk tandange ajurit | sabalane wau Damarwulan | bêdhil gumuruh surake | wus pêtêng [pê...]

--- 29 ---

[...têng] dening kukus | carup sami rukêt ing jurit | Damarwulan puruna | amatèni wau | ing Walônda yêkti kathah | ingkang pêjah mung têpiyo dèn cuthiki | pêdhang mring Damarwulan ||

43. kamigilan prajurit Kumpêni | anon prangira Ki Damarwulan | mêgat Kapitan Sulêmbèr | Kapitan Bandhêm magut | ulêt ing prang wong Bugis Bali | angamuk kamigilan | dene warnanipun | sabature Damarwulan | kadi jisim dumaluwang kabèh sami | kang mulat sami gila ||

44. Kapitane Sulêmbèr angungsi | marang gone Kyai Arungbinang | gusis saparo balane | Damarwulan bêbujung | Ki Tumênggung Rungbinang aglis | Damarwulan sinipat | kêna tênggokipun | tiba saking ing turôngga | sapatine Damarwulan sawadyèki | angamuk katadhahan ||

45. tumpês kabèh wonge Damarsasi | datan wontên kang urip satunggal | wau Kapitan Sulêmbèr | sawusnya dêdêg dulu | ing jisime Ki Damarsasi | budhal sapraptanira | baris Watulêmbu | antawis ing pitung dina | wontên duta saking Kop Sakèbêr nênggih | kang baris ing Ngayogya ||

46. lan Pêpatih Buminata nênggih | bêkta baris Kumpêni urunan | ingkang saking Matarame | prapta ing Watulêmbu | suratira mayor kêkalih | tinampan ing Kapitan | Sulêmbèr dinulu | mayor kalih pêparentah | yèn Kapitan Sulêmbèr kinèn anggitik | kang madêg gunung Lana ||[4]

47. Ki Mas Anggèr madêg narapati | akêkojor [a...]

--- 30 ---

[...kêkojor] anèng gunung Lanang | sigra Kapitan Sulêmbèr | têngara wus sarêmbug | lawan ingkang sudara nênggih | Tumênggung Arungbinang | budhal tri gumrudug | Tumênggung Têgal binêkta | sênapane sèwu kang tumênggung katri | kalih atus panumpak ||

48. Arungbinang prajurit turanggi | sangang atus wau kang binêkta | pitung puluh dragundêre | Kumpêni Islam satus | budhalira sagung prajurit | urunan ing Mataram | dragundêr pangayun | kawan dasa Kumpêni Slam | wolung dasa turôngga Prajurit Jawi | gangsal atus sadaya ||

49. gêgaman kang lumampah wus prapti | gunung Lanang pan sampun kinêpang | pakuwonira Mas Anggèr | lajêng dènira campuh | rame sami sigra ngêdrèli | Mas Anggère tan obah | sawongira lungguh | Kumpêni sami narajang | kinarutug ingêdrèl awanti-wanti | mêksih dheprok kewala ||

50. lajêngipun Mas Anggère nênggih | bawat kandhaga saupacara | kêkêbut kanan keringe | sigra kyai tumênggung | ngatag aglis amarêpêki |

kang nabuh têtêg sigra | sinanjata ambruk | pêjah ngrungkêbi tabuhnya | Mas Anggère angadêg sigra binêdhil | mring Kyai Arungbinang ||

51. bêdhil balimbingan kang kinardi | kêmbang anggur mimise slawe prah | ingkang katênggêl jajane | warata badanipun | bêbanyaki lajêng ngêmasi | kang kinarya punggawa | lan samantrinipun | sami abela sadaya | tinadhahan Kumpêni sami ngêdrèli | balasah sami pêjah ||

--- 31 ---

52. Mas Anggère pinocok dhasnèki | bandhangane kabèh wus binêkta | katur marang Matarame | sarêng ing bubaripun | mring Pagêlèn marang Matawis | sirna ratu karaman | bandhangane katur | Mayor Kop Sakèbêr lawan | Jêng Pangeran Dipati Buminatèki | suka nir ing asmara ||

55. Gupêrnur Hogêndhorêp tuwin utusan ing Surakarta wontên ing Batawi

80. Asmaradana

1. wau ta ingkang winarni | baris Pagêlèn punika | ginanti Senapatine | Kapitan Sulêmbèr minggah | mayor mring Batawiyah | Litnan Postêr minggah sampun | kapitane pabarisan ||

2. Kumêndhan ing Bayalali | Kumêndhan Potêr[5] punika | sampun lami pangangkate | nanging ta tansah kasêlan | saking kathah parentah | puniku ing tibanipun | kapitan lan senapatya ||

3. Sulêmbèr marang Batawi | Kapitan Postêr wus prapta | gumantyèng Watulêmbune | kunêng malih winursita | kang maring Batawiyah | dutanira sang aprabu | sarêng lan Dêlèr Samarang ||

4. pra agung nagri Batawi | kalangkung dènira kurmat | marang dutaning sang katong | sampun sinung pamondhokan | Pintu Ancol ing kana | Gupêrnur kang sampun mantuk | Adipati Pringgalaya ||

5. amung êlêt tigang bêngi |

--- 32 ---

pinanggil ing marang jendral | Dipati Pringgalayane | lan Pangeran Pakuningrat | Radèn Pringgadiningrat | Tumênggung Banyumasipun | sarêng angiringkên sêrat ||

6. saking kutha Intên prapti | kang mêthuk talam kancana | lan payung kuning lampahe | adat kang sampun kalampah | lamun dutaning raja | mangkana ing praptanipun | sêrat katur marang jendral ||

7. winangun tinupiksaglis | wus titi gya ingurmatan | duta wus binagèkake | nulya tinundhung pondhoka | benjang sadina êngkas | pêpanggihan lan gurnadur | bubar kang tamu sadaya ||

8. para radpêni ing wuri | ngraos ungêle kang sêrat | ing raos wontên gawate | binuka malih kang sêrat | ingkang mawi pangrasa | satêlase prakarèku | wontên kang gendhol ing wuntat ||

9. jawine rêkke gonèki | lawan malihipun eyang | kula matur kang sayêktos | lampahe duta kawula | Dipati Pringgalaya | sakancane botên amung | inggih anglayat kewala ||

10. jendral kang tilar donyèki | emup kang prapta ing ajal | mugi wontêna karsane | iya kang jumênêng mangkya | Jakup Musêl punika | amriha ing sèrègipun | ênggène amatah-matah ||

11. kaharjaning bumi-bumi | têngahan kang luwih awrat | kang sampun dèn lairake | têtela wus linampahan | ing sudara punika | Dêlèr Yan Baron Hondorup | kang botên sagêd wêkasan ||

12. nênggih Karaton [Karato...]

--- 33 ---

[...n] Matawis | awit undhaking pangwasa | saking Kumpêni aube | eyang buyut inggih mêngsah | lawan kang kaponakan | tuwin eyang sunan prabu | inggih mungsuh sami kadang ||

13. nanging sami nigang warsi | pundhat têrang sirna ing prang | ing rèh kang among panggawe | Kumpêni kang kinawasa | cêkak landhung ing ngarsa | ing mangke langkung sawindu | akarya owahing sipat ||

14. Paman Arya Mangkubumi | lamine dènnya mangun prang | murwèng ngalaga laminè | mêningi ibu lan rama | inggih ing pitung warsa | jênêng kawula mangkyèku | wus kalih taun lumampah ||

15. langkung inggih mugi-mugi | ing purwa madya wasana | prapta ing kapuwarane | mung èngêt kalawan nêdya | mangsuli kapênêdan | ing rèh anut amiturut | jêng eyang sakarsa-karsa ||

16. nanging mèh datan kawawi | amung eyang sapunika | inggih nuntên asèrège | mulyanè bumi têngahan | mangkya awêwah-wêwah | kang sangsaya kuwuripun | kang botên kenging dinuga ||

17. dêlèr sampun anglampahi | ngantêp prakosa pratawa | linangkungakên wawrate | pintên-pintên jinis sabrang | kang praptèng tanah Jawa | aprang kadya rèh gumuruh | karya eram kang pêpêjah ||

18. Paman Arya Mangkubumi | inggih ing sakêdhap kontal | kesah saking panggonane | botên kongsi pitung dina | wangsul malih prakosa | tan wontên wusananipun | mila ing mangke sumôngga ||

19. inggih kênia pinikir | saking pun dêlèr kewala | sampun [sa...]

--- 34 ---

[...mpun] wêkasane mangke | èstu lamun wêwah-wêwah | kasusahaning jagad | tan kenging tinulak abur | rênyuh mumur tanah Jawa ||

20. mandhêg dagangan Kumpêni | yèn raja botên raharja | wus titi tamat mangsane | bubar jendral pêparentah | padha pêpikirana | ana gêdhonge dhirèktur | Si Hondorop dèn undanga ||

21. padha tutuhên sakêdhik | tiwase ngrêksa nagara | kongsi mangkene dadine | jendral tutup pintunira | sagung radpênindia | mring gone Petrus Albèrtus | Èr Dhirèktur pan dêr Para ||

22. prapta glar para radpêni | lajêng animbali sigra | Dêlèr Samarang Hondorop | prapta lajêng mêmakanan | sawusnya mêmakanan | aglar nyênyamikanipun | ngiras sami pêpikiran ||

23. Hondorop tinutuh sami | kurang awas ing pratingkah | mucicil Dêlèr Hondorop | tan purun kinarya tiwas | kula wong cilik darma | karsane Jendral pan emuk[6] | sintên purun malangana ||

24. ngrucat Pangran Mangkubumi | dèn longi kang gêgadhuhan | mangke makètên dadine | para idlèr pikirira | undur tinari samya | sèngga karsane gurnadur | sapisan kas tinêmênan ||

25. ambuwang reyal sakêthi | tuku wong Nusakambangan | antuk rong èwu pasthine | lan Kumpêni kinêrigan | kantor Selong lan Êkap | nyandhak Malaka puniku | miwah kantor tanah Jawa ||

26. kinêrig aja na kari | Kumpêni putih gênêpa | iya têlung èwu bae |

--- 35 ---

wong Baline kalih nambang | Bugis Ambon Sambawa | lan Makasar têlung èwu | kapriye yèn mangkonoa ||

27. pinukulkên Mangkubumi | apa nora bisa bebas | sumaur Dêlèr Hondorop | inggih botên sagêd bebas | upami makatêna | dèrèng campuh sêlak rusuh | karusakan dening pangan ||

28. kang angingu bêras pari | tumut Mangkubumi samya | lan wong Jawa graitane | lali têmên Si Walônda | mungsuh trah Pakubwanan | sêdyane kudu alêbur | aja tanggung babar pisan ||

29. kang wus dadi rewang sami | ambyuh kabèh tumut mêngsah | lan sadina rong dinane | punapa ingkang pinangan | arusuh padha rowang | tan kobêr tarung lan mungsuh | padha lêbur rêbut pangan ||

30. akale Amangkubumi | upama kabotan mêngsah | nuli mêpêti pangane | bêras pari ingundhangan | tan kêna dol ing mêngsah | nuli satompo nêm suku | ênggoning barising mêngsah ||

31. barisane Mangkubumi | wong nêmpur bêras mung suwang | pêsthi olèh têlung tompo | wong akèh tan bisa mangan | Mangkubumi mungsuhnya | lawan malih adatipun | kang anglurug yèn kakèhan ||

32. nulya sinambêr gêgêring | gêring esuk sore pêjah | gring sore mati esuke | nguculkên ngon-ingonira | bala tan katingalan | mênèk padha nyokot dhêngkul | gumriwis abêbarisan ||

33. gumujêng para radpêni | môngsa iya mangkonoa | gorohmu [goroh...]

--- 36 ---

[...mu] bae Hondorop | Hondorop apucicilan | kula sampun waspada | inggih lair batinipun | kula kawruhi sadaya ||

34. yèn mangkono ora kêni | lingnya pra radpênindia | Mangkubumi panggawene | rinêkutuk ing ayuda | ing prang rinoban mêngsah | ngupaya manèh kang patut | pikir aja tibèng rusak ||

35. Hondorop umatur malih | mila Dêmang Côndrajaya | lan Dêmang Imajayane | lumayu satêngahing prang | tan bêtah kurang pangan | pêndhak dina aprang tumut | angêdhangkrang pinayungan ||

36. sinabinan nyatus sami | dadi dêmang kapala prang | têlung atus rèrèhane | para radpêni têtanya | Imajayèku apa | kalawan Côndrajayèku | Sareyan Kumpêni Usar ||

37. Sareyan Palêk satunggil | kalawan Sareyan Lukas | Sareyan Usar kalihe | lumajêng satêngahing prang | nyandêrakên turôngga | cêluk-cêluk aku têluk | marang Raja Kabanaran ||

38. linajêngakên tumuli | katur mring Sunan Banaran | Mangkubumi pan ing mangke | kadhaton ing Kabanaran | Sareyan Usar nulya | padha sadina jinunjung | Dêmang Gêdhe Kapala prang ||

39. nuli pêndhak enjing malih | mêtu prang dadi pangarsa | sarta salin busanane | awake dinèblêg êmas | brangangang pinayungan | ingkang angiring gumrudug | lah ta punika pratingkah ||

40. wêwatêke Mangkubumi | para dêlèr kalih wêlas | agoyang kapala kabèh |

--- 37 ---

iku abote sinôngga | Mangkubumi ing aprang | pracaya marang Hyang Agung | santosa kaya Walônda ||

41. nora nganggo sônggarunggi | Walônda têluk sadina | banjur dadi dêmang gêdhe | pinarcaya ngadu ing prang | maring prajuritira | nora dadi pikir iku | markutuk ngêrobi ing prang ||

42. mung pinaro iku dadi | pasihe nagara Jawa | kudu ana ratu loro | mung iku pikir kang layak | nanging Hondorop sira | tan kêna selak katêmpuh | agambuh ing tanah Jawa ||

56. Gupêrnur Hogêndhorêp kalurugakên dhatêng Bantên

81. Gambuh

1. hèh Hondorop sirèku | iya ing mêngko sanadyan besuk | pasthi sira mikir sarta angawaki | ing kene maratuwaku | lagi susah nêmu ewoh ||

2. si Bantên murwèng pupuh | padha bangsane arêbut lungguh | pira-pira binanton bala Kumpêni | rame prange akèh lampus | iya Kumpêni bêbanton ||

3. Hondorop aturipun | marang Dhirèktur Petrus Albèrtus | kula tuwan sampun dinosan sayêkti | lêbure ing Jawa kuwur | tanpa wêkas ing palugon ||

4. kula darma satuhu | môngsa boronga wong agung-agung | inggih dosa ingkang kawula karya [kar...]

--- 38 ---

[...ya] wit | sayêkti Jendral pan emuk[7] | kang karya ngrêbdaning mungsoh ||

5. lamun kawula sampun | bok cilakaa ing tiwasipun | tanah Jawa kula botên anglèpèti | nênggih ing Bantên puniku | amukul kula kang sagoh ||

6. nênggih ing tigang dalu | kula mung bêkta wong têlung puluh | gih dragundêr kang saking nagri Samawis | mung kawula nêdha wuwuh | dragundêr sèkêt kemawon ||

7. yèn botên pêcahipun | saking kawula ing tigang dalu | badan kula inggih dipuna jêjuwing | datan mingêra sarambut | rêmpak-rêmpu ing palugon ||

8. Dhrèktur Petrus Albèrtus | miyarsa wau ing sanggupipun | dhêlêg-dhêlêg ya kapiye sira iki | bok aja kaparèng ayun | iya Bantên iku abot ||

9. Hondorop ingkang matur | nadyan awrat ta jêr kula purun | maksih tangèh nimbangana Mangkubumi | wong siji sirahe sèwu | wong Bantên purun kemawon ||

10. Dêlèr Petrus Albèrtus | lah iya môngsa wurunga ingsun | tutur marang maratuwanira mangkin | wong kudu wani sirèku | sambatmu kudu mangkono ||

11. bubar badhe ing dalu | para radpêni ing lêbêtipun | praptèng mônsa kumpule para radpêni | inggih ing pukul sapuluh | wus aglar munggwèng ing kantor ||

12. Dêlèr Petrus Albèrtus | matur ing jendral sagunging rêmbug | lan amanggil Hondorop sampun tinanting | tan kenging yèn pinarkutuk |

--- 39 ---

pinarkuswa ing palugon ||

13. wus awrat wawratipun | yèn amrih sirna margi prang pupuh | kaping kalih cacade kang botên kenging | lamun anak putunipun | Pakubuwana Sang Katong ||

14. Kumpêni botên antuk | akarya rusak wutah rahipun | inggih lamun pinarkosa ing ajurit | wus andados gêlaripun | Mangkubumi wus kinaot ||

15. yèn rinoban prangipun | suduk sarira ing têmahipun | Mangkubumi sugih prajurit Walandi | para dêmange gêgêdhug | môngka prajurit palugon ||

16. dragundêr ingkang tundhuk | lawan Usar ingkang sami nungkul | sami piniyara lawan Mangkubumi | kathah wadya mantri agung | dadya pangirid palugon ||

17. amung pakantukipun | rukun pinalih panginggilipun | yèn wontêna inggih jalarane benjing | puniku ingkang rahayu | lan ingkang sarèh linakon ||

18. gurnadur langkung ngungun | miyarsa dêlèr ing aturipun | pratikêle solah bawane prajèki | tan kêna dinugèng kalbu | aib agawat pakewoh ||

19. lawan pun dêlèr saguh | mukul ing Bantên pan tigang dalu | amung nêdha wêwah sèkêt kang prajurit | dragundêr ingkang dèn suwun | Bali mung kapitan loro ||

20. mung waos kalih atus | sanjata dharat gih kalih atus | Jendral Jakup Musêl akèn anuruti | para radpênindia wus | kabèh bubar saking kantor ||

21. sami wangsul angumpul | marang gêdhonge Petrus Albèrtus |

--- 40 ---

dêlèr undur ingêtog budine malih | manawa na ingkang kantun | ingkang prayogi linakon ||

22. dangu pangantosipun | gupêrnur datan kêna mor ngriku | dèrèng nunggil ing pêpanthane Kumpêni | kantor Jawi jinisipun | milane amor tan amor ||

23. pisah tan pisah iku | amor tan pisah kumpul tan kumpul | yèn bicara jroning tanah Jawa pasthi | tan kêna selak katêmpuh | barang rèh yêkti tinaros ||

24. liyaning tanahipun | dudu babagan pangkate rêmbug | nora prêlu tari Gupêrnur Samawis | marma pisaha nging kumpul | nut piranti kang mirantos ||

25. wau kala tinantun | maring Dhirèktur Petrus Albèrtus | miwah nênggih tinari para radpêni | tan owah ing aturipun | saking kang sampun kawiyos ||

26. wus pinaringan sampun | prajurit sèkêt dragundêripun | kawan atus Kumpêni Islame sami | Dragundêr Batawi wau | ingajar gulêt prang rêmpon ||

27. aprang turangganipun | miwah angumpul pakantukipun | gêlar ingkang pinarjaya nora kêni | amarjaya nora luput | pisah kumpul ing paloton ||

28. ingajar kawan dalu | lajêng budhal dènira ngalurug | maring Bantên ing marga datan winarni | nagari Bantên prapta wus | lajêng tumamèng palugon ||

29. mêngsah pangrêdonipun | jawining kitha wus kathah nungkul | duk ginitik mring dêlèr undur pribadi | Santana Bantên kang tumut | sami [sa...]

--- 41 ---

[...mi] ngêntêbi kemawon ||

30. wau wus kathah lampus | Kumpêni saking Batawi mukul | datan pasah aprang lan Tubagus nênggih | Ki Tapa bêbotohipun | kang kêmat surèng palugon ||

31. anèng ing tanah Pakung | Tubagus Buwang dènnya kêkuwu | pacak baris sampun amiyarsa warti | Batawi prapta bêbantu | Twan Yan Baron pan Hondorop ||

32. aprang nèng tanah Pakung | agêlar tanah Pajang tiniru | pra turôngga anyabêt ing kanan kering | ing ngarsa miwah ing pungkur | mangkana mêngsah wus katon ||

33. Kumpêni dharat nambur | ingkang turôngga tan mawi tambur | mêngsah gèn dragundêr lan ajalan kaki | wawas-winawas lan mungsuh | lajêng campuh ing palugon ||

34. wong Bantên prange ngamuk | tumbak talêmpak lan towokipun | datan wontên kang landheyan dawa siji | dragundêr ambendrong pistul | sinarêmpêng giwar adoh ||

35. kang kari nunjang pistul | miwah ing kanan tuwin ing pungkur | yèn winalês anggiwar nolih mistuli | wong Bantên bingung kèh lampus | nêrak dharat kali Corok ||

36. wong Bali tumbakipun | anigang dhêpa doh tibanipun | tumbak Bantên nyadhêpa tan ana luwih | cathe cetho numbak luput | tinumbakan ting barêngok ||

37. pan kantun gêlaripun | yèn bêdhil numbak-anumbak luput | gêlar Pajang Matawis ingkang kinardi | wong Bantên kuwur katawur | pothar-pathir ting bacocor ||

38. tigang jam yudanipun | wong Bantên mawur malêbèng dhusun | sakarine [sa...]

--- 42 ---

[...karine] padha mèt ampungan sami | prapta mariyêm wêwolu | pinitaran saking adoh ||

39. swarane kadya guntur | mimis sêsawat anêtêr purun | kadya gêlap ambabad kêkayon sami | pang kaprapal kabarubuh | akèh nibani punang wong ||

40. wus padhang dhusun agung | katon mungsuhe akèh kang lampus | sigra mangsah idêlèr nunjang ngawaki | rikat dènnya ngikal pistul | Twan Yan Baron pan Hondorop ||

41. mungsuh binendrong pistul | sêdhih wong Bantên numbak tan antuk | pinarjaya pinistulan angluputi | Tubagus Buwang kaburu | wadyane kathah kataton ||

42. nanging kêdhik kang lampus | Sultan Tubagus Buwang malêdug | ngungsi wukir Ki Tapa bêbotohnèki | ngaturi aso nèng gunung | kang ngiring satus punang wong ||

43. wantu wus madêg ratu | anèng wukir wadyane awuwuh | nênggih satus nulya binêkta anêbih | lêlampahan tigang dalu | wuwusên Dêlèr Hondorop ||

44. nêtêpkên ratunipun | Sultan Mustapa kang madêg ratu | duk siniku pulunane murwèng jurit | wiwit prang Bantên puniku | mila binucal nèng Selong ||

45. mangkya pinanggil mantuk | ingantukakên karajanipun | besanipun Natakusuma Dipati | mratuwa Dèn Ajêng Tambur | pêpanggihan anèng Selong ||

46. wus têtêp puranipun | wadya kang sami balik duk wau | prapta malih ngantukkên karyane sami | wus pulih karatonipun | pulunan mungsuh

--- 43 ---

wus adoh ||

47. wau sira kumêndur | ambêdhah Bantên ing tigang dalu | sanggupipun marang Jendral ing Batawi | nora kongsi tigang dalu | prang saasar bae jêbol ||

48. eram kang sami dulu | maring prangipun Dêlèr Hundurup | gêlar Pajang Mataram ingkang pinardi | prang turôngga sêmprang-sêmprung | samya surak ting baraok ||

57. Sawangsulipun saking Batawi, tata-tata awit kuwatos mêngsah têmtu pêpulih

82. Dhandhanggula

1. yèn abote Pangran Mangkubumi | Si Hondorop dènira sêsambat | sayêkti dudu timbange | ing Bantên tikêl pitu | maksih abot Amangkubumi | nadyan tikêl tri dasa | malah tikêl satus | pratôndha Dêlèr Samarang | dènira prang lan Pangeran Mangkubumi | tan pundhat pitung warsa ||

2. bêdhah Bantên amung tigang latri | saguhipun wêkasan dènnya prang | satabuh asar bêdhahe | wau ta praptanipun | dêlèr undur anèng Batawi | pukul wolu sadaya | para dêlèr mêthuk | kalangkung sinungga-sungga | marang para radpênindia kinêmpit | wênèhana angudang ||

3. dadya Mintaraga duk ajurit | mêntas bêdhah nagri Imantaka | Prabu Niwata patine |

--- 44 ---

ngandikan Sang Hyang Guru | para dewa amêthuk sami | mangkana isthanira | wau dêlèr undur | kalangkung sinungga-sungga | praptanira gêdhonge idêlèr nênggih | Dhirèktur pan dêr Parah ||

4. para dêlèr kalih wêlas sami | pangrubunge ana kang ngêngudang | akathah solah bawane | dènnya suka kalangkung | dêlèr undur ngêntasi kardi | prang Bantên mung sadina | sirna mungsuhipun | prang anèng Pajang Mataram | wus wêwindon mungsuhe mundhak andadi | sabên dèn lurugana ||

5. nora kêna apês ing ajurit | sabên dèn lurugi mundhak mêlar | wuwuh jêmbar jajahane | têtela abotipun | Pangran Arya Amangkubumi | mangkana kang rinêmbag | kang sawiji amung | badhami maro nagara | angupaya jalaran ingkang prayogi | dene yèn durung kêna ||

6. tinimbangan sasolah ajurit | ing pratingkah sukur yèn kênaa | ing sajrone aprang rame | wau ta kang winuwus | dutanira Sri Narapati | Dipati Pringgalaya | wus sinung sul-angsul | miwah pakintun akathah | duta kapat kalima Dêlèr Samawis | sarêng dènira mancal ||

7. tan kawarna ing laut praptaglis | nagri Têgal dêlèr muwus marang | Dipati Pringgalayane | kinèn nimbali wau | bupati kang anêngga baris | Tumênggung Arungbinang | lan Mangkuyudèku | enggal praptaa Samarang | Adipati Pringgalaya sigra nuding | Mantri Ngabèi Pandhak ||

8. animbali mring tumênggung kalih | tigang dalu dêlèr anèng Têgal | budhal marang [ma...]

--- 45 ---

[...rang] Samarange | dêlèr sapraptanipun | nèng Samarang Radèn Dipati | mondhok ing Pakêbonan | lagya tigang dalu | tumênggung kêkalih prapta | Arungbinang miwah Ki Mangkuyudèki | nèng pakuwon wus prapta ||

9. lawan Dipati Pringgalayèki | lajêng binêkta mring loji samya | wus panggih lawan idêlèr | atêtabeyan sampun | sawusira atata linggih | dêlèr mring Arungbinang | ing pitakonipun | pambalike Cakrajaya | wus tinutur purwa madya wasanèki | dêlèr goyang kapala ||

10. lan atakèn panggènane sami | para pangeran gêdhuging aprang | mungsuh sadaya dêlinge | Mangkuyuda turipun | Sunanipun nèng Sukawati | agung dènnya dêduka | mring punggawanipun | tiwas abêre ngayuda | Pangran Mangkunagara dipun dukani | samya abêr ing aprang ||

11. yèn sampun bakda Siyam puniki | badhenipun angawaki ing prang | wikana benjing karsane | inggih ta kang tinêmpuh | kilap Kêdhu kilap Matawis | tanapi Pagêlène | inggih badhenipun | sawêg agêgabah wadya | prajurite Suranatan dèn wuwuhi | sami dinulang mangap ||

12. mêmilihi wong sapuluh siji | ingkang kinarya wong Suranata | idêlèr lon parentahe | sudara pra tumênggung | dipun sami angati-ati | Mangkubumi yèn aprang | abot sangganipun | sintên kêlar nadhahana | tinadhahan ing Kumpêni pothar-pathir | Jawa malih bangkata ||

13. yèn [yè...]

--- 46 ---

[...n] makatên sami dika mulih | lajêng sami mênêdana jagang | bok sayêktos pawartine | kula bêktani nêlu | gih mariyêm dika usungi | amung gotong nyakawan | sudara Tumênggung | Arungbinang wus lêlima | dadi wolu Pagêlèn mariyêmnèki | ing Kêdhu mung lêlima ||

14. lawan dika bêkta obat mimis | dipun kathah sampun kêkirangan | samya nginggihi ature | Radèn Pringgalayèku | sakancane para dipati | Tumênggung ing Banyumas | nèng Têgal angidul | lajêng marang barisira | ingkang mantuk marang ing Surakartèki | katri Sang Adipatya ||

15. Pringgalaya binêkta Kumpêni | pitung dasa ngatêr lampahira | dina Salasa budhale | Sawal kaping sapuluh | sêsarêngan budhale sami | Tumênggung Arungbinang | lan Mangkuyudèku | ing marga tan winursita | Mangkuyuda ing Ungaran pisahnèki | lawan Dyan Pringgalaya ||

16. Arungbinang wangsul miyos Têgil | lampahira pan sapuluh dina | praptanira ing Pagêlèn | rong bêngi nèng Winangun | lajêng ngetan sadalu margi | enjing prapta barisan | baris Selalêmbu | panggih lan Postêr Kapitan | têtabeyan aras-ingaras agênti | dènira rêrangkulan ||

17. sinungakên suratira aglis | ingkang saking Dêlèr ing Samarang | tinampèn tinupiksa ge | Kapitan Postêr muwus | hèh sudara surat puniki | gêgêdhene kang mêngsah | siyaga wadyagung | pan arsa angkat-angkatan | iya êmbuh besuk [besu...]

--- 47 ---

[...k] ingkang dèn parani | padha ngati-atia ||

18. tan alami dhusthanira prapti | kang ingutus amor lawan mêngsah | Pangeran Purubayane | têtiga kathahipun | sêmbèn magang tindakirèki | sakarsa tinuwukan | marang ki tumênggung | tan pisah lawan Pangeran | Purubaya nèng Prêguk pakuwonèki | sakiduling Têmbayat ||

19. yèn Pangeran Mangkunagarèki | angundhangi karya pasanggrahan | ingkang rama saosane | badhenipun mèh rawuh | apan arsa gitik Matawis | yèn nungkul ing ayuda | lajêng lampahipun | Susunan ing Kabanaran | badhe mukul Pagêlèn dèn sarirani | amrih rêrêmpon ing prang ||

20. duta lajêng binêkta mring loji | sawartane katur ing kapitan | pra samya gugup kalihe | kapitan lan tumênggung | parêng mangkat wong agung kalih | marang dhusun Ungaran | ing sapraptanipun | nyêngkal badhe lojinira | para mantri kinèn angirid wadyalit | nambut loji Ungaran ||

21. langkung kathah wadya nambut kardi | pêpojoke kinarya têtiga | anurut kali prênahe | kang lor wetan gènipun | kidul wetan lor kulon malih | lèpène jro ajêmbar | watu kèh makewuh | kang kidul bênêr punika | lêlarène kang kulon kang dèn bêciki | larèn jêro ajêmbar ||

22. jroning larèn pêpinggire sami | sinung batre Baluwarti jagang | kinapurancang inggile | panggonan [panggona...]

--- 48 ---

[...n] mriyêmipun | pojok tiga mriyêm nyatunggil | rontakane nyakawan | dene ingkang kidul | lan kilèn mriyêmnya gangsal | rontakane wolulas papan prayogi | langkung pakèwêdira ||

23. kilèn loji gèning baris Jawi | wetan loji panggenaning kapal | langkung santosa papane | pinajêg sikêp sèwu | sadinane kang nambut kardi | kang angrèhkên Walônda | pan kêstabêlipun | wolulikur kalih kopral | sangalikur kalawan Litnan Bumindir | rumat loji santosa ||

58. Lêlampahan ing Kêdhu ingkang Nyandèkakên Sultan Kabanaran Botên Saèstu Tindak dhatêng Mataram

24. panèwu katri kang anênggani | pandamêlan ing loji Ungaran | lawan sakônca mantrine | kapitan lan tumênggung | budhal sami angetan malih | marang ing pabarisan | praptèng Watulêmbu | ing Kêdhu kang kawuwusa | pra dipati saking Kabanaran sami | Pangran Adiwijaya ||

25. sakancane kang para dipati | Radèn Dipati Suryanagara | Tumênggung Môndarakane | Tumênggung Singaranu | Jagalatan Widigdayèki | sami gubêd sadaya | datan purun mantuk | ajrih bilih pinêjahan | dèrèng wontên parentah atilar maring | tanah Kêdhu punika ||

--- 49 ---

26. kasor ing prang sami ngungsi wukir | Pangran Adiwijaya kalawan | Tumênggung Mangkuprajane | gène gunung Pêrahu | Radèn Suryanagara malih | Tumênggung Wiradigda | ing panggenanipun | wontên ing wukir Sundara | Singaranu Môndraka nèng gunung Sumbing | lawan Jagaulatan ||

27. Radèn Mangkupraja tyasnya silib | sèdhèng sungkême mring Kabanaran | julalatan pratikêle | asring putusanipun | mring Samarang akirim tulis | Pangran Adiwijaya | wontên kang umatur | dadya tyasira Pangeran | Mutawatir utusan amundhut pikir | marang Suryanagara ||

28. cara pandung kang dinuta sami | lampah dalu mring gunung Sundara | Suryanagara ature | dipun rèrèh rumuhun | ngupayaa kang nyina bukti | yèn sampun angsal nyina | wruh ing dutanipun | utawi srate kênia | lamun sampun bandara kula aturi | têdhak ing tanah Pajang ||

29. pêpanggiha kang rayi pribadi | Natèng Kabanaran nèng Têmpuran | amung punika ature | rêmpêg lan pra tumênggung | Pangran Adiwijaya mangkin | wus padhang ing tyasira | sagung wadyanipun | kang pênêd-pênêd dinuta | lampah namur sami anjagani margi | margi dhatêng Samarang ||

30. yata ingkang kawuwusa malih | Pangran Dipati Mangkunagara | nèng Kêdhu Jambal barise | dene saosanipun | pasanggrahanira narpati | dhusun salèring Balak | Sêmampir ranipun | pra dipati pakumpulan | sri bupati karsane gitik Matawis |

--- 50 ---

prang ngantêp gêgêmpuran ||

31. sampun bidhal saking Sukawati | tanggal pitulas ing sasi Sawal | gumuruh wadya balane | sinêrod lampahipun | mung sadalu wontên ing margi | kang mêthuk tundha-tundha | ing sarawuhipun | urmat sing siyu barisnya | ngajêng kapal kang baris dharat anênggih | kang cêlak pasanggrahan ||

32. praptanira wau sri bupati | urmat mariyêm drèle gumêrah | kadya guntur sabawane | gora rèh kadi kêtug | pracalita rug-rug kairing | wus manjing pasanggrahan | wau sang aprabu | kang wadya apêpondhokan | pra santana putra sami angabêkti | myang punggawa sadaya ||

33. tan adangu bubar kang siniwi | sri narendra manjing pasanggrahan | kunêng ing wanci enjinge | pra santana akumpul | para putra para dipati | pra samya asewaka | para mantri kumpul | Sri Bupati Kabanaran | enjing miyos pinarêk pasowan jawi | aglar kang pra dipatya ||

34. gya ingawe sagung kang sumiwi | sarêng nêmbah umajêng sadaya | Pangran Mangkunagarane | angirid munggèng ngayun | wontên kalih wêlas bupati | putra katri santana | kang kêkalihipun | Pangran Arya Purubaya | lawan sira Pangran Mangkukusumèki | munggèng kering gènira ||

35. sri narendra mulat pra dipati | jajanira lir wora-wari bang | ing aprang katon tiwase | sumuk muka marêngu | nging sinamun wacana manis | kulup Mangkunagara | yèn ingsun andulu | kancanira pra dipatya | bêcik-bêcik dadya sun lingsêm [ling...]

--- 51 ---

[...sêm] ing batin | dene nagri Mataram ||

36. kongsi lawas kanggonan Kumpêni | jamak-jamak mungguh katandhinga | maksih ngêrobi tandhinge | maksih ngapit anêlu | têka nora bisa anggitik | pira kèhe Walônda | nèng Mataram iku | lawan bupatine pira | wong pasisir sayêkti akèh sirèki | lan bêcik-bêcik sira ||

37. apa kulup kang asanggup wani | ngarêpira yèn ana ing papan | nora tinêmu sanggupe | pangeran aturipun | inggih botên wontên pinanggih | bupati garundêlan | pra samya tumungkul | yèn senapati ngamuka | pra dipati karia pantês jinuwing | jêr anut senapatya ||

38. senapati lèrès ing ajurit | yèn wania ngamuk iya môngsa | gêlêm kari bupatine | sang nata duk andulu | pra dipati ulate maksih | bingar tan ana pucat | dêduka kaduwung | kaduga yèn pra dipatya | jêrih wani pasthi anut senapati | runtik suwara lêjar ||

39. angandika wau sri bupati | iya kulup yèn ingsun umangsah | bupati sun gawa kabèh | sun dokok ngarsaningsun | yèn nolèha ingsun tumbaki | pra dipati miyarsa | umatur gumuruh | inggih sandika sang nata | yèn mingkêda atilar paduka aji | suka dèn jêjuwinga ||

40. ya ta mèsêm wau sri bupati | iya besuk ing Salasa ngarsa | sun gitike mungsuh kuwe | sagung kang pra tumênggung | sapa mingkêd iya sanyari | pan sira ingsun tumbak | yèku [yè...]

--- 52 ---

[...ku] ukumingsun | matur kang para dipatya | gih sandika anggagrag kang pra dipati | wus sah prajanjènira ||

41. kunêng ingkang kawuwusa malih | ing Kêdhu Pangran Adiwijaya | wus antuk tôndha yêktine | Radèn Mangkuprajèku | kapêranggul dutanirèki | kang saking ing Samarang | ngaturakên lêmbu | têtela sèdhèng kindaknya | dadya Pangran Adiwijaya gumingsir | ngetan mring tanah Pajang ||

42. karsanira dhatêng Sukawati | sowan kang rayi sri naranata | sapraptanira ing Ngampèl | miyarsa yèn sang prabu | budhal saking ing Sukawati | arsa gêcak Mataram | bodhole angidul | wus prapta wetan

Masaran | masanggrahan wontên dhusun ing Sumampir | lagya amêpak bala ||

43. Pangran Adiwijaya wus prapti | ing barise bupati pangarsa | Tumênggung Wiranatane | ing ngriku kèndêlipun | Ki Tumênggung Wiranata glis | budhal atur uninga | langkung dènnya gugup | mung kêkapalan sadasa | sapraptane wau baris ing Sumampir | jujug wuri pangeran ||

44. pangran kagyat anolih nakoni | ana paran sira Wiranata | dene ta sigra lakune | Wiranata umatur | inggih gusti atur udani | yèn rama jêngandika | wau rawuhipun | Pangeran Adiwijaya | saking Kêdhu balane kantun sakêdhik | mung kuda tigang dasa ||

45. Pangran Mangkunagara wotsari | ngaturakên turing Wiranata | sang nata ngandika age | marang Wiranatèku |

--- 53 ---

iya aturana dèn aglis | sira Kudanawarsa | mapaga dèn gupuh | mring Kangmas Adiwijaya | Ki Tumênggung Kudanawarsa nulyaglis | nêmbah lajêng umêsat ||

46. tan adangu sawadyanirèki | panggih pangeran wus ingaturan | alajênga ing lampahe | ingantosan ri prabu | sigra datan kawarnèng margi | prapta ing pasanggrahan | nira sang aprabu | sigra têdhak sri narendra | palataran sangajênge tarup nênggih | tundhuk arêrangkulan ||

47. gya kinanthi binêkta alinggih | nata ngandika marang kang raka | kang êmas paran milane | ing lampah kadi gugup | ingkang raka alon turnèki | kula ngaturkên tiwas | dhatêng sang aprabu | mênggah ing lampah kawula | wontên Kêdhu kabêlik kacêpit-cêpit | datan sagêd amênthar ||

48. kônca kula sagung pra dipati | datan wontên sagêd asingidan | mila sami nêbih kabèh | mila ngungsi ing gunung | Adipati Suryanagari | ngungsi wukir Sundara | lawan kanthinipun | Tumênggung Wiradigdaya | Singaranu Môndraka ing gunung Sumbing | lawan Jagaulatan ||

49. kula wukir Baita ing nginggil | kanthi lawan Kakang Mangkupraja | punika inggih milane | kula sowan sang prabu | pan pun Kakang Mangkuprajèki | ing sungkême wus giwang | dhatêng ing sang prabu | utusan dhatêng Sêmarang | utusane rêmbage pun adipati | gih pun Suryanagara ||

50. kula kinèn inggih mirantèni | yèn wus angsal nyina lan nyumana | ingaturan seba dhewe | mring dika sang aprabu |

--- 54 ---

kalampahan mangke kacêlik | dutane mring Sêmarang | kêni suratipun | inggih punika katura | gya tinampan tinupiksa wus kagalih | anglênggêr sri narendra ||

51. jajanira kadya wora-wari | sumung-sumung muka bang ngatirah | mangada-ada idêpe | kumêdhut lathinipun | karna sulaka gya binanting | sarira sumarambah | rahira mangraup | gênjot walikate kiwa | kumarara astanira gumariming | pratôndha sangêt duka ||

52. kang sumiwi sadaya samya jrih | mulat krodhanira naradipa | dangu sinamar netyane | pangandikanira sru | kulup Mangkunagara mami | wurung gitik Mataram | anglêboni Kêdhu | kadya ge ingsun mulata | ing rupane wong lambene robat-rabit | atine ting sarêmpal ||

53. sira bae gitika Matawis | karo adhinira ki dipatya | lan punggawa katêlune | Jayaningrat puniku | Janagara Janapurèki | gunung Kidul mêtua | nglêboni Matarum | hèh kulup Mangkunagara | ya bok aja sirèku ngisin-isini | wêdi maring Si Sungrat ||

54. kang abaris Parambanan iki | patang puluh Kumpênine Sungrat | satus Kumpêni Islame | pangeran nêmbah matur | sarwi ngakak aturirèki | pukulun gih sandika | pan Walandinipun | kaparat bêdhile kathah | botên kenging kinaroyok ing ajurit | mimisipun akêras ||

55. kang sun gawa mung bupati kalih | iya pamanmu bae si rôngga |

--- 55 ---

lawan Si Jayadirjane | kabèh karia iku | pra dipati ing Pajang sami | iridên ing ayuda | anggêcak Matarum | Kakangmas Adiwijaya | lawan pamanira Ki Purubayèki | lawan Mangkukusuma ||

56. lamun ana pitulunging Widi | bêdhah Kêdhu banjur lampah ingwang | kulup sun bêdhah Pagêlèn | dhatêng prajangjinipun | sri narendra ngandika malih | kulup kalalèn ingwang | siji punggawèku | Si Brajamusthi sun gawa | sakarine dèn rikat angadu jurit | kang putra matur nêmbah ||

57. kunêng dalu kawuwusa enjing | atêngara sarêng dènnya budhal | gumuruh wadya balane | ngalèr ngilèn sang prabu | anjog kuwêl sri narapati | sadalu masanggrahan | kang angilèn wau | Pangeran Mangkunagara | kilèn Wêdhi angidul anjog ing wukir | ngilèn manjing Mataram ||

58. baris Parambanan dèn langkungi | saha bala wus prapta Mataram | kang tinilar punggawane | Suramangunjayèku | lawan Suradigdaya sami | ngajêngkên Parambanan | têtindhih kang kantun | atêngga ing tanah Pajang | Pangran Mangkudiningrat lan pra dipati | wêwolu kanthinira ||

59. pan Pangeran Mangkunagarèki | mung Bupati Mataram kewala | lan ingkang rayi kalihe | Dipati Anomipun | sami ngubêg nagri Matawis | mubêng prang jêjèmblungan | angalèr angidul | ing sabên dina ayuda | kunêng gantya wuwusên sri narapati | saking ing kuwêl budhal ||

60. ngalèr ngilèn sadintên lumaris | prapta kèndêl dhusun Samarangan |

--- 56 ---

ing Kêbatan lor bênêre | sadalu budhal esuk | praptèng kali Gandhu Sang Aji | wong Tingkir kagègèran | angili lumayu | ngungsi loji Salatiga | kumêndhane putusan dhatêng Samawis | yèn Rajèng Kabanaran ||

61. andhatêngi wontên kidul Tingkir | saha bala kilap ingkang karsa | sigra parentah bantune | loji sapalihipun | binantonan ngalih Kumpêni | Ungaran Salatiga | wau Sang Aprabu | Kabanaran mung sadina | lan sawêngi kali Gandhu budhal enjing | mingsêr sawetan Jêthak ||

62. pagunêman santana bupati | lan manawa Kumpêni Ungaran | Salatiga kèh bantune | bilih nêdya anusul | aja kongsi adoh lumaris | milane ingantosan | wau barisipun | nèng Jêthak majêng mangetan | kang rinêmbag puwaranirèng ajurit | angungkurakên mêngsah ||

83. Pangkur

1. wau ta pragalbanira | Ki Tumênggung Arungbinang mêkathik | ing Pangran Purubayèku | lingsènira amagang | sajatine Arungbinang kang anuduh | amrih aja lêlawora | sarekane mungsuhnèki ||

2. sinôngga luwih linôpa | amrih aja kongsi sèdhèng tyasnèki | rinêksa nak rabinipun | sêlawe amêrdika | tur pêndhême mung puniku karyanipun | sawah satus wong sakawan | pra samya anandhang jangji ||

3. gêlar sandi jalasutra | wong sakawan bagi bubuhan sami | pun Wiranala umatur | Pangeran Purubaya | gusti nuwun kawula amit karuhun |

--- 57 ---

mantuk mring Pagêlèn arsa | amrênahkên anak rabi ||

4. pun bojo bilih kapiran | yèn wus prênah kawula wangsul gusti | raka paduka sang prabu | lajêng Pagêlèn benjang | môngsa kobêr kula dhèrèk ing pukulun | malang tumolih ing rayat | raka tuwan sri bupati ||

5. wadya akadya samodra | môngsa kêni sêsambat tiyang alit | pangeran andikanipun | ya bênêr Wiranala | lan warahên kabèh sêsanak-sanakmu | lamun iya lakuningwang | lawan Kangjêng Kakang Aji ||

6. tan wurung banjur marana | Wiranala nêmbah anuwun pamit | numpal kèli lampahipun | pisah anèng ing Jêthak | kilèn Tingkir Wiranala lampahipun | ing Pagêlèn sampun prapta | Selalêmbu gènnya baris ||

7. wus panggih lan kang anduta | Arungbinang lajêng binêktèng loji | tinanggap saaturipun | marang Postêr Kapitan | nora siwah lan suratira gupêrnur | kapitan apêparentah | ngusungi mariyêm sami ||

8. binêkta dhatêng Ungaran | kinèn lajêng mrênahkên Baluwarti | mariyêmipun wêwolu | rontaka salawe prah | darebase sadaya pan têlung puluh | Ki Tumênggung Arungbinang | ngundhangi kancane sami ||

9. samya ngêrig baturira | ingkang dharat miwah ingkang turanggi | nyingkirkên rêrepotipun | dhatêng nagri Toyamas | wus agili kang ngili adoh rumuhun | mêngsah agêng badhe prapta | balane kadi jaladri ||

10. Susunan ing Kabanaran | sumbagèng

--- 58 ---

rat prakosa surèng jurit | gêlaring prang soroh amuk | anyinga karti lodra | sudibya ring munahkên byuhaning mungsuh | kêkês kang sami miyarsa | kang badhe pinaran wingwrin ||

11. kunêng malih kang winarna | sri narendra nèng Jêthak tigang ratri | enjing budhal marang gunung | ing Lètèr masanggrahan | pirêmbagan santana para tumênggung | nari kang dadya pangarsa | santana ingkang tinari ||

12. amopo dadya pangarsa | nulya nari marang mas rôngga nênggih | kalawan Jayadirjèku | kalih matur sandika | enjing budhal punggawa kalih panganjur | dhomas prajurit turôngga | sami tan purun ing isin ||

13. baris Kumpêni Cacaban | ing Magêlang sampun miyarsa warti | akumpul badhe amukul | ya mung panyananira | Pangran Diwijaya prapta gawa bantu | kang rayi kalih binêkta | Pangeran Purubayèki ||

14. Pangeran Mangkukusuma | mila purun Kumpêni andhatêngi | lawan tumênggung têtêlu | Tumênggung Mangkuyuda | Natayuda kalawan Wiradigdèku | sèkêt dragundêr binêkta | kalih atus Bugis Bali ||

15. Kumpêni putih kang nunggal | Bugis Bali sèkêt kang jalan kaki | kapaliwat lampahipun | sawab sri naranata | lampah namur namung kuda tigang atus | amindha pangawat mêngsah | baris kathah kang nindhihi ||

16. Pangeran Adiwijaya | lan kang rayi kalih kang sami nunggil | lawan sami songsongipun | kuning katiga pisan | sri bupati tan mawi songsong dèn ingkup | mila sami katambêtan |

--- 59 ---

ênggène sri narapati ||

17. baris agêng sampun prapta | Têgal Wungu dene wau sang aji | lèpèn Udhèt kèndêlipun | wontên têngah lêlêbak | wadya kinèn sami ngambil toya wulu | dene mungsuh sampun cêlak | wukir bêbêk tata baris ||

18. aningali ingkang wetan | baris samya nanging maksih atêbih | Kumpêni pangrasanipun | wetan ika kang mêngsah | wau rôngga lan Jayadirja kapungkur | rôngga sowan ing sang nata | barise tinilar têbih ||

19. sri naranata ngandika | mungsuh iku tuntunên mring gon mami | sigra mas rôngga wotsantun | mêsat anata bala | wus ambêndhe baris Kumpêni andulu | ana mungsuh saking wuntat | sami nolih nunjang aglis ||

20. mas rôngga campuh sakêdhap | lajêng mundur ngungsi gèn sri bupati | Kumpêni lajêng bêbujung | tambure brang-êbrangan | ngungsi ngilèn lampahe ragi tumurun | anon baris mêndhak tarap | lajêng dènira ngêdrèli ||

21. sang nata duk salat kajat | êdrèl pisan dèrèng obah kang abdi | drèl ping kalih bakdanipun | lajêng nyandhak talêmpak | angabani prajurit sarêng umagut | pinilih lan Suranata | anunjang angidak wani ||

22. kukuk giyak ngamuk rampak | caruk rukêt Kumpêni kèh ngêmasi | wus bubrah barise kamuk | kaji satunggal pêjah | kang Prajurit Suranata tiga lampus | dragundêr kang tigang dasa | pêjah madyaning ajurit ||

23. kang kalih dasa lumajar | jalan [ja...]

--- 60 ---

[...lan] kaki tumpês tan ana kari | Bugis Bali kèh kang lampus | sakarine kang pêjah | palayune amor lan para tumênggung | lajêng angungsi Bahrawa | mung baris Magêlang maksih ||

24. Kumpênine kalih wêlas | kalih atus Prajurit Surawèsthi | wau kang mêntas prang pupuh | Susunan Kabanaran | nacahakên Kumpêni putih kang lampus | pitung dasa lan têtiga | satus ingkang Bugis Bali ||

25. saking lèpèn Udhèt budhal | kèndêl pêkên Sêcang ingkang abaris | punggawa sami umatur | yèn karsa padukendra | ing Magêlang sampun tanggêlêng ginêmpur | sawêg eca bawa rasa | obah baris ingkang têbih ||

26. yèn wontên dêdamêl prapta | saking kilèn banderanya kaèksi | kinira Kumpêni bantu | prajurit rakit samya | wong agunge miranti panggenanipun | dangu-dangu kawistara | lamun dêdamêl kang prapti ||

27. Dipati Suryanagara | lan Tumênggung Wiradigda kang prapti | saking ing Sundara gunung | ngungsi duk kasor ing prang | Môndaraka Jagalatan Singaranu | sakancane sami prapta | mêdhun saking gunung Sumbing ||

28. sarêng sowan ing gustinya | samya ngujung binagèkakên sami | narendra sarwi gumuyu | Adhi Suryanagara | sakancane pra dipati samya kuru | tur sêmbah sagung punggawa | inggih sami among kingkin ||

84. Asmaradana

1. sami pisah lawan gusti | agung binujung ing mêngsah | aprang tan wontên ayate | mangkya rawuh sri narendra | sang nata angandika | Adhi

--- 61 ---

Suryanagarèku | sapa kang baris Magêlang ||

2. umatur saha wotsari | Dipati Suryanagara | nguni kêdhik Walandine | mung Prajurit Surapringga | kang tugur ing Magêlang | inggih amung tigang atus | ing punika nuwun duka ||

3. ngandika sri narapati | si rôngga Si Jayadirja | kudu anggêcak sêdyane | yèn mungguh ingsun tan arsa | lamun wong Surabaya | turas prajurit pinunjul | nora kêna ginagampang ||

4. pinrih bandhangane kêdhik | kèh Walônda salawe prah | ing prang mêngkono adate | sudira luwih lêksana | matur Suryanagara | apurun Maduntênipun | kula lan wong Surabaya ||

5. dadya kèndêl ingkang pikir | ngrabasèng baris Magêlang | ing karsanira sang katong | budhal dhatêng Kilènpraga | kèndêl dhusun Kowangan | masanggrahan tigang dalu | prapta Radèn Mangkupraja ||

6. sang nata sampun apikir | kalawan wau kang raka | miwah kang rayi kalihe | lamun Radèn Mangkupraja | badhe kinarya lunas | Pangeran Purubayèku | tan sagêd purun matura ||

7. mangkêlipun ingkang rayi | dene sawêg naking sanak | kasêmbuh tur dadi ipe | bok inggih dipun apura | kinapokkên kewala | sru ngandika sang aprabu | angapura jajalanat ||

8. Purubaya sira iki | durung wruh ing ipenira | ing katoge wêwatêke | dudu pikir wong têmênan | pikire wong urakan | lècèk lambe nrus ing kalbu | Si Adhi Suryanagara ||

--- 62 ---

9. iku dhingin kang nanggoni | duk kabandhang ing paprangan | Suryanagara wotsinom | kala kacandhak ing papan | nêlas atur kawula | sampeyan sêntana prabu | nanging kacandhak ing ajang ||

10. pasthi ngruntuhakên batin | sanès anungkul arisan | lamun sampeyan amopo | botên purun asupata | yêkti kawula tumbak | sanadyan santana ratu | pênêd katura wus pêjah ||

11. nuntên wuwus sarwi nangis | Adhimas Suryanagara | sampun dika mindho gawe | mungguh ing badan kawula | pasrah adhi mring dika | imbarên ping wolu likur | tan sêdya sèdhèng ing benjang ||

12. makatên purwane nguni | mulane purun kawula | mring Pangran Purbaya linge | ngaturkên raka paduka | miwah putra sampeyan | Pangran Mangkunagarèku | jêtung Pangeran Purbaya ||

13. sang nata ngandika aris | timbalana Jayadirja | karo si rôngga dèn age | ingkang tinimbalan prapta | mas rôngga lan Jadirja | ya ta ngandika sang prabu | pêdhakên bocah kaparak ||

14. dèn pêpak paseban jawi | pinilih lan Suranata | kabèh timbalana mring jro | wa Pangulu Dipaningrat | dèn age timbalana | lan Dhi Rôngga Ngadilangu | padha sira timbalana ||

15. lawan karo Tuwan Sayid | padha sira aturana | mas rôngga nêmbah wêdale | gandhèk sampun dhinawuhan | ngubêngi kang ngandikan | tan adangu praptanipun | lêbête kerid mas rôngga ||

16. têdhak sakêdhik sang

--- 63 ---

aji | amêthuk ing para tuwan | sampun cinandhak astane | binêkta lênggah satata | aglar punggawèng ngarsa | sang nata ngandika arum | ing Pangulu Dipaningrat ||

17. wa pangulu ingsun tari | apa kukume wong murtat | ki pangulu ngisbatake | tuwan mangke yèn ing Kitab | kula matur ing tuwan | Jawa Arab kang kalaku | paukumane wong murtat ||

18. sang nata sigra nambungi | gih tuwan kadi punapa | ngandika sayid kalihe | yèn murtat kapir wus Islam | murtat bali mring kopar | pinêjahan ukumipun | kadi punapa kang tindak ||

19. lamun murtat sami Jawi | kadi wadyane sang nata | ing Surakarta asale | suwita marang kang rama | lami wangsul saengga | mring Prabu Surakartèku | tan kêna ingaran murtat ||

20. Sang Prabu Surakartèki | lan kang rama Kabanaran | tan kêna ingaran roro | apan sajatine tunggal | anak lan kaponakan | sang nata ngandika arum | mangke kalancangên tuwan ||

21. si rôngga lawan si adhi | puniku Suryanagara | sêrikan atunggal gawe | tunggil dènnya asuwita | janji apêjah gêsang | cidra-cinidran tan antuk | sami rowang lara lapa ||

22. wasana salah satunggil | puniku nyambat Walônda | akèn angrisak kancane | lêbura sapambarisan | apêsa manungsa Slam | makatên tuwan puniku | lair rowang batin mêngsah ||

23. sayid kalih ngandikaris | puniku pangawak setan | sampun tan wontên ukume |

--- 64 ---

manungsa wus dadi setan | ing rèh sakarsa-karsa | rinêmêda rintên dalu | botên malêr sakêri rat ||

24. gumujêng sri narapati | sarwi aningali sigra | Tumênggung Sindusastrane | sêrate Dyan Mangkupraja | ingkang kinèn amaca | jinarwan mring ki pangulu | ngarti tuwan kalih pisan ||

25. amaca ngudubilahi | tuwan Sayid kalih pisan | ngatag bubaran sang katong | tuwan sami makuwona | mangke kawula lunas | inggih jajalanatipun | kang wasta pun Mangkupraja ||

26. wus mijil kang para mukmin | pra dipati pinitungkas | ing mangkya lamun praptane | Mangkupraja yèn wus prapta | anèng pasowan jaba | amundhuta dhuwungipun | Dipati Suryanagara ||

27. dèn aris anyêkêl aglis | si rôngga lan Jayadirja | ingkang anubruk wong roro | yèn mogok arubêd nulya | pinilih Suranata | kang nyuduk ana wong wolu | iku padha ming têlua ||

28. Si Yudaningrat pinilih | karo Si Surajênaka | Wulangsari katêlune | papate Si Prabakeswa | dene wong Suranata | Si Marjan lan Si Sêmangun | Si Kastuba Si Mustaha ||

29. pangeran katiga sami | samya kinèn makuwona | aja karungu polahe | wus dadi ingkang parentah | sadaya sami mêdal | gandhèk kang nimbali gupuh | lêlurah Carang Pradapa ||

30. tan adangu nulya prapti | Dyan Tumênggung Mangkupraja | sampun pinasang ênggone | anunggil Suryanagara | kiwanipun [kiwani...]

--- 65 ---

[...pun] Jadirja | mas rôngga nèng têngênipun | dipati Suryanagara ||

31. andhawuhi amundhut kris | Mangkupraja wus sumôngga | Jayadirja nubruk age | mas rôngga ngulungi tampar | basêsêt wus binônda | Suryanagara sru muwus | wong kang kaya Mangkupraja ||

32. dêstun wong pangawak iblis | mendah kang nanggung matia | nora kanggo têlung sênèn | nuli bar ginawe lêbar | nora wêdi supata | dhingin wus ngêntèk janjiku | mêngko têka bisa cidra ||

33. dene nora ngamuk dhingin | duk prang kacandhak nèng Tidhar | yèn lananga sayêktine | mômgsa gêlêma kabandhang | pasthi palaur pêjah | muwus sakrama-sakramu | Dipati Suryanagara ||

34. angling sarwi mrêbês mili | wau Radèn Mangkupraja | adhimas paran jatine | kula manggih sapunika | angling Suryanagara | inguncalan sêratipun | mas rôngga ingkang amaca ||

35. Mangkupraja anglês angling | adhimas Suryanagara | kula titip ing putrane | sampun dinosakkên samya | mas rôngga sigra nyêntak | Sutanto karo puniku | kaponakane sang nata ||

36. lamun dika wuruk jahil | masa etang kaponakan | sayêkti dèn ilokake | yèn boya môngsa katuta | wontên dhawuh pangeran | bêktanên mring langgar gupuh | Mangkupraja kinèn lunas ||

37. linawe wus angêmasi | kunarpa pinêtak juma | ing pasanggrahan korine | inginêb wus kinancingan | manawa ingkang garwa | miyarsa nuntên malêbu | nata tan purun panggiha ||

--- 66 ---

38. ingkang putra dèn timbali | radèn mas kêkalih pisan | duk bêbêgèr ri kalihe | praptane wus dhinawuhan | lamun pinutra-putra | sami sinungan jêjuluk | kang sêpuh Mangkuwijaya ||

39. Mangkudiwirya kang rayi | sarwi pinaring lêlênggah | anglimang atus sabine | wau ingkang kawuwusa | Dèn Ayu Mangkupraja | myarsa kang raka linampus | mring kang rayi sri narendra ||

40. dèn ayu lumajêng aglis | arsa maring pasanggrahan | matia barêng lakine | praptanira pasanggrahan | korine kinancingan | andêdêl pintu amuwus | anjêrit aminta lawang ||

41. tan wontên ingkang nauri | lumayu dhatêng paseban | arsa angrêbut kêrise | pra dipati ing paseban | kinarya suduk jiwa | gègèr kang para tumênggung | ki Tumênggung Jayadirja ||

42. prayitna atinggal kêris | lan Tumênggung Jalêksana | wong loro sami gêdhene | bupati kang kathah-kathah | gumrubyug bêng-ubêngan | kang para mantri malêdug | giwar ngubêngi paseban ||

43. Jayadirja kang nadhahi | wong loro sarêng anyandhak | lajêng kantaka mring ngênggèn | akaku ingkang sarira | supe purwa duksina | katur marang kang sinuhun | yèn kang bok ayu kantaka ||

44. kinèn sami amiyosi | nyai lurah kalih pisan | anggawa kasinomane | radèn ayu binabayang | binêktèng pasanggrahan | pinêrnahakên ing pungkur | para garwane sang nata ||

45. sadaya ngadhêpi sami | maksih dènira kantaka |

--- 67 ---

pukul sawêlas kawite | Radèn Ayu Mangkupraja | wungu saking kantaka | nênggih wanci pukul têlu | pêpungun angrês kang driya ||

85. Mijil

1. para ipe samya angaturi | sarwi matur alon | dhuh bok ayu ing tyas dipun sarèh | rayi paduka sri narapati | apan inggih darmi | karsane Hyang Agung ||

2. mênggah ing lara kalawan pati | tan kenging ginayoh | ing manungsa bêkta wêwatêse | kaki-kaki lami tan ngêmasi | bayi rare cilik | kathah nuntên lampus ||

3. gih punika anibani pasthi | pancèning Hyang Manon | sami luwês sang nata garwane | sami titih amicara ngèlmi | prakawis ing pati | tan kêna jinaluk ||

4. watês cêkak sinambung tan kêni | yèn panjang dipun long | botên kenging sampun pêpêsthène | amung inggih putranta kêkalih | paduka tingali | pan pinundhut wau ||

5. tilaring rama sabin pinalih | karsaning sang katong | sampun pinundhut putra kalihe | ingkang sêpuh ginadhuhkên inggih | bupati kêkasih | pun Jayadirjèku ||

6. ingkang anèm mas rôngga gadhuhi | ingkang kinèn ngêmong | putra kalih wus mawat kalihe | punapa kang krêndayaning galih | tan sae pinanggih | durakèng Hyang Agung ||

7. yèn paduka kang bok tanpa ngèlmi | pan putraning katong | anggêgawa ing akèh cacade | mundur kaya anake pak Sani | yèn kapatèn laki | bingung liwang-liwung ||

8. Radèn Ayu Mangkupraja

--- 68 ---

gigrig | lingsême katongton | emut lamun watêse pêpasthèn | tan adangu têdhak sri bupati | lan punggawa kalih | ingkang sami tumut ||

9. para garwa gupuh angingsêri | dènira alunggoh | sri narendra alon timbalane | dhuh bok ayu raka dika mati | karsaning Hyang Widdhi | kalane amuput ||

10. nêdya mukir ing karaton kalih | dudu pikiring wong | kudu miji ing Walônda dhewe | nora milu anak sri bupati | ing Sala tan mawi | miwah marang ingsun ||

11. kaya wong wani amangun jurit | apikir mangkono | iya sapa kang wêdi dhèwèke | mung bandhane ngêmpakakên jail | prang dhewe tan wani | wong mangkono iku ||

12. yèn uripa jêjêmbêri bumi | agawe pakewoh | gawe rusak ing sanak-sanake | gawe rusuh lêtuh marang bumi | ngapêsakên wiji | pangrusake tuwuh ||

13. dhuh bok ayu pangandikanèki | tuwan Sayid karo | raka dika tan wontên ukume | dene sampun apangawak iblis | jurên siyang latri | wus sah tanpa kukum ||

14. duk andangu bojo dika nênggih | polahe sayêktos | wong kêkancan tur para ipene | kinèn angrusak mêngakkên kori | anjawil Kumpêni | awèh marganipun ||

15. sami maca angudubilahi | tuwan Sayid karo | dene bangêt tan ana tinolèh | akêkancan para ipe sami | pinrih angêmasi | mungsuh mèh tinuntun ||

--- 69 ---

16. lamun bok ayu adarbe pikir | angiman ing bojo | lan kadange sakawan kang pinrèh | ya ing pati siya-siya nênggih | pama kang mas Hadi | Wijaya puniku ||

17. iya lawan dhimas Purbayèki | katêlune ingong | kapat sira Mangkukusumane | ingkang padha pinrih angêmasi | yèn palaur laki | ambuwang sadulur ||

18. yêkti dede bêbudèn sayêkti | punapa samêngko | gih bok ayu kula susulake | kudu seda anglabuhi iblis | kang bok anauri | apa kang cinatur ||

19. yèn wus katiban ukume Widdhi | nanging ta sang katong | ing patrape bok aja sumeje | nora katon awak ingsun iki | kadange pawèstri | milu baya lampus ||

20. êndi ana kadange pawèstri | ingkang kaya ingong | kaluyuran saba alas gêdhe | bok iyaa maune anjawil | pasthi maekani | amrih bênêripun ||

21. jinawila bok ayu sayêkti | amurung lêlakon | yèn uripa babon setan kabèh | iya setan ing satanah Jawi | kang Mangkuprajèki | kaki buyutipun ||

22. kang bok ayu aturira aris | ing rayi sang katong | gih dinawa tan wontên asile | balik awak kula sapuniki | dika amaringi | sandhang panganipun ||

23. suthik angêmpèk kula sang aji | putra dika karo | kudu-kudu golèk pangan dhewe | angandika kang rayi narpati | gih bok ayu inggih |

--- 70 ---

sabin tigang atus ||

24. lênggahe kang Mangkupraja nguni | kang sèwu kemawon | putra paduka kang bok kalihe | anglimang atus lagi samangkin | tiga atus kari | katura bok ayu ||

25. lawan pundi kang dika sênêngi | prakawis nunggil gon | pundi dados sukane karsane | rayi katiga pênêde gênti | kang raka turnyaris | pun Purubayèku ||

59. Pêpêrangan ing Gowong

26. mas rôngga lan Jadirja tinuding | maringkên kang êmbok | mring kang rayi Pangran Purbayane | undhang budhal wau sri bupati | marang Margawati | pakuwon winangun ||

27. baris agêng anèng Margawati | kêkutha kêkojor | wadya Kêdhu sami prapta kabèh | mawi lun-alun ing Margawati | yèn Saptu miyosi | watang sang aprabu ||

28. bumi Kêdhu parentah binagi | sadaya punang wong | kang salêksa patang èwu mangke | Pangran Adiwijaya pinaring | kalawan ta malih | kang salêksa punjul ||

29. kawan èwu kang pinaring malih | ingkang bumi Gêdhong | kang rinujad amung kaparake | mantuk abdi kaparak prajurit | Gêdhe lan Panumping | sadaya kang dinum ||

30. Adipati Suryanagarèki | tigang èwu wuwoh | pra tumênggung anyèwu wuwuhe | Suranata miwah ta pinilih | pinundhutkên [pinundhu...]

--- 71 ---

[...tkên] sabin | wuwuh tigang èwu ||

31. wadya Kêdhu kang pantês ing jurit | kang surèng palugon | pinundhutan anggawa pêndhême | ingkang nyatus anyèkêt pra sami | winor lan pinilih | twin Suranatèku ||

32. wontên bupatinira kang prapti | bupati ing Gowong | ki Tumênggung Mangkudirja rane | Wiraduta kang tuwa kinardi | anama Bupati | Gowong wolung atus ||

33. wusnya Patidhar dènnya akardi | duk lagya ngadhaton | Kabanaran kala pamacake | mangkya prapta sowan Margawati | galibêd ing wukir | ing salaminipun ||

34. praptanira ngaturi udani | lamun tanah Gowong | ing Sêmpura ênggène lojine | amung tri dasa Kumpêni putih | satus Bugis Bali | nênggih pun Tumênggung ||

35. Mangkudirja anuwun têtindhih | gêcak loji Gowong | dadya pirêmbagan ing karsane | animbali kang para dipati | pra santana sami | nèng ngarsa sang prabu ||

36. angandika wau sri bupati | rêmbugên ing kono | miwah kangmas lan arimas kabèh | ing pakolih linakon ing jurit | tuwin pra dipati | dèn padha awudhu ||

37. Pangran Adiwijaya lingnyaris | sanak-sanak ingong | payo nuli sawêtu-wêtune | enggal miyarsa sri narapati | ing ngêndi ginitik | tumulining pupuh ||

38. ing Cacaban yèku ana baris | agêdhe kang mungsoh | ing Magêlang ika ana manèh | ing Ngayogya kang baris Kumpêni | nganggo Senapati | Buminata [Bumi...]

--- 72 ---

[...nata] iku ||

39. lawan Senapatining Kumpêni | Sakèbêr lan êkop | padha Mayor pan karo namane | mungsuh manèh ana ing Bahrawi | ing Pagêlèn malih | iya Gowong iku ||

40. sri narendra ing rèh wus amangsit | kang badhe linakon | Adipati Suryanagarane | ingkang sampun dhinawuhan pikir | maksih kinèn mangsit | guthit binathuthut ||

41. malah kinèn angaku pribadi | yèn sampun kawiyos | saking Radèn Suryanagarane | nuntên mas rôngga kinèn nêpungi | lan Jayadirjèki | pikir dèn akumpul ||

42. angungkabi sagung pra dipati | lan santana katong | ingkang kawit ambuka rêmbuge | Pangran Adiwijaya nulyaglis | ngatag pra dipati | payo pra tumênggung ||

43. aja ana taha urun pikir | bêcik lawan awon | pan ing kono ginambar ing akèh | môngsa nuli kanggoa tumuli | atanting-tinanting | sawusananipun ||

44. para tumênggung aturirèki | pra samya anggendhol | kula kônca sinôngga ing akèh | ingkang abdi darmi anglampahi | mung punggawa katri | kang dèrèng umatur ||

45. mas rôngga lan Jayadirja sami | kang dèrèng miraos | lan Dipati Suryanagarane | Pangran Adiwijaya anari | adhimas Dipati | Suryanagarèku ||

46. miwah adhi rôngga kadi pundi | lan wakane kono | Jayadirja aja minggu bae | kowe kakang pan tuwa pribadi | yèn kang Pugêr sêpi | sira kang katêmpuh ||

--- 73 ---

47. Jayadirja datan anauri | tumungkul ambêkoh | Adipati Suryanagarane | dhuh Pangeran umatur sayêkti | paran kang kinapti | punapa prang labuh ||

48. punapa prang nganggo ngistiyari | dadining palugon | inggih pundi ingkang kinarsakke | yèn prang labuh botên nganggo pikir | yèn prang nganggo pikir | istiyar ranipun ||

49. ingkang pinrih salamêting dasih | sampun kongsi bocok | rahayua madya wasanane | maksih tangèh lêlakoning jurit | yèn mawi pinikir | pundi gèning mungsuh ||

50. akèh kêdhik tinêmpuh ing jurit | prang ngamuk rêrêmpon | saênggone pan angumbuk bae | tan angitung rahayuning dasih | rusaking prajurit | apa gawe ngitung ||

51. nistha siya-siya buta tuli | yèn jênênging katong | apranga tan mawi istiyare | Pangran Adiwijaya nauri | milane pinikir | mrih ayu anggambuh ||

86. Gambuh

1. Suryanagara muwus | amung satunggil piki[8] panuju | inggih lamun amungsuh prang lan Kumpêni | nyuru jênang panjang agung | panas misih mêntas umob ||

2. nuli banjur sinêru | ênggon sawiji dènira nyuru | nora nganggo istiyar amaekani | môngsa kênaa dèn puluk | amêsthi cangkême mlocot ||

3. yèn rare karyanipun | saking ing pinggir panyurunipun | ingubêngan talatèn panyurunèki | suwe-suwe têngahipun | adhême wèh tan pakewoh ||

--- 74 ---

4. enak pinangan nutug | kados punika prayoginipun | saking pinggir ing Gowong punika pinggir | ing Pagêlèn saminipun | wontên pitulung Hyang Manon ||

5. nuntên anêngah besuk | kang nama nêngah nagri Matarum | winêdalan saking kilèn ing Matawis | abèn-abèning Matarum | yèn Pagêlèn sampun pêgot ||

6. Kumpêni ing Matarum | ngrasa supit padhaa lumayu | lunga baris padha mulih mring Matawis | yèn dhèwèk antuk pitulung | kang abaris padha bolos ||

7. ngandika sang aprabu | aling-alingan gunême wau | wus ginambar gunême eca pribadi | dadya pangandikanipun | sang nata mring raka alon ||

8. kang mas punapa sampun | ingkang apikir pungkasanipun | matur alon Pangran Hadiwijayèki | pan inggih sampun kacukup | sumanggèng karsa sang katong ||

9. pun Suryanagarèku | kang sampun eca ing pikiripun | Jayadirja adhi rôngga anêpungi | punggawa sadayanipun | rêmpêg tumut sami golong ||

10. ngandika sang aprabu | inggih kakang mas kalamun sampun | botên wontên pikir kang ngedhon-edhoni | kula nut ngangge puniku | benjing enjing kula bodhol ||

11. mas rôngga nêmbah matur | lamun makatên kawula nuwun | lilah dalêm pun Mangkudirja ing mangkin | kawula nindhihi laku | kang gêcak loji ing Gowong ||

12. ya bênêr rôngga [rông...]

--- 75 ---

[...ga] iku | nuli budhala lan Si Tumênggung | Mangkudirja sira ingkang anindhihi | lan sun gawani sirèku | sathithik prajurit ing jro ||

13. Nirbaya Martalulut | lan Jagabaya Wirabrajèku | Cakragnyana Kanoman kalawan Miji | lan sun gawani sirèku | salawe watang punang wong ||

14. ingkang limalas iku | wong Suranata ingkang sapuluh | iya mantri pinilih ingkang nindhihi | marang lakunira iku | anggêpuk loji ing Gowong ||

15. ya Si Janodin iku | gonên pangirid Suranatèku | jênêngana iya sun arsa udani | antêpe kawanènipun | dulunên prang dèn waspaos ||

16. mas rôngga nêmbah mundur | lajêng têngara ing budhalipun | lan Tumênggung Gowong Mangkudirja sami | saking ing ngarsa wotsantun | sarêng nambur dènnya bodhol ||

17. ingkang môngka panganjur | wadya kaparak mas Rôngga Mangku | Suranata ingkang kinarya pangirid | amung tuduh marginipun | ingkang para mantri Gowong ||

18. lêpas ing lampahipun | sarêng prapta ing sawetanipun | amakuwon mas rôngga sawetan biting | andhêdhêp tan ana sêru | wus parêk panggonan mungsoh ||

19. enjinge budhalipun | wau sang nata sawadyanipun | pan gumuruh wadya rèh kagiri-giri | kadya robing samodragung | pindha lun gumulung golong ||

20. saasar lampahipun | kang baris agêng kèndêl kêkuwu | masanggrahan Karasak sri narapati | swaraning bala

--- 76 ---

gumuruh | nèng paminggir desa Gowong ||

21. ing Gowong lojinipun | pan kalih ênggon ing Sêmpurèku | lawan Kalibawang lojine satunggil | baris Gowong wus angrungu | yèn badhe katêkan mungsoh ||

22. baris Sêmpura ngumpul | mring Kalibawang Kumpêninipun | pan kapêthuk mas rôngga lampahirèki | lajêng dènira acampuh | prajurit kaparak nyêrot ||

23. Kumpêni drèl gumrudug | wong Suranata limalas nêmpuh | ngamuk rampak rukêt sami angamuk kris | pinilih sami angamuk | Janodin mojok ngungkih rok ||

24. mas rôngga sami ngamuk | kuwêl akathah pêpêjahipun | mungsuh rowang akèh kanin kèh ngêmasi | rukêt ing prang ting kalêbruk | Janodin angamuk awor ||

25. langkung rame prangipun | akèh agapyuk suduk-sinuduk[9] | kang prajurit Kaparak pan antuk titih | mas rôngga ingkang angadu | mungsuh kèh mati prange sor ||

26. Janodin nandhang tatu | ngamuk Walandi antuk sapuluh | Bugis Bali wolu kairas ing jurit | mangkana wau sang prabu | saking Karasak wus bodhol ||

27. nèng marga miyarsèku | nênggih suwara bêdhil gumuruh | Pangran Adiwijaya matur kang rayi | ngarsa sanjata gumuruh | suwawi tilar rêrepot ||

28. bilih pun rôngga tarung | inggih manawi kawratan mungsuh | sigra misah sang nata nulya ngriyini | lan turôngga kalih atus | wau kang aprang rêrêmpon ||

--- 77 ---

29. kèh pêjah mungsuhipun | kèrine mati sami lumayu | ngungsi loji Kalibawang kang dèn ungsi | mas rôngga sakancanipun | angêsuk lan prajurit jro ||

30. lajêng prapta sang prabu | anuli sami tumut angêpung | laju ngangsêg prajurit angobrak-abrik | jagang kapurancang gêmpur | lojine sampun kalêbon ||

31. kêdhik Kumpêninipun | mung kalih dasa wus tumpês wau | Bali Bugis wolung puluh tumpês sami | lajêng budhal sang aprabu | masanggrahan kidul Gowong ||

60. Pêpêrangan ing Bagêlèn tuwin ing Malaran

32. kang rayi lon umatur | nênggih Pangeran Purubayèku | nênggih wontên saking Pagêlèn pawarti | Kumpênine arsa mêthuk | ing lampah paduka katong ||

33. dadya pinikir wau | Pangeran kalih samya tinuduh | Purubaya lawan Mangkukusumèki | anjoga Kalibatèku | jêbula wurining mungsoh ||

34. baris Malaran iku | kang jaga gêcak punggawa têlu | Jayadirja Dipati Suryanagari | si rôngga katêlunipun | kang rinêmbag sampun dados ||

35. mas rôngga nêmbah matur | inggih pukulun sampun kadulu | pêpurune abdi dalêm pun Janodin | inggih sae antêpipun | alon ngandika sang katong ||

36. ya Si Janodin iku | sun kulawisudha ingsun [ingsu...]

--- 78 ---

[...n] junjung | lêlungguhe saking ing ngandhap samangkin | sun sêngkakakên ing luhur | jumênênga ing samêngko ||

37. Arya Jayèngranèku | sun aku anak Radèn ranipun | ya dadia sor-sorane Si Ngabèi | Wadana Suranatèku | sawah tri atus sinangon ||

38. gawanên anèng ngayun | gawa kancane iya sapuluh | katogêna pêpurune ing ajurit | mas rôngga nuwun wotsantun | kunêng malih kang wiraos ||

39. kang baris Selalêmbu | Kapitan Postêr lan ki Tumênggung | Arungbinang sawusnya têlike prapti | lamun mangke sang Aprabu | Kabanaran wontên Gowong ||

40. sampun nuduh panganjur | ingkang rayi kalih kang ingutus | Pangran Purubaya Mangkukusumèki | kinèn gêcak Selalêmbu | dene barise kang êlor ||

41. Malaran kang tinuduh | punggawa katri ingkang anggêpuk | Jayadirja Dipati Suryanagari | lawan mas rôngga puniku | wus budhal saking ing Gowong ||

42. kapitan lan tumênggung | Postêr Rung Binang pra sami gugup | para mantri sèwu Numbak Anyar sami | cinacah turangganipun | sèwu nêm atus mirantos ||

43. binage dènnya tugur | margi têtiga pamatinipun | pinartiga ngawan atus kang turanggi | têtindhih mantri panèwu | kantun kawan atus kang wong ||

44. prajurit turanggèku | dene kang dharat pan tigang èwu | inggih sami pinartiga pandumnèki | kang turôngga kawan atus | binêkta mucung kang uwong ||

--- 79 ---

87. Pocung[10]

1. bubaripun saking baris Watulêmbu | Postêr Arungbinang | marêngi dina Rêspati | pasar Wage tanggal pisan sasi Bêsar ||

2. pan anuju ing akiring taunipun | praptaning Ungaran | miranti amasang rakit | lojinipun pakewuh langkung santosa ||

3. duk sadalu prapta malih têlikipun | ature tinanggap | èstu badhe pangkat latri | pra dipati kang badhe gitik Malaran ||

4. punggawagung andêling aprang gêgêdhug | Tumênggung Jadirja | Dipati Suryanagari | katigane Mas Rôngga Wirasêtika ||

5. Sunanipun Kabanaran lampah namur | tan langkung kathahnya | saking satus kang turanggi | botên nganggo bandera songsong tan mêgar ||

6. baris agung kang raka ingkang tinuduh | Pangran Diwijaya | Postêr wau duk miyarsi | ragi mongkog kaya bisa ngênakêna ||

7. kopralipun sareyan pinêtik sampun | dèn nêmên ing aprang | yèn olèha Mangkubumi | pasthi ingsun nuli munggah dadi amral ||

8. kopralingsun pan sareyan unggahipun | kapitan lan lutnan | payo nêmên ing ajurit | ngajak mangkat mring Tumênggung Arungbinang ||

9. lon sumaur hèh tuwan paran puniku | tilara Ungaran | emane papan puniki | yèn andika mapag adoh mêsthi kalah ||

Lajêng nyandhak jilid 10.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. abrit. (kembali)
3. kajat. (kembali)
4. Lanang. (kembali)
5. Postêr. (kembali)
6. emup. (kembali)
7. emup. (kembali)
8. pikir. (kembali)
9. Aksara 'na' pada 'sinuduk' ditulis dengan wulu dan suku, semestinya wulu milik aksara 'sa' jadi: sinuduk. (kembali)
10. Teks asli: Pucung. (kembali)

Serie No. 1259i

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 10.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Pêpêrangan ing Bagêlèn tuwin ing Malaran.[1]

10. pan puniku Sunan Kabanaranipun | lamun winawrata | rumiyin kalawan mangkin | duk rumiyin pan maksih nama pangeran ||

11. sabinipun Sukawati tigang èwu | duk ambalik anyar | sakèbêr ingkang anggitik | kula tumut lan Dipati Pringgalaya ||

12. pra tumênggung ngiring sakèbêr sapuluh | kumpênine pêthak | pan kawan atus rumiyin | Bugis Bali Makasar sadaya dhomas ||

13. prandenipun kasoran mungsuh puniku | mangke tinimbanga | tikêl rolas lan rumiyin | kadi pundi tuwan sagêde anglawan ||

14. Postêr Bêkus jangan kata ki tumênggung | beta brani lawan | saênggone Mangkubumi | katêmua nadyan ing giri Gothaka ||

15. ki tumênggung sidhakêp maca têngawud | dhuh tuwan kênia | ing ngriki papan prayogi | nadyan silih Mangkubumi dhatêngana ||

16. nglawan pêngkuh tuwan obat mimis agung | sayang tinilara | kudu marani bilahi | wong apêrang tuwan botên ngangge wawrat ||

17. ki tumênggung pinêksa ingajak magut | mapan Mamêlaran | nuruti kapaksa ajrih | lampahira samarga amêlang-mêlang ||

18. ki tumênggung dhêridhit istigparipun | baya wus dilalah | wong iki [i...]

--- 4 ---

[...ki] kudu bilahi | nora kêna binakalan yèn wus dadya ||

19. ala ayu yèn pêpasthèning Hyang Agung | salamêt lan rusak | ing pati kalawan urip | wus takdire wong iki kudu cilaka ||

20. lampahipun mung dragundêr têlung puluh | sèkêt Kumpêni Slam | ki tumênggung wadyanèki | kawan atus ingkang sami kêkapalan ||

21. lampahipun surup rêrêp ing Garantung | ing dalu wong desa | panèkêt atur udani | margi Pamêlaran salèring rêratan ||

22. jurangipun kali sinungan wot sampun | dalu-dalu samya | urut margi nambut kardi | balanipun kang mêngsah kadi samodra ||

23. ki tumênggung mring kapitan alon muwus | kadipundi tuwan | mênggah prayogining pikir | duk praptane puniku Sunan Mataram ||

24. wontên Kêdhu baris Kumpêni kang mêthuk | kang baris Cacaban | Magêlang Watês anunggil | kumpulipun dragundêre wolung dasa ||

25. tigang atus inggih Bali Bugisipun | tumênggung têtiga | nadhahi prang udhèt nguni | pan sinampar ing aprang sami lumampah ||

26. pêjah satus sanyèk Bali Bugisipun | dragundêr kalawan | jalan kaki kang ngêmasi | pitung puluh dènira prang mung sakêdhap ||

27. dhuh tuwanku dawêg bali dèn aruruh | sampun kongsi rusak | dhatêng ing Ungaran aglis | nêdha bantu kintun sêrat dhatêng Têgal ||

28. samia gungipun wong prang kudu mundur | dêstun wong kaparat | balik makètên puniki | sasat masrahakên badan wêwarasan ||

--- 5 ---

29. Postêr muwus jêrèh[2] têmên sira iku | wingi wus diwarah | aku wani Mangkubumi | nadyan prajurite sakêthi luwiha ||

30. pamanipun Mangkubumi dhuwur gunung | gawa tumbak dawa | aku nèng ngisoring wukir | pêdhang bae jêr aku brani anglawan ||

31. Ki Tumênggung Arungbinang Hangga lêsu | agung mijêt manah | dene têka ngong mênangi | ing lêlakon kang nora nganggo ukara ||

32. pan sadalu mêrêm mêlik ki tumênggung | langkung susahira | nêdha pitulung Hyang Widdhi | iya ing sapalêngkah jambe kewala ||

33. praptanipun rabine ing Bulupitu | amangsit wis aja | sok kadêrêng duwe pikir | dèn santosa sumendhea karsaning Hyang ||

34. ki tumênggung sumêdhot miyarsanipun | kungkulan ing sabda | putri Bulu gangsal kalih | pamangsite sakêcap langkung watgata ||

35. tan adangu byar rahina ki tumênggung | ambêndhe siyaga | Kumpêni nambur miranti | enjing budhal praptanira Pamêlaran ||

36. pukul pitu trus anata barisipun | kang tugur Malaran | mantri wêwolu wus rakit | patang atus kuda kang tugur Malaran ||

37. dadya têmpur lan balane ki tumênggung | dadya kuda dhomas | punjul dragundêrirèki | tigang dasa lawan upsire sakawan ||

38. tamburipun mungsuhe sampun kêrungu | lèring pambitingan | angèl sawah sarta kali | baris prapta nurut lèr kali angetan ||

39. ki tumênggung mring Postêr alon amuwus | tuwan aja ganas |

--- 6 ---

punika maksih lumaris | dèrèng nabrang kali lawan dèrèng mangsah ||

40. tuwan batur tinata ingkang apatut | dika wontên têngah | kula apit kanan kering | mangke wruha mungsuh ingkang awrat agal ||

41. duk kadulu bandera sêsupitipun | kapal kawan dasa | saragni saruwal abrit | banderane kang katingal gêni rôga ||

42. wingkingipun sawidak kapalanipun | celung tibèng pandhan | panumbak banderanèki | ki tumênggung mêndhêt srat saking saruwal ||

43. sarwi muwus tuwan pangajêng puniku | kang aduwe bala | Dipati Suryanagari | pan puniku Radèn Suwandi duk bocah ||

44. wingkingipun kêkapalan patang puluh | saragni sruwal bang | banderanipun sasupit | asru mojar Ki Tumênggung Arungbinang ||

45. sarwi dulu tulise tuwan puniku | kang duwe gêgaman | tulis kula botên sisip | punggawane Mas Rôngga Wirasêtika ||

46. wingkingipun kuda malih patang puluh | sasupit bandera | ijo ciri sarupa brit | ing wurine panumbak jaran sawidak ||

47. têngranipun sasupit banderanipun | irêng dulphakar bang | ing wuri sarêngan sami | kuda papat rêruntung katri punggawa ||

48. ngajêngipun ampilan kuda nênêlu | karbin lan gandhewa | kang ngampil waos nyatunggil | tumbak dharat magêr sari nyalawe prah ||

49. Postêr muwus pagene lakune iku | pisah lan gêgaman | nora ana dèn tindhihi | anauri Ki Tumênggung Arungbinang ||

--- 7 ---

50. balanipun kang wontên ngajêng puniku | sampun pinilihan | pinêthèt kang bêcik-bêcik | payung putih puniku Suryanagara ||

51. payung wungu kang sèrèt paradanipun | kêmbang pucak pita | jêpèthèr wiyar kaèksi | gih puniku Dyan Rôngga Wirasêtika ||

52. payung biru pucak bang mas kayu apu | inggih Jayadirja | bupati tiga puniki | andêling prang pamunah-munah ing gêlar ||

53. lah puniku ing wuri têbih kadulu | kadi ampak-ampak | worsuh pêpikul wor sapi | yèn dinulu sayêkti gaman arahan ||

54. rajanipun nèng ngriku sok mêndhêm namur | yèn botên mangawat | mindha pacalang dhingini | yata wau mungsuh wus nyabrang sadaya ||

55. pan kadulu wus amapag barisipun | bupati anabrang | ki tumênggung ngikal karbin | sigra wau Kapitan Postêr angucap ||

56. karbin iku kula gene ki tumênggung | dika nyêkêl tumbak | karbin dèn lungakên aglis | ki tumênggung sigra dènnya ngagêm tumbak ||

57. ki tumênggung camêthi ingalih sampun | wau anèng kiwa | ingalih manêngên aglis | manahira ki tumênggung wus karasa ||

58. sigra nambur maju rampak barisipun | mungsuh nambur sarya | bêndhe bèri sarêng muni | awor surak ngawaki katri punggawa ||

59. sarêng nêmpuh nunjang kuda tigang atus | campuh kari tahan | kapitan sarêng ngêdrèli | pinarpêkan mring Tumênggung Jayadirja ||

60. gya pinistul Postêr kêna pasungipun | niba babar pisan | sapatine [sapa...]

--- 8 ---

[...tine] Postêr nuli | dragundêre kuwur rusak ingamukan ||

61. ki tumênggung ginèndèng santananipun | dhuh dawêg lumajar | Kapitan Postêr ngêmasi | duk pinistul mring Tumênggung Jayadirja ||

62. ki tumênggung aririh ing unduripun | dragundêr kèh pêjah | bêlasah tan ana kèri | Bugis Bali siji tan ana kang gêsang ||

63. yata wau ing wuri para tumênggung | kathah kang amêgat | miwah baturing priyayi | baris ura ing wuri arêbut ngarsa ||

64. lorodipun wadyanira kèh katawur | kantun kalih bêlah | kêkapalan kang anunggil | wadyanira Ki Tumênggung Arungbinang ||

65. tan kasusu nabrang kali Jali sampun | kèndêl sami tata | ngrêrangu kang sami kèri | ingantosan ana prapta kidul wetan ||

66. kang lumayu kuda sèkêt wus angumpul | saking lèr kang prapta | inggih wontên sèkêt malih | rungak-rungak salèr kali kèndêlira ||

67. ki tumênggung nguwuh panyanane batur | sirèku dèn anggal | nuli ngumpula mariki | ingkang kinon wau asru saurira ||

68. kula nuwun kônca sami katêlanjur | batur tumênggungan | Brajamusthi Sukawati | pan kumêngpyur[3] kaliru Ki Arungbinang ||

69. saya wuwuh wong Suryanagaran nusul | wong Kajayadirjan | wong Kêranggan nusul sami | kang kajaba nyatus kang ginawa mangsah ||

70. Ki Tumênggung Arungbinang ririh mlaku | samya tinut wuntat | dèn suraki dèn bêdhili | nulya wontên saking kidul ingkang prapta ||

71. wontên satus [sa...]

--- 9 ---

[...tus] kancane sami katawur | kumpul saking kathah | sapuluh rong puluh nunggil | wus angumpul sawêg kuda kapat bêlah ||

72. lampahipun sakin ririh ki tumênggung | kang nututi samya | prajurit arang prayogi | nadyan kathah senapatine tan ana ||

73. milanipun purun lèrèh lampahipun | pan ing pukul rolas | jawah agêng andhatêngi | kang bêbujung pra sami kèndêl sadaya ||

74. ki tumênggung anêrak jawah lêlaku | kalêbus sadaya | agalêput êndhut sami | pukul papat praptanira ing Ungaran ||

75. samya gugup pra sami gègèr andulu | dene kang anglarag | praptane asalin warni | karusakan Kumpênine tan katingal ||

76. ki tumênggung prapta loji litnan mêthuk | gugup têtabeyan | Tuwan Postêr wontên pundi | anauri Ki Tumênggung Arungbinang ||

77. Postêr lampus tumpês sakumpêninipun | Sunan Kabanaran | mungsuhe kang dèn tadhahi | mila rusak wong anyôngga dede wawrat ||

78. mungsuhipun samangke maksih tut pungkur | litnan sigra ngundhang | kêstabêl sami ngadhêpi | mariyême wau litnan anênurat ||

79. langkung gugup wus dadi tiningkêm sampun | ki tumênggung enggal | surat praptaa ing Têgil | lamun botên katututan ing sarkara ||

--- 10 ---

61. Pêpêrangan ing Ungaran

88. Dhandhanggula

1. lamun botên praptaa tumuli | bantu Kumpêni dika lan kula | sayêkti pasthi rusake | wong karubuhan gunung | dede lawan mêngsah puniki | yèn Pangran Purubaya | Mangkukusumèku | botên susah binantonan | sagêndhinge kula sagah anandhahi | puniki dede sanggan ||

2. yata wau dutanira aglis | bêkta sêrat kang dhatêng Tatêgal | agurawalan lampahe | wau ta kang winuwus | ingkang mêntas amênang jurit | Rôngga Wirasêtika | lan Jayadirjèku | Dipati Suryanagara | wus karêbat biting Pamêlaran gusis | Kumpêni kathah pêjah ||

3. Kapitane Postêr angêmasi | dragundêre tigang dasa bebas | tumpês Kumpêni Islame | dutanira kêpêthuk | Pangran Adiwijaya aglis | katur saaturira | pangran sigra wangsul | prapta ngarsanira nata | katur lamun dutane punggawa katri | yèn biting Pamêlaran ||

4. sampun pêcah ramening ajurit | Kapitane Postêr sampun pêjah | tigang dasa dragundêre | langkung suka sang prabu | binrêkakên lampah ing

baris | tan dangu lampahira | sawadya sang prabu | prapta salèr Pamêlaran | wau katri punggawa mêthuk ing gusti | dinangu solahira ||

5. langkung suka miyarsa turnèki | sri narendra wus praptèng Malaran | ing Kayumas pakuwone | balabar wadyanipun |

--- 11 ---

ingkang rayi kêkalih prapti | angsal bandan Walônda | kêkalih wus katur | ing raka sri naranata | Walandane wus kinarya saragêni | Gapatra Hônggaprana ||

6. mundhut rêmbug wau sri bupati | aprakawis loji ing Ungaran | ana pira Walandane | Cakrajaya umatur | amung sangalikur galintir | Islame sangang dasa | mariyême wolu | darebas miwah rontaka | inggih wontên kalih dasa winêtawis | jawine gangsal bêlah ||

7. nanging abdi dalêm kang angusir | dèrèng wangsul kados lajêng ngêpang | Brajamusthi pangiride | lan pun Sura ngun-angun | Jayarata sami nindhihi | pun Goncang Rawing Dêmang | pun Tambak Tênewung | lawan pun Gonggang Galungan | lan pun Kudur Barubuh pun Rajêgwêsi | sagung mantri pangarsa ||

8. wong Pagêlèn kang sami angirid | Sawunggaling lan pun Tambakbaya | pun Wirasraya malihe | pun Ganggêng Jagasatru | lawan pun Pambêrêg pra sami | pun Sangunatajaya | Patra dutanipun | kang sami ngungsir utusan | yèn binanggèl ing margi rame ajurit | purun pun Arungbinang ||

9. Pra dipati pangarsa nulyaglis | kinèn nusul mring kancane samya | sakawan sigra lampahe | nongklang turangganipun | myang adheyan ginêlak sami | prapta sampun mungsuhnya | manjing bitingipun | kinalang saking têbihan | Arungbinang kang kilèn dipun wêdali | tinêmpuh sami giwar ||

10. baris agêng budhalira aglis | saking Kajêngêmas masanggrahan | Sêmawung saha balane | sadalu

--- 12 ---

budhalipun | Pakacangan dèn pasanggrahi | sak lèr loji Ungaran | ragi kilènipun | mêngkêr gêgunung prênahnya | pra dipati barise sampun ngubêngi | kêmput loji Ungaran ||

11. kang angêpung têbihira sami | ing samimis mariyêm tan prapta | andhêndhêng têmu gêlange | jro biting ngêgar payung | sami manjêr bandera sami | Tumênggung Arungbinang | mulat mungsuhipun | kadi pagudhèn anggabag | Litnanipun Bumêndir marêbês mili | mungsuh tanpa wilangan ||

12. ki tumênggung tiningkês tyasnèki | namung cipta sumendhe ing titah | etang pancèning pêpasthèn | urip kalawan lampus | dawa cêndhak pan wus pinasthi | tan kêna binakalan | karsane Hyang Agung | apa gawe kudu susah | hèh sudara mati hidup sudah pasthi | sampun andika susah ||

13. balik sampun katon kêcil ati | kula tuwan wani mêtonana | kang kulon kula gitike | kang duwe baris iku | wong Pagêlèn pangeran kalih | pan kula botên ulap | wruh ing bobotipun | dudu wong Pajang Mataram | litnan angling lah sudara kadipundi | makotên karsa dika ||

14. botên bêcik bok rusak sirèki | kula tuwan botên bêkta dharat | susunane adoh gone | Kapitan Bandhêm muwus | ki tumênggung sampun mêtoni | eman prang kula pyambak | ing prang rêmak-rêmpu | sarênga lawan pun bapa | miwa[4] Litnan Samsudin sami gendholi | bok sampun tuwan mêdal ||

15. sumanunu kang sampun kawingking |

--- 13 ---

katêlanjur tan kêna ingucap | ing mangke wajib yitnane | nging wau ki tumênggung | ing tyasira kudu mêdali | dangu diya-diniya | sinaput ing surup | bubar sagunging gêgaman | amakuwon enjinge baris miranti | budhale gustinira ||

16. saking Pakacangan nabrang kali | dadya baris tan wontên angêpang | kadya jajari lampahe | dadya ngalun gumulung | kadya robing kang

jalanidhi | wong ing jro pabitingan | padha ting palinguk | tikêl satus lagi nora | tikêl sèwu pan ora ngundha ngusuki | arang kang kolu mangan ||

17. ki tumênggung marang litnan angling | luwih kathah puniki gêgaman | kula sawang sayêktine | ingkang ngajêngan wau | mung bandera wolu pêmati | kawan atus watara | prajurite wau | punika kang sampun dadya | wus apêkêt katawis ing lampahnèki | dene kang kathah-kathah ||

18. pintên-pintên bandera puniki | prajurite kang ewon punika | taksih riyon tanagane | kang wus mantêp ing tangguh | pangulige kang sampun dadi | kawan atus ing ngarsa | wuri wontên satus | mangke yèn ratune têbah | gih mingkisa ing tingkah saking sakêdhik | sampun ngênthêl kêwala ||

19. kapal satus kang binêkta mijil | mêdal ngilèn kalingan ing karang | sampun têbih narpatine | ing wuri kang tinêmpuh | duk tinugêl baris lumaris | kagum kang binêdhilan | rame ulêngipun | baris kang wuri uninga | lamun Arungbinang galak wani mijil | mapag kang pra dipatya ||

--- 14 ---

20. ingkang sampun kaliwat anolih | sarêng mangsah wuri lawan ngarsa | campuh gumuruh bêdhile | kasêlut ngalor ngidul | ki tumênggung mundur aririh | mungsuh angungsir samya | marang ki tumênggung | mêngsah lagi suranira | ki tumênggung wus cêlak kalawan biting | mudhun sabalanira ||

21. nulya Kumpêni nulungi bêdhil | mariyême muni asauran | lir gêlap sasra swarane | rame surak gumuruh | wong jro biting mriyême muni | turôngga sami kêna | mungsuh sami kagum | bubar buyar ting salêbar | Sunan Kabanaran lampahira prapti | winong amasanggrahan ||

22. enjingira têdhak sri bupati | ingundhangan sagunging dipatya | ngumpulna sagêgamane | sagung prajuritipun | sami kinèn tilar turanggi | têngara asauran | pasanggrahan agung | dalême Ki Arungbinang | ingênggènan gumuruh têngara bèri | tambur bêndhe sauran ||

23. kêndhang gong barung lawan saruni | budhal gêgaman ingkang pangarsa | pra dipati samantrine | ingkang mantri panganjur | sampun prapta sakidul biting | elur agêgulungan | kadya lun gumulung |

sajêmbaring ngara-ara | wus kèbêkan gêgamane pra dipati | kilèn kalawan wetan ||

24. kidul bênêr prajurit jro sami | tinon kadya wana tumaruna | kinêmbang-kêmbang abyore | limut yayah kalimut | wau ingkang sajroning biting | miranti wus prayitna | lir garêbêg Mulud | pasang rakitking[5] gêgaman | sarwi dulu sami mangu-mangun wingwrin | anon [ano...]

--- 15 ---

[...n] ulating mêngsah ||

25. kang kêrasa kêdhik rowangnèki | siji sèwu pan maksih karoban | mung kang dadi santosane | kanthi mariyêm wolu | lan rontaka salawe maksih | têlung puluh dêrebas[6] | obat mimis agung | yèku kang karya santosa | ing tyasira sumendhe titahing Widdhi | têtêping kang wardaya ||

26. wau senapatining kang baris | Susunanipun ing Kabanaran | prapta jênêngi wadyane | asru timbalanipun | hèh sagunging kang pra dipati | jajalên paranana | iya loji iku | gêrubyugên barêng mara | ingsun arêp wêruh pêpolahe mangkin | wong jro loji yudanya ||

27. sigra mangsah sagung pra dipati | amartiga wong jro dadi dhadha | wong jaba kanan kerine | têngara bèri tambur | kêndhang gonge bèri saruni | kukuk surak gumêrah | sarêng angsahipun | dhêdhêp wong jro biting samya | anon mungsuh untabe kagiri-giri | bandera pira-pira ||

28. dupi cêlak mariyême muni | kadya gêlap sèwu asauran | rontaka lan darebase | kang dêrês ungêlipun | mariyême agêgêdhugi | akèh bandera rampas | tumbak kang rumapyuk | kêna mimis ing rontaka | lan darebas ngantêp muni sadayèki | gumludhug ing ngawiyat ||

29. sri narendra awas aningali | wus têtela mungsuh solahira | parentah angundurake | gandhèk sami lumayu | andhawuhi sagung prajurit | mundur baris sadaya | anêbih gyanipun |

--- 16 ---

mung kantun kang pra dipatya | taksih ngantun pra samya dipun songsongi | tan obah binêdhilan ||

30. apan sami pinêthuk turanggi | sabab ratune wus nitih kuda | mila sagung punggawane | samya nitih kuda wus | dèn sipati mariyêm sami | sêsirig pra dipatya | sinongsongan mundur | pra dipati kawan wêlas | samya nitih ngandikan para dipati | aglar ngarsa narendra ||

31. pêparentah wau sri bupati | uwis nora kêna binadhagal | angrusakkên ing wong akèh | tamban aja agugup | ing sapasar sapuluh wêngi | lan padha agawea | lulumbungan iku | lan pacul linggis sadaya | iki beda lan loji Juwana dhingin | akêdhik wonge Jawa ||

32. balik padha narubna wong cilik | dimèn rata sa-Pagêlèn ômba | kang bumi jaba sakèhe | adhimas karo iku | lan kancane kang pra dipati | bumi gêdhong kaparak | bae kang sun pundhut | bumi Pagêlèn rong lêksa | lan nêm èwu ingkang salêksa wong siji | adhimas Purabaya ||

33. dene ingkang pitung èwu nênggih | ya Si Adhimas Mangkukusuma | ingkang limang èwu manèh | mring pra dipatinipun | kari patang èwu sun ambil | mring wong jêro sadaya | kaparag[7] gonipun | si Roma iku wutuha | wolung atus sèwu Tuwaburu nênggih | siji ingsun priyôngga ||

34. kunêng ingkang kawuwusa malih | ingkang baris wontên ing Mataram | linorod senapatine | Pangran Buminatèku |

--- 17 ---

angêlunyat abêr ing jurit | wong cilik kang ginarap | kabèh nora tutut | tan ana kang tinêmua | mundhak ngêbot-êboti marang wong cilik | pinanggil mring Sêmarang ||

35. nèng Sêmarang linajêngkên aglis | mulih marang nagri Surakarta | lara luru tanpa gawe | ing Samarang winuwus | ngumpulakên sagung Kumpêni | ing pasisir bang wetan | kinêrigkên sampun | ing Gêmbong lan Surapringga | pun Kapitan Uce sabalane prapti | nagari ing Samarang ||

36. Mayor Kalèrêk badhe lumaris | wus binêktan Kumpêni akathah | dragundêr Kapitan Uce | Kumpêninipun satus | kalawan limalas turanggi | usare wolung dasa | punjule pêpitu | satus rong puluh sadaya | jalan kaki tiktak wolu mriyêm kalih | jalan kaki rumêksa ||

37. lawan malih dragundêr kang miji | sakapitan nênggih kawan dasa | lawan usar litnan dhewe | pan amung têlung puluh | lan lêlima mantêpirèki | manjing Kumpêni pêthak | nênggih kawan atus | nêm atus Kumpêni Islam | dadya sèwu budhale saking Samawis | lan sagung parasmara ||

89. Asmaradana

1. Kumpêni Slam kang nindhihi | anênggih Dhaèng Margêpak | kalawan Dhaèng Ponggole | kalawan Kapitan Timpak | lan Kapitan Tuwangah | miwah Kapitan Dul Sukur | lawan Kapitan Tanah Bang ||

2. angkate saking Samawis | mantri pasisir urunan | miwah mantri Bahrawane | kalangkung angangah-angah |

--- 18 ---

Mayor Kalèrêk sura | têkabur balane agung | bêcik-bêcik pêpilihan ||

3. pra dipati Kêdhu sami | kang ngili anèng Bahrawa | dhinawuhan parentahe | mring dêlèr kinèn tumuta | kalèrêk sabalanya | sapraptanira ing Kêdhu | anata balane Sêcang ||

4. angantosi pra dipati | angêrig sikêp sadaya | kang ambêkta rêmbatane | ki tumênggung ing Banyumas | sampun tiniban surat | kinèn siyaga wadyagung | kang badhe sami binêkta ||

5. kunêng kang winuwus malih | ing Pagêlèn ramening prang | Natèng Kabanaran mangke | karya pasanggrahan nêba | dènnya nindhihi wadya | ngara jêmbar ênggènipun | masanggrahan ratunira ||

6. kèbêkan sagunging baris | sajêmbare ngara-ara | balabar lir samodra rob | pakuwon kang pra dipatya | gênggêng gabag asinang | ngangsahkên prajuritipun | samya bêkta lêlumbungan ||

7. gumuruh surake sami | têngara bêndhe atusan | tambur bèri carabalèn | kang ngangsêg nèng lêlumbungan | cara undhuking macan | kang cêlak sinipat gupuh | ing mariyêm ting jêngkelang ||

8. lambungan kathah kang kêni | tan pikantuk aprangira | dinarebas kêna amoh | kang ana jroning lumbungan | kathah kang kêna pêjah | mangkana umangsah dalu | wontên pakantuking aprang ||

9. kang anggawa pacul linggis | anèng wurining lumbungan | wus sami akarya êsong | nanging dèrèng sagêd nyêlak | akathah kedahira |

--- 19 ---

kang biting pangabaripun | ngrutug rontaka darebas ||

10. abyor pancurating mimis | wong ing jaba kang pangarsa | bêdhilan tan antuk gone | tan ana kang karompolan | rame abêbêdhilan | ing jro kadi gunung guntur | kadi drês mariyêmira ||

11. wiwit rêp dènira jurit | têngah dalu kèndêlira | wanci bangun wong jro miyos | dutane Kyai Rung Binang | nukup kang pojok têbah | wêkasane baris agung | kidul wetan prênahira ||

12. wong mêntas sayah ajurit | ginarudug bêdhilira | kagèt sami ting galêmbor | lumayu tilar dandanan | binêskup wus dèn rayah | gègèr mangilèn angêlun | yèn Tumênggung Arungbinang ||

13. anukup baris paminggir | kônca kula kathah pêjah | sangkin anêngah gègère | barise kang pra dipatya | gugup nambur wurahan | loking kathah kang nênukup | Ki Tumênggung Arungbinang ||

14. bupati sami nulungi | pinêgat ing antukira | watawis kalih bêlahe | langkunga botên akathah | tiga kang nitih kapal | tinututan tan lumayu | kabèh tan gawa bandhangan ||

15. sabarisan agêng sami | maratani gègèrira | wus katur marang ratune | pra dipati ingandikan | pêpakira sarêng byar | aglar ngarsanira prabu | alon dènira ngandika ||

16. hèh sakèhe pra dipati | mangkya kangmas ari êmas | padha aranana kabèh | Si Tumênggung Arungbinang | ya kalêbu wong apa | mêngkono kuwanènipun | mas rôngga

--- 20 ---

matur tur sêmbah ||

17. èstu lamun anglangkungi | kapurunane punika | sèwu satunggil wantêre | tyang karêbahan arga |[8] tyasipun botên gêmpal | Suryanagara umatur | nuwun yèn mênggah kawula ||

18. tiyang sagêd anglangkungi | gêlare ingangge watak | aling-alingan mantêpe | dora yèn botên gêmpala | wong mungsuh dede timbang | asagêd panganggenipun | nambungi Pangran Purbaya ||

19. hèh adhi Suryanagari | sayêkti Si Arungbinang | kaliwat saking wantêre | angluwihi sanagara | lawan bêdhile ika | sok ucula nora luput | mila ngong kapunthal-punthal ||

20. ana wong karaman dhingin | madêg nata Damarwulan | pindho karaman Mas Anggèr | karone mêntas atapa | aprang lan Arungbinang | karo binêdhil tan luput | mati dening Arungbinang ||

21. gumujêng sri narapati | tan bisa bênêri ingwang | pan kabèh padha bênêre | hèh Tumênggung Sindusêtra | sira gawea layang | parêngganing layangingsun | kang dhawuh Si Arungbinang ||

22. purwanên pasaja mami | têngahna kang kamandaka | wêkasan pasaja manèh | Ki Tumênggung Sindusêtra | matur nuwun lêpiyan | ya sarèhna mêngko dalu | ingsun agawe lêpiyan ||

23. hèh Tumênggung Brajamusthi | mêngko bêngi nênukupa | iya biting pangabare | mungsuh ika bubrahana | sagung kang pra dipatya | urunan milu nênukup | ing bakda ngisa kewala ||

24. sabên rêp maguta

--- 21 ---

jurit | ing mêngko padha mênênga | ing aprang tambuh karêpe | wus samêkta sarêng mangkat | kang nambuhi ngayuda | kêdhik mung wong kawan atus | nênamur lampah rumangkang ||

25. Brajamusthi kang angirid | jroning biting katambuhan | ana ingkang amiraos | dingarèn ora na mêngsah | iki wus bakda ngisa | sabêne barêng rêp magut | iki kongsi bakda ngisa ||

26. Brajamusthi wus angrampit | jabaning biting pangabar | kang têngga biting kèh dhodhok | pra sami angungak-ungak | kumrêsêk iku apa | marani arsa dinulu | sigra nulya sinanjata ||

27. saryalok pating barêngkik | gègèr pan sampun kunggahan | kang lumayu ting balosor | ing loji dhêdhêp kewala | tan arsa sinanjata | bok kaliru padha batur | dene pêtênge kaliwat ||

28. pangabar dèn obrak-abrik | gusis kang tunggu pangabar | ana wong kang nora anglèng | ing wêweka nora bisa | pangrasane wus mênang | adat wong mênang prangipun | apratôndha ngobong omah ||

29. sarêng mulad ingkang gêni | kang anukup katingalan | mariyêm sapulêbune | sinusun rontakanira | gundam akèh kang kêna | palayune numbuk-numbuk | kang anusul datan kêndhat ||

30. sinapu lêbu tinapis | saparane tinututan | akèh tinggal gêgamane | tumbak bêdhile balasah | Tumênggung Arungbinang | ngêdhuni bandhangan gupuh | akathah bêdhil lan tumbak ||

31. nora nana tumbak bêsi |

--- 22 ---

tumbak parunggu akathah | pratôndha yèn prajurit jro | mariyêm dèrèng kèndêla | lir rêbahing prabata | mungsuh mawure kasusu | nêbih saking gêni mulad ||

32. gusise kang nukup sami | tanggal ping sangalas Bêsar | nulya mêdal kang sasine | Litnan Bumêndir lingira | sudara batur dika | kang wontên jawi puniku | kabèh sami lumêbua ||

33. sampun amalang atèni | lan biting dika pangabar | andika rusak dèn age | sigra nulya binubrahan | sampun katingal nglela | pakantuk mariyêmipun | mangkana mungsuh umangsah ||

34. gumêrah amasang sami | ingkang biting lêlumbungan | mriyêm tan kêndhat unine | gumaludhug kadi gêlap | prakêmpa bumi molah | sadalu pating jalêgur | sarêng byar ing kèndêlira ||

35. kunêng sêrate Sang Aji | Pangêndhagan Wirawôngsa | Samalangu panèkête | punika ingkang ambêkta | amor manjing bitingan | dhawuh marang ki tumênggung | tinampan têmbunging surat ||

36. pèngêt iki layang mami | Narapati Kabanaran | senapati ing palugon | kang andon ngasmarèng laga | wiyose suratingwang | kang dhawuh marang sirèku | ya Tumênggung Arungbinang ||

37. iya praptaningsun iki | angatêr yayi Purbaya | nanging sun iki kasupèn | nora wèh wêruh ing sira | yêkti apuranira | dene ta mêngko tumênggung | sun arsa têmu lan sira ||

38. supaya iya sirèki | tumênggung mugi kênaa | ngopèni pakaryaningong |

--- 23 ---

tuntun-tinuntun wicara | sangking ngingêksin ingwang | sira kilap apa amung | wong Sukawati kewala ||

39. iya awakingsun iki | yèn jagoa jago tanah | durung ana bêbotohe | nadyan gitike sêrua | yèn botoh tan candhakan | nora bobot ing tohipun | yèn olèh botoh santosa ||

40. bisa mrênahkên gêgitik | pasthi nyandhak toh koyanan | iya kilap apa kowe | tumênggung mring awak ingwang | awit wong dèn sikara | iya Dhirèktur pan Emup | kang nganiaya maringwang ||

41. pan sira padha ngawruhi | lakone sariraningwang | hèh tumênggung kapindhone | yèn kêrisa awak ingwang | dhapur tangguhe nyata | wus lawas kelangan lambung | kêris rêga kapat bêlah ||

42. ana nglambungi balantik | ajine mung patang reyal | lumrah ing balantik kabèh | sêtun mundhut patang reyal | tumênggung lamun sira | nyêngkêlita awak ingsun | mulih rêga kapat bêlah ||

43. kang sêrat dèrèng dumugi | ki tumênggung anggraita | yèn layang dudu wadine | Susunan ing Kabanaran | julig datanpa sama | ulah ngrêpa ulah nganyut | bisa mêdhotakên manah ||

44. yèn wonge tèmbèr kang nampi | sêrat Sunan Kabanaran | sayêkti atine runtoh | yèn mungguh ing Arungbinang | yêkti sarta mujadah | yèn amrih aja kalayu | sapatute tinimbangan ||

45. mring caraka angling ririh |

--- 24 ---

kula sampun têlung dina | ragi murus wêtêngingong | sakêdhap kula ing jamban | mangke malih winaca | ki tumênggung praptanipun | ing jamban mêndhêt bêrambang ||

46. apan ora bisa ngising | prêlune mêndhêt bêrambang | sabungkul kinuwik age | sampun binuntêl saptangan | wangsul malih alênggah | nutugkên pamaosipun | kang sêrat Natèng Banaran ||

47. hèh tumênggung lawan malih | lamun sira kalakona | atêmu lan jênêngingong | kalêthêke tyas manira | sun lahirkên mring sira | iya besuk nadaringsun | nama Dipati Môndraka ||

48. lamun sira tan marêngi | nama Dipati Môndraka | Dipati Magada rane | lamun tan sênêng Magada | Adipati Urawan | lamun ra sênêng puniku | Dipati Natanagara ||

49. lawan iya sun lungguhi | lungguh pêpatih salêksa | kang dadia kaliwone | têngêne iya si rôngga | kiwa Suryanagara | tanpa titi suratipun | mung corèk malang sakawan ||

50. ki tumênggung nulya aglis | sêrat pinêtêk ngêmbunan | ping tiga wola-waline | sampuning ngaras ping tiga | anulya sinungkêman | ki tumênggung andhakukul | netra tinutup saptangan ||

51. jatine bêrambangnèki | kang linêbêtakên netra | sigra darodos waspane | têlês usap tanganira | kinarya nambak waspa | api-api sênggruk-sênggruk | Ki Tumênggung Arungbinang ||

52. dutanira duk ningali | Pangêndhagan Wirawôngsa | pan milu luntur waspane | aningali

--- 25 ---

solahira | Tumênggung Arungbinang | pan kadya nangis satuhu | nora môntra sêsênggrangan ||

53. wus kèndêl dènira nangis | Ki Tumênggung Arungbinang | wicantên marang dutane | dika antosi sakêdhap | kula damêl wangsulan | dika mangkat mangke dalu | aja katawis gambuhnya ||

90. Gambuh

1. sigra kyai tumênggung | anênurat srat badhe wêwangsul | langkung dene pamète la-êlanèki | mrih onêng mangonêngipun | riga sumbagèng palugon ||

2. tur pêjah gêsangipun | inggih abdi dalêm pun Tumênggung | Arungbinang dahat kamipurun gusti | dene ngaturi wêwangsul | dhatêng ing paduka katong ||

3. langkung sèwu pangungun | tan supêna inggih pun tumênggung | kadhawuhan timbalan munggèng kintèki | aprasasat laelatul | kadi nugraha kang dhawoh ||

4. gusti lan malihipun | karsa nimbali ing dasihipun | êtyar langkung pun patik tadhah rêruntik | dahat pêjah gêsang katur | sumôngga ing karsa katong ||

5. witning langkung wulangun | yèn kêparênga tibaning wêktu | ing sêrana dèn awrat yêkti amusthi | sapunika langkung nuwun | dêduka paduka katong ||

6. dene kapalangipun | sawêg tinuduh ayahanipun | ingkang putra prabu ing Surakartèki | kinèn among wadyanipun | Kumpêni tur pinapacoh ||

7. yèn tilara pukulun | jroning ngalaga ning kandhanipun | yêkti najis kang abdi sawuri-wuri | langkung pitajêng pukulun | jêng putra paduka

--- 26 ---

katong ||

8. ing rèh pamonging mungsuh | dene yèn èstu karsa pukulun | ngabdèkakên pun patik anuwun runtik | tuwan tumpêsa prang pupuh | Kumpêni ingkang kula mong ||

9. kula manggih pukulun | apuntên dalêm botên linampus | nuntên inggih kabandhang madyaning jurit | makatên parênging wêktu | tanpa cacad ngalih ênggon ||

10. kula wit abdi jagul | kinarsakakên nama tumênggung | swargi raka paduka sri narapati | samangkya pan linastantun | ing putra paduka katong ||

11. ènthènga awratipun | dene putra dalêm sang aprabu | kang dêduka yêkti tuwan nyêrêng runtik | jêr tuwan inggih kang sêpuh | hèh si Pagêlèn mangkono ||

12. napa wêwalêsipun | ya maring swargi jêng raka prabu | dene iya dhèwèke awit wong cilik | dêstun têlotoking wêdhus | ing anggêpe kaya sato ||

13. tan ana antêpipun | iyèku marang ing anak prabu | mung punika gusti kang kula kêliri | panjênêngan dalêm sêpuh | kang sayêkti anênutoh ||

14. amung punika katur | inggih abdi dalêm pun tumênggung | tansah nuwun dêduka inggih pun patik | sinungakên dutanipun | angkate dalu amomor ||

15. ing marga tan winuwus | dalu praptane pakuwonipun | ing enjinge sowan ing pakuwon aji | aglar kang para tumênggung | ing ngarsanira sang katong ||

16. praptane dutanipun | Pangêndhagan gih Wirawangsèku | surat katur

--- 27 ---

pinundhut ing sri bupati | tinupiksa duta matur | pukulun inggih sang katong ||

17. abdi dalêm pukulun | pun Arungbinang sasampunipun | maos sêrat sumungkêm lajêng anangis | dangu dènnya sênggruk-sênggruk | mèsêm ngandika sang katong ||

18. mêngkono si tumênggung | duwe pangrasa nulya sang prabu | ingarsakkên sêrat winaos tumuli | kadriya raosing têmbung | jêngêr surat munggèng pangkon ||

19. kang raka dèrèng rawuh | miwah kang rayi sakalihipun | inginggalkên wus prapta santana katri | sêrat inguncalkên sampun | sarwi ngandika sang katong ||

20. kang mas suwawi ngriku | sampeyan tingali sêratipun | pun Tumênggung Arungbinang angangsuli | Pangran Adiwijayèku | nyandhak srat lajêng winaos ||

21. maos lajêng gumuyu | sawusnya tamat nguncalkên gupuh | mring kang rayi Pangeran Purubayèki | wusnya ingkang rayi sinung | Mangkukusuma amaos ||

22. lajêng pra punggawagung | Mas Rôngga sarêng pamaosipun | lan Dipati Suryanagara wus dening | nulya wau Ki Tumênggung | Jayadirja ingkang maos ||

23. sawusnya pra tumênggung | ingkang sawêlas sarwi andulu | Pangran Adiwijaya lon aturnèki | marang kang rayi sang prabu | kula puniki sang katong ||

24. yèn wontên lêmbat-lêmbut | botên kadugi gih milu-milu | rayi dika Rôngga lan Suryanagari | kintên kula mung puniku | ingkang lêmbut dika taros ||

25. ngandika sang aprabu | payo

--- 28 ---

pikirên karo sirèku | paran iya batine karêpirèki | Arungbinang si tumênggung | iya ature mêngkono ||

26. sigra dènnya wotsantun | Dipati Suryanagara matur | pan punika dora sêca aturnèki | kanisthan tuwan pukulun | sakêdhik kang dipun gêpok ||

27. dèn wastanana tuhu | inggih satuhu trus manahipun | dèn anggêpa dora lan dora sayêkti | mênggaha besan pukulun | tan nêdha têtukon abot ||

28. nanging ta awratipun | kang pantês lawan ingkang tinuku | botên ngadi-adi nanging ngadi-adi | wong duwe dagangan iku | angon mangsane pêpayon ||

29. pun Arungbinangipun | inggih ginantung ing manahipun | inggih têmên lamun paduka nêmêni | yèn dora karsa pukun |[9] inggih tinimbangan goroh ||

30. wau panyênthokipun | kanisthan dalêm kang dipun dumuk | abdi dalêm pun Arungbinang puniki | yèn ènthènga wawratipun | kang kula jrihi ing batos ||

31. dene kang putra prabu | ing Surakarta inggih tyas ulun | inggih ingkang panjênêngan sri bupati | natèng Kabanaran tuhu | ajrih kawula sayêktos ||

32. mendah si dukanipun | Si Arungbinang dudu tumênggung | pan dhèwèke wong cilik mula pakathik | jinunjung mring kakang prabu | kinarya punggawa bobot ||

33. mangke pratingkahipun | ènthèng bobote mring anak prabu | ora patut si Pagêlèn jêjêmbêri |

--- 29 ---

bilih makatên pukulun | dêduka dalêm kang dhawoh ||

34. jêr tuwan warisipun | gêgênti bapa ingkang satuhu | trusing ngukum molah kang botên gumingsir | Mas Rôngga gumujêng matur | Arungbinang sagêd ngonthol ||

35. gumêr kang pra tumênggung | para pangeran sami gumuyu | Arungbinang gumarêmêt marêpêki | prak ati dènnya têrunul | yèn parêk nuli angonthol ||

36. ngandika sang aprabu | ya wis ta Si Arungbinang iku | sun turuti panuwune maring mami | yèn ugi ana pitulung | ing suksma bisa kalakon ||

37. tumpês Kumpêninipun | Si Arungbinang aja ru-aru | niyat ingsun iya sun kanthi sayêkti | wong wantêr pintêr puniku | arang wong kaya mangkono ||

38. dhi Suryanagarèku | ana ambune sakêdhik iku | pintêr wantêr kang lumrah salah sawiji | lamun ta wantêr wong iku | sayêkti pintêre kalong ||

39. yèn pintêr adatipun | kalong wantêre adat wong iku | Arungbinang iki karo dèn ênggoni | apintêr wantêr satuhu | payo rupêkên kang mungsoh ||

40. padha mangsah adalu | biting lumbungan angsahna dalu | tindhihana Si Tumênggung Brajamusthi | dèn padha ngungkih prangipun | angrupêka agawe song ||

41. sigra kang pra tumênggung | samya ngumpulkên prajuritipun | mêmilihi kang ingangsahakên bêngi | atêngara bèri sampun | gumrah tambur bêrêk kêbo ||

91. Durma

1. sarêng mangsah pra dipati kawan wêlas |

--- 30 ---

ngirid ingkang prajurit | dalu dènnya mangsah | kêndhang gong bêndhe surak | angrok prang ngamuk mangungkih | rampak mangrêmpak | gumriwis dèn bêdhili ||

2. kadya guntur gumuntur sèwu prabata | mariyêm wanti-wanti | rontaka darebas | ubrêsaning ayuda | ngangsêg anêsêg ing jurit | nyêmut kêrangrang | tan kandhêg ngêsong sami ||

3. sabên dalu mundhak-mundhak parêkira | prajurit ing Matawis | kumrêsêg tandangnya | marêpêk kadya rayap | giris wadya jroning biting | mulat ing mêngsah | angsêge pêndhak bêngi ||

4. sampun angsal parêk tigang dasa cêngkal | yèn dalu kang saragni | Walandi sadaya | pun Dêmang Imajaya | Dêmang Côndrajaya sami | minggah bitingnya | nguwuh-uwuh Walandi ||

5. Hônggapatra Hônggasrana sru nguwuhnya | Walônda jro nauri | lan Walônda jaba | kang sami nama dêmang | saur-sinauran sami | mariyêmira | tan anggop siyang latri ||

6. pêndhak malih ajune wadya Mataram | watawis parêknèki | pan limalas cêngkal | Tumênggung Arungbinang | pantês gêmpala tyasnèki | lamun sinawang | mungsuh datanpa wilis ||

7. parandene Ki Tumênggung Arungbinang | mila ing tyas tan miris | wus pasrah ing suksma | pagut ing kasdunira | mawantah ing takrul takyin | mungsuh alêksan | ing ciptanira sami ||

8. lawan mungsuh kang têlung atus kewala | ing tekad tan kaèksi | apan kodrating Hyang | ing batin kang kacipta | wong satus mungsuh sakêthi | kagunganing [ka...]

--- 31 ---

[...gunganing] Hyang | lara kalawan pati ||

9. ing laire Ki Tumênggung Arungbinang | èngêt ingkang kapusthi | ujaring wirayat | ing wêca lawan jôngka | wong minulyakkên ing Widdhi | ingkang ajôngka | waskitha tyase sidik ||

10. lamun ana prang gêdhe Pagêlèn benjang | singa kang mapan dhingin | ing desa Ungaran | sayêkti yèn santosa | ana pitulung Hyang Widdhi | jitus mungsuhnya | norasor ing ajurit ||

11. kadya gêrah gumulung ing ombag[10] bangkat | prajurit ing Matawis | surake wurahan | wor mriyêm swaranira | pancurating obat mimis | gunging sanjata | saengga udan gêni ||

12. pra dipati samya ngawaki ngayuda | ngirid ingkang prajurit | kadya singa nabda | galak amôngsa sarpa | kadya rugrug sasra ardi | swaraning surak | amor kêndhang gong bèri ||

13. bêndhe wontên tigang atus sarêng munya | kapyarsa anglangêni | cara balèn kadya | gêgêdhug amor swara | bèri satus gêgirisi | kadya dhawuhan | ing kali satus banjir ||

14. katingalan Ki Tumênggung Arungbinang | polahe mobat-mabit | ambênêrkên samya | mriyêm lawan darebas | rontaka tan kandhêg muni | lir giri bêntar | mriyêm awanti-wanti ||

15. katingalan dening punggawaning mêngsah | ika kang wira-wiri | grim ijo rasukan | Tumênggung Arungbinang | solahira amêdèni | kaya wong nora | mambu canthèl ing batin ||

16. sarêng mundur punggawa wêwadul samya | marang ratunirèki |

--- 32 ---

yèn pun Arungbinang | solah tingkahing yuda | botên mambêt canthèl batin | pinarpêkana | yêkti ambilaèni ||

17. kados komadaka dhatêng padukèndra | mangkana sri bupati | natèng Kabanaran | supe ing kasarjanan | sigra dènnya paring tulis | Ki Wirawôngsa | sampun mêsat tinuding ||

18. momor manjing loji kinawongkên samya | nèng pondhok sampun panggih | nèng pajaganira | Tumênggung Arungbinang | sêrat sampun dèn tampani | gya tinupiksa | bêbukaning kang tulis ||

19. hèh tumênggung apa sira komadaka | aturira ing mami | dene polahira | ing aprang nora môntra | yèn uwis coroking batin | kagila-gila | panêmênmu ing jurit ||

20. kabèh bae dêdukaningsun ing sira | titi tamat kang tulis | dêduka ginarba | sêrat wus winangsulan | kang caraka amit mijil | lampahe prapta | ing pasanggrahan aji ||

21. sêrat katur kinarsakakên kawaca | katur kang pangabêkti | lawan pêjah gêsang | inggih abdi paduka | pun tumênggung sampun tampi | sêrat dêduka | gusti langkung mrinani ||

22. abdi dalêm pun Tumênggung Arungbinang | langkung anuwun runtik | pangraos kawula | pan inggih kalêrêsan | yèn kêmbaa ing ajurit | yêkti katingal | mêngsah dalêm udani ||

23. botên wande dipun mariyêm kawula | sayêkti dèn urugi | kula ing darebas | môngsa sagêda gêsang | tan adarbe atur malih | namung sumôngga |

--- 33 ---

ing sakarsaning gusti ||

24. pra dipati sinungan maos sadaya | ngandika sri bupati | paran kono padha | Dipati Suryapraja | umatur saha wotsari | mênggah punika | pangraose kang abdi ||

25. kadi lêrês pun Tumênggung Arungbinang | yèn talompe ing jurit | owaha ing tingkah | sayêkti kawanguran | inggih adating Kumpêni | langkung waspada | ing rèh owahing batin ||

26. ya ta wau mituhu ing aturira | angawon sri bupati | iya bênêr sira | adhi Suryanagara | Si Arungbinang nastiti | tukang wêweka | talatèn ngati-ati ||

62. Pêpêrangan ing Ambal tuwin ing Jênar

27. kawuwusa mayor kalèrêk lampahnya | kang bantu ing ngajurit | saking Kêdhu budhal | jog Pamrêdèn kang lampah | Sigaluh gih sampun prapti | kang ngiring lampah | Kêdhu tumênggung kalih ||

28. Ki Tumênggung Natayuda Wiradigda | sapanêkar pra mantri | Tumênggung Banyumas | mêpêk panêkarira | busana kaprabon jurit | Pamrêdèn Banjar | ing Ngayah lan ing Pasir ||

29. rong môngsa wontêne kang tumut Banyumas | dhaya luhur miranti | Kalibêbêr samya | lêlêdhok wus samêkta | wus anèng Pamrêdèn sami | jagul kêrigan | miwah ingkang prajurit ||

--- 34 ---

30. wau Mayor Kalèrêk Pamrêdèn prapta | wus sami apêpanggih | Tumênggung Banyumas | sakancane sadaya | gangsal èwu winitawis | malah langkunga | sagung prajurit Jawi ||

31. gangsal atus sagunging Kumpêni pêthak | dhomas kang Bali Bugis | Kêdhu punggawanya | kalih tumênggungira | prajurit sapara mantri | sèwu sadaya | rêrêmbate kajawi ||

32. sampun dadi kang rinêmbag sigra budhal | saking Pamrêdèn enjing | Tumênggung Banyumas | sakancane nèng ngarsa | têngah prajurit Kumpêni | kang munggèng wuntat | Kêdhu Tumênggung kalih ||

33. kadya alun gumulung angombak bangkat | angro lampahing baris | lir banawi bêna | gamêng sinang bêranang | ngêndhanu baris Kumpêni | ing tanah Roma | wanasigra wus prapti ||

34. pan sadalu enjinge têngara budhal | kumrab sagunging baris | pirang-pirang papan | sajêmbaring bêbulak | kèbêkan lampahing baris | ambèr balabar | lir robing jalanidhi ||

35. praptèng dhusun Jampisalam lampahira | rêrêb kalangan banjir | kinèn karya sasak | dalu myarsa sanjata | gumuruh kapyarsa sami | mayor atanya | ing ngêndi bêdhil iki ||

36. ingkang matur gih punika ing Ungaran | rintên dalu ajurit | mayor sarêng myarsa | langkung mangangah-angah | sasak kinèn gêlak aglis | nuli dadia | iya sawêngi iki ||

37. besuk esuk ingsun nabrang aja susah | dadya kang para mantri | dalu nambut karya | dalu dènnya tumandang |

--- 35 ---

enjinge sasak wus dadi | baris gya budhal | saking Jampisalami ||

38. wong Mataram myarsa bantune gêng prapta | Kalèrêk senapati | wuwuh loking warta | sèwu Kumpêni pêthak | kalih èwu Bali Bugis | Jawa salêksa | gumrah ing warta Jawi ||

39. malêm Rêbo Sri Narendra Kabanaran | budhal sawadyanèki | ing dalu pukul pat | kasusu budhalira | akathah dandanan kèri | Kumpêni mulat | kang wontên jroning loji ||

40. gya sinusul ing mariyêm bal-ambalan | dènnya nguluk-uluki | ingantêp isinya | parêng ing arga bêntar | enjinge Walôndanèki | balik têtiga | ki tumênggung nampani ||

41. wus tinunggilakên lawan bangsanira | baris Kumpêni prapti | Rêbo Lêgi tanggal | sawêlas sasi Sura | wus salin tahun awal Jim | loji kèbêkan | sagunging baris Jawi ||

42. sami mêdal Ki Tumênggung Arungbinang | sakancane pra mantri | amakuwon jaba | anunggil pra dipatya | mayor sigra angundhangi | Kyai Rungbinang | sampun sami pêpanggih ||

43. palênggahan ngling mayor pundi sudara | ênggène Mangkubumi | alon saurira | Tumênggung Arungbinang | ing Gurda pangajêngnèki | katri punggawa | gêgêdhuging prajurit ||

44. Jayadirja Mas Rôngga Wirasêtika | lan Suryanagarèki | sèwu prajuritnya | bupati kang têtiga | ênggone susunanèki | wontên ing Ngambal | sakidul lêrêng nênggih ||

45. sigra mayor Kalèrêk [Kalè...]

--- 36 ---

[...rêk] apêparentah | sudara benjing enjing | sami dika mangkat | sakawan pra dipatya | kula bêktani Kumpêni | gih tigang dasa | sèkêt Bugise Bali ||

46. mariyême satunggil bêktanên benjang | ki tumênggung nauri | tuwan yèn kênia | bok sampun agêgampang | manawi tiwas ing jurit | tuwan pan awrat | Susunan Mangkubumi ||

47. yèn tiwasa mindhak agêng tyase mêngsah | mayor nyêntak dènnya ngling | jangan banyak kata | Tumênggung Arungbinang | tuwan sampun walang ati | kula lumampah | tuwan ing benjing enjing ||

48. damêl kula aprang punapa macalang | kalèrêk anauri | dika gawe sasak | Tumênggung Arungbinang | tuwan sampun walang ati | prakawis sasak | kula kang anyaguhi ||

49. botên susah anglampahakên wong kathah | amrih nuntêne dadi | kalèrêk miyarsa | awêngis wuwusira | sarwi netrane macicil | jangan parentah | marang beta kiyai ||

50. pan kumêpyur ki tumênggung tanpa ngucap | angling sajroning galih | kèngêtan ing jôngka | iya Pagêlèn benjang | ana prang gêdhe ngluwihi | senapatinya | modar salah sawiji ||

51. baya iki jidhèt ana ing paprangan | dene kaluwih-luwih | sumêkti gumuna | ing jagat tan pasama | rupamu nyêkathak sapi | apêksa iya | anyêkêl Mangkubumi ||

52. ing rêspati angkate kang pra dipatya | Kumpêni jalan kaki | nênggih tigang dasa |

--- 37 ---

mariyême satunggal | sèkêt ingkang Bugis Bali | Kyai Rungbinang | nèng ngarsa sawadyèki ||

53. anambungi Tumênggung Yudanagara | saprajurite sami | nulya wurinira | Tumênggung Wiradigda | ing wuri bala Kumpêni | ing wuri pisan | Kyai Natayudèki ||

54. praptèng ngambal mênangi wadyèng Mataram | natasi sasak sami | sigra tinarajang | sasak ingkang rinêbat | rame campuh ing ngajurit | arêbat sasak | rame bêdhil-binêdhil ||

55. pra dipati wuri wadyane kèh prapta | miwah bala Kumpêni | wadya karepotan | yudane wong Mataram | tilar sasak mundur ririh | sêntolo wêtah | gantya dinandan sami ||

56. kinarubut ing kathah kang nambut karya | pra dipati jênêngi | munggèng soring gurda | ing oyod lêlinggihan | Tumênggung Rungbinang linggih | lan Wiradigda | katri Yudanagari ||

57. nuntên prapta wadya saking kilèn wetan | kang ngaturi udani | sami aturira | wontên bangke Walônda | ingkang kèli saking nginggil | lan bangke Jawa | kathah bangke Walandi ||

58. pra dipati sami tan wontên anduga | eca pra sami linggih | Tumênggung Rungbinang | nuturakên wirayat | jangkane Pagêlèn benjing | wontên pêpêrang | gêdhe rame ajurit ||

59. wontên papan satunggal marahi jaya | singa ngênggèni dhingin | ing desa Ungaran | kukuh datan kasoran | nuntên prang ngambal ing benjing | ingkang amêca | wontên prajurit kanin ||

--- 38 ---

60. watawise sampun prênahe punika | nuntên prang gêdhe malih | ing Pagêlèn wetan | wasta Jatipandhawa | wontên senapati mati | Jatipandhawa | sirna madyaning jurit ||

61. dèrèng tutug ngandika katri punggawa | kapat Natayudèki | mêngsah ênggènira | nunggil lawan Walônda | wau prajurit Matawis | angrêbat sasak | kasoran ing ngajurit ||

62. binantonan Dipati Suryanagara | Cakrajaya kalindhih | Tumênggung Jadirja | Rôngga Wirasêtika | Prajurit Suranatèki | kang salawe prah | wolu mantri pinilih ||

63. pan mèh dadya sêntolone sampun kêkah | praptane wong Matawis | tinunjang kewala | para mantri atadhah | binêdhilan wong Matawis | maksih tinunjang | nubruk angidak wani ||

64. kinarutug ing bêdhil mêksa anabrang | tan kêna dèn bêdhili | nolèh datan kêna | prajurit ing Mataram | Dipati Suryanagari | anglandhak tumbak | Rôngga Jadirja sami ||

65. sigra nunjang wong Mataram ngidak sasak | pan sampun dèn sabrangi | prajurit Mataram | nêmpuh gyan pra dipatya | ing wuri kathah nusuli | sakin akathah | prajurit ing Matawis ||

66. tinadhahan dening sagung pra dipatya | mapan lawan Kumpêni | rame têmpuh ing prang | kotbuta wong Mataram | rame rok bêdhil-binêdhil | sigra yun dana | Arungbinang binêdhil ||

67. kêna pêpoloke Ki Tumênggung jingkat | ludnan sigra marani |

--- 39 ---

sudara mundura | kancane sami mulat | lamun ki tumênggung kanin | mundur lon-lonan | prajurit ing Matawis ||

68. baris Panjêr-panjêr Mrêdèn Pasir Ngayah | tinunjang dèn amuki | mawur nora tahan | wong Kêdhu asarsaran | Ranadipura Panumping | tatu tan pasah | sayah sariranèki ||

69. Bugis Bali tinêmpuh tadhah apanggah | rinukêt acarus[11] kris | rusak akèh pêjah | bosah-basih bêlasah | sakarine kang ngêmasi | palajêngira | ngungsi mariyêm sami ||

70. panganggone kalangan toya kajaja | Kumpêni angêndrèli | pra dipati samya | ngumpul wuri Walônda | prajurit Mataram sami | ngrangsang Walônda | dèn êdrèl nunjang wani ||

71. wus kacorok Kumpêni barise rusak | mas rôngga ngamuk ngungkih | Tumênggung Jadirja | Radèn Suryanagara | pangamuke ngobrak-abrik | awor ing aprang | wuru wadya Matawis ||

72. lawan mirsa salomprèt muni ing wuntat | gusti bantu pribadi | dadya sami nunjang | nêmpuh rok liru papan | Kumpêni mariyêmnèki | surak gumêrah | awor tambur lan bèri ||

73. swaraning kang sanjata kadi dhawuhan | bêdhah anggêgirisi | prajurit Mataram | kotbuta nêmpuh rampak | sabin toya ngêbyuk sami | dèn drèl sapisan | kumroyok anumbaki ||

74. mariyême muni ping kalih rinangsang | kêstabêl dèn suduki | mriyêm wus karêbat | Kumpêni ingamukan | tumpês ludnane angênthir |

--- 40 ---

lan pra dipatya | wadya gusis rumiyin ||

75. kadya yêksa akrura wadya Mataram | kurang lawaning jurit | langkung sukanira | sang Natèng Kabanaran | mulat pratingkahe dasih | andum bandhangan | sagung para prajurit ||

76. kawuwusa wau kang sami kaplajar | ludnan mung kantun kalih | saradhadhunira | angsal tundhan turôngga | wadyane kang pra dipati | icir praptanya | sami galêput siti ||

77. pan mèh surup praptane biting Ungaran | ludnan lan pra dipati | mayor langkung gusar | kalèrêk kaya ngapa | pratingkahmu ing ngajurit | kongsi atinggal | ing mariyêm sirèki ||

78. sira ludnan kumêjot pundhake jingkat | lah inggih kadi pundi | pratingkahing yuda | wus pasthi kalih mênang | kula kinêpung rong sasi | pan botên kalah | mangke gèn aprang sisip ||

79. wingi mila Ki Tumênggung Arungbinang | pitutur angaturi | tuwan datan arsa | tan kêna ginagampang | yèn abote Mangkubumi | sinôngga ing prang | inggih kalakon mangkin ||

80. sira Mayor Kalèrêk mêdhot mukanya | kadya araup gêtih | manggil Arungbinang | kinèn anandhu prapta | kanine dipun tingali | kalèrêk mojar | sudara dika kari ||

81. kula mangkat gih mangke bêngi kewala | amukul Mangkubumi | kabèh mantri dika | kula bêkta sadaya | ki tumênggung anauri | tuwan sumôngga | mayor amuwus malih ||

82. hèh sudara kula tinggali andika | têlung puluh

--- 41 ---

Kumpêni | Islam wolung dasa | mangkana bakda ngisa | ngundhangi bala Kumpêni | lan pra dipatya | kêrig sagunging baris ||

83. ki tumênggung kari tunggu ing Ungaran | mung sagêbênganèki | lan para santana | Mayor Kalèrêk budhal | dhusun ngrante dèrèng prapti | wontên ampuhan | prahara andhatêngi ||

84. gumarudug angin gora gara-gara | arga grah gêgirisi | rug kang wrêksa rêbah | kèh sêmpal kaparapal | bangun pôncawôra tarik | anila warsa | patêr anggêgêtêr ||[12]

85. pêtêng dhêdhêt paliwara palimutan | saput tan wruh ing margi | kêkês dharodhogan | pating galuyur samya | ting barêngok ngajêng wuri | acêluk rowang | wangsul sagunging baris ||

86. datan kêna tinêrak praharanira | dupi ngundhangan bali | rèrèh kang prahara | suda kang angin gora | nanging wong maksih lumaris | wangsul praptanya | Ungaran têngah wêngi ||

87. pra dipati yèn wania ngandhêg samya | pan dede wadosnèki | èstu pangabaran | sang Natèng Kabanaran | winongwong sasolahnèki | jinajayèng prang | sapolahe katawis ||

88. enjing malih budhale saking Ungaran | gumuruh kang wadya tri | kadya pun wanarga | tiktak sakawan bêkta | datan watês ngarsa wuri | gunging kang bala | lir robing jalanidhi ||

89. prapta anèng ing Ngrante pukul sadasa | kèndêl makuwon sami | enjing budhalira | ing Jagarêsmèn prapta | enjingira budhal malih |

--- 42 ---

wus praptèng bêndha | wus karya sasak sami ||

90. badhe nyabrang ngalèr lêrêng goning mêngsah | Susunan ing Matawis | makuwon nèng Jênar | anata wadyanira | prajurite wus miranti | kang pra dipatya | ing rêmbag sampun dadi ||

91. badhe Jênar pêkên prayogi kang papan | mêngsah dènnya nadhahi | sampun amupakat | lawan kang pra santana | yèn badhe angantêp jurit | ana ing Jênar | aprang badhe tohpati ||

92. mantri sèwu numbak anyar kang pacalang | sami atur udani | pra dipati ngira | yèn mêngsah sampun cêlak | Jênar badhe anadhahi | narpatinira | badhe ngawaki jurit ||

93. wus ajanji lan para kadange samya | kang raka lan kang rayi | pra tumênggung sigra | mring mayor tur uninga | yèn mêngsah badhe ngêntosi | pênêde tuwan | sami angati-ati ||

94. batur dika Kumpêni dawêg tinata | awrat mungsuh puniki | pan adate kuna | tan kêna ginagampang | Mayor Por Sakèbêr nguni | tuwin Kop samya | nate prang lan puniki ||

95. para mayor katri sampun nandhang tiwas | aprang lawan puniki | Kumpênine rusak | prang Tanjung prang Patidhar | prang Gowong Mayor Has mati | tuwin Mayor Pal | mati dening puniki ||

96. mayor nyêntak hus jangan banyak bêrkata | pan takut Mangkubumi | sarebu tambaha | beta têradhak susah | Si Kalèrêk laki-laki | trak adha guna | takut ing Mangkubumi ||

97. sudhah pasthi Si Kalèrêk bolih [bo...]

--- 43 ---

[...lih] ajar | mu pegang Mangkubumi | beta bolih tahan | dhapêt dhimana-mana | Kapitan Uce pinanggil | sradhadhunira | tigang dasa pinijig ||

98. para dhaèng lawan para upsirira | sradhadhu kang turanggi | sadaya binêkta | papênêd ing prawira | kusuma Makasar Bugis | Uce pinatah | nindhihi jalan kaki ||

99. pan pinilih sawarnine kang gêgaman | Uce kinèn angirid | sagunging rêmbatan | obat mimis lan reyal | badhe gajihing Kumpêni | ngiras binêkta | dene kang para mantri ||

100. amung mantri Panumping ingkang binêkta | lan Bumija sapalih | mantri numbak anyar | nyapalih kang binêkta | Tumênggung Natayudèki | sapalih ingkang | mantri tumut ing wuri ||

101. Ki Tumênggung Banyumas lan Wiradigda | ingkang tumut rumiyin | wus nabrang samana | Mayor Kalèrêk sigra | kang baris Jênar winarni | Natèng Banaran | pacalangira prapti ||

102. matur lamun mêngsah dalêm sampun nabrang | ngandika sri bupati | kangmas paran karsa | matur mau kang raka | dhuh sang nata aja tari | maring wong tuwa | môngsa gêlêma kari ||

103. supe lamun kang rayi jumênêng nata | pan ora dèn basani | kang raka karuna | kadangku kari pira | lêbura sadina iki | ingsun pan ora | nêdya tinggal sirèki ||

104. saparanmu sakarêpmu ingsun ora | nêdya urip pribadi | Pangran Purubaya | Pangran Mangkukusuma | sami nangis anarik kris | sarêng turira | sami nyuduki siti ||

--- 44 ---

105. nulya sagung pra dipati samudaya | sami nyuduki siti | sigra amêmatah | Susunan Kabanaran | bocah jro para prajurit | gêdhong kaparak | angumpula sirèki ||

106. iya lawan Kakangmas Adiwijaya | agêlar andhadhani | Dhimas Purubaya | Dhimas Mangkukusuma | dadya pêngawake kering | krang[13] pra dipatya | sawêlas aja kari ||

107. anunggala lan arimas karo pisan | têngên pêngawatnèki | ya Si Jayadirja | Rôngga Wirasêtika | Dipati Suryanagari | sisih punggawa | sawêlas pangran kalih ||

108. sagunging kang rêrepot kang para garwa | myang rabining bupati | sagung wêwadonan | wus kinèn rumiyina | lan putra pangran ngabèi | kang ngirid lampah | mung bandera rong supit ||

109. wus amisah wau kang narpa tanaya | badhe kang dipun jogi | Lowanu banjura | ngalèr Manorèh pisan | wau ingkang masang rakit | gêlar candrasa | ingkang kinarya wiwit ||

110. yèn wus campuh Gajahbangun badhenira | wau ta sri bupati | kang pinangku ngarsa | prajurit suranata | wolung puluh papat nênggih | lan malih kapat | sasur mantri pinilih ||

111. kawuwusa Mayor Kalèrêk lampahnya | wadya lir prawatagni | langkung kilènira | nênggih dhusun ing Jênar | dhusun agêng Malang nênggih | tan kawistara | yèn ênggèning kang baris ||

112. kuda sami kinumpul dadi sadesa | mila datan katawis | ênggèning sang nata | kalingan [ka...]

--- 45 ---

[...lingan] pagêr dhadhah | papringan agêng lan malih | lan jarak cina | kang sami angalingi ||

113. kang prajurit mêndhak tarap mangku tumbak | cinêkêl sipat godhi | apan sunanira | dadya mukaning gêlar | Kalèrêk lampahirèki | pacalang nulak | Wiradigda ngandhêgi ||

114. matur lamun Susunan ing Kabanaran | badhe ngantêp ing jurit | sigra wau nyêlak | Tumênggung Wiradigda | bilang maring mayor aglis | tuwan kèndêla | mungsuh sampun miranti ||

115. luhung nuntên tatanên baris prayitna | Kalèrêk tan nauri | agèdhèg kewala | sumaur tigang kêcap | sarwi netrane mucicil | trak adha guna | dhiyêm jangan kêstori ||

116. nuli mulat ana bandera sakawan | kêthap-kêthap kakèksi | kang rêrepot kathah | katon ingkang gêgaman | iya iku Mangkubumi | sinandêr sigra | wus cêlak ambêdhili ||

117. nanging sampun têbih ingkang para garwa | dene kang sami kari | wong cilik kewala | bêbakul ingkang kathah | tinunjang malêdug sami | wuri kocapa | Sang Prabu ing Matawis ||

118. kang pakuwon kinèn sami ngobongana | darapon mungsuh kèksi | nuli maranana | Kalèrêk wus kaliwat | tan wruh gèning sang narpati | lamun kaliwat | mêngsah ingkang sapalih ||

119. kang sapalih maksih kantun wurinira | Uce Kapitanèki | lan Kumpêni Islam | tuwin kang pra dipatya | Kandhuruan ngayah sami | lan Dipayuda | Pamrêdèn Banjarpasir ||

120. pangajênge mantri sèwu duk miyarsa | ing Jênar ana baris | dadya

--- 46 ---

sami giwar | wau ing lampahira | para mantri rêmbag sami | luhung utusan | dhatêng gêgaman wingking ||

121. lan Kapitan Uce sinungan pariksa | yèn ing Jênar puniki | inggih wontên mêngsah | sigra Surawijaya | wangsul lan kapitan panggih | tuwan pan mêngsah | wontên dhusun puniki ||

122. sigra wau Kapitan Uce atanya | tuwan mayor nèng pundi | ling Surawijaya | mayor pan sampun têbah | wau sampun dèn tuturi | yèn wontên mêngsah | nanging botên praduli ||

123. sigra gugup Uce dènnya nata bala | Kumpêni Bali Bugis | nata barisira | kumpul para kapitan | Natèng Kabanaran aglis | ngungak ing mêngsah | wus nyata sampun rakit ||

124. asaradan Sri Bupati Kabanaran | ingkang waja ginitik | angabani bala | sami mandhi talêmpak | hèh payo sagung prajurit | padha ngêrêmna | ing netranira kalih ||

125. sarêng giyak kukuk mêdal saking dhadhah | nêmpuh sarêng alok ing | wau sri narendra | dragundêr tinarajang | Kapitan Uce nadhahi | êdrèl sapisan | rinangsang bosah-basih ||

126. kumêroyok tandange wong suranata | miwah mantri pinilih | pamuke kotbuta | kuwêl ulêng-ulêngan | carub awor kang ajurit | wau sang nata | ngawaki ngowak-awik ||

127. kang prajurit pinilih lan suranata | akathah kang caruk kris | Kumpêni balasah | wus kathah ingkang pêjah | mas rôngga lan Jadirjèki | Suryanagara | kuwêl [ku...]

--- 47 ---

[...wêl] lan Bali Bugis ||

128. Pangran Mangkukusuma Pangran Purbaya | lan sawêlas bupati | campuh ing ayuda | para mantri sadaya | Banjar Mrêdèn Ngayah Pasir | Lêdhok prangira | rame bêdhil-binêdhil ||

129. pan anyêrot pra Dipati Kabanaran | pangran kalih nindhihi | Pangeran Purbaya | Pangran Mangkukusuma | nindhihi ngamuk ngawaki | mungsuh sarsaran | Dipayuda ngêmasi ||

130. ing Pamrêdèn wau Kandhuruan Ngayah | sampun anandhang kanin | sukunira kiwa | wadyane kathah pêjah | Pangran Adiwijayèki | wadya kaparak | prajurit cênthung sami ||

131. ingangsahkên kanan kerine sang nata | wau kang Bali Bugis | Makasar Sambawa | rukêt sami makanjar | rame malih kang ajurit | bangun prang muka | ubêkaning ngajurit ||

132. yeka jamur mangrok mangrukêt mawantah | manduk mamruk mapulih | jenggrak brêg rêkatak | marupak parung pêdhang | rêgrêg kandhêg krura mangkrik | gapruk prak gêmprak | liwêran onggrak-anggrik ||

133. awangwangson rumuk popor maputêran | gumuntur gêgêtêri | prawara prawira | rumrak caruk curiga | rukruk ngungkih datan ongkih | kakah-kakahan | adugang dêdagangi ||

134. awor wuru marus ubrês mawurahan | ruwêk mawor tan wiwrin | kang para kapitan | ngrik tri jajar makanjar | Jadirja angobrak-abrik | Suryanagara | goramuk ngowak-awik ||

135. rindhu dhêdhêt mas rôngga ngamuk pangrupak | cat-cut Uce ngêmasi | pêcah [pê...]

--- 48 ---

[...cah] sirah parah | sèkêt dragundêr pêjah | sangang puluh jalan kaki | lan pitung dasa | tumpês tan ana kèri ||

136. karusakan sirna suh para Kapitan | Bali Makasar Bugis | giwar kawandasa | dragundêr gêrus giras | giris mangrês ngungsi ngisis | murud raradan | desa doh kang dèn ungsi ||

137. gangsal atus tumpês tapis wong Makasar | Sambawa Bali Bugis | wau Sri Narendra | Susunan Kabanaran | tan karuwan wor ing dasih | kaprêgok wadya | mantri prameya kanin ||

138. gya cinandhak sinundhang mring asta kiwa | rah rumambat mratani | ing bajo sang nata | kadya gurah ludira | kang kanin Radèn Ngabèi | Mangunnagara | tatu pundhake keri ||

139. arinira Rahadèn Suryanagara | jinampèn dèn sêmpahi | mêndha kaninira | Radèn Mangunnagara | nêmbah amit ngamuk malih | dadya kang mulat | narka ratune kanin ||

140. sajatine rah têtularan kewala | opyak pating kalêsik | narka kanin samya | ing Gustinira Nata | Pangran Adiwijaya glis | Pangran Purbaya | myang Mangkukusumèki ||

141. ting balêbêr pra samya ambuwang watang | nêdya bela caruk kris | Pangran Diwijaya | kontrang-kantring karuna | dhuh sujana ari mami | ingsun kang tuwa | anêmahana pati ||

142. sira babo kèria mukti wibawa | lulusa madêg aji | Pangran Purubaya | dhuh sintên kakang êmas | kula tutkên andêr pati | wau sang nata | bubar prang wus alinggih ||

143. anèng Kowor [Ko...]

--- 49 ---

[...wor] duk ngumpulakên bandhangan | kang ngadhêp Tuwan Sayid | lan Pangeran Rôngga | Dilangu lan pangeran | lan Dipaningrat Kiyai | prapta tri kadang | pra sami anangisi ||

144. kula kangmas katularan rah anyundhang | Si Mangunnagarèki | dadya wus atata | kang rayi lan kang raka | kathah bandhanganirèki | kang rajabrana | sang nata tan praduli ||

145. namung ingkang dadya sukane kalintang | sanjata obat mimis | kêrbine sawidak | bainèt kalih bêlah | satus tongkang obat mimis | wus ingusungan | maring jro desa sami ||

146. wus lumirig sawadya marang jro desa | bagi timun kêrai | sagung raja brana | kinèn bagi warata | wuwusên Kalèrêk myarsi | bêdhil gumêrah | kadya ramening jurit ||

147. dadya wangsul Mayor Kalèrêk asigra | gumrubyug sawadyèki | ki tumênggung sigra | Wiradigda anyêlak | lawan Yudanagarèki | tuwan kèndêla | tatanên kang prajurit ||

148. gèdhèg bae mayor pêksa lampahira | tan dangu praptanèki | tabêting ngayuda | balasah kang rêmbatan | lan akèh bangke Kumpêni | Bugis Makasar | balasah tumpang tindhih ||

149. nulya pucat Mayor Kalèrêk mukanya | sigra têtanya aris | Tuwan Wiradigda | Tumênggung Natayuda | lan Si Uce wontên pundi | wau saurnya | Kyai Wiradigdèki ||

150. inggih tuwan watawise sampun risak | paran gène basuki | nulya

--- 50 ---

wontên wikan | mantri kawiradigdan | mêdhun saking kuda aglis | tuwan punika | pun Uce sampun mati ||

151. dipun kêthok tabête kinarya sepak | tigang dhêpa dohnèki | badan lawan sirah | nulya para kapitan | bangkene samya pinanggih | muka cinacah | mayor ngênês tyasnèki ||

152. Wiradigda wontên mantrine kaplajar | katêlingsut anunggil | mring mayor turira | Tuwan pun Natayuda | miwah kang para upêsir | sisaning pêjah | palajênge anunggil ||

153. dhatêng ing Toyamas kintên kang uninga | lajêng ngilèn pra sami | wontên kalih dasa | kang taksih Kumpêni Slam | lan mêngsah puniki maksih | Natèng Banaran | ngulari mungsuh malih ||

154. sawêg andum ing jarahan mimis obat | sawêg binagi maring | sagunging prawira | miwah andum sanjata | anacah bangke Kumpêni | katiga bêlah | wau Kumpêni putih ||

155. gangsal atus wau Kumpênine Islam | bangkene tumpang tindhih | Jawi Dipayuda | Ngabèi Mêrdèn pêjah | akathah kang para mantri | nunggil Walônda | kang sami angêmasi ||

156. nuli liwung kadi kêna pangabaran | winar karantan kêni | Tumênggung Banyumas | Tumênggung Wiradigda | kang pinatah wira-wiri | saparanira | angapit kanan keri ||

157. sampun tuwan obah ing ngriki kewala | tatanên baris aglis | pan botên kasêsa | yèn tuwan maranana | pan ènthèng lampahing baris | môngsa wandea |

--- 51 ---

mungsuh mangke mariki ||

158. yèn ta sampun angsal titahing ayuda | adate Mangkubumi | ngungsir sagèn mêngsah | tan susah pinaranan | mayor gèdhèg tan praduli | kêna ing jôngka | wau ta Sri Bupati ||

159. Kabanaran wontên ngaturi uninga | yèn pangeran ngabèi | binujung ing mêngsah | risak basuki kilap | angandika sri bupati | mungsuhe apa | Jawa miwah Kumpêni ||

160. matur inggih Kumpêni malah mayornya | kang bêbujung putraji | Kalèrêk punika | bala Kumpêni kathah | ngandika anggigit lathi | lah payo bocah | aja na nêdya urip ||

161. langkung saking bramantya Natèng Banaran | kadya tan napak siti | sun padha têrêna | wruh alang ujur ingwang | gon ingsun anêdya mati | sagung prawira | nangis samya narik kris ||

162. sami gêro prajurit nyuduki lêmah | matur pating jalêrit | sang nata ngandika | saragni cênthung samya | kalih atus kanan kering | padha mêtua | andhèdhèr marang sabin ||

163. kira-kira rong pambêdhil longkangingara |[14] dohe kanan lan kering | padha anungganga | ing kuda amêngawat | tur sêmbah sagung prajurit | kang jêjaranan | kiwa têngên wus mijil ||

164. sami dhèdhèr katon marêpak gêgaman | ingkang wetan kaèksi | sinang rasukan bang | cênthung ngangge salaka | pating parêthap kaèksi | alamat-lamat | Jatipandhawa kèksi ||

165. mayor kagyat lah ika gamane sapa | banderane rong supit | gupuh saurira |

--- 52 ---

Tumênggung Wiradigda | baturing mungsuh puniki | ingkang pangarsa | lidok tuwan puniki ||

166. yêkti botên wurung amukul ing tuwan | wau ratunirèki | lagya salat kajat | bakda ing rong rêkangat | nyandhak talêmpak sang aji | lah payo bocah | umangsah dipun aglis ||

167. bok kasêlak iya rusak wong wadonan | gumrêgut kang prajurit | samya ngangah-angah | berag sudiraning prang | mangsah dharat sri bupati | nindhihi bala | ngawaki ing ajurit ||

168. kumarutug anggarêbêg gustinira | wadya jro tan atêbih | mayor sigra mulat | yèn wontên songsong jênar | dènira têtanya aglis | sintên punika | payung kuning mariki ||

169. kang tinanya Tumênggung Wirawidigda | gupuh dènnya nauri | tuwan gih punika | Susunan Kabanaran | Pangeran Amangkubumi | prajurit mukya | sudibya surasêkti ||

170. sakin liwung murang-muring solahira | anake rare sakit | sinandhing kewala | sigra ngabani bala | Kumpêni atata baris | tambur gumêrah | salomprèt anambungi ||

171. baris kubêng mapag nèng Jatipandhawa | tawang papane radin | Natèng Kabanaran | mulat ing mungsuhira | sigra ngabani prajurit | rampak narajang | ngêbyuk lèr-lèran sami ||

172. giyak bangun angun-angun kadi yêksa | êmpal-êmpalan daging | prajurit Mataram | gambira nêmpuh rampak | bala Kumpêni nadhahi | amasang

--- 53 ---

tiktak | ngêdrèl ngudani mimis ||

173. kadya guntur gumarudug wukir Sasra | dhêdhêt madyaning jurit | surak tambur aprang | kadya grahing kang sapta | gumuruh swaraning jurit | têmpuh ubêkan | prajurit ing Matawis ||

174. datan kandhêg ingêdrèl nunja[15] angrangsang | gustine angawaki | parêng[16] pamuk rampak | nubruk ngidak anunjang | anusupi drèl numbaki | kumroyok ngêmprak | alok ingobrak-abrik ||

175. akèh curak curiga kuwur barisnya | rinukêt ing ajurit | Kumpêni wus lingkap | kuwur kathah kang pêjah | ambêlasah bosah-basih | ambêlasikan | rubuh banderanèki ||

176. tambur sirêp pating galêpruk kewala | gapruk brêg kajumpalik | rêg rêbah balasah | sirna rakiting aprang | mayor bingung angulithih | sanjatanira | kinarya mobat-mabit ||

177. prajurit ing Sukawati Wirarana | mayor dèn parêpêki | winêton ngiringan | ginoco sing kapira | pinugêr rêbah wus mati | jôngga tinigas | bangke tumpang atindhih ||

178. sirna gêmpang malêdug sisaning pêjah | Kapitan Usar aglis | anggiwar lumajar | tumut Usar sadaya | kalawan tumênggung kalih | Wirawidigda | lan Yudanagarèki ||

179. palayune nêdya ngungsi ing Ungaran | dene tumênggung kalih | bature kang nglima | dene kang kathah-kathah | ting balêsar rêbut urip | ana singidan | ing desa kang asêpi ||

180. yudanira prajurit ing Kabanaran |

--- 54 ---

duk winongwong ing Widhi | jinajayèng aprang | kinrutug ingêdrèlan | dèn byuk dèn udani mimis | nora sêmbada | kalonge kang ngêmasi ||

181. dina Ngahad Lêgi ping rolikur tanggal | Sura wulanirèki | ing taun Jimawal | sinêngkalan prang Jênar | arga muni bahing bumi |[17] andêle aprang | mayor kalèrêk mati ||

182. lan Kapitan Uce prangmukaning[18] jaya | tumpês Pajênar sami | para dhaèng kathah | sami pêjah cinacah | Kumpêni putih kang kanin | patang atusan | tigang dasa kang mati ||

183. Kumpênine Islam pitung atus rolas | tumpês ing prang sakenjing | prajurit Mataram | amung nênêm kang pêjah | mung sawêlas ingkang kanin | walahuaklam | mêrojol saking budi ||

184. pêpatine sèwu satus pitung dasa | mungsuh punjul kêkalih | pakaryaning aprang | dudu padha manungswa | têtêp ingkang Maha Suci | kang polah tingkah | asor ungguling jurit ||

185. duk puniku Susunan ing Kabanaran | sami ningali jisim | kalèrêk bangkenya | sirahe kang wus pisah | kinumpulkên dèn tingali | sami winawas | sami angusap wèni ||

63. Ing Ungaran wontên bêbantu dhatêng saking Samarang

92. Sinom

1. wau ta Kapitan Usar | lawan tumênggung kêkalih | kang lumayu mring Ungaran | lampahe tan anut [anu...]

--- 55 ---

[...t] margi | bêbênêr ngambah sabin | sami agalêput êndhut | praptane ing Ungaran | kagyat kang sami ningali | nuju anèng loji Tumênggung Rungbinang ||

2. praptanira tinakonan | maksih angadêg nauri | sarwi agoyang kapala | wong Kumpêni sudah habis | mayor kalèrêk mati | tumpês sakumpêninipun | Kapitan Uce bebas | sakumpênine babar ji | para dhaèng kêraèng tumpês sadaya ||

3. prajurit prawirèng laga | Mangkubumi laki-laki | orangnya têradhak banyak | nyang dhibawak magut jurit | Wiradigda nambungi | adhi akèh duk prang Tanjung | ingkang ginawa nêngah | jabakna ing kanan kering | duk angkate durung campuh pinayungan ||

4. nyamping sarung irêng sutra | rasukane kotang putih | watara ana pitulas | kang dèn wori kotang putih | patute pra dipati | pinilih suranatèku | tan lyan pêpangkonira | Kapitan Usar nambungi | dhi kapala dhalêm ikêt adha kopyah ||

5. Tumênggung Wirawidigda | alon dènira nambungi | gih tuwan kopyah bathokan | ucêng Arab kang ing Jawi | latar irêng kaèksi | cindhe jo paningsêtipun | anggar rêrenda pêthak | mung ngagêm dhuwung kêkalih | lancingane martas we jo kêkomboran ||

6. Kapitan Usar angucap | bature kèh sun tingali | nganggo kêris têlu papat | mung siji krise kêkalih | yèn ika Mangkubumi |

--- 56 ---

dhapure nyata abagus | têka kêras ing aprang | angkate prang dèn payungi | saingkupe payunge katêmu ngarsa ||

7. tumbak sadhêpa rong asta | lawungipun nagasari | cinoncong nèng ngarsa pisan | ika kang nunjang dhingini | ingêdrèl tan praduli | bature nusul kumrutug | kumroyok padha numbak | bubrahe baris Kumpêni | sun watara nora luwih wolung dasa ||

8. baris èwon kuwur bubrah | tinata-tata tan kêni | barusah sampun balasah | giris wus akèh kang mati | Kapitan Usar angling |[19] yèn aja giwara ingsun | kalèrêk kuthèthèran | sapisan tan olih bêdhil | sami ngungun kapingungun solahira ||

9. nulya sami tata lênggah | mêdal janèwêr branduwin | ngiras sami pagunêman | Kapitan Usar nênulis | marang nagari Têgil | mring Samarang suratipun | Tumênggung Arungbinang | carakane wus lumaris | ing wurine mênêdi lêlarèn jagang ||

10. wus mranti mariyêmira | rontaka darebas rakit | ing dalu datan winarna | ya ta pinarênge prapti | bantu saking Batawi | kalèrêk pinaring bantu | tan mirsa yèn wus pêjah | prajurit Tarnite prapti | kawan atus kinèn bengkasakên mêngsah ||

11. tan wruh yèn kalèrêk bebas | Tarnite ingkang nindhihi | Kraèng Galèngsong satunggal | Dhaèng Malewa satunggil | Dhaèng Basudhak nênggih | Marêgês sakawanipun | wong Ambon pan [pa...]

--- 57 ---

[...n] kapitan | satunggal Wuru Basani | sami asrêp tyase kang baris Ungaran ||

12. lan Kumpêni kang kapisah | kaplajar kathah kang pranti[20] | sami wontên ing Ungaran | Tumênggung Natayudèki | lawan upsir kang kari | ing punika praptanipun | sakin têtêp ngalêmpak | Ungaran santosa malih | kunêng malih wuwusên Natèng Banaran ||

13. kang baris wontên Cêngkawak | sabubarira ajurit | Sri Bupati Kabanaran | wontên dasih tur udani | lawan kang rayi kalih | tur uningèng raka prabu | yèn dhusun Ganggêng wetan | wontên Kumpêni angungsi | kawan dasa taksih sami kêkapalan ||

14. tan mawi Jawi satunggal | balênggêr amung Walandi | desa suwung ingênggènan | parentah sri narapati | wau kang rayi kalih | lawan kalih ki tumênggung | kinèn sami angêpang | kilèn Pangran Purbayèki | ingkang êlèr Pangeran Mangkukusuma ||

15. ingkang wetan Cakrajaya | kidul Kêrtanagarèki | sami sarêng dènnya mara | sawadya tambure muni | Kumpêni duk miyarsi | langkung sami marasipun | dene tan nganthi Jawa | akèh sami mrêbês mili | sinurakan saking ing têbih kewala ||

16. Pangran Arya Purubaya | nuwun pun Imajayèki | Dêmang Walônda kinarya | bêbujuk kang mrêkarani | kèh sami mrêbês mili | pinagut datan umagut | manawi darbeniyah | bêkti marang kakang aji | sapraptane wau Dêmang Imajaya ||

17. ambêkta mantri sakawan | dhusun Ganggêng dèn lêboni |

--- 58 ---

panggih lawan para ludnan | wus sami anut ing pikir | Dêmang Imajayèki | pasrah pêdhang bêdhilipun | katur dhatêng Pangeran | Purbaya binakta aglis | binadhugul praptane baris Cêngkawak ||

18. katur Natèng Kabanaran | pinartiga wong Kumpêni | Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | mas rôngga pinara tri | Kumpêni panggonanipun | sang nata arsa budhal | munya têngaranira tri | bubar kêbut saking pakuwon Cêngkawak ||

19. masanggrahan Barèngkèlan | sawadyanira miranti | para garwa tinimbalan | prapta rabining dipati | ambèr kadya nagari | Barèngkèlan pêkên agung | enjing kang pasanggrahan | rinakit pakuwon aji | pasebane miwah korine binata ||

20. angarsakakên utusan | wau ta sri narapati | Ki Tumênggung Sindusastra | wus kinèn akarya tulis | amatêdhani upsir | mring kang putra badhenipun | kang têngga tanah Pajang | Pangran Mangkunagarèki | sêrat dadya pinaring gandhèk lumampah ||

21. enjing sinawakèng wadya | nèng pasanggrahan sang aji | aglar kang para dipatya | santana myang para mantri | pangirid pra dipati | Suryanagara nèng ngayun | Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirjèki | kawan wêlas pra dipati munggèng ngarsa ||

22. Pangeran Adiwijaya | ingkang tumut munggèng kursi | lawan Sayid Ngabdurrahman | Sayid Yusup sami kursi | lawan ing kursi malih | Pangran Rôngga Kadilangu | pangran kalih

--- 59 ---

nèng ngandhap | sangajênge pra dipati | Pangran Purubaya lan Mangkukusuma ||

23. banjênge kang pra dipatya | andhèr kang mantri pinilih | lan prajurit suranata | andangu sri narapati | apa wartane Jawi | mungsuh kang padha lumayu | Rôngga Wirasêtika | Dipati Suryanagari | nêmbah matur pukulun kèndêl Ungaran ||

24. pun Tumênggung Wiradigda | lan pun Yudanagarèki | rencange kantun nyadasa | nanging ing mangke pawarti | wontên bêbantu prapti | Tarnite pan kawan atus | pangiride sakawan | Krèng Galèsong[21] lawan malih | Krèng Brasudhak kalawan Dhaèng Malewa ||

25. Dhaèng Marêgis sakawan | sami suraning ngajurit | wau Natèng Kabanaran | pangandikanira aris | aja na pinarpêki | dhêsêkên saking doh iku | dimèn ngrasakkên padha | larane badane sami | pangênêse nora wus satêngah wulan ||

64. Pêpêrangan ing Pajang Saanteronipun. Kumpêni Nilar Ngayogyakarta Badhe Ngêmpal dhatêng Kêdhu

26. kunêng gantya winursita | carakanira narpati | kang dhatêng ing tanah Pajang | Pangran Mangkunagarèki | kapanggih wontên ngardi | wetan Magiri gènipun | mangsahkên wong Mataram | bêbidhung pranging Kumpêni | Janapura lan Tumênggung Janagara ||

27. angêpung baris ing Sala | rame prang lawan Kumpêni | Tumênggung Jayanagara | kêna

--- 60 ---

katiban ing mimis | katimang anggarnèki | katimamas ingkang masuk | kadya ngatêr mimisnya | Jayanagara ngêmasi | kagègèran wong Mataram kasusahan ||

28. alit tyase wong Mataram | nadyan kathaha bupati | tan kadi Jayanagara | ing mungsuh akarya miris | jisime dèn gosongi | prajurit Mataram kuwur | Pangran Mangkunanagara |[22] bramantya amagut jurit | angangsahkên sakarine wong Mataram ||

29. angêpung baris ing Sala | rinangsang bêdhil-binêdhil | Ki Tumênggung Janapura | sakancane para mantri | mundur tan antuk ngungkih | saking doh dènira ngêpung | sadintên dènira prang | mundur kasaput ing ratri | têngah dalu Kumpêni ing Sala bubar ||

30. angumpul baris ing Yogya | dupi njing pinaran sêpi | Tumênggung Sujanapura | lan Jayaningrat Dipati | baris gambira nênggih | ngangsêg ngilèn barisipun | Pangran Mangkunagara | manggihi dutèng ramaji | surat saking kang rama sampun winaca ||

31. kang rama paring wuninga | Pajênar dènira jurit | sêrat sampun winangsulan | mangkana dutanya pamit | wuri pangran dipati | arsa tinjo baris ngayun | anjog saking haldaka | udhune jog kidul Wêdhi | udhunira wontên dhusun Pamutihan ||

32. masanggrahan tigang dina | Pangran Mangkunagarèki | enjang budhal saha bala | saprajurit para mantri | ngilèn lampahirèki | anèng jêmbangan kapêthuk | sagung punggawa ngarsa | Suramangunjaya nênggih | lawan sira [si...]

--- 61 ---

[...ra] Tumênggung Mangundijaya ||

33. dinangu sapa mungsuhnya | apa akèh apa kêdhik | umatur kang pra dipatya | amung salawe Kumpêni | Lutnan Sanèdêr nênggih | Bali Kapitan Samangun | sradhadhu wolung dasa | dene mantrinipun Jawi | Surèngrana kêkapalan wolung dasa ||

34. kang ambujung rayi tuwan | punika menggok mariki | Pangeran Mangkudiningrat | lawan pun Wiranatèki | pangeran ngandikaris | dene nora pira iku | dene palayunira | sun dulu kuwalik-walik | alon matur Tumênggung Kudanawarsa ||

35. gusti pênêde kèndêla | sampun umangsah samangkin | abdi paduka pangarsa | taksih bênthèt tyase sami | ora sun mangkat mangkin | yèn wong pangarsa tan purun | bocah ngong jro kewala | wong lorèk lawan wong Bugis | wong Saragni abang lan wong pêrang tandang ||

36. pinarak ing oyod gurda | ing candhi langkung prihatin | dhêkukul panyiptanira | iya awak ingsun iki | yèn ta antuk gêgitik | apa bisaa têtêmu | karo kiyai benjang | tiwas têmên awak mami | wungu saking dhêkukul manggil pra lurah ||

37. Saragni Gunawisesa | miwah Gunamas kithèki | pra lurah ing pêrangtandang | lurah lorèk Lurah Bugis | sadaya duk tinari | pra sami sandika purun | mantri jro tinarènan | sami purun aturnèki | sigra bêndhe Pangeran Mangkunagara ||

38. Tumênggung Kudanawarsa | lan pangarsa pra dipati | kinèn mêdal lèr

--- 62 ---

sadaya | nora nganggo dèn dhadhani | gêlar satriya sumping | tan adangu lampahipun | mêngsah maksih lumampah | katingal banderanèki | lamat-lamat lampahe ngidul amuntat ||

93. Pangkur

1. atata baris amapag | pacalange dinangu aturnèki | watawis Kumpêninipun | pêthak mung salawe prah | wolung puluh Bali Kapitan Sêmangun | Lopèrès Sanèdêr nama | pangirid Kumpêni putih ||

2. Jawane mantri sakawan | wontên satus cacahe kang turanggi | ing ngarsa pangiridipun | Ngabèi Surèngrana | mantrinipun rayi paduka rumuhun | Pangeran Mangkudiningrat | mangkya balik ing Kumpêni ||

3. Pangeran Mangkunagara | wusnya rakit Kumpêni duk ningali | wusnya anyabrang mangidul | sakidul Gêlagahan | anon mungsuh Kumpêni gugup anambur | Kapitan Sêmangun sigra | nitik kêndhang gong saruni ||

4. Pangeran Mangkunagara | ngangsahakên Lorèk kalawan Bugis | lan pêrang Tandang wus campuh | rame sami prang kuda | brêg-binêrêg swaraning bêdhil gumuruh | mantri jro pinarentahan | sami dharata ing jurit ||

5. mantri jêro sigra dharat | sarêng nêmpuh Kumpêni anadhahi | rame prang Kumpêni kuwur | saking ing dhêdharatan | kuda nunjang saking kanan kerinipun | mantri jro sarêng anumbak | kanan kering amêstuli ||

6. Ludnan Sanèdêr tinumbak | marang Jayaprameya wus ngêmasi | sradhadhunipun sapuluh | kang kari kathèthèran | baris Jawa

--- 63 ---

Kudanawarsa anêmpuh | Kumpêni palayunira | ngungsi Sêmangun wong Bali ||

7. nadhahi ulêng-ulêngan | rame têmpuh ing aprang silih ungkih | ngamuk Kapitan Sêmangun | nanging Karoban lawan | ing wusana pêjah Kapitan Sêmangun | kunarpa jur pinarbutan | sradhadhune kèh ngêmasi ||

8. mawur sakarine pêjah | kang adharat pêjah sami ing ngusir | mung kang turôngga lumayu | rikat arang kacandhak | kinakodhol Alpèrès Beman mèh lampus | dharat sampun mangap-mangap | Surèngrana angandhêgi ||

9. sinungan gênti turôngga | Surèngrana dharat wus binalêdig | tinumbakan sampun lampus | Ngabèi Surèngrana | Kumpênine kang gêsang amung sapuluh | manjing biting Parambanan | miwah ingkang Bugis Bali ||

10. Pangeran Mangkunagara | saha bala kèndêl dènira ngusir | wetan Parambananipun | Kumpêni Parambanan | pun Kapitan Sungrat kêstabêl tinuduh | mariyêm munya sauran | lir gunturing arga Siwi ||

11. giwar ngoncati anêbah | Pangran Mangkunagara sawadyèki | Kudanawarsa Tumênggung | angaturi mundura | nulya nulak margi agêng kang tinurut | datan dangu lampahira | kapêthuk mungsuh kang mulih ||

12. saking dènira mênang prang | Pangran Mangkudiningrat pan sakenjing | kasor ing prang binabujung | mêngsah wus akir nulak | mantuk marang Parambanan sêdyanipun | tan nyana kapêthuk mêngsah | kalih atus Bugis Bali ||

13. lan dragundêr kawan dasa | pun Kapitan [Kapita...]

--- 64 ---

[...n] Rèke ingkang angirid | apan sami kagètipun | dragundêr sigra mapan | Bugis Bali sigra mandhi watangipun | kang waos abang bêranang | Pangran Mangkunagarèki ||

14. èwêd ing tyas kacaluthak | dadya lingsêm yèn oncata ing jurit | sigra nunjang sarêng nêmpuh | sami ngilês ing kuda | dragundêre angêdrèl sampun kapungkur | mung Bugis Bali kewala | kang tinêmpuh pothar-pathir ||

15. tan kongsi antuk anumbak | gugup kèlês ing kuda ting balasik | akèh kanin akèh lampus | lajêng giwar sadaya | saha bala Pangran Mangkunagarèku | Kumpêni Slam karusakan | kang pêjah dipun gotongi ||

16. mantuk dhatêng Parambanan | pun Kapitan Reke ngungun miyarsi | mati Kapitan Samangun | lawan Sanèdêr pêjah | Kumpênine putih mati têlu likur | Samangun saradhadhunya | tumpês datan ana kari ||

17. wau ta kangjêng pangeran | kèndêlira wontên dhusun ing Candhi | parentah para tumênggung | ingkang dadya pangarsa | pan sadaya pinundhutan dhuwungipun | Ki Tumênggung Wiranata | langkung susahe kang galih ||

18. alajêng pinarentahan | mantuk gène pakuwonira lami | Tumênggung Wiranatèku | sèdhèng trêsnane ilang | mring gustine wus malih pandulunipun | utusan ing Surakarta | kang winratan ing prakawis ||

19. Ki Dipati Sindurêja | corok batin pan sampun anampèni | Wiranata suratipun | ki adipati sigra | maring loji wau [wa...]

--- 65 ---

[...u] ta sapraptanipun | kalawan Oprup Baltasar | Totlomondo wus apanggih ||

20. wus angantor pagunêman | surat saking Kyai Wiranatèki | tinupiksa marang oprup | tinurun suratira | langkung sami suka ing sakalihipun | gangsal atus prajuritnya | Tumênggung Wiranatèki ||

21. mantrinipun gangsal wêlas | kadang kalih anakipun satunggil | kang kocap binêkta tundhuk | mring Prabu Surakarta | Wiranata inggih wêca kang ginugu | akathah wong anjêjôngka | lamun gustine ing benjing ||

22. Pangeran Mangkunagara | nora bisa angrata tanah Jawi | mung warise dadi riwuk | anggayuh-gayuh tuna | tan pakantuk ing tanah Jawa dèn êluk | wêkasan wigar anggagar | kangèlan datanpa kardi ||

23. dene kang tulus misesa | mung Kang Rama Pangeran Mangkubumi | lap[23] Prabu Surakartèku | tulus ngratoni Jawa | lan Susunan Kabanaran ingkang tulus | satiba-tibananea | mila Ki Wiranatèki ||

24. lami dènnya mêlang-mêlang | dèrèng antuk margi dènnya ngoncati | mangkya wontên marginipun | pinundhut dhuwungira | mila sèdhèng Wiranata manahipun | rok batin Oprup Baltasar | lan Dipati Sindurjèki ||

25. wau Dipati Sindurja | antukira saking ing loji sakit | kadawaning sakitipun | lajêng praptèng antaka | Sindurêja Adipati linanipun | Sang Prabu ing Surakarta | anduta marang Samawis ||

26. apratela [apra...]

--- 66 ---

[...tela] mring kang Bapa | Tuwan Idlèr ngungun akarya tulis | angsul-angsul ing sang prabu | duta Gandhèk tinulak | surat saking Idlèr katur ing sang prabu | tur tabe pangungunira | pêpatih dalêm ngêmasi ||

27. nanging ta atur kawula | kang sinuhun inggih môngsa puniki | sampun wontên karsanipun | lamun anyulihana | ing pêpatih parandene botên butuh | pêpatih ingkang satunggal | Pringgalaya dèrèng mati ||

28. lan malih atur kawula | dipun asih ing mantri pra dipati | kang taksih padha atunggu | wontên ing pada nata | ing sawuse maos sêrat sang aprabu | Tumênggung Puspanagara | kinèn angumpulna aglis ||

29. têtilar kasindurêjan | sawontêne panumbak saragêni | kabèh kang tilaranipun | kinèn angêsrahêna | marang sira Dipati Pringgalayèku | kunêng malih winursita | Pangran Mangkunagarèki ||

30. utusan marang kang rama | tur uninga yèn bupati ngêmasi | Jayanagara Tumênggung | Bupati ing Mataram | aprang lawan mêngsah Kumpêni kang tugur | kang bêbiting wontên Cala | nuntên kawula tulungi ||

31. ing mangke kang baris Cala | kula gitik bubar sampun anunggil | dhatêng Ngayogya pukulun | inggih saantuk kula | saking Gadhing Kumpêni ngadhangi laku | Lutnan Sanèdêr kalawan | Kapitan Sêmangun Bali ||

32. wontên Kamalon kula prang | brêkat dalêm unggul kawula jurit | Kumpênine tiga likur | ingkang kulamuk pêjah |

--- 67 ---

pangiride Sanèdêr miwah Sêmangun | sradhadhunipun tumpêsan | katur sasolahing jurit ||

33. wus umêsat dutanira | tan kawarna lampahing duta prapti | ing pasanggrahan sang prabu | nênggih ing Barèngkèlan | jujugira mas rôngga duta wus katur | sêrat lajêng tinupiksa | asuka wêkasan kingkin ||

94. Asmaradana

1. sukanira sri bupati | kang putra unggul ing aprang | ingkang dadi rudatine | patine Jayanagara | angèl angulatana | punggawa kadi puniku | Tumênggung Jayanagara ||

2. arikat sabarang kardi | sêdhêng wantêr ing ayuda | langkung sungkawa sang katong | kondur dènnya siniwaka | kagagas ing wardaya | gangsal dina gangsal dalu | datan antuk dhahar nendra ||

3. wus wêwatêke sang aji | Susunan ing Kabanaran | nadyan kapatèn putrane | têtêg nora dadi manah | yèn kapatèn punggawa | langkung kasusahanipun | tan wus ing rêncakanira ||

4. ing nguni Radèn Suligi | puniku punggawanira | duk bêdhah Jipang patine | sawulan tan kolu dhahar | anggung wayang wuyungan | nadyan mungsuhipun lampus | ingêndho Jayakartika ||

5. prihatin kapati-pati | pangungune tigang wulan | têtêpe mêmanahane | lamun ana wong prawira | patine durung môngsa | alah kulit dagingipun | anggung dènnya kapibrangta ||

6. katula-tula tyas aji | duta Kamangkunagaran | sapuluh wêngi lamine | dènira tan ingangsulan |

--- 68 ---

mangkya lilih sang nata | wus akarya angsul-angsul | sêrat dhatêng ingkang putra ||

7. lawan ganjaranirèki | ingkang putra pinaringan | sanjata karbin salawe | bainète kawan dasa | rong kayuh cindhe panjang | lawan reyal gangsal atus | badhe rasukan sakawan ||

8. baludru jo kang kêkalih | abang kêkalih rasukan | lawan malih ganjarane | mring Dipati Jayaningrat | Mataram pinaringan | busana sapalihipun | lan Pangran Mangkunagara ||

9. dene reyalipun nênggih | mring Dipati Jayaningrat | tigang atus tigang lawe | lan muni ana ing layang | anake Jayaningrat | Bagus Banthèng kang pinundhut | ingkang pinacak punggawa ||

10. ginantyakkên kadangnèki | Tumênggung Jayanagara | nanging namane ingêlèh | Tumênggung Jayasêmbadra | duta wus kinèn mangkat | Malang Drigama wotsantun | mêsat saking ngarsa nata ||

11. ing marga datan winarni | prapta pasanggrahanira | Pangran Mangkunagarane | nuju baris anèng Sarab | duta praptèng ngayunan | sêrat katur lan pakintun | ganjarananira kang rama ||

12. sawusira maos tulis | pangeran kalangkung suka | ngundhangi wadya ambêndhe | samêkta kang bala budhal | pangran dhatêng Mataram | amargi ing ardi Kidul | sapraptanira Mataram ||

13. dhusun ing Gambiran nênggih | baris Dipati Janingrat | Tumênggung Janapurane | gègèr praptaning pangeran | gupuh tan kongsi mapag |

--- 69 ---

munggèng pasanggrahan sampun | Pangeran Mangkunagara ||

14. dhawuhkên parentahnèki | ingkang rama sri narendra | Paman Dipati Si Banthèng | kinarsakakên ing nata | gêntyani kadang tuwa | inggih pinaring jêjuluk | Tumênggung Jayasêmbadra ||

15. aja owah kang lêlinggih | rong èwu Jayanagara | langkung nênuwun ature | wau duk miyarsa warta | Tumênggung Kêndhal pêjah | nèng Ngayogya kang atugur | tindhih pasisir sadaya ||

16. lan malih miyarsa warti | lamun natèng Kabanaran | kondur Mataram badhene | pangajênge sampun bubar | badhe miyos Pangkalan | pasisir samodra Kidul | têlike matur pratela ||

17. lawan gumyahing pawarti | lamun kalèrêk tumpêsan | tumpês pan Kapitan Uce | sami ngênês manahira | mayor kalih wus rêmbag | nêdya ngumpul marang Kêdhu | kang abaris ing Cacaban ||

18. binanton saking Matawis | lawan saking Surakarta | Pan Darpol Senapatine | kalawan Lutnane Kulman | wau baris Ngayogya | bubar ngumpul maring Kêdhu | ajrih wontên ing Ngayogya ||

19. lan Tumênggung Kêndhal mati | ngênêse wong pabarisan | pan wus ilang pêpakune | Tumênggung Singawijaya | wantêr tur sugih bala | datan ataha prang pupuh | amungsuh para kusuma ||

20. mêngsahipun sami ering | dhatêng ing Tumênggung Kêndhal | pan ing nguni kêkasihe | swargi sumare Lawiyan | rawuhe saking wetan | Singawijaya puniku |

--- 70 ---

magang langkung kinasihan ||

21. cucude kapati-pati | yèn sang nata nênayuban | dodot kuning awor têkèk | nyana cucude kewala | dupi pasisir êsah | Kumpêni ingkang anggadhuh | pinundhutakên nagara ||

22. sami kagèt kang miyarsi | têtêpe lamun sang nata | têrus ing batin trêsnane | Kumpêni gugup sumôngga | mila wontên ing Kêndhal | angkate nama tumênggung | yatra sèwu pinaringan ||

23. lan busana warna-warni | nanging mijil bêbutulan | mila sasolah-solahe | tan taha maring santana | dhasar agung sêsumbar | sapa nêdya ngrusak iku | mring turuning gustiningwang ||

24. gustiningsun sri bupati | kang sumare ing Lawiyan | iya lan sapangerane | lamun katêmu ing ajang | môngsa sun kudhisana | mocok utamangganipun | iya payo dèn jajala ||

25. sambada sugih prajurit | Tumênggung Singawijaya | sèwu samas prajurite | rinêngga ingkang busana | kèhe prajuritira | sami lan patang tumênggung | lan wantêr punggawanira ||

26. wus bubar saking Matawis | wau sagung kang barisan | angumpul ing Kêdhu kabèh | kang abaris ing Cacaban | Pan Darpol lawan Kulman | miwah kang para tumênggung | nèng Cacaban lan Magêlang ||

27. Pangran Mangkunagararèki |[24] lan Janingrat duk miyarsa | budhal sami angêngodhol | baris Ngayogya budhalnya | kininthil tinututan | sami wangsul dhusun Jamus | saking Trayêm kidul wetan ||

28. wangsul [wang...]

--- 71 ---

[...sul] mrênahakên baris | kinèn baris ing tangkilan | Dipati Jayaningrate | lan Tumênggung Janapura | Tumênggung Jasêmbadra | Pangran Mangkunagarèku | kondur dhatêng tanah Pajang ||

29. anglusah dènira baris | Pangeran Mangkunagara | kunêng malih kang wiraos | Sang Nata ing Kabanaran | kang barin[25] Barèngkèlan | mangkya ngalih barisipun | masanggrahan nèng Karoya ||

65. Sunan Kabanaran wontên ing Pasanggrahan Banyuurip Tampi Pawadul saking Bupati ing Pakalongan

30. tan lami malih Banyurip | Dipati Suryanagara | mas rong sami ature | [26] miwah Tumênggung Jadirja | sarêng ing aturira | yèn Kumpêni Ludnanipun | lawan Alpèrèse samya ||

31. yèn dalu sami anangis | sami prihatin kalintang | watawis suka pinatèn | sang nata alon ngandika | aturana jêng tuwan | miwah si tuwa pêngulu | kalawan si adhi rôngga ||

32. Kangmas Adiwijayèki | lan arimas karo pisan | tan adangu ing praptane | kang munggèng kursi sakawan | sang nata angandika | marang Kiyai Pangulu | Wa Pangulu Dipaningrat ||

33. sira dhewe ingsun tari | matura ing para tuwan | prakara [praka...]

--- 72 ---

[...ra] Walônda kiye | sêmune padha asusah | dene kang gêdhe padha | mrêbês mili siyang dalu | pinatèn apanguripan ||

34. matur marang Tuwan Sayid | Ki Pangulu Dipaningrat | tuwan punapa karsane | mênggah Walandi punika | kang têluk kawan dasa | sami sêdhih manahipun | gih punapa pinêjahan ||

35. alon dènira nauri | Tuwan Sayid Ngabdurrahman | puniku wontên kalane | yèn kapir têluk arisan | nglakoni saparentah | pranatane Islam manut | yèn dosa wajib ngapura ||

36. sinakajêng-kajêngnèki | sèjèn têluk jroning aprang | yèn anut saparentahe | yèn wus atine sakeca | inggih nulya ginanjar | yèn susah iku kaduwung | wajib uga pinatenan ||

37. yèn wus eca tyase sami | gih padha wajib ginanjar | yèn dèrèng eca manahe | sayêkti suka wor ramya | yèn dadak mêlang-mêlang | ing batin ora tuwajuh | kaya tutur pakênira ||

38. ludnane yèn bêngi nangis | satru munggèng ing cangklakan | mèsêm ngandika sang katong | tuwan lamun makatêna | tan dosa pinêjahan | Tuwan Sayid alon matur | inggih lamun sok karuna ||

39. mas rôngga dipun kêjèpi | lan Radèn Suryanagara | Tumênggung Jayadirjane | punggawa têtiga mêdal | amung ingkang pitungkas | mantri suling lawan tambur | ingkang kinèn gêsangana ||

--- 73 ---

40. sapraptanira ing Jawi | wau kang katri punggawa | Kumpêni sinaosake | nèng pinggir kali sadaya | wus sami tinumbakan | ana kang sami sinuduk | tigang dasa pitu bebas ||

41. kinèlèkakên ing kali | kang têtiga wus binêkta | sumiwi ing ngarsa katong | sami ningkul[27] mêlas arsa | kang nuli sinung nama | pun Hangganaya ranipun | panambur pun Hanggaswara ||

42. pun Hanggaprayitna mèstri | pinangadêg cara Jawa | pêndhok êmas bênting cindhe | gangsal jung sabine samya | dene golonganira | prajurit suranatèku | maksih eca pêpucungan ||

95. Pocung[28]

1. pan kasaru wontên caraka kang rawuh | saking Pakalongan | dutane Radèn Dipati | Jayaningrat pun Rôngga Purwadipura ||

2. anèng pintu mas rôngga jinawil mêtu | wus panggih lan duta | mas rôngga lumêbêt malih | nêmbah matur ing Jawi wontên caraka ||

3. dutanipun rayi paduka pukulun | saking Pangangsalan | pun Jayaningrat Dipati | kang ingutus pun Rôngga Purwadipura ||

4. sang aprabu kagyat pangandikanipun | enggal timbalana | iku dutane si adhi | rôngga mêdal lêbête ngirid caraka ||

5. praptèng ngayun kang caraka sèlèh dhuwung | ingawe umangsah | sumungkêm pada anangis | sri narendra tumut dhawuh ingkang waspa ||

6. sami ngungun punggawa kang munggèng ngayun | iki ana paran | wadine sri narapati | ana duta kang prapta dhawuhkên[29] [dha...]

--- 74 ---

[...wuhkên] waspa ||

7. sampunipun angujung caraka matur | ngandika sang nata | wruhanira pra dipati | duta iki iya anake si bapa ||

8. kang anggadhuh kala kalareyaningsun | ingsun cilik mula | durung pisah lawan iki | ya Si Bapa Tumênggung Nitinagara ||

9. sadulurmu padha nèng ngêndi gonipun | sira apa lawas | gonira apa si adhi | nêmbah matur pun Rôngga Purwadipura ||

10. laminipun inggih sawêg kawan taun | katiga kawula | ingkang sami anut wuri | piniyara dhatêng ing rayi paduka ||

11. ingkang sêpuh pun Kakang Jayatrunèku | wontên abdi tuwan | pun Sindurja Adipati | abdi dalêm kang anèm pun Trunapatra ||

12. anggènipun inggih suwita pukulun | wontên rayi tuwan | Dipati Pringgalayèki | iya Allah dene padha rêbut paran ||

13. bênêripun akèha kang ana ingsun | nuwun atur sêmbah | Rôngga Purwadipurèki | ngaturakên kang sêrat rayi paduka ||

14. wus pinundhut binuka sinukmèng[30] kalbu | katura kang sêmbah | rayi dalêm pun Dipati | Jayaningrak[31] kang pilênggah Pangangsalan ||

15. Yogya katur ingkang pramudanèng satru | sudibyèng ngalaga | Kangmas Arya Mangkubumi | wirôtama ing rat pramuka jayèngprang ||

16. kang wus dunung ing sumbaga anak anung | kang umadêg nata | lawan karsane pribadi | kang jinunjung ing Hyang mêmangun prawira ||

17. wiyosipun kulatur uningèng prabu |

--- 75 ---

yèn rama paduka | gih pun paman adipati | wontên Selong kawula têbus salêksa ||

18. dèrèng asung Kumpêni kèh cidranipun | pun Dêlèr Samarang | asayêmbara ing batin | pan kawula ingkang sinungan wacana ||

19. iya besuk sapa kang bêdhahkên Kêdhu | ngalahkên Pangeran | Adiwijaya lan malih | ngalahakên Suwandi Suryanagara ||

20. gêr gumuruh kang sêrat winaos sêru | sagung pra dipatya | sami gumujêng abêlik | sêrat ngangge Suwandi Suryanagara ||

21. kèndêl dangu iya tuwa êndi iku | sira lan yayimas | Suryanagara wotsari | inggih sêpuh rayi dalêm pun Supama ||

22. kaotipun botên langkung pitung tèngsu | kadi nunggil warsa | ing Alip Awal lan Akhir | lonyotipun dados bupati binêkta ||

23. nulya wau winaos malih sratipun | yèn ana ngalahna | iya ing wong agung kalih | ingsun turut sapanjaluke maringwang ||

24. kula sanggup balêdig wong agungipun | inggih kalampahan | ing Kêdhu kula lampahi | naming inggih sami kula tonjok sêrat ||

25. raka tuwan Kangmas Adiwijayèku | yèn anadhahana | tan wande kula balêdig | pun Suwandi tan wande kula gêgancar ||

26. gêr angguguk sang nata lan pra tumênggung | kèndêl sanalika | sang nata amaos tulis | ing sêrate wong agung gêbag dêladag ||

27. mèsêm muwus Radèn Suryanagarèku | hèh Purwadipura |

--- 76 ---

basakna lurahirèki | dèn rewangi prang sênggrang angingkrang-ingkrang ||

28. sambatipun sajroning layang rêruntuh | ingsun lan pangeran | kang padha dèn sêsambati | yèn bêdhaha Kêdhu mintak punya bapak ||

29. sru gumuyu Pangran Adiwijayèku | lucu cilik mula | Si Supama nora mari | wong wis tuwa kapindho dadi dipatya ||

30. têka lucu mandah sukaa tyasipun | wong prihatin nêdha | bapakane durung olih | bok iyaa lucune dèn singkirêna ||

31. sang aprabu alon dènira andangu | hèh Purwadipura | priye yèn kala siniwi | yayi êmas dene para mantri kathah ||

32. nêmbah matur Rôngga Purwadipurèku | inggih datan ewah | yèn ari ing Sênèn Kêmis | kados wontên dhomas kang sami sewaka ||

33. mantrinipun lan para lêlurahipun | inggih tiga bêlah | sami bêkta jajar kêdhik | mantri wolung dasa kang astha mênggala ||

34. liyanipun inggih para mantri pungkur | duk lagya katingal | têdhak manggihi kang nangkil | duk lumampah kang seba ambata rêbah ||

35. mangke lungguh gujênge ambata rubuh | tur dèrèng ngandika | lagya wontên kang dèn lirih | parandene wus gumyak ambal-ambalan ||

36. mantri kuru kathah api-api ngêlu | wong mêngi kèh kumat | napase anggung katarik | kathah ambruk ngalumpruk pêdhot kang napas ||

--- 77 ---

37. dongèngipun kadi samodra tinawu | botên kenging têlas | wong sèwu ngadhêpa sami | sèwu pisan jalêbut pinapoyokan ||

38. alah iku swarane lagi karungu | parandene gumyak | mandah katona si adhi | wus mangkana sang nata nutug nupiksa ||

39. mangkya nuhun inggih kula anênuhun | yèn aparêngana | lêgane tyas padukaji | pinaraka ing nagari Pakalongan ||

40. botên etung ing tyas kawula wus putung | dhatêng pun Walônda | cidrane angêlangkungi | nadyan gêmpur tumpur manah wus anêmah ||

41. dhuh pukulun tulunga ing kawlas ayun | yèn tan angarsakna | inggih paduka ngawaki | mung wontêna margine kawula minggat ||

42. sokur lamun botên ngarsakakên nuduh | dhuh gusti kakangmas | tur mindhak bêm padukaji | amêcahna nagari ing Pakalongan ||

43. sampunipun pamaosira sang prabu | inguncalkên sigra | mring santana adi dipati |[32] gênti maos pra samya gumujêng latah ||

44. sampunipun alon ngandika sang prabu | paran kono padha | si adhi mangkene iki | mêsakakên yèn ora tinurutana ||

45. sami matur sumôngga karsa pukulun | sang nata ngandika | hèh Adhi Purubayèki | lan arimu karia wong loro padha ||

46. apan ingsun tan ina jênênging sêpuh | nênêgor ing wrêksa | ningkirkên galinggang mati | amung kari babadi

--- 78 ---

oyod kewala ||

47. dene ingsun kangmas mèlu lakoningsun | iya benjang-enjang | sun tinggal Bagêlèn iki | umumêna ingsun mulih mring Mataram ||

48. pan kasaru wontên duta praptanipun | saking ing Mataram | dutanira Ki Dipati | Jayaningrat Mantri Gadhing Wiraguna ||

49. malihipun angirid Carakanipun | Sultan Bantên kendhang | punika dutane prapti | kang ingutus têtiyang Bugis sawidak ||

50. sêrat katur tinupiksa unjukipun | kang mungêl ing sêrat | abdi dalêm pun Dipati | Jayaningrat gusti ngaturi wuninga ||

51. barisipun Kumpêni sadaya murud | saking ing Ngayogya | gugup budhalipun gusis | alon dènnya ngandika Natèng Banaran ||

52. iya sokur lunga tan nganggo pinukul | mêngko ta ki besan | barise ana ing ngêndi | nêmbah matur pun Ngabèi Wiraguna ||

53. barisipun wontên ing Warak pukulun | lawan ing tangkilan | ombèra anata dasih | langkung suka miyarsa wau sang nata ||

54. Bugisipun pangarsa ingkang dinangu | yèn Tubagus Buwang | jumênêng sultan rumiyin | mangkya kasor jurite kalawan kadang ||

55. sêdyanipun nuwun idin ing pukulun | mangkya sagèn-gènnya | ngaraman Jawi nagari | lamun tuwan anampèni yêkti sowan ||

56. iya besuk sun pikir si adhi iku | mêngko lagi ingwang | ana satêngah ngajurit | sapa wêruh tiba pati tiba

--- 79 ---

arja ||

57. hèh sirèku muliha Wiragunèku | gawa bali padha | sanak-sanak Bugis iki | dimèn lèrèn anèng nagari Mataram ||

58. sang aprabu angundhangi wadya agung | yèn badhe budhalan | Pangeran Purubayèki | lan kang rayi sakancane kiring wuntat |

Lajêng nyandhak jilid 11.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. jirèh. (kembali)
3. kumêpyur. (kembali)
4. miwah. (kembali)
5. rakiting. (kembali)

6. darebas. (kembali)
7. kaparak. (kembali)
8. Kurang satu suku kata: tyang karêbahan ing arga. (kembali)
9. Kurang satu suku kata: yèn dora karsa pukulun. (kembali)
10. ombak. (kembali)
11. acaruk. (kembali)
12. Guru lagu seharusnya: 7i, patêr anggêgêtêri. (kembali)
13. kang. (kembali)
14. Lebih satu suku kata: kira-kira rong pambêdhil longkangira. (kembali)
15. nunjang. (kembali)
16. pêrang. (kembali)
17. Sengkalan: arga muni bahing bumi (Ngahad Lêgi, 22 Sura 1677 A.J., Sabtu, 11 Desember 1751 A.D.). (kembali)
18. pramukaning. (kembali)
19. Kurang satu suku kata: Kapitan Usar kang angling. (kembali)
20. prapti. (kembali)
21. Galèngsong. (kembali)
22. Lebih satu suku kata: Pangran Mangkunagara. (kembali)
23. lan. (kembali)
24. Lebih satu suku kata: Pangran Mangkunagarèki. (kembali)
25. baris. (kembali)
26. Kurang satu suku kata: mas rôngga sami ature. (kembali)
27. nungkul. (kembali)
28. Teks asli: Pucung. (kembali)
29. dhawahkên. (kembali)
30. sinuksmèng. (kembali)
31. Jayaningrat. (kembali)

Serie No. 1259j

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 11.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

Wêwênangipun ingkang ngarang kaayoman miturut anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêblad 1912 No. 600.

--- [3] ---

66. Sunan Kabanaran bidhal saking tanah Pagêlèn badhe nêlukakên tanah pasisir, dumugi Talagawana kèndêl masanggrahan.[1]

96. Pangkur

1. enjang anêmbang têngara | tri gumuruh kêndhang tambur gong bèri | kang balakuswa kumêbul | kang sami asiyaga | wus samêkta budhalira sang aprabu | tilar Pagêlèn samana | nuju ing Rêspati Manis ||

2. sarêng wolu likur tanggal | ing Rabingulakir maksih awal Jim | para bupati panganjur | budhal sabalanira | pan sawêlas pra dipati munggèng ngayun | nulya Tumênggung Jadirja | Dipati Suryanagari ||

3. Mas Rôngga Wirasêtika | ing wurine wadya jro anambungi | prajurit kaparak brubul | kadya giri puspita | ing wurine prajurit suranatèku | Radèn Arya Jayèngrana | lawan pangeran ngabèi ||

4. sami nunggil para nata | miwah sagung para mantri pinilih | tan têbah lawan sang prabu | wadya gêdhong ing wuntat | Pangran Adiwijaya têtindhihipun | lawan para tuwan-tuwan | tuwin para kaji-kaji ||

5. sagung pangeran pardikan | Pangran Sarang Têmbayat Sulajari | Pangran Rôngga Kadilangu | lawan kang para garwa | sakathahe wêwadon munggèng [mung...]

--- 4 ---

[...gèng] ing pungkur | kadya nagri alêlampah | pêkêne samargi-margi ||

6. rarywalit bêbayi kathah | ngeramakên tinon solahe wuri | amung botên gawa lêsung | ingkang agung anglela | wong apandhe anggawa ububanipun | kalawan wong mikul dandang | gênthong kalawan kuwali ||

7. Susunan ing Kabanaran | mratani tuluse umadêg aji | dene solah tingkahipun | anglangkungi santosa | nora môntra-môntra lakune wong nglurug | yèn masang rakit gêgaman | luwih saking nguni-uni ||

8. yèn sinawang barisira | mawaur niki tan kêna gumingsir | wadyane kang para sêpuh | kang lungsuran dipatya | ingkang sami anyawang ing barisipun | kuna-kuna durung ana | kadyèki lampahing baris ||

9. pêpatute yèn ginampang | nora kêna kalah padhaning janmi | saking gawate kalangkung | saking wingiting lampah | priyogine pangrekane barisipun | wagêde angrèh prawira | kapuwaraning ajurit ||

10. wadyagung kadya samodra | gêbyaring kang busana marwatagni | kathah prajurit cêcênthung | salaka ting karêthap | kang têtopong bêbadhong pating palancur | abra marwanèng[2] busana | lir wimbaning bagaspati ||

11. mahaywaning dipaningrat | kuwung-kuwung manawang-manawêngi | gumawang wangkawa nawung | mrabani diwangkara | kyèhning wadya turôngga amukir kapuk | kataman krasing maruta | mawur mangun rèh mariris ||

12. sadina dènnya lumampah | langkung

--- 5 ---

aris manawi mêngsahnèki | nêdya nêmpuh ing margagung | sampun owah tatanya | mila ajêg lampahe datan kasusu | nèng dhusun Têlagawana | masanggrahan sri bupati ||

13. kang wadya apamondhokan | ing Têlagawana watêsannèki | bumi Pagêlèn lan Kêdhu | papan radin awiyar | kilènipun wukir alit ting panjutu | toya mijil saking arga | pating paluncar kaèksi ||

14. lèr wana tarab taruna | wetan sabin mêntas dèn têtanêmi | alangên lamun dinulu | lami dènnya gêgubah | Natèng Kabanaran ing rèh ragi kanyut | kacipta ing kapandhitan | caryanon papan prayogi ||

15. wus kinèn akarya langgar | wisma joglo pinasang pinggir wukir | asri kaubêngan banyu | lèpèn alit ngajêngan | kanan kering lèpèn wêning toyanipun | sukêt murah kajêng murah | pun têtela ngacaryani ||

16. sang nata agung pinarak | para tuwan-tuwan kang dèn aturi | miwah kiyai pangulu | tuwin kang pra dipatya | ingundhangkên prasami salat ing ngriku | ayêm nèng Talagawana | kunêng kawuwusa malih ||

67. Tumênggung Arungbinang Kanthi Prajurit Kumpêni Ambêbujêng Pangeran Purbaya Wontên ing Tanah Pagêlèn

17. Pangran Arya Purubaya | lan kang rayi tinanggênah ing wuri | nutugakên karyanipun | ngradin Pagêlèn ômba | pakumpulan [paku...]

--- 6 ---

[...mpulan] lan para bupatinipun | amrih pakantuking lampah | badhe ngidul kang dèn jogi ||

18. andhêsak biting Ungaran | sampun dadya nênggih ingkang pinikir | budhal punggawa panganjur | Tumênggung Cakrajaya | Ki Tumênggung Sawunggaling kanthinipun | Tumênggung Kartanagara | budhal saking Banyuurip ||

19. nulya Pangeran Purbaya | lan kang rayi budhal sawadyanèki | ing Têlaga badhenipun | wau mangilènira | kawuwusa têlikipun Ki Tumênggung | Arungbinang praptanira | umatur pratelannèki ||

20. yèn Susunan Kabanaran | èstu kondur dhatêng nagri Matawis | ingkang rayi kalihipun | tinanggênah kantuna | pikiripun lan para punggawanipun | badhe ngidul kang dèn eja | Têlaga dèn pasanggrahi ||

21. ing Ungaran pinarapat | saking bêbih[3] pangeran dèn awêri | pratela saaturipun | ki tumênggung asigra | marang loji lan kapitan aturipun | yèn Susunan Kabanaran | wus kondur dhatêng Matawis ||

22. kang kinèn kantun Pangeran | Purubaya kalawan ingkang rayi | badhene sami angidul | urut Sèwu dèn ambah | ya ta wau Kapitan Usar amuwus | benjing enjing kula mangkat | amukul Purubayèki ||

23. dika kari saudara | suku dika kang kanin dèrèng bêcik | mung mantri dika puniku | sadaya kula bêkta | mung kantuna Kumpêni kang têlung puluh | lan sèkêt Kumpêni Islam | mangkana enjing [e...]

--- 7 ---

[...njing] lumaris ||

24. munya tambure gumêrah | suling kêndhang saruni alit-alit | Tarnite sami bakilung | rame agiyak-giyak | mung sasupit bandera wong patang atus | aciyut nanging adawa | mèh rong dhêpa panjangnèki ||

25. ambane amung rong asta | galengsonge sungsun payunge kuning | ting kureyab tandangipun | agung dènnya makajar | Pangran Purubaya pacalange matur | yèn mêngsah dalêm kang prapta | badhe nyabrangi mariki ||

26. sigra ambêndhe têngara | sami mapan sagunge kang prajurit | kang mêngsah prapta kalajuk | lajêng ajêng-ajêngan | wong Tarnite tan kêna andulu mungsuh | ting kureyab jalak ngêmpan | tan kongsi dipun abani ||

27. angsahe sami makanjar | yèn mungguha tanggên ingkang nadhahi | pasthi enggal risakipun | Tarnite ing ayuda | mungsuhipun kasêlak gila andulu | dhadhal Pangeran Purbaya | nanging unduripun ririh ||

28. ngetan dhatêng ing wêwala | wong Tarnite tan kêna dèn andhêgi | polah kêdah ambêbujung | angling Kapitan Usar | nora kêna kene prang kaya caramu | Si Kalèrêk Bugis dhomas | patang atus Kumpni putih ||

29. prang tumpêse babar pisan | mung rong êjam siji tan ana kari | wong kaya sira kumingsun | mêngkono polahmu prang | katujune mung adhine mungsuh iku | Pangeran Rôngga kewala | iya dudu Mangkubumi ||

30. Ngabèi Kartalêksana | sigra dènnya dutakkên punang tulis |

--- 8 ---

marang kiyai tumênggung | sêratira wus prapta | ki tumênggung lan ludnan gumêdêr gupuh | sami dènnya kirim layang | mring Kapitan Usar aglis ||

31. karêp pan wontên ing Ngambal | sami kèndêl makuwon ingkang baris | mungsuh ura ênggènipun | sami pating balêsar | sayêktine bok mungsuh nêdya nênukup | nuntên wontên sêrat prapta | saking Ungaran kêkalih ||

32. têmbunge sêrat mangkana | lamun tuwan kèndêla kula watir | manawi mêngsah angrungu | yèn pikir asêlaya | botên rêmpêg tan gothang ing aprang pupuh | sayêkti ènthèng winawrat | mungsuh ana nêmpuh wani ||

33. Kapitan Usar miyarsa | ing surate tumênggung lan Bunmêndir | ngajak mangkat dalu-dalu | Bapak Kartalêksana | dika bapak ing dêdalan botên bingung | mantuka dhatêng Ungaran | miwah sasake ing pundi ||

34. nauri Kartalêksana | inggih tuwan sampun susah ing margi | kapitan sigra anambur | ing pukul sanga budhal | wong Tarnite tinilar prandene nusul | pating garundêl samarga | juru basa mituturi ||

35. Kapitan Ambon lingira | ujêr bênêr Kapitan Usar nênggih | prangmu iku pranging jagul | yèn aprang tanah Jawa | mila tumpês jinismu kang pirang èwu | aprang lan kusuma Jawa | sajêge durung basuki ||

36. Kapitan Usar angeman | têka padha tinampan ora bêcik | lah mêngko kapitan mutung | mulih tan nganggo warah | wong Tarnite marga bêbênêr galêput | mantrine ngajêng sadaya | sami sah lawan Kumpêni ||

37. pukul ro praptèng [pra...]

--- 9 ---

[...ptèng] Ungaran | Tarnite galêput ting karêmpis |[4] enjing sami prapta kumpul | upsir lan pra dipatya | warni Pangran Purubaya duk angrungu | yèn baris Kumpêni nulak | pangran budhal anututi ||

38. Pangeran Arya Purbaya | ngilèn malih Kalêgèn sampun prapti | dene kang tinuduh laju | ngilèn miwah ngalora | Ki Tumênggung Kartanagara wus laju | sampun angancik pun Roma | pun Tumênggung Sawunggaling ||

39. kang badhe Kabumèn ika | sakawan pra dipati ya ta wakil | Kapitan Usar amuwus | kadipundi sudara | yèn botêna puniku nuli pinukul | wong cilik kasêlak rusak | sumambung Ludnan Bunmêndir ||

40. yèn puniki anglaraga | inggih dika sudara angawaki | Kapitan Usar agupuh | nimbali mêstrènira | kinèn bobot ing tatune ki tumênggung | mistri mijêt tatunira | puniki inggih kuwawi ||

41. binêkta anitih kuda | ing satêngah dintên inggih kuwawi | yèn langkung saking puniku | sayêktinipun susah | Ki Tumênggung Arungbinang sigra anut | gih tuwan benjing kawula | kang mukul andhandhang gêndhis ||

97. Dhandhanggula

1. Ki Tumênggung Rungbinang nauri | gih kula pan angrasa kabangkat | yèn inggih enjing angkate | Kapitan Usar muwus | inggih dika kula bêktani | dragundêr kawan dasa | Tarnite rongatus | Bugis Bali kalih bêlah | inggih sêdhêng amukul Purubayèki | batine yèn muwusa ||

2. nadyan sampun andika bêktani | kula wani [wa...]

--- 10 ---

[...ni] Pangeran Purbaya | sok sampun Mangkubumine | sampun wruh takêripun | wusnya tabe têngara bèri | bêndhenira angangkang | Kumpêni

anambur | bubar saking ing Ungaran | para mantri panèwu kang mianjuri | lampahira wus têbah ||

3. ngidul ngilèn ing Kabumèn prapti | sami kèndêl baris wontên pasar | gugup prapta pacalange | matur mêngsah lêlaku | inggih badhe anjog mariki | kadi dèrèng miyarsa | lamun ki tumênggung | budhal anyêgat pangeran | ki tumênggung budhal sawadyanirèki | saking Kabumèn ngetan ||

4. Karanggêdhe mêngsahira prapti | langkung kagyat Pangeran Purbaya | cinakuthak ing lampahe | pangajêng sami campuh | Pangran Arya Purubayèki | langkung dènnya bramantya | nindhihi anêmpuh | Tarnite myarsa sanjata | anglancangi marang barise wong Jawi | mangsah pating kureyab ||

5. nyabrang larèn Tarnite sapalih | kang wus campuh lan wong Kapurbayan | kinêpung kuda lampahe | Tarnite mêksa ngamuk | pan kinalang dipun pistuli | anggêpe jalak ngêmpan | prang sêdya angamuk | giniwarakên ing kuda | maju mistul Tarnite akèh kang kanin | sagung Kumpêni Islam ||

6. lan dragundêr tan bisa nulungi | margine dhêdhêl amung satunggal | salarèn wontên uwode | tan kêna kuda laju | ki tumênggung mara ningali | marang Tarnitenira | yudane tan arus | sigra wadya Kapurbayan | ingkang wuri nabrangi ngupados [ngupado...]

--- 11 ---

[...s] margi | ing nginggil miwah ngandhap ||

7. sampun kathah nabrang ngandhap nginggil | wus angêpung wadya Kapurbayan | Tumênggung Rungbinang age | mudhun sing kudanipun | anglajêri nêngah ing jurit | Tumênggung Arungbinang | saprajuritipun | wus sami dharat sadaya | Kumpênine sadaya sampun anunggil | rame gènira aprang ||

8. pra dipati Purbayan prasami | angawaki sami munggèng kuda | sinônggа bêdhil dharate | kuda tan wagêd maju | nyênthak-nyênthak dipun bêdhili | surak awor sanjata | swaraning gumuruh | Tarnite

angumpul samya | aprang papak arame bêdhil-binêdhil | saragni tumênggungan ||

9. sèkêt nênêm Tarnite saragni | iya sèkêt gênti angsahira | patang puluh dragundêre | arame yudanipun | kurnèt ingkang dragundêr kêni | mimis pilinganira | niba lajêng lampus | ajidane tatu pundhak | lajêng gêndring Tarnite angamuk sami | Pangeran Purubaya ||

10. langkung duka sigra angawaki | nyandhak lawung angêtab turôngga | prajurite ngamuk kabèh | miwah para tumênggung | para mantri samya ngawaki | Tumênggung Arungbinang | nyapih ingkang magut | payo ta dèn mundur tata | pangerane nêpsu bangêt sun tingali | payo padha elinga ||

11. nora kêna wong agung Matawis | yèn wus nêpsu sira tadhahana | mênèk tiru kakangane | yèn aprang wus anêpsu | iya Sunan Amangkubumi | yèn samono mungsuhnya | tan kanggo samênut | Tarnite anut [a...]

--- 12 ---

[...nut] kewala | undur wuri ki tumênggung anèng wuri | lumbungan tigang pôntha ||

12. yèn pinêlak saragni nadhahi | gênti mara bêdhil datan kêndhat | saragni lawan Tarnite | kêkapalan kang mungsuh | bêcik dharat ingkang nadhahi | turôngga nyênthak-nyênthak | giwar kudanipun | tan ana bisa marêka | nulya sami prajurit anyabrang kali | ki tumênggung wus nyabrang ||

13. sami nolih mapak kang prajurit | wau saragni Arungbinangan | amapag lawan Tarnite | tumênggung ngêgar payung | Pangran Arya Purubayèki | ngêtab kuda mèh nabrang | para mantrinipun | sami mudhun saking kuda | tinêngkulak sami nyêpêngi kêndhali | matur sami karuna ||

14. adhuh gusti suwawi ngèndêli | sampun mogok gih pun Arungbinang | pinêlaka inggih mangke | mêdali bêdhèsipun | yêkti awrat sinanggèng jurit | kanthi Bugis akathah | Tarnitene agung | dragundêre kawan dasa | abdi dalêm sampun sayah prang sakenjing | suwawi kinèndêlan ||

15. ya ta Pangran Arya Purbayèki | kêju tyase gêla ing aturan | dene mantri punggawane | mundur kasaput dalu | dhusun Bocor dèn pasanggrahi | Tumênggung Arungbinang | nênggih praptanipun | ing Ungaran pukul sanga | kathah tiwas prang Karanggêdhe rumiyin | mungsuh kalawan rowang ||

16. kawuwusa bêbantu kang prapti | saking Batawi Kapitan Bagrak | satus rolas dragundêre | prajurit sabrang punjul | sampun nabrang lan Raja Gandhi | sira Kapitan Bagrak |

--- 13 ---

agagah abagus | prajurite pêpilihan | dragundêre satus rolas bêcik-bêcik | saguh mungsuh kalawan ||

17. mungsuh Jawa Arya Mangkubumi | tinurutan mring gurnadur jendral | bok kalakon sêsanggupe | Dite Pon praptanipun | nèng Ungaran sampun apanggih | lawan Kapitan Usar | miwah pra tumênggung | têtanya Kapitan Bagrak | wontên pundi panggonane Mangkubumi | sumaur kang tinanya ||

18. Mangkubumi mantuk mring Matawis | parikine bêbantu kewala | kadange asor jurite | mangke prange wus unggul | mila mantuk marang Matawis | Pangeran Purubaya | kang duwe arêngkuh | ing tanah Bagêlèn ômba | lan kang Rayi Pangran Mangkukusumèki | mangke ing Bocor Ambal ||

19. wus pinarnah pakuwonirèki | Kapitan Bagrak kaduwung mojar | Kapitan Usar sêmune | ngèncêpi dènnya muwus | dede sukak dene awingit | kunêng loji Ungaran | gantya kang winuwus | Pangeran Arya Purbaya | duk miyarsa bêbantu saking Batawi | nama Kapitan Bagrak ||

20. animbali pra dipati sami | para mantri pinêpêk sadaya | tinawu kabèh pikire | Cakrajaya umatur | yèn kawula gusti kuwatir | luwung nuntêna ngetan | manawi pun bantu | kang nama Kapitan Bagrak | amurugi sok sampuna amiranti | ing papan kang prayoga ||

21. ya ta rêmbag pangeran tyasnèki | dhasar alit angundhangi budhal | amung Kartanagarane | punika kang

--- 14 ---

tinuduh | wangsul ngilèn gêlarirèki | angancikana Ngroma | mungsuh dimèn ngrungu | dadi tatane mukula | ing pangeran karone rèhing Kumpêni | wus dadi sigra budhal ||

22. saking Ambal sagunging kang baris | wus angetan Pangeran Purbaya | dhusun Wêwala kèndêle | kang ngilèn budhalipun | sami mapan sarêng sakenjing | Radèn Kartanagara | ing Roma jinujug | Kandhuruan anèng Bantar | wus miyarsa yèn mungsuhipun dhatêngi | dandan sawadyanira ||

23. saking Bantar sampun angoncati | Kandhuruan lan sabalanira | ngungsi Pamêrdèn jujuge | Kartanagara sampun | tanah Roma kancikan nênggih | Tumênggung Arungbinang | prapta têlikipun | kang tinutakên ing mêngsah | aturipun mratelakkên pinggirnèki | Pangeran Purubaya ||

24. wus angetan dènira ngoncati | kèndêl Wêwala akarya gêlar | ingkang winangsulkên ngilèn | pan Kartanagarèku | inggih Ngroma kang dèn anciki | sadaya wus pratela | têlik aturipun | Ki Tumênggung Arungbinang | marang loji lan kapitan nulya panggih | kapitan kalih pisan ||

25. tur upiksa yèn têlike prapti | ingkang kinèn amor lawan mêngsah | wus tinanggap saature | sigra kapitan muwus | yèn makatên ta kadipundi | kula nuntên lumampah | pundi kang pinukul | kang kilèn punapa wetan | Ki Tumênggung Rungbinang sigra nauri | tuwan kula sumôngga ||

26. yèn ngetana kang kilèn manawi |

--- 15 ---

sêlak risak inggih tanah Roma | yèn tuwan mukula ngilèn | kagêngên lampahipun | lah ta kadipundi kang pikir | kula atutur adat | kang kilèn puniku | Tumênggung Kartanagara | yèn winawrat sawawrat sing nênêdhasi | gêngana tanpa karya ||

27. Kapitan Usar lan Bagrak angling | yèn makatên sudara andika | ambobota ing lakune | pintên wataranipun | ambêktaa bala Kumpêni |

Tumênggung Arungbinang | alon dènnya muwus | gih dragundêr kalih dasa | tigang dasa Kumpênine jalan kaki | Islame tigang dasa ||

28. kula bêkta mung mantri satunggil | Kakang Ngabèi Kartilêksana | para mantri kari kabèh | lawan sadayanipun | inggih rencang kula pribadi | wusnya dadi kang rêmbag | sigra budhalipun | kang ngilèn têtulung Roma | Kandhuruan miyarsa yèn kang bantoni | Tumênggung Arungbinang ||

29. wangsul saking Pamarêdèn aglis | Kandhuruan pun Sutanagara | miranti sagêgamane | kang wontên Roma wau | Ki Tumênggung Kartanagari | kumpul sabalanira | anèng Jamberumput | wau ta pangajêngira | Ki Tumênggung Arungbinang tur udani | yèn mêngsah sampun mapan ||

30. kang lumajêng mangkya wangsul malih | Ki Kandhuruan Sutanagara | mêngsah nadhahi badhene | baris ing Jamberumput | Ki Tumênggung Rungbinang aglis | nata prajuritira | cêlak Jamberumput | sragênine kang turôngga | kinumpulkên [kinumpulkê...]

--- 16 ---

[...n] lawan dragundêr anunggil | dene saragni dharat ||

31. kinumpulkên lawan jalan kaki | lan ing Jamberumput sampun cêlak | mungsuh alok sarta bêndhe | pangajêng sampun campuh | rame dènnya bêdhil-binêdhil | wong Roma kang adharat | sami munggèng ngayun | kang turôngga munggèng wuntat | ginarudug ing bêdhil andhêku sami | nglela kang jêjaranan ||

32. gya tinêtêr kang sami turanggi | ginarudug kang sanjata kathah | nora tahan turanggane | giwar arêbut dhucung | kari ingkang adharat sami | angêdrèl kathah pêjah | wus sami lumayu | angidul palayunira | pan ingusir sapraptanira pasisir | kidul menggok mangetan ||

33. kang kacandhak marang ing Kumpêni | akèh pêjah ingkang sami Jawa | pan sami siningkirake | pan maksih dèn bêbujung | saparane pangungsirnèki | kèndêl ing Jagamêrtan | wau ki tumênggung | sadalu enjinge budhal | kang binujung palayunira angungsi | baris Kapurubayan ||

34. lajêng ngetan ki tumênggung prapti | dhusun Ngambal Pangeran Purbaya | sakawone pangajênge | nênggih pangraosipun | ingkang prapta mêngsah Kumpêni | Pangeran Purubaya | budhal gagap gugup | saking Wêwala angetan | lajêng ngalèr dènira nabrang ing Ringgit | kèndêl ing Kapopongan ||

35. ingkang wontên Ngambal duk miyarsi | yèn wus lolos Pangeran Purbaya | anèng Popongan kèndêle | wau ta ki tumênggung | lawan sagung bala

--- 17 ---

Kumpêni | mantuk dhatêng Ungaran | prapta wanci surup | panggih kapitan sakawan | pan wus bilang prange lêlampahirèki | kinèn mantuk pondhokan ||

36. enjing kewala wangsula malih | tan kawuwus dalu enjingira | bupati pinanggil kabèh | Kyai Wiradigdèku | Natayuda wus sami prapti | Kiyai Arungbinang | sarêng praptanipun | Kapitan Bagrak angucap | kadipundi rêmbage kang pra dipati | dene sangêt sakitnya ||

37. Ki Tumênggung Yudanagarèki | kula sêdhih ing manah kawula | keron sabarang panggawe | nauri pra tumênggung | tuwan pênêd ngantukna dhingin | dhatêng nagri Toyamas | tuwan datan bingung | Kapitan Usar lan Bagrak | sami muwus yèn sampun mupakat pikir | sudara Arungbinang ||

38. dika nuduh ngatêr para mantri | wong Banyumas budhala sadaya | tumuta ing bandarane | kula bêktani satus | Kumpni Islam lutnan kêkalih | mantri dika kang tuwa | ngatêrna puniku | nauri Kyai Rungbinang | sampun susah sayêkti kula bêktani | mantri ingkang prayoga ||

39. sakit paran Bagrak dènira ngling | netranipun amêrêm kewala | kula wèh wêruh ing dêlèr | lan Petor Têgilipun | kantênane kang muni tulis | Tumênggung Arungbinang | alon sauripun | jêjêr panastis kewala | nanging saking sangête ingkang panastis | netra mêrêm kewala ||

40. wus ingantukakên ingkang sakit | ing wuri sami mangun pirêmbag | ing lampah mrih

--- 18 ---

pakantuke | arsa amukul mungsuh | pun Kapitan Bagrak sêdyèki | angêlar kang jajahan | wus dadi kang rêmbug | pun Kapitan Bagrak lingnya | sasak dika sudara paran wus dadi | gih wingi dènnya dadya ||

41. duk sadalu atêngara enjing | ingkang badhe tinilar Ungaran | tigang dasa Walandine | sèkêt kang Bugis Wangsul | ki tumênggung nilari mantri | kalih panèwunira | lan sakancanipun | ing dina Kêmis angkatnya | saking biting Ungaran sagunging baris | mukul mungsuh asmara ||

98. Asmaradana

1. ingkang bêbarêpi baris | Ki Tumênggung Arungbinang | lan samantri panêkare | kang sumambung wurinira | Ngabèi Wanayuda | sakancane tuwaburu | Kumpêni ing wurinira ||

2. wurine baris Kumpêni | Ki Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Natayudane | kang mêkasi wurinira | asri baris lumampah | Tarnite ramya bangkilung | myang Kapitan Kumpni Islam ||

3. sadintên lampahirèki | kèndêl dhusun Garujugan | enjinge baris lajênge | sadintên ing kèndêlira | nèng Mirib kawan dina | mila baris kèndêlipun | Ki Tumênggung Arungbinang ||

4. punika kacandhak sakit | panastis langkung sangêtnya | kongsi bêranang netrane | patang dina datan ana | rêjêki kang tumama | padudon ing ajêngipun | Kapitan Usar lan Bagrak ||

5. Kapitan Usar kang pikir | ki tumênggung awangsula | Kapitan Bagrak pikire | sanadyan dipun gotonga | tumênggung aja pisah | wasana sami [sa...]

--- 19 ---

[...mi] lumaku | mring pondhok Arungbinangan ||

6. ki tumênggung amanggihi | sami anglugur kewala | nanging sajro wardayane | eling barang pakaryannya | angling Kapitan Bagrak | kadipundi ki tumênggung | kula mangkat benjang enjang ||

7. paran ta sukanirèki | tumut punapa wangsula | ki tumênggung lon saure | gih tuwan tumut kawula | ing tuwan lilanana | kula lumaku nèng pungkur | nauri Kapitan Bagrak ||

8. sampun susah alumaris | nadyan lêta satus êjam | dadi sukaning tyas ingong | nging mantri dika kewala | sapalih wontên ngarsa | sapalih wontên ing pungkur | rumêksa ing saudara ||

9. kunêng ing dalu nulyènjing | budhal sagunging gêgaman | Wanayuda panganjure | wus anabrang anèng ngarsa | ing Rawong kèndêlira | wontên ing Rawong sadalu | wuwusên Pangran Purbaya ||

10. Kapopongan dènnya baris | lan ing Rawong sampun cêlak | amêpak para mantrine | miwah sapunggawanira | prasamya prajanjian | nèng Popongan badhenipun | nadhahi ngaptêp[5] ing yuda ||

11. tinêlik mungsuhirèki | Walandi mung kalih bêlah | kawan atus wong Tarnite | satus Bali Kumpni Islam | Jawane Wiradigda | Natayuda mambu ilu | pêpêdhotan duk prang Jênar ||

12. Arungbinange mèh mati | nora milu magut ing prang | iya kônca mantri kabèh | luwih antêpe kewala | ngêrobi akèh rowang | prajurit kukila saur | pating

--- 20 ---

barêngok sadaya ||

13. ya ta kawuwusa enjing | wus budhal Kapitan Bagrak | sawadyane saking Rawong | tinata barising lampah | wruh mêngsah sampun cêlak | sawadyane pangran sampun | amêdali milih papan ||

14. cinacah ingkang prajurit | kalih èwu kang turôngga | pan kalih èwu dharate | apangawat kering kanan | para tumênggungira | Kapitan Usar amuwus | mangsit ing Kapitan Bagrak ||

15. mêngko têmpuh ing ajurit | aja tolih keri kanan | ngêndi gone pangerane | mantri sèwu numbakanyar | loro aywa doh ingwang | Martadipa Mantri Sèwu | Jawikrama Numbakanyar ||

16. wus dadya rakiting baris | amapag Kumpêni Islam | têngêne wadya Tarnite | kiwane para kapitan | katiga Kumpni Islam | têpung lan para tumênggung | lampahe baris abayak ||

17. tan adangu wus kaèksi | pacalanging mungsuh nulak | Pangeran Purubayane | lan kang rayi gya têngara | tambur bèri sauran | bêndhe kèh sarêng tinabuh | kadya kongkang kaleberan ||

18. wus prapta bala Kumpêni | anèng Têgal Kapopongan | ayun-ayunan barise | mantri sèwu numbakanyar | mangsit gèning pangeran | tan wangwang sigra tinêmpuh | Kapitan Usar lan Bagrak ||

19. rame campuh anadhahi | prajurit Kapurubayan | bêdhil gumuruh swarane | tinêngêr gèning pangeran | bayak panêmpuhira |

--- 21 ---

sangsaya katon kadulu | barise pating karoyag ||

20. tan atolih kanan kering | amung ênggèning pangeran | sampun kalingkab barise | barise sakin anêngah | Kumpêni ngungkih rampak | tan tahan pangeran kundur | tan ana wani nusupa ||

21. marang êdrèle Kumpêni | amung sanggupe kewala | praptèng êndon kuwur kabèh | bubar mawur kabalasar | prajurit Kapurbayan | wus sêmpal pangawatipun | anggêrus lajêre dhadhal ||

22. Pangeran Purubayèki | binabujung wus kaprêmak | giwar nisih waluyane | ngetan malêbêt ing wana | balane rêbut paran | Tarnite miwah dragundur | pambujunge sampun têbah ||

23. kèndêl Kapopongan sami | baris samya pamondhokan | Tumênggung Arungbinange | nuduh ingkang maspadakna | wau kèndêling mêngsah | kapitan kalih lumaku | mring pondhok Arungbinangan ||

24. ki tumênggung maksih sakit | manggihi turon kewala | Kapitan Bagrak wuwusa | ki tumênggung kira dika | pundi ênggèning mêngsah | ki tumênggung lon sumaur | rencang kula dèrèng prapta ||

25. ingkang kula kèn tut wuri | anitik kèndêling mêngsah | yèn praptantuk pratelane | kula wèh wêruh mring dika | angling malih kapitan | lan malih tuwan tumênggung | kadipundi karsandika ||

26. aprakara goning baris | pundi ecane tyas dika | ki tumênggung lingiralon | inggih tuwan pêlan-pêlan | sampun [sampu...]

--- 22 ---

[...n] andika susah | antèkna samangke dalu | lagi sun pikir prênahnya ||

27. kapitan kalih wus mulih | sinapu kang diwangkara | myang ngôndakara membane | saking udaya marwata | riyêm-riyêm prabanya | mapag karang tumruna wus | wancine kang tabuh astha ||

28. among cipta wigêna wit | Ki Tumênggung Arungbinang | winênêd wungu driyane | angayuh pamênêng wayah | sirêp swara-swaranya | wadya sabarisan agung | marutaris rarasiyan ||

29. sumêr raras narik amrik | prapta Dyah ing Bulusapta | tumênggung nyandhak astane | abêbisik praptanira | katutuh rika uga | mulane ta rika iku | ana dhêndhaning Hyang Suksma ||

30. kagyat karaos ing galih | Ki Tumênggung Arungbinang | langkung kapranan driyane | dadya mêminta aksama | risang amurwèng daya | eklas ing rèh alon muwus | ngêndi prênah baris ingwang ||

31. alon dènira nauri | wau Dyah ing Bulusapta | rika jaka Walandane | baris desa Palaosan | kurang sapisan êngkas | pangalihe baris iku | lan rika mêmarènana ||

32. ywa aduwe tyas sak sêrik | aywa ngônta-ônta sira | akira-kira ing akèh | rika wakiling narendra | jênêngi ing ayuda | budi dèn amot dèn mêngku | wong lanas ananggung naas ||

33. wong balicik bok kacêlik | nora bêcik barang karya | wong sabar kèh pêpatine | wong maklum salamêt uga | kèh wêlas akèh trêsna | namakkên [na...]

--- 23 ---

[...makkên] karyaning ratu | têpa-têpa têtêpana ||

34. Dyah ing Bulugangsalkalih | wus nêlas pituturira | tumênggung tyase sumêdhot | sumilih ing sokurêna | kumambang ing wisesa | kaluhuran sabdanipun | wus pamit Dyah Bulusapta ||

35. mangkana saungkurnèki | raina tatas kamatyan | tumênggung anulya age | nimbali Kartalêksana | prapta lajêng dinuta | kakang tutura dèn gupuh | ya marang Kapitan Bagrak ||

36. bodhola sadina iki | pacak baris Palaosan | Kartalêksana lampahe | wus panggih Kapitan Bagrak | miwah Kapitan Usar | tinêmbungkên wêlingipun | Ki Tumênggung Arungbinang ||

37. kapitan kalih nulyaglis | têngara tambur gumêrah | miwah prajurit Tarnite | sagung wadya pabarisan | samêkta sigra budhal | miwah sira Ki Tumênggung | Arungbinang munggèng wuntat ||

38. Tumênggung Wiradigdèki | lan Tumênggung Natayuda | miwah sakônca mantrine | praptanira Palaosan | wus tata pamondhokan | panggènan Walandinipun | rinakit loji wus dadya ||

39. sawusnya tata kang baris | Kapitan Bagrak rêmbagan | lan para tumênggung kabèh | arsa anggitik kang mêngsah | mrih jêmbar kang jajahan | Pangeran Purubayèku | dhusun Tapèn kèndêlira ||

40. nanging gêlaring ajurit | Pangeran Arya Purbaya | angangsahakên riwuke | punggawanira sinêbar | angalangi jajahan | ing wurine baris agung | kang wus kapungkur dèn ambah ||

41. wadya sagung pra dipati |

--- 24 ---

Ki Tumênggung Arungbinang | Kapitan Bagrak lingnyalon | kadipundi saudara | mungsuh mêngsah akathah | kanan kering miwah pungkur | ngling Tumênggung Arungbinang ||

42. sampun kathah dika pikir | punika riwuk kewala | dika buhke kula dhewe | mung ta sawiji kewala | Pangeran Purubaya | wontên Tapèn barisipun | andika pukul ing benjang ||

43. nanging têlik kula prapti | pangran badhe mangsah gêlar | yèn dika larag gêlare | sakilèn Tapèn punika | têlas sabine bêra | sukêtipun angrêmbuyut | pan sadêdêg inggilira ||

44. ingkang badhe dèn dhêkêmi | kanan kering prajuritnya | yèn andika prapta kono | giyak angamuk nyêkuthak | pasthi Kumpêni rusak | wondening pangeranipun | amor anunggil pangawat ||

45. badhe gitik saking kering | yèn dika wus cinakuthak | punika tuwan ecane | kuthiting mungsuh kawruhan | tuwan wêwêkas kula | yèn mèh prapta mungsuh agung | ngriku dika roning kamal ||

99. Sinom

1. dika mandhêg rungak-rungak | dika api-api wêdi | dipun rada kulithihan | pasthi dhêkêmane sami | yèn dika katon wêdi | bungah giyak padha mêtu | dika êdrèl sapisan | anuli dika inggati | dika sêrot pangerane nèng pangawat ||

2. sampun dika taha-taha | puniku atine kêcil | boya tiru ingkang raka | Susunan Amangkubumi | dika palêtêr wani | puniku banjur lumayu | Tumênggung

--- 25 ---

Wiradigda | gèdhèg mèsêm dènira ngling | lagi tumon wong Jawa muruk Walônda ||

3. aprakara ing ayuda | Si Arungbinang kaya jim | gumujêng Kapitan Bagrak | beta sukak punya hati | bêtul rang cari baik | pasthi beta pake itu | gumêr kang pra dipatya | kapitan têngara aglis | sigra budhal sagung gêgaman kang nglarag ||

4. Tarnite tumut sadaya | Arung Galèngsong nindhihi | sapalih Kumpêni Islam | Kumpêni kang putih nênggih | saduman ingkang kèri | rong duman kang sami tumut | dene kang pra dipatya | samantrine tumut sami | ingkang kantun mung Tumênggung Arungbinang ||

5. kalawan samantrinira | ambagi kang para mantri | Ki Tumênggung Arungbinang | mantrine ingkang tinuding | kinèn mangkat tumuli | kinèn anglanggara mungsuh | kang dadi riwuk samya | winatara bobotnèki | lawan sarta sanggupe ingkang lumampah ||

6. kang kantun ing pabarisan | ki tumênggung ngati-ati | kalawan Kapitan Usar | prajurit ingkang turanggi | sèkêt ingkang kinardi | ngubêngi pondhok nguk-anguk | kulon kalawan wetan | angrolas lor kidul sami | kawuwusa Kumpêni ingkang anglarag ||

7. sakilèn Tapèn wus prapta | mungsuh wus samya miranti | munya têngara sauran | amapag dènira baris | nênggih ingkang dhadhani | Tumênggung Cakrajayèku | kiwa Kartanagara | pangawat têngênirèki | pan anamur Pangeran Arya Purbaya ||

--- 26 ---

8. lawan kang Rayi Pangeran | Mangkukusuma anunggil | Kumpêni wus mangsah rampak | pangawat kiwanirèki | Wanayuda kinardi | sakancane tuwaburu | têngên wong numbakanyar | dene ta tumênggung kalih | nunggil lawan Kumpêni wontên ing jaja ||

9. Kumpêni wau angsahnya | prapta ing ngajêngirèki | pasukêtan kang kinarya | dhêkêm anyimpên prajurit | kèndêl bala Kumpêni | sami rungak mangu-mangu | ana akulithihan | emut wau dèn ugêmi | sawêlinge Ki Tumênggung Arungbinang ||

10. kang mungsuh sami wuninga | kèndêla bala Kumpêni | kang andhêkêm wus uninga | kinira Kumpêni ajrih | sami giyak mêtoni | saking pandhêkêmanipun | Kumpêni wus pratela | kang andhêkêm wus kaèksi | wong agêlar wêkasan kêna ing gêlar ||

11. wus cêlak melok ngêdrelan | dèn byuk dèn urugi mimis | tan ana wani nusupa | kapiran mila kèh kêni | bêlasah kèh ngêmasi | nulya tinilar bêbujung | Pangeran Purubaya | tinitir sinêrot wani | gulagêpan binendrongan ing sanjata ||

12. pinistul Kapitan Bagrak | mèh kêdhik pangeran kêni | gundam lumajêng anggiwar | kininthil manjing wanadri | misah lan wadyanèki | niba tangi nusup-nusup | Kumpêni wangsul samya | mring wau duk kawit jurit | kang kinarya gêlar dhêkêm têtumpêsan ||

13. Kumpêni panilarira | bujung Pangran Purbayèki | kang namur anèng pangawat | ing wuri dhêkêman sami | Tarnite [Tar...]

--- 27 ---

[...nite] kang ngamuki | tumpêsan kêdhik kang kantun | gêlaran sirna lêbar | wau dhadhane dèn usir | anadhahi sabrang lèpèn bêbêdhilan ||

14. Kurnèt tatu alisira | nênggih tan ngunakarani | Cakrajaya sinabrangan | Kurnèt langkung muring-muring | Cakrajaya wus têbih | Kumpêni prasamya wangsul | praptane Palaosan | parêng wanci asar inggil | pêpanggihan lan Tumênggung Arungbinang ||

15. tutur lamun kalampahan | barang sawêlingirèki | Ki Tumênggung Arungbinang | sami gumujêng kapyarsi | Kyai Rungbinang sidik | nênggih ing wêktu puniku | wau mriyêm kabandhang | duk aprang ing Ngambal nguni | pinanggihe duk baris ing Palaosan ||

16. kunêng Pangeran Purbaya | ênggène sampun anêbih | Kadêmèn ing Banjardawa | anêdya umagut malih | tan bisa ngancik malih | Kadêmèn sampun karêbut | mring Tumênggung Rungbinang | Sang Pangeran Purbayèki | langkung tiwas dènira amangun yuda ||

68. Sunan Kabanaran anglajêngakên tindakipun Badhe Anggêcak Nagari Pakalongan

17. ya ta malih winursita | lampahe sri narapati | Susunan ing Kabanaran | kang arsa gêcak pasisir | sarêng ing lampahnèki | nanging ta gantya winuwus | budhal sawadyanira | saking

--- 28 ---

Talagawanèki | masanggrahan anèng dhusun Palembungan ||

18. Kêdhu pra dipatinira | Natèng Kabanaran nênggih | nglêlèdhèk baris Cacaban | Tumênggung Wiradigdèki | lan Môndaraka malih | myang Tumênggung Singaranu | Tumênggung Mangkudirja | Tumênggung Ngurawan nênggih | Natawirya kalawan Tirtawijaya ||

19. Tumênggung Jagaulatan | Radèn Mangkuwijayèki | Rahadèn Mangkudiwirya | Radèn Mangunkusumèki | ing Cacaban prasami | lojine kinêpung wakul | dalu pinarêpêkan | tuhu tan kêna ingungkih | kèh Walônda palayon saking Ngayoja ||

20. tigang atus Kumpêninya | lawan mayore kêkalih | Mayor êkop lawan sira | Mayor Sakèbêr satunggil | Kumpêni Bugis Bali | lan Makasar kawan atus | Bupati ing Mataram | Ki Tumênggung Rajaniti | lawan sira Tumênggung Rajamênggala ||

21. pasisir bupati papat | Dêmak Kêndhal Lèpèntangi | Tumênggung Kêdhu satunggal | Tumênggung Mangkuprajèki | mung kanthi para mantri

| kêkalih tumênggungipun | dèrèng mantuk laminya | wontên ing Pagêlèn sami | Wiradigda lan Tumênggung Natayuda ||

22. Tumênggung Pajang satunggal | bêbalikan masih nunggil | Tumênggung Malangnagara | kathah kang para dipati | mila tan kêni ngungkih | lan kathah Kumpêninipun | mariyême lêlima | santosa gène lêloji | lamun dalu angsahe kang pra dipatya ||

23. prajurite tan katingal | amung swarane kapyarsi | dadya Kumpêni nanjata |

--- 29 ---

ngatêr pelor gutuk api | pan kadya dèn obori | mungsuhe samya kadulu | sinungsun mariyêmnya | mungsuh kathah ingkang kêni | samya nêbah tan purun wontên parêka ||

24. wau ingkang kawuwusa | kontrage nagri pasisir | lamun Natèng Kabanaran | badhe anggêcak pasisir | dêdamêle lumaris | wadyane ngalun gumulung | saking ing Palimbungan | wus budhal angalor sami | anggêgubah jabanrangkah ing Têmpuran ||

25. kèndêl anata kang wadya | angasokakên prajurit | anèng tanah jabanlawang | gugup Idêlèr Samawis | utusan marang Têgil | kinèn amanggila gupuh | wong Tarnite sadaya | lan Kapit Usar sami |[6] kang karia Pagêlèn Kapitan Bagrak ||

26. lan Tumênggung Kêdhu samya | kêkalih kang kinèn mulih | maring Kêdhu anunggila | kang sêrat sampun lumaris | kang sami dèn timbali | sigra-sigra budhalipun | ing marga tan winarna | sapraptanira Tatêgil | linajêngkên tugur nagri Pakalongan ||

27. Ki Tumênggung Wiradigda | lawan Natayuda prapti | ing Kêdhu duk patang dina | tinungkak caraka prapti | angenggalakên nênggih | Sakèbêr lan sawadyagung | Mayor Kop lawan Sungrat | kang baris Prambanan sami | lan Kapitan van dar Pol lan Ludnan Kulman ||

28. tan nganti sikêp kêrigan | kang amikul obat mimis | obat dèn obong kewala | pirang-pirang tong binasmi | gugup budhalirèki | sampun atinggal ing Kêdhu | langkung gênging gêgaman | sapraptanira [sapraptani...]

--- 30 ---

[...ra] Samawis | linajêngkên abaris sakilèn Kêndhal ||

29. lan wong pasisir sadaya | dènira baris Walèri | liya bupati sadaya | tugur nagari Samawis | duk baris ing Walèri | Kop gring lajêng pêjahipun | amung kantun satunggal | Mayor Pèbêr Senapati | Pakalongan sampun binanton Walônda ||

30. satus mêdal ing lautan | Kumpênine jalan kaki | sapraptaning Pakalongan | baris wismaning dipati | anunggil dènnya baris | lan Tarnite kawan atus | rêsah sami ngrêrayah | Jayaningrat Adipati | nora kandêl puniku sanaking mêngsah ||

31. lawan dèrèng asêsaba | Susunan Amangkubumi | mring pasisir kulon ika | mung wetan sêsabanèki | ing mêngko anêkani | sayêkti iku tinuntun | mring kang duwe nagara | duk baris Kêdhu rumiyin | Jayaningrat mungsuhe tan ana nglawan ||

32. milane Tarnite rêsah | beka kang duwe nagari | Adipati Jayaningrat | barisira wus umijil | bêkta bupati kalih | ing Batang Wiradisèku | kidul wetan nagara | gènira apacak baris | padhusunan Madayu Bèji barisnya ||

33. Adipati Jayaningrat | ngaturi srat nêdah margi | ingkang anjog ing nagara | anulya matah bupati | kang kinèn anglêboni | mring Pakalongan rumuhun | Tumênggung Jayadirja | Dipati Suryanagari | binêktanan salawe wong suranata ||

34. mantri pinilih sadaya | dene kang kinèn nambungi |

--- 31 ---

Mas Rôngga Wirasatika[7] | salin gêlaring lumaris | Mas Rôngga dèn bêktani | sagunging saragni cênthung | lan prajurit nirbaya | kalawan jagabayèki | martalulut kalawan singanagara ||

35. wau kang tinuduh ngarsa | manjinga nagri rumiyin | Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | sigra manjing nagari | dêrojog mring alun-alun | Kumpêni sampun tata | sami baris jalan kaki | samya kagyat undure anata bala ||

100. Durma

1. kacakuthak Dipati Suryanagara | Tarnite amiyosi | anèng kidulira | lun-alun Pakalongan | lêlurung pemahan sami | ajêng-ajêngan | lajêng campuh ing jurit ||

2. mangsah dharat Dipati Suryanagara | Tumênggung Jadirjèki | sami ngamuk dharat | wus campuh ing ayuda | Arung Galengsong nindhihi | Dhaèng Bêrsudhak | Manglewa lan Mapêgif ||

3. sarêng gapruk caruk rok sami sukanya | Tumênggung Jadirjèki | sami ngêmbat watang | Radèn Suryanagara | ngamuk watange pinusthi | Tarnite tadhah | rame caruk ing jurit ||

4. wong Tarnite kumreyab mung lêmbing kantar | gêgamaning prang cundrik | ngamuk lan kulewang | Tumênggung Jayadirja | Dipati Suryanagari | saprajuritnya | nadhahi sru anitih ||

5. kari caruk wong Tarnite kathah pêjah | lêmbing tan angudhili | miwah tamèng kantar | tan pakantuk ing aprang | gêgaman prajurit Jawi | apanjang-panjang | mila sami nglorogi ||

6. sira Dhaèng Bêrsudhak rukêt [ru...]

--- 32 ---

[...kêt] prangira | lawan radèn ngabèi | gih Mangunnagara | rame sêndhal-sinêndhal | Mangunnagara cinundrik | Dhaèng Bêrsudhak | ginoco lambungnèki ||

7. sarêng pêjah Bêrsudhak Mangunnagara | sarêng sampyuh gumlinting | wau kawistara | nuju panunggilira | sira Dêmang Gondhangrawing | Gonggangdhalungan | lan Dêmang Rajêgwêsi ||

8. kilènipun Ki Tumênggung Jayadirja | Ki Dêmang Gondhangrawing | jêlèh tur uninga | hèh Kyai Jayadirja | rayi andika ngêmasi | Mangunnagara | pêjah wor Dhaèng Bugis ||

9. Ki Tumênggung Jadirja asru ngandika | kang raka ana ngêndi | Rahadèn Dipatya | Suryanagara prangnya | matur Dêmang Gondhangrawing | wetan punika | nunjang pêngawat keri ||

10. mangsah ngamuk Ki Tumênggung Jayadirja | lan para dêmang katri | kadya singalodra | krura pangrêbutira | kunarpa Radèn Ngabèi | Mangunnagara | rinubung kapat Bugis ||

11. tinarajang mring Tumênggung Jayadirja | kalih tinumbak mati | kêkalih wus pêjah | kairas para dêmang | Dipati Suryanagari | sigra miyarsa | yèn kang rayi ngêmasi ||

12. pêjah awor kalawan Dhaèng Bêrsudhak | wau Kyai Dipati | Suryanagarenggal | ngilèn sigra wus prapta | ênggèning pêjah kang rayi | kunarpanira | wus panggih dèn adhêpi ||

13. mring Tumênggung Jadirja lan katri dêmang | kunarpa datan kongsi | wau karisakan | wau sang adipatya | nyampingira dèn uculi | wusnya [wu...]

--- 33 ---

[...snya] nguculan | linurubakên aglis ||

14. mêngsah nunjang wong Jawa wuri kèh prapta | wau tumênggung kalih | saprajuritira | Tumênggung Môndaraka | Tumênggung Wiradigdèki | lajêng campuh prang | Tarnite dèn tadhahi ||

15. lan Kumpêni dharat sru pangêdrèlira | lir rug swaraning bêdhil | ramening ayuda | surak kadya ampuhan | wong tambur bêndhe gong bèri | kadya dhawuhan | bêdhah anggêgêtêri ||

16. Ki Tumênggung Môndraka tatu wêntisnya | lan Jayèngrana kanin | sami sanalika | wau kang bôndayuda | nèng alun-alun Kumpêni | wadyèng Mataram | prajurit pra dipati ||

17. samya kèndêl jawi lun-alun gènira | wawas-winawas sami | wau ingkang prapta | Pangran Adiwijaya | nging datan mênangi jurit | kunarpèng rowang | kiniwakakên sami ||

18. praptèng malih Mas Rôngga Wirasêtika | lan prajurite sami | ingkang tinindhihan | sagung wadya kaparak | lan pra dipati wus panggih | patakèn sulang | wau kanthining jurit ||

19. matur marang Pangeran Adiwijaya | Mas Rôngga awotsari | yèn rêmbag punika | lawan karsa sampeyan | miwah sagung pra dipati | sami kèndêla | nênggih taksih nèng ngriki ||

20. kula ingkang ngupaya margi boboka | anglambung saking kering | mangke yèn angsala | miwah saking ing wuntat | sampun wontên mangsah jurit | yèn dèrèng kula | tuk marga nêmpuh jurit ||

21. sampun dadya rêmbag Mas [Ma...]

--- 34 ---

[...s] Rôngga anulya | angetan kang dèn irid | prajurit kaparak | nirbaya jagabaya | wirabraja lan saragni | lan brajanala | mung punika prajurit ||

22. ingkang kathah-kathah prajurit kaparak | kinèn angilèn sami | ngupadosa marga | yèn antuk angalèra | Mangunkusuma têtindhih | sarêng kang lampah | kang ngetan ngilèn sami ||

23. lampahipun nalêsêp turut pomahan | waos cinoncong sami | miwah kang sanjata | wênèh wus narik pêdhang | adangu wus manggih margi | margi rêratan | lêmpêng kang ngilèn sami ||

24. ingkang ngetan Mas Rôngga Wirasêtika | mêdal ing lurung nuli | cangkelak tan eca | kadohan angsahira | malêbêt pomahan malih | mingêr mangrêsak | mêdali saking wuri ||

25. bêdhah jaro Mas Rôngga Wirasêtika | anêmpuh saking wuri | kilèn nusul mangsah | kidul sarêng uninga | yèn Mas Rôngga nêmpuh jurit | kang pra dipatya | giyak sarêng mangungkih ||

26. têmpuh rampak ngarakit kang pra dipatya | Kumpêni angêdrèli | ingkang saking wuntat | Rôngga Wirasêtika | pangamuke ngobrak-abrik | bingung sakala | rukêt dènnya nadhahi ||

27. caruk uwor jalan kaki prange panggah | Tarnite mobat-mabit | wadya lêng-ulêngan | Tumênggung Môndaraka | lan Wiradigda kang kanin | Suryanagara | punggawa katri kanin ||

28. lan Mas Rôngga Wirasêtika walikat | pinistul saking wuri | kèndêl sanalika | ing prang sapih sakala |

--- 35 ---

sami mangune kêkalih | taha-tinaha | prasami ngati-ati ||

29. pan pinêlak katutuh gustine prapta | dinangu kang ajurit | yèn kathah kang tiwas | kanin kang pra dipatya | Mangunnagara ngêmasi | pun Jayèngrana | kang sami nandhang kanin ||

30. duk miyarsa Sri Bupati Kabanaran | punggawa akèh kanin | lan prajuritira | suranata sakawan | pêjah uwor lan Kumpêni | Radèn Dul Salam | lan Ki Mas Kêrtanudin ||

31. miwah Radèn Dunwaka Ngalimuntaha | lan Mad Nur Marjansari | kang tatu têtiga | kalawan Mas Dunyaka | katiga Kenthol Nur Ali | pinggir talingan | ingkang kêna ing bodhik ||

32. anakipun Tumênggung Jayasudirja | ingkang pêjah ing loji | Nur Ali punika | tiga sadhèrèkira | kang sami jalu anunggil | sami kinarya | suranata anunggil ||

33. kathah ingkang para sutaning dipatya | kang kinarya prajurit | nênggih suranata | miwah kang lêlungsuran | pra dipati nguni-uni | Tumênggung Dêmak | Kyai Wirasastrèki ||

34. kadangira Ki Dipati Sindurêja | pêjahe ki dipati | wau kadangira | Tumênggung Wirasastra | suwita Sunan Matawis | lajêng kinarya | suranata prajurit ||

35. pinaringan nama Kiyai Dul Jalal | kinarya juru tari | Natèng Kabanaran | sabarang ingkang karsa | Ki Ngabdul Jalal tinari | mêwahi suka | myarsa barang turnèki ||

36. duk puniku Susunan ing Kabanaran | langkung bramantyèng galih |

--- 36 ---

dene pra dipatya | kathah kang nandhang brana | myang prajurit para mantri | têtatunira | prasami sawatawis ||

37. mung tatune Mas Rôngga Wirasêtika | angrêm mimisirèki | sagung kang kabranan | ngadhêp ing gustinira | prasami dèn usadani | wus ginantenan | kathah lajêng basuki ||

38. walikate Mas Rôngga pinijêt sigra | mimis kang angrêm mijil | waluya sadaya | nuwun amagut sigra | Pangran Adiwijayèki | alon turira | ing rayi sri bupati ||

39. sampun dalu tanggêl yèn maguta pêrang | Tarnite lan Kumpêni | wus anabrang samya | lor kali sami nabrang | nèng kêbon gêdhong Kumpêni | sami amapan | Tarnite kang dèn ungsi ||

40. gêdhong bêras aluwung enjing kewala | ngandika sri bupati | kakang mas sampeyan | kasub wong ing Mataram | duk prang Pajarakan nguni | môncanagara | inggih prang lawan Bugis ||

41. têtindhihe Mataram panji ngrêsula | rintên kawon wong Bugis | wong Mataram lena | dalu angeca-eca | Tarnite dalu dhatêngi | wadya Mataram | kawon ingamuk bêngi ||

42. prang lan Bugis botên kêni ginagampang | jayane ngamuk bêngi | ping kalih punika | kalamun botên kalah | inggih sawêngi puniki | bantune prapta | ing Têgal ing Samawis ||

43. sakathahing rêmbag kaluhuran sabda | sayêkti sri bupati | wêweka prayoga | dadya anut sadaya | wus ambêndhe sri bupati | tambur gumêrah | surak awor gong bèri ||

--- 37 ---

44. bakda isa umangsah wadya Banaran | sang nata wus manginggil | amanggih sabrangan | ingkang kêna cinacab | wong suranata pinilih | kang sampun nabrang | mungsuh dèrèng udani ||

45. maksih rame nadhahi lêt lèpèn samya | rame bêdhil-binêdhil | kang kidul gumêrah | mêdal Tarnite samya | miwah prajurit Kumpêni | tata wus mêdal | tarap pinggiring kali ||

46. nora wêruh yèn sang nata sampun nabrang | wong sawidak watawis | lajêng nêmpuh nunjang | nubruk saking ngiringan | kagum sampun ponthar-panthir | barise rusak | ingamuk bosah-basih ||

47. sakarine pêjah prasamya lumajar | ngungsi gêdhong bras malih | miwah Kumpêninya | ngungsi ing gêdhong bêras | wontên sapuluh kang kari | kang sangang dasa | tumpês prang kaping kalih ||

48. pra dipati wruh ratune sampun nabrang | pating balêbêr sami | prajurit kaparak | kang margi ngilèn samya | nut margine sri bupati | kang pra dipatya | samya gêbyur ing kali ||

49. ana ramon jaro ana ramon êmpyak | êmpyak gêdhogan sami | ana bango pasar | binêkta mring bêngawan | ajrih kantuna ing gusti | tuntas sadaya | nabrang sagung prajurit ||

50. lajêng sami angêpung ing gêdhong bêras | Bugis karine mati | wontên sangang dasa | katri atus sadasa | wus tumpês ing prang sakenjing | kang kantun samya | ngungun ing solah kingkin ||

101. Asmaradana

1. mangkana sri narapati | nimbali [ni...]

--- 38 ---

[...mbali] Bugise lama | Kapitan Juwana rane | kang ingutus angantêpa | basuki apa rusak | apa karêpe wong iku | ingsun anurut kewala ||

2. Kapitan Juwana aglis | tur sêmbah sigra lumampah | ngrasuk kaprajuritane | wus cêlak lan gêdhong bêras | wontên ing korinira | cara Bugis nguwuh-uwuh | wau Kapitan Juwana ||

3. Karaèng Galèngsong nuli | takèn ing Dhaèng Manglewa | sapa nguwuh-uwuh kae | Bugise Rajèng Mataram | mara undangên enggal | Dhaèng Malewa gya mêtu | ngirid Kapitan Juwana ||

4. wus atata sami linggih | muwus Kapitan Juwana | dhawuhakên timbalane | ing gusti sri naranata | angantêp marang sira | Galèngsong ing sêdyanipun | apa hidhup apa pêjah ||

5. Galèngsong alon nauri | witing ingsun nêdya gêsang | nanging maras ing tyas ingong | bok datan antuk apura | marang Rajèng Mataram | dene kèh prajuritipun | kang mati prang lawan ingwang ||

6. ya wong ingsun mati jurit | têlung atus lan sêsanga | lamun ana apurane | yèn sira nanggung maring wang | ingsun sêdya suwita | Kapitan Juwana muwus | pasthi ngong ingkang nanggunga ||

7. anulya binêkta mijil | kabèh saking gêdhong bêras | wus prapta ngarsa sang katong | prasami nêmbah pra nata | cara Bugis sêmbahnya | suka umiyat sang prabu | budhal saking gêdhong bêras ||

8. Galèngsong wus kinèn nunggil | lawan [la...]

--- 39 ---

[...wan] Kapitan Juwana | dèrèng wontên timbalane | benjang yèn sampun atata | yêkti pinarentahan | budhalira sang aprabu | masanggrahan dalêmira ||

9. Jayaningrat Adipati | enjinge mijil sineba | nimbali pra dipatine | aglar sang nata ngandika | andangu ênggènira | si adhi ngêndi gonipun | umatur Suryanagara ||

10. rumiyin barise Bèji | sarawuh dalêm punika | ing wêwarti nêbih gène | sang nata alon ngandika | iki ing karsaningwang | sun tinggal kuthane iku | sun makuwon jaban kutha ||

11. ingsun makuwon ing Bèji | Dipati Suryanagara | sira karia nèng kene | jroning nagri Pakalongan | kang sun kanthèkkên sira | bupati papat puniku | Si Tumênggung Môndaraka ||

12. Tumênggung Wiradigdèki | Si Tumênggung Pusparana | Tumênggung Mangkudirjane | lan papat pra mantri ngarsa | Dêmang Gonggang Galungan | lan Dêmang Bulu Kumêndhung | lan Tambak Tênewung Dêmang ||

13. lawan Dêmang Gondhangrawing | iku yayi karsanira | upayanên dipun age | iya kang duwe nagara | Dhimas Radèn Supama | yèn panggih ajakên gupuh | aseba mring jênêng ingwang ||

14. Suryanagara wotsari | dyan têngara sri narendra | budhal sawadyabalane | Mas Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirja | sapunggawa kang rumuhun | wus angrakit pasanggrahan ||

15. sang nata wus munggèng Bèji | gumuruh kang balakuswa | kang sami tata pakuwon | sang nata wus masanggrahan |

--- 40 ---

kunêng gantya winarna | kang kantun nèng praja tunggu | Dipati Suryanagara ||

16. lawan kinèn angulati | mring Dipati Jayaningrat | lan punggawa sakancane | wus panggih wong bumi nulya | ature tinakonan | anèng wana Sapugarut | Adipati Jayaningrat ||

17. ngalêmpak tigang bupati | Ki Tumênggung Wiradesa | Tumênggung Batang malihe | lan saputra garwanira | ngumpul dadya satunggal | anèng wana Sapugarut | wau kalane miyarsa ||

18. Dipati Suryanagari | nênurat sinungkên sigra | wong bumi ingkang kinèngkèn | wus mêsat wuri siyaga | Radèn Suryanagara | kalawan kapat tumênggung | sami lampah lêlancaran ||

19. mung bêkta bala kêkalih | dadya kuda kalih wêlas | lampahe nungkak layange | dene sagung prajuritnya | sami kinèn barisa | ngurmat baris ngalun-alun | wau lampahe kang sêrat ||

20. ing Sapugarut wus prapti | katur marang Ki Dipatya | Suryanagara surate | tinupiksa wus kadriya | wus asrêp ing tyasira | mantri kinèn nganguk-anguk | prapta kuda kalih wêlas ||

21. gugup wau sang dipati | praptane duta punggawa | wus mêdhun saking kudane | andhawuhakên parentah | sawusnya rêrangkulan | gumuyu jagur-jinagur | katon duk kartaning jaman ||

22. sawusnya atata linggih | datan kongsi adhadharan | budhal sagarwa putrane | bupati katri punika | wadyane winatara | gung alit [a...]

--- 41 ---

[...lit] pan kalih èwu | lampahe praptèng nagara ||

23. urmat lun-alun abaris | sêsiyung prajuritira | nênggih catur punggawane | wus masuk ing dalêmira | Dipati Jayaningrat | Radèn Suryanagarèku | pakuwon paseban jaba ||

24. dalu-dalu tur upêksi | Rahadèn Suryanagara | bupati ingkang kinèngkèn | Ki Tumênggung Mangkudirja | tur uningèng narendra | lamun ingkang rayi sampun | praptèng nagri Pakalongan ||

25. ngandika sri narapati | mring Tumênggung Mangkudirja | balia sira dèn age | warahên lêlurahira | Adhi Suryanagara | kon gawa marene esuk | punggawa kang nungkul samya ||

26. wus mêsat saking ngarsaji | Ki Tumênggung Mangkudirja | asigra-sigra praptane | ing kitha dhawuhkên nulya | timbalan kang pitungkas | katri punggawa kang nungkul | kumrêsêk dandan bongkokan ||

27. kunêng dalu prapta enjing | budhal saking ing nagara | anèng ngarsa bongkokane | asêlur awor sugata | baris ing pasanggrahan | ngundhangan baris sêsiyung | sawadyanira sang nata ||

28. wus rinadin dèn bêrsihi | pangarsaning pasanggrahan | andhêndhêng abra barise | lir panjrahing giri padma | abra sinang ambranang | prajurit busananipun | yayah bêsmining parbata ||

29. sapraptanira ing Bèji | pangirid Suryanagara | sri bupati sampun miyos | munggèng tarub pasanggrahan | sang nata abusana | sasongkok rênggèng mas tatur | pinindha krun kang winuryan ||

30. murwèng busananira [busana...]

--- 42 ---

[...nira] sri | ingkang anungkul katingal | gumuruh munya kêndhang gong | bêndhe bèri asauran | kadya angsahing yuda | Carabalèn Galaganjur | angungkung Munggang angangkang ||

31. tinuduh punggawa kalih | Mas Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirjane | mêthuk jawi barisira | wus sami sêsalaman | ingiringakên wus laju | praptaning tarub wangunan ||

32. ingawe pangandikaji | adhi mas sira banjura | marang ngarsaningsun kene | sigra mangsah prapta ngarsa | lajêng angrangkul pada | sang dipati sênggruk-sênggruk | munya drèl jawi gumêrah ||

33. sawusnya sirêp kang bêdhil | gong bèri sirêp sadaya | tambur miwah sarunine | sang nata alon ngandika | adhi mas salamêtan | mundur kêdhik matur nuwun | ing sawabe padukendra ||

34. umatur saha wotsari | Adipati Jayaningrat | pukulun inggih sang katong | abdi tuwan kalih pisan | pun Batang Wiradesa | samya bêkti ing pukulun | alon ngandika sang nata ||

35. padha konên maju adhi | bupati kalih gya mangsah | anungkêmi pada katong | Dyan Dipati Jayaningrat | mangsah atur pranata | Pangran Adiwijayèku | adhi mas basuki padha ||

36. mangkana Sang Adipati | Jayaningrat aturira | angaturi ing sang katong | têdhaka makuwon kitha | ing nagri Pakalongan | anuruti sang aprabu | sigra angundhangi bala ||

37. saksana budhal sang aji | gumuruh sawadyakuswa |

--- 43 ---

praptaning praja sang katong | masanggrahan dalêmira | Dipati Jayaningrat | sagunging balawadyagung | sami tata pamondhokan ||

38. sang nata enjing tinangkil | aglar satriya punggawa | sagung mantri prameyandhèr | Adipati Jayaningrat | jinunjung namanira | pangeran jêjulukipun | Arya Anatakusuma ||

39. Tumênggung Cakrajayèki | Batang ingalih kang nama | Tumênggung Danurêjane | Jayèngrana Wiradesa | ingalih namanira | Tumênggung Amongprajèku | wontên pêpatih ing Batang ||

40. tiyang saking Surawèsthi | pinundhut marang narendra | pun Sindujaya namane | sampun kinulawisudha | jinunjung namanira | sinungan nama tumênggung | Tumênggung Sindunagara ||

41. kinèn minôngka pêpatih | ing Pangran Natakusuma | ing Lojami salawase | kinarya mijèn Walônda | mangke pinaringêna | nênggih ing Lojami sèwu | Tumênggung Sindunagara ||

42. angrèh sagung para mantri | para Mantri Pakalongan | miwah astha manggalane | wêwolu mantri pangarsa | tumut Sindunagara | dadya awak-awakipun | ing Pangran Natakusuma ||

43. anakira Ki Dipati | Jayaningrat ingkang pêjah | dadya kaprênah ipene | ing Pangran Natakusuma | kauningan sang nata | namanira Mas Kalêmuk | ing mangkya pinaring nama ||

44. sinung nama radèn nênggih | Ngabèi Jayakusuma | dene ta Arung [A...]

--- 44 ---

[...rung] Galèngsong | sinung nama Radèn Rôngga | Mangure namanira | Dhaèng Manglewa wus sinung | Mas Dêmang Bondhan Arungan ||

45. wus kinèn maringi sabin | mring Radèn Suryanagara | rong atus mêtu sikêpe | kang gawa sadarbèkira | pan lagya sawah tundhan | pêparêntah sang aprabu | ing Pangran Natakusuma ||

46. kinèn nglampahakên baris | ngawali mungsuh kang wetan | ingkang tinuduh ing gawe | Tumênggung Sindunagara | prajurit Pakalongan | binêktakkên tigang atus | trunarakêt trunalanang ||

47. sami kêkapalan nênggih | prajurit dharat urunan | wong Batang Wiradesane | wontên nêmatus sadaya | para mantri sadaya | dene têtindhihe laku | Tumênggung Sindunagara ||

48. wontên sèwu kang prajurit | dêdamêl ingkang lumampah | wus prapta baris ing Cêlong | sapalih baris ing Roban | Sakèbêr wus miyarsa | yèn barise mungsuh mêtu | badhe anunjang mangetan ||

49. tur uninga mring Samawis | lan nênuwun bantu marang | Dêlèr Yan Baron Hondhorop | yèn mungsuh badhe anggêcak | prajurit jro akathah | pinilih ingkang cêcênthung | wadyane Natèng Banaran ||

50. dêlèr sampun ambantoni | Yan Hèndrik Johan Abraham | kawan dasa dragundêre | satus Kumpênine Islam | praptèng Walèri Kêndhal | wau ta ingkang winuwus | Sri Bupati Kabanaran ||

--- 45 ---

69. Sang Nata ing Kabanaran Badhe Anggêcak Pamalang tuwin Têgal

51. badhe akarsa nindaki | gêcak Pamalang Têtêgal | wus ngirabakên barise | budhal panganjuring lampah | Tumênggung Jayadirja | ngirid bupati pêpitu | Mas Rôngga Wirasêtika ||

52. Dipati Suryanagari | kinèn karya gara-gara | mring mungsuh wetan badhene | ngirid bupati lêlima | kinèn anonjok sêrat | marang Sakèbêr puniku | kamandaka sandiprana ||

53. lumampaha kaping kalih | marang barisane wetan | anitika dêdalane | dèn kawruhan maring mêngsah | lamun anitik dalan | yèn arsa ngetan anglurug | dhêsêk nagri ing Samarang ||

54. nanging sipênga sawêngi | mulih marang Pakalongan | iya dadia lok bae | yèn ingsun badhe angetan | mangkana sri narendra | budhal saha bala nusul | kang panganjur ing Têtêgal ||

55. Tumênggung Jayadirjèki | Mas Rôngga Wirasêtika | ingkang dhingini lampahe | anggêcak nagri Pamalang | rame campuh ing yuda | tan ana tahan dèn amuk | nagari Pamalang bêdhah ||

56. sang nata kèndêl Lojami | sampun ingaturan priksa | nagri Pamalang kawone | nungkul kang duwe nagara | Radèn Cakranagara | dadya wau sang aprabu | saking ing Lojami budhal ||

57. nagri Pamalang praptènjing | sang nata wus masanggrahan |

--- 46 ---

wadya pamondhokan kabèh | Tumênggung Cakranagara | ngabêkti ing sang nata | Mas Rôngga wus kinèn laju | lan Tumênggung Jayadirja ||

58. mrêpêki nagara Têgil | angirid pitung punggawa | sigra budhal prajurite | Mas Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirja | kang wadyabala gumuruh | anggambuh ing nagri Têgal ||

102. Gambuh

1. wong Têgal wus angrungu | lamun prajane arsa ginêpuk | sami gègèr wong desa ngungsi nagari | ana angungsi ing gunung | wus alapur marang petor ||

2. amasang jagangipun | pinggir nagara kukuh abakuh | mariyême nênêm sampun amiranti | wong Têgal prasamya tugur | nuju bantune palugon ||

3. saking Batawi rawuh | Walandi satus bala rongatus | pun Kapitan Gôndariya kang nindhihi | Walandane Ludnan Jakwus | pinrênah ing gèn mirantos ||

4. mapan bitinganipun | pan santosèng papan langkung ewuh | Ki Tumênggung Têtêgal ingkang satunggil | nênggih Wiranagarèku | punika tyasira mirong ||

5. wus prapta suratipun | maring Mas Rôngga panungkulipun | nanging Têgil tinêdha dadia siji | yèn wontên jayaning laku | nanging polahe gêroboh ||

6. ngundhangi balanipun | pating kalêsik nanging karungu | nora wêrit mêmêtik maring wong cilik | kasuwara grobohipun | kongsi miyarsa mring petor ||

7. dalu pakuwonipun | Wiranagara pan ginarudug | ing mariyêm myang sênapan ingêdrèli |

--- 47 ---

gègèr kuwur kawur-kawur | tan bisa mapan kapêngkok ||

8. mawur wadya malêdug | myarsa saking ing barisanipun | Rôngga Wirasêtika Jayadirjèki | dalu-dalu sami nambur | têtulung kang canthèl batos ||

9. dèrèng kongsi akumpul | Wiranagara prajuritipun | pan sadalu ngilang langkung kontrang-kantring | sarêng byar santananipun | myang balane prapta golong ||

10. lajêng manggihi gupuh | punggawa kalih kang sêdya bantu | Rôngga Wirasêtika Jayadirjèki | langkung asrêp manahipun | dènira sampun nunggil gon ||

11. Mas Rôngga lon amuwus | milane kakang kongsi kawangur | lampah dika punapa kirang awingit | Wiranagara Tumênggung | Tatêgal sauriralon ||

12. adhi mas sakalangkung | nanging ta saking waspadanipun | pun Walandi uninga obahing batin | lampah satindak kadulu | têmbung sakêcap waspaos ||

13. Jayadirja Tumênggung | alon dènira nambungi wuwus | lah ing mangke purun umaguta malih | Wiranagara sumaur | adhi tumênggung dèn alon ||

14. rencang dèrèng akumpul | lan malih kathah bêbantunipun | Kumpni Slam kang saking nagri Batawi | Kapitan Gôndariyèku | prajurit loking palugon ||

15. kula sowan rumuhun | dhatêng ing gusti sih sang aprabu | kapanggiha ing wuri sagunging pikir | saksana sarêng lumaku | katri sumiwi sang katong ||

16. nagri Pamalang sampun | praptèng pasanggrahanira [pasang...]

--- 48 ---

[...grahanira] prabu | wus ingirid marang byantaranira ji | ingawe gya sèlèh tudhung | sumungkêm ing pada kakong ||[8]

17. ngandika sang aprabu | kaprênah apa iya sirèku | lan Tumênggung Panji Wiranagarèki | ing Têgal kang luwih bagus | tur prawira ing palugon ||

18. mati prang Surèngkewuh | tumpês sakulawaraganipun | gêlar supit urang ingkang dèn lêboni | nolèh warnane abagus | isin mundur kudu tanggon ||

19. kang dinangu wotsantun | nuwun kawula pan putunipun | gih pun kaki pun Wiranagara Panji | nanging gusti botên tiru | kaki bagus putu awon ||

20. gumujêng sang aprabu | yèn ora tiru ing bagusipun | mung tirua kaprawiraning ajurit | Wiranagara wotsantun | mugyantuk barkat sang katong ||

21. ing niyat sakalangkung | umagut ing prang anêdya purun | praptèng ing don punika dèrèng amêsthi | kalamun lajêng apurun | punapa malih yèn sombok ||[9]

22. lah iya ta lah sokur | Wiranagara nêmbah umatur | yèn punika kagungan dalêm ing Têgil | luwung ngombèran pukulun | anêmbah lamun sinompok ||

23. lan gusti malihipun | ing ngriki sampun dinamêl prêlu | mêngsah wetan punika ingkang sayêkti | pun Sakèbêr barisipun | punika ingkang sayêktos ||

24. mênggah ing Têgil nuhun | yèn dadosa panggalih sang prabu | dene mênggahing mêngsah dalêm Kumpêni | yèn [yè...]

--- 49 ---

[...n] kang wetan sampun rêmpu | ing Têgil gampil kemawon ||

25. mangkana sang aprabu | miyarsa wau ing aturipun | pun Tumênggung Wiranagara ing Têgil | dhinahar saaturipun | angundhangi wadya bodhol ||

26. wadyanya tri gumuruh | bupati kalih prasamya tumut | ing Pamalang kalawan Tumênggung Têgil | lampahira sang aprabu | nagri Pakalongan rawoh ||

70. Sunan Kabanaran Badhe Besanan kalihan Pangeran Natakusuma

27. nênggih salaminipun | anèng Pakalongan sang aprabu | sabên ari Sêtu karsa amiyosi | pawatangan tanpa kampuh | aprajuritan kemawon ||

28. asrining praja langkung | dene kathahe wadya sang prabu | ing puniku Pangran Natakusumèki | kauningan ing sang prabu | pawèstri ayu kinaot ||

29. ingkang badhe pinundhut | Radèn Madolah panêngranipun | pinanggihkên badhe lan pangran ngabèi | abesan sêntana tuhu | kapanggih sanak amindho ||

30. pangeran pan jumurung | Natakusuma ing aturipun | rayi dalêm pun Gambas lêlêgan mangkin | mèsêm ngandika sang prabu | adhi yèn kaya mangkono ||

31. pan kawajibaningsun | iya sun pundhut bok Gambas iku | iya dhimas ingsun ningkahe tumuli | dene anakira besuk | Si Madolah karsaningong ||

--- 50 ---

32. sun gawa ing Matarum | sun angkas-angkas ing niyat ingsun | wus mangkana aningkah sri narapati | kang garwa wus sinung juluk | nama Radèn Ayu Kulon ||

33. kèndêl kang baris agung | tan wontên ingkang pagut-pinagut | langkung taha kang abaris ing Walèri | Kumpêni agung bêbantu | asangêt gènya kuwatos ||

34. Mayor Sakèbêr anggung | têtanya marang Radèn Tumênggung | Wiradigda kala prang Pajênar nguni | Kalèrêk ing patinipun | tumpês madyaning palugon ||

35. kabèh sampun tinutur | duk prang Pajênar pratikêlipun | amiwiti malah kongsi amêkasi | Mayor Pèbêr langkung ngungun | tumpês ingkang myarsa dongong ||

36. malih utusanipun | marang Samarang anêdha bantu | tinakonan Sakèbêr anêdha malih | dadya wau ta gupêrnur | lumampah ingkang kinongkon ||

37. ambêkta suratipun | surat kang katur marang gupêrnur | carakane kang katur marang Batawi | sapraptane srat pinundhut | sasampunira winaos ||

38. langkung dènira ngungun | para radpêni wus sinungan wruh | yèn amuke Pangran Arya Mangkubumi | sangsaya andarung-darung | satuhu kalamun abot ||

39. dadya pamikiripun | badhe anuduh ingkang bêbantu | satumpêse Kalèrêk sawadyanèki | para mayor ingkang kantun | anêmah pati Mayor Kop ||

40. prasami kapalayu | kari Sakèbêr Mayor gêgêdhug | badhe Mayor Ubrus winangsulkên [winangsu...]

--- 51 ---

[...lkên] malih | lawan sinung kanthinipun | Mayor Andêl Istimolor ||

41. nanging inganti besuk | mêndhêt prajurit kang tatal tahu | ingkang saking Malaka ing Siak sami | Kumpêni Kap kang kapundhut | kalawan Kumpêni Selong ||

42. mangkya lagya kinumpul | anèng Batawi gantya winuwus | Natèng Kabanaran kang lagya masisir | andadosakên kang rêmbug | ing karsane arsa bodhol ||

71. Tumenggung Arungbinang Kapetengan Budi

43. marang Mataram kondur | sakêdhap dènnya arsa mêmantu | ingkang putra nênggih pangeran ngabèi | panggih lawan putranipun | Pangran Natakusumèngdon ||

44. akarya surat sampun | gya anuduh gandhèk lumastantun | dhawuh marang Pangran Mangkunagarèki | nèng Mataram barisipun | praptane gandhèk wus rawoh ||

45. winaos sêratipun | parentahipun kang rama prabu | karyakêna badhe pasanggrahan mami | iya kiwa têngênipun | lan ing Pasar Gêdhe kono ||

46. sigra ngundhangi gupuh | marang sagunging para tumênggung | anênitik panggonan ingkang prayogi | pra dipati aturipun | papan kang pagut kinaot ||

47. sawetan ngumpakipun | nênggih Pabrêkan wastaning dhusun | papan wiyar aradin kapit ing ardi | wetan lèr kalawan kidul | amung

--- 52 ---

towong ingkang kulon ||

48. wontên toya lumaku | angilèn anjog saking ing gunung | Pangran Mangkunagara sênêng prayogi | ngundhangan para tumênggung | anambut karya ponang wong ||

49. dina-dina gumuruh | kang nambut karya para tumênggung | kang nindhihi Pangran Mangkunagarèki | kunêng gantya kang winuwus | ing Pagêlèn kang wiraos ||

50. langkung sungkawanipun | Kapitan Bagrak lan Ki Tumênggung | Arungbinang dènira miyarsa warti | Pakalongan bêdhahipun | rame prang langkung rêrêmpon ||

51. Kumpêni tumpês satus | Tarnite kang tumpês tigang atus | pun Galèngsong nungkul kacandhak ing jurit | dadya pasisir malêdug | sapangetan sapangulon ||

52. pawarta wuwuh-wuwuh | sangkin angênês kyai tumênggung | nanging langkung winingit dènnya mong wingit | sinasab-sasaban thukul | warta ngalub ting garalok ||

103. Dhandhanggula

1. ki tumênggung angêjum pangèsthi | kaya ngapa tibaning wak ingwang | wasana kadadeane | amêtak putêkipun | lamun dalu tan antuk guling | siyang angabên sata | kinarya anamur | malimira sami prapta | kang dinuta marang nagari pasisir | èstu yèn karepotan ||

2. wong Kumpêni dènira nadhahi | ing yudane Natèng Kabanaran | agung tumpês prajurite | idlèr kalangkur[10] kuwur | Kumpni ingkang sampun abaris | Walèri tanah Kêndhal | alit manahipun | samangsane kinarsakna | tinunjanga lajêng dhêsak ing

--- 53 ---

Matawis | yêkti dhadhal kewala ||

3. ya ta nuju ing wêngi sawiji | kyai tumênggung apakumpulan | santana para putrane | myang mantri sêpuh-sêpuh | pan sadaya tinawu pikir |

wong sèwu numbakanyar | golong aturipun | sapurug-purug sampeyan | angetana angidula botên kari | sarèh saabipraya ||

4. kadi botên wontên nyêngkal budi | anungkula Natèng Kabanaran | dipun rêmpêg sa-Pagêlèn | para tanaya matur | ing pawarti nagri Samawis | dipun buwaya mangap | kinodhok sakêmbu | dêdamêl kang saking wetan | praptèng Dêmak Pangran Arya Singasari | Dipati Martapura ||

5. kadiparan Pagêlèn puniki | Kumpni ingkang abaris Mataram | lan Kêdhu binubarake | kabèh sami malêdug | ing Pagêlèn botên jinawil | mangkya Pangran Purbaya | ing pawartanipun | budhal saking ing Mataram | binantonan tumênggung Pajang kêkalih | pun Suramangunjaya ||

6. lan Tumênggung Suradigdayèki | angawan atus prajuritira | sami maludag sanggupe | samya nêdyamor marus | lan Kapitan Bagrak ing jurit | Tumênggung Arungbinang | ing wardaya rêmpu | sêmune para pulunan | sami condhong ngaturi nungkula aglis | mring Natèng Kabanaran ||

7. ki tumênggung angandika aris | ing batine awêri ing karsa | mêpêr ing para putrane | iya babo nak ingsun | barang tindak dèn wruh ing uwit | lan sumendhea

--- 54 ---

titah | ing Hyang Mahaluhur | iya badaning manungsa | upamane kadya ringgit munggwing kêlir | ki dhalang kang misesa ||

8. milanipun anama bupati | awit saking sumare Nglawiyan | kang rama sang nata kiye | Prabu Surakartèku | yèn sirnaa onênge nênggih | tan ana ingkang putra | yêkti mring sadulur | Susunan ing Kabanaran | iya wênang nampani wêwalês mami | yèn kang putra tan ana ||

9. lamun taksih kang putra pribadi | kang sinuhun sumare Nglawiyan | yêkti ing kono tibane | pêcahe kulit ingsun | lan rêmuke bêbalung mami | mutahe[11] gêtih ingwang | kono antêp ingsun | yèn durung bêdhah Samarang | nadyan bêdhah yèn maksih nèng tanah Jawi | Sang Prabu Surakarta ||

10. saênggone maksih sun tut wuri | karia cawêt tan nêdya ginggang | matia ing ayahane | lah iya anak ingsun | kabèh padha dipun kawruhi | myang prentah mantriningwang | numbakanyar sèwu | yèn mêngkono antêpira | para mantri kèndêl kawuwusa enjing | Tumênggung Arungbinang ||

11. praptèng loji lan kapitan panggih | Kapitan Bagrak alon têtanya | sudara paran ing mangke | mana kabar nyang bêtul | adha kabar loji ing Têgil | Mangkubumi wus mêcah | Kumpni akèh lampus | petor ngungsi mring lautan | Ki Tumênggung Rungbinang alon nauri | tuwan utusan kula ||

12. yêktos nguni Sunan Mangkubumi | nèng Pamalang arsa gêcak Têgal |

--- 55 ---

nuntên andhahar ature | bupati kang anungkul | ing Têgal pan tumênggung siji | nênggih Wiranagara | puniku turipun | ngadhatona Pakalongan | mila kondur marang Pakalongan malih | Sang Natèng Kabanaran ||

13. Adipati Pakalongan mangkin | nama Pangeran Natakusuma | Kapitan Bagrak wuwuse | boleh nama bêgitu | ki tumênggung alon nauri | puniku têdhak raja | sami wijilipun | lan Susunan Kabanaran | myang Sinuhun Surakarta tidhak lain | samua sama juga ||

14. pan kasaru wontên surat prapti | saking Têgal pan amung satunggal | yèn ana roro sabêne | siji mring ki tumênggung | ingkang siji marang Kumpêni | punika mung satunggal | ki tumênggung wus wruh | ing gaibe layang ika | nanging sangêt api-api tan udani | wau Kapitan Bagrak ||

15. sawusira amaos kang tulis | Kapitan Bagrak netrane pucat | angingkêdakên kursine | alon pamuwusipun | saudara prentah Kumpêni | kula kinèn mring Têgal | sadaya tan kantun | mariyêm kinèn ambêkta | dene dika sasukane gène baris | papan ingkang prayoga ||

16. ki tumênggung tambuh tan udani | api atine nora katara | alon aririh wuwuse | tuwan yèn pênêdipun | kula inggih dika tinggali | botên kudu akathah | inggih ukur-ukur | dadosa tingal kewala | kang cêkapan lêlima kopralirèki | botên [botê...]

--- 56 ---

[...n] kêdah akathah ||

17. Kapitan Bagrak alon nauri | saudara gih môngsa wandea | benjing kula bicarane | samangke kula puwung | kula ajrih tilar satunggil | sintên kang ngatêrêna | kang nindhihi jagul | sudara mantri andika | inggih tuwan panèwu kula kêkalih | lawan anak kawula ||

18. lawan pun Kakang Wanayudèki | sampun sami asaos samêkta | ing Kêmis enjing budhale | ing Palaosan kêbut | Kumpni datan kari satunggil | mung kari baris Jawa | ing sêmu asamun | anyênyêt tan kurang jalma | anyênyête senapatine prihatin | miwah mantri sadaya ||

19. ki tumênggung sami dèn aturi | dening para mantrine sadaya | suwawi nungkul dèn age | pan dede wadosipun | Natèng Kabanaran ing jurit | jinurung sasolahnya | ring Sang Mahaluhur | jinajayèng ranangganana | bilih kasèp lamun tan nungkul tumuli | manawi karuntikan ||

20. ki tumênggung ing lair nuruti | mring kancane ing batin atêbah | durung kênthêl ing pikire | akarya surat sampun | kamandaka dhatêng Matawis | sira Ki Rônggajaya | wau kang ingutus | lawan Ki Bocor lumampah | kinèn jujug Pangran Mangkunagarèki | abaris ing Mataram ||

21. anjênêngi wong anambut kardi | karya kojor anèng Pabêrêkan | wau duk sêrat praptane | tinampèn têmbungipun | inggih anggèr kula rumiyin | duk rama jêngandika | inggih [ing...]

--- 57 ---

[...gih] rawuhipun | ing Pagêlèn pan kawula | inggih sampun angabdèkakên ing batin | laire maksih mêngsah ||

22. mangke rama paduka anêbih | paduka kinèn akarya kitha | ing Pabrekan[12] pawartine | kawulatur panjurung | sikêp kalih atus manawi | patumbasing dandanan | yatra tigang atus | supayanipun dadosa | ing patumbas ingon abdi nambut kardi | lan malih tur kawula ||

23. lamun rawuh rama tuwan benjing | lamun karsa nimbali kawula | sampun liyan kang kinèngkèn | nênggih kang kula suwun | amung ingkang punggawa katri | inggih salah satunggal | rumiyin Pukulun | Mas Rônggа Wirasêtika | lamun botên Dipati Suryanagari | Tumênggung Jayadirja ||

24. sampun titi tinarima mangkin | panungkule Tumênggung Rungbinang | lawan sikêp urunane | kalih atus tinuduh | karya regol lan karya masjid | masigit Suranata | lan panêpènipun | mantri kalih nambut karya | ya ta wau wuwusên sri narapati | kang wontên Pangangsalan ||

72. Sunan Kabanaran Kondur dhatêng Mataram, Pakalongan Karêbat Malih dhatêng Kumpêni

25. budhal kondur marang ing Matawis | lamun sampun mantu ingkang putra | nênggih punika wangsule | ngradin pasisiripun | kang tinilar [ti...]

--- 58 ---

[...nilar] atêngga baris | Pangran Natakusuma | lawan Ki Tumênggung | Amongpraja Wiradesa | Ki Tumênggung ing Batang Danurêjèki | Têgal Wiranagara ||

26. lawan Sindunagara Lojami | kang minôngka Patih Pakalongan | lan Tumênggung Pamalange | Dyan Côndranagarèku | kang tinilar sri narapati | Tumênggung Môndaraka | lan Wiradigdèku | dene karyane punika | angêntosi marang ing garwanirèki | Pangran Natakusuma ||

27. kira-kira yèn sang nata prapti | ing Mataram anuntên nusula | bêktaa sapurantine[13] | abahan wong mêmantu | kang dhèrèkkên tumênggung kalih | Wiradigda Môndraka | kang saos pêpikul | dene sikêp Pakalongan | tan kalilan dènnya lagya pacak baris | mila Kêdhu kewala ||

28. kang amikul sakagungannèki | Radèn Ayu Anatakusuma | tos-atos abrag-abrage | dènnya karsa mêmantu | putri ingkang pambajêngnèki | Dèn Ayu Amadolah | wau budhalipun | nênggih Natèng Kabanaran | duk sadalu gunung Kêlut asru muni | gumuruh gara-gara ||

29. tan antara jawuh awu prapti | kadya mariyêm lawan darebas | pirang praja kagyat kabèh | lampahe sang aprabu | wadyanira barêping baris | nyana Sindunagara | kang baris panganjur | rame prang pinukul mêngsah | dadya kèndêl lampahe sagung prajurit | atata-tata gêlar ||

30. nuntên dangu-dangu kapiyarsi | kadya barung

--- 59 ---

rontaka anakan | wantu-wantu ing swarane | dhêdhêt wiyati têdhuh | jawah awu wus têtela ring | kadya drèl mriyêm kathah | aladhu gumludhug | wong pirang-pirang nagara | datan wontên kang liya pamiyarsèki | anuju Paing Soma ||

31. ping nêmbêlas ing Dimadilakir | taksih sajroning taun Jimawal | pinemutan sangkalane | nênggih swaraning gunung | obahing kang jagat winarni |[14] limutan sanagara | wau lampahipun | Sri Bupati Kabanaran | praptèng Kêdhu lajêng dhatêng ing Matawis | ngadhaton ing Pabrêgan ||

32. ya ta wau ing budhalirèki | garwane Pangran Natakusuma | saking ing praja budhale | wontên rêmbatan sèwu | Ki Tumênggung Kêdhu kêkalih | Môndraka Wiradigda | kang ajaga jagul | prajurit ing Pakalongan | pitung atus dhinèrèkakên kang rayi | marang nagri Mataram ||

33. duk lêlampah angsal tigang ratri | ingkang kantun baris Pakalongan | Tumênggung Wiradesane | sèdhèng ing lampahipun | ngutus sêrat dhatêng Walèri | Sakèbêr anggitika | Pakalongan dalu | Pangèran Natakusuma | mumpung mangke prajurit kang bêcik-bêcik | kinèn ngatêr ing garwa ||

34. kula nuntên angobong ing wêngi | kadi lamun malêdug kewala | ujêr sêpi prajurite | wus karsaning Hyang Agung | ing lêlakon pating pênthalit | Sakèbêr langkung suka | utusan asung wruh | ya marang Dêlèr Samarang | langkung suka budhale Natèng Matawis | sêpi ing Pakalongan ||

--- 60 ---

35. budhal saking nagari Samawis | pêpak prajurit Kumpêni samas | nêmatus Kumpêni Slame | wau ta praptanipun | dêlèr anèng baris Walèri |

Sakèbêr nulya mangkat | anukup ing dalu | sapraptane Pakalongan | sami lena mêngsah prapta angêdrèli | malêdug lara brôngta ||

104. Asmaradana

1. langkung gugup ting jumpalik | palayune tan karuwan | Pangran Natakusumane | santana saking kang garwa | nanggulang lampahira | ngalingi dènnya lumayu | ing Pangran Natakusuma ||

2. têtiga ingkang ngêmasi | Pangeran Natakusuma | arsa ngamuk dèn rêrèwèng | marang kang para santana | wus datanpa gêgaman | kari kêris kudu ngamuk | binabayang mring jêjurang ||

3. Tumênggung Wiradesèki | gugup angobong pondhokan | kang mati kang tatu kabèh | langkung saking kuwurira | sadalu lorodira | sarêng byar ing praptanipun | tanah Têrsana Têmpuran ||

4. sami kagèt mantri bumi | lajêng pacak barisira | nèng Têrsana sawontêne | wuwusên dêlèr wus prapta | ing nagri Pakalongan | Petor Têgal praptanipun | angirid gêgaman Têgal ||

5. Tumênggung Wiratha panggih | idlèr langkung sukanira | dènnya mêngakkên korine | manjingakên mungsuhira | ing nagri Pakalongan | tinanêman santanèku | mring Dipati Jayaningrat ||

6. pun Wiradirja namèki | mring dêlèr ingalih nama | nênggih Wiradiningrate | Adipati Pakalongan | ing Batang tinanêman | sira

--- 61 ---

Rôngga Kaliwungu | ingkang pilênggah ing Batang ||

7. ingalih namanirèki | Tumênggung Adinagara | Kaliwungu kang ginawe | sutane rôngga kang tuwa | kang mantu Panêmbahan | Cakraningrat namanipun | Dyan Tumênggung Sumadirja ||

8. Tumênggung Têgal kang balik | sampun sami tinanêman | Rêksanagara arane | kang nami Wiranagara | anèng Têgal kanoman | Barêbês Suralayèku | nusul Natèng Kabanaran ||

9. Pamalang pun dèn tanêmi | samya ri Rêksanagara | Ki Tumênggung Bèlututon | ing Barêbês ipenira | nênggih Rêksanagara | wau Idêlèr Hondhorup | anèng nagri Pakalongan ||

10. Sakèbêr dèn parentahi | kinèn ngêlara jajahan | lajênga mring Kêdhu manèh | nanging kang para dipatya | Si Sungrat lan Si Kulman | padha balia mring Kêdhu | nanging mêtua Bahrawa ||

11. Sakèbêr mêtuwèng ngriki | gawa pasisir kewala | yèn ing Kêdhu maksih abot | iya dèn arah-araha | Si pan dêr Pol milua | kang baris Têrsana iku | êndhisên mangidulêna ||

12. de Petor Têgal sirèki | sira muliha mring Têgal | lakokêna bantu age | Si Kapitan Gôndariya | Pagêlèn bantokêna | Kumpêni Slam kang rongatus | susulna Kapitan Bagrak ||

13. Petor Têgal Palêk pamit | lajêng sami têtabean | amuwus Dêlèr Hondhorop | besuk sira milu ringwang | sun banjur mring Banyumas | tinjo marang ki tumênggung |

--- 62 ---

larane têka barisan ||

14. bubar baris Têgal sami | pun Kapitan Gôndariya | pan sampun linajêngake | bantu mring Pagêlèn ika | kunêng malih winarna | kang anggung kingkin mangun kung | kang abaris Palaosan ||

73. Tumênggung Arungbinang Dipun Panggihi Sang Rêtna ing Bulupitu

15. langkung kadhudhah ing sêdhih | Ki Tumênggung Arungbinang | tinilar ing Kumpênine | tinilar Kapitan Bagrak | ing batin awuyungan | nanging laire sinamur | yèn rina angabên sata ||

16. yèn dalu tan antuk guling | agung winêwêsing driya | amung tibane awake | pinêdhot-pêdhot tan kêna | Sang Prabu Surakarta | mantri sadaya umatur | luwung suwawi nusula ||

17. dhatêng Sunan Mangkubumi | mangkya ngadhaton Pabrêgan | kadya samodra balane | kalawan malih punika | wahyu sampun têtela | ratu prajurit pinunjul | nglangkungi kang eyang-eyang ||

18. Panêmbahan Senapati | môngsa inggih makatêna | amêngsah Jawi kemawon | Susunan ing Kabanaran | sampun mêngsah Walônda | pintên-pintên samya gêmpur | mila sampun kalayatan ||

19. ki tumênggung anauri | hèh sanak mantri sadaya | barang pikir dipun sarèh | rèrèh ririh ngarah-arah | wong amrih kaslamêtan | besuk mulih mring winangun | padha ngêtog [ngêto...]

--- 63 ---

[...g] pêpikiran ||

20. kasaru caraka prapti | dutane Pangran Purbaya | ran Ki Wanayuda gêdhong | surate sampun tinampan | Tumênggung Arungbinang | mèsêm sajro nalanipun | mirsa surate pangeran ||

21. pangipuke nora bêcik | kumrèsèk banjur tinantang | aluwês kang raka katong | môngga ngucap jroning nala | Tumênggung Arungbinang | sanadyan nungkula tèngsun | môngsa dêdalan arika ||

22. kajaba darahing gusti | wani ingsun amungsuha | pan ingsun ora kumêdhèp | ki tumênggung karêngkuhan | nanging winênês ing tyas | anggung ngrapu driyanipun | ngangsuli ecaning sêrat ||

23. kunêng wuwusên ing latri | Ki Tumênggung Arungbinang | langkung amêwês driyane | sinèndhèkakên ing titah | anyêkak ing istiyar | sabênêr-bênêring luput | sabêcik-bêciking ala ||

24. sapadhang-padhanging wêngi | sarata-ratаning jurang | sagampang-gampanging angèl | lamun uga pinupusa | dhangan tur linampahan | tega marang lara lampus | yèn mantêp pracayèng titah ||

25. sayêkti nora nglabêti | ki tumênggung sampun eklas | sigra ngundhangi balane | asiyaga arsa budhal | ngilèn dhatêng Ungaran | kasaru carakanipun | praptane atur uninga ||

26. yèn Pangeran Purbayèki | sampun ngirabakên bala | sampun prapta lèpèn Banon | Ki Tumênggung Arungbinang | parentah balanira | pikul budhala karuhun | ingsun ing mêngko kewala ||

--- 64 ---

27. bok ingaran kêcil hati | mring Pangeran Purubaya | sadhela sun antenane | kabèh saragni kiraba | anèng jabaning dhadhah | ingantosan malah dangu | pangeran tan ana mangsah ||

28. ki tumênggung budhal aris | pitung atus kêkapalan | kajawi para mantrine | dharat sèwu winatara | angidul budhalira | nabrang sasak lêrêng sampun | ngênginthil Pangran Purbaya ||

29. balane samya nyuraki | saking kadohan kewala | ki tumênggung sabalane | wus têlas panabrangira | para mantri turira | tinatasan sasakipun | ki tumênggung angandika ||

30. aja kudu dèn tatasi | iya Pangeran Purbaya | môngsa wania marene | sanadyan iya mrenea | ingsun môngsa gingganga | ika jaranane sèwu | môngsa mingkêda sacêngkang ||

31. adangu dipun antosi | pangeran tan purun mangsah | sawadya kèndêl kemawon | Ki Tumênggung Arungbinang | langkung akarêngkuhan | tyasira tansah ingêlus | rinacut sarta mujadah ||

32. apan arsa dèn têmêni | aprang lan Pangran Purbaya | yèn Kumpêni lulus sore | tan bisa mrênahkên badan | mila langkung kèmêngan | yèn mulat ing balanipun | Pangeran Arya Purbaya ||

33. kaya kaduga mungkasi | mila tyasira cinêgah | sidhang siring kang dèn angge | agung liniput mujadah | sokurêna ing titah | wadya ingundhangan laju | atilar mungsuh adêgan ||

34. wau lampahe kang baris | kang winangun [wina...]

--- 65 ---

[...ngun] sampun prapta | ki tumênggung sapraptane | awuwuh wayang-wuyungan | kathah kang karya susah | mantri kalih praptanipun | kang dinuta ing Mataram ||

35. katur katarimèng kardi | mênangi ing praptanira | saking pasisir sang katong | nanging badhe tan alama | kèndêle ingkang wadya | sasampunira mêmantu | wangsul malih karsanira ||

36. angradin nagri pasisir | dene sampeyan punika | inggih kang badhe kinèngkèn | Mas Rôngga Wirasêtika | Pangran Mangkunagara | inggih bêktani tumênggung | nama Suramangunjaya ||

37. nimbali sampeyan benjing | ki tumênggung duk miyarsa | langkung kumêpyur manahe | awuwuh susah barubah | angrasa kacêthakan | cupêt kamandakanipun | kaya prapta roning kamal ||

105. Sinom

1. kawungu sungkawanira | tyas winêwês tan katawis | Ki Tumênggung Arungbinang | cêluluk bakal kacêlik | ing wêngi Gara Kasih | mêminta sihing Hyang Agung | mugi sinasabana | têkiyare wus marêdi | tan anendra ing wardaya mawuyungan ||

2. pan ing wanci tabuh tiga | utara maruta tarik | lamat-lamat malimutan | ngidit sung gônda wor riris | tan antara dhatêngi | Kusumèng Dyah Bulupitu | jawil saking ing wuntat | pagene rika prihatin | jêlih têmên wong iki lalèn kaliwat ||

3. salawase wêkas ingwang | gustimu Surakartèki | nora ginggang nora ilang | sabarang bekaning bumi | pan ora amantêsi | karia saubing payung |

--- 66 ---

nagara Surakarta | maksih rinêksèng Hyang Widi | anauri Ki Tumênggung Arungbinang ||

4. dudu iku susah ingwang | amung kamandaka mami | ing samêngko kacêthikan | tan kêna selak kacêlik | amêsthi nêmu runtik | kabêlik panggaweningsun | mring Sunan Kabanaran | alon dènira nauri | wau sira Sang Rêtna ing Bulusapta ||

5. lah iya sing ora-ora | buh-êmbuh rika marasi | pan iya Kapitan Bagrak | têlung dina iki prapti | ing Roma gone bali | pan kapapag bantunipun | Kapitan Gôndariya | andêl nagari Batawi | apan dêlèr mèh prapta nagri Banyumas ||

6. kumênyut duk amiyarsa | nir wiyoganing tyasnèki | Ki Tumênggung Arungbinang | gumigil lêganing galih | Dyah Bulugangsalkalih | wus pamit saungkuripun | Tumênggung Arungbinang | amêpak kancane mantri | sinasambi ambukak bunêking driya ||

7. sawusnya ing tigang dina | Kapitan Bagrak wus prapti | angancik wontên ing Ngambal | utusan asung udani | wajidan kang tinuding | Patrakelasa ranipun | ing Winangun wus prapta | praptanira amarêngi | lan surate Mas Rôngga Wirasêtika ||

8. Walandi Patrakelasa | nyalimpêt nèng wismèng wingking | wusnya winaos kang sêrat | surat age dèn wangsuli | mêsat dutanirèki | wus têbah wajidan mêtu | panggih anèng pandhapa | gumuyu wajidan angling | ki tumênggung mèh dadi wong Kabanaran ||

9. yèn sida nèng Kabanaran | ki

--- 67 ---

tumênggung pasthi jadhi | ya Pangeran Arungbinang | wajidan dèn cuwowoni | iki têka ing êndi | cangkême calbang-calêbung | angling Patrakelasa | sudara dika wus prapti | gih Kapitan Bagrak praptane nèng Ngambal ||

10. lamine pisah lan dika | julalatan ulatnèki | kapitan pan kêndêl kula | kula wani Mangkubumi | ki tumênggung nauri | wani pisan ta sirèku | ana pamangku lêmah | dudu Sunan Mangkubumi | latah-latah wajidan Patrakelasa ||

11. ki tumênggung angandika | payo badhoga tumuli | sira iku wong dinuta | wajidan nadhah tumuli | ki tumênggung mring wuri | amêling carakanipun | sira pun Prayadipa | mringa Sangubanyu aglis | anèng kana sira agawea warta ||

12. dutane Natèng Banaran | Mas Rôngga ing Sukawati | lawan tumênggung têtiga | Suramangunjaya malih | myang Surawijayèki | lan Pusparana Tumênggung | kang nimbali maring wang | Sangubanyu dèn kuwoni | dèn warata nèng kono gawea warta ||

13. kalamun Kapitan Bagrak | bali arsa nyêkêl mami | lan Kapitan Gôndariya | panèkêt panglawe sami | tutura dèn waradin | wong sadesa Sangubanyu | sira iku pan iya | padha ngakua angili | wus umêsat dutane Kyai Rungbinang ||

14. wajidan Patrakelasa | miwah tumênggung lumaris | amêthuk marang kapitan | Garojogan kèndêlnèki | sigra anuduh mantri | lan Patrakelasa laju | sapraptanira Ngambal | lan kapitan [kapi...]

--- 68 ---

[...tan] wus kapanggih | sigra budhal sawadya Kapitan Bagrak ||

15. tan dangu praptèng Grojogan | lan ki tumênggung wus panggih | tabean arêrangkulan | salaman para upêsir | lansume budhal malih | sapraptanira Winangun | antara kalih dina | punggawa sakawan prapti | Sangubanyu dutane Natèng Banaran ||

16. Mas Rôngga Wirasêtika | angirid punggawa katri | nèng Sangubanyu wus prapta | makuwon sawadyanèki | nèng Sangubanyu sami | kuda sèwu kawan atus | bandera kalih wêlas | sawadyane dharat sami | tigang èwu cacahe wadya lumampah ||

17. nèng Sangubanyu miyarsa | gêdêre ingkang pawarti | Ki Tumênggung Arungbinang | badhe cinêkêl Walandi | Kapitan Bagrak mangkin | anyupit ambruk winangun | Kapitan Gôndariya | Mas Rôngga duk amiyarsi | langkung ngungun saking gêdêring pawarta ||

18. dadya Mas Rôngga utusan | sartane mawi kintèki | Ki Dêmang Suramaleca | anamar lampahirèki | mung panakawan kalih | katêlune wong Winangun | wau duk praptanira | manjing barisan Kumpêni | dipun nyana tiyang Pagêlèn kewala ||

19. Ki Tumênggung Arungbinang | sampun ingaturan pêksi | yèn wontên caraka prapta | Mas Rôngga dutanirèki | ki tumênggung manggihi | nèng kêbon salèring lumbung | Dêmang Suramaleca | tur sêmbah ngaturkên tulis | sêratipun rayi paduka Mas Rôngga ||

20. tinampan wus tinupiksa | wiyosipun [wiyosipu...]

--- 69 ---

[...n] punang tulis | kula punika ta kakang | dinuta ing sri bupati | sampeyan dèn timbali | nguni miyarsa sang prabu | dèrèng prapta Pabrêgan | sampeyan tumut nguruni | kalih atus sikêp karya pasanggrahan ||

21. lawan tigang atus reyal | prabeyan anambut kardi | sang nata kalangkung suka | miyarsa aturirèki | Pangeran Adipati | Mangkunagara kasuwun | duk sang nata praptanyar | saking nagari pasisir | lan pun kakang nênuwun katimbalana ||

22. katri punggawa punika | pan inggih salah satunggil | inggih yèn botên kawula | Dipati Suryanagari | yèn botên kang kêkalih | pun Kakang Jayadirjèku | ing mangke ta kawula | kinarsakakên nimbali | ing punika panuwunipun pun kakang ||

23. Ki Tumênggung Arungbinang | pangandikane aririh | mring Dêmang Suramaleca | Yayi Mas Rôngga nèng pundi | Suramaleca angling | inggih wontên Sangubanyu | Adhi Suramaleca | dika uninga pribadi | lah puniki pratikêle wak manira ||

24. jinaga tan kêna bênggang | puniki ing siyang latri | Suramaleca turira | rayi sampeyan miyarsi | Kumpêni mila bali | inggih awon sêdyanipun | gêdêr nèng Sangutoya | ubêkan ingkang pawarti | yèn sampeyan arsa cinêkêl Walônda ||

25. kang wêling rayi sampeyan | yèn sampeyan tan kadugi | lamun inggih angarsakna | rayi sampeyan dhatêngi | angamuk ing Kumpêni | rayi paduka gih

--- 70 ---

purun | dhatêng Kapitan Bagrak | botên ngangge siyang latri | lamun inggih mupakat kalih sampeyan ||

26. Ki Tumênggung Arungbinang | muwus ririh mèsêm manis | puniku dede pabênan | inggih karsanipun yayi | yèn tiwasa ing jurit | kula ingkang tanpa kusur | kadiparan pun badan | akarya tiwasing gusti | inggih adhi yèn parênga unggul ing prang ||

27. yèn asor yêkti kawula | kang karya lingsêming gusti | mapan jêng gusti sang nata | wong agung sampun mupugi | ing aguna tur lungit | ing agal alit kawêngku | anrus graita limpat | kacakup gêlaring jurit | ing prayitna ing wiweka sumbagèng rat ||

28. môngsa inggih sri narendra | botên ngapura ing dasih | pun Tumênggung Arungbinang | luputa pratikêlnèki | kawistarèng Kumpêni | sayêkti nêmahi lampus | punapa kang rinêbat | lami-lami yèn basuki | kalampahan ing karsa sri mahadipa ||

29. upama ngarsakna rikat | karya cilakaning abdi | môngsa inggih makatêna | Suramaleca nauri | inggih punika pasthi | sang nata wong agung alus | lêbêt yèn mawi karsa | tan kenging dipun jajagi | langkung wiyar sagantêning paramarta ||

30. momot pamêngkuning wadya | murdanya ngecani kapti | among wisunaning bala | amung prakawis satunggil | yèn madyaning ajurit | yèn sampun magut acampuh | wontên wong tyase gêmpal | ing sajroning rêbat pati | mung punika duga tan sagêt ngapura ||

--- 71 ---

31. winastan mungkir ing titah | yèn wontên wong nêdya urip | kêkandhangan pêcat iman | umure dipun kukuhi | yèn wong ngoncati jurit | angukuhi umuripun | winastan wong duraka | ing tekad botên sayêkti | supe lamun umur kagungane Suksma ||

32. Ki Tumênggung Arungbinang | gumujêng wêkasan angling | dhuh Adhi Suramaleca | mila ngong purun gêgêmpil | kula puniki adhi | sampun kathah darbe atur | pan dèrèng kalampahan | jêr kula sampun andugi | galihane Jêng Gusti Natèng Banaran ||

33. ki tumênggung karya surat | têmbunge bêbuka kêdhik | sakirange tur kawula | inggih kang dhatêng pun adhi | Mas Rôngga Sukawati | Wirasêtika mong ing yun | kawrat pun Adhi Dêmang | Suramaleca sayêkti | wusnya dadi nguncalkên Suramaleca ||

34. adhi makatên kewala | sêrat kula angangsuli | dhumatêng pun Adhi Rôngga | nadyan katura sang aji | pracaya angandhêmi | Suramaleca amanthuk | lah inggih sampun susah | kula punika sayêkti | kang wus sinung pracaya dadi jaruman ||

35. milanipun pinaringan | Suramaleca ing mami | Sura èstu kapurunan | Maleca botên kinapti | ing makna anyidrani | karsanipun sang aprabu | Maleca sagêd eca | kinarya murad kêkalih | Sura wani ing rêrêgêd têmah kaca ||

36. Ki Tumênggung Arungbinang | manthuk-manthuk angling aris | yèn makatên botên bakal | pun adhi dêmang tinuding |

--- 72 ---

pan sampun dèn sangoni | pinangadêg sarta dhuwung | kandêlane suwasa | dhuwung tinatah prayogi | tangguhipun sidayu campur pandhawa ||

37. Mas Rôngga pan kinintunan | badhe rasukan kêkalih | bêludru cêmêng satunggal | satunggal martas we wilis | Suramaleca pamit | sapraptane Sangubanyu | matur marang Mas Rôngga | surat sampun tinupiksi | sawusira maos surat dangu sigra ||

38. mring Dêmang Suramaleca | katur wêkase miwiti | Ki Tumênggung Arungbinang | katur sapitungkasnèki | Mas Rôngga angundhangi | budhal saking Sangubanyu | gumuruh wadyakuswa | mantuk dhatêng ing Samawis | saungkure baris agêng pêpucungan ||

106. Pocung[15]

1. ya ta wau Kapitan Bagrak angrungu | dhusun Sangutoya | ing mangke kanggenan baris | wong Mataram pangiridipun Mas Rôngga ||

2. Ki Tumênggung ingaturan praptanipun | mring Kapitan Bagrak | lingira têtanya aris | ki tumênggung wartane wontên gêgaman ||

3. dutanipun Mas Rôngga kang prapta wau | wus panggih lan dika | ki tumênggung anauri | gih dutane ran Dêmang Suramaleca ||

4. lampahipun Mas Rôngga nèng Sangubanyu | kula tinimbalan | marang Sunan Mangkubumi | nanging kula amopo datan lumampah ||

5. alon muwus Kapitan Bagrak yèn ingsun | sira têmokêna | pasthi ana akal mami | andadèkna karsane Natèng Banaran ||

6. ngling tumênggung lah akal paran puniku |

--- 73 ---

ngling Kapitan Bagrak | carik akal arja baik | lamun sudhah jadhi kauntungan banyak ||

7. Ki Tumênggung Rungbinang nauri bêkus | môngsa ta jadhia | Jêng Susunan Mangkubumi | wus angrasa nitih kaprawiraning prang ||

8. yèn dèn ipuk icuk-icuk kongsi wungkuk | môngsa tumindaka | dinadak jêr wus ngrawuhi | ya ta angling aririh Kapitan Bagrak ||

9. dudu iku aku wêruh rêmbugipun | pikirane padha | wong gêdhe-gêdhe Kumpêni | lamun nora kêna Susunan Banaran ||

10. ing sataun rong taun ing têlung taun | luput ing paekan | kocap lêmbut datan kêni | pan mangkono Kumpêni nyalini akal ||

11. Sang Aprabu ing Surakarta puniku | binêktèng Samarang | kinarya ratu pasisir | nagri kabèh sinrahkên Natèng Banaran ||

12. mila ingsun sêtun têmên awak ingsun | arêp têtêmua | adêrêng amituturi | karja baik mring Susunan Kabanaran ||

13. asru bêkus wau sira ki tumênggung | nora kadadèan | pikirmu iku kumaki | anyêyêngit pikir bèngès anyêrangas ||

14. wonge agung Mataram pikiranipun | nora milik brana | mung kaluhuraning dhiri | nadyan sugih tan arsa dadi sudagar ||

15. antêpipun kalah sirna mênang ngukup | barang tundha bema | tan ana gêlêm nglakoni | duk miyarsa anglênggêr Kapitan Bagrak ||

16. alon muwus marang sira ki tumênggung | sudara Ungaran | apa iya maksih

--- 74 ---

bêcik | dandanane yèn wus rusak dèn banguna ||

17. ki tumênggung alon dènira sumaur | yèn dèn bêcikana | manawi tininggal malih | langkung sayang tinggal dandanan prayoga ||

18. sru gumuyu asru kapitan amuwus | kang uwis kaliwat | tanpa gawe dèn rasani | mayor budhal maju marang ing Ungaran ||

19. ki tumênggung andhinginakên panèwu | sakawan kinarya | Ungaran bêcike malih | mulihakên dandanan kang samya rusak ||

20. ya ta wau antara ing tigang dalu | budhal saha bala | sagunging bala Kumpêni | sakancane lan Tumênggung Arungbinang ||

21. praptanipun ing Ungaran baris kukuh | kunêng ing Ungaran | Pagêlèn sinigêg malih | kawuwusa Mataram kitha Pabrêgan ||

74. Ing Mataram ngrêmbag badhe nikahing pangantèn

22. praptanipun saking pasisir rumuhun | Natèng Kabanaran | ngadhaton Pabrêgan mangkin | lèr wetane saking kitha Kabanaran ||

23. duk puniku enggal langkung arjanipun | Kamangkunagaran | lèring alun-alun nènggih | saosane Pangeran Natakusuma ||

24. kilèn lurung Mangkunagaran puniku | sang nata miyarsa | kalamun wau kang rayi | katiwasan Pangeran Natakusuma ||

25. dipun tukup mring Sakèbêr lan gupêrnur |

--- 75 ---

langkung kasêrakat | nèng Trêsana dèn lurugi | kèngsêr malih wontên ing Kêdhu Parakan ||

26. sang aprabu utusan nimbali gupuh | lurah suranata | Mukidin lawan Muhyadin | sami bêkta kancanipun anglêlima ||

27. lampahipun amawi sêrat sang prabu | lawan ingkang garwa | ngintunkên prajuritnèki | kang sapalih rumêksa anèng Pabrêgan ||

28. tigang atus sèkêt sarêng lampahipun | sinêrot ing lampah | ing wuri duta nusuli | Singaranu lan Radèn Mangunkusuma ||

29. kang rumuhun ing Parakan praptanipun | panggih lan pangeran | duta Mukidin Muhyidin | andhawuhkên timbalanira sang nata ||

30. inggih lamun ingandika sang aprabu | sampun kalayatan | ing karsa sri narapati | amiwaha panggihe putra sang rêtna ||

31. aturipun Pangran Natakusumèku | kula ingandikan | paningkahe anak mami | gih sumôngga kenginga wakil kewala ||

32. rencang ulun puniku kang tigang atus | kula bêkta mangsah | amukul baris Kumpêni | suka mati yèn tiwas muliha aran ||

33. malês ukum kula ing nguni tinukup | sêpine wong ika | iki karo bêlah prapti | ya ta dèrèng nutug dènira ngandika ||

34. praptanira caraka kalih Tumênggung | Singaranu lawan | Tumênggung Mangkudirjèki | katimbalan raka paduka sang nata ||

35. sampun gupuh sampun mangsah ing prang pupuh | jêng raka paduka | sang nata langkung kuwatir | pra dipati pasisir ngandikan samya ||

--- 76 ---

36. botên antuk yèn sampeyan darbe atur | ing benjang rinêmbag | yèn sampun praptèng Matawis | urut budhal Pangeran Natakusuma ||

37. lampahipun ing marga datan winuwus | praptaning Pabrêgan | lajêng ngandikan sang aji | sarêng lawan Pangeran Mangkunagara ||

38. kang rinêmbug badhe ing paningkahipun | Rêjêp salawe prah | kang mangku pangran ngabèi | pinasrahkên Pangeran Mangkunagara ||

39. putrinipun Pangran Natakusumèku | pinangku sang nata | mijila saking jro puri | wusnya panggih mulihan Natakusuman ||

40. sampun rêmbug sakathahe kang rinêmbug | bubaran sadaya | Pangran Natakusumèki | kondur marang pakuwon panggih lan garwa ||

41. pra tumênggung sakawan pasisir tumut | Tumênggung ing Batang | Pamalang Barêbês Têgil | sinaosan wus sami manggih pondhokan ||

42. mung Tumênggung Mongpraja Wiradesèku | kang ati durjana | balik mring Kumpêni malih | pinarcaya dènnya mêthukkên sarkara ||

107. Dhandhanggula

1. tata tita lingira ing nguni | ri sang nata wau paparentah | mamrênah ing punggawane | Danawarsa pinundhut | pinrênahkên wadananèki | gêdhe Mlayakusuman | têtêp namanipun | Tumênggung Kudanawarsa | Pangran Mangkudiningrat wadananèki | gêdhe Kapringgalayan ||

2. Adipati Suryanagarèki | lawan Ki Tumênggung Jayadirja | sami panumping kalihe | Kawiragunanipun | wadanane Jayajirjèki[16] | dene Kartanagaran |

--- 77 ---

pan wadananipun | Dipati Suryanagara | wadanane Bumija Wiradigdèki | bumi nênggih Môndraka ||

3. ingkang rayi wau dèn timbali | Pangran Purbaya Mangkukusuma | kang sami wontên Pagêlèn | kasoran yudanipun | mangkya ngumpul anèng Matawis | dènnya wau sang nata | arsa amêmantu | wadana jro kang tinata | kaprak têngên Mas Rôngga ingkang nindhihi | kiwane Jayèngrana ||

4. gêdhong têngên wadananirèki | nênggih Adipati Jayaningrat | Janapura ing kiwane | Mataram Gadhingipun | Ki Tumênggung Jasamodrèki | amung sawêg punika | ing wadananipun | kunêng gantya winurcita | Surakarta oprup arsa pamit mulih | mring nagari Walônda ||

5. Oprup Baltasar Totlomondèki | tinarima ing pisèlèhira | pikir kang ginêntèkake | karsanira gupêrnur | jendral sampun amupakati | Hindrik Johan Abraham | kang badhe tinandur | upêrup ing Surakarta | Totlomondo wus pamit sri narapati | amung nganti praptanya ||

6. kang jinunjung badhe anggêntèni | Yan Hindrik Johan Abraham |[17] sampun antara praptane | Rêjêp tanggal ping pitu | Kêmis maksih awal taun Jim | antawis gangsal dina | wau têlasipun | pasrah barang rèhing praja | sira Oprup Baltasar Totlomondèki | sowan panggih sang nata ||

7. wus tabe oprup asru anangis | panangise pan kadi wanodya | kèh karaos [karao...]

--- 78 ---

[...s] ing driyane | wruha wusananipun | lêlakone ing tanah Jawi | yèn aja biyangira | adrêng kudu têmu | kang anèng nagri Walônda | yèn antêpa suka mati tanah Jawi | awlas ing sri narendra ||

8. duk Pacina jêngkare sang aji | tinut wuri mring môncanagara | Baltasar maksih Piskale | sinuhun timuripun | mangkya madêg sri narapati | langkung saking apapa | ing karatonipun | mila bingung ing tyasira | kapandênge wigêna darpa makingkin | keran-keron tyasira ||

9. wus pinêdhot saruwêding wingit | pamuwuse sinèndhèkkên titah | wus mijil saking purane | ing wanci surya naput | lajêngira ing bakda mahrib | ingkang ngatêr ing marga | Salatiga wangsul | Kapitan Kolong lan Barak | kawuwusa ingkang sumilih Yan Hèndrik | nênggih Johan Abraham ||

10. maksih Pulmak praptèng tigang sasi | wulan Sawal Akate pinacak | ing Palêsasra sakèhe | idêlèr suratipun | tur uninga ing sri bupati | ya wus lamun sinungan | marang ing gurnadur | têtêpe lêsananira | ing upêrup nagari Surakartèki | kunêng malih winarna ||

11. kang ngadhaton Pabrêgan Matawis | andhatêngakên amangun wiwaha | pinêpak pra dipatine | kang sami munggèng ngayun | ingkang sami apacak baris | ajaga ing Tampingan | bodhol barisipun | ingandikan mring Pabrêgan | anêkakkên sukane lawan kang abdi | Susunan Kabanaran ||

--- 79 ---

12. amiwaha ing kalih prakawis | putra jalu kalawan wanodya | pangran ngabèi arine | tinrimakakên iku | mring wadana kêparak kering | Rahadèn Jayèngrana | sarêng ing puniku | langkung gênging kang bawahan | pra dipati makajangan sawadyèki | munggwèng pasowanira ||

13. bêkta gamêlan sagung bupati | jawi lêbêt ambelani samya | ing pitung dina sêkatèn | akathah warnanipun | kang salendro pelog saruni | kang Carabalèn miwah | tuwin Kalaganjur | ingkang sami abêbêksan | lamun dalu damar lilin langkung asri | prapta ing panangkilan ||

14. kapatihan ing pakuwonnèki | Pangran Dipati Mangkunagara | gumêr gumuruh swarane | siyang dalu anayub | yèn rahina sawadyanèki | yèn dalu pra dipatya | kang sami angumpul | bupati jaba kewala | bupati jro kasukan ing srimanganti | sapara mantrinira ||

15. kawuwusa ing Surakartèki | wadanane wong kaparak kiwa | Pangeran Pakuningrate | kesah sakancanipun | para mantri panèkêt sami | tumut wadananira | inggate pinêthuk | Tumênggung Surawijaya | sabalane tigang atus kang turanggi | kawan atus kang dharat |

Lajêng nyandhak jilid 12.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. mawarnèng. (kembali)
3. têbih. (kembali)
4. Kurang satu suku kata: Tarnite galêput pating karêmpis. (kembali)
5. ngantêp. (kembali)
6. Kurang satu suku kata: lan Kapitan Usar sami. (kembali)
7. Wirasêtika. (kembali)
8. katong. (kembali)
9. sompok. (kembali)
10. kalangkung. (kembali)
11. wutahe. (kembali)
12. Pabrêkan. (kembali)
13. sapirantine. (kembali)
14. Sengkalan: swaraning gunung obahing kang jagat (Sênèn Paing, 16 Jumadilakir 1631 A.J.), sic. seharusnya: Rêbo Lêgi, 16 Jumadilakir 1631 A.J., Rabu, 14 September 1707 A.D. (kembali)
15. Teks asli: Pucung. (kembali)
16. Jayadirjèki. (kembali)
17. Kurang dua suku kata: Yan Hindrik lawan Johan Abraham. (kembali)

Serie No. 1259k

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 12.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Ing Mataram ngrêmbag badhe nikahing pangantèn.[1]

16. kang nyaosi ing tundhanirèki | tundhan turôngga miwah rêmbatan | Pangeran Mangkuningrate | sagarwa putranipun | Wanakarta pamêthuknèki | sadalu alêlampah | êbyar praptanipun | nèng Jurangjêro kèndêlnya | wusnya aso atata gènya lumaris | wus prapta ing Pabrêgan ||

17. kang jinujug pakuwonirèki | kang Raka Pangran Mangkukusuma | wus lajêng ingaturake | lan kang para tumênggung | pan sadaya sami umiring | mring Kamangkunagaran | pangiriding laku | Mas Rôngga Wirasêtika | Jayadirja Dipati Suryanagari | Pangran Natakusuma ||

18. Pangran Mangkunagara manggihi | Pangran Pakuningrat ingandikan | ing ngriki salaman age | sarwi gumujêng guguk | êmèh bae kurang sathithik | Si Paman Pakuningrat | kasèp lakunipun | pangeran anuntên dandan | lajêng saos Pangran Mangkunagarèki | ing srimanganti prapta ||

19. canthèl atur sigra dèn timbali | lawan sagung kang para dipatya | miwah kang lagya praptane | praptèng byantara prabu | sèlèh dhuwung

sigra ngabêkti | Pangeran Pakuningrat | sumungkêm ing suku | alon ngandika sang nata | pira adhi gêgawanira priyayi | kang milu marang sira ||

20. Pangran [Pangra...]

--- 4 ---

[...n] Pakuningrat awotsari | abdi dalêm mantri kang kaparak | amung kang nênêm mantrine | dene panèkêtipun | pan wolulas ingkang angiring | panglawe panajungan | sadaya ginunggung | ing dadose pitung dasa | mantri jawi kalayu sakawan nênggih | agêng lawan panêkar ||

21. mantri agêng bupati jro nênggih | kêkalihe pun Suraprameya | dene mantri panumpinge | Radèn Tôndha pukulun | lan pun Ôndakara satunggil | panèkête wolulas | kêkalih pukulun | ingkang sinêpuh ing karya | gih pun Bêdêr pun Bêndung ingkang satunggil | sami sêpuh ing karya ||

22. sri narendra angandika aris | iya Rôngga kabèh timbalana | mring ngarsaningsun dèn age | Mas Rôngga wêdalipun | têtêlukan Surakartèki | sadaya ingandikan | praptèng ngarsa prabu | sang nata angrês tumingal | karusakan panganggo wong bêcik-bêcik | sadaya pitung dasa ||

23. wusnya dangu samya kinèn mijil | kinon mondhok salèr Pakauman | winêdalan ing sorene | sinjang lurik puniku | lawan bathik pan tigang kodhi | kinèn maratakêna | yatra gangsal atus | kang anungkul sami suka | lêt sapêkên sang nata maringkên sabin | mring Pangran Pakuningrat ||

24. urut wajong kowat sèwu nênggih | gangsal atus Pangran Pakuningrat | kang gangsal atus kancane | sawêg pinaring sangu | suka tyase têlukan sami | wong mêntas kêkurangan | ing mangkya jinunjung | jarit [jari...]

--- 5 ---

[...t] picis lawan sawah | wus mangkana Tarnite pating kalêsik | samya miyarsa warta ||

25. ingkang sami main dhadhu nênggih | Tarnite dhadhu Mangkunagaran | Pangran Mangkunagarane | kang nuwun pêjahipun | pun Galèngsong sarowangnèki | wong Bugis bêbandhangan | awon manahipun | Galèngsong giris ing manah | botoh kalah ingopahan tuduh margi | Bayalali sinêdya ||

26. dalu mêgat bupati barêngi | nênggih Ki Tumênggung Wiranata | tinututan ing enjinge | kapalan kawan atus | Wiranata inggatirèki | wadyèng Mangkunagaran | ingkang ambêbujung | Tumênggung Kudanawarsa | pangiride lan Tumênggung Sukawati | Tumênggung Jayarata ||

27. para dêmang sadaya pangarsi | kêkapalane samya nyadasa | turôngga satus kumpule | Dêmang Bulukumêndhung | Rajêgwêsi myang Gondhangrawing | Dêmang Gongganggalungan | lawan Sojêngkilung | ing Mungkung miwah Sumêkta | sakancane sami bêbujung sakenjing | Tumêngung Wiranata ||

28. anakipun kinon andhingini | Surajaya marang Surakarta | sampun matêng pirêmbage | lawan tuwan upêrup | katur marang kangjêng sang aji | kalilan lampahira | dènnya arsa mêthuk | Yan Hindrik Johan Abraham | angundhangi dragundêr pitung dasèki | satus jalan kakinya ||

29. kalih atus ingkang Bali Bugis | Jawinipun Pangran Buminata | wus budhal sira lampahe | ing Baki praptanipun | wau ingkang dipun kêkinthil | Tumênggung Wiranata |

--- 6 ---

mogok lajêng campuh | nèng gunung Pare rame prang | ngundur-undur oprup amiyarsa bêdhil | utusan bantu ing prang ||

30. dragundêre kawan dasa nênggih | lawan upêsir Kumpêni Islam | wontên turôngga salawe | punika kinèn laju | Surajaya kang dèn tindhihi | lan Pangran Buminata | nuduh Patihipun | gajah barong kalih dasa | prajurite turôngga tumut rumiyin | lèr gunung Pare prapta ||

31. Wiranata dènira nadhahi | prange Tumênggung Kudanawarsa | Tumênggung Jayaratane | rame dènira campuh | asru bêrêg-binêrêg sami

| kasaru praptanira | Surajaya antuk | dragundêr lajêng umangsah | mungsuh kagum kacakuthak ing ajurit | ingêdrèl akèh kêna ||

32. giwar ngisis prajuritirèki | sira Tumênggung Kudanawarsa | karepotan ing jurite | akathah ingkang lampus | gya Tumênggung Jayarata glis | têtulung saking kanan | saprajuritipun | wong Sukawati umangsah | rame campuh kalawan bala Kumpêni | ulêd dènira yuda ||

33. Ki Tumênggung Kudanawarsèki | mulat ing Tumênggung Jayarata | dènnya prang nangguhi rame | Kudanawarsa wangsul | rame malih ingkang ajurit | Tumênggung Wiranata | kuda kawan atus | sarêng dènnya nyêrot rampak | anyarêmpêng mungsuh kang tinêmpuh ngisis | Kumpêni sanjatanya ||

34. wanti-wanti pangêdrèlirèki | mawur malih kang mungsuh sarsaran | Tumênggung Jayaratane | kang maksih

--- 7 ---

malang megung | ginarudug marang Kumpêni | mantrinira têtiga | kang kacandhak lampus | tinigas katiga pisan | sapih kang prang Tumênggung Wiranatèki | ngalèr lawan Walônda ||

35. praptèng Baki Wiranata panggih | Oprup Yan Hindrik Johan Abraham | mulat kalangkung sukane | Bapak Wiranatèku | dawêg banjur marang nagari | turôngga gangsal bêlah | bandera wêwolu | sigra laju lampahira | pukul papat sapraptanirèng nagari | jujug loji sadaya ||

36. oprup lajêng tumamèng jro puri | tur uninga marang sri narendra | Wiranata ing praptane | timbalane sang prabu | makuwona sakidul Gadhing | oprup anulya mêdal | Wiranata pangguh | dhinawuhan ing parentah | sri narendra makuwon sakidul Gadhing | budhal sarta wajidan ||

37. kang kaprênah ing pakuwonnèki | sami suka wadya Surakarta | ngrasa bênggang jajahane | malih ingkang winuwus | pan Tumêngung ing Sukawati | aran Ranadiningrat | kêkapalanipun | kalih atus wus utusan | arsa nungkul mring Surakarta Sang Aji | Kapitan Bèl dinuta ||

38. amêthuka wetan Jatisari | lawan kadangira Wiranata | Suradipraja namane | bêkta kapalan satus | Kapitan Bèl bêkta Kumpêni | dragundêr tigang dasa | pan sampun kapêthuk | Tumênggung Ranadiningrat | praptèng Surakarta namane angalih | nênggih Ranadipura ||

39. sri narendra akarya srat aglis | sung upiksa

--- 8 ---

marang ing Samarang | punggawane mungsuh mangke | kêkalih kang anungkul | Ki Tumênggung Wiranatèki | lawan Ranadiningrat | saprajuritipun | pitung atus kêkapalan | tuwan oprup kang amêndhêt saking Baki | Hindrik Johan Abraham ||

40. mugi-mugi bapak dêlèr mangkin | ngapuntêna ing kalih punggawa | nêtêpna salêlênggahe | darapon ingkang kantun | aciptaa sami kapingin | dene pun Wiranata | lênggah kalih èwu | mantrinipun kalih wêlas | pan bupati pangarsa barêping baris | môngka manggalaning prang ||

41. kang satunggil tiyang Sukawati | nênggih Tumênggung Ranadiningrat | wondene ing lêlênggahe | mung sèwu kalih atus | maksih karèh sami bupati | Rôngga Wirasêtika | kalawan Tumênggung | Jayadirja kang lêlurah | angrèhakên pakaryanira ngajurit | dhatêng Ranadiningrat ||

42. bapak dêlèr yèn wus mupakati | nêtêpakên pakaryaning lama | nuntên kula kanthèkake | Paman Buminatèku | ngêlar-êlar ing kanan kering | nagari Surakarta | titi suratipun | idêlèr kalangkung suka | kintun badhe rasukan baludru abrit | kêkalih Wiranata ||

43. dhatêng Ranadiningrat satunggil | sawangsule idêlèr kang sêrat | sang nata ing sakarsane | cari baik tinurut | wus lumampah sêrat ngangsuli | praptaning Surakarta | katur sang aprabu | sang nata kalangkung suka | kunêng malih Galèngsong inggatirèki | Bayalali sinêdya ||

--- 9 ---

44. tinututan kacandhak Sênggani | tanah Jatinom Surawijaya | lawan wong Bugis kanthine | Kapitan Juwanèku | kancanira satus dèn irid | lawan

lurah nirbaya | sèkêt kancanipun | Ki Ngabèi Sokarêja | lurah martalulut sakancanirèki | Ngabèi Natagarwa ||

45. lan lêlurah singanagarèki | sakancane Dêmang Ônggasrana | nèng Sênggani kasêlute | Galèngsong soroh amuk | ulêting prang kinêpung wani | rame tumbak-tinumbak | Galèngsong wongipun | pêjah ingkang kalih dasa | lurah singanagara tatu kang wêntis | Ki Dêmang Ônggasrana ||

46. lan Kapitan Juwana kang kanin | lawan jajar nirbaya kabranan | têtiga sangêt kanine | nanging tan wontên lampus | dadya uwal pangêpungnèki | dene wau Kapitan | Juwana kang tatu | mantri prajurit sadaya | sami kuwur de kêkasih dalêm kanin | pan Kapitan Juwana ||

47. dadya bênggang palajêngirèki | Krèng Galèngsong kari pitung dasa | wolulas tatu rowange | laju rikat lumayu | praptanira ing Bayalali | bilang marang kumêndhan | saking purwanipun | kabandhang nèng Pakalongan | mangkya minggat ingantêp manjing jro loji | kang nututi katingal ||

48. samya kèndêl anèng kidul loji | dèn mariyêm bubar wangsul samya | nututi tan antuk gawe | wus lajêng sami mantuk | sapraptane nagri Matawis | samya ngaturkên tiwas | kèndêl Bayawangsul |

--- 10 ---

duk kacandhak prang sakêdhap | nèng Sênggani kalih dasa kang ngêmasi | rencang nênêm kabranan ||

49. kunêng wursita Dêlèr Samawis | lampahira saking Pakalongan | lajêng marang Banyumase | bêkta dragundêr satus | kalih atus kang Bali Bugis | wong Jawane sadaya | nênggih gangsal atus | kang tumut tumênggung anyar | Batang Têgal satunggal praptanirèki | ing nagari Banyumas ||

50. Ki Tumênggung Yudanagarèki | maksih sangêt pan dèrèng sakeca | maksih amêrêm netrane | idêlèr praptanipun | lajêng dhatêng ing ênggènnèki | kang sakit pinaranan | wau ki tumênggung | rinangkul pan ingarasan | wusnya dangu idêlèr lênggah pribadi | mung putra-putra garwa ||

51. kang manggihi ya ta èstrinèki | Kyai Tumênggung Yudanagara | sinôngga mring tuwan idlèr | sarwi alon amuwus | mring kang garwa dèn ayu putri | sampun kasangêt maras | inggih radèn ayu | sakite raka andika | dede sakit angantarani ing pati | sakit-sakit kewala ||

52. radèn ayu kula gawa mêstri | inggih wontêna lilah andika | radèn ayu lon saure | sumôngga tuwan ngriku | mêstri bêsar sigra jampèni | sarirane sadaya | kang dinumuk-dumuk | lajêng tiniban ing sarat | satêngah jam ki tumênggung nulya tangi | lajêng sagêd alênggah ||

53. sami suka garwa lawan siwi | ènggêt tan nyana idêlèr prapta | anulya rangkulan age | lajêng cium-cinium | nulya

--- 11 ---

mundhut idêlèr aglis | pramati arak jingga | manis raosipun | sinungakên duk sagêlas | mentak malih asêgêr sariranèki | pan antuk gangsal gêlas ||

54. Ki Tumênggung Yudanagarèki | mundhut dhahar ènthèng sariranya | angrasakakên warase | anadhah lan gupêrnur | apan lajêng sakecanèki | Tumênggung Arungbinang | wau praptanipun | kalawan Kapitan Bagrak | wus apanggih lajêng cêciuman sami | idêlèr langkung suka ||

55. atêtanya dêlèr kadipundi | ing kabare nagari Mataram | karyane mêngsah samangke | wau Kyai Tumênggung | Arungbinang alon nauri | tuwan ing sapunika | pan sawêg mêmantu | andina-dina kasukan | botên suwe ajar-ajar ing ajurit | inggih ing pêndhak pasar ||

56. amênêdi miwah ing prajurit | lan akarya busananing bala | anyalini rusakane | miwah cêcênthungipun | kang wus risak winangun malih | dêlèr malih têtanya | Pangran Purbayèku | baris ing pundi samangkya | anauri ngalêmpak wontên Matawis | kala mêmantu samya ||

57. tinimbalan kang atêngga tamping | pan sadaya samya ingandikan | binubarkên pangajênge | duk prêlu amêmantu | besanipun pan Adipati | Janingrat Pakalongan | jinunjung namèku | idêlèr goyang kapala | sarwi angling nora nyana Mangkubumi | tyas pandhe lêbih bêsar ||

58. sapa tau jadhinya bêgini | ki tumênggung inggih baris dika | pênêd ngangsêg ngetan [ngeta...]

--- 12 ---

[...n] manèh | dhatênga Watulêmbu | Ki Tumênggung nauri aris | tuwan mangsuli tenja | awon adatipun | gih môngsa kiranga papan | ingkang botên tilas kanggenan rumiyin | yèn tuwan wus parentah ||

59. Dêlèr Hondhorop lingira aris | dêstun têmên kularsa uninga | baris dika panggonane | bangêt kuwatiripun | yèn tinggala nagri Samawis | luwih sapuluh dina | yèn nora anglurug | wetan Samarang dèn ambah | cungal-cungul Si Paridan anglèncèri | karya susah asmara ||

108. Asmaradana

1. sudara kularsa mulih | manawi andika gadhah | ing ngarsa kêkirangane | sampun dika ngangge taha | sabarang kang tan ana | ing Pagêlèn dèn agupuh | utusana mring Samarang ||

2. sampun dika angajèni | barang isine Samarang | ya Samarang ya Pagêlèn | ya Banyumas Surakarta | Kumpêni wus akarya | wêwênang marang sirèku | jadhi pulmak ing karajan ||

3. wusnya tabe amit mulih | tumênggung lawan kapitan | wau dêlèr parentahe | kinèn angangsêg barisnya | marang Pagêlèn wetan | sawusnya cium-cinium | budhal saking ing Toyamas ||

4. wuwusên wau kang kèri | tuwan idlèr paparentah | sawadya Banyumas kabèh | pinundhutan sikêpira | Pamêrdèn lan ing Banjar | Ngayah Pasir Dhayaluhur | pinêpak sêsikêpira ||

5. sarta pêpak pacul linggis | wadung kampak cucuk dhandhang | wontên wong sèwu kumpule | kajawi priyayinira |

--- 13 ---

Kyai Yudanagara | wus winangsit lampahipun | dhatêng ing gunung Tompomas ||

6. tanah ing Pamrêdèn wukir | alit ing gunung Tompomas | Banyumas para mantrine | binêktakakên sadaya | praptèng gunung Tompomas | wadyagung andhudhuk gunung | gumêrah swaraning bala ||

75. Andhudhuk Redi Tompomas. Sultan Banten nyuwun pangayoman dhateng Sunan Kabanaran

7. kala wontên nèng Samawis | dêlèr wontên wong carita | gunung Tompomas Pamrêdèn | ing jrone pan isi êmas | upama dhinudhuka | sayêkti ta isinipun | mila dêlèr ngiras lampah ||

8. sawêg angsal kalih ari | wadya kang dhudhuki arga | nulya wau ing dalune | Mantri Samarang kêthikan | lan mantri bumi samya | kumpulan wong patang atus | kinon minggah nginggil arga ||

9. ambêkta wêdhi karikil | atêtumbon bata wadhas | sapraptèngirèng nginggile | wong kathah sarêng asurak | sarwi ngudani sela | pan ing wanci têngah dalu | udan watu pamondhokan ||

10. gègèr dragundêr kudèki | kathah bêcat sami giwar | dêlèr dalu-dalu bodhol | mantuk dhatêng ing Banyumas | sapraptane wêwarta | marang sira Ki Tumênggung | Yudanagara Toyamas ||

11. lamun binuru ing bêlis |

--- 14 ---

setane gunung Tompomas | mung rong ari pandhudhuke | êmase durung karuwan | nuli ngarutug sela | setane surak gumuruh | kadya surake manungsa ||

12. gumujêng wuwusiraris | Tumênggung Yudanagara | tuwan puniku adate | setane gunung Tompomas | sami ngingu darebas | yèn kongsia pitung dalu | tuwan pasthi dinarebas ||

13. lan mariyêm wontên ugi | dêlèr amiyarsa eram | cinarita ing lamine | tuwan dêlèr laminira | anèng Nagri Toyamas | nênggih tiga wêlas dalu | budhal mantuk mring Samarang ||

14. wangsul miyos siti Têgil | lampahe pan saliringan | lan Sultan Bantên langkunge | mila tan kagèt wong desa | ngambah tanah Toyamas | kinira manawa iku | bature Dêlèr Samarang ||

15. baline kaya ta iki | kinongkon bantu ayuda | maring Kêdhu mring Pagêlèn | milanipun katambuhan | anèng Lêdhok konangan | lamun Sultan Bantên iku | duk putra Tubagus Buwang ||

16. umadêg sri narapati | brawala lan kadang tuwa | pan samya jumênêng katong | kang anom kasoran yuda | milane ngili ngetan | nêdya ngungsi mring Matarum | suwita mêminta sraya ||

17. wong ing Lêdhok anarungi | nanging ingamuk tan tahan | kang ngadhangi bubar kabèh | ing Lêdhok wus kalangkungan | prapta Kêdhu lampahnya | jujug pabarisanipun | Dipati Suryanagara ||

18. pêpatihe têngga baris | Mas Dêmang

--- 15 ---

Puspawiguna | têlung atus jaranane | gêntèni baris Cacaban | tilas baris Walônda | dene ta lêlurahipun | Dipati Suryanagara ||

19. maksih wontên ing Matawis | dadya wau tur uninga | yèn Sultan Bantên praptane | dutane prapta Pabrêgan | katur dadya rinêmbag | wus rêmpêk ing rêmbagipun | Dipati Suryanagara ||

20. ingkang ingutus rumiyin | Dipati Suryanagara | manggihi lawan malihe | ananggunga praja liyan | bok guna-amiguna | dhustha mara sandi sadu | ananjak karti sampeka ||

21. nulya dutanira prapti | kang saking môncanagara | ingandikan bupatine | ingkang pinijig ing surat | Dipati Pranaraga | miwah Dipati Madiun | nanging èwêd aturira ||

22. tan wontên seba pribadi | acungan mantri kewala | sarta lan abon-abone | sapraptanira Pabrêgan | katur marang sang nata | ingandikan tan lumaku | sagung wong môncanagara ||

23. dadya wau animbali | sagung kang para dipatya | Pangran Mangkunagarane | ngirid sagunging punggawa | lawan ingkang dinuta | Rahadèn Darmasutèku | ingkang saking Pranaraga ||

24. kalawan suratirèki | Dipati Suradiningrat | mring pangeran wangsulane | sapraptanira jro pura | ngarsanira kang rama | surat katur rama prabu | winaos sinukmèng driya ||

25. sawusnya nguncalkên malih | saryalon kang pangandika | kulup waratakna kono | kancanira pra dipatya |

--- 16 ---

sigra wau Mas Rôngga | lawan Ki Jayadirjèku | kang kariyin inguncalan ||

26. saryalon dènira angling | Pangeran Mangkunagara | suwawi paman kalihe | mangke nuntên pra dipatya | sigra sami winaca | surat angsul-angsulipun | Adipati Pranagara ||

27. têmbunge kang salam taklim | mring Pangran Mangkunagara | pangeran andhawahake | timbalane Ingkang Rama | Susunan Kabanaran | animbali abdinipun | bupati môncanagara ||

28. kula bêktani kang abdi | pun Margaewuh punika | lan ambêkta abon-abon | kang katur rama paduka | tuwin dhatêng sampeyan | wondene kula pukulun | tinimbalan nuwun duka ||

29. pangraose ingkang abdi | pan ingih gampil kewala | sasat wus munggèng astane | angabdi môncanagara | siyang dalu sandika | nanging sami anênuwun | kang abdi para dipatya ||

30. kaungkurêna rumiyin | prasasat sampun kaasta | luhunga inggih kang dèrèng | pan inggih pun Cakraningrat | abdi dalêm Madura | inggih punika yèn sampun | anungkul rama paduka ||

31. kang abdi môncanagari | tan pantês dèn raosana | wusnya maos sadayane | sang nata alon ngandika | lah iya kaya ngapa | ing rasane layang iku | yèn mungguh ing tampaningwang ||

32. wus nora kêna dèn pikir | lan iku layang candhala | anjunjung angantêpake | sira bae kaya paran |

--- 17 ---

kulup Makunagara[2] | apa wani ingsun adu | karo wong môncanagara ||

33. kang putra matur wotsari | pukulun inggih sandika | kang rama ngandika malèh | iya sapa sira têdha | kang dadi kanthinira | santana lan pra tumênggung | kang putra matur tur sêmbah ||

34. inggih santana satunggil | pun Adhi Mangkudiningrat | lan satunggal wadanane | inggih pun Kudanawarsa | inggih kalih kewala | pan inggih kawula suwun | gitik pun môncanagara ||

35. botên nuwun malih-malih | kang rama lêga kewala | iya yèn kaya mangkono | santana wus dhinawuhan | Pangran Mangkudiningrat | lan siji wadananipun | Tumênggung Kudanawarsa ||

36. sampun sami dèn dhawuhi | siyaga kapraboning prang | kang badhe kinanthèkake | ing Pangran Mangkunagara | anggitik Pranaraga | sru ngandika sang aprabu | ya kulup nuli budhala ||

37. lawan sira sun gawani | mantri jaba salawe prah | sigratur sêmbah lumèngsèr | sapraptane dalêmira | lajêng ngundhangi bala | amung gantya kalih dalu | pangeran dènira budhal ||

38. sawadyabalanirèki | wontên kalih èwu kuda | kèndêl Wêdhi sadalune | enjinge budhal angetan | praptèng Nglaroh Mantênan | masanggrahan kalih dalu | anuntên wontên susulan ||

39. kang putra ngandika malih | sabab ing mangke têtela | yèn Sultan Bantên praptane | Dipati Suryanagara | wus datan lêlawora | ing pawarta

--- 18 ---

wowor sambu | ing mangke pan sampun nyata ||

40. badhe sumiwèng Narpati | Pangeran Mangkunagara | kondur sawadyabalane | sapraptanirèng nagara | lajêng dadèkkên rêmbag | aprakara kang têtamu | cilik-cilik iku raja ||

41. pangeran umatur aris | inggih sami kinurmatan | punika ing sapantêse | yèn suwawi anglampahna | inggih priyayi kônca | bupati ingkang amêthuk | ing Kêdhu rumêksèng sêgah ||

42. ngandika sri narapati | iya kulup amataha | pangeran andhawuhake | anênggih Bupati gangsal | Tumênggung Jayadirja | ingkang pangirid ing laku | malih Tumênggung Môndraka ||

43. Tumênggung Wiradigdèki | lan Tumênggung Pusparana | Tumênggung Jayaratane | dene kang rumiyin lawan | Radèn Suryanagara | Ki Tumênggung Singaranu | lan Tumênggung Mangkudirja ||

44. dadya wêwolu bupati | kang rumêksèng anèng marga | tigang dina lêlakone | Pabrêgan lan Jampirasa | ing sabên pasipêngan | wadyanira kalih atus | Jêng Sultan Tubagus Buwang ||

45. sinaosan anèng margi | têtiga pakuwonira | satumênggung pangruktine | sugata mesa sakawan | pinragad minatêngan | kalangkung sinugun-sugun | pinapag pisalinira ||

46. pamrihira mila nênggih | sinungga ingêla-êla | kênaa dèn adu prange | lan ambêkta panêmbahan | Panêmbahan Kêstapa | ing ayuda pan misuwur | bisa ngangkahkên prang kêmat ||

--- 19 ---

47. kang mêthuk sapraptanèki | Têmpasaran Jampirasa | Tumênggung Jayadirjane | andhawuhakên timbalan | marang Ki Adipatya | Suryanagara kang dhawuh | amaringakên pamapag ||

48. tigang pangadêg kang bathik | mori kosa nyamping dhêsthar | saprangkat bathik sutrane | kêling ingkang sapêrangkat | bathik lurik kang kathah | jinangkêpan kalih atus | pinisalin sabalanya ||

49. wus samêkta budhalnèki | Dipati Suryanagara | ingkang môngka jarumane | mring Sultan Tubagus Buwang | Pakuwati nagara | samargi tan têbih wau | Dipati Suryanagara ||

50. sakawan kang pra dipati | kalima Suryanagara | katri kang jagani pondhok | bupati ngrukti sugata | lampah sadina prapta | ing pakuwon sampun pangguh | akathah warnaning kurmat ||

51. Sang Aprabu Pakuwati | Jêng Sultan Tubagus Buwang | langkung sandea driyane | bok luput pratingkahira | karaton ing Mataram | agung kalawan aluhur | yêkti ngèl traping wiweka ||

52. angrangu samargi-margi | Dipati Suryanagara | miwah wuwuh pananggunge | dènnya mrih ayêm ing driya | anggung nglahirkên sumpah | tan ana ingênggopipun | Dipati Suryanagara ||

53. Sang Natèng Mangkarawati | pisungsung pambengkas maras | sinungkên Carabalène | mring Radèn Suryanagara | angaku kadang tuwa | sinaguhan rêmak-rêmpu | yèn manggiha kalêpatan ||

54. ing marga datan winarni | lampahe wus tigang dina | kantun sadungkap praptane |

--- 20 ---

bupati ingkang dinuta | marang Suryanagara | tur uninga lampahipun | ing marga apêpucungan ||

109. Pocung[3]

1. lampahipun pra wara duta wus katur | ing sadintên benjang | Sang Prabu Mangkarawati | praptanipun sumiwèng paduka nata ||

2. ya ta wau ngundhangi wadya sang prabu | sagung pra dipatya | sebaa anggawa baris | miwah para santana sabarisira ||

3. lami mêthuk ngandhangan baris sêsiyung | sagaduging wadya | prajurit jêro abaris | amananti ing alun-alun kewala ||

4. ya ta wau ing dalu datan winuwus | kawarnaa enjang | têngara samêktèng baris | saonjotan barise kang pra dipatya ||

5. wantu-wantu wadya gandhèk lir sêsulung | ingkang mêmariksa | Sang Prabu Mangkarawati | wuse cêlak miwah ta maksihe têbah ||

6. sang aprabu ngrasuka busananipun | arasukan takwa | baludru cêmêng sinuji | buldiran mas tulya sri kinêmbang-kêmbang ||

7. milanipun abusana sang aprabu | pan têtamunira | de sangu busananèki | Sultan Bantên ing bajorèki kewala ||

8. misru wungu ngirasa cêlananipun | mawi dhuwungira | paningsête cara Bugis | kuluk jangkung bundêre angalu alam ||

9. Sang Aprabu Kabanaran kulukipun | songkok ginarudha | parangrusak ingkang nyamping | pasêmone pan kadi Arjuna tuwa ||

10. wus supênuh panangkilanira prabu | mijil saking pura | ingapit pra tuwan sayid | Sayid Yusup lawan Sayid Ngabdulrahman ||

11. wurinipun [wuri...]

--- 21 ---

[...nipun] Pangran Rôngga Ngadilangu | awor Taliroga | sapraptaning pôncaniti | sigra lênggah sang nata munggèng amparan ||

12. kilènipun tuwan sayid kalihipun | lan Pangeran Rôngga | prasamya munggèng ing kursi | sri narendra ngandika marang kang putra ||

13. iya kulup wus parêk tamunirèku | Pangran Adipatya | Mangkunagara wotsari | nulya prapta Ki Tumênggung Jayadirja ||

14. nêmbah matur sampun cêlak ingkang tamu | sang nata ngandika | kulup mapaga pribadi | loring alun-alun sathithik ngulona ||

15. nêmbah mundur budhal saprajuritipun | wau kawuwusa | Sang Prabu Mangkarapati[4] | angling marang Dipati Suryanagara ||

16. kula matur kakang mas paran ing katur | kang sami ambêkta | saru kabêktèng sumiwi | matur alon Dipati Suryanagara ||

17. apan inggih pisahe ngriki pukulun | sampun sinaosan | pasanggrahan lèring masjid | kula nuduh ngirid punggawa satunggal ||

18. lah puniku pun Tumênggung Singaranu | wong botên gêgawa | têlung puluh wus ingirid | kang tut wuri gih Panêmbahan Kêstapa ||

19. apan iku Panêmbahan Kêstapèku | môngka gurunira | dene Sultan Pakungwati | wijilipun Singadita Pakêboan ||

20. wong Mataram kulon Sêgara puniku | nèng Bantên ngumbara | asring-asring anèng wukir | ngubalakên ngèlmu dhugdhèng katêguhan ||

21. milanipun Tubagus Buwang gêguru | putra Bantên mudha |

--- 22 ---

kang patutan saking sêlir | amarêngi rusuh Bantên madêg sultan ||

22. kang amangku iya Singadita iku | nama Panêmbahan | Kastapa kang mugarèni | mring Tubagus Buwang adêgira sultan ||

23. ya ta wau Suryanagara andulu | wetan pêpêthukan | Pangran Mangkunagarèki | gya jinawil Sultan Bantên gih punika ||

24. ingkang mêthuk katingal wetan puniku | nênggih putra tuwan | senapatining ajurit | gih Pangeran Dipati Mangkunagara ||

25. sigra mudhun saking ing turangganipun | gya paran-pinaran | tundhuk sêsalaman sami | ngacarani Pangeran Mangkunagara ||

26. têmbungnyarum lah suwawi paman prabu | paduka ngandikan | ing raka tuwan sang aji | ingantosan dangu anèng panangkilan ||

27. sigra laju wadyanira kalih atus | pipit lampahira | adu sikut adu gigir | sabature tan ana bênggang satêbah ||

28. kang andulu mèsêm basane lumaku | apipit-pipitan | nora kêna dèn sêlani | langkung sangêt rumêksanirèng bandara ||

29. lampahipun wus prapta waringin kurung | baris jawi munya | êdrèl barung Carabali | Kodhokngorèk kêndhang gong sêrunèn gumrah ||

30. praptanipun andungkap têtarub agung | gya Pangeran Rôngga | Ngadilangu kinon aglis | amêthuka bature sampun pinisah ||

31. kerid maju Pangran Rôngga Ngadilangu | Natèng Kabanaran | ngurmati kang lagya prapti | wus jumênêng munggèng ngarsane ngamparan ||

32. dyan lumayu

--- 23 ---

gapyuk angrungkêbi suku | alara karuna | Sang Prabu ing Pakungwati | dhuh pukulun ing pêjah gêsang katura ||

33. cinandhak wus gya tinarik astanipun | yayi prabu aja | dêdawa rêntênging galih | sumendhea yayi titahing Hyang Suksma ||

34. kinèn lungguh tunggil tuwan kalihipun | Sayid Ngabdulrahman | lan Sayid Yusup angapit | lan Pangeran Rôngga Ngadilangu samya ||

35. tan adangu sri bupati nulya kondur | wau ingacaran | Sang Prabu ing Pakungwati | dhèrèk lajêng tumamèng sajroning pura ||

36. kèndêlipun pandhapi pakuwonipun | wus tata alênggah | Pangran Mangkunagarèki | tinimbalan ngirid sagung pra dipatya ||

37. praptanipun ngabyantaranira prabu | sagung pra santana | miwah sagung pra dipati | kang sinuhun andangu sasolahira ||

38. duk rumuhun Sultan Bantên yudanipun | kalawan Walônda | wadyane kang wus ngêmasi | prang sataun tiga bêlah èwu pêjah ||

39. mêngsahipun inggih sèwu gangsal atus | kang Kumpêni pêthak | Kumpêni Slam ingkang mati | Bali Bugis Makasar pan kalih nambang ||

40. kawonipun kang mukul idêlèr undur | nanging loking kathah | bêkta wong agung Matawis | Pangran Pringgalaya Pangran Pakuningrat ||

41. milanipun rencang rungak yudanipun | misuwuring warta | bêkta pangeran kêkalih | têmah yudanipun mung sadintên dhadhal ||

42. milanipun lampah kawula pukulun | mêdal ing Pasundhan | gumyahe samargi-margi | jêng paduka ingkang nimbali [nimba...]

--- 24 ---

[...li] kawula ||

43. dutanipun satunggal pangeranipun | pangeran caraka | saking nagari Matawis | mila rungak kang sami ngungsir ing marga ||

44. sagènipun lampah kawula pukulun | songsong kuning mêgar | kalih ing samargi-margi | datan wontên kang purun-purun cêlaka ||

45. wusnya dangu pundhutan prapta ambrubul | anadhah sarêngan | myang santana pra dipati | sawusira carikan sadaya mêdal ||

46. wadyanipun Sultan Bantên sadaya wus | sinung jêjodhangan | miwah kang wus mondhok sami | wus binagèn sêkul pirang-pirang jodhang ||

47. wusnya pukul satêngah pat bubaripun | kinon masanggrahan | Sang Prabu Mangkarawati | lèring Masjid Agêng pasanggrahanira ||

48. kuwonipun kinêmit mantri sapuluh | ya ta enjingira | busana saking jro puri | rong pangadêg kinèn nganggo cara Jawa ||

49. kapalipun pinaringan kore dhawuk | wus simbar mutyara | kêkambile cara Jawi | bludru ijo sarwa mas saput prantinya ||

50. waos dhuwung asongkok parmata gumyur | anggare sarwi mas | kinadang-kadang sayêkti | sakalangkung dènira sinungga-sungga ||

51. dêdêgipun aronje sarwi alurus | jarote agawat | agagah bagus sayêkti | kadung-kadung ragi agal ing tênaga ||

52. sarwa patut pantês adhokoh prangipun | Natèng Kabanaran | kalangkung rêsêp ing galih | mata

--- 25 ---

kapèn mirib Pangeran Purbaya ||

53. umuripun sawêg têlung puluh têlu | kunêng kang winarna | kang pinrih ecaning galih | ya ta gantya wau ingkang kawuwusa ||

76. Dipati Cebolang ing Surabaya malik tingal mengsah Kumpeni dipun biyantu Sunan Kabanaran

54. kang cinatur ing nagara Surèngkewuh | Dipati Cêbolang | kang madêg ing Surèngwèsthi | kaputu mring Dipati Jayapuspita ||

55. kang alungguh kasêpuhan Surèngkewuh | nguni kang kanèman | Ki Tumênggung Sawunggaling | kang pinaring nama marang sri narendra ||

56. ingkang kombul mring Pranaraga Sang Prabu | nênggih Surabaya | pinacak bupati kalih | Sawunggaling Tumênggung Cakranagara ||

57. ingkang sêpuh pun Wirasraya puniku | wontên kasêpuhan | Sêcanagara namèki | kang kanoman Tumênggung Sasranagara ||

58. kalanipun kauningan tingkahipun | karya kabêcikan | ing Pangeran Mangkubumi | kala maksih nèng Sokawati Pangeran ||

59. akêkintun nênggih yatra tigang èwu | lan karbin wolulas | myang busana warni-warni | rolas pikul baludru miwah sangkêlat ||

60. cindhenipun agêng alit kawan pikul | lakune kawruhan | lami-lami mring Kumpêni | pan cinêkêl lan Dipati Sana Tuban ||

61. kalihipun sinarêng pambucalipun |

--- 26 ---

dadya Surabaya | dinadosakên satunggil | anakipun Tumênggung Sêcanagara ||

62. namanipun Dipati Cêbolang iku | wus madêg sawarsa | Surabaya dadi siji | pan ing mangke jinabêl malih kanoman ||

63. mring gupêrnur endranata kang tinandur | angsal kalih wulan | anulya ingamuk wêngi | pothar-pathir ngungsi loji endranata ||

64. baris kumpul mariyêm loji têtulung | rame bêbêdhilan | tan antuk marêpak loji | sami mundur mèt papan wong Surabaya ||

65. barisipun angêdohi lojinipun | nanging kurang yitna | Cêbolang pikirannèki | nora jawil ing sanak tuwa nom samya ||

110. Sinom

1. nora gêmêt maring sanak | ing têtika kurang titi | wontên trahing kaki tuwa | têdhak Ônggajaya nguni | kalih dadi pêpatih | ing kanoman ênggènipun | singa dadi dipatya | ing kanoman amatihi | nama Ônggajaya lawan Jadirana ||

2. majanani marang sanak | pangrasane wus anganthi | têdhak Dipati Jangrana | pun Jaka Tangkêban maksih | sinung nama Ngabèi | Jangrana kêkalihipun | trah Panji Surèngrana | ing Lamongan wus kinanthi | iya sinung nama Panji Surèngrana ||

3. duk nalika pêngaburnya | mring Radèn endranatèki | Jadirana Ônggajaya | tinuduh bêkta mring loji | Ratu Madurêtnèki | sapraptane loji gupuh | Jêng Ratu Madurêtna | wau ta pêpatih kalih | wus tinukup [tinuku...]

--- 27 ---

[...p] Ônggajaya Jadirana ||

4. sigra Petor Surabaya | kintun sêrat mring Samawis | tur uninga lamun bubrah | nagara ing Surawèsthi | Cêbolang ngamuk wêngi | endranata sampun kabur | mangke wong Surabaya | wus umadêg pacak baris | pan inganggêp ing Susunan Kabanaran ||

5. nanging Petor Surabaya | kêkalih antuk wong bumi | têdhakipun Ônggajaya | punika sêpuh pribadi | sami trah Surawèsthi | pun Ônggajaya kang sêpuh | dêlèr duk amiyarsa | sigra angangsuli tulis | paparentah marang Petor Surabaya ||

6. Radèn Arya endranata | kinèn mulih mring Samawis | Ônggajaya Jadirana | kinèn amacak bupati | lan suratira malih | ingkang marang Madurèku | anênggih panêmbahan | kinèn gitik Surawèsthi | lawan ngadêgêna bupati kalihnya ||

7. surat kang praptèng Madura | miwah praptèng Surawèsthi | Panêmbahan ing Madura | sampun ngundhangi prajurit | samêkta budhal aglis | atusan baitanipun | pangajêng sampun prapta | prajurit kang jujug loji | kang sapalih mêdal Grêsik dèrèng prapta ||

8. wuwusên Sang Adipatya | Cêbolang dènira baris | maksih anèng jro nagara | kidul wetaning Pinilih | kumpule kang prajurit | arahên salêksa langkung | apan dèrèng tinata | kasêlak miyarsa warti | praptanira bantu prajurit Madura ||

9. Panêmbahan Cakraningrat | kang sampun wontên ing

--- 28 ---

loji | anandur Ki Ônggajaya | ingkang sêpuh anêtêpi | namanira ingalih | Côndranagara Tumênggung | dene ta ing kanoman | Jadirana kang kinardi | maksih nama Tumênggung Jayadirana ||

10. nging maksih nama kewala | dèrèng antuk wong sawiji | wau Dipati Cêbolang | kang baris anèng Pinilih | andadèkakên pikir | badhe utusan asung wruh | mring Sunan Kabanaran | kang ngadhaton ing Matawis | nuwun bantu lan nuwun kèn jênêngana ||

11. mantri kêkalih dinuta | amomor mêdal Sumêmi | anjog Jipang Garobogan | anjujug Martapurèki | linajêngakên aglis | kinanthenan dutanipun | duta Kamartapuran | sapraptanirèng Matawis | kang jinujug Dipati Suryanagara ||

12. wus lajêng binêkta seba | marang Suryanagarèki | prapta Kamangkunagaran | lajêng sowan mring jro puri | lan sagung pra dipati | prapta lajêng canthèl atur | Pangran Mangkunagara | ngandikan lan pra dipati | praptèng ngabyantara angaturkên sêrat ||

13. kang saking ing Surabaya | Tumênggung Sindusastrèki | surat kinèn amaosa | têmbunge kang ponang tulis | kang saking Surawèsthi | ingkang taklim katuripun | pun Dipati Cêbolang | kang pilênggah Surawèsthi | kaatura ing raka sang adipatya ||

14. gumêr ingkang apêparab | Panêmbahan Talimurti | pramuka jaya mintara | mustakaning ahli budi | kang pra wignya palinggih | nagri Garoboganipun | ri wusnya

--- 29 ---

sapunika | kakang kawulatur pèksi | kula gusah dhatêng raka jêngandika ||

15. gih Radèn Aryendranata | kawula amuk ing wêngi | katur ing mangke kawula | wus umadêg pacak baris | inggih angêpung loji | ing Surabaya kakêmput | Kumpêni datan mêdal | ambêdhili saking loji | ingkang bantu Panêmbahan Cakraningrat ||

16. nanging sawêg jêng-ajêngan | dèrèng campuh ing ajurit | kula lawan wong Madura | mila kakang nuwun kang sih | amrih katur ing gusti | pratingkahing Surèngkewuh | Sang Natèng Kabanaran | kang abdi nuwun têtindhih | yudanipun ingkang abdi Surabaya ||

17. kalawan kula miyarsa | jêng gusti sri narapati | amiwaha ingkang putra | mundhut besan ingkang rayi | Jayaningrat Dipati | Pangran Natakusumèku | ing mangke kula kakang | ngaturi pratôndha kêdhik | mung sakodhi sinjang kêling ciyut wiyar ||

18. lan cindhe panjang sadaya | sarêmbat pala lan malih | tigang èwu warni yatra | titi tamat ingkang tulis | mangkana sri bupati | graita salin kang rêmbag | karsa nyaliranana | anjênêngi ing ajurit | ingkang Putra Pangeran Mangkunagara ||

19. ingkang kinarya warana | angundurakên prajanji | sagahe sri naranata | mring sagung para dipati | pasisir kilèn sami | sawusnya mêmantu wangsul | ngradin sawetan Têgal | nênggih sakilèn Samawis | mila sande Pangeran Mangkunagara ||

20. ingkang ngaturi mangetan | gêcak loji Surawèsthi | anjênêngi yudanira |

--- 30 ---

bupati bang wetan sami | dene ingkang pakêlir | sandene ngilèn sang prabu | anênggih ari nata | Sang Prabu Mangkarawati | kinanthenan santana myang pra dipatya ||

21. Pangeran Adiwijaya | Pangeran Purubayèki | Pangeran Mangkukusuma | Pangran Natakusumèki | dene kang pra dipati | sadayanira sapuluh | sakawan pra dipatya | ingkang saking ing pasisir | kalimane Pangeran Natakusuma ||

22. bupati kang paparentah | ing têgêse senapati | Ki Tumênggung Jayadirja | Suryanagara Dipati | bupati jajarnèki | Môndraka Wiradigdèku | Tumênggung Mangkudirja | Tumênggung Jayaratèki | Pusparana Tumênggung Jagaulatan ||

23. Tumênggung Tirtanagara | Cakrajaya Sawunggaling | Tumênggung Kartanagara | Tumênggung Ngurawan malih | dene ingkang pasisir | Tumênggung Danurêjèku | Tumênggung Surabaya | lawan Wiranagarèki | lan Tumênggung Cakranagara Pamalang ||

24. dene kang badhe binêkta | nênêm kang para bupati | wadana jrone sakawan | Mataram tumênggung siji | Jayasambodra nênggih | kalawan lurahnya katur | Tumênggung Sindusastra | pangeran putra kêkalih | pangerane santana amung satunggal ||

25. dene kang pinatah têngga | ing Pajang kanêm bupati | Tumênggung Surawijaya | Suramangunjaya malih | Suradigdaya tuwin | Tumênggung Surawinangun | Tumênggung Kartadirja | Brajadênta Brajamusthi | kapitune Adipati Martapura ||

26. punggawa ingkang binêkta | Tumênggung [Tu...]

--- 31 ---

[...mênggung] Janapurèki | Mas Rôngga Wirasêtika | Radèn Jayèngrana nênggih | Janingrat Ki Dipati | Jayasambodra Tumênggung | Tumênggung Sindusastra | sakancanira tan kari | paparentah sang nata ngundhangi bala ||

27. kang rayi wus sinung bala | Sang Prabu ing Pakungwati | tigang atus kêkapalan | têtindhih mantri kêkalih | magang bang kilèn sami | Ngayah Pasir Dhayaluhur | Panjêr Pamêrdèn Banjar | samêkta kang badhe ngiring | salampahe wong Sultan Tubagus Buwang ||

28. Dipati Suryanagara | budhalira angriyini | wus alajêng saha bala | kang ngilèn wus sami pamit | Sang Prabu Pakungwati | lan para pangeran sampun | miwah kang pra dipatya | pêrnata ing sri bupati | sadayanya pinoma-pomèng pitungkas ||

29. tigang èwu kêkapalan | kang pinanci sri bupati | binêktakkên ari nata | Sang Prabu Mangkarawati | Pangran Mangkunagari | ngumpul kuda kalih èwu | lawan Kudanawarsa | kalawan wau kang rayi | ingkang ngilèn kawan èwu kêkapalan ||

30. kang pra dipati sadaya | papat pangeranirèki | kalawan raja satunggal | Sang Aprabu Pakungwati | Sawal budhalirèki | Jumuwah pitulasipun | jroning taun Jimawal | langkung agêng ingkang baris | sami kèndêl rêmbagan anèng Tangkilan ||

31. Pangeran Adiwijaya | pangandikanira aris | hèh Adhi Mas Purubaya | Dhimas Mangkukusumèki | Kakang Jayadirjèki | Dhimas Suryanagarèku | lan sagung pra dipatya | paran [para...]

--- 32 ---

[...n] rêmbuge ngong tari | laku iki apa kumpul apa pisah ||

32. Dipati Suryanagara | ature inggih suwawi | amrih pakantuke lampah | timbalan ri padukaji | kinon angrêbat nuli | ing pasisir kilènipun | Pagêlèn lan Toyamas | pan rayi sampeyan kalih | apan kagungane Pagêlèn sadaya ||

33. ing Kêdhu inggih paduka | kula punika jênêngi | lan pun Kakang Jayadirja | paduka ingkang bawani | sagung ingkang prakawis | pratikêle aprang pupuh | dene rayi paduka | Sang Prabu ing Pakungwati | tuwan tetah parentahe ari nata ||

34. mênggah ing rayi paduka | Sang Prabu Mangkarawati | winêling ing rayi nata | ing Toyamas kinèn gitik | sintên paduka tuding | kônca kula pra tumênggung | kawulatur prayoga | punika lamun suwawi | lan paduka pun Tumênggung Mangkudirja ||

35. yèn wontên ungguling lampah | bêndara pangeran kalih | saking Pagêlèn dèn rikat | ngangkaha mêpêki Têgil | dipun anêdya ugi | anêpungi lampahipun | inggih rayi sampeyan | Sang Prabu ing Pakungwati | kula ingkang dhêsak Batang Pakalongan ||

36. wus dadi ingkang pirêmbag | Sang Prabu ing Pakungwati | budhal mangilèn sawadya | lan urunan para mantri | sapuluh wadyanèki | kêkapalan kalih atus | lan Tumênggung satunggal | Tumênggung Mangkudirjèki | tigang atus bala prajurit turôngga ||

37. akathah prajurit dharat | miwah Sultan Pakungwati | balane [ba...]

--- 33 ---

[...lane] kang sami dharat | mung tigang dasa turanggi | kang ngilèn winatawis | kathahira kalih èwu | kang ngidul ngilèn ika | Pangeran Purubayèki | lan kang rayi tigang èwu balanira ||

38. ingkang ngalèr Jêng Pangeran | Adiwijaya akanthi | Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | lawan Tumênggung malih | Môndraka lan Singaranu | Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Ngurawan malih | Jagalatan loro putra Mangkuprajan ||

39. kang tuwa Mangkuwijaya | anèm Mangkudiwiryèki | dene ta pasisirira | Pangran Natakusumèki | lampah sampun binagi | kang ngalèr ngulon angidul | Pangran Natakusuma | wus pisah sawadyanèki | kang angirid para dipati sakawan ||

40. Barêbês Batang Pamalang | sakawan Tumênggung Têgil | gunggunge ingkang gêgaman | kawan èwu malah luwih | wau bala Kumpêni | kang sami baris ing Kêdhu | sami mire sadaya | dhatêng ing Bahrawa malih | pangrungune kang prapta Sunan Banaran ||

41. lami-lami kapiyarsa | yèn dêdamêl ingkang prapti | dede Sunan Kabanaran | Sakèbêr umangsah malih | kumpul sagung upêsir | miwah kang para tumênggung | wau Kapitan Sungrat | Ludnan Kulman kang tinuding | andhingini Sakèbêr kang anèng wuntat ||

42. wus prapta Kêdhu sadaya | ajêng-ajêngan prasami | Pangeran Adiwijaya | amrih landhung ingkang jurit | rêmbag lampaha malih | Pangran Adiwijayèku | bêkta bupati kapat | Môndraka Wiradigdèki |

--- 34 ---

Jagalatan lawan Tumênggung Ngurawan ||

43. Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | wus nyabrang Kilènpêraga | nganthi punggawa pasisir | Parakan dènnya baris | ngalèr ngetan ajêngipun | baris mawi pangarsa | sapunggawa kang tinuding | ingkang wetan Pangeran Adiwijaya ||

44. sampun campuh ing ayuda | nèng Kêtos dènira jurit | amêngsah Kapitan Sungrat | Islame Kapitan Trohi | wantêr katoning jurit | sakumpênine kang ngamuk | lawan Lidnan ing Sungrat | Kulman têtêg ing ajurit | pinarpêkan sinarêmpêng ing ayuda ||

45. Pangeran Adiwijaya | sakancane pra dipati | kuwur sami karepotan | nadhahi drèling Kumpêni | akathah kang ngêmasi | prajurite kathah mawur | Pangran Adiwijaya | yudane wus angoncati | mundur mapan ing Tarayêm ênggènira ||

46. Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | miyarsa lamun Pangeran | Adiwijaya ginitik | Kumpêni ing Bahrawi | kang mêngsah ngrêbat ing Kêdhu | Tumênggung Jayadirja | Dipati Suryanagari | atêtulung sawadya nabrang Paraga ||

47. angingêri saking wuntat | bala Kumpêni miyarsi | mundur ngalèr ngetan samya | kèndêl amapan ing Pingit | sagung bala Kumpêni | lan Sakèbêr wus akumpul | kathah Kumpêninira | jêjagang kukuh nèng Pingit | pirêmbagan Dipati Suryanagara ||

48. lan Tumênggung Jayadirja | badhe nukup baris Pingit | Pangeran Adiwijaya |

--- 35 ---

sampun nguruni prajurit | bubare têngah wêngi | pêpilihan wolung atus | anèng marga kacandhak | prahara drês udan angin | lawan sangêt mêndhung dhêdhêt palimêngan ||

49. tan ana kang wruh ing marga | kèndêl padhusunan sami | sadalu drês ingkang jawah | malah rintên sirêpnèki | bubare pan kaèksi | kang baris Pingit andulu | ana gêgaman mêdal | saking padhusunan sami | yèn têngara gawe rêge pamondhokan ||

50. Kapitan Sungrat miyarsa | yèn mêngsah Kilènpêragi | Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirjèki | ngawêd saking ing wuri | dadya watir ing tyasipun | dalu baris Walônda | wangsul mring Bahrawa malih | benjing mangsah lan Sakèbêr guladrawa ||

77. Sunan Kabanaran badhe nêlukakên tanah bang wetan

111. Dhandhanggula

1. ya ta kunêng kawuwusa malih | wulan sapisan ing Dulkangidah | Natèng Banaran budhale | angetan sêdyanipun | jangkung prange wong Surawèsthi | ngiras angrata samya | môncanagarèku | maksih nunggal taunira | prang Pajênar prang Pakalongan sami |[5] salêbêting Jimawal ||

2. balanira pan kadya jaladri | pasanggrahan kinon bêsmènana | sadintên wau lampahe | pasanggrahan ing Jêmbung | enjing budhal [budha...]

--- 36 ---

[...l] sawadyanèki | lir panjrahing puspita | busanèng wadyagung | kèndêl dalu masanggrahan | kalêrêsan sadalu budhale enjing | ing Sukawati prapta ||

3. wontên duta praptèng tur udani | saking Pangeran Mangkunagara | atur uninga lampahe | inggih dèrèng acampuh | dènnya gêcak ing Pranaragi | ingkang darbe nagara | bêbitinge mêthuk | wontên margi ing Barangkal | jurang kali langkung angèl mriyêmnèki | kathah wontên Barangkal ||

4. badhe menggok wontên jurang gawing | inggih anjog Magêtan kewala | putra paduka lampahe | nênggih ping kalihipun | wontên duta ing Surawèsthi | praptane tur uninga | kawon yudanipun | pun Adipati Cêbolang | sampun kontal anèng Pasêdhahan ngungsi | dhatêng Wiranagara ||

5. nênggih sutanira Mas Ibrahim | Ki Bêrahim Surapatisuta | mangkya angadêg barise | Pasuruhan ginêpuk | loji Gêmbong nêpungi mangkin | lawan sakadangira | sutèng Brahim agung | dadya sang nata utusan | matêdhani wuninga marang kang rayi | tuwin dhatêng kang raka ||

6. maring Kêdhu mring Pagêlèn sami | mêdal Jèbrès lampahe caraka | Tumênggung Pusparanane | lan Brajadêntanipun | kuda tigang atus lumaris | ing Salaka gegeran | narka wowor sambu | gêlare Natèng Banaran | nulak wangsul gêgaman ingkang lumaris | Kodhan pangilènira ||

7. dadya wau Rahadèn Dipati | Pringgalaya kang

--- 37 ---

baris Kaleca | dhadhal budhal sawadyane | marang nagari mantuk | sarwi ngungak-ungak kang baris | kalangkung sampun têlas | amung tigang

atus | ngungun Radèn Pringgalaya | panarkaning kalangkung barêping baris | kinira wuri kathah ||

8. tiwas sampun ngaturi upaksi | marang Yan Hindrik Johan Abraham | oprup siyaga bantune | lampahira kapêthuk | angrêrêpa radèn dipati | tuwan apura dika | kula pan anggugu | ature têlik manira | yèn lampahe Susunan Amangkubumi | badhe anikêl sêmat ||

9. inggih ajêng anggêcak mariki | wau enjing dêdamêl kang lintang | pan kêkalih punggawane | turôngga tigang atus | malah langkung yèn winitawis[6] | kantun-kantun ing wuntat | têlas tan kadulu | oprup alon saurira | kula angsal sêrat kang saking Samawis | dêlèr têlike nyata ||

10. yèn lampahe Sunan Mangkubumi | èstu jênêngi marang bang wetan | wong Surabaya yudane | wangsul mangilèn wurung | mung pangeran katri lumaris | kapatipun Pangeran | Natakusumèku | kalima Tubagus Buwang | Sultan Bantên sapuluh kang pra dipati | kang mangilèn sadaya ||

11. sun watara Justak kang ngarani | pasthi ngetan Sunan Kabanaran | uprup alon parentahe | baris Kalecanipun | pênêd bubar radèn dipati | dawêg apêpikiran | sarêng antukipun | Adipati Pringgalaya | apan tumut lajêng sapraptane loji | manggil [mang...]

--- 38 ---

[...gil] Puspanagara ||

12. nulya wau prapta anèng loji | sira Tumênggung Puspanagara | Oprup Abraham dêlinge | bapak andika matur | inggih dhatêng sri narapati | yèn suwawi ing karsa | kadhaton puniku | pênêdipun bètèngana | alêlaren tinêpungakên lan loji | amrih sami karêksa ||

13. Puspanagara Tumênggung angling | gih prayogi tuwan pan sambada | kula umatur ing mangke | sigra kyai tumênggung | manjing pura ngarsèng narpati | ngaturkên aturira | uprup canthèl atur | kadhaton dalêm punika | yèn marêngi badhene dipun bètèngi | jagang larèn ubêngan ||

14. tinêpungkên inggih lawan loji | sri narendra anurut kewala | Oprup Abraham rêmbuge | Ki Puspanagara wus | wêdalira saking jro puri |

wangsul mring loji prapta | panggih lawan oprup | katur sang nata wus lêga | langkung suka wau kalane miyarsi | Hindrik Johan Abraham ||

15. badhe prabeya kang dèrèng pikir | nganti badhe asowan priyôngga | kunêng kang winuwus malèh | lampahe Sang Aprabu | Kabanaran kang lagya prapti | Sukawati rêrêpnya | mung rong ênggènipun | duta saking Surabaya | apan dèrèng linilan mantuk pribadi | benjing sarêng sang nata ||

16. duk dinangu kawonira nguni | kaya paran pratingkahing aprang | dene ta gêlis lampahe | iya kaya wong Kêdhu | Surabaya tusing prajurit | caraka Surabaya |

--- 39 ---

sigra nêmbah matur | dèrèng matêng kang pirêmbag | prajanjean lawan pra sêntana sami | anuntên tiyang Koja ||

17. praptanipun pakuwon Japani | kêkêsipun wong sapabarisan | pramila ical surane | wondene rêmbagipun | Adipati Cêbolang nênggih | lawan ingkang santana | pan têtilaripun | nguni Dipati Jangrana | gih pun Jaka Tangkêban punika maksih | ran Ngabèi Jangrana ||

18. rêmbagipun Jangrana Ngabèi | mêngsah kêkalih sami bubuhan | Kumpêni lan Madurane | Jangrana rêmbagipun | paran iki anak dipati | yèn tuwan bubuhana | lan Kumpêni mungsuh | yèn wontên ungguling aprang | bêdhah ngloji apa saisine loji | reyang dhewe duwea ||

19. pakênira aja melik-melik | lamun reyang sira bubuhana | mungsuh lan wong Madurane | lamun pinarêng unggul | reyang jaluk nagri sapalih | ing loji parêng mara | reyang soroh amuk | lan sanak para sadaya | aja cincing têlês wong mungsuh Kumpêni | dipun anêdya pêjah ||

20. Adipati Cêbolang tan angling | durung jawa wuwuse kang tuwa | ing ayuda prajanjine | sagung prajuritipun | samya ngêpal raosing galih | dene ta ingkang tuwa | Jangrana puniku | duk rare Jaka Tangkêban | sadurunge rabi wus dadya prajurit | prawira widigdaya ||

21. mila gêmpal tyase kang prajurit | dadi Jangrana Jaka Tangkêban | durung kapenak [kape...]

--- 40 ---

[...nak] atine | sapa pangiridipun | ing ayuda manggalèng jurit | kang têtela prawira | ambêk sura nêmpuh | Jangrana Jaka Tangkêban | wadya bênthèt prajurit i[7] Surawèsthi | nir cakut ing ayuda ||

22. nuntên Koja prapta ing Japani | lajêng bubar baris Surabaya | sarêng Madura angsahe | lawan Kumpêni mukul | wismanira Sang Adipati | Cêbolang wus kancikan | kang pinacak sampun | tumênggung kêkalih mangkya | narubakên suyud wadya Surawèsthi | Cêbolang tulus ilang ||

23. langkung ngungun wau duk miyarsi | nênggih Susunan ing Kabanaran | alon wau timbalane | kalêbu tiwasipun | Si Dipati Cêbolang iki | durung tate mangun prang | atine ta cubluk | wusnya kang durung karuwan | dèn kukuhi gawe têkaburing ati | tan wande kasor ing prang ||

24. apa warnane nora abêcik | dene putune Jayapuspita | têka mêngkono têkone | kaya bèbèt wong buruh | maring donya têka nyakithing | lamun trahing prawira | donyane tan ketung | angrêbut dadine karya | liwat beda petunge dagang myang jurit | sarat wani kelangan ||

25. dutèng Surabaya dèn kasihi | pan samarga-marga tan kêna sah | ingandikan sabên rèrèn | gantya malih winuwus | Adipati ing Pranaragi | kang baris ing Bêrangkal | lan sakancanipun | bupati mônçanagara | ingkang pisah pan amung Madiun kalih | katiga ing Caruban ||

26. baris wontên nagrine [na...]

--- 41 ---

[...grine] pribadi | dene Susunan ing Kabanaran | kang têdhak ngalèr barise | badhe mukul Madiun | anèng Murong barisirèki | Tumênggung Jagaraga | seba wus anungkul | lajêng kinarya pangarsa | mantunipun ing Pangran Madiun nênggih | Madiun kasêpuhan ||

27. uwal saking tanah Sukawati | saha bala lir ardi pawaka | masanggrahan ing Carême | wau nagri Madiun | duk miyarsi yèn pinarpêki | mring Natèng Kabanaran | langkung susahipun | wong cilik gègèr busêkan | dene mêngsah balane kadi jaladri | Sang Natèng Kabanaran ||

28. sami baris lun-alunirèki | sèwu limang atus kang turôngga | pinêpak sagung wadyane | nanging tyasira kuwur | angantosi ing Pranaragi | yèn mogok andhepoka | ing Madiun anut | duk lagya sami rêmbagan | baris osik ana raja duta prapti | saking Natèng Banaran ||

29. mantri anom kaparak tinuding | Puspawijaya Purwawijaya | mandhi surat panantange | wontên duta sapuluh | datan mawi dharat satunggil | nêrak baris angidak | sarwi nguwuh-uwuh | êndi mantri kang prayoga | wong Madiun tutura gustinirèki | yèn ana duta prapta ||

30. mantri tanaya gupuh tur paksi | Patih Madiun kêkalih pisan | kang ngirid duta kalihe | wus praptèng alun-alun | wau Pangran Madiun kalih | mêthuk ing duta prapta | kalih wus atundhuk | têdhak sing kuda sang duta | ingaturan anèng pasowan [paso...]

--- 42 ---

[...wan] ing jawi | tata sami alênggah ||

31. Pangran Madiun sêpuh nampèni | sêratira Natèng Kabanaran | duk winaos bêbukane | hèh pèngêt layang ingsun | Jêng Sri Naranatèng Matawis | ngadhaton Kabanaran | kang surèng prang pupuh | kang sayêkti wus pratôndha | lamun darah Panêmbahan Senapati | prawira ing ayuda ||

32. lan dhawuha iya salam mami | mring Kakang Arya Mangkunagara | lan maring Sewaka kowe | kapindho lawan ingsun | iya ngantêp marang sirèki | tuwin maring Si Kakang | Mangkunagarèku | dèn padha ujar sapisan | ujudira kang sayêkti marang êndi | aja na ngamandaka ||

33. apa kudu mopo ta sirèki | nora ngeman kêkêratoningwang | dèn padha pasaja bae | dèn pasthi aja tanggung | bêcikana kuthanirèki | lêlarèn jêrokêna | nagara Madiun | datan nganggo larèn jagang | dèn abêcik dèn padha angungsi pati | payo sêmayan dina ||

34. lawan padha amilang prajurit | aja ana ingkang luwih kurang | payo aprang mapak bae | dêstun têmên wak ingsun | iya arsa kêramas gêtih | mati ngasmarèng laga | mungsuh wong Madiun | lan sira sun wèhi murah | lah apitên tandhing wong Pajang Matawis | lan wong môncanagara ||

35. ya Sewaka pikirên kang bêcik | lan Si Kakang Amangkunagara | karana sapisan kiye | tan kaya dhingin ingsun | iya kêna kok sêmayani | bala sandhung kewala | ya sira sun turut | ing samêne uwis nora |

--- 43 ---

babar pisan wus titi tamat kang tulis | kalihe duk miyarsa ||

36. andhêkukul sarwi brêbês mili | kadipundi gih punika anak | dene asangêt dukane | kula salaminipun | inggih sami nungkul ing batin | ing punika punapa | wontên kang wêwadul | duk sang nata nglurug marang | ing Pagêlèn Kêdhu lajêng mring pasisir | pintên ta laminira ||

37. wontên punapa ing Sukawati | kula jagongi saking kadohan | yèn kula priha rusake | abdine kang tut pungkur | yèn pinriha gêmpaling ati | ing wuri Sukawatya | yèn pinriha rusuh | lah dawêg dipun tutuha | dene mangke kula ajrih amangsuli | langkung sumanggèng karsa ||

38. kinarsakna tinumpês kang abdi | apan môngsa ta inggih sandea | yèn kêni-kênia mangke | pan ajrih darbe atur | yèn sagêda inggih cêmuwit | bok inggih dèn antosa | ing kantênanipun | Dipati Suradiningrat | lan kang Putra Dipati Mangkunagari | pan sawêg yun-ayunan ||

39. inggih dèrèng kantênan ing jurit | asor unggul yèn sampun kantênan | sayêkti kawula age | angaturi sang prabu | botên susah pinukul jurit | lajêng angadhatona | nagari Madiun | makatên tan angarsakna | ingkang abdi sumôngga ing pati urip | datan kenging suminggah ||

40. môngsa inggih gawêra wak mami | lamun Sang Nata ing Kabanaran | ngarsakna gêmpur tumpure | nagari ing Madiun | sampun botên [bo...]

--- 44 ---

[...tên] umatur malih | amung tur pêjah gêsang | kang abdi Madiun | duta nata mantri mudha | sigra pamit kalih wus nitih turanggi | lan turôngga sadasa ||

41. sêsandêran tan kawarnèng margi | praptèng Carême catur kang duta | salampah-lampahe kabèh | purwa wêkasanipun | botên purun ngangsuli tulis | amung atur kewala | ing caraka katur | sri bupati duk miyarsa | langkung kagyat animbali pra dipati | kanêm praptèng ngayunan ||

42. angandika alon sri bupati | marang Adipati Jayaningrat | lawan Mas Rôngga dhawuhe | besan kaya pa iku | wong Madiun nora ngangsuli | kapriye iku Rôngga | miwah pra tumênggung | Mas Rôngga matur tur sêmbah | kintênipun paduka nganyar-anyari | mawi ngantêp ing sêrat ||

43. pan wus lami dènnya canthèl batin | Islam ngindalah kapir ngindanas | makatên ing upamane | mila punika purun | ngolok-olok ing padukaji | gumujêng sri narendra | saha ngandikarum | iya apa mêngkonoa | yèn mêngkono payo budhal marêpêki | sanadyan ngantènana ||

44. aja adoh Madiun nagari | sun makuwon ing Kincangkinandhang | sigra ngundhangi balane | enjing budhal gumuruh | Jagaraga prapta salatri | enjinge nulya budhal | antara sadalu | prapta nèng Kincangkinandhang | masanggrahan wau sira sri bupati | wadyagung pamondhokan ||

45. arang-arang tarataban radin | lèpèn agêng wuri lan keringan |

--- 45 ---

jêmbar rata pasitène | angreka alun-alun | pinggir kali panggènan masjid | tampar duk salandhean | kinubêngkên sampun | amawi saka sakawan | pan samargi-margi kang pinôngka masjid | kêkêndhêng duk kewala ||

46. iya lamun makuwon wanadri | lamun makuwon amanggih wisma | yêkti wisma masigite | suka ingkang wadyagung | murah banyu amurah sari | tan ana kang karang la | pacangkraman agung | yèn ari Sêtu awatang | pan angiras gêladhi gêlaring jurit | prang dharat prang turôngga ||

78. Adipati Suradiningrat ing Pranaraga mêpak bala badhe mapagakên perangipun Pangeran Mangkunagara

47. kunêng sakala sri narapati | kang makuwon ing Kincangkinandhang | ingkang winursita manèh | ingkang mêdal ing kidul | Adipati Mangkunagari | wus anjog Kamagêtan | bupatine suwung | kinèndêlan tigang dina | sami nungkul para mantri kathah prapti | wuwusên Sang Dipatya ||

48. Suradiningrat ing Pranaragi | sakancane wong môncanagara | angalih pabarisane | ngalèr mring Kali Dêmung | dene mêngsahira ngidêri | Pangran Mangkunagara | Pamagêtan rawuh | prajurit môncanagara | ginunggunga wontên salêksa turanggi | lan kathah pra dipatya ||

49. pakuwone sawetaning Kali | Dêmung anggabag yèn tiningalan |

--- 46 ---

pakumpulan bupatine | rêmbagira amêthuk | angukuhi ingantêp jurit | ature têlikira | kêdhik mungsuhipun | Pangeran Mangkunagara | nora luwih sèwu nêmatus turanggi | arang prajurit dharat ||

50. wus rineka gêlare ngajurit | kang pinatah anèng kiwanira | Ngrawa Surakusumane | Surajaya puniku | ing Kalangbrèt kanthinirèki | Ngabèi Wiramêja | lan Sarêngatipun | Ngabèi Surawijaya | Ki Ngabèi Sêtrapati ing Kadhiri | dadya pangawat kanan ||

51. Wirasaba ing Japan kinanthi | Sumayuda Japan Têpasana | miwah Patrasuta Pace | Ngêblêg Wiramêjèku | kang dhadhani sang adipati | akanthi ing Kaduwang | lawan para sunu | ing Pranaraga akathah | pitung dasa kang sami amawat kardi | kathah mantri santana ||

52. langkung kathah wong môncanagari | sami amêmpêng kuwanènira | lan amuwah panganggone | akathah adol sanggup | wau ingkang winuwus malih | Pangeran Adipatya | Mangkunagarèku | kang abaris Pamalêtan | duk miyarsa baris ing môncanagari | ngalèr pamêthukira ||

53. lèpèn Dêmung badhene nadhahi | ngantêp yuda wong môncanagara | Pangran Mangkunagarane | miyarsa sigra wau | angundhangi bala prajurit

| budhal saking Magêtan | pan arsa umagut | prange wong môncanagara | baris prapta mapag sakilèning kali | kèndêl ngantosi wuntat ||

112. Pangkur

1. pangeran anata gêlar | kang

--- 47 ---

kinarya nênggih pangawat kering | kang rayi sawadyanipun | Pangran Mangkudiningrat | pangawat kang têngên wau kang tinuduh | Tumênggung Kudanawarsa | lawan sagung mantri jawi ||

2. Pangeran Mangkunagara | andhadhani lan sawadya jro sami | saragni abang nèng ngayun | panumbake prangtandang | saragni rêng maranggo[8] panumbakipun | lan saragni polèng miwah | panumbakipun wong Bugis ||

3. mantri jro lan kawan dasa | munggèng ngarsa pinangku datan têbih | wus samya dulu-dinulu | baris wetan anggabag | yèn sinawang sayêkti tikêl sapuluh | akèh wong môncanagara | balane pangeran kêdhik ||

4. wontên mantri jro satunggal | nging Walônda Ônggaima namèki | têka anandêr sumêmprung | nora nganggo parentah | wong saragni kêkalih polèng anusul | lan panumbak pêrangtandang | inggih anusul kêkalih ||

5. dadya turôngga lêlima | kadêngangan Ônggaima rumiyin | kapriye Ônggaimèku | maring di si kaparat | apa magut padha nêngna dhingin iku | Ki Ngabèi Ônggaima | panandêre nêrak baris ||

6. samya dinulu kewala | ting gudandap wadya môncanagari | ting karoyag barisipun | pangeran angandika | tulungana Si Ônggaima angamuk | sigra tambur bèri giyak | prajurit anabrang kali ||

7. sarênge Ki Ônggaima | wong saragni polèng sami ambêdhil | Ki Ônggaima angamuk |

--- 48 ---

dhadhal kang baris dhadha | kanan kering pangawate kawur-kawur | Tumênggung Kudanawarsa | sawadya nunjang ing keri ||

8. Pangeran Mangkudiningrat | sami mangsah mantrine nunjang wani | kalulun kang baris agung | ora ana kang aprang | kadi guntur swarane bala lumayu | malêdug kadya prahara | tan ana kang tahan jurit ||

9. pangeran gumujêng suka | ana paran mangkene mungsuh iki | ya Si Ônggaima iku | apa katon salêksa | wong lêlima anunjang ewon malêdug | kang anusul ora uman | ing mungsuh wus padha gusis ||

10. samya bêbujung kewala | kawuwusa wau Sang Adipati | Suradiningrat lumayu | tinunjang ing akathah | turanggane anglumba kang nunggang runtuh | tibèng siti napas kumat | kasalêpêk kêmpis-kêmpis ||

11. sangsaya kèlês ing kathah | anakira lanang tuwa pribadi | Martamanggala ranipun | kèndêl ngadhêpi rama | apan dahat kawruhan lamun puniku | Dipati Suradiningrat | dipun nyana yèn wong cilik ||

12. sêtun mantri ya kewala | dene nora ana kang ngadhêp malih | liniwatan wong lumayu | miwah wong ngungsir samya | ingkang ngalor angetan miwah angidul | wong satus môncanagara | wong sapuluh kang balêdig ||

13. kuda sèwu wong bang wetan | mung wong sèkêt kang bujung angênginthil | parandene mawur-mawur | kuda pating balêsar | wonge ewon alêksan kawur katawur | malêdug saparan-paran | wau ta Sang

--- 49 ---

Adipati ||

14. Suradiningrat palastra | awit pêdhot napas tibèng turanggi | Kudanawarsa Tumênggung | panandêre kaliwat | ana tiba kalumah datanpa tatu | ingandhêgan tinakonan | sapa iki kang ngêmasi ||

15. sumaur kang tinakonan | gih pun bapa punika Adipati | ing Pranaraga pukulun | kula anake tuwa | sigra wuri balanira ki tumênggung | karsa angrampog kewala | Kudanawarsa ngukuhi ||

16. lah aja mêngkono padha | iki jago tan kêna dèn patèni | iki bapakane lampus | anake maksih gêsang | ing patine kalawan karsaning ratu | sira matèni tan kêna | sayêkti katura urip ||

17. Tumênggung Kudanawarsa | gya putusan thole sira dèn aglis | Jayasimpangan dèn gupuh | sira atur uninga | marang ing jêng pangeran yèn ika lampus | Dipati Suradiningrat | mati tiba tanpa kanin ||

18. awit napas kasalêpak | kang nunggoni anake lanang siji | Martamênggala kang sêpuh | mangke maksih tinêngga | inggih dhatêng ing pun kaki sawongipun | Tumênggung Kudanawarsa | Jayasimpangan nulyaglis ||

19. anyamêthi kudanira | nandêr mamprung tan adangu gya prapti | ing gène pangeran tundhuk | matur Jayasimpangan | lamun Adipati Pranagara lampus | botên kaprawasa ing prang | pêjahipun tanpa kanin ||

20. sigra wau duk miyarsa | Pangran Mangkunagara anyamêthi | turôngga sawadyanipun | mantri

--- 50 ---

jêro kalawan | mantri patang puluh panandêre rawuh | gène pêjah ki dipatya | pangeran angandikaris ||

21. hèh kaki Kudanawarsa | nora tatu Suradiningrat iki | êndi anake kang tunggu | ing bapa duk palastra | Ki Tumênggung Kudanawarsa umatur | inggih kang sêpuh punika | Martamanggala namèki ||

22. kuda sinaoskên ngarsa | pan pun kaki punika dèn titihi | wau kalane umagut | kore ran pun Pêsaja | wus pinundhut pangeran ngandika arum | lah iya Kudanawarsa | Si Martamanggala iki ||

23. gawanên dhingin mring kutha | dimèn aja rungok wong Pranaragi | yèn anak tuwa wus nungkul | lan uwis tinarima | dimèn têtêp wong cilik aja na kuwur | lawan Si Martamanggala | konên angumpulkên aglis ||

24. iya saduwèke padha | bapakane aja na ingkang kari | lawan sawong dalêmipun | sêlir miwah badhaya | gya Tumênggung Kudanawarsa wotsantun | anggawa Martamanggala | lajêng mring kitha rumiyin ||

25. ing wuri sigra pangeran | kinon mocok Utamôngga Dipati | wus kapocok murdanipun | klawan kang kalanangan | kinon nigas dene iku pêli ngamuk | nora anganggo ukara | jalêran tinigas aglis ||

26. wus dangu ing pêjahira | kang jalêran wus keris mêdal gêtih | kang angiris sami ngungun | kang kaprah wong wus pêjah | dèn kapakna nora mêtu gêtihipun | katur pangeran ngandika |

--- 51 ---

mati nguntal upas iki ||

27. lah cangkême wêngakêna | lêbokêna kalanangan sapalih | nuli ingkêmêna iku | angêmut kang lanangan | wadhahana kukusan gawanên gupuh | barisan Kincangkinandhang | aturna ing rama aji ||

28. Mantri Magêtan milua | têkakêna iya ing dina ngenjing | pan iki wus pukul têlu | bêngia alêlakua | lah cangkingên luhur kuda sirahipun | wong akèh padha gantia | amrih kêbating lumaris ||

29. carakatur sêmbah mêsat | dalu-dalu datan kèndêl lumaris | datan kawuwus ing ênu | prapta sakidul Kincang | sarêng êbyar kèndêl jawi barisipun | angantos wiyosing nata | pan luwaring branta kingkin ||

113. Asmaradana

1. enjing sang sri narapati | miyos tarub pasanggrahan | siniwi wadyanirandhèr | punggawa mantri prameya | aglar ing ngarsanira | wontên kang atêngga pintu | anjawil dhatêng Mas Rôngga ||

2. lamun caraka kang prapti | saking nagri Pranaraga | Pangran Mangkunagarane | Mas Rôngga mêdal sakala | lêbête ngirid duta | kalawan mustakanipun | Adipati Pranaraga ||

3. Mas Rôngga matur wotsari | putra paduka utusan | pan sampun unggul jurite | bêdhah nagri Pranaraga | bupatine katigas | punika mustakanipun | katur ing jêng padukendra ||

4. nulya mèsêm ngandikaris | sang nata têdhak nêm tindak | mara ungkabana age | pan ingsun arsa uninga | mring Si Suradiningrat | apa [a...]

--- 52 ---

[...pa] warnane kang lampus | sigra majêng pra dipatya ||

5. Tumênggung Janapurèki | Mas Rôngga lan Sindusastra | Jayèngrana sakawane | ingkang ngungkabi mastaka | jumênêng sri narendra | duk binukak sirahipun | lathi ngêmut kang lanangan ||

6. anjumbul kapat bupati | gumujêng latah sang nata | prasamya guguk gujênge | ya ta yèn bocah ngalunyat | iya Si Adipatya | Mangkunagara satuhu | sadaya kang sami seba ||

7. samya sinungan udani | gumujêng ambata rêbah | ambal-ambalan gujênge | sirah Dipati Panraga | angêmut kalanangan | carakanira dinangu | tingkah solahing ayuda ||

8. katur miwiti mêkasi | sang nata suka miyarsa | hèh duta nulaka age | matura ing gustinira | besuk tan wurung ingwang | ya mring Pranaraga iku | carakatur sêmbah mêsat ||

79. Sunan Kabanaran badhe rawuh dhateng Pranaraga

9. sang nata sigra ngundhangi | ing bala badhe budhalan | ing dalu tan kapiraos | enjinge têngara budhal | saking Kincangkinandhang | manjing nagari Madiun | wus suwung bupatinira ||

10. nanging sampun balang tulis | wong Madiun mring Mas Rôngga | mila tinilar prajane | wau lampahe sang nata | tan adangu praptanya | manjing nagari Madiun | sri narendra saha bala ||

--- 53 ---

11. masanggrahan wontên kali | tan arsa angênggènana | ing wismane bupatine | wismane mantri kewala | prapta pukul sawêlas | pukul lima praptanipun | bupatine gènya seba ||

12. sang nata siniwèng dasih | punggawa mantrinira glar | prajurit sumiwi kabèh | Mas Rôngga Wirasêtika | Dipati Jayaningrat | ngirid bupati kang nungkul | ing Madiun kalih pisan ||

13. prapta ing ngarsa narpati | sang nata gupuh ngandika | si kakang salamêt bae | iya Kang Mangkunagara | Si Adhi Martalaya | ngabêktia marang ingsun | mangsah gantya kalih pisan ||

14. sang nata ngandika aris | marang wau ingkang putra | Pangeran Dipati Anom | kulup mara ngabêktia | karo maring wakira | pangran adipati gupuh | bêkti nguwa kalih pisan ||

15. sang nata ngandika malih | ipeningsun ingkang pêjah | siji ika bagus dhewe | jênat Si Adhi Sudarma | ladak kaya layapan | Si Adhi Sewaka iku | asombro angula sawa ||

16. Kakang Mangkunagarèki | duk anome kaya Boma | wis tuwa kaya mangkono | dadak kaya Ôngganaya | gumêr para dipatya | kang pinoyok milu guguk | Madiun Mangkunagara ||

17. nata nata ngandika malih | kakang dika ngalih nama | sampun jumbuh lan namane | lan si kulup putra dika | ingkang tuwa ngalaha | hèh kakang dika jêjuluk | Pangeran Mangkudipura ||

18. hèh sakèhe

--- 54 ---

pra dipati | kabèh padha ngèstrènana | sami sandika ature | sang nata malih ngandika | kakang andika dandan | lan Adhi Martalayèku | sun gawa mring Pranaraga ||

19. ingsun budhal benjing enjing | kakang maring Pranaraga | sun arsa wêruh untabe | wadya Madiun sadaya | prajurit kang turôngga | jêngkar pakuwon sang prabu | wadya sami pamondhokan ||

20. ing dalu datan kawarni | enjing sang nata têngara | gong bèri tambur myang bêndhe | gumuruh swaraning bala | miranti sowang-sowang | ngrasuk busana sang prabu | têdhak mijil ngara-ara ||

21. apan akarsa udani | wau Sri Nata Banaran | wadya ing Madiun kabèh | sampun sami akêkirab | aglar ing ara-ara | ngundhangi wadya sang prabu | sagunging kawulaningwang ||

22. mirea anganan ngering | miwah ing wuri kewala | wong Madiun ngarsa kabèh | cinacah ingkang turôngga | pan kalih èwu dhomas | dharat wontên kawan èwu | angêbêki ara-ara ||

23. dharat kinèn mangsah sami | kinèn nèng wuri sadaya | turôngga anglela neje | kuda kalih èwu dhomas | kinèn mubêng ping tiga | ing ngarsanira sang prabu | abayak agêgolongan ||

24. angandika sri bupati | Rôngga dene ku wus tata | ing prang tan ana bobote | Mas Rôngga matur tur sêmbah | pan dèrèng kalêrêsan | kang angabên ing prangipun | ing rakit sampun prayoga ||

25. tiyang ing Pajang Matawis | nênggih kumpuling gêgaman |

--- 55 ---

ngantos samantên kathahe | lawan rakitipun tata | wagêde nitih kuda | kadia tiyang Madiun | têtiyang Pajang Mataram ||

26. gih môngsa angsala tandhing | angandika sri narendra | wong Pajang Mataram kiye | duk sinau nitih kuda | banjur ginawa aprang | paparentah sang aprabu | wong Madiun rumiyina ||

27. wadyaningsun kang nambungi | wadya ing jêro kewala | pra dipati wuri kabèh | kalawan bala Caruban | iku rongèwu dhomas | Madiun lumakèng ngayun | kang sumambung wurinira ||

28. wadya jro kaparak sami | kang turôngga sèwu dhomas | marwatagni busanane | punggawanira sang nata | lumampah kering kanan | kinarya rêmbêning laku | cangkrama saurut marga ||

29. amasanggrahan sawêngi | enjinge têngara budhal | pukul sawêlas praptane | ing nagari Pranaraga | Pangran Mangkunagara | amêthuk baris sêsiyung | alun-alun Pranaraga ||

30. kurmat drèl sagung prajurit | kang rama wus ingaturan | inggih lajêng angadhaton | wismane Suradiningrat | kang dadya pamondhokan | Pangran Mangkunagarèku | sawadya amingsêr ngetan ||

31. anèng kitha Kartasari | duk samana Pranaraga | kèbêkan ing wadya katong | mangkana enjing sineba | Sang Natèng Kabanaran | kang wadya aglar supênuh | punggawa santana putra ||

32. Pangran Mangkunagarèki | angirid kang pra dipatya | wadya kang anungkul kabèh | pranakaning Pranaraga |

--- 56 ---

sinaoskên kang rama | kang wus prapta sadayèku | anaking Suradiningrat ||

33. tiga likur kang wus prapti | akathah kang dèrèng prapta | pinupus sampun bêgjane | mung sawontêning binêkta | katur ing rama nata | wus katur kang têlu likur | dinangu namane samya ||

34. kang sêpuh namanirèki | Rahadèn Martamanggala | Suradipraja arane | Rahadèn Cakranagara | Radèn Purbakusuma | Radèn Purwakusumèku | Rahadèn Bratakusuma ||

35. Rahadèn Suralayèki | lan Radèn Natadiwirya | Radèn Suradiwiryane | miwah Radèn Suradirja | Radèn Suradipura | Radèn Surawijayèku | miwah Radèn Bratadirja ||

36. nging wau sri narapati | kang pinilih mung sakawan | anak lanang tuwa dhewe | Rahadèn Suramanggala | lan ari kang wus nama | sinungan Surabratèku | wus dadi anèng Gaduwang ||

37. namane Surabratèki | pinaringkên kakangira | Martamanggala ing mangke | pinacak bupati tuwa | pinacak sinung lênggah | Pranaraga tigang èwu | kalawan jêjulukira ||

38. radèn tumênggung namèki | Surabrata arinira | Suradipraja namane | sinung kalih èwu lênggah | lan pinacak punggawa | anama radèn tumênggung | anênggih Suradipraja ||

39. wontên arinipun malih | kamantu marang kang paman | Radèn Natakusumane | ran Radèn Cakranagara | wus pinacak punggawa | sinungan nama tumênggung | Dyan Tumênggung Natabrata ||

40. kalih èwu lênggah sami | kang kalih èwu kalihnya |

--- 57 ---

nênggih kang ginanjarake | mring Pangeran Pakuningrat | dene Radèn Kaduwang | têtêp kabupatènipun | namung ingalih namanya ||

41. Kaduwang namanirèki | Tumênggung Bratawijaya | wontên dene sakantune | kang sangang èwu kewala | pinacakan punggawa | kang têtiga ngalih èwu | kang tigang èwu satunggal ||

42. anak kang tuwa pribadi | sinung nama Surabrata | kang tigang èwu lênggahe | ingkang kantun kawan nambang | inggih kinon marucah | pan antuk putra rongpuluh | wong sijine karo bêlah ||

43. prasamya kinarya mantri | dene ta pakaryanira | tinunggil lawan kadange | wong rongpuluh pinartiga | kang kalih ngênêm samya | ingkang satunggil mawolu | ginadhuhan mantri kadang ||

44. Tumênggung Surabratèki | ingkang wolu mantri kadang | prasamya agêng lungguhe | pranakan ing Pranaraga | yèn miyos watang samya | wong Pranaraga rongpuluh | kang kinèn wiwit nyandêra ||

45. tan kêna dipun sêlani | sang nata suka umiyat | pranakan Pranaragane | abagus-bagus warata | sami sagêd ing kuda | langkung sukanira dulu | ing tanaya Pranaraga ||

46. badhene samya kinanthi | ing karsanira sang nata | manawa mêtu gawene | dene wangune naracak | bagus-bagus agagah | sang nata langkung piayun | mulat Pranaraga putra ||

--- 58 ---

80. Pêpêrangan ing Kêdhu, Radèn Mangkuwijaya tuwin Radèn Tumênggung Jayadirja sami nêmahi tiwas mêngsah kalihan Kumpêni

47. gantya kawuwusa malih | Dêlèr Nagari Samarang | miyarsa lamun lakune | Jêng Sinuhun Kabanaran | èstu budhal mangetan | apan arsa atêtulung | yudane wong Surabaya ||

48. gugup abantu ing jurit | ing Kêdhu kinèn angrupak | mupung sêpên narpatine | Sakèbêr pan dêr Pul mulat | kathah bêbantunira | pasisir para tumênggung | kilèn Samarang kewala ||

49. Mayor Pèbêr senapati | pan anglarug barisira | anjujug Trayêm barise | mêngsahe kang liniwatan | Sakèbêr ciptanira | tan tolih mungsuh nèng pungkur | mung nyandhaka wong Mataram ||

50. Ki Tumênggung Rajaniti | Tumênggung Surajênggala | mung enggala parêk bae | Pangeran Adiwijaya | gubêd sa-Kilènpraga | punggawa kang wontên Kêdhu | sadaya sami kawuntat ||

114. Pangkur

1. Dipati Suryanagara | Wiradigda Môndaraka anunggil | Pangran Natakusumèku | baris nèng Têpasaran | Ki Tumênggung Jayadirja barisipun | nèng Mênggora kanthinira | putra Mangkuprajan kalih ||

2. Rahadèn Mangkuwijaya | miwah Mangkudiwirya kang anunggil | Jagalatan Singaranu |

--- 59 ---

kang sami nèng Mênggora | Radèn Suryanagara sakancanipun | sami anglarag mangetan | mukul Kumpêni prang Pingit ||

3. pan dar Pol kalawan Kulman | Jayadirja pinukul barisnèki | arame dènira campuh | Radèn Mangkuwijaya | kênèng mimis pilingane lajêng lampus | matur kang munggèng pangawat | Ki Tumêggung Jadirja glis ||

4. wontên kang atur uninga | Radèn Mangkuwijaya angêmasi | Ki Tumênggung mangsah ngamuk | ngrêbat kunarpanira | nênggih Radèn Mangkuwijaya kang lampus | manawi sêlak tinigas | murdane marang Kumpêni ||

5. Ki Tumênggung Jayadirja | pangamuke kotbuta ngowak-awik | wus pinarêng takdiripun | duk ingêdrèl sapisan | Ki Tumênggung wêntisira ingkang tatu | cape tiba saking kuda | kang pra santana ngalingi ||

6. binayang ngunggahkên kuda | ki tumênggung tan arsa nèng turanggi | sugal rêkasa amuwus | hèh sanak-sanakingwang | ingsun iki ya aja ginawa mundur | balik ingsun uworêna | lan pulunane sang aji ||

7. Rahadèn Mangkuwijaya | dudu uwong ingsun tinggala urip | ing mêngko yèn ingsun lampus | iya sakarêpira | kunarpane Radèn Mangkuwijayèku | yèn tan karêbut ing sira | pan iya kunarpa mami ||

8. aja kudu sira gawa | duk puniku Kumpêni anututi | angêdrèli angarubut | Tumênggung Jayadirja | bisa ngadêg sakêdhap saking gêng nêpsu | pan sarwi anyandhak watang | lajêng karungkêb [karung...]

--- 60 ---

[...kêb] ngêmasi ||

9. santanane kalih dasa | samya ngamuk lawan kancane mantri | panumping wontên sapuluh | wuru pangamukira | mungsuh giwar Kumpêni wontên sapuluh | lan Bugis Bali pitulas | uwal sakala kang jurit ||

10. Rahadèn Mangkuwijaya | kunarpane winot anèng turanggi | Tumênggung Jayadirjèku | kunarpa dinandanan | nulya prapta Ki Tumênggung Singaranu | kalawan Jagaulatan | magut mungsuh kang balèni ||

11. dadya kang dandan kunarpa | angsal bamban nora angiras jurit | landhean tumbak sapuluh | karya mikul kunarpa | tinalenan cindhe kewala têtêlu | wus têbih ing lampahira | wus sapih ingkang ajurit ||

12. pan dar Pol kalawan Kulman | dalu-dalu sinêrot lampahnèki | praptanira têngah dalu | baris Tarayêm nulya | panggih lawan Mayor Sakèbêr puniku | yèn untung gènira aprang | antuk punggawa kêkalih ||

13. siji punggawa satriya | Radèn Mangkuwijaya kang ngêmasi | apan pêpulunanipun | mring Natèng Kabanaran | kang satunggil andêl bupati gêgêdhug | Ki Tumênggung Jayadirja | prajurit ing Sukawati ||

14. Sakèbêr sigra nênurat | dalu-dalu utusan mring Samawis | kalamun ngantia esuk | sayêkti mungsuh kathah | Adipati Suryanagara puniku | angamuk kancane pêjah | sira tan olèh lumaris ||

15. enjing Singaranu lawan | Jagalatan sami atur upaksi | maring senapatinipun | kang baris Têpasaran |

--- 61 ---

Adipati Suryanagara angrungu | tiwas Tumênggung Jadirja | Radèn Mangkuwijayèki ||

16. langkung ngungun krodhanira | sigra nitir têngara sri bupati | Suryanagara umagut | gitik baris Mênggora | sigra budhal wontên dasih kang umatur | Kumpêni samênangira | sami lorod tinggal baris ||

17. angumpul Tarayêm samya | kadi taha ing sampeyan puniki | manawi enjinge ngamuk | wau sang adipatya | duk miyarsa menggok ngetan barisipun | baris Kumpêni kang ana | ing Pingit arsa ginitik ||

18. lan Tumênggung Mangkuyuda | duk miyarsa ingkang baris ing Pingit | Kumpêni mungsuhnya rawuh | Radèn Suryanagara | sigra nambur wus rakit sigra acampuh | Dipati Suryanagara | angamuk sawadyanèki ||

19. kuwur Kumpêni anggiwar | kapalajêng wangsul Bahwara malih | Radèn Suryanagarèku | ngêbroki barisira | anèng Pingit pan arsa magut mangidul | Tarayêm arsa ginêcak | kancane kang pra dipati ||

20. sami gendholi sadaya | luwung inggih kèndêla ki dipati | awrat Sakèbêr puniku | lan malihe sampeyan | dèrèng atur uninga marang sang prabu | kang wontên ing Pranaraga | kalih pêjahing ajurit ||

21. pêjahe raka paduka | sami-sami bupati gêng pribadi | inggih sintên timbangipun | Rôngga Wirasêtika | Jayadirja katri paduka pukulun | sami andêling ayuda | gêgêdhuging pra dipati ||

22. Dipati Suryanagara |

--- 62 ---

pirêmbagan mring sagung pra dipati | yèn makatên dawêg mundur | wangsul mring Têpasaran | pan ing ngriki adhakan margining mungsuh | bêbanton saking Samarang | wus rêmbug budhal kang baris ||

23. wangsul sa-Kilènpêraga | Têpasaran pabarisane lami | apikir ingkang ingutus | dhatêng mring Pranaraga | sarat ingkang mila prang bilih dinangu | kancane mantri têtiga | panumping ingkang tinuding ||

24. srat dadya sigra lumampah | kunêng wau gantya ingkang winarni | Sakèbêr carakanipun | wus prapta ing Samarang | sêrat katur marang Yan Baron Hondhorup | prange pan dar Pol lan Kulman | antuk punggawa kêkalih ||

25. satunggil Mangkuwijaya | lan Tumênggung Jayadirja ngêmasi | dêlèr suka manahipun | sukane ingkang manah | Jayadirja Bupati andêl gêgêdhug | marase bok winangsulan | dene andêle ngêmasi ||

26. dadya dêlèr karya gêlar | angundhangi bala kang pra dipati | pasisir samya akumpul | budhal arsa magut prang | ingkang marang Pranaraga kang jinujug | karya loking kalairan | batin aja dèn balèni ||

27. ing patine Jayadirja | dene andêl bupati tur kêkasih | mila rewa-rewa jujul | kèndêl anèng Barangkal | karya surat lawan angrukti kêkintun | lawan arsa ngaturêna | bupati kabandhang nguni ||

28. Tumênggung Jayawinata | duk prang Lengkong iku kacandhak urip | mring Sakèbêr ingkang antuk | wus lami nèng Samarang |

--- 63 ---

kang dinuta nênggih Pangran Adilangu | akathah kêkintunira | sangkêlat baludru karbin ||

29. lan kursi kang sakêmbaran | wus winêkas wau Pangeran Wijil | kinanthèn pêpatihipun | Adipati Samarang | Dêmang Jagayuda kang ajaga jagul | idêlèr wêwêlingira | kathah mring Pangeran Wijil ||

30. wus mangkat saking Barangkal | ngidul ngetan ing Warung kang dèn jogi | wontên kuda têlung puluh | dharate pitung dasa | tan kawarna ing marga praptèng Madiun | suwêng lajêng lampahira | mring nagari Pranaragi ||

31. anjujug Pangeran Rôngga | Ngadilangu mondhok salèring masjid | kang rayi lajêng rinangkul | angling Pangeran Rôngga | dika adhi marang dêlèr dipun utus | mangke lamun mari sayah | kula adhi tuduh margi ||

32. kula gawani kengkenan | dika jujug Jayapuspita Adhi | lurah mantri jro puniku | lajêng katur ing lampah | pasthi enjing pun adhi ing lêbêtipun | Pangeran Mangkunagara | kang angirid ngusap wèni ||

115. Sinom

1. sampun sira mari sayah | sinugata wusnya bukti | dhatêng Kamangkunagaran | caraka Dêlèr Samawis | sapraptanira panggih | Pangran Wijil Ngadilangu | pangeran angandika | inggih paman benjing enjing | kula bêkta sowan ing raka paduka ||

2. sampun tanggêl ing punika | paman anjujuga enjing | inggih pasowan kewala | wus pamit makuwon malih | pangeran tur upaksi | duta idlèr praptanipun | kang rayi kang dinuta | Ngadilangu Pangran [Pangra...]

--- 64 ---

[...n] Wijil | ingundhangan wadyagung enjing pêpêkan ||

3. manggihi caraka prapta | kang saking Gupnur Samawis | ing dalu tan winursita | enjinge aglar tinangkil | sagung mantri bupati | sarwi ngandikan lumêbu | sang nata têdhak marang | pandhapa manggihi tami | kerid marang Pangeran Mangkunagara ||

4. praptanira ing ngajêngan | asru ngandika narpati | adhi ing ngriki kewala | dawêg sêsalaman adhi | dika minggah ing nginggil | Pangran Wijil nêmbah maju | sawusnya sêsalaman | cinandhak astanirèki | sampun mundur adhi ing ngriki kewala ||

5. binêkta lênggah satata | ya ta wau Pangran Wijil | sigra ngaturakên surat | kang saking Dêlèr Samawis | tinampan tinupèksi | bêbuka tur tabenipun | ingkang akathah-kathah | katura paduka aji | wiyosipun pun dêlèr nuwun ngapura ||

6. sakathahe kalêpatan | pratingkah kang wus kawingking | mantuka inggih duk kadya | tuwan paduka rumiyin | kala amba badheni | ing tuwan amrih pakantuk | dhatêng raka paduka | swargi jêng sri narapati | tuwin dhatêng komisaris sami uga ||

7. sampun lami kalampahan | sudara dipun paringi | tigang èwu Sukawatya | nuntên wontên kang nyêlani | praptane jendral nguni | pun Wilêm Baron pan Emub | kêni ing wêwadulan | kula tinambuh prakawis | tuwan darmi têgêse tibèng kawula ||

8. nging wontên atur kawula | sudara kirang ngyaktèni | tan angantos tur kawula | mangke Jendral sampun [sa...]

--- 65 ---

[...mpun] mati | Jakup Musêl kang dadi | têlase sataunipun | tampine kang pangwasa | ing mangke kula aturi | antukêna kapênêdan kina-kina ||

9. suwawi apêpikiran | mrih mulyaning bumi-bumi | yèn tuwan maksih ngarsakna | ing karsa kula puniki | risaking tanah Jawi | sayêkti kabanjur-banjur | sintên ingkang kecalan | liya paduka lan malih | Putra Tuwan Sang Prabu ing Surakarta ||

10. Kumpêni darmi kewala | panêdha kawula mangkin | sudara mugi èngêta | katêmpahing tanah Jawi | mangkya sêpuh pribadi | lawan kaping kalihipun | punang punggawa Tuwan | Tumênggung Jawinatèki | duk prang Lengkong inggih kang kacandhak gêsang ||

11. pun Sakèbêr ingkang angsal | ingaturkên mring Samawis | Tumênggung Jayawinata | pan inggih kula pênêdi | botên manggih pisakit | manggih kabaikan agung | ing mangke pan katura | dhatêng ing paduka malih | abdi dalêm Tumênggung Jayawinata ||

12. lawan sagunging pratôndha | sih-sinihan sami-sami | tan supe salaminira | wus cinacah kang pakirim | kathah awarni-warni | tinampan sadayanipun | Jawinata ngandikan | sapraptanira ngabêkti | ngaras pada ginagujêng warnanira ||

13. dene sampun ngalih warna | kadi paranakan Bugis | mundur ngujungi Pangeran | Dipati Mangkunagari | nulya mring bapanèki | bapakira sênggruk-sênggruk | Dipati Jayaningrat | ngandika sri narapati | Jawinata kêrasan anèng Samarang ||

14. sang nata [na...]

--- 66 ---

[...ta] alon ngandika | marang ing Pangeran Wijil | adhi kang muni ing layang | idêlèr arsa pêpanggih | lawan kangên ing mami | sun undanga mring Madiun | iya nurut kewala | sanadyan mring Pranaragi | sakarsèngong adhi anurut kewala ||

15. nanging adhi kayaparan | iya awak ingsun iki | lagyewuh ana ngamônca | durung kolur ing tyas mami | ya pirabara benjing | yèn misih padha rahayu | sayêkti wèh wangsulan | nanging dika wruha adhi | salawase si dêlèr iki rumôngsa ||

16. yèn ingsun nêdya alawas | nèng tanah môncanagari | sayêktine ingsun undang | ingsun nêdya nora lami | yèn wus sampurnèng jurit | mulih mring Mataram ingsun | Tumênggung Sindusastra | wus kinèn akarya tulis | angsul-angsul kang saking Dêlèr Samarang ||

17. Pangran Wijil tigang dina | kalawan ing tigang ratri | kalangkung sinungga-sungga | nèng nagari Pranaragi | sêrate dèn angsuli | paring sapi têlung puluh | pêdhète kang sadasa | lan susuh salawe kati | patang pikul kang warni dhèndhèng manjangan ||

18. lawan turôngga satunggal | wêton Magêtan gêng inggil | ulês dhawuk megatara | wus pamit Pangeran Wijil | kang srat wus dèn tampèni | angsul-angsul lan pakintun | enjing mangkat Pangeran | Ngadilangu Pangran Wijil | tanggal pisan Bêsar saking Pranaraga ||

--- 67 ---

81. Para Adipati ing bang wetan sami sowan Sunan Kabanaran wonten ing Pranaragi

19. saungkurirèng caraka | prapta ingkang pra dipati | bang wetan sumiwèng nata | Kalangbrèt Kartasanèki | Nganjuk Pace Ngrawèki | Sarêngat Balitaripun | ing Japan Wirasaba | miwah Dipati Kadhiri | samya jujug Pangeran Mangkunagara ||

20. sinebakakên sadaya | sagung ingkang pra dipati | sadaya wus tinarima | dinangu kapalanèki | ginunggung sadayèki | pan salêksa kalih èwu | lan satus pitung dasa | ingkang dhinapur prajurit | pan kajawi kuda kang dadi wowotan ||

21. nata nimbali bunira | kang anèng ing Sukawati | praptane antuk rong dina | nuntên garêbêgan nênggih | Bêsar langkung gêngnèki | barising garêbêgipun | sang nata adhadharan | miyos ing paseban jawi | animbali santana bupati putra ||

22. bakdane garêbêg Bêsar | sang nata anarimani | sakawan kang pra dipatya | Pangeran Madiun nênggih | pinaringan kang bibi | Ratu Mamênang puniku | malih kang pinaringan | Sêtrapati ing Kadhiri | Rêtnawati kang kinarya pêparingan ||

23. kalawan ingalih nama | Sêtra ing Kadhiri iki | Ki Tumênggung Katawêngan | ing Rawa Kartayudèki | pinaring Selawati | ing Sarêngat Bok Kapundhung | sampun sami aningkah |

--- 68 ---

Ratu Mamênang wus panggih | lan Pangeran Madiun Mangkunagara ||

24. duk samana langkung arja | nagari ing Pranaragi | kanggenan Natèng Banaran | siniwi ing pra dipati | sagung môncanagari | mangkana ingkang winuwus | Pangran Mangkunagara | ngaturkên jarahannèki | satilare Dipati Suradiningrat ||

25. sawêg prapta ing utusan | saking pangilèning wukir | bêrana miwah boyongan | badhaya sarancak sami | kalih ambêbakali | ingkang wus dadi salaju | katur marang kang rama | pangeran ngêndhak kêkalih | èndhèl lawan pambatak ingkang dèn êndhak ||

26. pambatak ingkang dèn êndhak | anama Ismayawati | Marionêng èndhèlira | kang rama pan ragi runtik | iya tatane ngêndi | wong kinongkon têka rusuh | dèn jak angrata jagat | têtêkone nora bêcik | karangsangan kaya ambêg wong urakan ||

27. wong kinèn bêdhah nagara | apa saisine nênggih | sayêkti katur sadaya | lamun ana dèn sênêngi | enggal barang kinapti | môngsa kadadaka luput | mêngkono ingkang jamak | nora murang tata titi | nasak-nasak amurang nagara krama ||

28. wus pinundhut kalih pisan | èstu duka kang ramaji | pangeran langkung katêbah | kang rayi ingkang tinuding | aturna ing ramaji | tan kudu kanggonan ingsun | ngong tohi karingêt rah | ambêdhah ing Pranaragi | nora katon samene sariraningwang ||

--- 69 ---

29. nuli plêk tan purun seba | ing Sêtu lan Sênèn Kêmis | sang nata tan angandika | maksih miyos Sênèn Kêmis | dèrèng nyana sang aji | yèn kang putra rêntêngipun | tan ana tur uninga | yèn kang putra agung brangti | duk miyarsa saking pawèstrèn sang nata ||

30. ingkang putra tinimbalan | ratu bêndara wus prapti | ing ngarsanira kang rama | ngandika sri narapati | iya kangmasmu iki | têka nora seba mutung | lah iya sumakehan | prajurit prawirèng bumi | têtêkone kaya wus angrata jagad ||

31. kang putra matur tur sêmbah | putra tuwan sangêt kingkin | yèn dalu tan antuk nendra | yèn siyang tan antuk bukti | kang rama ngandikaris | wong ugungan kumalungkung | kaya wong nora kalah | karo sapadhaning janmi | dene agung kapalayu bakakrakan ||

32. yèn aja ana kang tuwa | môngsa gagapa basuki | mati pinênthung wong desa | wong mono yèn duwe pikir | kang kaprah lawan mami | kaya putra Nabi Dawud | iya gawanên rara | èndhèl iku kang sawiji | ingkang putra antuke kalangkung suka ||

33. praptane pakuwonira | èndhèle katur satunggil | wontên lêganing kang manah | Pangran Mangkunagarèki | pêndhak enjinge malih | anujoni dina Sêtu | mêtu ing pawatangan | sarwi ambêkta Walandi | Ônggaima mèlu watang gêgundhulan ||

34. nganggo badhong agêgêlang | wong nyênyandêr dèn tumbaki | gumuyu kang sami mulat | kang rama runtik ing

--- 70 ---

batin | dudu panggenanèki | pawatangan lala lucu | nanging sinamun ing tyas | winawas datan katawis | runtikipun awor wuruning asmara ||

116. Asmaradana

1. sabubare watang sami | bupati akèh ngandikan | santana putra sakèhe | sang nata lajêng bujana | angiras pagunêman | mring kang putra ngandikarum | hèh kulup Mangkunagara ||

2. aprakara laku iki | sira sun tuduh muliha | maring Pajang Matarame | nging mêtua Garobogan | si dêlèr nèng Barangkal | manawa banjur mangidul | kulup sira angadhangana ||[9]

3. bupati môncanagari | saparo sira gawaa | têtêlu Pranaragane | Surabrata Natabrata | katri Suradipraja | Pranaraga milu ingsun | mung sing Adhi Pakuningrat ||

4. Madiun kang milu mami | Si Kakang Mangkudipura | Si Adhi Martalayane | iku kang milu ing sira | Kaduwang Kamagêtan | Jagaraga lan ing Warung | ing Sêsela ing Balora ||

5. jabakna nagari siji | Grobogan dadi wong Pajang | pamanmu Pugêr lungguhe | ing Warung lawan Sêsela | nagri loro ku iya | pamanmu Pugêr yèn jaluk | têka sira lilanana ||

6. dadi mung pitung bupati | têtêpe kang sira gawa | Pranaraga têlu dhewe | kapat Madiun kanoman | Magêtan Jagaraga | Balora kapitunipun | ing Kaduwang sèjèkêna ||

7. siji ku nunggala baris | kalawan pangarêpira | aja pisah sadinane | kang putra matur sandika | tan sagêd ngangsulana | kang rama [ra...]

--- 71 ---

[...ma] parentahipun | kalangkung saking prayoga ||

8. dinangu prajuritnèki | ingkang sami kêkapalan | liya prajurit dharate | pangeran alon turira | kalih èwu punika | bupati pitu puniku | lan pitung dasa sakawan ||

9. kawan èwu dharatnèki | sang nata malih ngandika | dene kang milu maring ngong | Si Caruban Kartasana | Pace Kalangbrèt Rawa | Sarêngat Balitaripun | Poro Ngantang lan ing Japan ||

10. Wirasaba lan Kadhiri | dene ta kulup Si Jipang | iku nora milu ring ngong | milu marang sira nora | wus sun karya ganjaran | kang dadi pawitanipun | pamanira Singasêkar ||

11. sêlang gumun ingsun iki | pamanira Prabu Jaka | duwe pawitan samono | wong wolung èwu Si Jipang | nora bisa anglembak | muthêk-muthêk ngalor ngidul | abêr têmên ing ayuda ||

12. Mas Rôngga nambung wotsari | pukulun rayi paduka | wingi prapta utusane | yèn sampun bêdhah ing Tuban | kalawan ing Lamongan | badhe anggêcak Sidayu | dêdamêle wus lumampah ||

13. Pangran Mangkunagarèki | nambungi lawan Mas Rôngga | Paman Rôngga satêmêne | iku katut dening sira | dudu ingkang kaskaya | dhewe Paman Singasantun | katut opyake wong kathah ||

14. padha ngrungu yèn kiyai | pinarak môncanagara | wong pasisir padha gègèr | lamun aja mangkonoa | môngsa bisaa mêlar | pira lawase ta iku | duk Kyai nèng Kabanaran ||

--- 72 ---

15. nora tuk sawah sakikil | muthêk-muthêk nora obah | nèng nagara Jipang bae | wus katon antêpe kurang | Paman Suryanagara | tobat akanthia iku | lamun prakara ing aprang ||

16. minyak-minyik mung anglirik | lamun dulu wêwadonan | gumêr punggawa gujênge | wus dadya ingkang pirêmbag | parentahe kang rama | anjoga ing Cêngkalsèwu | Ngrata Pathi Kudus Dêmak ||

17. wetane Nglasêm sirèki | aja milu-milu ngulah | ya karêpe bubuhane | pamanira Singasêkar | kang abot Surabaya | iku kang ngawaki ingsun | jajal wong môncanagara ||

82. Pangeran Mangkunagara kondur dhateng Mataram Sunan Kabanaran anglajengaken tindakipun badhe anggecak Surabaya

18. wus matêng ingkang prajanji | bubaran ingkang bujana | pêndhak enjing kang wiraos | Pangeran Mangkunagara | lan sagung pra dipatya | siyaga pamit sang prabu | ngujung kang para dipatya ||

19. budhal saking Pranaragi | parêng pitu likur Bêsar | kadya hèrnawa balane | wontên gangsal èwu kuda | dharat tanpa wilangan | anèng marga tigang dalu | rêrêb tanah Jagaraga ||

20. ing wuri budhal sang aji | tanggal pisan sasi Sura | sampun salin ing taun Je | liman sapta ngrasa tunggal |[10] pinetang

--- 73 ---

sangkalannya | sampun prapta ing Madiun | masanggrahan kawan dina ||

21. Pangran Mangkunagarèki | budhal saking Jagaraga | sadalu marga lampahe | praptanira Garobogan | panggih Sang Adipatya | Pugêr sami amêmangun | ing pikir ecaning lampah ||

22. dènira arsa masisir | Pangeran Mangkunagara | pinambêngan katanggêle | mangsane jawah punika | luhung benjing punika | yèn mêndha kang jawah wangsul | samangke luhung ngidula ||

23. anjampangi ing Matawis | kônca bupati punika | kang wontên Kêdhu Pagêlèn | sami sinupit ing mêngsah | dêlèr anèng Barangkal | saantuke mangsah bantu | mring Kêdhu Pagêlèn samya ||

24. tan adangu duta prapti | dutane Suryanagara | maring pangeran jujuge | lampahe atur uninga | tiwas kasambut ing prang | Tumênggung Jayadirjèku | lan Radèn Mangkuwijaya ||

25. Dipati Pugêr miyarsi | anjêtung astagpirollah | Pangran Mangkunagarane | wurung gènnya arsa dhahar | kapingungun sadaya | pangeran andikanipun | dèn age sira banjura ||

26. dutane Paman Dipati | Suryanagara nusula | mumpung kyai durung adoh | manawa kasêlak ngetan | gêcak ing Surabaya | Ki Dipati Pugêr matur | ing Pangran Mangkunagara ||

27. lidok tur kawula inggih | yèn paduka anuntêna | yêkti katiwasan gêdhe | pêjahipun Jayadirja | sêmpal baune kiwa | rama paduka sang

--- 74 ---

prabu | punapa dene sampeyan ||

28. caraka lajêng lumaris | Pangeran Mangkunagara | bêktani mantrine loro | angirid carakanira | Radèn Suryanagara | lajênga marang Madiun | ing wuri dadoskên rêmbag ||

29. Pangran Mangkunagarèki | kondura dhatêng Mataram | Dipati Pugêr badhene | marentahakên wong desa | kinèn karya rêratan | karyalok maring wong dhusun | lamun Natèng Kabanaran ||

30. wurung marang Surawèsthi | lampahe anikêl sêmat | anjog ing Dêmak badhene | karsa anggêcak Samarang | ngadu prajurit anyar | Pangran Mangkunagarèku | budhal saking Garobogan ||

31. angidul ngilèn lumaris | anjog dhusun ing Gagatan | kalangkung rêsah balane | samarga-marga angrayah | wong Sima wong Tinawan | nulya kang para tumênggung | kang têngga ing tanah Pajang ||

32. wus sami miyarsa warti | lamun gègère wong desa | wong brang lor angili kabèh | prasami ngumpul gêgaman | arsa mêthuk pangeran | anuwun parentahipun | Pangeran Mangkunagara ||

33. Brajadênta Brajamusthi | Tumênggung Surawijaya | miwah Suradigdayane | lawan Suramangunjaya | Tumênggung Dipadirja | sakidul Sima kapêthuk | kang pra dipati sadaya ||

34. kumrutug sami ngabêkti | wusnya tata sami lênggah | pangeran sru timbalane | kabèh sanak pra dipatya | padha apêpuliha | patine kancanirèku | paman Tumênggung Jadirja ||

--- 75 ---

35. iya loji Bayalali | iku apa nora kêna | iya kinarubut ngakèh | ature kang pra dipatya | anggèr kalangkung gawat | akathah mariyêmipun | botên kenging ginagampang ||

36. Pangran Mangkunagara ngling | payo padha pêpikiran | sun mondhok ing ngarêp kono | sigra sarêng bêbudhalan | kèndêl ing pasanggrahan | parentah ing pra tumênggung | sami kinon angrampida ||

37. nacak loji Bayalali | binanton môncanagara | bupati kapitu kabèh | tigang èwu kêkapalan | bupati tanah Pajang | kumpul kuda wontên sèwu | dadyagung grêgut nyarkara ||

117. Dhandhanggula

1. kang kinarya panganjuring jurit | sira Tumênggung Surawijaya | Tumênggung Dipadirjane | prapta surak gumuruh | wetan loji kiduling loji | miwah lèr baris Gabag | mung kang kilèn suwung | prajurit môncanagara | pêksa nêmpuh mariyêm sadaya muni | akèh turôngga kêna ||

2. samya giwar wong môncanagari | amangetan sami ingadhangan | mantri jêro jêjênênge | sakawan ngajak wangsul | wangsul ngilèn kang pra dipati | amor Bupati Pajang | anggênggêng ngêndhanu | bantu saking Surakarta | prapta dalu Kapitan Lowong tinuding | lan Alpèrès Salijah ||

3. kalih atus ingkang Bugis Bali | Jawa Mas Dêmang ing Surakarta | sami mêdal akêkèdhèr | nglalèdhèk tangkêpipun | upsir sami munggèng turanggi | lan para mantri jaba | wontên kuda satus | rame dènira [dè...]

--- 76 ---

[...nira] ayuda | yèn binujung panggiware nganan ngering | mariyêm loji munya ||

4. kadi guntur wantu-wantu muni | panggiware tan ana kang tahan | kang lèr sarêng pangangsêge | pinetar kawur-kawur | ingkang wetan angangsêg malih | dèn mariyêmi bubar | gumrubyug angêlun | dènira aprang sadina | tanpa wêkas pukul lima mundur sami | pra dipati sadaya ||

5. lajêng sowan ing ngarsanirèki | Pangran Dipati Mangkunagara | gumujêng myarsa ature | ingkang para tumênggung | lan ature mantri jro sami | kang anjênêngi yuda | sangsaya angguguk | wus datan kêna pinaksa | bêbidhungên wong desane kanan kering | ya padha rusakana ||

6. pan sadalu gunêm pra dipati | enjing pangeran sigra têngara | angidul ngetan budhale | sagung kang pra tumênggung | kinon wangsul barise sami | Pangran Mangkunagara | wus anjog ing Panggung | sadalu enjinge budhal | sapraptane Barija mung tigang latri | lajêng dhatêng Mataram ||

7. kunêng wau carakanirèki | nênggih Dipati Suryanagara | ing Madiun duk praptane | katur marang sang prabu | duk binuka suratirèki | lagya antuk satêngah | sang nata anjêtung | animbali pra dipatya | para mantri tuwin sagunging prajurit | prapta glar ngarsa nata ||

8. surat kinèn amaosa malih | marang Ki Tumênggung Sindusastra | wus prapta watês titine | patine Ki Tumênggung | Jayadirja sagung miyarsi |

gumêr pangungunira | kadyamin puniku | amine sidhêkah Ruwah | pangungune [pangu...]

--- 77 ---

[...ngune] wong kathah mijil ing lathi | nata dhawuh kang waspa ||

9. langkung rêntêng tyasira narpati | kadya wangsula ngilèn cinipta | sampun kaliwat rêmbuge | dènnya arsa têtêmu | lawan têdhaking Surapati | sumados sri narendra | benjang praptanipun | ing nagara Kartasana | sawêg sami ngumpulkên kadangirèki | ingkang wontên Lumajang ||

10. langkung ruwêt ing tyas sri bupati | datan antuk anadhah anendra | barusah bubrah galihe | katon sasolahipun | Ki Tumênggung Jayadirjèki | rewang duk abêbakal | wimbuh ing tyas kambuh | lami tan kêna sineba | sidhêkahe para kaji kinèn ngaji | ing sapandhuwurira ||

11. sampun lami mèh kapiran budi | wontên caraka saking bang wetan | Adipati Cêbolange | angirid praptanipun | anak putu ing Surapati | ing Kadhiri wus prapta | cacah anak putu | kang mungêl sajroning layang | pitung dasa putunira Surapati | kang mêdal anak gangsal ||

12. ing samangke ingkang ambantoni | anak Bêrahim Wiranagara | anak Lêmbu Lêborane | miwah ta anakipun | Tirtanata sami anunggil | anak Suradilaga | Surapatinipun | ngumpul ing Bêrahim suta | putranipun sakawan kang jalu nênggih | kang sêpuh namanira ||

13. Radèn Malayakusuma nênggih | kang umadêg anèng nagri Malang | kang dadi pangaubane | ing sagung sanakipun | arinira namanirèki | Radèn Suranagara | malih arinipun | Rahadèn Jayanagara |

--- 78 ---

ari malih agênge anglêliwati | wontên tigang manusa ||

14. Ki Mas Sênthong kalareyannèki | anama Radèn Tirtanagara | amung banthèng titihane | turôngga sagêngipun | tan kuwawi dipun titihi |

kadhang anitih cikar | mangkana sang prabu | kapencut sajroning sêrat | ing tyas aris lêjar pangungunirèki | mring Tumênggung Jadirja ||

15. budhal saking Madiun sang aji | balanira pan kadya samodra | Suryanagara dutane | wus pinaring sul-angsul | sarta kintun salawatnèki | lan ulês kinintunan | mori tigang kayuh | wangsule sarêng bubaran | sri narendra mring Ngêblag Kartasanèki | masanggrahan Caruban ||

83. Sunan Kabanaran masanggrahan wonten Kartasana anggladhi prajurit

16. ênjang budhal sawadyanirèki | sadintên rawuh ing Kartasana | masanggrahan ing wismane | nênggih bupatinipun | kang wadyagung makuwon sami | kadya cuwak prajanya | kanggènan wadyagung | arja ing sami sakala | pra dipati bang wetan sadaya kêrig | tugur nèng Kartasana ||

17. nuntên mundhut utusan sang aji | anganthèni Ngabèi Duljalal | Tumênggung Dêmak waune | ingkang badhe ingutus | animbali sutèng Ibrahim | kanthi punggawèng Srêngat | lan Japan puniku | Ngabèi Pandhawajaya |

--- 79 ---

wus lumampah sapraptanirèng Kadhiri | dhawuh ingkang timbalan ||

18. Adipati Cêbolang angirid | lawan Radèn Malayakusuma | Ibrahim suta malihe | lawan sakadangipun | dêdamêle yèn winitawis | gangsal atus sadaya | nênggih pamoripun | lan prajurit Surabaya | wontên sèwu praptane Kartasanèki | apan pinaring kurmat ||

19. iya dene taliti prajurit | urmat baris ngalun-alun aglar | amung prajurit jro bae | sêsak lun-alunipun | lan angirab pangerannèki | busananing kang wadya | kaparak dinulu | baranang giri pawaka | warna-warna lir panjrahing puspitadi | ebat ingkang umiyat ||

20. praptanira baris angurmati | munya kêndhang gong bèri sauran | sarunèn lan Carabalèn | Kodhokngorèk angungkung | sarta êdrèl nginggil turanggi | eram dènira mulat | wong Surabayèku | miwah prajurit ing Malang | sami dongong miyat tingkahing prajurit | kaya dudu manungsa ||

21. kêbat cukat arikat têrampil | sêbat-sêbut amor kudanira | atusan tunggal tingkahe | wau kalih tumênggung | ingkang mêthuk jawining kori | sadaya ingandikan | wau sang aprabu | ngrasuk busana sabrangan | arasukan toro mung wungu rêspati | angagêm kuluk jangkang ||

Lajêng nyandhak jilid 13.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

83. Sunan Kabanaran masanggrahan wontên ing Kartasana, anggladhi prajurit ... 78

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Mangkunagara. (kembali)
3. Teks asli: Pucung. (kembali)
4. Mangkarawati. (kembali)
5. Kurang satu suku kata: prang Pajênar aprang Pakalongan sami. (kembali)
6. winatawis. (kembali)
7. ing. (kembali)
8. manganggo. (kembali)
9. Lebih satu suku kata: kulup sira angadhanga. (kembali)
10. Sengkalan: liman sapta ngrasa tunggal (1 Sura 1678 A.J., 8 Nopember 1752 A.D.). (kembali)

Serie No. 1259l

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 13.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Sunan Kabanaran masanggrahan wontên Kartasana, anggladhi prajurit.[1]

22. baludru cêmêng mubyar binludir | kêkintunira Dêlèr Samarang | pan sarung Bugis nyampinge | rema kêtêl apatut | kadya Prabu ing Maospati | wau kalih punggawa | kang ngirid lumêbu | Mas Rôngga Wirasêtika | lan Pangeran Pakuningrat ngancarani | marnahkên unggyanira ||

23. dupi cêlak sang nata nambungi | padha dèn parêk ing ngarsaningwang | sami sandika ature | sami asèlèh dhuwung | kumarubut samya ngabêkti | mangaras ing suku sang | mangusapi lêbu | sawusnya têlas sadaya | Ki Ngabèi Dul Jalal marpêk bêbisik | punika kang rasukan ||

24. kotang tarateyan cêmêng nênggih | kang abêbêd samboja jo ingkang | têlaga muncar udhênge | pun Cêbolang pukulun | sigra mundur wusnya bêbisik | Ki Ngabèi Dul Jalal | ngandika sang prabu | angèncènga lungguhira | ingsun tuduhêna kang sawiji-wiji | Cêbolang nêmbah mangsah ||

25. dupi marêk rinanggèh astèki | di marene aja sira taha | marêpa mangulon bae | ngisore dhampar ingsun | Ki Cêbolang marêbês mili | kawratên sih sang nata | kabèh sami ngungun | dene lagya wruh sapisan | pêpatute lir wis wawuh tigang warsi | rakête pawong [pa...]

--- 4 ---

[...wong] sanak ||

26. ngandikaris Cêbolang kang êndi | iya Si Brahim suta kang tuwa | kang dadi pamugêrane | Cêbolang nêmbah matur | kang rasukan baludru wilis | ingkang udhênge jingga | limar nyampingipun | nulya winastan sadaya | sadhèrèke sakawan dipun wastani | myang kadang nak ing sanak ||

27. panggulune Suranagarèki | nuntên arine Suranagara | nuntên ingkang wuragile | kang luwih agêngipun | Ki Mas Sênthong Tirtanagari | ingawe kinèn cêlak | kalangkung gêngipun | kinèn acucul rasukan | rasukane nênggih kotang kêstop putih | wus sami cinuculan ||

28. ika baya ingkang tiru kaki | wong samene iki nora nana | ingkang samene gêdhene | ing sabarisan agung | suka gujêngira narpati | dangu-

dangu umiyat | yèn ana wong sêpuh | lah bang tuwa iku sapa | ajêjenggot Cêbolang matur wotsari | abdi dalêm pun bapa ||

29. sri narendra angandika aris | sira ingkang nama Wirasraya | duk kakang prabu swargine | kang kinarya tumênggung | iya Sêcanagara nguni | kala nèng Pranaraga | duk sira jinunjung | pukulun inggih kawula | kinarsakkên lawan anak Sawunggaling | gih pun Sasranagara ||

30. sri narendra kèngêtan ing galih | iya talah wis nora kayaa | Si Sawunggaling budine | prakoswa nora tangguh | tundha bema têmah kacêlik | apa tan rêmbugana | kalawan sirèku | Wirasraya [Wira...]

--- 5 ---

[...sraya] matur nêmba | sêdyanipun Surapringga miyambaki | arsa nama dipatya ||

31. kula myarsa kula mituturi | babar pisan aluwung sowana | sampun tanggêl panggawene | ing paduka rumuhun | kula ingkang têngga Kumpêni | manahe dèrèng eca | bilih pinakewuh | sang nata alon ngandika | iIya iku wong tanggung pikire ugi | ing wêkasane tiwas ||

32. Wirasraya umatur wotsari | kala tuwan kithèng Kabanaran | sabarang atur-ature | ing paduka pukulun | pan kawula inggih sapalih | ngungun duk amiyarsa | wau sang aprabu | lah ika anake sapa | bapakipun Pukulun pun Sawunggaling | pinêndhêt anak angkat ||

33. dhatêng abdi paduka ing nguni | gih pun Uwa Dipati Jangrana | Wiradadaha Mantrine | ngandika sang aprabu | yèn mêngkono boboting cilik | dudu karabatira | iya sira iku | apane Jayapuspita | nêmbah matur mantu kang sêpuh pribadi | nging mantu pêpulunan ||

34. iya Wirasraya wus pinasthi | sira mênangi ing jênêng ingwang | karsaning Hyang Rahmat Gêdhe | aja taha sirèku | ngemutêna mêmulang nênggih | pratikêling ayuda | umatur anuwun | pan sarwi marêbês waspa | tega têmên mring kang abdi Surawèsthi | Sang Natèng Kabanaran ||

35. dangu-dangu sang nata ningali | ragi nganan ana kang alênggah | agawat ing pasêmone | aragang dhapuripun | tuwa nora tuwa sayêkti |

--- 6 ---

anetra lênggut liman | nanging gutuk untu | rambutipun dèrèng uwan | taksih cêmêng rasukan baludru wilis | kotang renda satêbah ||

36. udhêng Arab sruwal kêsting abrit | bêbêd ragi bali kêkencongan | gêdhog Makasar bêntinge | nyuriga pêdhang suduk | pantês lamun kokoh ing jurit | ngandika iya sapa | Wirasraya iku | kang ana ing kerinira | Wirasraya pukulun abdi narpati | anakipun pun uwa ||

37. têtilare abdi padukaji | gih pun Uwa Dipati Jangrana | mangkya ngabèi namane | gih Jangrana Pukulun | api kagèt sri narapati | apa iku kang aran | kalareyanipun | iya Ki Jaka Tangkêban | matur inggih gumujêng sri narapati | hèh pawong sanak ingwang ||

38. aja ngarani angkuh mring mami | ngrungu swara durung wruh ing rupa | tibaning wruh lagi kiye | sokur rahmat maring sun | ing têgêse dene mênangi | ingsun amurwèng yuda | sira durung lampus | kawilang prajurit kuna | mêngko ingsun basa têmu lan sirèki | sayêkti bêgjaningwang ||

39. Adhi Mlayakusuma sirèki | ngulihana iya jênêng bapa | nama ing kaki asale | anamaa sirèku | Adipati Wiranagari | lamun sira kaduga | loji Gêmbong iku | uwisêna babar pisan | nagri wetan sun pasrahakên sirèki | baboning Pasuruhan ||

40. Pajarakan Prabalingga Bangil | Porong Malang miwah

--- 7 ---

ing Lumajang | sun paringkên sira kabèh | sakèhe anak putu | pra dipati lan para mantri | padha angèstrènana | ing jêjulukipun | Dipati Wiranagara | sahur sêmbah para mantri pra dipati | kabèh saurkukila ||

41. Adipati Cêbolang nambungi | loji Gêmbong wus lami kinêpang | muwêr sami Walandine | mila kèndêl pukulun | dèrèng wontên ingkang ngidini | mangkya maksih kinêpang | inggih kang tinuduh | Kartanagara Lumajang | kadangipun nak sanak pun adipati | nênggih Wiranagara ||

42. angandika wau sri bupati | Adhi Dipati Wiranagara | bantonana prajurite | kang ngêpung Gêmbong iku | arinira iya kêkalih | ya Si Suranagara | namaa tumênggung | Tumênggung Suranagara | ingkang anom iya wuwuha namèki | Arya Jayanagara ||

43. sun gawani nagara kêkalih | ambantoni marang Pasuruhan | ing Japan Wirasabane | mangkata besuk esuk | dhuwung waos wus dèn paringi | kandêlan wrat nyakawan | êmas sêpuh-sêpuh | pra sami sopal kancana | miwah malih rasukan baludru sami | lan sakancinge pisan ||

44. niga bêlah reyal dèn paringi | Radèn Tumênggung Suranagara | Arya Jayanagarane | kalih agêng tyasipun | èpèk renda dipun paringi | katimange kancana | wawrate nyapuluh | kang kari kinèn mondhoka | tinut wuri jodhang puluhan aradin | sawong prajuritira ||

--- 8 ---

45. pêndhak enjing ing budhalirèki | Suranagara Jayanagara | Ngabèi Japan kanthine | wau ta ingkang kantun | Adipati Wiranagari | lan Dipati Cêbolang | pan ing sabên esuk | lawan dènira ngandikan | lan sang nata gunêm masalahing jurit | lan sagung pra dipatya ||

46. akasukan wau sri bupati | bêbêdhayan prajurit tayungan | wong Bali anyar prapta kèh | sami darahing ratu | namanira Dyan Manik Lungit | lawan Radèn Jayastra | ing bêbêktanipun | saking ing Nungsakambangan | nigang dasa praptane nêdya angabdi | mring Natèng Kabanaran ||

47. wus pinacak kinarya prajurit | nama atusan wong Brajayuda | ing kaparak golongane | sami rasukanipun | pêthak tinarate ing abrit | sami sinungan jangkang | kabèh kulukipun | nênggih sami binacingah | abang putih samya gêng ing tyasirèki | wadyèng Nungsakambangan ||

48. sabên enjing mijil sri bupati | ngirabakên prajurit sadaya | ingajar ing prang pagute | kang pinrih gêlaripun | angsahira kinèn maoni | mring Ngabèi Jangrana | dhinawuhan sampun | Mas Rôngga Wirasêtika | wadana jro ingkang kinèn anindhihi | sagung wadya kaparak ||

49. kirab anèng jawining nagari | pinggir wana ara-ara jêmbar | prajurit sru têngarane | kang prang kuda rumuhun | nuntên wadya kaparak sami | umagut aprang dharat | winêtokkên sampun | sadaya wus [wu...]

--- 9 ---

[...s] kaupiksa | mring Ngabèi Jangrana wus dèn takoni | marang sira Mas Rôngga ||

50. pundi paman kang dèrèng prayogi | anauri Dipati Jangrana | inggih anak sadayane | sampun sami panuju | anglangkungi gêlar puniki | lawas kang kina-kina | lêluri winangun | pun bapa amung satunggal | dèrèng sênêng prajurit jro angsahnèki | sami anyèrèt tumbak ||

51. Dene kêdah unggula ing jurit | inggih sawêg winaris kewala | anak amrih sayêktine | dene prange wong agung | wuta tuli tumbak cinangking | punapa sok pêranga | banjur soroh amuk | lajêng mijêt bahunira | kiyu têmên bahu kula aningali | anak angsah andika ||

52. yèn apranga lan wong Surawèsthi | kula tadhahi gêlar balêsar | dadia senapatine | kula rewangi ngantuk | gumêr sagung para dipati | suka gumujêng samya | Jangrana acucut | anak mas ukaraning prang | sapambalang rubuhe kang watang sami | yèn prang ngangge ukara ||

53. Rôngga Wirasêtika dhêngkoni | mila pangran wingi sri narendra | sampeyan pinrih têgêse | mahonana kang luput | bapak sêpuh pasthi prayogi | yêkti lêrês sampeyan | bucal ukarèku | angling Ngabèi Jangrana | apan lajêng sang nata amrih utami | sampun bucal ukara ||

54. botên ngangge wawratan ngajurit | sok apranga angamuk kewala | tan etung kalamangsane | sidaguri winadung | yèn nêgora witing [wi...]

--- 10 ---

[...ting] kusambi | kang dèn angge punapa | inggih wadungipun | punapa inggih wontêna | gênging wadung sakêlasa bôngka inggih | sangkale satirisan ||

55. manungsane wontêna rong èsthi | malah langkunga ing patang gajah | anak punika èsthine | sami suka gumuyu | kang miyarsa para dipati | gumyah ambatarêbah | sarêng unduripun | sapraptanirèng paseban | Ki Jangrana kêdah angantun nèng jawi | tan purun lumêbêta ||

56. lah inggih sampun anak pribadi | atur kula têlasipun anak | Mas Rôngga ing malêbête | praptèng byantaranipun | sri narendra ngandika aris | ana ngêndi Jangrana | Rôngga nêmbah matur | kêdah nèng jawi kewala | priye Rôngga apa ana dèn waoni | mau mring Si Jangrana ||

57. Rôngga Wirasêtika wotsari | datan wontên ingkang winancenan | ginunggung gêlar sakèhe | mung satunggil pukulun | dipun cacad dipun poyoki | mênggah ngêlandhak tumbak | dene kramanipun | winastan tilar ukara | ngicalakên parikramaning ngajurit | ambuta tuli nasak ||

58. cucutipun inggih parêk pati | sri narendra alon angandika | Rôngga bênêr lamun kuwe | ya lagi buru butuh | lagi durung ana pinikir | saakal-akal ingwang | durung ana tinut | mêngko ana botoh tuwa | yêkti wajib pagêlare dèn ugêmi | anganggo môngsakala ||

59. timbalana lumêbêt tumuli | lawan [lawa...]

--- 11 ---

[...n] Si Adhi Wiranagara | lan Dipati Cêbolange | Wirasraya ywa kantun | Si Jangrana padha wong bumi | Mas Rôngga sigra mêdal | praptèng jawi dhawuh | kerid lumêbêt sadaya | sapraptaning ing ngabyantaraning aji | sang nata angandika ||

60. Adipati Wiranagarèki | paran wartane kang bantu ngetan | kadangmu karo lakune | Si Suranagarèku | lan Si Jayanagara nênggih | ana gumuning rowang | sigra awotsantun | Dipati Wiranagara | inggih abdi dalêm dutanipun prapti | Gêmbong taksih kinêpang ||

61. abdi dalêm pasêdhahan gusti | sampun rantam barise pinacak | tigang èwu dêdamêle | ping kalih yudanipun | bantu saking ing Surawèsthi | prang wontên Prabalingga | ing mangke pukulun | bantu Sampang Surapringga | ingkang bantu mantuk dhatêng Surawèsthi | badhe wangsul wartinya ||

62. kathah bantu kang saking Samawis | sami tata wontên Surapringga | miwah Madura bantune | inggih kang tigang èwu | wangsul lawan bala Kumpêni | kawan èwu Madura | inggih badhenipun | anggitik môncanagara | Wirasaba ing Japan miwah Kadhiri | bantu Kumpêni mudha ||

118. Sinom

1. kawan atus Kumpêninya | dhomas ingkang Bugis Bali | kawan èwune Madura | mila taha ing samangkin | yakin ingkang pawarti | lamun paduka pukulun | rawuh môncanagara | wau gumyah ing pawarti | mung Pangeran Mangkunagara kewala ||

2. malih inggih Surapringga |

--- 12 ---

ingkang sami dèn jagèni | kêrig prajurit Madura | kang tugur ing Surawèsthi | sang nata ngandikaris | Adhi Suranagarèku | lah iya ngarah apa | sêlot-sêlote ta adhi | sêdhêng tamban anata prajuritira ||

3. mangkana wau sang nata | angayêmakên kang abdi | nèng tanah môncanagara | akasukan sabên ratri | lan sagung pra dipati | sami eca manahipun | tuwin wong agung wetan | anak putu Surapati | langkung carêm agung atampi ganjaran ||

4. sampun kinulawisudha | sinungan nama dipati | Dipati Wiranagara | kadang anom tiga sami | tiga pisan sinami | sinungan nama tumênggung | mintir kang dana boja | wus inganggêp kulit daging | kunêng ingkang sawadya angeca-eca ||

84. Pêpêrangan ing Kêdhu, Pagêlèn tuwin Banyumas saanteronipun wadya bala Kabanaran dipun biyantu Sultan Bantên

5. gantya malih kawuwusa | kang sabên dina ajurit | Kêdhu Pajang lan Mataram | Pagêlèn rame ajurit | kang baris Kêdhu sami | kasoran

samangke unggul | Pangran Mangkunagara | pinarêk wontên Matawis | milanipun sadaya mêngsahê taha ||

6. Sultan Bantên angkatira | lan bupati para mantri | badhe

--- 13 ---

anggitik Toyamas | Tumênggung Mangkudirjèki | prajurit kang turanggi | sadaya pan wolung atus | kalawan pitung dasa | kalih èwu dharatnèki | praptèng lêdhok pamrêdèn dhadhal kewala ||

7. Tumênggung Yudanagara | bitinge wetan nagari | galugu akapurancang | santosa dipun tênggani | sagung punggawa bèi | bang kilèn tugur nèng ngriku | kathah kêriganira | wau ta sampun miyarsi | lamun Sultan Bantên badhe mukul ing prang ||

8. sigra dènira utusan | marang Pagêlèn lumaris | duta prapta atur surat | marang ki tumênggung siji | siji marang Kumpêni | Kapitan Bagrak puniku | sami ungêling surat | nêdha bantu ing ngajurit | alon mojar Ki Tumênggung Arungbinang ||

9. tuwan lamun datan rikat | bilih kawratan pun adhi | Tumênggung Yudanagara | Kapitan Bagrak sigra ngling | dika amatah mantri | kewala ingkang abantu | lawan Kumpêni kula | kapat sasur ingkang putih | Litnan Busèk puniku kang ngirid lampah ||

10. lawan bature Si Bapak | Kapitan Gôndariyèki | wong Bali sèkêt kewala | bêktaa mriyêm kêkalih | ki tumênggung anuding | kalih kapanewonipun | lawan sakancanira | sadaya cacahe mantri | prajurite gangsal atus kang turôngga ||

11. Ngabèi Martadipura | Panèwu Marta ranèki | budhal lampah sigra-sigra | datan kawarna ing margi | ing Banyumas praptènjing | wus panggih lan ki tumênggung | pinrênah [pi...]

--- 14 ---

[...nrênah] ing panggenan | lawan mariyêmirèki | bètèng pasang rakite sampun santosa ||

12. langkung suhun-suhunira | mangkana ingkang winarni | Ki Tumênggung Mangkudirja | lan Prabu ing Pakungwati | panganjurira prapti | nocok pabitinganipun | rame surak wurahan | ing jro anadhahi bêdhil | sami giwar ngantosi ing gustinira ||

13. tan adangu praptanira | Sang Prabu Mangkarawati | lan Tumênggung Mangkudirja | angangsahakên prajurit | Ki Tapa angawaki | angirid prajuritipun | wong Bantên andêling prang | tigang dasa sondhèr kuning | têtindhihe Radèn Arya Kêndhayakan ||

14. ingangsahkên ngamuk dharat | angrangsang angrêbat biting | amung kêkalih turôngga | Ki Tapa kang maksih nitih | lawan Radèn Aryèki | Kêndhayakan maksih manggung | nèng kuda songsong pêthak | sêntana ing Pakungwati | naking sanak lan Sultan Tubagus Buwang ||

15. prajurit Bantên angrangsang | datan kandhêg dèn bêdhili | Ki Tumênggung Mangkudirja | angawêt anganan kering | Sultan Bantên jênêngi | songsongipun kuning sungsun | caruk prajuritira | anarik kalewang sami | pangukihe nêdya ngobrak-abrik jagang ||

16. angrangsang-ngrangsang katulak | ingêdrèl ngudanan mimis | kumêrap maksih angrangsang | prajurit ing Pakungwati | sogok-sinogok sami | rame rok asilih caruk | akathah kang kabranan | dèrèng suda tyasirèki | angawaki dharat Radèn Kêndhayakan ||

--- 15 ---

17. ginarudug ing sênjata | wong Bantên amêksa ngukih | wus kathah ingkang kabranan | binayang mundur kang kanin | kang kari nusul ngukih | berangi biting galugu | prajurit kang turôngga | kang sami dèn mariyêmi | sami giwar sagung kang prajurit kuda ||

18. kang angrangsang ingêdrèlan | asru dèn êsoki mimis | nyangkin[2] kathah kang kabranan | Ki Tapa kudane kêni | mundur pra samya miris | Kumpêni pangêdrèlipun | rontaka lan darebas | langkung ramening ngajurit | sami mundur marang wana taraban ||[3]

19. kalih jam ing yudanira | prajurit ing Pakungwati | ingkang pêjah tiga wêlas | pitu ingkang sami kanin | Sang Prabu Pakungwati | asru dènira amuwus | hèh Kakang Mangkudirja | paran pênêde puniki | anauri inggih ta sadasa-dasa ||

20. wong mungsuh botên kantênan | wong aprang kalawan mimis | lamun sami katingala | sayêkti gitik-ginitik | sasat mungsuh dhêdhêmit | yèn wontêna ingkang mêtu | kula kang anêrajang | kula ilês ing turanggi | yèn punika inggih anggèr maksih gawat ||

21. lamun suwawi punika | paduka kula aturi | panggih lan raka paduka | Pangran Purubaya inggih | sami amangun pikir | bilih kadhangan sing kidul | anggitik ing Toyamas | Sultan Bantên anuruti | budhal ngidul mring Pagêlèn saha bala ||

22. Ki Tumênggung Mangkudirja | tinuduh kinèn ngawali | nèng lalêdhok saking wetan | sandika Mangkudirjèki | lawan nguruni mantri |

--- 16 ---

têtiga kalawan jagul | Tumênggung ing Banyumas | sampun amiyarsa warti | ing budhale mring Pagêlèn mungsuhira ||

23. nora gawa baris Jawa | Sang Prabu ing Pakungwati | prajurit Bantên kewala | mung bêkta têtiga mantri | mantri ingkang jagani | jagul pêpikulan sangu | prajurite prayoga | wong Bantên ingkang prajurit | botên luwih mung tigang atus sawidak ||

24. panggih wetan Bagawônta | Pangeran Purubayèki | anèng dhusun Bantardawa | kasoran dènira jurit | lamun kang rayi prapti | pinêthuk lajêng kapêthuk | sami arêrangkulan | sawusira tata linggih | sami tutur-tinutur kasoran ing prang ||

25. Pangran Arya Purubaya | tutur kasoran ing jurit | kalawan Kapitan Bagrak | ngrêbat Pagêlèn tan olih | mangke baris Kumpêni | sampun wontên ing Sigaluh | kalawan Arungbinang | Pagêlène tan dèn goni | Sultan Bantên tutur kasoran ing yuda ||

26. anggitik nagri Toyamas | pinêthuk wetaning nagri | bitinge langkung santosa | tan kêna ingungkih jurit | lawan wontên Kumpêni | saking Pagêlèn bêbantu | dadya mangke ngandika | Pangeran Purubayèki | yayi prabu punika rêmbag kawula ||

27. kula bantoni punggawa | satunggil pun Sawunggaling | dadosa êlok kewala | amukul Toyamas malih | yèn sampun kapiyarsi | nuntên wangsula mangidul | mêdal kilèn kewala | mukul Pagêlèn sayêkti | kula adhi [a...]

--- 17 ---

[...dhi] ingkang gitik saking wetan ||

28. yèn sampun Pagêlèn pêcah | Toyamas puniku gampil | saking ing ngriki kewala | kang wetan Mangkudirjèki | dipun kèn angawaki | payo-payo api ngamuk | adhi punika warta | anglurug mangetan sami | sampun radin têtiyang môncanagara ||

29. antuk sabin pitung lêksa | raka dika sri bupati | sampun mèh angkat-angkatan | gêcak loji Surawèsthi | kula sandika adhi | lan raka andika besuk | Kangmas Adiwijaya | lamun tan tuna ing kardi | gih punapa adhi saèn pêpanggiha ||

30. anggitik ing Surapringga | raka dika sri bupati | ngadu wong môncanagara | prajurite kang turanggi | salêksa malah luwih | dharate rong lêksa punjul | botên lami watara | pêcahe ing Surawèsthi | lajêng ngilèn raka andika sang nata ||

31. punika yèn kalêrêsan | yèn bêdhah Toyamas adhi | botên kudu ngêpung Têgal | sami pinaliwat adhi | Pamalang dèn anciki | sayêkti anulya têpung | Dhimas Natakusuma | Kangmas Adiwijayèki | sayêktine kapanggih ing Pakalongan ||

32. Dipati Suryanagara | ngancik Têgal Lèpèntangi | raka andika sang ta | [4] pasthi Dêmak dèn anciki | angêpung ing Samawis | kula lan dika puniku | Kangmas Adiwijaya | sami ngêpung loji Têgal | pan makatên rêkane yèn angsal lampah ||

33. tinêlukkên wong

--- 18 ---

Pasundhan | saking ing Toyamas benjing | sayêkti gampil kewala | môngsa ngawalana jurit | yèn Pasundhan wus radin | Batawi aja cinatur | liniwatan kewala | mulih marang Pakungwati | kula lawan Dipati Suryanagara ||

34. kang ngatêr ing laku dika | mulih marang Pakungwati | adate raka andika | yèn aprang wus antuk titih | botên marêm ing galih | pêngamuke ngiwat-ngiwut | tan ana malang-malang | gêmpang ingkang kapalipis | pan anglurug tan wontên gawêr ing marga ||

35. apan wus tamtu ing wêca | adhi yèn trahing Matawis | yèn wus umbul-umbul Kuran | ing ngayuda pilih tandhing | raka dika puniki | ngantêpi agamanipun | kathah kadang kawula | adhi mung siji puniki | têtêkone têtêp mantêp ing agama ||

36. kalangkung suka miyarsa | Sang Prabu ing Pakungwati | mirsa kojahe kang raka | Pangeran Purubayèki | rêmbuge sampun dadi | kunêng gantya kang winuwus | Tumênggung ing Toyamas | kang ngantukakên Walandi | mring Pagêlèn yèn mêngsah angidul samya ||

37. anjog Pagêlèn sinêdya | Sang Prabu Mangkarawati | Kapitan Bagrak ginêcak | kang tate prang amêtoni | tan purun prang jro biting | Kapitan Bagrak dakipun | wantêr ayuda dhadha | angantêp gitik-ginitik | wêwatêke Kapitan Bagrak anggagrak ||

38. lampahira wangsul gêlar | marang Toyamas ing warti | binanton Pangran Purbaya | kang dinuta Sawunggaling | marga malipir wukir | Selamanik menggok [meng...]

--- 19 ---

[...gok] ngidul | dalu dènnya lêlampah | Karangdhuwur kang dèn jogi | têlikira Ki Tumênggung Arungbinang ||

39. kang kinon momor ing lampah | mring Sultan ing Pakungwati | gugup dènira anyimpang | sapraptane tur udani | yèn mêngsahira mangkin | nambuh lampah Karangdhuwur | badhe anjog angetan | kang angiring Sawunggaling | ki tumênggung miyarsa gupuh ing lampah ||

40. mring loji panggih kapitan | bilang mungsuh andhatêngi | sêdyane anambuh lampah | urut sèwu kang dèn jogi | gupuh dènnya miyarsi | angundhangi wadyanipun | sigra Kapitan Bagrak | ki tumênggung kadi pundi | akal dika punapa ta kinêdhikan ||

41. punapa gih kinathahan | magut Rajèng Pakungwati | adat puniku prawira | botên kêni ginagampil | duk wontên Pakungwati | wikana mangke puniku | Tumênggung Arungbinang | inggih tuwan winêtawis | sampun kongsi kuwatir kang kantun wuntat ||

119. Pangkur

1. tuwan pinalih kewala | gih kathaha kapara ingkang kari | kula mung bêkta rong atus | prajurit kang turôngga | ingkang dharat amung bêkta tigang atus | sapalih mantri kang milya | Kapitan Bagrak amijil ||

2. dragundêre kawan dasa | kalih dasa amung kang jalan kaki | kalih bêlah Bugis Wangsul | Kapitan Gôndariya | upêsire kang turôngga têlung puluh | saking pakuwon wus budhal | ing lampah ragi anyilip ||

3. sarêng rêp Kalêgèn prapta | amakuwon anèng

--- 20 ---

wismaning Mantri | Kalêgèn wêtan puniku | kiwa amot wong kathah | tan katawis margi agêng ingkang kidul | sadalu apirêmbagan | angreka gêlaring jurit ||

4. Ki Tumêngung Arungbinang | maos sêrat antuke ponang têlik | cacah prajurite mungsuh | pêpênêde sadaya | busanane kudane aja kaliru | kalih atus salawe prah | andêl pamuking ngajurit ||

5. kang satus têtindhihira | pangiride Ki Dêmang Rêsapati | turanggane janjang biru | rasukan kêsting abang | têlakupe baludru dêmang puniku | grim kuning saruwalira | kêras Dêmang Rêsapati ||

6. Ngabèi Jayakintara | satus malih prajurit dèn tindhihi | turanggane abang sêpuh | martas we jo bajunya | têlakupe rêrendan baludru biru | lancingan biru sangkêlat | satêbah pêsmènirèki ||

7. dodot kuning salawe prah | kadi sondhèr puniku kang nindhihi | payung putih namanipun | Radèn Mas Kêndhayakan | kuda rajêg abaju irêng baludru | pinêsmèn nurut dondoman | udhênge cawêni putih ||

8. baludru jo kang lancingan | ambêranyak kuda adheyan nyirig | Ki Tapa nunggil ing ngriku | cêmêng ing kudanira | rasukane lurik kuning ulêr lulut | talakup baludru abang | saruwal kombor grim kuning ||

9. dene ta pangajêngira | wontên sèkêt dêmang baku nindhihi | bajune sangkêlat biru | bopong turangganira | nora nganggo talakup kawêng talêngkung | ngrangkêp saptangan [saptanga...]

--- 21 ---

[...n] gêmbaya | sultane apayung kuning ||

10. turanggane dhawuk pêthak | kêkambile laras baludru wilis | cindhe bang palisiripun | baju toro kewala | salancingan ngiras sami salmur wungu | baludru cêmêng kang jangkang | tirah lunglungan binludir ||

11. pangayape tigang dasa | mung sadasa kuda kang munggèng ngarsi | nanging arang kang asêpuh | sami rare sêdaya | dipun eling tuwan barise martêlu | lawan inggih dipun awas | mungsuh kang ala kang bêcik ||

12. Sawunggaling gène têbah | amung kuda sèkêt botên aluwih | ragi kering ngarsanipun | puniku benjang-enjang | Sawunggaling kula kèn mêdhot rumuhun | pisaha kalawan Sultan | Sang Prabu ing Pakungwati ||

13. ingkang ngajêngi kawula | lan pun Bapa Gôndariya ing benjing | dene tuwan liyanipun | prajurite kang kathah | sampun tuwan obah saking ênggèn besuk | prang têtêg inggih kênia | yèn kula sor kula ungsi ||

14. kang adodot kuning tuwan | wong sêlawe pamuk andêling jurit | yèn dèrèng katon puniku | sampun tuwan agahan | nadyan katon yèn kula dèrèng amburu | sampun dika obah-obah | tan wontên kang kula ungsi ||

15. Kapitan Bagrak lingira | inggih tuwan tumênggung kadi pundi | mungsuh saking kilèn iku | lakunipun angetan | yêkti kula pêgati wetan umagut | nauri Kyai Rungbinang | botên tuwan saking kering ||

16. yèn tuwan pêgati [pêga...]

--- 22 ---

[...ti] marga | balanipun Sang Prabu Pakungwati | pêparon watawisipun | yèn botên lon-alonan | ingkang jêrih inggih kalawan kang purun | lamun pinêgat ing ngarsa | kang jêjêrih têmah wani ||

17. yèn winêton ing ngiringan | ingkang jêrih tulus gènipun jêrih | sayêkti padha lumayu | kari kang wani padha | wong apêrang sanadyan mênanga iku | kalamun balane rusak | pan tiwasing senapati ||

18. rêmbag sadalu tan puwas | rêbat ana sadalu apradondi | Kapitan Bagrak puniku | kêdah panggitikira | saking ngarsa yèn mungsuh kalamun cakut | dèrèng rêmpêg kang pirêmbag | sami kakunê tyasnèki ||

19. ki tumênggung nulya mêdal | api-api têtoya praptèng jawi | parentah ing balanipun | desa kang kulon ika | desa suwung padha obongana iku | ingkang tinuding lumampah | tumênggung lumêbêt malih ||

20. ing kuwon pan kalênggahan | lan Kapitan Bagrak nulya miyarsi | obong-obongan gumrubug | tanya Kapitan Bagrak | gêni paran puniku tuwan tumênggung | saure Ki Arungbinang | tuwan kula tan udani ||

21. saksana samya umêdal | lajêng mulat dahana gêgilani | Kumpêni ngundhangan kumpul | miwah sagung wong Jawa | sami kumpul manawi

solahing mungsuh | mangantine pan kongsi byar | lajêng budhal ngilèn sami ||

22. nanging kêkalih marganya | êlèr kidul kang êlèr dèn margani | datan têbih longkangipun | amung

--- 23 ---

êlêt sadesa | kêkapalan kang sami wontên ing ngayun | kang dharat wontên ing wuntat | puk ro kathah dharatnèki ||

23. Kumpêni miwah wong Jawa | kathah dharat lampah dadya satunggil | mêngsah lampahe martêlu | Sultan Bantên nèng dhadha | Sawunggaling kang pangawat kiwanipun | têngên Panêmbahan Tapa | lawan dêmange kakalih ||

24. Ki Tumênggung Arungbinang | Kakang Kartilêksana dika ugi | lawan Martadipa gupuh | dèn enggal anêngêna | Sawunggaling pukulên kiwa gènipun | poma ta dèn kongsi pêcah | lan Sultane Pakungwati ||

25. Ngabèi Kartilêksana | lajêng pisah wau duta kang nêlik | prapta panggih ki tumênggung | matur mungsuh wus cêlak | tan adangu kang rantap-rantap kadulu | pangarsa dharat sawidak | Kapitan Bagrak udani ||

26. lajêng dènnya anarajang | binêdhilan lajêng palajêngnèki | ngetan sami dèn bêbujung | bantêr Kapitan Bagrak | ki tumênggung kèndêlan sawadyanipun | kalawan Kumpêni Islam | lan Kumpêni jalan kaki ||

27. Kapitan Bagrak wus têbah | Lutnan Busèt Kaptin Gandariyèki | wuwus marang ki tumênggung | tuwan tumênggung paran | dika susul sudara tuwan puniku | mungsuh kang agêng nèng wuntat | sêrunine kapiyarsi ||

28. indêlna kaparèng tiwas | ki tumênggung sigra nandêr pribadi | Kapitan Bagrak kasusul | ambêdhili wong dharat | mungsuh sami nalêsêp ing dhusun-dhusun | sami wong ala kewala | tumênggung asru dènnya ngling ||

29. hèh tuwan kapitan paran | karsa dika [di...]

--- 24 ---

[...ka] kula botên mangrêti | aprang botên ngangge rêmbug | sakarêp-karêp dika | botên kapok Si Kalèrêg tumpêsipun | lan Si Uce prang Pajênar | ngangge karêpe pribadi ||

30. wong ala dika têrajang | mungsuh ingkang têmên maksih nèng wuri | kêrungu kêndhang gongipun | sarunine kapyarsa | batur dika puniki kathah kang kantun | kapitan mèsêm anulya | dawêg ki tumênggung bali ||

31. tan adangu lampahira | mungsuh katon eca dènnya lumaris | dupi sarêng ing pandulu | sarêng panêmpuhira | wong ing Bantên Kumpêni ingkang tinêmpuh | ingêdrèl mêksa angrangsang | panunjange numbak wani ||

32. amung tiyang kalih dasa | yèn caraa yudane wong Matawis | ngarsa nunjang wuri nusul | mila Kumpêni rusak | punika ta kang ngarêp sampun anêmpuh | wuri ningali kewala | tinon tan wontên nulungi ||

33. wus lingkap Kapitan Bagrak | sangêt kuwur sakêdhap wong Kumpêni | sakawan dragundêripun | ingamuk tinalêmpak | ingkang pêjah tiba saking kudanipun | tumênggung arsa tulunga | Sultane Bantên anggitik ||

34. ki tumênggung tinarajang | pinanggahan nanging wadyanirèki | sami miris manahipun | dadyasor yudanira | wus kabêrêg wau sira ki tumênggung | prajurit turôngga sirna | kantun ingkang dharat sami ||

35. kumpuling wadananira | anggarêbêg tan pisah ing ngajurit | amung kèri ki tumênggung | kang maksih nitih kuda | sakathahe prajurit [prajuri...]

--- 25 ---

[...t] kawur katawur | kawone Kapitan Bagrak | sakêdhap nulya kapanggih ||

36. prajurit kang sami dharat | Kumpêni Slam Jawa lan jalan kaki | akathah sami têtulung | rame campuh ing yuda | kari kathah wong Bantên abêr prangipun | dadya rèh ulêng-ulêngan | wong Bantên kathah ngêmasi ||

37. kasêmbuh ing praptanira | para mantri kang prang lan Sawunggaling | Sawunggaling wus kaburu | pisah kalawan sultan | sampun têbih kang bêburu sami wangsul | lajêng prang kuwêl-kuwêlan | lan prajurit Pakungwati ||

38. Sultane Tubagus Buwang | nandêr mangsah kumêrap wadyanèki | mangsêg wau ki tumênggung | Kapitan Gôndariya | inggih bapa lah puniku sultanipun | ngangsahakên pamukira | wong salawe sondhèr kuning ||

39. gya Kapitan Gôndariya | undhang dharat sagung para upêsir | apiyak ro barisipun | Sultan Tubagus Buwang | lajêng nêmpuh Kapitan Bagrak acampuh | arame caruk kulewang | Kapitan Bagrak kalindhih ||

40. amubêng palayunira | kaparêgok wau barisirèki | Kapitan Gôndariyèku | lan ki tumênggung nunggal | acêngkulak tinadhahan amukipun | mring Kapitan Gôndariya | arame ukih-ingukih ||

41. rukêt acaruk landhean | ki tumênggung sigra dènnya nulungi | binalik sarêng anêmpuh | ki tumênggung kasingsal | kinaroyok ing dharat sing kèri pungkur | ki tumênggung karepotan | bêdhile tan kobêr muni ||

42. nuju nitih kuda wajar | Ki Tumênggung [Tumêng...]

--- 26 ---

[...gung] Arungbinang mèh kêdhik | baya dèrèng ajalipun | kinaroyok ing mêngsah | mêngsah dharat mila ngèl pinrih ing lampus | kongsi ginêbug sinapan | ki tumênggung kudanèki ||

43. anggiwar angulêr kilan | kancanira mantri samya nulungi | kawur sami katêlanjur | Kapitan Gôndariya | nguwuh-uwuh ing ngriki anak

tumênggung | mila dika mor lan mêngsah | ki tumênggung sampun nunggil ||

44. wong Bantên kang sondhèr jênar | jêbul wontên têngah dènira jurit | pisah lawan gustinipun | saking kuwuring aprang | carub awor liru nggon tan wruh ing batur | dragundêr Kapitan Bagrak | palayune wangsul malih ||

45. wau Radèn Kêndhayakan | ingkang ngabên prajurit sondhèr kuning | wontên ing têngah angamuk | ngiwa nêngên solahnya | mobat-mabit Kêndhayakan pamukipun | mêngkap ingkang tinarajang | kanan kering anangkêbi ||

46. arame kinandhang-kandhang | binêdhilan sampun kelangan gusti | sultane apan bêbujung | para Mantri Jawa | kang binujung anikêl palayunipun | samya jêbul malih têngah | angêpung kang dodot kuning ||

47. binêdhilan keri kanan | Kêndhayakan pangamuke mangukih | wong dodot kuning sapuluh | kang sampun sami pêjah | sultanipun lan ki tapa ambêbujung | wong dharat puniku gêlar | jaga palayoning jurit ||

48. Ki Tumênggung Arungbina[5] | gêndhingipun balithuk mungsuhnèki | prang bingung pating balulung | Rahadèn Kêndhayakan |

--- 27 ---

dangu-dangu wantune wong kinarubut | ing sinapan lan darebas | kêna cêngêle ngêmasi ||

49. tiba saking kudanira | gya rinêbut marang wong dodot kuning | ingêmot turangganipun | binêkta bêdhah ngetan | kang tinêrak samya piyak pijêr jêtung | anon tingkah kang mangkana | wong atusan kèndêl sami ||

50. ngungun miyat solahira | wong limalas sami anggawa jisim | kang katêrak dongong gêtun | baris atusan piyak | pêcah paro wong Bantên palayunipun | wong dodot kuning mangetan | kasmaran kang ngulon sami ||

120. Asmaradana

1. dadya pra samya dèn usir | kang mangulon kang mangetan | prajurit kuda kemawon | kalawan Kapitan Bagrak | malah praptèng Wawala | sultane nulya kapêthuk | katur Radèn Kêndhayakan ||

2. punika ingkang ngêmasi | aprêmpêng mukanira bang | angamuk bela sêdyane | kadangira naking sanak | dadya para mantrinya | gendholi angajak mundur | mêngsah Kumpênine kathah ||

3. Sang Prabu ing Pakungwati | dèrèng kêni ingaturan | kuda siningsêt ambêne | Kapitan Bagrak umiyat | Sultan Tubagus Buwang | sêmune arsa angamuk | barise sigra pinêcah ||

4. pinartêlu ingkang baris | wau ta kang lagi prapta | Pangran Mangkukusumane | dinuta marang kang raka | Pangran Arya Purbaya | ngundurna kang rayi gupuh | yèn kasoran ing ayuda ||

5. kang ngamuk alêbu gêni | adhi

--- 28 ---

suwawi kondura | sarêng wau ing undure | kang ngetan prapta Galendhang | ngawu-awu êlèrnya | Kapitan Bagrak wis nusul | datan purun angungsira ||

6. kang bujung mangilèn sami | Ki Tumênggung Arungbinang | datan wontên prajurite | wong Bantên rêrepot samya | pikulan lan wadonan | anêmên pambujungipun | Ki Tumênggung Arungbinang ||

7. anandêr dènnya nglancangi | wus kaliwat majêng ngetan | wong Bantên menggok mangalèr | nêrak êmbêling talaga | kèndêl tan sagêd polah | têluk asrah darbèkipun | Ki Tumênggung Arungbinang ||

8. gupuh dènira nampèni | kang atos-atos kewala | êmas lawan sêsotyane | lan busana kang prayoga | liyane kang punika | tinampan ing mantrinipun | anglètèr Surawikrama ||

9. tan karuwan cacahnèki | wonge sami inguripan | sami binônda kemawon | praptèng Susup kèndêlira | panggih Kapitan Bagrak | dalu-dalu ngajak laju | mantuk dhatêng ing Ungaran ||

10. ing pukul sawêlas prapti | barisan loji Ungaran | ki tumênggung mariksa ge | angiwa mring pasareyan | kanthong motha ngungkaban | isi êmas sêpuh-sêpuh | graita Ki Arungbinang ||

11. êmas iki têlung kati | sun aturakên sang nata | iya dadi kayaningong | lami tinuduh ngayuda | durung duwe kêkaya | iki parêng bêgjanipun | gustiku sri naranata ||

12. mas wêlulèn tigang kati | kang sami [sa...]

--- 29 ---

[...mi] manjing dandanan | pan inggih sakati manèh | sampun sami rinojodan | manjing mas patang katya | kunêng gantya kang winuwus | kang têtêp baris Ungaran ||

13. Pangran Purbaya winarni | barise nèng Kilènpraga | wontên dhusun ing Kadêmèn | sawetaning Bagawônta | angênthêl manahira | nging balane maksih agung | wontên sèwu kang turôngga ||

14. kalih èwu dharatnèki | mantrinipun taksih kathah | nênêm para tumênggunge | kalamun ginunggung samya | sawarnining gêgaman | kadi langkung kawan èwu | dhasar abêr yudanira ||

15. Sang Aprabu Pakungwati | amakuwon ing Ulakan | lêt patang desa têbihe | gènnya mêtak kang sêntana | Rahadèn Kêndhayakan | Sultan ing Bantên kalangkung | dènira sungkawèng driya ||

16. kèh kalonge kang prajurit | barana kathah kabandhang | tambuh raose galihe | Jêng Sultan Tubagus Buwang | agung wayang-wuyungan | ciptanira kadya nusul | mring Sang Natèng Kabanaran ||

17. kang marang môncanagari | nanging èwêde kang manah | lagya tinuduh ing gawe | bêdhah nagari Toyamas | agung kasoran yuda | nadyan ajur rêmak-rêmpu | tinunggilna sri narendra ||

18. nêngna kang lagya prihatin | wuwusên Kapitan Bagrak | Tumênggung Arungbinange | sami majêng barisira | marang Pagêlèn wetan | baris dhusun ing Sêgaluh | rinakit loji anakan ||

19. prapta bantu saking Têgil |

--- 30 ---

sakawan kang pra dipatya | kawan dasa dragundêre | jalan kakine sawidak | dadya mantêp sadaya | jalan kaki kalih atus | lawan dragundêr sawidak ||

20. langkung agêng ingkang baris | Sêgaluh kadya nagara | dhasar pabarisan gêdhe | nganggo kêbo sapi jaran | jinagan ing Walônda | pinindhoa yudanipun | pinukul Natèng Banaran ||

21. kadi kêsait nadhahi | Ki Tumênggung Arungbinang | wus mari kamadakane | madêg walulon tyasira | dene Pagêlèn ômba | radin wong nêmlikur èwu | ngumpul wus dadi satunggal ||

22. wus kathah kang nungkul prapti | para mantri numbakanyar | tilar Pangran Purbayane | ing Pagêlèn tan winarna | ing barisan Toyamas | ya ta wuwusên ing Kêdhu | Mayor Sakèbêr barisnya ||

23. nèng Tigawanu anênggih | mêrtiga kang baris Sêcang | sira Kapitan Pan dar Pol | ing Têrayêm barisira | Sungrat kalawan Kulman | têtiga bupatinipun | Ki Tumênggung Wiradigda ||

24. lan Tumênggung Rajaniti | Tumênggung Rajamênggala | dene Sêcang Bupatine | Ki Tumênggung Mangkuyuda | Sakèbêr kanthinira | kang abaris Tigawanu | bupati Pasisir samya ||

25. Kêndhal miwah Lèpèntangi | têtindhih Tumênggung Batang | baris ing Kêdhu mêngsahe | Dipati Suryanagara | Pangran Natakusuma | wêwolu para tumênggung | sami wontên Kilènpraga ||

26. Pangran Adiwijayèki | lan Tumênggung Mangkudirja | nabrang angidul barise | karsane angulatana | Sultan [Sulta...]

--- 31 ---

[...n] Tubagus Buwang | miyarsa sor yudanipun | pacak baris nèng Ngulakan ||

27. Têrayêm agung ajurit | lan bala Mangkunagaran | nèng Kali Gondhang barise | Tumênggung Kudanawarsa | lan Sura Mangunjaya | kang baris Sêcang amungsuh | lawan Tumênggung Môndraka ||

28. Singaranu lawan malih | Widigda Jaga Ulatan | ing Tigawanu mungsuhe | Dipati Suryanagara | Pangran Natakusuma | sabên dina aprangipun | bêburon gênti kasoran ||

29. Pangran Mangkunagarèki | baris wontên Pajagalan | pra Mantri Mataram kabèh | ngumpul anèng Pajagalan | iya ingkang pangarsa | Kali Gondhang barisipun | Tumênggung Kudanawarsa ||

30. nanging kêrêp tampi tulis | Pangeran Mangkunagara | saking Idêlèr Hondhorop | sami kintun- kinintunan | ingipuk tur linopa | akathah pisungsungipun | idêlèr lawan pangeran ||

31. idêlèr ngojok-ojoki | Pangeran Mangkunagara | pinrih umadêga katong | kacèk apa lan kang rama | dene prakosaning prang | Kumpêni ingkang têtulung | akathah pangipukira ||

32. pangeran batin kagimir | nanging ajrih kawêntara | mung lagi binatin bae | ing tyas maksih karêkuhan | tarèn Kudanawarsa | sakalangkung datan rêmbug | ing karsa kang sapunika ||

33. manawi datan sayêkti | ngabên-abêni kewala | amrih karusakan kabèh | wong Jawa gêgêmpurana | aja na kawarasan | kèndêl wau karsanipun | Pangeran [Pa...]

--- 32 ---

[...ngeran] Mangkunagara ||

34. tan arsa piningit malih | lumuh yèn kawangurana | lingsêm kawêntar ing akèh | dadya aprentah anglarag | kang baris Kali Gondhang | kinèn angalèra gupuh | Têrayêm pinarpêkana ||

35. dadya lami pacak baris | Pangerane Pajagalan | anyaut Pajang pakolèh | Kêdhu miwah ing Mataram | amung Pagêlèn Têbah | kang botên kêni sinaut | tiwas Pangran Purubaya ||

36. mangkana kawarna malih | Pangran Arya Purubaya | Pangran Mangkukusumane | lan Sultan Tubagus Buwang | badhe angabên kuda | budhal ing Pagêlèn besuk | tan mirsa bantu kèh prapta ||

37. mêdal lèr pangeran kalih | lampahira pinarapat | pra dipati kèri kabèh | pangeran munggèng ing kanan | Sultan Bantên nèng dhadha | ing gêlar nêdya bêbingung | pangeran kalih wus prapta ||

38. ing Sumbêran gènnya baris | pra dipati sangu toya | dènira pacak barise | Pagêlen Lèr kagègèran | mungsuh prapta bêbahak | Sultan Bantên barisipun | têngah dhusun Pamêlaran ||

39. Pangran Adiwijayèki | lan Tumênggung Mangkudirja | nèng Ngulakan sabalane | kang rayi sampun umangkat | pangeran kalih pisan | kang rayi ing Bantên tumut | magut prang Pagêlèn ômba ||

40. Tumênggung Mangkudirjèki | ingkang kinèn anusula | mring Pagêlèn sabalane | Jêng Sultan Tubagus Buwang | kang kinèn ngampingana | budhal kuda tigang atus | Ki Tumênggung Mangkudirja ||

--- 33 ---

41. kawan atus dharatnèki | lampahira sigra-sigra | nèng Pamêlaran wartane | jinujug praptèng Mêlaran | Tumênggung Mangkudirja | lan Sultan Bantên kapangguh | Mangkudirja nèng Mêlaran ||

42. umatur saha wotsari | Ki Tumênggung Mangkudirja | anggèr kawula kinèngkèn | dhatêng raka jêngandika | Pangran Adiwijaya | milane paduka purun | aprang saênggèn-ênggènnya ||

43. nadyan raka tuwan nênggih | Pangran Arya Purubaya | pan inggih dede lêrêse | nguni ingkang kaparcayan | mring Natèng Kabanaran | among paduka pukulun | mung Pangran Adiwijaya ||

44. Sang Prabu ing Pakungwati | alon dènira ngandika | puluh-puluh wus kalakon | iki Kakang Mangkudirja | prajuritku kèh rusak | ya Si Kêndhayakan lampus | aprang anèng ing Wawala ||

45. angling Radèn Pakungwati | Kakang Mas Adiwijaya | ana ing ngêndi samêngko | Ki Tumênggung Mangkudirja | matur wontên Ngulakan | pakuwon tuwan pukulun | ing nggène raka paduka ||

46. angling Prabu Pakungwati | sira nora mêtu lawan | kakang mas Purubayane | nging kasusu lakunira | pan lagi rêp-arêpan | antèkna mêngko yèn uwus | slamêt bubar ing ngayuda ||

47. kunêng wuwusên Kumpêni | kang baris Sagaluh myarsa | wong desa bangêt gègère | Pagêlèn kang lor busêkan | mêngsah sami angrupak | Pangeran Purubaya wus | angancik desa Sumbêran ||

--- 34 ---

48. sampun prapta anèng loji | Ki Kumênggung[6] Arungbinang | samêkta sagêgamane | miwah sagung pra dipatya | pasisir wus anggabag | aglar prajuritirèku | Pamalang Barêbês Dêmak ||

49. cinacah wadyèng pasisir | bupati ingkang sakawan | sèwu bêdhil sênapane | kalih èwu kang anumbak | wus sami pirêmbagan | Kapitan Bagrak amuwus | hèh sudara Arungbinang ||

50. ing pundi mêngsah puniki | Ki Tumênggung Arungbinang | anyaosakên têlike | punika têlik kawula | wau dalu duk prapta | Pangeran Purubayèku | sampun ngancik ing Sumbêran ||

51. wontên sèwu kang prajurit | punika prajurit kuda | kathah kang dharat balane | lawan kang rayi kewala | Pangran Mangkukusuma | pangawat têngên puniku | dene pangawate kiwa ||

52. sakawan kang pra dipati | dene kang munggèng ing dhadha | Sultan Bantên sabalane | lawan punggawa satunggal | bêbantu lagi prapta | wingking prapta saking Kêdhu | pun Tumênggung Mangkudirja ||

53. Kapitan Bagrak lingnyaris | kadipundi karsa dika | gih tinata mungsuh mangke | sampun kapiran ing gêlar | kapok duk prang Wawala | wus kaledhon tinggal urus | angèl lan tan antuk wirya ||

54. amung gung dèn uring-uring | mring sudara Arungbinang | Tumênggung Têgil lingnyalon | hèh bênêr puniku tuwan | Tumênggung Arungbinang | kang wruh ing boboting mungsuh | ling Tumênggung Arungbinang ||

55. dika tuwan lawan mami | wontên ing pangawat kiwa |

--- 35 ---

yèn sampun cêlak mungsuhe | gih Pangeran Purubaya | Pangran Mangkukusuma | ywa malang tumolih ngriku | dèn amêlêng ing ngayuda ||

56. para Tumênggung ing Têgil | kapat Barêbês Pêmalang | wontên ing dhadha ênggone | sampun angrawati liyan | Sultan Tubagus Buwang | panêngên ing prang puniku | dene Bapak Gôndariya ||

57. wontêna pangawat keri | mungsuh kapat pra dipatya | ingkang kula kanthèkake | panèwu anumbakanyar | Adhi Jayawikrama | kalawan mantri sapuluh | tigang atus kang turôngga ||

58. dênê pra Dipati Têgil | gêbêngan kula kewala | ingkang kula kanthèkake | mung turôngga kalih dasa | dene pangiridira | pun Martadipa puniku | lawan pun Martadipura ||

59. hèh poma Martadipèki | aja andhingini nabrang | ing kali Joli campuhe | lan aja ngrawati ingwang | dèn mênang yudanira | Kapitan Bagrak amuwus | arak inggih saudara ||

60. para Tumênggung ing Têgil | pênêde angajangana | Sang Pangeran Purbayane | dene kula ngajangana | Sultan Tubagus Buwang | kyai tumênggung marêngut | sarya sru dènira ngucap ||

61. lah tuwan dèrèng mangrêti | kalamun sipat wong Jawa | tikêla sèwu balane | tandhing lan para pangeran | tuwan pan botên makan | wong mungsuh bêndaranipun | pasthi ulap pasthi mêngkap ||

62. Tumênggung Têgal nambungi | kumroyok katiga pisan | tuwan puniku pasthine | beda

--- 36 ---

Tuwan Arungbinang | kang sampun antuk lila | kang duwe dharah puniku | ngur dening sudara dika ||

63. wong pasisir ngiring-iring | maring Kumpêni kewala | bubuhan tuwan kapêngkok | puniku wanine uwas | kèndêl Kapitan Bagrak | wus anut pratikêlipun | mring Tumênggung Arungbinang ||

64. kang pirêmbag sampun dadi | sigra dènira têngara | tambur gumuruh wor bêndhe | kêndhang gong bèri sauran | samakta pra dipatya | anggawa dragundêr satus | lampahe Kapitan Bagrak ||

65. dragundêr sawidak kari | jalan kaki wolung dasa | ingkang kantun Litnan Busèt | wus budhal sagung gêgaman | saking Sagaluh enjang | abra lir pawaka murub | grêgut tan nêdya mundura ||

121. Durma

1. kawuwusa sira Pangeran Purbaya | kalawan ingkang rayi | pacalang tur piksa | yèn mêngsah badhe prapta | pangeran têngara aglis | kumrap kang wadya | nêdya ngantêp ing jurit ||

2. pangawate myang dhadha sami miyarsa | yèn mêngsah andhatêngi | pan amaju tiga | wus sami ingajangan | Pangeran Purubayèki | saking Sumbêran | amèt papan prayogi ||

3. ing Gêrantung dènira anata bala | prajurit kang turanggi | munggèng ngarsa nêbah | dharat kang tinindhihan | Kapitan Bagrak duk prapti | miwah ing wadya | para Tumênggung Têgil ||

4. pangiride pun Kapitan Gôndariya | Kapitan Bagrak aglis | sigra nêmpuh nunjang | Pangeran Purubaya | gagah sakêdhap nadhahi |

--- 37 ---

êdrèl sapisan | kuwur wadyanê ngisis ||

5. kuwur-kuwur pangerane kathèthèran | wau gêgaman Têgil | dupi anêrajang | rame campuh ing yuda | Sang Prabu ing Pakungwati | samya bêk pêjah | kot buta ngowak-awik ||

6. anglawani Ki Tumênggung Mangkudirja | gubêd sawadyanèki | anyabêt ing kanan | nunjang ngilês turôngga | wong Têgal akèh kang kanin | barise bubrah | kuwur akowar-kawir ||

7. pangawate sêmpal ingkang dhadha tadhah | dhokoh ing prang nindhihi | wong Têgal kapragak | punggêl gagal kèh gigal | wadya tumênggungan sami | gagahi tadhah | wong Bantên angêbyuki ||

8. kalih bêlah wong Bantên mangamuk wuta | aran wong Saralathi | wadya tumênggungan | sayah wus karepotan | Kapitan Gôndariyèki | rame prangira | lan kapat pra dipati ||

9. anduk tinuk ukih-ingukih kakahan | mawur ingamuk ngisis | ngamuk yudanira | Kapitan Gôndariya | Kapitan Bagrak angusir | marang pangeran | sumyur tan môngga pulih ||

10. dèn kêkinthil binêdhilan saparannya | Sang Prabu Pakungwati | asru aturira | Tumênggung Mangkudirja | anggèr suwawi gumingsir | ingkang pangawat | wus sêmpal kanan kering ||

11. raka tuwan Pangran Arya Purubaya | palajênge wus têbih | sigra sultan mudha | suwarèng balanira | wong Bantên mundur aririh | Ki Mangkudirja | rumêksa anèng wuri ||

12. Panêmbahan Tapa wus dangu prangira | nindhihi [ni...]

--- 38 ---

[...ndhihi] pra dipati | amor yudanira | mungsuh lan Gôndariya | tan wruh yèn sultan wus têbih | palajêngira | Ki Tapa kang anunggil ||

13. Cakrajaya ngalintêr pangrasanira | gusti durung kajodhi | mila taksih kêkah | Tumênggung Cakrajaya | lan Ki Tapa tarung malih | Kyai Rungbinang | maring kapitan angling ||

14. tuwan wingking punika wontên sanjata | parandene wus têbih | inggih palajêngnya | Ngangeran[7] Purubaya | miwah Sultan Bantên têbih | dawêg anabrang | sintên puniki jurit ||

15. nabrang ngalèr ki tumênggung lan kapitan | prapta salèring kali | mêngsah ngilèn samya | Ki Tapa gènira prang | maksih majêng ngidul sami | mungsuh Kapitan | Gôndariya jêngnèki ||

16. majêng ngalèr rame Ki Tapa dènnya prang | saking wetan ginitik | mring Kapitan Bagrak | lan Tumênggung Rungbinang | kagum samya gêbyur kali | anunjang mêngsah | Gôndariya nadhahi ||

17. ting kurambang saking pinggir binêdhilan | pati-pati tumbaki | langkung karusakan | Ki Cakrajaya lawan | Ki Tapa rowangirèki | akèh kang pêjah | miwah kang sami kanin ||

18. pan kasaput ing dalu luwar kang aprang | Ki Tapa bêngi-bêngi | taksih talusupan | lêlampah ing padesan | ana baris kèndêl sami | kagyat Ki Tapa | mungsuh panarkanèki ||

19. dangu-dangu anon wong Bantên swaranya | Ki Tapa marêpêki | nyata rowangira | wus manjing pasanggrahan | mung lêlima rowangnèki | datanpa kuda | prapta lajêng anangis ||

--- 39 ---

20. yudanira anindhihi Cakrajaya | mêngsah sarêng malêncing | wong Pagêlèn edan | gêtas têmên ing aprang | tobat tan pantês kinanthi | dawêg amisah | sultan alon nauri ||

21. gih punika Kakang Mas Adiwijaya | nèng Ngulakan inganti | nimbali ing kula | Si Kakang Mangkudirja | milane wau duk jurit | mungsuh wong Têgal | wong Pagêlèn sawiji ||

22. nora nana iya kang mèlu maring wang | mung kang Mangkudirjèki | tunggul yudanira | wong Têgal kèh kabranan | sadalu ngungun ing pikir | wuwusên enjang | budhal angetan sami ||

23. mring Ngulakan prapta panggih lan kang raka | Pangran Diwijayèki | sami rêrangkulan | yayi mas karsaningwang | yèn adhi maksih anunggil | lan raka para | Dhimas Purubayèki ||

24. tanpa wêkas lan dede kang sinêdhahan | mratikêlakên nguni | ênggèh rayi reyang | wêlinge rakanira | sang nata pan amung mami | ngundhagènana | satingkahing ngajurit ||

25. pan puniki wontên kang saguh tumuta | bêdhah Toyamas gampil | kalawan paekan | lawan Si Mangkudirja | ingkang dipun bêbotohi | lan yayi sira | ing prang amratikêli ||

26. nora dene prakosa bêdhah nagara | yèn bênêr pikirnèki | mungsuh tikêl kalah | mêngkono bisa reka | anging kang tinêdha adhi | yèn kalakona | bêdhah Toyamas adhi ||

27. mung wong sèwu ing Pamrêdèn lan ing Banjar | mêngko wus sun lilani |

--- 40 ---

yayi lêstaria | besuk ing karsanira | mêngko Si Suradipèki | wus ingsun pacak | iya nama bupati ||

28. sun arani Tumênggung Suradilaga | rong atus sun sangoni | bumi Gowong iya | rêmbug lan Mangkudirja | iki sagung pra dipati | nèng Kêdhu samya | agung kasoran jurit ||

29. langkung eca tyasira mirêng wacana | Sang Prabu Pakungwati | mingsêr barisira | mring Langon Kilènpraga | Pangran Adiwijayèki | lagya pirêmbag | lan Prabu Pakungwati ||

30. Pangran Purubaya wangsul barisira | marang Pamrêdèn malih | Pagêlèn wus eca | mungsuh wus sami nêbah | kunêng Kêdhu kang winarni | para dipatya | prajurit ing Matawis ||

31. Adipati Suryanagara minôngka | pangirid senapati | kalawan Pangeran | Arya Natakusuma | akathah kang pra dipati | ing sapunika | tinukup ing Kumpêni ||

32. Mayor Pèbêr lan Pandar Pol kang lumampah | Sungrat lan Kulman sami | nanging katadhahan | rame prang nèng Bareka | Pangran Natakusumèki | sêntananira | têtiga kang ngêmasi ||

33. kadangipun Tumênggung Môndraka pêjah | pun Mandadiranèki | miwah prajuritnya | Radèn Suryanagara | kalih pêjah pitu kanin | Kumpêni pêthak | sawêlas kang ngêmasi ||

34. Bugis Bali wontên tigang dasa pêjah | Kumpêninipun trohi | êpur yudanira | pan sami rêmpunira | langkung ramening ngajurit | pambujungira | sagung kang

--- 41 ---

pra dipati ||

35. pangêsuke kongsi mèh prapta ing Sêcang | pabarisan Kumpêni | lajêng pirêmbagan | sagung kang pra dipati | dene wadine Kumpêni | bêbantunira | kang prapti wanti-wanti ||

36. rêmbag sami tur uninga mring Mataram | nênggih ing senapati | Pangran Adipatya | Mangkunagara gènnya | ing Pajagalan Matawis | mangkya gènira | majêng barise malih ||

37. Têgal Bayêm sakidulipun Tangkilan | dadya rêmbage sami | dhatêng ing Mataram | benjang nadyan mêngsaha | saking kidul rêmbag sami | tilar punggawa | nèng Kêdhu mung kêkalih ||

38. Singaranu lan Tumênggung Sindugalba | mantri kang dèn kathahi | mantri kalih dasa | jaga ngriwuk kewala | jêbul kanan jêbul kiri | jêbul ing ngarsa | miwah jêbul ing wuri ||

39. sampun dadya pirêmbag ing dalu budhal | kang nêdya mring Matawis | nênggih Pangran Arya | Natakusuma lawan | Suryanagara Dipati | Tumênggung Mônda- | raka Wiradigdèki ||

40. Ki Tumênggung Jagalatan Pusparana | praptanirèng Matawis | pacak baris samya | nèng Jamus Pakangkungan | ngajêngkên baris Kumpêni | Trayêm pangarsa | Kumpêni duk miyarsi ||

41. nênggih lamun Dipati Suryanagara | lan sakancane sami | marang ing Mataram | Pangran Natakusuma | miwah sagung pra dipati | Kumpêni sigra | lajêng barisirèki ||

42. dhusun Pagondhangan sampun jêng-ajêngan | lan Suryanagarèki | sigratur uninga | ing Pangran Adipatya | Mangkunagara bantoni | Kudanawarsa |

--- 42 ---

wus campuh ing ngajurit ||

43. apan mêksa kasoran kang pra dipatya | gênge baris Kumpêni | pun Kapitan Sungrat | Pandêr Pol lawan Litnan | Kulman Sakèbêr gêdhugi | atur uninga | marang pangeran kalih ||

44. lamun Suryanagara Kudanawarsa | lan sagung pra dipati | tuwin ingkang paman | Pangran Natakusuma | sami kasoran ing jurit | langkung gêngira | inggih baris Kumpêni ||

45. sigra Pangran Dipati Mangkunagara | têngara budhal aglis | arsa anggêcaka | kang baris Pagondhangan | gumrêgut wadyanirèki | ing Jamus prapta | panggih lan pra dipati ||

46. wau Pangran Dipati Mangkunagara | parentah pra dipati | akarya pangawat | paman Suryanagara | Môndraka Wiradigdèki | sira dadia | iya pangawat kering ||

47. Paman Natakusuma Kudanawarsa | têngên kang sira goni | sigra sarêng mangsah | baris Kumpêni mêdal | sigra campuh ing ngajurit | dhadha pangawat | rame bêdhil-binêdhil ||

48. dadya môncanagara kinèn manglawang | têbih ing kanan kering | Tumênggung Kaduwang | Magêtan Jagaraga | Balora lan Pranaragi | ewon turôngga | kang dhadha ngangsêg wani ||

49. ya ta Pangran Dipati Mangkunagara | anyrêgakên prajurit | Kumpêni tumingal | mungsuhê langkung kathah | bubar kang bala Kumpêni | mundur atata | lajêng sinêrot wani ||

50. kuthèthèran Kumpêni palayunira | pondhoke dèn obongi | Pagondhangan sirna | kumpul Tarayêm nulya | Pangran [Pangra...]

--- 43 ---

[...n] Mangkunagarèki | lan pra dipatya | mundur mring Jamus malih ||

51. pêparentah Pangeran Mangkunagara | mring sagung pra dipati | padha ngrêriwuka | sakiwa têngênira | kang parêk baris Kumpêni | rusakên padha | dimèn aja kuwawi ||

52. anguluri iya ingoning Walônda | sandika pra dipati | Pangeran Dipatya | Mangkunagara budhal | wangsul Têgal Bayêm malih | prapta anulya | kang paman dèn aturi ||

53. Pangran Adiwijaya Nglangon barisnya | lan Prabu Pakungwati | lagya pirêmbagan | Tumênggung Mangkudirja | miwah ki tumênggung malih | Suradilaga | ingkang kinon rumiyin ||

54. angumpulna kang prajurit tata-tata | yèn wus samêkta sami | nuli utusana | iya bocah sausap | sun budhal lawan si adhi | kalih punggawa | budhalira dhingini ||

55. nulya prapta dutane wau kang putra | kang rama dèn aturi | sukur lamun lêga | malah kang ingaturan | Sang Prabu ing Pakungwati | nanging tan lêga | èwêd manawi salin ||

56. kang pinikir sampun kênyang pikirira | mukul Banyumas malih | dadya mung kang raka | Pangran Adiwijaya | ing Têgal Bayêm wus prapti | panggih kang putra | kang putra angujungi ||

57. wusnya tata dènnya sami lêlênggahan | kang ngadhêp dèn tundhungi | mung pangulunira | lawan Kudanawarsa | kang kinon angadhêp sami | sigra pangeran | lahir sarkaranèki ||

--- 44 ---

85. Pangeran Mangkunagara rêraosan badhe malik tingal mêngsah ingkang rama Sunan Kabanaran, Pangeran Adiwijaya kapupuh ing prang

122. Dhandhanggula

1. matarèkakên ing paman nênggih | Pangran Dipati Mangkunagara | malik ing tingal karsane | mungsuhi rama prabu | rêbut bêja ing Tanah Jawi | Pangran Adiwijaya | wau duk angrungu | sidhakêp astapirrolah | pikir apa iya kang mangkene iki | dene liwat lêngkara ||

2. nora patut babo anak mami | pan dhèwèke kawilang prawira | kalok ing jagat wiryane | ing aprang sudibyanung | yèn jêbula pikir nyêkuthil | kalok rêbut cokotan | saru yèn rinungu | duraka wani wong tuwa | nadyan padha wong tuwa ramanirèki | kang sumare Nglaweyan ||

3. durung gawe bêcik mring sirèki | iki iya padha ramanira | mring sira akèh bêcike | wus kêrêp atêtulung | lamun sira kasoran jurit | kinukup dinan-dinan | lamun sira rêmpu | ingulih-ulih kang lawan | ingulihkên malih mring bawahirèki | pinikul ingawakan ||

4. dèn andhêmi praptèng baya pati | babo nyawa apa walêsira | wong tuwamu apan akèh | dene mung siji iku | kang anyakup ing baya pati | kang putralon aturnya |

--- 45 ---

paman kang puniku | sami ugi lan kawula | yèn kinarya manggala inggih ngandhêmi | rêmak dipun bandhêmna ||

5. ujêr rayi sampeyan pribadi | kêsangêtên anggêga pun Rôngga | kang tinut sapanggawene | kang paman asru muwus | reyang iki durung mênangi | kalamun Adhi Rôngga | duwê atur dudu | wus lawas reyang kêkancan | aja sira anggêp atur tan sayêkti | wong ala amrih bubrah ||

6. kang kelangan mung sira pribadi | iya lamun lawan pamanira | ing tanah Jawa rusake | karana roro iku | kang têtela bisa nglakoni | amikul tanah Jawa | karsane Hyang Agung | dene kang akèh kang padha | adhêdhumpil amèt waris ing sirèki | lan maring rama para ||

7. pituture anglir toya mili | Pangran Adiwijaya mring putra | Pangran Mangkunagarane | kang putra sêmunipun | datan keguh saengga wukir | kêna angin ukuran | tan môntra ing sêmu | yèn labêt kênèng maruta | dadya buntu Pangran Adiwijayèki | lir kanin kêna gotra ||

8. kadang lawan kaponakan sami | tyasnya kadi kasêsêlan arga | nênggak kumêmbêng waspane | tan pamit unduripun | lajêng budhal sawadyanèki | Pangran Adiwijaya | karsane anusul | mring kang rayi ing Sêmaya | angantosi Sang Rajèng Mangkarawati | Pangran Mangkunagara ||

9. panyanane kang paman duk mijil | mundur marang pakuwon kewala | tan dipe lajêng budhale | wadya kinèn anusul | Jagalatan [Jagala...]

--- 46 ---

[...tan] ingkang tinuding | lampahe sêsandêran | nèng marga kasusul | umatur Jagaulatan | kathah-kathah pangandikanira aris | Pangran Adiwijaya ||

10. Jagalatan umatura aglis | iya marang ing bêndaranira | lamun mêngkono karsane | ingsun tan bisa ngrungu | ngur adoha wak ingsun iki | nora kagawa-gawa | iya ta lor kidul | Pangeran Adiwijaya | datan kêni ingaturan wangsul malih | lajêng sabalanira ||

11. Jagalatan datan antuk kardi | ingkang paman tan purun wangsula | wus alajêng sabalane | ingkang rayi kasusul | Sang Aprabu ing Pakungwati | nèng dhusun Pagadhingan | dènira kasusul | sami lajêng lampahira | marang Gowong anungkak punggawa kalih | kang kinon kumpul bala ||

12. Ki Tumênggung Mangkudirja nênggih | lawan Tumênggung Suradilaga | wau wong agung kalihe | kèndêl ing lampahipun | Kaliabu sawadyanèki | pan lajêng masanggrahan | wadya sami cucul | tan atêbih unggyanira | Sultan Bantên lan kang raka mung lêt kêdhik | satêngah dhusun Wangan ||

13. salèr Wangan kang dèn pasanggrahi | wau Pangeran Adiwijaya | Sultan Bantên ing kidule | Pangran Diwijayèku | lajêng siram dhatêng ing kali | lèpèn agêng lèr desa | ing jêjurang punthuk | margi saking lèr punika | kawuwusa bala Kumpêni sakenjing | lêlampah pan anglarag ||

14. Singaranu kang dèn pêparani | nanging amung manggihi sakêdhap | angical Singaranune | Kumpêni nêdya wangsul |

--- 47 ---

Litnan Kulman ingkang nindhihi | dragundêr tigang dasa | Bugis Balinipun | sadaya mung kalih bêlah | wonge Jawa kalih atus winitawis | mantrine mung lêlima ||

15. Kumpêni Slam Kapitan Tan Trohi | anèng marga Mênorèh kapanggya | kaki-kaki saking kilèn | ngênthir palayunipun | dèn adhangi mring para mantri | kaki sira mandhêga | pagene lumayu | kaki tuwa saurira | Kaliabu kula puniki angili | wisma kula kêbrokan ||

16. ing Pangeran Adiwijayèki | inggih prapta saking wetan lawan | Sultan ing Bantên sarênge | upsir pra samya ngrubung | apa akèh bature kaki | ature botên kathah | wontên tigang atus | balanipun kang akathah | wontên Gorong Sultan lan Kapitan Trohi | ambêrêg pinurugan ||

17. nanging dhêdhêp sampun ta katawis | nadyan mukula tambur yèn cêlak | yèn sampun katon mungsuhe | sigra ngilèn wadyagung | pan adhêdhêp lampahirèki | wontên gandhèk satunggal | magang têgêsipun | gêng inggil Walandinira | ingkang nêmên anèng ing ngarsa pribadi | lampahira gya prapta ||

18. dhun-udhunan gok-enggokan margi | katon anjirap wong angon jaran | Kumpêni anambur age | umyung surak gumuruh | dragundêre garudug bêdhil | gègère abusêkan | kuwur-kuwur kawur | pangeran kasusu mêntas | reyab-reyab lan Bok Ajêng Gôndasari | Kumpêni tan uninga ||

19. ngawur bae [ba...]

--- 48 ---

[...e] dènnya ambêdhili | sipat katon dèn bêdhil kewala | gamêle amapagake | pangeran kudanipun | risaksana sampun anitih | mundhut waos tan ana | wurung arsa ngamuk | arsa nandêrakên kuda | sêliripun anjêlèh Bok Gôndasari | sambat-sambat Pangeran ||

20. Litnan Kulman lan Kadhèt miyarsi | Walônda magang anarik pêdhang | sinogok jôngga iringe | yèn angarsakna laju | kadi botên dipun tututi | pijêr akuthikiran | nganti sêliripun | arsa ginoncèngkên kuda | sigra kadhèt lan tambur sami mêdhangi | sayah pangeran rêbah ||

21. prapta Tulung Rajèng Pakungwati | nêmpuh angamuk kuda sadaya | wontên salawe dharate | anunjang ngamuk punggung | tinadhahan Kapitan Trohi | wantu sampun kapapan | ngamuk tan pakantuk | prajurite mati papat | Sultan Bantên undure dipun bêdhili | nyênggrang mring kidul desa ||

22. sakin kathah prajuritirèki | wontên sèkêt kang sampun samêkta | amor Sultan Bantên age | tambur banderanipun | Sultan Bantên ingkang nindhihi | nging maksa katadhahan | kèri tatanipun | Walandi Kadhèt kang magang | ingkang mocok utamangganing ngajurit | Pangran Adiwijaya ||

23. lajêng bubar kang bala Kumpêni | nuju mayor saking Sêcang prapta | mring Tarayêm sabalane | Litnan Kulman kasusu | dèn kêkinthil marang kang abdi | Pangran Adiwijaya | lan kang rayi wau | pan Sultan Tubagus Buwang | kêdah ngamuk angrêbat [angrê...]

--- 49 ---

[...bat] datan pakolih | kêdhik sampun kapapan ||

24. sapraptane sabrangan Pêragi | kang nututi wus wangsul sadaya | Sultan Tubagus Buwange | Kulman lan Trohi sampun | lampahira Tarayêm prapti | katur satingkahira | duk wau prangipun | lan Pangran Adiwijaya | anèng Kaliabu kapupu ing jurit | lawan sêlir kabandhang ||

25. Mayor Pèbêr undhang pra dipati | sami prapta tumênggung sadaya | Tumênggung Wiradigdane | myang Surajênggalèku | miwah wau Ki

Rajaniti | mustika munggèng talam | wontên ing bêbangku | sami kinon mariksaa | punapinggih antuke Kulman puniki | Pangran Adiwijaya ||

26. rurub sinjang pêthak dèn ungkabi | sarêng jêtung barêbês waspanya | Tumênggung Wiradigdane | sarwi asênggruk-sênggruk | duk tumingal Ki Rajaniti | miwah Malangnagara | Surajênggalèku | pra dipati pan sadaya | rawat waspa asêrêt saurirèki | inggih yêktos pangeran ||

27. Mayor Pèbêr sigra mundhut mantri | kintun sêrat marang ing Samarang | dragundêr rolas lampahe | lawan mantri pêpitu | kuda sèkêt ingkang lumaris | angatêr lampahira | mustikanirèku | praptane nagri Samarang | wus tinampan tinulak dutanirèki | mantuk bêkta parentah ||

28. gya Sakèbêr carakaning manggil | Kapitan Bagrak lan Arungbinang | kang abaris ing Pagêlèn | sami prapta ing Kêdhu | duta saking Samarang prapti | lamun ta Litnan Kulman | puniku jinunjung | nênggih anama kapitan | lawan kadhèt [ka...]

--- 50 ---

[...dhèt] Walandi magang kinardi | kurnèt sami sakala ||

29. Kumpêninira Kapitan Trohi | koprale sami minggah Sareyan | Sareyan minggah Alpèrès | pawarta wus misuwur | Adipati Suryanagari | angaturi uninga | lamun sedanipun | Pangeran Adiwijaya | prang ing Kaliabu kapupu ing jurit | carakanira prapta ||

30. mring Pangeran Mangkunagarèki | duk miyarsa sigra atêngara | samêkta budhal barise | majêng awor panganjur | ing Tarayêm arsa anggitik | nanging kathah kang malang | pangran langkung bêndu | kapupune ingkang paman | lir taksaka molah pinidak kang pêthit | dene kang pra dipatya ||

31. milanipun samya dèn aturi | ing Tarayêm samya pakumpulan | Kapitan Bagrak Pagêlèn | lan Arungbinangipun | lan akathah bêkta prajurit | dadya wau Pangeran | Mangkunagarèku | parentah ngalèncèrana | mring Tarayêm Suryanagara Dipati | pangiriding gêgaman ||

32. ing Tarayêm samya ngati-ati | mungsuh katingal ewon kudanya | sami malawat lampahe | wau ta kang winuwus | Pangran Arya Purubayèki | miyarsa yèn kang raka | ing aprang kasambut | langkung sungkawèng wardaya | sêdhih kingkin barise wus mundur malih | marang wetan Paraga ||

--- 51 ---

86. Prajurit Sukawati campuh kalihan prajurit Surabaya

33. wus sarêmbag dènnya karya tulis | Pangran Dipati Mangkunagara | atur uninga badhene | mring kang rama sang prabu | ingkang wontên môncanagari | Mantri Suryanagaran | sakawan tinuduh | kunêng malih kawuwusa | ingkang lagya angradin môncanagari | Sang Natèng Kabanaran ||

34. sampun tumindak sri narapati | èstu nêdhaki mring Surapringga | mêdal ing Jipang badhene | inggih sakidulipun | Pandhan Toya kang dèn margèni | dènira masanggrahan | anèng Pandhan Banyu | margi èwêd môngsa jawah | mila rubêd ing lampah rêmbên sayêkti | anèng ing tanah Jipang ||

35. dutanira Pangran Singasari | prapta ngaturkên pranakan Jipang | anak putu Mataune | têtiga ingkang sêpuh | Natapura lan Kartasari | katiga Jayèngrana | ing saaturipun | apan sampun tinarima | pinarapat ing Jipang ingkang nyêpuhi | Tumênggung Natapura ||

36. wolung èwu ing Jipang nagari | Natapura ingkang dadi tuwa | lungguh patang èwu dhewe | kêkalih arinipun | Jayèngrana lan Kartasari | sami angalih bêlah | ngalih bêlah èwu | sèwu pinundhut sang nata | salamine dadya Tumênggung amiji | pun Suradimênggala ||

37. duk maksihe anèng Sukawati | pun Tumênggung Suradimênggala | sampun dadi

--- 52 ---

punggawane | dene kang pitung èwu | tinanêman punggawa katri | sami sakadangira | anak ing Mataun | Bupati ingkang têtiga | pinaringkên dhatêng ingkang rayi kalih | Pangeran Singasêkar ||

38. anèng Tuban Pangran Singasari | mila datan asowan kang raka | dènnya andina prang rame | lan Tumênggung Sadayu | mungsuh malih Petor Garêsik | ing Lasêm ing Lamongan | kang sampun anungkul | wus akathah balanira | miwah sagung pocotan mantri pasisir | suwita ing pangeran ||

39. ing nalika wontên Pandhan Warih | nênggih wau kapatèn punggawa | Pangran Mangkudipurane | Bupati ing Madiun | sri narendra gupuh nêdhaki | marang pakuwonira | Pangeran Madiun | kalangkung pangungunira | ingantukkên pinêtak Madiun nunggil | ing kaki buyut canggah ||

40. ya ta wau parentah sang aji | marang Dipati Wiranagara | kinon dhingini budhale | saking ing Pandhan Banyu | ngidul ngetan lampahirèki | anjog ing Wirasaba | wong Jipang katuduh | mantri sakawan wangsula | yèn wus nabrang kang anjog Wirasabèki | budhal sawadyanira ||

41. lan Dipati Cêbolang tinuding | wadya pangarsa sabalanira | mungsuh wus cêlak ênggone | prajurit Surèngkewuh | ingkang sami atêngga tamping | wontên dhusun ing Tambar | dêdamêle sèwu | nging mantri desa kewala | pacak baris Kandhuruhan Kêbo Lêngkir | kang baris anèng Tambar ||

42. nata budhal saking Pandhan Warih | Dêmang Sukawati kang sadasa | nênggih [nêng...]

--- 53 ---

[...gih] satus kapalane | winor punggawa ngayun | akanthia wong Surawèsthi | Dêmang Gonggang Galungan | lan Soka Jêngkilung | Tambak Tanewung kalawan | Dêmang Mungkung Rajêg Wêsi Gondhang Rawing | tate angrusak jagang ||

43. saking Pandhan Banyu mung sawêngi | masanggrahan Natèng Kabanaran | nuntên abudhal enjinge | panganjur wus acampuh | lan prajurit ing Surawèsthi | wanci pukul sawêlas | para dêmang muwus |

marang Dipati Cêbolang | ki dipati prajurit ing Surawèsthi | sampun wontên ing ngarsa ||

44. sami sampeyan kèn wontên wingking | campuh ing prang suraka kewala | Dipati Cêbolang linge | Kakang Soka Jêngkilung | miwah bapa ing Gondhangrawing | kula kang botên tega | bilih boting mungsuh | adate wong Surabaya | para dêmang sadaya sami nauri | sanadyan makatêna ||

45. ki dipati sampun walanggalih | apan sampun padamêlan kula | Cêbolang asru wuwuse | bêdhile têlung atus | Kandhuruhan ing Kêbo Lêngki[8] | angling kang para dêmang | nadyan bêdhil sèwu | saksana barise mapag | Ki Cêbolang balane ngêtêbi wuri | mungsuh wawas-winawas ||

46. para dêmang atêngara bèri | lajêng kukuk sami nabêt kuda | nandêrpati panêmpuhe | binêdhilan gumrudug | maksih nêmpuh ngilês turanggi | kagum wong Surabaya | bubar kawur-kawur | malêdug kathah kang pêjah | sami ngungun Cêbolang prajuritnya ngling | mangkene tangkêpnya prang ||

47. tan angrasa

--- 54 ---

mungsuh manungsèki | kaya amungsuh sato kewala | bêrêg kidang manjangane | sami suka gumuyu | Kandhuruhan ing Kêbo Lêngkir | kature kang kacandhak | mati kang pêpitu | bature gêrus agiras | arsa ngêsuk para Dêmang Sukawati | nging Dipati Cêbolang ||

48. kèndêla sampun angusir malih | apan èwêd ing ngajêng punika | awit arupak papane | mung ngriki kang apatut | kang dadosa panggenan baris | pasanggrahan sang nata | amukti wadyagung | kèndêl ngaturi wuninga | wadya Surabaya wus sami angrakit | kang badhe masanggrahan ||

49. wismèng dêmang dhusun agêng asri | kali ngubêngi wisma atusan | sami joge gêdhe-gêdhe | sadaya wismanipun | Dêmang Gêbyog pagêre bumi | kang jaga sêsaosan | pasanggrahan prabu | sarawuhira sang nata | saha bala ing Tambar dèn pakuwoni | sagung kang paman ngarsa ||

50. atur sirah pêpitu kang kêni | Ki Dipati Cêbolang ngandikan | tinanggap ing saature | Cêbolang paran mau | bocah ngarêp dènira jurit | Cêbolang matur nêmbah | pan sampun gumuyu | pukulun abdi paduka | ngeramakên Jangrana aturirèki | kadya ambêrêg sangsam ||

51. datan môntra mêngsah manungsèki | kadya amêngsah sato kewala | tan wontên mutawatire | sami suka gumuyu | ingkang wontên ngarsa narpati | sang nata angandika | wus watêke iku | yèn amungsuh padha Jawa | pangrasane kaya andulu cêcindhil | lir anggitik [anggi...]

--- 55 ---

[...tik] kaluwak ||

123. Pocung[9]

1. sang aprabu alon pangandikanipun | iya kari pira | kutha ing Surabayèki | inggih kantun sadalu margi kewala ||

2. langkung gugup caraka kadi sêsulung | kang maring Samarang | nêdha bantu ing ngajurit | Mangkubumi dhêsak nagri Surabaya ||

87. Sunan Kabanaran botên èstu anggêcak Surabaya, awit saking pambujukipun Adipati Madura

3. ya ta wau langkung sungkawa gupêrnur | cipta katiwasan | yèn bêdhaha Surawèsthi | nora wurung pasisir kerut sadaya ||

4. sakèhipun loji-loji sadaya wus | kinon urunana | bêbantu mring Surawèsthi | kasor-kasor kang sami têngga dagangan ||

5. kêna urun bantu mring Surabayèku | mandar Bandar Banjar | Sumênêp Sambawa prapti | sami tugur ing nagari Surabaya ||

6. kumpulipun Kumpênine putih sèwu | Bali Bugisira | kalih èwu bêcik-bêcik | Madurane kang tugur langkung salêksa ||

7. kriganipun wong Sumênêp tigang èwu | dêlèr wus putusan | mrasanak mring Rajèng Bali | pan atumbas prajurit di tigang lêksa ||

8. panêdhane mung antuka kalih èwu | ingkang pêpilihan | tugur ing Surabayèki |

--- 56 ---

Panêmbahan Cakraningrat kang kinarya ||

9. tindhihipun senapati ing prang pupuh | langkung pinasrahan | parentahe bala Bali | Cakraningrat ing tyas angguguk kewala ||

10. badhenipun wus rêmbagan pra tumênggung | nênggih Surabaya | ingkang jaga ambeyani | angangsahna ing layange kamandaka ||

11. wantu-wantu idêlèr dènnya kêkintun | marang panêmbahan | linoma pangrasanèki | nanging guguk lair batin panêmbahan ||

12. wus sarêmbag pra Tumênggung Surèngkewuh | ing sakarsanira | panêmbahan tan gumingsir | anyaosi prabeyaning kamandaka ||

13. rêyalipun kewala kang patang èwu | cindhe satus kêmbar | ingkang warni sinjang kêling | lan sangkêlat sadaya pan tigang jodhang ||

14. waosipun talêmpak landheyan wrêgu | sadaya nêm bêlas | balongsong mas sopalnèki | anyatail mase sami tuwa-tuwa ||

15. malihipun talêmpak landheyanipun | pèlèt katimaha | wêwolu êmas kang manjing | nigang reyal mas rêgi bèh ro sadaya ||

16. pistulipun ingkang sêdhêng patang puluh | alus patang pasang | sinarasahan rêspati | paidon mas kacu mas lopak-lopak mas ||

17. kudanipun sakêmbaran kore dhawuk | kathah cinatura | atur-ature kêkirim | kang sinarêng lawan sêrat kamandaka ||

18. dutanipun kêkalih wong Surèngkewuh | Madura satunggal | andêl pun Kuda Prang Langit | sigra mangkat mring Tambar katri [ka...]

--- 57 ---

[...tri] caraka ||

19. munggèng ngayun bêras kêbo miwah lêmbu | gêbiri kang menda | pasanganane tan kari | saisine Madura lan Surabaya ||

20. praptanipun Mas Rôngga ingkang jinujug | caraka turira | kula dutane kang rayi | Cakraningrat lan caraka Surapringga ||

21. ya ta gupuh duta ingirid lumêbu | gêgawane aglar | akathah awarni-warni | angêbêki jawi regol pasanggrahan ||

22. canthèl atur Mas Rôngga ngandikan mlêbu | praptèng ngarsa nata | Mas Rôngga matur wotsari | dutanipun rayi dalêm ing Madura ||

23. kanthinipun kalih duta Surèngkewuh | carakèng Madura | nama pun Kuda Prang Langit | Surapringga pun Ngabèi Suradirja ||

24. malihipun pun Dêmang Sirnatayèku | sang nata ngandika | iya timbalana aglis | Rôngga mêdal lêbête ngirid caraka ||

25. praptanipun ing ngarsanira sang prabu | carakèng Madura | sigra pun Kuda Prang Langit | sèlèh dhuwung mangsah ngaras padèng nata ||

26. sru gumuyu sang nata têtanya arum | sira kaslamêtan | wong iki kaping pat iki | Si Prang Langit bae sok ingkang dinuta ||

27. unduripun tan sinung doh lungguhipun | ngaturakên surat | tinampan ngandika aris | hèh Prang Langit iki apa nganggo gêmak ||

28. katon têmên Prang Langit gustimu iku | sabên akongkonan | nèng alas têngahing jurit | nora lali anjaluki kêkiriman ||

29. nêmbah matur Prang Langit [Langi...]

--- 58 ---

[...t] sarwi gumuyu | pukulun narendra | môngsa wandêa gih pasthi | panuwune paksi ing jêng padukèndra ||

30. sêratipun binuka sinukmèng kalbu | tur sêmbah kawula | katura ing padukaji | rayi dalêm pun Adipati Madura ||

31. kula nuwun ing karsa tuwan pukulun | têdhak wontên Tambar | arsa gêcak Surawèsthi | lah ta inggih pakantukipun punapa ||

32. pan pukulun kawêca prajurit punjul | tilara ungkara | ing krama angêbur niti | sakalangkung inggih pangowêl kawula ||

33. inggih lamun paduka prang tambung laku | apan jêng paduka | karsa ngradin tanah Jawi | atêtulung dhatêng ing manungsa Jawa ||

34. arsa gêpuk suku nagri Surèngkewuh | wadhuking Samarang | sirah nagri ing Batawi | langkung nistha prang kawit pêthit ginêcak ||

35. sakalangkung kanisthan dalêm pukulun | lamun makatêna | paduka kalok ing bumi | yèn prajurit sudibya tumamèng laga ||

36. lêrêsipun anggitika sirah wadhuk | Batawi Sêmarang | pan tiyang Jawi puniki | pra dipati taksih sami ngingu sadat ||

37. pasthinipun sadaya angayun-ayun | têrus kabatinan | mujèkakên padukaji | tinulusna dening Hyang Lata wal Ujwa ||

38. wuwuhipun ing kaprajuritanipun | mugi ta sagêda | têtulung sêdhihing dasih | prihatine wadya pasisir sadaya ||

39. lah pukulun puniku pamujinipun | kang abdi sadaya | gêdhe cilik wong pasisir | kang mangkono munduran arsa ginêcak ||

--- 59 ---

40. sampun nungkul batin cipta kang satuhu | pamujining wadya | wajib paduka lawani | lèn tulusa ambêk umbul-umbul Kur'an ||

41. tuwan rêmpu kalongan kelangan tuhu | lair batin tuna | buwang pamujining dasih | sapasisir padha lan wali wolulas ||

42. yèn pukulun anêtêpi kang satuhu | ambêdhah Samarang | bêdhah bêcik nora bêcik | sok sampun ta pêdhot ing niyat kewala ||

43. sang aprabu duk miyarsa unjukipun | kang rayi Madura | kang kawrat sajroning tulis | langkung lêrês kautaman kaluhuran ||

44. suratipun kang munggèng wêkasanipun | nuwun kintun gêmak | lan angaturkên kang bêkti | prasêtyane pun Tumênggung Surabaya ||

45. kalihipun punika kang atur-atur | kados botên kirang | saking salêksa pangaji | kadya paran yèn tuwan nutugna karsa ||

46. abdi sampun mêdal katêmênanipun | lamun rinisaka | ing tingkah ngudubilahi | botên arus pinanggih ing dalil kiyas ||

47. sampun lêsu niyat ilang sêrêngipun | lingsêm binanjurna | mèh dudu darahing aji | wong anêrak marang ujar kabêcikan ||

48. mung sadalu duta sinungan wêwangsul | pinangadêg samya | miwah kris sami pinaring | enjing pamit mantuk dutèng Surapringga ||

49. pêndhakipun enjing nimbali wadyagung | Dipati Cêbolang | lan sagung kang pra dipati | ing bang wetan dinangu sudaning udan ||

50. ing puniku rina wêngi jawahipun | nuju wulanira | Mulud êje tahunèki | aturipun [atur...]

--- 60 ---

[...ipun] pun Adipati Cêbolang ||

51. inggih nuwun tangèh kantun kawan tèngsu | kados wulan Arwah | punika ngarang-arangi | yèn punika èstu tan kenging tinêrak ||

52. sang aprabu alon pangandikanipun | yèn mêngkono apa | iya enak dèn unduri | mangkenea karya musakating bala ||

53. pakalindhuh akèh têmên kuda lampus | Dipati Cêbolang | tuwan ngarsakna ngèndêli | kang prayogi ing Madiun Pranagara ||

54. liyanipun nagari botên kacakup | lah iya Cêbolang | mung roro iku kang sait | kang kanggonan saking gunging wadyaningwang ||

55. rêmbagipun sampun dadi unduripun | dhatêng Pranaraga | nèng Tambar wus kalih sasi | dèrèng wontên mêndhane andina udan ||

56. milanipun punggawa sami turipun | ngaturi mundura | dhatêng Pranaraga malih | nanging sami ngundhang siyaga kewala ||

88. Tumenggung Suradimenggala ing Jipang ambeka nyuwun dipun indhaki sabinipun. Sunan Kabanaran duka. Kyai Tumenggung kapatrapan ukum pejah

57. pan kasaru wontên sêmpalan sinêndhu | punggawa satunggal | amanggih sêrik ing galih | ngandêlakên wong lawas bangêt sisipnya ||

58. Ki Tumênggung Jipang nênggih namanipun | Suradimênggala |

--- 61 ---

salamine muring-muring | lêlungguhe têka kèh kang lagi têka ||

59. laminipun Tumênggung Natapurèku | sakadange ika | ingkang dadi mungsuh sami | mêngko têluk têka antuk sawah kathah ||

60. jamakipun akèha sawahe ingsun | dadya aputusan | mring ratu ibu narpati | nuwun tulung umatur mring putra nata ||

61. sabinipun Natapura kawan èwu | sèwu kang dèn longa | wuwuha lungguhirèki | rong èwu Tumênggung Suradimênggala ||

62. ya ta wau nênggih kangjêng ratu ibu | kacangkol tyasira | dene ingkang abdi lami | padha-padha punggawa milu bêbakal ||

63. Ki Tumênggung Suradimênggala iku | abagus agagah | tur prawira ing ngajurit | dadya dhangan Ratu Ibu karya surat ||

64. suratipun kang katur ing putra prabu | nuwunakên lênggah | wuwuha lalênggahnèki | rong èwu Tumênggung Suradimênggala ||

65. suratipun lumaksana kangjêng ratu | sapraptaning Tambar | surat katur ing narpati | saking ibu wus tinampan tinupiksa ||

66. têmbungipun kang ibu ngaturi pemut | abdine kang lawas | punggawa tanapi mantri | sampun kongsi inggih nandhang kasusahan ||

67. pun Tumênggung Suradimênggala iku | bênêr panyuwunnya | awuwuha sèwu malih | dèn longêna lêlungguhe Natapura ||

68. prandenipun isih kantun tigang èwu | gih pun Natapura | sang nata dèn èngêt ugi | inggih pun Tumênggung Suradimênggala ||

--- 62 ---

69. pra tumênggung sami cablèk-cablèk lêmut | yèn darbe panêdha | sapatute dèn turuti | sampun kongsi ing tyas manggih kasusahan ||

70. sawusipun maos srat sang nata jêtung | nimbali Mas Rôngga | lawan Kaji Tapsirudin | katigane Kyai Ngabèi Dul Jalal ||

71. katiga wus prapta ngarsanira prabu | Mas Rôngga nguncalan | sêrat winaos tumuli | wusnya têlas Mas Rôngga anênggak waspa ||

72. kang cinipta tiwasing sariranipun | pisahe kalawan | Jadirja Suryanagari | ing sabarang prakara tan bisa ngangkat ||

73. suratipun lajêng sinungakên wau | Ngabèi Dul Jalal | lawan Kaji Tapsirudin | pan winaos sang nata asru ngandika ||

74. lah ta iku pikire wong apa iku | nora rêrêmbugan | Rôngga kalawan sirèki | apa dene têtarènan mring wong tuwa ||

75. bênêripun sun nyêdhakkên wong tuwèku | ya Si Ngabdul Jalal | iku lungsuran bupati | Ki Tumênggung Wirasastra Nagri Dêmak ||

76. yêkti patut dèn saba anjaluk tutur | barkate wong tuwa | kacèk wêwekane pasthi | wêruh marang alang ujure prakara ||

77. kaya iku anjaluk wuwuhe lungguh | nagara ing Jipang | tanpa mata tanpa kuping | apa uwis rata kabèh tanah Jawa ||

78. dênê besuk yèn wus bêdhah Surèngkewuh | iya kêna uga | duwe panjaluk ngarani | ing samêngko sayêktine dudu beka ||

79. apan iku dudu wit ing karsaningsun |

--- 63 ---

Adhi Singasêkar | panuwune marang mami | aprakara iya prakara ing Jipang ||

80. nyaosakên paranakaning Mataun | ginawe dandanan | iku karêpe si adhi | ujar bênêr ya sun turut kewala ||[10]

81. dênê besuk yèn tiwasa karsaningsun | abêr ing ngayuda | yêkti sun pundhut pribadi | sun salini êndi kang bêcik karyanya ||

82. pasthi kono panggonan panjunjungingsun | ing mêngko kaya pa | lagi arungan ing kardi | apan uwis wong sèwu miji maringwang ||

83. iku ingsun ya uwis nama sêkuthu | pan nagari Jipang | sun srahakên mring si adhi | lagi ingsun pacak manggalaning aprang ||

84. sun paringi pawitan ing Jipang iku | sun long sèwu iya | lungguhe sangunirèki | dhèwèke Tumênggung Suradimênggala ||

85. lamun iku kurang upacaranipun | kaprabon punggawa | kurange busananèki | nênuwuna mring ibu iya prayoga ||

86. jaluk lungguh ing nagara Jipang iku | iku tan kagungan | ingkang duwe iya mami | lagi ewuh ing mêngko nagara Jipang ||

87. kang sun tuduh kasenapatèn prang pupuh | Dhimas Singasêkar | ing Jipang dadi wêwinih | wiwitaning mêmangun asmarèng laga ||

124. Asmaradana

1. sang nata ngandika malih | marang Ngabèi Dul Jalal | hèh Dul Jalal paran kuwe | paukumane ambeka | ngêruwêdi prakara | ingkang kaya si tumênggung | iya Suradimênggala ||

2. Ki Ngabdul Jalal wotsari | pukulun [pu...]

--- 64 ---

[...kulun] sumanggèng karsa | yèn katrapa ing lêpate | sawêg sapisan punika | kenging ugi ngantosan | campur pênêd pun tumênggung | nênggih Suradimênggala ||

3. yèn kapuntêna utami | iya padha tuturana | dènnya abangêt lupute | aja mindhoni prakara | kang nora kabênêran | sang nata nimbali jagul | ing pawon kalih wus prapta ||

4. nanging bêbêkêl tinampik | sang nata alon ngandika | kabêcikên bêkêl kuwe | misih padha kêkêrisan | padha wuda bêbêdnya | golèka sikêp kang punuk | kang bêbêd bagor momohan ||

5. kang sabuk dêbog sasuwir | tan adangu nulya prapta | sikêp bêbêt bagor amoh | sami susun punukira | kinon ikêt siladan | sang nata ngandika asru | padha mêtua paseban ||

6. lan sira undhanga aglis | kang pra dipati aseba | Si Suradimênggalane | timbalana mring paseban | katri sarêng mêdalnya | ngundhangan kang pra tumênggung | sadaya kang sami prapta ||

7. ya ta wau sri bupati | amuruk sikêp kalihnya | ingkang kinon dhawuhake | marang Suradimênggala | dangu pamulangira | kinèn bêkta aritipun | gêgaman kang sinangkêlang ||

8. sigra sikêp kalih mijil | kang pra dipati wus aglar | angadêg sarwi têtakèn | pundi Suradimênggala | tumênggung sèwu Jipang | sigra wontên mantri tuduh | gih punika ngarêp dika ||

9. sigra sami malangkêrik | anjêlèh dènira ngucap | dubilah [dubi...]

--- 65 ---

[...lah] bagus rupane | patut dadia sêntana | sêdhêng yèn kêmlungkunga | kaya bêcik pêrangipun | hèh Ki Suradimênggala ||

10. timbalane sri bupati | sira njaluk wuwuh sawah | iya bumi Jipang manèh | alah si sèwu kewala | iya bumi ing Jipang | alapên kang wolung èwu | aja tanggung babar pisan ||

11. nuli mangkata pribadi | angambil nagara Jipang | nanging iku kang aduwe | ingkang rayi Sri Narendra | Pangeran Prabu Jaka | pinaringkên mring sang prabu | kang rayi sarta pinacak ||

12. kasenapatèn ing jurit | ngrêbat pasisir bang wetan | samêngko Tuban ênggone | Pangran Arya Prabu Jaka | tundhungên gêntènana | têkanta jêjulukipun | pèkên anggonên wasisan ||

13. Suradimênggala nangis | bupati môncanagara | pra samya gumujêng kabèh | para Bupati Mataram | tumut jêtung sadaya | dadya ngrêkêd gujêngipun | punggawa môncanagara ||

14. nanging maksih ting cêkikik | mulat wau solahira | sikêp ingkang dhawuhake | solahe ladak kumêthak | ikêtipun siladan | agung nyikut aritipun | dhawuhe anyêntak-nyêntak ||

15. paran ta aturirèki | hèh Ki Suradimênggala | pijêr mrêbês mili bae | lah maune kaya ngapa | dene ta kaluputan | jamak nalaring tumênggung | pasthi gêgambèn ing nalar ||

16. nganggo nalar mata kuping | ngrungokna andêdêlênga | wêruh ing môngsakalane | apa sun gêntèni

--- 66 ---

sira | nanging badhê dêlajat | sikêp dadia tumênggung | pasthi rêngkaning nagara ||

17. hèh Suradimênggalèki | yèn tumênggung kaya sira | abêcik sikêp atine | ilok wêruh ing ukara | hèh sira Dimênggala | pan sira iku tumênggung | mamak nora wruh ukara ||

18. iya patut dèn jêjuwing | tumênggung kang kaya sira | dene wus sèwu lungguhe | pilihan nagara Jipang | tur kang êloh kewala | kurange prabot tumênggung | pan maksih saking sang nata ||

19. durung tinungge sirèki | tinuduh bêdhah nagara | byung-êbyung tumênggung akèh | iya durung papak sira | kaya katri punggawa | Radèn Suryanagarèku | Mas Rôngga lan Jayadirja ||

20. katri bupati ngêntasi | kang tate bêdhah nagara | ya katêlu parandene | nora mamak kaya sira | wus têlas kang timbalan | sikêp mangkat sarwi ngêntut | ngêdên mak brut sarwi kesah ||

21. gumêdêr kang pra dipati | gujênge ambata rêbah | nging môncanagara bae | kang pra Dipati Mataram | sami jêtung kewala | sikêp praptèng ngarsa prabu | umatur sasolahira ||

22. mangkana ing lami-lami | wau Suradimênggala | tulus kalantur pikire | dènnya sangêt kawirangan | wus sarêng takdiring Hyang | owahe apuranipun | Sri Bupati Kabanaran ||

23. sigra dènira anuding | utusan amawi surat | mring Surabaya badhene | nora wruh yèn Surabaya | wus nungkul kabatinan | dutane jujug Mataun | kang tugur [tu...]

--- 67 ---

[...gur] ing Surabaya ||

24. yèn tinampana anuli | minggat marang Surabaya | anggawa saprajurite | kalih bêlah kêkapalan | kalih atus kang dharat | nanging Tumênggung Mataun | tan purun angaturana ||

25. nênggih marang Senapati | Panêmbahan Cakraningrat | anganggêp gorohan bae | jinaganan apragalba | kaya pa yèn têmêna | Suradimênggala iku | ing nguni panèkêt desa ||

26. Suradiwangsa namèki | mangkya kinarya punggawa | lêlungguh sèwu samya lèh | pêpilihan nagri Jipang | wijil panèkêt desa | ing mangke nama Tumênggung | Suradimênggala Jipang ||

27. mila tan kandêl sayêkti | wau kalihe kang duta | dalu nasak wana gêdhe | nuju wana jinaganan | mring wonge Ki Dipatya | Cêbolang kang baris ngayun | Cêbolang manggalaning prang ||

28. kawênangan dèn cêkêli | wonge Suradimênggala | katri lir pandung lampahe | wus kacêkêl dhinèdhèlan | layangira kacandhak | enjinge anulya katur | marang Dipati Cêbolang ||

29. sigra dènira lumaris | marang pakuwon Karanggan | ngaturkên mratelakake | yèn wadyanira pangarsa | antuk srat lan bêbandan | Mas Rôngga miyarsa ngungun | sami sinimpên kewala ||

30. rêmbag lawan Ki Dipati | Cêbolang marang Mas Rôngga | sami nasabi lupute | nanging Suradimênggala | kêju tan purun seba | korèngên pawadanipun | tan kêmit tan seba-seba ||

--- 68 ---

31. dinangu sakitirèki | Gandhèk Radèn Martaduta | korènge mung sakêdhêle | nora patut yèn dadia | mudhokakên paseban | sang nata kalangkung bêndu | bedane wong anèng praja ||

32. pabarisan akèh pikir | ya Si Suradimênggala | têka mêngkono budine | kaya wong tas antuk guna | mudhokakên paseban | dukane kalantur-lantur | rêmbêse pratingkahira ||

33. lamun carakanirèki | nênggih Suradimênggala | mring Surabaya lampahe | nèng wana dalu konangan | marang bala pangarsa | cinêkêl mring wadyanipun | sira Dipati Cêbolang ||

34. dadya samya prih[11] nasabi | Mas Rôngga lawan Cêbolang | sampun pinundhut surate | katupiksa mring narendra | langkung bramantyanira | supe lamun wau-wau | wus dhawuh kang pangandika ||

35. tan kêna mêtokkên gêtih | bupatine kawan wêlas | kang milu bêbakal kabèh | mênangi kala Pagêbang | miwah Pamajakawal | ing punika gênging bêndu | kalingan sampun dilalah ||

36. cinêpêng wus dèn lunasi | sira Suradimênggala | sami angungun kancane | wiwit prihatin sadaya | tan ana kang wania | umatur pratelanipun | yèn bupati kawan wêlas ||

37. dhawuh pait ingkang gêtih | Mas Rôngga Wirasêtika | kadhèwèkên jrih kemawon | mangkana kang tuwa-tuwa | iki lamun anaa | Radèn Suryanagarèku | nora mangkene karsanya ||

38. lamun punggawa wus dadi | dandanan [dandana...]

--- 69 ---

[...n] barang rinêmbag | pikir kang padha rujuke | aja na pinisah-pisah | lamun iku pisaha | buwang dandanan satuhu | yêkti ngêngêmbangi tiwas ||

39. anèng Kabanaran nguni | kang nglurugi mungsuh kathah | nanging katri punggawane | Dipati Suryanagara | Rôngga Wirasêtika | Tumênggung Jayadirjèku | katri punggawa dandanan ||

40. sabarang ingkang pinikir | sang nata anut kewala | yèn sampun rêmpêk pikire | Dipati Suryanagara | Tumênggung Jayadirja | Mas Rôngga katiganipun | dadi barang tinindakan ||

41. pisahe punggawa katri | kari sawiji Mas Rôngga | tuna barang pamikire | mung ajrih kalong kanthinya | dadya nir ing prawira | yèn darbêa karsa dudu | tan wontên purun malanga ||

42. anane punggawa katri | ingkang sami purun malang | milaris barang karsane | punika kêkês sadaya | mila mangkin andadra | agung karsa tanpa arus | tan mawi catur pariksa ||

43. lagi ature wong siji | sanadyan loro têlua | kaparêng padha sêngite | gêmbul ngangkahkên wadulan | têka banjur ginêga | akirang pulatanipun | kalamun panggawe ala ||

44. kudu gêmêt kudu titi | yèn ana atur wadulan | nora sah wong nênêm bae | wong pitu wolu sadasa | sanadyan mêngkonoa | binobot wêwatakipun | aja age nunggu ujar ||

45. wajib mariksa pribadi | amrih sah tibèng kêkumah | kalamun nora mêngkono | kaya Suradimênggala |

--- 70 ---

sêdya sinêlabana | mring kancane pra tumênggung | prandene nêmahi lunas ||

46. mangkana sri narapati | mèh bêdhah lêlakon giwar | saking tipis têtaline | para gusti juru wedang | Bok Suthup namanira | bojon pinilih rumuhun | nanging lakinira minggat ||

47. tiyang saking Surawèsthi | Pulangrêsmi namanira | mulih mring Surabayane | mangkya suwitèng Cêbolang | pan bêndarane lama | kinarya lêlurahipun | prajurit ing Surabaya ||

48. ing mangke Sang Adipati | Cêbolang sowan sang nata | Pulangrêsmi taksih dhèrèk | dadya Bok Suthup punika | asring manggihi marang | Pulangrêsmi lakinipun | mring pondhokan Surabaya ||

49. kawênangan dèn lunasi | sangsaya kêkês sadaya | wau sang nata budhale | saking dènnya baris Tambar | Rabingulakir wulan | asarêng kala sinambut | kadhaton ing Surakarta ||

50. lêlarèn pinagêr siti | nênggih pagêr buminira | têpung loji lawan bètèng | ing Rabingulakir wulan | taun êje sêmana | anunggil sangkalanipun | saptèsthi angrasa tunggal ||[12]

51. ing Dhukut wuku marêngi | wau Natèng Kabanaran | ing marga tan kawiraos | mundur praptèng Pranaraga | enggar kang wadyabala | rawuh pêndhak enjingipun | miyos siniwèng ing bala ||

52. mêmacak para Dipati | Madiun ingkang kinarya | nênggih anake kang anom | Pangeran Mangkudipura | Radèn Purwanagara | linajêng jêjulukipun |

--- 71 ---

Pangeran Purwanagara ||

53. ing Jipang sèwu kinardi | kadang Suradimênggala | anggêntèni lêlakone | nama Suradimênggala | wontên caraka prapta | srat saking kang putra katur | Dipati Mangkunagara ||

89. Sunan Kabanaran anggetuni sedanipun iIngkang raka Pangeran Adiwijaya lan Tumenggung Jayadirja

54. bêbukanê tur udani | kalamun wau kang Paman | Pangran Adiwijayane | seda kasambut ing aprang | mêngsah Kapitan Kulman | nèng Kaliabu prangipun | sawêg mondhok tinututan ||

55. nunggil Rajèng Pakungwati | duk sami cucul turôngga | mêngsah puniku praptane | pun Paman Adiwijaya | inggih sawêg asiram | mungsuh prapta lajêng nubruk | mila tan sagêd kiwula ||

56. Sang Aprabu Pakungwati | ngamuk tulung ing ngayuda | dèrèng pêpak prajurite | mila pamuke katulak | rencange kathah pêjah | lan malihipun pukulun | kawula atur uninga ||

57. inggih dhatêng padukaji | pun Tumênggung Wiranata | lan pun Ranadiningrate | kesah wus tilar ing Sala | bêkti malih paduka | ingkang dados kesahipun | saking Paman Buminata ||

58. bojone dipun rusuhi | mila botên [botê...]

--- 72 ---

[...n] angsal manah | samangke sangêt tobate | dhumatêng paduka nata | miwah dhatêng kawula | kula sumôngga pukulun | ing karsa tuwan sri nata ||

125. Sinom

1. wau kalane miyarsa | sang nata raosing tulis | surat kang saking Pangeran | Mangkunagara Dipati | nimbali pra dipati | para mantri praptèng ngayun | wus praptèng ngarsa nata | wong Suranata pinilih | ngandika pan sarwi anênggak kang waspa ||

2. anak putu wruhanira | mila padha sun timbali | Kakang Mas Adiwijaya | seda kasambut ing jurit | nèng Kaliabu goning | yuda lan Si Kulman iku | duk lagi pamondhokan | kuda lagya dèn cuculi | angênginthil mungsuhe kasêlak prapta ||

3. nora kongsi antuk bela | si adhi ing Pakungwati | angamuk-amuk katulak | prajurite kèh ngêmasi | mila ta dèn kêkinthil | mungsuhe saunduripun | sarwi marêbês waspa | kang wadya duk amiyarsi | gumarênggêng pangungune wadya kathah ||

4. pating salênggruk kang wadya | akathah kang sami nangis | sang nata malih ngandika | sajatine ingsun iki | pan iya ora pati | gêgêtun ing sedanipun | dene abêring aprang | sok pisaha tanpa kardi | lan patine Si Tumênggung Jayadirja ||

5. gêgêtun Si Jayadirja | sedane kakang mas iki | yèn prakara ing ngayuda | ilang bauningsun kering | patine Jadirjèki | nanging sun rasa ing kalbu | tan duwe kadang tuwa | kang kering ing tanah

--- 73 ---

Jawi | pan ing kono tyas ingsun kadya winêjak ||

6. tinunggu ing kadang tuwa | aja kudu milu jurit | kacèk antêpe tyas ingwang | upamane Cundhamani | ya ta kang wadya malih | angot kang pating salênggruk | kondur wau sang nata | cinarita madya sasi | datan antuk dhahar nendra naradipa ||

7. yèn dalu akêkayalan | awiyar ing Pranaragi | kêbon wanan sang dipatya | sang nata angikis latri | agung dènnya gung nangis | tanpa rowang lamun dalu | anjajah pakêbonan | uyang sariranirèki | datan kêna narendra siniwèng wadya ||

8. akarya tarub balarak | munggèng soring nagasari | dèrèng karsa yèn kundura | ri wusnya samadya sasi | wit lêjar tyasiraji | kundurira sang aprabu | lajêng dènnya parentah | ngundhangkên santri kang ngaji | sabên dalu atusan binuja uga ||

9. ênjing sang nata sineba | wijiling pasowan jawi | aglar satriya punggawa | pramônca prawira mantri | miwah sagung prajurit | mantri prameya pianjur | sang nata angandika | marang sagung pra dipati | hèh sakèhe Bupati Pajang Mataram ||

10. padha sun lilani sira | mulih mring Pajang Matawis | nanging aja bêbarêngan | êlêta sapuluh wêngi | wong Pajang andhingini | wong Mataram kari pungkur | yèn besuk arang udan | dèn padha enggalan bali | angsah ingsun ambêdhah ing Surabaya ||

11. dene kang tunggu maring wang | ngamunga kang pra dipati | môncanagara

--- 74 ---

sadaya | mung putra santana kari | sandika pra dipati | malih ngandika sang prabu | Tumênggung Sindusasra | sira akaryaa tulis | angsul-angsul marang Si Mangkunagara ||

12. lan malih kang saprakara | sedane kakang mas iki | uwis padha amupusa | iya wus takdiring Widi | aja na kang prihatin | mring ajal wêwatêsipun | anungkulakên iya | ing pakarya mangun jurit | kapindhone pan iya parentah ingwang ||

13. Si Tumênggung Wiranata | iya dèn ulihna maning | lungguh bupati pangarsa | aja owah kaya dhingin | iya amung sawiji | Ranadiningrat sun pundhut | praptaa Pranaraga | surat dadya sinung aglis | mring dutane Pangeran Mangkunagara ||

90. Pangeran Mangkunagara saya renggang kalihan ingkang rama Sunan Kabanaran

14. caraka pamit umêsat | kunêng gantya kang winarni | dêlèr gêlak dutanira | mring Pangran Mangkunagari | kathah dènnya kêkirim | amrih sagêd pisahipun | pangeran lan kang rama | duta dêlèr wanti-wanti | ing sêmune kadi ta anganggo japa ||

15. kadya sela saupama | Pangran Mangkunagarèki | agung pinocok ing waja | lami-lami têmah gigrig | budhal saking Matawis |

--- 75 ---

Têgal Bayêm ngetanipun | kèndêl ing Pajagalan | alami sawêg anganti | pra dipati kang têksih ajêng-ajêngan ||

16. agunêm nèng Pajagalan | Pangran Mangkunagarèki | kasaru dutane prapta | ingkang saking Pranaragi | sêrat katur ing gusti | saking rama sang aprabu | tinampan tinupiksa | wusnya tarimanirèki | dènnya atur uninga sedaning raka ||

17. kaping kalih pêparentah | Tumênggung Wiranatèki | muliha karyane lama | dadi bupati pangarsi | amung punggawa siji | Ranadiningrat pinundhut | praptaa Pranaraga | pangeran aniti-niti | pandangune solah tingkahe kang rama ||

18. yèn wus prapta Pranaraga | badhene kang pra dipati | sami kalilan mantuka | Bupati Pajang Matawis | sawingking kula gusti | pra dipati budhalipun | inggih benjang katiga | ingandikan wangsul malih | nutugakên karsa gêcak Surabaya ||

19. ing Madiun pêjahira | Pangran Mangkudipurèki | mangke Rahadèn Sumbarja | sampun pinacak bupati | nanging namaning maksih | Pangran Purwanagarèku | pangeran angandika | têka mêngkono kiyai | sabênêre iya anak kang atuwa ||

20. Si Tumênggung Ranadirja | iya ing Magêtan iki | dene kang anom dadia | iya Magêtan prayogi | anulya dèn timbali | Tumênggung Sumadirjèku | lawan Ranadipura | Kudanawarsa wus prapti | pangulune Ki Iman wus tinimbalan ||

21. sadaya wus sami [sa...]

--- 76 ---

[...mi] prapta | lan sadasa mantri miji | pangeran alon ngandika | hèh Sumadirja sirèki | tanpa gawe ing mangkin | gonira milu maringsun | ramanira kang pêjah | Madiun wus dèn tanduri | kang pinacak arinira Si Sumbarja ||

22. dene ta ing lakonira | iya karsaning kiyai | ginawakakên maringwang | tinuduh amangun jurit | mêngko bapane mati | têka kang anom tinandur | anyilikakên manah | kiyai ngowah-owahi | iya kaya lunase Tumênggung Jipang ||

23. sadosane tinimbanga | durung sumurupa yêkti | ya Si Suradimênggala | têka nora na tinolih | bature mangan kunci | mangan lo anèng wanagung | liwat mèlu kangèlan | lara pati dèn labuhi | Si Tumênggung Suradimênggala Jipang ||

24. iya ing mêngko sok wonga | gêlêm milu mring kiyai | ugêr wus sugih jajahan | nguni bêbakali yêkti | dèn bêbujung Kumpêni | têlusupan jurang gunung | ing pirang-pirang wulan | mung amangan dhangkèl kunci | nora ginggang ya Si Suradimênggala ||

25. bêsono-bêsono iya | saking tan ngrasa sayêkti | kalamun dadia cacad | têka nora dèn maklumi | wus jamakê wong cilik | sathithik dêduganipun | Iman matur anêmbah | lamun makatên ramaji | botên eca kang kocap ing dalêm Kitab ||

26. lamun panjênêngan nata | inggih angowah-owahi | lamat suda kang dêrajat | pangeran mèsêm ing mangkin |

--- 77 ---

pangandikanya malih | Ranadiningrat sirèku | pinundhut ing sang nata | ngandikan mring Pranaragi | nêmbah matur Tumênggung Ranadiningrat ||

27. pukulun ajrih kawula | manawi dipun pêjahi | pangeran gumujêng latah | lah Kudanawarsa iki | wong siji kang nêmahi | kang akèh gêmpal tyasipun | jêr Suradimênggala | tunggale padha prajanji | laralapa sisip kêdhik pinêjahan ||

28. wongê kabèh kêkês padha | pêpitune kang sawiji | ya Si Suradimênggala | pan iku kancane lami | sapa kang manastèni | ngugung wong patbêlas iku | punggawa laralapa | mêngko kabèh pasthi elik | sapatine ya Si Suradimênggala ||

29. têtela kaca bênggala | mangkana tinundhung sami | payo padha makuwona | bubar sagung pra dipati | miwah pra mantri miji | mangkana ing dalunipun | miji papat ngandikan | lawan pêngulunirèki | kanêmira Tumênggung Kudanawarsa ||

30. sami munggèng ngarsanira | pangeran nyaoskên pikir | dènira arsa magêla | Kudanawarsa turnèki | dhuh anggèr kadipundi | sawêg inggih bekanipun | gusti rama paduka | adarbe karsa pribadi | inggih dene dèrèng radin tanah Jawah ||[13]

31. nanging ta sadasa-dasa | inggih pinupus ing batin | awon kocapa ing liyan | binêtahakên utami | pangeran ngandikaris | yèn aja bêtaha ingsun | dhingin mula wus congkrah | jêr kêbangêtên kiyai |

--- 78 ---

tômpa matêng mêntah-mêntah kinalêthak ||

32. Tumênggung Kudanawarsa | aturira ngasih-asih | gusti paran kinarsakna | pikir kang botên prayogi | saru ing tanah Jawi | lan paduka putra sêpuh | tur paman maratuwa | inggih ing don kadipundi | angandika Pangeran Mangkunagara ||

33. lah iya Kudanawarsa | yèn ingsun maksih anunggil | mati ngênês balaningwang | nora bisa anglakoni | pangulune nambungi | tur sêmbah alon umatur | dhuh gusti makatêna | pundi kang botên kadugi | sakarsane inggih rama jêngandika ||

34. inggih ngaturana surat | ing rama tuwan sang aji | tuwan darbea panêdha | yèn botên dipun sagahi | punika sêdhêng purik | pangeran ngandikanipun | yèn ingsun mangkonoa | pasthi nuli dèn timbali | karsaningsun aja kongsi tinimbalan ||

35. yèn ingsun tinimbalana | yèn nora lumaku wêdi | witning ingsun lumakua | kapriye polahku benjing | ingsun katêmu wêdi | lagi mêngkono tyas ingsun | êmbuh apa kang mawa | wêdiku kapati-pati | lumuh têmên ingsun iki katêmua ||

36. bênêr apa kang angucap | kudu karusakan mami | puluh-puluh ingsun têmah | dadi mati dadi urip | lan kapindhone mami | ngaurip tiwas kalangkung | layone kangjêng rama | tan kêna nunggal Magiri | kaya ingsun kajaba trahing Mataram ||

37. iki dêlèr ing Samarang | ngajak bêcik sun langgati | dene ta apamrih ingwang | mung layone rama mami |

--- 79 ---

sok kumpula Magiri | amung iku amrih ingsun | tan ana sêdya liya | mung layone bapa mami | sok kumpula iya ana gunung Mêrak ||

38. yèn nora sun langgatana | luput ing pangarah mami | layone wong tuwan ingwang | pan dhingin sanggup kiyai | karsa amratikêli | marang Kumpêni amundhut | layone ingkang raka | nora jêbul malah mangkin | lamun nora ingsun dhewe ingkang molah ||

39. dene kiyai ing benjang | bangêt dêduka mring mami | kongsi amukul maring wang | dêlèr sanggup anulungi | wus mantêp pikir mami | Kudanawarsa umatur | nanging ta dipun samar | mawia rèrèh sakêdhik | rama tuwan wong agung sumbagèng jagat ||

40. aguna tur aprawira | wêweka sudibyèng wèsthi | Ki Iman nambungi sabda | inggih sayêktos sang aji | wong agung amupugi | ing aguna kasap lêmbut | prakosa môndrawignya | têtêp prawira ngajurit | nanging mangke wêwatak sagêde owah ||

41. inggih dene sagêd nglunas | punggawane kang wus janji | barênga sapêjah gêsang | laralapa dèn labuhi | lagi sisip sakêdhik | têka nora ana ketung | pratôndha bakal tiwas | têka kolu anglunasi | mring Tumênggung Suradimênggala Jipang ||

Lajêng nyandhak jilid 14.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

90. Pangeran Mangkunagara saya rênggang kalihan ingkang rama Sunan Kabanaran ... 74

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. mangkin. (kembali)
3. Kurang satu suku kata: sami mundur marang wana tarataban. (kembali)
4. Kurang satu suku kata: raka andika sang nata. (kembali)
5. Arungbinang. (kembali)
6. Tumênggung. (kembali)
7. Pangeran. (kembali)
8. Lêngkir. (kembali)
9. Teks asli: Pucung. (kembali)
10. Kurang satu suku kata: ujar bênêr ya sun turuti kewala. (kembali)
11. mrih. (kembali)
12. Sengkalan: saptèsthi angrasa tunggal (Rabingulakir 1687 A.J., Oktober 1761 A.D.)¶. (kembali)
13. Jawa. (kembali)

Serie No. 1259m

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 14.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Pangeran Mangkunagara saya rênggang kalihan ingkang rama Sunan Kabanaran.[1]

42. linalèkkên mring Hyang Suksma | apêse bakal mêrpêki | dene tan nganggo kemutan | abdine sabaya pati | setan ingkang ngalingi | sampun dilalah puniku | pasthi abdine samya | kang kèri maras awêdi | dadi kaca ya Si Suradimênggala ||

43. wus dadi pirêmbagira | nèng Pajagalan Matawis | Magêlang amumpangkara | ing saèstu badhe muntir | ya ta wau winarni | praptane kang saking nglurug | bupati ing Mataram | katiga sarênge prapti | Jayaningrat Janapura Jasêmbadra ||

44. Mas Rôngga Wirasêtika | pra Dipati Sukawati | sarênge mantuk sadaya | Bupati Pajang Matawis | kang saking Pranaragi | wau bupati katêlu | praptane Pajagalan | lan pangeran sami panggih | tigang dalu kèndêl anèng Pajagalan ||

45. langkung sami sukanira | dinangu solahê nguni | ing nalika baris Tambar | miwiti malah mêkasi | ingkang dinangu malih | kalane panglunasipun | wontên baris ing Tambar | nguni dènira matèni | mring Tumênggung Suradimênggala Jipang ||

46. kalangkung dados wêlasan | rama paduka sang aji | samangke owah karsanya | ingkang abdi kêkês sami | pun Rôngga mangke gigrig |

--- 4 ---

datan purun darbe atur | brêbês mili kewala | nalikane dèn lunasi | pun Tumênggung Suradimênggala Jipang ||

47. rencangipun laralapa | karo cawêt dèn lakoni | bêlusukan saba alas | amung mangan dhangkèl kunci | mangkya karta sathithik | sugih brana sugih batur | lali abdine lama | ingkang mèlu baya pati | pun Tumênggung Suradimênggala Jipang ||

48. Pangeran Mangkunagara | angantêp sarwi bêbisik | mring Janingrat Janapura | nglairkên karsanirèki | sambat punggawa katri | mangkya dèrèng sagêd matur | kula aso sakêdhap | wontên nagari Matawis | yèn wus bamban kula inggih nuntên sowan ||

49. punggawa katri kalilan | pun lajêng dhatêng Matawis | nuntên wontên dutanira | Pangeran Purubayèki | nêdha bantu ngajurit | akasoran yudanipun | pangeran angandika | wong Pagêlèn sira iki | umatura marang Paman Purubaya ||

50. iya lamun nora bisa | tinuduh amangun jurit | pêcah Pagêlèn tan pêcah | wus nora bisa nglakoni | Paman Purbaya iki | angur mundura dèn gupuh | aja dêdawa wirang | ing aprang pijêr kasoring | kalah maring Si Tumênggung Arungbinang ||

51. apan nora sanggup ingwang | ing Pagêlèn ambantoni | angur nunggala maring wang | Si Paman Purbaya iki | uwis muliha aglis | mêngkono wêwêkas ingsun | dutatur sêmbah mêsat | pangeran undhang wadyèki | budhal saking Pajagalan ing Mataram ||

--- 5 ---

52. kondur marang tanah Pajang | ing lampahira wus prapti | masanggrahan ing Barija | wuwusên bala Kumpêni | Sakèbêr angundhangi | budhal nglêboni Matarum | kawan atus sadaya | prajurit Kumpêni putih | Kumpêni Slam dhomas pan wolu kapitan ||

53. pêpitu kang pra Dipatya | Batang Kêndhal Lèpèntangi | Ki Tumênggung Mangkuyuda | Wiradigda Rajaniti | Surajênggala malih | Malangnagara kawolu | saking Tarayêm budhal | samarga-marga ajurit | mêngsah lawan Dipati Suryanagara ||

54. lan Pangran Natakusuma | lèrès dènira nadhahi | saking kêkathahên mêngsah | dènira prang mundur maring | nanging bala Kumpêni | amêlak tan wontên purun | Sakèbêr barisira | wus angancik ardi Gamping | wus rinakit larèn jagang kapurancang ||

55. pinêrnah mariyêmira | luhur batre baluwarti | bêkta mariyêm sadasa | dene pondhokan wong Jawi | jinagang pagêr bumi | akawah kukuh abakuh

| Tumênggung Mangkuyuda | ing Kêdhu wus kinon mulih | apacaka baris anèng gunung Lawak ||

56. Dipati Suryanagara | kèndêle dènira baris | anèng Jênu sakancanya | sakawan kang pra dipati | ya ta wuwusên malih | Pangeran Buminatèku | kang wontên Surakarta | anandhang musakat malih | sakesahe Ki Tumênggung Wiranata ||

--- 6 ---

91. Pangeran Buminata asrah pejah gesang dhateng ingkang raka Sunan Kabanaran

57. Kalawan Ranadipura | Pangeran Buminatèki | bature tan bisa mêdal | ngupaya pangan tan olih | Pangran Buminatèki | kaoncatan dhaharipun | jajahan Surakarta | pan sampun rinupak malih | kathah minggat wonge Pangran Buminata ||

58. arsa angêlar jajahan | Pangeran Buminatèki | mêdal saking ing nagara | panêlawe desa wani | anadhahi ngajurit | tinitiran sagènipun | dadya kaburak-burak | cêngkelak lumayu mulih | marang Sala kangèlan tan antuk karya ||

59. Kumpêni wus sami ewa | sang nata amitambuhi | dadya rongèh manahira | nora ngitung wirang isin | nêmpuh lêlingsêm mangkin | tan kemutan waunipun | moyoki mring kang raka | anake wong gendhong sênik | mangkya dene kabutuh tan bisa nadhah ||

60. lawan bature kèh minggat | Pangran Buminata mangkin | kesah saking nagri Sala | kabutuh tan bisa ngising | arsa anungkul aglis | asrah pati uripipun | marang kang raka nata | ingkang wontên Pranaragi | nanging jujug Pangeran Mangkunagara ||

61. sapraptane ing Barija | gumujêng dènira panggih | Pangeran Mangkunagara | paman karsa dhatêng [dha...]

--- 7 ---

[...têng] pundi | kang paman anauri | sebakêna awak ingsun | marang ing ramanira | ingkang anèng Pranaragi | atur tabik sumungku ing pêjah gêsang ||

62. gumujêng alatah-latah | paman bilih dèn pêjahi | apan raka jêngandika | isin darbe kadang jirih | sayêkti paman benjing | linêbêtakên ing sumur | sampun asring ngandika | iya kadang-kadang mami | yèn wêdi prang aja têtêmu lan ingwang ||

63. ngling Pangeran Buminata | sêdhêng lamun dèn patèni | nênggih patut kadang tuwa | gêntining bapa sayêkti | môngsa selaka mami | yèn wong tuwa kudu nglampus | têka sira aturna | kang putra umatur aris | kantun pintên prajurit paduka paman ||

64. sampun boya duwe bala | mung kèri rolas galintir | mung lima kang nunggang jaran | pêpitu kang dharat sami | ingong ika yun ngampil | jaran marang ing sirèku | tunggangane bokira | kewala turôngga katri | mung kêlara lumaku mring Pranaraga ||

65. tanggêl paman umatura | ing raka tuwan kiyai | rayi sampeyan pun Paman | Natakusuma puniki | sawêg kula aturi | tumut baris ing Matarum | sayêktine musakat | rencange tiyang pasisir | botên darbe têtiyang Pajang Mataram ||

66. ingkang paman ingaturan | makuwon wus dèn saosi | sadhahare sinaosan | makuwon kang paman aglis | wau kang dèn timbali | Pangran Natakusumèku | prapta saking Mataram | ing Jênu kang kering baris |

--- 8 ---

Adipati Suryanagara Môndraka ||

67. lan Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Mangkudirjèki | Pangeran Natakusuma | barisan Barija prapti | lawan pangeran panggih | Mangkunagara andangu | paman wilujêng samya | taksih kathah ngong tingali | prajurite katingal nganggo bandera ||

68. Pangeran Natakusuma | umatur gih kadipundi | bêndara lamun nyuruda | punika inggih satunggil | tan wontên kang ginajih | saking pundi

sabinipun | mung murugakên trêsna | malah kula dèn ingoni | amung kantun kêkapalan pitung dasa ||

69. sanjata kang tigang dasa | kawan dasa waosnèki | sèkêt abdi dalêm dharat | pangeran ngandika malih | jamak inggih priyayi | satriya para tumênggung | wontên tilase uga | dipun trêsnani wong cilik | nadyan inggih kesaha saking nagara ||

70. taksih wontên umat trêsna | lamun darbe labêt bêcik | botên kadi raka dika | Paman Buminata mangkin | kesah saking nagari | botên wontên ingkang ngingus | saking labête ala | mila tan wontên tut wingking | pundi wontên bature mung wong lêlima ||

71. kula badhe tur uninga | ing raka dika kiyai | yèn paman têtunggilêna | Bupati Pajang Matawis | sanès paman pasisir | kula nuwun karsanipun | upami tinêtêpna | pun paman baris pangarsi | sayêktine kula suwunakên sawah ||

72. paman botên kalèpètan | kula ingkang amrayogi | Pangeran Natakusuma | bêndara [bênda...]

--- 9 ---

[...ra] sumanggèng kapti | yèn ugi anglèpèti | ing kula kawula nuwun | botên pan kula paman | pribadi ingkang mrayogi | lamun maksih tinunggil kalawan kula ||

73. pangeran sampun akarya | surat katur ing ramaji | wus dadya caraka mêsat | ing marga datan winarni | praptaning Pranaragi | surat katur ing sang prabu | tinampan tinupiksa | bêbukane tur udani | lamun rayi dalêm Paman Buminata ||

74. mangke ngaturakên tobat | nungkul ing paduka malih | samangke tilar ing Sala | lan kawula sampun nunggil | rencange kapat kucing | kalangkung musakatipun | bojone sami dharat | langkung kula isin-isin | kêdah nêmah tobat sumungkêm ing tuwan ||

75. lan rayi dalêm pun Paman | Natakusuma ing mangkin | sampun ananggêl kawula | sumôngga ing padukaji | sumêdhot tyasiraji |

Tumênggung Sindusastra wus | kinon akarya surat | mring kang putra angangsuli | lan parentah sang nata tigang prakara ||

76. Pangeran ing Buminata | Pangran Natakusumèki | pinundhut mring Pranaraga | lawan ingkang kaping katri | Ranadipura nênggih | kang rama sampun amundhut | praptaning Pranaraga | tan ana jêbule prapti | surat dadya sinungkên duta sarkara ||

126. Dhandhanggula

1. duta mêsat saking Pranaragi | kunêng malih ingkang winursita | Pangran Natakusumane | asring ngandikan dalu | ing Pangeran Mangkunagari | Paman Natakusuma | paran jampinipun | wong wêdi apêpanggiha | lan wong tuwa

--- 10 ---

kapindhone narapati | kula puniki paman ||

2. dhatêng raka andika kiyai | punapa ingkang dadia tômba | paman ilanga wêdine | paman andika wuruk | kagyat wau dènnya miyarsi | Pangran Natakusuma | jêthèt manahipun | langkung èwêd saurira | dangu-dangu Pangran Natakusuma ris | anggèr puniku beka ||

3. apan beka pandamêling iblis | karêmane setan karya rêngat | têtukaran lan sanake | sabotên-botênipun | aja atut lan tôngganèki | mila anggèr ajriha | paran milanipun | dhasar gêgêntosing bapa | kaping kalih tur maratuwa sayêkti | pangran gumujêng latah ||

4. paman ingkang mêmarahi ajrih | raka dika kiyai samangkya | wontên sanèse karsane | wontên punggawanipun | langkung saking tumut asakit | rencange abêbakal | nênggih pun Tumênggung | Suradimênggala Jipang | dosa kêdhik punika dipun lunasi | wontên baris ing Tambar ||

5. datan wontên purun amambêngi | abdinipun pan kêkês sadaya | lah punika paman mangke | mila kula kalulun | ing tyas kula pan tumut ajrih | dene kiyai owah | ing ngandikanipun | mila pun Ranadipura | dipun pundhut praptane ing Pranaragi | mopo kambêtan warta ||

6. kancanipun pan dipun pêjahi | pun Tumênggung Suradimênggala | punika kêdhik dosane | pun Ranadipurèku | inggih paman mêntas ambalik | puniku dadi [da...]

--- 11 ---

[...di] kaca | sayêkti linampus | sampun agêng ingkang dosa | pangrasane botên sande dèn pêjahi | mopone sapunika ||

7. Pangran Natakusuma turnèki | sènès abdi kalawan paduka | pan macan sagalakane | tan badhog anakipun | sami kèndêl anggagat enjing | bubar tanpa wêkasan | amakuwon sampun | Pangeran Natakusuma | pandugine awon kalêthêk ing galih | katone solah tingkah ||

8. Ki Tumênggung Kudanawarsèki | ingalihakên nama dipatya | angangge karsane dhewe | malah wus amisuwur | apan dèrèng atur udani | dhatêng rama sang nata | cêlingkrik jinunjung | Dipati Kudanawarsa | pra Dipati Mataram wus sami prapti | pabarisan Barija ||

9. Ki Dipati Janingrat Matawis | anakipun pinundhut wus ningkah | Tumênggung Jasêmbadrane | lan putrane pambayun | Radèn Ajêng Sombro namèki | sampun ingalih nama | rahadèn ranipun | Tumênggung Sumanagara | sawêg ningkah nanging dèrèng apêpanggih | nganti kèndêling karya ||

10. Pangran Arya Purubaya prapti | lan Pangeran Amangkukusuma | sampun sakêdhik kanthine | pan namung kuda satus | ingkang rayi wadyanirèki | mung kantun pitung dasa | kêkapalanipun | para tumênggunge samya | anglabuhi Pagêlèn para wadyalit | ambyuk Kyai Rungbinang ||

11. duta prapta saking Pranaragi | katur surat saking rama nata | tinampan tinupiksa gê | jroning surat kang dhawuh | ingkang putra atur [a...]

--- 12 ---

[...tur] udani | Pangeran Buminata | ing panungkulipun | pinundhut mring Pranaraga | asarênga Pangran Natakusumèki | katri Ranadipura ||

12. Pangran Natakusuma siraglis | tinimbalan praptèng ngarsanira | pangeran pangandikane | paman dika pipundhut[2] | ingandikan mring Pranaragi | sukur punika paman | mila kula suwun | nunggila baris lan kula | kyai botên angarsakakên samangkin | kadi wêlas miyarsa ||

13. yèn lamia paman wontên ngriki | sayêktine tan wande musakat | mila kula suwunake | mangkya têmah pinundhut | inggih paman langkung utami | luwung nuntên amangkat | inggih besuk-esuk | nulya Paman Buminata | ingaturan prapta ing ngarsanirèki | kang putra aturira ||

14. paman wontên sêrate kiyai | paman pinundhut mring Pranaraga | Paman Natakusumane | puniku sarèngipun | kula angkatakên ing enjing | sampeyan gih punapa | sarêng angkatipun | pun Paman Natakusuma | maksih ngadêg banderanipun sasupit | kapalan pitung dasa ||

15. paman punika ta kadipundi | anglingsêmi ing raka paduka | kang dadi pangeran kene | sayêkti lajêng bêkus | dêstun lamun jêmbêri bumi | pangeran anak raja | bature mung pitu | kang têlu nora kêrisan | Pangran Buminata angandika aris | paran pitulungira ||

16. iki ana duwèkingsun kèri | warisane iya eyangira | sêsupe kèri sasêle | rêgane têlung atus | iya karya

--- 13 ---

tuku turanggi | saparo kang dadia | sanguning lumaku | kuda salawe kewala | lagi sêdhêng ngupaya bocah ngong lami | kang anèng desa-desa ||

17. Pangran Mangkunagara nglingnyaris | kula paman nyumbang kapal gangsal | lan uwang sèkêt sangune | dadose paman kantun | angupados renca[3] rumiyin | Paman Natakusuma | budhala suk-esuk | sampeyan sawêg kadanan | ngupayabdi pangeran ngandika malih | Paman Natakusuma ||

18. lamun raka dika jêng kiyai | andangu mring pun Ranadipura | kalangkung sangêt mopone | ajrih bilih linampus | kêkês dening wayanganèki | kiyai darbe karsa | kancane linampus | binobot dosane paman | lan Tumênggung Suradimênggala yêkti | gêdhe Ranadipura ||

19. sampun nuduh ing mantri kêkalih | dhèrèk Pangeran Natakusuma | saking Barija budhale | mring Pranaraga laju | tigang dalu wontên ing margi | praptaning Pranaraga | katur ing sang prabu | lajêng dènira ngandikan | sapraptane ing ngabyantara narpati | ngabêkti ngaras pada ||

20. gya pinêngkul marang Sri Bupati | Pangeran Arya Natakusuma | sawusnya dangu undure | ngandika sang aprabu | paran adhi sira pribadi | polahe anakira | Mangkunagarèku | iki gumyah ing pawarta | iya arêp umadêg sri narapati | wus nora ngimanêna ||

21. iya marang ing karaton mami | arêbut tuwuh ing tanah Jawa | kumaki bangêt wartane | kalangkung èwêdipun |

--- 14 ---

Pangran Natakusumèng batin | arsa matur pasaja | bok wêtuning bêndu | satêngahe antuk nama | wêwadulan ilang namaning bupati | siniku ing sujana ||

22. lamun nora matura sayêkti | kênèng dora sanadyan doraa | wong rêngat rinapêtake | dora ganjaran iku | ngatutakên sêsatron sami | dadya tur winatara | mrih tibaning alus | pukulun mênggah kawula | dèrèng sagêd mastani badhea muntir | dhatêng putra paduka ||

23. nanging inggih ugungan sayêkti | putra dalêm ing watêk têtindra | puyêngan mayêng wiyange | gawat guwayanipun | pilih ingkang kenging andugi | asumbêr sumambrana | bawur momor sambu | sumuk sumêngka sumamar | kang môngka toh tanpa titi parikêni | kêna amrih pikêna ||

24. jro sêmbrana pamèt ing pakolih | nanging dalu kula tinimbalan | putra dalêm sêsambate | paman paran puniku | têtambane wong ati wêdi | kula puniki paman | têka jrih kalangkung | lan kiyai pêpanggiha | têka wêdi akêkês kapati-pati | inggih ing tyas kawula ||

25. atur kawula langkung mêncit sih | gih bêndara pandamêling setan | dede manah sayêktine | dipun agêng pukulun | ing mujadah gih kadi pundi | lamun kalampahana | tanah Jawa rêtu | sintên kang dèn arsa-arsa | abdi dalêm bandara satanah Jawi | amung kalih paduka ||

26. inggih lawan ramanta sang aji | ya ta ngandika wau sang nata | hèh yayi mas iya [i...]

--- 15 ---

[...ya] kuwe | marang sira wus mungup | wêdi iku osiking ati | Adhi Mas Buminata | tan barêng sirèku | tur sêmbah alon turira | inggih sawêg adandan ngupaya dasih | kados sawingking kula ||

27. sira Pangran Natakusumèki | sampun wau kinon makuwona | ngalun-alun lèr kilène | pinaring sabin sangu | ginêmpalan Madiun sabin | sèwu Barêbês lawan | Pace Caruban wus | akathah prajuritira | duk punika Pangran Natakusumèki | ngiras môngka wêdana ||

28. kawan dalu antawisirèki | praptanira Pangran Buminata | Natakusuma pondhoke | sontên ing praptanipun | enjingipun dipun timbali | mijil paseban jaba | wau sang aprabu | aglar pramônca punggawa | para mantri pra muka adining jurit | supênuh ngarsèng nata ||

29. praptanira wau ingkang rayi | sèlèh dhuwung lajêng ngaras pada | sarwi karuna ature | kang raka sang aprabu | nênggak waspa tyasira jait | kathah karasèng driya | wêlas kadangipun | ala-ala sok misiha | angandika marang kang para dipati | padha patutên iya ||

30. Adhi êmas Buminata iki | apa bupati apa satriya | ingkang amrih sêmbadane | wadya tan purun matur | sami dhêku nuwun turnèki | dadya malih ngandika | wau sang aprabu | kalamun dadya satriya | kurang bagus lan kurang prawirèng jurit | basa aran satriya ||

31. kang abagus kang prawirèng jurit | iku kang antuk nama satriya | dhimas [dhima...]

--- 16 ---

[...s] iki nora kabèh | kurang wêwaninipun | ing sayêkti kurang apêkik | mung patute adhi mas | dadia panambur | iku kang luwih prayoga | kuciwane têka dadi kadang mami | yèku marahi nistha ||

32. ingkang munggèng ngarsa pra dipati | para mantri sami nyakot ilat | saking angampêd[4] guyune | kang rayi langkung dhêku | aturira angasih-asih | pêjah gêsang sumôngga | ing jêng kaka prabu | kawula nekad anêmah | anglabuhi ing tuwan sapati urip | botên nêdya suminggah ||

33. iya yayi jamak wong abêcik | barang panggawe tan tundha bema | ambuwang cing-cing têlêse | ya uwis ariningsun | akèh-akèh ingkang kawijil | lah iya ngarah apa | babo wong sadulur | balik ingsun atêtanya | sira têmu lan sutanta adipati | ya Ki Mangkunagara ||

34. kaya paran pratikêling mangkin | dene akèh wong matur maringwang | lamun owah têlagane | kang rayi nêmbah matur | inggih lêrês kangmas tur sami | Tumênggung Danawarsa | mangke wus jinunjung | Dipati Kudanawarsa | anakipun pun Jayaningrat Matawis | Tumênggung Jasêmbadra ||

35. pan ingalih namanipun mangkin | Radèn Tumênggung Suranagara | pinêndhêt mantu samangke | paningkahipun sampun | nging pangantèn dèrèng apanggih | dene adêge nata | ngantos dhatêngipun | inggih dêlèr ing Samarang | sampun janji sang nata duk amiyarsi | sêmutên ingkang jaja ||

36. mukanira kadi wora-wari | sugal wau pangandikanira |

--- 17 ---

wus milalah kaya kiye | jagat kudu arêtuh | wong mangkana arêp dadyaji | hèh sagung pra dipatya | kapriye budimu | mangkene lakune jagat | sarwi rawat waspa wau sri bupati | saking kakuning driya ||

37. iya ujêr ta kudu kumaki | tate aprang ngalahake paman | Adhi Buminata kiye | agung dèn uwus-uwus | mêngko arêp wani ing mami | dhingin ingsun pinêksa | yèn kala kaburu | agung angungsi maring wang | tanpa rowang sun kukup ingsun tulungi | sun ulihakên bawah ||

38. nuli waras dadi uwong malih | sun tambuhana kelangan lêndhang | pinênthung wong desa bae | mêngko kudu kumingsun | pikir jajalanat dèn goni | bocah kudu kumêthak | kumewat kumingsun | wau kang para dipatya | para mantri akathah waspa drês mijil | mulat ing gustinira ||

39. Pangran Pakuningrat awotsari | dhuh pukulun sampun age duka | dipun tambêt dipun sarèh | dèn asabar dèn samun | sampun môntra-môntra yèn runtik | sang nata angandika | lah ta bênêr iku | Adhi êmas Pakuningrat | ngarah apa wong tuwa wus duwèknèki | momot apura sabar ||

40. Sindusastra lah sira pribadi | akanthia wong loro kaparak | ing jro iya kaliwone | Ki Mukyadin tinuduh | karya surat badhe lumaris | dhawuh marang kang putra | pangeran puniku | Dipati Mangkunagara | wusnya dadya sinung kang badhe lumaris | Tumênggung Sindusastra ||

--- 18 ---

92. Pangeran Mangkunagara èstu pethal kalihan ingkang rama Sunan Kabanaran, lajeng perang rebatan bawah

41. kunêng wau lampahe dutaji | kawuwusa kang baris Barija | Pangran Mangkunagarane | wus dadya ingkang rêmbug | ingkang paman wau jurungi | Pangeran Purubaya | sagah kang ananggung | wilalate ingkang rama | jroning aprang kang nanggung ing tulak sarik | Pangeran Purubaya ||

42. sami eram sagung pra dipati | garundêle Pangeran Purbaya | wong arêp ingan jatine | yèn ora karya kuwur | tan kalingan tiwasirèki | sampun jêlèh kang raka | têtulung bêbantu | tan ana undhakaneya | bok pinêcat pakaryane senapati | karuwan nora daya ||

43. adol sêngung sanggup anadhahi | gêrdakane Natèng Kabanaran | adol swara tanpa gawe | nadhahi raka prabu | yèn enjoha sayêkti uwis | mungsuh lan Arungbinang | agung dèn bêbujung | salawase durung mênang | ing sapisan-pisan apan durung odhil | agung kaponthal-ponthal ||

44. nadyan datan amawi Kumpêni | dipun ijèn kewala tan mênang | pinapakan prajurite | nyatus padha anyatus | sèwu sami dipun sewoni | sapisan durung mênang | puniku agêndhung | mring Pangran Mangkunagara | saguh wani anadhahana ing jurit |

--- 19 ---

ingkang raka jêng sultan ||

45. apan uwis anggon-anggonèki | lamun uwong kuwanène suda | mung jail kuwarisane | wau ta kang rinêmbug | badhe ngutus dhatêng Samawis | Tumênggung Janapura | andhandhang lumaku | kinanthèn kalih punggawa | Ki Tumênggung Suramangunjaya nênggih | lan Patih Kapurbayan ||

46. Ki Tumênggung Tirtawigunèki | binêkta kapal alus rong pasang | katri punggawa lampahe | sagung para tumênggung | punggawane kang rama sami | tinimbalan sadaya | mring Barija sampun | ingandhêg sami ngecanan | ing tyasipun binuja ing sabên wêngi | kasukan ôndrawina ||

47. Pangran Mangkukusuma akait | lawan Dipati Suryanagara | Tumênggung Môndarakane | samya minggat ing dalu | nusul dhatêng ing Pranaragi | kang kantun pra dipatya | jinagan ing dalu | Tumênggung Surawijaya | Pusparana Tumênggung Wiradigdèki | Tumênggung Dipadirja ||

48. lan Tumênggung Jayarata nênggih | Tumênggung Wirahatmaka lawan | Tumênggung Mangkuranane | lan Têgal Angun-angun | pan pêpitu kancane sami | Pangran Mangkunagara | wiwit angrêrayud | kabèh bawahe kang rama | tinêlukkên ing Kêdhu Pajang Matawis | padha jrih nungkul samya ||

49. amung bawahipun Sukawati | dèrèng nungkul pan andadi pêrang | nênggih Mas Rôngga mungsuhe | nèng Sukawati tugur | Brajadênta lan Brajamusthi | andina rêbat bawah | malih pra tumênggung | Tumênggung Surawijaya | inggatira angumpul mring Sukawati |

--- 20 ---

lajêng tumut agung prang ||

50. Pangran Mangkudiningrat jênêngi | lan kang Paman Pangran Purubaya | angirup wetan Mrapine | wong cilik bingang-bingung | wau para parentah kalih | gêgêdhuging lêlampah | kang sami ngrêrayud | wetan Bayalali samya | langkung rame andina-dina ajurit | sami Jawa pucungan ||

127. Pocung[5]

1. lor lan kidul agênti buru-binuru | wadyane kang rama | para mantri pra dipati | yudanipun krêp unggul arang kasoran ||

2. ya ta wau lampahe katri tumênggung | kang maring Samarang | Tumênggung Janapurèki | lan tumênggung nênggih Suramangunjaya ||

3. lan Tumênggung Tirtanagara puniku | Patih Kapurbayan | lampahe amundhut nênggih | ing layone swargi Jêng Pangeran Arya ||

4. praptanipun Paterongan pan pinêthuk | kareta têtiga | kalangkung dipun kurmati | praptanira Samarang dêlèr wus panggya ||

5. sêratipun Pangran Mangkunagarèku | tinampan winaca | kadhadha raosing tulis | mundhut layon ingkang rama Pangran Arya ||

6. dhasaripun ing Samarang sampun rawuh | saking Batawiyah | kinurung sampun rêspati | tabêlane prayoga tumpang santosa ||

7. dutanipun sinungga-sungga kalangkung | tumênggung têtiga | pinintakkên nèng Samawis | tinalèdhèk sakalangkung sami suka ||

8. dhasar agung idêlèr pisungsungipun | mring duta punggawa | Tumênggung Janapurèki | lawan Ki Tumênggung Suramangunjaya ||

9. katrinipun [katri...]

--- 21 ---

[...nipun] Tirtanagara Tumênggung | lami nèng Samarang | gangsal dintên gangsal latri | nulya budhal saking nagari Samarang ||

10. ngajêng layon kudanira kawan atus | kang jajari dharat | kalih atus kanan kering | para kaum samya dhikir anèng ngarsa ||

11. budhalipun angin gora lindhu riwut | mêsês bayu bajra | prahara maruta tarik | tan kawuwus gangsal dalu anèng marga ||

12. Pangran Mangkunagara sigra amêthuk | bêkta kaum kathah | sidhêkah samargi-margi | têtawure gumêdêr samarga-marga ||

13. mangsanipun katiga mawi galudhug | sinalin punggawa | ingkang lajêng mring Magiri | têtindhihe lampah Dipati Janingrat ||

14. sapuniku Pangran Mangkunagarèku | langkung suka-suka | sukane layon duk prapti | ing pangrasa kadi rawuhira gêsang ||

15. sukanipun têtêp layon ingkang rawuh | mandah mênangana | kang putra prawirèng jurit | sugih bala akathah punggawanira ||

16. wangsulipun Pangran Mangkunagarèku | ing kalih onjotan | pangatêrira nèng margi | wangsul marang pasanggrahan ing Barija ||

17. praptanipun anyurtanah nigang dalu | lajêng mitung dina | gumuruh santri angaji | kêrig kaum kiwa têngên ing Barija ||

18. ya ta wau gantia ingkang winuwus | kang arêbat bawah | bang wetan ing Sukawati | Mas Rôngga lan Tumênggung Ranadipura ||

19. ing prangipun andina buru-binuru | akathah pêpêjah | Mantri Ngajêng Sukawati | Pranaraga têpis wiring kalêbêtan ||

--- 22 ---

20. Ki Tumênggung Mangkuyuda praptanipun | wong Matesih ika | kandêl punggawanirèki | ing Pangeran Dipati Mangkunagara ||

21. lajêng katur mring sang nata lamun mungsuh | manjing Pranaraga | Parang Wadung dèn anciki | kang anama Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

22. sigra nuduh Surabrata kinèn magut | budhal saha bala | Tumênggung ing Pranaragi | gurawalan ing Parang Wadung wus prapta ||

23. lajêng campuh wong Pranaraga anubruk | mungsuh sami Jawa | sarta wontên kang ngidèni | mila wantêr prajurit ing Pranaraga ||

24. mungsuhipun amung kuda kalih atus | tigang atusira | wong Magêtan kang wus balik | tumut baris Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

25. kang tinubruk mring Radèn Surabratèku | bêkta kêkapalan | kalih atus kang pinilih | lajêng campuh arame pan kari kathah ||

26. Ki Tumênggung Mangkuyuda wus kasambut | kathah kang kacandhak | wong Matesih akèh mati | Mangkuyuda pinocok utamangganya ||

27. wus malêdug ngisis sakarine lampus | Radèn Surabrata | wus wangsul mring Pranaragi | lan binêkta utamanggane punggawa ||

28. prapta katur langkung sukanirèng prabu | pinundhut kang sirah | ing ngayunan binukaglis | wêwadhahe kukusan kuping nêmbêlas ||

29. pra tumênggung sadaya kinèn andulu | sirah Mangkuyuda | irênge kaya kêlasi | jêjenggote binundhêl apalawangan ||

30. alon dangu wong têka ngêndia iku | sigra matur nêmbah | Kyai Kaji Tapsirodin | inggih

--- 23 ---

tiyang saking Matesih punika ||

31. malih dangu marang ing Radèn Tumênggung | Surabrata paran | pratikêlira ing jurit | matur nêmbah Ki Tumênggung Surabrata ||

32. barisipun ingkang wontên Parang Wadung | kirab badhe ngetan | ing lampah kawula silib | kula tubruk saking lèr barise bubrah ||

33. rencangipun sakantune ingkang lampus | larut asar-saran | angidul ngilèn pra sami | langkung suka Surabrata wus ginanjar ||

34. dhuwungipun kalih lawan carawangsul | kandêlan kêncana | ingkang jawi wrat satail | carabalèn wrat pitung tail mas tuwa ||

35. waosipun satunggal lan sanjata lus | bênting lan rasukan | ginadhang nama dipati | lamun wontên jayane sapisan êngkas ||

36. sirahipun kinon manjêr ngalun-alun | sigra pêparentah | Surabrata dèn bubuhi | rumêksaa anjajah nagri Kaduwang ||

37. ing Madiun Pangran Purwanagarèku | bubuhan rumêksa | jajahan kalih nagari | Kamagêtan kalawan ing Jagaraga ||

38. ya ta wau Pangran Mangkunagarèku | kalane miyarsa | bupatinira ngêmasi | Mangkuyuda pinocok prang Pranaraga ||

39. langkung bêndu dhasar miyarsa wêwadul | pun Ranadiningrat | lamun Rôngga Sukawati | anyumbari ing Pangran Mangkunagara ||

40. sakalangkung arsa ngawaki prang pupuh | anggitik Mas Rôngga | Kudanawarsa Dipati | aturira lan pra dipati sadaya ||

41. dhuh pukulun sampun angawaki [anga...]

--- 24 ---

[...waki] nubruk | dhumatêng pun Rôngga | kinêrigan pra dipati | kawan wêlas ginitik dalu kewala ||

42. wartanipun pêpêjahe tigang atus | lan pun Wirarana | prajurite kang pinijik | kalih bêlah kang sayêkti tumut pêjah ||

43. sampun rêmbug budhal dalu sêdyanipun | marga tan winarna | praptane ing Sukawati | têtindhihe Dipati Kudanawarsa ||

44. lajêng nubruk praptanira wanci bangun | Mas Rôngga alena | mung ngandêlakên prajaurit | binêdhilan sami kagèt bubar-bubar ||

45. ênggènipun kang têbih botên kasusu | kobêr sami dandan | lajêng têtulung ing jurit | langkung rame Mas Rôngga kagyat anendra ||

46. tangi nendra siyaga sagarwa sunu | arsa têtulunga | wontên prajurit tur pèksi | ingkang nukup Pangeran Mangkunagara ||

47. langkung agêng punika gêgamanipun | rêrepot sadaya | pan sampun kinèn rumiyin | kinon anjog margi dhatêng Jagaraga ||

48. lajêng wangsul lawan kuda têlung puluh | têtulung ing bala | panêmpuhe saking wingking | lajêng ngamuk akathah mêngsah kabranan ||

49. kathah lampus tambuh rowang tambuh mungsuh | dènnya prang kongsi byar | mundur sawadyanirèki | sarwi nangis Mas Rôngga Wirasêtika ||

50. mantrinipun kêkalih ingkang alampus | pun Wiradigdaya | dêmange tindak ngêmasi | satunggile Ki Dêmang Jurang Pamancal ||

51. liyanipun wong cilik mati sapuluh | miwah mungsuh kathah | kang kabranan [kabra...]

--- 25 ---

[...nan] kang ngêmasi | binabujung wus adoh malêbèng wana ||

52. mundur wangsul wau kang sami bêbujung | kèndêl Kuwadungan | anarubakên wong cilik | pêparentah Dipati Kudanawarsa ||

53. Ki Tumênggung Ranadipura tinuduh | ingkang ngayomana | kabèh tanah Sukawati | sigra budhal Dipati Kudanawarsa ||

54. ingkang kantun Sukawati dèrèng tarub | sakilèn bangawan | wontên sakawan bupati | dadya kontit sor prange Ranadipura ||

55. kang lumayu Mas Rôngga sabalanipun | praptèng Pranaraga | katur marang sri bupati | prapta risak Mas Rôngga Wirasêtika ||

56. langkung ngungun adangu panjêtungipun | wau praptanira | kang saking ing Sukawati | kang wus pasthi lamun saèstu baliknya ||

57. sang aprabu enjing siniwèng wadyagung | pramônca punggawa | aglar manggalaning jurit | rôngga dêmang ngabèi sêntana putra ||

58. sang aprabu pêparentah ing wadyagung | padha ngèstokêna | Dhimas Buminata mangkin | sun lihakên aran Dipati Bintara ||

59. ing samêngko kang dadi warananingsun | sakalane siyal | Si Mangkunagara iki | iya Dhimas Ariya Natakusuma ||

60. aduwea iya sor-sorane têlu | ing jêro satunggal | Si Rôngga ing jaba kalih | ingkang têngên iya Adhi Pakuningrat ||

61. wadanane wong gêdhe dènira lungguh | sosoran kang kiwa | iya wadana Panumping | pan Si Adhi Dipati Suryanagara ||

62. duk puniku lajêng tari

--- 26 ---

pra tumênggung | paran ing pratingkah | apa iya sun têtêpi | rêmak-rêmpu ana ing môncanagara ||

63. nêmbah matur Pangran Natakusumèku | anuwun dêduka | yèn ngarsakna padukaji | anêtêpi anèng ing môncanagara ||

64. ing tyasipun abdi dalêm sadayèku | kadya sinasaban | ing jêmbangan langkung sêdhih | agêng alit pra samya awuyung ing tyas ||

65. saminipun aprang pan mêmpên pukulun | têgêse kabêtah | sampun kapêpêtan buri | sanès lawan inggih wontên Kabanaran ||

66. malihipun andêl paduka pukulun | wong Pajang Mataram | dene wong môncanagari | dèrèng manjing tyase wong môncanagara ||

67. sang aprabu pangandikanira arum | payo pra dipatya | padha rasakna sayêkti | bênêr êndi pikiringsun lan adhi mas ||

68. sami matur pukulun salêrêsipun | lêrês rayi tuwan | Pangran Natakusumèki | abdi dalêm inggih makatên sadaya ||

69. pangran prabu gumujêng ngandika arum | iya yèn mangkana | ingsun budhalan saiki | rêbut papan ing tanah Pajang Mataram ||

70. iya iku Dipati Cêbolang iku | sun tuduh ngetana | nèng Wirasaba Kêdhiri | akanthia kabèh wong môncanagara ||

71. mung Madiun mangulon bubuhanipun | lan Si Jagaraga | Warung lan Si Balorèki | bubuhane ing karya ngetan kewala ||

72. tan kawuwus wusnya amatah ing laku | sang nata budhalan | saking nagri Pranaragi |

--- 27 ---

mring Madiun wadyane kadya hèrnawa ||

73. wadyanipun prajurit jro maksih wuwuh | mung para dipatya | kang saking Kêdhu pra sami | sami suda wus lami dènnya kaponthal ||

74. pra tumênggung kang umiring sang aprabu | taksih sami wêtah | praptèng Madiun sang aji | kaèbêkan saking gungê wadyakuswa ||

75. gantya wau tanah Pajang kang winuwus | kang arêbat bawah | sawetan wukir Mêrapi | wong Kamangkunagaran agung kaponthal ||

76. malah sampun mêmacak para tumênggung | urut Kuwêl samya | ingkang pinacak bupati | pamrihipun akuwata rêbut bawah ||

77. nora ngimpi Panajung dadi tumênggung | sok silih rosaa | iya rêbut bawah dadi | wong Panèkêt Sêtrayuda ing Ungaran ||

78. wus jinunjung saking kathah sanakipun | sura ing ngayuda | wus sinung namanirèki | pun Tumênggung Suradikrama Ungaran ||

79. dadya bingung wong cilik keron kalangkung | tambuh piniliha | karo-karo padha gusti | dadya sira rêbut tangguh ing wasana ||

80. kang winuwus wau nagari Madiun | Pangran Martalaya | punika ingkang ngêmasi | anakipun satunggal jalu wus dadya ||

81. anakipun akathah kang wadon iku | kang jalu satunggal | Mlayakusuma namèki | sampun dadi Bupati anèng Caruban ||

82. milanipun karsanira sang aprabu | nênggih ingkang putra | wau pangeran dipati | waris saking ibu Madiun nagara ||

83. dadya wau kang putra sampun tinandur | Madiun Kanoman | kang mi

--- 28 ---

nôngka angêmbani | Kasêpuhan Pangeran Purwanagara ||

84. sang aprabu wus budhal saking Madiun | wadyane bêlabar | angêbaki wanagiri | busananing prajurit awarna-warna ||

85. praptanipun anèng Bayêm akêkuwu | wadya amèt papan | wong duta atur upêksi | saka Wiranagara sarta Cêbolang ||

86. surat katur binuka sinuksmèng kalbu | nênggih tur uninga | Kumpêni ing Surawèsthi | lan Maduntên inggih mring môncanagara ||

87. langkung agung pan inggih dêdamêlipun | Japan Wirasaba | ingkang sampun dèn anciki | kawan dalu mêngsah anèng Wirasmara ||

128. Asmaradana

1. palajênge tur upêksi | inggih dhatêng Pasêdhahan | abdi dalêm ingkang kawon | gih pun Japan Wirasaba | kula nuntên lumampah | kagungan dalêm pukulun | nagri Japan Wirasaba ||

2. pan sampun karêbat malih | rame gèn kawula aprang | langkung kathah pêpêjahe | sang nata suka miyarsa | lajêng kintun ganjaran | lan aparing angsul-angsul | lampahê duta tinulak ||

3. parentah sri narapati | maring sagunging jajahan | dèn padha polatan kabèh | yèn ana katêkan mêngsah | aja prang yèn kabotan | dèn enggal awèha wêruh | kang pra dipati amônca ||

4. mangkana ingkang winarni | Kamagêtan binantonan | prajurit ingkang prapta kèh | wadya Kamangkunagaran | sigra atur uninga | binantonan kang lumaku | Radèn Arya Jayèngrana ||

--- 29 ---

5. lawan kinon ananduri | Rahadèn Mangunkusuma | saking Bayêm budhal age | sapraptanira Magêtan | lajêng campuh ngayuda | bêdhib-binêdhil[6] gumuruh | arame sami suranya ||

6. acaruk rukêt ing jurit | sor titih prajuritira | kamuk rinukêt bubare | prajurit Mangkunagaran | banderane kabandhang | miwah waos sanjatèku | lan turôngga kèh kabandhang ||

7. caruk santananirèki | Rahadèn Mangunkusuma | kang anandur uwal age | barisan Bayêm wus prapta | Ki Arya Jayèngrana | kalawan sakancanipun | katur ngaturkên bandhangan ||

8. langkung suka sri bupati | pinaringkên kang bandhangan | ingkang antuk sadayane | mangkana wau sang nata | saking ing Bayêm budhal | masanggrahan Tèmpèl Jimbun | wadyagung apamondhokan ||

9. wontên kang atur udani | yèn nagari Jagaraga | nênggih wontên bêbantune | prajurit Mangkunagaran | prajuritipun kathah | nênggih kêkalih tumênggung | sang nata wau miyarsa ||

10. Kyai Kaji Tapsirodin | Suranata wolung dasa | Marja Mukyadin kanthine | saking Tèmpèl Jimbun budhal | prajurit Suranata | datan luwih pitung puluh | arsa nusup Jagaraga ||

11. praptanira bangun enjing | prajurit manjing nagara | lajêng mangsah mungsuh kagèt | sami kasusu wêdalnya | lajêng campuh ngayuda | arame nèng ngalun-alun | ingamuk wong Jagaraga ||

12. bubar sami aningali | mungsuhe dudu wong jaba | wêruh lamun prajurit [prajuri...]

--- 30 ---

[...t] jro | mila mawur asar-saran | akèh tinggal dandanan | kèh kabandhang kudanipun | tambur bêndhe myang bandera ||

13. mungsuh mawur sampun gusis | Kaji Tapsirodin sigra | wong bumi tinarubake | wontên bêkêl desa rosa | pinacak pinasrahan | Surayuda namanipun | kumpul kuda pitung dasa ||

14. binêkta marang ki kaji | bubar saking Jagaraga | prapta pasanggrahan Tèmpèl | katur maring sri narendra | kalangkung sukanira | pinacak nama Tumênggung | Surayuda sinung nama ||

15. têtêp anèng Saosragi | Tumênggung Suradipraja | dadya pangarsa lakune | wus wuwuh prajuritira | kalih bêlah turôngga | budhal saking Tèmpèl Jimbun | sang nata sawadyanira ||

16. sadintên dènnya lumaris | sang nata sawadyakuswa | prapta tanah Bumi Murong | ing Kunir wastaning desa | sang nata masanggrahan | anganti carakanipun | Ki Tumênggung Sindusastra ||

17. kalih dalu anèng Kunir | praptanira Sindusastra | katur surat wêwangsule | Pangeran Mangkunagara | dene Ranadipura | kiyai mêksa amundhut | amopo Ranadipura ||

18. lampahe tan antuk kardi | Ki Tumênggung Sindusastra | sampun têtela balike | lir sêsulung dutanira | marang Dêlèr Samarang | miwah dêlèr dutanipun | wira-wiri ingkang prapta ||

19. wuwusên Dêlèr Samawis | siyaga kapraboning prang | ngundhangi pra dipatine | kang sami badhe binêkta | Lèpèntangi ing Kêndhal | Batang Pamalang lan Kudus |

--- 31 ---

kalawan Têgal Kanoman ||

20. lawan ing Dêmak satunggil | wolu kang para dipatya | kawan atus Kumpênine | kang pêthak dene kang Islam | dhomas wolung kapitan | lan sakèhe kadangipun | Pangeran Mangkunagara ||

21. sakawan jalu pra sami | kang sêpuh sampun anama | Pangran Tirtakusumane | nanging kasêbut akathah | nênggih Pangran Pancuran | duk anèng Batawinipun | wismane anèng Pancuran ||

22. nulya wau ingkang rayi | Rahadèn Warihkusuma | nulya Toyakusumane | arine Ranukusuma | sampun jangkêp sakawan | kang badhe binêkta nglurug | mukul Natèng Kabanaran ||

23. nanging sawêg angantosi | bupati pasisir samya | dèrèng sampun dandanane | lan dêlèr wêktu punika | kathah kang ngingu magang | magang mantri pitung puluh | ngangkah kabupatèn samya ||

24. ingkang magang akèh mantri | nênggih satus tigang dasa | badhe sinung gêgamane | sanjata lus karbin samya | jangkêp ingkang sanjata | amung waos pitung puluh | pinundhutkên pra dipatya ||

25. para dipati pasisir | waos sulam gêrandim mas | sami cêmêng landheyane | punika kang dèrèng pêpak | milane ingantosan | kunêng malih kang winuwus | kang wontên Murong barisnya ||

26. tanah Murong dhusun Kunir | Sri Bupati Kabanaran | lagya anata balane | pra dipati ingandikan | kang sami munggèng ngarsa | sang nata ajunjung-junjung | mring wadya ingkang prayoga ||

--- 32 ---

27. wontên abdinira lami | nging maksih mantri kewala | pun Dêmang Panatasingron | mangkya kinarya punggawa | sinungan bawah kathah | pinaring nama tumênggung | Tumênggung Wrêksanagara ||

28. sinung panêkaring mantri | kanthi angêlar jajahan | pêpitu kônca mantrine | Ki Ngabèi Gupit Tôngga | punika mantri tuwa | lan Dêmang Sura Ngun-angun | Dêmang Têgal Pangalapan ||

29. lan Ki Dêmang Jurang Tawing | Ngabèi Ranadigdaya | Rôngga Mênus Rôngga Laro | Ngabèi Jayasêngkala | tinuduh angêlara | jajahan saurutipun | Matesih sapangidulnya ||

30. budhal maring Murong aglis | Tumênggung Wrêksanagara | prajurit kêkapalane | kumpul lawan satus lagya | wus ngancik Pacangakan | sapangilèn sapangidul | tinarubakên sadaya ||

31. wong wêtan taksih nadhahi | ing prang wong Matesih samya | atumut mantri jêrone | kêkalih kang sami têngga | mantri jro kang nanggulang | ing yudane ki tumênggung | nanging karoban ing mêngsah ||

32. piniluta sampun kêni | nungkul mantri jro kalihnya | marang sira Natasingron | Tumênggung Wrêksanagara | sigra dènnya utusan | mring Murong ngaturi wêruh | mring Pangran Natakusuma ||

33. yèn Matesih sampun wradin | mantri jro kalih kang têngga | wus sami nungkul kalihe | wasta pun Jayakaspita | lan pun Jayaprayitna | bêndara nuntêna katur | ing raka paduka nata ||

34. Pangran Natakusuma glis | sowan ingaturkên [ing...]

--- 33 ---

[...aturkên] sigra | surate Panatasingron | sang nata trustha wardaya | mantri jro nungkul samya | kinintun ganjaranipun | bênting cindhe topok renda ||

35. lawan pinaringan lampit | nguni nyèkêt lungguhira | kinarya nyatus ing mangke | benjang yèn tulus karyanya | ginagadhang punggawa | mangkya pakaryaning pupuh | nunggila Wrêksanagara ||

36. wus jêmbar jajahanèki | praptèng kidul Sumêdhangan | ing Ngutêr Aribayane | Nglarog ingkang maksih bôngga | malih ingkang winarna | wontên Mêrapi kang tunggu | punggawane tinimbalan ||

37. wus praptèng Murong pra sami | anggawa saprantinira | praptane ing pakuwone | Pangeran Natakusuma | sigra ingirid seba | sang nata miyos têtarub | sawadya prajurit aglar ||

38. Pangran Natakusumèki | ngaturkên kang wau prapta | Tumênggung Dipadirjane | Tumênggung Surawijaya | miwah samantrinira | winiji-wiji dinangu | ing Lumbu Sutawijaya ||

39. pun Martawijaya Pêngging | ing Lungge Sêtradinôngga | Surawijaya Mantrine | akathah kang winastanan | nênggih Surawijaya | ingalih jêjulukipun | Ki Tumênggung Alap-alap ||

40. Sutawijaya ingêlih | Ngabèi Jayanagara | Sêtradinôngga ing Lungge | Ngabèi Wiranagara | Barèngan Sutawirya | Kêmanukan namanipun | Angabèi Kartarêja ||

41. ing Pêngging namanirèki | Angabèi Suradirja | Kapadan Kartadadine | Giyanti Dêmang Karangrang | Danupati ing Langkap | ing Maja Singadirjèku |

--- 34 ---

Sura Dêmang Awijaya ||

42. Dêmang Sukup manirèki | ing Têlawong Katawêngan | wus jangkêp mantri salawe | Mantrinira Alap-alap | urut Pêngging kewala | ing bang kidul mantrinipun | Ki Tumênggung Dipadirja ||

43. sadaya sami ingalih | urut Jatinom sadaya | Ranupati ing Gêdarèn | ing Galagah Ônggajigja | Sindupati Karajan | Puluh pan Côndrasurèku | Jungkare Suralêgawa ||

44. Kalalung Martanatèki | kadang wargane sadaya | Tumênggung Dipadirjane | kinèn têngga bawahira | wetan Marapi samya | aprang andina arêbut | bawah aganti kasoran ||

45. akathah ingkang pêpati | anênggih wêktu punika | patining wong tanpa gawe | wong sajagat ngungun samya | iki pratingkah apa | nadyan mungsuh sami ngungun | wong tuwa ing Surakarta ||

46. èstu gunaning Kumpêni | kalawan rosaning brana | têka anut kang cinorok | Pangeran Mangkunagara | winastan kêkandhangan | sikara ing lêbur dawur | ambubrah tindak wus enak ||

47. kang tugur wetan Marapi | wadya Kamangkunagaran | andina yudane kasor | wus kaêkup bawahira | Jatinom sapangetan | Jurangjêro turutipun | kalèyèk agung rinupak ||

48. jajahane sami tipis | nulya binanton santana | Pangeran Purubayane | lan Pangran Mangkudiningrat | sakawan pra dipatya | Tumênggung Surawinangun | Tumênggung Surawikrama ||

49. kathah ingkang para mantri | dêdamêlipun [dêdamêlipu...]

--- 35 ---

[...n] akathah | tinadhanan aprang lèrès | Ki Tumênggung Alap-alap | Tumênggung Dipadirja | ngèrèk miring yudanipun | nanging tan purun bujunga ||

50. wau pangeran kêkalih | lawan tumênggung sakawan | pakuwon kidul Talawong | Pangeran Arya Purbaya | Pangran Mangkudiningrat | Tumênggung Dipadirjèku | lan Tumênggung Alap-alap ||

51. kawratan atur udani | ing Pangran Natakusuma | lajêng katura sang satong | sang nata sigra parentah | mêmatah kang pinatah | marang Pêngging abêbantu | Pangran Dipati Bintara ||

52. nênggih santana kêkalih | lan Pangeran Pakuningrat | binêktan Mantri Pamijèn | kalawan sakancanira | Radyan Suraprameya | Ki Bênêr lawan Ki Bêndung | panèkêt sakancanira ||

53. nindhihi tumênggung kalih | Alap-alap Dipadirja | wus budhal saking ing Murong | lawan sang nata parentah | budhalakên pangarsa | Sukawati wetan kidul | liring Matesih Makajan ||

54. badhe dipun pasanggrahi | wadyagung apamondhokan | urut Karja Jamus kabèh | kèbêkan wadya narendra | wau kang bantu ing prang | mring wetan Marapi gunung | Pangran Dipati Bintara ||

55. gangsal atus kang prajurit | prajurit ingkang turôngga | nêmatus kabèh dharate | sapraptanira lèr taman | pra sami rêrêmbagan | Pangran Bintara andangu | mring têlike Dipadirja ||

56. yèn barising mêngsah mangkin | dados kêkalih barisnya | kang wetan lawan kang kilèn | ingkang wetan Pamutihan |

--- 36 ---

Pangeran Purubaya | dene ta tumênggungipun | Tumênggung Surawikrama ||

57. lawan Tirtanagarèki | katigane Cakrajaya | Tumênggung saking Pagêlèn | kang kilèn baris Kathithang | Pangran Mangkudiningrat | Tumênggung Surawinangun | Tumênggung Jayasudarga ||

58. dêdamêle apan sami | prajurite kêkapalan | kapara kathah kang kilèn | matur Pangran Pakuningrat | mring Pangeran Bintara | sampeyan kilèn puniku | kalawan wetan kewala ||

59. rayi Tuwan Purbayèki | puniku Dèn Mas Sutara | pêdhotan saking Pagêlèn | dilalah yèn kudu kalah | mungsuh Pangran Purbaya | paduka kilèn puniku | sami bandêl jêjêngkêran ||

60. Pangran Bintara nanggupi | akanthi lan Dipadirja | lan kalih dasa mantrine | wetan kanthi Alap-alap | lan mantri kalih dasa | wus dadya wau kang rêmbug | ing aprang ungkur-ungkuran ||

129. Pangkur

1. Ngabèi Jayanagara | lawan Wiranagara kang pangarsi | katiga Suradirjèku | kapalan kawandasa | sinambungan mantri miji sadasèku | Rahadèn Suraprameya | uwor sakancanirèki ||

2. kêkapalan tigang dasa | panèkêt saking Kaparak keri |[7] Anggot Bênêr Tambak Bêndung | kumpul lan Wôngsaprana | catur jarak alah uga mangkonèku | kinarya mantri sadasa | nanging samya mantri miji ||

3. saking Pêngging sampun budhal | wanci bangun tan adangu wus prapti | lèr kali kèndêl sadarum | lawan ngêntèni êbyar | nora suwe pangajêng

--- 37 ---

nabrang mangidul | byar kathah wong nunggang jaran | sami têtakèn priyayi ||

4. saking ing pundi punika | dene enjing pun apanggih kiyai | ana kang gêlêm sumaur | nukup têka ing Sima | wusnya nabrang wau kuda pitung puluh | jujug pasanggrahanira | Pangeran Purubayèki ||

5. lajêng kukuk ngamuk samya | wong Saragni Kapurbayan wus tangi | lagya wontên wong sapuluh | bubar pating balasar | pangerane gugup dharodhog lumayu | gègèr kapusus busêkan | gumrubyug pating jalêrit ||

6. kèh mati akèh kabranan | pangerane lumayu karo nyamping | cinangking wangkinganipun | ical sabuk nèng marga | binêdhilan anggêndring palayunipun | dandanan kèri sadaya | katuju kalangan kali ||

7. Tumênggung Suradikrama | wus kacandhak rinampog angêmasi | para mantri kathah lampus | Pangeran Purubaya | pan inguwuh mandhêga Purubayèku | kaya dudu anak raja | lumayu wêdi ngêmasi ||

8. mung bisamu kajailan | pêpêdhotan lan Arungbinang ngucir | mung gunamu gawe rêtu | ngojok-ojoki ala | gawe bênggang bapa lan anak sirèku | aprang dhewe nora daya | mung jail pangawak iblis ||

9. wong duraka Purubaya | kari gundhil saking wêdining mati | lan duraka kadang sêpuh | gonira adol ombak | mring kang putra Pangran Mangkunagarèku | sagah nadhahi ngayuda | lan nadhahi

--- 38 ---

walatnèki ||

10. mring raka Natèng Banaran | mangkya prapta walat amilalati | dene swaranira umung | kapiyarsèng akathah | mèh kacandhak nêmahi ing aprang pupuh | wurunge palastra nora | wurung dunyane anggundhil ||

11. wau kang wus unggul ing prang | lajêng sami ngilèn kang taksih jurit | Kaki Bênêr kang kêtlanjur | kadohan ing pambalang | Pangran Mangkudiningrat ing yudanipun | mundur miring maksih kathah | prajurite kang ngampingi ||

12. Ki Bênêr kalojok lampah | binalêdig ing mungsuh mingêr aglis | wus anunggil kancanipun | pinêthuk tinulungan | Pangran Mangkudiningrat prajuritipun | akèh pêjah kèh kabranan | lorode kèndêl garidhih ||

13. wau kang wus mênang aprang | pirêmbagan kèndêl sami nèng Pêngging | kinumpul sadayanipun | sagung raja bêrana | myang sêntana tambur bêndhe-waos dhuwung | bèri kuda myang bandera | badhe katur mring sang aji ||

14. budhal Pangran ing Bintara | Pangran Pakuningrat sapara mantri | tumênggung kalih kang kantun | sapara mantrinira | Alap-alap lan Dipadirja kang kantun | barise sami amêncar | gêlar mrih lindhunging jurit ||

15. wau kang kasor ing yuda | katur marang Pangeran Adipati | Mangkunagara angungun | kalangkung dukanira | dyan têngara kumêrab prajuritipun | budhal angawaki yuda | dènnya mrih tumênggung kalih ||

16. Alap-alap Dipadirja | kalih arsa pinukul dèn awaki | Tumênggung kalih [ka...]

--- 39 ---

[...lih] angrungu | ngilang amung pacalang | para mantri sakawan turôngga satus | mindha-mindha anèng dhadha | tumênggunge kanan keri ||

17. Ki Tumênggung Dipadirja | ngilèn mêncar marang wukir Marapi | angidul jog Puluhwatu | ngetan anjog ing wuntat | Alap-alap mangetan Wanakartèku | wau dènira sêluman | mangidul anjog ing Baki ||

18. wau ta dêdamêlira | Pangran Mangkunagara kang pangarsi | mantri sakawan kang mêthuk | nèng Piji gènira prang | kuda satus sakawan banderanipun | prang lèrès mangalèr samya | binabujung tinut wuri ||

19. tinut wuri barisira | Pangran Mangkunagara maksih ngusir | kênèng gêlar kuda satus | puniku tinut wuntat | kidul sami kèndêl pasanggrahanipun | mungsuhe ngilang mring wana | wus datan ana kaèksi ||

93. Kumpeni dipun biyantu Pangeran Mangkunagara badhe ngantep perang kalihan Sunan Kabanaran

20. wau Pangeran Bintara | Pangran Pakuningrat lan mantri miji | praptèng Murong lajêng katur | aprang panukupira | sapratingkahira ing ngayuda katur | bandhangan brana busana | waos bandera lan bêdhil ||

21. lawan sira ing punggawa | Ki Tumênggung Suradikrama nênggih | langkung suka sang aprabu | wontên kêdhik mêsgulnya |

--- 40 ---

ingkang rayi Pangran Purbaya barundhul | asusah kaparèng suka | kapok kakang rayi jail ||

22. ing ngayuda nora daya | yèn ing pikir ngalênthar nora titi | yèn aja sutane ratu | sayêkti tanpa karya | wau sagung bandhangan wus kinon andum | sadaya kang sami angsal | kinon bage kang waradin ||

23. wus dinum sakancanira | sri narendra budhal saking ing Kunir | lajêng barisira ngidul | wadyanira balabar | kèndêl dhusun Kamajan duk tigang dalu | wontên duta ingkang prapta | Sêcadirana namèki ||

24. êmbane Ratu Bêndara | surat ingkang saking Mangkunagari | lajêng katur sang aprabu | tinampan tinupiksa | ngaturakên nênggih sêmbah bêktinipun | ping kalih atur uninga | inggih pun Dêlèr Samawis ||

25. badhe mukul ing sampeyan | dêdamêle dhomas Kumpêni putih | Bali Bugis kalih èwu | wêrti bêkta Madura | bupatine pasisir sanga pukulun | kawula nuwun parentah | paran karsa padukaji ||

26. kula punika kênia | sampun kongsi sowan ing padukaji | kula ladosi pukulun | saking têbih kewala | rêmak rêmpu dipun abêna lan mungsuh | amung jrih sowan kewala | pêpanggih paduka aji ||

27. pun dêlèr dêdamêlira | sampun mijil saking nagri Samawis | wontên Ungaran pukulun | panganjur Salatiga | sampun titi duta kinèn mondhok sampun | angantos wangsulan sêrat | sri narendra animbali ||

--- 41 ---

28. ing Pangran Natakusuma | pra santana lan sagung pra dipati | kabèh praptèng ngarsa prabu | samya kinon uninga | ing surate Pangran Mangkunagarèku | sang nata mèsêm ngandika | adhi pikirên kang bêcik ||

29. Pangeran Natakusuma | nêmbah matur botên kenging pinikir | yèn ing kawula pukulun | tan kenging ginaliha | sêrat lamis abanging lathi pukulun | langkung saking tan prayoga | paduka sutèng narpati ||

30. punika srat calawênthah | sru gumujêng ngandika sri bupati | kabèh kang para tumênggung | miwah kang pra sêntana | apa bênêr Adhi Natakusumèku | santana lan pra dipatya | sarêng umatur wotsari ||

31. inggih lêrês rayi tuwan | Pangran Natakusuma pan sayêkti | nanging paringa wêwangsul | sampun katawis duka | dipun sarèh ngarih-arih dipun alus | ing têmbung pan botên tumbas | gumujêng sri narapati ||

32. nimbali wong Suranata | Ki Mukidin kalawan Ki Mukyadin | Dul Wakit katiganipun | padha sira gawea | têmbung rèng-rèng mèh pangrêpa rakitipun | nanging dudu pangrêrêpa | dèn pajêg amurba titih ||

33. wong têlu padha gawea | dhewe-dhewe gon ingsun amangsuli | mring Si Mangkunagarèku | surat sami sinawang | wong têtiga sami damêl tan adangu | katur pinundhut katiga | satunggil kang dèn sênêngi ||

34. Ki Dul Wakit kang kinarsan | sampun kinon nênurun lurah carik | Tumênggung Sindusastrèku | katur wus ingêcapan |

--- 42 ---

tinimbalan duta Sêcadiranèku | êmbanê ratu bêndara | Tumênggung Juwana nguni ||

35. pinaring sêrat wangsulan | lajêng mangkat ngilèn anjog ing Kunthi | Pangran Mangkunagarèku | budhal ngidul sawadya | wus kacandhak wontên pasanggrahan Lêbu | lèr kilèn Ngasêm punika | surate katur ing gusti ||

36. gya tinampan tinupiksa | bêbukane alus luwês amanis | sigra dangu kang ingutus | kiyai kaya ngapa | pasêmone iya apa ora rêngu | matur pun Sêcadirana | rama tuwan ngusap wèni ||

130. Sinom

1. caraka matur wotsêkar | rama paduka sang aji | gusti datan mawi taha | ing solah tingkahing nguni | pangeran ngandikaris | iya iki suratipun | alus datan rêkasa | anglêr kaya banyu mili | têka ewuh iya ênggon ingsun duga ||

2. jêr bisa têmên wong ika | yèn uga ulah lêlungit | yèn anêpsu iya kaya | ing padha sadhela salin | nora tolih ing wuri | kaya iku patinipun | ing Kêdhu Mangkupraja | wus dadya punggawanèki | nora ketung nglunas ipe dhasar sanak ||

3. kalawan Tumênggung Jipang | punggawane milu sakit | iya Suradimênggala | luput thithik dèn patèni | yèku mulane wêdi | ingsun iki atêtêmu | pangeran wus utusan | prang Ungaran kang tinuding | nênggih Malang Sumirang lan Malang Dewa ||

4. ambêkta lêmbu sadasa | lawan turôngga sarakit | sarêng wau dènnya budhal | pangeran sawadyanèki |

--- 43 ---

ing baris Jawa prapti | ngriku pasanggrahanipun | ingkang minôngka pura | namane sampun ingalih | winastanan ing Sumarêjadimulya ||

5. wuwusên Dêlèr Samarang | Hohêndrup[8] budhalirèki | saking Ungaran gumêrah | langkung gêng dêdamêlnèki | bêkta mariyêm nênggih | sakawan tik-tak wêwolu | badhe angantêp yuda | lan Susunan Mangkubumi | kanthi lawan Pangeran Mangkunagara ||

6. tanggal sanga likur Ruwah | budhale saking Samawis | tanggal kaping kalih Siyam | ing Salatiga duk prapti | rêmbên angati-ati | nèng Salatiga kapêthuk | dutèng Mangkunagaran | ngaturkên suratirèki | Malang Dewa kalawan Malang Sumirang ||

7. surat tinampan binuka | têmbunge atur udani | yèn kiyai badhe prapta | inggih saking Pranaragi | mangke wontên Matesih | langkung gêng dêdamêlipun | kêrig Môncanagara | wiwit amukul ing jurit | rencang kula kang tugur sawetan arga ||

8. Marapi kang kula patah | inggih santana kêkalih | para bupati sakawan | pinukul dipun agêngi | pan wadya kula sami | kawon kathah ingkang lampus | inggih tumênggung kula | satunggil ingkang ngêmasi | lampah dika tuwan dipun aprayitna ||

9. Pangran Dipati Bintara | mangkya môngka senapati | inggih Paman Buminata | mangkya sampun salin ati | nguni tumut Kumpêni | kalangkung jêrih prangipun | mangke tumut kang raka | wartine kêndêl tan sipi | pan kinarya manggala pramukèng ngarsa ||

--- 44 ---

10. badhe sanggup purun ngadhang | lampahing baris Kumpêni | prajuritipun akathah | pinaring Môncanagari | prajurit kang turanggi | nênggih sèwu gangsal atus | tumênggunge sakawan | anigang atus turanggi | mila sagah purun ngadhang lampah dika ||

11. kuda kalih èwu dhomas | dharate samantên malih | pan panutupe kang surat | kintun kuda lawan sapi | dêlèr duk amiyarsi | angundhangi ing

wadyagung | ing lampah dèn prayitna | yèn angambah kidul Tingkir | kang amukul badhe Pangeran Bintara ||

12. budhal saking Salatiga | dutane pangeran kalih | anyarêngi lampahira | wau kang baris Kumpêni | dêlèr parentahnèki | kinon anunggil gènipun | ing Pangeran Pancuran | yèn wus prapta Sala benjing | ingsun awèh srat wêwangsul mring pangeran ||

13. lampahing baris tinata | angambah sakidul Tingkir | wus dadi jajahanira | tumut marang Sukawati | pinacakan Bupati | Samarangan Bumi Sèwu | Caruban Bumi Sala | kèh pinacak para mantri | têtindhihe Tumênggung Tirtanagara ||

14. lan Ngabèi Tirtasura | Ngabèi Tirtayudèki | Ngabèi Tirtawahana | Tirtalêgawa miranti | badhe angriwuk sami | marang idlèr lampahipun | kapalan kanêm bêlah | kinathahan banderèki | warna-warna kang bandera salawe prah ||

15. lawan payung kalih dasa | anjirap sawetan margi | kukuk surak nêmpuh sigra | prang lèrès samargi-margi | yèn [yè...]

--- 45 ---

[...n] wani marêpêki | dèn mariyêm kawur-kawur | nanging sami malawang | angênginthil kanan kering | dadya bala Kumpêni eca lêlampah ||

16. ing Bayalali kèndêlnya | sadalu enjing lumaris | kang ngrêriwuk sakin kathah | wontên wetan Bayalali | wuwuh tumênggung kalih | lampah lan Dipadirjèku | rame prang turut marga | ing Gumpang kèndêlirèki | amakuwon dêlèr sakidul Nglaweyan ||

17. wontên dhusun Kabanaran | jêjêl dhusun kanan kering | sapangulon sapangetan | gumuruh kanggènan baris | wadyèng Surakartèki | Dipati Pringgalayèku | asêsuguh wus panggya | parêng dutane sang aji | Wadana Jro Tumênggung Puspanagara ||

18. duta Kamangkunagaran | sampun ingaturan tulis | wêwangsul Malang Sumirang | Malang Dewa sami pamit | salaminipun nunggil | Pangran

Pancuran pan agung | duk anèng Salatiga | pitakèn samargi-margi | pratikêle kang rayi amangun yuda ||

19. Pangeran Mangkunagara | warata balanirèki | umatur kang tinakonan | cacahipun ingkang abdi | rayi paduka mangkin | tan prabeda lawan ratu | yèn rayi Jêng Paduka | Sang Prabu Surakartèki | yêkti kathah Pangeran Mangkunagara ||

20. kadi langkung kalih lêksa | balane ingkang turanggi | para tumênggunge kathah | Pangran Pancuran miyarsi | lan anggêping Kumpêni | wus ginawe kadya ratu | ana lingsêming driya | yèn kalakona pêpanggih | ingajenan angluwihi [anglu...]

--- 46 ---

[...wihi] kang sarira ||

21. dadya Pangeran Pancuran | kintun sêrat mring kang rayi | Pangeran Mangkunagara | aja kongsi apêpanggih | iya lawan Kumpêni | bok dhèwèke kênèng apus | aja kèh kaya ingwang | wus kasuwuk nèng Kumpêni | suratira binêkta Malang Sumirang ||

22. sapraptanirèng Barija | wus katur gustinirèki | angsul-angsul ingkang surat | saking Dêlèr ing Samawis | tinampan binukaglis | sarta amadhi[9] kêkintun | asrêp wau tyasira | mirsa saguh ing Kumpêni | dènira jêng-ajêngan lawan kang rama ||

23. rêmbag angêlar jajahan | pangeran nuduh kang rayi | Pangeran Mangkudiningrat | kinon nacak Pranaragi | mangkya pra sami sêpi | mêtuwa ing Wukir Kidul | Pangran Mangkudiningrat | sawadyanira miranti | budhal saking Kusuma Rêdyadimulya ||

24. nulya lêt ing patang dina | Pangran Mangkunagarèki | budhal saking Sumarêja | ing lingsir kilèn lumaris | arsa anglanggar nênggih | mring kang rama yudanipun | nuju dina Jumuwah | tanggal sawêlasirèki | amarêngi Puwasa Je ingkang warsa ||

25. kèndêl dhusun Katêguhan | Pangran Mangkunagarèki | sakiduling Paserenan | makuwon sawadyanèki | kunêng gantya winarni | Hoêndrup

ingkang Gupêrnur | kang makuwon Lawiyan | sowan marang sri bupati | manggihakên kang raka Pangran Pancuran ||

26. kalawan sakadangira | amung ambêkta upêsir | lawan kang para dipatya | mung bêkta magang sapalih |

--- 47 ---

Abraham marang wuri | sigra têdhak sang aprabu | nitih Ki Ulundêrsa | rasukan baludru wilis | songkok wungu gêmbaye jo nyampingira ||

27. rêspati dêdêg pidêgsa | kadya Prabu Maèspati | Risang Arjunawijaya | pasêmon wangunnya brangti | wus mijil saking puri | ginarêbêg wadyanipun | prapta salèr gêladhag | mung menggok angilèn kêdhik | tan adangu idêlèr sêlak katingal ||

28. kèndêl sang nata sakêdhap | mèh têdhak saking turanggi | dêlèr nyandêr jangan-jangan | tuwan têdhak saking wajik | tanggêl wasisan loji | saksana sarêng lumayu | lajêng sami angetan | sêsami ngrampak turanggi | praptanira ing loji dêlèr tumêdhak ||

29. amurugi sri narendra | gupuh sang nata nêdhaki | saking turôngga anyandhak | tabe rêrangkulan sami | aras-ingaras sami | sami jôngga iringipun | dangu jumênêng samya | majêng ngalèr angantosi | ing praptane wau Pangeran Pancuran ||

30. nulya kang para dipatya | mêndhak tarap nganan ngeri[10] | praptane Pangran Pancuran | rasukan baludru wilis | akuluk jangkang abrit | nyamping ragi Bali sarung | têdhak saking turôngga | ingiring kabèh para ri | dêlèr ngawe sarwi matur ing sang nata ||

31. punika raka paduka | sang nata mêthuk sakêdhik | gapyuk sami sêsalaman | sawusnya kang raka aglis | angrangkul jangganèki | mingsêg-mingsêg awêtu luh | anulya ingusapan | ing saptangan [sapta...]

--- 48 ---

[...ngan] sutra kuning | kongsi dangu dènira adêg-adêgan ||

32. wong pasisir sami nyawang | ing pangeran lan sang aji | para mantri pra dipatya | sêsêmbènira ningali | ewuh dènnya ngarani | sang nata asalin wangun | kadya putra Cêmpala | duk ingangkat senapati | Radèn Dhusthajumêna prang Bratayuda ||

33. dêlèr kang minôngka Krêsna | dêdêge alus pasagi | kuciwa dadi Walônda | wong pasisir ting barisik | Pangran Pancuran iki | têka ewuh tangguhipun | milu kandhangan apa | dêdêge têka baluncing | iya apa ing sabrang apa ing Jawa ||

34. lamun ta wani moyoka | nadyan sabrangana iki | nora tumèmpèl satriya | dêstun têkèng Buta Cakil | Dêmang Gêndir Pênjalin | Ki Ngabèi Randhuwusu | lamun dadia rôngga | pantês Rôngga Walang Kolik | yèn Jawaa tumèmpèl ing ngêndi baya ||

35. lamun putra tanah Jawa | nora ana kang amirib | dene ibune Madura | sarigake ana ngêndi | rowane lunga ngênthir | ringkese têka ngalumpuk | datan muwuhi kojah | yèn ngandika wuwuh mamrih | swara kadya wong wadon gêring rong wulan ||

36. êmbuh gone tinêmua | satriya mangkene iki | mila wong pasisir samya | panyawange anitèni | padha ngrungu kalêsik | duk arsa jinunjung ratu | nanging môngsa têmêna | mêmurih êlok sathithik | mrih gêrago wong agung kang mangun aprang ||

37. manjing loji

--- 49 ---

pilênggahan | idêlèr lawan sang aji | tuwin Pangeran Pancuran | lawan ingkang para ari | dêlèr matur sang aji | tuwan sunan lamun tamtu | eling raka paduka | Pangeran Mangkunagari | kêna dipun arêp-arêp tanah Jawa ||

38. kadi enggal raharjanya | inggih ing nagari Jawi | nanging sumêlang kawula | kula ajêngakên jurit | lan rama tuwan nênggih | Mangkubumi wus pinunjul | prawira ing ngayuda | untung ilang bêlum pasthi | rama tuwan prajurit môndragunèng prang ||

39. sumbagèng rat wirotama | angadoni jayèng jurit | raka paduka Pangeran | Dipati Mangkunagari | rêbat bawah wadyèki | agung pra sami kaburu | para Tumênggungira | Mangkunagaran kèh mati | mila kula ing susah têtulung yuda ||

40. dhatêng raka jêngandika | Pangran Mangkunagarèki | pan sampun ajêng-ajêngan | rama paduka ing mangkin | sampun wontên Matesih | wadyanipun sampun agung | ngêrig môncanagara | baris Matesih ing Bangsri | balanipun anggambuh ngêlar jajahan ||

131. Gambuh

1. sigra wau gupêrnur | sawusnya bisik marang sang prabu | pamit mundur marang pakuwonirèki | sakidul Nglaweyanipun | nêm dalu makuwon kono ||

2. pangeran dutanipun | Jayakintèki bêkta sêsuguh | bêras bèbèk salawe lêmbunirèki | lan ayam sapuluh pikul | bêrambang bawang lan êndhog ||

3. kalawan suratipun | tuwan idêlèr arsa têtêmu |

--- 50 ---

Pangran Mangkunagara sêmaya kêdhik | sêdhêng campuh aprang pupuh | agampil besuk patêmon ||

4. kiyai bakal magut | balane padha nglarag mangidul | badhe Ngutêr gèn kawula anadhahi | lah tuwan awèha wêruh | yèn kala tuwan makuwon ||

5. dipun prayitnèng kewuh | apan kiyai darbe panukup | tukang nukup tumênggungipun kêkalih | amêthèk wong kawan atus | damêle nukup kemawon ||

6. tuwan sayêktinipun | sampun lêt têbih pakuwonipun | arêm-arêm Pangran Mangkunagarèki | saking lumuh atêtêmu | milane agung ngalap sor ||

7. mangkana budhalipun | saking Laweyan tuwan gupêrnur | ngidul ngetan kèndêl Paserenan sami | idêlèr sabalanipun | ing ngriku dènnya makuwon ||

8. pangeran ênggènipun | nèng Katêguhan sakidulipun | ing Serenan kasompokan lan Kumpêni | mingêr ngetan barisipun | makuwon dhusun ing Pojok ||

9. gunêm ing sabên dalu | lawan sagung ingkang pra tumênggung | kang ginunêm ora tumuli nêmoni | bêcik kang êndi ta iku | riyon kang sami tinaros ||

10. tan ana ingkang kumpul | pating balêsar ing rêmbagipun | Danawarsa lan Jayaningrat Matawis | botên panggih rêmbugipun | dene bupati kang roro ||

11. Suramangunjayèku | lawan Tumênggung Janapurèku | rêmbagipun sami kêdah amanggihi | sampun tanggêl barang [ba...]

--- 51 ---

[...rang] laku | ing pikir pan maksih riyon ||

12. ya ta wau sang prabu | undhang ing bala siyaganipun | karsanira nênggih karya marêpêki | ngrupak jajahaning mungsuh | wus budhal saking ing Murong ||

13. sawadyagung mangidul | prapta ing Krêja Kamajan Jamus | tigang dalu masanggrahan sri bupati | lajêng budhale mangidul | tanah Matesih makuwon ||

14. ing Bangsri dhusun agung | wadya prajurit pangarsanipun | ngêlar-êlar ing jajahan kanan kering | punggawa pangarsa kidul | Ki Tumênggung Natasingron ||

15. lawan sakancanipun | sagung pra mantri ingkang panganjur | pangidule ing kali Jalatah prapti | jajahan mêngsah kapikud[11] | mring Tumênggung Natasingron ||

16. ya Wrêksanagarèku | wantêr arikat tanaganipun | ngorak-arik yèn ora ana prajurit | Kudanawarsa asung wruh | yèn Tumênggung Natasingron ||

17. wus ngancik Barawatu | pangeran langkung dènira bêndu | budhal saking Pojok sawadya ngawaki | kumêrab wadya anggrêgut | duk miyarsa Natasingron ||

18. pangeran badhe mukul | sigra ngoncati budhal ing dalu | sakancane mung tilar mantri kêkalih | wontên kuda pitung puluh | jaga ngawali kemawon ||

19. pangeran praptanipun | kapanggih suwung ing Barawatu | amung wontên pitung puluh kang turanggi | binujung marang panganjur | palayune ngèrèk ngulon ||

20. dadya nèng Barawatu | Pangeran Mangkunagara sampun | masanggrahan [ma...]

--- 52 ---

[...sanggrahan] lan sagung wadya prajurit | lan sagung punggawanipun | wus tata dènnya makuwon ||

21. sigra dadèkkên rêmbug | mring Paserenan dêlèr gènipun | ingaturan anggitik mungsuh tumuli | gampil ing benjang yèn sampun | mungsuh sirna atêtêmon ||

22. dêlèr apan nênurut | saking Serenan budhal gumuruh | nabrang ngetan sagunging bala Kumpêni | ngetan ngalèr lampahipun | sarêngan dènira bodhol ||

23. kang saking Barawatu | budhal angalèr wadya gumuruh | wus katingal lampahe baris Kumpêni | Mangkunagaran kadulu | saking doh sarêng mangalor ||

24. lampahing duta agung | awira-wiri mantri jronipun | kang ingutus maring barising Kumpêni | Sumêdhangan praptanipun | baris Kumpêni makuwon ||

25. pangeran barisipun | anèng ing Wera sabalanipun | pasang rakit pangarsa myang kanan kering | wus cêlak ênggoning mungsuh | nèng Bangsri kang para katong ||

26. pangeran wus ingutus | atur sugata marang gupêrnur | lan matêngkên rêmbag pamukuling jurit | lawan idlèr wus sarêmbug | ing samôngsa ngasmarèng don ||

132. Asmaradana

1. punggawa pangarsa sami | balane Natèng Banaran | Tumênggung Panatasingron | nênggih pun Wrêksanagara | prapta sakancanira | tur uninga lamun mungsuh | dêlèr baris Sumêdhangan ||

2. Pangran Mangkunagarèki | baris wetan Sumêdhangan | dhusun ing Wera ênggone | têbah saonjotan [saonjo...]

--- 53 ---

[...tan] kidang | saking baris Walônda | amatêngakên ing rêmbug | gèning mukul ing paduka ||

3. Natasingron têliknèki | kang kinon momor ing mêngsah | ingkang dinangu cacahe | watara kathahing mêngsah | punang têlik turira | sadaya ngatawisipun | idêlèr lawan pangeran ||

4. kadi cacahing prajurit | salêksa lan gangsal nambang | lamun wontêna kirange | pan inggih botên akathah | miwah lamun langkunga | botên kathah langkungipun | saking gangsal wêlas nambang ||

5. Natèng Banaran nimbali | ing santana pra dipatya | lan lurah prajurit kabèh | tinawu[12] ing bobotira | samana gunging mêngsah | apa oncat apa magut | kang abdi matur sadaya ||

6. sumôngga karsa narpati | kang abdi dalêm kewala | amrih ing yuda rêrêmpon | kang abdi darmi lumampah | sang nata angandika | santana lan pra tumênggung | ngarêpna Mangkunagara ||

7. ingsun ngarêpkên Kumpêni | lah bocah jêro kewala | iya sun gawa saparo | kang patang atus kewala | punjul wong Suranata | wolung puluh papatipun | mantri pinilih tri dasa ||

8. bocah jêro kang sapalih | patang atus milu jaba | kang sun pangku iku bae | Magêlang para dipatya | sêdyane lumuh pisah | antepe dadia bubuk | yèn kênia lumuh pisah ||

9. Pangran Natakusuma glis | lan Rôngga Wirasêtika | wus tilar dhuwung kalihe | majêng sami matur nêmbah | pukulun [pukulu...]

--- 54 ---

[...n] nuwun duka | yèn èstu karsa sang prabu | nadhahi angantêp yuda ||

10. tan wontên ajrih ngêmasi | sadaya abdi paduka | amung inggih kuciwane | pukulun tan antuk papan | lan mêngsah taksih ura | botên anunggil gènipun | owêl abdi padukèndra ||

11. sanadyan kathaha ugi | yèn mêngsah dadya satunggal | botên tanggêl pangantêpe | sang nata gumujêng suka | Dhimas Natakusuma | ingsun pan kaya sirèku | iya kapalang ing papan ||

12. yèn mêngkono sun unduri | rôngga padha undhangana | kancamu bupati kabèh | besuk-esuk ingsun budhal | ing Bangsri ingsun tinggal | bubaran wau kang rêmbug | wande umangsah ing yuda ||

13. ing dalu datan winarni | enjing atêngara budhal | gumuruh wadyabalane | putra santana nèng ngarsa | nuntên kang pra dipatya | sri narendra munggèng pungkur | lan wadya ing jro sadaya ||

14. kèndêl dhusun Wanasari | sadalu amasanggrahan | enjinge budhal angalèr | Murong kèndêl masanggrahan | anata balanira | kunêng malih kang winuwus | Pangeran Mangkunagara ||

15. tur uninga ing Kumpêni | yèn kang rama sampun jêngkar | saking Bangsri sawadyanê | angalèr mring Sukawatya | suwawi tinututan | tinut ing sapurugipun | idêlèr nurut kewala ||

16. têngara baris Kumpêni | budhal saking Sumêdhangan | arsa asarêng angalèr | lampahe lêt tigang bulak | ing Sukawati prapta | Pamasaran kèndêlipun |

--- 55 ---

pangeran ing Pagêdhangan ||

17. baris Kumpêni miranti | pangeran pemut prayitna | yèn ingkang rama badhene | sampun angundhangi bala | badhe angantêp yuda | dene pênêd papanipun | ing Sukawati arata ||

18. idlèr ngundhangi prajurit | sami prayitnèng ngayuda | Pangran Mangkunagarane | marang dêlèr pemutira | yèn kyai dèrèng nabrang | ngalèr mêksih anèng kidul | niyat magut ing ngayuda ||

19. kunêng kang winuwus malih | Sri Narendra Kabanaran | kang baris anèng ing Murong | agung dènnya pirêmbagan | angrakit gêlaring prang | badhe ngantêp yudanipun | kasaru wontên caraka ||

20. saking Pugêr Adipati | surate atur uninga | lamun kang rayi jêngkare | Pangran Arya Singasêkar | tilar nagari Jipang | kawone saking Sêdayu | pinanggih lawan kawula ||

21. botên ngangge têpang pikir | pun Pugêr nuwun dêduka | sintên kang kinarsakake | têngga tamping lèr punika | Pangeran Singasêkar | mring Kadhiri lolosipun | môngsa mêcahna kaluwak ||

133. Pocung[13]

1. kula nuwun atur tiwas ing pukulun | rumêksèng tampingan | rumaos botên kasait | tiwasipun rayi dalêm Singasêkar ||

2. sang aprabu miyarsa kalangkung ngungun | kalawan Pangeran | Dipati Bintara mangkin | nuwun lênggah ing nagari Garobogan ||

3. sang aprabu ing batin kalangkung rêngu | pinupus yèn beka | dènnya arsa magut jurit |

--- 56 ---

tyasnya lagya kuwur wande magut ing prang ||

4. iya lamun Si Adhi Bintara iku | yèn cinukêngana | beka satêngahing jurit | pan ingarêm-arêm tyasira sinamar ||

5. ngandikarum Dhimas Bintara sirèku | jaluk Garobogan | kadangira Pugêr iki | kaya priye ngêndi gone mrênahêna ||

6. dene iku sira adhi ingsun turut | jaluk Garobogan | watakira dhingin-dhingin | marènana sok lali ing pawong sanak ||

7. mring sadulur alane dèn ulur-ulur | pakaryan tan arja | nora tulus dèn walêsi | ingkang rayi pucêt sumungkêm pratala ||

8. aturipun sumôngga karsa pukulun | inggih dèn kumbaha | yèn kadosa nguni-uni | sakalangkung jrih kula ing padukèndra ||

9. ing sotipun kadang sêpuh pasthi ampuh | kula manggih papa | kang ngukup mung kakang aji | gih punapa badan kang dipun walêsna ||

10. durakagung gih kawula sok adigung | kathah aturira | sêpata kadya wong cilik | Pangran Adipati Bintara mring raka ||

11. sigra wau Narendra Gandhèk tinuduh | mundhut Garobogan | marang Pugêr Adipati | pinaringkên marang Pangeran Bintara ||

12. Pugêr amung dhinongkolakên wong satus | langkung gujêngira | sira Pugêr Adipati | nora môntra-môntra yèn sak manahira ||

13. wêruh lamun kang duwe panggawe saru | Pangran Buminata | nyêndhandhê[14] sajêge urip | durung-durung nglakoni panggawe tata ||

14. apan iku ya

--- 57 ---

môngsa mantêpa besuk | marang ingkang raka | sayêktine dadi kardi | kudu-kudu ambêbeka lêlampahan ||

15. nora enjuh mung gunane gawe rusuh | sampun tinampanan | ing Garobogan nagari | langkung suka Pangran Dipati Bintara ||

16. yèn tinangguh sagah balanipun wuwuh | adhadhag mêdhadhag | mangah-mangah ulatnèki | kaya êbung pring pêtung mêntas binakar ||

17. ya ta wau barise Kumpêni maju | kèndêl dhusun Gêbang | Pangran Mangkunagarèki | kèndêl baris wontên sawetaning Gêbang ||

18. Sang Aprabu Kabanaran karsanipun | pan anglès kewala | lagya sêbêl ingkang galih | ing bekane kang rayi Pangran Bintara ||

19. kang tinuduh dadia kawal ing pungkur | pra wadana jaba | sadaya ing jro satunggil | têtindhihe Mas Rôngga Wirasêtika ||

20. sisihipun Radèn Suryanagarèku | sagung pra dipatya | ing jaba sadaya kering | mung kadhèrèk sang nata sêntana putra ||

21. budhalipun mangilèn wau sang prabu | mingêr ngalèr nabrang | praptane salèr bênawi | ngetan malih sakêdhap praptane Bancar ||

22. kèndêl wau masanggrahan sang aprabu | mungsuh wus miyarsa | pangeran miwah Kumpêni | sami nusul baris Kumpêni kalawan ||

23. barisipun Pangran Mangkunagarèku | budhal saha lampah | wetan kilèn nunggil kapti | baris Murong kang dèn ungsir budhalira ||

24. ingkang kantun Murong kirab barisipun | baris mungsuh kagyat | anarka [a...]

--- 58 ---

[...narka] sunane maksih | sami kèndêl Kumpêni baris sumêngka ||

25. barisipun Pangran Mangkunagarèku | lan sabalanira | anèng dhusun Batu Tangkil | baris Murong kêbut ngalèr ngilèn samya ||

26. dêlèr ngutus amatêngakên ing rêmbug | Dipati Sêmarang | praptèng baris Batu Tangkil | wus pinêthuk urmat baris prajuritnya ||

27. baris susun jroning pasanggrahan agung | sagung baris dharat | nèng ngara-ara ing jawi | pan agabag ewon kang baris turôngga ||

28. praptanipun wau awake gupêrnur | Dipati Sêmarang | pinanggihan anèng jawi | soring tarub pasanggrahan sampun lênggah ||

29. pra tumênggung tinunggilkên pra tumênggung | lan Kudanawarsa | puniku jajare linggih | pangerane kang munggèng kursi kewala ||

30. Dipatyèku Sêmarang tyasira kêju | dêlèr kang karya wak | têka nora nêmu aji | linênggahkên anèng ing widhig kewala ||

31. lan andulu solah tingkahing wadyagung | sinawung sinawang | sasêmone gawe cilik | lonyot-onyot ing pratingkah gêgêculan ||

32. tyase alum Dipati Sêmarang iku | mulat ing pratingkah | ki dipati kêcil ati | prakarane ngunthêt saparo tan mêdal ||

33. ngaturakên surat kang saking gupêrnur | kêdah pêpanggiha | matêngakên barang pikir | sabarange pênêd nuli kalakona ||

34. ya ta wau kèndêl ing pamaosipun | pangeran ngandika |

--- 59 ---

hèh Adipati Sêmawis | dêlèr iki têka mangkene karsanya ||

35. atêtêmu iya apa bedanipun | kalawan pangucap | kang kalêbu ing srat mami | bèbèt ingsun tan ana ngoncati ujar ||

36. apan iku kakang mas panjalukipun | Pangeran Pancuran | nuli têmua lan mami | ngarah apa bok besuk sawusing karya ||

37. apan ingsun liwat rubêd atiningsun | wong arêp-arêpan | ingsun iki nyêngka tandhing | pan kiyai prajurit sumbagèng jagad ||

38. tikêl satus balane lan balaningsun | tur padha prawira | kabèh balane kiyai | balaningsun lagi aprang bêbocahan ||

39. prandenipun nêmah tan mingkêt sarambut | saking ingsun iya | wus saguh marang Kumpêni | rêmak-rêmpu ingsun tan sumêdya oncat ||

40. ciptaningsun lan Kumpêni barêng gêmpur | môngsa dadak cidra | lamun taliti Matawis | wus muliha Adipati ing Sêmarang ||

41. layang ingsun angsul-angsul bèn lumaku | Si Kudanawarsa | ingkang gawa layang mami | ngiras wakil prasasat wus awak ingwang ||

42. sami mundur Dipati Sêmarang gupuh | praptaning Sumêngka | wus panggih lan ingkang nuding | Hoêndorop dipati ginawa ngiwa ||

43. aturipun katur sasolahing mungsuh | Dipati Sêmarang | mring dêlèr amrasabêni | sampun mindho kula kinèngkèn marika ||

44. solahipun beda lawan pamanipun | taklim ing kongkonan | ing adate Mangkubumi |

--- 60 ---

yèn punika pratingkah agêgêculan ||

45. manggil gupuh Radèn Endranata tumut | prapta tinakonan | miwah Naladiranèki | ingkang sami mindho ming têlu dinuta ||

46. mring Sang Prabu Natèng Kabanaran kruhun | ngajèni kongkonan | satata gènnya manggihi | lan têmbunge sêdhêp prak ati pasaja ||

47. patutipun sagène pakuwonipun | mondhoka sadina | yèn Pangeran Mangkubumi | pasêmone baris lir goning narendra ||

48. sru gumuyu agoyang kapalanipun | êmbèn Danawarsa | badhe kinèngkèn mariki | siyaganên têtarub pakuwon ngarsa ||

49. bubar sampun kunêng malih kang winuwus | Pangeran Pancuran | kintun sêrat mring kang rayi | wus tinampan ing Pangran Mangkunagara ||

50. têmbungipun hèh yayi mas sira iku | iya dèn prayitna | patêmon aja nglakoni | lamun durung ingsun lumaku nèng ngarsa ||

51. apan ingsun maksih lumaku nèng pungkur | iya durung kêna | lumaku ana ing ngarsi | lamun ingsun wus kêna lumakyèng ngarsa ||

52. dadi uwus patêmone sakarêpmu | kang pindho yayi mas | prang lan Paman Mangkubumi | aja age yayi ngêntènana ingwang ||

53. pantês ingsun tuwa kadang gulang pupuh | ya singa tiwasa | prang lan Paman Mangkubumi | duk miyarsa maos kèndêl latah-latah ||

54. dutanipun kang raka sinungan wuwus | lah iki kakang mas | ngandika datan pakering | nora lingsêm karungu samaning

--- 61 ---

jalma ||

55. dadak iku ngêmbari kyai prangipun | tan wruh ing ukara | tan wruh ing Pon Wage Paing | wong kumaki iya prajurite pira ||

56. nadyan iku duwea prajurit sèwu | ya têlung èwua | nora patut anadhahi | pamanane wus prajurit têmênanan ||

57. pira-pira prajurit sabrang kapupu | Mayor Has Mayor Pal | Mayor Pèr Kalèrêk mati | prang lan kyai tumpêsan prajuritira ||

58. waniningsun sun rewang prang amalincur | gêlar salindhutan | wong aprang lawan kiyai | tadhah dhadha pasthi rêmuk-rêmpu bebas ||

59. dutanipun kang raka sinung sul-angsul | Pangeran Pancuran | sampun lèngsèr nêmbah amit | kawuwusa ingkang baris anèng Bancar ||

60. amrih laku wau kang putra tinuduh | pangeran dipatya | ngirid wong môncanagari | pra dipati wus kinèn mantuk sadaya ||

61. Pangranipun Dipati Anom Madiun | lan Suryanagara | nêdya tulung Pranaragi | kang binobok saking ing gunung Srêngkara ||

94. Sèh Ibrahim sudagar Turki dipun saraya Kumpeni kapurih ngrêrapu panggalihipun Sunan Kabanaran

134. Dhandhanggula

1. nahên gantya kang winursitèng ris | nênggih wontên sêmpalaning kôndha | nagri Turki nangkodanê | ing Turki tanah ing Rum | lunga dagang mring Bawah Angin | nangkoda kalih [ka...]

--- 62 ---

[...lih] sanak | sami sugihipun | lan kadang mung sabaita | ingkang tuwa anama Ki Sèh Ibrahim | kang anom Ki Sèh Iskak ||

2. wus lakune nagari ing Turki | lamun nangkoda dagang anêbah | anggawa cape rajane | ing cape sultanipun | pan kalaut nèng Bawah Angin | titihanipun pokah | sêbit layaripun | palwane kalunta-lunta | kalih atus sabaita rowangnèki | Sèh Ibrahim ngulama ||

3. datan kèndêl baitanirèki | anut ing barat kalunta-lunta | ngetan tan ana enggoke | kasanggrok nèng pulo Drus | dadya kèndêl palwanirèki | nanging tan wontên tiwas | mung titihan putung | lawan layaripun sirna | nèng pulo Drus minggah Tuwan Sèh Ibrahim | manggihi tiyang kathah ||

4. wong lalaran kang anambut kardi | gêraji kayu sadina-dina | Tuwan Ibrahim têtakèn | mring wong gêraji iku | iya iki nagari ngêndi | apa rajane ana | wau kang sumaur | puniki ing Batawiyah | amung jendral gêng-gênge nagri ing ngriki | akulit kadi tuwan ||

5. nanging kaot sêrban lawan topi | kalih tuwan sami kulit pêthak | sawusirantuk têtakèn | wangsul baitanipun | sagung awak baita sami | kinèn kantun prayitna | amung kadangipun | binêkta anitih sampan | minggah dharat sapraptanirèng Batawi | arsa anjaluk tiyang ||

6. samya kagyat têtiyang Batawi | arang kambah sami kagawokan | abagus agêdhe-gêdhe |

--- 63 ---

têtakèn gêdhongipun | gèning jendral sami lumaris | ingkang jaga lumajar | badhe ngaturi wruh | yèn têtiyang Turki prapta | sawêg matur Sèh Ibrahim sêlak prapti | anguwuh jendral-jendral ||

7. langkung gugup jendral angêdhuni | dharakalan kapêthuk ing latar | sampun cinandhak astane | lajêng binêkta lungguh | munggwèng kursi lajêng dènnya ngling | jendral sun jaluk tiyang | putung tiyang ingsun | mulane kalunta-lunta | jêbul kene pan ingsun iki Rum Turki | iki cape rajèngwang ||

8. tuwan jendral sigra aningali | cape Jêng Sultan Muhamat Likan | Rum ing Ngadli Ratu gêdhe | kêkalih êcapipun | Kangjêng Sultan Mustapa Rumi | jendral sêngkut mangrêpa | langkung sugun-sugun | tuwan paduka dèn sabar | dene tuwan saèstu nangkoda Turki | kadhapur ing nagara ||

9. dene antuk cape ratu yêkti | yêkti kajêjêr nangkodèng prangja | mila dipun ragi rèrèh | kula turi tan wurung | inggih amrih ingkang prayogi | manthuk lah iya jendral | sun anti sanggupmu | ingsun rèrèh tanahira | manawa na wong nikara marang mami | môngsa bodhoa sira ||

10. tuwan jendral matur ngasih-asih | sintên purun tuwan kula rêksa | ing sadhahar minumane | anulya amit wangsul | mring parahu jendral ngurmati | angatêr lan sugata | sarwi wuwusipun | tuwan yèn wus tigang dina | inggih tuwan kawula aturi malih | dhatêng wisma kawula ||

11. saungkure Tuwan [Tuwa...]

--- 64 ---

[...n] Sèh Ibrahim | Jendral Jakup Musêl pirêmbagan | lawan Dêlèr Dhirèkture | Pan dêr Para ranipun | iya Petrus Albèrtus prapti | jendral atutur warta | ana nangkoda gung | saking Turki bijaksana | parenenya palwa putung tiyangnèki | têmah kalunta-lunta ||

12. gawa cape Sultan Rum sayêkti | iki patut yèn sinilih basa | iya ngakua dutane | ya Kangjêng Sultan ing Rum | amariksa rusaking Jawi | sapa kang dadi purwa | Jawa rusakipun | kang aprang nora maria | Mangkubumi sayêkti lamun apanggih | Sultan Ngêrum dutanya ||

13. sayêktine kêkês Mangkubumi | nuli nurut iya saparentah | ing Kumpêni pratikêle | anut ginawe Ratu | ing Nagari Jawa sapalih | Dhirèktur Pan dêr Para | pan Petrus Albèrtus | myang sagung rad pên india | wus sarêmpêg amung kari pikir siji | ambobot marang upah ||

14. ana ingkang tri atus sêsasi | ana kang patang atus sawulan | limang atus nêmatuse | puniku reyal sêpuh | sigra jendral ingkang mêdhoti | patang atus sawulan | kêton patang atus | cêkak landhung wus bêgjanya | ing tutute sakênane Mangkubumi | nurut maria aprang ||

15. saingone sabature sami | wong rongatus kang anèng baita | kang atunggu dagangane | sawêdhus bêrasipun | sabêrambang bawang dhognèki | saminyak samarica | kapulaganipun | wus êsah ingkang bicara | nulya ngutus mring

--- 65 ---

pulo Drus Komisaris | lawan kaji satunggal ||

16. wong Makasar Ki Kaji Duljaki | ingkang bisa basa Turki Arab | ing pulo Drus sapraptane | sarta bêkta sêsuguh | warna-warna sapitung kunthing | pamrihe kasaida | bature rongatus | kanggoa satêngah wulan | wusnya panggih lawan Tuwan Sèh Ibrahim | nuju amaca Kitab ||

17. Kitabira wontên kalih pêthi | kagyat mulat komisaris prapta | lan akathah gêgawane | kalangkung sukanipun | komisaris wus tata linggih | alon manis têmbungnya | tuwan kula ngutus | dhatêng putra jêngandika | tuwan jendral atur pratôndha ngurmati | rèhning paduka prapta ||

18. inggih wontên tanah ing Batawi | aprasasat Sultan Rum kang prapta | angramati ing dasihe | sasat dhawuh andaru | amadhangi nagri Batawi | mung tuwan kang sayogya | pinintanan tulung | ing sagunging para susah | Sultan ing Rum babone ratu sabumi | tyas mulya paripurna ||

19. kula ngutus ngaturi udani | nagri kang tuwan ciki punika | sapangetan saurute | manggih susah kalangkung | sagung daganganing Kumpêni | kèndêl datan lumampah | pirang-pirang taun | Kumpêni rugi kewala | ingkang mawi ing tanah Jawa ajurit | sinapih datan kêna ||

20. wontên anaking raja satunggil | namanipun Radèn Mas Sujana | Mangkubumi ing samake[15] | angamuk pirang taun | datan kêna apês ing jurit | langkung sawindu dènnya | amurwèng prang pupuh | eyangipun [e...]

--- 66 ---

[...yangipun] prêjangjean | lan Kumpêni manjing darah kulit daging | sagêbyaring baskara ||

21. awon-ingawonan datan kêni | èwêdipun tinadhahan ing prang | sasat prang lawan putune | tinêmênan puniku | nistha ing prang mukul lan kaki | rinewang prang wêtara | tan kêni sinêmbur | atusan sabên ayuda | pêpatine wutahing rah dalajati | bumi satêmah rêngka ||

22. putra tuwan jendral langkung runtik | sayêktinipun langkung bêbana | bilih dados usadane | tanah Jawi pukulun | angipuka ing Mangkubumi | pasthi tuwan ginêga | jêr tuwan jinis Rum | Mangkubumi yèn kênia | ingadêgkên ratu sapalihing bumi | kèndêla amangun prang ||

23. putra tuwan jendral anaosi | kawan atus kêton sabên wulan | Sèh Ibrahim pamirsane | kalangkung ngungunipun | ana ingkang karasèng galih | Sèh Ibrahim ngulama | dhangan ing tyasipun | rêsêp karya kabêcikan | ya warahên si jendral aja kuwatir | ing samono prakara ||

24. aja nganggo iya dèn opahi | yèn amurungakên wong tukaran | pan wus gêdhe ganjarane | mungguh Hyang Maha Luhur | komisaris umatur aris | tuwan putra andika | jêr wus nadaripun | môngsa kênaa tinulak | angandika wau Tuwan Sèh Ibrahim | ya warahên si jendral ||

25. besuk-esuk sun têmu pribadi | karo si jendral padha rêmbugan | ingkang linakon bêcike | wajib amrih rahayu |

--- 67 ---

iya marang isining bumi | ingsun iki wong dagang | ngancik nagarèku | lagi nêmu kasusahan | kuwajiban ingêntèni milu mikir | mulyane kang nagara ||

26. komisaris lan Kaji Duljaki | sampun pamit Rum baya lumarap | wus minggah dharat lampahe | lajêng panggih Gurnadur | Jendral Jakup Musêl

anganti | lawan Dhirèkturira | Petrus ya Albèrtus | Komisaris praptanira | ngaturakên saguh Tuwan Sèh Ibrahim | têtulung ing prakara ||

27. tanah Jawa marine ajurit | akarya mandhêging dêdagangan | bumi kèh dadi rusake | apan ing dintên besuk | rama tuwan mariki malih | amatêngakên rêmbag | mrih kalakonipun | wajib tulung kasusahan | duk miyarsa ing karsane Sèh Ibrahim | suka ingarsa-arsa ||

28. kunêng dalu kawuwusa enjing | komisaris kang kinèn amapag | bakda Rum baya lampahe | sapraptane pulo Drus | Sèh Ibrahim wus dèn aturi | wau gurnadur jendral | ing sawingkingipun | utusan amêpak bala | dragundêre rongatus lan jalan kaki | urmat baris yèn prapta ||

29. kapêthukan Tuwan Sèh Ibrahim | lan amêpak ing Rat pên idia[16] | baris wus miranti gone | dêlèr kalih tinuduh | mêthuk reta pinggir pasisir | kang pinêthuk wus prapta | têdhak ing parahu | sigra ingaturan minggah | ing kareta minggah Tuwan Sèh Ibrahim | lajêng karetanira ||

30. praptanira jendral mêthuk kori | lawan sagunging [sa...]

--- 68 ---

[...gunging] Rad pên idia[17] | gupuh-gupuh tênagane | kadya urmat ing ratu | jendral langkung angasih-asih | kinanthi rinarêpa | wus binêkta lungguh | sagunging Radpêni diya | sami tabe wus samya linggih ing kursi | Sèh Ibrahim ngandika ||

31. apa nuli jendral pikir iki | apa tamban mungguh lakuningwang | Jakup Musêl lon ature | inggih salêrêsipun | tuwan kula ajrih ngaturi | yèn tuwan sampun dhangan | Tuwan Sèh lingnyarum | manawi na pikir liya | liya ingkang ginawa si komisaris | aran wong pêpikiran ||

32. ingkang enak padha dèn lakoni | lamun sira kabotana ing prang | ya sira aja andalèh | lamun wong daging ingsun | lamun ingsun kirima tulis | marang ing ratuningwang | anuwunkên bantu | aja maido maring wang | pasthi olèh iya prajurit rong kêthi | sok kêlara nyugata ||

33. iya sapa mungsuhmu ajurit | dadèkêna ancura nagara | iya ngong kaduga bae | pan iya ratuningsun | bangêt asih ing awak mami | Sultan

Muhamad Lekan | narendra pinunjul | sumbagèng rat pramugèng prang | prajurite kabèh pitung puluh kêthi | yèn ingsun utusana ||

34. tur uninga lamun awak mami | dagang ngambah ing nagara susah | susahe nuju prang gêdhe | mrih mulyane prajèku | ingsun nuwun kirim prajurit | nadyan patang kêthia | pasthi lamun antuk | ingsun sira aku bapa | antêp ingwang iya jendral nora wigih | nglakoni

--- 69 ---

sarat Jawa ||

35. ingsun iki sira gumatèni | sampe mati nglabuhi prakara | iya mrih rahayu kabèh | jendral angrêpa matur | langkung saking tarima kasih | langkung saking kalingga | dene wawratipun | tuwan inggih tanah Jawa | amung ewon langkunga botên kuwawi | pasthi praja suwak brak ||

36. têmah ajur botên dadi takir | mila tuwan panuwun kawula | mung ngipuka sami darbe | amrih puruna rukun | sampun kongsi sulaya budi | wong cilik karisakan | kasihan kalangkung | nênulari tanah sabrang | gawe mandhêg marang dagangan Kumpêni | windon rugi kewala ||

37. amung tuwan pantês ngusadani | risakipun inggih tanah Jawa | tuwan tunggil agamane | aluhur Sultan ing Rum | mila tuwan kula aturi | môngsa sagêda bôngga | ing salêrêsipun | yêkti agamane cacad | yèn mopoa ing pitutur mrih sayêkti | kadi anut kewala ||

38. sigra wau Tuwan Sèh Ibrahim | iya ingsun nora gawa rowang | wong Turki sun tinggal kabèh | sun gawanana batur | tuwa roro bocah kêkalih | Duljaki ingsun gawa | akèh karyanipun | kang minôngka juru basa | tuwan jendral sigra dènnya marentahi | kang juroning baita ||

39. nuju wontên duta ing Samawis | utusane Dipati Samarang | Wiryamanggala namane | kalawan mantunipun | namanira Dyan Wirasari | gandhèk ing Surakarta | nênggih lurahipun | swargi sumare Lawiyan |

--- 70 ---

duk wiwite pakêthip lunga angungsi | pangan maring Samarang ||

40. pinarêngkên Tuwan Sèh Ibrahim | ing antuke nunggil sabaita | sira Wiryamanggalane | kalawan ingkang mantu | Wirasari wus mancal aglis | samarga ing lautan | agung andêdangu | pratingkahe tanah Jawa | Kyai Wiryamanggala umatur aris | tuwan anak kawula ||

41. Wirasari puniki angabdi | dhatêng Sang Prabu ing Kartasura | dadi wong kandêl têgêse | lêlurah gandhèkipun | malah tate kinèn tut wuri | kang rayi kang prakosa | samangke puniku | Pangran Mangkubumi nama | prawirèng prang samangke kang dadi kardi | agung numpês Walônda ||

42. duk miyarsa Tuwan Sèh Ibrahim | langkung suka agung atêtanya | Wirasari cinêlakke | lêga ing manahipun | myarsa ture Dyan Wirasari | yèn agung sok dinuta | jênêngi prangipun | duk ingabên mring kang raka | lawan pira-pira kang mungsuh katitih | tan amôngga puliha ||

43. dadosipun makatên puniki | ing nguni Jendral Emup punika | prapta ing Surakartane | nuntên saantukipun | kesah Pangran Amangkubumi | lajêng prang tanpa wêkas | aprang padha batur | dadya lêtuh kang nagara | pan ing mangke tuwan kula tan udani | ngungsi wontên Samarang ||

44. wus têtela Tuwan Sèh Ibrahim | saking Radèn Wirasari turnya | yèn abêcik têtêkone | lan bêcik dhapuripun | nguni Pangran Amangkubumni | kunêng kang alêlampah |

--- 71 ---

Tuwan Sèh nèng laut | wau suratira jendral | sabên kantor Têgal Japara Samawis | wus sami kadhawuhan ||

45. suratira Jendral ing Batawi | Sèh Ibrahim Tuwan Sarip Bêsar | Sultan ing Rum carakane | dèn padha sugun-sugun | singa-singa kang dèn ampiri | dutane Raja Bêsar | dèn cakut dèn takut | aja gêgawa maring wang | tuwan jendral langkung dènira nasabi | mingit panggawenira ||

46. wau lampahira Sèh Ibrahim | kèndêl Têgal petor dhalêm mapag | langkung panyuba-nyubane | mung kèndêl kalih dalu | lajêng mancal dhatêng Samawis | sadalu lampahira | êbyar praptanipun | petor bêsar ing

Samarang | duk miyarsa mêthuk mring pinggir pasisir | panggih lajêng binêkta ||

47. marang petor bêsar wismanèki | sinaosan gêdhong kang santosa | Tuwan Sèh makuwon rèrèh | pan dêlèripun suwung | pan anglurug mring Sukawati | Wirasari kalawan | Wiryamanggalèku | samya kinèn umantuka | yèn wus aso têlung dina kinèn bali | gawaa roning kamal ||

135. Sinom

1. wusnya ngaso tigang dina | sira Radèn Wirasari | marak Tuwan Sarip Bêsar | sarta sugata mêrnani | sawusnya tata linggih | Tuwan Sèh Ibrahim dangu | Wirasari kaya pa | suwunge si dêlèr iki | ya ta matur Wirasari inggih tuwan ||

2. sami wontên palurugan | inggih kang dipun lurugi | ingkang kula turkên tuwan | Pangran Arya Mangkubumi |

--- 72 ---

kang madêg narapati | lawan karsane puniku | mangke pinukul ing prang | inggih kinarubut kalih | lan putrane Pangeran Mangkunagara ||

3. Tuwan Sarip duk miyarsa | iku priye Wirasari | manawa kasêlak rusak | miwah matia ing jurit | sapa sun candhak malih | tanah Jawa sida ancur | sira angupayaa | kang nêkakkên layang mami | apa dene ingsun arsa têtêmua ||

4. Wirasari matur nêmbah | inggih tuwan kadipundi | wong sawêg ajêng-ajêngan | ingkang dipun utus ajrih | kalayan sônggarunggi | winastan karyaning mungsuh | yêkti manggih cilaka | tuwan dipun sabar kêdhik | petor bêsar nambungi lah inggih tuwan ||

5. dene satêngah arungan | kalihan ingkang tinuding | Tuwan Sarip Bêsar tanya | marang Petor ing Samawis | petor sapa kang bêcik | manawa sira wus wêruh | kang padha duwe Jawa | saliyane Mangkubumi | petor matur inggih kula dèrèng mirsa ||

6. mung sawêg siji punika | pratandhane yèn ajurit | dèrèng purun prang culika | sanadyan balane kêdhik | lamun tinonjok tulis | pinurugan mungsuh agung | yèn sampun saguh mapag | rêmak-rêmpu dèn lakoni | mundur risak adate tuwan punika ||

7. yèn balane nuju kathah | ingkang amarani kêdhik | tinonjok tan sanggup mêdal | pan inggih tulus ngoncati | botên prang cidra gêndhing | wêkêl tuhu watêkipun | Mangkubumi punika | liyane sami prang gêndhing | aprang [a...]

--- 73 ---

[...prang] cidra golèk kalimpene mêngsah ||

8. tuwan waradin sadaya | pêparinge trah Matawis | sawêg satunggal punika | Mangkubumi wus prajurit | nadyan watêke inggih | môngsa têbiha puniku | wau duk amiyarsa | suka Tuwan Sèh Ibrahim | padha lawan Wirasari tuturira ||

9. petor malih aturira | tuwan malih saprakawis | kang sampun umadêg nata | puniku gih tyase bêcik | bagus budi lêstari | santosa maring Hyang Agung | Sèh Ibrahim lingira | nora catur kang wis dadi | sisihane kang sun pikir mèt prayoga ||

10. petor bêsar aturira | tuwan dipun sabar kêdhik | inggih yèn sampun kantênan | pacampuhaning ngajurit | kula ngupados aglis | ingkang pantês tuwan utus | sêdhêng mantun arungan | rèrèh tyase Sèh Ibrahim | ya ta kunêng gantya malih kawuwusa ||

95. Madiun lan Pranaraga kenging karebat dhateng Pangeran Mangkunagara

11. Pangeran Mangkunagara | kang abaris Batu Tangkil | dêlèr baris ing Sumêngka | sami tanah Sukawati | pangeran kirim tulis | Kudanawarsa ingutus | kanthi Ranadiningrat | bêkta bupati kêkalih | lan tumênggung nênggih Suramangunjaya ||

12. bêkta kêkapalan dhomas | pra sami milih turanggi | amung dhawuk lawan pancal | banderane patang supit | samya saruwal abrit |

--- 74 ---

sangkêlat kasting baludru | sadaya pêpilihan | prajurite bêcik-bêcik | sami kuda dhawuk pancal lan palôngka ||

13. praptane baris Sumêngka | dêlèr amêpak prajurit | aglar baris ngara-ara | upsir lan para dipati | atarap munggèng kursi | dênglèr[18] munggèng tarub agung | lawan Pangran Pancuran | idêlèr sandhing alinggih | praptanira Dipati Kudanawarsa ||

14. dêlèr ngadêg nèng taratag | amêthuk wau kang prapti | Dipati Kudanawarsa | cingak sagung wong pasisir | dhapure amantêsi | rikat gagah rowa bagus | kadya Bambang Swatama | dene punggawa kêkalih | Suramangunjaya lan Ranadiningrat ||

15. kadya Nakula Sadewa | kalihe apêkik-pêkik | katri punggawa binêkta | wus sami lênggah ing kursi | nunggil Ki Adipati | Samarang dènira lungguh | sira Kudanawarsa | angaturkên sêrat aglis | wus tinampan idêlèr lajêng nupiksa ||

16. sawusnya têlas winaca | urmat drèl baris Kumpêni | gupêrnur nuduhkên sigra | marang Kudanawarsèki | lah Danawarsa iki | apa pangling sira iku | maring Pangran Pancuran | kagèt dongong sangêt pangling | sigra ngujung Dipati Kudanawarsa ||

17. punggawa kalih tumulya | pra sami mangsah ngabêkti | gumujêng Kudanawarsa | bêndara sampeyan inggih | andadak kaki-kaki | asêpuh kula satuhu | kang mirsa sami cingak | dene botên kakang adhi | pêpatute kaya anak lawan bapa ||

18. gupêrnur alon wuwusnya |

--- 75 ---

hèh Kudanawarsa iki | pangeran pikire iya | yèn uga patêmon mangkin | yèn kang rama miyarsi | yêktine sangêt angamuk | tan kêna tinadhahan | milagung nglêlèdhèk mangkin | yèn apranga sadèrènge pêpanggihan ||

19. sayêktine mônda-mônda | kêna tinadhahan tipis | iya sun nurut kewala | nuli amriha ajurit | mêngko ana ing ngêndi | ingkang rama barisipun | taksih wontên ing Bancar | balanipun wuwuh malih | wong pasisir kalawan wong Surakarta ||

20. anakipun Pringgalaya | Pringgadiningrat ambalik | ambêkta samantrinira | mantri gêdhe tumut balik | mangkya dadya pangarsi | nèng Tinawas barisipun | dêlèr ngungun miyarsa | sakarsane wus nuruti | mring rêmbuge Pangeran Mangkunagara ||

21. pinutusagung bicara | sampun Kudanawarsa mit | kalawan sakancanira | mêdal sajabaning baris | samya nitih turanggi | wadya kuda wolung atus | anuju misih Siyam | tanggal wolu likur nênggih | lampahira Dipati Kudanawarsa ||

22. wau ta sapraptanira | ing barisan Batu Tangkil | lajêng sowan ngarsanira | Pangran Mangkunagarèki | matur saha wotsari | ngaturakên tabenipun | dêlèr lawan kang raka | Pangran Tirtakusumèki | salamipun inggih dhatêng jêng paduka ||

23. ing mangke raka paduka | inggih sampun kaki-kaki | pangeran alon ngandika | iya mandi sapa mangkin | Danawarsa wotsari | pun Jawira ngrong pukulun |

--- 76 ---

ompong uwane samya | pangeran gumujêng bêlik | Danawarsa kang êmas apa prakosa ||

24. umatur Kudanawarsa | baluncing arêngkik-rêngkik | kados kêkathahên madat | biru pasêmon bakiwit[19] | pangran gumujêng malih | prandene kudu kumênthus | akon angantèni prang | anumbari mring kiyai | binantinga mêcothot dadi nêmbêlas ||

25. gumêr kang sami miyarsa | Kudanawarsa wotsari | pun dêlèr mangke sumôngga | ing paduka gèn pêpanggih | botên kadi rumiyin | asangêt pamêksanipun | mangke dhèrèk sakarsa | sampun marêm tyasirèki | dene kula kenging pêpanggih punika ||

26. ing benjing sampuning bakda | anuntên umangsah jurit | nglanggara majêng paduka | inggih ingaturan aglis | pangeran ngandikaris | wong mungsuh kiyai iku | yèn ana lor bangawan | aja wani anyabrangi | pan amungsuh iya wong sajagad-jagad ||

27. kabèh wonge desa ika | dadi mungsuh gêdhe cilik | têkan bocah angon ika | padha milu ngamuk wêngi | tan ana marentahi | dudu kyai ingkang nuduh | dhasar padha wong desa | kudu padha ngamuk bêngi | ambêbingung karya rusake wong kathah ||

28. yèn kene lawas tan nabrang | pasthi kyai anyabrangi | sayêkti sangêt bramantya | yèn rusake Sukawati | kunêng gantya winarni | kang agung sungkawa nêkung | kang masanggrahan Bancar | Susunan Amangkubumi | sakalangkung nênêdha maring Hyang Suksma ||

--- 77 ---

29. pangunandikaning driya | yèn mêngkene tanah Jawi | alawas nora raharja | apa ta durung pinasthi | mulyaning tanah Jawi | yèn tan winarisa ingsun | angur sun cinupêta | besuk satêngahing jurit | yèn mangkono sayêkti dêdawa wirang ||

30. sawadyane ingundhangan | padha salata kajati | ngungkungên nêdha Pangeran | mangkana Sang Adipati | Suryanagara mangkin | miyarsa pawarta katur | saking nagri Samarang | yèn wontên caraka prapti | saking ing Rum Jêng Sultan Muhamad Lekan ||

31. utusan amêmariksa | risakipun tanah Jawi | apa ingkang dadi purwa | Sarip Bêsar kang tinuding | jêjêr priyayi Turki | gêng inggil siwêr abagus | nèng gêdhong petor bêsar | inggih kèndêle samangkin | angêntosi prayogine kang dinuta ||

32. Kumpêni ajrih sadaya | tangkêbe sami anggusti | dhatêng Tuwan Sarip Bêsar | inggih Tuwan Sèh Ibrahim | warti duta sing Turki | wadyanipun kalih èwu | punika mêmisanan | lawan Sultan Abab nênggih | ingkang rama Jêng Sultan Muhamad Lekan ||

33. kumêpyur wardayanira | sang nata osik ing galih | apa ta iki dhawuha | iya pitulung Hyang Widhi | rusaking tanah Jawi | kapyarsa saking nagri Rum | baya ta linuwaran | kèlême nagara Jawi | singa-singa iya kang dadi jalaran ||

34. sang nata alon ngandika | Adhi Suryanagarèki | bêcik sira anêlika | marang nagara Samawis | yêktine kang pawarti | Suryanagara umatur | inggih langkung prayoga |

--- 78 ---

Arya Jayèngrana aglis | nêmbah matur kawula adarbe magang ||

35. punika langkung prayoga | têtiyang saking pasisir | kadi botên kawênangan | kakange wontên Samawis | ngandika sri bupati | iya undangên ngarsèngsun | ingkang tinuduh mêdal | Jayèngrana animbali | lêbêtipun angirid kang badhe duta ||

36. sapraptanirèng ngayunan | dinulu langkung prayogi | awongwong bisa sambada | lajêng kadhawuhan wêling | nêlika mring Samawis | ana caraka saking Rum | iku waspadakêna | priye anggêpe Kumpêni | lah mangkata nêmbah kang dinutasmara ||

136. Asmaradana

1. kunêng malih kang winarni | Pangeran Mangkunagara | rêmbage lawan idêlèr | idêlèr akêdah nglanggar | nyabrang ngalèr bêngawan | angêsuk saênggènipun | mring Susunan Kabanaran ||

2. pangeran rêmbagirèki | pratela watêking mêngsah | tinutur marang idêlèr | wong bumi kang pira-pira | wong desa dadi mêngsah | gêdhe cilik padha ngamuk | sabên wêngi pan wus adat ||

3. yèn inganti kidul kali | mungsuh iku lawas-lawas | yèn Sukawati risake | sayêkti iku anglanggar | Pangran Mangkunagara | pamit marang dêlèr wau | arsa mring môncanagara ||

4. pisaha sakêdhap nuli | mungsuh iku nuli prapta | Kumpêni ginêcak age | samôngsa mungsuh nyabranga | kula anuli prapta | anggitik têka ing pungkur | dêlèr anurut kewala ||

5. budhal saking [sa...]

--- 79 ---

[...king] Batu Tangkil | Pangeran Mangkunagara | kêbut sawadyakuswane | tanggal kaping tiga wêlas | gumuruh balanira | anggêcak nagri Madiun | angampiri Jagaraga ||

6. Bupati ing Jagaragi | amêthuk ing prang sakêdhap | lajêng anglorot mangalèr | Pangeran Mangkunagara | lajêng sabalanira | anggêcak nagri Madiun | wus prapta jajahanira ||

7. Madiun miyarsa warti | gègèr têpis iringira | kadhatêngan mungsuh gêdhe | duk lagya amêpak bala | badhe bantu ngayuda | Pangran Dipati Madiun | têtulung mring Pranaraga ||

8. wande dhatêng Pranaragi | mantri tampingan tur priksa | mêngsah punika wartane | inggih raka jêngandika | Pangran Mangkunagara | langkung gêng dêdamêlipun | pangran dipati miyarsa ||

9. kang raka dipun aturi | Pangeran Purwanagara | sapraptanira dalême | pangran dipati ngandika | Kakang Purwanagara | gêtêre kang mungsuh rawuh | kang êmas Mangkunagara ||

10. Purwanagara nauri | adora warta punika | mriki punapa damêle | wong sawêg ajêng-ajêngan | lan rama jêngandika | wong warta liwat anggandur | amrih gêgiris samana |

Lajêng nyandhak jilid 15.

--- [0] ---

Isinipun

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. pinundhut. (kembali)
3. rencang. (kembali)
4. angampêt. (kembali)
5. Teks asli: Pucung. (kembali)
6. bêdhil-binêdhil. (kembali)
7. Kurang satu suku kata: panèkêt saking Kaparak kang keri. (kembali)
8. Hogêndrup (dan di tempat lain). (kembali)
9. amawi. (kembali)
10. ngering. (kembali)
11. kapikut. (kembali)
12. tinari. (kembali)
13. Teks asli: Pucung. (kembali)
14. nyêndhandhêr. (kembali)
15. samangke. (kembali)
16. Rad pên india. (kembali)
17. india. (kembali)
18. dêlèr. (kembali)
19. basiwit. (kembali)

Serie No. 1259n

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 15.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Madiun lan Pranaraga kenging karêbat dhatêng Pangeran Mangkunagara. [1]

11. Purwanagara nulyamit | wontên mantri kalih prapta | langkung pratela ature | èstu raka jêngandika | piyambak ingkang tindak | langkung gêng dêdamêlipun | pangeran dipati sigra ||

12. siyaga sawadyanèki | budhal marang wismanira | Pangran Purwanagarane | prapta pangeran ngandika | kakang lah dawêg kesah | dene wadine kang mungsuh | amopo Purwanagara ||

13. pinêksa ingajak gingsir | Pangeran Purwanagara | nanging mêksa pamopone | ature Purwanagara | sampeyan langkung karsa | suwawi kula tut pungkur | ing saonjotan kewala ||

14. budhal pangeran dipati | Pangeran Purwanagara | ngatêrakên ing lampahe | dupi antuk saonjotan | wangsul Purwanagara | sapraptane dalêmipun | kêbak wong ngili busêkan ||

15. para mantri angaturi | luwung age lumèngsèra | kang mêngsah dede wadose | Pangeran Purwanagara | bêkuh tan purun kesah | tinangisan rabinipun | ingajak angoncatana ||

16. nanging puguhe tan sipi | mêksa maido kewala | Si Ranadiningrat bae |

--- 4 ---

agawe-gawe lokira | tan adangu gumêrah | mungsuh prapta ngalun-alun | turôngga tanpa wilangan ||

17. lajêng angêpung bathithit | angubêngi pagêr bata | Purwanagara balane | kathah malêdug sarsaran | binujung marang mêngsah | amung sèkêt balanipun | kang tumut muwêr jro bata ||

18. akèn nabuh Carabali | Pangeran Purwanagara | mungsuh eram sami kagèt | Pangeran Mangkunagara | wau duk amiyarsa | kang carabalèn angungkung | kalangkung bramantyanira ||

19. ing alun-alun wus prapti | wadya kinèn angrampita | amadung lawang korine | mènèka pagêre bata | wadya ngarsa turira | rayi paduka wus dangu | lolose ngalèr angetan ||

20. dene kang kantun puniki | amung pun Purwanagara | kang anatab carabalèn | pangran langkung dukanira | wadya sarêng tumandang | angandhani banonipun | ana kang madungi lawang ||

21. wus bujad lawangirèki | jinêjêk mring Ônggaima | pan Walônda mantri jêro | saudhune saking kuda | tumut prajurit ngarsa | Ki Ônggaima malêbu | sarwi anyangking sanjata ||

22. kang wetan kalêbon nuli | ingkang manjing bêbutulan | lajêng acampuh prang rame | Pangeran Purwanagara | misih anabuh kêndhang | lêbête Ônggaimèku | angadêg Purwanagara ||

23. durung nyandhak waosnèki | misih nyêkêl tabuh kêndhang | kêndhange kang carabalèn | asigra pun [pu...]

--- 5 ---

[...n] Ônggaima | Pangran Purwanagara | sinanjata nginggil suku | watgata lajêng aniba ||

24. Ônggaima malayoni | kancane nusul wus kathah | malêdug wau balane | kacandhak ingkang wolulas | kang sami pinêjahan | ingkang akathah atutut | prasami kacandhak gêsang ||

25. Ônggaima angakahi | ing Pangran Purwanagara | lajêng pinocok sirahe | akathah bandhanganira | kancane jawil sigra | hèh Ônggaima sirèku | wis uwis lah undurana ||

26. iku kang sira patèni | santanane gustinira | ibune kang mati kuwe | lan putri Kahèrucakran | Pangeran Hèrucakra | kadange susunan prabu | dadi iku sanak misan ||

27. kalawan gustinirèki | Ônggaima duk miyarsa | sumilak pucêt ulate | wus katur lawan pangeran | pêjah Purwanagara | Ônggaima praptèng ngayun | bongkok pêdhang dhuwungira ||

28. pangeran kagyat ningali | wontên matur Ônggaima | kang mêjahi pangerane | nênggih pun Purwanagara | dèrèng wruh yèn santana | ing mangke sawêg angrungu | mila atur pêjah gêsang ||

29. pangeran gumujêng bêlik | asru dènira ngandika | Ônggaima aja kowe | iya dadak kasusahan | nadyan iku santana | ujêr iku satrunipun | bôngga wajib pinatènan ||

30. lah iya bêgjanirèki | saprabote ingkang kêna | wus saduwèkira kabèh | lêga tyase Ônggaima |

--- 6 ---

tur sêmbah kaping sanga | gumêr kang sami andulu | panêmbahe Ônggaima ||

31. Radèn Sumadirja prapti | apan sampun pinaringan | nagri Madiun saparo | alungguh nèng kasêpuhan | pama gantyaning rama | Pangran Mangkudipurèku | dene Madiun kanoman ||

32. arine kang anglabuhi | nama Radèn Sumadirja | limang èwu kanomane | pitung èwu kasêpuhan | sawusnya paparentah | Pangran Mangkunagarèku | budhal marang Pranaraga ||

33. pangajêng budhale enjing | wuwusên ing Pranaraga | Pangran Mangkudiningrate | prapta kidul Pranaraga | anjog saking ing ngarsa | pinêthuk prang rame campuh | lawan Radèn Surabrata ||

34. langkung dènira gagahi | Dyan Tumênggung Surabrata | mila ngantêp kawanène | kawratan ing danakrama | mring Natèng Kabanaran | mila labuh rêmak rêmpu | suka pêjah madyaning prang ||

35. ing sabên dina ajurit | lan Pangran Mangkudiningrat | datan gingsir ing yudane | wadya tan bisa manêngah | Pangran Mangkudiningrat | nètèr pinggir Wukirkidul | pêngkuh prange Surabrata ||

36. wontên mantrine tur pêksi[2] | Dyan Tumênggung Surabrata | anggèr punika wartine | dêdamêl saking lèr prapta | Pangran Mangkunagara | mêntas bêdhah ing Madiun | mêjahi Purwanagara ||

37. luwung suwawi gumingsir | asupit ênggèn punika | Surabrata lingiralon | Paman Rôngga Suradipa | lingsêm kula oncata | sadèrèng katingal mungsuh | matur Rôngga [Rông...]

--- 7 ---

[...ga] Suradipa ||

38. yèn katingal kadospundi | Pangeran Mangkunagara | dede sêsanggèn balane | angling Radèn Surabrata | lamun makatên paman | rêrepot wadon puniku | gawanên munggah mring arga ||

39. wong ngarêp andika kêrig | ngiring rêrepot sadaya | kula dika tinggal mangke | wong pitung atus turôngga | kang sami pêpilihan | wonge lawan kudanipun | wus bubar ungkur-ungkuran ||

137. Pangkur

1. angili lan ingkang Paman | Surabrata sampun angèsthi pati | amung kuda pitung atus | patang rakit bandera | Surabrata ambêndhe nglanggar mangidul | wadya Mangkudiningratan | panganjure anadhahi ||

2. sinarêmpêng sampun dhadhal | kagegeran sami minggah ing wukir | wau Rahadèn Tumênggung | Surabrata barisnya | majêng ngilèn pamrihe sami pakantuk | kang lèr kalamun praptaa | sayêkti sami kaèksi ||

3. Pangeran Mangkunagara | barisira kèndêl ing Kaliasin | andangu mantri pangayun | kang rayi ênggènira | dèrèng ngancik nagari maksih nèng gunung | kapêngkok wong Pranaraga | Surabrata anadhahi ||

4. langkung bramatya ing driya | Pangran Mangkunagara duk miyarsi | ginêlak ing lampahipun | praptanirèng jro kitha | mantri ngarsa prasamya lajêng mangidul | kapêthukan barisira | Surabrata anadhahi ||

5. rame dènira ayuda | Surabrata ngundhangi wadyanèki | payo aja na

--- 8 ---

lumayu | sêrodên ing ayuda | kang nindhihi gumrêgut sami amuwus | mêngko padha lumayua | yèn wus katon payung kuning ||

6. yèn padha Jawa kewala | alêksana apa gawe ngoncati | pangarsa prangira nubruk | êdir pangrasanira | gêtas bae Pranaraga adatipun | mangkya tinunjang apanjang | anêrot anunjang wani ||

7. kagum kagèt tan anyana | Pranaraga prange bôndakalani | pangeran wau amuwus | duk arsa masanggrahan | jroning kitha pangarsa kawon prangipun | malêdug kathah kabranan | pangeran têngara aglis ||

8. wande makuwon jro kitha | pan kasusu tulung bala pangarsi | budhal sawadya mangidul | Tumênggung Surabrata | duk tumingal ana payung kuning mêtu | anuwarèng balanira | payo ngèrèt ngetan aglis ||

9. binêrêg wong jro mangetan | dupi cêlak wana sami nyamêthi | turôngga kèh sarêng mamprung | ilang manjing ing wana | ting balêsar kathah kang minggah ing gunung | wangsul mangilèn pangeran | masanggrahan sawadyèki ||

10. anèng dhusun Kasatriyan | pinggir lèpèn alit ragi atrêbis | wadya makuwon sadarum | kang rayi wus miyarsa | Pangran Mangkudiningrat sabalanipun | wus nunggil ing Kasatriyan | lawan kang raka wus panggih ||

--- 9 ---

96. Sunan Kabanaran kasoran prangipun kalihan ingkang putra Pangeran Mangkunagara

11. wau ta kang kawuwusa | kang abaris Bancar sri narapati | andadosakên kang rêmbug | ngêlar-êlar jajahan | Ki Tumênggung Alap-alap kang tinuduh | lan Radèn Pringgadiningrat | katiga Dipadirjèki ||

12. sami kinèn mêndhêtana | tanah Pajang turut Gondhang ing Wêdhi | Pamasaran Wukirkidul | Peperan sapangetan | tri punggawa kêkapalan pitung atus | wus budhal saking ing Bancar | Mas Rônggga ingkang winarni ||

13. saking pabarisan ngarsa | wontên prapta saking môncanagari | Pangran Mangkunagarèku | Madiun sampun bêdhah | Pangerane Madiun kacandhak lampus | buh kanoman kasêpuhan | pangerane kang ngêmasi ||

14. Mas Rôngga sumiwèng ngarsa | nêmbah matur pukulun sri bupati | pêcah nagari Madiun | pangeranipun pêjah | duka dalêm kang anèm miwah kang sêpuh | Sri Bupati Kabanaran | wau kalane miyarsi ||

15. kalangkung bramantyanira | angundhangi mring sagung pra dipati | budhalan marang Madiun | enjing sigra têngara | sakathahing prajurit sampun akumpul | sumrêg budhal saking Bancar | anabrang bangawan aglis ||

16. Garogol kidul bangawan | kèndhêl saking randhat panabrangnèki | duk bêna bangawanipun | môngsa ing rêrêndhêngan |

--- 10 ---

saking kiranging baita ana lêsung | ingkang kinarya anabrang | ana kang karya gèthèk pring ||

17. tigang dina tuntasira | wus akumpul ing Garogol prajurit | kang wadya samya tinantun | wani ingadu aprang | lan bature Si Mangkunagara iku | yèn wêdi padha karia | yèn wani barêng lan mami ||

18. kang matur purun sadaya | angandika wau sri narapati | padha undhangna wadya gung | sun jabêl paring ingwang | Adipati Mangkunagara puniku | padha sira ngaranana | Suryakusuma samangkin ||

19. wadyagung sami sandika | budhal saking Garogol têngah wêngi | margi anasak wanagung | rêngkêt angèl kalintang | pêtêng-pêtêng pan ginêlak lampahipun | wau lampahe sang nata | langkung angowah-owahi ||

20. sarêng byar kèndêl nèng alas | ngara-ara wadya pating kulicir | nulya ana wong Madiun | prapta atur uninga | kang wus pasthi Pangran Purwanagarèku | pêjah anèng palataran | wolulas rencange mati ||

21. dene putra padukèndra | ngalor ngetan lolosipun rumiyin | sampun kêdhik abdinipun | malajêng ting balêsar | kilap inggih risak lan basukinipun | dèrèng wontên kang pawarta | duk miyarsa sri bupati ||

22. kalangkung bramatyanira | sigra Gêndhong lan Ranawijayèki | kinèn amisah angruruh | sami lampah anamar | sigra munya têngara budhal gumuruh | saking Karas lampahira | sadina cupêt lumaris ||

--- 11 ---

23. kèndêl rêp anulya budhal | praptanira ing Bayêm têngah wêngi | wontên prapta wong Madiun | tinanggap aturira | yèn Pangeran Mangkunagara wus laju | sampun wontên Pranaraga | aprang lan Surabratèki ||

24. Surabrata wus kasoran | rencangipun kathah pêjah myang kanin | duk prang lan Pangeran Timur | apan dèrèng kasoran | kawonipun Pangran Mangkunagarèku | kang amukul saking wuntat | duk miyarsa langkung runtik ||

25. tan nganggo têngara budhal | kang wadyagung tan ana kobêr bukti | miwah tan kobêr aturu | lan sangu sami pisah | pan sarêng byar praptanira ing Madiun | Pangran Dipati Bintara | praptane marêbês mili ||

26. nanging tan purun matura | Pangran Mangkukusuma sami sêdhih | tuwin kang para tumênggung | sami pucêt sadaya | Pangran Natakusuma sami tan purun | Mas Rôngga kêkês kewala | pra dipati langkung jêgrik ||

27. wau kang darbe nagara | ing Madiun rawuhe sri bupati | pan kasusu kawur-kawur | nusul mring Pranaraga | sapraptane Kasatriyan sampun surup | lajêng marêk ing ngajêngan | matur ngaturi udani ||

28. yèn rama paduka prapta | Pangran Mangkunagara duk miyarsi | kagyat ing dalu pan gugup | nimbali pra dipatya | Ki Dipati Kudanawarsa nèng ngayun | Janingrat lan Janapura | miwah ingkang para mantri ||

29. pangeran alon ngandika | kayaparan kiyai iki prapti | wong wadonan besuk-esuk | dèn esuk budhalêna | mêtu

--- 12 ---

gunung anjog ing Pacitan iku | angulon anjog Wiraka | mandhêga Sêmbuyan sami ||

30. pangeran malih ngandika | kayaparan Kudanawarsa iki | apa oncat apa magut | matur Kudanawarsa | yèn suwawi luwung oncata pukulun | yèn rêmbag kônca punggawa | dawêg umatura sami ||

31. prasami kèndêl sadaya | sigra pangran wau ngandika malih | kiyai mungsuh lan ingsun | cincing môngsa kobêra | sawab misih nganggang-anggang tandangipun | ingsun anêmah anekad | pan ingsun anêdya mati ||

32. bocah mantri yèn anêdya | têmên-têmên iya sun ajak mati | mantri jro sarêng umatur | sandikane gumêrah | ya jinajal yèn enak lautanipun | yèn nora enak lumajar | anusul wadonan benjing ||

33. wus dadi pirêmbagira | dalu-dalu busêkan wong pawèstri | udan riwis-riwis dalu | banjir kali Satriyan | langkung agêng lèpène alit arêjung | dalu undhang karya sasak | kêna kaambah yèn enjing ||

34. wuwusên Natèng Banaran | nèng Madiun tan dangu kèndêlnèki | lajêng budhalira jujug | dhatêng ing Pranaraga | angah-angah nulya lampahira prabu | kadya ge nêmpuh ing aprang | ilang jatmikaning ngèlmi ||

35. ngalamat badhe kasoran | sarwa supe wêwatak nguni-uni | bubar ambabar têkabur | ngawuskên sêdyanira | yèn nêmêni durung dèrèng abên tarung | mêthi maria makuthak | mung niyat nuthuk sathithik ||

36. tan anyana yèn [yè...]

--- 13 ---

[...n] kang putra | nêdya nekad anêmah tan nêmêni | praptèng Pranaraga bangun | wadyane pinarênca | ngêpung bata sang nata kang mêtu ngayun | kapanggih suwung kewala | tan ana manungsa siji ||

37. langkung cuwa ing tyasira | nulya undhang kumpul sagung prajurit | kèndêl anèng alun-alun | sarêng duk praptanira | ingkang putra pangran dipati anusul | mung bêkta wadya sadasa | marêk ing rama wus panggih ||

38. rinangkul wau kang putra | matur kala binujung ing ajurit | kang rama nyêgah ing atur | uwis aja dinawa | angrêrundah ing tyas amuwuhi nêpsu | kèndêle ngêntosi êbyar | sarêng byar manggih wong siji ||

39. wong Madiun sikêp minggat | wus kacêkêl anulya dèn takoni | saure wontên ing ngriku | Pangran Mangkunagara | kidul kilèn dhusun Satriyan gènipun | dhusun Têgal Ampèl lèrnya | sampun rakit ngati-ati ||

40. katur sigra paparentah | aprang dharat prajurit kang priyayi | prajurit cilik puniku | kang sami nindhihana | panggonane jaban pangawat puniku | saking alun-alun mêdal | sapraptanira ing sabin ||

41. tinata pangawatira | Rôngga Suryanagara têngênnèki | kang kiwa pangawatipun | Pangeran ing Bintara | Pangran Mangkukusuma kanthinirèku | Pangeran Natakusuma | Pangran Pakuningrat nunggil ||

42. pangran ngabèi kinarya | lan kang raka pangeran adipati | pangirid ing ngarsa prabu | prajurit suranata |

--- 14 ---

mantri miji aparak[3] ing wuri prabu | pinilih lan brajayuda | kang munggèng ing kanan keri ||

43. gêlak lawan sri narendra | sinuwaran budhal sagung prajurit | saèngga alun gumulung | Pangran Mangkunagara | sabalane wau duk miyarsa gugup | matah kang môngka pangawat | kanan Kudanawarsèki ||

44. lawan Janingrat Mataram | Jasamodra Pangeran Timur kèri | Janapura kanthinipun | sami nginggil turôngga | Pangran Mangkunagara kalingan dhusun | lan mantri jêro kewala | nênggih sêdyane ngunduri ||

138. Durma

1. pan kasusu Pangeran Mangkunagara | gène nata prajurit | mungsuh sêlak prapta | kang dèrèng nabrang ngetan | prajurit saragni abrit | lan pêrangtandang | saragni irêng sami ||

2. lan pêrang nggo saragni jo myang tamtama | kang dèrèng nabrang sami | ingkang sampun nabrang | wus nunggil lan pangeran | saragni polèng lan bugis | mêngsah balabar | sawang-sinawang sami ||

3. ingkang lajêng campuh rumiyin pangawat | Danawarsa ginitik | mring Suryanagara | kanthi lawan Mas Rôngga | Kudanawarsa anganthi | lan Ki Dipatya | Janingrat ing Matawis ||

4. rame campuh ing aprang sami suranya | rame bêdhil-binêdhil | Mas Rôngga kalawan | Radèn Suryanagara | nêrob angrub ing ajurit | Kudanawarsa | lan Janingrat kalindhih ||

5. binalêdig wau de Suryanagara | pangeran wus ningali | yèn Kudanawarsa | Janingrat wus kasoran | mêngsah lan kapêdhak ngampil |

--- 15 ---

wontên sadasa | têtulung ing ajurit ||

6. Wirasana munggèng keringe Mas Rôngga | sigra pinistul aglis | marang ing pangeran | wêntisira kang kêna | tan pasah nanging asakit | Ki Wirasana | ingundurakên aglis ||

7. Danawarsa Janingrat sami uninga | yèn pangeran nulungi | sami wangsul sigra | Pangran Mangkunagara | datan angagêm jêmparing | namung sanjata | kumat encok astèki ||

8. wus binêrêg Rôngga lan Suryanagara | keron dènira jurit | dene Wirarana | kabranan pupu kiwa | sampun binêrêg ing jurit | pangawat sêmpal | kang kering têmpuh aglis ||

9. Pangran Mangkudiningrat lan Janapura | wus campuh kang anggitik | Pangeran Bintara | Pangran Natakusuma | rame ulêngan ajurit | kang munggèng dhadha | sang nata marentahi ||

10. payo bocah pinilih lan suranata | miwah brajayudèki | têmpuhên kang ika | baris sinang baranang | gone Suryakusumèki | sarêng umangsah | cêlak kalangan kali ||

11. kali banjir prasami tantang-tinantang | suranata gêbyuri | ingkang sami lanas | pinilih brajayuda | kang wus nabrang campuh aglis | ingamuk bubar | wong prangtandang saragni ||

12. linawan prang lèrès sanginggil turôngga | abêr ingkang angungsir | dharat lawan sayah | dènnya mêntas lêlampah | rina wêngi têlung bêngi | tan ana mangan | lajêng gêbyur ing kali ||

13. akalêbus akèh tan bisa lumampah | bêrêg jeprok [jepro...]

--- 16 ---

[...k] pribadi | bêdhil sami lênggah | tan ana ingkang angsal | wong jeprok binêdhil kêni | wong arip sayah | tatu kêdhik ngêmasi ||

14. saya kathah kang pêjah gampil kewala | nulya sami kaèksi | ingkang sinabrangan | dene gèning pangeran | inguwuh wangsula malih | wangsul sadaya | binêrêg ing turanggi ||

15. ting sêleyor tan ana kêras lumajar | tan kongsi nabrang siji | kacandhak sadaya | wontên wong pitung dasa | tumpês mung dadi sêsabin | sabin sakothak | kunarpaning prajurit ||

16. bêcik-bêcik patine gampang kewala | ukur kacuwik mati | wong kang sami sayah | ngêlih sarta kapiran | ilang bayuning ajurit | rêkasa mêksa | wau ta kang ajurit ||

17. mantri jêro kang sami kalingan desa | ingkang dèrèng ajurit | ngarompol nêmdasa | midikda katawêngan | ranu rumênggèng hyang rawi | lila mangarsa | arsa umangsah jurit ||

18. kawistara ing rama gèning kang putra | kèndêl atata malih | amapag angrupak | campuh ramening yuda | Pangran Mangkunagarèki | wingkinging bala | kalingan kopat-kapit ||

19. alok êsêm lamun sira lumayua | iya kapêngkok wukir | nadyan dudu sanggan | ing prang ayo anekad | bêja mati bêja urip | wadya miyarsa | umangsah ambêg pati ||

20. caruk rukêting prang gumuruh wurahan | akathah kang ngêmasi | wadyane kang rama | Wangsèngsari palastra | miwah Kaji Tapsirodin |

--- 17 ---

bêbêcikira | suranata pinilih ||

21. Ki Mukidin Purwadipura palastra | Ngali Muktaha mati | rusak barisira | nirbaya jagabaya | prajurit kaparak sami | kèngêr ing gêlar | ing aprang tanpa ngudhil ||

22. kanan keri sira ingkang kaparapal | amung gèn sri bupati | ingkang taksih wêtah | pan kinitêr kewala | nêmpuh kanan kering wuri | sira sang nata | nguwuh-uwuh kang mati ||

23. Pangran Mangkukusuma binêdhil kêna | tiba saking turanggi | katur ingkang raka | sakala langkung duka | angêmbat lawung kumitir | angungak-ungak | kang putra dèn ulati ||

24. Pangran Mangkunagara nora katingal | pijêr amobat-mabit | ngimpun prajuritnya | singa kang mandhêlonga | sakala dipun jêjêgi | dadya akêkah | sadangunira jurit ||

25. sigra wau Pangran Dipati Bintara | umatur saha tangis | mring raka narendra | suwawi ingoncatan | inggih wadya padukaji | kathah kang tiwas | dhuh kakang prabu aglis ||

26. nulya sri narendra ngingêrkên turôngga | pan arsa anuruti | marang aturira | nênggih Pangran Bintara | sumyur wadya kang dèn ungsir | ingkang atahan | tan pisah lawan gusti ||

27. pan ingungsir binendrongan ing sanjata | nênggih samargi-margi | wau pêjahira | Radèn Suraprameya | sadèrènge nabrang kali | dangu kapisah | kalawan sri bupati ||

28. tinututan ngamuk kinarubut kathah | dènira angêmasi | wau sri narendra | kapêngkok lampahira |

--- 18 ---

wadya sakarine mati | sadaya samya | kinèn nabrang rumiyin ||

29. ing bangawan sarikêt akulithihan | dèrèng nabrang kudèki | pangeran ngandika | lah mara bêdhilana | Kudanawarsa udani | lamun pangeran | maring kang rama lali ||

30. sigra ngêrap Danawarsa praptèng ngarsa | pan sarwi anyapihi | wong kang ananjata | sarwi matur tur sêmbah | dhuh gusti paran puniki | karsa paduka | dhumatêng ing ramaji ||

31. damêl seda saking marga siya-siya | botên arus ing bumi | inggih yèn paduka | gusti mangarsakêna | botên aprang malih-malih | lan rama tuwan | kula kang sagah mangkin ||

32. kula sagah ngengingkên rama paduka | inggih botên amargi | saking siya-siya | pangeran angandika | anut Kudanawarsèki | lah iya bocah | prajurit sadayèki ||

33. andhêgêna mring kiyai aja mêlak | dimèn nabrang aririh | mêngko yèn wus nabrang | nuli kinthilên padha | wau sagunging prajurit | kèndêl sadaya | wus nabrang sri bupati ||

34. balanira ingkang anututi nabrang | pinêlak ing turanggi | kagêbyur ing toya | kèli kathah kang pêjah | pra santana pra dipati | nyabrang sadaya | ngumpul lawan sang aji ||

35. wontên kalih atus kumpule kang wadya | ingkang sami turanggi | satus ingkang dharat | lajêng ing budhalira | prapta rêp anèng Sumampir | kèndêl sakala | nênggih ngêntosi abdi ||

36. ingkang sami kapisah kathah kang prapta | dupi ing

--- 19 ---

têngah wêngi | budhal saha bala | limang atus wus ana | duk kumpul anèng Sumampir | mangke kèndêlnya | ing Tulung sri bupati ||

37. Pangran Mangkunagara wau kèndêlnya | sakiduling Sumampir | langkung sukanira | unggul dènira yuda | Kudanawarsa ngaturi | kêkalih mêngsah | ingkang kacandhak urip ||

38. namanira Ki Bênêr lan Ki Jaraga | inggih Jaraga Ngukir | pangeran ngandika | ingsun siji kewala | Si Jaraga kang angukir | Si Bênêr iya | rawatana pribadi ||

39. byar raina saking Tulung budhalira | wau sri narapati | angalèr ngilènnya | Pangran Mangkunagara | budhal saking ing Sumampir | nèng Tulung dènnya | makuwon sarkarèki ||

97. Sunan Kabanaran kondur dhatèng Gagatan kèndêl ing Rêpaking Sukawati nêntrêmakên manahing para wadya. Pangeran Mangkunagara wontên ing Pranaraga miwaha ingkang paman Pangeran Purubaya, ingkang lajêng sêsilih asma Pangeran Arya Cakranagara

139. Dhandhanggula

1. kawuwusa wau kang lumaris | Natèng Banaran sadina-dina | dhusun Sumambung kèndêle | tanah bumi Madiun | ingkang kilèn watêse nunggil | lawan ing Jagaraga | êlèr kilènipun | langkung rujit kang wardaya | ingkang ketang [ke...]

--- 20 ---

[...tang] adhuh dêdukaning Widhi | angas têkabur ing tyas ||

2. kang sumêlang tyasira narpati | putra jalu apan kalih pisan | dèrèng kantênan wartine | gêsang lan sedanipun | duk kapisah madyaning jurit | kang abdi kathah-kathah | wus sami angumpul | kang prapta duk kèndêlira | ing Sumampir wontên tigang atus nênggih | ingkang kaatur samya ||

3. nèng sumambung dèrèng kèndêl prapti | mung kang putra kalih dèrèng prapta | Pangran Adipati Anèm | kalawan arinipun | wau sira pangran ngabèi | tyasira kawuyungan | ngurêng rêntêngipun | tan antuk nadhah anendra | prapta wau nênggih kang punggawa katri | rumiyin kang dinuta ||

4. ngirup-irup ing bawahirèki | Pangran Dipati Mangkunagara | kang dèn ingkud jajahane | kathah têlukanipun | kang binêkta sowan sang aji | nêdya mring Pranaraga | kapêthuk Sumambung | Ki Tumênggung Alap-alap | sami ngujung kalihe Dipadirjèki | katri Pringgadiningrat ||

5. kêkapalan kalih èwu nênggih | angsalira bupati katiga | Alap-alap kapalane | sadaya wolung atus | Ki Tumênggung Dipadirjèki | nêmatus kang turôngga | pan prajuritipun | Tumênggung Pringgadiningrat | gih nêmatus prajurit ingkang turanggi | dharatipun akathah ||

6. langkung asrêp tyasira narpati | dadya rèrèh kongsi tigang dina | anèng Sumambung lamine | nulya wau anuduh | angulati kang putra kalih | sira Arya Panatas | anamur tinuduh | lan Dêmang [Dê...]

--- 21 ---

[...mang] Gonggang Galungan | Dêmang Bulu Kumêndhung lan Rajêgwêsi | kapat sami anamar ||

7. sigra budhal wau sri bupati | saking Sumambung saha balanya | lampahira ngalèr ngilèn | anèng marga sadalu | enjingipun anulya prapti | dhusun ing Sukawatya | Sumbêran ranipun | masanggrahan saha bala | ngarêm-arêm mring sagung para prajurit | gêladhi ngara-ara ||

8. ingkang ibu anèng Ngrancang prapti | sêkêl malih kang putra sor ing prang | kang wayah ical kalihe | nulari sang aprabu | kambuh-kambah kadhudhah sêdhih | raga rug kawigaran | wiyoga kagiyuh | sumpêg

manaput ing driya | darawasèng sandea tyasira tistis | matis anrus tan kesah ||

9. kunêng kang agung sungkawèng galih | ngungkung salat Natèng Kabanaran | lawan sagung prajurite | wau ta kang winuwus | Pangran Mangkunagara mangkin | ingkang amasanggrahan | wontên dhusun Tulung | lèr wetaning Kamagêtan | kidul kilèn saking Madiun nagari | lèr kilèn Pranaraga ||

10. dangu marang Kudanawarsèki | pira kèhe pêpati sadaya | Danawarsa lon ature | inggih duk mêntasipun | saking aprang dipun cacahi | kapanggih gangsal bêlah | kajawi pukulun | Rahadèn Suraprameya | miwah Radèn Purbanagara kêkalih | pan amung gangsal bêlah ||

11. inggih langkungipun pan kêkalih | dupi sadalu enjing cinacah | kula kèn mangsuli malèh | akêdhik ingkang kantun | amung sèkêt kirang kêkalih | tilasipun [tilasi...]

--- 22 ---

[...pun] mêrangkang | inggih kesahipun | anuwun dèrèng kaduga | inggih wontên kang panggih dhusun satunggil | kang dèrèng pati bagas ||

12. tinakenan inggih botên kikip | sarêng mambêt bun dalu mêrangkang | sami ngulari kancane | punika wartinipun | jêng pangeran jêtung miyarsi | lah tumênggung kabranan | ana banjur lampus | apa iya banjur waras | Ki Dipati Kudanawarsa turnyaris | sakawan ingkang pêjah ||

13. kang sadasa lajêng sarasnèki | dadya nênêm têtêp ingkang pêjah | sasat pêjah ing ajange | sami lan pêjahipun | gih pun Jayaprameya sami | lan pun Tunawaskitha | ing upaminipun | pati tan kenging dèn akal | paran mêngko bêcike ing laku iki | banjur apa mandhêga ||

14. aturipun Kudanawarsa ris | yèn ing lampah lajêng umantuka | dhatêng Pajang Matarame | kangelan tan pakantuk | pan ing bumi môncanagari | dèrèng wontên palihan | ingkang sami suyud | kathah ingkang sami trêsna | pra dipati ing rama tuwan sang aji | suwawi tinêngganan ||

15. ing sawulan kewala ta gusti | tata-tata umacak punggawa | angupados prayogine | wontêna kanthinipun | Pangran Mangkudipura Gusti | mêngsah môncanagara | gusti ingkang amung | Pangeran Mangkudipura | ingkang sampun keringan ing kanan kering | prawiraning sudira ||

16. sigra Pangran Mangkunagarèki | yèn mangkono lah payo budhalan | maring Pranaraga manèh |

--- 23 ---

datan kawarnèng dalu | enjing budhal sawadya atri | prapta ing Pranaraga | wau kang jinujug | sakidul wetaning kitha | dhusun Wanakarta kang dèn pasanggrahi | wadyagung pamondhokan ||

17. Pangran Mangkudipura ngaturi | kadang ipene kang lêlêganan | apan ing nguni randhane | Pangran Silarong iku | inggih dèrèng arsa akrami | antuk kusuma desa | punika pukulun | sumanggèng karsa paduka | nadyan inggih kaparingna para mantri | mijil lajêng paduka ||

18. Pangran Mangkunagara lingnyaris | ingsun eling iya Danawarsa | Si paman Purubayane | ngundhêr nèng Gunungkidul | duk tinukup kongsi barindhil | wong nora duwe bêja | cilakane muput | hèh ta iku Danawarsa | kongkonana Si Paman Purbaya iki | prapta ing Pranaraga ||

19. konên ngatêr punggawa sawiji | Si Tumênggung Suramangunjaya | kabèh lan sagêgamane | Danawarsa wotsantun | sigra nuding mantri kêkalih | ing Magêtan winarna | prapta Gunungkidul | panggih Pangeran Purbaya | wus binêkta ing marga datan winarni | praptaning Pranaraga ||

20. lajêng sumiwèng ngarsanirèki | Pangran Mangkunagara ngandika | paman paduka ing mangke | asiliha jêjuluk | inggih nuli paduka rabi | putri ing Panaraga | apan randhanipun | paman Silarong ing kuna | inggih dèrèng imah-imah malah mangkin | yèn tan antuk pangeran ||

21. dening jêjuluk paman ta mangkin | Pangeran Arya Cakranagara | manawi wontên bêgjane |

--- 24 ---

nama Purubayèku | salamine katoring-toring | padha angèstrènana | sagung pra tumênggung | sadaya saur kukila | duk puniku pangeran wus ningkah aglis | lan putri Pranaraga ||

98. Sultan Bantên mendha-mendha dados santri saking Gowong badhe nusul Sunan Kabanaran dhatêng ing Sukawati wontên ing dhukuh Rêpaking dipun pêndhêt mantu kalihan kiyai Nur Iman

22. ya ta kunêng kawuwusa malih | Kêdhu Pagêlèn Pajang Mataram | Sakèbêr majêng barise | sampun tilar ing Kêdhu | amangsuli bumi Matawis | gunung Gamping barisnya | ajêjagang kukuh | tarub kabèh wong Mataram | Kyai Surajênggala lan Rajaniti | angêmbani Walônda ||

23. pun Kapitan Sungrat kang tinuding | baris ngajêng anèng Parambanan | ênggèn pangajêng lamine | Kulman pan dêr Pol Kêdhu | Mangkuyuda ingkang jagani | Paglèn Kapitan Bagrak | sumabitèng laku | Ki Tumênggung Arungbinang | duk puniku angaturakên pawarti | marang Kapitan Bagrak ||

24. sabalike Mangkunagarèki | marang idlèr saiki wus aprang | Susunan Mangkubumine | kinarubut ro iku | dêlèr Pangran Mangkunagari | Susunan Kabanaran | wus kasor prangipun | rêmpu balane kèh pêjah | Tuwan Pangran Mangkukusuma

--- 25 ---

ngêmasi | kasambut ing ayuda ||

25. misih tumut kang raka sang aji | Pangran Purbaya tumut Pangeran | Mangkunagara balike | Kapitan Bagrak muwus | dadi êntèk mungsuh puniki | yèn Mangkubumi rusak | sapa manèh mungsuh | nauri Kyai Rungbinang | salawase mungsuh kang bôndakalani | mung siji iku iya ||

26. ya ping pira-pira mring Kumpêni | Mangkubumi rusak pinukul prang | lèrène rong sasi bae | nulya kèh balanipun | banjur aprang amêmalahi | aja kakira-kira | karusakanipun | lamun trah Raja Mataram | karo badan tan kêna dèn mêjanani | ngungun Kapitan Bagrak ||

27. duk samana Pagêlèn arjaning | pabarisan wus kadi nagara | sagêluh pelak patute | pasar agêng ing ngayun | malah dagang Samarang prapti | tanah Pajang Mataram | dadi joganipun | akèh nungkul pra dipatya | para mantri numbakanyar akèh prapti | nungkul Kyai Rungbinang ||

28. Kapitan Bagrak Pêrlop sinalin | ingkang ganti saking Batawiah | binisikan Kapitan Sèl | Kapitan Bagrak sampun | budhal mantuk marang Batawi | ngungun ingkang tinilar | malih kang winuwus | Sultan ing Bantên kèwêdan | wontên Gowong panggènanipun kasupit | ing kiwa têngên mêngsah ||

29. kancanipun ingkang tunggil baris | kang pra dipati bubar sadaya | nging misih ngadêg barise | wontên Gowong puniku | botên nungkul marang Matawis | maring Pagêlèn [Pagêlè...]

--- 26 ---

[...n] ora | miwah marang Kêdhu | lan Tumênggung Mangkudirja | kanthinira dèrèng wontên nêja gitik | kalangkung susahira ||

30. Sultan Bantên sangêt dènnya watir | muwus mring Tumênggung Mangkudirja | kakang tumênggung bêcike | kula kakang anusul | mring Sang Nata Banaran mangkin | kula lumaku namar | botên gawa batur | mung dika gawani kakang | batur dika kang wus wruh Pajang Matawis | inggih siji kewala ||

31. kula dhewe gawa batur siji | laku ngedan cara santri kakang | wus sami rêmbag kalihe | wus lajêng lumastantun | prajurite wong suralathi | mung kantun tigang dasa | tinilarkên sampun | mring Tumênggung Mangkudirja | lampahira nusup dharat tan katawis | cara santri kewala ||

32. sabên kèndêl angulari masjid | namanira ngalih Ki Mustapa | wus langkung Kêdhu lampahe | lajêng anênggêl gunung | ing Pênthongan kang dèn margani | ngetan anjog ing Tumang | kèndêl tigang dalu | ing ngriku ngupaya warta | panggènane Susunan Amangkubumi | apadhang tuturira ||

33. wontên tanah bumi Sukawati | ing lèr kilèn wastaning Sumbêran | watawise ing samangke | nadyan kesah gènipun | tan atêbih ing Sukawati | Tumang maksih kacungan | ngriki maksih tumut | ing Sang Nata Kabanaran | apêparon maring Surakarta inggih | anulak karusakan ||

34. Sultan Bantên sigra angkatnèki | saking Tumang mangalèr angetan | anjog Gagatan sêdyane | langkung kawêlasayun |

--- 27 ---

arêrendhon lampahirèki | ing lêlakon sadina | dadya tigang dalu | singa kandhêgan kampiran | sami asih dene pamulune misih | tan ilang sutèng raja ||

35. nèng Gagatan kèndêl ing Rêpapaking |[4] tigang dalu sangêt sayahira | nèng dhukuh pinggiring lèpèn | wontên surone patut | sêdya ngasokakên ing sikil | wismane Ki Nur Iman | nguni kaumipun | Ki Tumênggung Jayadirja | Sultan Bantên ayêm ing papan prayogi | kalawan amiyarsa ||

36. wong sadesa nênggih sami sêpi | sami nambut damêl pasanggrahan | ing Dhuwêt sêsaosane | Natèng Banaran ngayun | masanggrahan badhe alami | sawetaning Gagatan | mung lakon sabêdhug | miyarsa srêp manahira | Sultan Bantên dèn andhêg dèn gumatèni | marang Kyai Nur Iman ||

37. têlas labêt ing sayah lumaris | anèng dhusun sampun patang dina | dènira dus esuk sore | wus mêdal cahyanipun | alus tingkah jatmika wingit | yèn kalanira salat | Ki Nur Iman tumut | ngadani lajêng akamat | sabên sore Sang Prabu Mangkarawati | adan lajêng akamat ||

38. cara Bantên swarane gumrining | Ki Nur Iman anake wulanjar | Ni Bok Saridah namane | anginjên sabên dalu | Ki Mustapa saparannèki | yèn maring kali awan | nuli tinut pungkur | anginte sapolahira | api-api kaprênggok angincang alis | ngêndhokkên kasêmêkan ||

--- 28 ---

39. linungsurkên wontên kalih nyari | têpis wiring pambayun katingal | mêmanas driya rakite | Ki Mustapa tumungkul | nora pisan nêdya ningali |

nanging sampun karasa | bok walanjar lamun | dhêdhayoh iki muliha | kaya mati ingsun brônta sipat kuping | Ki Nur Iman uninga ||

40. yèn anake brôngta ing têtami | dalu sasampuning bakda ngisa | sami jêjagongan suwe | prapta sugatanipun | Bok Saridah bikut ngladèni | kêmbên solok têrbaya | sinjangipun wulung | dhêdhêmêne cilik mula | sinjang wulung nanging wêdaling Sêmawis | apike bok wêlanjar ||

41. sêngkangipun lapak batu tangkil | walang sakêpung sêsupenira | mas bèh ro ing sataile | Kyai Nur Iman cukup | ngugung anak dipun tutugi | sapatute wong desa | rêjêkine cumpu | mangkana Kyai Nur Iman | amarsudi pitakone niti-niti | amrih wêca balaka ||

42. adhuh anak pun bapa puniki | lumaku têmên yèn jinarwana | saking ajal kamulane | miwah sinêdyèng kayun | pan pun bapa wus trêsnèng batin | inggih dhatêng pun anak | balung trus ing sungsum | awit pun bapa supêna | sadèrènge pun anak prapta ing ngriki | ingkang nguni Jumuwah ||

43. wontên sasi lèr wetan ing ngriki | surêm agring nis prabawanira | ima naputi sangkane | nuntên wontên kadulu | saking kilèn wontên lumaris | nênggih awarni lintang | gênge sabaluluk | kèndêl ing ngriki sakêdhap |

--- 29 ---

dangu-dangu pun lintang punika nunggil | pun sasi kang kalaran ||

44. nuntên sasi cahyanipun pulih | pan sumêblak ingkang ngôndakara | amadhangi ing jagate | amung lêt tigang dalu | nuntên anak prapta ing ngriki | anèh impèn punika | Sultan Bantên muwus | kula ing Gowong kewala | Ki Pangulu ing Gowong ingkang sêsiwi | gih yêkti pun Mustapa ||

45. sêdya kula puniki angabdi | inggih dhatêng Natèng Kabanaran | mupung kasoran yudane | akêdhik abdinipun | bokmanawi katampèn ugi | Ki Nur Iman lingira | puniku satuhu | pun bapa dèrèng tarima | maksih sasab Sang Prabu Mangkarawati | gumujêng wuwusira ||

46. basakêna pun paman angudi | alah dawêg maibên pun paman | dika arani yêktine | Ki Nur Iman amuwus | nora lamun anaking santri |

sanadyan angakua | anaking pangulu | sintên botên maibêna | sêtun asor ngakên anaking bupati | puniku misih dora ||

47. dika mèmpêr kang rayi sang aji | inggih nama Pangeran Purbaya | ing cahya lan pasêmone | botên kaot sarambut | malah wilêt pun anak ugi | lawan ruruh pun anak | ing saengganipun | kadi satriya lan raja | pasthi sanès ing solah jatmikanèki | nunggil pisah tan pisah ||

48. pan pun bapa botên akêkêlir | rayi andika anak kawula | mring dika sangêt brangtine | Bok Saridah puniku | kasmarane kadi [ka...]

--- 30 ---

[...di] kapesing | gih kongsi dadi rumab | angising sêsêntul | pêcirit sarandhu alas | yèn andika akesah saking ing ngriki | pasthinên nuli pêjah ||

49. wau Sang Prabu Mangkarawati | adhuh paman katingal punapa | manjing panganiayane | tan dangu tangis umyung | nyainira anusul gipih | ki omah anakira | kasabêt tan emut | nora suwe têka sêndhang | ya disèrèt wong dot polèng agêng inggil | anakmu guragapan ||

50. ya ki anak dhêdhayohmu niki | katon kang ngrêbut mring anakira | iya wurunge kênane | Ki Nur Iman sru muwus | adhuh anak suwawi aglis | tulunga kawlasarsa | rayinta puniku | yèn kongsia praptèng tiwas | dadi paran pun bapa arang sutèki | nêmah sèwu cilaka ||

51. rinarêpa Rajèng Pakungwati | têmah wêlas tumut marang wisma | sapraptane bale gêdhe | lênggah ing ulonipun | ni wulanjar nglugur aguling | karingêt lir dinusan | kêbês kêmulipun | umatur Kyai Nur Iman | lah suwawi pitulungipun sayêkti | wêlasa ing pun bapa ||

52. sigra Sultan ing Mangkarawati | ngungkabi kêmul lajêng gêrayang | gêtêr kang dèn êmèk-êmèk | tan ana tabêtipun | antarane sarira sakit | amung asakin driya | saking karêpipun | Sultan Bantên osiking tyas | wus dilalah nêmu bekaning lumaris | iya kinapakêna ||

53. lamun nora nurutana iki | dadi beka anyênyuwe lampah |

--- 31 ---

mupus titahing Hyang mangke | sigra wau sinêmbur | gumaregah sigra ngêbyuki | ing pangkonira sultan | guragapan muwus | wêdi-wêdi aku bapa | wonge dodot polèng kudu gawa mami | iku ngadêg ing lawang ||

54. pangrungkêbe sangsaya ngapithing | wêntisira sultan datan kêna | binênggang winêngkang kèkèt | Sultan Bantên anjêtung | kang karasa garwanirèki | nora duwe tênaga | sapolahe ruruh | dene iki wong ing desa | bisa gêlar sapolahe nora yêkti | têrlalu tukang bisa ||

55. garwanira anaking bupati | pêparinge Sultan Kabanaran | Dèn Rara Padmiyah rane | nênggih kang asêsunu | Adipati Suranatèki | punggawa nagri Dêmak | pêjahe ramèku | Adipati Suranata | radèn rara timur pinundhut mring puri | diwasane kinarya ||

56. têtariman Rajèng Pakungwati | pelag warna kapelag tênaga | ruruh tan ana cacade | cumangkok ing tyasipun | amanggiha garwa kadyèki | sêdhih tyasira maras | bok dèn uwus-uwus | ing asmara karasikan | Ki Nur Iman pamuwuse wali-wali | anak yèn kalakona ||

57. rayi dika sakite mulyèki | dèn ningkaha kula inggih pasrah | juru dangkên ing arine | cinêkak kandhanipun | Sang Aprabu Mangkarawati | apan sampun aningkah | nyupêt beka puput | Sultan Bantên anèng kana | dhukuh pinggir kali sakilèn Rêpaking | lami gantya winarna ||

--- 32 ---

99. Sunan Kabanaran nampèni sêrat saking Sèh Ibrahim

58. Sultan Kabanaran kang ginupit | kang makuwon dhusun ing Sumbêran | parentah ing punggawane | amangun ing prang pupuh | ngêlar-êlar jajahannèki | kang tinuduh ngalèra | masisir angirup | Pangran Dipati Bintara | Dêmak, Kudus ing Lasêm Rêmbang ing Pathi | kang kinèn nêlukêna ||

59. budhal saking Sumbêran lumaris | wau Pangran Dipati Bintara | kawan atus prajurite | wong Garobogan gupuh | kinumpulkên sami kinêrig | wuwuh prajuritira | turôngga nêmatus | nulya Pangran Pakuningrat | budhal ngilèn kanthi pangeran ngabèi | mring bumi Samarangan ||

60. Alap-alap lan Dipadirjèki | budhal ngidul lan Pringgadiningrat | samana sangêt sakite | timbalanira prabu | kinèn ngantukêna tumuli | marang ing Surakarta | wruha bapakipun | Adipati Pringgalaya | mantri nênêm kang tinuduh wus lumaris | Koplo Pringgadiningrat ||

61. wus ginotong nèng jêjolèn êpring | wau ingkang tinuduh angetan | Pangeran Dipati Anèm | ngadhêpana Madiun | nagri Jipang kinèn ngayomi | samangsane pangeran | Mangkunagarèku | kesah saking Pranaraga | sawurine aja talangke nganciki | budhal saking Sumbêran ||

62. nulya wau têngara [tênga...]

--- 33 ---

[...ra] sang aji | budhal saking pakuwon Sumbêran | misih akathah untabe | Mas Rôngga munggèng ngayun | Pangran Natakusuma wuri | sami kanthi punggawa | wuri lan ing ngayun | kunêng malih dutanira | Tuwan Sarib Bêsar Tuwan Sèh Ibrahim | kapêthuk anèng marga ||

63. dutanira rumiyin sang aji | nanging ngutus nêlik mring Samarang | anarêngi ing lampahe | ingkang prapta rumuhun | aturira ing sri bupati | èstu yèn Sarib Bêsar | dutane Sultan Rum | gusti anggêpe Walônda | aturipun miwiti malah mêkasi | yèn carakane prapta ||

64. wau kula tilar anèng margi | inggih prapta ing dintên punika | sigra ngundhangi balane | kèndêl lêlampahipun | pra dipati ngandikan sami | Pangran Natakusuma | kang ngirid mangayun | timbalanira sang nata | kayaparan utusane Sèh Ibrahim | apa ginatèkêna ||

65. iya apa kinarya sêsami | Pangran Natakusuma wotsêkar | prayogi ginatosake | ngandika sang aprabu | kaya priye sagung bupati | apa padha manuta | ing sapikiripun | Adhi Mas Natakusuma | sarêng nêmbah Mas Rôngga matur rumiyin | lêrês rayi paduka ||

66. yèn kêmbaa bilih dèn ewani | lawan dipun wastani nyakuthak | dutane narendra gêdhe | Kangjêng Sultan ing Ngêrum | nênggih ratu-ratuning bumi | wajib dèn ajènana | gumujêng sang prabu | saryalon dènnya ngandika | iki desa ing Garogol duwe masjid | masjide rêsikana ||

67. anèng [a...]

--- 34 ---

[...nèng] kono gon ingsun nêmoni | carakèng Rum gustine sajagat | pira-pira ingsun kiye | tinêkan duta ing Rum | durung ana kang dhingin-dhingin | kongsi adhêdhayohan | caraka saking Rum | kang wadya samya maragang | agêng alit samya angrêsiki masjid | ing jawi tinaruban ||

68. lagya eca ngandika lan abdi | wontên matur yèn caraka prapta | Mas Rôngga lajêng kinèngkèn | mêthuk nanging sinamun | amung kuda sakawan ngiring | Sang Natèng Kabanaran | budhal sawadyagung | mring Garogol jroning desa | jujug masjid rinakit sampun prayogi | anganti roning kamal ||

140. Sinom

1. Mas Rôngga Wirasantika | lawan caraka wus panggih | karsa mêdhun saking kuda | dene andulu priyayi | Mas Rôngga lingiraris | sanak sampun dika mêdhun | dawêg sami lumampah | anggendhong sêrat puniki | kula kering wontêna ing ngajêng kula ||

2. saksana lajêng lumampah | Mas Rôngga têtanya aris | nênggih sami alêlampah | anênggih sami tinuding | wong sanak saking pundi | carakalon aturipun | kula tiyang Samarang | ladosanipun mas patih | kang satunggil upasipun petor bêsar ||

3. tiyang saking Surabaya | inggih Kangjêng Tuwan Sarib | rencange sami tinilar | sadaya wontên Batawi | sami tiyang ing Turki | kalih atus pitung puluh | samarine punika | amung bêkta rare kalih | dhatêng jendral mung kêkalih wonge tuwa ||

4. lan wong

--- 35 ---

kaji kang satunggal | anama Kaji Dul Jaki | nging dèrèng wruh ing jajahan | milane botên tinuding | mila tiyang Samawis | tuwan bêsar karsanipun | wus prapta pinggir desa | ing Garogol cêlak baris | têdhak kerid caraka praptèng taratag ||

5. Pangeran Natakusuma | ingandikan marang masjid | Mas Rôngga lan Jayèngrana | Dul Wakid miwah Muhyadin | sang nata ngandikaris | Adhi Natakusumèku | apa sun têmonana | hèh Rôngga caraka iki | wonge dhewe tuwin apa wong pundhutan ||

6. Mas Rôngga matur tur sêmbah | urunan tiyang Samawis | saking pêpatih Samarang | petor bêsar kang satunggil | upas têtiyang saking | Surapringga asalipun | Pangran Natakusuma | umatur saha wotsari | sêratipun luwung pinêndhêt kewala ||

7. sigra Muhyadin dinuta | mundhut srat lan Ki Dul Wakid | saksana katur kang sêrat | duta kinèn nunggil linggih | lawan kang pra dipati | sami munggèng ing têtarub | sinugatanan kinang | saking kang para dipati | sangunipun epok gendhong pra dipatya ||

8. sang nata amaos sêrat | saking Tuwan Sèh Ibrahim | bêbukane salam reyang | tuwan sèh kang ahli Turki | mashur ing Atasangin | pun bapa sayêktinipun | nakoda gêng kawilang | jinis prakara nagari | lunganingsun saking Turki ginawanan ||

9. cap Sultan Muhamad Lekan | Rum Ngadli kang ngêbayani | wêwêngkone Rum sadaya | sagung kang para narpati | Sultan Mustapa Rumi |

--- 36 ---

ya gawani êcapipun | têgêse kang pitungkas | ing nagara wetan nênggih | urut timur nagara kèh padha rusak ||

10. rusakipun saking aprang | rèhne tanah Jawi mangkin | kanan kering sapangetan | ana ingkang ngapalani | nyata Jendral Batawi | ature kang marang ingsun | tan tumut karya rusak | ingkang adarbe pribadi | rêbat atas sami karabat kewala ||

11. datan wontên wonge liya | rowange rêbat nagari | dene mangke kang prakosa | inggih nama Mangkubumi | dadi pun bapa mangkin | ya sawuse salam ingsun | atêtanya mring sira | adhuh nyawa Mangkubumi | sabab apa sira gawe nora arja ||

12. jênêg gawe kasusahan | sapadha-padha dumadi | duraka wis marènana | anak ingsun Mangkubumi | pan sira wong abêcik | sirèku sutaning ratu | sira kang kawajiban | rumêksa rahmat sabumi | sapa nanggung iya dosamu ing kana ||

13. pan si jendral iki pasrah | selak rusak tanah Jawi | pan kinarêpakên samya | kang sami darbe pribadi | sun puji sira ugi | ing pawarta nêdha tuhu | eling sutaning raja | nora pikir salah kardi | ingsun nyawa wêruhna sakarêpira ||

14. lawan ingsun iki nyawa | papagên sun arsa panggih | sarat kudu pêpanggiha | pribadi amituturi | sawusnya buka tulis | anglênggêr jêtung angungun | alon dènnya ngandika | Dhimas Natakusumèki | baya kene dhawuh apuraning Suksma ||

15. Dul Wakid [Waki...]

--- 37 ---

[...d] kinèn akarya | angsul-angsul kang prayogi | adangu pitungkas wulang | kang rumêrêp sêdhêp manis | kang nora anyênyêngit | dhap asor saurutipun | kang têtêp mêlasarsa | wus dadya dipun êcapi | kang tinuduh Radèn Arya Jayèngrana ||

16. ngaturkên wangsulan sêrat | dhatêng nagari Samawis | tinuduh sami sadina | Jayèngrana bêkta tulis | duta wus dèn panggihi | ginanjar pangadêgipun | arta lawan busana | caraka wus nêmbah amit | sarêng mêdal lawan Radèn Jayèngrana ||

17. mung bêkta kuda nêmbêlas | patbêlas dharate sami | têgêsipun lêlancaran | priyayine dèn pilihi | datan kawarnèng margi | margi sawêngi praptèng suk | wanci pukul sawêlas | dhatênge nagri Samawis | jujug maring gène Tuwan Sarib Bêsar ||

18. sira Radèn Jayèngrana | lan Tuwan Sarib wus panggih | sigra ngaturakên sêrat | wêwangsule sri bupati | têmbunge mêlasasih | sêdhêp pasrah dhirinipun | juru basa kang maca | petor bêsar kanthinèki | pamaose winalèn-walenan rahab ||

19. petor bêsar ngatag nyêrat | marang Ki Kaji Dul Jaki | tulisana basa Arab | aturêna tuwan aglis | nurun Kaji Dul Jaki | mrih basa Arab wus katur | mring Tuwan Sarib Bêsar | winaos suka tan sipi | têmbung manis asêdhêp mawi la-êla ||

20. sarta ngungun amiyarsa | ingkang rèh dadine jurit | pratikêling tanah Jawa | kinaniaya sayêkti |

--- 38 ---

dene kongsi karawit | duk Jendral Baron pan Emuf | akèn angêlongana | ing Pangeran Mangkubumi | ing sawahe kalong saparo kewala ||

21. dadya miji ing santana | nging Pangeran Mangkubumi | alumuh lumakyèng karya | yèn kalonga Sukawati | dadya putungan sami | lajêng ngêkahi puniku | bumi ing Sukawatya | nadyan kalonga sakikil | sun labuhi ajur mumur dadi lêmah ||

22. Si Hondorop pira-pira | saguh ngulihakên malih | ing ujare komandaka | Pangran Arya Mangkubumi | lajêng gitik-ginitik | rêbut bêja ing prang pupuh | Kumpêni krêp kasoran | akathah ingkang ngêmasi | Tuwan Sarib tanya marang petor bêsar ||

23. iya iki petor nyata | mangkene kawiting jurit | petor bêsar aturira | gih jendral mariki dhingin | Pangeran Mangkubumi | lolosipun sapuniku | wus nyata nora dora | anak ingsun Mangkubumi | kaya age ingsun iki pêpanggiha ||

100. Kyai Nur Iman dipun gadhuhi siti Gagatan minôngka dhaharipun Sultan Banten

24. kunêng kang anèng Samarang | lagya ayêm-ayêm pikir | sang nata ing lampahira | wus lajêng ing Dhuwêt prapti | masanggrahan sang aji | wus pamondhokan wadyagung | sang nata badhe lama |

--- 39 ---

ngiras dènnya angantosi | carakane kang marang nagri Samarang ||

25. sang nata arsa ngadêgna | sagung wadya kang ngêmasi | anakipun kang kinarya | karya mantri jro sang aji | suwidak kang kinardi | badhe nyèkêt sabinipun | kang kinarya lêlurah | têtiga kang alit dèsi | ing Kumêndhêng nênggih Suradimênggala ||

26. lêlurah ingalih nama | Ngabèi Prawirasêkti | kancanipun ngalih dasa | sami Prawira namèki | lêlurah saragêni | Wirasastra kang pinundhut | lurah mantri jro nama | Yudakartika ing mangkin | sakancane sadaya wiwitan yuda ||

27. Mas Malar mangkya kinarya | Ngabèi Baurêksèki | kancanipun kalih dasa | wiwit bau namanèki | lagya samadya sasi | kancane lami kèh nusul | wontên wong tigang dasa | kalih dasa kang pinilih | Kyai Bênêr ingkang kinarya lêlurah ||

28. lan ingalih namanira | Ranadirada Ngabèi | sakancane ngalih dasa | wiwitan Rana namèki | Ki Sutamanggalèki | Gêdhong sinungan jêjuluk | Ngabèi Mangunjaya | mantri jêro kang rinakit | busanane abyor mantri wolung dasa ||

29. ya ta wau kawuwusa | Sang Prabu Mangkarawati | ingkang wontên padhêkahan | padhusunan ing Rêpaking | mangkat sowan tumuli | bêbêktane tigang pikul | lombok kalawan kacang | kimpul talês lan gêmbili | nunggang jaran wadon sami bêbathilan ||

30. arasukan gandhul pêthak | kasa kêmbang lungsêd kêdhik | anyamping sarung Makasar | pasêmon wilêt awingit |

--- 40 ---

lampahira wus prapti | Dhuwêt pasanggrahanipun | Sang Nata Kabanaran | nuju siniwakèng kasih | dumarojog manjing tan mawi larapan ||

31. awor lawan suranata | miwah kang mantri pinilih | dèn nyana kônca kewala | dangu-dangu kang asandhing | pra sami angingsêri | sang nata wruh sapa iku | Sultan Bantên turira | sigra Muh Yadin nambungi | rayi dalêm Sultan Pakungwati prapta ||

32. ingawe lajêng umangsah | gapyuk rinangkul nulyaglis | sang nata dhawuh kang waspa | Sang Prabu Mangkarawati | tangise lir pawèstri | ulêt lir kêkupu tarung | wus dangu tata lênggah | kang rayi tan sinung têbih | kang dinangu ing sasolahbawanira ||

33. prajurite karisakan | sabên prang tan angundhili | kula kanthi Kakang êmas | Purubaya nêniwasi | ngandika sri bupati | sarwi nênggak waspanipun | yayi prabu dilalah | sira ngungsi marang mami | nêdya enak yayi têka nêmu rusak ||

34. karine prajuritira | mêngko sira sèlèh êndi | kang rayi matur tur sêmbah | kantun tigang dasa nênggih | amung wong saralathi | tigang dasa ingkang kantun | minarsa pitung dasa | tan wontên kantun satunggil | prang Walônda mêngsah pun Kapitan Bagrak ||

35. rayi paduka Kakang Mas | Purubaya ngapirani | tumpêse prajurit kula | sanambang sawidak tawis | pun Kandhayakan mati | wong saralathi kang kantun | kula titipkên samya | pun Kakang Mangkudirjèki | kula sêlak onêng wulangun ing tuwan ||

36. kapiyarsèng [kapi...]

--- 41 ---

[...yarsèng] katêbihan | sawadya tumpêsing jurit | prang kalawan putra tuwan | Pangran Mangkunagarèki | duk kula amiyarsi | langkung kambah

ing tyas wimbuh | mila anglugas raga | anêmah samargi-margi | bêgja lamun pêjah kapêthuk ing mêngsah ||

37. nanging sawab jêng paduka | nèng marga lampah lêstari | tan wontên kang munasika | ngêrabèt lampah anyantri | kang raka ngandikaris | sun yayi rumasèng kalbu | sêsikuning Hyang Suksma | kang dhawuh ing awak mami | iya mêntas lêlaku banjur mangsah prang ||

38. durung ana sêsarapan | miwah durung olèh guling | mulane kèh katiwasan | tyas ingsun nêkani kibir | bubar kandêl-kandêling | lali yèn padha tumuwuh | sutamu ro kapisah | ki dipati ki ngabèi | kapalayu tyas ingsun kalangkung marma ||

39. wetan alas iku prapta | Si Panatas kang ngulati | lawan yayi kakangira | Mangkukusuma ngêmasi | sami ngungunirèki | kang rayi ngaturkên wau | sal-angsal tigang rêmbat | sang nata ngandika aris | kaya ngapa mangkono tuk-antukira ||

40. kang rayi matur balaka | duk wontên dhukuh Rêpaking | kasukon sayah lumampah | adharat sadasa ari | kèndêl dhukuh Rêpaking | pinêksa ingambil mantu | inggih Kyai Nur Iman | gumujêng sri narapati | bênêr yayi wong amalês kabêcikan ||

41. sang nata malih ngandika | Dhimas Natakusumèki | wong Gagatan dhawuhana | sun paringakên si adhi | Dhimas Mangkarawati |

--- 42 ---

iya ing Gagatan satus | anaa kang rumêksa | samêngko maring si adhi | bêkêl satus iku sira kongkonana ||

42. srahna maring Si Nur Iman | konên nata kang abêcik | ing Gagatan bumi rosa | jaran salawe kuwawi | rumêksa mring si adhi | ing sarina wênginipun | wong sèkêt ing Pulutan | rumêksa dhahare adhi | tur sandika Pangeran Natakusuma ||

43. anglampahakên caraka | mantri jêro kang tinuding | Ngabèi Ranadigdaya | Ranadimêja satunggil | ing Gagatan wus prapti | sampun

budhal bêkêlipun | kapanggih kawan dasa | pênglawe[5] sakawan sami | wus binêkta maring wismane Nur Iman ||

44. kagyat ing tyas kagegeran | priyayi songkokan prapti | baju lurik irêng ginggang | lancingan sangkêlat abrit | nyuriga cara Bali | lawan bature gumrudug | kabèh bêkêl Gagatan | dhrodhog dènnya amanggihi | bêkêl kabèh wus kasrah marang Nur Iman ||

45. Ngabèi Ranadigdaya | Ki Nur Iman dèn jarwani | kiyai mantu andika | pan dede santri mêmêri | sajatine kiyai | Sultan ing Bantên puniku | mêdhêdhêg Ki Nur Iman | adhèhèm nênggak ambalik | Ni Rubiyah anakira Ni Saridah ||

46. nyuwargakkên mring wong tuwa | Gagatan Pulutan iki | pinaringkên mantunira | ni nyai watuk nyukikik | mantuk mantri kêkalih | akathah pasangonipun | ing wuri wus tinata | kaprajuritan turanggi | tigang dasa sakawan bêdhil nêmbêlas ||

--- 43 ---

47. lan waosipun wolulas | sadaya sopal jininggring | lêt kalih dina praptanya | lan sèkêt rêmbatannèki | Sang Prabu Pakungwati | mèsêm suka dènnya dulu | wus karya pamondhokan | Sang Prabu Mangkarawati | ragi kilèn pangarsane pasanggrahan ||

48. wolu rare panakawan | prasamya nitih turanggi | sêmuwa pratikêlira | mèh prasasat sabupati | Bok Saridah têtilik | sawulanipun ping têlu | miwah sultan cangkrama | Sang Prabu ing Pakungwati | angêrakat ulam kali pêpucungan ||

101. Sunan Kabanaran ngaturi sêrat dhatêng jendral lumantar Tuwan Sarip Bêsar inggih Sèh Ibrahim mratelakakên sabab-sababipun dene ngantos mêdal saking nagari

141. Pocung[6]

1. kang winuwus dutanira sang aprabu | langkung kinasihan | marang Sèh Ibrahim Turki | karya surat ngèngrèng Tuwan Sarib Bêsar ||

2. dhapuripun surat pratelan puniku | marang Batawiah | prakarane Mangkubumi | dèn sikara mulane dadi murwèng prang ||

3. lungguhipun Sukawati têlung èwu | saanane jendral | nagari Surakartèki | dèn êlongi saparo pangran tan suka ||

4. milanipun wus kalakon karyanipun | kang wau nèng mêngsah | rinêbut anandhang janji |

--- 44 ---

singa ngrata ing Sukawati ginanjar ||

5. Jendral Emuph ingkang nglêbur janjinipun | kathah rèngrèngira | kinèn nurun Wirasari | wusnya dadi Tuwan Sarib angandika ||

6. iya iku Jayèngrana turna gupuh | maring anak ingwang | Susunan Amangkubumi | iki rèngrèng kang bakal marang si jendral ||

7. besuk ingsun lamun uwis atêtêmu | lawan putraningwang | besuk ing sabalèn maning | pasthi kono iya ingsun pêpanggihan ||

8. rèngrèng iku yèn wus dadi têrna ingsun | ingsun kang anggawa | marang nagara Batawi | aja susah sutaningsun akongkonan ||

9. ya ta wau Jayèngrana kinèn mantuk | wus binêkta sêrat | bêdhug tiga angkatnèki | Jayèngrana saking Samarang nagara ||

10. ngatêripun Radèn Wirasari wangsul | ing nagari Dêmak | sira Radèn Wirasari | lampahipun wau Radèn Jayèngrana ||

11. praptanipun ing Dhuwêt pan wancinipun | kèndêl pondhokira | sakêdhap lumêbêt aglis | jujug marang Pangeran Natakusuma ||

12. sampunipun bakda ngisa lêbêtipun | sang nata wus salat | satêdhake saking masjid | animbali Pangeran Natakusuma ||

13. lêbêtipun angirid Jayèngranèku | prapta ing ngajêngan | ngaturakên ingkang taklim | saking rama tuwan Tuwan Sarib Bêsar ||

14. sêrat katur kalih rèrèng[7] sami katur | sigra tinupiksa | kadriya têmbunging tulis | ya ta mèsêm ing Pangran Natakusuma ||

15. dhimas gupuh undhangana

--- 45 ---

pra tumênggung | padha angrasakna | ing surate Sèh Ibrahim | matur nêmbah Pangeran Natakusuma ||

16. pênêdipun abdi dalêm pra tumênggung | kang abaris ngarsa | sae katimbalan sami | miyarsakna ing surate Sarib Bêsar ||

17. sang aprabu pangandikanira arum | bênêr yayi êmas | nuli kongkonana aglis | sarupane punggawa kang baris ngarsa ||

18. wus anuduh Pangran Natakusumèku | angêriga samya | punggawa kang baris ngarsi | sami prapta tan kalilan bêkta wadya ||

19. misih tugur sagunging prajuritipun | kang baris pangarsa | praptaning kang pra dipati | pan sadaya sami lancaran kewala ||

20. wetan kidul kulon sarêng praptanipun | Pangran Pakuningrat | kilèn lan pangran ngabèi | kidul nênggih Dipati Suryanagara ||

21. kanthinipun Môndraka Wiradigdèku | lawan Jayarata | Tumênggung Dipadirjèki | Alap-alap lan Tumênggung Pusparana ||

22. têlas kidul wetan sarêng praptanipun | Pangeran Dipatya | Anom sawadyanirèki | lan kang Paman Pangran Dipati Bintara ||

23. sadaya wus tumamèng ngarsa sang prabu | sang nata ngandika | hèh sagunging pra dipati | lawan para satriya para santana ||

24. sadayèku dèn amêrês budinipun | padha rasakêna | ing karsane Sèh Ibrahim | iya ingkang muni layange kang prapta ||

25. iya ingsun kinèn akirim pra sadu | mring gurnadur jendral | sumilih kadya nêdha dil | anjaluka bênêr ing gurnadur jendral ||

--- 46 ---

26. wong aluhur saking asor wiwitipun | aja ta ugungan | dumèh Tuwan Sèh Ibrahim | Sarib Bêsar maring sun wus mundhut putra ||

27. iya iku kêkêlire têgêsipun | aja ta kabiyak | Tuwan Sèh maring sun asih | iya dadi ngadêg bênêr Sarib Bêsar ||

28. dadya ampuh Sarib Bêsar yèn tinantun | mring gurnadur jendral | pratingkahing tanah Jawi | ing batine Tuwan Sèh wus marang ingwang ||

29. karsanipun Sarib Bêsar batinipun | kinèn anjarwakna | ing Radèn Jayèngranèki | kalêthêke tyase Tuwan Sarib Bêsar ||

30. awotsantun pra dipati kang tinantun | pukulun sang nata | sampun tanggêl ing pakarti | anganggea waos dhuwung marang jendral ||

31. inggih lamun pun jendral darbe pangukup | botên wit piyambak | amiluta amrih ing sih | jêr pun jendral inggih ingkang amiluta ||

32. iyêg guyub pra sêntana pra tumênggung | sami aturira | Pangran Natakusumèki | ingkang dadi pangirid atur andhêsak ||

33. kang dhinapur mungguh panggawene satru | ngajak rêrampekan | yèn dhèwèk nora nglanggati | satêmahan kabalik ingkang pratingkah ||

34. ingkang luhur satêmah dados soripun | ingkang asor mangkya | dados luhure sayêkti | sawab saking timbalan jêng nabi duta ||

35. lamun satru salah siji ngajak atut | kang siji tan arsa | jinabakakên sayêkti | wêwilangan ing umat jêng nabi duta ||

36. sru angguguk gujêngira

--- 47 ---

sang aprabu | pagene yayi mas | anganggo wêdi jêng nabi | ngumbe arak si adhi ing sabên dina ||

37. iku takut ing wêwalêr kangjêng rasul | gumujêng tur sêmbah | Pangran Natakusumèki | sanès ing prakawis arak lawan aprang ||

38. sang aprabu gumujêng ngandika arum | yèn mangkono padha | bênêr panuwunirèki | ingsun lagi nêmu dêdukaning Suksma ||

39. mungsuh iku kang gêdhe angajak patut | iya Si Walônda | ya kang gêdhe mungsuh mami | mungsuh cilik iku Si Mangkunagara ||

40. sanèn dipun yèn kudu asor ing ngriku | lagya dukaning Hyang | kang dhawuhing awak mami | wus dilalah kalah ing prang lawan bocah ||

41. mêngko mungsuh Si Walônda ngajak patut | ing têgêse iya | iku pitulung Hyang Widhi | gawe asor prang amuk sariraningwang ||

42. batinipun durung cacad têmên iku | ingong madêg nata | iya nèng Ngayogya dhingin | awèh wêruh marang Dêlèr ing Samarang ||

43. mundhut êstu yèn ingsun jumênêng ratu | iya di adêgna | rêna ngrasa awak mami | yèn kang Wayah Susunan Pakubuwana ||

44. dêlèr langkung panampike marang ingsun | dadi ingsun iya | umadêg nata pribadi | iya iku sun lêbokkên layang jendral ||

45. iya lamun Kumpêni angajak patut | Hondorop Samarang | dèn salinana tumuli | lamun nora mangkono ingsun anêmah ||

46. sampun anut pra punggawa anung-anung | ing sakarsa-karsa | mupakat ing lair batin | mumpung durung layar [la...]

--- 48 ---

[...yar] Tuwan Sarib Bêsar ||

47. sigra wau rèngrèng tinurut karuwun[8] | saking Sarib Bêsar | kalah apa sor sathithik | wurukipun pisêdhêp ing tuwan jendral ||

48. sêratipun piyambak wau sang prabu | ingkang dhatêng jendral | êla-êla anglangkungi | sarta mawi mugi-mugi tuwan jendral ||

49. dipun asru angadilana satuhu | mangkya eyang jendral | ngarsakakên atur mami | ingkang mijil saking Tuwan Sarib Bêsar ||

50. têgêsipun eyang jendral mrih satuhu | karsa ngadilana | lampahane awak mami | saèstune pan kula kinaniaya ||

51. yèn rumuhun wontêna sêrat gurnadur | kang dhatêng kawula | sarèhe kula lampahi | inggih môngsa kapanjanga lampahing prang ||

52. pun gupêrnur sok mêdosi sêratipun | kula nêmah nekad | angraos yèn sinakait | jinabakkên darah Kapakubuwanan ||

53. mila bingung kang ngraos tan wontên ngukup | mangkya eyang jendral | amrih lêrês kang sayêkti | sasat dhawuh pitulunging Gusti Allah ||

54. langkung nutug la-êla prasabênipun | wus dadya sadaya | inggih sampun dèn rèng-rèngi | ingkang katur dhatêng Tuwan Sarib Bêsar ||

55. lawan dhuwung Nagasarasah wêwolu | lan waos trisula | inggih sinarasah sami | amung kuda benjing sinusul asmara ||

142. Asmaradana

1. Ki Dul Wakid kang tinuding | bêkta sêrat angaturna | mring Sarib Bêsar lampahe | kinanthenan Wôngsayuda | magang ing Surabaya |

--- 49 ---

lampah dalu mangkat surup | lampahe mêdal ing Dêmak ||

2. sarêng byar anjog nagari | ing Dêmak kèndêl sakêdhap | tilêm sami wêntawise | wontên kalih têngah êjam | sampun makan turôngga | sigra lajêng lampahipun | asar prapta ing Samarang ||

3. jujug Radèn Wirasari | wusnyaso lajêng binêkta | dhatêng wismanipun petor | gène Tuwan Sarib Bêsar | panggih dutatur sêmbah | angaturkên sêratipun | saking kang putra sang nata ||

4. amanggil Kaji Dul Jaki | sêrat tinurun basa Rab | sêrat kêkalih rèngrènge | wus dadya katur ing tuwan | Sarib Bêsar nupiksa | sakalangkung sukanipun | lajêng dènira ngandika ||

5. hèh sapa aranirèki | carakane putraningwang | tur sêmbah alon ature | pun Ngabdul Wakid kawula | kang abdi suranata | ing putra tuwan pukulun | Tuwan Sarib atêtanya ||

6. sapa gawe layang iki | Dul Wakid matur tur sêmbah | gih putra tuwan sang katong | pribadi ingkang akarya | mèsêm sarwi ngandika | Tuwan Sarib wruhanamu | Dul Wakid lan rèng-rèng ingwang ||

7. bêcik iki gêmêt iki | sêdhêpe amêlasarsa | asore mratelakake | mêmanis ing kaluhuran | iki bae sun gawa | Ki Dul Wakid aturipun | milanipun putra tuwan ||

8. sêrat kinarya pribadi | dene tuwan ingkang bêkta | miwah mawi pratandhane | waos lan dhuwung punika | tuwan sampun kanisthan | lan [la...]

--- 50 ---

[...n] sampun tanggêl pukulun | têtulung ing putra tuwan ||

9. sru ngandika Sèh Ibrahim | hèh Dul Wakid aja susah | ingsun kang duwe panganggo | putraningsun wong analar | nora mrih kaluputan | ingsun gendhong ingsun pikul | môngsa wêdia kangelan ||

10. tur sêmbah Ki Ngabdul Wakid | milanipun putra Tuwan | ambêktani pratandhane | kang katur gurnadur jendral | têtêp mantêp ing manah | dene tuwan kang amangun | bicara ing sapunika ||

11. ya Dul Wakid ingsun iki | arêp layar benjang enjang | ya warahên putraningong | aja angadoni aprang | yèn ana mungsuh prapta | kaya nora lawas ingsun | patang puluh dina prapta ||

12. matura aja kuwatir | wus muliha iya sira | iki angsul-angsul ingong | Dul Wakid anêmbah tômpa | lajêng matur pamitnya | angkatira bêdhug têlu | saking nagari Samarang ||

13. Tuwan Sèh ing bangun enjing | mancal dhatêng Batawiah | kunêng wau ing lampahe | tigang dalu praptanira | saking nagri Samarang | wus lajêng panggih gurnadur | kutha Intên praptanira ||

14. wus sami atata linggih | antuk-antuke binuka | Jendral Jakup Musêl kagèt | kadi pisungsunging raja | raja ing kina-kina | mrih unggul wicaranipun | Sang Nata ing Kabanaran ||

15. sêrat sampun dèn tampèni | winaos ing juru basa | duk miyarsa langkung kagèt | Jakup Musêl langkung maras | bok Tuwan Sèh dêduka | dene ta tibaning luput |

--- 51 ---

samangke têka Walônda ||

16. wusnya tabe suratnèki | Sri Bupati Kabanaran | kang nguni umadêg katong | lawan karsane priyôngga | dêlèr nampik tan arsa | Hondorop pinintan èstu | anulak amonthal-monthal ||

17. dadya nêmahi ngajurit | duk Jendral Muph aniaya | wontên ing Surakartane | têdhakira tuwan jendral | nagri Surakarta nyar | tigang wulan dadosipun | nuntên Jendral Emuph prapta ||

18. kula nguni anglampahi | anglêbêti sayêmbara | wontên kagungan sang katong | bumi cêlak lan nagara | ing Sukawati nama | cacahipun tigang èwu | sabêdhug saking nagara ||

19. ingkang ananggung prajanji | karsane kang madêg raja | inggih pun Dêlèr Hondorop | singa ingkang angrêbata | ing Sukawati tanah | bisa ngabur mungsuhipun | singa kang untung ginanjar ||

20. inggih kula anglampahi | mungsuhe kula pukul prang | aprang rame arêrêmpon | têtêp kula tuk ganjaran | Sukawati sadaya | inggih cacah tigang èwu | mayor kang nanggung bicara ||

21. ingkang sami darbe bumi | lininton nuntên kawula | pinacak kasenapatèn | lami dadi kapala prang | mungsuh limang satriya | gawe bondhan tanpa ratu | pan sampun dening kawula ||

22. nuntên jendral praptanèki | angêlongi sawah kula | kinantunakên saparo | Hondorop jublêg kewala | datan purun [pu...]

--- 52 ---

[...run] pratela | nuntên jendral antukipun | kula atilar nagara ||

23. nuntên kula dèn lurugi | nênggih saênggèn ginusah | wontên sataun lamine | manah nêmah lajêng nèkad | tan wontên têtulunga | kula prang kalih pun undur | wit kalonge sawah kula ||

24. pun undur dutane prapti | sagah sapêjahe Jendral | Emuph pun undur sagahe | ngantukakên sawah kula | lami tan kalampahan | anuntên kula binujung | saênggèn dèn urak-urak ||

25. inggih wong arêbut pati | kulamuk nadhahi ing prang | pun Mayor Has ing pêjahe | lajêng pêjahe Mayor Pal | Mayor Kalèrêk pêjah | pan kula lajêng anglalu | ing mangke kula miyarsa ||

26. dhatêngipun Sèh Ibrahim | mupakat lan eyang jendral | karsa têtulung mèh kasèp | mugi êyang ngadilana | sagung radpênindia | kalawan sabênêripun | lawan malihipun eyang ||

27. yèn ngarsakêna sayêkti | angukup dhatêng kawula | inggih pun Dêlèr Hondorop | kesaha saking Samarang | yèn ta taksih punika | lêbura dèn kadi bubuk | kula têmah mati ngalas ||

28. botên nêdya anêpangi | ing karsane tuwan jendral | yèn Hogêndrop botên katon | pan inggih sakarsa-karsa | eyang gurnadur jendral | kula sayêkti anurut | dhatênga ing lara pêjah ||

29. sawusnya tutug nupèksi | jendral kalangkung wirangnya | miyarsa sêrat ungêle |

--- 53 ---

wani mêlèhkên pasaja | sagung radpênindia | kucêm prasami angungun | ngrêrêpa mring Sarib Bêsar ||

30. tuwan têtela puniki | panjange kang lêlampahan | culikane Si Hondorop | kumêlar rada gumuna | inggih tuwan yèn ala | kinarya paran puniku | angling Tuwan Sarib Bêsar ||

31. lah iya kapriye maning | nadyan Si Petor Sêmarang | padha misih eling kabèh | Mangkubumi dènnya kesah | barêng kalawan jendral | padha kabêranang nêpsu | jendral muwus inggih tuwan ||

32. sampun susah Mangkubumi | kula ingkang têtulunga | nênggih puniku akale | angipuk Mangkunagara | dèrèng panggih samangkya | nging tuwan sayêktinipun | sampun tanggêl lampah tuwan ||

33. anuntên tuwan panggihi | Mangkubumi dimèn eca | botên wande karatone | sapalih ing tanah Jawa | rukunan lan kang putra | mupusa ing takdiripun | wêlasa jagate rusak ||

34. angling Tuwan Sèh Ibrahim | mangke duk ajêng-ajêngan | Mangkubumi dèn êbut ro | tuwan jendral wuwusira | milane inggih tuwan | Si Hondorop dimèn mundur | barise tuwan undurna ||

35. punika cap kula inggih | lan sagung radpênindia | mupakat pikir wus dados | pangupaksining prakara | Susunan Kabanaran | kinukup kinarya ratu | saparo ing tanah Jawa ||

36. ngiras Ratu Senapati | rêruwêding tanah Jawa | kuwajiban nyirnakake | kadi ta pamomongira |

--- 54 ---

Sang Prabu Surakarta | nora dèn iri prangipun | kêni urunan kewala ||

37. urunan mantri sawiji | sayêkti antuk kewala | Sang Prabu Surakartane | kang Rama Natèng Banaran | anyirnakêna mêngsah | Kumpêni ingkang angadu | pracaya Natèng Banaran ||

38. Si Hondorop yèn wus mulih | inggih dhatêng ing Samarang | yèn sampun kêni gunême | Mangkubumi wus panggihan | lan Tuwan Sarib Bêsar | mangkana jendral kêkintun | surat mring Sunan Banaran ||

39. lan badhe rasukan katri | warni baludru katiga | wungu cêmêng lawan ijo | pupusan ingkang sakawan | krêsting martas we samya | hèr mawar kalawan pistul | alus kêkalih kêmbaran ||

40. sênapan alus sarakit | sangkêlat abrit tigang pak | tigang pak malih rêng ijo | wus têlas pitungkasira | mring Tuwan Sarib Bêsar | duk arsa mancal ing wau | kasaru wontên caraka ||

41. saking Dêlèr ing Samawis | kang wontên ing panglurugan | tur uninga ing kasore | Mangkubumi rêmpu ing prang | Pangran Mangkunagara | atur kang pratandhanipun | boyongan èstri wolulas ||

42. nanging sagung kang radpêni | tan wontên purun nganggêpa | dene wus lawas samêngko | ênggone abêbêcikan | lawan Mangkunagara | durung bisa atêtêmu | kinèwèr saking kadohan ||

43. rêmpêk sagung kang radpêni | tan wontên purun nganggêpa | môngsa wurunga malèsèd | wus nora patut [pa...]

--- 55 ---

[...tut] rinasa | yèn Mangkubumi Nata | kêna cinandhak satuhu | kinukup ginawe raja ||

44. mungsuh Mangkunagarèki | lah iya andadak apa | duwea rupa salawe | nora na dadi prakara | lamun Mangkunagara | dene Mangkubumi iku | yèn misiha dadi mêngsah ||

45. sêtun apêsa sawarsi | malah tan kongsi samana | aprang nuli rosa manèh | marma nuli aja obah | Mangkubumi kewala | kinanthi ginawe ratu | riyêgsa[9] rad pên india ||

102. Lampahipun Sarip Bêsar badhe pêpanggihan kalihan Sunan Kabanaran mawi mampir dhatêng Surakarta

46. sampun mancal Sèh Ibrahim | saking nagri Batawiah | datan kawarnèng laute | wus prapta nagari Têgal | sadalu lajêngira | ing Samarang praptanipun | wanci byar minggah dharatan ||

47. petor bêsar mêthuk aglis | sarwi ambêkta kareta | wus lajêng wau lampahe | praptanira kapetoran | petor aris têtanya | inggih ta paran pukulun | wong agung-agung karsanya ||

48. mojar Tuwan Sèh Ibrahim | wus nora ana rinasa | amung Mangkubumi bae | kabèh-kabèh nora ana | amikira kang liya | wus sah ing sakarsanipun | angadêgakên [a...]

--- 56 ---

[...ngadêgakên] sri nata ||

143. Sinom

1. nulya Wirasari prapta | miwah Wiryamanggalèki | petor bêsar atêtanya | bapak paran warta Jawi | dêlèr badhene malih | anglud dènira amukul | inggih sapurugira | angêsuka Mangkubumi | rêmbag kanthi Pangeran Mangkunagara ||

2. Wiryamênggala turira | inggih badhene ingungkih | Mangkubumi ênggènira | petor bêsar matur aris | mring Tuwan Sèh Ibrahim | lah tuwan paran puniku | Mangkubumi ginêcak | yèn tuwan datan tumuli | nungkak dhatêng barise dêlèr punika ||

3. Tuwan Sarib Bêsar lingnya | lah ta petor sun lumaris | sapa kang milu maring wang | petor bêsar anauri | kula ingkang ngaturi | Mantri Bahrawa puniku | tuwin mantri sadasa | sagêgamane lumaris | kang rumêksa ing tuwan wontên ing marga ||

4. asru dènira ngandika | wau Tuwan Sèh Ibrahim | iki pakirime jendral | mring sutèngong Mangkubumi | petor umatur aris | pênêd inggih lajêngipun | nanging mêdala Dêmak | lampah rungak anênitik | gène baris sutanta Natèng Banaran ||

5. bêcik Wirasari sira | ingkang lumaku pribadi | anggawa surate tuwan | iya ingsun angantèni | lan Mantri Kalicêri | kang padha jaga karyèku | dene tuwan lajênga | dhatêng ing Surakartèki | tuwan dêlèr barise nèng Butuhkuyang ||

6. Wirasari pinitungkas | katura ing anak mami | Mangkubumi

--- 57 ---

lamun sira | ingsun karya pulmak mami | dene pracaya mami | Wirasari nêmbah mundur | lan petor dutanira | Ki Wirayuda kang nami | sarêng budhal lawan Tuwan Sarib Bêsar ||

7. ingiring Mantri Bahrawa | wontên sawidak turanggi | dharatipun kalih bêlah | kèndêl Ungaran sawêngi | nagari Jawi osik | kambah prajurit saking Rum | Jêng Tuwan Sarib Bêsar | nênggih Tuwan Sèh Ibrahim | kathah ingkang nêdya panggih amrih sawab ||

8. amisuwur ing pawarta | lamun Sèh Ibrahim Turki | wus mijil ingkang mangunah | kadya karamating wali | misuwur tanah Jawi | baya iki tatanipun | kambah ing waliullah | mangkana kang ngucap malih | agêbagan kang nêdya panggih ing tuwan ||

9. nora ketung kasusahan | tuwa nom jalu lan èstri | sabên kèndêl sami marak | bêkta pêpanganan sami | sêkul lan ulam pitik | praptèng Salatiga sampun | sakiwatêngênira | wiwit awan kongsi wêngi | anèng marga samarga-marga mangkana ||

10. budhal saking Salatiga | sapraptaning Bayalali | kadya kinêrig wong desa | prasamya prapta ngabêkti | Surakarta winarni | upêrup matur sang prabu | Hèndrik Johan Abraham | yèn badhe wontên wong Turki | utusane Jêng Sultan Muhammad Lekan ||

11. kadi benjing-enjing prapta | samangke nèng Bayalali | langkung saking badri bêsar | pênêt tuwan angurmati | bilih dhatêng mariki | tuwan inggih dipun cakut | punika tuwan jendral | sami ajrih

--- 58 ---

angajèni | dhapuripun siwêr inggih kulit pêthak ||

12. ya ta enjing kawuwusa | prapta Tuwan Sèh Ibrahim | pukul satêngah sawêlas | prapta lajêng marang loji | sang nata wus dhawuhi | badhe pasanggrahanipun | pantês ing Kaluraman | pinarnah ing pinggir kali | nyuwungakên wismèng Mantri Sumayuda ||

13. Yan Hèndrik Johan Abraham | langkung dènira amèt sih | urmat mariyêm ping sapta | apan ing samargi-margi | Ungaran Bayalali | Salatiga aming mitu | lajêng wau ngaturan | apêpanggih sanga aji | wus binêkta sami anitih kareta ||

14. sapraptanira jro pura | agupuh sri narapati | amêthuk ing palataran | kagyat Sèh Ibrahim Turki | sêmune raja iki | amirip kêrabat ingsun | wusnya sami alênggah | satêngah jam winatawis | uprup mamitakên sayah makuwona ||

15. sang nata ngatêr ing natar | wus salaman manthuk amit | lajêng dhatêng Kaluraman | uprup misih atut wuri | Pangulu Wôngsaniti | tampi timbalan sang prabu | kinèn amanggihana | Tuwan Sèh Ibrahim Turki | bêkta suguh mring pakuwon Kaluraman ||

16. prapta sami atur sêmbah | angaras padanirèki | kang mathoki Saradipa | ingkang jaga rina wêngi | Pangulu Wôngsaniti | sami kodhêng basanipun | kang ngêntèk basa Arab | amung Ki Kaji Muktasim | tinimbalan Kêdhunggudèl wismanira ||

17. wau ing sapraptanira | sira Ki Kaji Muktasim | kang minôngka juru basa | lêga kang angadhêp sami |

--- 59 ---

Pangulu Wôngsaniti | sami angsal-angsal katur | dinangu ing sang nata | pocapane Sèh Ibrahim | antuk têgês kunêng malih kawuwusa ||

18. Sang Prabu ing Kabanaran | ngalih pakuwon Talgaji | dhusun agêng têngah wana | lèpènira kanan kering | langkung saking prayogi | wontên masjidipun agung | kinarya barjumuwah | suka manahing wadyalit | ya ta wau Radèn Wirasari prapta ||

19. mantri Dêmak pitu samya | kang dhèrèk lampahirèki | wontên kuda tigang dasa | wau Radèn Wirasari | jujug pakuwonnèki | Pangran Natakusumèku | lajêng atur uninga | yèn dutane Sèh Ibrahim | Wirasari bêkta mantri Dêmak kathah ||

20. katur ing nata ngandika | nimbali kang baris ngarsi | pra dipatya pra santana | kèndêl carakanirèki | anèng pakuwon sami | Pangran Natakusumèku | praptane pra dipatya | caraka ngandikan aglis | kerid marang Pangeran Natakusuma ||

21. sapraptanira ngajêngan | duta Radèn Wirasari | ngaturakên sêratira | ingkang saking Sèh Ibrahim | lawan kang sêrat malih | saking jendral angsul-angsul | lan sagung kêkintunan | akathah awarni-warni | samya suka mulat sagung pra dipatya ||

22. sêratira Sarib Bêsar | pratela ing lampahnèki | lamun unggul kang bicara | jendral alingsêm tan sipi | nanging cinêkak ugi | anutuh ing bangsanipun | Jendral Emuph ing kina | kang tiwas kapati-pati | lan Hondorop gumun aculikèng [acu...]

--- 60 ---

[...likèng] praja ||

23. wus dilalah bêjanira | anak ingsun Mangkubumi | dene anuju pun bapa | kang ngêmbat prakawis iki | kêna gitik-ginitik | lawan wong atêmên iku | yèn mantêp ana uga | iya pitulunging Widhi | sutaningsun ingkang pitaya mring bapa ||

24. iya marang panglurugan | bubarakên kang abaris | Si Hondorop wus muliha | dèn enggal marang Sêmawis | tan wurung sira benjing | tinarima panêdhamu | tinurut sira benjang | lungane saking Samawis | langkung suka Sri Bupati Kabanaran ||

25. anulya surate jendral | tinupiksa tan atêbih | lan sêrate Sarib Bêsar | iring-iringan anunggil | ing wêkasane sami | saguh amêcat gupêrnur | saking nagri Samarang | miwah saguh angadili | atêtulung tan wurung kinarya raja ||

26. ing jendral panêdhanira | sampun kathah sônggarunggi | Kumpêni pasthi tan cidra | mring Susunan Mangkubumi | asal saguh ngrêsiki | nyenapatèni prang pupuh | bôndha-bandhuning aprang | miwah kanthining prajurit | sampun susah Kumpêni kang matah-matah ||

27. jêr wajibing kang sarira | angrêsiki tanah Jawi | Kumpêni nguruni bôndha | prabeya amangun jurit | kang sarira pribadi | arjane ingkang anêmu | kabèh riwuking praja | mungsuh rêrêgêding bumi | Kumpêni srah mung wruh sirnane kewala ||

28. mungsuhe padha urakan | mungguh pêthèking Kumpêni | sayêkti tandhinge jipat | pasthi bêcik Mangkubumi | anak ratu sayêkti | lan atine sêtya tuhu | lan [la...]

--- 61 ---

[...n] durung aprang cidra | lami prang lawan Kumpêni | pan ing kono tinêmu prajurit nyata ||

29. lan sakathahing prakara | wontên rama dika yêkti | inggih Tuwan Sarib Bêsar | singa ingkang dèn sênêngi | tan wani mêlawani | ing caraka Sultan ing Rum | amung nanggung kewala | yèn liyane Mangkubumi | kinarsakna tan purun lamun nanggunga ||

30. angluwarna kasusahan | sutaningsun Mangkubumi | pan iya môngsa wurunga | Sarib Bêsar wus amalih | rujuk lawan Kumpêni | sapa kang agawe wurung | dutèng Rum wus waspada | nora kêna dèn kilapi | sawusira maos srat sukèng wardaya ||

31. tyasira marwata suta | sigra dènira mrentahi | Adhi Mas Natakusuma | sira saosa turanggi | pasangan têlung rakit | kang prayoga ulêsipun | sun karya kêkiriman | marang Gurnadur Batawi | tur sandika Pangeran Natakusuma ||

32. Pangeran Natakusuma | dhawuh sagung pra dipati | sigra asamya utusan | marang barisan ing ngarsi | duta wus dèn angsuli | Radèn Wirasari sampun | kathah ganjaranira | tigang dalu nèng Talgaji | enjang pamit wus mantuk mêdal ing Dêmak ||

33. wuri ngalih pasanggrahan | tilar pakuwon Talgaji | marang ing Jurangkênanga | kêrig sagunging prajurit | masanggrahan sang aji | nèng Jurangkênanganipun | wadyagung pamondhokan | Mas Rôngga atur udani | têlikipun prapta saking Pranaraga ||

34. andhèrèk lampahing mêngsah | budhal saking Pranaragi |

--- 62 ---

bupati môncanagara | kang sampun nungkul kinêrig | cacahing kang turanggi | watawis salêksa langkung | langkung gêng kang gêgaman | mangke prapta Sukawati | wontên Tugu gènnya pacak barisira ||

35. lawan dêlèr sêmadosan | maksih nèng Butuh gèn baris | wau kalane miyarsa | amèsêm sri narapati | baris kang anggêdhèni | wadya môncanagarèku | pakantuk nadhahana | arahan môncanagari | angundhangi sagung prajurit prayitna ||

36. upama yèn pinukula | badhe anêdya nadhahi | nanging kapalang punika | pitungkase Sèh Ibrahim | sampun nadhahi jurit | yèn wontêna mungsuh rawuh | dadya sami angadhang | margining mungsuh kang sami | anêliki gèning baris mungsuhira ||

37. amêndhêm prajurit wana | momor tan wontên kulambi | kadya wong desa kewala | wong pitung puluh pinijig | Mas Rôngga kang prajurit | pinêthil wong patang puluh | Pangeran Pakuningrat | wonge tri dasa pinijig | tinindhihan binêkta miranti wana ||

38. wau ingkang masanggrahan | nèng Tugu sawadyanèki | balabar ngêbaki wana | pangeran sigra anuding | caraka badhe panggih | kalawan tuwan gupêrnur | bêkta wadya turôngga | gangsal atus dharatnèki | nyabrang lèpèn kang liwat sami umulat ||

39. bêkta bandera sakawan | kang priyayi nut wong cilik | bêcik kang adoh macalang | watêke waspadèng warti | tur karêpe wong cilik | akèha [a...]

--- 63 ---

[...kèha] dènnya ngrêramu | lajêng sagung gêgaman | angliwati kang miranti | balanipun Pangran Arya Pakuningrat ||

40. amomor saking ing wuntat | Mas Rôngga balanirèki | amomor saking ngiringan | bêkik lajêng anumbaki | angulewang ambêdhil | ingamukan

kathah lampus | ngiwa nêngên katrajang | busêkan tan amalêsi | ting gudandap ngiwut Pangran Pakuningrat ||

41. Mas Rôngga angamuk duta | gusis wau kèh ngêmasi | ingkang pêjah pitung dasa | nêmbêlas kacandhak urip | banderane sarakit | kacandhak sarakitipun | sèkêt kuda kabandhang | sanjata waos kèh kèri | langkung majêng kèndêl Tugu pabarisan ||

42. opyak ana mungsuh prapta | wong pacalang kang katail | undhang prasamya prayitna | sakêdhap gègèrirèki | badhe dipun wangsuli | ambêkta gêgaman agung | nanging tan kalampahan | wuwusên kang mêntas jurit | Pangran Pakuningrat kalawan Mas Rôngga ||

43. mundur ing Jurangkênanga | ing pasanggrahan sang aji | angaturakên bandhangan | pirang-pirang rèntèng kuping | nênêm sirahing mantri | sèkêt kuda alit agung | bêbandane nêmbêlas | kalewang waos lan karbin | langkung suka sang nata dènnya umulat ||

44. dinangu rakiting aprang | punggawa kalih wotsari | wau Pangran Pakuningrat | Mas Rôngga umatur aris | sasolahing ajurit | langkung sukanira prabu | kinèn ambagi samya | bandhangan dipun waradin | wus binagi sakancanira [sa...]

--- 64 ---

[...kancanira] warata ||

45. pakuwon Jurangkênanga | tan alami dèn ingsêri | masanggrahan ing Rarômba | tan owah baris pangarsi | papan langkung prayogi | wau ta malih winuwus | Jêng Tuwan Sarib Bêsar | kang wontên Surakartèki | sarêng lampah agantya panggambuhira ||

144. Gambuh

1. kang abdi Sang Aprabu | ing Surakarta ngulamanipun | pan andina ngadhêp Tuwan Sèh Ibrahim | Wôngsaniti lan pangulu | agung dènira ngalap sor ||

2. sapira kêtibipun | ingkang ngaturkên sugatèng prabu | dhawuh marang Ki Kaji Amad Muktasim | Kaji Muktasim umatur | andina saking kadhaton ||

3. pangandikanirarum | Jêng Tuwan Sarib maring pangulu | hèh pangulu ratumu amêlasasih | umatur kyai pangulu | lan Kaji Muktasim kinon ||

4. tuwan gih sakalangkung | dhasare yatin kalane timur | duk miyarsa kagyat Tuwan Sèh Ibrahim | ngandika Tuwan Sèh asru | ya Muktasim yèn mêngkono ||

5. sun dongakna Hyang Agung | apa ta sukak baturi aku | matur nêmbah wau Ki Kaji Muktasim | tuwan inggih sakalangkung | sadaya dhêku rumojong ||

6. bismillah ngadêg sampun | sarwi nêtêpakên srêbanipun | kang umulat sadaya sami umiring | mangkarag gêgithokipun | sami eram sama dongong ||

7. de sangêt swaranipun | sarta barêbês wêtune kang luh | wus dangune sirêp tanpa swara aris | wus mari pangadêgipun | Tuwan Sarib lajêng lunggoh ||

--- 65 ---

8. sarwi ngandika arum | uwis Muktasim pandonganingsun | kaya tinarima mring Hyang Mahasukci | sira mau padha dulu | duk sun barêbêl wêtu loh ||

9. ing kono dhawuhipun | wahyu kalamun ratunirèku | pasthi nêmu pitulung dera Hyang Widhi | tulus adêgira ratu | tan ana nêmu pakewoh ||

10. salamêt ing donyèku | nadyan ngakerat iya wallahu | aklam satuhune kang madêg narpati | padha anêmu rahayu | aja na nêmu pakewoh ||

11. ya arsa pamit ingsun | banjur marang barisane Butuh | sigra Tuwan Sarib Bêsar marang loji | Yan Johan Abraham sampun | angatêr manjing kadhaton ||

12. wus panggih sang aprabu | Tuwan Ibrahim wus pamit sampun | mring sang nata nutugakên karyanèki | para ngalim kinèn tumut | abdinira sang akatong ||

13. angatêr marang Butuh | wus mêdal saking ing pura laju | Uprup Abram angatêr lampahirèki | saonjotan wangsulipun | Tuwan Sèh wus praptèng Butoh ||

14. panggih lawan gupêrnur | langkung gugup dènira andulu | badri bêsar nanging ta wong sabrang iki | apa baya karyanipun | dêlèr urmat atêtakon ||

15. hèh babo ya tuwanku | paran ing karsa tuwan puniku | anêdhaki gèn kula apacak baris | punapa ingkang pinundhut | kula sumôngga kemawon ||

16. Tuwan Sarib sumaur | arêp wêruh bae barisanmu | êndi ingkang putus pakaryamu iki |

--- 66 ---

êndi ta kang dadi batur | êndi ingkang dadi mungsoh ||

17. gupêrnur lon sumaur | kang dadi batur kêkasihipun | Pangran Adipati Mangkunagarèki | Mangkubumi mungsuhipun | kang sampun jumênêng katong ||

18. Tuwan Sèh malih muwus | êndi tandhane kang dadi batur | apa uwis katêmu marang sirèki | dêlèr alos[10] sauripun | tuwan ing batin kemawon ||

19. gih lamun wong puniku | sampun asaguh yèn dadi batur | nuli cidra Gusti Allah botên kêni | basane kang kula rêngkuh | Tuwan Sarib mojar bêkoh ||

20. sira iku gupêrnur | angagulakên kadibyanamu | wong kumingsun sira iku sun arani | mulane tiwas sirèku | têkonmu ingkang mêngkono ||

21. wong tôndha lambe gugu | iki Mangkubumi sêratipun | prapta ing Batawi wis ginugu pasthi | iya marang ing gurnadur | sagung Kumpêni wus golong ||

22. prasami sukanipun | Tuwan Dhirèktur Petrus Albètrus | kabèh suka iya marang Mangkubumi | pambêkane sêtya tuhu | durung linyok durung goroh ||

23. lah iki karyaningsun | iya ambubarakên barismu | tuwan jendral wus anyandhak Mangkubumi | tan wurung ginawe Ratu | ing bumi Jawa sêparo ||

24. tinuduhkên capipun | pucat netyane tuwan gupêrnur | angrêrêpa marang Tuwan Sèh Ibrahim | tuwan kula nêdha tulung | sampun kantos manggih awon ||

25. Tuwan Sarib sru muwus | ya ora ala tiwas sirèku | dene gugu swara Mangkunêgarèki |

--- 67 ---

wong ora gêlêm katêmu | têka sira maksih ngrêngkoh ||

26. pira antaranipun | ya gonira wiwit badhamèku | wis sataun têka nora bisa panggih | seje Mangkubumi iku | ngajak pasthi ing wiraos ||

27. bêcik angajak têmu | sapa ginawe wakil gurnadur | samangsane ngajak sapatêmon dhingin | yèn wis têmu nuli rêmbug | gunême enak linakon ||

28. mêngkono padha tuhu | padha wong têmên agathak-gathuk | yèn wis kowe bubar mulih mring Samawis | nulya sun kinèn têtêmu | wakile jendral pan ingong ||

29. sigra têngara umung | ambêdholakên baris gupêrnur | saking Butuh akêbut sarêng saari | kang baris agêng mangidul | kadya lun gumulung golong ||

30. kunêng malih kawuwus | sarêng ing gantya ingkang winuwus | Panêmbahan Madura duk praptanèki | prajurite pitung atus | sarta surate Pandorop ||

31. siyang laku jinungkung | dènira arsa antêp prang pupuh | iya lawan Susuhunan Mangkubumi | lir angajak ngêbut têlu | arsa mêksa si palugon ||

32. rubêd pangêrigipun | prajurit Sampang milane kantun | mila prapta nèng Surakarta nagari | Panêmbahan Madurèku | anèng wisma Petor Brikton ||

33. dene ta wadyanipun | lèr Baturana pangalèripun | nocog gêdhong prajurit ing Madurèki | sarêng dêlèr praptanipun | saking barisan ing Butoh ||

34. panggihan loji sampun | Pangran [Pangra...]

--- 68 ---

[...n] Madura lawan gupêrnur | lawan wau nênggih Tuwan Sèh Ibrahim | panêmbahan mèsêm muwus | tanya dadine lêlakon ||

35. tuwan idêlèr tutur | suwuk saking dutane Sultan Rum | Tuwan Sarib nimbali Kaji Dul Jakim | praptanira ngarsanipun | kinèn nyauri wiraos ||

36. panêmbahan puniku | sampun jinarwan lamun gurnadur | karsa nyandhak Susunan Amangkubumi | ing watak sêca satuhu | ingkang nora watak linyok ||

37. lamun kasor ing pupuh | arsa kinukup sêdya tinulung | wong atêmên wêruh lamun dèn bêciki | panêmbahan sru gumuyu | tan ngilangkên manising wong ||

145. Dhandhanggula

1. panêmbahan sigra animbali | Kudapranglangit prapta ing ngarsa | panêmbahan lon ature | tuwan lah ta puniku | rencang kula sok kula tuding | têmu Mangkunagara | wontên ping sapuluh | dèrèng pinanggihan cêlak | kula utus inggih dhatêng Mangkubumi | sok pinanggih pan cêlak ||

2. atêtanya Tuwan Sèh Ibrahim | bêcik êndi Mangkubumi ika | kalawan kaponakane | lawan wêwatêkipun | matur nêmbah Kudapranglangit | kula matur balaka | pilih ramanipun | nadyan wêwatakanira | botên beda inggih pênêd Mangkubumi | watak saking santosa ||

3. botên môntra yèn mungsuh tinuding | codakèng mêngsah ngandika cêlak | tan kêna sèlèh dhuwunge | lah ngarah apa iku | lah Pranglangit nganggoa kêris | môngsa sira wania | anyuduk [anyu...]

--- 69 ---

[...duk] maringsun | sanadyan sira wania | ingsun wani krismu bêcik ingsun wani | sarwa gumujêng latah ||

4. lamun Pangran Mangkunagarèki | yèn manggihi têbih lamat-lamat | tan purun ngandika dhewe | tan katon kuncungipun | malah langkung êsak kapati | gumêr kang amiyarsa | wuwuh mantêpipun | Tuwan Sarib duk miyarsa | pratingkahe duta Madura Pranglangit | ingkang agung dinuta ||

5. wong Madura marang Mangkubumi | iya marang Amangkunagara | liwat seje wêwatêke | Mangkubumi wus punjul | kasumbagèng liya nagari | budi wilêd santosa | têtêp mantêpipun | wiraganira noraga | kasusatya prasasat ing tyas nir wèsthi | was-uwas tan kawawas ||

6. putus ing tyas titis tan katawis | anêratas ing tyas kasantosan | titih tan katutuh tètèh | ing tata tuhu tangguh | tula-tula labêt taliti | nir guna amiguna | rucine rinacut | rêjane ngeja kaharjan | nir rêringa kramisthanira kaèsthi | amusthi tanpa asta ||

7. nistha madya tama nitèng tami | tuman têmên tumut ing utama | kanisthan puthês pinêthès | mawut dèn awut-awut | watak wuta tan dèn atuti | mrih aywa katalêtah | têluh katalutuh | kalamun katula-tula | Tuwan Sarib Bêsar langkung sukanèki | têtela ing wêwarta ||

8. dêlèr lagya prapta tigang latri | pan jinujul ing utusanira | Pangran Mangkunagarane | kang taksih baris tugur | suratira [surati...]

--- 70 ---

[...ra] ngajak anggitik | mring Natèng Kabanaran | mangkya barisipun | kang anèng dhusun Rêraba | rencangipun kathah minggat kantun kêdhik | duta Mangkunagaran ||

9. Dêmang Karanganyar kang tinuding | lawan Ngabèi Malangsumirang | Ngabèi Malangdewane | dêlèr ngaturi gupuh | Panêmbahan ing Madurèki | myang Tuwan Sarib Bêsar | ingaturan rawuh | surat wau kinèn maca | juru basa ing têmbung ajak anggitik | mring Natèng Kabanaran ||

10. tuwan dêlèr nênggih dèn aturi | mêdal saking ing kulon bangawan | pan ing Japuh panyabrange | kulon jog wetanipun | kula nyabrang Malalèn nênggih | binêskup kadi bebas | nênggih sampun tanggung | sawusnya titi kang sêrat | Panêmbahan Madura ingkang nauri | duta Mangkunagara ||

11. hèh caraka matura sirèki | mring anak Arya Mangkunagara | hèh duta makatên lire | tiba têngah katèngsun | nora nyêbut pangran dipati | marang bêndara dika | dene kula ngrungu | undhang Natèng Kabanaran | jabêl nama duk wau dènnya maringi | Sri Natèng Kabanaran ||

12. duta katiga tumungkul sami | langkung lingsêm dening panêmbahan | nyêngkrok-nyêngkrok pamuwuse | lajêng dènnya amuwus | panêmbahan mring duta katri | punika adhi duta | ing sayêktinipun | dêlèr sampun maras-maras | yèn anganggêp mring Pangran Mangkunagari | kalêbu tanpa ngrasa ||

13. ujar liwat têka dèn andhêgi | dadi dêlèr kang kêna [kê...]

--- 71 ---

[...na] ing tarka | wong tanpa susuh têgêse | dadi ta suratipun | Pangran Mangkunagara mangkin | pan datan winangsulan | kêdhik asilipun | ambêburu ujar liwat | dêlèr antuk ujar wong gêdhe Batawi | dene nganggêp pangeran ||

14. jendral sampun nganggêp Mangkubumi | apa bêcik padha ujar pisan | padha watêk pasajane | punika karêp ingsun | anak Arya Mangkunagari | bêcik padha têmua | mupung ana ingsun | patut ingsun iki tuwa | kula rêksa ing karo-karone sami | ana ngarah têmênan ||

15. lamun ora angarah sayêkti | apa gawe kudu lêlayangan | wong golèk cacad awake | kudu angajak magut | sapa ngandêl wurung kapanggih | uwis duta muliha | lurah ngong gupêrnur | olèh cacad marang jendral | anganggêp wong ingkang durung apêpanggih | angura ngayawara ||

16. duta katri nulya pamit mulih | lampahira datan antuk karya | prapta ing Tugu lampahe | katur mring gustinipun | lampahira lamun tinampik | mila mundur mring Sala | pun dêlèr kasêndhu | dhatêng ing gurnadur jendral | dene lawas durung ana tur udani | dènira pêpanggihan ||

17. apa gawe tinutugkên iki | môngsa kurang têrahing Mataram | iya kang bêcik atine | pangeran duk angrungu | langkung ngungun kaduwungnèki | nanging pangrasanira | ing tyas wus amêngku | sakala ing nungsa Jawa | sakênane wau wong môncanagari | tanah kang pitung lêksa ||

--- 72 ---

103. Pangeran Mangkunagara ngaturakên tobat dhatêng ingkang rama Sunan Kabanaran. Adipati Suryanagara kautus dhatêng Samarang ngaturakên pisungsung dhatêng jendral ing Batawi

18. ya ta wau pakuwonirèki | Pangran Dipati Mangkunagara | yèn bêngi udan malinge | maling gumriwis rêbut | tan ngobêri ing sabên wêngi | mangkana êmbanira | kang garwa tinuduh | Nyai Ban Singamênggala | ngaturakên turôngga dhawuk kêkalih | lan angaturi sêrat ||

19. mring kang rama nênggih sri bupati | lawan garwa jêng ratu bandara | nyuwun rorod dèn eyange | ing kangjêng ratu ibu | sinjang lawan

kasêmêkani | lawan nyênyuwun pisan | kagunganirèku | para kêbayan nêmbêlas | kang angiring nyai êmban wus lumaris | lumampah rantab-rantab ||

20. lampahira pan sampun lumaris | cacah priyayi ingkang turôngga | gêng alit amung salawe | langkung barisanipun | pra dipati baris ing ngarsi | têtindhihe Mas Rôngga | kagyat duk andulu | wong liwat arantab-rantab | kinèn mandhêg tinakèn dutanirèki | Pangran Mangkunagara ||

21. nyai êmban kang samya dèn iring | wus ingandhêg sadaya kèndêla | Mas Rôngga utusan age | sigra wau

--- 73 ---

anuduh | mantri ngarsa ingkang tinuding | tur uningèng Pangeran | Natakusumèku | yèn wontên caraka prapta | saking Pangran Mangkunagara dutèki | punapa kinarsakna ||

22. punapa ta tinulaka aglis | Pangran Natakusuma gya sowan | tur priksa wontên dutane | Adhi Rôngga Pukulun | tur uninga caraka prapti | saking ing putra tuwan | Mangkunagarèku | punapa tuwan karsakna | manawi ta paduka tulak sayêkti | nata gumujêng suka ||

23. adhi liwat kanisthanirèki | iya wong balèkake kongkonan | dhimas timbalana age | duta ya prapta iku | nanging padha dèn ngati-ati | ing batinan kewala | nêmbah samya mundur | sapraptaning pakuwonnya | dhinawuhan hèh mantri dutane adhi | caraka banjurêna ||

24. sigra nêmbah amit duta prapti | sampun prapta ênggène Mas Rôngga | dhinawuhakên ing mangke | nênggih timbalanipun | Pangran Natakusuma aglis | Mas Rôngga paparentah | mring mantri panganjur | wus kinèn ngirid caraka | ing praptane jujug pakuwonirèki | Pangran Natakusuma ||

25. duta prapta pakuwonirèki | Pangeran Arya Natakusuma | pan sampun sinaosake | ing ngarsanira prabu | nyai êmban majêng wotsari | angaturakên sêrat | katur wus pinundhut | binuka sinuksmèng driya | atur tobat panalôngsa miwah malih | kang kawrat kang wus kangkat ||

26. kawula nuwun parentah

--- 74 ---

yêkti | gih pêrkawis paduka ngarsakna | kondur praja Matarame | nganggêp kawula dangu | mangkya sampun ènggêt ing pikir | sumôngga karsa nata | suwawi pukulun | rumiyin kêni rêncana | manah liwung ngupados margining pati | mangkya sampun watgata ||

27. ngaturakên kuda dhawuk kalih | pan saosan agêm kalih pisan | wus titi tamat sêrate | kinèn makuwon sampun | sampun dhawah ing karya tulis | Tumênggung Sindusastra | surat angsul-angsul | mring Pangran Mangkunagara | sawusira sinaoskên dèn êcapi | wus pinaringkên duta ||

28. lan pakintun rama ibu sami | pinaringkên duta sigra mêsat | êmban Singamênggalane | ing marga tan winuwus | praptèng Tugu katur ing gusti | Pangran Mangkunagara | surat rama prabu | binuka sinuksmèng driya | bêbukane sira kulup kirim tulis | marang sun tur pariksa ||

29. ing prakara aturira iki | ingsun iki wong tuwa tan bisa | kakèhan ubêd têgêse | sun turut sakarêpmu | sira eling ingsun ya eling | yèn sira lali lagya | iya sakarêpmu | mangkya sira anêlôngsa | sun parentah muliha Pajang Matawis | têtulunga ing yuda ||

30. ing Mataram kabrokan Kumpêni | lawas-lawas bumi têmah rusak | wus môngsa bodhoa kowe | arêbut wong Matarum | sampun titi wau kang tulis | pangeran sigra undhang | marang wadyanipun | bêndhe ngubêngi barisan | undhang lamun wus atut aruntut malih |

--- 75 ---

lan Natèng Kabanaran ||

31. sami têntrêm tyasira wadyalit | kunêng malih gantya winursita | panêmbahan lawan idlèr | wis pamit mring sang prabu | miwah tuwan ya Sèh Ibrahim | budhal marang Sêmarang | Pangran Madurèku | atilar prajuritira | kalih atus têtindhih mantri kêkalih | pun Lêmbu Surènggana ||

32. Dêmang Lêmbusôngka kang satunggil | panêmbahan pitu likur dina | nèng Surakarta lamine | mêmulang sang aprabu | sakèh bêksa sami ngawaki | kathah kang wus kacandhak | dènira sang prabu | praptane nagri Samarang | dhêdhêp sirêp idlèr tan milu prakawis | mung Tuwan Sarib Bêsar ||

33. surat jendral agung ingkang prapti | ingkang dhatêng Tuwan Sarib Bêsar | idlèr tinambuh tan olèh | ing surate gurnadur | amung petor bêsar mêningi | lawan sinung pariksa | kang gawa puniku | dene Tuwan Sarib Bêsar | iya saking wismane dipun ênggèni | mring Tuwan Sarib Bêsar ||

34. ya ta wau kawuwusa malih | Pangran Dipati Mangkunagara | rolas ing Sura budhale | saking baris ing Tugu | arsa ngrêbat nagri Matawis | parentah ingkang rama | linakon puniku | sapa wruh tutuge karya | pan ing ngriku sagah nyaut abadhami | lan Natèng Kabanaran ||

35. wus kinêrig wong môncanagari | kadi wontên turôngga salêksa | wontên rong lêksa dharate | parentah mring panganjur | angampiri Surakartèki | têtindhihe pangarsa | prajurit jronipun | satus [satu...]

--- 76 ---

[...s] saragêni abang | panumbake prangtandang atusan bêdhil | nênggih sragêni abang ||

36. môncanagara limang bupati | ing Kaduwang lan ing Jagaraga | Balora Rawa Kalangbrèt | gêcak Surakartèku | lampahira wus andhingini | pangeran maksih têbah | kalawan panganjur | rampit Sangkrah Pasampangan | tinadhahan wong bumi campuh ing jurit | ramya abêbêdhilan ||

37. binantonan Kapitan Dul Jalil | kang jênêngi Walandi sakawan | lawan nênêm kastabêle | kalih mariyêmipun | rame aprang bêdhil-binêdhil | pukul kalih awit prang | malah kongsi surup | kalêbon ing Pasampangan | wismanira têtiga ingkang binêsmi | ubêg sajroning desa ||

38. nulya ngamuk Kapitan Dul Jalil | lan wong bumi sami anarajang | Kapitan Simbang praptane | lajêng tumut angamuk | wong prangtandang nênêm kang mati | môncanagara giwar | sinusul wus kawur | ing mariyêm

tundha-tundha | akèh kêna prajurit ingkang turanggi | malêdug asarsaran ||

39. sampuning rêp mungsuh undurnèki | pan kapêthuk anèng Wanasraya | Pangran Mangkunagarane | sande kasaput dalu | amakuwon Wana prayogi | badhe enjing kewala | ing pangrampitipun | ing Surakarta ubêkan | aprayitna miyarsa badhe rinampit | dalu pacak barisan ||

40. kang makuwon Wanasraya enjing | budhalira gumuruh kang bala | ambêlabar wun-awune | kadya wana katunu | wadyanira pangarsa prapti |

--- 77 ---

ing Ganggang kaèbêkan | dhêdhêt kadya têdhuh | sapangidul sapangetan | praptanira Pangran Mangkunagarèki | pukul satêngah sanga ||

41. bala Kumpêni sampun miranti | Kumpêni datan ngantêp parentah | Kumpêni lit panyabrange | Kapitan Barok Kolur | ingkang kidul nyabrang Samanggi | lawan wadya Madura | satus nabrangipun | wong Jawa ngindhung sudagar | duk punika manahira datan ajrih | dening mêngsah alêksan ||

42. wong kang tuwa sami muring-muring | watêke Pangran Mangkunagara | kaya mêngkono adate | dadya pangeran riwuk | anèng Ganggang gênggêng prasami | nora parentah mangsah | tan parentah mundur | mariyêm saleko ingkang | kidul wetan mungêl anguluk-uluki | mimisipun kaliwat ||

43. mungsuh ingkang anèng wuri kêni | ingkang sami mudhun saking kuda | sami juju turanggane | katiban mimis kagum | turôngga kang kajuju kêni | dhadha baune ika | niba lajêng lampus | opyak horêg wuri kêna | lawan bala Kumpêni sami mrêpêki | tan ulap mungsuh kathah ||

44. dadya undhang pangeran ngunduri | mingêr ngidul ngetan Panusupan | angidul ngetan kèndêle | kuda langkung gungipun | kadya pagêr jarak kaèksi | dhêndhêng kadya tan obah | dènira lêlaku | upsir kinèn asêsumbar | payo Mangkunagara sida angrampit | atimu kaya walang ||

45. wingi batur mungsuh dina iki | êmbèn rowang êmbèn dadi mêngsah | ngandêlakên bala kuwe |

--- 78 ---

mêntas mênang prangipun | mungsuh Sunan Amangkubumi | mungsuh saya tan mangan | mungsuh wong angantuk | alêlaku têlung dina | têlung bêngi nora mangan nora bukti | banjur prang mêsthi kalah ||

46. prajurite Surakarta iki | têrajangên iki padha waras | wirangmu malincur bae | iki sudagar ngindhung | samya wani amagut jurit | mangkana sampun têbah | wau lampahipun | pêpikul kang kèri padha | dèn kêkinthil upêsir sami turanggi | ginêpuk anèng wuntat |

Lajêng nyandhak jilid 16.

--- [0] ---

Isinipun

--- [0] ---

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. pèksi. (kembali)
3. kaparak. (kembali)
4. Lebih satu suku kata: nèng Gagatan kèndêl ing Rêpaking. (kembali)
5. pênglawe. (kembali)
6. Teks asli: Pucung. (kembali)
7. rèngrèng. (kembali)
8. karuhun. (kembali)
9. rinêksa. (kembali)
10. alon. (kembali)

Serie No. 1259o

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 16.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

Wêwênangipun ingkang ngarang kaayoman miturut anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêblad 1912 No. 600.

--- [3] ---

Pangeran Mangkunagara ngaturakên tobat dhatêng ingkang rama Sunan Kabanaran. Adipati Suryanagara kautus dhatêng Samarang ngaturakên pisungsung dhatêng Jendral ing Batawi.[1]

146. Pangkur

1. wus lêpas ing lampahira | amakuwon anèng sakidul Picis | dhusun ing Tambakbayèku | sêdalu enjang budhal | sapraptane ing Kusumarêjanipun | pangeran nulya parentah | mring sagung kang pra dipati ||

2. prasamya nata pomahan | kanan kering sagung para dipati | praptanira tigang dalu | wontên ing Sumarêja | wontên duta saking kang rama sang prabu | nama Radèn Têpaswara | amaringakên pawèstri ||

3. Marionêng namanira | nênggih èndhèl badhaya Pranaragi | Têpaswara dutanipun | pangeran langkung suka | Radyan Têpaswara wusnya tigang dalu | pamit lajêng antukira | nanging galibêt ing Jawi ||

4. amomor ing padhusunan | kinèn maspadakakên tingkahnèki | dene wontên kang umatur | yèn arsa madêg nata | ing punika sawusnya sadasa dalu | rêrêsik lun-alunira | rinakit sampun prayogi ||

5. miwah pomahan punggawa | wus ginatra-gatra kewala rakit | nulya ngadêgakên Sêtu | miyos ing pawatangan | nanging dèrèng dènira jumênêng ratu | nanging sadaya

--- 4 ---

rakitnya | sarewa-rewaning aji ||

6. akarya masjid gêng dadya | ngadêgakên Jumungah sampun dadi | angangêrig kaum dhusun | sakanan keringira | abdinira Pangran Mangkunagarèku | arang wong kang wruh sahadat | gêcul dhêdhugalan sami ||

7. dutane Natèng Banaran | Radyan Têpaswara sidik udani | lan angadêgakên Sêtu | rakit-rakit sadaya | taratage miwah ta pangrawitipun | rinakit kang pagêlaran | angapit bangsal pangapit ||

8. nanging Sêtu prajuritan | samya songkok kang watang sêdayèki | Radyan Têpaswara sampun | waspada ing pratingkah | sigra lajêng kalawan sakancanipun | wuwusên Natèng Banaran | ngalih pasanggrahan malih ||

9. wontên dhusun Kalangrambat | langkung saking pêpanipun prayogi | Têpaswara praptanipun | Pangran Natakusuma | wus ingirid Têpaswara ngarsa prabu | katur sasolah-solahnya | Pangran Mangkunagarèki ||

10. sarewa-rewaning raja | mijil Sêtu Têpaswara turnèki | katur marang sang aprabu | yèn katura sêdaya | nangèkakên napas lan gêdhèkkên napsu | nimbali sagung punggawa | miwah kang baris ing ngarsi ||

11. sapraptanira ing ngarsa | paparentah wau sri narapati | anglampahakên panganjur | Sukawati rinêbat | mring Madiun Pangran Bintara tinuduh | kèndêl jêng pangran dipatya | asangêt gêrah panastis ||

12. binêktan mantri tri dasa | mung sakawan mantri jro kang jênêngi | kalawan sragêni cênthung | kawan dasa [da...]

--- 5 ---

[...sa] sakawan | lan nirbaya kawan dasa budhalipun | kawan atus kêkapalan | liya prajurit jro sami ||

13. kang marang ing Sukawatya | Ki Ngabèi Wiranata tinuding | lan mantri ngarsa pêpitu | abarêng budhalira | saking Kalangrambat wau sang aprabu | nuduh kang marang Samarang | Dipati Suryanagari ||

14. lan Tumênggung Sindusastra | Brajadênta Tumênggung Brajamusthi | bêkta sêrat lampahipun | lan nêm rakit turôngga | saking Kalangrambat enjing budhalipun | sadintên ing lampahira | talatah Dêmak Paminggir ||

15. lajêng prapta lampahira | wanci ngasar nagari ing Samawis | Wirasari kang jinujug | lajêng wau binakta | kapetoran kagyat idlèr dènnya dulu | Hondhorop dènnya têtanya | lan ingampirakên sami ||

16. Tumênggung Suryanagara | prajurite jêjêl nèng latar loji | wontên kuda kawan atus | tigang atus bandera | punggawane bêcik-bêcik kang kadulu | Dipati Suryanagara | anèng ngarsa songsong putih ||

17. tênaganira bêranyak | dhasar bagus busanane tulya sri | renda mas rasukanipun | baludru cêmêng pelag | songkok gêrus renda mas mubyar dinulu | dhuwung katri anyuriga | kang satunggil cara Bali ||

18. nyamping sarung madukara | lancingane renda baludru wilis | sinandhing paidonipun | bokor kêndhine wuntat | gya Tumênggung Sindusastra bagus-bagus | baludru cêmêng rasukan | dhuwung katri cara Bali ||

19. nyamping

--- 6 ---

ragi tali sulam | kang lancingan nênggih baludru abrit | apan sami sêdhêpipun | bagus Suryanagara | tuntung wilêt amanis paraènipun | kocap kang dhapur sumamar | lan gustine sri bupati ||

20. dêlèr tanya sintên tuwan | kula dèrèng wawuh dèrèng miyarsi | pun Sindusastra puniku | nguni têtiyang Sala | tuwan sintên pun Sindusastra sumambung | nênggih tuwan pan punika | Dipati Suryanagari ||

21. kang ingakên saudara | mring sudara tuwan sri narapati | dêlèr muwus manthuk-manthuk | inggih kèngêtan kula | yèn makatên andika sêntananipun | gusti sumare Nglawiyan | duk Pangeran Mangkubumi ||

22. lolos saking ing nagara | lêt rong sasi tuwan wangsul rumiyin | andika duk wontênipun | nagara Sala anyar | sampun macak mantri karatyan puniku | nama Dyan Ônggakusuma | pan puniku kawulèling ||

23. lampah andika dinuta | bakta kuda nêm rakit bêcik-bêcik | rêrakitan ulês dhawuk | dhatêng sintên punika | Radyan Suryanagara alon sumaur | inggih dhatêng Sarib Bêsar | dêlèr atêtanya malih ||

24. maring kula ta botêna | kirim basa salamêt ing aurip | Suryanagara sumaur | tuwan botên winêkas | dêlèr angling mring Sindusastra Tumênggung | apa ta wus êntèk pisan | trêsnane mring awak mami ||

25. hèh Sindusastra kaya pa | ora eling pisan ing awak mami | hèh tuwan banjura gupuh | mring Tuwan Sarib Bêsar | lamun [la...]

--- 7 ---

[...mun] sampun palêsthanira ingutus | yèn lêga tuwan panggiha | nênggih lawan kula malih ||

26. wus lajêng Suryanagara | sapraptane gêdhonge petor sami | caraka punggawa sampun | panggih lan Sarib Bêsar | tinampanan sêrat saking putra prabu | kalawan pakintunira | turôngga lus tigang rakit ||

27. kang marang gurnadur jendral | langkung pelag turôngga tigang rakit | lan amungêl suratipun | lamun Mangkunagara | têtêp lamun gawe bondhan tanpa ratu | ngadêgake pawatangan | dina Sêtu amêtoni ||

28. Barija rinakit kutha | akêkojor arsa karya sitinggil | wus dadi taratagipun | rambat langkung kang pelag | Tuwan Sarib petor kang badhe ingutus | maring dêlèr badhenira | prakara Mangkunagari ||

29. petor bêsar duk lumampah | dêlèr lagya tamuwan dutanèki | Dipati Pringgalayèku | angêmban ing timbalan | nênggih saking Sang Prabu

Surakartèku | petor praptane wus lênggah | nanging ing têmbung anganti ||

30. dêlèr sawêg maos sêrat | saking Adipati Pringgalayèki | ri sampuning tabenipun | Dipati Pringgalaya | kathah-kathah kaatur maring gupêrnur | wiyose atur uninga | ing Surakarta nagari ||

31. Sura tanggal tiga wêlas | ing taun Je Surakarta nagari | dipun dhatêngi ing mungsuh | nênggih saking lèr wetan | tinadhahan Pasampangan dènnya campuh | kalawan Kumpêni Islam | pun Sambang kalawan Jalil ||

--- 8 ---

32. arame têmpuhing aprang | dening bala Kumpêni anjênêngi | dene tuwan mungsuhipun | wonge Mangkunagara | mati nênêm wisma Sampangan têtêlu | kalêbon mungsuh kaobar | nuntên enjingipun prapti ||

33. Mangkunagara piyambak | wontên Ganggang wadyane lir jaladri | kônca Kumpêni mèh magut | nuntên uluk-ulukan | ing Saleko pan mariyêm ingkang kidul | mungêl ping tiga akathah | balane kang kêna mimis ||

34. lan lajêng bibar kewala | pan mangidul dhatêng Barija malih | mangkya sampun madêg prabu | wus ngadêgakên watang | sabên Sêtu miyos pawatanganipun | dene Mangkubumi mangkya | mangun malih murwèng jurit ||

35. angrêbat môncanagara | Sukawati sampun ramya ajurit | kalangkung grêndakanipun | Susunan Kabanaran | dene Mangkunagara umadêg ratu | karya bondhan tanpa raja | kumalungkung anèng bumi ||

36. wus titi pamaosira | nulya petor ngaturkên surat aglis | winaos kalangkung ngungun | sami goyang kapala | wêkasane surat sami raosipun | petor wau wuwusira | kang parentah Tuwan Sarib ||

37. tuwan idlèr parentaha | abêbantu kang baris nèng Matawis | aja kalakona campuh | lan Natèng Kabanaran | bok manawa tiwas tuwa manahipun | jendral manggih kasusahan | yèn tiwasa Mangkubumi ||

38. dêlèr malih aparentah | Mayor Istimolor ingkang tinuding | dragundêrira [dra...]

--- 9 ---

[...gundêrira] pan satus | rongatus Kumpêni Slam | bupatine Batang Kêndhal Kaliwungu | idêlir parentahira | nusul bantu ardi Gamping ||

39. idlir malih parentahnya | iya lamun campuh lan Mangkubumi | Mangkunagara amukul | jambakên saka wuntat | lamun mênêng adhêpana wurinipun | bature Mangkunagara | ajantuk manjing Matawis ||

40. idlir wau wuwusira | umatura petor mring Tuwan Sarib | apan wus parentah bantu | nagara ing Mataram | kang sun tuduh Idlir Molor Mayoripun | rongatus Kumpêni Islam | têtiga ingkang bupati ||

41. lan sun gawani parentah | samangsane Mangkunagara gitik | nuli jinambak ing pungkur | petor sigra antuknya | praptèng wisma lan Tuwan Sarib wus matur | pun idlir sampun parentah | bêbantu marang Matawis ||

42. tinuduh kapalanira | Mayor Istimolor kang senapati | dragundêrira pan satus | bupatine têtiga | pan ing Batang Kêndhal lawan Kaliwungu | Tuwan Sarib angandika | ya petor tarima brangti ||

147. Asmaradana

1. Dipati Suryanagari | lan Tumênggung Sindusastra | sakancane kinon mondhok | mundhut idlir pêrnahira | sigra sinungan pêrnah | Kaendranatan puniku | papan wiyar tur prayoga ||

2. Kapitan Dongkêl kang prapti | ambêkta sugata kathah | ingkang saking tuwan idlèr | akathah awarna-warna | ya ta ing sapunika | kinèn nganti pitung dalu | anêrangakên kang karsa ||

3. kang kadya malang tumolih |

--- 10 ---

Tuwan Sarib karsanira | arsa pêpanggihan mangke | lan ingkang putra sang nata | dèrèng rampung bicara | ingkang pantês karsanipun | angrampungakên bicara ||

4. Dipati Suryanagari | lan Tumênggung Sindusastra | agung pinanggil mring idlèr | Brajamusthi Brajadênta | sinugata kasukan | sarêng ciptaning gupêrnur | agung dènnya mrih sukanya ||

5. sawusnya wau pinanggil | Dipati Suryanagara | mring Tuwan Sarib Bêsare | ngandikèng Suryanagara | miwah ing Sindusastra | iya iki karsaningsun | sun pêdhote kang bicara ||

6. panêdhane anak mami | tan purun anêpungana | ing gurnadur sakarsane | yèn Hondhorop misih ana | nagara ing Samarang | ajura dèn kumur-kumur | suka tumpês ngadilaga ||

7. yèn Idlir Hondhorop salin | lunga saking ing Samarang | tuwan jendral sakarsane | ya ingsun turut kewala | prapta alara pêjah | nora ngoncati sarambut | lêbur awor ing pratala ||

8. wus anêmah awak mami | aja pisah lan Walônda | anèng paprangan uripe | mangkana Jêng Sarib Bêsar | marang Suryanagara | besuk ing satêkaningsun | Batawi sapisan êngkas ||

9. sêdhêng sun nêrangkên pikir | dadine sagung bicara | mungguh kêraton saparo | iya ing nagara Jawa | suta ngong aja susah | ngèsthia wus takdiripun | lêlakone tanah Jawa ||

10. yèn ana surya kêkalih | ing karsanira Hyang Suksma | dora kalamun maido | ing

--- 11 ---

titah pancèning praja | wus sah ing kodrating Hyang | putraningsun iya uwus | manut ing pratikêl ingwang ||

11. lah sira muliha aglis | Dipati Suryanagara | iki srat wêwangsul ingong | poma-poma sutaningwang | aja amangun aprang | Suryanagara wotsantun | kinèn lajêng pamitana ||

12. wus lajêng lampahirèki | Dipati Suryanagara | sakancanira mring idlèr | pamit lajêng sinangonan | idlèr lajêng mêmatah | ingkang ngatêrakên wau | wangsul ing nagari Dêmak ||

13. wau Kangjêng Sèh Ibrahim | mancal saking ing Samarang | tan kari lan turanggane | tri pasang saking kang putra | lêpas ing lampahira | datan kawarna ing laut | nagari Batawi prapta ||

104. Pangeran Mangkunagara madêg ratu, mêngsah ingkang rama Sunan Kabanaran

14. kunêng gantya kang winarni | Pangeran Mangkunagara | nèng Sumarêja barise | datan wontên kang kaetang | amung prakosanira | gawe bondhan tanpa ratu | pratingkah sasolah-solah ||

15. garêbêg Mulud marêngi | anuju ing taun êdal | mijil marang ing masjide | wus tamtu ing cara kina | anut lampahing Arab | mungguh para ratu-ratu | kaprah Rum Mêsir lan Yaman ||

--- 12 ---

16. Ngatasangin Bawahangin | wus lakune raja kuna | taun Dal miyos masjide | Pangeran Mangkunagara | nora taklim busana | mijil marang mêsjidipun | mung rasukan kotang pêthak ||

17. amrih lampah kang sayêkti | yèn ajubah asikêpan | mung bajo kotang ingangge | sairip lonyot gêculan | baya sampun dilalah | Pangran Mangkunagarèku | kaluhurane kêpalang ||

18. tuwas misuwur ing bumi | Pangeran Mangkunagara | taun Dal miyos masjide | ing sakatèn pitung dina | nêmah sampun akathah | sarewa-rewaning ratu | opyak têbih ing pawarta ||

19. bakdane garêbêg nuli | gègère môncanagara | Pangran Bintara lampahe | ing Madiun wus ginêcak | nanging maksih rame prang | katur kèh prajurit cênthung | kang anèng Madiun mêngsah ||

20. lan mêngsah ing Pranaragi | Surabrata sampun prapta | bupati gêgaweane | Pangeran Mangkunagara | ginusah sampun kesah | Kaduwang Magêtanipun | wadyane Natèng Banaran ||

21. sampun sami prapta malih | tanduran Mangkunagaran | kinaburan kesah kabèh | duk miyarsa langkung duka | Pangran Mangkunagara | dadya Pangeran Madiun | lan sakancane sadaya ||

22. binubarkên mulih sami | mêngkono mantrine jaba | kang kilèn tur priksa age | yèn mêngsah ing Parambanan | nênggih Kapitan Sungrat | akathah bêbantonipun | badhe majêng barisira ||

23. lawan rama padukaji |

--- 13 ---

kirab saking Kalangrambat | badhe nindaki karsane | dhatêng ing môncanagara | yèn wus radin sadaya | inggih badhe nulak wangsul | paduka badhe ginêcak ||

24. rêmbag lawan ardi Gamping | ing mangke rama paduka | sampun bêdhami atute | kinukup dhatêng Walônda | majêng sabaya pêjah | awit dutane Rajèng Rum | ingkang akarya parentah ||

25. akèn angukup têmuli[2] | dhatêng rama jêngandika | milane kinukup mangke | ing warti rama paduka | kinintunan makutha | inggih dhatêng Sultan ing Rum | mila mangkyanom sang nata ||

148. Sinom

1. Dipati Kudanawarsa | ngaturkên supênanèki | ing wingènipun kawula | dalune Jumungah inggih | katingal duk ajurit | apisah lan balanipun | duk

dèrèng tuwan mêngsah | kadi-kadi sabên jurit | yèn kapanggih lan kula tyase santosa ||

2. kathah abdine sadaya | tan sami kula satunggil | satimbalane kang dhawah | kala prang Patidhar nguni | kula kang dipun sami | lawan abdine sapuluh | katingal jro supêna | apisah lawan kang abdi | mêdal saking wana kapêthuk lan kula ||

3. amikul waos piyambak | lawungipun gêng nglangkungi | katingal sami lan pucang | turôngga gêng anglangkungi | ulêse dhawuk putih | sami lan gajah gêngipun | lah kowe Danawarsa | sokur katêmu sirèki | bocah ingsun jroning prang mau kapisah ||

4. gêntènana tumbak ingwang | sayah têmên ingsun iki | kula [ku...]

--- 14 ---

[...la] matur gusti awrat | kados botên akuwawi | sarêng kula tampèni | sakalangkung awratipun | mung antuk sapêmbalang | kapal kula rêbah mati | kula dharat saking tan kuwawi bêkta ||

5. kang sinuwun latah-latah | hèh Kudanawarsa iki | sira iki basakêna | nyolong pêthèk sira iki | ingsun wus angarani | lan wongku siji sapuluh | lan bocah-bocah ingwang | suranata lan pinilih | padha kêlar nanging gilir saonjotan ||

6. yèn esuk wong suranata | sabêdhug kaping pat gilir | apilih nampani padha | iya kaping papat gilir | dene ta sira iki | mênthêng-mênthêng pêthèk ingsun | tan antuk rong pêmbalang | jaranmu rêbah ngêmasi | durung olèh cahyaning prajurit nyata ||

7. maksih prajurit agaran | pinêksa wêtuning gêni | Sri Bupati Kabanaran | sawêg puniku dènnya ngling | kula kasêlak tangi | sampune kalangkung ngungun | punapa ta maksiha | wontên jayane ing wuri | kula priksa warta nagari Samarang ||

8. yèn ing Batawi tamian | kapal salawe kang prapti | nyèwu isine kang kapal | prajurite bêcik-bêcik | mring punggawa tinuding | dutanira Sang

Rajèng Rum | pan kinèn amariksa | rusake ing tanah Jawi | duk nujoni idlèr nuju baris Kuyang ||

9. petor bêsar ing Samarang | dutèng Rum kang dèn takoni | paduka akêkirima | layang marang Mangkubumi | punika tyase bêcik | kapindho anaking ratu |

--- 15 ---

dhêdhapure sambada | bagus tur prawirèng jurit | tuwan kukup mumpung mêntas karusakan ||

10. kawon prang lawan kang putra | nuntên inggih dèn kintuni | ngêcêk angajak panggihan | aja nuli ngajak pikir | nora sah ing prakawis | lamun durung atêtêmu | nanging panjaluk ingwang | aja Si Idlir Samawis | singa-singa wakile gurnadur jendral ||

11. Hondhorop sun tampik pisan | akèh cidrane mring mami | lawan satruningsun lawas | sun aprang sapuluh warsi | Si Ôndur mungsuh mami | akèh Kumpêni kang lampus | aprang gênti kasoran | mayore kathah kang mati | ing samangke akèh los maring Walônda ||

12. wontên pangaji salêksa | dandanan kaprabon jurit | miwah kang warni busana | pitung gotongan kang prapti | sangkêlat warni-warni | lan reyale pitung èwu | pangeran angandika | undhangna sun budhal aglis | ing sêdhênge payo padha pinrih sirna ||

13. alah iya gôndra pira | kiyai jêr misih kêdhik | rinusak kang misih agal | durung akumpul wongnèki | lah payo dèn têmêni | kyai pasthi yèn kacakup | sigra têngara budhal | saking Barija kinêrig | wadyanira gumuruh kadya hèr nawa ||

14. angetan baris lampahnya | nuntên angalèr mrêpêki | baris kèndêl Walandanan | nimbali mông canagari | badhe angantêp jurit | amarêk ing marasêpuh | bubar mring Butuh Kuyang | anabrang kilèn banawi | kawuwusa

--- 16 ---

kang abaris Kalangrambat ||

15. Sri Bupati Kabanaran | sampun amiyarsa warti | lamun mêngsah agêng prapta | nêdya anadhahi jurit | nanging Tuwan Sèh Brahim | asangêt pitungkasipun | yèn ana mungsuh prapta | aja kongsi nglawan jurit | ngimanakên sayêkti wawêlingira ||

16. dadya balanira rênca | pinara tiga kang abdi | sakawan ingkang sarira | Dipati Suryanagari | kang jaga galibêdi | tanah Garoboganipun | sarwi têtindhih putra | nênggih Pangeran Ngabèi | Rôngga Wirasantika jaga ibêran ||

17. Pangran Dipati Bintara | myang putra Pangran Ngabèi | Anom punika kanthinya | nanging bêndhe paran sami | Anom Pangran Dipati | marang Jipang mring Madiun | Pangeran ing Bintara | sêdyane marang ing Tubin | Sri Bupati Kabanaran wus uninga ||

18. yèn kang rayi sèdhèng tingal | sinamun dipun sasabi | ngandikèng Suryanagara | hèh yayi dèn ngati-ati | sira sun tuduh adhi | apa duga karsaningsun | ing tanah Garobogan | ana ingkang ngrêribêdi | sêntanamu yayi Dipati Bintara ||

19. matur Dyan Suryanagara | sampun tuwan walanggalih | prakawis rayi paduka | angob awonipun malih | botên kapok tyasnèki | yèn tan pêdhot êntutipun | nisthakakên ing jagat | yèn tuwan mangke nglilani | bangkenipun najis anèng tanah Jawa ||

20. lamun aja mangkonoa | sira ingsun gawa yayi | pan arsa angudi papan |

--- 17 ---

arsa anjog maring Pêngging | banjur Madiun malih | Pamasaran Wukirkidul | arsa anjampangana | Kumpêni anèng Matawis | angyêktèni têmêne Idlèr Samarang ||

21. bêbantu marang Mataram | rumêksa mring awak mami | datan anggawa wong kathah | mung suranata pinilih | lawan nirbaya nênggih | nyangkraknyana martalulut | wau ta sri narendra | budhal mangilèn pribadi | kang andhèrèk Pangeran Natakusuma ||

22. lan Pangeran Pakuningrat | Tumênggung Dipadirjèki | lan Tumênggung Alap-alap | kèndêl majêng nanging latri | mèh kasamaran wêngi | sore mirsa Carawangsul | Pangran Mangkunagara | mung êlêt wana sakêlir | katambahan pra wadya Mangkunagaran ||

23. nulya barise Mas Rôngga | kinèn uluk-uluk sami | rontaka muni ping tiga | wruh lamun kang duwe baris | kang rama sri bupati | badhe nadhahi prang besuk | sadalu abusêkan | wus anarka mungsuh prapti | ingkang rama kang badhe ngantêp yudanya ||

24. dalu ing pukul sawêlas | budhale sri narapati | angilèn pangarsanira | Tumênggung Dipadirjèki | Mas Rôngga ingkang kering | enjing dènira anambur | miwah Suryanagara | budhale ngalèr aririh | Rôngga ngetan prasami rèrèh kewala ||

25. pangajêng Mangkunagara | enjing prasamyatur pêksi | yèn dêdamêl agêng prapta | budhal lampahipun malih | ngalèr sapalihnèki | kang ngetan sapalihipun | nanging agêng kang ngetan |

--- 18 ---

opyak kang ngetan sang aji | sigra budhal Pangeran Mangkunagara ||

26. kang ngungsir untap-untapan | opyak kang ngetan sang aji | pasthi iku sri narendra | tan kèndêl angetan sami | mêlak tan ana wani | manawa jarag ing laku | ayêm amrih tinunjang | masang gêlaring ajurit | mila sami tata mungsuh ngarah-arah ||

27. tinurut saparanira | mèh prapta rencang ingungsir | angili mangalèr samya | praptèng Sela pan ingungsir | wau lampahirèki | Natèng Banaran sadalu | enjing praptèng Cêpaga | lajêng angidul sang aji | masanggrahan anèng dhusun ing Wiyagang ||

28. punggawa pangarsanira | Tumênggung Dipadirjèki | sampun wontên ing Pepedan | tuwin Alap-alap sami | wau ta ingkang prapti | sawadya sêdya cumundhuk | Tumênggung Wiranata | Alap-alap kang angirid | gangsal atus prajurite kang turôngga ||

29. tinimbalan nèng Wiyagang | kadangipun kang kêkalih | satunggal Suradipraja | Surawijaya satunggil | anake kang satunggil | anama Surajayèku | sami binêkta seba | kadange ingkang satunggil | kang anama Tumênggung Kartanagara ||

30. kang maksih tumut pangeran | Mangkunagara Bupati | ingkang kinarya pangarsa | kadange Wiranatèki | kang binakta sumiwi | wau pun Wiranatèku | umangsah ngaras pada | sakadang sutane sami | sami raup ing suku sri naranata ||

31. wus têguh pitundhukira | Tumênggung Wiranatèki |

--- 19 ---

ingalih jêjulukira | dènira sri narapati | sakadang sutanèki | ingalih jêjulukipun | Tumênggung Wiranata | pinaringan namanèki | bêbisikan Tumênggung Kurdhanagara ||

32. Suradipraja ingaran | pun Prawiradiprajèki | Surawijaya ingaran | pun Prawiradigdayèki | Surajaya sutèki | Prawiradipuranipun | lajêng dadoskên rêmbag | Kurdhanagara turnèki | kang sinuwun pinarêka ing Pepedan ||

33. singa ingkang kinarsakna | sakanan keringing wukir | kawon nuntên angetana | lèrèh Sêmbuyan ing wukir | miwah angalèrnèki | Tandhês sa-Matesihipun | pun Adhi Alap-alap | pun anak Dipadirjèki | Pamasaran lajêng Gunungkidul pisan ||

34. nuntên Radyan Jayèngrana | nambungi inggih kadugi | Gunungkidul lampahana | Tumênggung Lap-alap angling | rêrês anggèr kadugi | kula kang kilèn puniku | Wêdhi sapangalèrnya | Gondhang Puluhwatu sami | sapangetan pun Adhi Mas Dipadirja ||

35. wus dadya ingkang pirêmbag | abudhal sri narapati | sapraptanira Pepedan | angidul angetan kêdhik | masanggrahan ing Bèji | sagung

punggawa panganjur | pamit anguswa pada | nuwun pangèstu lumaris | pan sadaya pan sami ngêlar jajahan ||

149. Dhandhanggula

1. kang angidul kang angetan sami | kang angilèn sampun budhal samya | tan kari saprajurite | kunêng ingkang winuwus | ingkang baris ing ardi Gamping | Sakèbêr dutanira | praptane wus katur | surat marang sri

--- 20 ---

narendra | atur tabe punapa tuwan amanggih | kuwatir ing lêlampah ||

2. yèn kuwatir kawula ngaturi | nênggih bêbantu prajurit sabrang | kawan dasa dragundêre | Islame kalih atus | kula inggih sampun atampi | parentah rumêksaa | ing tuwan pukulun | mênawi Mangkunagara | amangsuli anggitik ing padukaji | tuwan nuntên enggala ||

3. animbali iku enggal prapti | saha bala têlas aturira | kintun pistul sarakite | satunggal sanjata lus | sri narendra sigra ngangsuli | akêkintun turôngga | nyatunggil puniku | pan kêkalih mayorira | Mayor Pèbêr puniku kang senapati | mayor bantu satunggal ||

4. Mayor Istimolor bantunèki | wontên malih bêbantu kang prapta | abisikan Kapitan Bèl | sèkêt dragundêripun | lan suwidak jalane kaki | satus Kumpêni Islam | gangsal pra tumênggung | kêkalih Tumênggung Têgal | ing Pamalang Barêbês Jagasurèki | wus sami nèng Mataram ||

5. ing Bagêlèn ingkang anggêntèni | dragundêrira mung tigang dasa | têtindhih Kapitan Markèt | lan jalan kakinipun | kawan dasa dragundêr kèri | satus Kumpêni Islam | ngandêlkên puniku | Ki Tumênggung Arungbinang | suratira Sunan Kabanaran prapti | gunung Gamping tinampan ||

6. mring Sakèbêr tinupiksa aglis | wusnya tabe sira kirim surat | Sakèbêr maring ngong mangke | luwih tarimaningsun | sira kirim pistul [pistu...]

--- 21 ---

[...l] mring mami | lawan siji sênapan | iya luwih alus | lan sira tômpa parentah | ing Kumpêni ambantoni laku mami | sun durung arsa aprang ||

7. ingsun iki lagi angoncati | sikarane Si Mangkunagara | marma ngong marene kiye | nanging ta iya besuk | lamun mungsuh sêdya nêkani | marang sariraningwang | sikara ginêmpur | lah iku ingsun kongkonan | mring Sakèbêr iya dhèwèke sun panggil | titi tamat kang surat ||

8. nulya ingkang samya pacak baris | wadya Kumpêni sinung pawarta | Susunan Mangkubumine | tulus badhamènipun | nênggih ingkang winuwus malih | kang samya ngêlar-êlar | ing jajahanipun | Tumênggung Karyanagara | kang angetan arame dènira jurit | anèng tanah Sêmbuyan ||

9. Wukirkidul ing puniku radin | nanging marga wong urut Masaran | ambegali pakaryane | kang seba sami nungkul | marang prabu kang anèng Bèji | anggondhèl binegalan | durung kongsi tutug | sang nata kalangkung duka | sigra têdhak sawadyabalanirèki | marang ing Pamasaran ||

10. dipun bêskup samya dèn cêkêli | kang kacandhak tiyang kalih dasa | samya binandanan kabèh | kang gagal dèn bêbujung | saênggone kacandhak mati | wong ala sami giras | kawus dèn wus-uwus | saênggon ngungsi dèn jarah | kang kanggonan wadya sami dèn cêkêli | ajrih rumêksèng badan ||

11. dadya wau nata animbali | bêbêkêl desa ingkang santosa | anjagani [a...]

--- 22 ---

[...njagani] ing mungsuhe | Singayuda ranipun | ing Malambang sagah jagani | berat gêntho lan bangsat | pinaringan sampun | sanjata byonèt sadasa | obat mimis akathah dipun paringi | sang nata sigra budhal ||

12. lajêng têdhak wau dhatêng wukir | praptèng têlêng nulya masanggrahan | nimbali Jayèngranane | ngirid kang sami nungkul | wontên satus para Patinggi | sang nata angandika | akèh kang wus

nungkul | sira kang karya pituwa | kang ngayumi sadaya wong wukir iki | nuli sira tinggala ||

13. Jayèngrana umatur wotsari | yèn upami nuntên katilara | owêl têmên ing trêsnane | kang abdi Wukirkidul | inggih kula purun nêtêpi | nadyan paduka têbah | ing riki pakantuk | upami mêngsah dhatênga | kula inggih rêriwuk saking ing wukir | amrih lindhunging yuda ||

14. ya ta kèndêl wau sri bupati | pamêksane Arya Jayèngrana | tinurut sukane tyase | sang nata tigang dalu | anèng Têlêng gya têdhak malih | wangsul ing pasanggrahan | Bèji kalih dalu | lajêng angetan sang nata | mring Tangkisan jampangi lakunirèki | kang sami nglar jajahan ||

15. Ki Tumênggung Kurdhanagarèki | nèng Sêmbuyan rame dènira prang | Jaindra Mantri mungsuhe | punika kang akukuh | anarubkên têtiyang bumi | barise wong Sêmbuyan | prasamya angumpul | Tumênggung Kurdhanagara | duk miyarsa sang nata prapta nèng wuri | nunjang panêmpuhira ||

16. wong Sêmbuyan wus angidak [angida...]

--- 23 ---

[...k] wani | Ki Jaindra dhadhal barisira | mring Pacitan palayune | wau ta sang aprabu | wangsul ngilèn sawadyanèki | nèng dhusun Sidakarsa | pasanggrahanipun | kunêng wau kawuwusa | Pangran Mangkunagara sawadyanèki | ambêbujung Mas Rôngga ||

17. kang tinarka kang rama sang aji | nênggih namung Mas Rôngga kewala | tinut saparan-parane | jêjêmlungan puniku | wukir Kêndhêng ing sabên ari | malah wus praptèng Rancang | gone ratu ibu | miwah ingkang para garwa | ngungsi dhatêng Sêsela langkung prihatin | pakuwonipun Rancang ||

18. sampun têlas pan dipun bêsmèni | mring Pangeran Amangkunagara | maju angetan lampahe | ing Ngawi lampahipun | sami sayah praptanirèki | Ngawi miyarsa warta | yèn rama sang prabu | baris anèng Sidakarsa | narubakên wong tanah Pajang sumiwi | nèng dhusun Sidakarsa ||

19. kang binujung salaminirèki | apan amung Mas Rôngga kewala | pangeran langkung runtike | nanging ta kèndêlipun | nata wadya môncanagari | akathah balik samya | mring kang rama wau | mila kathah tinanêman | kunêng wau nênggih Tuwan Sèh Ibrahim | kang wontên Batawiah ||

105. Sarib Bêsar pêpanggihan kalihan Sunan Kabanaran

20. ing bicara sampun dèn rampungi | lagya nganti gangsal dina êngkas | Dêlèr Ondur pamocote | badhe palêkatipun |

--- 24 ---

wus kinarya dadi rumiyin | pan Tuwan Sarib Bêsar | apan sinungan wruh | palêkat Natèng Banaran | adêgira winangun Kumpêni malih | badhe anama sultan ||

21. akêkitha nèng tanah Matawis | sasukane kang akarya praja | marang Mataram bumine | wus lêga manahipun | duk miyarsa Tuwan Ibrahim | jendral parentahira | Tuwan Sèh puniku | nuntên panggiha piyambak | inggih lawan putra Tuwan Mangkubumi | sampun sumêlang karsa ||

22. Idlèr Hondhorop wus dèn timbali | wus pinêcat saking lungguhira | dadya idlèr Samarange | dene gêgêntinipun | Sèkrêtaris Nikolas Harting | gêdhe dhuwur tan pakra | muka bitha-bithu | kriyip-kriyip netranira | ting panjêlut lêmpitan wadhukirèki | agêdhe anglêmparah ||

23. pamuwuse wong kang nêningali | iki babi ginêntenan buta | buta Terong upamane | Idlèr Hondhorop sampun | dhinawuhan pêcatirèki | nanging idlèr pan arsa | iya atêtêmu | lawan Tuwan Sarib Bêsar | nitipakên ing Surakarta sang aji | sampun nganti kaponthal ||

24. anauri Tuwan Sèh Ibrahim | ya pagene kongsia kaponthal | pan ingsun wus dongakake | maring Hyang Mahaluhur | ing têtêpe karatonnèki | saparo tanah Jawa | duk ingsun karuhun | anèng nagri Surakarta | tuwan idlèr samana asrêp ing galih | myarsa andikanira ||

25. nênggih wau

--- 25 ---

Tuwan Sèh Ibrahim | sampun mancal saking Batawiah | Nikolas Harting sarênge | Tuwan Sarib nèng laut | tunggal lawan Nikolas Harting | ing laut tan winarna | wau lampahipun | wontên nagari Samarang | wus pinêpak anèng nagari pasisir | upsir lan pra dipatya ||

26. maos palkat misuwur ing bumi | lamun Nikolas Harting kang dadya | lungguh Idlèr Samarange | miwah pangwasanipun | saidêre pasisir Jawi | mêngkono panêmbahan | ing Madura rawuh | sagung pasisir bang wetan | sami dhatêng wus samya dèn mupakati | lire ing tanah Jawa ||

27. badhe wontên ratune kêkalih | samya ngungun sagung pra dipatya | kayaparan ing dadine | sagung kang pra tumênggung | ingkang samya apacak baris | Kêdhu Pagêlèn prapta | tinimbalan wau | Ki Tumênggung Arungbinang | ing Pagêlèn ing Mataram Rajaniti | ing Kêdhu Mangkuyuda ||

28. sampun sinung paparentah sami | jinarwanan nagari ing Jawa | sèstu yèn roro suryane | Mangkuyuda puniku | pan angrangkêp bupati kalih | ing Pajang tandurana | lah iya anakmu | nuli padha bantokêna | mring Mataram hèh Arungbinang sirèki | iya wong numbakanyar ||

29. ya anakmu gawenên bupati | numbakanyar nuli bantokêna | mring Mataram samantrine | Mangkubumi puniku | iya padha rêksanên wèsthi | mêngko nèng tanah Pajang | manawa ginêpuk | ya marang Mangkunagara | bok katiwasan [katiwasa...]

--- 26 ---

[...n] anèng madyaning jurit | yèn nora barêng sira ||

30. sira padha anêmu bilai | Mangkubumi apan sasêngkêran | duta ing Rum pamilihe | dadi sisihanipun | tanah Jawa ratu kêkalih | Mangkubumi tiwasa | sajroning prang pupuh | yèn tiwas durung pinacak | ing pêparon sida ajur tanah Jawi | karana nora ana ||

31. pra kusuma ing satanah Jawi | nora ana kang dadi dandanan | tan patut lawan kartane | yèn iku dadi ratu | pangadêge saking Kumpêni | yêkti bisa angrata | ing tanah Jawèku | akanthi Kumpêni aprang | Mangkubumi sêtya tuhu ambêknèki | pra dipati sandika ||

32. ing bumi sampun dèn pêpacêki | mantunipun Kyai Mangkuyuda | Cakranagara namane | sinung nama tumênggung | Ki Tumênggung Natayudèki | Pagêlèn numbakanyar | pinacêkan sampun | pulunane Arungbinang | nênggih Surawijaya namanirèki | Tumênggung Jayadirga ||

33. sampun sami pamit pra bupati | ing Pagêlèn Kêdhu lan Mataram | sinangon obat mimise | miwah inumanipun | lampahira kang pra dipati | sapraptane wus samya | siyaga ambantu | mring ardi Gamping Mataram | langkung agêng gêgaman ingkang anunggil | wukir Apu Mataram ||

34. Parambanan binantonan malih | dragundêre pun Kapitan Sungrat | satus Kumpêni Islame | wau ta kang winuwus | Pangran Mangkunagara inggih | saking môncanagara | ing lampah kasusu | naming Madiun [Madi...]

--- 27 ---

[...un] kewala | saliyane dèrèng arame prang sami | Kaduwang Pranaraga ||

35. sapraptane wau Sukawati | datan antuk wong cilik sêsaba | wong desane nekad kabèh | rina wêngi angamuk | baris agêng dèn riwuk sami | Pangran Mangkunagara | wus lajêng angidul | praptèng Suruh Pakuthungan | pangarsane wus rame campuh ing jurit | lawan Kurdhanagara ||

36. Kurdhanagara dutane prapti | tur uninga ing gusti sang nata | lamun kang putra praptane | kang abdi sampun campuh | nênggih lawan pangajêng jurit | Tumênggung Alap-alap | lan Dipadirjèku | binantokakên sadaya | anèng Tambakbaya dènnya tata baris | lawan Kurdhanagara ||

37. sri narendra gunêm lan kang abdi | sami purun anadhahi ing prang | Pangran Mangkunagarane | sagung bupatinipun | kadya condhong tyasira aji | rêmpêg kang para wadya | mung satunggal muwus | Ki Muhyadin Suranata | inggih paran punapa botên ginalih | kang wêling Sarib Bêsar ||

38. lan Sakèbêr badhe ambantoni | kang sinuhun durung arsa aprang | yèn ngarsakakên yudane | manggil Sakèbêripun | sru gumujêng sri narapati | pan ingsun tan kèlingan | yèn winêkas ingsun | pitungkase Sarib Bêsar | nora bêcik binandhanga jalajati | trah Sayid tur ngulama ||

39. Dhimas Natakusuma dèn aglis | timbalana bupati pangarsa | sigra lumampah dutane | ing Tambakbaya rawuh | sampun kerid kang pra dipati |

--- 28 ---

nanging tatilar bala | têngga barisipun | Tumênggung Kurdhanagara | Dipadirja lan Prawiradigdayèki | tuwin pun Alap-alap ||

40. sampun munggèng ing ngarsa narpati | angandika wau sri narendra | mungsuh anèng ngêndi gone | kang dinangu wotsantun | putra dalêm Sêdhah gènnèki | pangajêngipun samya | lan kawula campuh | sang nata malih ngandika | kayaparan bêcike ing laku iki | matur Kurdhanagara ||

41. lamun karsa dalêm anadhahi | pan saèwêd papan tan sakeca | kanan kering kèh êmbêle | ing papan tan pakantuk | lawan abdi dalêm sakêdhik | lamun karsa paduka | suwawi pukulun | ingingsêrana sakêdhap | abdi dalêm kathah pisah pra bupati | rèhning karya narendra ||

42. tan sakeca wondene kang abdi | tanglêd rèrès prang riwuk kewala | darapon antuka rèrèh | lampah dalêm pukulun | sri narendra maksih siniwi | wontên caraka prapta | kalih sarêngipun | dutane Suryanagara | lan dutane Mas Rôngga kang sami prapti | samya ngaturkên surat ||

43. bêbukanira atur upêksi | nênggih pun Rôngga Wirasantika | nênggih ing Rancange mangke | brastha sangêt katunu | dipun risak sangêt sayêkti | dening kang para garwa | tuwin kangjêng ratu | nênggih ibu padukèndra | pan sadaya kula prênahakên nênggih | wontên nagri Sêsela ||

44. mêngsah agêng kula dèn tut wingking | nuntên kula gèbègakên ngetan |

--- 29 ---

kang winastanan samangke | gih paduka pukulun | kaping tiga kula tadhahi | ngamuk prangipun taha | pangajênge kawur | ingkang pêjah kalih dasa | ngaturakên bandhangan kalawan karbin | kalih supit bandera ||

45. langkung suka miyarsa sang aji | nulya surate Suryanagara | atur uninga wiyose | yèn ingkang rayi wau | Adipati Bintara nênggih | nênggih kêdah abawa | Tuban kang ginêpuk | pêpatihe Wilatikta | ing parentah dalêm tan dipun lampahi | gitik môncanagara ||

46. mung sakêdhap ngalèpèk abali | nagri Tuban kang arsa ginêcak | nging parentah tan dèn angge | sang nata langkung rêngu | paparentah kinèn ngukuhi | nagari Garobogan | ginawaa lawung | dhasare wong kudu meda | wus thukule atine kang nora bêcik | sun jabêl duwèkingwang ||

47. iya duta karone dèn bêcik | sira matura ing lurahira | mung tarimaningsun bae | lawan pandonganingsun | sagung ingkang bandhangan iki | sun paringakên iya | ingkang padha antuk | karo cara katur sêmbah | sami mêsat wontên duta prapta malih | kalih mantri Samarang ||

48. ngaturakên surat awotsari | wus tinampan wau suratira | yèn ingkang Rama Tuwan Sèh | saking Batawi rawuh | idlèripun Hondhur wus salin | Sèkrêtaris Nikolas | Harting kang tinandur | sarêng lawan rama tuwan | praptanipun anèng nagari Samawis | rampung sagung bicara ||

--- 30 ---

49. rama tuwan nuntên arsa panggih | sasampune panggih rama tuwan | anuntên idlèr panggihe | gugup tyasnya sang prabu | angundhangi têngara aglis | pra dipati pangarsa | samya kinèn kantun | kasupèn yèn Jayèngrana | budhalira sarêng sadina sang aji | saking ing Sidakarsa ||

50. nèng Talawong kèndêl madya ratri | enjing budhal angalèr sang nata | dhusun ing Sima kèndêle | parentah sang aprabu | akaryaa pakuwon aglis

| anèng tanah Gagatan | nênggih kidulipun | Sêmawe dhusun watêsnya | pasanggrahan rakite wus pinaryogi | masjid kilèn pandhapa ||

51. padasane sinung kanan kering | talundhage balabag awiyar | masjide rêngrêng sêmune | sang nata sigra laju | ing Sêmawe praptanirèki | punggawa saking wetan | duk miyarsanipun | Mas Rôngga Wirasantika | lan Dipati Suryanagara miyarsi | sarêng dènira seba ||

52. nulya wontên surat ingkang prapti | saking Idlèr Harting tur uninga | yèn ingkang Rama Tuwan Sèh | budhal ing lampahipun | wingi saking nagri Samawis | amung mantri sakawan | dhèrèk lampahipun | tan purun akathah-kathah | marginipun menggok dhatêng tanah Tingkir | puniku ngidul ngetan ||

53. aparentah wau sri bupati | ingkang kinèn amêthuk ing marga | Radyan Suryanagarane | lawan sira Tumênggung | Brajadênta lan Brajamusthi | Tumênggung Sindusastra | kang samya tinuduh |

--- 31 ---

prapta kilèn lèpèn nulya | rantab-rantab katingalan kang lumaris | yèn Tuwan Sarib Bêsar ||

54. sami mêdhun saking ing turanggi | kuda andhèr anèng pinggir marga | Suryanagara nulya ge | utusanira wangsul | tur uninga yèn sampun prapti | kang Rama Sarib Bêsar | gugup sang aprabu | kang wadya badhe pinêpak | badhe kurmat sakapraboning ajurit | aglar nèng ara-ara ||

55. baris gênggêng lir pawaka agni | pantês kori ngapit-apit marga | sang nata busana age | prajuritan rinasuk | mojah wungu asarung kaki | mojah lawar kewala | tan ngangge sêpatu | baludru cêmêng rasukan | lancingane baludru wungu mathinthing | asongkok ginarudha ||

56. dhuwung ngagêm kalih cara Bali | sêmune kadya Sêtyaki brônta | rupa rikat wiragane | dupi katingal tandhu | kang saruni munya lik-galik | sang nata sigra-sigra | malajêngi tandhu | astane kang kanan nyandhak | ing pikulan lah mara munggaha aglis | pandhapa pasanggrahan ||

57. Tuwan Sarib duk mulat tanyaris | iku sapa baguse sarigak | Wirasari tur sêmbahe | gih punika pukulun | putra Tuwan Amangkubumi | Jêng Tuwan Sarib Bêsar | langkung dènnya ngungun | kadi anênggak kang waspa | iki si wong cakute amêrak ati | dhokoh srêgêp prayoga ||

58. iya bênêr kang padha amuji | bagus wiraga sêmbada krama | dupi prapta pandhapane | ingaturan tumurun | angrêpèpèh angrangkul wêntis | mrênahakên pinarak | sawusnya lumungsur | mèh kêdhik [kêdhi...]

--- 32 ---

[...k] ing siti sila | gya cinandhak angling Tuwan Sèh Ibrahim | dhuh babo sutaningwang ||

59. iya dene noraga tan sipi | babo-babo arêp apranata | sigra tinarik astane | payo satata lungguh | nadyan anom sira narpati | pun bapa nadyan tuwa | jêr adudu ratu | maksih akagok pinêksa | pra dipati sadaya barêbês mili | mulat ing gustinira ||

60. dene bisa noraga mlasasih | Tuwan Sarib Bêsar nênggak waspa | tinarik maksih ngrêpèpèh | sèdhêt pandhêkunipun | malah dangu angarih-arih | purun linggih satata | nging sangêt andhêku | Tuwan Sèh Ibrahim tanya | anak ingsun êndi ingkang pra dipati | kene padha majua ||

61. sri bupati sigra anambungi | Dhimas Natakusuma dèn enggal | kancamu iridên kabèh | angabêktia gupuh | Pangran Natakusuma aglis | nulya anguswa pada | gantya pra tumênggung | anulya putra santana | wus dinangu kang putra-putranirèki | cacah katur sadaya ||

62. êram maca angudubilahi | gèdhèg-gèdhèg Tuwan Sarib Bêsar | yèn mêngsahipun mantune | tur kaponakanipun | Tuwan Sarib Bêsar lingnyaris | iya môngsa tulusa | wong mangkono iku | lagi pênglulu kewala | anak ingsun sokura titahing Widi | rêna dening narima ||

63. matur dhêku sarwi matur aris | kula botên kêkêlir ing tuwan | kula sor prang saking dene | nênggih manah têkabur | nênggih kêni dhêndhaning Widi | dene

--- 33 ---

mungsuh lan bocah | Tuwan Sèh gumuyu | rame dènnya mrih rampingnya | nulya wau kinanthi angiwa nuli | sami ijèn kewala ||

64. wismèng wuri gung pinêngkul sami | ingkang putra langkung asihira | kang rama manjing trêsnane | katawis tingkahipun | rahaping tyas tan ana wigih | wau ta linairan | angsal-angsalipun | duk saking ing Batawiah | sutèng ulun duk ingsun praptèng Batawi | anggawa suratira ||

65. jendral lawan para rad pan Indi | maca surat duk pratelanira | wiwit ing aprang purwane | Kumpêni salahipun | dudu awit ing sira iki | sira kinaniaya | kang padha angrungu | jendrale ulate pucat | para dêlèr acum-acum dèn tingali | padha ngrêpa maring wang ||

66. saking luhur bicaranirèki | nora bisa ngidaki prakara | sêmune kêtèkèng-tèkèng | bok ingsun anênutuh | padha maras pating karêmpis | nuli enggal pinêcat | iya Si Hondhorup | dene iki sutaningwang | idlèr iki kang anyar iya sayêkti | amrih katon ing karya ||

67. lawan ana prakara sayêkti | mangowahana ingkang pranata | ingkang wus kawijilake | prakara kang wus putus | ing karatonira sapalih | sira namaa sultan | ing karatonipun | iya tanah ing Mataram | sira ingkang nama Sultan ing Matawis | dene pulunanira ||

68. Sang Aprabu ing Surakartèki | anamaa Susunan ing Pajang | putus ingkang bicarane | dhuh babo

--- 34 ---

sutèng ulun | narimaa padaning Widi | kang putra aturira | sumanggèng pukulun | yèn sarta pangèstu tuwan | inggih darmi sampun sing mungguh sapalih | sanajan sapratigan ||

69. asal sami têmên-têmên ugi | pan kawula ajrih ing duraka | nagri kalantur rusake | sigra Tuwan Sèh ngrangkul | ya mangkana dhuh sutèng mami | wêdia ing duraka | pikir kang satuhu | pun bapa kaki wus tega | iya sira wus eling sutèng narpati | nora mrih siya-siya ||

70. ratu iku pan atining bumi | basa ati ratunira badan | rusake badan sangkane | pan saking atinipun | pan mangkana rusaking bumi | saking ratu kang karya | rusak badanipun | yèn sira jrih ing duraka | eling lamun kinarya wakil Hyang Widi | kang putra aturira ||

71. mugi-mugi manggiha sayêkti | inggih saèstu supangat tuwan | ing donya myang akerate | langkung lêga tyasipun | ingkang putra pikir gumlindhing | nora ngèl nora wangkal | ya dhasar rahayu | nulya sami salat ngasar | marang langgar kang putra sami angampil | pêdhange ingkang rama ||

72. pan sadhêpa pêdhang Rum sayêkti | sarwi ngandika mring pra dipatya- | di ana pêdhang samene | ngandika sarwi guguk | pêdhang usar jipat lan iki | Tuwan Bapak ing kana | prajurit satuhu | katara rupa ing tingkah | gung aluhur rowa rikat mêmêdèni | Tuwan Sèh sampun minggah ||

73. wangsul cucul sakêdhap sang aji | nyamping lonthang kasmaran bathik bang | takwa gandhul rasukane | bathokan [ba...]

--- 35 ---

[...thokan] kuplukipun | pan baludru ijo binlênggi | sigra minggah ing langgar | sampun toya wulu | wus lajêng adan priyôngga | wadya suranata lan para dipati | samya nusul sadaya ||

74. ingkang putra lajêng angurmati | Tuwan Ibrahim kang dadya iman[3] | kang makmum wontên salawe | bakdane salatipun | pan cinandhak pujianèki | donga banjur salaman | dinulu arukun | wusnya têdhak ing pandhapa | pêpundhutan wus aglar lajêng abukti | tuwan kalih kang putra ||

75. ulam masak koja amêpêki | wus angati-ati laminira | Tuwan Sèh badhe praptane | suka adhahar dangu | ingkang putra pijêr ngladèni | angirisakên ulam | awis muluk sêkul | Tuwan Sèh nulya ngandika | sarwi ngawe Suryanagara dèn aglis | ing kene ladènana ||

76. gustinira tan kobêr abukti | nulya katri punggawa kang cêlak | Pangran Natakusumane | Mas Rôngga sami maju | Adipati Suryanagari | kang putra

gya ingatag | dhahara dèn cakut | wus dangu dènira dhahar | wusnya nglorod pinaringkên pra dipati | sami nadhah kêmbulan ||

77. tigang dalu Tuwan Sèh Ibrahim | wontên pasanggrahane kang putra | winastan dhusun Sêmawe | pan inggih sabên waktu | Sarib Bêsar ingkang ngimani[4] | kang adan kang akamat | wau sang aprabu | sampune bakda asalat | salat ngisa pinarak mèh pukul kalih | mêmulang mring kang putra ||

78. ingkang pratingkah

--- 36 ---

madêg narpati | nênggih nistha madya lan utama | ing trape winulangake | kang putra anggung dhêku | ingkang rama Jêng Tuwan Sarib | langkung saking utama | kapandhitan putus | tigang dalu tigang dina | wêwulange saengga lir toya mili | pratingkah para raja ||

79. kang kalakon ratu nguni-uni | kang anêmu bêcik lawan ala | ing tingkah winulangake | ratu kang manggih luhur | miwah ratu ingkang amanggih | asor karatonira | tiwas budinipun | kang amanggih kaluhuran | saking eling kanisthan kang dèn singgahi | bêtah nganggo utama ||

80. kawit madya kang dipun anciki | laku nistha kinipatkên pisan | eling tur kukuh talatèn | tan keguh ing wêwadul | kinèn apik karya bupati | bok kaliru wong ala | bupati wêwadul | angrubuhakên kêkancan | ngilangakên nênggih namaning bupati | mangkana ing utama ||

81. sabên mulang Tuwan Sèh Ibrahim | lamun enjing wiwit wêktu luka | kongsi ing wêktu luhure | tan wontên kèndêlipun | lir pancuring padasan mili | eram kang samya mulat | tuhu pandhitagung | upama yèn kinaryaa | pituture nênggih Tuwan Sèh Ibrahim | pan dadi têlung kitab ||

82. sabên mulang ingkang dèn timbali | Punggawa Pangran Natakusuma | Rôngga Wirasantikane | lan Suryanagarèku | Sindusastra kang anulisi | wus sami lawan layang | Rêngganis têtêlu | lajêng kinarya buk nulya | sawusira patang dina [di...]

--- 37 ---

[...na] patang bêngi | putus kang winicara ||

83. Tuwan Sarib Bêsar nulya pamit | rêrangkulan lawan ingkang putra | kadya ta maksih cuwane | kang putra dèrèng tuwuk | masih kirang pangraosnèki | kang rama datan kêna | ingaturan wau | kèndêla rong dina êngkas | angandika sutèng ulun Mangkubumi | wong anggawa prakara ||

84. nora kêna luwih têlung bêngi | wus lakune jaman ingsun kuna | ing Rum Tarki saurute | myang Jaman Arabipun | ingkang padha tinèki-tèki | ling iya ngarah apa | babo wong abagus | iya gon ingsun pêputra | marang sira donya kerat tan gumingsir | wus nyata putraningwang ||

85. asrêp tyase Sunan Mangkubumi | amiyarsa antêpe kang rama | kang tinuduh ngatêrake | Tuwan Sèh antukipun | Pangran Pakuningrat tinuding | lan abdi suranata | Dul Wakid puniku | lawan kalih kancanira | Radèn Durhan lan Ki Mas Kasuban nênggih | lan Tumênggung Môndraka ||

86. mantri jêro pun Ranadimurti | lawan Ngabèi Ranadilaga | lan ambêkta srat badhene | ingkang dhatêng kumêndur | idlèr anyar Nikolas Harting | lan kuda sakêmbaran | susuh têlung tumbu | dêdêr talêmpak timaha | mung sakawan salawe pêdhèt myang sapi | dhuku kang kalih rêmbat ||

87. lawan salak kalih rêmbat malih | lawan gêgêndhonipun sarêmbat | wus budhal saking Sêmawe | kang putra ngatêr wau | saonjotan wus kinèn bali | wau ta praptanira | kèndêl lampahipun |

--- 38 ---

anèng loji Salatiga | manggih kurmat mariyêm ping sapta muni | enjinge nulya budhal ||

88. ing satêngah ari praptanèki | budhal saking ing Ungaran enjang | urmat mriyêm ping saptane | ing marga tan winuwus | Paterongan praptanirèki | nênggih pukul sawêlas | prapta kang amêthuk | dragundêre kawan dasa | miwah bêkta karetanipun kêkalih | Kapitan Dongkêl nama ||

89. kang amêthuk kornète kêkalih | Sarib Bêsar wus anitih kreta | Pangeran Pakuningrate | minggah karetanipun | banderane binèbèr sami | prajurit jro binêkta | patang lurahipun | martalulut anirbaya | lan wong patranala wong dardhaitèki | turôngga kalih bêlah ||

90. winor lawan wadyane pribadi | kuda satus Pangran Pakuningrat | arame munya tambure | lawan saruninipun | praptanira nagri Samawis | horêg wong sanagara | kang sami dêdulu | dutane natèng Banaran | iya iku santanane sri bupati | Pangeran Pakuningrat ||

91. nanging bagus dutane kang dhingin | iya Dipati Suryanagara | pasagi sêdhêng dêdêge | baranyak sêmu kaduk | awilêtan sêdhêp prak ati | dhasar manis wadana | sasolahe bagus | sanadyan iki pangeran | talonyohên ngêndhukur anèng turanggi | kèthèr kadya wanodya ||

92. mung sadhuwur tênggak ingkang bêcik | iki kaya Panji Aryawôngsa | duk nalika ngê-Jawane |

--- 39 ---

kadya raja lumayu | kang lêlana mring tanah Jawi | bêbala para raja | tan wus wong amuwus | dragundêr kang baris kurmat | wolung dasa satus ingkang jalan kaki | rongatus Kumpêni Slam ||

93. sami baris ngapit-apit margi | pinggir ngalun-alun ing Samarang | wau kareta praptane | Sarib Bêsar karuhun | têdhak saking karetanèki | idlèr amêthuk sigra | tabean angrangkul | samya cêciuman jôngga | nulya Pangran Pakuningrat udhunnèki | anusul Sarib Bêsar ||

94. nulya Tuwan Sarib tuduh aglis | maring dêlèr iku sudaranya | Mangkubumi carakane | Nikolas Harting muwus | nyandhak Pangran Pakuningrating | tabe nulya binêkta | ing kursi alungguh | Dul Wakid kang gendhong layang | sigra katur ing pangeran surat aglis | lajêng idlèr atômpa ||

95. wus winaca kurmat drèl ping katri | mariyêmira ambal-ambalan | kadya ruging prabata grèng | lajêng idlèr amuwus | inggih pangran surat puniki | prakawis pêpanggihan | raka tuwan prabu | anut sakajêng kawula | kula inggih manut ing sakarsanèki | inggih raka sang nata ||

96. lajêng kinèn makuwon rumiyin | pakuwone Dyan Suryanagara | lajêng mêsat sabalane | wuri tinut sêsuguh | duk samana ing pêndhak enjing | ing loji uwus panggya | kalawan gupênur | sadangunira rêrasan | Ki Dul Wakid parikêna dènira ngling | tuwan ing saupama ||

97. lamun tulus karsaning Kumpêni | ngukup [nguku...]

--- 40 ---

[...p] dhatêng saudara tuwan | saparo ing karatone | tanah Jawa puniku | lamun datan nganggo pasisir | tuwan inggih punapa | dadya dhahar ratu | idêlèr macicil nyêntak | hèh Dul Wakid basakêna sira iki | saparo tanah Jawa ||

98. môngsa bodho olèhe angrakit | iya kang dadi dhaharing raja | Ki Dul Wakid lon ature | kula purun umatur | tuwan sampun gusar rumiyin | sayêkti kêkirangan | nênggih dhaharipun | sagung ingkang para raja | lamun tuwan botên ngarsakna amikir | inggih kang dadya dhahar ||

99. idlèr angling kaya pa Dul Wakid | lah kapriye kono aturira | Dul Wakid alon saure | tuwan lamun panuju | angadêgna inggih manawi | wau kang bandar dharat | bok dadya gêgajul | dêlèr dangu kèndêlira | dupi angling lah ta iku Ki Dul Wakid | sun wêdi nglilanana ||

100. dadya awèt rusake kang bumi | Ki Dul Wakid nêsêg ing aturnya | hèh tuwan boya-boyane | yêkti mêtara laku | lamun tuwan botên ngrêmbagi | sayêkti karepotan | para ratu-ratu | witning tuwan makotêna | lamun kêkurangan jênênging narpati | nagara ngêmprak-êmprak ||

101. dadya asarèh Nikolas Harting | yèn mangkana ingsun rêrêmbugan | lan Tuwan Sèh mêngko sore | yèn Tuwan Sèh wus rêmbug | kirim layang marang Batawi | sira angantènana | wasisan ing besuk | Tuwan Pangran Pakuningrat | sampun susah andika badhene [ba...]

--- 41 ---

[...dhene] lami | anèng nagri Samarang ||

102. nulya pamit amakuwon aglis | Ki Dul Wakid Pangran Pakuningrat | kunêng praptèng pakuwone | sontênira gupêrnur | mring pakuwon Jêng Sèh Ibrahim | katur atur uninga | wau kang rinêmbug | Tuwan Sèh rêmbag kewala | sigra idlèr utusan dhatêng Batawi | marang gêdhong kawuntat ||

106. Pangeran Bintara malik tingal, Pangeran Mangkunagara jumênêng nata ajêjuluk Sunan Adiprakosa. Kumpêni sampun mupakat Sunan Kabanaran têtêp ratu senapati mawi sêsêbutan Sultan Akadhaton ing Mataram

150. Pangkur

1. kunêng gantya kang winarna | Pangran Mangkunagara angênginthil | lampahe kang rama wau | nanging datan anyêlak | namung wadya prasamya kinèn anusul | lampahe menggok mangetan | makuwon ing ardi Wijil ||

2. wadyane kang kèri samya | ginêpukan samya risak kang kèri | kinèn mangsuli wadyagung | Tumênggung Alap-alap | Dipadirja arame dènira campuh | Tumênggung Kurdhanagara | anggêpuk saking ing wuri ||

3. arame ubêng-ubêngan | kêkathahên angucira [anguci...]

--- 42 ---

[...ra] ing jurit | dadya Kurdhanagarèku | mangalèr palayunya | marang Baki marang Sala malah tundhuk | Alap-alap Dipadirja | anggalibêd urut Pêngging ||

4. wauta pangeran mirsa | Jayèngrana kantun umadêg baris | nênggih wontên Wukirkidul | anglampahakên sigra | baris agêng apan kêkalih tumênggung | mantri jro têtindhihira | Ngabèi Jayapramuni ||

5. Wukirkidul wus kinggahan | Jayèngrana uwus kesisan dasih | gunême kang pra tumênggung | sae ngipuk kewala | kinasapa pasthi puniku angamuk | akarya rusaking kathah | dadya rêmbag ngarih-arih ||

6. Jayapramuni lumampah | wonge ingkang kathah siningit sami | ing Têlêng panggenanipun | Japramuni praptanya | lêlagaran apan botên ngangge dhuwung | wus panggih sami atata | anggèr kawula tinuding ||

7. dhatêng raka jêngandika | amrih pênêd sampun tyas sônggarunggi | mila nuduh tiyang sêpuh | eca Dyan Jayèngrana | benjing enjing kewala mangke wus dalu | tata samya sêsarean | Radyan Jayèngrana guling ||

8. kapati dènira nendra | Japramuni wonge sinimpên prapti | Jayèngrana wus tinubruk | Jayapramuni ngilang | wis ginodhi nulya mangkat dalu-dalu | sarêng êbyar praptanira | pabarisan ardi Wijil ||

9. lajêng matur ing pangeran | Jayèngrana ingaturakên ngarsi | pangeran ngandikanipun | Kapriye Jayèngrana | apa mati apa urip panjalukmu |

--- 43 ---

matur Radyan Jayèngrana | kula pan têtiyang alit ||

10. amung sêkul sapulukan | saênggène amung anyuwun urip | pangeran duka kalangkung | nyanaku kudu pêjah | liwat ala Jayèngrana pamalêsmu | wong cilik ginawe munggah | sira tinariman putri ||

11. sayêkti dadi kusuma | ing wêwatêk padha kalawan mami | yèn sira anjaluk lampus | ingsun uripi sira | jaluk urip sayêkti sira pun lampus | saksana tinuwêk pêdhang | Jayèngrana wus ngêmasi ||

12. utamanggane tinigas | kinintunkên marang Dêlèr Samawis | nèng Samarang praptanipun | dêlèr nampik tan arsa | apagene sirah winèhkên maring sun | apan sirah iki mêngsah | iki dhase rowang mami ||

13. wadyane Natèng Banaran | sarupane wus dadya kônca mami | gawanên bali dhas iku | punang caraka kewran | nanging idlèr sêmbrana dènira muwus | caraka wus amit mêsat | ing marga datan winarni ||

14. praptane punang caraka | ardi Wijil atur solah tinuding | yèn tinampik lampahipun | sirah kinèn ambêkta | inggih wangsul alah iya sirah iku | têtêp kônca batur ingwang | bêndarane pan wus bêcik ||

15. Susunan ing Kabanaran | wus badhami têtêp lawan Kumpêni | pangeran miyarsa kuwur | batal bêdhaminira | kunêng ingkang baris ardi Wijilipun | wuwusên Idlèr Samarang | dutane saking Batawi ||

16. praptane wus antuk karya | aprakara

--- 44 ---

bandar dharat nuruti | idlèr sigra lampahipun | mring gène Sarib Bêsar | tur uninga yèn jendral parentahipun | aprakara bandar dharat | sakarsane anuruti ||

17. idlèr matur nuntên tuwan | amanggila Pakuningrat mariki | kalawan sakancanipun | Sarib Bêsar saksana | dènnya manggil Pangran Pakuningrat rawuh | binakta sakancanira | mring pakuwon Sèh Ibrahim ||

18. Nikolas Harting wus panggya | Pangran Pakuningrat miwah Dul Wakid | alon dènnya ngling gupêrnur | Dul Wakid aja susah | umatura iya marang ing gustimu | aprakara bandar dharat | marang gurnadur sayêkti ||

19. Tuwan Sarib alon mojar | iya uwis Pakuningrat sirèki | matura ing anak ingsun | yèn wus padhang sadaya | nora ana prakara ingkang barênjul | putus samuanya têrang | patêmon nuli pinikir ||

20. wau Pangran Pakuningrat | sakancane bupati para mantri | ing marga datan winuwus | ing Sêmawe wus prapta | atur surat saking dêlèr angsul-angsul | kalawan pakirim kathah | kang saking Dêlèr Samawis ||

21. wus tinampan tinupiksa | langkung suka wau jêng sri bupati | gantya malih kang winuwus | Pangeran ing Bintara | tulus sèdhèng arêbat ing bawahipun | kabèh bumi Garobogan | Suryanagara ngukuhi ||

22. dadya prang Pangran Bintara | lawan Adipati Suryanagari | arame dènira campuh | wau Pangran Bintara | balanira gêntho

--- 45 ---

bangsat maling kècu | Dipati Suryanagara | sigra dènnyatur udani ||

23. mring Sêmawe lamun aprang | lan kang rayi Pangeran Bintarèki | èstu sèdhèng tingalipun | kula nyuwun parentah | kaping kalih ing aprang kula dèn tukup | sang nata kalangkung duka | Pangran Natakusuma glis ||

24. umatur lamun punika | rayi dalêm kinèndêlna manawi | rubeda bêbancang laku | suwawi tinindakan | sigra bêndhe suwara umyung gumuruh | saking Sêmawe wus budhal | angetan sawadyanèki ||

25. wus utusan sri narendra | asung wikan marang Sang Adipati | Suryanagara yèn prabu | tindak angawaki prang | Adipati Suryanagara ing dalu | mukul angawaki aprang | dhusun ing Rêbo gèn baris ||

26. acampuh ramening yuda | têngah dalu gènnya prang ngantos enjing | nuli byar pangran kaburu | lumajêng ngidul ngetan | dhusun Ngambên Pangran Bintara kapêthuk | lawan dêdamêl kang raka | binujung pating jumpalik ||

27. akèh kang kacandhak pêjah | wadyanira akèh kang kocar-kacir | wus kathah sami akantun | nalêsêp anèng wana | sira Pangran Bintara wus praptèng Warung | kari satus balanira | kèndêl pangrasanirèki ||

28. ingkang raka maksih têbah | lamun dalu pasthi kèndêl sang aji | sawêg cucul kudanipun | ing wanci bakda ngisa | praptanira kang raka lajêng angêpung | gègèr prasamya lumajar | rusak balane kang mati ||

29. anak rabine kabandhang | menggok ngetan [nge...]

--- 46 ---

[...tan] dalu pêtêng lumaris | Suryanagara bêbujung | nanging namar anilap | nora wêruh lamun dèn kinthil puniku | dalu pêtênge kaliwat | kang raka maksih kêkinthil ||

30. kantun sèkêt balanira | praptèng Jipang sarêng byar ingkang wanci | padhusunan Majaranu | prapta Suryanagara | langkung kagèt palayune nusup-nusup | kantun salawe kang wadya | akèh kang kacècèr margi ||

31. mung kantun tiyang sadasa | kèndêl Majaranu sri narapati | bêbujung wus tigang dalu | kalawan patang dina | mila kèndêl sang nata nèng Majaranu | Dipati Suryanagara | misih kinèn akêkinthil ||

32. sampun anjog ing Caruban | binabujung mingêr angetan malih | anèng Pace kèndêlipun | Radèn Suryanagara | ingantosan puruge myang kèndêlipun | manawi dadya anunggal | lan kang Rayi Singasari ||

33. nèng Kadhiri barisira | wus miyarsa Pangeran Singasari | kang raka anêdha pêthuk | kang rayi nuduh wadya | sragênine Kudasêsimping tinuduh | sanjatane tigang dasa | panumbak sèkêt lumaris ||

34. kang rayi pitungkasira | kangmas iku aja kongsi wor mami | mêngko yèn katon kapêthuk | sira drèlên sanjata | Kudasimping lampahira pan kapêthuk | lèr Tukum suka tumingal | marang balane kang rayi ||

35. tan nyana yèn nyandhang wêkas | dupi cêlak sarêng ngarutug bêdhil | palayune biyung-biyung | pagene Singasêkar | makan tuwan sêsambat sarwi lumayu |

--- 47 ---

binujung dupi wus têbah | wangsule Kudasêsimping ||

36. lajêng lumayu mring Japan | nungkul marang Kumpêni Surawèsthi | Suryanagara wus wangsul | waspada ing pawarta | tan winarna marga praptèng Majaranu | katur kang rayi polahnya | arsa ngungsi mring Kadhiri ||

37. rayi dalêm Singasêkar | mêthukakên dêdamêl ambêdhili | binujung sapurugipun | prapta ing Panêrusan | lèring Japan tumut bumi Surèngkewuh | ing mangke rayi paduka | manjing loji Surawèsthi ||

38. sang nata gumujêng suka | Dhimas Singasari lumuh anunggil | dene ta tinggal maring sun | mila lumuh tunggalan | ing katoge atèn-atène puniku | sayêkti lumuh kagawa | jêlèh dènnya ngusap wèni ||

151. Sinom

1. wong Jipang nungkul sadaya | umiring ing sri bupati | saking Majaranu budhal | wangsul mangilèn sang aji | Jipang Tumênggung katri | prajurit turôngga sèwu | praptèng ing Katêguhan | ngalèr tanah Sukawati | wontên mantri pangajêng atur uninga ||

2. kalamun caraka prapta | saking nagari Samawis | Kapitan Tolong dinuta | sang nata sigra ngundhangi | kang kinèn amanggihi | Pangran Natakusumèku | anunggil lampahira | kalih onjotan watawis | praptanira pasanggrahan Kalangrambat ||

3. sang nata amasanggrahan | sadalu enjing tinangkil | dutane Dêlèr Samarang | Pangran Natakusumèki | ngirid lêbêtirèki | Kapitan Tolong tumundhuk | cinandhak astanira | hèh

--- 48 ---

Tolong padha basuki | basakêna sanak lawas têmu anyar ||

4. katur wau suratira | kang saking Dêlèr Samawis | winaos sinuksmèng driya | wus tamat pamaosnèki | sang nata ngandikaris | hèh iki Tolong pan amung | prakara pêpanggihan | idêlèr manut ing mami | nanging idlèr nulia duwe parentah ||

5. ingkang baris ing Mataram | dèn kirabkên ngetan malih | Kumpêni lan pra dipatya | mrêpêki ing gunung Gamping | barise mungsuh nênggih | Si Mangkunagara iku | hèh Tolong kayaparan | sira sun tari pribadi | Si Walônda apa kêna labuhana ||

6. iya padha ujar pisan | manawa na kang duwèni | Kapitan Tolong tur sêmbah | yèn Kumpêni darbe gêndhing | kula gusti labuhi | ingkang

angamuk rumuhun | pêjah ing ngarsa tuwan | asêpata kula gusti | dêmi[5] Allah lamun botên makatêna ||

7. nanging pangraos kawula | pun Kumpêni sangêt ajrih | nênggih dhatêng rama tuwan | Kangjêng Tuwan Sèh Ibrahim | sayêkti tyase êning | sakalangkung tahanipun | dhatêng rama paduka | Kumpêni pasthi bilahi | yèn cidraa dhatêng Tuwan Sarib Bêsar ||

8. sayêkti manggih dêduka | dhatêng Sultan ing Rum pasthi | môngsa inggih kuwawia | nôngga gêrdakaning jurit | pan pitung puluh kêthi | kathahe prajuritipun | sang nata angandika | Tolong kalamun sirèki | wus kapenak pan ingsun manut ing sira ||

9. wus karya sul-angsul surat | marang Idlèr ing Samawis | Kapitan Tolong [To...]

--- 49 ---

[...long] ginanjar | wangsulan sêrat pinaring | Tolong sigra ngabêkti | nguswa mangusapi lêbu | ing suku dalamakan | mêsat sarewangirèki | pun Kapitan Tolong saking Kalangrambat ||

10. ing wuri apaparentah | wau kangjêng sri bupati | pan akarya pasanggrahan | badhe kinarya manggihi | marang Idlèr Samawis | Padagangan dhusunipun | sakidul kilèn Sela | bumi Garobogan nênggih | nambut karya Dipati Suryanagara ||

11. pasanggrahan pinrayoga | tan lama anambut kardi | rinêggèng kang pasanggrahan | wus budhal sri narapati | kêbut sagung prajurit | tinggal Kalangrambat sampun | praptaning Padagangan | masanggrahan sri bupati | pra dipati para wadya pamondhokan ||

12. kunêng gantya kawuwusa | Kapitan Tolong wus prapti | lampahe nagri Samarang | surat ingaturkên aglis | kang angsul-angsul nênggih | Natèng Kabanaran sampun | winaos têlasira | Idêlèr Nikolas Harting | paparentah Mayor Ubristi dinuta ||

13. kang kinèn angangsêgêna | kang baris ing ardi Gamping | ngetana mring tanah Pajang | yèn besuk sampun anunggil | lan Sunan

Mangkubumi | aprakara aprang pupuh | manuta ing parentah | Susunan Amangkubumi | karatone ngiras senapati ing prang ||

14. lan angiras ngadêgêna | Istimolor senapati | Sakèbêr lorod punika | tinimbalan mring Samawis | lawan Petor ing Têgil |

--- 50 ---

Palêk badhene mangidul | jagani ing Toyamas | budhale Mayor Ubristi | gangsal atus barancuh prajuritira ||

15. ing marga tan winursita | lampahe Mayor Ubristi | praptèng Kêdhu baris Sêcang | Tumênggung Mangkuyudèki | wus kinèn kirim tulis | marang Pagêlèn Sêgaluh | barisira Kapitan | Markèt kalawan kinanthi | sakancane Ki Tumênggung Arungbinang ||

16. yèn Mayor Ubrus lumampah | mariksa sagunging baris | margi Sêgaluh punika | badhe lajêng mring Matawis | Kapitan Markèt nênggih | parentah mring Ki Tumênggung | Rungbinang akaryaa | pondhok ingkang badhe prapti | Mayor Ubrus lan Tumênggung Mangkuyuda ||

17. wusnya karya pamondhokan | kang mêthuk priyayi kalih | Markèt lan Kyai Rungbinang | dhusun ing Padhas wus prapti | kapêthuk tabe sami | kapitan myang ki tumênggung | prasamya rêrangkulan | kalihe Mayor Ubristi | saking Padhas lajêng ing Sêgaluh prapta ||

18. kalih dalu paparentah | wau parentah Ubristi | sagung baris dèn prayitna | Kumpêni arsa mêkasi | prang sapisan puniki | arsa nyirnakakên mungsuh | kanthi Natèng Banaran | manawa mungsuh gêndhingi | colat-colot gêlare Mangkunagara ||

19. Ki Tumênggung Arungbinang | kinèn siyaga tumuli | binêkta marang Mataram | tumut angatêr Ubristi | wau budhalirèki | mayor saking ing Sêgaluh | margi saking Mataram | amargi pinggir pasisir | Ki Tumênggung Arungbinang munggèng ngarsa ||

20. Ki Tumênggung Mangkuyuda |

--- 51 ---

ingkang lumampah ing wuri | kadalon nèng Pagarongan | enjinge budhal lumaris | dupi prapta ing Gandhing | Mayor Sakèbêr kapêthuk | Istimolor kalawan | sagung para adipati | pan kumrubut kang sami atêtabean ||

21. sigra lajêng lampahira | sapraptane ngardi Gamping | sawusnya atata lênggah | adhawuh Mayor Ubristi | yèn Sakèbêr ing mangkin | lorod senapatinipun | Istimolor kang dadya | senapatining ajurit | angrèhakên sagung Kumpêni barisan ||

22. ngungun kang samya miyarsa | dene pun Mayor Ubristi | patang dina laminira | anèng baris ardi Gamping | sampun amarentahi | maju mangetan manganjur | marang ing tanah Pajang | ngidul baris ardi Wijil | pasthi mungsuh Pangeran Mangkunagara ||

23. Ki Tumênggung Arungbinang | dika umantuk mariki | kula mulih mring Samarang | dika mring Pagêlèn malih | lawan andika ngalih | baris andika Sêgaluh | muliha mring Ungaran | kula kira botên lami | nuli bali mariki lajêng mangetan ||

24. Mayor Ubrus sigra budhal | saking baris ardi Gamping | Sakèbêr sarêng lampahnya | Tumênggung Mangkuyudèki | ing margi tan winarni | sapraptanira ing Kêdhu | para mantri kewala | ingkang lajêng mring Samawis | Mangkuyuda têngga baris anèng Sêcang ||

25. sapraptanira Samarang | Sakèbêr miwah Ubristi | Sakèbêr kinèn lajênga | pinanggil marang Batawi | wau Idlèr Samawis | siyaga undhang wadyagung |

--- 52 ---

satus dragundêrira | kalih atus jalan kaki | pra dipati Kudus Pathi lawan Dêmak ||

26. kalih atus Kumpêni Slam | mariyêmipun kêkalih | budhal saking ing Samarang | mêdal ing Dêmak nagari | dêdamêl pra dipati | nênêm wontên tigang èwu | nanging kêdhik turôngga | mung kathah dharatirèki | bupati nêm mung sèwu prajuritira ||

27. kunêng kang lagya lumampah | Idêlèr Nikolas Harting | ing ardi Gamping kocapa | Istimolor marentahi | Kapitan Sèl tinuding | ngangsêg ngetan barisipun | marang ing tanah Pajang | môngka panganjuring jurit | binêktanan dragundêre wolung dasa ||

28. jalan kakine suwidak | kalih atus Bugis Bali | tumênggungipun satunggal | Surajênggala Matawis | urunan para mantri | nêmbêlas sadayanipun | dêdamêl kang lumampah | tigang èwu lan kang baris | Parambanan binêkta ngetan Pucungan ||

152. Pocung[6]

1. ya ta wau agantya ingkang winuwus | kang angeca-eca | kang baris nèng gunung Wijil | wau Pangran Dipati Mangkunagara ||

2. karsanipun amêng-amêng marang Jimbung | punggawa satunggal | kinèn akarya tumuli | pasanggrahan nênggih Suramangunjaya ||

3. tigang dalu karya pasanggrahan Jimbung | sigratur uninga | yèn sampun karyanirèki | Ki Tumênggung nênggih Suramangunjaya ||

4. sigra wau Pangran Mangkunagara wus | budhal saha bala | sagarwa putra tan kari | myang putrane kang mêntas pangantèn anyar || [|...]

--- 53 ---

[...|]

5. Radèn Ayu Sobra iku panggihipun | lan Sumanêgara | kinarya ngarêm-arêmi | bulus Jimbung ing putra pangantèn anyar ||

6. budhalipun kang jaga prajuritipun | kêkalih punggawa | kang tinilar ardi Wijil | Cakrajaya kalawan Kartanagara ||

7. lampahipun Pangran Mangkunagara wus | prapta Sumarêja | pan arsa kèndêl sawêngi | sawêg sami cinuculan kang turôngga ||

8. sami cucul rasukan sadayanipun | jalu myang wanodya | para garwa cucul sami | wadya ura kang sami tata mondhokan ||

9. ingkang kumpul wadya saking rama prabu | wong inggat-inggatan | praptane nèng gunung Wijil | martalulut kalawan wong jagabaya ||

10. nêlung puluh rongpuluh salurahipun | prajurit kaparak | nèng prangan ingalih nami | ginundhulan ingaranan wong nirbaya ||

11. pan puniku kinudang-kudang prangipun | yèn wontêna karya | ingabên prang dharat sami | wis gunane prang dharat wontên kang rama ||

12. pan kasaru wau sira Ki Tumênggung | Suramangunjaya | katunjang baris Kumpêni | binabujung tan kuwawi nadhahana ||

13. sru lumayu nêdya ngungsi gustinipun | anèng Sumarêja | sapraptanè kilèn kali | Sumarêja menggok Suramangunjaya ||

14. kinarutug ingêdrelan wus lumayu | gègèr abusêkan | tan andimpe mungsuh prapti | langkung saking kasusu nambur gumêrah ||

15. sru lumayu wong wadon pating parindhul | tan kobêr rasukan | amire ngetan tumuli | mantri [ma...]

--- 54 ---

[...ntri] jêro wus kinèn alingan desa ||

16. kang ingadu badhenipun kang pinangku | prajurit balikan | saking kang rama sang aji | binantonan ing wuri wong gulang-gulang ||

17. sigra wau prapta bantu Pangran Timur | nèng pangawat kiwa | Kudanawarsa wus prapti | wus amapag pangawat kiwa gènira ||

18. dhadhanipun tan ana ingkang kadulu | wong dharat kalingan | ing galagah sukêt sami | ingkang gêlar satriya sumping kinarya ||

19. lawan mungsuh wus dangu dulu-dinulu | Kapitan Sèl lanas | ajidanira tinuding | lah dêlêngên kaline apa anglela ||

20. sigra maju ajidan mariksa gupuh | angèl kang lèr têngah | kang kidul kalangkung radin | kali Wêdhèn kambaha bêbayi bisa ||

21. nulya nantun marang sira ki tumênggung | hèh Surajênggala | sira wani mungsuh iki | anauri asru Ki Surajênggala ||

22. kula purun punika mring Pangran Timur | lan Kudanawarsa | Pangran Mangkunagarèki | botên wontên dene tan wontên katingal ||

23. sigra nambur saparo ginawa ngidul | Kapitan Sèl pyambak | panyabrange kang ngêngirid | praptèng nyabrang wetan angabani bala ||

24. Pangran Timur ingêdrèl sapisan kawur | malêdug angetan | binujung sampun atêbih | sigra ngilèn Kapitan Sèl nêmbang durma ||

153. Durma

1. arsa gitik barise Kudanawarsa | gugup pangeran angling | marene ku mêngsah | nirbita dèn aenggal | lurah nirbita wotsari | sukur punika | gusti lamun [la...]

--- 55 ---

[...mun] mariki ||

2. kula cara prangipun rama andika | lamun mêngsah Kumpêni | nênggih yèn acêlak | lajêng nêmpuh anunjang | angrukêt ingidak wani | wus sami tata | gulang-gulang ing wuri ||

3. parentahe pangeran hèh gulang-gulang | anuta aja kari | lawan wong nirbita | samya matur sandika | wus cêlak baris Kumpêni | wong anirbita | ngadêg sarwi alok hi ||

4. wus anêmpuh angrukêt sarwi anumbak | kagyat bala Kumpêni | kagum ting guragap | kagyat pangêdrèlira | sayêkti tanpa ngudhili | wong gulang-gulang | nusup pangamuknèki ||

5. kathah pêjah Kumpêni pating sulayah | pangeran sigra nitih | turôngga angetan | barise Danawarsa | kinèn mangsah ngilèn sami | mantri ngro samya | wus kinèn ngilèn sami ||

6. tigang dasa Kumpêni kang sampun pêjah | Kapitan Sèl ngêmasi | kang kari lumajar | ngumpul ngilèn sadaya | Kudanawarsa nabrangi | kang ngidul samya | nabrang ing kidul sami ||

7. kinaroyok amung angêdrèl sapisan | lumayu ngilèn sami | lan Surajênggala | Tumênggung ing Mataram | repot palayunirèki | sampun kacandhak | Surajênggala mati ||

8. pambujunge kèndêl ing Kamalon sayah | praptane têngah wêngi | wangsul ing Barija | mêngsah samarga-marga | akêkècèr kang ngêmasi | baris Prambanan | bêdhol mring ardi Gamping ||

9. wau Pangran Mangkunagara rêmbagan | badhe

--- 56 ---

manjing Matawis | arsa angrêbata | Kêdhu Pagêlèn pisan | wus dadya ingkang pinikir | saking Barija | budhal dhatêng Matawis ||

10. saha bala kadya wutahing hèrnawa | prapta tanah Matawis | pacak barisira | sawetan Kabanaran | sakilèn Jêjêran kêdhik | nulya parentah | narubkên wong Matawis ||

11. sabên dina prajurit sami urunan | nglèncèri gunung Gamping | nanging datan ana | ingkang purun parêka | saking gêng mêngsah Kumpêni | lan pra dipatya | kathah saking pasisir ||

12. wau Pangran Dipati Mangkunagara | ngêlar jajahan malih | Bagêlèn rinêbat | ingkang Paman Purbaya | ngulihkên Pagêlèn malih | pinaring bala | satus sawaos bêdhil ||

13. lan bupati satunggal jangkung kewala | wontên sa-Kilènpragi | nênggih lampahira | Tumênggung Pringgalaya | wus budhal saking Matawis | Pangran Purbaya | lawan sawadyanèki ||

14. bêkta satus prajurit Mangkunagaran | sakawan lurahnèki | sragêni jro ika | kalih lêlurahira | Sêrangpati Surèngpati | numbak tamtama | lurahipun kêkalih ||

15. Japênêtêg kalawan Jayapênatag | lampahe sampun prapti | sa-Kilènparaga | lajêng angilèn pisan | ing Pagêlèn nuju sêpi | Kyai Rungbinang | Kapitan Markèt sami ||

16. duk pinanggil marang Petor ing Têtêgal | anèng Toyamas nênggih | lagya tigang dina | pêpanggihan Toyamas | tinunjang caraka prapti | saking Mataram |

--- 57 ---

Istimolor wèh tulis ||

17. lamun ardi Gamping kinêpung ing mêngsah | andina rame jurit | nagari Mataram | jêjêl kanggènan mêngsah | Kapitan Sèl wus ngêmasi | prang tanah Pajang | lan tumênggung satunggil ||

18. Tumênggung Mataram ran Surajênggala | punika sarêng mati | lan Êsèl Kapitan | aprang anèng Barija | Kumpêni akèh kang mati | tuwin wong Jawa | para mantri kèh mati ||

19. lawan wontên mungsuh kang satu pangeran | Purbaya andhatêngi | mring Pagêlèn ika | Sangubanyu barisnya | apanjang raosing tulis | ulate pucat | miwah tumênggung kalih ||

20. mungsuh aprang sasat wong Tawanggantungan | Mangkunagara mangkin | wus umadêg nata | Sunan Adiprakosa | kumalungkung anèng bumi | kawênang-wênang | dènnya anglêlanangi ||

21. gawe bondhan tanpa ratu tanah Jawa | ing ayuda murwani | mila saudara | tumênggung kalih pisan | dika siyaga ing jurit | akumpul bala | nuntên budhala aglis ||

22. mukul Pangran Purbaya nèng Sangutoya | wetan kula nadhahi | dimèn ngalumpuka | mungsuh anèng Mataram | apanjang raosing tulis | ngiras awarta | Susunan Mangkubumi ||

23. sampun pêsthi Kumpêni pangukupira | idlèr sampun manggihi | marang Garobogan | Susunan ing Banaran | sampun saguh ing Kumpêni | anyirnakêna | ing Mangkunagarèki ||

24. mila nuntên sudara nuli enggala | tumuntên nunggil baris | ardi Gamping samya |

--- 58 ---

Ubristi pan mèh prapta | yèn sampun tumut manggihi | inggih kalawan | Susunan Mangkubumi ||

25. wus mangkana Ki Tumênggung Arungbinang | Markèt budhal dhingini | saking ing Toyamas | lampahnya gurawalan | nèng marga kapêthuk aglis | carakanira | Kurnèl Ungaran mangkin ||

26. lamun mêngsah ing punika arsa ngêpang | baris Ungaran singgih | wusira miyarsa | ature kang caraka | sinêru lampah nèng margi | datan kawarna | ing Ungaran wus prapti ||

27. têngah dalu enjinge lajêng têngara | kumpul sagung prajurit | lajêng budhalira | Tumênggung Arungbinang | lan Kapitan Markèt sami | amukul mêngsah | kang baris Sanguwarih ||

28. prajurite Ki Tumênggung Arungbinang | pitung atus tan luwih | ingkang kêkapalan | sèwu prajurit dharat | Kapitan Markèt Kumpêni | dragundêrira | tigang dasa tan luwih ||

29. jalan kaki sèkêt Kumpênine Islam | karo bêlah lumaris | angetan wus prapta | sakilèn Sangutoya | Pangeran Purubayèki | pacalangira | prapta atur udani ||

30. lamun mêngsah agêng saking kilèn prapta | gègèr barisirèki | gugup sami mêdal | Tumênggung Arungbinang | tan ataha ing ajurit | nêmpuh anunjang | rame campuh ing jurit ||

31. prange pêngkuh prajurit Mangkunagaran | sragêni ijo sami | panumbak tamtama | Tumênggung Arungbinang | ngungkih panêmpuhing jurit | wau mungsuhnya | kudane cilik-cilik ||

32. tinarajang [ti...]

--- 59 ---

[...narajang] mantri sèwu numbakanyar | ingangsahakên sami | Tumênggung Rungbinang | nindhihi ngawaki prang | anyêrot anunjang wani | Kumpêni mapag | dragundêre ngêdrèli ||

33. gulagêpan prajurit Kapurubayan | kudane prasamyalit | para mantri ngarsa | gêng-agêng kudanira | wus kawur kuwur angisis | dhadhal kaponthal | mawur tan môngga pulih ||

34. binabujung gêndring Pangeran Purbaya | balane kocar-kacir | praptèng Palaosan | maksih kinodhol samya | sadintên dènira ngungsir | tan inganggopan | praptèng Rendhetan sami ||

35. binabujung binêdhilan urut marga | ing Pragawônta prapti | nabrang kuthetheran | kinarutug sanjata | tumênggung kapitan sami | kèndêl Wêwaja | kunêng malih winarni ||

36. Pringgalaya ingkang baris anèng Bantar | anèng sa-Kilènpragi | jangkung lampahira | ing Pangeran Purbaya | Istimolor duk miyarsi | sampun siyaga | pukul tiga ing wêngi ||

37. angkatira saking ardi Gamping bêkta | satus dragundêrnèki | wong Kumpêni Islam | upêsir kang turôngga | tigang dasa miwah malih | kang pra dipatya | sakawan sawadyèki ||

38. ingkang sami kapalan kapitu bêlah | sarêng byar praptanèki | gène Pringgalaya | kinarutug sanjata | Pringgalaya misih guling | kagum kaponthal | kêkapalan anggêndring ||

39. pothar-pathir palayune kuthetheran | tumbak bêdhile kèri | tuwin kang turôngga | tan [ta...]

--- 60 ---

[...n] kongsi kinambilan | nusup-nusup rêbut urip | palayunira | jurang-jurang dèn bruki ||

40. gêgundhulan kabèh kang sami lumajar | Pringgalaya agundhil | lan sabalanira | ingungsir anèng wana | Istimolor wangsul aglis | samya jêjarah | suka akèh pinanggih ||

41. Istimolor lajêng angalèr sadina | Kapitan Markèt sami | lan Kyai Rungbinang | mêthuk mayor lampahnya | Istimolor lampahnèki | wis ingaturan | nyabrang sakilèn kali ||

42. amung mayor prajurit kang kathah-kathah | kantun sawetan kali | tata palênggahan | Istimolor lingira | sudara tumênggung nguni | dêlèr parentah | maring kula amêsthi ||

43. putrandika Tumênggung Jayasudarga | tumut ing kula yêkti | sagèn baris kula | Bumija numbakanyar | Bumijane wus anunggil | Dyan Natayuda | samantrine wus nunggil ||

44. inggih kantun mantrine anumbakanyar | punika dèrèng nunggil | samangke dandanan | nuntên kawula bêkta | Tumênggung Rungbinang nolih | mring putranira | hèh tumênggung sirèki ||

45. ing samêngko barênga angiring tuwan | dene kang kari-kari | anusul kewala | kang gawa sangunira | mêngko para mantri dhingin | gawanên padha | kang putra nêmbah amit ||

46. Mayor Istimolor amit sampun nyabrang | praptane wetan kali | nambur lajêng bubar | prajurit numbakanyar | turôngga tri atus ngiring | wau lampahnya | kapêthuk anèng margi ||

--- 61 ---

47. pacalange Pangeran Mangkunagara | dene miyarsa warti | Istimolor minggat | mring Pagêlèn parannya | milane dipun imbangi | kidul kilènnya | barisan ardi Gamping ||

48. pacalangè manjing desa suwung samya | tan wruh mungsuhnya prapti | ngarutug sanjata | kawur palajêngira | sami binandhang kudèki | giwar sarsaran | kabujung dèn kêkinthil ||

49. karusakan ing margi têmpuh kalawan | Pangeran Purbayèki | sami kapalajar | Tumênggung Pringgalaya | anusul akêmpis-kêmpis | sinungan kuda | mring Pangran Purbayèki ||

50. pambujunge mèh prapta ing Kabanaran | kèndêl bala Kumpêni | mayor lajêng marang | ing gunung Gamping samya | dragundêr tumut sapalih | angungsir mêngsah | Kumpêni kang sapalih ||

51. kagegeran kang baris ing Kabanaran | têngara amêtoni | prajurit kasêsa | Kyai Kudanawarsa | saking lèr anêmpuh jurit | campuh sakêdhap | mundur bala Kumpêni ||

52. Pangran Mangkudiningrat Sumanêgara | saking wetan nulungi | langkung gugupira | Pangran Mangkunagara | prajurite ing jro sami | kèn umangsaha | têtulung ing ajurit ||

53. wau Pangran Purbaya panggih kang putra | langkung ngungunirèki | miwah Pringgalaya | inggih sampun kapanggya | praptane prasami gundhil | wau kang aprang | mungsuh wus manjing loji ||

54. pan angalang barise Kudanawarsa | dèn mariyêm anêbih | kang kidul mangkana | Pangran Mangkudiningrat |

--- 62 ---

dèn mariyêm sami nêbih | lir prabata rag | mariyêm gunung Gamping ||

55. dèn lêlèdhèk kuda satus sami mêdal | binujung manjing loji | mungsuh antuk nyêlak | mriyêm sungsun tinundha | kudane mungsuh kèh mati | dadya agiras | undure ngasmarani ||

154. Asmaradana

1. wanci rêp undurirèki | Dipati Kudanawarsa | Pangran Mangkudiningrate | Tumênggung Sumanagara | praptane Kabanaran | lajêng dènira arêmbug | anèng ngarsane pangeran ||

2. rêmbage kang pra dipati | sakathahe wong ing desa | kang sami anyanggi uwos | bêras kang marang wong Lônda | punika rinusaka | tinumpêsana wongipun | pradesane ginêmpuran ||

3. kang rinêmbug sampun dadi | kunêng malih winursita | lampahira tuwan idlèr | ingkang arsa pêpanggihan | lan Natèng Kabanaran | Padagangan ênggènipun | masanggrahan sri narendra ||

4. tuwan idlèr duk ing margi | nèng talatah bumi Dêmak | kang iring wukir Kêndhênge | utusan mêthuk sang nata | Pangeran Pakuningrat | lan Sindusastra Tumênggung | Brajamusthi Brajadênta ||

5. kapêthuk wontên ing Candhi | lan Pangeran Pakuningrat | tigang atus prajurite | banderanipun sakawan | kumpule kang gêgaman | sami kèndêl pêkênipun | ing Candhi atêtabean ||

6. têtanya Nikolas Harting | punika maksih atêbah | saking ing ngriku prênahe | nênggih dhusun Padagangan | nauri [na...]

--- 63 ---

[...uri] Pakuningrat | saonjotan botên langkung | malah ta kapara kirang ||

7. nulya samya mangkat malih | pra dipati munggèng ngarsa | gumuruh munya tambure | lampah lagya tigang bulak | wontên wau katingal | dêdamêl ingkang amêthuk | Dipati Suryanagara ||

8. kèndêl têtabean aglis | sakêdhap lajêng bubaran | lagya tigang bulak malèh | Mas Rôngga kang katingalan | nênggih dêdamêlira | têtabean kèndêlipun | tan dangu nulya budhalan ||

9. sawêg tigang bulak malih | wontên dêdamêl katingal | kalih songsongipun jêne | idlèr alon atêtanya | sintên punika prapta | Suryanagara sumaur | inggih putra kalih pisan ||

10. kang nama pangran dipati | pangran ngabèi satunggal | wus cêlak nulya atabe | sarêng dènnya bêbudhalan | wus cêlak pasanggrahan | wadya jro wus tata dangu | baris sêsiyung kang kurmat ||

11. praptèng sabulak kaèksi | munya kodhokngorèk ngangkang | kêndhang gong kalawan srunèn | sang nata wus abusana | ngrasuk kaprajuritan | wus munggèng amparan lungguh | idlèr ngenggalkên lampahnya ||

12. pisah sagung pra dipati | kang sami wontên ing ngarsa | ngering nganan ing lampahe | wus cêlak idlèr tumêdhak | saking turangganira | masuk ing baris sêsiyung | ingapit kang para putra ||

13. sang nata têdhak sakêdhik | munggèng ngarsane ngamparan | Nikolas Harting nulya ge | malajêngi sri narendra |

--- 64 ---

gapyuk atêtabean | pan lajêng rangkul-rinangkul | samya cêciuman jôngga ||

14. wus dangu dènira linggih | ing kursi kilèn sang nata | sigra mangsah upêsire | petor bêsar têtabean | sigra Ubristi nulya | Kapitan pan dar Pol gupuh | lan Kapitan Dongkêl mangsah ||

15. wus atabe tata linggih | majêng sapangalèr pisan | kèndêl dangu tan miraos | Nikolas Harting samana | mèsêm-mèsêm kewala | dènira mulat sang prabu | bagus jatmika kalintang ||

16. dangu dènnya muwus aris | tuwan idlèr angrêrêpa | kula punika kinèngkèn | dhatêng eyang jêng paduka | Tuwan Gurnadur Jendral | Jakup Musêl kang angutus | lan sagung radpênindia ||

17. ngêsrahkên nagri sapalih | tuwan anamaa sultan | ing Mataram kadhatone | ratu ngiras senapatya | ngrêsiki tanah Jawa | ing pundi gène kang mungsuh | ingkang ngambah tanah Jawa ||

18. nênggih paduka kang wajib | anyirnakakên kang mêngsah | dene ta bôndha beanê | lawan kanthining ayuda | jendral kang matah-matah | sang nata nauri manthuk | ya tarima kasih ingwang ||

19. iku idlèr ujar pasthi | iya padha ujar pisan | aja kaya Si Hondhorop | ujare sok lêloropan | idêlèr latah-latah | puniku Walandi busuk | botên ambobot manusa ||

20. akarya risaking bumi | botên anganggo suwawa | yèn Nikolas Harting dede | môngsa inggih makatêna | angangge

--- 65 ---

ujar pisan | ajrih dukane Hyang Agung | ngêtrapakên siya-siya ||

21. lan kinèn ngêsahkên malih | wadya Kumpêni sadaya | ing prang môngka ing kanthine | satus dragundêr punika | kalih atus kang dharat | Kumpêni Slam tigang atus | kêstabêlipun sadasa ||

22. mariyêmipun kêkalih | dene senapatining prang | gih pun Mayor Istimolor | dene Ubristi punika | jêjênêng kinuwasa | lawan kang para tumênggung | nênêm karyane katura ||

23. ngandikan kang pra dipati | idlèr ngatag angujunga | kang dhingini pangujunge | Ki Dipati ing Samarang | gantya kang pra dipatya | wusira tata alungguh | anunggil kang pra dipatya ||

107. Sinuhun Sultan dhawuh ambidhalakên wadyabala Jawi lan Walandi ambujêng balanipun Pangeran Mangkunagara

24. dinangu prajuritnèki | bupati nênêm punika | mung sangang atus kudane | sèwu sangang atus dharat | sang nata angandika | mêngkene para tumênggung | iya prajanjiyaningwang ||

25. sapa kang lumayu dhingin | tinggal Kumpêni lan ingwang | sun lunas prajanjiningong | idlèr anambungi latah | lêrês punika sultan | pra dipati nêmbah matur | pukulun inggih sandika ||

26. sang nata ngandika malih | dene ta Ubristi sira | ngidula mring Matarame |

--- 66 ---

sagung baris kêbutêna | gawanên ngangsêg ngetan | dene ta kang ingsun pundhut | upêsir loro kewala ||

27. Litnan Kornète kajawi | iya kang para kapitan | Si Dongkêl lan Si pan dêr Pol | ingkang dadi kanthiningwang | poma dèn eling padha | aja kagetan ing laku | mungsuh Si Mangkunagara ||

28. anggêdhag tangkêping jurit | ulah sênggrang ing ayuda | yèn tinanggonan malècèt | yèn olèh wong tipis manah | taksir môngsa dadia | pasisir para tumênggung | dèn eling tangkêping yuda ||

29. sadaya matur wotsari | sang nata malih ngandika | hèh Ubristi sira têmbe | yèn ana ungguling lampah | maringa tanah Pajang | Si Kurdhanagara iku | lah iya Si Wiranata ||

30. sira lunasa tumuli | yèn akêmbul lawan sira | iku jajalanat gêdhe | kabèh ginawe bandara | inganggêp tan karuwan | ing wiwitane puniku | wonge Si Mangkunagara ||

31. nuli lunga iku balik | anak Prabu Surakarta | lawan dadi punggawane | iya iku nora lana | nuli baline minggat | bali maning lunganipun | marang Si Mangkunagara ||

32. nora lawas bali maning | mring anak prabu ing Sala | anuli suwita mring ngong | iya iku yèn awèta | mangkana kang pratingkah | sayêkti iku bêbawur | pratingkah ingkang atata ||

33. lawan iya sira benjing | yèn wis ngancik tanah Pajang | wong desane tarub kabèh | anak Prabu

--- 67 ---

Surakarta | anuli caosana | kang ngingoni kudanipun | wong limang atus kewala ||

34. sandika Mayor Ubristi | sadaya pitungkas tuwan | sayêkti lamun kalakon | sang nata malih ngandika | maring idlèr lingira | iku idlèr ya Si Ubrus | abêcik nuli mangkata ||

35. singa kang campuh rumiyin | kang kari enggal ngêpunga | aja kongsi katêlompèn | idlèr panuju kewala | Ubristi sigra mangkat | lawan saprajuritipun | sapraptanira Samarang ||

36. pan amung kèndêl sawêngi | enjingipun nulya budhal | marang ing Kêdhu jujuge | prapta pabarisan Sêcang | lajêng apaparentah | Tumênggung Banyumas sampun | kinèn siyaga ngayuda ||

37. praptaa ing gunung Gamping | kerida Yudanagara | kabèh Walônda Pagêlèn | iya padha dèn gawaa | Tumênggung Arungbinang | karia ingkang atunggu | Pagêlèn iya kalawan ||

38. Si Kapitan Markèt nuli | sa-Kumpênine budhala | kang karia ing Pagêlèn | amung salawe Walônda | lan Tumênggung Rungbinang | parentah Tumênggung Kêdhu | badhe binêkta sadaya ||

39. mung Gowong kang makèwêdi | wontên bupati satunggal | Tumênggung Mangkudirjane | punggawa Natèng Banaran | misih ngadêg barisnya | sapraptane Mayor Ubrus | lajêng kinintunan sêrat ||

40. yèn gawa parentahnèki | Susunan ing Kabanaran | yèn wis dhatêng badhamine | anulya gampil kewala | utusan maring

--- 68 ---

Sêcang | lan Tumênggung Singaranu | prasamya utusan kadang ||

41. lawan sakêrigannèki | wus sami ngumpul nèng Sêcang | wusnya asumêkta kabèh | Mayor Ubris lagya budhal | saking barisan Sêcang | kang tinilar anèng Kêdhu | mung mantri kalih kewala ||

42. mung rolas Kumpêninèki | lawan sareyan satunggal | Mayor Ubristi lampahe | ing gunung Gamping wus prapta | Tumênggung ing Banyumas | lêt rong dina praptanipun | kumpul nèng Gamping sadaya ||

43. langkung agêng ingkang baris | Pangeran Mangkunagara | samya mundur pangajênge | kuwatir agênging mêngsah | Pangran Mangkunagara | wontên mantrine umatur | ing mangkya rama paduka ||

44. panggih lan Idlèr Samawis | anèng dhusun Padagangan | sampun akumpul barise | malah ta arsa budhalan | dhatêng ing tanah Pajang | paduka arsa ginêpuk | pinaju kalih punika ||

45. mila baris ardi Gamping | langkung gêng baris kang prapta | warti sèwu Kumpênine | Bali Bugisipun dhomas | bupatine akathah | badhe amêkasi laku | inggih amucunga ing prang ||

155. Pocung[7]

1. rama prabu ing punika gadhah sanggup | nyirnakakên ing prang | dhatêng ing paduka mangkin | balanipun wêwah malih sampun kathah ||

2. kanthinipun Kumpênine tigang atus | pra dipati kathah | pasisir ingkang kinêrig | wus jinanjèn sarêng rêmak rêmpu ing prang ||

3. dènnya ngrungu Pangran Mangkunagarèku | bingung manahira | ragi kaduwung [ka...]

--- 69 ---

[...duwung] ing galih | dènnya ambêk êncik-êncik ing prakara ||

4. pikiripun mungsuh iki gêdhe pungkur | sanadyan kêthèna | mungsuh gunung Gamping iki | nora abot dene kiyai tan ana ||

5. kang lèr iku kêdhika Kumpêninipun | ingkang mawa awrat | dene akanthi kiyai | enak mundur payo mapan Sumarêja ||

6. budhal esuk sawadyanira gumuruh | praptèng Sumarêja | wontên ingkang matur malih | ajêng budhal rama paduka sang nata ||

7. wandenipun Adipati Pugêr lampus | bok sandhung maesan | mila ragi tamban malih | pêjahipun Pugêr ing tanggal punika ||

8. ya ta wau pangeran ing karsanipun | angur dhininginan | kerona tyase kiyai | sigra budhal sêdya lajêng Garobogan ||

9. têlikipun kang rama atas angrungu | lajêng lampahira | rina wêngi pan lumaris | sapraptane Padagangan tur uninga ||

10. lamun mungsuh badhe dhatêngi anggêpuk | wau duk miyarsa | yèn beka badhe dhatêngi | marang Candhi Pusêr ngalih pasanggrahan ||

11. lan gupêrnur lamine wus kawan dalu | dhatêngakên rêmbag | kêkarène bicarèki | dene sultan abdine kang kathah-kathah ||

12. papalayon saking Kumpêni rumuhun | tiyang dosa pêjah | samangke sampun alami | pangabdine luwara saking bicara ||

13. idlèr nurut sadaya pamundhutipun | sultan malih mojar | lawan saprakara malih | ênggon ingsun ngawulakkên [nga...]

--- 70 ---

[...wulakkên] pra dipatya ||

14. kaya iku Dhimas Natakusumèku | kalawan yayi mas | Sang Prabu Mangkarawati | sadosane aywa na dadi rêrasan ||

15. idlèr matur yèn Sultan Bantên puniku | wau tuwan turna | Rama Tuwan Sèh Ibrahim | dimènipun binêkta ing Batawiah ||

16. lon sumaur mau duk Tuwan Sèh rawuh | nèng pakuwon ingwang | Yayi Prabu Pakungwati | apanuju bangêt ing gone alara ||

17. idlèr matur sadayane tuwan tanggung | sayêkti yèn luwar | kados Sultan Pakungwati | yèn mantuka ngantukkên dadi santana ||

18. yêkti tumut lamun lêlurahe emut | kalangkung prayoga | ing rumiyin jaman lali | mangke eling Kumpêni sukur kewala ||

19. nulya wau rampunging bicaranipun | wadyatur uninga | mantri pangarsaning baris | lamun prapta Pangeran Mangkunagara ||

20. wau dalu nèng Serang pakuwonipun | kadi mangke prapta | balane kadi jaladri | tuwan idlèr miyarsa ku ngantènana ||

21. sami kumpul pra dipati barisipun | prasamya mangawat | prajurit jro andhadhani | sultan têdhak idlèr kinèn maksih lênggah ||

22. nitih gupuh ing kuda anjog mangayun | nata barisira | solahe sèdhêt tarincing | idlèr mulat mèsêm agoyang kapala ||

23. dhasar patut dadya prajurit pinunjul | sawusnya parentah | wangsul palênggahan malih | angandika Kumpêni aja katingal ||

24. tan adangu mantri

--- 71 ---

pacalang têtêlu | kuda tigang dasa | praptane atur udani | mêngsah sampun botên purun marikia ||

25. wontên matur yèn paduka badhe mêthuk | amrih papan jêmbar | ing Candhi Pusêr prayogi | nanging inggih ing lampah kêdah mangetan ||

26. mangke sampun nèng Sela pakuwonipun | sang nata ngandika | idlèr muliha Samawis | Adhi êmas Pakuningrat mèlu sira ||

27. kanthinipun Si Ngabdul Wakid puniku | sun alihkên aran | Si Ngabèi Cakrakarti | ingsun gawe lurahe ing wong limalas ||

28. besuk lamun ana salamêting laku | iya lamun ana | kêkarèning umur iki | patêmone anak Prabu Surakarta ||

29. sira iku idlèr aja lawas besuk | nuli umangkata | mring Surakarta nagari | aja pisah lan Si Adhi Pakuningrat ||

30. Sultan Pakungwati pinarêngkên laku | pamit rêrangkulan | Sang Prabu Mangkarawati | lan kang raka karuna mèh kur-ungkuran ||

156. Pangkur

1. idlèr pamit têtabean | saking Candhi Pusêr sampun lumaris | môngka gêgêdhening rukun | Pangeran Pakuningrat | lan Ngabèi Cakrakarti kanthinipun | lan malih ingkang binêkta | Sang Prabu Mangkarawati ||

2. ingaturkên Sarib Bêsar | kinèn bêkta marang nagri Samawis | matura marang gurnadur | nênggih dèn antukêna | marang Bantên muliha santananipun | nir ciptane dadi raja | elinga kêkadang malih ||

3. wau ta saungkurira | tuwan idlèr

--- 72 ---

mantuk dhatêng Samawis | sadalu marga prapta wus | nagari ing Samarang | Pangran Pakuningrat lan idlèr wus laju | panggih Tuwan Sarib Bêsar | matur satingkahirèki ||

4. palêsta sagung bicara | putra Tuwan Susunan Mangkubumi | inggih anyuwun pangèstu | badhe umagut ing prang | nyirnakakên inggih yèn antuk pitulung | rêrêgêding tanah Jawa | rêriwuk gêng anglangkungi ||

5. Tuwan Sarib duk miyarsa | yèn putrane badhe umagut jurit | anèng ngarsane gupêrnur | lan Pangran Pakuningrat | sigra ngadêg nèng kêmeja adêgipun | angadêgakên kang putra | lujênge umagut jurit ||

6. wus dangu pangadêgira | kêmejane obah anulya linggih | idlèr alon aturipun | angsal pangèstu tuwan | andongakkên kang arsa magut prang pupuh | Mangkubumi salamêta | dènira umagut jurit ||

7. idlèr latah aturira | putra tuwan pantês dadi prajurit | Mangkubumi dêdêgipun | atêrincing sêrigak | lawan sampun undhagi gêlaring pupuh | suka Tuwan Sarib Bêsar | Kumpêni sama amuji ||

8. idlèr matur marang tuwan | Sèh Ibrahim Sang Prabu Pakungwati | katura dhatêng gurnadur | eling dènnya kêkadang | dèn antukkên mring Bantên kadi rumuhun | dadya santana pangarsa | ing Nagara Pakungwati ||

9. manthuk Tuwan Sarib Bêsar | langkung pênêd samangkya darbe eling | eling durakèng Hyang Agung | karya susahing kathah | dadi iku kagawa ing lakuningsun | dadi muwuhi ganjaran |

--- 73 ---

mring Sutèngong Mangkubumi ||

10. badhamine anggêgawa | iya padha raja liya nagari | sagunging pitungkas putus | idlèr sigra pamitan | Pangran Pakuningrat amakuwon sampun | kunêng gantya kawuwusa | kang baris ing ardi Gamping ||

108. Tumênggung Kurdhanagara saanakipun dipun lunas Sunan Kabanaran ngaturi bumi 500 minôngka têdhaning kapal dhatêng ingkang putra Sinuhun ing Surakarta

11. budhal saking ing Mataram | sagung ingkang Kumpêni ardi Gamping | Kumpênine gangsal atus | nêmatus Kumpêni Slam | bupatine têtiga Tumênggung Kêdhu | Mangkuyuda Natayuda | Tumênggung Wiradigdèki ||

12. Pagêlèn ingkang satunggal | numbakanyar lan sakancane mantri | Jayasudarga Tumênggung | Tumênggung ing Banyumas | sakancane para ngabèi tan kantun | Panjêr Banjar Mardèn Roma | ing Ngayah lawan ing Pasir ||

13. agêng lampahe gêgaman | ingkang kantun wontên ing ardi Gamping | Kumpênine patang puluh | satus Kumpêni Islam | Kapitane Markèt punika kang kantun | nênêm kang para dipatya | para tumênggung pasisir ||

14. kapitu Tumênggungira | ing Mataram Tumênggung Rajaniti | wau ta sang Mayor Ubrus | wontên malih kanthinya | Istimolor angirid gêgaman agung | angetan mring tanah Pajang |

--- 74 ---

ing Lêmahirêng wus prapti ||

15. Kumpêni ing Surakarta | asiyaga mêdal saking nagari | wontên kalih mantri nungkul | Mantri Natèng Banaran | kang ngayomi sawetan Marapi gunung | Ngabèi Jayanagara | Wiranagara Ngabèi ||

16. kêkapalan wolung dasa | bêkta bawah nyèwu mantri satunggil | kang kinanthi marang uprup | mêdal jawi nagara | lawan Mantri Pamasaran kang atugur | nèng nagari Surakarta | Ki Ngabèi Surakarti ||

17. dene Drik Johan Abraham | sampun kumpul lan Kurdhanagarèki | anèng Baki barisipun | tarub sagung wong desa | wus binêkta mring uprup ngumpul mangidul | Yan Hèndrik Uprup Abraham | lan Mayor Ubrus wus panggih ||

18. nèng Lêmahirêng wus prapta | pamondhokan langkung agêng kang baris | Cumpu ara-aranipun | mung kêdhik ingkang wetan | sapambêdhil pistul ara-aranipun | kanggenan pondhok sadaya | tarub wong desane sami ||

19. Tumênggung Kurdhanagara | wus pinanggil dalu marang Ubristi | sakawan lan anakipun | sampun pinarantenan | langkung wêrit pirantine Mayor Ubrus | upêsir Kumpêni Islam | apan kinèn amatèni ||

20. pinêndhêm dadi saluwang | kunarpane kapat anake sami | kang kêkalih kadangipun | datan ana kang wikan | dupi enjing Kumpêni prasamya padu | animbali pra dipatya | sadaya dipun takèni ||

21. Si Bapak Kurdhanagara | ana ngêndi dene tan ana prapti | pra dipati [dipa...]

--- 75 ---

[...ti] ting palinguk | tan wikan saurira | lamun ingkang pawarta minggat ing dalu | bawahe wus pinarutah | mantrine kang nyôngga kardi ||

22. Yan Hèndrik Johan Abraham | wus pinanggil marang Mayor Ubristi | prapta ngarsanira Ubrus | alon ing wuwusira | tuwan sunan iya pira kudanipun | Uprup Abraham turira | mung wêwolu botên luwih ||

23. Ubristi malih lingira | nora ana sikêp sapa ngingoni | Johan Abraham turipun | inggih tumbas kewala | angling sugal sira wau Mayor Ubrus | dadi sira bangêt tiwas | duk nungkul Wiranatèki ||

24. apa nora gawa bawah | sigra Braham alon ing wuwusnèki | nênggih bêkta tigang èwu | nanging tuwan susunan | botên ngarsakakên inggih lamun mundhut | bawah dhatêng Wiranata | pinrih agêng ingkang baris ||

25. Mayor Ubristi lingira | iki mêkas Susunan Mangkubumi | kinèn anyaosi ingsun | sawah kang pêndhak-pêndhak | aja kurang aja luwih limang atus | iya êndi aranana | Johan Abraham anolih ||

26. nuju sinung Kulman Jawa | mring sang nata lêlungsuran bupati | anut saparaning uprup | kalih tilas punggawa | ing Kaduwang Sumabrata naminipun | Ngabèi Krêtinagara | uprup akèn angarani ||

27. desa pêrak kang prayoga | Kyai Krêtinagara amastani | inggih Baki tigang atus | satuse Puncang Palar | Jurangjêro

--- 76 ---

satus jangkêp gangsal atus | Ubristi sigra parentah | mundhut limang atus bumi ||

28. mêtua saking arahan | para mantri kang sami nyêpêng bumi | bumi limang atus katur | Ubristi gya parentah | sira dhewe Abraham muliha gupuh | aturêna mring sang nata | bumi limang atus iki ||

29. dadia ingon turôngga | ingkang Rama Susunan Mangkubumi | ingkang pitungkas maring sun | besuk lamun wis tata | iya gampang ing samêngko aja butuh | Uprup Abraham sandika | tabe amit mangkat aglis ||

30. sapraptane Surakarta | lajêng masuk ing kadhaton wus panggih | umatur marang sang prabu | Ubristi ingkang duta | ngaturakên inggih bumi gangsal atus | samangke ingon turôngga | ngandika sri narapati ||

31. hèh uprup iki ta sapa | duwe pikir dene luwih prayogi | Istimolor apa Ubrus | uprup mèsêm turira | inggih saking rama paduka pukulun | Susuhunan Kabanaran | pun Ubrus dèn parentahi ||

32. duk uprup tumut panggihan | Candhi Pusêr gènira marentahi | hèh Ubrus yèn dika besuk | prapta ing tanah Pajang | anak prabu nuli caosana gupuh | limang atus aja kurang | bumi ingoning turanggi ||

33. lawan Ki Kurdhanagara | sakadange ya Si Wiranatèki | padha lunasên sirèku | dosa bêbawur lampah | bolak-balik bondhanakên para ratu | kèh kuwur barang pratingkah | kang sayêkti amrih pati ||

34. gumujêng nata miyarsa | sakarsane [sakarsa...]

--- 77 ---

[...ne] paman kang kakon galih | uprup malih aturipun | lan malih kula myarsa | nungkulipun mantri kêkalih puniku | nênggih pun Jayanagara | kalih Wiranagarèki ||

35. pan tinuduh kabatinan | mantri kalih wetan wukir Mêrapi | nungkula ing anak prabu | mêngakêna dêdalan | mantri loro anggawaa bawah nyèwu | ya aja butuh kewala | karsane gustinirèki ||

36. nuli ngaturana kuda | patang puluh papat bae kang bêcik | bok karsane anak prabu | dandan kaprajuritan | pan makatên wartine inggih pun Ubrus | gumujêng wau sang nata | mêsthi bênêr pawartèki ||

37. uprup lah sira balia | mring barisan Lêmahirêng dèn aglis | yèn mèh prapta idlèr besuk | sira nuli balia | kawruhana karyane para tumênggung | Dyan Uprup Johan Abraham | tabe pamit nulya mijil ||

109. Prajurit Kabanaran lan prajurit Kumpêni campuh kalihan prajurit Mangkunagaran wontên ing Tugu. Pangeran Mangkunagara kasoran lajêng kêkuwu wontên ing Burêng

38. kunêng wau kawuwusa | dutanira nênggih Mayor Ubristi | sarêsan Rikês tinuduh | lawan mantri sadasa | wontên sèkêt nênggih kêkapalanipun | ing Candhi Pusêr wus prapta | Kapitan Dongkêl [Dong...]

--- 78 ---

[...kêl] wus panggih ||

39. lajêng binêkta ngayunan | sri narendra sampun mijil ing jawi | siniwakèng punggawagung | Kapitan Dongkêl prapta | ngaturakên dutanira Mayor Ubrus | Sarêsan Rikês kang prapta | sêrate wus dèn tampani ||

40. binuka sinukmèng driya | Mayor Ubrus ingkang ngaturi tulis | kang muni ing suratipun | nguni tuwan mitungkas | anyaosi nênggih bumi gangsal atus | dhatêng ing putra paduka | mêcah kaluwak samangkin ||

157. Pocung[8]

1. gih pun Uprup Abraham nampèni sampun | winêdalkên samya | saking arahanirèki | ing Jurangjro Baki lan ing Pucang Palar ||

2. tuwan mundhut Wiranata pêjahipun | sampun kalampahan | sakadang sutane sami | jisimipun kula wor dadya saluwang ||

3. kula nuwun ing karsa tuwan pukulun | punapa ngarsakna | amukul mêngsah tumuli | ingkang kidul tanah Pajang sampun rata ||

4. kula nuwun parentah tuwan sang prabu | tuwan kang minôngka | admiral madyaning jurit | botên kenging pun Ubrus anglancangana ||

5. sawusira titi ing pamaosipun | sang nata ngandika | iki wus lêga tyas mami | wus nêmahi si rusuh kakèhan lurah ||

6. anak prabu jêro têmên karsanipun | wong bubrah ukara | ing ayuda dosa pati | Wiranata têka mêksa dèn apura ||

7. têtêp lamun karya bondhan tanpa ratu | suratipun nulya | pamaosnya sampun titi | inguncalkên mring Pangran Natakusuma ||

8. yayi iku Ubristi [U...]

--- 79 ---

[...bristi] pratelanipun | padha kawruhana | iki mungsuh ana ngêndi | matur nêmbah Pangeran Natakusuma ||

9. milanipun nênggih pakèwêd kalangkung | taksih wontên Sela | pan Suryakusuma mangkin | angrêrayah wonge dèn umbar kewala ||

10. malih cungkup Ki Agêng rinayah gêmpur | samangke nalôngsa | inggih mêmangun nyungkubi | ing astananipun Ki Agêng Sêsela ||

11. balanipun tan wontên uningèng kulhu | tan wontên miyarsa | astana Sela puniki | nêdhakakên sagung para raja-raja ||

12. sang aprabu duk miyarsa langkung bêndu | yèn mangkana dhimas | lah payo padha ginitik | nadyan silih angèla papaning aprang ||

13. nêmbah matur Pangran Natakusumèku | pukulun sang nata | pan anyuwun duka kêdhik | yèn paduka apranga tanah ing Sela ||

14. cacadipun kalih prakawis puniku | kang rumiyin cacad | botên kurmat botên taklim | ing lêluhur dagan ulon kinarya prang ||

15. malihipun paduka nganthi pukulun | kang prajurit sabrang | jinise sanès agami | yèn wutaha rahipun nèng bumi Sela ||

Lajêng nyandhak jilid 17.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

104. Pangeran Mangkunagara madêg ratu, mangsah ingkang rama Sunan Kabanaran ...

105. Sarib Bêsar pêpanggihan kalihan Sunan Kabanaran ...

106. Pangeran Bintara malik tingal. Pangeran Mangkunagara jumênêng nata ajêjuluk Sunan Adiprakosa, Kumpêni sampun mupakat Sunan Kabanaran têtêp ratu senapati mawi sêsêbutan Sultan Akadhaton ing Mataram ...

107. Sinuwun Sultan dhawuh ambidhalakên wadyabala Jawi lan Walandi ambujêng balanipun Pangeran Mangkunagara ...

108. Tumênggung Kurdhanagara saanakipun dipun lunas. Sunan Kabanaran ngaturi bumi 500 minôngka têdhaning kapal dhatêng ingkang putra Sinuhun ing Surakarta ...

109. Prajurit Kabanaran lan prajurit Kumpêni campuh kalihan prajurit Mangkunagaran wontên ing Tugu. Pangeran Mangkunagara kasoran lajêng kêkuwu wontên ing Burêng ...

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. tumuli. (kembali)
3. imam. (kembali)
4. ngimami. (kembali)
5. dhêmi. (kembali)
6. Teks asli: Pucung. (kembali)
7. Teks asli: Pucung. (kembali)
8. Teks asli: Pucung. (kembali)

Serie No. 1259p

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 17.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Prajurit Kabanaran lan prajurit Kumpêni campuh kalihan prajurit Mangkunagaran wontên ing Tugu. Pangeran Mangkunagara kasoran lajêng kêkuwu wontên ing Burêng.[1]

16. karya lêtuh camah inggih dadosipun | namaning pusaka | risak sapangate yêkti | têmahipun kang kopyah dadi têrumpah ||

17. dene mungsuh anyênyamah pusakagung | môngsa ta botêna | pinanggih badanirèki | Allahuma bangidahu wabangida ||

18. gêr ginuyu dening kang para tumênggung | dene ta Pangeran | Natakusuma dongani | sri narendra rèrèh dènnya darbe karsa ||

19. karya sampun angsul-angsul marang ubrus | sinungakên sigra | Sarêsan Rikês wus pamit | mêsat saking Candhi Pusêr lampahira ||

20. kang ing pungkur nutugakên gunêmipun | wau ingkang prapta | rowang angamuk ing wêngi | Bugisipun Dipati Suryanagara ||

21. têlung puluh dalu amarani mungsuh | ngamuk saking wana | gègèr busêkan nulyènjing | budhalipun Pangeran Mangkunagara ||

22. praptanipun ing Sukawati ing Tugu | pacak barisira | papanipun wiyar radin | pan ing ngriku badhene ngantêpi aprang ||

23. kang kawuwus baris Candhi Pusêr sampun | atêngara budhal | parentah sri narapati |

--- 4 ---

punggawa kang tinuduh dadi pangarsa ||

24. Rôngga Wirasêtika samantrinipun | akanthi kalawan | Dipati Suryanagari | kang nimbangi Pangeran Natakusuma ||

25. wurinipun Môndraka Wiradigdèku | kang sumambung wuntat | Brajadênta Brajamusthi | wuri nulya Ki Tumênggung Pusparana ||

26. lan Tumênggung Lap-Alap Dipadirjèku | ing wurine nulya | barise mantri pinilih | lan prajurit Suranata tinindhihan ||

27. raja sunu pangeran dipatinipun | kalawan arinya | nênggih pangeran ngabèi | pêpangkone sang nata asalin gêlar ||

28. kang pinangku dragundêre wolung puluh | ingkang salawe prah | samya anjagani wuri | jalan kaki sawidak jagani wuntat ||

29. wurinipun sang nata para tumênggung | pasisir sadaya | duk budhale saking candhi | pinemutan sangkalanira ingetang ||

30. bêsaripun trus sapta sabdaning ratu |[2] anunggil sangkalan | duk têmon Idlèr Samawis | lan sang nata duk kalane padagangan ||

31. prang Patugu anunggil sangkalanipun | lawan praptanira | barise Mayor Ubristi | Lêmahirêng Bêsar samya akiring Dal ||

32. baris agung praptèng Majênang kêkuwu | dhatêngakên lampah | sagung kang para dipati | pakumpulan sumiwi nèng ngarsa nata ||

33. sang aprabu parentah mring pra tumênggung | pasisir sadaya | hèh sagung kang pra dipati | yèn ayuda ing parentah sapisanan ||

34. sabên magut pangawat kiwa gènipun |

--- 5 ---

majua kang papat | kang loro jagani wuri | ing pikulan lan ambantu lamun sayah ||

35. kananipun Adhi Natakusumèku | Tumênggung Lap-Alap | Tumênggung Dipadirjèki | Jayarata milua marang yayi mas ||

36. lawan sira Tumênggung Sindusastrèku | milu ing yayi mas | Môndraka Wiradigdèki | katri lawan Si Tumênggung Pusparana ||

37. anèng pungkur yèn sayah aprange ngayun | lawan tarombolan | têtulunga lan Kumpêni | jalan kaki kang suwidak anèng wuntat ||

38. lah sirèku Rôngga Suryanagarèku | burining pangawat | Brajadênta Brajamusthi | iya nunggil ing wuri dèn rada jêpat ||

39. wong dragundur satus nèng wuri rongpuluh | ingkang wolung dasa | iya sun pangku nèng ngarsi | Si Kapitan pan dar Pol milu nèng ngarsa ||

40. anèng pungkur Kapitan Dongkêl sirèku | sadaya sandika | sang nata ngandika malih | dèn pakeling parentah ingsun sapisan ||

41. wong prang iku kalamun wus katon mungsuh | pijêr tata-tata | senapati kurang wadi | mung karia parentah aju undurnya ||

42. Walandèku dharat satus patang puluh | kanan kering ingwang | pitung puluh sisih iki | aja adoh anjagani pêpathokan ||

43. pangkoningsun pinilih Suranatèku | sapalih kang dharat | sapalih anèng turanggi | kang turôngga wuri dragundêr gènira ||

44. dharat iku lan jalan kaki wus kumpul | apan wus palastha | gunêm masalah ing jurit |

--- 6 ---

ya ta kunêng wau ingkang kawuwusa ||

45. Pangran Mangkunagara sampun angrungu | lamun ingkang rama | badhe amukul ing jurit | ing samangke sampun wontên ing Majênang ||

46. badhenipun anadhahi anèng Tugu | angutus punggawa | kêkalih angêlèncèri | Pringgalaya lawan Suramangunjaya ||

47. pamrihipun katona untabing mungsuh | kuda wolung dasa | wira-wiri bola-bali | nanging dhêdhêp sami pitambuh sadaya ||

48. nanging sampun katingal pakuwonipun | katawis yèn kathah | mundur wau kang nglèncèri | sapraptane baris Tugu aturira ||

49. èstu lamun agung untabe kang mungsuh | katawis kuwunya | Pangran Mangkunagarèki | pêparentah mring wadya môncanagara ||

50. besuk esuk padha kiraba dèn esuk | padha sênggrangana | sandika ingkang tinuding | tan kawarnèng dalu kawuwusa enjang ||

51. barisipun ing Majênang budhal esuk | wus anata lampah | mungsuh wong môncanagari | kang katingal sasolahe tinambuhan ||

52. datan purun anyêlaki lampahipun | pan giras piyambak | wau lampahe kang baris | sampun sami pangarsa nabrang bêngawan ||

53. Pangran Mangkunagara sabalanipun | ngèrèk mundur ngetan | amrih papan wiyar radin | dene mungsuh praptane anêmbang Durma ||

158. Durma

1. sami nabrang bangawan dangu adharat | sagung kang pra dipati | kang munggèng ing ngarsa | miwah kang wus pinatah | kang munggèng kering angering |

--- 7 ---

kang munggèng kanan | kering lajêng arakit ||

2. wadyabala Kumpêni sampun anyabrang | wau sri narapati | praptèng sabrang wetan | mungsuh gênggêng katingal | Pangran Mangkunagarèki | sampun anata | dhadhane ing ajurit ||

3. nanging sandi gêlare ingan anamar | lêlurah saragêni | cêmêng kang kinarya | cêmêng sami dêdêgnya | lan sami sêpuhirèki | kinèn rasukan | kêstabang payung kuning ||

4. alancingan baludru brit renda êmas | bênting sinung pramati | sabusananira | nyêle lawan wong kathah | Kalawijaya namèki | kinèn angalap | salawe magêrsari ||

5. pêpangkone kawan atus ingkang dharat | prajurit nirbitèki | lawan gulang-gulang | sragêni tanuastra | miwah urunanirèki | saking prang tandang | saking sragêni abrit ||

6. saking sragni irêng miranggo urunan | saragni polèng bugis | sadaya urunan | wau Kalawijaya | angêdhangkrang payung kuning | dadi pangeran | anyar sarêng sakenjing ||

7. pangerane mundhut gônda tan karuwan | munggèng pangawat kering | Pangeran Purbaya | Pangran Mangkudiningrat | Tumênggung Pringgalayèki | Tumênggung Sura | Mangunjaya anunggil ||

8. ingkang kanan pangawat Kudanawarsa | lan Janingrat Matawis | myang Sumanagara | miwah Kartanagara | bupati môncanagari | kinarya timbang | kang rama gêlarnèki ||

9. ing wurine kang rama pan ragi têbah | pêtêng gabag kang baris | wau ta kang rama | wus matêng [ma...]

--- 8 ---

[...têng] rakitira | tan owah parentah wingi | pangawat kiwa | pra dipati pasisir ||

10. kang kêkalih nèng wuri awor rêmbatan | Arya Côndratrunèki | Kudus kasêpuhan | lawan Kudus kanoman | Arya Surasudirjèki | ingkang pangawat | ngarsa kapat bupati ||

11. Dêmak Radèn Tumênggung Wiranagara | lan Martanagarèki | Pathi Radèn Arya | Pêgatsari kalawan | nênggih Citradiwiryèki | Pangeran Nata | Kusuma wus miranti ||

12. kang nimbangi ing pangawat kananira | sang nata andhadhani | dragundêr ing ngarsa | wolung puluh tan kurang | pan dêr Pol ingkang nindhihi | putune Amral | Britman trah ing ngajurit ||

13. jalan kaki pitung puluh kering kanan | amung kang turanggèki | sapandêlêng babag | lêksan ingkang turôngga | sang nata amundhut kursi | lajêng pinarak | songsong kêkalih ngapit ||

14. dangu wawas-winawas durung umangsah | awit satêngah siji | pangeran parentah | dhadha dhingini mangsah | têngara bêndhe tinitir | tambur gumêrah | umyang kêndhang gong bèri ||

15. surak ramya kadya manêngkêr tri loka | ingkang apayung kuning | ginarêbêg wadya | magêrsari umangsah | gumuruh bêdhil-binêdhil | wong gulang-gulang | nirbita nunjang wani ||

16. wau Kaptin pan dêr Pol wus pinrentahan | iya anganti urdi | karêpe wong dharat | dragundêr aja lawan | yèn mantri jro durung mijil | têka mirea | ngadu wong dharat dhingin ||

17. wau

--- 9 ---

panunjange prajurit nirbita | gulang-gulang mangungkih | wau sri narendra | ngandika mring Sareyan | jalan kaki aja gipih | mêngko yèn pêdhak | bae drèlên dèn gipih ||

18. dèn bêdhili saking kuda mêksa nunjang | dragundêr mire sami | nisih ngalèr ngetan | mangamuk majêng samya | jalan kaki dèn abani | mèh kacêkuthak | gugup pangêdrèlnèki ||

19. drèl sapisan tan olih maksih anunjang | pinindho kanan kering | ingkang munggèng ngarsa | nirbita kathah pêjah | myang wong gulang-gulang sami | wus kathah pêjah | wong Tanuastra ngisis ||

20. anggulasah bosah-basih anggulasah | sang nata munggèng kursi | langkung sukanira | ngêdhangkrang sila tumpang | kang pindha pangeran mêksih | anrêgkên bala | payo amuk mangukih ||

21. nunjang malih samya mulat yèn sang nata | nindhihi jalan kaki | nèng kursi ngêdhangkrang | êsês asila tumpang | cangkelak anêmpuh bali | pating dhêradhas | ajrih ing sri bupati ||

22. sigra wau dragundêr ambujung samya | saking kuda bêdhili | saking kathah pêjah | mantri jro duk tumingal | kalingan desa gènnèki | sarêng umangsah | dragundêr dèn tadhahi ||

23. rame campuh dragundêr kêkalih pêjah | Lanas Kapitannèki | sinêrot tinunjang | mantri jro sami giwar | nanging gêlar undurnèki | dragundêr samya | dèn susul dèn timbali ||

24. aja bujung punika unduring gêlar | dragundêr dèn timbali | kèh dharat kapapag | pra samya pinistulan | Pangran Natakusumèki |

--- 10 ---

pangawat kanan | rame campuh ing jurit ||

25. aprang kuda Pangeran Natakusuma | rame bêdhil-binêdhil | Pangeran Purbaya | Pangran Mangkudiningrat | tinunjang sinêrot wani | kuwur barisnya | mungsuh kotbutèng jurit ||

26. Pangran Natakusuma prajuritira | pitung dasa tan luwih | samya pinilihan | sarêng nyumêthi kuda | pitung dasa nunjang wani | Pangran Purbaya | dhadhal kawur angisis ||

27. Pangran Mangkudiningrat kalulun dhadhal | kuwur tan môngga pulih | ing pangamukira | Pangran Natakusuma | sakancane pra dipati | kang tinindhihan | umangsah ambêk pati ||

28. baris Mangkunagaran pan sampun sêmpal | pangawate kang kering | pangawate kanan | Dipati Danawarsa | campuh lan wadya pasisir | Kudanawarsa | pangamuke angungkih ||

29. tinadhahan binendrongan ing sanjata | mêksa parêng angungkih | wong pasisir dhadhal | kuwur akuthèthèran | binujung dipun bêdhili | palajêngira | ngungsi wuri narpati ||

30. jalan kaki suwidak kang anèng wuntat | sigra tulung bêdhili | prajurit turôngga | sinôngga bêdhil dharat | nyênthak-nyênthak kudanèki | dadya anêbah | wau pangawat kering ||

31. Pangran Mangkudiningrat Pangran Purbaya | binujung sampun ngungsi | ing sawingkingira | Pangran Mangkunagara | songsong-sinongsong kaèksi | pangawatira | samya sêmpal kang kering ||

32. Pangran Mangkunagara têtulung namar | marang pangawat kering | mung kuda sadasa | mung malebat [ma...]

--- 11 ---

[...lebat] katingal | Pangran Natakusumèki | angawe kônca | kang malangi ing wuri ||

33. Rôngga prapta myang Radèn Suryanagara | nênggih sami anilib | bêkta batur nyanga | sapuluh punggawanya | wus awor pangeran sami | Natakusuma | parêng mangsah nadhahi ||

34. Pangran Mangkunagara kinandhang-kandhang | pra samya dèn pistuli | saking kering kanan | saking wuri nyanjata | nilap awor wadya malih | ngabani mangsah | surak gumuruh atri ||

35. nêmpuh malih ing dhadha kang tinarajang | mantri jro nunjang wani | mantri kawan dasa | ngilês panêmpuhira | Kapitan pan dêr Pol aglis | tadhah agagah | bakuh pêngkuh ngukuhi ||

36. kinapinjal pan dêr Pol pangêdrèlira | tan kêna dèn susupi | kinarutug dharat | pan dêr Pol gêlarira | mire merot ngalèr sami | mungsuh kang dharat | mungsuh ngarsa narpati ||

37. sigra jalan kaki satus kawan dasa | sungsun-sungsun ngêdrèli | rêmpah akèh pêjah | galasah kasulayah | langkung suka sri bupati | gumujêng ngakak | anggung angêntrog wêntis ||

38. ing pangawat kering ramya dènnya aprang | Tumênggung Dêmak kalih | pangirid umangsah | Radyan Wiranagara | Dêmak kidul lan mangungkih | angamuk rampak | mantri santana ngiring ||

39. tigang dasa nêngah tandange kotbuta | singa katrajang ngisis | wau kawistara | marang Kudanawarsa | asigra kapêthuk aglis | prajuritira | sèkêt sura kinanthi ||

40. sarêng pagut Dipati

--- 12 ---

Kudanawarsa | prajurite ngadhangi | Dyan Wiranagara | wuru anêmpuh nunjang | Kudanawarsa ngukuhi | angêmbat watang | lawungira kumitir ||

41. pagut ayun-ayunan Wiranagara | lan Kudanawarsèki | angancari watang | angling Kudanawarsa | sapa aranmu priyayi | mantri mêngko ta | hah si baludru abrit ||

42. anauri ya ingsun Tumênggung Dêmak | Wiranagara mami | iya sira sapa | dene kaya Gurêtna | iya ingsun iki patih | Kudanawarsa | Wiranagara bêdhil ||

43. bêdhil pistul Kudanawarsa tan kêna | pan arsa pining kalih | lumarap anumbak | wonge Kudanawarsa | lêlurah Mêrago aglis | Kudanawarsa | ginêbang lawungnèki ||

44. kapalêsat lawunge Kudanawarsa | sigra anyandhak aglis | pistul anyênjata | sigra wau kang prapta | têtulung pangran ngabèi | saprajuritnya | nunjang angidak wani ||

45. cinakuthak anggiwar Kudanawarsa | panêlak ing ngajurit | linut kasulasah | wau ta ingkang dharat | Pangran Mangkunagara glis | ngangsahkên dhadha | dènnya hir wanti-wanti ||

46. kumarêtêg wadya jro mangsah sadaya | mantri jro munggèng ngarsi | prang go pêrang tandang | polèng Bugis Tamtama | sragêni jro irêng abrit | surak gumêrah | sarêng nêmpuh mangungkih ||

47. dragundêre pan amung ngêdrèl sapisan | mire ngèrèk angering | sang nata parentah | jalan kaki mêncara | ngapinjala drèlirèki | campuh wurahan | lèr kidul sarêng ngungkih ||

--- 13 ---

48. ramening kang ayuda lir arga bêntar | rug suwaraning bêdhil | mariyêm tinundha | sapu lêbêt rontaka | kang katrajang kèh ngêmasi | miwah turôngga | katrajang kèh ngêmasi ||

49. samya tanggêl prajurit Mangkunagaran | manêmpuh ing Kumpêni | tan rêmpêg umangsah | kadya ta jalak makan | pakolèh dènnya nadhahi | drèlnya ngapinjal | tan kêna dèn susupi ||

50. ramening prang pukul satu kawitira | ing pukul lima maksih | wau Ki Dipatya | Kudanawarsa sigra | mangsah umatur mring gusti | paran punika | suwawi angunduri ||

51. datan kenging dèn ungkih rama paduka | dhasar kanthi Kumpêni | pan wadya paduka | sampun kathah kang risak | inggih suwawi ngunduri | kang pra dipatya | rêmpêg aturirèki ||

52. tinêngaran prajurit Mangkunagaran | sarêng undurirèki | wanci pukul lima | binêrêg tan atêbah | lajêng dhawah kang prang sapih | wau pangeran | undurira tan têbih ||

53. sawetaning Tugu pangeran barisnya | Tugu sri narapati | pasanggrahanira | nacahakên pêpêjah | mungsuh tigang atus nênggih | lan kawan dasa | pêpitu kang ngêmasi ||

54. dene rewang dragundêr kalih kang pêjah | sakawan wong pasisir | lan mantri pangarsa | siji tatu kewala | jalan kaki tatu kalih | mungsuh akathah | parentah sri bupati ||

55. tigasana dhase mungsuh ingkang padha | karyaa ing têtali | minôngka balabar | sirah padha canthèlna |

--- 14 ---

rinèntèng anèng têtali | nèng ara-ara | wus sami dèn tigasi ||

56. bangke tigang atus lawan kawan dasa | kinumpulakên sami | mring Singanagara | sigra wus pinacokan | rinèntèng munggèng têtali | sinungan cagak | anjirap ting guratil ||

57. langkung suka Sri Bupati Kabanaran | dalu sami nimbuli[3] | upêsir sadaya | miwah kang pra dipatya | dhadharan sri narapati | lan rêrêmbagan | yèn wontên sêrat prapti ||

58. nênggih Mayor Ubristi nyuwun parentah | kêdah têtulung jurit | dêstun yèn uninga | prange Mangkunagara | sang nata badhe nuruti | prayoga papan | patêmon goning baris ||

59. pinaryoga ature kang pra dipatya | ing Garompol pan radin | lawan cêlak toya | sadaya sampun rêmbag | ing dalu datan kawarni | enjinge budhal | gêgaman ngasmarani ||

159. Asmaradana

1. gumêrah wadya lumaris | tan wontên kaliru prênah | sapraptanira Garompol | rinakit kang pasanggrahan | pinggir lèpèn lojinya | cêlak pasanggrahan prabu | pra bupati wus amapan ||

2. Pangran Mangkunagarèki | miyarsa kang rama budhal | mangidul dhatêng Garompol | manggihi Ubristi prapta | saking Lêmahirêngnya | sapalih gêgamanipun | Lêmahirêng kang binêkta ||

3. Pangran Mangkunagarèki | wangsul mring Tugu barisnya | wadya kang sami kapatèn | ing kadang anak lan bapa | kang samya tinigasan | samya pinanggih ginantung | sampun sami

--- 15 ---

pinêndhêtan ||

4. ingkang tanpa kadang sami | bojone ingkang anggawa | kasusu amung sirahe | ingkang ginendhong kewala | dening kasusunira | wontên dêdamêl kadulu | saking kidul songsong pêthak ||

5. Pangran Natakusumèki | kalih atus prajuritnya | lêlangi baris têgêse | nanging dhasare dêladag | mrêpêki mungsuh lêksan | Pangran Mangkunagarèku | rêmbage angidul enggal ||

6. baris Lêmahirêng mangkin | tinilar mring Ubristinya | amung kantun Istimolor | miwah kang para dipatya | sapalih kang binêkta | Yudanagara kang tumut | lawan kancane sadaya ||

7. Mangkuyuda ingkang kari | lan Tumênggung Natayuda | Tumênggung Wiradigdane | Tumênggung Jayasudarga | Pangran Mangkunagara | arsa narombol mangidul | ing Lêmahirêng ginêcak ||

8. budhal saking Sukawati | Pangeran Mangkunagara | Lêmahirêng tinarombol | ing marga sadalu prapta | byar praptèng pamondhokan | Kumpêni kagyat anambur | dèn nyana yèn mungsuh prapta ||

9. Istimolor angundhangi | pra dipati pangawatnya | Tumênggung Mangkuyudane | kang munggèng pangawat kiwa | êlèr kilèn barisnya | nganthi Jayanagarèku | kalawan Wiranagara ||

10. kang munggèng kananirèki | Ki Tumênggung Wiradigda | Tumênggung Natayudane | Tumênggung Jayasudarga | kiduling pamondhokan | mungsuh ingkang anèng kidul | Pangeran Arya Purbaya ||

11. kang

--- 16 ---

sami munggèng ing kering | lan Pangeran Pakuningrat | kang lèr Kudanawarsane | pangeran kang munggèng dhadha | pangawat kiwa mangsah | Kudanawarsa kang nêmpuh | Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

12. bakuh dènira nadhahi | Ngabèi Jayanagara | lawan Wiranagarane | sêsabêtira ngayuda | turôngga wolung dasa | kêras ing prang bagus-bagus | akuwêl dènira yuda ||

13. Tumênggung Mangkuyudèki | têtulung sabalanira | Ki Ngabèi Jaindrane | amapagakên sanjata | marang Ki Mangkuyuda | ana lambunge gumêblug | tinêkêm panyana pasah ||

14. Jayanagara udani | tuwin Ki Wiranagara | wruh tumênggung pandhêkune | dupi cêlak Janagara | têkêmira binuka | botên pasah nanging bintul | Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

15. anggagrak umangsah aglis | payo kulup Janagara | tunjangên aja angrowès | payo amah aja taha | Si Badhèk yèn matia | têka ing sira sirèku | sayêkti dadi wadana ||

16. sigra anyêrod[4] ing jurit | prajurit Kamangkuyudan | Kudanawarsa nganglèwèr | ing dhadha pangeran mangsah | kidul sami umangsah | aramya surak gumuruh | kadya ombak nêmu parang ||

17. pangeran angatag sami | prajurit jro kinèn mangsah | Kumpêni Dhepok angêdrèl | saking lêbêt pamondhokan | pan dèrèng atrap jôngga | mantri lurah patang puluh | Ki Ngabèi Murmajaya ||

18. kalojok pangamuknèki |

--- 17 ---

kalingkung Kumpêni Islam | Murmajaya wus rinampog | mati jroning pabitingan | mawur kancane giras | malêdug datan binujung | pangeran sampun nênêbah ||

19. ingkang kidul rame jurit | lan Pangeran Pakuningrat | tinadhahan aprang lèrès | tan wontên purun nusupa | wau dènira yuda | dèn mariyêm kawur-kawur | tan wontên sagêd nyêlaka ||

20. kêmput bêbungasing kardi | dèn mariyêm tundha-tundha | sinusun-susun sinêntor | mire anêbih malawang | pangeran langkung duka | miwah yudane kang kidul | tinadhahan sami Jawa ||

21. têka nora bisa pêthil | katog Paman Purubaya | bênêr kang raka dukane | dêstun yèn jago godhogan | aprang lan Arungbinang | salawase dèn bêbujung | tan kobêr unggul sadina ||

22. binantonan polèng Bugis | kang bantoni anêrajang | kang binantonan jêdhodhog | Pangeran Mangkunagara | langkung kaku tyasira | aprang pijêr ting palinguk | pangeran têngara bubar ||

23. angidul sawadyanèki | ngaladana ngidul ngetan | ing pukul tiga budhale | anjog sakidul Majasta | kèndêl apêparentah | kinèn mangsah maju riwuk | prajurit samya urunan ||

24. ngangsahakên riwuk sami | nanging tan wontên rinasa | kaponthal saênggèn-ênggèn | Pangeran Mangkunagara | lajêng ing lampahira | prapta ing Burêng kêkuwu | sawadyanira jro samya ||

25. kang tinilar ngandhap wukir |

--- 18 ---

Dipati Kudanawarsa | nèng urut Taman barise | kinanthi môncanagara | Pangran Mangkudipura | sakancane pra Tumênggung | kang abaris urut Taman ||

26. Pangran Mangkuningrat mangkin | agung dènira kadukan | mring kang raka dene prange | katog alèrès kewala | Pangeran Pakuningrat | balêbêgên ing pangrungu | dadya minggat mring Pacitan ||

27. kaku tyase sèdhèng batin | kang raka agung dêduka | dènnya kesah sabalane | sapraptanira Pacitan | badhe ngaturi sêrat | mring kang rama sang aprabu | nungkul atur pêjah gêsang ||

28. kang raka miyarsa warti | saking Mas Surawilaga | ingkang rayi prihatine | kalangkung-langkung gêng susah | bêrasah arsa kesah | kang raka kalangkung gugup | kang Paman Pangran Purbaya ||

29. kang tinuduh animbali | lan Tumênggung Pringgalaya | sampun mêsat sawadyane | sapraptanira Pacitan | panggih lawan kang putra | dhinawuhan ing pitutur | timbalan sarta pangrêpa ||

30. lan kang paman anangguhi | banjura dukaning raka | Pangran Pakuningrat rèrèh | tinanggung marang kang paman | Pangeran Purubaya | sigra undhang dandan tumut | wus budhal saking Pacitan ||

31. sapraptane Burêng nênggih | lajêng binêktèng ngayunan | dupi prapta ing ngarsane | kang raka lajêng karuna | Pangeran Mangkuningrat | Pangran Mangkunagarèku | tumênga anênggak waspa ||

32. kunêng kang rêngat wus pulih | Lêmahirêng kawuwusa | nênggih Mayor Istimolor | anglampahakên [anglampahakê...]

--- 19 ---

[...n] laragan | mukul Kudanawarsa | lêt sadalu tigang dalu | arame dènira yuda ||

33. mayor pêparentah malih | andhêsêk Kudanawarsa | karya parupak barise | angingkud jajahanira | Patih Kudanawarsa | Litnan Beman[5] kang tinuduh | pacak baris gunung Maja ||

34. tigang dasa jalan kaki | dragundêre salawe prah | pan wêwolu satabêle | mariyêmipun têtiga | mantri jawi sakawan | kalima têtindhihipun | Surakarta Pamasaran ||

110. Dhusun Giyanti dipun rakit kados kitha badhe kangge palihan nagari

35. kunêng gantya kang winarni | wau ingkang pêpanggihan | pasanggrahan ing Garompol | Mayor Ubristi kalawan | Susunan Kabanaran | Mayor Ubristi kalangkung | dènnya manggih sukarêna ||

36. saking pawartinirèki | upêsir kang pinariksa | Kapitan Dongkêl pan dêr Pol | pratingkahira ing yuda | Susunan Kabanaran | mantêpe santosanipun | alah tinindhihan amral ||

37. anindhihi jalan kaki | enak nèng kursi alênggah | mêngsah nêrod tan kumêdhèp | pantês yèn apêparentah | marentahakên gêlar | asih mring kawulanipun | ingkang sami tinindhihan ||

38. sagung kang bala Kumpêni | ingkang sami tinindhihan | tan wruh rêmuka balunge | kêpala dadia papat | tan garêntês samêrang | dene senapati [sena...]

--- 20 ---

[...pati] tangguh | asih angeman ing bala ||

39. Mayor Ubristi nulisi | mring Susunan Kabanaran | ing ayuda pratingkahe | wignyane angadu laga | myang patitising gêlar | tan mindho parentahipun | sasolahe nèng paprangan ||

40. yèn têdhak saking ing kursi | jalan kaki inginuman | sagêlas linarèhake | ing sajroning bêbêdhilan | ngadêg ngungkurkên mêngsah | myarsa eram Mayor Ubrus | agung[6] agoyang kêpala ||

41. mantêpe bala Kumpêni | aprang alah tinindhihan | patang amral pitung mayor | sadaya wus manjing surat | ya ta apirêmbagan | sang nata lan Mayor Ubrus | badhe mingsêr pasanggrahan ||

42. padhusunan ing Giyanti | kang sinambut pra dipatya | rinakit kutha kêkojor | korine bumi mêrapat | nanging ngilèn ajêngnya | kilèn gèning alun-alun | lor kidul lèpèn gumuntang ||

43. wus dadi atur upêksi | kang samya anambut karya | sêroja pagêre jaro | tatah sanga jinêjêtan | ing êduk kopyokira | masjide agêng amunggul | kadya raras roning kamal ||

160. Sinom

1. sang nata têngara budhal | saking tanah Sukawati | wadya lir giri puspita | miwah kang bala Kumpêni | andhêndhêng barisnèki | kadya mêndhung angêndhanu | manawung ôndakara | sapraptanira Giyanti | sri narendra manjing kadhaton wangunan ||

2. bala Kumpêni pinrênah | pakuwon [pakuwo...]

--- 21 ---

[...n] amindha loji | petoranira gumawang | sinungan panggung tulyasri | loji langkung prayogi | suka ing tyas Mayor Ubrus | panggènan upêsirnya | ginêntha binilik-bilik | pra dipati rakit pakuwon mrih papan ||

3. parentah karya pangarsa | pra dipati sami gilir | kalih bupati pinôngka | manggala pangarêp baris | Tumênggung Brajamusthi | Tumênggung Jayaratèku | lawan mantri sadasa | mantri têlukan sapalih | mantrinira Pangeran Mangkunagara ||

4. Ngabèi Jayatalpita | miwah Jayalêksanèki | Ngabèi Jayasêngara | Ngabèi Jayatirtèki | tuwin Jayapralanggi | Ngabèi Jayawinangun | pacak baris canthilan | suyud dhusun kanan kering | wus kaingkud rupêk jajahaning mêngsah ||

5. têpung lawan barisira | pangajêng Surakartèki | Lêmahirêng lan jajahan | ing Tangkisan goning baris | barisi[7] mungsuh sami | kang anèng Taman wus mundur | Dipati Danawarsa | miwah wong môncanagari | kèndêl baris anèng Laroh undurira ||

6. kasaput agênging jawah | kèndêl wau kang ajurit | Dipati Kudanawarsa | atur uninga mring gusti | mêngsah sami mrêpêki | paran mênggah ing pukulun | sagung kang pra dipatya | môncanagara pra sami | ingumbara mindhak lindhunging ayuda ||

7. ature Kudanawarsa | ing mangke môncanagari | ing Madiun Pranaraga | misih rame dènnya jurit | bupatinipun nênggih | rama paduka sang prabu | samya ngêlar jajahan |

--- 22 ---

punika lamun suwawi | tinindhihan antuke Mangkudipura ||

8. inggih bupati satunggal | pun Suramangunjayèki | pun Ngabèi Jayakrêndha | pun Sindukalangan malih | pangeran anglilani | sampun

budhal lampahipun | Pangran Mangkudipura | wuwusên baris kang kari | baris Burêng Pangeran Mangkunagara ||

9. inggih kaparag[8] wêwêlak | apan pagêblug turanggi | andina-dina turôngga | atusan ingkang ngêmasi | tan kêna dèn sayuti | esuk sore ting gadêbug | miris ingkang tumingal | barising mungsuh basuki | datan wontên ingkang pagêring turôngga ||

10. ya ta wau pirêmbagan | Kudanawarsa Dipati | matur Pangeran Purbaya | miraga anyênyêmoni | bandara kadipundi | karsa paduka satuhu | prajurit sampun risak | pagêblug turôngga mangkin | baris mêngsah sami basuki kudanya ||

11. amung ing ngriki kewala | ingkang pagêblug turanggi | yêkti punika wilalat | saking rakanta sang aji | atusan kuda mati | sabên dina ting gadêbug | punika pan pratela | wus kacêtha ngiladuni | wilalate Sang Natèng Giyantipura ||

12. bêndara raka paduka | Sang Aprabu ing Giyanti | bapa saduluring bapa | ing sayêkti amalati | wong agung tyase êning | tur sawantah ambêk tuhu | yêkti cêlak ing suksma | ngriki tan wontên nimbangi | mung kang wontên lêlonyotan gêgêculan ||

13. pucêt netyane sakala | Pangeran Purbaya myarsi | angrasa yèn sinêmonan | marang

--- 23 ---

Kudanawarsèki | duk wite bêlah nguni | lan kang rama sang aprabu | Pangeran Purubaya | ingkang saguh anadhahi | wilalate Kang Raka Giyantipura ||

14. umatur Kudanawarsa | mring Pangeran Purbayèki | mangke paduka ngandikan | mring putra tuwan jêng gusti | lamun wontêna kardi | sapuniki tiwasipun | prajurit tanpa kuda | pan botên kantun sapalih | sapêrtigan punika kathah kang pêjah ||

15. wau Pangeran Purbaya | manjing pasanggrahan aglis | wus panggih lawan kang putra | matur Pangran Purbayèki | pun kaki wontên jawi |

Kudanawarsa turipun | têkiyar ngalih papan | dhatêng ing môncanagari | pradandanan nênggih tumpêsing turôngga ||

16. alon pangandikanira | Pangran Mangkunagarèki | inggih salêrêse paman | kula mangkin tanpa galih | agêm kula kêkalih | kapal pun Gurnita lampus | kalawan pun Jêmunak | sami pêjah tanpa sakit | kula nurut samangke angoncatana ||

17. Dipati Kudanawarsa | ingandikan praptèng ngarsi | pangeran alon ngandika | paran wartaning Giyanti | Danawarsa wotsari | dêlèr badhe praptanipun | ingkang malih nagara | Gupêrnur Nikolas Harting | sêsampune palêsta malih nêgara ||

18. pawarti ngalih pêparab | rama paduka sang aji | kithane Giyantipura | nama Prabu Drêmayêkti | rayi tuwan sang aji | ing Surakarta pukulun | kithane Tunggarana | Mraja Kusumayudèki |

--- 24 ---

pan ing tunggon kang winastan Tunggarana ||

19. kitha kêkalih kinêmbar | wetan bêngawan Sêmanggi | ing Giyanti Tunggarana | ing wêcane tanah Jawi | yèn wus ratu kêkalih | sami nunggil kithanipun | Giyanti Tunggarana | sami sawetan bênawi | prakosane mulih alam Brawijaya ||

20. kumpulipun tanah Jawa | dhatêng ing ratu kêkalih | nadyan Bali Balambangan | Sêmbawa Makasar Bugis | ing Bandar Banjarmasin | ngilèn Bantên tanah Lampung | ing Siak Sokadhana | Palembang Johor Patani | sami sowan mring Giyanti Tunggarana ||

21. Sang Prabu Kusumayuda | miwah Prabu Drêmayêkti | pulunan kalawan paman | kalihe ratu prajurit | kèdhêp ing para aji | ratu sabrang kathah nungkul | Pangran Mangkunagara | wau kalane miyarsi | ing ature Dipati Kudanawarsa ||

22. ing Kêdhu Pagêlèn benjang | mantuk Pamajêgan malih | Pangeran Mangkunagara | kaduwung solahirèki | dènira bêngkalahi | mring kang

rama sang aprabu | mangkana tan winarna | wadyagung wus dèn undhangi | budhal saking Burêng dhatêng Pranaraga ||

23. ing marga tan kawursita | sapraptaning Pranaragi | kêndèl dhusun ing Dêmalang | wadya kang dadya pangarsi | kèndêl kapêthuk jurit | Surabrata barisipun | wontên ing Nôngkadana | arame dènira jurit | pan kabêrêg pangajêng Mangkunagaran ||

24. binujung kathah kang pêjah | katur pangeranirèki | yèn Surabrata mêthuk prang | kilèn kutha pacak baris |

--- 25 ---

wontên sèwu turanggi | Surabrata wadyanipun | malah ta tinindhihan | mantri saking ing Giyanti | mung satunggal nama Prawiradipura ||

25. Pangeran Mangkunagara | duk miyarsa langkung runtik | sigra atêngara budhal | pangran angawaki jurit | pangarsane kèh mati | Surabrata ambêbujung | kapêthuk ing pangeran | amapan nêdya nadhahi | prang sakêdhap karoban ngèrèk lumajar ||

26. binujung praptèng jro kutha | pangeran tansah angusir | Surabrata ngèrèk ngetan | wetan kitha rèrèn aglis | pangeran anututi | Surabrata mring wanagung | Pangran Mangkunagara | sadintên kèndêlirèki | wetan kitha nèng Tirêm pakuwonira ||

27. sampun angsal tigang dina | nèng dhusun Tirêm abaris | sadintên saking ing kitha | Pangeran Purubayèki | kang tinuduh ngantuni | lan kêkalih pra tumênggung | prajurit jro binêktan | Mêranggo Polèng lan Bugis | saragni rêng kalih atus pan sadaya ||

28. nênggih kinèn angungsira | marang ing Surabratèki | sira wau jêng pangeran | têngara budhal tumuli | lan sawadya prajurit | Kudanawarsa tan kantun | lan sagung pra dipatya | wangsul ngilèn kitha malih | masanggrahan wontên dhusun ing Mamênang ||

29. Pangeran Madiun prapta | lan Suramangunjayèki | ing Madiun dèrèng bêdhah | tuwin Pamagêtan maksih | pra sami dèn tindhihi | nyatunggal mantri jronipun | pangeran pêparentah | Kudanawarsa tinuding |

--- 26 ---

anggêcaka ing Madiun Pamagêtan ||

30. budhal saking ing Mamênang | Pangran Madiun dèn irid | Dipati Kudanawarsa | mungsuh Madiun miyarsi | kalamun dèn andhêgi | rêmbag sami mundur alus | ngumpul mring Jagaraga | Mangkudipura wus ngancik | ing Madiun Dipati Kudanawarsa ||

31. budhal wangsul mring Mamênang | praptèng ngarsatur udani | pangeran kalangkung suka | wau Janingrat Matawis | nênggih kesah ing wêngi | kantun kêdhik rencangipun | kapalan tigang dasa | mung kari santananèki | inggatira nusup-nusup maring wana ||

32. ing solah tan kawuwusa | sapraptanirèng Giyanti | anjujug pakuwonira | Pangran Natakusumèki | katur ing Sri Bupati | Jayaningrat praptanipun | nungkule tinarima | tobat datan malih-malih | atilara ing suku sri naranata ||

33. pinarnah pakuwonira | lêt sapêkên kathah prapti | santanane ing Mataram | kang ngluruh akathah prapti | kadi lamun kinêthik | kêkapalan kalih atus | akathah ingkang dharat | sampun agatra bupati | Adipati Jayaningrat ing Mataram ||

111. Kêpyakan jumênêng Sultan

34. wau ta sampun raharja | pasanggrahan ing Giyanti | pan sampun dadi nagara | têtiyang akathah prapti | mangkana kalih sasi | ngadêg pawatanganipun | nanging songkok kewala | nyêle [nyê...]

--- 27 ---

[...le] lamun wong pasisir | para pantri pan sampun tumut sadaya ||

35. nanging têlakup kewala | wong pasisir pra dipati | ingkang dadya gêgujêngan | yèn watang wadya pasisir | wau ta kang winarni | wontên

surate Gupêrnur | Idêlèr ing Samarang | Dhirèktur Nikolas Harting | badhe prapta ingkang amalih nagara ||

36. Rabingulakir kaping pat | angkate saking Samawis | ambêkta pasisir kathah | kang pra dipati kinêrig | kang sami pacak baris | Banyumas Pagêlèn Kêdhu | Tumênggung Arungbinang | wus prapta Surakartèki | duk samana Sang Aprabu Surakarta ||

37. sawêg pra sami dangdanan | sagung kapraboning jurit | waos kalawan sanjata | kang anyêpêng wus rinakit | panumbak saragêni | ingkang abdi patang puluh | kalih atus samana | saragêni norapati | kalih atus gêgamane dèrèng dadya ||

38. Namèngyuda Kawetanan | nênggih kalih atus malih | amung nêmatus sadaya | tamtama kalih dasèki | katanggung kalih dèsi | rare-rare sadayèku | waos cêmêng sadaya | kalih dasa kang wus dadi | ponthang pitu mas limang reyal satumbak ||

39. katanggunge kalih dasa | asikêp sanjata karbin | waos benang wolung dasa | punika kang lagya dadi | wong patang puluh sami | kang darbe cêkêlanipun | mangkana praptanira | Idêlèr Nikolas Harting | ing Rabingulakir kaping wolu tanggal ||

40. pasanggrahan Pamêthukan | Garêmêt salèring [salèr...]

--- 28 ---

[...ing] margi | Adipati Pringgalaya | kang mêthuk ing Bayalali | sang nata mêthuk enjing | wadya rinakit ing laku | ing besuk aja owah | lamun patêmon Giyanti | pinilihan kang asikêp waos benang ||

41. sang nata ngriyini prapta | Garêmêt salèring margi | wadya rakite rinowa | ngubêngi taratag sami | saragni dorapati | akapang kalangan kêpung | lawan wong Namèngyuda | linarik anganan ngering | patang puluh kang maksih anèng ngajêngan ||

42. tan adangu praptanira | Gupêrnur Nikolas Harting | sang nata têdhak sung kurmat | kikising têratag nênggih | panggih tabean aglis | pra sami

rangkul-rinangkul | acêciuman jôngga | wus dangu sami alinggih | Idlèr Harting umatur kadya sarkara ||

161. Dhandhanggula

1. kadipundi rama padukaji | gènipun prang ing Tugu punika | ing pawarti langkung rame | ngandika sang aprabu | inggih èstu ramening jurit | wonge Mangkunagara | akathah kang lampus | tigang atus kawan dasa | dènira prang awit ing satêngah kalih | satêngah nêm bubarnya ||

2. paman wonge akêdhik kang mati | mung dragundêr kêkalih kang pêjah | mati papat wong Jawane | satunggil ingkang tatu | jalan kaki tatu kêkalih | langkung ramening yuda | riwut siwat-siwut | paman salêbêting aprang | karêmêne anindhihi jalan kaki | munggèng kursi kewala ||

3. sakawone prang Patugu nênggih | lajêng Istimolor kang ginêcak |

--- 29 ---

amrih kang tipis sêdyane | katanggor akèh lampus | mangke tuwan sampun anêbih | wontên ing Pranaraga | mangke ênggènipun | idêlèr langkung sukanya | inggih benjing ginawe sirna tumuli | Mangkunagara nakal ||

4. rama tuwan dutanipun lami | nèng Samarang Pangran Pakuningrat | sarêng kula lan lampahe | kadi lajua wau | Pakuningrat dhatêng Giyanti | tuture kula tanggap | nguni kawonipun | duk aprang nèng Pranaraga | wong kangèlan ora mangan ora guling | banjur ingadu aprang ||

5. pasthi kalah sasat mungsuh jisim | iya masthi cape barang tingkah | wus kaping tiga larihe | lajêng ing budhalipun | sakareta lawan sang aji | sapraptanirèng pura | dêlèr langkung ngungun | dene tan sipat kadhatyan | wangunane bêcik wismaning bupati | idêlèr atêtanya ||

6. kadhatone rama tuwan swargi | nulya sang nata kêkanthèn asta | binêkta ngilèn idêlèr | tilas kadhaton agung | langkung ngungun dêlèr sarya ngling | puniku langkung sayang | benjing sang aprabu | nuntên inggih binaikan | nuntên tuwan inggih ngadhaton ing ngriki | sang nata manthuk sagah ||

7. nuntên sami wangsul ngilèn malih | dêlèr tan dangu gya pamit mêdal | marang loji pakuwone | enjinge sang aprabu | anêdhaki marang ing loji | sadina akasukan | dêlèr aturipun | binêkta ngantor sang nata | linairkên sabarang pratingkahnèki | sang nata sampun susah ||

8. lêlakoning [lêla...]

--- 30 ---

[...koning] mênggah tanah Jawi | karsaning Hyang kang akarya titah | ginawe roro suryane | inggih sadèrèngipun | pêpancène sampun kinardi | Kumpêni dènira prang | kawan wêlas taun | tanah Jawa nora rata | pirang-pirang kêthi beyaning ajurit | pêpati langkung kathah ||

9. datan kêni pinrih ing ajurit | Mangkubumi karsaning Hyang Suksma | kang dèrèng anglilakake | rinoban ing prangipun | kinarutug mêksa tan kêni | malah akathah tiwas | inggih milanipun | Kumpêni sami angrasa | Mangkubumi samangke darbèni eling | milane piniara ||

10. parandene sami trah Matawis | dede tiyang Bali Balambangan | datan pantêsa ingangge | punika ta yèn patut | gêgêntining bapa sayêkti | kula yèn sampun prapta | nèng ngriki nêmdalu | kula inggih nuntên mangkat | ngadêgakên ing rama tuwan sang aji | wontên Giyantipura ||

11. inggih ngenjing nuntên tuwan panggih | lawan rama tuwan mêmanguna | ing tanah-tanah barang rèh | sang nata sagahipun | luwih bêcik inggih pêpanggih | dhasare wong atuwa | mangkana sang prabu | ing pukul satêngah sanga | kundurira Abraham sigra angiring | ngatêr kondur jro pura ||

12. wusnya ngadhaton sri narapati | wangsul Yan Hindrik Johan Abraham | datan kawarna solahe | jangkêpipun nêmdalu | wau Dêlèr Nikolas Harting | manjing pura pamitan | kalawan anuwun | Adipati Pringgalaya |

--- 31 ---

lawan inggih sakancane pra dipati | kabèh samya tumuta ||

13. Pringgalaya kang dadosa wakil | lan bêktaa surat padukendra | angadêgi ing adêge | ing rama tuwan prabu | sang narendra sampun nglilani | lajêng sawêdalira | saking ing kadhatun | laju wau lampahira | saha bala Idêlèr Nikolas Harting | Dipati Pringgalaya ||

14. sakancane kang para dipati | munggèng wuri dêlèr lampahira | gumuruh wadya gora rèh | gantya ingkang kawuwus | siyagane wadya Giyanti | sampun pinatah-patah | kang badhe amêthuk | Pangeran Natakusuma | miwah kanthi Dipati Suryanagari | lan Janingrat Mataram ||

15. pamêthuke wetan Jatisari | wau Sang Natèng Giyantipura | garwa kang mudhêng gêrahe | dèn ayu lor puniku | tinirahkên Surakartèki | nèng petor lojinira | dadya kang pinundhut | karyane arsa tamiyan | ingkang rayi Dèn Ayu Yudanagari | kang bawani saosan ||

16. mratikêlkên ing sugata tami | ingkang rayi Dèn Ayu Banyumas | pinasrahan sakalire | wau ta kang amêthuk | Jatisari sampun apanggih | Pangran Natakusuma | têtabean sampun | Dipati Suryanagara | myang Dipati Jayaningrat ing Matawis | wus sami têtabean ||

17. tanyaris Dêlèr Nikolas Harting | marang Dipati Suryanagara | iki ta sapa arane | ingsun durung andulu | kancanira kang pra dipati | angling Suryanagara |

--- 32 ---

hèh tuwan puniku | Adipati Jayaningrat | ing Mataram salamine kanthinèki | Pangran Mangkunagara ||

18. mangke praptane anungkul malih | kapok tumut ing Mangkunagaran | dêlèr mèsêm atêtakèn | lawas praptanirèku | iya pira lawase mangkin | pisahira kalawan | Mangkunagarèku | Janingrat lon saurira | botên lami tuwan duk satêngah sasi | dêlèr malih têtanya ||

19. pisahira iya ana ngêndi | lawan iya gawa bala pira | inggatmu ngumpul marene | kapalan kalih atus | kesah kula nèng Pranaragi | wontên dhusun Mamênang | pangran kuwunipun | idêlèr malih angucap | ya mangkono bupati tuwa sirèki | aja milu wong nakal ||

20. nulya budhal saking Jatisari | kawuwusa sang nata putusan | anusul ing pamêthuke | kang putra kalihipun | nênggih wau pangran dipati | pangran ngabèi lawan | katri Mayor Ubrus | mêthuk dhusun Karanganyar | bêkta baris sêsiyung dènnya ngurmati | nèng dhusun Karanganyar ||

21. sapraptane drèle angurmati | têtabean pangran kalih pisan | cêciuman ing janggane | anulya Mayor Ubrus | têtabean Nikolas Harting | tan dangu budhalira | angetan kadulu | baris anggênggêng anggabag | duk tumingal Dhirèktur Nikolas Harting | nolih sarwi angucap ||

22. dalanane iya Mangkubumi | pira lawase nèng Padagangan | nora sêmene [sême...]

--- 33 ---

[...ne] barise | pacandhi pusêripun | pan wus tikêl sapuluh mangkin | waris têmên wong ika | dènnya kinalulut | ya maring manusa Jawa | sigra wau lampahira sampun manjing | baris urung-urungnya ||

23. idlèr anggung nolih nganan ngering | eram saking kathahing gêgaman | wus têdhak saking kudane | êdrèl kadya gumuntur | sri narendra amêthuk aglis | sajabaning taratag | têtabean sampun | rangkul-rinangkul sawusnya | sami ngaras-ingaras kang jôngga iring | lajêng binêkta lênggah ||

24. dêlèr matur tabenipun nênggih | eyang paduka gurnadur jendral | sagung rad pên indiane | katura ing sang prabu | lawan salamipun sêkalir | lan sagung kang pandonga | ramanta puniku | Kangjêng Tuwan Sarib Bêsar | sakalangkung cipta Tuwan Sèh Ibrahim | mêdhot onênging driya ||

25. ngrêntahakên waspa Sèh Ibrahim | mantukipun dhatêng Rum Turkiyah | kadya dhinaut prayane | kataman sila lulut | kawilêt ing wardaya wrêdi | wasnya wutah mawantah | toh ing yun kayungyun | driya kewran kawarahan | ing ima pan kang môngka diwangkarani | wartane dutaning Hyang ||

26. duk miyarsa waspanya ngambêngi | wau Sang Prabu Giyantipura | myarsa kang rama layare | kondur dhatêng nagri Rum | wau Dêlèr Nikolas

Harting | marcayakakên marang | putranira prabu | putra tuwan Surakarta | pêpatihe cinundhaka môngka wakil | Dipati Pringgalaya ||

27. lawan [la...]

--- 34 ---

[...wan] kathah ingkang pra dipati | ingkang sami wontên pabarisan | kula bêkta sadayane | ngandika sang aprabu | iki dêlèr kasompok mami | saru yèn sun irasa | dutane nak prabu | sira dhingin makuwona | Si Dipati Pringgalaya lawan malih | kancane pra wadana ||

28. iya padha makuwona dhingin | besuk esuk iya abarênga | lan dêlèr seje kurmate | surate anak prabu | ingsun rêngga padha narpati | idlèr pamit pinarnah | mring pakuwonipun | lêlojèn wetan kadhatyan | Adipati Pringgalaya dèn saosi | pakuwon wus amrênah ||

29. kumpul sagunging kang pra dipati | sakiduling loji prênahira | marik-marik pinggir lèpèn | lèpèn ing Badawaluh | ing Giyanti kapit ing kali | kali Samin lèrira | Badawaluh kidul | ing têngah kunggahan wangan | wangan anjog pasanggrahan maratani | papan lir pamidhangan ||

30. enjing Gupêrnur Nikolas Harting | lawan Adipati Pringgalaya | pangran dipati kinèngkèn | kalawan arinipun | ingkang nama pangran ngabèi | animbali Nikolas | Harting malihipun | Adipati Pringgalaya | barung kurmat kinêrig sagung prajurit | amangun baris kurmat ||

31. ngalun-alun baris amênuhi | Idlèr Nikolas Harting kalawan | Dipati Pringgalayane | munya drèl langkungipun | wadyabala miwah Kumpêni | lajêng ing lêbêtira | kang ngiring [ngi...]

--- 35 ---

[...ring] alaju | jêng pangran ngabèi lawan | ingkang raka nênggih pangeran dipati | dadya lajêng sadaya ||

32. sri narendra mêthuk ing taritis | kinanthi idlèr binêkta lênggah | Dipati Pringgalayane | inganthukan gya laju | ngaturakên suratirèki | sang nata

sigra têdhak | ngarsèng dhamparipun | dènira nampèni surat | lênggah malih bukak srat sinuksmèng galih | bêbukane kang surat ||

33. kaatura ingkang môngka taklim | putranta prabu ing Surakarta | katur ing paman wiyose | kulatur sukèng kalbu | rèhning paman saking ajurit | rinêksèng Hyang jroning prang | raharja prangipun | panêdha kawula suksma | mugi-mugi paman tulusa basuki | samadyaning ngalaga ||

34. kaping kalih paman kula nuding | nênggih pun Dipati Pringgalaya | lan bupati sakancane | sarêng lan pun gupêrnur | wakil kula pun Adipati | Pringgalaya punika | ngèstrèni kaprabun | inggih adêgipun paman | narapati wus titi pamaosnèki | kurmat drèl lan mriyêmnya ||

35. nulya idlèr aturira aris | lah punika mênggah pêpalihan | kula sumôngga ing mangke | pan pun Pringgalayèku | angladosi ing sakarsaji | sang nata angandika | lah gampang wong mandum | balik kakang prajangjean | ingkang êndi kang kanggo karsaning Kumpni | tuwan idlèr turira ||

36. inggih ingkang lêstari anênggih | prajangjean ing rama paduka | pan punika ingkang kangge | raka paduka prabu | kang sumare [su...]

--- 36 ---

[...mare] Nglawiyan nguni | langkung saking prayoga | kangge kalih ratu | ingaras sampun prayoga | ing pangraos kawula tan wontên malih | sang nata angandika ||

37. sarwi mèsêm èsmunira gigit | netra andik dènira ngandika | tajêm taraping netrane | idlèr panjaluk ingsun | karo ratu ingsun tan apti | yèn têmên-têmên iya | Kumpêni maringsun | ingsun mundhut prajangjean | swargi eyang Susunan Pakubwanèki | yèn ora tinurutan ||

38. tuwan idlèr ngrêrêpa turnèki | dhuh pukulun yèn mênggah tur kula | tuwan lampahi samangke | gampil panginggilipun | duk miyarsa kalangkung runtik | nanging ta sinasaban | ing netya sinamun | mèsêm dènira ngandika | aku mono dêlèr wong agampang gampil | tan bisa rêrubêdan ||

39. nadyan silih arêp tômpa bumi | lamun kang ati durung kapenak | nora katêkan ciptane | pira laraning lampus | apan ingsun wus tau miskin | tau alas-alasan | windon tanpa dunung | mêngkono bae yèn ingwang | sida wurung pan iya padha samangkin | lan priye Pringgalaya ||

40. Pringgalaya tumungkul wotsari | rêrêp sirêp jroning pasamuan | anon sang nata sêmune | ing tyas duka kalangkung | ing talingan katingal abrit | gilir laraping netra | pratôndha yèn bêndu | Nikolas Harting wus pucat | netyanira Kapitan Dongkêl wus [wu...]

--- 37 ---

[...s] prapti | matur kadya karuna ||

41. angrêpèpèh sagêd ngambil galih | dêlèrira kinèn asêmaya | mikir ing sadalu mangke | sigra dêlèr umatur | angrêrêpa langkung minta sih | anuwun pangaksama | inggih ing sadalu | mangke kawula kenginga | sri narendra manthuk kewala tan angling | eram sagung kang mulat ||

42. ing têgêse sarta angantêpi | pêrang rai datan kumalamar | sêmbada sarta ulate | bubaran dêlèr sampun | miwah sagung kang pra dipati | Dipati Pringgalaya | ngacarani wau | sagung kancane wadana | ingaturan lajêng pakuwonirèki | pra sami pirêmbagan ||

43. Adipati Pringgalaya angling | hèh Paman Tumênggung Mangkuyuda | miwah Dhi Wiradigdane | Arungbinang sirèku | kaya piye prêkara iki | apa nora gêgawa | iya ika mau | dene ta nora kajamak | Mangkubumi pan ènthèng gunung Mêrapi | gêgitik ing prêkara ||

44. wong Mataram lagi siji iki | mêtoni wantêr saijab-ijab | ingkang mau papêrêpe | angadhêp bae ingsun | amêngkorog gêgithok mami | Tumênggung Mangkuyuda | lon nambungi wuwus | sampuna pun Dongkêl nyêlak | sampun pucat ulate Nikolas Harting | kawula langkung maras ||

45. angling tarèn wau Sang Dipati | Pringgalaya upama takona | marang ingsun tuwan dêlèr | apa milu sirèku | iya kaya Amangkubumi | anampik prajangjean | iya kang rong ratu | kang rama lawan kang

--- 38 ---

raka | kang tinampik prajangjean eyangnèki | iya ingkang kinarsan ||

46. watarane iya dêlèr iki | apa gêlêm têtakon maringwang | Tumênggung Rungbinang ture | kadi lingsêm kalangkung | Wiradigda aris nambungi | dhèwèk iki Rungbinang | ngantuk nêmu kêthuk | nora milu abicara | parandene iku yèn kanggo sayêkti | milu nganggo kewala ||

47. nanging iya padha ngati-ati | bok kaparêng wani têtakona | mring ki lurah tuwan dêlèr | Rungbinang sauripun | aku wani kêthok dariji | yèn ta kongsi takona | Si Buntarting iku | pra sami gumujêng suka | eca tyase Pringgalaya Adipati | dènnya apêpucungan ||

162. Pocung[9]

1. kunêng wau gantia ingkang ninuwus[10] | dêlèr pirêmbagan | lan sagung para upêsir | para mayor miwah kang para kapitan ||

2. Mayor Ubrus maring dêlèr sangêt matur | mila tuwan datan | anurut sakarsanèki | dene jendral wus dhawahakên parentah ||

3. kinèn nurut Mangkubumi karsanipun | asile punapa | tuwan mawi nyênyinggêti | sampun têrang karsane gurnadur jendral ||

4. dêlèr muwus aja kêmba ing pamuwus | rèhning dadi awak | oliha lan tindak bêcik | yèn wus puguh môngsa wurung tinurutan ||

5. Ubrus matur inggih sampun bancang laku | bilih kaputungan | paran kinarya pêpulih | botên wurung rugine gurnadur jendral ||

6. dêlèr muwus yèn mêngkono pikir

--- 39 ---

iku | padha amrih rikat | dene Sunan Mangkubumi | têtakone luput pisan kêna pisan ||

7. iya ingsun ora kabatin tyas ingsun | sanadyan kawata | yèn ingsun bisa mrih gampil | cacad apa pan ingsun mundhak utama ||

8. nanging iku iya bênêr sira Ubrus | ana ing wêwatak | wong agunge siji-siji | lawan Mangkubumi têtêp yèn pilalan ||

9. lamun iku wurunga kongsia mutung | mendah dosaningwang | baya ngong mati binêsmi | gya Nikolas Harting nimbali pun Bêstam ||

10. praptanipun Bêkaur Bêstam tinuduh | sira angrèngrènga | prajangjianing paraji | Prajangjian Susunan Pakubuwana ||

11. yèn wus têmu banjura sira sun utus | ing wêngi kewala | mring Susunan Mangkubumi | aprakara pamundhute prajangjian ||

12. apan ingsun sumôngga ing karsanipun | jangjine kang eyang | sakarsa-karsane dadi | prajangjian Sinuwun Pakubuwana ||

13. Bêstam gupuh lumampah ing dalu-dalu | sowan pasanggrahan | anjujug mantri kang kêmit | kinèn matur yèn dutane dêlèr prapta ||

14. wusnya katur Ki Bêstam ngandikan gupuh | pinarak paningrat | Ki Bêstam ingawe gipih | prapta ngarsa dinuk ing liring anyêntak ||

15. nêmbah matur gusti kawula ingutus | mring sudara tuwan | ngaturkên kang sêrat jangji | prajangjian kala ing Pakubuwanan ||

16. sêrat katur sarta Bakaur[11] turipun | bilih padukendra | taksih sami animpêni |

--- 40 ---

prajangjian duk kala eyang paduka ||

17. kula suwun pinanggihakên pukulun | tinêpang tinêmbang | yèn inggih sampun anunggil | inggih lajêng nuntên dinamêl kewala ||

18. sigra mundhut êbuk pinaringkên sampun | tinimbang tan gothang | pun Bêstam umatur aris | sampun nunggil inggih tan wontên kang siwah ||

19. dhuh pukulun kados êmbèn dadosipun | Sênèn adêg tuwan | sang nata ngandika aris | iya Bêstam yèn wis gilig pan agampang ||

20. nêmbah mundur ing loji sapraptanipun | katur solahira | miyarsa Nikolas Harting | langkung suka lêjar ing tyas sri narendra ||

21. enjingipun Nikolas Harting umasuk | pinêthuk pangeran | dipati pangran ngabèi | pinanggihan pandhapane pasanggrahan ||

22. dêlèr matur angrampungakên kang rêmbug | kalihe wus lêga | pêpalihan dèrèng wiwit | kang rinêmbag adêge anama sultan ||

23. pan kasaru Mantri Tampingan asung wruh | yèn ing Jagaraga | pinukul ing mêngsah mangkin | kang amukul mêngsah saking ing Mamênang ||

24. pangiride Mangkudipura Madiun | nagri Jagaraga | inggih bêdhahe ing mangkin | bupatine anggubêl angungsi wana ||

25. sang aprabu ngandika marang gupêrnur | hèh sumêne iya | prakara pêparon iki | lagya ana mungsuh ngriwuk ambêbeka ||

26. dêlèr matur paran ing karsa sang prabu | iya sun kongkonan | anglurug bupati kalih | Rôngga lawan [la...]

--- 41 ---

[...wan] Dipati Suryanagara ||

27. dêlèr matur ngangge Kumpêni pukulun | sang nata ngandika | iya dadia têtindhih | aja akèh dragundêr rolas kewala ||

28. lan Sareyan Rikês sun piji lumaku | dêlèr langkung suka | Rikês sampun dèn timbali | praptanira lan dragundêr kalih wêlas ||

29. dêlèr muwus hèh Rikês sira tinuduh | marang gustinira | kinanthèkakên sirèki | Rôngga lawan Dipati Suryanagara ||

30. pan amukul ing Jagaraga Madiun | iku mungsuh beka | punggawa kalih wus prapti | sawadyane Rôngga lan Suryanagara ||

31. barisipun wus aglar nèng ngalun-alun | para mantri ngarsa | binêktakkên sadayèki | lan sang nata ingadêgakên samana ||

32. prajurit jro katanggung kang wolung puluh | pra sami jêjaka | sêtun duk wiwit arabi | lurah kalih Jayèngsari Jayèngtilam ||

33. kinèn ngadu anggajihi ing prangipun | Rôngga kawan dasa | pinangku wadya kadyèki | kawan dasa Dipati Suryanagara ||

34. sang aprabu mios panangkilanipun | lan Dêlèr Nikolas | Harting tumut mijil nangkil | amanggihi kang nglurug pangujungira ||

35. praptanipun sang nata têratagipun | lênggah ing dhêdhampar | lan Dêlèr Nikolas Harting | munggèng kursi lan sang nata jêng-ajêngan ||

36. pra tumênggung wus aglar munggèng ing ngayun | kang nglurug ngandikan | majênga angujung sami | Rôngga lawan Dipati Suryanagara ||

--- 42 ---

37. sami ngujung lan Rikês Sareyan sampun | bupati kalihnya | tabean lan dêlèr aglis | nulya ngujung mantri pangarsa sadaya ||

38. budhal nambur gong bèri saruni umyung | prajurit turôngga | wolung atus kang binêcik | arahane sèwu limang atus ana ||

39. lampahipun ing marga datan kawuwus | praptèng Jagaraga | mungsuh pra sami miyarsi | yèn dèn gêngi gugup lampahira dhadhal ||

40. ngungsinipun barise Pangran Madiun | anèng Kalitôngga | kagègèran mungsuh ngusir | sami mapan badhe nadhahi ngayuda ||

41. balanipun wontên kuda kalih èwu | kathah dèrèng prapta | panêkar môncanagari | kêrigane Pangeran Mangkudipura ||

42. ya ta wau wontên balik wong Madiun | Dyan Sêcakusuma | satus kêkapalanèki | santanane Pangeran Mangkudipura ||

43. nungkulipun langkung tinarimanipun | mring Sang Adipatya | Suryanagara lan malih | Rôngga Wirasêtika langkung narima ||

44. sampun sinung parentah bumi Madiun | ingkang kilèn kitha | cacah kalih èwu bumi | sinrahakên Rahadèn Sêcakusuma ||

45. lajêng sampun pinacak dadya panganjur | wuwuh prajuritnya | tigang atus kang turanggi | lajêng môngka cêcalang nêmpuh ing yuda ||

46. wurinipun nunjang prajurit katanggung | lan dragundêr rolas | mapag lan katanggung sami | pangiride Dipati Suryanagara ||

47. wong Madiun sakêdhap nadhahi pêngkuh | pan kasêlak [ka...]

--- 43 ---

[...sêlak] gila | sapisan bêdhile muni | nora mindho dhadhal nolih kuthetheran ||

48. akèh runtuh sing kuda kacandhak lampus | kèh kèlês katunjang | dèn ungsi praptèng kithèki | nora kèndêl malêdug malayu ngetan ||

49. dèn bêbujung kèh tinggal dangdananipun | wangsul pambujungnya | mungsuhe nilap anêbih | undurira anjêjarah abêbandhang ||

50. rêmbag mundur saking kitha ing Madiun | kang badhe tinilar | Radèn Sêcakusumèki | pacak baris nèng Bayêm sakilèn kitha ||

51. budhalipun Rôngga Suryanagarèku | tan kawarnèng marga | sapraptanira Giyanti | ngaturakên jarahan lawan bandhangan ||

52. sang aprabu miyarsa suka kalangkung | Rikês angsalira | bandhang bandera sasupit | katur marang dêlèr langkung sukanira ||

53. pan sakesuk Rikês munggah kurnèt sampun | wuri kawuwusa | Madiun ginêcak malih | kang anggitik Pangran Arya Purubaya ||

54. rame campuh Radèn Sêcakusumèku | karoban ing lawan | anggubêd anèng wanadri | binantonan mantri pangarsa sadasa ||

55. rame kukuh Sêcakusuma prangipun | agênti kasoran | tukup-tinukup kang jurit | kuwalahên mundur Pangeran Purbaya ||

56. dadya êpur têmahan kitha Madiun | tan ana ngancika | Mangkudipura tan wani | tuwin Sêcakusuma iya mangkana ||

57. barisipun kilèn kitha nora maju | myang Mangkudipura | wetan kutha barisnèki | nora wani anglêboni

--- 44 ---

jroning kutha ||

58. kunêng wau kang rêbat nagri Madiun | ingkang kawuwusa | dêlèr kang wontên Giyanti | ingkang badhe amangun ing Kasrinatan ||

112. Maos sêrat palkat tuwin ngêpung ajat dalêm

163. Sinom

1. wus undhang sagunging wadya | baris Sang Natèng Giyanti | badhe pamaosing palkat | ing tahun Be amarêngi | sasi Rabingulakir | ing Soma kaping sapuluh | aglar sagung dipatya | miwah ing Surakartèki | sakancane Adipati Pringgalaya ||

2. Kumpêni gêng-agêng samya | pakumpulan ing Giyanti | sagung têtindhih barisan | ing Marêbung gunung Gamping | pêpak anèng Giyanti | enjing munggèng tarubipun | sang nata akalihan | lan Dêlèr Nikolas Harting | Mayor Ubrus Mayor Istimolor ngarsa ||

3. têpung kang para kapitan | pan dêr Pol ingkang pangarsi | Kapitan Dongkêl kalawan | Sungrat Kulman Kapitan Bil | Beman kalawan Sèling | Petor Bristop munggèng ngayun | lan Uprup Surakarta | punika sami mangarsi | nênggih Uprup Yan Hèndrik Johan Abraham ||

4. Ngalun-alun kaèbêkan | sinang bêranang kang baris | kadya girindra dahana | prabaning kang baskara tis | kataman masênggani | ujwala busana murub | amarwata kusuma |

--- 45 ---

angilat thathit sêsiring | aprabawa sunaring sanjata lanang ||

5. gêgaman ing Surakarta | ngidul ngalèr ajêngnèki | gêgaman pasisir lèrnya | angidul ajêngirèki | prajurit ing Giyanti | ngarsa kalawan ing pungkur | kang dadya gêgujêngan | saalun-alun tan malih | prajurite Adipati Pringgalaya ||

6. wolung puluh Jagasura | sadaya dipun gundhuli | sadaya sinaruwalan | komboran sangkêlat abrit | sangkêlat kuning tulis | sadaya rasukanipun | asikêp waos mamas | panas karingête mili | ting darèwès ingkang dadya gêgujêngan ||

7. Bêstam kinèn maos surat | ing ngarsanira sang aji | angadêg pamaosira | ing ngajênge pra dipati | cinêndhak ungêlnèki | kêpanjangên yèn ginalur | ingkang mawi prakara | yèn Pangeran Mangkubumi | kawan wêlas taun atinggal nagara ||

8. angangge sakarsa-karsa | dènira amalik bumi | tinututan ing pangrêpa | môngga tan ana tinolih | aprang numpês Kumpêni | nênggih sèwu lan nêmatus | lan wolung puluh papat | kang warni Kumpêni putih | Kumpêni Slam rongèwu satus pitulas ||

9. malah umadêg narendra | lawan karsane pribadi | winongwong jinajayèng prang | mangkya Pangran Mangkubumi | aprasasat wus munggwing | ngisoring Kumpêni tuhu | ing prajuritanira | soring prajuritanèki | ing Kumpêni miwah ing prawiranira ||

10. wus anèng sosoranira | kaprawiraning Kumpêni | miwah ing

--- 46 ---

kawicaksanan | pan iya mangkana malih | Pangeran Mangkubumi | ing mangke sampun anggilut | ing maduning Walônda | mangsuk sungsum tulang pasthi | pan jinunjung ing tuwan gurnadur jendral ||

11. myang sagung rad pên india | umadêg Rajèng Matawis | Jêng Sultan Pakubuwana | ing Ngalaga Senapati | Ngabdulrahman Sayidin | Panatagama Aluhung | dene kang prajangjean | têtêp prajangjean swargi | ingkang eyang Susunan Pakubuwana ||

12. ing sanepa myang pangwasa | ing wêwalêr para niti | iribe apawong sanak | sabiyantu prana yêkti | abiprayèng tyas sukci | eklasing wikrêsna pingul | sabarang rèh ing praja | ing Pracima utarèki | myang duksina dharat lautan tarêbang ||

13. wus titi pamaosira | inganggêp têtêp ngantêpi | tinutup rèh saru sirna | muni drèl mriyêm barungi | use sagung upêsir | mriyêm amarwata guntur | salun-alun sênapan | barondongan kang gêdhugi | mariyême pitulas tan kèndêl munya ||

14. gamêlan umyung goraya | nulya dêlèr anganthuki | tabe salamêt karajan | umangsah para upêsir | tabean lan narpati | kang dhingini Mayor Ubrus | Istimolor anulya | para kapitan agênti | sawusira dêlèr angling mring dipatya ||

15. Bapak Dipati Samarang | myang Pringgalaya Dipati | payo gênti angujunga | mangsah Dipati Samawis | gantya Pringgalayèki | anulya kang pra tumênggung | ingkang Pajang Mataram | nulya bupati [bu...]

--- 47 ---

[...pati] pasisir | sawusira kang kilèn mantri pituwa ||

16. Banjar Panjêr Ngayah Roma | Mêrdèn Dhayaluhur Pasir | Pagiyanti sinêngkalan | mur sarira ngoyag bumi |[12] ing Be Rabingulakir | mangkana dêlèr umatur | bisik-bisik mring sultan | punapèstu tuwan nguni | saosane pêpatih gurnadur jendral ||

17. ingkang sampun wicantênan | lan eyang paduka nguni | pun Tumênggung ing Toyamas | punika langkung prayogi | winatawis nastiti | ambêgnya lus manah tuhu | sultan ing saurira | nênggih sami bisik-bisik | ingsun dhasar wus rêsêp lan ipeningwang ||

18. samêngko payo kasukan | jêngkar wau sri bupati | ing pandhapa pasanggrahan | panggenan sampun rinakit | sultan wus tata nênggih | ing amparan wus alungguh | nèng kursi kèrinira | Upênur[13] Nikolas Harting | pra dipati sami ngandikan sadaya ||

19. lir sêsulung Jatingarang | ambêngan ingkang umijil | kang saking pura wangunan | ewon tan kêna winilis | miwah kang saking jawi | Kanatakusuman elur | saking Suryanagaran | saking Karanggan angili | sagung ingkang barisan tuwuk sadaya ||

20. prajurit ing Surakarta | satus jodhang sabupati | pitu bupati kewala | kawolu Kyai Dipati | Pringgalaya atamping | dadya jodhang sangang atus | gumuruh swaranira | solahe wadya kang bukti | têmah luwih nasine kurang manungsa ||

21. sultan anamar sakêdhap | minggah panggung aningali | ing tingkahe [ting...]

--- 48 ---

[...kahe] wadya kathah | gumuruh kang sami bukti | lir udan sinêmèni | sultan sukane kalangkung | têdhak saking panggungan | sadintên kang sami baris | nutug suka dêlèr lan sagung punggawa ||

22. sarêng rêp dènnya bubaran | Dipati Pringgalayèki | antukipun pakumpulan | lan kancane pra dipati | tata sawusnya linggih | Dipati Pringgalayèku | mojar mring pra wadana | hèh paran pikir puniki | sintên patut kang mulih atur uninga ||

23. lawan ingkang kula duta | manggihi uprup samangkin | Yan Hèndrik Johan Abraham | anêdha turunanèki | rèngrèng adêgan wingi | Tumênggung Rungbinang matur | pun Kakang Wiradigda | kang mantuk dhatêng nagari | kula ingkang manggihi Johan Abraham ||

24. ambêkus Ki Wiradigda | Si Pagêlèn ambêsiwit | balithuk sajêgmu gêsang | nora nganggo mêmarèni | dèn jêblogakên mami | dhèwèke milih nak-enuk | mring loji sajangkahan | dèn paluhakên sun iki | wetan Jatisari kalawan ing Ganggang ||

25. gumujêng kang pra dipatya | Ki Mangkuyuda nambungi | bênêr Adhi Arungbinang | ingkang lumaku mring loji | karana iku dhingin | tinarima ring gupêrnur | mampir barisan ingwang | duk pinanggil mring Samawis | kala ngarêpakên pêparon nagara ||

26. ing mêngko iku ngirasa | ngrêrèbèt pawarta kari | manawa na rêrontogan | Rungbinang sigra malangkrik | lah ana kang ngiloni |

--- 49 ---

sok tinarka ambalithuk | gumêr malih gujêngnya | wus winêling lampahnèki | sampun mangkat Ki Tumênggung Arungbinang ||

27. wanci ing pukul sambilan | nuju jawah riwis-riwis | Ki Tumênggung Arungbinang | sapraptanira ing loji | panggih tabean angling | tuwan pan kula ingutus | ing sudara andika | Ki Lurah Radèn Dipati | Pringgalaya ingkang tabe kathah-kathah ||

28. lan malih kinèn nyambuta | rèng-rènge palkat ing wingi | Yan Hèndrik Johan Abraham | alon dènira nyambungi | iya radèn dipati | bêcik anuruna iku | lawan sira matura | sudara radèn dipati | besuk esuk sun jaluk siji wadana ||

29. ingsun muliha dinuta | mring Tuwan Nikolas Harting | nauri Kyai Rungbinang | gih tuwan wus dèn saosi | wau dèn parentahi | pun kakang Wiradigdèku | inggih ing benjang enjang | punapa saos mariki | gih pun kakang Tumênggung Wirawidigda ||

30. uprup manthuk ya dèn enjang | ingsun pukul nêm lumaris | Ki Tumênggung Arungbinang | mrêpêki abisik-bisik | lampah dika punika | [14] punapa wêwadosipun | punapa gih kenginga | nêdha pawarti sakêdhik | latah-latah Yan Hèndrik Johan Abraham ||

31. pan laku lair kewala | rêmbuge Nikolas Harting | besuk lamun pêpanggihan | lan kang rama ing Giyanti | susunan dèn aturi | ya angaturana dhuwung | siji marang kang rama | mung iku laku ngong benjing | trimakasih

--- 50 ---

Ki Tumênggung Arungbinang ||

32. lan tuwin kula anêdha | gih upas dika satunggil | supaya inggih ngantosa | tinurun surat puniki | inggih yèn wus dumugi | nuntên binêktaa mantuk | uprup nurut kewala | bêktani upas satunggil | sigra pamit Ki Tumênggung Arungbinang ||

33. sapraptanira mondhokan | mêksih pêpak pra dipati | Ki Tumênggung Arungbinang | antuke gawa Walandi | kagèt kang aningali | ki tumênggung aturipun | tabenipun sudara | paduka inggih nglilani | tinuruna sakêdhap surat punika ||

34. Kêndhiwiring tinimbalan | kinèn anurun tumuli | Ki Tumênggung Wiradigda | mring Arungbinang tanyaris | Walônda apa iki | tut buri marang lakumu | Tumênggung Arungbinang | alon dènira nauri | sauripun awingit andanasmara ||

164. Asmaradana

1. sun jaluk upas sawiji | yèn wis tinurun kang surat | aja kongsi ngulihake | si upas bae gawaa | Tumênggung Wiradigda | ambêkus dènira muwus | ingsun maning yèn mênanga ||

2. sajêge aku mênangi | sok ambalilu Walônda | hèh upas muliha age | dibalithuk Arungbinang | jamake wong nyênyêlang | yèn wis angulihkên iku | mung tatane Arungbinang ||

3. marentah kang dèn silihi | kang dèn silihi Walônda | dèn balilu nurut bae | gumêr sagung pra dipatya | tuwin sabaturira | Tumênggung Wiradigdèki | nuturkên ing solahira ||

--- 51 ---

4. duk baris Pagêlèn nguni | ya ngêndi ana Walônda | diwuruki prang gêlare | Walônda nurut kewala | yèn dulu Arungbinang | pangrasane Nabi Dawud | nora katon Arungbinang ||

5. gumêr malih pra dipati | sangsaya ambata rêbah | akêkêl têkan bature | Adipati Pringgalaya | ling sarwi mijêt manah | apa mêngkonoa iku | têkone Si Arungbinang ||

6. Wiradigda anauri | sampun maibên ki lurah | pan kula uninga dhewe | duk Pajênar botên pisah | nguni Kapitan Bagrak | pan tinuntun kadi lêmbu | makatên ingkang upama ||

7. tan duwe maras wong iki | wingi dèn lirik kaping pat | ika kang dadi brêkokong | wingi kang umadêg sultan | duk prang Pagêlèn ika | esuk sore dèn balithuk | prandene nurut kewala ||

8. anggung gawe dèn gorohi | pindho ping têlu kaping pat | têka tan ana dukane | kèdhêp têmên Arungbinang | yèn gawe kamandaka | yèn mungguha kaya ingsun | yêkti wêdi têtêmua ||

9. awêdi bèn dèn bithèni | yèn ingsun kayaa sultan | dibalithuk salawase | nglurug maring Pakalongan | pakone Arungbinang | têka nora nêmu kuwuk | bênêre disêsêmpala ||

10. kêrêng kêndêl angliwati | duk wingine kae ika | Nikolas Harting pan êmèh | dikalêthak wêwarasan | di ana wong mangkana | pradene[15] maring sirèku | dadi bêbayi warasan ||

--- 52 ---

11. iya sira ogal-agil | prandene kêna kewala | kang miyarsa padha gèdhèg | angling Tumênggung Rungbinang | kang tumênggung dèn enjang | pukul nêm ing angkatipun | Uprup Yan Hèndrik dinuta ||

12. Dipati Pringgalaya ngling | hèh ta iku Arungbinang | tuwan uprup mulih dhewe | matur Tumênggung Rungbinang | antukipun dinuta | umatur dhatêng sang prabu | Nikolas Harting rêmbagnya ||

13. lamun pêpanggihan benjing | sang nata lawan kang rama | aturipun tuwan dêlèr | ngaturna dhuwung satunggal | kang ragi babrêkatan | Tumênggung Mangkuyudèku | lah kapriye sanak kônca ||

14. golèk warta kari waris | lan Si Adhi Arungbinang | yèn mungguh kônca liyane | dèn kongsi kapêjêng môngsa | dadak antuka warta | gumujêng kang pra tumênggung | kunêng wau kawuwusa ||

113. Ngrêmbag ingkang badhe dados pêpatih dalêm ing Ngayogyakarta

15. enjing budhalira nênggih | Uprup Yan Hèndrik Abraham | mantuk punggawa kanthine | Tumêngung Wirawidigda | Giyanti pirêmbagan | nênggih sultan abdinipun | kang badhe manjing ing kontrak ||

16. myang putra sêntananèki | tuwan dêlèr panêdhanya | dipun kantênan cacahe | kang sami manjing ing kontrak |

--- 53 ---

liyane pra dipatya | nadyan wong cilik puniku | sakarsane tuwan sultan ||

17. kangjêng sultan amaringi | surat abdine sadaya | ingkang manjing buk cacahe | putra kêkalih punika | kêkalih kang santana | pangran ngabèi puniku | lan pangeran adipatya ||

18. nênggih putra kang kêkalih | dene ta ingkang santana | Pangran Natakusumane | lan Pangeran Pakuningrat | bupati tiga wêlas | dene ta pangajêngipun | Rôngga lan Suryanagara ||

19. wawolu lurah prajurit | kang tanggung mantri jronira | miwah lurah atusane | lurah kang marentah lurah | têgêsipun wadana | lêlurah gêdhe puniku | ingkang manjing buk ing kontrak ||

20. lan Suranata kêkalih | lurahe manjing buk kontrak | pinilih kalih lurahe | pan kamituwa têtiga | wus jangkêp tigang dasa | kang manjing ing kontrak iku | abdinira kangjêng sultan ||

21. Kangjêng Sultan ing Giyanti | laminira têtamuan | kang bawani saosane | amung kang rayi kewala | Dèn Ayu ing Banyumas | sultan mulat ipenipun | Tumêngung Yudanagara ||

22. kalangkung rêsêp ing galih | apan arsa pinundhuta | jêng sultan tyasira kagol | sêrate gurnadur jendral | muni Yudanagara | atur prayogi satuhu | yèn pantês kinaryakêna ||

23. matihi adêgira ji | dadya ngupaya paekan | arsa nguningani lire | dene ta sunan nèng wana | môngsa [mông...]

--- 54 ---

[...sa] tan kawarnaa | Dhimas Natakusumèku | kang dadi warananingwang ||

24. apa wadining Kumpêni | sultan anjungkung sakêdhap | angêningakên karsane | wus pinanggih karsanira | Cakrakarti dinuta | mring Nikolas Harting mundhut | Kyai Bêstam tinimbalan ||

25. sapraptanira ing loji | Kyai Bêstam tinimbalan | pinundhut maring idêlèr | wus binêktakakên sigra | praptaning pasanggrahan | lajêng ngandikan lumêbu | prapta ngarsanira sulan ||[16]

26. sultan angandika aris | hèh Bêstam padha pasaja | iya ingsun lawan kowe | apan ta padha wong Jawa | yêkti rêksa-rumêksa | apa mulane gurnadur | nawani Yudanagara ||

27. Ki Bêstam marêbês mili | awotsari sarikutan | dènnya ngusapi waspane | sang nata lêga tyasira | Ki Bêstam wus kawruhan | lamun wêkêl manahipun | tan tumama karya reka ||

28. sultan angandika ririh | ya Bêstam apa tan mirsa | duk ingsun anèng alase | Adhi Mas Natakusuma | iku pêpatih ingwang | nging dhingin sadurungipun | mungkir Si Mangkunagara ||

29. pan Si Mangkunagarèki | kang dadi patih sun iya | apan têlu sosorane | ing jaba Kudanawarsa | lawan Suryanagara | ing jêro siji ya amung | Si Rôngga Wirasêtika ||

30. Si Mangkunagara balik | Adhi Mas Natakusuma | kang dadi pêpatih ingong | iya têlu sosorannya | Adhi Mas Pakuningrat | sisih Suryanagarèku | ing jêro iya Si Rôngga ||

--- 55 ---

31. Kumpêni pasthi miyarsi | yèn mêngkono rakit ingwang | ênggon ingsun arêraton | apan ora lêstaria | tingkah wus kalampahan | Ki Bêstam nêmbah umatur | kang abdi kenging matura ||

32. ngandika sri narapati | iya Bêstam aja uwas | apan wus wêwatêk ingong | andêlan maring wong sanak | santosèng ing Hyang tingkah | ala bêcik manungsèku | nora kêna binakalan ||

33. Ki Bêstam matur wotsari | pukulun ingkang punika | mila Kumpêni yitnane | rumêksa ing padukendra | tulus ing kawiryawan | pan rayi dalêm pukulun | Pangeran Natakusuma ||

34. agênging tyas anglangkungi | awak bangkang ati buta | yèn nêpsu kang dede-dede | botên ambobot sarira | mila pasisir pisah | pan rayi dalêm pukulun | nêpsune ambêdhah-bêdhah ||

35. anobatakên rumiyin | dhatêng raka jêngandika | ing nguni inggih sang katong | ingkang sumare Nglawiyan | yèn botên kapisaha | pun pasisir têmahipun | ngabêni prang lan sang nata ||

36. langkung susahing Kumpêni | gusti ing wêktu punika | Radèn Supama nêpsune | tan wontên kuwawi bêdhah | langkung eyang-eyungan | gurnadur rêntêng kalangkung | buh kang pinilih binuwang ||

37. amiliha sri bupati | ambuwang Radèn Supama | bupati sampun cêcangkok | nagari sugih santana | ênggone anyêkuthak | mila atêmah tinurut | apisah lan Kartasura ||

38. duk miyarsa sri bupati | anjêngêr

--- 56 ---

lajêng alatah | iya Bêstam dene mangke | iya Dhi Natakusuma | lawase tunggal ingwang | tyase tutut dhasar alus | Ki Bêstam matur tur sêmbah ||

39. kasaban ing padukaji | pukulun rayi paduka | nêpsunira dede-dede | mila kalok saking sabrang | Sang Rajèng Pakalongan | tyasira apindha gunung | sultan malih tan ngandika ||

40. mila inggih mrayitnani | lami-lami rayi tuwan | manawi mijil medane | adamêl ruwêding jagat | nanging nuwun samangkya | sawab kungkulan pukulun | inggih dhatêng padukendra ||

41. kalawan gusti ping kalih | mila pun Yudanagara | rumiyin sampun tinaros | dhatêng eyang padukendra | tuwan gurnadur jendral | inggih ing salajêngipun | gusti amalih nagara ||

42. sapikiripun prayogi | sang nata alon ngandika | Bêstam yèn kaya mêngkono | sun turut karêpe jendral | Paman Natakusuma | kang anèng Selong sun pundhut | ulihe mring tanah Jawa ||

43. pasthi yèn marêm tyasnèki | Yayi Mas Natakusuma | yèn praptaa wong tuwane | Bêstam umatur wotsêkar | pasthi yèn kalampahan | pamundhut dalêm pukulun | Kumpêni amrih sarkara ||

165. Dhandhanggula

1. sira Bêstam umatur wotsari | rayi dalêm kados katangsulan | sudane mêmanahane | ngandika sang aprabu | iya Bêstam wijiling bêcik | ngupaya kabêcikan | iku jamakipun | kalamun angupayaa | ing panggawe kang ala yêkti ngêmasi |

--- 57 ---

namaning kang manuswa ||

2. yèn angilang-ilang bêciknèki | dadi angrojod luwure samya | sayêkti duraka gêdhe | anêmu tanpa urus | capluk-capluk sajêge urip | iya Bêstam wus enak | ing kene tyas ingsun | aja kuwatir sabarang | ing prakara yèn ingsun miliha urip | barang ruwêding praja ||

3. aja dadi ruwêding Kumpêni | lamun ingsun maksih anèng donya | iya Bêstam aja age | Kumpêni atêtulung | barang iya kang makewuhi | kang anèng tanah Jawa | uwisa deningsun | Ki Bêstam tur sêmbah mêsat | sapraptane panggih lan Nikolas Harting | matur sasolahira ||

4. andikane Sultan ing Giyanti | kathah-kathah langkung sukanira | duk miyarsa tuwan idlèr | ya tuwan sultan iku | yèn piturut marang Kumpêni | apa kinarsakêna | pasthi nora wurung | wau ta kang kawuwusa | lampahira Uprup ing Surakartèki | kawan dina praptanya ||

5. wangsul marang ing Giyanti malih | pangguh gupêrnur matur yèn sagah | Prabu ing Surakartane | angaturana dhuwung | mring kang Paman Natèng Giyanti | langkung sarèh sang nata | mring kang paman rukun | Yan Hèndrik Johan Abraham | wus makuwon Tumênggung Wiradigdèki | mantuk pakuwonira ||

6. lajêng sowan ing pakuwonnèki | nênggih Adipati Pringgalaya | pra dipati pêpak kabèh | wau duk praptanipun | atêtanya radèn dipati | kadipundi punapa | lêga sang aprabu | umatur Ki Wiradigda |

--- 58 ---

inggih lêga pun uprup ingkang kawarti | kula botên ngandikan ||

7. kinaruhan inggih para gusti | dangu lujênge abdi sadaya | kula matur sami sae | kang abdi sadayèku | barkat dalêm sami basuki | dangu pun Arungbinang | winastanan tumut | wontêna botoh punika | kadi juwêt inggih ngandikan pribadi | kula botên pajêngan ||

8. apa jawane iya wong iki | ngalèr ngidul olehan kewala | gumêr kang myarsa gujênge | sigra Kyai Tumênggung | Mangkuyuda alon nambungi | hèh Adhi Wiradigda | manira angrungu | alame Sunan Mangkurat | sêsampune ngadhaton Wanakartèki | ingaran Kartasura ||

9. pangungune pan kapati-pati | cacad agêng ing karatonira | dumèh tan duwe wong anèh | ngungun ing patinipun | Martalaya Martapurèki | kang sampyuh nèng Japara | awor patinipun | puniku anèh kalihnya | padha bisa nglumpati kali Kadhiri | kang têlung puluh cêngkal ||

10. Kraèng Naba nyangking Marmagati | Martalaya tuwin Martapura | kang lumumpat dhewe-dhewe | Sunan Mangkurat kuwur | langkung jungkung dènnya prihatin | agung wayang-wuyungan | susah suh tyasipun | tan antuk dhahar anendra | pan angrasa tiwase karatonnèki | dudu wahyu sanyata ||

11. wahyu mêntah-mêntah dèn gêpyoki | nora matêng anèng uwitira | wahyu jêndhul tiba dhewe | wus lami datan antuk | wong kang anèh pratingkahnèki | anèh

--- 59 ---

sabarang karya | kang dadi gêgajul | dadi têtumbal nagara | gih Si Adhi Tumênggung Rungbinang singgih | dadi tumbal nagara ||

12. dene ana anèhe sakêdhik | ing mêngko jamane ratuningwang | yêkti ana pratandhane | Rungbinang lênggut-lênggut | Wiradigda asru misuhi | diguwok sumakehan | dadak lênggut-lênggut | ngling Dipati Pringgalaya | kadipundi lah Paman Mangkuyudèki | wau Sunan Mangkurat ||

13. Ki Tumênggung Mangkuyuda aglis | nutugakên iya kandhanira | cat-êcatan ing elinge | inggih ing wartinipun | Kyai Dêmang Urawan Sêndhi | inggih sagêd akarya | ing sastra sinêmbur | lan sagêd badhe bêlarak | ingkang runtuh cacahipun janurnèki | lawan badhe pêthikan ||

14. wong kang mêndhêt ing godhong kêkalih | saking kêbon inggih winastanan | ingkang dhingin pamêthike | lan kang pinêthik kantun | ing punika tan wontên malih | kang sagêd sapunika | anulya jinunjung | nama Dipati Urawan | sabin tigang èwu madanani carik | dhasar wong tumut lara ||

15. sampun cuthêl ing kojah sakalir | gumêr malih kang para dipatya | alarang têmên wong anèh | kaluhuraning ratu | yèn wong anèh barang pakarti | Adipati Urawan | anèh mung satêngu | parandene dadya tumbal | yèn anaa wong anèh kang sakêmiri | baya ginawe nyamat ||

16. wontên dutane Nikolas Harting | manggil Adipati Pringgalaya | pra dipati sakancane | prapta panggih gupêrnur | lajêng sowan marang sang

--- 60 ---

aji | praptaning pasanggrahan | ingandikan laju | pinanggihan ing pandhapa | wusnya tabe atata dènira linggih | pra dipati ngarsa glar ||

17. Pringgalaya umatur wotsari | kang pitungkas putranta sang nata | ing palihan prayogine | sumôngga ing pukulun | angandika Natèng Giyanti | sira kang amanduma | atômpa bae sun | Adipati Pringgalaya | yèn makatên paduka kula saosi | sapanêngên sadaya ||

18. ingkang wêling putra padukaji | satêngêning agêng Pringgalayan | kula saos lêlintone | panêkar ta pukulun | pundi ingkang tuwan karsani | Kartanêgaran lawan | Wiragunanipun | kangjêng sultan angandika | Pringgalaya ing Kartanêgaran mami | pinarêng abdiningwang ||

19. akèh kang duwe tabêt Panumping | iya Panumping Kartanagaran | Matesih sapangalore | uruting Karja Jamus | ya wus dadi Panumping siji | mungguh môncanagara | kapriye pandummu | Pringgalaya matur nêmbah | papan inggih mawi kanan lawan kering | nanging kula sumôngga ||

20. bilih wontên kang tuwan karsani | sumêrêpa lêlinton kewala | ingkang sami satimbange | ngandika sang aprabu | iya môncanagara siji | nagara Garobogan | iku tabêtipun | Si Adhi Suryanagara | Pringgalaya sira amiliha bumi | ingkang padha satimbang ||

21. Pringgalaya umatur wotsari | yèn marêngi ing karsa paduka | nagari Toyamas mangke | inggih kang kawan èwu | inggih sampun kongsi kapalih |

--- 61 ---

têtêpa wontên putra | paduka pukulun | sultan alon angandika | sarwi mèsêm hèh iku Pringgalayèki | sayêkti nora timbang ||

22. Garobogan isine karikil | ing Banyumas iku isi uwang | aja tinimbang cacahe | Pringgalaya gumuyu | nêmbah sarwi umatur aris | punapa tuwan dadak | uningèng pamêtu | nauri gumujêng latah | wêruh ingsun angrungu saka wong cilik | kang padha cêcaturan ||

23. tanah durung kambah dening mami | iya amung Adhi Mas Purbaya | nora kongsi babakake | mung ngancik pinggiripun | ing Gumêlêm kang dèn anciki | sêlak pinêthuk ing prang | rusak balanipun | binujung kaponthal-ponthal | sabubare kuthetheran pothar-pathir | kawus Dhimas Purbaya ||

24. nora ana kambah baris malih | kang amukul Dhimas Purubaya | pan bumi wutuh têgêse | Pringgalaya umatur | inggih lêrês paduka aji | nanging ta putra tuwan | ing pitungkasipun | sira matura ing paman | Si Banyumas ing samêngko iku dadi | ingone ingkang putra ||

25. Si Kaliman karo Si Panolih | Si Garêbêg iya Si Banyumas | iya salawas-lawase | saiki yèn pinundhut | pêparoning mring paman aji | kuwur pan

durung ana | ing lêlironipun | sultan gumujêng ngandika | yèn mangkono kêpriye gon ingsun milih | ingsun tuwa kawogan ||

26. jabakêna kang mangkono dhingin |

--- 62 ---

lagi maro ing bumi ya kêmba | saking tampan-tinampane | miwah satimbangipun | Pringgalaya nuwun wotsari | sadintên pagujêngan | diwangkara surup | bubaran kang abicara | enjing malih badhene asaos malih | ing dalu kawuwusa ||

27. animbali bupati pinijig | lan santana Pangran Pakuningrat | Pangran Natakusumane | bupati kang têtêlu | Rôngga lawan Suryanagari | lan Janingrat Mataram | prapta ngarsa prabu | sang nata alon ngandika | Adhi Natakusuma myang pra dipati | iki karêpe jendral ||

28. Si Tumênggung Yudanagarèki | kang dadya iya pêpatih ingwang | nanging anawani bae | nora mêksa maringsun | kaya paran rêmbuge sami | Pangran Natakusuma | alon aturipun | pukulun ing sapunika | sakajênge tinurutan pun Kumpêni | sampun mawi was-uwas ||

29. sawêg eca pukulun samangkin | tyase abdi paduka sadaya | rumaos yèn èstu lèrèn | samya srêp manahipun | ngraosakên kangèlan lami | Dipati Jayaningrat | sarêng aturipun | Rôngga lan Suryanagara | angrêmbagi ing saatur-aturnèki | Pangran Natakusuma ||

30. yèn kiyata karsaning Kumpêni | sapunika badan kuthetheran | Kumpêni kaku ing tyase | gumujêng sang aprabu | iya adhi ingsun wus jangji | sun turut sapikirnya | nanging kang sun pundhut | Si Paman Natakusuma | dèn sanggupi ulihe mring tanah Jawi | dêlèr sun cêkêl tangan ||

--- 63 ---

31. Rôngga Suryanagara wotsari | yèn makatên sampun etung kalah | ing palihan sapantêse | angsal inggih pukulun | rama tuwan kenging ajawi | inggih sasat nugraha | ing paduka prabu | tinimbanga ing sanepa | lir amanggih rukmi sawukir Mêrapi | langkung barkat mangpangat ||

32. sultan gumujêng ngandika aris | yèn mangkono wis padha mupakat | Pangran Natakusumane | nêmbah alon umatur | abdi dalêm sadaya sami | botên angrêbat badan | amung jêng pukulun | tulusa sukèng wardaya | ingkang abdi taksih anungkêlang arit | tan ketang sapunika ||

114. Kangjêng Sultan Misudha para Abdi

33. kangjêng sultan angandika malih | yèn mêngkono sira lumakua | Dhimas Natakusumane | têtêmu lawan gupnur | anggawaa Si Cakrakarti | mundhut Yudanagara | Banyumas Tumênggung | gawanên samêngko iya | nuli ingsun karya wakil angladèni | padune Pringgalaya ||

34. Pangran Natakusuma lumaris | Cakrakarti ngiring lampahira | ya ta wau sapraptane | ngloji sampun apangguh | lawan Dêlèr Nikolas Harting | nêmbungakên dinuta | sultan tabenipun | lan mundhut Yudanagara | pun Tumênggung ing Banyumas sapuniki | idlèr inggih sumôngga ||

35. idlèr sigra dènira amanggil | Radèn Adipati

--- 64 ---

Pringgalaya | lan Tumênggung Banyumase | wau sapraptanipun | Adipati Pringgalayèki | Nikolas Harting mojar | hèh Pringgalayèku | Tumênggung Yudanagara | ing Banyumas iya saosna tumuli | pinundhut maring sultan ||

36. nanging bumine Banyumas kari | iya ta tapi nora kaliha | ing Banyumas Bupatine | mung anak putunipun | Ki Tumênggung Yudanagari | hèh iku Pringgalaya | êsah lan gurnadur | Adipati Pringgalaya | sangêt dhêku sigra dènira dhawuhi | marang Yudanagara ||

37. kinèn tumut Yudanagarèki | marang Pangeran Natakusuma | mangkatira sarwi tabe | Nikolas Harting muwus | dhapêt untung tuwan sirèki | lampahira wus prapta | ing Purawinangun | lajêng binêktèng ngajêngan | pandhadhape dingkik-dingkik jêtmikani | sêdhêp amarêk driya ||

38. praptanira ing ngabyantaraji | sarwi mèsêm sultan angandika | dèn parèng kene ki ipe | gya majêng awotsantun | Pangran Natakusuma ngirid | prapta majêng mangrêpa | mangusapi lêbu | ing pada sang naradipa | ngandika marma ingsun pundhut sirèki | atunggala lan ingwang ||

39. payo tungtun-tungtunan lan mami | tanah Jawa êntèk wonge tuwa | payo tinuwanan dhewe | sira kalawan ingsun | sapêkolèh wong damèng krami | alah si ora pisan | cacade prajagung | yèn parêng karsaning Suksma | padha nêdya mulyakna manusa Jawi | basah lir kênèng wisa ||

--- 65 ---

40. sun ing nguni madêg narapati | apan ingsun datanpa ukara | wong amrih kumpuling akèh | tan nêdya nganggo lagu | dhêngdhêng Pêngging karoyok Pathi | dak Tuban surak Dêmak | mung panganggoningsun | ing nagara têmah lungkrah | mêngko ingsun kaduwung kapati-pati | ngrasa katêmpuh tuwa ||

41. iya wong tuwane jaman mangkin | iya ingsun mênangi lan sira | duk misih krêtèng jamane | lan kawitane ngratu | iku padha dèn eling-eling | supayane kênaa | siningkiran iku | apan tiwasing prakara | lamun luput wiwitane nora bêcik | banjure karekelan ||

42. ingsun iki Yudanagarèki | sarta ngawaki untung lan tiwas | padha sun icipi kabèh | laku kang tiwas untung | ing têgêse sun jalajahi | amrih wruh ing wêweka | sira datan emut | bêndaramu adhi lurah | êndi ana wong anom karabat mami | prawirane mangkana ||

43. bisa ngawula sarta ngêntasi | tur waspada witing kadadean | mantêp bawa lêksanane | agal alit kawêngku | lêpasing rèh putus patitis | nirmala ambêk santa | wêweka kawêngku | pasanging graita limpad | lurahira Dhimas Purbaya ing nguni | cacade mung satunggal ||

44. apan sira padha angawaki | iya sapa kadange sadaya | kang kaya ingsun rakête | dadi kang mêthèk iku | wani muni ing ngarsa mami | rayi paduka Gungan | amung cacadipun | yèn ta sampun [sa...]

--- 66 ---

[...mpun] makatêna | rayi dalêm môngka musthikaning bumi | dununging wahyu kobra ||

45. Gungan punika ingkang wuragil | pun Jubriya punika panênggak | pun Takabur pambajênge | samasa bangsanipun | ingsun jawil dhingin si adhi | ugungane sudaa | maringsun ambêkus | kang êmas môngsa kênia | binakalan pêpancène manusèki | bêcik kalawan ala ||

46. ingsun injên tiwase si adhi | saking nagara kudu arêngka | nora pilih jalarane | hèh Yudanagarèku | sira ingsun karya pêpatih | lah iya cabar tiwas | parênga lan ingsun | padha ginau ukara | pirabara iya Hyang Suksma maringi | yèn kênaa tinêdha ||

47. pan kumêpyur tyas kadya binanting | wau Tumênggung Yudanagara | marêbês mili waspane | kabyatan sih manaput | drêsa driyanira ngranuhi | umatur sarikutan | rawat waspanipun | pukulun kalangkung mudha | ingkang abdi tan pêcah mijêta ranti | ngêmbanana sri nata ||

166. Sinom

1. pukulun mung kenging tarka | duk ingabdèkakên nguni | dhatêng rayi jêng paduka | Pangeran Purubayèki | dene kawula inggih | kinathik ing siyang dalu | apan rayi paduka | wong agung tyase mupugi | ing aguna amiguna sumbagèng rat ||

2. sayêktine tanpa tatal | anatal sukêt tatêki | jêng sultan mèsêm ngandika | marma padha ngeling-eling | lah iya angur êndi | kang nora wruh pisan iku | lêlèjêming prakara | sira [si...]

--- 67 ---

[...ra] iku lawan mami | warêg dulu sarawunganing prakara ||

3. sira nuli ngladènana | marang Si Pringgalayèki | pêparone kang nagara | nora susah sun tuturi | watak Pringgalayèki | kadurjanane anutug | nging sira tadhahana | pasaja ati basuki | jajalanat ingantêpan gôndra pira ||

4. dhasar kanthi Arungbinang | bisane luwih sabumi | yèn amasang kamandaka | ngungkuli ajar sakêthi | yèn amasang kêkirih | alah kaji pitung puluh | yèn masang ujar jawat | alah dhukun satus sisih | yèn amasang pilêpak lir Malaekat ||

5. atêmah tandhing sumêngka | iya bicaranirèki | nanging sukura ing titah | pirabarane sirèki | mênang ngadu lêlungid | mungsuhira padha jênggul | Tumênggung Arungbinang | tan kêna tinandhing apit | atandhinga satus sisih nora timbang ||

6. nanging ta adiling Suksma | ingkang bae kang siranti | sadalu apagunêman | sarêng tambur bubar sami | wuwusên sri bupati | sultan nimbali gupêrnur | pangeran adipatya | lawan pangeran ngabèi | kang amêthuk Nikolas Harting praptanya ||

7. idlèr manjing pasanggrahan | kèndêl sagung pra dipati | pasisir ing panangkilan | miwah sira Ki Dipati | Pringgalaya anangkil | punggawa sakancanipun | aglar kang pra dipatya | punggawa Pajang Matawis | sigra têdhak sultan siniwakèng jaba ||

8. ginarêbêg ing wanodya | miwah ingkang ampil-ampil | pangeran bèi ing ngarsa | pan dêr

--- 68 ---

Pol ingkang akanthi | wau pangran dipati | kêkanthèn lan Mayor Ubrus | prapta ing panangkilan | banjêng kang para upêsir | sultan ngagêm songkok barung ginarudha ||

9. baludru cêmêng rinêngga | lung-lungan mas binaludir | tulyasri nurut dongdoman | nyamping golang-galing wilis | lancingan pinapanji | renda mas baludru wungu | kinencong nyampingira | anyuriga cara Bali | atunjung mas bintang ing jaja tumeja ||

10. asèdhêt wangun pidêksa | kadya Prabu Maèspati | Narpati Arjunasasra | rikat pasaja rêspati | sagung wadya kang nangkil | angalêm wanguning prabu | sultan asru ngandika | sarupane kang anangkil | piyarsakna lawan padha ngèstokêna ||

11. Si Tumênggung ing Banyumas | sun kulawisudha mangkin | sun karya pêpatih ingwang | matihi saparo Jawi | namane ingsun alih | Dipati Danurêjèku | kang sun pundhut namanya | Tumênggung Yudanagari | sun paringkên Si Adhi Suryanagara ||

12. radèn tumênggung namaa | Yudanagara palinggih | nagari ing Garobogan | môncanagara amiji | dene sosoran patih | Dhimas Pakuningrat iku | Gêdhe Mlayakusuman | sosoran kiwa Panumping | anisihi Si Rôngga Wirasêtika ||

13. anamaa Radèn Rôngga | Prawiradirja ing mangkin | Adhi Mas Natakusuma | pêpatih jro anglinggihi | kaparak têngên nênggih | lêlurah mantri jro iku | iya Si Baurêsa | sun karya wadananèki | ing kaparak [kapara...]

--- 69 ---

[...k] kiwa Tumênggung Burêsa ||

14. lurah katanggung satunggal | ya Si Panji Jayèngsari | iku sun karya wadana | nindhihana gêdhong kering | Tumênggung Surantani | ing mangke jêjulukipun | iya Si Mangunjaya | sun karya wadananèki | gêdhong têngên iku sun paringi nama ||

15. Tumênggung Mangunnagara | dene kaliwone jawi | Si Tumênggung Alap-Alap | iya namane sun alih | maksih dadya bupati | Tumênggung Martalayèku | iku mômgka sosoran | Adhi Mas Pakuningrati | ana dene sosoran Prawiradirjan ||

16. Si Ngabèi Wirarana | iya ingkang angliwoni | mring Rôngga Prawiradirja | sun ganjar namane mangkin | Tumênggung Kartanadi | iya Si Wiraranèku | lurah katanggung iya | Si Kayun iki sun kardi | anamaa Ngabèi Jayadirana ||

17. dene kaliwon kaparak | kiwa Si Prawirasêkti | têngên Si Ranadirada | gêdhong Si Ranadimurti | kiwa têngênirèki | Si Yudakartika iku | lan Si Ranawijaya | sun karya jêksa ing mangkin | jumênênga Tumênggung Sasmitasastra ||

18. lan Si Muhyidin sun karya | samêngko lêlurah carik | sun alih ing namanira | Cakrawijaya Ngabèi | sultan sigra anolih | maring dêlèr sarwi manthuk | têlas ingkang ingangkat | kang binarêng lan pêpatih | urmat use samana lajêng kasukan ||

19. anèng panangkilanira | mariyêm tan kêndhat muni | kadya guntur ing ancala | kalasangkanya munya tri |

--- 70 ---

gêndhing rêmêng ngrêrangin | bêksa jêbêng pra tumênggung | ingajêngan bêdhayan | abarungan mawarna tri | angarangin ing wuri ngidak kaluwak ||

115. Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan pêpanggihan kalihan Ingkang Sinuhun Kanjêng Sunan

167. Pocung[17]

1. bubar surup makuwon sadayanipun | sultan wus ngadhatyan | ing pura winangun prapti | bakda ngisa badhaya lit kang ingajar ||

2. enjingipun prapta dutane gupêrnur | Bêstam kang dinuta | sigra ingandikan prapti | ing ngajêngan nêmbah matur Kyai Bêstam ||

3. dhuh pukulun sudaranta tabenipun | prakawis jêng tuwan | angandika duk ing wingi | aprakawis palihanipun Toyamas ||

4. kengingipun ingudhal malih pukulun | jêng sudara tuwan | Idêlèr Nikolas Harting | langkung ajrih dene tuwan wus parentah ||

5. manjingkên buk ing mangkya sampun katutup | ajrih ngêngakêna | pun dêlèr inggih nyaosi | ingkang sami satimbange pêpalihan ||

6. Ngromasèwu ing Lêlêdhok pitung atus | Lèpènbêbêr ingkang | gih tigang atus puniki | kangjêng sultan angandika iya Bêstam ||

7. ingsun tantun kang bakal nglakoni iku | iya raganingwang | nora wruh rupaning bumi | ingkang wêruh Si Dipati Danurêja ||

--- 71 ---

8. besuk esuk iya akongkonan ingsun | pan durung karuwan | marmane ing benjing enjing | karuwane Si Dipati Danurêja ||

9. Bêstam sampun pamit nêmbah sigra mundur | ginanjar rasukan | budhidhar jubah sultani | srêban wungu lan nyamping lonthang bathik bang ||

10. sru gumuyu Bêstam sadalan anyurut | dene kangjêng sultan | pêparinge anyêmoni | paringe anggon-agoning ngulama ||[18]

11. têgêsipun kinèn dhongkol bae tèngsun | iya wong wis tuwa | dèn eman têmên sun iki | pasêmone gustiningsun kangjêng sultan ||

12. praptanipun pakuwon panggih gupêrnur | katur aturira | yèn jêng sultan nyêmadosi | inggih benjing enjing badhene utusan ||

13. ya ta wau kawuwusa sang aprabu | saungkure Bêstam | animbali Cakrakarti | praptèng ngarsa kalawan Cakrawijaya ||

14. kinèn nantun timbalanira sang prabu | Dipati Danurja | ambobot-bobot ing bumi | Kalibêbêr ing Lêlêdhok lawan Roma ||

15. pan rong èwu dadia pêparonipun | paroning Banyumas | mêsat Cakrawijayèki | Cakrakarti panggih Dipati Danurja ||

16. wus tinantun kang tinimbang paronipun | paroning Banyumas | kang rong èwu dèn timbangi | Kalibêbêr ing Lêdhok lawan ing Roma ||

17. paronipun Toyamas ingkang pinundhut | satêmah punika | Idêlèr Nikolas Harting | nyaosakên Kalibêbêr [Ka...]

--- 72 ---

[...libêbêr] Lêdhok Roma ||

18. sru gumuyu Dipati Danurêjèku | inggih sampun babag | kula wani kukum ugi | Cakrakarti milane mawrat sampeyan ||

19. karsanipun raka paduka sang prabu | inggih kang punika | kinarya lênggah pêpatih | lurung têngah patang atus dadya wêwah ||

20. badhenipun wingi dhawahe sang prabu | ingkang tanah Pajang | Mataram dipun paringi | Kalibêbêr badhe pêpancèn punika ||

21. gih bêndara rayi paduka dèn ayu | ingkang pinaringan | ing Kalibêbêr pribadi | tigang atus kadang èstri pinancènan ||

22. dun[19] angrungu Patih Danurêja ngungun | angungun kalintang | kamanisên ing pawarti | kanyut saking sakarsa-karsaning sultan ||

23. wuwusipun Dipati Danurêjèku | inggih sampun majad | suka anganggêp sayêkti | pan kapara ing ngriki untung satêbah ||

24. dutanipun kêkalih sarêng wus laju | mring panggènanira | Gupêrnur Nikolas Harting | wus kapanggih têmbunge amundhut desa ||

25. kalih èwu lan punjule tigang atus | ing Lêdhok lan Roma | ing Kalibêbêr lan malih | punjulipun tigang atus lurung têngah ||

26. dyan gupêrnur mundhut mring Pringgalayèku | sadaya wus prapta | katur ing caraka kalih | Lêdhok Roma Kalibêbêr lurung têngah ||

27. sampun mundur duta kalih praptanipun | katur angsalira | kang saking Nikolas Harting | bumi kalih èwu tigang atus kasrah ||

28. sang aprabu suka pinaringkên sampun | Dipati [Di...]

--- 73 ---

[...pati] Danurja | môngka lungguhing pêpatih | bumi bobot santosa tur wutuh kuwat ||

29. tan kawuwus gupêrnur ing pikiripun | prakawis panggihan | kinarsakêna tumuli | lan kang putra Sang Aprabu Surakarta ||

30. enjingipun tuwan dêlèr sowanipun | marang pasanggrahan | pinêthuk pangran dipati | lan pangeran ngabèi sapraptanira ||

31. ing têtarub wangunan binêkta laju | praptèng purantara | pinanggihan ing pandhapi | têtabean ciuman wus tata lênggah ||

32. dêlèr matur paran ing karsa pukulun | prakawis panggihan | lan putra dalêm sang aji | puniku ta wontên adhènging prakara ||

33. ya ta wau sultan ing andikanipun | iya besuk apa | apa ingsun kang nêkani | apa anak prabu nêkani maringwang ||

34. dêlèr matur abên têngah pênêdipun | sultan wau sigra | animbali pra dipati | Pringgalaya miwah Dipati Danurja ||

35. pra tumênggung pra samya tumut lumêbu | praptaning ngajêngan | sultan angandika aris | hèh ta Pringgalaya miwah Si Danurja ||

36. ingsun arsa patêmon lan anak prabu | ingkang adu têngah | Surakarta lan Giyanti | yèn wus padha mupakat bênêr ing têngah ||

37. nuli iku sambutên karyanên tarub | pra sami sandika | andangu mring mantri bumi | aturipun para mantri dhusun Lêbak ||

38. wetanipun saking dhusun Jatossantun | inggih padhêkahan | siti tumut Jatisari | mung punika ingkang pantês têngah-têngah ||

39. ya

--- 74 ---

ta wau jêng sultan ngandika arum | yèn mêngkono padha | nuli garapên tumuli | pêparona Pringgalaya lan Danurja ||

40. sandika wus matah sawiji tumênggung | sigra lampahira | punggawa Surakartèki | Wiradigda Giyanti Prawiradirja ||

41. wus sinambut wau kang têtarub agung | dêlèr pamit nulya | badhe lajêng lampahnèki | amondhongi sang prabu ing Surakarta ||

42. lampahipun mung Pringgalaya kang tumut | sagung pra dipatya | sami kantun ing Giyanti | inggih benjang kewala sami mêthuka ||

43. yèn wus tamtu têdhakira sang aprabu | mêthuk panangkilan | panggihe Nikolas Harting | cêciuman kinanthi manjing jro pura ||

44. dêlèr matur sami basuki sang prabu | inggih ingkang salam | rama paduka Giyanti | apan èstu inggih sami pêpanggihan ||

45. lon sumaur wau inggih sang aprabu | inggih kula sukak | kula sawêg marentahi | damêl sasak yèn sampun dadya umangkat ||

46. dêlèr matur inggih prayogi kalangkung | sang nata ngandika | hèh uprup kang nambut kardi | enggalêna lan jênêngana Walônda ||

47. ya ta matur sandikanira pun uprup | sasak ing Sampangan | idêlèr amit mring loji | ngasokakên badane mêntas lêlampah ||

48. ungkuripun Nikolas Harting sang prabu | animbali sigra | Dipati Pringgalayèki | Kyai Puspanagara Sasradiningrat ||

49. sami tumut sami ngirid ngarsa prabu | wau Adipatya | Pringgalaya awotsari |

--- 75 ---

ingkang salam kangjêng rama jêngandika ||

50. sang aprabu alon pangandikanipun | priye Pringgalaya | paman samêngko watawis | ing undhake sêpuhe ta mandi sapa ||

51. nêmbah matur Dipati Pringgalayèku | nuwun rama tuwan | anèh kalih tiyang Jawi | tingalipun sêpuhipun botên ewah ||

52. ewahipun pan amung sariranipun | pan rama paduka | nguni wêwêg sarirèki | mangke singsêt wêwah ruruhipun rikat ||

53. ulatipun ingkang sangêt ewahipun | aringas agalak | ing andikipun sakêdhik | mèh sumêrêp dhatêng netra pucicilan ||

54. pan rumuhun wong agung liyêp aruruh | angarjuna tuwa | ing mangke ta Dyan Sêtyaki | ewahipun ing pasêmon lawan kina ||

55. malihipun kula kônca sami pandung | inggih pra dipatya | malah anjawil-jinawil | sami bisik-binisik wontên ngajêngan ||

56. drijinipun ing asta miwah ing suku | angrayung samangkya | pan rama paduka nguni | dadya gunggung ing praja bagus utama ||

57. sarwa patut mung satunggil cacadipun | darijining asta | lan dariji sukunèki | kirang ngrayung lan sarira tan sêmbada ||

58. mangkya sampun angrayung kang mulat pandung | anuwun punika | inggih langkung tan kadugi | bilih sangêt kangèlanipun punika ||

59. pun gupêrnur dhatêng ing kula amuwus | priye Pringgalaya | sunan lan kang rama dhingin | nora mèmpêr munduran mèmpêr kang paman ||

60. pun Tumênggung Wirawidigda sumambung |

--- 76 ---

tuwan bênêr dika | bapa paman angèmpêri | kaot ingkang paman sarira wanudya ||

61. kang Sinuhun ing Surakarta satuhu | asarira lanang | kathah kang paman sang aji | sintên mirib ing ngrika sami lan paman ||

62. dêlèr muwus saking doh êblêg satuhu | dupi cinêlakan | susunan mangun nyabrangi | ingkang paman agandês kadya têtandhak ||

63. awratipun rama paduka pukulun | yèn atrap bicara | inggih ambêk Jabarail | botên môntra-môntra ambêka manungsa ||

64. botên etung yèn wawrat mung ambêk purun | tan darbe mêmaras | kala amangun prajangji | ingkang ngadhêp sami tanpa darbe nyawa ||

65. kang pinundhut prajangjian eyangipun | kang raka kang rama | prajangjian kang tinampik | sadêg sanyêt pangantêpe botên ngungkak ||

66. pun gupêrnur sampun pucat ulatipun | nuntên Dongkêl nyêlak | umatur kadya anangis | lilihipun lêjar yèn saking asmara ||

168. Asmaradana

1. pun Dêlèr Nikolas Harting | mèh botên sagêd ngadêga | mulat ramanta dukane | kadya kumukus kang netya | talingan ambaranang | kang imba agung malêngkung | pratôndha sangêt dukanya ||

2. ngandika sri narapati | paman iku sawab apa | anampik prajangjiane | kang raka miwah kang rama | mundhut kang prajangjian | swargi kangjêng eyang buyut | lah iku kacèke apa ||

3. ingsun ingkang angrawati | mung prajangjiane rama | kang ginawe sarawuhe |

--- 77 ---

rama saking Pranaraga | ajangji ingkang lawas | padha sirna gêmpuripun | sajrone aprang lan Cina ||

4. duk praptane komisaris | mêntas bêdhah Randhulawang | kapitan undur lakune | nuli komisaris prapta | amangun prajangjian | nora duwe manah ingsun | mung jangji wangunan anyar ||

5. umatur saha wotsari | Adipati Pringgalaya | dhuh gusti punika malèh | rama paduka ngarsakna | kang apês babar pisan | lêrêsing pamundhutipun | sawab prajangjian tiga ||

6. dèrèng wontên kêpak-kêpik | dèrèng cuwik dèrèng babak | tur umadêg pangrasane | wong sabrang kang anyêlambrang | kêni siku sinipat | ngambil ayam saba dhusun | antuke amêndhêt tundhan ||

7. punika pan botên kêni | tuwin kang dados sêsanggan | pangitunge kinarècèk | tan kenging manjingkên budhak | kalawan sundêlira | Kumpêni rabi pukulun | yèn inggih lawan wong Jawa ||

8. pan botên inganggêp rabi | inganggêp sundêl kewala | botên dèn itung ingone | mung ketung dhudha kewala | amung kang rabi nyonyah | punika ingkang dèn itung | anak inggih botên ketang ||

9. tan kêni ngingkêt sanyari | wêwah silir anggêgampang | inggih barang pratingkahe | tan kêna nyorok tênaga | miwah ukum-ukuman | tan kêni ginggang sarambut | yèn wong Jawa lan wong sabrang ||

10. inggih kisasipun sami | kalamun wêdaling êrah | sanadyan sabrang

--- 78 ---

wong gêdhe | wong Jawa sikêp kewala | tan kêni ingapura | tiniban saukumipun | tan kêni yèn sêsambata ||

11. ing ngriki sampun ngundhangi | Yan Hindrik Johan Abraham | inggih dhatêng Kumpênine | Tumênggung Puspanagara | nambungi gih ki lurah | ngriki wontên tigang dalu | arang Walandi nyêlambrang ||

12. ingkang padha ngambil pitik | Tumênggung Sasradiningrat | nambungi gih lêbêt bètèng | ki lurah wontên sapasar | boya wontên Walônda | ngambil ayam ambêburu | manthuk Radèn Pringgalaya ||

13. gih puniku ingkang mawi | sawab uprup wus parentah | dhèwèk amanut kemawon | mèsêm sang nata miyarsa | alon dènnya ngandika | apêrkara kêris iku | iya Ki Kopèk kewala ||

14. priye panggawanirèki | kothak atawa têmbaga | Radèn Pringgalaya nolèh | Tumênggung Sasradiningrat | matur inggih kêndhaga | mawi samir kang amanggul | lawan sinongsongan jênar ||

15. kang gendhong priyayi mantri | pan inggih mantri kaparak | sang nata pangandikane | ya wis bênêr Pringgalaya | besuk yèn pêpanggihan | êndi ta panggonan ingsun | miwah panggonaning paman ||

16. Dipati Pringgalaya glis | matur saha awotsêkar | paduka nata kang kilèn | rama paduka kang wetan | dêlèr êlèr gènira | inggih ajênge angidul | baris Kumpêni amapag ||

17. lawan prajurit jro sami | makatên dêlèr parentah |

--- 79 ---

lan inggih kaping kalihe | sabên dêlèr tinimbalan | ing rama jêngandika | rayi paduka kang mêthuk | pangran dipati punika ||

18. lawan pangeran ngabèi | pukulun rayi paduka | kang nama ngabèi anèm | pangran dipati kang tuwa | milane sapunika | kang anèm ing dhapuripun | blêg suwargining kang uwa ||

19. lan ing ngriki yèn suwawi | rayi dalêm kalih pisan | Dèn Mas Sêmplo lan Panolèh | kang sampun sami diwasa | punika amêthuka | sabên tuwan dêlèr masuk | kabèh ture tinarima ||

20. kadi kang Rama Giyanti | sang nata apêparentah | padha gêlakên sasake | lan kang karya pasanggrahan | ing Lêbak Jatikêmbang | Pringgalaya kinèn mêtu | lan wadana kalih pisan ||

21. siyaga ngundhangi dasih | rakit baris tata lampah | ingkang anyêkêl waose | benang ingkang wolung dasa | nênggih kang sawêg dadya | pinilihan ingkang patut | kang bagus-bagus agagah ||

§ Lajêng nyandhak Jilid 18.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)

2. Sengkalan: trus sapta sabdaning ratu (1779 A.J.,1851 A.D.). (kembali)
3. nimbali. (kembali)
4. anyêrot. (kembali)
5. Britman. (kembali)
6. anggung. (kembali)
7. barising. (kembali)
8. kaparak. (kembali)
9. Teks asli: Pucung. (kembali)
10. winuwus. (kembali)
11. Bêkaur. (kembali)
12. Sengkalan: mur sarira nyoyag bumi (1680 A.J., 1755 A.D.). (kembali)
13. Gupêrnur. (kembali)
14. Guru lagu seharusnya: 7i, lampah dika puniki. (kembali)
15. prandene. (kembali)
16. sultan. (kembali)
17. Teks asli: Pucung. (kembali)
18. Kurang satu suku kata: pêparinge anggon-anggoning ngulama. (kembali)
19. duk. (kembali)

Serie No. 1259q

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 18.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Ingkang Sinuhun Kangjêng Sultan pêpanggihan kalihan Ingkang Sinuhun Kangjêng Sunan.[1]

22. sami abêbêd sêmbagi | ijo bênting cindhe abang | sami nyuriga dhuwunge | asêsingêl kasa pêthak | tinêpèn ijo samya | lancingan kuning grimipun | acawêt cara Madura ||

23. tigang sore ginaladhi | ing lampah mirib tayungan | ing èmpêr amrih rowane | kang môngka tosing gêgaman | lampah munggèng ngayunan | kang badhe ing wurinipun | katanggung lawan tamtama ||

24. nanging maksih lare sami | katanggung pangiridira | Radèn Tirtakusumane | putra ing Mlayakusuman | bancèr kadya lancapan | panumbak pangiridipun | Panji Gringsing rowa rikat ||

25. dêdêg pidêksa apêkik | sami lan Tirtakusuma | sumamar lawan ratune | wus matêng rakiting lampah | ginaladhi jro pura | antawis ing kawan dalu | Idêlèr ing Surakarta ||

26. kang akarya sasak dadi | tuwin ingkang pasanggrahan | undhang siyaga budhale | badhe tumuli budhalnya | Nikolas Harting wusnya | linaporan budhalipun | pan inggih ing benjang enjang ||

27. dêlèr sigra kirim tulis | mring Sultan Giyantipura | lamun kang putra budhale | pan inggih sadintên [sa...]

--- 4 ---

[...dintên] benjang | dalu carakanira | praptaning Giyanti sampun | surat katur kangjêng sultan ||

28. dalu pan datan kawarni | enjing atêngara budhal | atata pangkat-pangkate | sapraptaning Jatisêkar | tinata wadyanira | rinakit jajaranipun | kunêng wau kawuwusa ||

29. Sang Prabu Surakartèki | enjang budhal saha bala | gumuruh wadyakuswane | dêlèr ingkang munggèng ngarsa | nitih kathil sinungan | ing kanan kering palêngkung | wong salawe kang angrêmbat ||

30. saking sangêt jêblognèki | Yan Hèndrik Johan Abraham | kang munggèng kursi ginotong | wau ta dêlèr lampahnya | munggèng ing ngarsa pisan | samarga-marga gumuruh | kang baris angron ing kamal ||

169. Sinom

1. sang prabu ing Surakarta | tan kèndêl samargi-margi | munya Carabalènira | angangkang ngungkuli kawis | wadya andêling baris | nênggih kang satus rongpuluh | kang dèrèng nyêpêng benang | sami waose pribadi | calawênthah akathah ingkang talêmpak ||

2. ingkang munggèng ngarsa pisan | mung satus wadya sragêni | kang nambungi wurinira | kang wetan Andorapati | bung ampèl waosnèki | kalih atus kang kêkintun | Panêmbahan Madura | nulya kang nambungi wuri | waos calawênthah satus kalih dasa ||

3. punika akira-kira | dening prajurit Giyanti | wong pamuk kang bosên gêsang | dene waose katawis | nadyan wadya pasisir | mulat puniku kumêpyur | kapriye mêngko baya | dadine [dadi...]

--- 5 ---

[...ne] lêlakon iki | bok sang nata ing Surakarta kemutan ||

4. lamun kagungane ilang | ing tanah Jawa sapalih | nuli mulata kang paman | kang gawe ilanging bumi | sakala manaputi | banjur anyuriga gapyuk | tan wun kang bawarasan | puniku sami bupati | kawuwusa wau lampahe sang nata ||

5. idêlèr kang munggèng ngarsa | têdhak ing titihannèki | sultan angikis têratag | amêthuk Nikolas Harting | tabe rangkulan aglis | sawusnya cium-cinium | lajêng dènira lênggah | nèng lèr kidul ajêngnèki | angantosi praptane prabu taruna ||

6. kang pra dipati sadaya | Bupati Surakartèki | wau kang sami tinilar | kang kantun anèng Giyanti | mangkya amêthuk sami | sakilèning Jatossantun | lan saprajuritira | wus panggih lajêng miranti | nganan ngering lampahe kang pra dipatya ||

7. kadya biyuha mangkara | ing lampahira narpati | wadya jro kang munggèng dhadha | sêsungute pra dipati | prapta ing Jatisari | kèndêl sakêdhap sang prabu | kang dinangu aturnya | wus cêlak sabulak kari | sabulake nyamut-nyamut langkung têbah ||

8. kang Carabalèn kapyarsa | saking badhene kapanggih | muluk suwarane ngangkang | cingak kang sami miyarsi | têmlawongan ngungkuli | dènira kalingan dhusun | pangarsa wus katingal | gumrêgut swaraning dasih | sarêngipun kadya wong umagut yuda ||

9. dhasar sang narpa taruna | amangunayèng tyas wingit | barubah kadya [ka...]

--- 6 ---

[...dya] ginubah | wardaya mawrêdi wêrit | anon solahing dasih | driya bangun angun-angun | kang abdi kawan dasa | kang ngambil papaning baris | nora etung papan kang sampun kanggènan ||

10. mring wadya Giyantipura | pangêndhihe nunjang wani | andhupakana ambuntar | sagung prajurit Giyanti | wus sami nandhang wangsit | parentahe ratunipun | sadaya winangsitan | sagung kapala prajurit | duk angkate saking ing Giyantipura ||

11. besuk lamun pêpanggihan | anèng Lêbak Jatisari | lan wadya ing Surakarta | padha nyabarana budi | lamun dèn piangkuhi | lan balane anak prabu | nadyan tinabokana | aja na malês sirèki | sinêndhala krismu wèhêna kewala ||

12. poma lamun ladènana | pacuan ingsun patèni | iya kang sapa kelangan | duwèke ingsun lironi | ilang rongpuluh aji[2] | sun têmpuhi patang puluh | wadya nuhun sadaya | sami karaos ing galih | pan sadaya sandika datan sumêlang ||

13. jêng sultan dènnya ngandika | lan sagung lurah prajurit | sarwi anênggak kang waspa | pangandikanira aris | kapriye tanah Jawi | têka nistha wêkasipun | baya karsaning Suksma | tinitah ing tanah Jawi | besuk apa ungguling ing tanah Jawa ||

14. sapa ingkang karya tiwas | asore karaton Jawi | sultan dènira gunêman | bêbocahan têgêsnèki | lingsêm lan pra dipati | panêpèn panggènanipun | mung kang pinarentahan | sagung [sa...]

--- 7 ---

[...gung] kapala prajurit | sêsampune parentah lajêng ngandika ||

15. payo padha umatura | sapakolèh rare cilik | umatur Jayakusuma | katanggung wadananèki | nênggih Radèn Ngabèi | Jayakusuma puniku | anake Jayaningrat | ing Pakalongan Dipati | amarentah maring prajurit jro samya ||

16. wiwara warananira | Pangran Natakusumèki | nganthuki Yudakartika | kalawan Prawirasêkti | umatur awotsari | ing pangraos kawulèku | inggih putra paduka | Mangkunagara kang kardi | ing tiwase nistha soring tanah Jawa ||

17. ing nguni putra paduka | sadèrènge bêngkêlahi | duk maksih anunggil karya | paduka karya pêpatih | lok tanah sabrang wingwrin | Kumpêni buh polahipun | tyase kantun salingsa | dupi mangkya bêndhèng pikir | tyas salingsa sakêdhap dados sagajah ||

18. ngraos pulih unggulira | wèh babah tan kêntèn pikir | milane Suryakusuma | kang karyasor tanah Jawi | Ranadirada aglis | nambungi saha wotsantun | punika kalairan | Mangkunagara nêtêpi | angrêriwuk ing karya mrih kaluhuran ||

19. ing sayêkti kabatosan | pan raka paduka swargi | kang sumare ing Nglawiyan | niaya lêkasing jurit | tanpa dosa Kumpêni | niaya arsa ginêmpur | nuntên kang kantun wuntat | ing lampah paduka nguni | kang ngrêriwuk Adipati Pringgalaya ||

20. ngêlar jajahaning mêngsah | ngrupak jajahan pribadi | pikiripun [pikir...]

--- 8 ---

[...ipun] Pringgalaya | bantoni nisthaning bumi | têmah risak samangkin | pikir kuthuh karya lêtuh | gumujêng sri narendra | sakêdhap lêjar tyasnèki | matur malih Ngabèi Ranadirada ||

21. punapa rayi paduka | tan matur ing padukaji | inggih Pangran Mangkuningrat | sultan angandika aris | durung matur ing mami | iya atur êndi iku | nêmbah Ranadirada | duk maksih wontên nagari | Surakarta têngga putra padukendra ||

22. duk Maduntên baris Pokak | Pangran Mangkunagarèki | sami angrampit ing Sala | kanthi Pangran Singasari | kathah bêkta bupati | Jadirja Mas Rôngga tumut | Garêmêt pinêthuk prang | wadya lêbêt kang nindhihi | rayi dalêm pan Pangeran Pakuningrat ||

23. lan Dipati Pringgalaya | nindhihi sawadya Jawi | wetan Garêmêt rame prang | êpur kasaput ing wêngi | saunduripun gusti | dalu ingandikan masuk | ing putra padukendra | panêpèn dènnya manggihi | duk punika Sang Prabu ing Surakarta ||

24. winilis prajuritira | gêdhong kaparak lan patih | kêkalih ingkang kaetang | kalih èwu samas maksih | sadangunipun pikir | rayi paduka umatur | Pangeran Pakuningrat | ngaturi têkiyar budi | abdi dalêm prajurit sawontênira ||

25. inggih pinara sakawan | atamping ngiras manawi | sami arêbat jajahan | kilèning Ngasêm abaris | kidul sakidul Baki | kang wetan ing Jatossantun | kang êlèr mirid lawan | wana ing Jèbrès prayogi | têtindhihe [têti...]

--- 9 ---

[...ndhihe] punggawa ingkang prayoga ||

26. lan paduka wênangêna | macak wong desa patinggi | kang pantês purun ing karya | punika dinamêl mantri | lan paduka têdhaki | ping kalih sawulanipun | mrih têtêp tyasing wadya | putra dalêm sri bupati | sauripun lêrêp[3] Paman Pakuningrat ||

27. yèn sampuna pinitungkas | ing raka dika suwargi | kala ngajêngakên gêrah | sabalike wong Matawis | makatên dènnya wêling | inggih swargi raka prabu | kulup sapungkur ingwang | yèn sira madêg narpati | aja tiru ingsun iki ratu tiwas ||

28. kalawan wêwêkas ingwang | pamanira Mangkubumi | sapolah-polahe iya | aja sira anglawani | kajaba ta sirèki | omah siji paturonmu | rinusak pamanira | iku sakarsanirèki | lamun ora mêngkono lah aja-aja ||

29. karana karaton ingwang | tiwas durakèng Hyang Widi | kang anêbus tiwas ingwang | pamanira Mangkubumi | sultan duk amiyarsi | Ranadirada turipun | marêbês ingkang waspa | adrês kadya toya mili | tan kasahid tinutupan usap tangan ||

30. angêbês kang usap tangan | tyas wêrit kadya rinujit | barubah kadya ginubah | kondur tutup wadanèki | praptane tilam aji | ambyuk kasasar ing kasur | ngadhuh apêtak jaja | akasa kadya nungkêbi | pan kabubuh êmbuh ing wardaya kambah ||

31. nuntên enjinge jêng sultan | lilih lêjar ingkang galih | puniku lajênge budhal | praptanira Jatisari |

--- 10 ---

wus ayêm sawadyèki | momot bineka tan keguh | ngalah angalu alah | matêng dènnya marentahi | duk punika idêlèr manggil punggawa ||

32. kêkalih ing Surakarta | kalih punggawèng Giyanti | Ki Tumêngung Arungbinang | Tumênggung Wiradigdèki | punggawa ing Giyanti | Rôngga Prawiradirjèku | lawan Suryanagara | sakawan wus dèn bisiki | mêngko lamun prapta Prabu Surakarta ||

33. padha sira alang-langa | ngubêngi kang baris-baris | prajurit ing Surakarta | miwah prajurit Giyanti | bok ana rêbut pikir | rêmbugan

atêmah padu | nuli sapihên enggal | karo rih-arihên sami | ya dèn padha eling padaning Hyang Suksma ||

34. aja na wong gawe gita | ing samêngko ukum pati | sakawan wus sami lênggah | amêrnah pinggiring margi | margi kang badhe nênggih | kanggènan baris puniku | sang prabu kèndêlira | pan nênggih sawetan kali | ingkang abdi sami wêwisuh sadaya ||

35. sawusnya budhal sang nata | angrantêg kang Carabali | wus mêdal saking ing Karang | wus anglela saking têbih | wau ta sri bupati | anitih Kyai Panêmbung | tungtunan alun drêsa | ngarsaning upacarèki | ingkang ngarsa waos benang wolung dasa ||

36. ing wurine waos benang | kumrêbêt sanjata karbin | waos cêmêng kalih dasa | ponthang [...][4] sapta [...][5] | kang nyêpêng rare sami | sami busana bra murub | wau têbih katingal | panggenan sri narapati |

--- 11 ---

turôngga gêng dadya saking doh anglela ||

37. arja abajo sang nata | baludru wungu binudir | asongkok têrus rinêngga | bintang ing jaja nêlahi | anyamping polos wilis | katri Ki Bêlabar dhuwung | cinothe munggèng ngarsa | lancingan wungu pinaji | nyamping kencong sêrigak Dhusthajumêna ||

38. nalika kinutug dupa | duk ingangkat senapati | amangsah prang bratayuda | mangkana wau sang aji | wus cêlak lampahnèki | pasisir para tumênggung | ngungun pamulatira | ing prabawa anêlahi | pukul sanga angetan ajênging lampah ||

39. dadya pagut sarawungan | sunaring pradônggapati | lan ujwalèng sri narendra | kadya kartika sêsiring | lan ôndakara tistis | putus ing ima manaput | dumipèng ngôntariksa | rêrasan kang pra dipati | ing pasisir mangungun ing wêwangunan ||

40. kang putra lawan kang paman | tambuh binuwang pinilih | ing mêngko nitahna Jawa | padha prayogane kalih | dene padha rêspati | iya nora

dumèh bagus | sêmbadane sarigak | kalihe wangun prajurit | môngsa bodho sinung wahyu kalih pisan ||

41. ika Pangeran Bintara | tan waris dadi prajurit | ujar dhapure mangkana | wadhag nora parak ati | mung kumêthak andadi | dadak mèmpêr Nayaburuh | badhude wong Kêmlayan | lamun mèmpêra priyayi | kajinêman kapurbayan Nayagarwa ||

42. mung kang caplak dhêdhapuran | Pangeran [Pangera...]

--- 12 ---

[...n] Buminatèki | sumêndhi ing Pakauman | tumrêsêp lurahing modin | jog bakda Subuh mijil | banjur angrakoti jagung | sakêdhap antuk sanga | suwe tèk satêngah sênik | apa marga ing paprangan prawiraa ||

43. wus cêlak narpa taruna | piyak wadya nganan ngering | amèt kikising taratag | jinarag ing tingkah sami | têdhak sri narapati | kikising têtarub agung | gupuh wau kang paman | lan Dêlèr Nikolas Harting | gurawalan mêthuk marang ing taratag ||

44. lan dêlèr tabe sakêdhap | nolih mring kang paman aglis | gapyuk sarêng sêsalaman | dangu pandhêkune sami | kang rama ngandikaris | sami basuki nak prabu | inggih sami raharja | paman wilujêngan sami | saur inggih saksana sami alênggah ||

45. Sang Prabu ing Surakarta | kang munggèng kilèn anênggih | Sultan ing Giyantipura | nèng wetan gènira linggih | mangilèn ajêngnèki | kang putra ngetan jêngipun | dêlèr lèr ênggènira | tan ana walang asisik[6] | pan adhêdhêp sajronirèng pasamoan ||

46. Sang Prabu ing Surakarta | nolih ing radèn dipati | Adipati Pringgalaya | dhuwung kinèn mundhut aglis | pan masih[7] dèn songsongi | wontên pungkure sang prabu | pinanggul nèng kêndhaga | sarwi sinongsongan kuning | duk pinundhut mring Dipati Pringgalaya ||

47. binuka saking kandhaga | buntare cinandhak nuli | ingampil ing asta kanan | apan maksih dèn songsongi |

--- 13 ---

masuk taratag aglis | ingkang payung ingkupipun | kartur[8] sang nata nyandhak | sarwi ngadêg saking kursi | idlèr gupuh ngadêg ing ngarsa sang nata ||

48. arsa mring gène kang paman | jêng sultan gupuh nêdhaki | amurugi ingkang putra | angaturkên dhuwungnèki | sigra dènnya nampèni | sarwi atêtanya arum | inggih sintên punika | anak prabu masiyati | ingkang putra matur Ki Kopèk punika ||

49. anulya sami alênggah | kang dhuwung lajêng winangking | dêlèr langkung sukanira | mulat sarèhe sang aji | Prabu Surakartèki | kang netya sampun aruruh | miwah ta kangjêng sultan | ingkang netya sampun aring | nanging jawi wadyalit kang maksih rungak ||

50. dêlèr agung[9] dènnya mulat | ing baris kang kanan kering | nanging sêngadi ing tingal | wingit tambuh mitambuhi | mèsêm anganan ngering | wusana antaranipun | ayêm sarèh ing kathah | dêlèr micantên miwiti | tuwan sunan utawi ta tuwan sultan ||

51. ing mangke sami narimah | lamun titahing Hyang Widi | yèn inggih ing tanah Jawa | sinungan ratu kêkalih | Kumpêni apan darmi | kinarya jalaranipun | iradat tuwan Allah | saking padoning Hyang Widi | kadiparan badan lamun sak sêrika ||

52. sayêkti mungkir ing titah | duraka gêng kang pinanggih | yèn ana mungkir ing titah | Gusti Allah tan nglilani | langite dèn aubi | ingancikan buminipun | sultan lan ingkang putra | sami mèsêm dènnya nglirik |

--- 14 ---

dene dêlèr polahe apalengosan ||

53. menga-mengo dènnya ngucap | utamine sri bupati | tuwan sami damêl surat | tapak asta sapuniki | tuwan pasrah sapalih | ing rama tuwan

puniku | tuwan sultan damêla | tapak asta yès[10] wus tampi | tanah Jawa sapalih saking kang putra ||

54. saksana sami nênurat | wau kang narendra kalih | wus dadya tampan-tinampan | sultan sampun anampani | kang putra suratnèki | tuwin ingkang putra sampun | tampi saking kang paman | sami tapak astanèki | ingkang putra animbali Pringgalaya ||

55. hèh Pringgalaya matura | sira maring paman aji | prakara têlung wadana | kang dadi pasrahanèki | ing jro iya kêkalih | gêdhong lan kaparakipun | pan sawahe kewala | wadanane misih kari | ya Si Puspanagara Sasradiningrat ||

56. jaba Si Mlayakusuma | iku ta kang padha kari | têgêse dènnya suwita | sirah sagaluntung sami | jaba wadana kalih | numbakanyar bumijèku | têkan wadananira | kasrah marang paman aji | sigra wau Adipati Pringgalaya ||

57. umarêk ing kangjêng sultan | ature sarwi wotsari | tinêmbungakên sadaya | sultan angandika aris | iya Pringgalayèki | sakarsane anak prabu | ingsun nurut kewala | wadana pasrahanèngki[11] | sasukane mungguh wong padha suwita ||

58. ana ngêtutakên sawah | ana tinggal sawahnèki |

--- 15 ---

sêsênêngan wong suwita | pan ora kêna pinardi | manthuk Sang Adipati | Pringgalaya nuli mundur | matur ing gustinira | wau saprakawisnèki | andikane ingkang rama kangjêng sultan ||

59. tan adangu Pringgalaya | kangjêng sultan angêjèpi | mring Dipati Pringgalaya | sigra marêk marêpêki | sultan ngandika aris | matura ing anak prabu | iya Si Saradipa | sun têdha milua mami | sun lironi iya Si Mangunnagara ||

60. anake Mangunnagara | iya kang mati ing loji | anak prabu nora ana | turun Mangunnagarèki | Pringgalaya wotsari | ngilèn prapta nêmbah

matur | pukulun rama tuwan | mundhut pun Saradipèki | angaturi nênggih pun Mangunnagara ||

61. Sang Aprabu Surakarta | mèsêm angandika aris | aturna Si Saradipa | marang kangjêng paman aji | wau Sang Adipati | Pringgaya nguwuh-uwuh |[12] Tumênggung Mangkuyuda | gène wurine sang aji | dika turkên puniku Si Saradipa ||

62. mêdal ing wuri kewala | Tumênggung Mangkuyudèki | sinrahakên Danurêja | nèng wuri sultanirèki | Mangunnagara nuli | tinampan binêkta sampun | ngilèn Ki Mangkuyuda | wangsul panggènane malih | wau sultan anggambuhakên andika ||

170. Gambuh

1. Nikolas Harting muwus | matur ing raja sakalihipun | inggih lamun sampun palihan nagari | anuntên amikir mungsuh | rama paduka kang sagoh ||

2. anyirnakakên mungsuh | tuwan sunan [su...]

--- 16 ---

[...nan] apan botên tumut | rama tuwan sultan sampun ananggupi | sinêksèn tuwan gurnadur | sultan nambungi wiraos ||

3. lah inggih anak prabu | ngeca-ecaa anèng kadhatun | maringana urunan mantri satunggil | pantês wong tuwa katêmpuh | anglabuhana botrepot ||

4. Prabu Surakartarum | dhatêng kang paman ngandikanipun | kula môngsa tegaa mring paman aji | abdi kula pra tumênggung | sadaya kantuna ing jro ||

5. gêdhong kaparakipun | punapa Dipati Pringgalayèku |[13] sakancane nênggih pra Dipati Jawi | andhèrèka rama prabu | sakarsa rèh ing palugon ||

6. idêlèr sru gumuyu | rada pirapêt pamuwusipun | mendahane tega mring wong tuwanèki | bapak mudhanya mung itu | abagus surèng palugon ||

7. kapindho sami ratu | dhasar nadhahi bot eman ewuh | tanah Jawa kang putra nora dèn iri | mung uwong tuwa katêmpuh | kang putra mung urunan wong ||

8. wuwuh larih ping têlu | dupi kaping pat ing larihipun | wusnya sêsalaman lan kang paman malih | tabean lawan gupêrnur | sang nata têngara bodhol ||

9. mung dêlèr aturipun | nuhun Dipati Pringgalayèku | pan binêkta wangsul mring Giyanti malih | ngrampung bicara kang kantun | kang lajêng tumênggung roro ||

10. Mangkuyuda Tumênggung | lan Wiradigda dhèrèk sang prabu | sunan ngilèn sultan lan Nikolas Harting | wangsul ngetan kalihipun | pan kondur ngilèn sang katong ||

--- 17 ---

116. Tata-tata badhe nglurugi mêngsah dhatêng Pranaraga

11. prapta ngadhaton sampun | Giyanti malih ingkang winuwus | sapraptane nagri ing Giyanti malih | Dipati Pringgalayèku | gunêm prang ngiras mêmaro ||

12. dêlèr parentahipun | nuli ngirasa siyaganipun | mêpak bala sakapraboning ajurit | banjur padha gitik mungsuh | Pringgalaya ngaliha gon ||

13. ngumpula ing Marêbung | bupati jaba aja na kantun | padha ngiras siyaga kaprabon jurit | ana barisan Marêbung | kanthi Mayor Istimolor ||

14. panggihan bubaripun | anèng dhusun Lêbak Jatossantun | sinêngkalan natastha ngobahkên bumi |[14] dêlèr ature pukulun | ing tigang dalu kemawon ||

15. kula anuntên mantuk | kang kula bêkta Brikton lan Ubrus | pun pan dêr Pol inggih lan pun Dongkêl sami | kang darbe karya prangipun | dhèrèk ing paduka katong ||

16. Pringgalaya sirèku | nuli budhala marang Marêbung | Istimolor senapatining Kumpêni | kang dados sosoranipun | Kulman lan Sungrat wong loro ||

17. Dongkêl pan dêr Pol iku | Kapitan Beman sosoranipun | lan Kapitan Pitlar gêdhene upêsir | sultan pangandikanipun | Pringgalaya sun wèh wêroh ||

18. Si Surabrata [Surabra...]

--- 18 ---

[...ta] lampus | iku bênêre bupatinipun | anak prabu Bupati ing Pranaragi | iya apa sira nurut | anut ing pamilih ingong ||

19. wong Pranaraga iku | Suradiningrat pranakanipun | pira-pira nora ana kang abêcik | Pringgalaya nêmbah matur | sumanggèng karsa sang katong ||

20. putra dalêm sang prabu | pasthi yèn anut karsa pukulun | kangjêng sultan pangandikanira aris | kang bêcik mung siji iku | Surabrata kang sun anggo ||

21. biyung ing Puluhwatu | kambon wong Pajang Mataram iku | pan anake Si Suradiningrat siji | anèng Gêrêsik gènipun | dadi mantune wong kono ||

22. iya tumênggungipun | Grêsik kanoman martuwanipun | Radèn Bratawirya jêjulukirèki | idêlèr pundhutên iku | ya Si Bratawirya kang wong ||

23. anak Pranaragèku | arsa sun gawe bupatinipun | Pranaraga iya Si Bratawiryèki | dadia punggawanipun | anak prabu prayoga wong ||

24. wêtokna wetan besuk | kon ngatêr wong Madura rongèwu | wong Madura baris ana ing Kêdhiri | Istimolor saking kidul | sun kang mukul maring kulon ||

25. Nikolas Harting saguh | inggih lêrês yèn pinaju têlu | sampun tigang dalu dêlèr lajêng pamit | gunêming prang sampun putus | mung kari gunêm pêparon ||

26. yèn Pringgalaya sampun | nunggal barise anèng Marêbung | ya ing kono angiras pikiran malih | ing

--- 19 ---

bumi pêparonipun | sigra Tuwan Dêlèr bodhol ||

27. lan pra dipatinipun | ing Surakarta marang Marêbung | mung Dipati Pringgalaya kang angirid | marang ing Surakartèku | prapta lajêng mring kadhaton ||

28. lan Pringgalaya tumut | wau sang nata pamêthukipun | srimanganti kinanthi marang jro puri | prapta wus tata alungguh | dêlèr matur mring sang katong ||

29. pukulun sang aprabu | sampun sah barang ingkang rinêmbug | Pringgalaya lan rama tuwan Giyanti | angiras amukul mungsuh | sinambi dènnya pêparon ||

30. pun Pringgalaya laju | lajêng adandan anèng Marêbung | anambungi Dipati Pringgalayèki | gusti salam taklimipun | rama paduka sang katong ||

31. inggih lan malihipun | pun Surabrata punika lampus | bupatine nagari ing Pranaragi | ingkang adamêl rumuhun | inggih Sultan ing Giyantos ||

32. gih mangkya anakipun | pun kaki Suradiningrat agung | sami awon-awon ing pratingkahnèki | tan wontên ingkang apatut | mila ramanta Giyantos ||

33. amundhutakên sampun | dhatêng sudara dalêm pukulun | anakipun ingkang wontên ing Garêsik | Bratawirya namanipun | idêlèr nambungi alon ||

34. inggih ta sang aprabu | rama paduka sultan puniku | langkung sagêd ing piyangkuh anasabi | amundhut Bratawiryèku | anak Pranaraga kinon ||

35. Garêsik ênggènipun | kinèn [kinè...]

--- 20 ---

[...n] ngatêr Madura rongèwu | dèn wêtokna iya nagara Kadhiri | batine amundhut bantu | laire têka mangkono ||

36. mundhut Bratawiryèku | kinèn ngatêrna gêgaman agung | panandure mring nagari Pranaragi | tan purun ngarani bantu | têka bisa ngenggok-enggok ||

37. ngandika sang aprabu | jêng paman ika kèh undhakipun | wêwatêke atutuk tungtung prak ati | gandês luwês ing pamuwus | amanis rêmên gêguyon ||

38. tan bisa tiru ingsun | kêdaling tutuk groyok gêrawul | lan amèmpêr kang raka jêng rama swargi | nging paman garoyokipun | mung têlung kêcap kemawon ||

39. cinandhak cangkêdipun | agandês atèr manise nusul | nanging ana radane dadia èstri | menje jêro paman iku | têka duwe watak tanggon ||

40. amung wiraganipun | angragakakên pangrêngga wuwus | iya apa paene kaya Si Sawit | Pringgalaya sru angguguk | lêrês pangandika katong ||

41. nglangkungi gandêsipun | nanging asêdhêp wijiling tutuk | nanging inggih rama paduka yèn runtik | wikana ing sangkanipun | mêdosi wèh asmarèng don ||

171. Asmaradana

1. Gupêrnur Nikolas Harting | umatur marang sang nata | kula benjing-enjing bodhol | mantuk dhatêng ing Samarang | lajêng apêparentah | wong Madura ingkang bantu | pundhutane rama tuwan ||

2. dhatêng ing môncanagari | ngangkatakên Bratawirya | kula botên [bo...]

--- 21 ---

[...tên] pamit malèh | pun Dipati Pringgalaya | inggih nuntên enggala | lampahe dhatêng Marêbung | siyaga nuntên rumata ||

3. putus têrang kang pinikir | wau dêlèr sampun mêdal | Mayor Ubrus Petor Brikton | sampun tata lan sang nata | parêng ing wêdalira | datan kawarna ing dalu | pukul pat ing budhalira ||

4. ing wuri Pringgalayèki | datan arsa ingatêrna | Nikolas Harting antuke | mung wong pasisir kewala | nênêm kang pra dipatya | Pringgalaya mring Marêbung | lan sagung wadana jaba ||

5. kunêng kawuwusa malih | Sultan ing Giyantipura | parentah mring punggawane | Adipati Jayaningrat | Mataram kang dinuta | mantuk lan sakancanipun | nênggih kinèn akaryaa ||

6. pasanggrahan ngardi Gamping | lan kinèn mawi jêjagang | pêngabar balumbang larèn | panggenan mariyêm rolas | rôntaka salawe prah | yèn kangjêng sultan anglurug | sagung rêrepot sadaya ||

7. kinumpulkên ngardi Gamping | myang rabine wadya-wadya | sadaya ingkang rêrepot | sultan arsa ngantêp yuda | anirnakakên mêngsah | Janingrat sakancanipun | mantuk dhatêng ing Mataram ||

8. praptanira gunung Gamping | kinêrig anambut karya | wadya ing Mataram kabèh | tan alami wus palasta | kadya loji rakitnya | lêlarèn kaisèn banyu | pangabare bètèng jêmbar ||

9. Jayaningrat ing Matawis | sampun ngaturi uninga | yèn sampun pandamêlane | mriyêm [mriyê...]

--- 22 ---

[...m] rôntaka pinasang | munggèng baluwartinya | rong lapis lêlarènipun | susun jagang kapurancang ||

10. kang kinèn ngrakit mriyogi | angreka pakewuhira | nênggih pun Kapitan Markèt | wau praptane kang duta | sultan arsa kêkirab | ngundhangi prajuritipun | dènnya ngadêgakên anyar ||

11. ginaladhi sabên ari | mangkyarsa mulat kirabnya | lan nyingkirakên rêrepot | Kapitan dêr Pol tinilar | Dipati Danurêja | sapalih kang pra tumênggung | sapalih ingkang binêkta ||

12. samakta sagung prajurit | jêng sultan têngara budhal | gumuntur mriyêm kurmate | sumahab lampahing bala | busana warna-warna | pangarsa sragni cêcênthung | kalih atus ambêranang ||

13. sikêpan sangkêlat abrit | sadaya rasukanira | sangkêlat cêmêng cênthunge | salaka kinarawistha | abra pating paluncar | calana sangkêlat dadu | banderanira sakawan ||

14. panumbak ingkang nambungi | Jagabaya sangkragnyana | lan patranala kumpule | kalih atus arasukan | cêmêng cêcênthung abang | samya bang calananipun | ing wuri wong anirbaya ||

15. rongatus sêsikêp karbin | calana abang sadaya | arasukan kotang ijo | kinayu-apu bang samya | cêmêng talakupira | salaka mawi panunggul | myang rineka puspa karna ||

16. salaka ingkang kinardi | tuwin tèdhèng binacingah | gumêbyar-gêbyar saking doh | panumbak wong namèngyuda | kanoman maodara | lan miyôngga kalih atus |

--- 23 ---

rasukan dadu sadaya ||

17. talakup sangkêlat abrit | calana abrit sadaya | salaka munggèng sêsinom | kinatunggèng supit urang | salaka palêtukan | yèn tinon pating kalêpyur | kadya kartika sumêbar ||

18. nulya bêrancah ing wuri | wirabraja bajranala | mijikarti yasa tamèng | lan towok jêmparing nutra | tulup wisa pracôndha | pêdhang yudamênggalèku | atêpung lan darpaita ||

19. wong singanagara sami | salawe sami angliga | pinandhi sami wêdhunge | kêkalih kang sinongsongan | mawi samir kang bêkta | kang kinarya namanipun | Bumtamancak Arab-arab ||

20. Martalulut burinèki | amanggul takjir sadaya | munggèng kuda wong salawe | baris katanggung wurinya | pinilih Suranata | nulya upacara prabu | lan prajurit palawija ||

21. lêlurahe Dêmang Kênthi | lan Dêmang Kaladêrgôngsa | puniku prajurit cebol | Bali Bule Yudaningrat | pekoh pèndhèk kapalang | manjing sèwu kalih atus | prajurit turôngga ngarsa ||

22. wolung atus kanan kering | gangsal atus munggèng wuntat | ambêranang busanane | dhêndhêng angêmbang pêlasa | nulya prajurit dharat | kang sami jajari tandhu | lampahe awijang-wijang ||

23. dragundêr wolung dasèki | kang munggèng wuri narendra | sawidak jalan kakine | ingkang nindhihi rêmbatan | amor prajurit dharat | wus lêpas ing lampahipun | nabrang bangawan Tangkisan ||

24. kang baris [ba...]

--- 24 ---

[...ris] Marbung miyarsi | sultan têdhak mring Mataram | sigra Mayor Istimolor | ngundhangi wadyarsa kurmat | Dipati Pringgalaya | budhal sarêng mayoripun | prajurit kuda kewala ||

25. saking Marbung budhal enjing | miyarsa jêng sultan ika | nèng Jimbung badhe kèndêle | wau dènnya masanggrahan | Dipati Pringgalaya | lan mayor jujug ing Jimbung | tata baris dragundêrnya ||

26. anèng ing bangku alinggih | Adipati Pringgalaya | miwah Mayor Istimolor | mulat ing bala rêrêmbat | ingkang dhingini prapta | wontên jagul patang èwu | mayor eram dènnya mulat ||

27. Mayor Istimolor angling | hèh Dipati Pringgalaya | tuwan sultan sampun akèh | jagule kadi wus rumat | kaprabon ing lurugan | mangkata ing siyang dalu | botên kèthèr kadi dika ||

28. jagul samantên puniki | yèn nuli mangkat ngluruga | yêkti kurang gêgawane | luwih sikêp sayêktinya | punapa botên merang | kang sami baris Marêbung | sikêp satus dèrèng punya ||

29. inggih bedane punapi | Giyanti lan Surakarta | têka kari sabarang rèh | Adipati Pringgalaya | sumaur angrêrêpa | inggih tuwan bedanipun | sultan wong agung wus tuwa ||

30. sabarang rèh ing nagari | angawaki sampun bisa | lan tate nglakoni gawe | nguni dadya kapala prang | duk alame kang raka | mila sapratingkahipun | gêdhag-gêdhig sagêd rikat ||

31. mayor wuwusira wêngis | mangke sultan andangua |

--- 25 ---

ngajak nuli pangluruge | kadipundi saur kula | Dipati Pringgalaya | tuwan inggih ampunipun | anuhun dèn antosana ||

32. kasaru dêdamêl prapti | pangarsa prajuritira | ambêranang busanane | akathah awarna-warna | wus andadi barisnya | balane pan wuwuh-wuwuh | mayor lawan Pringgalaya ||

33. mêdhun saking kursi sami | amêthuk praptane sultan | dragundêr tata barise | badhe urmat drèl punika | bala pangarsa pisan | piyak mayor eram dulu | dadine prajuritira ||

34. akathah awarni-warni | prajurit angering nganan | wau Mayor Istimolor | katingal ing kangjêng sultan | êdrèl dragundêrira | sultan suka dènnya dulu | wus têdhak saking turôngga ||

35. Kapitan Dongkêl ngabani | êdrèle dragundêrira | sigra Mayor Istimolor | nyandhak tabe lawan sultan | sarêng binêkta lênggah | Dipati Pringgalayèku | angabêkti ngaras pada ||

36. Pangran Natakusumèki | lan sakancane punggawa | sumiwi ing ngarsa katong | Adipati Pringgalaya | pra sami sêsalaman | anunggil dènira lungguh | lan Pangran Natakusuma ||

37. Pangran Natakusuma ngling | lah kapriye Pringgalaya | têka lawas panganggure | mundhak anglêlêmu mêngsah | sira pan durung rumat | gonira amêpak jagul | lan kumpul prajuritira ||

38. Pringgalaya anauri | kowe kono kaya apa | ingsun kene misih repot | Pangeran Natakusuma |

--- 26 ---

angling sun pan wus pêpak | umangkata sore esuk | samôngsa dhasar wus rumat ||

39. kowe iki sun arani | bêlarat nora sêmbada | pêrang dhèwèk nora enjoh | mêpak jagul dadak randhat | lah iya pijêr apa | sêmbrana pijêr angantuk | basakna buh tinêmua ||

40. padu pêparon bêkicik | giyota wus anêmbala | muliha mring Kalipepe | gumêr sagung kang miyarsa | Dipati Pringgalaya | nauri sarwi gumuyu | pae ta Radèn Supama ||

41. bêranyak rikat tarampil | bèbèt kali niti ladak | tanjak êncak naracake | apa kowe wani aprang | karo Mangkunagara | Pangran Natakusuma sru | yèn ijèn môngsa wêdia ||

42. mibêra maring wiyati | amblêsa soring samodra | pan ora dadak kumêdhèp | sadangunira poyokan | Istimolor miyarsa | lingsêm alênggah tumungkul | kadhang ngarti kadhang ora ||

43. nanging dèn titèn-titèni | abênêr Natakusuma | sêmbada sarta ladake | dènnya jagule wus rumat | tigang èwu sadaya | gunggungipun kawan èwu | kang sèwu saosan sultan ||

44. kang tigang èwu Kumpêni | bêkta mariyêm patbêlas | sinèrèd ing uwong bae | luwês bisa ngambah wana | gunung-gunung lan jurang | rikat tan ewuh ing laku | wau ta dènnya panggihan ||

45. têlas sasukanirèki | manginum ping pat pamitan | sira Mayor Istimolor | sultan anglilani [a...]

--- 27 ---

[...nglilani] sigra | nanging ingkang pitungkas | yèn besuk saundur ingsun | sira ing kene panggiha ||

46. ingsun anèng gunung Gamping | nora luwih têlung dina | ingsun kêkirab têgêse | ngiras amêrnahkên ingwang | rêrepot balaningwang | samangsane sira iku | mayor angajak budhala ||

47. esuk sore wus cumawis | tan ana rêrepot ingwang | sira Mayor Istimolor | kalangkung ing wirangira | nolih mring Pringgalaya | dèn isin-isin sirèku | padha lan Natakusuma ||

48. sarwi pamit mêsat sami | lan Dipati Pringgalaya | wus nitihi dragundêre | budhalan sabalanira | Dipati Pringgalaya | sapraptanira Marêbung | Istimolor karya surat ||

49. mring Uprup Kartasura glis | Yan Hindrik Johan Abraham | kinèn umatur sang katong | yèn sultan Giyantipura | kêkirab mring Mataram | wus rumat siyaganipun | kumpul jagule wus kathah ||

50. miwah wuwuhing prajurit | wus akathah tur samêkta | sakapraboning prang kabèh | jagul tigang èwu pêpak | sèwu jagul andhungan | duk masanggrahan ing Jimbung | Istimolor tinimbalan ||

51. lan Pringgalaya Dipati | sultan akarya warana | ingkang kinèn amiraos | Pangeran Natakusuma | tanya mring Pringgalaya | apa wus pêpak jagulmu | yèn wis pêpak payo mangkat ||

52. Pringgalaya anauri | durung pêpak jagul ingwang | lagi ingsun enggalake | apan lajêng pinoyokan |

--- 28 ---

sira iku giyota | bêlarat êmbuh gawemu | aprang dhewe nora daya ||

53. padu pêparon bakicik | mêpak jagul têka randhat | apa pijêr dhadhu bae | yèn tan nuli linurugan | dadi nglêlêmu mêngsah | repot têmên sira iku | lah iya kacèke apa ||

54. Istimolor langkung isin | nulya sultan angandika | ya bêcike Istimolor | payo nuli linurugan | mungsuh nèng Pranaraga | sêlak angrusak puniku | wong cilik mòncanagara ||

55. Mayor Istimolor nênggih | langkung malu saurira | surat dadi lumêpase | sapraptaning Surakarta | katur Johan Abraham | lajêng wus binêkta mangsuk | lan duta ungkur-ungkuran ||

117. Adipati Pringgalaya tampi dêduka saking ingkang Sinuhun Kangjêng Sunan tuwin Kangjêng Sultan

172. Pangkur

1. Yan Hindrik Johan Abraham | sapraptaning pura katur sang aji | Istimolor suratipun | yèn dhapêt malu bêsar | duk pêpanggih lan sultan wontên ing Jimbung | andangu jagul pêpaknya | nuli angajak nglurugi ||

2. Pringgalaya tanpa guna | kumpul sikêp alami datan warni | jagul siji ing Marêbung | samangke durung ana | Istimolor bosên [bo...]

--- 29 ---

[...sên] ngatag cacêlathu | mring Dipati Pringgalaya | dêdukaa sri bupati ||

3. inggih kaote punapa | kangjêng sultan rumat sampun alami | tuwin ing prajuritipun | milanipun angajak | inggih mangkat anuli amukul mungsuh | Pringgalaya durung ana | kumpul ing jagul sawiji ||

4. mayor jêlèh pêparentah | Pringgalaya tanpa wêkasan inggih | andhêngdhêng datanpa jêbul | jagule nora ana | pijêr nganti kang lunga kongkonanipun | mring Pagêlèn Kêdhu samya | milanipun dadi lami ||

5. ngêrig sikêp sarta uwang | yèn wus kêna reyale dèn pundhuti | jagul milanipun dangu | samya mopo wong desa | beda lawan wong Giyanti gêndhingipun | yèn uwang-uwang kewala | sikêp nora dèn pundhuti ||

6. sultan mijèkakên sawah | pan salêksa kalih èwu amiji | amung pinundhutan jagul | sikêp sajung satunggal | mila rikat dadya sikêp tigang èwu | yèn luwiha kang rinêmbat | sikêp andhungan kinardi ||

7. muwuhi prajurit dharat | kinalambèn lawan dèn talakupi | wau sikêp tigang èwu | anyêjampêl binayar | linapurkên lamun tan kêni ginêbug | yèn ginêbug amalêsa | dèn lawan tumêka pati ||

8. pan iku prajurit dharat | saking larang uwong kinèn nambêli | saking trêsna ratunipun | marma datan suwala | lamun sampun nambêli dènnya mêmikul | ngulihkên prajurit dharat | anajung sabinirèki ||

9. ingopyakakên mangkana |

--- 30 ---

mila enggal rumat jagul Giyanti | dupi wau têlasipun | sinuhun maos surat | Mayor Istimolor sapratêlanipun | kang jaja kadya sinêcang | lingsême kapati-pati ||

10. dene sampun dhinawuhan | wus ping tiga gandhèk dènnya dhawuhi | nora nana undhakipun | ature Pringgalaya | sandikane nora nana tabêtipun | jagul siji nora ana | mila mayor anênitik ||

11. pratingkahe Pringgalaya | katur marang ing jêng sri narapati | culikane solahipun | mila langkung bramatya | sri narendra ingkang abdi patang puluh | tinuduh ngêmban dêduka | lawan kinèn amisuhi ||

12. pan sampun nampèni sêrat | kinèndêlkên wau nèng srimanganti | wau ta Kyai Tumênggung | Puspanagara mojar | priye kowe Sasradiningrat budimu | mangkene dukaning raja | sira umbara tan bêcik ||

13. gawanana mantri tuwa | iya mantri kaparak kanan kering | loro lan panèkêtipun | lurah gandhèk milua | wantu patang puluh satimbalanipun | yèn ora kinanthènana | nistha patih dèn pisuhi ||

14. rêmbag sami ngaturêna | Nyai Sanatuwa pan sami mijil | Puspanagara Tumênggung | tuwin Sasradiningrat | pirêmbagan lawan Nyai Sana wau | ingkang abdi kawan dasa | ingkang angêmban rêruntik ||

15. yèn parêng karsa sampeyan | kula nyai bêktani mantri kalih | sakawan panèkêtipun | lurah gandhèk [ga...]

--- 31 ---

[...ndhèk] tumuta | salah siji Nyai Sana langkung rêmbug | lumêbêt matur sang nata | ature wadana kalih ||

16. abdi dalêm kawan dasa | ingkang tuwan tuduh ngêmban rêruntik | inggih dhatêng ing Marêbung | punika binêktanan | mantri kalih sakawan panèkêtipun | lan lurah gandhèk satunggal | ngandika sri narapati ||

17. lah iya ana rumêksa | ing têgêse rumêksa angampingi | nanging aja milu muwus | kang sun kongkon kewala | Nyai Sana mêdal andhawuhkên sampun | kalilan sasat rumêksa | nanging aja milu angling ||

18. Tumênggung Puspanagara | amêmêling thole dèn ngati-ati | dêduka dalêm pêpisuh | sinalinana basa | Adhi Patrayuda aja sira tungkul | lan Ngabèi Nayabôngsa | Kartawadana sirèki ||

19. bêkta kônca kawan wêlas | waos wolu nênêm sanjatanèki | kaparak sakancanipun | kapalan tigang dasa | gangsal wêlas lan prayayi patang puluh | sami turôngga sadaya | sèkêt sasur kang lumaris ||

20. ing marga tan winursita | lajêng lampahira dalu lumaris | enjing praptanirèng Marbung | pukul satêngah sanga | praptanira nênggih barisan Marêbung | pra sami adhehan nyongklang | praptane anjujug loji ||

21. langkung sami gitanira | dudu gandhèk dutane sri bupati | baya dukane kalangkung | katon sêrênging duka | wus tabean lawan mayor langkung gupuh | Istimolor solahira | atambuh tan wruh

--- 32 ---

ing pikir ||

22. tuwan mayor mulat eram | datan purun sami lênggah ing kursi | sêrêng-sêrêng solahipun | sinung sopi nyagêlas | dutèng nata pan asru dènira muwus | hèh mayor panggil tu lêkas | Pringgalaya dhatêng sini ||

23. ngêjèpi ajidanira | sigra mêsat kêras lampahirèki | tan adangu praptanipun | Dipati Pringgalaya | nunggil mayor wau dènira alungguh | sarêng pinatêdhan layang | mayor lan sang adipati ||

24. sawusnya amaos sêrat | sami jêtung mayor lan adipati | caraka sigra amuwus | sêngkrak pamuwusira | Pringgalaya punapi sira puniku | dudu anaking manungsa | têka nora idhêp ngisin ||

25. kari tata pagawean | kacèk paran lan priyayi Giyanti | lawan rumat jagulipun | pakênira tan rumat | punapi ta bisa dêlêng wong sirèku | akarya maluning raja | wus bosên dadi pêpatih ||

26. pakênira datan rumat | ing samadya nênggih wulan puniki | gonira ngrupakkên jagul | sayêkti sira aja | ngarêp-arêp ing cagak kopyah sirèki | wus têlas dhawuhing duka | dharêdhêg Pringgalayèki ||

27. ulate sawang kunarpa | miwah mayor sasab milu prihatin | surat dêduka kang dhawuh | mayor pan milu kampyak | iya dene kurang ing pangatagipun | mayor ngrêpèpèh lingira | marang carakaniraji ||

28. saya mentak ampun jugak | banyak-banyak ing kangjêng sri bupati | ing pakarjaannya itu | bêlum [bêlu...]

--- 33 ---

[...m] mangêrti liyat | Adipati Pringgalaya wuwusipun | hèh tuwan ini suruhan | nira kangjêng sri bupati ||

29. saya bawa krumah saya | mayor angling baik radèn dipati | nulya atabean mundur | anganti anèng jaba | duta tabe mayor kêkêl mèsêmipun | hampir lampus Pringgalaya | takut pèndhèk kapalèki ||

30. wus sami mêdal sadaya | sarêng Adipati Pringgalayèki | lampahe akrincang-krincung | ulate maksih biyas | punang duta mulat wêlas nêdya ngrapu | hèh ki dipati sang nata | andangu punapa ngriki ||

31. wontên sêmôngka kang tuwa | desa-desa mandhêg dènnya nauri | sarwi mandêng dènnya muwus | paran kang pangandika | sri narendra mring anak ingkang puniku | duta nauri takona | ing Paman Pringgalayèki ||

32. si ngabèi iki lara | lara panas sêmôngka dèn karsani | iya mênèk ing Marêbung | ana sêmôngka tuwa | sagunane Si Paman Pringgalayèku | anake ngame sêmôngka | miyarsa sang adipati ||

33. lêjar bingar kadya luwar | saking antarane sangêt prihatin | lumampah sarwi angguguk | anak botên kadosa | inggih lêrês kang sabda pandhita ratu | sabarang kinarsakêna | wingi kula dèn atêri ||

34. têtiyang ing Adipala | kalih rêmbat dèrèng kalong satunggil | praptèng pamondhokan sampun | tata sami alênggah | Mantri Anirbaya Patrayuda matur | radèn pan kula punika | lampah pinôngka [pinông...]

--- 34 ---

[...ka] ngêmbani ||

35. dhatêng pun anak punika | kônca têngên inggih mantri pinilih | Radèn Pringgalaya muwus | bênêr puniku paman | wantu anom bok kirang miwah kalangkung | puniki sampun prayoga | ganggase pantês patitis ||

36. nimbali pêpatihira | Ki Ngabèi Pringgawarsita prapti | nguncalkên sêsupenipun | intên pan sakêmbaran | kinèn ngêdol rinêgenan pitung atus | tuku jagul karyanira | lan undhang kang pra dipati ||

37. angenggalkên jagulira | aja kongsi liwat satêngah sasi | jroning pitung dina iku | iya nuli budhalan | Patih Pringgawarsita sigra amêtu | tan nganti ing praptanira | Ki Wiraguna wus lami ||

38. dinuta tan ana prapta | wus mangkana gandhèk sipêng sawêngi | pasangone winalungsung | prayayi kawan dasa | ingkang untung akathah pitulakipun | Adipati Pringgalaya | kêkêse anrus ing batin ||

39. enjing budhal antukira | duta nata lan sakancane sami | pukul nênêm ing Marêbung | praptaning Surakarta | pukul lima wus panggih lan Tuwan Uprup | Yan Hindrik Johan Abraham | mèsêm atêtanya aris ||

40. anyongklok wus antuk surat | Istimolor tutur pratelanèki | kala dhawuh ing bêbêndu | Pringgalaya wus biyas | kadi kapuk bangêt dêduka kang dhawuh | pra samya nyêkêl ukiran | ampat puluh duk dhawuhi ||

41. wontên sakêdhik [sakê...]

--- 35 ---

[...dhik] gèsèhnya | amung asta kanan ingkang numpangi | ing ukiran cara Wanggul[15] | amung amrih wiraga | ing tanaga arowa mundhak apatut | ing mayor pandulunira | pasthi nyêkêl ukiran kris ||

42. dadya ingakên kewala | sampun kongsi luput suratirèki | Mayor Istimolor sampun | amanjingkên jro surat | pêndhak dina rupa sikêp pitung atus | uprup gya manjing jro pura | ngirid caraka kang prapti ||

43. lan Istimolor suratnya | praptèng pura katur ing sri bupati | duk winaos suratipun | suka mèsêm sang nata | ingandikan ingkang abdi patang puluh | dinangu sasolahira | rêmbag lan suratirèki ||

44. Mayor Istimolor sira | Pringgalaya maras pucat kapati | amaringi sang aprabu | mring uprup dhêdhêmitan | dèn kirimna Istimolor reyal sèwu | mayor nuli dèn banjurna | mring katiga pra dipati ||

45. Mangkuyuda Wiradigda | Arungbinang siji tan dèn paringi | reyal patukuning jagul | Radèn Pringgadiningrat | wadanane priyayi agêng puniku | ingkang datan pinaringan | uprup sampun anampani ||

46. uprup sigra pamit mêdal | sapraptaning jawi lajêng anuding | marang barisan Marêbung | praptane atur surat | marang Istimolor sarta reyal sèwu | tinampèn linajêng sigra | maring ing punggawa katri ||

47. Ki Tumênggung Mangkuyuda | Arungbinang katri Wiradigdèki | dhêdhêmitan dhawuhipun | mangkya katri punggawa | sami

--- 36 ---

rikat jagulipun matang puluh | wus eca mayor tyasira | dènnya jagul nyarkarani ||

173. Dhandhanggula

1. sawêg kalih èwu jagulnèki | ing Marêbung Istimolor mangkya | wiwit ilang linglingsême[16] | gantya wau kawuwus | sultan wontên ing ardi Gamping | pan amung tigang dina | lawan tigang dalu | enjing atêngara budhal | saha bala wangsul marang ing Giyanti | Marêbung wus miyarsa ||

2. mayor mêthuk lan sang Adipati | Pringgalaya ing Jimbung wus prapta | dhingini tata barise | sultan anulya rawuh | barisira mawarni-warni | lajêng atata lênggah | mayor tabe sampun | Adipati Pringgalaya | wus angujung lênggah lan sagung bupati | aglar ing ngarsa nata ||

3. angandika Sultan ing Giyanti | Istimolor bêcik nuli mangkat | yèn durung rumat sikêpe | anglincak bae iku | angantèni sambi lumaris | asal ana kang mangkat | kacèk sêrêngipun | sira kene nadhahana | ingsun iya kang saking êlor anggitik | mêtu Madiun ingwang ||

4. sira aja mring môncanagari | kawruhana Si Mangkunagara | culika cidra gêlare | aja lunga sirèku | saking tanah Pajang jagani | pan ingsun kang angubak | môncanagarèku | iya lamun wus karuwan | nêdya têtêp anèng ing môncanagari | dene sira sun undang ||

5. Pringgalaya rikatên sirèki | sun antèni ing sapuluh dina | kalawasên ingsun kiye | nganggur kongsi sataun | kuwangkungên sawadya [sawa...]

--- 37 ---

[...dya] mami | yèn bangêt repotira | sambata maring sun | sikêp limang atus kêlar | sun nyumbanga nanging saru loking bumi | kawawas sira tiwas ||

6. patih tiwas ukum dèn suduki | sira lakine bok ayuningwang | mèlu ngeman ingsun kiye | aja anggung katutuh | pangucape wong Jawa iki | tan ana ingkang ala | pan amung sirèku | kumpul jagul karepotan | repot pisan wonge cilik dèn galênik | mêtu jagul sarta wang ||

7. iya sapa bisa anglakoni | wau Sang Dipati Pringgalaya | kumêpyur adus waspane | sumungkêm anèng lêbu | ing tyas sampun nyipta amati | tinarka ingkang putra | punika wêwadul | Sang Prabu ing Surakarta | mring kang Paman Kangjêng Sultan ing Giyanti | kang kolon ngukum pêjah ||

8. sultan mayor gya dipun bisiki | yèku kang karya ruwêding jagat | wusana tan enjuh dhewe | karya rusaking ratu | karya susah marang wong cilik | karya ajuring papan | barubuhing gunung | mayor anggoyang kapala | ngandika lon kaya wuwus amartani | Sultan Giyantipura ||

9. Pringgalaya besuk laku iki | kowe aja kongsi mring Kaduwang | sun awèh prayoga bae | iya baris atugur | Kêdhungjambal iku prayogi | anyabêt kering kanan | yèn ing Gunungkidul | yèku karêmêning mêngsah | saking Kêdhungjambal sayêkti kasait | ngalèr ngetan kacahak ||

10. miwah ngulon polatan tinolih | sun pukul têka

--- 38 ---

êlor ing benjang | sayêkti iya ramene | kajaba nêdya tangguh | anangguhi ing yuda mami | rêrêmpon anèng mônca | nagara ing besuk | tatapi Mangkunagara | yèn nêdyaa têtêp nèng môncanagari | tan wurung karepotan ||

11. wonge padha balik milu mami | lawan Anak Prabu Surakarta | kang pasthi duwe bumine | Si Mangkunagarèku | bêbêcike wong Pajang sami | môngsa dadak bêtaha | ginawa anglangut | maring ing môncanagara | ingkang pasthi mati urip dèn anggêpi | ana ing tanah Pajang ||

12. yèn mungsuha liya saking mami | Mangkunagara bisa umpêtan | gubêd tanah Pajang bae | yèn amungsuh lan ingsun | anggubêda katon mandhêlis | wau sadangunira | mayor duk angrungu | sapratikêlirèng sultan | langkung padhang ing galih suka tan sipi | sultan prawirèng gêlar ||

13. mayor matur pan kula sayêkti | amrih juwêd jêng tuwan parentah | ing prang amrêtikêlake | ya sah parentahipun | jendral lawan para radpêni |

ing rèh sajroning yuda | pasthi kinèn anut | sakarsa-karsaning sultan | prakara prang nora kêna bilawani | sultan prasasat Amral ||

14. dangu-dangu kapitan nulyaglis | Dongkêl dènnya ngrakit sêsaosan | lajêng adhadharan rame | lajêng sami manginum | sami suka rêmbag wus dadi | dènira sumadosan | angkate anglurug | besuk yèn pasthine mangkat | Si Kapitan Dongkêl sun kongkon mariki | têtêmu [tê...]

--- 39 ---

[...têmu] lawan sira ||

15. sawusira Istimolor pamit | miwah Adipati Pringgalaya | lèngsèr lan saprajurite | sapraptaning Marêbung | mayor lajêng akarya tulis | tur uninga srat dadya | mêsat dutanipun | praptane ing Surakarta | surat katur uprup sampun anampani | Hindrik Johan Abraham ||

16. surat lajêng binêktèng jro puri | katur sang nata wus tinupiksa | yèn nêmu cilaka gêdhe | ngandika sang aprabu | marang uprup tutur pawarti | iku unining layang | Si Pringgalayèku | kapindho dhapêt cilaka | paman sustan[17] sapraptaning gunung Gamping | dukani Pringgalaya ||

17. anèng Jimbung padha anêmoni | lawan mayor paman sultan dènnya | dangu rumate jagule | pan êmèh aturipun | dèrèng rumat sadayanèki | paman banjur dêduka | langkung sangêtipun | anudingi suraweyan | kuciwane nora dadi patih mami | uwong kang kaya sira ||

18. rong jam bae nuli sun suduki | patih tiwas ukum sinudukan | mulane jagad mêngkene | saking ya panggawemu | mêngko nora bisa nguwisi | uripmu apa guna | ngrupakakên jagul | kongsi lawas nora rumat | rumat pane wonge padha abêlindhis | kowe pijêr mèt reyal ||

19. dene nora sêsambat mring mami | aku iki bisa têtulunga | jagul limang atus bae | salinthuta karêpmu | tur sumeje kapati-pati | bêsêmakên nagara | anglingsêmi ratu | yèn kowe

--- 40 ---

aja dadia | iya maring lakine bok ayu mami | umurmu mung têlung jam ||

20. anak prabu mundhuta mring mami | gugating pati ingsun sosokan | salêksa pan ora suwe | asal mati sirèku | anèng donya jêmbêri bumi | Pringgalaya arêbah | nèng siti tumungkul | alah duk ingsun dêduka | bocah patang puluh sun êkon misuhi | bangêt iki marasnya ||

21. uprup langkung sukane miyarsi | mèsêm sarwi anggoyang kapala | kadya mèh praptèng ajale | kunêng malih winuwus | dêlèr sampun amarentahi | mring Pangeran Madura | yèn sultan amundhut | anake Suradiningrat | Pranaraga kamantu Tumênggung Grêsik | Rahadèn Bratawirya ||

22. ingatêrna mring môncanagari | kalih èwu prajurit Madura | rongèwu Surabayane | lan nêtêpakên iku | Wiradirja Surabayèki | putune Citrasoma | nguni wus tinandur | ing nagara Wirasaba | kabur dening Pangeran Bintara prapti | nganciki Wirasaba ||

23. dutanira dêlèr anarêngi | ngiras nandur Petor Briston ika | ing nagri Surabayane | praptaning Surèngkewuh | Panêmbahan ing Madurèki | wus anèng Surabaya | miwah pra tumênggung | Garêsik Sidayu Tuban | Prabalingga Pasuruhan lawan Bangil | Sumênêp Pamêkasan ||

24. sami kumpul anèng Surawèsthi | anêksèni Briston dadinira | ing nagri Surabayanè | lawan agunêm [agunê...]

--- 41 ---

[...m] iku | ing masalah amangun jurit | para pangeran ingkang | bondhan tanpa ratu | Bintara lan Prabu Jaka | nora ngimanakên ing karaton kalih | Giyanti Surakarta ||

25. mila badhe pinukul ing jurit | lawan sultan mundhut Bratawirya | sarta kinèn ngatêrake | prajurit Madurèku | panêmbahan wus marentahi | prajurit kalih nambang | têtindhihing laku | Ki Mas Dêmang Brajayuda | kanthi lawan Ki Ngabèi Brajapati | wolu pra mantrinira ||

26. Surabaya rongèwu prajurit | wolu nênggih para mantrinira | pan kêkalih pangiride | dadya jangkêp sapuluh | Kandhuruwan ing Kabolêngkir

| lan Ngabèi Sapanjang | sarêng budhalipun | saking nagri Surabaya | Petor Briston nênggih bêktani sêsilih | alpèrès mung satunggal ||

27. Pangran Singasari nèng Kêdhiri | Pangran Bintara nèng Wirasaba | nanging tan rêmbug pikire | tan pangguh-apinangguh | têtêp siyal sami miyarsi | lamun prajurit Sampang | lan Surabayèku | wus budhal saking nagara | pangran kalih rêbut paran dènnya ngili | Singasari angetan ||

28. ngidul dhatêng Malang kang dèn ungsi | Pangran Bintara ngidul mring Rawa | masisir kidul sêdyane | dêdamêl kang lumaku | ing sadalu marga wus prapti | wontên nagari Japan | Wirasaba suwung | lajêng prajurit sadaya | Wirasaba Kadhiri wus dèn anciki | prajurit ing Madura ||

29. miwah Radèn Bratawirya nênggih | kang dèn êmban prajurit Madura | prajurit [pra...]

--- 42 ---

[...jurit] Surabayane | Wiradirja pan sampun | tinêtêpkên Wirasabèki | wau bala Madura | dèrèng purun laju | angantosi kang ubaya | dêdamêle Kangjêng Sultan ing Giyanti | lamun sampun budhalan ||

30. sabêdhuga saking ing Giyanti | wong Madura pasthi nuli budhal | malah ta sami pikire | kalamun sampun tamtu | badhe mangkat Natèng Giyanti | nêdya andhinginana | wadya Madurèku | wau sultan praptanira | saking Jimbung sadalu lajêng miyarsi | saking môncanagara ||

31. undhaking warti môncanagari | wong Madura warti sampun nabrang | badhe anggêcak barise | ing Pamênang ginêmpur | sampun nabrang kali Kadhiri | prajurit ing Madura | langkung kalih èwu | ing lok akanthi kalawan | kalih èwu prajurit ing Surawèsthi | dadya purun gêcaka ||

32. dhatêng mungsuh Mangkunagarèki | kangjêng sultan wau duk miyarsa | nimbali pra dipatine | Kapitan Dongkêl sampun | ingandikan wus praptèng ngarsi | jêng sultan angandika | Dongkêl sira ngrungu | gêgaman Madura prapta | malah uwis nabrang ing kali Kadhiri | nêdya banjur anggêcak ||

33. iya marang Si Mangkunagari | Dongkêl ya lamun kadhinginana | mring wong Madura yudane | iba ta lingsêm ingsun | sawab dudu wong Madurèki | ingkang aduwe mêngsah | iku mungsuh ingsun | Kapitan Dongkêl turira | kadi botên ki lurah Nikolas Harting | sampun akintun sêrat ||

34. dhatêngipun surat kala wingi | kula dèrèng umatur [uma...]

--- 43 ---

[...tur] ing tuwan | tuwan dêlèr wêwêlinge | bilih paduka dangu | inggih dêlèr wus marentahi | sapamundhut paduka | pun Bratawiryèku | ingatêra wong Madura | nênggih badhe tinandur mring Pranaragi | Maduntên sampun mangkat ||

35. inggih môngsa puruna dhingini | ingkang dhawah dêlèr parentahnya | anuta ing parentahe | tuwan sultan puniku | ratu senapati ngajurit | ingkang minôngka amral | wus sah lan gurnadur | pêpêrang ing tanah Jawa | nênggih amung Kangjêng Sultan ing Giyanti | mratikêl ing kuwasa ||

36. pun Maduntên punika pan ajrih | nglangkungana ing karsa paduka | sultan alon andikane | lah iya warta iku | dadi nyata wong Sampang uwis | mangkat saking nagara | sagêgamanipun | mêrangi môncanagara | Dongkêl matur pan inggih sampun sayêkti | bala Madura brôngta ||

174. Asmaradana

1. kèndêl nagari Kadhiri | wadya Sampang Surabaya | kawan èwu dêdamêle | ngantos timbalan paduka | milane dèrèng nabrang | nanging paduka pukulun | dipun arèrèh kewala ||

2. putra dalêm sri bipati | jagulipun dèrèng rumat | katingal angolok-olok | yèn paduka angarsakna | tumuntên abudhalan | kula dhatêng ing Marêbung | têtanya sarèh kewala ||

3. botên amastani sasi | lan botên mêsthi ing dina | budhalan paduka katong | kula wêwarti kewala | yèn sarèh karsa tuwan | dene yèn marêngi sampun |

--- 44 ---

jagulipun Pringgalaya ||

4. kula sakajêng pan inggih | pun Dipati Pringgalaya | lan pun Mayor Istimolor | sultan alon gujêngira | iya sakarsanira | yèn ingsun kene agugup | anak prabu pasthi duka ||

5. Pringgalaya dèn takoni | kabangêtên liwat ala | kapitan umatur malèh | ping kalih sudara tuwan | inggih atur uninga | ing mangke pun Mayor Ubrus | inginggahkên sampun kesah ||

6. wontên nagri Pakungwati | dados kumêndur punika | angkate sarêng pun Briston | dadya Petor Surabaya | sultan suka ngandika | iya sukur padha wuwuh | lungguhe sudaraningwang ||

7. padha milu bêbakali | marang ing karaton ingwang | wus padha munggah lungguhe | ujar wong milu kangèlan | mênangi mungsuh yuda | sira banjura mring Marbung | tambuhên asêsêmbena ||[18]

8. Kapitan Dongkêl lumaris | bêkta dragundêr sadasa | lan dêmang kênthi-kênthine | ing marga tan kawursita | Dongkêl sapraptanira | nênggih barisan ing Mêrbung | lan Istimolor wus panggya ||

9. ngrantêg dènnya mangun pikir | nanging wus duwe pangrasa | sira Mayor Istimolor | lamun jagule mèh rumat | nanging abêre myarsa | gêgaman Madura rawuh | wus praptèng môncanagara ||

10. sukur apranga kariyin | mayor ciptanira ingan | kariya bêbocokane | nanging Dongkêl tan mangkana | dènnya wruh purwanira | wong Madura praptanipun |

--- 45 ---

pamundhute kangjêng sultan ||

11. sadalu sipêngirèki | dalu wontên surat prapta | saking Samarang sung wêroh | yèn dêlèr budhale ngetan | dhatêng Surabaya gya | mangkat Rêjêp ping sapuluh | sarêng byar sanès pikirnya ||

12. wontên marase kang galih | lamun tan nuntên budhala | sira Mayor Istimolor | siniku ing lurahira | winastan eca-eca | Istimolor wuwusipun | Dongkêl matura jêng sultan ||

13. katur saaturirèki | Mayor Marêbung punika | pinanggih pun Istimolor | ngaturi sumanggèng ngarsa | nadyan inggih derenga | pêpak sadaya kang jagul | binêkta kuda sadaya ||

14. tuwan sampun marentahi | anglincak ing Kêdhungjambal | milanipun Istimolor | botên inggih kasusahan | mênggah jagul punika | barange Kumpêni dipun | uwot ing kuda kewala ||

118. Kangjêng Sultan matêdhani priksa dhatêng ingkang putra sang nata, yèn badhe bidhal nglurug

15. Kangjêng Sultan ing Giyanti | utusan marang kang putra | Sang Prabu Surakartane | duta pun Ranadilaga | miwah Ranadigdaya | katri kang môngka pangayun | Ranadimurti kang nama ||

16. praptane Surakartèki | surate katur kang putra | binuka

--- 46 ---

tinupiksa ge | mungêl anêdhani priksa | mring kang putra sang nata | yèn badhe budhal anglurug | Rêjêp kaping salawe prah ||

17. kang putra nulya ngaturi | angsul-angsul mring kang paman | raharjaa ing lampahe | lan Kangjêng Ratu Kêncana | ngaturi mring kang paman | sêsagon manisan agung | inggih dados kawan rêmbat ||

18. ênggène ngolah pribadi | nênggih Jêng Ratu Kêncana | sagung kang dèn aturake | sangu mring kang paman sultan | caraka kaping tiga | ingandikan sang aprabu | anèng nagri gangsal dina ||

19. wus pamit Ranadimurti | kalawan Ranadilaga | ambêkta angsul-angsule | Sang Aprabu Surakarta | ing wau lampahira | kalih onjotan satuhu | Giyanti lan Surakarta ||

20. baris Marêbung tinuding | mring sultan andhinginana | saking Marêbung budhale | ancikana Kêdhungjambal | pacak baris santosa | anyabêta ngalor ngidul | miwah ngetan angulona ||

21. anarubêna wong cilik | mangkana wau têngara | sira Mayor Istimolor | lan Dipati Pringgalaya | miwah kang pra dipatya | ingkang minôngka panganjur | dragundêr Kapitan Sungrat ||

22. sawidak dragundêrnèki | Kapitan Kulman sawidak | tigang widak dragundêre | kang têlung puluh nêm ika | kang nyêpêng Litnan Pitlar | salawene kang amêngku | dragundêre Litnan Beman ||

23. kapat pramukaning jurit | jalan kaki pangiridnya | anênggih pun Kapitan Bèl | ingkang satus kalih

--- 47 ---

dasa | dene kang kawan dasa | Litnan Mantis kang amêngku | malih ingkang kawan dasa ||

24. Litnan Jasmit kang nindhihi | dene ta Kumpêni Islam | sapunika sami parlos | duk Pagiyanti panggihan | awit parentah dhawah | kinantunkên kawan atus | nênggih kalih atus sewang ||

25. tumut sultan kang sapalih | sapalih ing Surakarta | mung ngêngalih kapitane | kapitan tolong punika | kang tumut kangjêng sultan | lawan Duljalil puniku | kang tumut ing Surakarta ||

26. Kapitan Barak lan malih | Kapitan Salamêt têka | dene kang dadi lintune | abdine ratu kalihnya | jêng sultan jêng susunan | amaringi kalih atus | ingkang abdi kawan dasa ||

27. kawan lurah kang lumaris | agiliran ngalih wulan | mung kalih atus jangkêpe | ingkang miwiti lêlurah | sragêni wolung dasa | Mesajaladri kang mangku | kalawan Maesasura ||

28. panumbak namèngyudèki | lêlurah Rônggawarsita | lan Dêmang Wêngkêr sisihe | samakta sagung gêgaman | prajurit sabrang Jawa | wus budhal saking Marêbung | gumuruh kang balakuswa ||

29. kadya rêg kang parwatagni | prajurit sabrang lan Jawa | mawarna sri busanane | ing marga tan winursita | baris agung wus prapta | ing Kêdhungjambal panganjur | Ki Tumênggung Arungbinang ||

30. lawan Kapitan Sungrati | akanthi lan Arungbinang | sami sura prawirane | Ki Tumêngung Wiradigda | lawan Kapitan Kulman | Tumênggung Mangkuyudèku | Kapitan Bèl kanthinira ||

31. wus sami amrênah rakit |

--- 48 ---

kang pacak baris santosa | wus tarub kanan keringe | bôngga ingkang maksih têbah | Sêmbuyan lan Pringômba | wontên pinacak tumênggung | ing Pangran Mangkunagara ||

32. wong desa bêcik karyèki | Ki Tumênggung Kartisura | mogok dadi panutane | urut Sêmbuyan Kêduwang | wani nadhahi ing prang | pacalang patroling mungsuh | ingkang baris Kêdhungjambal ||

33. kunêng malih kang winarni | Sultan ing Giyantirêja | wus samakta busanane | sagung kapraboning aprang | sampun têngara budhal | saking Giyanti kadya lun | anglut trunaning udaya ||

175. Sinom

1. lir padma saparwatendra | srining busananing jurit | mawarna pangkating yuda | miwah kang bala Kumpêni | kadyangga manawêngi | ing ima nawung tumiyung | sajêmbaring bêbulak | kèbêkan bala lumaris | ing Rêspati Manis Rêjêp budhalira ||

2. papar pringganing supana | rêngkêdipèng kali-kali | kalud ing wadya turôngga | pangrênggèng sungil agampil | sadintên gèn lumaris | praptèng Sukawati Mungkung | masanggrahan Padonan | enggar sagunging prajurit | tigang siyang dènnya kèndêl ing Padonan ||

3. lêpas pêsating pawarta | kapyarsèng môncanagari | yèn Sultan Giyantirêja | sampun ngêrabakên baris | gugup sagung prajurit | Madura Surabayèku | saking Kadhiri budhal | gumrêgut sagung prajurit | gurawalan wong Madura Surabaya ||

4. saramuk ing lampahira | singanagri bêkêlahi | cingcing [cing...]

--- 49 ---

[...cing] têlês mêthuk ing prang | ing Pace Kartasanèki | ingurugan pêpati | tumpêsan singa katêmu | lanange tinumpêsan | wadone binoyong sami | nadyan rare lamun lanang pinêjahan ||

5. horêg wong môncanagara | kang kambah baris angisis | wong Madura solahira | nênumpêsi bêboyongi | praptèng Caruban nênggih | amuk lêbon ing Madiun | Pangran Mangkudipura | nadhahi prang tan kuwawi | palayune ngungsi baris ing Mamênang ||

6. ing Madiun wus kancikan | Kalangbrèt ingkang winarni | Tumênggung Trunawijaya | mogok anggêpuk ing wuri | Pangran Mangkunagari | ingkang amacak tumênggung | anulya binalênan | prajurit Surabayèki | karusakan dènnya nadhahi ngayuda ||

7. jujur gunung palayunya | angungsi mring Pranaragi | Pangeran Mangkunagara | langkung susahe kang galih | kinêpung marêpêki | mungsuh praptane angikut | wadya môncanagara | kinèn baris Kaliasin | têtindhihe Madiun Mangkudipura ||

8. nanging tyase sami gêmpal | wadya ing môncanagari | angrasa yèn kaluputan | pangeran kang dèn tut wuri | kang baris Kaliasin | samya sêdhih manahipun | Ngabèi Surèngrana | ing Trênggalèk minggat balik | mring Madiun nusul Radèn Bratawirya ||

9. nging Pangran Mangkunagara | maksih èwêd tyasirèki | mêngsah ngingkut pratingkahnya | pan ora lajêng anggitik | durung karuwan ugi | mungsuh kandêl tipisipun |

--- 50 ---

ingkang badhe tinêrak | kêkês awor muring-muring | mulat ingkang rayi lawan ingkang paman ||

10. sami ngênthêl manahira | Pangeran Purubayèki | bature wus sami minggat | Cakrajaya wus dhingini | balik maring Giyanti | wong Pagêlèn kabèh tumut | Pangeran Purubaya | amung sapuluh galintir | ingkang rayi pan amung abdine lama ||

11. wau Pangeran Bintara | ing Ngrawa sabêdhahnèki | Kalangbrèt pan sampun bêdhah | dene wong Surabayèki | Pangran Bintara ngili | anèng ing pasisir kidul | bature mung lêlima | kang satunggil wus tinuding | arsa tundhuk mring gêgaman Surabaya ||

12. kang abaris Kartasana | Kandhuruhan Kabuhlêngki | lawan Ngabèi Sapanjang | kadhatêngan suratnèki | Pangeran Bintarèki | wus tinampan suratipun | mring Walandi wakilnya | Petor Brikton kang sêsilih | linajêngkên surat dhatêng Surapringga ||

13. kunêng malih winursita | Kangjêng Sultan ing Giyanti | saking Sukawati budhal | ing Padonan gone baris | budhal sawadyanèki | gunging kang wadya kadya lun | gumulung ombak bakat | ingkang supana wanadri | kêbêk dening kambah wadya kang lumampah ||

14. sadalu margi anêba | ing wanane Saosragi | benjing budhal saha wadya | gumuruh swaraning dasih | satêngah dina prapti | ngancik bumi ing Madiun | Bayêm sakilèn kitha | kèndêl sultan pacak baris | ingkang baris Madiun Sampang

--- 51 ---

miyarsa ||

15. pan Mas Dêmang Brajayuda | lan Ngabèi Brajapati | duk miyarsa praptanira | Kangjêng Sultan ing Giyanti | angrayah dèn bangêti | angêsuk marang gêgunung | wong ngili jurang wana | ingungkih kathah kang kêni | kathah risak tanah Madiun kang kêna ||

16. sultan animbali sigra | marang sagung pra dipati | Adipati Danurêja | Rôngga Prawiradirjèki | radèn tumênggung nênggih | ing Gêrobogan puniku | Radèn Yudanagara | Tumênggung Martalayèki | Natayuda Tumênggung Jayasudirja ||

17. Tumênggung Mangunnagara | myang Tumênggung Surantani | Ki Tumênggung Baurêksa | Pangran Natakusumèki | pangirid pra dipati | Pangran Pakuningratipun | Tumênggung Sindusastra | Singaranu Kartanadi | prapta aglar ing ngarsane kangjêng sultan ||

18. Kapitan Dongkêl ngandikan | pan dêr Pol Baiman prapti | jêng sultan alon ngandika | ya Dongkêl paranirèki | laku ingkang prayogi | kang cêpak wêkasanipun | kang nora andêdawa | karusakane wong cilik | sun gitika yèku Si Mangkunagara ||

19. lah iya môngsa tanggona | sayêktine angoncati | lunga maring tanah Pajang | sun ungsira bali maning | maring môncanagari | mêngkono dadine besuk | ujar môncanagara | miwah Pajang kowar-kawir | pun Kapitan Dongkêl sigra amalembat ||

20. mring Dipati Danurêja | Pangran Natakusumèki | tuwan sagung pra dipatya | timbalan dalêm puniki | sami andika

--- 52 ---

pikir | ingkang prayogi puniku | Dipati Danurêja | Pangran Natakusumèki | nuhun karsa kang abdi darma lumampah ||

21. Kapitan Dongkêl sumôngga | ngaturakên aturnèki | sagung abdining punggawa | makatên ature sami | mèsêm sri narapati | iki Dongkêl karsaningsun | ing kene lamun ana | papan kang luwih prayogi | sun karyaa lêloji ingkang santosa ||

22. tinunggua sakapitan | dragundêr kawan dasèki | jalan kakine sawidak | dene kang padha nunggoni | iya môncanagari | pra dipati kang wus nungkul | lamun pinaranana | ing mungsuh kêlar nadhahi | dadi ingsun nora karon manah ingwang ||

23. Kapitan Dongkêl lingira | ing karsa tuwan puniki | kalangkung saking prayoga | botên wontên kang nglangkungi | nanging tuwan timbali | pun Istimolor pukulun | lan tuwan pundhutana | upêsir ingkang prayogi | ingkang pantês inggih tuwan katanggênah ||

24. têngga ing môncanagara | sultan amundhut Kumpêni | dragundêre kawan wêlas | lawan lopèrès satunggil | lan kaliwon kêkalih | miwah mantrine sapuluh | kalih atus turôngga | tuwin limalas Kumpêni | kang tinuduh nimbali mring Kêdhungjambal ||

25. ing marga datan kawarna | ing Kêdhungjambal wus prapti | lawan mayor wus apanggya | Istimolor dèn timbali | sultan amundhut siji | upêsir ingkang apatut | anuli dèn gawaa | lakune ingsun timbali | mayor

--- 53 ---

sigra manggil Radèn Pringgalaya ||

26. sapraptane mayor bilang | kula anêdha bupati | satunggil kula ngandikan | dhatêng Sultan Senapati | Pringgalaya nyaosi | Tumênggung Wiradigdèku | budhal saking barisan | Kêdhungjambal mayor aglis | pan ambêkta dragundêre tigang dasa ||

27. kalawan Kapitan Pitlar | sinaosakên sang aji | pamundhute kangjêng sultan | datan kawarna ing margi | prapta barisanèki | ing Bayêm sampun apangguh | kalawan kangjêng sultan | mayor nurut barang pikir | sakarsane sultan kang minôngka amral ||

28. kawusa rèh ing ayuda | raja ngiras ambawani | senapati ing paprangan | ing rêmbug sampun agilig | badhe adamêl loji | ing Tapêlan prênahipun | sawetaning Magêtan | lèr kilèning Pranaragi | kidul kilèn saking Madiun nagara ||

29. kantun pakaryan satunggal | Istimolor kang tinuding | amanggihi wong Madura | kang anèng Madiun baris | jro kutha ambajagi | wong cilik puyêngan gêmpur | mayor sigra lumampah | lawan pan dêr Pol umiring | wus apanggih lawan Dêmang Brajayuda ||

30. Istimolor têmbungira | sapa kang kongkon sirèki | hèh Mas Dêmang Brajayuda | lan Ngabèi Brajapati | wong Madura nauri | inggih dêlèr kang angutus | ngantukkên Bratawirya | ing nagari Pranaragi | lawan kinèn andhèrèk karsane sultan ||

31. pan inggih dipun abêna | lan satru ing nusa [nu...]

--- 54 ---

[...sa] Jawi | mayor sugal wuwusira | dene tan sêba sirèki | mring Sultan ing Giyanti | pijêr rusuh pratingkahmu | Madura saurira | yèn dèrèng ngandikan ajrih | mayor angling lah payo sira ngandikan ||

32. wong Madura saurira | inggih tuwan benjing enjing | kula sowan kangjêng sultan | andika kondur rumiyin | mayor sarwi nudingi | aja sêmbrana sirèku | yèn sira ora prapta | iya ing sadina benjing | sultan duka sayêkti sira ginêcak ||

33. aja sira takon dosa | aja sambat mring Kumpêni | sapa wani ngalangana | ingsun tan karsanirèki | Madura inggih-inggih | Istimolor nulya kondur | praptèng Bayêm barisan | lawan sultan wus pêpanggih | ngaturakên saha ture wong Madura ||

34. inggih benjing enjing sowan | Madura ing padukaji | gih pun Dêmang Brajayuda | pun Ngabèi Brajapati | ya ta wuwusên enjing | wong Madura praptanipun | pinêthuk baris kurmat | sêsiyung angapit margi | duk tumingal gêgununganing ayuda ||

35. ing prajurite jêng sultan | akathah abêcik-bêcik | eram abyoring busana | tyasira sami umiris | sapraptanirèng jawi | ngregol pasanggrahanipun | jêng sultan wus pinarak | munggèng ing amparan rukmi | Mayor Istimolor kang munggèng ing kanan ||

36. Dongkêl Kapitan kalawan | pan dêr Pol ingkang nêpungi | nulya wau tinimbalan | Mantri Madura kêkalih | katri Bratawiryèki | arapèk katiganipun |

--- 55 ---

sami rangrangan êmas | sapraptanira ing ngarsi | langkung ajrih muka konjêm ing pratala ||

37. sultan alon angandika | namane sawiji-wiji | Brajapati Brajayuda | katiga Bratawiryèki | kagyat sri narapati | mulat ing Bratawiryèku | ngluwihi wong Madura | rowane lan dhapurnèki | kapaido yèn wêwêton Pranaraga ||

38. pasthi kusuma Madura | solah sapratingkahnèki | wus pantês lamun wong Sampang | bêbrêngos rambute buntit | Sampang bêbrêngosnèki | amucicil netranipun | dhêdhampak asêmbada | sultan angandika aris | hèh Madura kaya paran lakunira ||

39. umatur saha wotsêkar | Mas Dêmang Brajayudèki | punika lampah kawula | rayi dalêm kang anuding | rayi dalêm atampi | parentah saking gupêrnur | kinèn angaturêna | inggih pun Bratawiryèki | inggih dhatêng ing jêng paduka sang nata ||

40. jêng paduka pêpanggihan | wontên ing môncanagari | jêng sultan mèsêm ngandika | wus turut lakunirèki | maria ngêrusuhi | sira wus têmu lan ingsun | Mas Dêmang Brajayuda | umatur saha wotsari | kula rayah kang tumut Mangkunagara ||

41. inggih sadhatêng kawula | kathah ingkang bêngkêlahi | pun Kartasana Caruban | pun Kalangbrèt lan ing Rawi | wong Surabaya gitik | pun Kalangbrèt risakipun | mangkya nèng Kartasana | dêdamêl ing Surawèsthi | ingkang sampun têluk botên kula rayah ||

42. sultan gumujêng

--- 56 ---

ngandika | lah mêngko paran sirèki | nêmbah Dêmang Brajayuda | sumanggèng karsa sang aji | kula anuhun kardi | kaabêna lawan mungsuh | inggih Mangkunagara | wontêna ngarsaning gusti | kula purun dhatêng pun Mangkunagara ||

43. rêmuk tuwan gutuk kêna | botên ngoncati sanyari | abdi paduka Madura | sultan mèsêm ngandikaris | iya tarima mami | Brajayuda prasêtyamu | iku Si Bratawirya | anak prabu kang duwèni | jumênênga Si Tumênggung Bratawirya ||

44. sira nuli lumakua | iya saking ing nêgari | Madiune aywa têbah | saonjotan sun wangêni | payo budhala nuli | sigra têngara sang prabu | gumuruh balakuswa | wong Madura wus dhingini | eram mulat untabe balane sultan ||

45. Madura praptèng jro kitha | lajêng ngirabakên baris | ngidul saking ing jro kitha | saonjotan kèndêlnèki | lampahe sri bupati | anèng wana kèndêlipun | sakilèning Tapêlan | parentah sri narapati | pan akarya lêloji nèng Patapêlan ||

46. wuwusên cucuking lampah | kang abaris Kaliasin | Pangeran Mangkudipura | langkung susah sangu mimis | dene mungsuhirèki | Sultan Giyanti puniku | wong agung langkung sura | kanthi Madura Kumpêni | sapa kêlar nadhahi nèng tanah Jawa ||

47. sèdhèng tyas Mangkudipura | lumêpas dutanirèki | layang prapta ipenira | Tumênggung Bratawiryèki | wong Madura naguhi | warase panungkulipun | dadya ing dalu minggat |

--- 57 ---

Pangran Mangkudipurèki | lan ambêkta nungkule Mangkudipura ||

48. sigra wau ingandikan | katiga Bratawiryèki | sakawan Mangkudipura | tinarima nungkulnèki | tinokidakên nênggih | Pangran Mangkudipurèku | têtêp pangeranira | kasêpuhan dènnya linggih | ing kanoman Rahadèn Sêcakusuma ||

49. pitung èwu kasêpuhan | dene kanomanirèki | limang èwu cacahira | rolas èwu cacahnèki | loji Tapêlan dadi | puniku kinèn angumpul | baris anèng Tapêlan | Kumpêni ingkang nindhihi | kang kinarya nindhihi Kapitan Pitlar ||

50. Islame Kapitan Barak | sagunge môncanagari | kumpul baris ing Tapêlan | mangkana ingkang winarni | Pangran Mangkunagari | Kudanawarsa umatur | yèn pangajêng sadaya | kang baris ing Lèpènasin | sampun gusis ambalik balang kaluwak ||

119. Pangeran Mangkunagara sawadyabalanipun oncat saking dhusun Mamênang badhe anggêpuk tanah pasisir. Wontên ing tanah Pajang pêrang riwuk kalihan prajurit Surakarta

176. Pocung[19]

1. punggawagung pun Mangkudipura sampun | nungkul ngrama tuwan | Kangjêng Sultan ing Giyanti | panêkare pra dipati dipun bêkta ||

2. mangke sampun pinacak abaris tugur | wontên [wo...]

--- 58 ---

[...ntên] ing Tapêlan | kanthi Madura Kumpêni | Madurane benjing kang kinèn anggêcak ||

3. inggih dhatêng ing ngriki Maduranipun | wau duk miyarsa | Pangran Mangkunagarèki | langkung gugup tyase akuwur kewala ||

4. bingang-bingung dene barise kinêpung | dadya samya nêmah | nêdya gubêd angoncati | sampun budhal saking dhusun ing Mamênang ||

5. sêdyanipun pasisir ingkang ginêpuk | mêdal tanah Pajang | Dêmak ingkang dèn wiwiti | lampahira sampun prapta ing Kaduwang ||

6. baris laju ngalèr ngilèn lampahipun | dados kalih lampah | Kudanawarsa tinuding | mêdal kidul mangilèn jog Paserenan ||

7. Pangran Mangkunagara jog desa Gêmblung | malipir ing Sala | ing Gawok salèring kêdhik | kang dèn ajab patêmon ing Wanakarta ||

8. ya ta wau dutane Pringgalayèku | Kyai Wiraguna | kang dipun utus angêrig | parentahe Adipati Pringgalaya ||

9. sarta ngêrig jagul kinèn kêkêlumpuk | uwang sarta reyal | milane lampahe lami | mêdal êlèr prapta Bayalali pirsa ||

10. lamun sampun budhalan baris Marêbung | anèng Kêdhungjambal | dadya Ki Wiragunèki | panusule mêdal Dêlanggu mangetan ||

11. angsalipun inggih reyal tigang èwu | dadya tigang rêmbat | ginotong nanging awarni | tigang èwu awarni uwang sadaya ||

12. lampahipun nèng wetan Dêlanggu surup | kèndêl dhusun Gêtas |

--- 59 ---

Gêtas Tundhungan Juwiring | lampahipun wontên tiyang kapat bêlah ||

13. kathah pikul akêdhik prajuritipun | sami pakumpulan | wong Kêdhu Pagêlèn sami | kang angirim lêlurahe sowang-sowang ||

14. sarêng dalu wong bumi siji lumayu | wonge Danawarsa | Kudanawarsa duk prapti | Paserenan wonge prapta antuk warta ||

15. kilèn niku wong mondhok kang sami ngintun | dhatêng Kêdhungjambal | dutane Pringgalayèki | kula mirsa bêkta tigang èwu yatra ||

16. duk angrungu yèn Ki Wiraguna iku | anèng dhusun Gêtas | Kudanawarsa ngundhangi | budhal sawus tambur saking Paserenan ||

17. praptanipun dèn rêrindhik lampahipun | nèng Gêtas sarêng byar | lajêng angêpung bathithit | sarta surak ambêdhili saking wuntat ||

18. sami kagum rinampog ingkang lumayu | dadya lêng-ulêngan | ngumpul jro jaro angungsi | kathah pêjah Ki Wiraguna wus pêjah ||

19. dunya bêskup wutah yatra tigang èwu | kang awarni kuda | miwah waos sanjatèki | kabèh lap gang alatah Kudanawarsa ||

20. lajêng mundur mring gène bêndaranipun | wontên Samêdhangan | Pangran Mangkunagarèki | Danawarsa prapta ngaturkên sal-angsal ||

21. benjingipun ngilèn nunggil lampahipun | malipir ing Sala | anjog ing Wanakartèki | kèndêl Ngasêm balane pangran nèng Bangak ||

22. barisipun ing Surakarta wus mêtu | kang kilèn ing Pajang | ingkang kidul [kidu...]

--- 60 ---

[...l] anèng Baki | lan utusan sang nata dhatêng kang paman ||

23. ngaturi wruh yèn mêngsah galibêdipun | gandhèk lampahira | prapta ing Wagal pan enjing | barisane ingkang rama kangjêng sultan ||

24. apan jujug Kapitan Dongkêl wus pangguh | anuju Pangeran | Madiun atur udani | mring Kapitan Dongkêl yèn mêngsah wus budhal ||

25. barisipun ing Mamênang sampun kêbut | dhatêng tanah Pajang | badhe lajêng amasisir | ya ta dhawuh gandhèk saking Surakarta ||

26. Dongkêl laju marak kangjêng sultan gupuh | dhatêng pasanggrahan | surat katur ing sang aji | ingkang saking Sang Aprabu Surakarta ||

27. sampunipun tinupiksa langkung ngungun | ngaturi wuninga | yèn mungsuh mangke mrêpêki | anggalibêd kiwa têngên Surakarta ||

28. sultan gupuh manggil Istimolor rawuh | asru angandika | hèh Molor dandana aglis | iya mungsuh galibêd ing Surakarta ||

29. mayor iku mendah susahe nak prabu | sigra pêparentah | mring sagung para dipati | inggih môncanagara lan wong Madura ||

30. kinèn kantun pacak baris dèn akukuh | iya aja tinggal | têka ing Tapêlan iki | yèn kabotan dèn enggal nuli tutura ||

31. iya ingsun kang aprapta atêtulung | sigra atêngara | kumêrab sagung prajurit | wanci lingsir kulon budhalipun sultan ||

32. kunêng wau gantia ingkang winuwus | Prabu Surakarta | miyarsa ingkang pawarti | lamun Kyai Wiraguna mati

--- 61 ---

Gêtas ||

33. pêjahipun kapapag kacandhak mungsuh | puniku dutanya | Dipati Pringgalayèki | ngêrig jagul lawase kinèn mèt uwang ||

34. laminipun antuk yatra tigang èwu | linap gang ing mêngsah | têkan dutane ngêmasi | Wiraguna dutanira Pringgalaya ||

35. sang aprabu nimbali Kyai Tumênggung | Puspanagara lan | Sasradiningrat wus prapti | ngabyantara narendra asru ngandika ||

36. hèh sira wus kaya pa ing patinipun | ya Si Wiraguna | Puspanagara wotsari | kang dinuta mring Pringgalaya punika ||

37. ngêrig jagul antuk yatra tigang èwu | antuke kapapag | mêngsah Kudanawarsèki | mila reyal katur ing Kudanawarsa ||

38. sang aprabu miyarsa langkung angguguk | mara titènana | wong ala pratingkahnèki | dumadakan picise katur ing mêngsah ||

39. hèh Tumênggung Sasradiningrat puniku | lan sakancanira | sapanèkêt para mantri | tindhihana kang patrol jaban nagara ||

40. iya iku bocah ingsun patang puluh | dêlèr kang parentah | alanglang jaban nagari | sabêcike patang puluh tuwanana ||

41. angrong atus gilir patang lurahipun | lêt sapuluh dina | parlokna sakidul Baki | padhangêna dèn prapta ing Kêdhungjambal ||

42. Walandèku wira-wiri kang angintun | marang Kêdhungjambal | obat mimising Kumpêni | mêngko ana ngêndi wartane kang mêngsah ||

43. nêmbah matur Sasradiningrat Tumênggung | sakiduling Tambak | Sêgaran gènipun [gèni...]

--- 62 ---

[...pun] baris | inggih mangke Pangeran Mangkunagara ||

44. barisipun nèng Ngasêm pamungkuripun | dene pun kakang mas | lèr kilèn ing Ngasêm kêdhik | dhusun Bangak Pangeran Mangkunagara ||

45. inggih sampun jêng rama tuwan mèh rawuh | inggih kangjêng sultan | ginêlak lampahing baris | abdi dalêm pisah Gandhèk nèng Sumêngka ||

46. yèn mangkono Sasra lêrêna patrolmu | mênèk sarawungan | lan balane paman aji | nêmbah matur Tumênggung Sasradiningrat ||

47. pênêd banjur pan inggih wartining mungsuh | gêlaripun Sêmang | tilar tumênggung satunggil | kinanthênan para mantrine sadasa ||

48. damêlipun namung ngrêridhu margagung | kang dhatêng barisan | ambegali wong ngêngirim | ingkang dhatêng pabarisan Kêdhungjambal ||

49. lamun rawuh rama paduka pukulun | upami ngarsakna | masanggrahan cêlak ngriki | kula matur riwuk dipun sirnakêna ||

50. sang aprabu ngandika ya bênêr iku | Sêmang dèn sirnakna | marang kangjêng paman aji | Sêmang iku anggung agawe asmara ||

177. Asmaradana

1. mangkana punggawa malih | wus umijil saking pura | ing srimanganti praptane | Tumênggung Sasradiningrat | ngundhangi kancanira | budhal ngirid patang puluh | kawan lurah kang lumampah ||

2. sanjata ingkang sapalih | sapalihe waos benang | mring dhusun Baki jujuge | dene prayayi kaparak | gêng alit winilisan | inggih namung pitung puluh | sanjata kang tigang dasa ||

3. kunêng

--- 63 ---

mungsuh ingkang kari | kang angriwuk urut marga | kang maring barisan gêdhe | binanton sakin akathah | langkung turôngga dhomas | sinuwarakakên lamun | Dipati Kudanawarsa ||

4. barisira pinara tri | kang sapôntha kidul gènnya | kang sapôntha lèr lan kulon | jagani bok sultan prapta | saking môncanagara | baris siluman ing dhusun | tan ana ingkang ngatingal ||

5. wontên ngirim obat mimis | saking nagari Sêmarang | sèkêt gotongan cacahe | kèndêl nagri Surakarta | nuwun kang ngatêrêna | inggih datan sagêd laju | mring barisan Kêdhungjambal ||

6. mantri gowong kang tinuding | sakawan duk anyar prapta | lan Walandi suwidake | nging jalan kaki sadaya | kinèn sami jujuga | ing Baki barisanipun | Tumênggung Sasradiningrat ||

7. nênggih ingkang dèn tindhihi | abdi dalêm kawan dasa | mung kalih atus cacahe | wus tampi surat parentah | kinèn angêtêrêna | Kumpêni ingkang angintun | dèn prapta ing Kêdhungjambal ||

8. Kumpêni wus praptèng Baki | Tumênggung Sasradiningrat | ngundhangi kônca budhale | ngiringkên gotonganira | obat mimis akathah | duk prapta sakidul Ngluyu | riwuking mungsuh katingal ||

9. saking wetan kilèn prapti | wontên pitung atus kuda | ngênginthil kanan kerine | Kumpêni nêdha parentah | marang Tumênggung Sasra | mungsuh punapa pinagut | tumênggung paran ing karsa ||

10. radèn tumênggung [tu...]

--- 64 ---

[...mênggung] nauri | yèn iki sira paguta | mundhak iku anyênyuwe | iya ing laku kewala | lah payo tinambuhan | apranga sambi lumaku | sigra byak gêlar prit nêba ||

11. Kumpêni ingkang nêngahi | lan Radèn Sasradiningrat | lawan sabature dhewe | dene prayayi kaparak | munggèng poncot kang wetan | dene wadya patang puluh | nyirahi kilèn gènira ||

12. abayak lampahing baris | rêmbatan wong munggèng ngarsa | sigra mungsuh kukuk nosog | patang puluh tinarajang | rame tarung sanjata | Kumpêni sakopral tulung | ngilèn tiga wêlas kopral ||

13. patang puluh dèn tulungi | sami giyak ngamuk rampak | kang turôngga sami nyêrot | nêdya sami tarung tumbak | mungsuh giwar sakêdhap | sigra sinuwaran mundur | Tumênggung Sasradiningrat ||

14. sangêt dènnya marentahi | aja na ngumbar kasuran | pan iku dudu ênggone | manawa sira tinunjang | rinusak lakunira | nora sun pênging angamuk | yèn mangkono bae aja ||

15. mungsuh iku angênginthil | pan ora mêgati ngarsa | nunjang saking wuri bae | Tumênggung Sasradiningrat | mêmuruk paparentah | dadi prang sambi lumaku | akawit prang pukul sanga ||

16. dupi ing satêngah siji | Istimolor lagi prapta | lakune lawan sarênge | lampahira kangjêng sultan | saking môncanagara | wontên ing marga karungu | Kumpêni binegal mêngsah ||

17. tan adangu anarêngi |

--- 65 ---

panèkêt kêkalih prapta | urunan panèkêd gêdhong | praptane atur uninga | angiringkên Walônda | nèng marga binegal mungsuh | wau sawêg pukul sanga ||

18. bupati ingkang angiring | Tumênggung Sasradiningrat | linawanan aprang lèrèh | pinagut sarwi lumampah | pinogok lamun mêlak | Dipati Pringgalayèku | parentah mring Mangkuyuda ||

19. Mangkuyuda marentahi | Ngabèi Jayanagara | budhal lawan sakancane | kêkapalan tiga bêlah | sami anandêr nyongklang | wau kang kininthil mungsuh | Tumênggung Sasradiningrat ||

20. dènnya prang samargi-margi | jalan kakine sawidak | yèn pinêlak sami dhepok | lan prajurit kawan dasa | kang mayungi Walônda | waose galathik mungup | Dorapati Namèngyuda ||

21. satus anunggil Kumpêni | mila yudanipun kêkah | mungsuh asangêt rungake | yèn pinêlak sami giyak | akèh sami mêkanjar | anjogèd angundha lawung | dudu baturing wadana ||

22. dhapure abêcik-bêcik | waose sami katingal | para lurah bêbêkêle | kang sami sumbar makanjar | waos sami godhi mas | sêkar pacar tatahipun | pating karêthap têtela ||

23. lamun prajurit jro sami | têtindhihe songsong pêthak | klejawuru rasukane | turanggane bopong pancal | kore tangkêp ngatepang | kagunganira sang prabu | abagus punggawanira ||

24. wontên [wontê...]

--- 66 ---

[...n] larèn ming sakêdhik | sawusira sami nabrang | kèndêl baris sakathahe | rame atarung sanjata | Kumpêni ngiras samya | nêdha roti sangunipun | pinangan sajroning aprang ||

25. mêdhun saking ing turanggi | Tumênggung Sasradiningrat | para mantri mudhun kabèh | saking prajurit turôngga | sami mêdhun sadaya | pamrihe radèn tumênggung | Kumpêni tyase ayêma ||

26. suka alpèrès murugi | ing Radèn Sasradiningrat | anawakakên rotine | sarwi ngungak kang ayuda | mungsuh kèndêl sadaya | amung sanjata kang tarung | sami saking katêbihan ||

27. kasaru bantu kang prapti | Ngabèi Jayanagara | tiga bêlah kapalane | lan dragundêr salawe prah | Jayanagara mulat | ing mungsuh lajêng akukuk | nunjang lan sabaturira ||

28. dragundêr sami tut wuri | amung nadhahi sakêdhap | lorod sami ngalor ngulon | Ngabèi Jayanagara | sinusul tinimbalan | nênggih kang nimbali wangsul | Tumênggung Sasradiningrat ||

29. sapraptane angabêkti | Ngabèi Jayanagara | miwah mantri sakancane | sami angujung sadaya | matur Jayanagara | sami basuki rahayu | paduka aprang sakenjang ||

30. kawula botên angimpi | lampah punika sampeyan | lan nindhihi prajurit jro | nyana Kumpêni sadaya | lawan mantri urunan | sintên inggih wartinipun | mêngsah sampeyan punika ||

--- 67 ---

31. alon dènira nauri | Tumênggung Sasradiningrat | adhi wartane kemawon | nora têmêne wikana | bandhèk Kudanawarsa | Jayanagara umatur | têlik kawula waspada ||

32. punika ingkang nindhihi | Ngabèi Jayasimpangan | Danawarsa pulunane | dene ingkang tinindhihan | para mantri sêsanga | kang tinuduh angêriwuk | Ngabèi Jayadrigama ||

33. lawan Malangprakosèki | lan pun Dhandhang Wisamarta | lan Dhandhang Môndhalikane | tuwin pun Malangsêmita | tuwin pun Bagadênta | lan Tanjung Surawinangun | miwah Dhandhang Pramuseta ||

34. lan pun Dêmang Anggaspati | mantri sêsanga punika | kang tinuduh pakaryane | inggih amêjahi marga | dene Kudanawarsa | tumut ing pangeranipun | inggih sami baris Bangak ||

35. Istimolor wau prapti | dipun kèngkèn benjang enjang | yèn Mangkunagara tanggon | pasthi inggih tarung benjang | mila botên tinunjang | kinawruhan gêlaripun | bok mogok bali mangetan ||

36. sultan ngriyinkên prajurit | bandera Gula Kalapa | kidul Butuh nabrang ngilèn | punggawa lan Garobogan | lan ing Warung kinarya | Sêmang binusanan murub | tinarkaa lamun sultan ||

37. panggêcote dèn kawruhi | adate Mangkunagara | ya ta wau sarêng bodhol | Tumênggung Sasradiningrat | saking lor Waladana | ngidul ngilèn lampahipun | lan Kumpêni nulya prapta ||

38. Kêdhungjambal barisnèki |

--- 68 ---

pinêthuk atêtabean | lawan Mayor Istimolor | ngrangkul sarwi cêciuman | lawan Tumênggung Sasra | mayor tutur lampahipun | sultan mèh yuda kênaka ||

120. Pangeran Mangkunagara dipun bêbujêng dhatêng Kangjêng Sultan

178. Pangkur

1. wuwusên punggawanira | kangjêng sultan kang dadya Sêmang nênggih | praptèng Tarantang kêkuwu | wadya Mangkunagaran | wus miyarsa yèn wontên baris kang rawuh | saking lèr wetan praptanya | manawi Sultan Giyanti ||

2. bandera Gula Kalapa | saragêni cinthung kang munggèng ngarsi | katur ing Pangeranipun | lamun kang rama prapta | sigra budhal Pangran Mangkunagarèku | angidul jog sêdyanira | marga gêng Toyadanèki ||

3. tumênggung ing Garobogan | panarkane gubêd mangetan malih | sêsandêran dutanipun | tur uningèng jêng sultan | yèn budhaling mêngsah saking Bangak ngidul | kilap jêbulipun ngarsa | dutane prapta ing wêngi ||

4. sultan baris ing Larangan | wus tinanggap duta kang prapta wêngi | duk miyarsa langkung gugup | sultan dulu têngara | dalu-dalu sultan budhale gumuruh | manawa mungsuh sêdyanya | galibêd Surakartèki ||

5. ginêlak lampahing bala | kadya rakit lajêng umangsah jurit | bokmanawa adatipun | culika ing ayuda | wanci lingsir kilèn wau praptanipun | anèng Ganggang

--- 69 ---

kaèbêkan | bêranang ingkang prajurit ||

6. amanggil Uprup Abraham | tundhuk lawan sultan ngandika aris | matura ing anak prabu | ingsun amasanggrahan | anèng desa ing ngarêp kang katon iku | uprup ature sumôngga | Padhiwutan dhusun alit ||

7. uprup lajêng pamit mêsat | mring kêdhaton dèniratur udani | lamun ingkang rama rawuh | ngasakkên[20] masanggrahan | Kadhiwutan ing pinggir bêngawanipun | sang nata kagyat miyarsa | nimbali wadana kalih ||

8. Tumênggung Puspanagara | lan Tumênggung Tirtawiguna prapti | kinèn ngêrig kancanipun | ambêkta pasarean | dandanana iya Kadhiwutan iku | kinarsakkên paman sultan | Dhiwutan dèn pasanggrahi ||

9. Tumênggung Puspanagara | miwah Tirtawiguna ngêrig sami | priyayi ing gêdhong kêbut | panèkêt mantrinira | tuwin jajar kang sami angusung-usung | pasarean ing Dhiwutan | kerid ing tumênggung kalih ||

10. prapta lajêng dandan samya | pasarean sarta têtarub jawi | kajang grêsik tarubipun | simpênane wong Sangkrah | Pasampangan Panusupan kang kinumpul | lawan sinung têtuwuhan | sakalangkung amurwani ||

11. wus rumat atur uninga | sultan têdhak lan sawadyanirèki | Kadhiwutan praptanipun | wadyanira balabar | sultan manjing kagyat ningali têtarub | sarta ingkang têtuwuhan | dadakan rakite dadi ||

12. sultan amundhut amparan | tiningalan kang mêntas nambut kardi | kêkalih

--- 70 ---

tumênggungipun | kancanipun akathah | tinimbalan ing ngarsa tumênggungipun | Tumênggung Puspanagara | tilar dhuwung angabêkti ||

13. kalawan Tirtawiguna | wusnya ngujung sampun kinèn anêbih | Puspanagara dinangu | gustimu padha arja | matur inggih wilujêng putranta prabu | sultan malih angandika | ya Si Mangkunagarèki ||

14. mêtu ngêndi pangalornya | nêmbah matur salèring Gawok kêdhik | ngalèr ngilèn lampahipun | ya ingsun liwat Maras | bok anggêpuk mendah susahing nak prabu | mêngko kapriye wartanya | Puspanagara wotsari ||

15. nênggih dhusun Majasanga | gènnya ngalèr margi agêng malipir | jêng sultan ngandika arum | iku Puspanagara | sun jujula bali ngetan menggok ngidul | gêlare dubilah setan | trah Mataram ati maling ||

16. dadi prajurit urakan | yèn mangkono ilok ngisin-isini | hèh Puspanagara iku | kancanira wadana | saparane Puspanagara umatur | inggih pun Tirtawiguna | gumujêng ngandika aris ||

17. iku putune Sindurja | cilik têmên bapakne apa mati | Si Tirtawiguna lurus | lah iku tiru sapa | iku apa awas ing pamawasipun | duwe aji Danurwenda | dadi awas yèn bêbêdhil ||

18. lamun ora mangkonoa | iya sapa kang ngarani bupati | Puspanagara umatur | gusti ampuh punika | kang dèn andêlakên amung untunipun | sok mêngsah kenginga cêlak | rinukêt [rinukê...]

--- 71 ---

[...t] cinokot aglis ||

19. yêkti mêngsah lajêng basah | lir sinêntak sultan gumujêngnèki | kang pra dipati gumuruh | arame gujêngira | langkung suka sultan pangandikanipun | hèh sagunge pra dipatya | Si Puspanagara iki ||

20. abêcik tirunên padha | wong kêkancan cacade dèn alingi | kancane wong kaya êmpluk | nora wèh yèn cinacad | yèn apêrang iku anyakote ampuh | cilik-cilik ngula wêlang | singa rinukêt babar ji ||

21. gumêr malih pra dipatya | kang pinoyok Ki Tirtawigunèki | milu gumuyu angguguk | kasaru wontên prapta | duta prapta maksih wontên jawinipun | wontên kang atur uninga | putra dalêm kalih prapti ||

22. inggih Radèn Mas Kaliman | lawan putra dalêm Radèn Panolih | wus kinèn nimbali gupuh | kalih praptèng ngajêngan | gantya angabêkti pra samya rinangkul | sinêsêp-sêsêp kang sirah | sarwi nênggak waspanèki ||

23. wus gêdhe têmên sutèngwang | apa durung dèn paringi kêkasih | Puspanagara umatur | inggih dèrèng punika | kangjêng sultan alon pangandikanipun | duk ingsun dadi pangeran | tuwa putraningsun iki ||

24. radèn mas kalih tur sêmbah | kula ngutus ngaturkên ingkang bêkti | putranta bok ayu ratu | angaturkên dhadharan | pan sadasa jodhang samôngka lan kimun[21] | têbu ingkang pitung rêmbat | pêlêm salak durèn manggis ||

25. inggih sami pitung rêmbat | ingkang tigang

--- 72 ---

rêmbat pan jêram lêgi | sênôngga jambu kapundhung | pitung sôngga sadaya | wus tinampan lajêng binage martêlu | pawèstri ingkang saduman | rong duman malih binagi ||

26. marang sagung pra dipatya | miwah sagung kapala pra prajurit | jêng sultan suka kalangkung | songgo lajêng kairas | kang dhinahar sang nata kapundhung jambu | ngiras sami gêgujêngan | wau kang putra kêkalih ||

27. sami pinaring turôngga | sami kore sakambil saput ranti | lawan uwange anyatus | sarta badhe rasukan | pan baludru ijêm pan rangkêpanipun | kang putra kalih tur sêmbah | ingaras sirahnya sami ||

28. pamit pan sampun linilan | kang wadana kalih sami umiring | Puspanagara Tumênggung | lawan Tirtawiguna | ingkang kari sultan manjing kuwunipun | bubar samya pamondhokan | sagung kang para dipati ||

29. sadalu nèng Padhiwutan | enjing mingsêr ngilèn sawadyanèki | ing Nglawiyan dhusunipun | nênggih ing Kabandaran[22] | kidulipun pêkên Nglawiyan puniku | masanggrahan sangang dina | Istimolor dèn timbali ||

30. kang abaris Kêdhungjambal | Radèn Sasradiningrat anarêngi | mungsuh kang sami ngêriwuk | ing margi sami ical | ting balêsar rêbat paran rawuhipun | jêng sultan ajrih ngatingal | bok dèn ubrês angêmasi ||

31. wau Istimolor prapta | Kabanaran Lawiyan barisnèki | Sultan Giyantipurèki | wus panggih atabean | molor matur ing jawi wontên tumênggung | Tumênggung Sasradiningrat |

--- 73 ---

punggawèng Surakartèki ||

32. saking ngatêrkên Walônda | duk binegal mungsuh ngriwuk anginthil | gènipun aprang sabêdhug | juru nglanglang ing marga | lan ngatêrkên baranging Kumpêni nusul | Tumênggung Sasradiningrat | prajurit jro dèn tindhihi ||

33. punggawane putra tuwan | Surakarta Sultan akèn nimbali | wus praptèng byantara prabu | sèlèh dhuwung mangarsa | ngaras pada cinablèk walikatipun | bocah iki basakêna | gêlis têmên kaki-kaki ||

34. thole ingsun iki eram | Si Kaliman iya lan Si Panolih | padha gêlis tuwanipun | mêngko sun dulu sira | sakin gawok padha gêlis tuwanipun | lah payo sira tutura | lah apa karyanirèki ||

35. Tumênggung Sasradiningrat | nêmbah matur kula inggih tinuding | amatroli marginipun | ingkang dhatêng barisan | mangke kula sumanggèng karsa pukulun | inggih anuhun parentah | sultan mèsêm ngandika ris ||

36. ya wis thole aja susah | wus sun pikir setaning mungsuh iki | ingkang padha dadi riwuk | sun kèn nitik gènira | yèn katêmu bêngi nuli sun kèn nukup | sarta ngêsuk sagènira | mari-mari yèn wus kêni ||

37. Dèn Rôngga Prawiradirja | nuwun seba sigra dènnya nimbali | praptèng byantara wotsantun | pukulun tur uninga | wontên mêngsah atur pêjah gêsangipun | mantri gangsal nungkul nêdya | sumungkêm ngabdi sang aji ||

38. punika ingkang tinêdah | angrêriwuk ingkang mêjahi [mê...]

--- 74 ---

[...jahi] margi | sakawan kang dèrèng nungkul | nanging môngsa puruna | nuduhakên inggih padamêlanipun | wastane mantri punika | pun Rôngga Pramusitèki ||

39. lan pun Dhandhang Wisamarta | Bagadênta pun Malangsasmitèki | gangsal pun Surawinangun | sultan alon ngandika | timbalana mantri kang padha anungkul | sun arsa angawruhana | dhapure kang para mantri ||

40. gya mêdal Prawiradirja | lêbêtipun angirid mantri bêkti | prapta ing ngajêngan sampun | dangu sami sinawang | sami kinèn acucul rasukanipun | sadaya sami prayoga | kalih ngron ing kamal aking ||

179. Sinom

1. nênggih Dhandhang Wisamarta | apêthokol punuk kêcil | jêng sultan gumujêng latah | lawan pun Bagadêntèki | kaku kapati-pati | akiyal irung awidhung | dene pun Pramusita | miwah Malangsasmitèki | lan pun Surawinangun bagus sadaya ||

2. wus sami sinung parentah | katrima panungkulnèki | samya ginanjar rasukan | sadaya matrês we abrit | lan pinaringan malih | baludru cêmêng talakup | sami mawi renda mas | saya wuwuh gêng tyasnèki | pinacak lan padha ngrêtakna wong desa ||

3. sultan gumujêng ngandika | ya iki bêgjanirèki | ya kulup Sasradiningrat | wus antuk kanthinirèki | hèh wong lima sirèki | aja na milu anglurug | padha sira tunggua | tanah sakiduling Baki | sabarang rèh têtarèna sutaningwang ||

4. padhang pakewuhing lampah | iya tutura sirèki | marang Si Sasradiningrat |

--- 75 ---

dèn roroni tunggal sami | yèn sira nora wani | mring Si Kudanawarsèku | miwah Kartanagara | kang galibêd angrusuhi | sami matur rêmuk tuwan bandhêmêna ||

5. ajriha Kartanagara | miwah Kudanawarsèki | dede anaking manungsa | yèn jêng tuwan angidèni | mibêra dhatêng langit | pun Bandhèk kawula susul | anake Namèngjaya | êmban Kapurbayan nguni | kaparentah mring pun kaki Wôngsadirja ||

6. sultan kagyat angandika | apa ta kakèkmu dhingin | pêpatihe Kangjêng Paman | Panêmbahan Purbayèki | duk Pamarbung pan dadi | Wiranagara Tumênggung | hèh Si Malangsasmita | sira taliti prajurit | ajênênga sira Rôngga Malangdirja ||

7. Tumênggung Sasradiningrat | pamit pinaring turanggi | kore agêng tapuk ing tal | lan mantri têlukan sami | gangsal ingkang tinuding | sami rumêksa margagung | lawan rumêksèng desa | kang wus tumut ratu kalih | bok dèn riwuk mungsuh Kamangkunagaran ||

8. kalawan kinèn anuta | têgêse anyenapati | ing Radèn Tumênggung Sasra- | diningrat sabarang kardi | tarèn atur upêksi | dèn biyantu tunggul laku | tiwas untung parênga | aja ngucira ing budi | ingkang rama lan kang putra badan tunggal ||

9. budhal saking Kabanaran | kumpul tigangtus turanggi | praptèng Luyu pirêmbagan | panggènan apacak baris | salèring gunung Wujil | kalawan sawetanipun |

--- 76 ---

dene Tumênggung Sasra | ing Luyu sampun prayogi | pan kasait inggih pangrêksa kawula ||

10. wus dadya ingkang pinacak | barise rumêksèng wuri | wau dènnya pirêmbagan | sultan angandika aris | hèh mayor laku iki | mêtua wetan sirèku | mungsuh iki karuwan | mring Dêmak nêdya masisir | payo padha kininthil saparanira ||

11. sira anuli budhala | iya anjog Sukawati | ngalor Warung Garobogan | wus sah parentahirèki | Istimolor nulyamit | lampahe datan kawuwus | praptaning Kêdhungjambal | ngundhangi siyaga sami | wus têngara budhal saking Kêdhungjambal ||

12. gumuruh swaraning bala | nênggih ingkang mianjuri | dragundêr Kapitan Sungrat | bupati kanthinirèki | kyai tumênggung nênggih | Rungbinang sakancanipun | kadya wukir dahana | wus prapta ing Sukawati | kangjêng sultan budhal saking ing Lawiyan ||

13. sadalu kèndêl Cêpaka | Pangran Mangkunagarèki | anjog Tingkir lampahira | samargi ngobong-obongi | gepak mangetan kêdhik | mrêpêki anjog ing Gubug | jinaga ing Walônda | têlu kopral karyanèki | takêr bêras rinampog katri wus pêjah ||

14. wus angancik bumi Dêmak | padhusunan dèn obongi | wau malih kawuwusa | kang saking Surabayèki | Dêlèr Nikolas Harting | mring Samarang antukipun | duk prapta ing Juwana | kaluntag gègèr-gègèri |

--- 77 ---

Pangran Mangkunagara wus anèng Dêmak ||

15. dadya dêlèr kèndêlira | anèng Juwana nagari | anata prajuritira | ing batin ingkang dèn anti | sultan pasthi nututi | Tuwan Mayor Moloripun | wau ta kawuwusa | sultan dènira ngênginthil | kanthi lawan dadamêl ing Surakarta ||

16. wus angancik tanah Dêmak | bang kilèn ingkang dèn goni | wong Surakarta kang wetan | Pangran Mangkunagarèki | miyarsa yèn dèn kinthil | amlos lampahirèng dalu | mêdal têngah kang lêga | ingkang têbih lawan baris | sapraptane minggah gunung Kêndhêng êbyar ||

17. anjog ing Warung samana | sultan anulya nututi | lan gêgaman Surakarta | ngusir nalasah kang baris | mungsuh kèndêlirèki | amakuwon ing Kumuncup | sultan nèng Garobogan | gêgaman Surakartadi | nèng Balora mungsuh ngoncati budhalan ||

18. angidul mring tanah Pajang | malipir Surakartèki | mangidul anjog Papedan | wau kang samya nututi | misih tumut kêkinthil | angilèn ing karsanipun | Pangran Mangkunagara | badhe malêbêt Matawis | dupi prapta sawetaning Kalirêca ||

19. mulat angalèr katingal | bantu saking ardi Gamping | kadya maesa sêsingat | lampahing baris Kumpêni | Kapitan Markèt nênggih | lampahira ngiras bantu | prêlune tur uninga | mring sultan lan Molor sami | dènnya kadhatêngan Pangran Purubaya ||

20. bêkta bupati [bupa...]

--- 78 ---

[...ti] sakawan | rongatus Kumpêni putih | tigang atus Kumpêni Slam | Pangran Mangkunagarèki | wangsul mangetan malih | praptèng Karangri kapêthuk | dêdamêl Surakarta | ingkang sami anututi | nugêl têngah wantêre Kapitan Sungrat ||

21. arame tarung sanjata | giwar mungsuh nganan ngering | gustine kantun nèng wuntat | rusuh dènira ajurit | pangran anunjang aglis | nututi ing balanipun | mungsuh mêtênggêng samya | tan ana ingkang ambêdhil | panyanane bature dhewe kang nunjang ||

22. dupi kapungkur uninga | yèn mungsuh kang nugêl iki | Pangeran Mangkunagara | tinututan sampun têbih | ngumpul prajuritnèki | ngalèr ngetan lampahipun | kèndêl ing Aribaya | sultan lan bala Kumpêni | sami ngalèr pacak baris ing Drêsanan ||

23. kang lèr baris Surakarta | kidul sultan barisnèki | sami nitik amêcalang | ing gène mungsuhirèki | eca kèndêl alami | nèng Drêsanan baris kumpul | Kapitan Markèt panggya | lan sultan ingkang angirid | Mayor Molor tur uninga marang sultan ||

24. lamun Pangeran Purbaya | sampun prapta ngardi Gamping | bature amung sadasa | sultan angandika aris | ya ingsun kirim tulis | marang sudara gupêrnur | wau ta kawuwusa | Gupêrnur anèng Juwani | sabubare Pangeran Mangkunagara ||

25. saking Dêmak budhalira | nêdya mantuk mring Samawis | duk mungsuhnya anèng Dêmak |

--- 79 ---

dêlèr kèndêl Juwanèki | pra samya ngati-ati | lan anganti praptanipun | sultan pambujungira | sarawuhe lajêngnèki | mangke prapta nèng Samarang guladrawa ||

Lajêng nyandhak jilid 19.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. iji. (kembali)
3. lêrês. (kembali)
4. mas. (kembali)
5. jêjinggring. (kembali)
6. salisik. (kembali)

7. maksih. (kembali)
8. katur. (kembali)
9. anggung. (kembali)
10. yèn. (kembali)
11. pasrahannèki. (kembali)
12. Kurang satu suku kata: Pringgalaya nguwuh-uwuh. (kembali)
13. Lebih satu suku kata: pun Adipati Pringgalayèku. (kembali)
14. Sengkalan: natastha ngobahkên bumi (1681 A.J., 1755/56 A.D.). (kembali)
15. Wangsul. (kembali)
16. lêlingsême. (kembali)
17. sultan. (kembali)
18. asêsambèna. (kembali)
19. Teks asli: Pucung. (kembali)
20. ngrasakkên. (kembali)
21. timun. (kembali)
22. Kabanaran. (kembali)

Serie No. 1259r

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 19.

Bale Pustaka - 1938 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

121. Pangeran Bintara lan Pangeran Purubaya asrah tobat. Kangjêng Sunan lan Kangjêng Sultan botên karsa tampi.[1]

180. Dhandhanggula

1. praptanirèng Samarang narêngi | prapta surate sultan tinampan | tinupiksa prakarane | Pangeran Purbayèku | ing praptane tur pati urip | tobat malih-malihe | sultan karsanipun | dêlèr ingkang anyumpaha | pamundhute nênggih kang kalih prakawis | kang rumiyin wani prang ||

2. kang kapindho iya aja jail | karyane sok ngadoni prakara | nora enjuh aprang dhewe | amung bêbawur laku | mila Pangran Mangkunagari | wani marang kang rama | iku kang bêbangus | parandene nora tanak | mila Mangkunagara tan bêtah sami | arsa bali mring sultan ||

3. liwat nistha sor-asoring pikir | dudu pikir taliti Mataram | nora nimpêni wirange | padha lan wong panajung | wong panglawe arang nglakoni | pikir ngura wêwirang | dêlèr sawusipun | maos srat asru gujêngnya | dadya wau karya surat amangsuli | marang ing kangjêng sultan ||

4. surat kalih dene kang satunggil | katur marang Prabu Surakarta | wus mêsat surat kalihe | sami ngêngalihipun |

--- 4 ---

ingkang dhatêng Sultan Giyanti | ngangge Pangran Madura | miwah ingkang katur | ing sang Prabu Surakarta | inggih sami ngangge Pangran Madurèki | kalihe sami prapta ||

5. ingkang dhatêng sultan sampun prapti | ing Drêsana pan sampun tinampan | tinupiksa srat têmbunge | wusnya ing tabenipun | Tuwan Idlèr Nikolas Harting | kula inggih tur priksa | ing paduka prabu | duk kula nèng Surabaya | inggih wontên surat panungkul kang prapti | saking Pangran Bintara ||

6. pulmakipun Brikton ananglêdi | kathah sumpahe Pangran Bintara | mila kula ing samangke | sumangga ing sang prabu | lamun sultan karsa nampèni | kang rayi kalih pisan | inggih langkung sukur | Kumpêni sami matara | tuwan sultan kinintên tan purun tampi | mring kang rayi kalihnya ||

7. dene katog sami licik-licik | botên tanggên inggih nadyan kadang | pikiripun boncah-bancèh | kadi pikiring jagul | pan makatên kawula inggih | tan kêni wangênana | adating sadulur | wus titi tamat kang sêrat | ingkang saking Madura tinupiksa glis | bêbuka atur sêmbah ||

8. rayi dalêm inggih pun dipati | ing Maduntên inggih kaatura | dhatêng ingkang raka mangke | Jêng Sultan ing Matarum | ingkang senapati ngajurit | musakani paprangan | sumbagya dibyanung | jêng kakang mas paring surat | inggih sampun dhatêng kawula tampèni | sampun kula tupiksa ||

9. ing sadhawuh-dhawuh paduka ji | jroning surat tuwan paring gêmak | pan inggih nênêm cacahe |

--- 5 ---

kalih pangajêngipun | namanipun wêlang satunggil | dene ingkang satunggal | anama pun balut | taksih badhe kang sakawan | kang punika sêmbah sungkêm kang sayêkti | langkung panuwun kula ||

10. sampun kathah tuwan paring pêksi | inggih saking panuwun kawula | tan wontên mirid pênêde | mung punika pukulun | amunjuli pêksi sabumi | ratu-ratuning gêmak | sanusa Jawèku | èstua sawab paduka | kula kudang yèn ngabên êtoh nagari | kaping kalih paduka ||

11. kangmas prabu amundhut prajurit | brajapati lan pun brajayuda | tuwan botên ngarsakakе | kang sampun kalih èwu | tuwan tampik amundhut malih | kang sami tuwan têdah | barise atugur | nèng tanah môncanagara | tuwan mundhut barise ingkang nindhihi | kulit daging kawula ||

12. kang punika kawula ngaturi | prajurit agêm kawula usar | kwanatus karbin sikêpe | dene pangiridipun | sami putra tuwan pribadi | anakipun pun kakang | dene namanipun | Radèn Panji Kartayuda | kang nêmatus prajurit pilihan sami | asikêp waos bênang ||

13. tindhih Radèn Panji Kartasari | sèwu punika sami santana | lêlurahe bêbêkêle | angsahna kawan èwu | kadi botên kumêdhèp sami | tumpês

ngarsa paduka | yêkti kangmas prabu | dene kang sèwu punika | wong prang kasap mantri ngajêng kang nindhihi | pun Têgal Alap-alap ||

14. lan pun Alas [A...]

--- 6 ---

[...las] Angun-angun nênggih | kula turkên pêjahe ing karya | ingkang abdi sadayane | yèn tiwasa prangipun | môngsa wontên puruna mulih | dhatêng nagri Madura | pasthi kula lampus | lan kula kintun sanjata | kalih dasa alus-alus sami karbin | titi tamat kang sêrat ||

15. langkung suka Jêng Sultan miyarsi | miyarsa surat saking Madura | panêmbahan kèh saguhe | prajurit kalih èwu | sami kulit dagingirèki | dene tindhihing aprang | pêpulunanipun | anênggih kêkalih sanak | ingkang tuwa Radèn Panji Kartasari | nèm Panji Kartayuda ||

16. punika badhe kang anggiliri | Madura kang baris ing Tapêlan | Mas Dêmang Brajayudane | ingkang tinundhung mantuk | kunêng ingkang ganti winarni | surat kang katur marang | Surakarta iku | wus katur mring Sri Narendra | Surakarta srat dêlèr lan Madurèki | tinampan tinupiksa ||

17. surat dêlèr têmbung tur udani | wus tabenya ingkang kathah-kathah | atur priksa ing lampahe | mring nagri Madurèku | miwah nagri ing Surawèsthi | kula nèng Surabaya | ngudi kula antuk | srate jêng rama andika | nênggih Pangran Adipati Bintarèki | asrah panungkul tobat ||

18. sawab binujung dipun dhatêngi | mring dêdamêl Sampang Surapringga | dosa gêng tanggung tekade | mirong pan botên purun | ngimanakên karaton kalih | milane dipun gusah | ing sapurugipun | mring wong Sampang Surabaya | maring

--- 7 ---

Rawa angungsi pinggir pasisir | kidul nulyatur sêmbah ||

19. mangke kula sumôngga sang aji | lan ramanta Pangeran Purbaya | nèng gunung Gamping praptane | rusak sariranipun | datan wontên

ingkang tut buri | bature sami nilar | mung wong papat tumut | rama tuwan kangjêng sultan | botên purun kalamun pikire taksih | ingkang kalih prakara ||

20. lamun kula purun anaguhi | ing jaile lan jêrihe ing prang | mila tuwan sultan mangke | kula kang kinèn nanggung | kula botên purun nanglêdi | mila mangke wikana | gih ing dadosipun | lan malih raka andika | Panêmbahan Madura kintun ngaturi | kajêng badhe ukiran ||

21. ukirane dhuwung cara Bali | mung têtiga kêndhitipun pelag | margi mèh ical katrine | antuk kula rumuhun | saking wetan wontên Juwani | pasisir kagegeran | dene polahipun | ing mungsuh Mangkunagaran | pan pinêgat ing Sultan Agung ngoncati | tuwan ngrusak nagara ||

22. suratipun dêlèr sampun titi | nulya sêrat kang saking Madura | binuka tinupiksa ge | tur sêmbah taklimipun | pun kakang mas atur kintèki | Adipati Madura | wusnya wiyosipun | prêkawis badhe ukiran | cara Bali kula bêktakakên dêlir | katura ing sang nata ||

23. kaping kalih kula angaturi | waos tigang atus parampogan | nanging tan mawi jêjêre | satunggil êmpunipun | Barurambat ampuh nglangkungi | kalih ingkang kapacak | bung ampèl [a...]

--- 8 ---

[...mpèl] rongatus | kang sampun katur punika | yêktinipun pan inggih ampuh puniki | dene kang kaping tiga ||

24. lampahipun putra dalêm kalih | pun Kartasari pun Kartayuda | kalih èwu prajurite | kinrêsakkên puniku | ing ramanta Sultan Giyanti | ingabên lawan mêngsah | Mangkunagarèku | kawula bêktani usar | kawan atus nêmatus panumbaknèki | kulit daging sadaya ||

25. panuwun kawula sri bupati | pun Kartasari pun Kartayuda | tinimbalana kalihe | wêwulang sang aprabu | ing pratingkah Tuwan Kaduki | mênggahing tatakrama | cinêlakkên ratu | manawi rama paduka | kangjêng sultan kiranga ing maklumnèki | anglingsêmi kawula ||

26. saking maksih ugungane kalih | bok katutuh wong suwitèng bapa | gumampang tatakramane | wus titi suratipun | lajêng sami dènnya ngangsuli | tuwin kang rama sultan | nglampahkên sul-angsul | mring Samarang mring Madura | lêt sadintên praptane nagri Samawis | sami bêbukanira ||

27. sang aprabu ing Surakartèki | suratira prakawis Pangeran | Bintara ing panungkule | dêlèr ngaturkên wau | sri narendra lumuh nampèni | manawi paman sultan | anampèni purun | kula wong anom asusah | dene kathah carèwèdipun Kêstori | gêcul Pangran Bintara ||

28. wa makatên lamun dêlèr nênggih | mêksa ngêsrahakên ing kawula | kula jangji sadèrènge | icala namanipun | dènnya nama Pangran Dipati | Buminata sabinnya |

--- 9 ---

nguni kalih èwu | lan kawan atus punika | lamun purun wontên ing kawula malih | sabin satus wikana ||

29. têgêsipun andhodhok sayêkti | sampun ilang namaning satriya | dhêdhongkolan sayêktine | nadyan satunggilipun | Paman Purubaya pan sami | yèn purun sapunika | kula inggih purun | kula malih kuwawia | paman sultan ingkang sêpuh anggung sêdhih | kanggenan ri kalihnya ||

30. saking sami awon manahnèki | titi tamat surat Surakarta | surat Giyanti nulya ge | tinupiksa kang têmbung | aprakawis pangeran kalih | Dhimas Bintara lawan | Dhimas Purbayèku | dêlèr ngêsrahkên ing kula | wong puniku kula botên anampèni | botên bêciki jagat ||

31. wa makatên lamun tuwan dêlir | mêksa ngêsrahakên maring kula | puniku dadi sidane | gih kula gawe tambur | panambure wong nirbayèki | dene Adhi Purbaya | dadia makêdum | yèn seba kopyah kathokan | asawaha mung salawe aja luwih | maria dadi setan ||

32. dadi jajalanat tanah Jawi | lamun têtêpa dadi pangeran | agawe susahing akèh | wus titi suratipun | dêlèr goyang kapalanèki | sêrat sami mring gampang | linajêngkên gupuh | tuwan dêlèr dutanira | gya lumampah mring nagri Madura nênggih | wuwusên ing Drêsanan ||

33. pun Kapitan Markèt kinèn mulih | marang baris gunung Gamping sigra | kangjêng sultan [sulta...]

--- 10 ---

[...n] timbalane | lan kang putra tinuduh | tumut tunggu ing gunung Gamping | pangeran adipatya | sarêng budhalipun | prakara Pangran Purbaya | pun Kapitan Markèt kinèn angecani | anèng Gamping kewala ||

34. sigra budhal lan kapat bupati | dragundêre satus kalih dasa | sira pun Kapitan Markèt | kalih bêlah kang tumut | Walandine kang jalan kaki | Bugis Bali Sêmbawa | nênggih tigang atus | dadya gunggunging gêgaman | kang umantuk baris dhatêng ardi Gamping | kalih ewu lan dhomas ||

35. sapraptane wau ngardi Gamping | wus pinanggil Pangeran Purbaya | mring wau Kapitan Markèt | prapta binêkta sampun | ngiwa marang kantorirèki | tutur saking trêsnanya | pun Markèt amuwus | pangeran kula pasaja | gih mring tuwan kala kula amanggihi | raka dika jêng sultan ||

36. angantosi sêrat ing Sêmawis | nuju dêlèr saking Surapringga | wus kasundhulan sêrate | dêlèr prapta rumuhun | tur uninga mring sultan nênggih | yèn Pangeran Bintara | prapta suratipun | marang Brikton Surabaya | yèn malaku dèn agung panungkulnèki | dènira asrah tobat ||

37. Petor Brikton tan purun nanglêdi | nuntên surat saking kula prapta | Surapringga kacandhake | saking Samarang laju | tur uninga tuwan puniki | yèn arsa anungkula | marang kadang sêpuh | nuntên sami binicara | sagung kantor bang wetan kang sami mikir | Brikton ingkang pamungkas ||

38. Petor Gêmbong lan [la...]

--- 11 ---

[...n] Petor Garêsik | ing Sumênêp lawan ing Madura | Petor Brikton wruh watêke | pangeran roro iku | padha-padha sutèng narpati | tan pantês

pinikira | wêwatêkanipun | Bintara miwah Purbaya | aluwih ing wong cilik dènira licik | karya asmarèng kathah ||

181. Asmaradana

1. yèn pangeran bolak-balik | kongsi mindho aming tiga | tan susah pinikir malèh | sampun sipat dajalanat | mari sipat manungsa | sanadyan putraning ratu | wus têtela anak kharam ||

2. Pangeran Purubayèki | wus atinggal ingkang raka | ambongbong kaponakane | Pangeran Mangkunagara | duk prang Patugu kalah | mati urip lêbur tumpur | milua Mangkunagara ||

3. kudu arêp bali maning | têka botên duwe wirang | kadipundi pangrasane | rêmbuge para bicara | cinupêt tinulakan | nanging dêlèr ingkang maklum | ya watêking wong kêkadang ||

4. bok sultan karsa nampèni | miwah ta kangjêng susunan | ala apa sun sung wêroh | surate dêlèr kang prapta | mring sultan mring susunan | sami nampik kalihipun | tan wontên sagêd kanggenan ||

5. sami puruna ngrawati | yèn purun angilangêna | nama kapangeranane | dadia bidak kewala | yèn sawah satus eman | mung salawe pantêsipun | wong baranyak ati kompra ||

6. lan wong nora idhêp isin | dudu atining pangeran | ati bandarakan bae | makatên [ma...]

--- 12 ---

[...katên] ingkang wangsulan | sultan miwah suhunan | wau kalane angrungu | Pangran Arya Purubaya ||

7. angungun marêbês mili | anutuh sariranira | ngêrasa bangêt lupute | lajêng dènnya apamitan | prapta pakuwonira | anguntal warangan jêruk | lajêng gêrah mutah-mutah ||

8. lajêng ngising andêlinding | kalokkên gêrah padharan | samana lajêng sedane | utusan marang Drêsanan | katur marang jêng sultan | pinaring sabarangipun | Magiri kinèn mêtaka ||

9. kunêng kang winuwus malih | Pangran Bintara wus nêmah | panggih lawan Pulmak Brikton | lan dêdamêl Surabaya | nênggih lajêng binêkta | praptane Surabaya wus | binucal mring pulo Bandhan ||

10. kang putra jalêr satunggil | kang pinundhut marang sultan | Radèn Mas Pandhi namane | sampun katur mring Drêsanan | sultan awlas ing driya | aja tiru bapakamu | elinga trahing utama ||

11. sultan angrês aningali | marang putra pêpulunan | sampun jinunjung namane | Pangran Arya Natapura | kinanthi ing ayuda | sinabinan kawan atus | kunêng malih winursita ||

122. Adipati Pringgalaya kawiyak culikanipun, lajêng nglalu pêjah nguntal racun

12. kang atêngga ardi Gamping | pangran dipati punika | ginubêl marang êmbane | kang nama Arya Panatas | nuwun dèn lintonana | pêndhême sèkêt ing Jambun | kalêbêt ing Surakarta ||

--- 13 ---

13. pan tumut bumi Panumping | Panumping Kawiragunan | alami botên kalakon | purik pun Arya Panatas | atilar gustinira | pangeran dipati bingung | tinilar marang kang bapa ||

14. lungane lunga ambalik | ing Pangran Mangkunagara | pangeran dipati lolos | sèkêt abdine binêkta | sadandananing aprang | praptaning Parakan Kêdhu | lajêng anumpêsi Cina ||

15. kathah Cina kang ngêmasi | nênggih pitung dasa sanga | lajêng apacak barise | wong desa ajrih sadaya | gusis Cina anilap | kang tan purun kesah nungkul | tumut baris ing Parakan ||

16. kunêng malih kang winarni | mungsuh wus nêbah mring Daha | bumi Kaduwang kilène | kang abaris ing Drêsanan | ngiras pabên palihan | aruwêd pêparonipun | bêkiwite Pringgalaya ||

17. sultan mèh supe dukani | ruwêde kang pêpalihan | kintun srat dhatêng mring dêlèr | nadyan dêlèr suratira | kature tuwan sultan | lan manggil Pringgalayèku | dhatênga ing Salatiga ||

18. Sang Nata Surakartèki | pan sampun utusan sêrat | prasabên marang idêlèr | lamun botên pêparentah | mring Patih Pringgalaya | ngrubêdkên pêparonipun | malah mring kula sagahnya ||

19. duk tuwan dêlèr rumiyin | wontên nagri Surakarta | duk marentahi angkate | mring Dipati Pringgalaya | miwah wadana jaba | kumpul baris ing Marêbung | samantên pun Pringgalaya ||

20. sagah nuntên angintuni | manungsa [ma...]

--- 14 ---

[...nungsa] kang sami jaga | Kumpênine kantun kabèh | ing nagari Surakarta | sarta ingone pisan | pinônja saking Marêbung | mangke dèrèng kalampahan ||

21. kaping pat kula saosi | bumi saosan kang nôngga | karya kalawan ingone | Kumpêni ing Surakarta | pintên lamine mangkya | igih[2] dèrèng wontên jêbul | sêsanggupe Pringgalaya ||

22. dadi mangke kula malih | nyôngga ingoning Walônda | wadana kula jro mopo | nôngga Kumpêni sagêda | ingkang pinangan samya | dhèwèke sami tan cukup | bumi dèrèng kinantênan ||

23. marang ing Pringgalayèki | mulane tuwan andika | inggih sampun anênutoh | panggawene Pringgalaya | kula tuwan pan selak | kang ruwêd paron puniku | dede parentah kawula ||

24. sawusnya amaos tulis | dêlèr anggoyang kapala | wus karya angsul-angsule | marang Prabu Surakarta | ingaturan dhawuhna | marang ing Pringgalayèku | panggih anèng Salatiga ||

25. lan kang rama ing Giyanti | gih kula aturi têdhak | mring Salatiga patêmon | ngrikatakên pêpalihan | gih rama dika sultan | inggih sampun kongsi mutung | karya ngurag roning kamal ||

182. Sinom

1. ing mangke Kêdhu Parakan | inggih sampun wontên baris | Cina kathah tinumpêsan | paran dadosipun benjing | yèn botên nuntên inggih | rumat pêparon [pêparo...]

--- 15 ---

[...n] puniku | ing aprang pan mèh inggal | anuntêna prapta malih | môngsa kobêr nagari dadia arja ||

2. yèn mutunga tuwan sultan | pasthi mungsuh gêdhe malih | sida ajur tanah Jawa | sapa bisa ngusadani | Pringgalaya puniki | punapa sok ngewuh-ewuh | bêbêkta tuwan sunan | wus titi tamat kang tulis | sri narendra utusan sigra dhawuhna ||

3. gandhèk marang Kadrêsanan | panggih lawan sang dipati | Pringgalaya dhinawuhan | sandikane minggring-minggring | dene kinarya wakil | manggihi patêmonipun | kalawan kangjêng sultan | lan Dêlèr Nikolas Harting | pêpanggihan anèng loji Salatiga ||

4. Adipati Pringgalaya | dalu lan rowang kêkalih | asowan ing kangjêng sultan | wêling atur dèn timbali | prapta ngarsanira glis | umatur saha wotsantun | pukulun tur uninga | kula amidhangêt warti | aprakawis pêpanggihan Salatiga ||

5. punika botên sakeca | tuwan têtika pribadi | pun dêlèr pan botên lômba | dhatêng paduka ing warti | kula punika kulit | jiniwit daginge katut | lamun kalampahana | warti ingkang kapiyarsi | mendah inggih rêntêng bok ayu paduka ||

6. inggih bok ayu paduka | wingi kawula wartèni | samangke tan kolu dhahar | rêntênge kapati-pati | dene ta kadangnèki | mung kantun siji pukulun | mung paduka kewala | pundi wontên malih-malih | mung paduka kantun tur umadêg nata ||

--- 16 ---

7. inggih bok ayu paduka | kapanggih pintên prakawis | mila susahe kalintang | tan anadhah tan aguling | wau duk amiyarsi | sultan animbangi tanduk | api-api asusah | sidhakêp panglênggêrnèki | ing batine jêng sultan sampun waspada ||

8. ing akale Pringgalaya | kamandaka tan sayukti | amrih wurunge jêng sultan | sampun nêdhaki pribadi | matur saha wotsari | Dipati Pringgalayèku | yèn kenging pan amunga | inggih pun adhi Dipati | Danurêja lan inggih kula kewala ||

9. sultan alon angandika | kapriye Pringgalayèki | samar datan môntra-môntra | pamaidone ing batin | dene ta ingsun uwis | marang idêlèr wus sanggup | têdhak mring Salatiga | nadyan banjura Sêmawis | pasthi wirang lamun ingsun ngoncatana ||

10. sayêkti dudu narendra | dudu taliti Matawis | Pringgalaya atur sêmbah | tuwan pawadan grah kêdhik | sultan mèsêm nauri | duraka maring Hyang Luhur | goroh wong waras-waras | ngaku api-api gêring | lamun ratu ilang tejaning wadana ||

11. amêsumakên nagara | nadyan praptaa ing pati | tan arsa cidra wacana | yèn matia mati sahid | Pringgalaya sirèki | matura maring bok ayu | aja kudu asusah | dèn srahêna ing Hyang Widi | lara pati môngsa kêna singgahana ||

12. nanging ta pangrasaningwang | yèn Kumpêni tan sayêkti | anèng loji Salatiga |

--- 17 ---

ing papan nora prayogi | sun watara kabalik | kang nêdya ngrusak puniku | sayêkti dadi rusak | pira gawane prajurit | yèn pitênah ingsun wus nêmaha nekad ||

13. sok ingsun têmên-têmêna | nora anyidrani jangji | rinêksa ing Widi dhustha | môngsa tirua wak mami | Si Mangkunagarèki | cidrane wacana muput | pan ingsun nora nêdya | ngingkêdi kang wus kawijil | dadya ajur tan mèngèng takdiring Suksma ||

14. panyetane tan tumama | Dipati Pringgalayèki | sultan kadya gunung sela | tinêmpuh maruta kêdhik | tan karasa tan osik | bakuh kukuh nora keguh | langkung dènira kewran | Dipati Pringgalayèki | langkung maras yèn tanggêna ing prakara ||

15. jêng sultan alon ngandika | iya ing lakunirèki | pan sira wus kadhawuhan | mring anak prabu lumaris | apa ingsun kang dhingin | apa sira kang rumuhun | apa barêng kewala | Dipati Pringgalayèki | matur nêmbah paduka kang rumiyina ||

16. wus tinundhung Pringgalaya | kinèn makuwon wus enjing | pakuwone lêt sabulak | sultan angundhangi dasih | tuwin bala Kumpêni | dene kang pinatah tunggu | pabarisan Drêsanan | para dipati pinilih | têtindhihe Pangeran Natakusuma ||

17. lan Pangeran Pakuningrat | miwah Kumpêni pinilih | Kapitan pan dêr Pol ingkang | pinatah atêngga baris | lan Kumpêni sapalih | Kapitan Dongkêl kang tumut | Dipati Danurêja | binêkta [bi...]

--- 18 ---

[...nêkta] ngundhangi dasih | sigra sultan sampun atêngara budhal ||

18. ngalèr mêdal Wanakarta | dêlèr praptane dhingini | antara ing kalih dina | nora kyèh wadyanirèki | saking nagri Samawis | amung bupati kang tumut | liyane datan ana | amung Dipati Samawis | lan malihe Mantri Gêmulak Têrbaya ||

19. Sang Prabu ing Surakarta | Dipati Pringgalayèki | nuwun abdi kawan dasa | pinaring satus lumaris | bêkêl tumbak kêkalih | dadya sèkêt

benangipun | kalih bêkêl sanjata | sèkêt ingkang sikêp bêdhil | nanging lampah parentahipun sang nata ||

20. kinèn sampun cêlak-cêlak | êlêta patang pambêdhil | lan Dipati Pringgalaya | aja kongsi angarèni | mangkana anèng margi | dhingini sabên lumaku | praptaning Salatiga | wau sultan sawadyèki | nênggih tigang èwu prajurit turôngga ||

21. kalih èwu ingkang dharat | asri busanèng prajurit | amarwata kêmbang-kêmbang | rikat rakite ngajrihi | dêlèr amêthuk têbih | panggih têtabean sampun | aras-ingaras samya | gantya ingkang jôngga iring | rêrangkulan binêktèng loji wus prapta ||

22. atata wus samya lênggah | dêlèr sarwi aningali | ing prajuritira sultan | kathah busana mawarni | pangkate kang prajurit | wusnya kaping kalih minum | gya lajêng ingaturan | masanggrahan Sanakapti | angarsakna ing loji miwah ing jaba ||

23. sultan angarsakkên jaba | idêlèr nulya anganthi | marang sakilèning [saki...]

--- 19 ---

[...lèning] marga | masanggrahan sri bupati | wus pamondhokan sami | sagung pra dipatinipun | tata rakit anêba | miwah sagunging prajurit | wanci ngasar prapta wadya Surakarta ||

24. lêt saêjam praptanira | Dipati Pringgalayèki | datan ambêkta punggawa | makuwon ing Kalicacing | enjingipun ngaturi | nanging sultan tan lumaku | dêlèr malih utusan | Kyai Dipati Samawis | kinèn matur pratela ing kangjêng sultan ||

25. sowan dhatêng pasanggrahan | wau Dipati Samawis | prapta lajêng tinimbalan | sèlèh dhuwung pranataris | wusnya mundur alinggih | dipati nêmbah umatur | mila sudara tuwan | kamipurun angaturi | dene arsa amancasi kang prakara ||

26. Kumpêni pan sampun adat | kina dalasan samangkin | lamun angadoni mancas | tan kenging liyan ing loji | sultan angandikaris | ya

Suradimênggalèku | Kumpêni duwe adat | ya dèn ênggoa pribadi | ngajak-ajak mring ingsun môngsa gêlêma ||

27. sarwi mèsêm kangjêng sultan | wau Dipati Samawis | nuwun mantuk atur sêmbah | lampahe tan antuk kardi | sapraptanirèng loji | wus bilang marang gupêrnur | yèn sultan datan arsa | tumindaka marang loji | dika tuwan pinanggil mring pasanggrahan ||

28. dêlèr manthuk manggil sigra | Dipati Pringgalayèki | binêkta mring pasanggrahan | umangkat Nikolas Harting | sultan sampun ngundhangi | abaris prajuritipun | sêsiyung langkungira |

--- 20 ---

dêlèr urmat drèl saragni | kang anumbak tanjak sami kurmatira ||

29. sultan dènira tumêdhak | kikising taratag aglis | amêthuk wau kang prapta | Idêlèr Nikolas Harting | têtabean prasami | arangkul ciyum-ciniyum | wus tata sami lênggah | micantên Nikolas Harting | marang sira Adipati Pringgalaya ||

30. heh Pringgalaya tunggala | lungguh lan Danurêjèki | sigra tunggil dènnya lênggah | munggèng byantaraniraji | lan dêlèr tan atêbih | dêlèr malih asru muwus | heh mara Danurêja | wêtokna gugatirèki | sun rungokne sêsaure Pringgalaya ||

31. Adipati Danurêja | ambabar suratirèki | pangrambe kang kinukuhan | Dipati Pringgalayèki | sagung lêladèn nênggih | durèn pijêtan kêpundhung | jambe kalawan sêdhah | ingkang sami dèn kukuhi | tan pinaro lan Dipati Pringgalaya ||

32. Pringgalaya saurira | mila tan kawula palih | de punika kalangênan | pacangkramaning narpati | kangjêng sultan ing benjing | yèn wus têtêp puranipun | mênggahing kalangênan | bok inggih damêl pribadi | pan makatên tuwan bêbênêran kula ||

33. sultan alon angandika | heh Danurêja sirèki | aja nyilip saurira | dèn bênêr prapta ing batin | kalih mênangirèki | sumendhea ing Hyang Agung | aja agawe reka | duraka rêbut rêjêki | matur nêmbah Adipati Danurêja ||

34. tuwan kula mila nêdha | pangrambe [pa...]

--- 21 ---

[...ngrambe] palihanèki | dene bumi sampun mêdal | saking lêksan èwonnèki | sampun dhapur pribadi | sengga kalangênanipun | Sang Prabu Surakarta | ênggène damêl pribadi | tanpa ngraos kula jawaba palihan ||

35. kang damêl Sunan Mangkurat | sampun patang ratu mangkin | kêbon dalêm Parambonan | miwah ladèn urut Pêngging | dêlèr duk amiyarsi | ambanting têpiyonipun | sarya ngling marang landrat | miwah biskaling Kumpêni | kang tinari sami anggoyang kapala ||

36. Pringgalaya lêbih nakal | apan wus pangawak iblis | têka mangkana budinya | dudu kaprah wong aurip | wus tan kêna pinikir | mangkana pamasangipun | dêlèr kalangkung gusar | pamuwuse briga-brigi | nora patut sira iku Pringgalaya ||

37. Pringgalaya saurira | kula tuwan tiyang cilik | lumaku lan saparentah | dêlèr sakin dènnya runtik | sira iku anambi | iya maring ing ratumu | dêlèr amêndhêt surat | kang saking sri narapati | sambat pêparentah pêparon wus lawas ||

38. sêsanggupe Pringgalaya | ingone bala Kumpêni | kang kari ing Surakarta | sang nata maria nyanggi | sagah Pringgalayèki | manci wong saking ing Marbung | lami tan kalampahan | kongsi bubar Marbungnèki | sri narendra bosên dhawahi parentah ||

39. nora jêbul Pringgalaya | mila kaku tyasing aji | lapur ing Dêlèr Samarang | sang nata misih anyanggi | sabarang ing Kumpêni |

--- 22 ---

sukêt kayu ingonipun | dêlèr asru wuwusnya | sirèku Pringgalayèki | dosa gêdhe mring ratu loro duraka ||

40. pan ingobong ukumira | agawe ruwêding bumi | dudu akaling manungsa | têka cêmêr kaya iblis | nora patut dèn kuping | tuture Pringgalayèku | heh Danurja yèn ana | bumi cacah têngên nênggih | aja nganggo padu têka juputana ||

41. dene yèn ana kang bôngga | tumpêsên sadaya sami | dadi rêrêgêd nagara | sultan wajib kang ngulapi | dêlèr matur bêbisik | mring kangjêng sultan turipun | sampun tuwan bubara | amung inggih kang abaris | ing Parakan punika putra paduka ||

42. punika tuwan bubarna | inggih damêl sônggarunggi | dhatêng eyang tuwan jendral | wong gêdhe-gêdhe Batawi | sultan mèsêm nauri | kula dhewe ingkang laju | mukul baris Parakan | nadyan anak bêkêlahi | lamun botên tobat kula ukum pêjah ||

43. idêlèr kalangkung suka | mojar ing Pringgalayèki | wus Pringgalaya muliha | maring barisamu malih | sakèhe nora dadi | amijil saking muwusmu | môngsa borong sang nata | ing Surakarta lan malih | lan kang paman jêng sultan tanapi jendral ||

44. iku dudu karyaningwang | wus bubar sultan apamit | lajêng mring Kêdhu lampahnya | Dipati Pringgalayèki | pamit sampun lumaris | ing Drêsanan praptanipun | misuwur sabarisan | alane Pringgalayèki | kacênthikan bêndarane kinalêthak ||

--- 23 ---

45. Ki Tumênggung Mangkuyuda | sèlèh api-api sakit | marang ing kaliwonira | Martawijaya Ngabèi | kadang nak-sanaknèki | tinarima sèlèhipun | Martawijaya nama | Tumênggung Mangkuyudèki | Wiracana gumantya kaliwonira ||

46. anake lanang kang tuwa | Ngabèi Wiracanèki | mring Ki Dhongkol Mangkuyuda | wus mantuk mring Andong nênggih | Jayanagara nênggih | kinarya kaliwonipun | Radèn Pringgadiningrat | Dipati Pringgalayèki | gêrah sangêt anggege mêcah kaluwak ||

183. Pocung[3]

1. nguntal jêruk warangan kakèhan candu | longong sakitira | dalinding lajêng ngêmasi | dina Sênèn tanggal pitu likur Bêsar ||

2. taun Êbe wus katur ing pêjahipun | sang nata utusan | mring Samarang mring Batawi | miwah jujul mring kang paman nangjêng sultan ||

3. lampahipun sultan praptane ing Kêdhu | kang putra ngandikan | kang rama nèng Pakiswiring | kang dinuta Tumênggung Mangunnagara ||

4. lajêng tumut pangeran dipati nutut | bubar barisira | sapraptaning Pakiswiring | nèng ngajêngan sèlèh dhuwung ngrangkul pada ||

5. dyan rinangkul mring kang rama ngandikarum | kulup kaya ngapa | pagene polahirèki | mèh sathithik anggêgawa wong atuwa ||

6. sultan sampun eca tyase wus angutus | amaringi surat | mring Dêlèr Nikolas Harting | paring wikan baris Parakan wus bubar ||

--- 24 ---

123. Kangjêng Sultan yasa kitha

7. sultan sampun abudhal sawadya ngidul | lampahe ginêlak | sapraptaning gunung Gamping | lajêng nyêngkal badhe kitha alas Bringan ||

8. kang wus ngêpung wangunan Ngayogya iku | Sinuhun Mangkurat | kang yasa Gêrjitawati | duk jênênge Sinuwun Pakubuwana ||

9. ing Gêrjitawati dèn lih namanipun | winastan Ngayogya | duk alam sultan puniki | duk mungsuhan lan Mayor Pèbêr binubrah ||

10. banonipun sadaya sampun ginêmpur | mangkya karsanira | jêng sultan winangun malih | binabadan kang wadya anambut karya ||

11. lojinipun ingkang kinarya rumuhun | prapta suratira | Sang Prabu Surakartèki | tur uninga mring kang paman kangjêng sultan ||

12. inggih lamun kang putra pêpatihipun | saking Salatiga | Dipati Pringgalayèki | lajêng pêjah sultan wau duk miyarsa ||

13. mèsêm ngungun gumujêng ngandika arum | sukur yèn matia | ipeku Pringgalayèki | yèn uripa gawe rubêding nagara ||

14. wus amatuh atine kuthuh arusuh | iya ati setan | sêlame mung sêlam kucing | balêntongan atine akèh kang ala ||

15. ngewuh-ewuh ing pêparon amrih rusuh | amrih kaku ing tyas | ing rêrukon aja kongsi | dimèn dawa darêdahing tanah Jawa ||

16. suratipun kang putra ngangsulan sampun | wau Sri Narendra | ing Surakarta anuding |

--- 25 ---

karya surat mring Batawi mring Samarang ||

17. malihipun mantri kaliwon tinuduh | Dêmang Ardiguna | marang Andong kinèn aglis | animbali Kyai Dhongkol Mangkuyuda ||

18. datan antuk yèn sambata lara iku | kinèn anandhua | praptane duta narpati | anèng Andong Mangkuyuda wus kagawa ||

19. lampahipun ing marga datan kawuwus | praptèng Surakarta | ingandikan marang puri | praptanira ngarsèng narpati ngandika ||

20. heh sirèku iya banjura atunggu | barisan Drêsanan | Si Pringgalaya ngêmasi | ayomana sira ingkang marentaha ||

21. pra tumênggung kang ana barisan iku | iya dèn karêksa | mungguh ingoning Kumpêni | ya sêsilih senapati ing paprangan ||

22. iya iku Andong yèn sarta bêgjamu | sun lagi kongkonan | mring Samarang mring Batawi | mupakatan yèn sira sun gawe tuwa ||

23. duk angrungu Tumênggung Mangkuyudèku | luhnya darodosan | sênggruk-sênggruk nangis lirih | pan kawratan dhawuhing sih ring sang nata ||

24. wus tinundhung lajua marang Marêbung | wus pinaring surat | kang senapatining baris | lurah gandhèk ingkang tumut kalih pisan ||

25. lampahipun sapraptanira Marêbung | ing loji jujugnya | maos pangwasanirèki | yèn sêsilih senapatining barisan ||

26. dèrèng tamtu ing rèh kapitayanipun | umum sabarisan | yèn sêsilih senapati | nama mêksih Ki Tumênggung Mangkuyuda ||

27. suratipun sang

--- 26 ---

nata ingkang tumanduk | marang ing Samarang | miwah kang maring Batawi | wus tinurut sakarsa-karsa sang nata ||

28. pan panuju karsane sang nata iku | dene kang kinarsan | punggawa tuwa pribadi | lawan tate anadhahi boting karya ||

29. dêlèripun jumurung miwah gurnadur | dene wus kawruhan | lami kêkanthèn Kumpêni | ya ta bobot ing gawe miwah ing aprang ||

30. kalih tèngsu kèndêl kacandhak sahipun | wus lajêng kapacak | pêpatih Mangkuyudèki | sinung nama Adipati Mangkupraja ||

31. têtêpipun Martawijaya Tumênggung | nênggih Mangkuyuda | madanani mantri bumi | kang pinacak kaliwon patih punika ||

32. nênggih wau Tumênggung Wiradigdèku | kang nyêkêl parentah | anglurahi pra dipati | ing sosoran Ki Tumênggung Arungbinang ||

33. kinèn rukun punggawa kang sami sêpuh | lajêng mring Samarang | Dipati Mangkuprajèki | ingkang têngga baris Kyai Wiradigda ||

34. lampahipun Dipati Mangkuprajèku | praptaning Sêmarang | panggih lan Nikolas Harting | latah-latah dêlèr langkung sukanira ||

35. iya sukur bapa karsane sang prabu | sira kang wis tuwa | pinacak dadi pêpatih | iya bapa aja tiru Pringgalaya ||

36. gawe rusuh angrêruwêd lakunipun | yèn maksih agêsang | Dipati Pringgalayèki | wong sajagat padha kêna lara brôngta ||

184. Asmaradana

1. sampun asumpah prajangji | Adipati Mangkupraja | lawan sira tuwan dêler | akathah pisungsungira |

--- 27 ---

obat mimis sanjata | pupusan miwah baludru | wus kinèn mantuka enggal ||

2. kuwatir atinggal baris | wus budhal saking Samarang | praptane pabarisane | ing Drêsanan tigang dina | sowan marang nagara | ingandikan praptanipun | wus munggèng byantara nata ||

3. umatur sasolahnèki | lampahira mring Samarang | Nikolas Harting wêlinge | ngrikatakên pêpalihan | Dipati Mangkupraja | umatur saha wotsantun | pukulun anuwun duka ||

4. rumiyin pun Adipati | Pringgalaya graitanya | gusti mênggahing pêparon | panjênêngan padukendra | lilah lair kewala | ing batin pan botên têrus | ingkang kinarya pratôndha ||

5. yèn lilah anrus ing batin | sang nata môngsa gajiha | prajurit samene kèhe | milane dèn angkak-angkak | ing palihan punika | sang nata miyarsa ngungun | luput iku Mangkupraja ||

6. apan iku ujar wêrit | yèn sarta karsaning Suksma | mong samarga apêparon | iku akale wong apa | bisa angôngka-ôngka | têgêse iku bubruwun | kancane padha tirua ||

7. yèn wus olih dèn bawoni | bangêt majanani jagat | wong kabèh pinicakake | pae wong Nusakambangan | nora wruh cacah Jawa | mulane sopadunipun | duk ana ing Salatiga ||

8. yèn aja nulia mati | anggung gêgawa maring wang | padune têka nyarwètèh | lah iki

--- 28 ---

Amangkupraja | iya salina gêlar | pasaja aja bêbingung | amrih anuli pêragat ||

9. yèn kaya Pringgalayèki | gêgawa ala maring wang | Kumpêni kaku atine | apan iku paman sultan | pan lagi pinilala | sanggup nirnakakên mungsuh | rêrêgêding tanah Jawa ||

10. tur sêmbah rêkyana patih | yèn makatên karsa tuwan | kadi yèn wontên enggale | kang awon pênêd kantênan | lamun sami pasaja | Dipati Mangkuprajèku | tur sêmbah anulya mêdal ||

11. sapraptanira ing jawi | lajêng mantuk barisira | ing Drêsanan sapraptane | ngumpulakên pra dipatya | jinarwan karsa nata | pra dipati samya ngungun | rinasa-rasa karasa ||

12. bênêr karsane sang aji | sayêkti ananggung ala | yèn angruwêda pêparon | cinirèn ati durjana | culika arda murka | lair batin nora patut | manthuk-manthuk Arungbinang ||

13. kunêng sultan animbali | mring Dipati Danurêja | lan sakônca punggawane | sultan anyêlani karsa | sakêdhap anyênyêngkal | akarya kadhatonipun | sinasambi lawan aprang ||

14. mung karya pangajêng baris | urut gunung Pamasaran | amung mantri desa bae | Adipati Danurêja | prapta lajêng ababad | sakônca punggawanipun | ambabadi alas Bringan ||

15. lan angiras sultan nênggih | amanggihakên kang putra | Dèn Ayu Jayèngranane | wontên putrane kang paman | Radèn Natakusuma | ing nguni binêkta [binê...]

--- 29 ---

[...kta] mantuk | mring Pangeran Hèrucakra ||

16. duk sakit nèng ing Samawis | Rahadèn Sumadiwirya | timure Dèn Bagus Koplo | Pangeran Dipanagara | seda nèng Surakarta | mila kapiran Dèn Bagus | lamine anèng Samarang ||

17. praptanira Pagiyanti | anusul marang kang Raka | Pangran Natakusumane | Dèn Bagus Koplo punika | ibu putri Purbayan | ing mangke pinundhut mantu | ing karsanira jêng sultan ||

18. sampun pinacak bupati | pinaringan sèwu sawah | sarta ingalih namane | Pangran Arya Natabaya | agêng inggil prakosa | kadya andaga dinulu | jêng sultan langkung sihira ||

19. kinudang prawirèng jurit | Pangran Arya Natabaya | ngluwihi pra kadang kabèh | sanadyan silih agênga | Pangeran Pakuningrat | atêlendho polah tutut | nora gagah nora singgah ||

20. Pangeran Natabayèki | abagus rowa arikat | tur agalak pasêmone | akarêm marang ayuda | nadyan wong sanagara | pan sami pambatangipun | mring Pangeran Natabaya ||

21. mangkana kang nambut kardi | gumuruh sadina-dina | kang para dipati kabèh | pan sami ngrakit pomahan | sami gatra kewala | lan ngêncêng kang lurung-lurung | kang babad sadina-dina ||

22. kunêng wau kang winarni | Adipati Mangkupraja | Patih ing Surakartane | sowan marang ing Mataram | dinuta mring kang putra | Dipati Mangkuprajèku | angrikatkên pêpalihan ||

--- 30 ---

23. sapraptanira Matawis | Adipati Mangkupraja | wus katur marang sang katong | Adipati Danurêja | kang ngirid ingandikan | praptaning bintaranipun | Adipati Mangkupraja ||

24. sèlèh dhuwung angabêkti | jêng sultan gumujêng suka | sira iku atêtinjo | goningsun babadi alas | badhe sun karya kutha | Mangkupraja nêmbah matur | inggih kawula dinuta ||

25. ing putra dalêm sang aji | ingkang taklim kaatura | dene kang kaping kalihe | pundi wastane kang wana | kang kababad punika | ing karsa dalêm pukulun | badhe kinarya nagara ||

26. putra dalêm yun miyarsi | jêng sultan alon ngandika | alas ing Bringan arane | têpung cocok lan ing Yogya | bêcik ingsun wêntara | jêmbar rata murah banyu | ing nguni Sunan Mangkurat ||

27. ingaran Garjitawati | kang ginatra purantara | mila sinungan kadhaton | iya ing Ngayogya ika | tur sêmbah Mangkupraja | mendah inggih dadosipun | papan makatên punika ||

28. lawan inggih ingkang wêling | jêng putra paduka nata | angrampungakên pêparon | ing mangke sami balaka | botên kenging siliban | kula sangêt pinapacuh | nêdyaa ing tyas culika ||

29. gumujêng sultan lingnyaris | iku iya Mangkupraja | mêngko wus lêga tyas ingong | sira kang ginawe tuwa | wong tani bêntil padha | iya Si Danurêjèku | padha wong tani lan sira ||

30. duk maksih Pringgalayèki | atiningsun Mangkupraja | anggung kêpyur-kêpyur [kêpyur-...]

--- 31 ---

[...kêpyur] bae | rasa-rasa lêstaria | pêparoning nagara | iya ingsun sêlak mutung | binabedhung Pringgalaya ||

31. tujune kasêlak mati | goningsun nimbangi arda | lawan parentahe dêlèr | wong papat sun patah-patah | iya ngrayudi desa | watarane lagi antuk | rongèwu sun kon mênênga ||

32. dene Pringgalaya mati | sayêktine Surakarta | nagara ilang bêlise | lamun sira mulih benjang | iku bumi rayudan | aturna ing anak prabu | gawanên mulih mring Sala ||

33. nanging ta parentah mami | bumi sambat Pringgalayan | kang sun kon ngrayudi kabèh | pasthi pitulunging Suksma | marang manungsa Jawa | patine Pringgalayèku | gawe kartaning nagara ||

34. lan ingsun takon sayêkti | sirèku turunne sapa | gya Mangkupraja wotsinom | wijil cêcêdhis paduka | gêgêbal kawêraga | pun nini katu lêmbayung | babêktan saking Sêsela ||

35. jêng sultan jêngêr tan angling | wusana ngandika latah | yèn mêngkono sanak ingngong | lah sira sapa kang nyana | mulane irêng sira | jêr sira têdhaking watu | gumêr kang para dipatya ||

36. sultan angandika aris | wruhanira Mangkupraja | wong akèh padha mêmoyok | kinira-kira yèn sira | wijil Andong kewala | gêdhe cilik pan gumuruh | kang padha gêguyu sira ||

37. pangucape wong moyoki | larang wong ing Surakarta | kanthong wulung kimpul amoh |

--- 32 ---

dadi pêpatihing raja | baya isine reyal | sanadyan rupane bagus | kanthong cindhe isi wingka ||

38. pasthi ora dadi patih | jalaran lamun malarat | pinilih kimpul kang amoh | kanthong wulung isi dinar | yêkti gêlis matêngah | Ki Mangkupraja ambêkus | macucu matur anyêntak ||

39. gusti sampeyan pribadi | awad-awad tiyang kathah | sintên kang purun mêmoyok | kula pêpatihing raja | dhasar putra paduka | ijab ta kèringanipun | kang moyok jungkêl kuwalat ||

40. sang nata gumujêng bêlik | iya Mangkupraja ora | satêmêne dudu ingong | Adhi Mas Natakusuma | kang padha cêcaturan | wong jaba goning angrungu | mangkono padha caturan ||

41. Dipati Mangkuprajèki | mucicil panolihira | Pangran Natakusumane | punapa inggih sampeyan | anggèr kang anggêgonjak | Pangran Natakusuma rum | hèh paman mung kangjêng sultan ||

42. sakin gumêr pra dipati | Pangeran Natakusuma | malèsèt ing kujiwate | matur nêmbah kyana patya | Dipati Mangkupraja | pan rayi dalêm pukulun | punika Radèn Supama ||

43. sampun kula suwitani | rumiyin wontên sawarsa | kula dados panêgare | gumêr malih pra dipatya | sultan suka miyarsa | wong bêlaka sêtya tuhu | Adipati Mangkupraja ||

44. abot bobote sayêkti | Adipati Mangkupraja | yèn mêngkono têtêkone | supangat [supanga...]

--- 33 ---

[...t] jêng nabi duta | rêmên lamun angucap | kang apês lêluhuripun | anyêngkakakên darajat ||

45. ya dene mantri panumping | têka magang anèng sira | dhimas apa prakarane | Pangeran Natakusuma | umatur awotsêkar | dene inggih dhusunipun | ginadhe pun Surajaya ||

46. pun Andong tinêbus inggih | pun Surajaya tan suka | sêdyane kinapokake | dene sok gadhèkkên desa | saru pangraosira | pun Surajaya pukulun | ing batine kamandaka ||

47. melik lohe ingkang sabin | kula matur rama tuwan | pun Surajaya sarune | duka rama jêngandika | edan Si Surajaya | ngêndhêt tinêbus desèku | iku mantrine sang nata ||

48. dene têka wani-wani | anggêgampang ing pratingkah | nuntên kula wadulake | dhatêng ing rayi sampeyan | Kakang Mas Purubaya | nuntên Sênèn enjingipun | sowan wontên pakapalan ||

49. enjingipun dèn ampiri | ing rayi dalêm kakang mas | kinèn cucul rasukane | katur ing rayi paduka | sinèlèh anèng ngarsa | nulya cinacahing wêdhung | kapêdhake pitung dasa ||

50. rasukan ajur wor siti | makatên dènnya dêduka | si mamak arêp gawe woh | sira nyalini pratingkah | sira arêp angrusak | marang nagaraning ratu | gumêtêr Surawijaya ||

51. tan ngalêsêt sawang mayit | utawi ing pagêlaran | pra dipati wus praptandhèr | tuwin rama jêngandika | mêningi sawêg prapta | tumut kêkês biyas acum |

--- 34 ---

miwah sagung pra dipatya ||

52. rêrêp tan wontên cumuwit | tan wontên kang kolu nginang | dhêdhêp têkan waringine | tan wontên angin kang nêrak | tan wontên manuk munya | drajat punapa pukulun | inggih makatên punika ||

53. jêng sultan ngandika aris | sun adhi nora anduga | raka para siji kae | kala kartaning nagara | babada wadung têmpak | ing jro pra santana milu | kacêpuri kulon ika ||

54. kang nindhihi nambut kardi | iya Adhi Mas Purbaya | mubêng sarwi têkên lontop | singa kang duwe bubuhan | pra dipati santana | gumêtêr tan duwe bayu | yèn ênggone pinariksa ||

55. padha muji andhêridhit | aja kongsi winaonan | nadyan ingsun santanane | dhasar rapêt awor manah | prandene yèn adhi mas | têtilik bubuhan ingsun | kumêpyur sun têrataban ||

56. suwe ngadêg nèng gon mami | bocah ingsun loro pêdhak | kang gawa cèrèt lan jambe | padha dharêdhêg kalihnya | cèrète milu obah | miwah ingkang gawa kacu | jambene padha malêsat ||

57. nuli ingsun suwarani | dika kundur adhi lurah | gugupi wong nambut gawe | sawurine adhi lurah | sagung wong nambut karya | mantri kaliwon tumênggung | sami luwar saking maras ||

58. Adhi Mlayakusumèki | nuli ingsun pinaranan | tutur-tutur bubuhane | ana ingkang winaonan | marang ing adhi lurah | ulate langkung apayus | atine kêkês kewala ||

59. sapraptane wismanèki | adhi

--- 35 ---

Malayakusuma | nora mênêng sidhêkahe | kaping sapuluh sadina | lah iya Mangkupraja | wong mêngko tan ana tiru | kaya Dhimas Purubaya ||

60. Mangkupraja ingsun nêmpil | kuda ngong Si Bisawarna | idêrna rong idêr bae | iya dadia têtumbal | turôngga sampun mêdal | tinitihan tan adangu | jêng sultan tansah tumingal ||

61. têdhake saking turanggi | Adipati Mangkupraja | sultan alon timbalane | sira ngaliha barisan | mungsuhmu ana wetan | iya barisa kang patut | pakolèh wetan nagara ||

62. ing Kayuapak abêcik | nguni pabarisan ingsun | ing kono ingkang pakolèh | Mangkupraja tur sandika | lêrêsing karsa tuwan | cinarita rolas dalu | Adipati Mangkupraja ||

63. wontên nagari Matawis | kalangkung sinuba-suba | antuke kathah bêktane | ingkang sami rinayudan | bumi ing Surakarta | binêktakkên kalih èwu | mring Dipati Mangkupraja ||

64. ing benjing prasamya ganti | Adipati Danurêja | sowan mring Surakartane | apan roroning atunggal | budhal saking Mataram | Dipati Mangkuprajèku | sapraptanira Drêsanan ||

65. undhang budhalan kang baris | ngalih marang Kayuapak | gumuruh wadya budhale | upêsir lan pra dipatya | sami nindhihi bala | Dipati Mangkuprajèku | mampir sowan mring nagara ||

66. sapraptanirèng nagari | canthèl atur gya ngandikan | Dipati Mangkuprajane | praptèng byantara narendra | tur sêmbah sang dipatya |

--- 36 ---

dhuh pukulun taklimipun | rama paduka jêng sultan ||

67. lan kawula dèn timbali | ing rama paduka sultan | rumiyin duk pangrayude | siti ing Kapringgalayan | pangrayude punika | êsahing parentahipun | inggih Dêlèr ing Samarang ||

68. dene karsanipun mangkin | rama tuwan kangjêng sultan | amrih sami salamête | Mangkupraja ngarah apa | anak kalawan bapa | mung karia ngurus-urus | ing bumi têngên lan kiwa ||

69. Si Pringgalaya ing nguni | angrakit angliya bôngsa | kaya wong padu lawane | karo wong Nusakambangan | angreka amrih mênang | padha rumôngsa sirèku | Pringgalaya gambuhira ||

185. Gambuh

1. pitulunging Hyang Agung | Si Pringgalaya anuli lampus | yèn uripa agawe kakuning ati | ing pêparon amrih wurung | nuli malatukkên bêstrong ||

2. mêngko lêga tyas ingsun | Si Pringgalaya dene wus lampus | ora cipta ingsun mati ngalas maning | angrasa mati kinubur | miwah sidane pêparon ||

3. makatên usulipun | rama paduka sultan pukulun | baris kula punika kinèn angalih | wetan nagari pukulun | inggih kiwa têngên Suroh ||

4. tilasing barisipun | rama paduka nguni tinuduh | mring kang raka suwargi duk anglurugi | gangsal pangeraning mungsuh | nèng Kajêngapak makuwon ||

5. lawan ping kalihipun | kula binêktan sabin rongèwu | surupipun sabin gène angrayudi | ampas Pringgalayanipun | milane katur [ka...]

--- 37 ---

[...tur] sang katong ||

6. kajawi lêrêsipun | lênggahing patih kang kalih èwu | tigang atus sagêde Pringgalayèki | nanging ta bilih pukulun | wontên kang kocap lêlunggoh ||

7. ngandika sang aprabu | lah iya besuk Mangkuprajèku | timbangana iya bumi têngên sami | kang katut padha karayud | nuli ulihna mêngkono ||

8. dadia tata iku | bumi kang dudu rayudan iku | nora bingung pandume alus arêsik | yèn uwis rayudan iku | ngulih-ingulihkên ênggon ||

9. iya Mangkuprajèku | satimbalane turutên iku | iya nuli age ngaliha kang baris | Mangkupraja nêmbah matur | gih sampun kula kèn bodhol ||

10. Mangkupraja wus mundur | nèng jawi lajêng ing lampahipun | mring barisan Kayuapak praptanèki | ngundhangi para tumênggung | sami atata pakuwon ||

124. Pangeran Mangkunagara mundhut bumi sapratigan botên dipun parêngakên, lajêng duka, ambidhalakên bala badhe anggêpuk tanah pasisir, dipun tututi prajurit Kasunanan, Kasultanan lan prajurit Kumpêni

11. kunêng ta kang winuwus | mungsuh kang baris Daha puniku | Pangran Mangkunagara putusannèki | mring dêlèr kang duta pangguh | nêdha bumi sapratêlon ||

12. nênggih wangsulanipun | Nikolas [Niko...]

--- 38 ---

[...las] Harting jro suratipun | iya apa rane wong mangkene iki | wong bêbeka bae iku | dadak jaluk sapratêlon ||

13. dhingin têka mêrucut | basane nir tan kêna ginugu | mêngko kudu ambalik milu Kumpêni | sapratêlon kang jinaluk | dhingin dèn wèhi saparo ||

14. nora kukuh sok angkuh | angkuhe kaya malekat iku | lah ta radèn kalahna salah sawiji | iya ratu roro iku | lamun ta nora mêngkono ||

15. ngêndi ta sênêngipun | ing ratu roro ênggoning nungkul | lamun nora ratu roro ananggoni | salah siji kang ananggung | iya lamun tan mangkono ||

16. môngsa kênaa iku | duk bêcik dhingin lan dêlèr undur | ya pagene nora wania pêpanggih | ngadi-adi têgêsipun | môngsa na wong kaya ingong ||

17. sapa kang wêdi iku | yèn durung asat sêgaranipun | yèn asata sêgara Samarang iki | Mangkunagara kang nawu | yèn mêngkono wêdi ingong ||

18. wau carakanipun | pun Mangunjaya tinulak sampun | palarasan lampahe tan antuk kardi | ing marga datan kawuwus | praptaning Daha kang kinon ||

19. marêk ing sultanipun | ngaturkên sêrat wêwangsulipun | ingkang saking Idêlèr Nikolas Harting | tinampan tinupiksa wus | têmbunging surat anocog ||

20. pangeran duk angrungu | saruning layang duka kalangkung | winga-winga kumêjot padoning lathi | ingundhangan balanipun |

--- 39 ---

pangeran têngara bodhol ||

21. masisir nêdya gêpuk | lampahing baris asru gumuruh | pan angalèr wau kèndêl ing Matesih | baris Kayuapak ngrungu | sigra Mayor Istimolor ||

22. lumampah dutanipun | ajidan Rutan ingkang lumaku | mring Mataram sapraptanira Matawis | sampun katur suratipun | sampuning surat kawaos ||

23. ngundhangi balanipun | dandan kapraboning aprang pupuh | nanging sultan badhe tan tindak pribadi | sapisan ngalangi iku | dènnya mêmangun kadhaton ||

24. Danurja kang tinuduh | lawan Radèn Prawiradirjèku | lan angirid sagunge bupati jawi | prajuritira sang prabu | binêktakkên kang saparo ||

25. wadana jro kang kantun | sakawan pisan tan wontên tumut | sampun aglar ing alun-alun abaris | pra dipati wusnya ngujung | miwah Kapitan pan dar Pol ||

26. wus tabe lan sang prabu | sigra têngara budhal gumuruh | panganjure Ki Tumênggung Kartanadi | Tumênggung Martalayèku | kalihe andêl pakewoh ||

27. ing wuri kang sumambung | ing Garobogan radèn tumênggung | rame sami bêkilung balane bugis | Radèn Suwandi puniku | bugis andêling palugon ||

28. mung wolung puluh wolu | nulya kang rayi Tumênggung Warung | nênggih Radèn Côndrakusuma namèki | ing wurine pra tumênggung | nênêm lampahira golong ||

29. Tumênggung Singaranu | Jayasudirga Natayudèku | Pusparana [Puspara...]

--- 40 ---

[...na] miwah Jayawinatèki | tan awor sajuru-juru | ing wuri punggawa bobot ||

30. Radèn Rôngga sumambung | Prawiradirja wadyakuswagung | ing wurine Dipati Danurêjèki | tan owah ing barisipun | kadya lampahe sang katong ||

31. jêng sultan kèndêlipun | ing karsanira mangun kadhatun | anyêlani maksih satêngahing jurit | pêpatih kinèn anglurug | kêbut kantun wadana jro ||

32. prapta ing Taji sampun | kang baris kèndêl ing tigang dalu | angêntosi wadya-wadyane kang kari | anggili ingkang anusul | wusnya tigang dalu bodhol ||

33. salin panganjuripun | Bupati ing Garobogan Warung | lan Sêsela Pakêr Karas sami nunggil | anglurug ing lampahipun | makuwon dhusun ing Banyon ||

34. sadalu budhalipun | ngalèr angetan sampun atêmpur | baris Kayuapak budhal angênginthil | anèng Sukawati kumpul | pan dar Pol lan Istimolor ||

35. sami amangun rêmbug | dene kang mungsuh têbih anglurug | sampun nabrang wukir Kêndhêng sawadyèki | makuwon Sêgaragunung | enjing budhalira ngalor ||

36. dadya ing rêmbagipun | baris Giyanti wetan lumaku | baris Surakarta kilèn lampahnèki | sarêng ngalèr parêng maju | datan enggal datan alon ||

37. ngilat lampahing mungsuh | gêlare gubêd ingkang kinawruh | wau Pangran Mangkunagara wus ngancik | têlatah ing Cêngkalsèwu | lajêng ngalèr ngasmarèng

--- 41 ---

jog ||

186. Asmaradana

1. sampun angadêg ing Pathi | Pangeran Mangkunagara | busêkan pasisir gègèr | nèng Pathi lajêng mangetan | samarga angrêrayah | nagri kalintangan gêmpur | tan ana kuwat anglawan ||

2. baris kang sami nututi | wong Giyanti Surakarta | wus sami nabrang Kêndhênge | kèndêl sawetaning Dêmak | Dipati Mangkupraja | Dipati Danurêjèku | gantya anginthil tut wuntat ||

3. angetan anjog ing Pathi | wus lajêng anèng ing Rêmbang | Dipati Danurêjane | Pangeran Mangkunagara | ing Lasêm wus binêdhah | rinayah dunyane gêmpur | wisma sami ingobongan ||

4. Pangran Mangkunagarèki | wadyane atur uninga | yèn kang nututi praptane | wong Giyanti Surakarta | wontên ing Pathi Dêmak | anulya gepak mangidul | Pangeran Mangkunagara ||

5. saking Lasêm ngidul sami | masanggrahan lèpèn Pêgat | sadina baris lampahe | ngancik tanah ing Balora | salèring Selakêpyak | baris kang samya anjujul | Istimolor Mangkupraja ||

6. rakite mèh anglancangi | sampun ngancik sela-sela | sira Mayor Istimolor | pan dar Pol lan Danurêja | nèng sela-sela têbah | Dipati Danurêjèku | ragi gêrah mila randhat ||

7. tan pati sangêt panastis | milane binagi lampah | parentahira pan dar Pol | jalan kaki pan sadaya | milua ki dipatya | lan prajurit Jawa iku | kabèh kang

--- 42 ---

padha andharat ||

8. ngumpula bapak dipati | lan kang nindhihi pikulan | Tumênggung Natayudane | Tumênggung Jayasudirga | miwah Jayawinata | Pusparana Singaranu | padha sira angaria ||

9. ngiringa bapak dipati | dèn alon ing lakunira | dene kang barêng lan ingong | sagung prajurit turôngga | Rôngga Prawiradirja | Dipati Grobogan Warung | Kartanadi Martalaya ||

10. Pangran Pakuningrat kari | lan Pangeran Natabaya | iku gêdhuging lakune | nindhihi prajurit dharat | rumêksa Danurêja | wus dadya wau kang rêmbug | pan dar Pol têngara budhal ||

11. kapêthuk dutanirèki | kang abaris ing Sêsela | sira Mayor Istimolor | pan dar Pol lampahe sigra | prapta baris Sêsela | kèndêl amangun pirêmbug | dene mungsuh kèndêlira ||

12. sêmune kaya ngêntèni | anèng alas Selakêpyak | pikirane Istimolor | nora pasaja ngarenah | alingan bênêrira | mungsuh iki padha buru | nanging yèn mogok pan sira ||

13. ingkang wajib gitik dhingin | karana jêr ratunira | sultan kang wus duwe sagoh | anyirnakakên ing mêngsah | rêgêding tanah Jawa | kabèh sultan kang wus sanggup | mring tuwan gurnadur jendral ||

14. sayêkti pukulên dhingin | iku ana Selakêpyak | apan iya ratuning ngong | Sang Prabu ing Surakarta | tan duwe sêsanggupan | dadi iya lakuningsun | ngawali ngatêr kewala ||

15. pan dar Pol saurirèki |

--- 43 ---

nadyan silih mangkonoa | wong ana têba mangkene | bok aja nganggo micikan | barêng mara kewala | dene kang aprang rumuhun | pasthine ingsun kewala ||

16. puluh-puluh ratu mami | jêr wus sanggup marang jendral | saking iya kadugane | iki ratuku tan ana | ewuh akarya kutha | Istimolor pitulungmu | iya ingsun kêtêbana ||

17. Radèn Rôngga kang tinari | pan dar Pol yèn tari mring wang | iya ngêntèni bêcike | Ki Dipati Danurêja | tuwin kônca wadana | pan iya kang padha kantun | tuwan rêmbug ing akathah ||

18. Mangkupraja anambungi | puniku gih bênêr anak | wau kapitan pan dar Pol | Istimolor ulatira | ngêdhèpi lirikira | pan dar Pol sugihe padu | tinarka takut kewala ||

19. êling taliti prajurit | putune Amral Baritman | duk aprang Surabayane | senapati môndraguna | satuhu prawirèng prang | dènira muwus asêndhu | mring Rôngga Prawiradirja ||

20. basakêna sira iki | hèh Rôngga Prawiradirja | tinari ngrubêdi bae | wêdi mring Mangkunagara | anglurug apa guna | eman sultan miyarèku | gawe bupati ing sira ||

21. sakala kadi sinêbit | Dyan Rôngga Prawiradirja | muwus angingêr dhuwunge | iki Walônda kêparat | apa ta tarèn sira | iya apa ngajak ngamuk | nora ewuh saur ingwang ||

22. dene sira lagi tari | mangkono

--- 44 ---

sêsaur ingwang | yèn ngajaka ngamuk bae | môngsa dadak sêsambata | pan dar Pol bêngis mojar | mèh brêwala padha batur | malah dadi sêsapihan ||

23. Prawiradirja abêngis | dudu watak wêdi pêjah | yèn wong Kasultanan kabèh | tate ginarumung ing prang | lah payo barêng mangsah | bêdhilên yèn ingsun mundur | kowe mundura tak tumbak ||

24. sakin agêng napsunèki | angawêt lambene nêdhas | angabani dragundêre | têngara tambur umangsah | nandêr marani mêngsah | Dèn Rôngga wus nandêr mamprung | nusul tan nêdya mundura ||

125. Pêpêrangan ing Selakêpyak. Kapitan pan dar Pol tiwas

187. Durma

1. kawuwusa Pangeran Mangkunagara | kèndêl sawadyanèki | bala sami sayah | sakenjing lampahira | galinggang ing kanan keri | samya pinarak | lawan kang para rabi ||

2. wong saragni abang lan wong pêrang tandang | kang baris anèng ngarsi | saragni rêng lawan | mranggo sami mangarsa | Kapitan pan dar Pol prapti | panunjangira | saking kilèn bêdhili ||

3. sami kagèt praptane mungsuh tan swara | anubruk saking keri | dadya pêdhot têngah | baris Mangkunagaran | arame bêdhil-binêdhil | Prawiradirja | parêng panunjangnèki ||

4. barising mêranggo lawan pêrang tandang | saragni irêng abrit |

--- 45 ---

rame campuh lawan | Rôngga Prawiradirja | caruk rok ungkih-ingungkih | wau Kapitan | pan dar Pol anadhahi ||

5. mantri lêbêt lawan mantri kawan dasa | Kudanawarsa aglis | têtulung manêngah | pan dar Pol malang kadhak | binêdhil datanpa osik | alatah-latah | mung pistul kang kinardi ||

6. ngawe-awe parentah dragundêrira | kêstule mobat-mabit | wau Radèn Rôngga | Prawiradirja prangnya | riwut pangamukirèki | wong gulang-gulang | nirbita angingêri ||

7. langkung rame Kumpêni wus kathah pêjah | pan dar Pol datan gigrig | langkung wantêrira | karsa nubruk kewala | pangeran kang dèn ulati | datan kapêdhak | panggenane atêbih ||

8. Pangran Mangkunagara pan lamat-lamat | samar swaraning bêdhil | kang ngadhêp pangeran | amung wadya kapêdhak | ingkang samya ngampil-apil | mung kalih dasa | lawan kang para rabi ||

9. angandika Pangeran Mangkunagara | swaraning apa iki | kalamun bêdhila | dene iya tan ana | kang awèh wêruh ing mami | lamun mungsuha | iya têka ing êndi ||

10. dene maksih adoh wau goning mêngsah | anèng lèr Kêndhêng maksih | nulya wau nyandhak | tabuh bêndhe pangeran | ginitik galinggang aking | muni kumênthang | pangeran ngandikaris ||

11. boya bocah padha gitiki galinggang | lamun bêdhili iki | surake tan ana | padha mênêng kewala | tan ana graita jurit | gène pangeran | surak [sura...]

--- 46 ---

[...k] tan kapiyarsi ||

12. datan arsa kinarubut yudanira | katri punggawa sami | Suwandi Grobogan | Warung Côndrakusuma | Radèn Prawiradirjèki | nyèkêt watara | prajurit kang bêbêdhil ||

13. mantrinipun Tumênggung ing Garobogan | Ônggabahu gêng inggil | pinayungan pêthak | bajo baludru abang | kotang satêbah rendèki | lancinganira | panji baludru wilis ||

14. Ônggabahu wantêr kinèn asêsumbar | rêbutên ing ajurit | Pangran Natabaya | putra Natakusuman | kinudang boboting jurit | Mangkunagara | ngatona sun kêmbari ||

15. Ônggabahu binendrongan ing sanjata | mandhapan kudanèki | anunjang kewala | Rôngga Suryanagara | prasami ngiring ing wuri | tanaganira | Ônggabahu tan ajrih ||

16. payo Mangkunagara amêdhatia | ngusunga obat mimis | bêdhilna maring wang | iki Si Natabaya | kang miyarsa gègèr sami | Kudanawarsa | giwar manjing wanadri ||

17. sru binêrêg ring Rôngga Prawiradirja | myang Suryanagarèki | Dyan Côndrakusuma | mêlak pambujungira | mawur Kudanawarsèki | prajuritira | kuwur arêbut urip ||

18. kantun wontên wolulas wus tilar kuda | mung Danawarsa maksih | ingkang nitih kuda | wonge kari wolulas | siji datan ana maksih | ikêt-ikêtan | areyab-reyab sami ||

19. palayune abingung pan ora nyana | cêlak gènirèng gusti |

--- 47 ---

wau Danawarsa | lawan wonge wolulas | jêdhul saking alas prapti | gènya pangeran | kagyat nulya kaèksi ||

20. Danawarsa marêk anuntun turôngga | pangran angrês ningali | maras ulat biyas | jêngêr pangungunira | mantri jro ana ing êndi | prajurit samya | kabèh ana ing êndi ||

21. mêgap-mêgap ature Kudanawarsa | inggih sami ajurit | mantri lêbêt samya | dragundêr lawaning prang | kula kang nadhahi jawi | langkung prawira | wantêr alah Kumpêni ||

22. kêkasihe Pangran Arya Natabaya | tan kumêdhèp binêdhil | gêng inggil sambada | putra Natakusuman | kamantu Sultan Giyanti | agêng agagah | têtêp prawirèng jurit ||

23. simbar jaja godhèg netrane ngatirah | kathah remane buntit | lakune ngêdhaplang | wulu kempol amawar | ngêmbang lampês ngathi-athi | uwange malang | singsêt kadya Indrajit ||

24. binêdhilan binendrongan kinathahan | tan keguh tan mraduli | magêrsarinira | kadi kathah wong sabrang | kalih bêlah winitawis | ambêg sudira | angrok tandange sami ||

25. kadya wil kang umiyat daging gubras rah | tan kêni dèn tanggêni | anubruk angidak | pangeran sru ngandika | ya si koplo iku pasthi | ingkang anama | Pangran Natabayèki ||

26. tan adangu kathah prajurit kang prapta | mêdal pating kulicir | kinumpulkên samya | kene padha lerena | nulya mantri jro kaèksi | rusak [rusa...]

--- 48 ---

[...k] tatanya | ngalênthar angulicir ||

27. pangran duka hèh asu mantri jro padha | mêngkono polahnèki | dene tan sêmbada | angkuhmu ngingkrak-ingkrak | mantri jro ajrih miyarsi | gustinya dharat | sadaya mudhun aglis ||

28. sampun kathah prajurit palajêngira | kaliwat sami bali | wruh ing gustinira | kèndêl sampun andharat | Pangeran Tumênggung Langit | nêmaha nekad | wus tata ngapit margi ||

29. dyan kapyarsa mungsuh tambure dhêrandhang | pan dar Pol anututi | wontên pitung dasa | mung dragundêr kewala | Kumpêni slam datan mawi | tuwin wong Jawa | dangu kapisahnèki ||

30. aprang wana nêmu mungsuh sowang-sowang | milane datan kongsi | tulung-tinulungan | saking angèling papan | alas bondhot sarta êri | pan dar Pol prapta | anèng ngajêng pribadi ||

31. pangran sigra dènnya anyandhak watangnya | mantri jro giyak sami | tuwin gulang-gulang | nirbita kering kanan | mangsah sarêng anumbaki | drèlira kêndhat | wus kathah dèn tumbaki ||

32. Kapitan pan dar Pol amistul sapisan | angsal mantri ngêmasi | lajêng narik pêdhang | mobat-mabit amêdhang | tinadhahan kanan kering | wuri ing ngarsa | ginarumung ing jurit ||

33. dragundêre wus kapisah ing ngajêngan | tumpês tan ana kari | pan dar Pol pamuknya | dangu kinandhang-kandhang | bebas ingkang marêpêki | sinabêt pêdhang | pêpêt ingkang ngêmasi ||

34. ingkang tatu pan dar Pol ing pêdhangira | sapuluh [sa...]

--- 49 ---

[...puluh] malah luwih | pan kadi andaka | kabranan pamukira | kinathahan kanan kering | wuri ing ngarsa | pinarbutan ajurit ||

35. kudanira pan dar Pol rumiyin rêbah | tibanira aguling | sigra ingêbrukan | pan dar Pol pêjahira | kèndêl wau kang ajurit | Kumpêni pêjah | pitung dasa kêkalih ||

36. amung Lutnan Beman andhêlik ing jurang | pan kongsi kalih latri | wau ta Pangeran | Mangkunagara nacah | bandhangan sanjata karbin | pan pitung dasa | pêstul pêdhange sami ||

37. miwah turanggane pitung dasa pisan | pêpitu sami kanin | têtiga kang pêjah | sawusnya lajêng budhal | mingsêr sakidulirèki | ing Selakêpyak | mulat jêjurang kalih ||

38. sirahira pan dar Pol sampun tinigas | wontên sêlir satunggil | nama Ni Bok Niyat | kaul amondhong sirah | sirahe pan dar Pol nênggih | ing laminira | pan amung tigang latri ||

39. wau ingkang nalasah dangu kapisah | duk kala rame jurit | lan sakancanira | Rôngga Prawiradirja | wus panggih tumpês ing jurit | sadragundêrnya | pan dar Pol wus ngêmasi ||

40. nulya wau mantrine sakawan panggya | ngaturi Ki Dipati | Danurja wangsula | dhatêng nagri ing Rêmbang | pan dar Pol tumpês ing jurit | nèng Selakêpyak | mantri sigra lumaris ||

41. wus kapêthuk Adipati Danurêja | ingaturan udani | wangsul dhatêng Rêmbang | miwah kang baris Sela | mingsêr nabrang Kêndhêng malih | kèndêl nèng Dêmak |

--- 50 ---

ngupaya bumi malih ||

42. anèng Rêmbang Lutnan Beman praptanira | têlanjang donya ênting | sagung wong Walônda | sakantun-kantunira | pinurugakên Samawis | lawan anêdha | bantu malih Kumpêni ||

43. tan alami prapta malih bantunira | dragundêr ingkang prapti | wolung puluh papat | lajêng apirêmbagan | lan mayor mangidul malih | sarêng budhalan | wau lampahing baris ||

44. anjog Sukawati malih ngidulira | mungsuhe wangsul malih | baris anèng Daha | inggih kilèn Kaduwang | baris Surakarta nênggih | wangsul barisnya | mring Kayuapak malih ||

45. barisira Ki Dipati Danurêja | kèndêl ing ardi Wujil | sampun tur uninga | mring jêng sultan prangira | tumpês pan dar Pol duk jurit | nèng Selakêpyak | langkung ngungun narpati ||

46. nênggih wontên sumêlangira jêng sultan | dene prajurit jawi | tan wontên kang pêjah | mung Kumpêni kewala | layang pratelanirèki | pan mèh brawala | Kaptin pan dar Pol nênggih ||

47. kudu mangsah dèn Rôngga Prawiradirja | mikir ingajak nganti | kancane ing wuntat | miwah Kyai Dipatya | Danurêja misih kari | pan dar Pol mêksa | kêdah ngamuk pribadi ||

48. tinurutan sami kasêrêng kalihnya | singa mundur ing jurit | tinumbak piyambak | pan dar Pol janjinira | lawan Prawiradirjèki | sami kêrasnya | nora ngetung mêmanis ||

188. Dhandhanggula

1. dènira jêng abrawala nênggih | pasamuwan pra dipati kathah |

--- 51 ---

nèng baris Surakartane | pan dar Pol milanipun | kudu ngamuk tan nganggo pikir | mring Istimolor ngampah | kapurunanipun | taliti dèn undhat-undhat | kang anyapih Dipati Mangkuprajèki | lawan Kapitan Sungrat ||

2. sami kêras sami mangsah jurit | sami macuh lan Prawiradirja | mingkêda tinumbak dhewe | jêng sultan duk myarsèku | pratelane angsah ing jurit | lêga môngsa dadia | ing rêrasan iku | Danurja datan alama | dènnya baris nênggih anèng ardi Wujil | anulya tinimbalan ||

3. kang atêngga baris ngardi Wujil | têtindhihe Pangran Pakuningrat | Rôngga Prawiradirjane | pêpitu pra tumênggung | tigang atus bala Kumpêni | praptane Danurêja | kinèn tumut nyambut | angenggalakên kadhatyan | miwah ngloji lêlarèn kang dèn bêciki | mangkana kangjêng sultan ||

4. kintun sêrat marang ing Batawi | mundhut marang ing gurnadur jendral | Kapitan Dongkêl ing mangke | mindhaka lênggahipun | asamia lan Molor nênggih | mayor kasenapatyan | jendral sampun nurut | Kapitan Dongkêl wus minggah | nama mayor senapati ing ajurit | lan Istimolor papak ||

5. Mayor Dongkêl basane Kumpêni | Mayor Dungkur yèn ing basa Jawa | malah Jungkur ta kaprahe | yêktine Mayor Dungkur | sultan langkung agêng sihnèki | pangwasa rèhing aprang | wus atimbang sampun |

salamine nora mapak | ing pangwasa Molor kang agêng pribadi | sosoran Sultan Amral ||

--- 52 ---

126. Pangeran Mangkunagara rêraosan kalihan para punggawa badhe nungkul

6. kunêng ingkang kawuwusa malih | mungsuh Pangeran Mangkunagara | kang anèng Daha barise | ngêlar-êlar panganjur | mantunira ingkang tinuding | Radèn Sumanagara | pacak baris tugur | anèng Ponjong pangungangan | binêktanan prajurit Tanusastrèki | kalawan gulang-gulang ||

7. narubakên Wukirkidul sami | Grogol Payaman Sampar Paliyan | wong desa wus tarub kabèh | pêparon lampahipun | wong desane acungan maksih | ing Pangran Pakuningrat | kang abaris tugur | lan Rôngga Prawiradirja | Pangran Natabaya anèng ardi Wujil | Radèn Sumanagara ||

8. sungkawagung dènira prihatin | cipta kesahe kadang waraga | yayah lan ibu pisahe | ènthèng mring garwanipun | putra Mangkunagaran nênggih | lan angeja wêkasan | wêkasaning laku | maratuwane punika | Pangran Mangkunagara durakèng bumi | mungsuh lan wong sajagat ||

9. para ratu loro lan Kumpêni | apa marga unggula ngayuda | pan wus luput paekane | mangkana wus anuduh | dhêdhêmitan marang Matawis | tur surat ingkang bapa | Sumanagarèku | mring Dipati Jayaningrat | yèn wontêna pangapuntên kang sayêkti | ing gusti kangjêng sultan ||

10. kula ngaturakên pati urip | dinasihna malih ing jêng sultan | tobat [to...]

--- 53 ---

[...bat] inggih sayêktine | anut panggawe luput | praptanira suratirèki | marang ing sira bapa | sêrat lajêng katur | jêng sultan lajêng parentah | para mantri Mataram ingkang tinuding | sami santananira ||

11. inglokakên sami anglurugi | tindhih Pangran Arya Natabaya | ing aprang seda patine | bêkta saragni cênthung | kawan dasa saragni malih | talakup kawan dasa | wong anirbayèku | horêg wong wukir sadaya | lamun Sumanagara kang dèn lurugi | ing Pangran Natabaya ||

12. baris undhang sami ngati-ati | mungsuh gêdhe iki ingkang prapta | Pangeran Natabayane | angirid baris agung | pagunêman kang para mantri | upama nadhahana | pan kagêdhèn mungsuh | rêmbug sami ngoncatana | dupi dalu prapta caraka Matawis | para sadu anamar ||

13. têngah wêngi Sumanagarèki | minggat lawan wong roro balaka | mung kari siji tumbake | kathah dandananipun | kang katilar datan katolih | satêngah wêngi lêpas | dènira lumaku | enjinge sami aseba | lungguh gulang-gulang lan Tanusastrèki | takon mring Wiraguna ||

14. Wiraguna Mantri ing Matawis | kang angêmong mring Sumanagara | pakuwone mamring bae | bêndara tan kadulu | linêbonan bêdhah ing buri | têtela lamun minggat | Sumanagarèku | sigra lurah gulang-gulang | Tanusastra angrampog Wiragunèki | pêjah lajêng tinigas ||

15. gègèr lorod sakathahing baris | Pangran Natabaya praptanira |

--- 54 ---

kinodhol nadhahi lèrès | mangetan lajêngipun | sarwi bêkta sirahing mantri | Ngabèi Wiraguna | pan pamomongipun | ing Radèn Sumanagara | duk samana wus amor baris Matawis | panggih santananira ||

16. kèndêl sakala baris Matawis | wau Pangran Arya Natabaya | wong sa-Gunungkidul kabèh | tinarubakên sampun | tinanêman mantri kêkalih | mantri bumi kewala | ingkang sampun tarub | sawêg cacah kalih dhomas | ingkang nungkul mring Pangran Natabayèki | pacak baris Payaman ||

17. urut Sêmbuyan dhomas pribadi | dèrèng nungkul angladèni Daha | Pangran Mangkunagarane | anèng Daha pan anggung | akasukkan ngarêm-arêmi | mring kang abdi sadaya | kinarya nênungkul | ngabên singa lan maesa | duk punika kagyat kang baris pangarsi | prapta ambêkta sirah ||

18. praptanira matur saha tangis | lurah gulang-gulang Tanusastra | katur kang putra inggate | kang kacandhak pukulun | pamomonge kula pêjahi | Ngabèi Wiraguna | katur sirahipun | wau pangran duk miyarsa | jêtung lêngêr-lêngêr dangu datan angling | ngungun kaya matia ||

19. ingkang putra miwah ibunèki | apan sami sinungan pawarta | lamun kang putra oncate | balik marang Matarum | sami nangis garwa bunèki | pangeran anggraita | ing batinanipun | wantu wong kadanan rasa | bisa minggat wong cilik mukti sathithik | iya bisaa tanak ||

--- 55 ---

20. kasangsaya panduming pangèsthi | kari tuwa tan kêna sinêngka | marambate wilalate | Paman Purubayèku | iya nguni ingkang nanggupi | anadhahi wilalat | mêngko têka lampus | nimbali Kudanawarsa | kang tinari kaya paran polah iki | enake linakonan ||

21. têka apês bakale wak mami | Kudanawarsa matur tur sêmbah | suwawi sami nunggile | yèn paduka anungkul | inggih dhatêng ratu kêkalih | pundi kinarsakêna | Sala lan Matarum | payo pinikir ing kathah | enak êndi ing Sala lan ing Matawis | miji rolas parbatan ||

22. pangran mêdalakên suratnèki | ingkang saking Prabu Surakarta | kinèn amaos têmbunge | katura taklimipun | Sang Aprabu Surakartèki | wiyose kakang êmas | Mangkunagarèku | pun kakang botên angrasa | kula mangke lola madêg narapati | tan wontên kang amonga ||

23. gih pun kakang kawula aturi | kondur dhatêng nagri Surakarta | punapa pun kakang supe | nguni ingambil sunu | inggih dhatêng rama suwargi | sandhang pangan rinêksa | dhatêng kangjêng ibu | punapa kangmas tan cipta | amalêsa dadah dulang kala alit | samangke kula lola ||

24. madêg ratu tan wontên ngêmongi | mila nuntên pun kakang kondura | wus titi tamat surate | surat saking Matarum | saking sultan pinundhut aglis | prapta kinèn maosa | surat têmbungipun | ing sawuse salam ingwang | kulup [kulu...]

--- 56 ---

[...p] Mangkunagara iya sirèki | apa wis babar pisan ||

25. uwis ora tolih marang urip | suka nêmu pati siya-siya | wus nora ketung wijile | sida darung kalurung | aku iki yèn kowe uwis | matês panekadira | iya môngsa wurung | lêburmu tanpa kukuban | angungsia maring sadhasaring bumi | sajabaning akasa ||

26. lamun uwis mêtu bêdhat mami | mari ngetung awit tunggal darah | kacandhak ngasta ngong kene | luluh nèng astaningsun | anjaluka tulung Jabrail | môngsa bisaa nulak | ing kadibyan ingsun | mumpung durung matês ingwang | hèh ta kulup eling-eling dèn aeling | ngosikkên pakuning tyas ||

27. sampèning pakarti surat iki | mara padha pikirên ing kathah | Kudanawarsa ature | yèn nêdya pikir nungkul | prayogine dhatêng Matawis | apan rama paduka | susah mawi atur | abakuh ing mêmanahan | yèn wontêna walêr sangkêring Kumpêni | kuwawi ananggunga ||

28. rayi dalêm ing Surakartèki | wantu timur pan dèrèng santosa | Kumpêni sônggarunggine | miji rolas tinantun | misih arêbutan gilig |[4] ana ingkang sampêlah | dèrèng sagêd matur | dangu-dangu aturira | makatêna aprasasat kirik gudhig | botên jinis manungsa ||

29. inggih sintên kang botên udani | lamun sultan apan maratuwa | nadyan sêmut graitane | amêsthi walatipun | punapaa dèn bêngkêlahi | mangke wus kalampahan |

--- 57 ---

têka mingak-minguk | sintên ngarani manungsa | buwang dhadhu kalah sirna mênang ngambil | jêr sampun jêjaragan ||

30. bapa maratuwa dèn wanèni | sapa sintên tan wruh ing duraka | sirêp kasor sadayane | wus sami mangartèku | pikir liya kang dèn ulati | ngungsi maring Walônda | dêlère kapaung | angolok-olok barungas | yèn pênêde wontêna ingkang tinuding | mring Batawi piyambak ||

31. sigra pangran engêt animbali | mring Ki Ngabèi Sêcadirana | ratu bêndara êmbane | Ki Sêcadiranèku | apan inggih sutanirèki | Dipati Citrasoma | Jêpara kang sêpuh | tinanêm ing Surabaya | sapocote saking nagri Surawèsthi | tinanêm ing Juwana ||

32. bêdhah dening Pangran Mangkubumi | ngungsi ngloji Ngabèi Juwana | lajêng binêdhah lojine | patine Petor Pangus | pan kacandhak Cadiranèki | kaboyong mring pangeran | sanak rabinipun | mring Sukawati binêkta | Kyai Sêcadirana nulya kinardi | ngêmbani gustinira ||

33. nulya ratu bêndara akrami | angsal Pangeran Mangkunagara | êmbane binêktakake | punika purwanipun | Cadirana badhe tinuding | lawan Patramênggala | nênggih kanthinipun | Patramênggala wong Têgal | abdinira nguni Pangran Mangkubumi | mangke wontên kang putra ||

34. kang ibu tus marang ing Batawi | bêkta suratira jêng pangeran | cêcolongan ing lakune | yèn wus prapta ing laut | yêkti kêna [kê...]

--- 58 ---

[...na] ngaku kang nuding | surat badhe katura | marang ing gurnadur | mêsat Caraka kalihnya | pamancale nêdya saking nagri Têgil | kunêng malih kawarna ||

127. Prasetyanipun prajurit Madura dhateng Kangjeng Sultan

35. kang akarya nagri ing Matawis | langkung pelag wangunaning praja | kèh toya rata sitine | agêlis arjanipun | tiyang alit kathah kang prapti | kang sami tumut wisma | sêngsêm sitinipun | jêmbar radin mirah toya | karya kitha sinambi paron nagari | Dipati Danurêja ||

36. marang Surakarta kaping kalih | tinimbangan ping kalih lumampah | Dipati Mangkuprajane | katon ing rukunipun | pêpalihan samia aris | kang asok kang atômpa | sami sukanipun | kasaru surat kang prapta | nèng Matawis surate Jendral Batawi | kang tinampan ing sultan ||

37. wusnya tabe jendral suratnèki | mila sultan têka ngeca-eca | gih dèrèng sirna mungsuhe | gampang karya kadhatun | mênggah pura miwah ta loji | lêstari nambut karya | yèn wus sirna mungsuh | apan lami

dèrèng sirna | misih karya mêndhêt dagangan Kumpêni | paran karsane sultan ||

38. paran kirang kapraboning jurit | dèn lairna barang kêkirangan | sultan duk miyarsa kagèt |

--- 59 ---

ngundhangi balanipun | asiyaga kaprabon jurit | kèndêl kang nambut karya | sultan wus anuduh | Istimolor Mangkupraja | dhinawuhan sultan ngarsakkên tumuli | arsa anggêcak mêngsah ||

39. Pangran Mangkunagara miyarsi | lamun sultan pan arsa anggêcak | angundhangi prajurite | dhingin abudhalipun | apan arsa dhatêng pasisir | lan arsa ngampirana | ing Radèn Mas Guntur | iku mundhut ênggènira | Dènmas Guntur Wiratmêja kang sêsiwi | Rahadèn Wiratmêja ||

40. Pangran Têpasana kang sêsiwi | Wiratmêja punika kang tuwa | Susunan Kuning kang anèm | pêjah Wiratmêjèku | ibunira dipun rabèni | mring Radèn Martapura | dadya Dènmas Guntur | kuwalone Martapura | pêjah Martapura wonge kumpul sami | wontên ing radèn êmas ||

41. pan ing nguni sampun amanggihi | dhatêng Pangeran Mangkunagara | ingampiran panggenane | ingalih namanipun | mring Pangeran Mangkunagari | Pangran Anom kang nama | kinèn sampun tumut | mangidul mring tanah Pajang | umadêga baris anèng Kêndhêng wukir | ngumpulna wong kang kathah ||

42. mangkya Pangran Mangkunagarèki | sigra budhal saking baris Daha | angalor wau lampahe | praptane ing Kumuncup | Dènmas Guntur sampun apanggih | Pangeran Anom kathah | ing prajuritipun | kawan atus kêkapalan | gangsal atus kang dharat tan waras siji | sami maling sadaya ||

43. wus pinanggihakên ningkahnèki | Dènmas [Dè...]

--- 60 ---

[...nmas] Guntur lawan putranira | Dèn Ajêng Sombro ing mangke | Bok Sumanagarèku | wus mangkana kang putra nênggih | tinilar angadêga | wukir Kêndhêngipun | wus amacak pra punggawa | sami maling pêthut kinarya bupati | lan idine kang rama ||

44. Nalayuda sinung namanèki | nênggih Tumênggung Ujung Sabata | ing wilêt dhusun Salawe | Tumênggung Gandhuwaur | Singatruna panglawe Pakis | kathah ngabèi dêmang | malih kang winuwus | sultan samakta busana | kadya giri dahana mêpak kang baris | ing alun-alun amyang ||

45. ingkang badhe tinilar nagari | punggawa bumi Jayawinata | Sindusastra ing kanthine | Kumpêni putih satus | kalih atus Islame kari | Sèlèng kapitanira | dene Islamipun | Kapitan Kisêr punika | pun Kapitan Tolong ingkang asêsiwi | prawira ing ayuda ||

46. atêngara budhal sri bupati | nitih kuda Kyai Bisawarna | gumuruh mriyêm urmate | kadya prawata guntur | panganjure wus andhingini | gumrêgut lampahira | wadyagung gumuruh | gêgaman marwata kobar | lampahira ing margi datan kawarni | prapta dhusun Babadan ||

47. wadyanira pan kadya jaladri | pirang-pirang papan kaèbêkan | Mayor Istimolor age | sowan maring sang prabu | Istimolor wusnya pêpanggih | ngaturakên pawarta | panggènaning mungsuh | wontên Kumuncup samangkya | ningkahakên putrane ingkang pawèstri | lan Radèn Wiratmêja ||

48. wartinipun [wartinipu...]

--- 61 ---

[...n] anak Sunan Kuning | kang anama Wratmêja punika | Susunan Kuning kang gawe | sultan angandikarum | pulunane lan Si Garêndi | lah payo nuli mangkat | sanggone jinujul | mayor sira kongkonana | lamun mungsuh badhe ngubêk ing pasisir | dêlèr parentahira ||

49. maring para bupati pasisir | dèn samakta lamun ingsun prapta | wus apêpak gêgamane | Mayor Molor sigra wus | pamit nulya praptanirèki | sampun akarya surat | lajêng dutanipun | ing wuri tangara budhal | animbangi wetan baris ing Matawis | kilèn wong Surakarta ||

50. budhal enjing sultan sawadyèki | pan sadina dènira lêlampah | ing Majalasan kèndêle | baris Surakartèku | amakuwon ing Rajêgwêsi | angantos kang macalang | prajurit panganjur | lampah arsa ginêlaka | adat mungsuh bêrosot jêbul ing wuri | milane maja wuntat ||

189. Pangkur

1. jêng sultan aparing surat | animbali Madura kang sapalih | ingkang sami baris tugur | anèng loji Tapêlan | Radèn Panji Kartasari kang asêpuh | kang nèm Panji Kartayuda | kalihe pinaringan kris ||

2. Carawangsul kandêlan mas | sami wawrat kalihe ngênêm tail | êmas rêgi molulikur | kalawan èpèk renda | katimang mas gangsal tail wawratipun | lawan turôngga nyatunggal | saparabot saput ranti ||

3. lawan waose nyatunggal | kalih pisan go Dhimas Ginarandim | gandhèk [gandhè...]

--- 62 ---

[...k] wau kang ingutus | praptanira Tapêlan | dhinawuhkên kangjêng sultan suratipun | Radèn Panji kalih pisan | andhêku dènnya nampèni ||

4. pinêtêk ngêmbun ping tiga | duk winaos ing Panji Kartasari | nampani surat kang sêpuh | bêbukaning kang surat | pèngêt ingkang sêrat Jêng Sultan Matarum | kulup dhawuhna mring sira | Kartayuda Kartasari ||

5. iya awèh wêruh ingwang | lamun ingsun memba saking nagari | iya arsa mukul mungsuh | mungsuhe mêngko oncat | mring pasisir nanging kulup ingsun jaluk | rèhning kulup sira padha | aduwe bapa ing mami ||

6. padha wruha lakuningwang | dene ingsun arsa angantêb jurit | anggawaa wong Madiun | mantri sapuluh iya | siji mantri prêdinên kudane nyatus | sagung wong môncanagara | sakèhe kang pra dipati ||

7. iya kulup parentaha | saungkurmu konên dèn ngati-ati | karana mungsuh wus mêtu | têka karangkèng padha | lêlakua pacalang ing siyang dalu | dèn adoh gawe barduwak | tundha têlu lawan baris ||

8. karane kulup kang mêngsah | wus gêlare culika ing ajurit | mung gunane prang nênungkul | lah iku kawruhana | mungêl sêrat sagung pêparing kêkintun | wus titi tamat kang surat | panji kalih mrêbês mili ||

9. sênggruk-sênggruk sarwi ngucap | maring gandhèk dika matur dèn bêcik | sampun age aprang pupuh | inggih rama jêng sultan | lamun dèrèng kula prapta wus angumpul | eman [e...]

--- 63 ---

[...man] putrane kang padha | ala rupane puniki ||

10. padhaa dadi lêlamak | ing ayuda patine sun andhêmi | aduwea rupa sèwu | inggih Mangkunagara | botên mingkêd kosok godhi liru têmbung | mangruwêk caruk curiga | tumpêsa kula andhêmi ||

11. sampuna lawan parentah | panêmbahan sangêt amêmacuhi | sira pinundhut gawemu | mring jêng kakang mas sultan | yèn tiwasa ing prang ywa mulih sirèku | dèn nêdya karia aran | muliha ingsun suduki ||

12. makatên ingkang pitungkas | nadyan nênggih botên dèn pêpacuhi | milu prang lawan wong sêpuh | lamun nêdya uripa | dudu anak manungsa anaking asu | puniku ing antêp kula | tan nêdya mingkêd sanyari ||

13. gandhèk pamit sigra mêsat | pêparentah Dyan Panji Kartasari | myang Panji Kartayudèku | mring sagung pra dipatya | sami urun mantri bêbêcik tinuduh | wênèh kang mantri santana | kuda sèwu wus rumanti ||

14. sèwu malih kang adharat | pitung atus jagul pikulan sami | sapi ingkang kalih atus | ingkang momotan bêras | sigra budhal saking Tapêlan Madiun | Radèn Panji Kartayuda | Radèn Panji Kartasari ||

15. kunêng ta wau jêng sultan | saking Majalasan budhalirèki | mungsuh gugup sami ngrungu | yèn kangjêng sultan budhal | mungsuh budhal

sadintên kèndêl ing Warung | nèng Sambong barise sultan | lan wadya Surakartèki ||

16. saking Warung mungsuh bubar | Cêngkalsèwu badhene

--- 64 ---

kang dèn jogi | sultan sawadya anjujul | cinêgat lampahira | nulya menggok Pangran Mangkunagarèku | anjog Kacubung Kasihan | jêng sultan sigra nututi ||

17. sadintên kèndêl lampahnya | Ngumbultinap dhusun dèn pasanggrahi | apan radin mirah banyu | ajêmbar kang polatan | kawuwusa wadya ing Madura nêngguh | nocok Kacubung Kasihan | mungsuh gègèr budhal aglis ||

18. angalèr dhatêng Lêmpuyang | wong Madura wau karsanirèki | ngusir ambêbujung mungsuh | Mantri Madiun sigra | sampun lajêng sampeyan pan dèrèng pangguh | lan rama tuwan jêng sultan | wajib panggiha rumiyin ||

19. baris wontên ing Bultinap | Radèn Panji anut aturing mantri | mantri panuwa Madiun | sigra mingêr barisnya | maring Ngumbultinap wau praptanipun | pinêthuk ing Radèn Rônggo | Prawiradirja wus panggih ||

20. têmbungira Radèn Rôngga | aku iki jujul lakunirèki | kang katur ing ramakamu | sultan kalamun sira | padha banjur angungsir bêbujung mungsuh | anakmu karo tan kêna | pasthi banjur magut jurit ||

21. radèn kalih yèn muwusa | sapa iki tan basa maring mami | dene iku rupanipun | nora pati bagusa | radèn kalih wau alon wuwusipun | pun paman nênggih punapa | Mas Rôngga ing Sokabatih ||

22. Rôngga mèsêm saurira | iya iki rupane nora bêcik | nging karsane wong tuwamu | sultan lamun ayuda | kang ginawe êpatèn mung raganingsun | wau radèn kalih pisan |

--- 65 ---

gupuh sami angujungi ||

23. paman kula dongakêna | atirua sampeyan jêr prajurit | saking ing pasisir kasub | yèn prajurit prawira | inggih kathah têtiyang kang asung wêruh | apa ta rupane baya | Mas Rôngga ing Sokabatih ||

24. iku kulup kang angucap | pan wong cilik darma bae nglakoni | kang kuwasa wong tuwamu | gumujêng kalih pisan | sarêng mangkat prajurit usar nêmatus | salomprèt kang munggwing ngarsa | ing wuri kêndhang saruni ||

25. wuri binang kapurancak | pitung atus busanane tulya sri | munya gonge galaganjur | Rôngga Prawiradirja | mèsêm alon amuwus sarwi lêlaku | baya ta wus karsaning Hyang | waris têmên rakit baris ||

26. iya iki kadar pira | yèn sinawang saking doh kanan kering | madhani wong pitung èwu | rowane anèng papan | apadene têrus atèn-atènipun | atanggên kang para sura | lumrah wanine ngêmasi ||

27. wus cêlak lan pasanggrahan | kèndêl masang rapèk rahadèn kalih | busana usar rinacut | samya udhêng têpi mas | kampuh gilap pinarêmas gunung guntur | dhuwung paringan jêng sultan | ingangge kalihe sami ||

28. sultan siniwèng taratag | pasanggrahan munggèng amparan rukmi | Dèn Rôngga lajêng umasuk | ngirid panji kalihnya | prapta ing jro sultan ngawe-awe gupuh | sèlèh dhuwung tan kalilan | lajêng sami angabêkti ||

29. sami ingaras kang sirah | lajêng datan kalilan mundur kalih | anyêlak [anyê...]

--- 66 ---

[...lak] kewala lungguh | kinarsakakên marak | pinaringan mangap tinanggapan tutuk | lajêng kinèn nguyup wedang | ing asmara radèn kalih ||

190. Asmaradana

1. sultan mèsêm ngandikaris | kulup padha rasakêna | iya wedang ingsun kuwe | apa enak apa ora | iku dudu tèh sabrang | tèh Pajang Mataram iku | radèn kalih matur nêmbah ||

2. nuwun inggih tan kadugi | ing raosipun punika | pan inggih wontên arume | nging wontên malih sapangkat | karaos lamat-lamat | inggih langu-langunipun | nging langu ngragèni eca ||

3. kula nuwun tan kadugi | amêthèk amastanana | sultan angguguk gujênge | radèn kalih matur nêmbah | nuwun jinarwanana | iya lamun sira uwus | tan bisa angaranana ||

4. pan iku godhong saruni | lawas sun alas-alasan | kulup durung angombe tèh | pan iya iku kewala | dene mawa paedah | ngilangakên ngêrês linu | marma ngong mêngko katêlah ||

5. dhasar duk wismèng wanadri | tan arsa ngombe tèh ingwang | angakèhakên panggawe | godhong saruni tan ora | ringkês lamun lêlungan | utawa lamun kaburu | ginawa ringkês kewala ||

6. pira gawanmu prajurit | radèn kalih matur nêmbah | nêm atus usar karbine | pitung atus waos binang | prajurit pêpilihan | tigang dasa tumbak wrêgu | ingkang sikêp tamèng kantar ||

7. punika lamun ajurit | tumbake wrêgu binuwang | pangamuke [pangamu...]

--- 67 ---

[...ke] lawan tamèng | pamurase tigang dasa | sanjata kang satunggal | mimisipun pitung puluh | pitung atus Sampang desa ||

8. Sampang ing jro kang prajurit | sèwu satus pitung dasa | tinandhinga ing yudane | pitung èwu sinêngkakna | punika maksih kirang | tandhinga salêksa purun | sèwu satus pitung dasa ||

9. tan wontên nêdya ngingkêdi | pêjah ing ayahan tuwan | sami lan kula anggêpe | kula apan kalih pangkat | kang rumiyin bandara | kaping kalih tiyang sêpuh | sipat tanglêd nêdya pêjah ||

10. tangkêpa sakêthi sisih | inggih môngsa kumêdhèpa | ayahan paduka katong | kalamun botên pêjaha | wontên ngarsa paduka | dêstun yèn têlotok asu | dede wijiling manungsa ||

11. mêngsah sagêda awarni | sèwu pun Mangkunagara | botên anêdya kumêdhèp | lêbura ngarsa paduka | mungsuh môngsa darbea | inggih ta pêpêjah sèwu | sampeyan punika gadhah ||

12. komuk nagari pasisir | Pangeran Mangkunagara | prajurite awon-awon | sami tiyang cêcandhakan | sanès lawan paduka | pilihan prajuritipun | saking pasisir miyarsa ||

13. jêng sultan ngandika aris | ingsun kogawe wong tuwa | iya sabarang panggawe | nora bisa tundha bema | yèn bisa yèn kênaa | iya cincing têlês iku | pan ingsun kudu tan arsa ||

14. mêngko kanthi sira malih | yèn gêlêma tundha bema | dene kalah lan mênange |

--- 68 ---

dudu duwèking manungsa | kagunganing Hyang Suksma | eca ngandika sang prabu | wontên dasih tur uninga ||

128. Peperangan wonten ing Sima

15. lamun Istimolor prapti | pondhoke lêt tigang bulak | ngaturkên surat praptane | saking nagari Samarang | sultan apêparentah | sawontêne kinèn mêthuk | bupati kang sami seba ||

16. kang pinêthuk sêlak prapti | Mayor Dungkur ingampiran | sarêng wau ing lêbête | panggih sampun têtabean | wus tata sami lênggah | ngaturakên suratipun | kang saking Dêlèr Sêmarang ||

17. tinampan tinupiksaglis | bêbuka tabe kawula | inggih kang kathah-kathahe | katura ing kangjêng sultan | dene prakawis mêngsah | parentahipun gurnadur | inggih saênggenanea ||

18. sampun mênggah nèng pasisir | nadyan maringa ing sabrang | pasthi yèn sultan wajibe | Crêbon Bantên Batawiah | maksih talatah Jawa | rêrêgêd nusa Jawèku | jêng sultan masthi katêmpah ||

19. kang wus sanggup angrêsiki | môngsa kênia suminggah | Kumpêni mung bantu bae | ing rèh martikêl ing yuda | gurnadur sampun pasrah | wus titi kang surat gupuh | jêng sultan apêparentah ||

20. marang rêkyana apatih | Adipati Danurêja | myang punggawa sadayane | siyaga arsa budhalan | saking baris Bultinap | jujul saênggèning mungsuh | mangkya

--- 69 ---

anèng nagri Dêmak ||

21. wus rêmbag lampahing baris | bayak êlêt patang bulak | bayak sarta pangawate | prajurit Madura kêdah | nuwun dadya pangarsa | dhadhaning sultan puniku | ingênggenan wong Madura ||

22. sultan suka jroning galih | Kumpêni nurut kewala | sigra pamit Istimolor | ing dalu tan kawuwusa | enjing tangara budhal | swaraning bala gumuruh | kêbut saking ing Bultinap ||

23. Pangran Mangkunagarèki | kang wus ngancik tanah Dêmak | mêthuki prang bupatine | sakêdhap nuntên lumajar | wismane ingobongan | pangran baris Ngadilangu | abdine atur uninga ||

24. lamun kang mungsuh nututi | sultan ambêkta Madura | makuwon ing dhusun Rêbo | balane kadya hèrnawa | Kumpênine akathah | Madurane tigang èwu | punika loking pawarta ||

25. gugup angundhangi dasih | Pangeran Mangkunagara | ing batin langkung rêntênge | dene tan antuk lerena | kasèp nalangsanira | budhal saking Ngadilangu | angkate ngidul angetan ||

26. dènnya lumampah salingsir | masanggrahan dhusun Rawa | sultan budhal saking Rêbo | sadintên kèndêl lampahnya | ing wanci pukul tiga | masanggrahan sang aprabu | anèng dhusun Tambakbêras ||

27. parentah sri narapati | mring mayor lan Mangkupraja | kinèn dhingini angalèr | nuli menggoka angetan | yèn prapta kidul wetan | nulya rakitên lakumu | ngidul ngilèn arêpira ||

--- 70 ---

28. karana mungsuhirèki | ngidul angulon sêrapat | budhal Mayor Istimolor | sapraptanirèng lor wetan | menggok angidul sigra | ngidul ngulon arêpipun | pangeran kang baris Ngrawa ||

29. gugup dènira miyarsi | kasupit pangrasanira | sigra budhal sabalane | angidul sapraptanira | ing arga Kêndhêng wana | menggok ngilèn nurut gunung | Sugihmanik kèndêlira ||

30. baris Mataram nuruti | lawan baris Surakarta | sultan anèng lèr barise | angidul ing ajêngira | wong Surakarta wetan | amangilèn ajêngipun | Madura kang munggèng ngarsa ||

31. wong Mangkunagaran wuri | akathah ingkang kacandhak | wong wadon pating jarêlèh | kang adharat sami sayah | marang bala Madura | binoyong wadonanipun | baris nolih mèh umangsah ||

32. kang bingung kelangan rabi | kadi angamuk-ngamuka | sami ginèndholan kabèh | aja anggêgalak racak | andulu mungsuhira | sasat karubuhan gunung | dadya kèndêl analasah ||

33. jêng sultan kèndêlirèki | dhusun ing pulo punika | mungsuh kasusu ingantèn | wêlas mungsuh ingkang dharat | nimbali pirêmbagan | Molor ingandikan rawuh | lan Dipati Mangkupraja ||

34. sultan angandika aris | mungsuh iki Mangkupraja | miwah kowe Istimolor | mungsuh iki sun watara | yèn ora angetana | pasthi ngulon maring Kêdhu | yèn ora [o...]

--- 71 ---

[...ra] mangkono iya ||

35. ngetan mring môncanagari | bêcik dhèwèk rêbut para | sira Mayor Istimolor | kalawan Si Mangkupraja | ngulon amêgatana | ing Tingkir lan Kaligandhu | iku dalane ngulona ||

36. lamun angetana iki | Gondhangrawing dènnya ngetan | Pakacangan urut rame | putraningsun karo pisan | kulup padha balia | loji Tapêlan Madiun | kuwatir bok pinaranan ||

37. Radèn Panji Kartasari | Radèn Panji Kartayuda | umatur saha wotsinom | yèn kênia sampun pisah | lawan paduka nata | sultan angandika arum | kulup aja sira susah ||

38. wus lakune ing ajurit | nora kêna puguhana | padha amrih pratikêle | dene besuk yèn karuwan | ingsun nèng tanah Pajang | nuli sun undang sirèku | kalih sami pinaringan ||

39. Kartayuda Kartasari | lèpèn intên kalihira | tinampan amung nyanyêle | lan anyatus kêtonira | mantri Madiun sigra | tinimbalan maring ngayun | wanti-wanti pinitungkas ||

40. dèn padha angati-ati | rumêksa ing putraningwang | besuk yèn sun undang[5] manèh | putraningsun karo pisan | aja sira giliran | Mangkujaya mung sirèku | dadia karta wadana ||

41. radèn kalih anambungi | inggih pun bapa punika | kang wus prayogi saêcop | kuning awatak kawula | pun Bapak Mangkujaya | yèn salina kula kuwur | sigra

--- 72 ---

sarêng budhalira ||

42. Istimolor ngilèn sami | lan Dipati Mangkupraja | ngetan bala Madurane | sarêngan sami sadina | dene wau jêng sultan | bêbujung nginthil angidul | anut saparaning mêngsah ||

43. mungsuh ngidul dèn kêkinthil | gênti pondhokan kewala | langkung pinêsu lampahe | untap untan pan kewala |[6] sampun anjog Gagatan | pangeran kèndêl sadalu | anèng dhusun ing Gagatan ||

44. bêdhug tiga budhalnèki | Pangeran Mangkunagara | balane pating kêcècèr | jêng sultan budhal satêngah | nênêm panusulira | ing wanci pukul sapuluh | pangeran prapta ing Sima ||

45. kèndêl sawadyanirèki | pangrasane mungsuh têbah | dene ta dalu budhale | nèng pasar Sima pangeran | bala angering nganan | lagya utusan mring dhusun | kang ingutus dhêplok rujak ||

46. dhahar rujak dèrèng kongsi | kasusu gègèring wadya | mungsuh prapta panusule | Kudanawarsa praptanya | matur yèn mêngsah prapta | pangeran nolih andulu | ngalor katon mungsuh mapag ||

47. sakawan bandera kèksi | banderane gêni roga | lan wulung kêthèk cirine | sapa pangarêpe ika | tandange aprayoga | Kudanawarsa umatur | banderanira pun Rôngga ||

48. kang wulung ciri wre nênggih | pun Kartanadi punika | pun Rôngga gêni rogane | pangeran nitih turôngga | payo Kudanawarsa | ngundhangana nabrang ngidul | dèn atata [a...]

--- 73 ---

[...tata] undurira ||

191. Durma

1. ingundhangan prajurit ngidul nabranga | tata sakidul kali | lumirig sadaya | nèng kidul kali tata | balaka sultanan sami | punggawanira | sigra atur udani ||

2. marang kangjêng sultan yèn mêngsah amapag | tata sakidul kali | wadya kang pangarsa | lajêng pambêrêgira | jêng sultan amarentahi | Kumpêni dhadha | Danurêja nindhihi ||

3. pangawate Pangeran Natakusuma | ingkang munggèng ing kering | papat pra dipatya | Pangeran Mangkuningrat | pangawat kanan dèn gèni | katri punggawa | ingkang sami anunggil ||

4. kang anunggil Adipati Danurêja | sakawan pra dipati | lawan pamajêgan | para mantri sadaya | nèng wurinya ki dipati | wau adharat | sagunge kang prajurit ||

5. kang pangarsa wus dangu ing campuhira | rame bêdhil-binêdhil | nênggih balanira | Rôngga Prawiradirja | lan balane Kartanadi | wau sadaya | wus kinèn dharat sami ||

6. Pangran Natakusuma tan purun dharat | saprajurite sami | anggung dhinawuhan | gandhèk ping kalih prapta | jêng pangeran datan osik | maksih nèng kuda | wus katur aturnèki ||

7. kangjêng sultan têdhak amung wadyanira | kêkalih kang tut wuri | prapta ing gènira | Pangran Natakusuma | jêng sultan ngandika aris | paran ari mas | nora dharat sirèki ||

8. Pangran Natakusuma astane kiwa | anyêpêng lawungnèki | astanira kanan | sigra narik curiga |

--- 74 ---

lawunge pinancas ing kris | lawung wus pagas | mung sadhêpa kang kari ||

9. Pangran Natakusuma angrik karuna | ature mring rakaji | môngsaa tinggala | dumèh anitih kuda | dudu taliti prajurit | nora kêndêla | ya Si Supama iki ||

10. duk miyarsa sultan ngandika ngrêrêpa | ya uwis-uwis adhi | sun timbangi sira | ingsun wurung adharat | nging yayi ingsun pribadi | kalawan sira | aja na malih-malih ||

11. ingsun amung gawa kuda wolung dasa | bocah kêtanggung mangkin | dene pangkoningwang | pinilih suranata | dharat mapag lan Kumpêni | Sultan Banaran | wuri mangawat aglis ||

12. pangawat kang têngên wurine gènira | Danurja dèn dhawuhi | yèn gêlar anamar | pamangkon dalêm samya | Danurja kinèn nindhihi | mayor ngandikan | Dungkur sigra wus prapti ||

13. kinèn bêkta dragundêr kalih kewala | upas ingkang satunggil | Jakuwe Kapitan | lan Bahiman tinilar | ingkang anindhihi baris | wau pangarsa | dangu rame ajurit ||

14. sami nabrang bala ing Prawiradirjan | lan wonge Kartanadi | sapraptane samya | kidul kali ajêngnya | nêrot angêrutug bêdhil | dhadha wus nabrang | suranata pinilih ||

15. karsanira pangeran angoncatana | lêlurah saragêni | ijo namanira | Sêrangpati punika | wong dharat kang dèn tindhihi | jêlih turira | mring Kudanawarsèki ||

16. hèh kiyai eman têmên kula kônca | matia dèn [dè...]

--- 75 ---

[...n] bêdhili | lumayu kewala | nora dèn pagutêna | lumayu tan wurung mati | angur noleha | Danawarsa nuruti ||

17. sakarêpmu iya sun matur bêndara | sigra sagung prajurit | umagut sadaya | nanging rusuh tatanya | wus anêmpuh rok mangungkih | kuwur ing aprang | bingung danguning jurit ||

18. saragni jo panunjangira bêk pêjah | ingkang katrajang isis | ngalèr pamburunya | pinilih suranata | singa kang tinêmpuh ngisis | ngidul sadaya | pambujênging ajurit ||

19. ramening prang tambur gong bèri wor surak | gumuruh gêgumyuri | swaraning ampuhan | kadya manêngkêr wiyat | kang Carabali saruni | têmpuhing aprang | tangara sirêp sami ||

20. sarêng anduk pangawate kering kanan | Mangkuningrat nindhihi | Pangran Natabaya | tajêm pangamukira | Tumênggung Martalayèki | rukêt pamuknya | rame rok silih ungkih ||

21. Pangran Natakusuma nêmpuh anunjang | caruk pamoring jurit | prajurit nirbita | miwah wong gulang-gulang | sami anêmpuh Kumpêni | sakala lingkab | dragundêr sami nisih ||

22. amarani Ki Dipati Danurêja | marang gèning Kumpêni | anisih sadaya | prasami ingadhangan | tinudingan ing camêthi | Walônda sira | pagene padha nisih ||

23. iya iki ayam gêmuk sukêt mudha | ingkang prajurit Jawi | maksih lêng-ulêngan | sira arêp lumajar | kapitan apan angglirih | hèh jangan gusar | apuntên [apuntê...]

--- 76 ---

[...n] ki dipati ||

24. dene sangêt aribut ing prang punika | Danurêja nudingi | hèh mara tu lêkas | barismu anêngaha | para mantri pra dipati | rok rukêt padha | sira arsa ngoncati ||

25. masang nêngah Kumpêni tangguh barisnya | tinunjang anadhahi | pangguh yudanira | kumrudug êdrèlira | nanging kinapinjal sami | dadya tan kêna | êdrèle dèn susupi ||

26. anggêlasah kang nêngga drèl akèh pêjah | dadya anggiwar sami | nunjang sami Jawa | nging kathah katlamunan | kèh mungsuh rowange sami | dupi wus cêlak | ing prang sirêping bêdhil ||

27. mèh-mèh sami amarakkên tumbakira | wruh sami baturnèki | wau ta pangeran | mantri jêro ingatag | têtulunga ing ajurit | pangran tinilar | kari wong ngampil-ampil ||

28. mung kapêdhak datan luwih kalih dasa | tigang dasa pawèstri | kang sami turôngga | wadonan dharat sirna | sami nalêsêp ing kali | sanadyan lanang | kèh kang nunut pawèstri ||

29. ing garumbul ingkang dèn ungsi umpêtan | ingkang wus nandhang kanin | nalêsêp padesan | wau kang rame aprang | bêrêg-binêrêg mangungkih | mantri jro nunjang | ngalèr anglarug[7] sami ||

30. ana manut prajurit Pakuningratan | mantri jro dèn tut wuri | pangrasane rowang | tinolih tinakonan | bature sapa sirèki | Pakuningratan | ngulati rowang mami ||

31. gya tinêmpuh caruk wong salawe samya | ngamuk kathah ngêmasi |

--- 77 ---

prapta saking wetan | Pangran Natakusuma | wruh mungsuh banderanèki | lajêng tinunjang | carub bêdhil-binêdhil ||

32. prapta mantri pinilih lan suranata | saking kidul prasami | ngalèr lampahira | Pangran Natakusuma | anandêr mantri pinilih | lan suranata | padha banjur angiring ||

33. Martalaya têmpuh lan Kudanawarsa | Martalaya pribadi | bature wus ora | gapruk tumbak-tinumbak | Martalaya dèn kapati | sing kering kanan | Martalaya tan busik ||

34. Danawarsa tinumbak gulu iringnya | pasah ing sawatawis | nulya Martalaya | rinampog wong têtiga | nora pasah nanging sakit | turangganira | Martalaya ngêmasi ||

35. dadya niba Ki Tumênggung Martalaya | ginêbugan ing bêdhil | siji kancanira | Sêrangyuda kang prapta | wau kang sami gêbugi | sigra tinumbak | siji kang angêmasi ||

36. sami giwar ambêkta Kudanawarsa | Martalaya sru angling | kowe Sêrangyuda | matura ing bêndara | Pangran Mangkuningrat aglis | kunarpaningwang | pirèkêna ing kali ||

37. Sêrangyuda tinumbak saking ing wuntat | sigra lumayu gêndring | wau Martalaya | ngrakêt tan bisa polah | ingkang aprang wira-wiri | nyana wus pêjah | tan ana kang ngandhêgi ||

38. wau sultan mulat danguning ayuda | suka dènnya ningali | dangu-dangu mulat | ngalèr bandera dhudha | graita sri narapati | saking kadohan | êndi kang kalah iki ||

39. payo Dungkur tinulungan batur sayah | sira kalawan mami |

--- 78 ---

riwut kang ayuda | sun mêtu ing ngiringan | kulon pasang nyabrangnèki | ngidul jêng sultan | songsong kinèn nênêbih ||

40. lawan kinèn mingkup wau songsongira | ulur lampahing dasih | dèrèng antuk marga | kang munggèng ngarsa sultan | sapraptaning kidul kali | ngidul kewala | wus prapta kidul têbih ||

41. aningali ngetan wontên songsong jênar | ngarêmpêl kang angiring | majêng ngalèr samya | andulu kang ayuda | menggok ngetan sri bupati | pan sampun cêlak | pangran abdinirèki ||

42. wong satunggil anolih yèn wontên kapal | wonge sultan kang wuri | gusti kang kapalan | saking lèr ngidul samya | pangeran kagyat anolih | kang rama prapta | gêtak sarwi ambêdhil ||

43. lajêng kagum giwar sinusul sanjata | binujung lajêng gêndring | langkung kuthetheran | yèn uga kinarsakna | kang putra pinurih kêni | pasthi watgata | kang putra angêmasi ||

44. kang ayuda mung mantri jêro kewala | kang golong ing ajurit | kêdhik ingkang tiwas | amung têtiga pêjah | lan ingkang tatu satunggil | liya punika | rusak sagung prajurit ||

45. saragêni abang lan wong pêrang tandang | saragni irêng sami | polèng ijo kathah | pêparon ingkang pêjah | mantri jro undurirèki | nolih katingal | lumayu payung kuning ||

46. mantri jêro lumayu ngidul tan kêna | mungsuh angalèr sami | wau undurira | mantri jêro angetan | dragundêr ingkang nututi |

--- 79 ---

sarwi ngêdrelan | wus sami nabrang kali ||

47. pra dipati wus sami ngawruhi mêngsah | pan kadi dèn siringi | angidul prasamya | Tumênggung Martalaya | kancane ngaturi uning | maring pangeran | wadana lurahnèki ||

48. Pangran Pakuningrat amurugi samya | gène Martalayèki | ginugah kancanya | têguh-têguh sêsumbar | iya patènana mami | dèn parêk uga | mêtua ngarêp aglis ||

49. pangrasane mungsuh ingkang ngoyag-oyag[8] | dangu dèn pituturi | mungsuh sampun kalah | Pangeran Pakuningrat | dika ingkang dèn ulati | dèn nyana tiwas | wau têngahing jurit ||

Lajêng nyandhak jilid 20.

--- [0] ---

Isinipun

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. inggih. (kembali)
3. Teks asli: Pucung. (kembali)
4. Kurang satu suku kata: misih arêrêbutan gilig. (kembali)
5. undhang (dan di tempat lain). (kembali)
6. untap-untapan kewala. (kembali)
7. anglurug. (kembali)

8. ngoyak-oyak. (kembali)

Serie No. 1259s

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 20.

Bale Pustaka - 1939 - Batawi Sèntrêm.

--- [1] ---

--- [2] ---

Isinipun

... Kaca

Pêpêrangan wontên ing Sima.[1]

50. ingumbenan Martalaya emutira | regang-regang alinggih | pan sarwi sinundhang | pinêndhêtkên landhean | sakawan binongkok sami | badhe kinarya | gotong pan sampun prapti ||

51. Pangran Pakuningrat bêkta tandhu sigra | Martalaya anangis | angrangkul pangeran | bêndara botên nyana | inggih bilih gêsang malih | katur ing sultan | yèn Martalaya kanin ||

52. wau palajênge kang mêngsah angetan | mantri jêro kapanggih | nèng sawetan wana | langkung sami sukanya | kawula kalawan gusti | lajêng lêlampah | rêp Sabakarta prapti ||

53. kangjêng sultan parentah mring Danurêja | mungsuh kinèn ngêthoki | kang mantri kewala | cinacah gangsal bêlah | sarupane mungsuh prapti | ingkang kawruhan | kathah kang ngungsi kali ||

54. ing jêjurang garumbul sami kanggenan | pating galêrêng sami | prajuritnya sultan | tigang dasa kang pêjah | sawêlas kang sami kanin | Dragundêr gangsal | jalan kaki kêkalih ||

55. wus mangkana sultan lan sabalanira | ngingsêri kidul kêdhik | dhatêng Lèpènjêram | dènira masanggrahan | bupati môncanagari | kinèn nalasah | kèndêle mungsuh sami ||

56. kangjêng sultan karya [kar...]

--- 4 ---

[...ya] srat kalih wus dadya | mring Samarang satunggil | satunggil badhenya | marang ing Surakarta | wus dadya gandhèk lumaris | mring Surakarta | kang maring ing Samawis ||

57. kang tinuduh nênggih ajidan Walônda | wau gandhèk kang prapti | nagri Surakarta | pukul satêngah rolas | uprup dalu dènnya manjing | marang kadhatyan | katur ing sri bupati ||

58. suratira kang rama atur upiksa | yèn unggul ing ajurit | aprang wontên Sima | mungsuh undure rusak | ing benjang-enjang angusir | nênggih kang rama | mêdal Surakartèki ||

59. saking dhangan mamêrta panggenan mêngsah | tamat sigra nimbali | sang nata wadana | gêdhong Puspanagara | lawan Tirtawigunèki | wus dhinawuhan | tata-tata mêmanis ||

192. Dhandhanggula

1. Mayor Dungkul putusanirèki | maring Molor ana Salatiga | pêpuntiran ing surate | têgêse surat nêpsu | mèt pangrasa tanpa ngrasèki | Molor ngangsuli sêrat | sambat sakit ngêlu | sangêt sirah kadi pêcah | apurane Mayor Dungkul ing saiki | saking parêng alara ||

129. Kangjêng Sultan damêl gumujêngipun para abdi

2. kunêng wau sultan budhal enjing | saking pasanggrahan Lèpènjêram | gumuruh wadya balane | margèng Wanakartèku | ing

--- 5 ---

Lawiyan ingkang dèn jogi | wau ta sri narendra | ing Surakartèku | angrakit badhe saosan | panusupan sinaoskên dèn rêsiki | pakuwone kang paman ||

3. lawan sagung pasareyannèki | pan sadaya saking jroning pura | jodhang atusan wus andhèr | miwah siyaga sampun | kalih pisan lurahirèki | pelog kagungan nata | sampun mijil dangu | Tumênggung Puspanagara | miwah Tirtawiguna ingkang nênggani | rêspati ing rakitnya ||

4. Kalèn dhusun sinungan sakêdhik | rêratan kang anjog pasanggrahan | anurut têtuwuhane | punggawa kang kapêthuk | nênggih Sasradiningrat panggih | lan wau kangjêng sultan | ingaturan laju | sinaosan panusupan | lampahira Tumênggung Sasra angirid | wus prapta panusupan ||

5. sultan kèndêl taratagirèki | mundhut amparan arsa alênggah | nimbali pra dipatine | Puspanagara ngujung | lawan Tirtawiguna sami | sultan mèsêm ngandika | hèh Tumênggung Lêmuk | sira padha salamêt ta | miwah sira Tumênggung Puspanagari | miwah Sasradiningrat ||

6. nêmbah matur nuwun punggawa tri | kangjêng sultan gumujêng ngandika | têka kapara-kapere | punggawane nak prabu | sisihane wong gêdhong iki | têngên Puspanagara | kagêdhèn kalangkung | iku Si Tirtawiguna | kêcilikên anyêngklèng kapati-pati | bango sisih parênjak ||

7. sru gumujêng sagung pra dipati | kang pinoyok milu latah-latah | kang

--- 6 ---

miyat sangsaya rame | sirêp ingkang gumuyu | sultan wau sigra ngêjèpi | marang Tumênggung Sasra | mangsah ngarsa prabu | bisik-bisik angandika | kangjêng sultan mring cèthi mundhuta aglis | bokor cilik têtiga ||

8. tan adangu sinungakên aglis | sarwi bisik Ki Tumênggung Sasra | iku thole sugatane | nak prabu lan bok mantu | pilihana kang cilik-cilik | kapundhung rontogana | dhuwêt malihipun | gorengan botor bok ana | wadhahana ing bokor têtêlu iki | bokor salaka bajang ||

9. iki bokor pajamon pawèstri | mêngko Tumênggung Tirtawiguna | nuli konên ngladèkake | marang ing ngarsaningsun | bokor gêdhe dhaharan iki

| isènana sêmôngka | lawan durèn iku | Tumênggung Puspanagara | konên ngladèkake marang ngarsa mami | Tumênggung Sasra nêmbah ||

10. kang ngêjèpi mring tumênggung kalih | Puspanagara Tirtawiguna | wus kinèn angladèkake | tumênggung kalih maju | bokor tiga kang alit-alit | isinya kang winadhah | dhuwêt lan kapundhung | gorengan botor binêkta | bokor cilik kang aisi cilik-cilik | Kyai Tirtawiguna ||

11. bokor gêdhe-gêdhe isinèki | Kyai Puspanagara kang bêkta | ing ngajêngan duk praptane | sultan suka angguguk | gumyak sagung kang pra dipati | sultan alon ngandika | iki karyanipun | panujune ana uga | pêpanganan ingkang [ing...]

--- 7 ---

[...kang] padha cilik-cilik | Tirtawiguna gawa ||

12. pêpanganan gêdhe-gêdhe iki | kang anggawa Si Puspanagara | gumêr malih ing gujênge | sagung para tumênggung | sultan langkung lêjar ing galih | tutug apêpoyokan | sarwi tutur-tutur | pratingkahing prang Pasima | sukanira sasat kang putra manggihi | Prabu ing Surakarta ||

13. malah dhahar jêng sultan pan maksih | pagujêngan Ki Tirtawiguna | kang kinèn angladèkake | piringan cilikipun | ingkang isi lalaban ranti | Kyai Tirtawiguna | nyaoskên mring ngayun | isi ranti kêmlandhingan | piring dhasar patèhan kang alit-alit | isi ranti sadaya ||

14. wusnya nglorod sagung pra dipati | kinèn nadhah ing ngarsa Jêng Sultan | Bupati Surakartane | lawan bupatinipun | samya kinèn wor lair batin | pasthi loroning tunggal | nak prabu lan ingsun | bapa lawan kaponakan | mêngko uwis sirna jaman ingkang lali | jaman eling kang ana ||

15. ingkang dipun dhahar wutuh sami | datan wontên ingkang kawoworan | olah-olahan liyane | amung sugatanipun | ingkang putra Surakartèki | tuwuk sapunggawanya | rampadan kang kantun | sadaya ingkang têtiga | pinaringkên pawèstri para garwèki | malah kang tigang jodhang ||

16. pinaringkên kapala prajurit | lawan tumpênge salawe jodhang | warata prajurit kabèh | suguh dhahar kang kantun | pinaringkên kang pra dipati | kinèn angulihêna | marang rabinipun |

--- 8 ---

lan pangiring tumpêngira | kang salawe jodhang marang pra dipati | lan sapangananira ||

17. angandika maring pra dipati | marma sagung para rabinira | oleha sawab brêkate | paringe anak prabu | iya ratu piturun yêkti | beda kalawan ingwang | nadyan padha ratu | ingsun iki pan sêmpalan | nadyan dadi ratu pikir anusuli | sedane kakang êmas ||

18. lamun ora umadêga aji | dadi kuwure ing tanah Jawa | nora tinêmu bêcike | kasaru duta rawuh | kang anamar dhêlik nalitik | ing panggenaning mêngsah | mangke aturipun | wontên bumingong Gabayan | kang dèn goni inggih dhusun Tanjungsari | dhukuh kapit jêjurang ||

19. êstu lamun karusakan gusti | putra dalêm prajurite têlas | mung kantun mantri lêbête | punika ingkang wutuh | mung têtiga ingkang ngêmasi | ingkang tatu satunggal | dene liyanipun | saragni abang prang tandang | saragnirêng miwah mêranggo kang sami | golongan molung dasa ||

20. inggih amung nyadasa kang kari | polèng bugis kalawan tamtama | wolung dasa golongane | lan gulang-gulangipun | wong nirbita tanuastrèki | botên amarapatan | inggih ingkang kantun | pating kulicir kang prapta | wontên gangsal têtiga miwah kêkalih | kathah kang nandhang brana ||

21. opyakipun saking mêngsah gusti | ngriki kathah kengingan punggawa | Rôngga Prawiradirjane | punika sangêt tatu | Martalaya ingkang ngêmasi | rayi dalêm Pangeran |

--- 9 ---

Natakusumèku | punika kang seda ngajang | kang anumbak sagahe langkung mucicil | kenging wêntise kiwa ||

22. saking wuri gènipun nglarihi | ngasta êsês rokoke kabandhang | pan pun kalosod wastane | waos kalangkung ampuh | sabên datan kongsi ming kalih | sipat bêsèr kewala | wulu ayamipun | yêkti mopol lajêng basah | kang anumbak pun Jayaprawira gusti | nguni Kapringgalayan ||

23. Pangran Mangkuningrat sangêt kanin | pun Udanagung ingkang anumbak | sultan angguguk gujênge | milanipun tan ayun | anganggea tidharsèng budi | loking kang kaya-kaya | arang yêktinipun | Adhi Mas Natakusuma | sira ngrasa tinumbak saking ing wuri | pangeran matur nêmbah ||

24. kala kula gupuh amurugi | inggih pinilih lan suranata | duk misah mantri jro ngalèr | gène ambujung mungsuh | suranata miwah pinilih | wontên wurining mêngsah | kêkinthil tut pungkur | dipun nyana sami rowang | kula awe ingrokok[2] ing asta kering | pinilih angetana ||

25. iku mungsuh kang sira tut wuri | dudu kancamu katanggung iya | giwara awora kene | apa tan wruh sirèku | banderane kancanirèki | punika

wontên numbak | inggih saking kidul | palisire larab rantas | kula tolèh nênggih anuntên binêdhil | dhatêng abdi paduka ||

26. pun Banendra lêlurah saragni | kêni cêcangkoke babar pisan | sês kula tan wruh tibane |

--- 10 ---

lajêng anuli kuwur | kula sampun awor pinilih | prajurit suranata | wus samya angumpul | ngiwa nêngên kula bêkta | kang katêrak ing pamuk kawula ngisis | sultan gumujêng suka ||

27. dalanane ya si adhi iki | wong apêrang kuwure mangkana | eling mring dêdoyanane | yèn mungguh awak ingsun | ingsun bingung tan ana kèsthi | têka tiru si paman | kandêle tyasipun | duk aprang nèng Paterongan | iya têka mangkana paman dipati | saking kandêle manah ||

28. dadya wau sultan praptanèki | pukul sawêlas nèng Panusupan | saking dangu pinarake | dènnya manggihi tamu | pukul tiga bubarannèki | aturna taklim ingwang | Puspanagarèku | anak prabu bok atanya | lakuningsun nora banjur sun rèrèni | têka satêngah côndra ||

29. sira padha angrungu pribadi | duk praptane wau têlik ingwang | Si Mangkunagara gone | Ônggabayan ing dhusun | Tanjungsari sawadyanèki | upama sun jujula | sayêktiku nêmu | iya pati siya-siya | dadi ingsun iya tan etung taliti | wong aprang padha darah ||

30. dadi ingsun budhal benjing-enjing | tilik gon ingsun akarya kutha | nging iya sadhela bae | katri punggawa mundur | praptanira ngandikan sami | matur yèn taklimira | ingkang rama prabu | mulane dangu punika | dipun andhêg gujêngan poyokan sami | malah prasamya sayah ||

31. nênggih katur ing sasolahnèki | ingkang paman cucude [cu...]

--- 11 ---

[...cude] kalintang | rêmên momoyok rahabe | wau ta sang aprabu | langkung sukanira miyarsi | alon dènnya ngandika | iya yèn wis rêmu | Si Kakang Mangkunagara | yêkti kêna inganti jagat kartèki | kunêng sami bubaran ||

130. Dhusun Matesih dipun jarah rayah dening prajurit Madura

32. data tita lingira ing nguni | enjing budhal sultan saha bala | sadintên prapta ing Cèpèr | lor wetaning Kalêpu | wadya kinèn apacak baris | sultan ing dalu budhal | lajêng mring Matarum | enjing lajêng mêmariksa | lurung-lurung miwah ingkang nambut kardi | kadhaton pinariksan ||

33. ênggal arjane ingkang nagari | wong desa kèh kang wismèng nagara | ngiras ngili pangejane | anèng desa pan agung | dèn rayahi ing mungsuh sami | sanadyan dèn rayaha | abarênga ratu | mangkana wus ingaranan | ing Ngayogyakarta Adiningrat nênggih | wus misuwur ingundhang ||

34. kangjêng sultan amung tigang ratri | nèng Ngayogya sigra abudhalan | sapraptanira ing Cèpèr | gandhèk ingkang tinuduh | animbali rahadèn kalih | prajurit putra Sampang | saprajuritipun | kang tinuduh nèng Tapêlan | Panji Kartayuda Panji Kartasari | wong anggandhèk wus mêsat ||

--- 12 ---

35. kangjêng sultan budhal sawadyèki | saking Cèpèr dhusun Aribaya | dhinêsak mungsuh badhene | baris Surakartèku | sampun kinèn mingsêr nèng Samin | mangkana amiyarsa | wau mungsuhipun | yèn sultan barise dhêsak | miwah baris Surakarta marêpêki | nèng kilèn Samêdhangan ||

36. dadya kewran pangran tyasirèki | angoncati dalu lampahira | mring Sêmbuyan pangungsine | jêng sultan têlikipun | yèn ing Tanjungsari wus sêpi | angidul budhalira | inggih kang jinujug | angungsi wukir Sêmbuyan | amung kuda tigang atus kang umiring | langkunga botên kathah ||

37. dadya sultan kèndêl animbali | Istimolor lawan Mangkupraja | mênêdi pasanggrahane | Ngutêr ingkang winangun | papan wiyar rata lan malih | munggèng kering Pabean | ngarsa pêkên agung | ingkang minôngka paglaran | kidul pêkên panggenan watang anênggih | sanadyan anèng têba ||

38. sabên makuwon yèn amarêngi | ari Saptu lajêng mijil watang | sami prajuritan bae | saênggèn-ênggènipun | ngara-ara miwah ing sabin | yèn masanggrahan lama | rinakit lun-alun | marma sikêp tigang dasa | pakaryane bêkta pêthèl pacul linggis | wadung kudhi lan kampak ||

39. pecok cucuk dhandhang lan pugari | yèn alami dènnya masanggrahan | ngrakit lun-alun karyane | wau ta kang winuwus | praptanira kang dèn timbali | tanaya ing Madura | saprajuritipun | Radèn Panji Kartayuda | miwah Raka Radèn Panji Kartasari |

--- 13 ---

kèndêl ing Pacangakan ||

40. pan kapêthuk jêng sultan dutèki | Radèn Rôngga Prawiradirêja | andhawuhkên parentahe | mundhut Madura sèwu | kinèn gêcak dhusun Matesih | mantri urunan gangsal | kuda limang atus | têtindhih Dêmang Jalela | Mangkujaya kang andhèrèk radèn kalih | tinimbalan lajênga ||

41. mila kinèn sami anjarahi | wong Matesih padha labuh ala | tan kêna ngantèn bêcike | sumungkêm milu mungsuh | budhal sagung kang ngidul sami | kalawan kang angetan | têtindhihing laku | pun Natasingron nèng ngarsa | sapraptane Matesih wong Madurèki | lajêng sami jêjarah ||

42. kang katêmu lanang dèn patèni | ingkang wadon sami binoyongan | busêkan kuwur gègère | kang adoh ingkang dunung | ngungsi damèn marang nagari | langkung kawêlasarsa | mring pangungsènipun | ing nagari Surakarta | ewon sami pati-pati anusupi | sabarang wisma lêga ||

43. dadya karya murah ing pawèstri | duk puniku nagri Surakarta | wong wadon sangêt murahe | tan ana ngangge etung | nadyan silih anaking mantri | rupa kadi Supraba | kinawin wong bucu | cebol bajang sami angsal | rabi ayu nora nganggo dèn tukoni | anjarag kinawina ||

44. pangubrêse wadya Madurèki | nora kêna umpêtan kacandhak | kang ngili mring alas gêdhe | mring jêjurang katêmu | kang asimpên dunya dèn ungkih | wong cilik sambatira | samya anênutuh |

--- 14 ---

Pangeran Mangkunagara | jêr bêndara kang angrusak ing wong cilik | nora bobot prakara ||

45. pan wong cilik kang padha nêmahi | nêmu rusak pan binurak-burak | dèn uprak-uprak sagone | padha dèn uwus-uwus | pan sawulan dènnya nênggani | dhasar watak wong Sampang | lonyot lacut-lacut | ing mangke antuk pangaja | nguyuh ngadêg mundhak anguyuh pênglari | langkung angingkrang-ingkrang ||

131. Lêlampahanipun Kangjêng Sultan nalika taksih timur

46. kunêng lagya kang angosak-asik | anèng Matesih bala Madura | wau kang lajêng lampahe | ngandikan praptanipun | sarêng lampah gênti winarni | kerid Prawiradirja | ing byantaranipun | jêng sultan gupuh ngandika | anak ingsun karo pinarêng basuki | têmu manèh lan bapa ||

47. biyungira padha akêkirim | bêbêd anêlu marang ing sira | têlu biyungmu kang gêdhe | Bok Ratu Kancanèku | lan Bok Êlor Bok Kulon sami | kalawan usap tangan | kirime nênêlu | mantune kang kari wisma | kiniriman iya kêkêmbên ngêngalih | kalih tapihe samya ||

48. radèn kalih matur awotsari | langkung inggih panuwun kawula | jêng ibu dhawuhkên sihe |

--- 15 ---

kula inggih milungguh | ing paduka amanggih jurit | duk pisah tigang dina | nuntên prang aribut | jêng sultan gumujêng suka | ya mulane mungsuh wani anadhahi | dene pisah lan sira ||

49. katujune babo anak mami | iya ana pitulunging Suksma | mungsuh rusak ing undure | kang mati limang atus | batur têlung puluh mung mati | aprang sasat kiyamat | suh ariwat-riwut | mêngko Si Mangkunagara | têtêp rusak bature mung kari kêdhik | angungsi roning kamal ||

193. Sinom

1. amung anêdya umpêtan | nora nêdya magut jurit | sira iki putraningwang | upama jêjêbad pêksi | iya laku nênitik | yèn nora mêngkono kulup | môngsa antuka warta | nanging aja angilani | dumèh uwis apês tinilar ing bala ||

2. nora kêna ginagampang | yèn pinagut padha kêdhik | adate sok ambêbaya | misih ambôndakalani | duk marang Dêmak nguni | salêksa jarananipun | sawuse prang Pasima | ature batur kang nêlik | jaran têlung atus malah rêbut kurang ||

3. radèn kalih matur nêmbah | mêning iya kula kadi | Mangkunagara kacandhak | abdi dalêm Madurèki | mangkya sampun nitèni | botên wontên walatipun | pisah lawan paduka | aprang sasat kucing gêring | aturipun Paman Dêmang Prajayuda ||

4. dhatêng ing rayi paduka | inggih panêmbahan nguni | duk tuwan mundhut karyanya | nganciki môncanagari | angatêrakên nguni | Bratawirya antukipun | praptèng

--- 16 ---

môncanagara | duk ajêng-ajêngan nguni | Pangran Mangkunagara baris Mamênang ||

5. sampun prapta tigang wulan | tan wontên gêring satunggil | adat inggih yèn lurugan | dhatêng ing Pajang Matawis | prapta satêngah sasi | nuntên sakit ting gêruruh | yèn jangkêp kalih wulan | gêring esuk sore mati | gêring sore esuk kalajêng palastra ||

6. rayi dalêm panêmbahan | makatên dènnya mastani | pan dudu Mangkunagara | iku ingkang milalati | Kakang Mas Mangkubumi | jêr iku anaking ratu | lawan kala neneman | wus ana lakune ugi | anjêrimêt saba guwa gunung alas ||

7. akèh gurune wong tapa | mari-mari saba wukir | wus ngangkat nama pangeran | iya maksih anglakoni | ngarêpe pondhok mami | pan ing kali

Pepe iku | awiwit bakda ngisa | iya ngèli saking nginggil | bang-bang wetan iya mêntas ing Sampangan ||

8. bature kèh kasamaran | kang padha mring kali wêngi | sok dipun nyana bêbathang | ping pindho têlu mênangi | Si Uwa Kartapati | kang wus mênangi ping têlu | matur ring swargi rama | yèn ana putra sok ngèli | sabên bang-bang wetan mêntas Kasampangan ||

9. nulya rama angandika | maring ibu anuturi | anggèr wontên rayi dika | Pangeran Amangkubumi | sok ngèli sabên wêngi | kang Kartapati kapranggul | pan iya nora samar | nyata Pangran Mangkubumi | tanpa rewang ulihe apalarasan ||

10. nuli ibu pêparentah | rama

--- 17 ---

ingsun kang tinuding | angadhang ing bang-bang wetan | ingsun nuli angadhêpi | iya kapasang yogi | maksih bathang saking luhur | duk ngarêpakên mêntas | anuli ingsun adhangi | gih sampeyan ngandikan ibu paduka ||

11. lan pun Paman Cakraningrat | paduka dipun aturi | ambêkus marang ing ingwang | paman angrungu saking di | lan bok ayu miyarsi | iya sapa kang umatur | ingsun matur sawêkca | gih pun Uwa Kartapati | pan mêningi êntas tuwan kaping tiga ||

12. jêr pun uwa inggih salat | subuh milane mêningi | mèh arêp wangkot-wangkota | sun pêksa nuli nuruti | tanpa rewang pribadi | prapta maksiha kalêbus | prapta ngarsane rama | lan ibu wus padha linggih | dhasar ngadhang anganti ing praptaningwang ||

13. ibu anjêlèh karuna | cinandhak astane aglis | adhuh nyawa ariningwang | mêngkono solahirèki | apa sêdyanirèki | kaliwat-liwat sirèku | jêr misih duwe kadang | tuwa tur madêg narpati | kadang wadon laki Dipati Madura ||

14. kapengin sandhangan apa | aranana bae gusti | apan ingsun iki kêlar | nyandhangi sajêgmu urip | aja kapati-pati | amatèni mring ragamu | sarwi mèsêm saurnya | dhuh bak ayu kadipundi | bocah angon wong kapengin sêsandhangan ||

15. kadar wong urip punika | sayêkti kudu kapengin | punjul samaning tumitah | pan inggih ing nungsa Jawi | warti ing nguni-uni | tan nganggur sapuluh taun |

--- 18 ---

nuntên wontên papêrang | milane kula prihatin | sok si sampun anêdya dadi karaman ||

16. dadosa kondhanging raja | nanggulangi ing ajurit | kadang kawula akathah | nanging kawula watawis | sami botên mangarti | bok ayu ujar puniku | rama kalangkung suka | angênciki anganthuki | sakit suka kakang mas matur dêladah ||

17. nuju remane kakang mas | maring ibu dèn surèni | rema bontit kêtêl atap | sarya ibu ngandikaris | solahmu anèng kali | apa tan kabêntus watu | ature têka enak | môngsa wandea jêr kali | kathah watu pan inggih sampun jinarag ||

18. nuli rama angandika | ature asêmu ririh | nanging ta aku miyarsa | jêr ipe rada kadugi | kabèh putrèng narpati | ambapa sabênêripun | akèh ipene rama | mung Pangeran Mangkubumi | akèh iya kang para-para pangeran ||

19. yèn prapta kudu pinapag | mung Kakang Mas Mangkubumi | yèn prapta tan ana wikan | rama langkung sukanèki | têgêse awêwadi | dene rama basanipun | nora pati ngupama | wus kadya anak sayêkti | aturipun wau marang kakang êmas ||

20. gèr kula krungu wirayat | ing benjing nagari Jawi | ilang ajining manusa | kang padha duwe nêgari | para pangeran benjing | lir suruh marambat têbu | kuwure tanah Jawa | nanging ta yèn ana ugi | trah Mataram yèn ana kang mati raga ||

21. gih puniku ingkang bisa | anambak [ana...]

--- 19 ---

[...mbak] kuwuring Jawi | sirah-sirah ting kalarah | kadi sarah anèng siti | tuwin ajining pati | tanah Jawa mung nêm suku | buh ajining manusa | nora nana kang dèn ungsi | nuli wontên satriya amangun yuda ||

22. atunggul kulhu lamtara | abandera lamyakunil | alêlayu palak binas | tan lyan darahing Matawis | awit papa tan sipi | amung apaitan umur | nanging pitulunging Hyang | takat bisa anglakoni | muncul malih kêkêtêge tanah Jawa ||

23. mulane anggèr utama | wong anêdya mati ragi | sabotên-botênanea | sayêkti panggih sakêdhik | wong potang ing Hyang Widi | yèn ta sabar thukulipun | lah mêngko nora nana | iya taliti Matawis | ingkang mantêp wani lara wani pêjah ||

24. amung jêng kakang mas sultan | ing wirayat dèn antêpi | sayêkti sugih wilalat | mila prajurit ngong nguni | duk baris anèng piji | parapatan

ingkang mantuk | arang kang mati aprang | mati binadhog panastis | mêngko aprang lan Pangran Mangkunagara ||

25. wong Madura wutuh ayam | tan ana kang mati agring | ya Si Dêmang Prajayuda | sun pitungkas kinèn eling | yèn Kangmas Mangkubumi | akèh wirayat karungu | sultan dènnya ngandika | nadyan mangkono nak mami | lamun nora tuwajuh anging tyas tiwas ||

26. pakarêmaning manusa | kang anuntun marang sisip | kasaru caraka prapta | saking Istimolor nênggih | surate tur udani | lamun panggenane [panggena...]

--- 20 ---

[...ne] mungsuh | wontên tanah Sêmbuyan | ing Turus kang dipun gèni | amung kantun kêkapalan tiga bêlah ||

27. tri atus kang sèkêt kesah | dinuta nêlukkên bumi | ngilèn Ponjong Pangungangan | mila tiga bêlah kari | Molor gya dèn timbali | anèng Samin barisipun | Dipati Mangkupraja | sapraptaning Ngutêr sami | pirêmbagan ngreka pamukuling mêngsah ||

28. kangjêng sultan angandika | iki Molor karêp mami | anaa kang tunggu brokan | anaa ingkang angungsir | lamun barêngan ugi | tanpa wêkas lakunipun | yèn anggung mangkonoa | kang makolih salah siji | tunggu brokan salah siji angungsira ||

29. pan ingsun dhangi kewala | yèn ingsun ingkang angungsir | sira kang tunggua brokan | Istimolor matur aris | kula ingkang angungsir | paduka ingkang atunggu | brokan ing karsa tuwan | kang prayogi gèning baris | kang pakantuk môngsa borong padukendra ||

30. sultan malih angandika | iya sun gusahe dhingin | yèn maksih nèng kono iya | iya antenana dhingin | wau kang pra dipati | kang munggèng ngarsa sang prabu | miwah sagung satriya | wus aglar ngarsa narpati | kangjêng sultan sigra dènnya pêparentah ||

31. Yayi Mas Natakusuma | siyagaa ingsun tuding | lan Ari Mas Pakuningrat | gawaa punggawa katri | dene lakunirèki | jujuga Masaranipun | nuli sira ngidula | ing Manyaran munggah ngardi | pan ing kono yayi mas pacak barisa ||

32. kulup Arya Natabaya | iya

--- 21 ---

sira kang sun tuding | lan Rôngga Prawiradirja | gawaa kapat bupati | gitikên mungsuh iki | kang ana ing Gunungkidul | sadayatur sandika | sigra ambêndhe prasami | pra dipati kang sami tinuduh karya ||

33. sami prapta barisira | jêng sultan angandikaris | putraningsun karo pisan | Kartayuda Kartasari | ingsun amundhut mangkin | wong Sampang desa nêm atus | kang saparo milua | marang Si Natabaya glis | kang saparo ing Yayi Natakusuma ||

34. radèn kalih matur nêmbah | sandika nolih ing wuri | parentah umagut ing prang | Madura nêm atus prapti | tindhih mantri kêkalih | binagean nigang atus | Dungkur wus dhinawuhan | nyadasa dragundêrnèki | sarêng budhal saking ngarsanira sultan ||

35. Istimolor Mangkupraja | wus kalilan nuwun pamit | mundur saking ngarsa sultan | praptanira anèng Samin | undhanga ngati-ati | manawa tinundhung mungsuh | mungsuh arsa ginusah | jêng sultan utusan gitik | marang Wukirkidul samya pêpucungan ||

194. Pocung[3]

1. ya ta wau sultan mangsuli pamuwus | radèn kalih pisan | ya kulup bapakirèki | maksih eling pratingkah ingsun duk kuna ||

2. ingsun iki pan wus lawas laliningsun | bapakmu adhi mas | dèn angên-angên pinikir | sapolahe lan ingsun padha nonoman ||

3. duk puniku jêng sultan anggung mêmangun | gêlaring ayuda | dènnya kanthi Madurèki | gèning dhadha kang kinarya prit anêba ||

4. wadyanipun kang dharat kinèn angumpul | kalawan [ka...]

--- 22 ---

[...lawan] Madura | Madura kang para mantri | sami dipun ajar prang luhur ing yuda ||

5. sabên pukul satêngah papat akumpul | munggèng ara-ara | sultan kang ngajar pribadi | sabên sore mung Saptu lawan Jumuwah ||

6. kèndêlipun yèn enjing kèndêl ing bêdhug | samya têtayungan | sagung prajurit jro sami | kaparake winangun tayunganira ||

7. radèn panji kêkalih kang samya muruk | dadya sabên dina | kêbo têlu sabên enjing | pinaragat lawan nênêm wêdhusira ||

8. pitikipun sabên dina satus-satus | lan Walônda dharat | sinalinan gêlarnèki | amor lawan prajurit jro lan Madura ||

9. sabêtipun pangawat maksih kudèku | anggung adhadharan | sadina-dina sang aji | lan prajurit Madura Wlônda lan Jawa ||

10. kang puniku barise bêlabur sêkul | asarah sujenan | sapitan age lan takir | gule pindhang kadi bênaning hèrnawa ||

11. pan karupuk ngambak apindho pêpunthuk | tuwuk sabarisan | wus amor gêlare nungkil | kunêng ingkang angrakit dadèkkên gêlar ||

132. Prajurit Mangkunagara nempuh nagari Ngayogyakarta

12. kang kawuwus punggawa ingkang ingutus | amukula mêngsah | wus praptèng Sêmbuyan wukir | Pangran Natabaya lan Prawiradirja ||

13. kancanipun sakawan lan prabu mênggung | Kumpêni sadasa |

--- 23 ---

tigang atus Madurèki | senapati Pangran Arya Natabaya ||

14. ya ta wau Rôngga Prawiradirjèku | rêmbag anukupa | rintên pasthi tan manggihi | anuruti Pangran Arya Natabaya ||

15. têlikipun Pangran Mangkunagarèku | sampun amiyarsa | yèn badhe tinutup aglis | dalu-dalu budhal atilar Sêmbuyan ||

16. têngah dalu mangilèn ing bidhalipun | ya ta kang winarna | ing Garogol wontên baris | Pangran Timur ing nguni pêpatihira ||

17. kang jêjuluk Jaya Sudirga Tumênggung | kagyat kathetheran | wêdale dipun tadhahi | wus rinampog Jayasudirga palastra ||

18. kang anutup prapta byar kapanggih suwung | mung kèndêl sakêdhap | anjujul arsa nututi | mring lampahe Pangeran Mangkunagara ||

19. munggèng ngayun Pangeran Natabayèku | lan Prawiradirja | Singaranu Kartanadi | pra dipati sadaya tumut nèng ngarsa ||

20. lan dragundêr sadaya tumut nèng ngayun | Madura pitulas | ingkang anitih turanggi | lampahira praptèng sawetan Manyaran ||

21. Pangran Mangkunagara kang ngalor wau | praptaning Manyaran | kagyat katanggor ing baris | barisipun Pangeran Natakusuma ||

22. nikêl wangsul mangetan arsa kapranggul | dadya ngidul mapan | anuli ngilèn sakêdhik | lajêng ngalor mêdhun sawetan Manyaran ||

23. ngetan laju ingungsir sapurugipun | Pangran Natabaya | miwah kang samya abaris | Kamanyaran [Kamanyar...]

--- 24 ---

[...an] Pangeran Natakusuma ||

24. bubaripun anginthil sanggèning mungsuh | sabêdhug ping tiga | dènnya mèh kelangan ari | wanci bêdhug anulya kacandhak udan ||

25. kang bêbujung sami kèndêl dhusun-dhusun | lajêng lampahira | Pangran Mangkunagarèki | wanci surup prapta tanah Ônggabayan ||

26. ênjingipun Pangran Mangkunagarèku | lajêng ngidul ngetan | praptèng Tanjungsari malih | kang bêbujung prapta Ngaribaya ika ||

27. sampun katur wau kèndêle kang mungsuh | wangsul Ônggabayan | wangsul Tanjungsari malih | kangjêng sultan wau kalane miyarsa ||

28. lajêng ngutus inggih matêdhani wêruh | lawan pêparentah | Mayor Istimolor nuli | angungsira marang ing sagoning mêngsah ||

29. lajêng nambur lan dipati mangkya sampun | atêngara budhal | saking barisan ing Samin | bêdhol kabèh wau baris Surakarta ||

30. ya ta wau wong Madura kang tinuduh | mring Matesih prapta | ngaturkên boyongan èstri | awon pênêd gêdhe cilik karo bêlah ||

31. sami untung wong Madura kang tinuduh | langkung dènnya kathah | dènira anjajarahi | ambarêngkut kang sami bêkta barana ||

32. ya ta wau Istimolor lampahipun | praptèng Ônggabayan | wana gêng dèn osak-asik | kagegeran Pangeran Mangkunagara ||

33. sigra wau Kudanawarsa tinuduh | amapag sakêdhap | anglebati dènira mrih | akaryaa rungak ririha kang lampah ||

--- 25 ---

34. apanuju Kumpêni pangarsanipun | prajurit jro samya | kang sami nitih turanggi | munggèng ngarsa abdi dalêm kawan dasa ||

35. duk andulu balane Danawarsèku | kapal tigang dasa | prajurit sami nyamêthi | turanggane sami amalêtêr mêngsah ||

36. dadya rusuh dragundêr samya anusul | tuwin pra dipatya | Pangran Mangkunagarèki | kagegeran kalahe Kudanawarsa ||

37. gugup-gugup budhal dalu wanci surup | angetan ngalor pan | kèndêl tanah ing Matesih | têngah dalu sarêng byar rahina bubar ||

38. lampahipun mangalèr marang ing Kuwu | Molor Mangkupraja | pratela aturing têlik | dyan sinusup budhal saking Ônggabayan ||

39. kang jinujul wus praptèng Kuwu Balêdhug | kang anjujul prapta | ngancik tanah Sukawati | wau Pangran Mangkunagara wus panggya ||

40. Radèn Guntur kang wus dadya mantunipun | maksih sugih bala | gangsal atus kang turanggi | asrêp tyase Pangeran Mangkunagara ||

41. dadya kumpul kêkapalan wolung atus | gitik Garobogan | nora bêdhah sêlak prapti | kang bêbujung Istimolor Mangkupraja ||

42. kuwur-kuwur palayune ngawur-awur | nasak-nasak wana | menggok mangetan sêdyèki | maring Jipang dènira ngungsi asmara ||

195. Asmaradana

1. marang Jipang dèrèng kongsi | kasêlak kabujung prapta | cinêgatan ing lampahe | nabrang kering kênthêng sigra | kapêthuk wong Madura | kalih èwu kang ambantu | pangirid [pa...]

--- 26 ---

[...ngirid] Rêksanagara ||

2. lan satus Kumpêni putih | Pangeran Mangkunagara | wus pisah lawan mantune | Pangeran Anom punika | wangsul ngilèn lampahnya | ngidul jog Kuwu Balêdhug | tilar bupati satunggal ||

3. kuda pitung dasa nênggih | sinaosakên kang rama | têgêse puniku kinèn | anuntun anêdah marga | nêdya ngubêngi wana | Ki Tumênggung Gandhuwaur | lampahe sok nilap-nilap ||

4. beda lawan wong nagari | Gandhuwaur wong alasan | panunggange kuda seje | miwah pangambahing marga | kang nurut nora bisa | sami susah manahipun | bala Amangkunagaran ||

5. kalangkung amuring-muring | Pangeran Mangkunagara | dene kaliwat jêrihe | mungsuhe taksih atêbah | lumayu nunjang-nunjang | Si Tumênggung Gandhuwaur | lampahe têka angidang ||

6. arsa nora dèn tut wuri | angur aja têtunggalan | Si Gandhuwaur polahe | nora patut tinuruta | iya wong kêna tulah | palayune sipat alu | nora patut lan manungsa ||

7. wus kinèn anyimpang aglis | pangeran nurut jêjurang | anging arêsik margine | anurut margi maesa | panikêle mangetan | mungsuh ngilèn lampahipun | dadya wau paliringan ||

8. mêntas saking jurang sami | Pangeran Mangkunagara | kèndên[4] ngêntosi rencange | mêngsah kang kantun akathah | wau sawusnya têlas | bature mungsuh anjêdhul | Pangeran Mangkunagara ||

--- 27 ---

9. wana kiwa dèn ênggoni | Pangeran Mangkunagara | pojok gunung nèng lêlêgok | dhusun alit tan katara | pinggir kali kalingan | pêpunthuk kulon lan kidul | eca ngayêm-ayêm badan ||

10. kunêng wau kang winarni | kangjêng sultan sampun budhal | saking Ngutêr sabalane | minggah dhatêng ing Sêmbuyan | lampah kadya angarak | wong desa kathah dêdulu | ing langkungira jêng sultan ||

11. sapraptanira ing wukir | pasanggrahan dhusun Bêngkak | rinakit kutha kêkojor | wong Madura tan atêbah | lan Pasanggrahan Bêngkak | dinadosakên sadhusun | wismanya gêng-agêng sirap ||

12. arakit kanan lan kering | ing wuri miwah ing ngarsa | tuwin badhe lun-alune | miwah papan pasêseban | langkung sami prayoga | lampahing pangagêng sampun | anênitik pasimpênan ||

13. rontaka mariyêm sami | kapanggih sampun linambang | jêng sultan langkung sukane | Madura suka sakeca | tan ana kêna lara | owah tan kadi rumuhun | baris Piji baris Pokak ||

14. akathah kang mati gêring | mangkya prasamya waluya | mila wong Madura kabèh | kalangkung sami sukanya | arang prang krêp angrayah | akathah boyonganipun | sami antuk brana kathah ||

15. dèn ugung kapati-pati | pinutra rinaja muka | ing prang môngka manggalane | pinitayan ing alaga | prajurit putra Sampang | sèwu satus pitung puluh | papasthi dadya pêpêjah ||

16. rinayat ing siyang ratri |

--- 28 ---

sabusana sinabêkan | jêng sultan langkung sagêde | ngruntuhkên tyas amrih kondhang | lair batine kêna | mangkya ta ingkang winuwus | Pangeran Mangkunagara ||

17. wadyane atur upêksi | yèn mêngsah badhe anggêcak | ngriki kinêpung badhene | têlike matur waspada | ing panggenan punika | dèrèng kèndêl kang umatur | kasaru gègèr ing jaba ||

18. wontên mêngsah ingkang prapti | wontên kuda pitung dasa | prasami binang waose | rasukan kang sikêp binang | kotang sangkêlat abang | sampun minggah ing gêgunung | kang wontên lêdhok busêkan ||

19. binêdhilan saking nginggil | sakalangkung kuwurira | sira Mayor Istimolor | mirsa swaraning sanjata | têtanya maring Kulman | saure wong patang puluh | kang turôngga sami mangsah ||

20. mayor sira nora mênging | Kulman saurira sugal | dene dika inggih dèrèng | darbe parentah ing kula | inggih yèn wus kawaca | ngrèh prajurit patang puluh | mratikêlakên ing aprang ||

21. Tumênggung Wiradigdèki | wruh sêmune dènnya wawan | mayor lawan kapitane | gih tuwan sampun kawula | puniki kang nusula | punapa parentahipun | abdi dalêm kawan dasa ||

22. kang sampun rame ajurit | punapa ingundurêna | manthuk Mayor Istimolor | gya Tumênggung Wiradigda | nitih kuda umangsah | lawan kuda patang puluh | wus samya nyandêr anyongklang ||

23. patang puluh kang ajurit | adangu ulêng-ulêngan | bêdhil-binêdhil dangune |

--- 29 ---

ing gêgunung lan lêlêbak | kang wantêr kawan dasa | akathah ingkang tumurun | nanging mungsuhira bubar ||

24. prasamya ngungsir nututi | kang prajurit kawan dasa | kasaru wau praptane | Ki Tumênggung Wiradigda | saking wuri praptanya | jêlèh sarwi nguwuh-uwuh | dèn enggal padha mandhêga ||

25. mayore asrêngên sami | iya arêp kêkêrêngan | ika lawan kapitane | kapindhone mungsuh ika | têlung atus turôngga | sirèku mung têlung puluh | têka wani ngungsir padha ||

26. binanggela sira iki | kawan dasa sami nyêntak | lurah bêbêkêl ambêkès | mayore mayor kêparat | lamun mungsuhe têbah | lampah sinusu ginugup | yèn mungsuh wus katon pêdhak ||

27. lakune amitambuhi | nora kêna kêbat-kêbat | ika mayor digêgojog | kancane nambungi sugal | sok nyêgah wong umangsah | botên wontên kapokipun | yèn tan wadhuke tinumbak ||

28. Tumênggung Wiradigdèki | wau kalane miyarsa | patang puluh pangucape | si cangkêm astapirollah | ngucap dewa bathara | binanjuta raganingsun | têka mênangi rontogan ||

29. ing môngsa kang nora bêcik | tumênggung amêgap-mêgap | Tumênggung Wiradigdane | gumyak lurah kawan dasa | bêbêkêl sami mara | punapaa ki tumênggung | sampeyan amêgap-mêgap ||

30. tumurun saking turanggi | Ki Tumênggung Wiradigda | kene anak putuningong | dèn tata alêlinggihan |

--- 30 ---

nuli atêtakona | iya mangkene basamu | hèh si bapa dhaplok gêrang ||

31. kula dika pituturi | lakune wong lêlurugan | aran si bapa wong dhaplok | misih ana ngalam donya | wajib sun kulak warta | ujar si bapa wong dhawuk | tur kang momong lakuningwang ||

32. nuli ingsun mituturi | mangkene pangucap ingwang | babo anak putu ingong | basa lakune wong aprang | pasthi anganggo môngsa | kêbat lan ririhing laku | mapan iku angon môngsa ||

33. sirèki padha kêkasih | tur prajurit sêsimpênan | abagus-bagus rupane | dudu wong suwang sajinah | papat sajampêl padha | aja na pating gêritu | mayore arêp ditumbak ||

34. mangkono arêpirèki | mayore ika kêparat | payo tinumbak wadhuke | angling sarwi têbah jaja | mangkono padunira | si bapa iki wong dhawuk | dhingin kèlèkna bangawan ||

35. aja kongsi amênangi | wadhuking mayor tinumbak | lurah bêbêkêl arame | gumuyu pating cukakak | kae mêngkene nyawa | iya senapati iku | aprasasat ratunira ||

36. kuwasaning ratu pasthi | kang ginadhuh senapatya | wong nglurug ana kalane | mungsuh yèn adoh pinêlak | yèn pêdhak ingomberan | giring bae têgêsipun | nora kuwajiban ing prang ||

37. kang kuwajiban ing jurit | kang sanggup nyirnakkên mêngsah | ing tanah Jawa ratane | sultan kang baris Sêmbuyan |

--- 31 ---

dhèwèk iki mung kapal | rèhning ta sultan puniku | wong tuwane ratunira ||

38. ala tinegakna ugi | wong aduwe wong atuwa | lah uwis ta padha anglèng | lah ta anak putuningwang | yèn cinêgah gone prang | lara atine kalangkung | nêpsune asalah tômpa ||

39. gumujêng sami nauri | kyai jêr mangke wong lanang | kadi nglêboni talèdhèk | tombokipun namung suwang | wus ngadêg dèn wurungna | prandene dèn tohi lampus | makatên lumrah wong lanang ||

40. kumroyok sami nauri | mulane kaku kang manah | mring mayor muring-muringe | kudu numbak kang anyêgah | gêrêng Ki Wiradigda | lah mring êndi mungsuh wau | gih kiyai ngidul ngetan ||

41. saksana sami dèn irid | mring Tumênggung Wiradigda | wus prapta ngarsane mayor | sami kinèn têtabean | Molor napsune ilang | mulat ing garudugipun | gêdhe cilik têtabean ||

42. sawusnya tata alinggih | mayor tanya solahing prang | wus tinutur sarakite | angsal bandhangan turôngga | tiga kuda wowotan | ingkang bêkta sangunipun | gugup prasamya tinilar ||

43. wontên lêdhok dhusun alit | kula prapta saking arga | aprang tumungkul mangisor | gègère ulêng-ulêngan | yèn wontêna uninga | inggih margine satuhu | mungsuh kathah kang kacandhak ||

44. prapta mantri juru têlik | ature mêngsah lajêngnya | nyabrang bangawan mêdale |

--- 32 ---

lajêng mangidul kewala | mring tanah Sukawatya | inggih taksih lajêng ngidul | mayor sigra atêngara ||

45. budhal sami anututi | sadintên dènnya lêlampah | kèndêl makuwon ing Murong | sadalu enjing abudhal | ngidul bênêr lampahnya | kèndêl tanah Karja Jamus | sadalu enjing budhalnya ||

46. Pangran Mangkunagarèki | lajêng ing pangidulira | prapta tanah ing Sagawe | lajêng marang Kanggabayan | nuntên Kudanawarsa | ingutus anyilib dalu | bêkta kuda tigang dasa ||

47. mandungi kang bêranèstri | kang wontên ardi Sêmbuyan | wukir kalangkung gawate | prapta dalu lampahira | nênggih Kudanawarsa | rêrepot kang wontên gunung | binêkta mudhun sadaya ||

48. margine malipir baris | rahayu tan kauningan | Kudanawarsa lampahe | wus prapta ing Kanggabayan | pangeran langkung suka | nora cicir maksih wutuh | pawèstri miwah bêrana ||

49. andangu kang dèn barisi | Burêng Karangjati Bêngkal | kèbêkan wadyabalane | prajurit atmajèng Sampang | tigang èwu sadaya | sèwu satus pitung puluh | andêl kang dinulang mangap ||

50. Radèn Panji Kartasari | Radèn Panji Kartayuda | panêmbahan pulunane | punika manggalaning prang | wantêr surèng antaka | ingkang sèwu kawan atus | sami Sampang kawuk desa ||

51. punika kang jêjêmbêri | pambajage Calawênthah | aruhara tanagane | mung satus Kumpêni pêthuk | dragundêr kêkapalan | jalan [jala...]

--- 33 ---

[...n] kaki kalih atus | kawan atus Kumpêni Slam ||

52. rama paduka pribadi | ingkang kula kèn nacahna | ingkang pasthi pêpênêde | wolung atus wolung dasa | kalêbêt kang kaparak | ingkang sèwu kalih atus | prajurit sêdhêng kewala ||

53. mung punika dèn ugêmi | prajurite kangjêng sultan | sadasa pra dipatine | pêpênêde molung dasa | parane ngalih bêlah | liya punika pukulun | ewon alêksan arahan ||

54. kangjêng sultan sabên enjing | gamêlan atêtayungan | sadaya pan prajurite | ing sontêne ajar-ajar | gêladhi ing ayuda | mung towong Jumuwah Saptu | praptane têlik pacalang ||

55. pakuwone sri marnani | barisan kadi nagara | cukup sarewa-rewane | alun-alun panangkilan | pêkên agêng ing ngarsa | kang miyarsa sami ngungun | sami anutuh sarira ||

56. luputing pratikêl sami | kang wus apês dadi rosa | kang wus rosa apês malèh | wit adigung ing wêwatak | aniwasakên lampah | mangkana pangeran wau | liwung bingung karsanira ||

57. sagunge repot parèstri | pinarnahkên pinarênca | sawusnya mêmirèkake | pangeran nulya budhalan | ing karsa tan karuwan | nanging kabatinanipun | nêrombol maring Mataram ||

58. nanging wadya sadayèki | tan wontên kang jinarwanan | angkate saking pakuwon | ngidul angilèn lampahnya | rêp anèng Pamêlaran | sadalu ing budhalipun |

--- 34 ---

enjinge budhal sarkara ||

196. Dhandhanggula

1. ngidul ngilèn maksih lampahnèki | tigang atus maksih wadya kuda | sampun tan wontên dharate | manah kadya anglalu | mung anutuh sariranèki | padha wus prapta taman | tyasira margiyuh | riris atrang arka memba | prapta dhusun ing taman dhusun Cêndhani | wontên dhandhang atusan ||

2. mencok ing galêng amarik-marik | kiwa têngên galêngan gènira | adawa nurut galênge | kinintên kawan atus | duk tinêrak gagak prasami | mibêr angalih ngarsa | malih pan katêmu | kadi wau solahira | nurut galêng rêrentengan marik-marik | mibêr gagak tinêrak ||

3. nuntên kapanggih ing ngarsa malih | sami graita ngênês tyasira | nênggih sagung prajurite | angilèn lajêngipun | surup prapta sawetan Taji | makuwon ing Jêmbangan | Kudanawarsèku | mondhok misah kilèn desa | pan sadalu prasamya amêrêm mêlik | enjing pangeran budhal ||

4. Danawarsa mêthukakên margi | kadi punapa karsa sampeyan | dhatêng ing pundi sêdyane | pangeran lingirarum | ingsun arsa marang Matawis | matur Kudanawarsa | kula turi wangsul | manah kula botên eca | duk ing marga ing dhandhang punika wingi | ngalamat botên eca ||

5. pangran bêkus pangandikanèki | nadyan matia wus ingsun têmah | ana ing dagan ulone | kabèh ajakên wangsul | yèn tan ana trêsna ing mami | karia wêwayangan | banjur dhèwèk [dhè...]

--- 35 ---

[...wèk] ingsun | Kudanawarsa karuna | têbah jaja sigra pangeran lumaris | wus prapta Parambanan ||

6. kang kapapag miwah kang kapering | tan ana nyana yèn iku mêngsah | angeca-eca lampahe | ing Pajarakan rawuh | wong kang ngampil kang anèng ngarsi | wontên wong jêjaranan | tiga sami nusul | lawan rêmbatan têtiga | dipun tumbak marang wong kang ngampil-ampil | rinêbut pêndhoke mas ||

7. sami giwar maring ing wanadri | nanging dèrèng mastani yèn mêngsah | narka pangran Dipatya Nèm | sapraptanirèng Jênu | rare angon maesa sami | pinêndhêt kang sadasa | binêkta nèng ngayun | mindha wong saking barisan | ngalihakên mring rayahan pan prayogi | tan ana narka mêngsah ||

8. prapta kitha Ngayogya nagari | Cakrakarti nèng loji samana | main kartu Walandine | Walônda saradhadhu | siji nuju munggah ing biting | angungak wetan ana | gêgaman kang rawuh | nuli mêdhun si Walônda | tutur-tutur mring gone wong amêmain | kartu kang tinuturan ||

9. kyai wontên gih gêgaman prapti | punapa rawuh gih kangjêng sultan | miwah pangran Dipatya Nèm | Ki Cakrakarti gugup | lan alpèrès wus sami mijil | minggah bètèng angungak | Cakrakarti nangguh | tuwan inggih kula kônca | botên wontên bandera kadi puniki | tuwan manawi mêngsah ||

10. twan alpèrès anauri bêngis | lah tandhane lamun batur ika | gawa kêbo jarahane | apa gawene mungsuh | kang

--- 36 ---

anggawa kêbo mariki | Cakrakarti angucap | wus gêlaring mungsuh | Mangkunagara culika | Walôndane wangkot narka batur sami | dene gawa maesa ||

11. wong pêpasar datan wontên osik | prapta wetan ngalun-alun sigra | amenggok ngidul lampahe | anjujug wismanipun | Jayaningrat lagya nujoni | tamuan Sindusastra | duk sami anguyup | wedang duk sacangkir sewang | prapta mungsuh nèng latar samya bêdhili | gugup Kyai Janingrat ||

12. mêtu kêbon palayunirèki | wong adharat binuru turôngga | menggak-menggok palayune | maring pomahan dhusun | Sindusastra palajêngnèki | rubêd sampun kacandhak | rinampog wus lampus | Ki Tumênggung Sindusastra | nulya gumyuh wong wadon pating jalêrit | wor swaraning sanjata ||

13. loji kidul Walandine kêdhik | mung wolulas ping kalih êdrèlan | lajêng tinilar lojine | ngungsi jroning kadhatun | kori gapit kidul kinunci | wadya Mangkunagaran | pangerane mudhun | balane mudhun sadaya | angrêrayah pangeran lumêbêt loji | kidul amanggih arak ||

14. tigang kupi binakta pribadi | jro kadhaton gègère puyêngan | wong gamêl wus nyaosake | turôngga mring kadhatun | para garwa kang sami kèri | samya ngrasuk busana | nitih kuda sampun | Kumpêni dharat wolulas | kang garêbêg para garwa marang loji | nèng Gêladhag kapapag ||

15. Kumpêni [Kumpê...]

--- 37 ---

[...ni] Slam têtulung mring wuri | Kapitan Kisêr sasradhadhunya[5] | satus rolas mung kathahe | nanging prajurit punjul | pun kapitan tolong siniwi | Pangran Mangkunagara | nèng pasowan kidul | Kapitan Kisêr duk prapta | kori kidul kang minêb binuka aglis | Kapitan Kisêr mêdal ||

16. mungsuh gugup wêruh dèn wêdali | sami mapan anitih turôngga | Kapitan Kisêr angawe | payo aja na mundur | lajêng campuh Kisêr nadhahi

| drèl lajêng kang panumbak | binakta angamuk | mapag lan sanjatanira | rame campuh Kisêr pêngkuh anadhahi | Radèn Adikusuma ||

17. nulya kêni wêntise kang kering | mantri lêbêt matur ing pangeran | kang rayi sangêt kanine | sami ngaturi mundur | pangran sigra mundur nuruti | binujung binêdhilan | tan atêbih wangsul | pangeran lajêng lampahnya | sapraptaning lor kadipatèn anuli | lajêng menggok mangetan ||

18. loji agêng anguluk-uluki | sungsun-sungsun mariyêm tinundha | pating jalêgur swarane | lampahira andarung | Parambanan pangalornèki | nêdyanjog Wanakarta | Majênang dinunung | Majênang badhe mangetan | wadyèng Surakarta kang baris nèng Samin | samya miyarsa warta ||

19. miwah sultan sampun dèn aturi | uninga mring kang têngga nagara | lamun mêngsah panrombole | jujug pasowan kidul | Sindusastra nadhahi jurit | tiwas pêjah ing ajang | ingkang dèrèng untung | pun Dipati Jayaningrat | binabujung [bina...]

--- 38 ---

[...bujung] dèn pistuli dèn tumbaki | dèrèng prapta ing ajal ||

20. duk miyarsa wau sri bupati | langkung duka sigra pêparentah | ngorak-arik wukir kabèh | Mayor Molor sigra wus | tur uninga budhalirèki | saking barisanira | dènyarsa anjujul | abdi dalêm kawan dasa | kang agilir mring mayor dipun ampiri | mêdal ing Surakarta ||

21. ngilèn anjog ing Wanakartèki | pangeran nuju nèng pagabahan | lèring Bangak lèring lèpèn | jêpit ing praptanipun | baris Surakarta angungsir | kèndêl anèng Majênang | sarêng byar jinujul | dèrèng têbih budhalira | dèn kêkodhol repot ing lampahirèki | pangran untap-untapan ||

22. ngalor angetan dipun kêkinthil | sami sayah balane pangeran | solahe pating kulawèr | nabrang bangawan jawuh | sawêg mêntas kang bujung prapti | tinututan sanjata | rikat lampahipun | prajurit jro kawan dasa | sami angsal ngupaya sabrangan nginggil | cèthèk pan sami nabrang ||

23. mayor kagèt sapa nabrang iki | têka bisa ngupaya dêdalan | mèh kasrêngên pangarsane | banjur anunjang mungsuh | kira-kira kadi kang dhingin | punika wusnya nabrang | gya banderanipun | ingugêr inggil palasa | ing ngandhape rinubung dipun jagongi | mayor gumujêng mulat ||

24. angling Bapa Mangkupraja iki | ampat puluh itu liyat jugak | lêbih bêtul pakêrjane |

--- 39 ---

boleh nabrang dhahulu | tradhak lantas blakang mênanti | itu ponang bandera | dikêt sama puhun | jikalu mungsuhnya dhatang | sampè mati sakira trak mau lari | sami gumujêng latah ||

25. sampun nabrang sagung ingkang baris | nurut margi ing nginggil sadaya | cèthèk rata sabrangane | wusnya mêntas wadyagung | lajêng budhal sagunging baris | pangeran kèndêlira | tanah Karja Jamus | enjinge jinujul samya | pangran lajêng sampun anjog ing Matesih | lajêng ngidul kewala ||

26. sampun anjog Ônggabayan malih | Tanjungsari panggenane lama | bola-bali panggubêde | ngubêngi ping sapuluh | ing nagari Surakartèki | kadya ambêrêg sangsam | tinut binabujung | baya sampun takdiring Hyang | nora cidra kukumolah anêtêpi | wilalating wong tuwa ||

27. sangêt dènira katoring-toring | salusupan anèng jurang-jurang | binujung binutuhake | mangkana kang winuwus | Pangran Mangkunagara nênggih | ngalih panggenanira | saking Tanjungsantun | angidul tanah Kaduwang | pinggir lèpèning wolak-walikan kali | sawetaning Katimang ||

28. Pinitanggung dhusun kang dèn goni | baris Surakarta nèng Kajoran | sakidul Kayuapake | lèr wetan saminipun | kangjêng sultan sigra nimbali | Molor maring Sêmbuyan | lan Mangkuprajèku | praptanira dhinawuhan | iki Molor lan sira Mangkuprajèki | bêcik padha lèrèna ||

29. kang binujung pan sayah kapati | ingkang bujung

--- 40 ---

iya padha uga | wong cilik bangêt sayahe | lan ora kobêr iku | asêsawah kabèh wong tani | mayor langkung prayoga | parentah puniku | kula sakalangkung rêmbag | karsa dalêm dene yèn mungsuhe mosik | anêlukakên desa ||

30. nêdya ngêlar jajahanirèki | kula yêkti anuwun parentah | yèn kèndêl kinèndêlake | mupakat karsanipun | Mayor Molor wus pamit mulih | Dipati Mangkupraja | mring barisanipun | Kajoran sakidulira | Kayuapak sapunika pra bupati | ngiras saking barisan ||

31. sami karya pomahanirèki | sakobêre wus sami akarya | angeca-eca barise | wau ta sang aprabu | Surakarta lawan kang rayi | nênggih Ratu Kancana | utusan anuwun | ingkang putra pêpulunan | Panji Kartayuda Panji Kartasari | surat praptèng Sêmbuyan ||

133. Panji Kartayuda tuwin Panji Kartasari dipun timbali dhatêng Surakarta

32. katur lamun Panji Kartasari | lan arine arsa pêpanggiha | yèn paman ana lilane | tan lami tigang dalu | sultan sigra dènnya nimbali | panji kalih wus prapta | sultan ngandika rum | kulup sira tinimbalan | ibunira Ratu Mas Surakartèki | arsa panggih lan sira ||

33. sira nuli mangkata

--- 41 ---

tumuli | anggawaa baturira usar | iya patang puluh bae | sawidak numbakipun | aja ana kang dharat siji | sultan sigra parentah | dènira amundhut | mring Rôngga Prawiradirja | mundhut kuda satus rong puluh saiki | tundhan mring Surakarta ||

34. wong prang kasap dharat Madurèki | kang binêkta marang Surakarta | turôngga wus rumat kabèh | rahadèn kalih sampun | pinaringan nyampinge sami | golang-galing jo samya | lan paningsêtipun | sami kanigara abang | rinenda mas miwah udhêngipun sami | kalih talaga muncar ||

35. lancingane kalih panji-panji | baludru wungu samya pasmèn mas | kang binêktakkên mantrine | Mangkujaya Madiun | lan binêkta kaliwon kalih | kaliwon gêdhong samya | bêkta gangsanipun | sarunèn salomprèt ngarsa | budhalira dadya tontonan samargi | kadya pangantèn ngarak ||

36. kèndêl dalu Paserenan sami | dalu-dalu dènira putusan | wong desa ingkang kinèngkèn | atur uningèng oprup | lamun Mayor Dirnadir prapti | prajurit ing Madura | sigra tuwan oprup | amanggil Puspanagara | Ki Tumênggung Puspanagara gya prapti | angling Johan Abraham ||

37. bapak iki kapala prajurit | Mayor Dirnadir Madura prapta | pan iku prajurit gêdhe | ingkang sami pinundhut | ing karyane amangun jurit | Sultan Giyantipura | iku praptanipun | pinanggil kangjêng susunan | lawan Ratu Kancana [Kanca...]

--- 42 ---

[...na] ingkang amanggil | bêcik padha pinapag ||

38. Si Sareyan Salpe kang tinuding | sun gawani dragundêr patbêlas | tumênggung alon saure | kaliwon kang sun tuduh | Ardiguna matang yudèki | wong gêdhong karo pisan | lan samantrinipun | wontêna Baki kewala | angruktia sugata oprup nganthuki | sigra sarêng budhalan ||

39. lampahira wus prapta ing Baki | ngrukti sugata pan sampun aglar | wuwusên wau lampahe | enjing ing budhalipun | saking Paserenan lumaris | salomprèt anèng ngarsa | saruni ing pungkur | prapta Baki kèndêl samya | têtabean Sarean Salpe wus linggih | lajêng pra sasamya nadhah ||[6]

40. budhalira tan kawarnèng margi | prapta nagara dadya tontonan | kadya wong ngarak lampahe | turôngga ngarsa pungkur | wong Madiun kang anèng wuri | kawan atus turôngga | payung têlung puluh | wêwolu banderanira | ingkang ngarsa prajurit gêdhongirèki | Sultan Giyantipura ||

41. satus ngarsa bandera sasupit | saragni cênthung cêmêng sadaya | salaka karawisthane | tinon pating palancur | kotang cêmêng rasukanèki | lancingan sangkêlat bang | panumbak pinuncu | sadaya tinumpêr ingas | kang sumambung banderanira sasupit | prajurit arasukan ||

42. sangkêlat ijo sikêpan sami | sangkêlat abang lancinganira | pan baludru cêmêng kabèh | sami talakupipun | têtindhihe sakawan mantri | nulya kang munggèng [mung...]

--- 43 ---

[...gèng] têngah | usar wolung puluh | sami abdining prawira | pêpênêde prajurit ing Madurèki | asikêp waos benang ||

43. galaganjur angrantêg samargi | lampahing prajurit têtayungan | ing wuri radèn kalihe | sêsirig kudanipun | sami dhangah asongsong putih | kang anèm munggèng ngarsa | ingayap wadyagung | Radèn Panji Kartayuda | kadya Sômba kang raka kadya Satyaki | Kartasari nèng wuntat ||

197. Pangkur

1. karya rêksa jro nagara | kang kadulu praptane radèn kalih | gêbèl atembak ingurung | jalwèstri anom tuwa | agung alit kang miyarsa galaganjur | salomprèt kang munggèng ngarsa | ing wuri kêndhang saruni ||

2. praptèng loji manggih kurmat | wong Madura têtêp ingkang sayêkti | prajurit Kumpêni tuhu | gêgêdhuging prawira | tanah Jawa ingkang kawilang misuwur | môngka adining prawira | Suranggakara winurti ||

3. wus têdhak saking turôngga | oprup sigra mêthuk kang wau prapti | tabean rangkul-rinangkul | sawusnya tata lênggah | nulya wontên dutanira sang aprabu | Tumênggung Puspanagara | angenggalakên kang prapti ||

4. Oprup Yan Hèndrik Abraham | ngacarani suwawi manjing puri | ngenggalakên sang aprabu | sigra sarêng lumampah | masang rapak acucul rasukanipun | sagung prajurit pinrênah | makuwon sakidul loji ||

5. wau ta ingkang ngandikan | oprup ngatêr praptane ing sitinggil | Panji Kartayuda matur |

--- 44 ---

uwak Puspanagara | dika andhêk sakêdhap oprup puniku | kula kalawan kakang mas | angowahi udhêng sami ||

6. bature wus dhodhok samya | mandhi kaca oprup gumujêng sami | myang Ki Puspanagarèku | sawusira anulya | sami lajêng sapraptanira kadhatun | lajêng samya ingandikan | praptèng byantaraniraji ||

7. sang nata mijil mandhapa | miwah Ratu Kancana tumut mijil | wus alênggah lawan oprup | radèn kalih umangsah | ngaras pada nata mangusapi lêbu | gantya ing Ratu Kancana | radèn kalih angabêkti ||

8. sawusnya tata alênggah | binagèkkên wau rahadèn kalih | sang nata lan kangjêng ratu | salamêt ingkang lampah | matur nuwun miwah saprajuritipun | sang natalon angandika | jêng paman padha basuki ||

9. radèn kalih matur nêmbah | taklimipun konjuka padukaji | tuwin mring kang putra ratu | sami dhêku kalihnya | sri narendra mèsêm pangandikanipun | sabêne baturmu Sampang | lamun ngalurug mariki ||

10. lagi sawulan kewala | nuli paron kang padha mati gêring | radèn kalih nêmbah matur | inggih kang sampun adat | nanging inggih ing nguni kala amungsuh | dhatêng rama jêngandika | Sultan Giyantipurèki ||

11. gêring enjing sontên pêjah | gêring sontên enjinge angêmasi | parapatan ingkang mantuk | abdi dalêm Madura | èstu lamun kang darbe walat pukulun | rama paduka jêng sultan | pratandhanipun samangkin ||

--- 45 ---

12. inggih sampun dados rencang | sami rukun mêngsah kantun satunggil | pun Dêmang Brajayudèku | nguni ajêng-ajêngan | kala ngantukakên pun Bratawiryèku | dhatêng ing môncanagara | lami jêng-ajêngan jurit ||

13. tan wontên gêring satunggal | gangsal wulan wontên môncanagari | tan wontên pagêringipun | sunya Mangkunagara | têtêp lamun kang walat sayêktinipun | jêng rama paduka sultan | sêtya tuhu ratu mukmin ||

14. saèstu Mangkunagara | dèrèng darbe wilalat anggêringi | milane kawula purun | dhatêng Mangkunagara | taksih wajar dede wahyu kang satuhu | yèn rama paduka sultan | pan sampun makrunah mukmin ||

15. kangjêng ratu angandika | sapa gawe anggit anyar kaèksi | ya thoro ikêtmu iku | iya talaga muncar | pan ginawe krawistha kêmadhanipun | radèn kalih matur nêmbah | rama sultan kang pêparing ||

16. gumujêng Ratu Kancana | iya dalanane sira puniki | ya sanadyan wong tuamu | ratu dudu sasama | têka cèplês rama sultan pangucapmu | kang putra kalih tur sêmbah | gih sadasa kadospundi ||

17. ujêr kang karsa piyambak | saabdine prasamya dèn undhangi | yèn tan basakkên wong matur | inggih putra paduka | miwah inggih dhatêng ing kula pukulun | yèn tan rama jêngandika | undhange bungisan sami ||

18. kula kalawan kang putra | inggih Kakang êmas Pangran Dipati | pan inggih parentahipun | aja ana bêbasan | kowe [ko...]

--- 46 ---

[...we] aku rakêt bae wong sadulur | mung adhi mas kakang êmas | paran gènipun anampik ||

19. kalamun gandhèk dinuta | têmbungipun anggèr andika tampi | ikang timbalan pukulun | kangjêng rama andika | lamun botên makatên gandhèk pinêrung | lamun pêparing punika | sabarang dèn wiji-wiji ||

20. iki kang saking ing ingwang | iya saking ibunira kang iki | ibumu bok ratu sêpuh | iya Ratu Kancana | têka ibunira Bok Kulon puniku | ibumu Bok Êlor iya | kêkirime ingkang iki ||

21. sami gèdhèg kang miyarsa | oprup goyang kapala duk miyarsi | umatur dhatêng sang prabu | sultan têrlalu bisa | iya ambil jiwanya orang satuhu | lêbih pandhe itu raja | amrih suraning ajurit ||

22. ratu malih angandika | bêbêd sabuk iku paringan sami | matur inggih sadayèku | nadyan supe punika | lèpèn intên nyasêle paringanipun | wontên ing jênthik punika | rêgi satus winatawis ||

23. supe ingaturkên sigra | tiningalan ratu angandikaris | iki nora olèh satus | manawa karo bêlah | wêning têmên sanadyan padha hèr laut | dèn kasihi têmên sira | thole dèn angati-ati ||

24. tinanggap satuturira | kinèn mijil aso pondhokan dhingin | sang mata ngandikèng oprup | esuk dimène seba | ora susah nganggo kowe manèh oprup | sigra pamit mêdal sira |

--- 47 ---

angirid ing radèn kalih ||

25. praptane pakuwonira | sampun aglar sugata ingkang prapti | kang saking para tumênggung | pan pirang-pirang jodhang | nuli prapta jodhang kang saking kadhatun | kang binage satus jodhang | wrata sagunging prajurit ||

26. cinarita tigang dina | tigang wêngi anèng Surakartèki | pinaringan winalungsung | mring kang Ibu Ratu Mas | nuwun pamit kalilan mring kangjêng ratu | kintun sagon mêmanisan | gonipun ngolah pribadi ||

27. lawan Ratu Madurêtna | kintun nyamping sakêbar mring kang rayi | sarêng binêktakkên sampun | ing radèn kalihira | lawan nuwun kintun sêmôngka jêng ratu | kaliwon kalih dinuta | angatêr ing radèn kalih ||

28. lampahe sadalu marga | praptanira Sêmbuyan wanci lingsir | lajêng ngandikan sang prabu | maksih pinarak jaba | radèn kalih mangsah mangusapi lêbu | dinangu sapolahira | wontên ing Surakartèki ||

29. katur ing sasolahira | amimiti[7] pan kongsi amêkasi | langkung suka sang aprabu | sagung kang pakintunan | ingkang putra ratu miwah kang bok ayu | sru suka nrus kabatinan | ngroning kamal wus anunggil ||

198. Sinom

1. kaliwon ing Surakarta | kalihe ngandikan sami | wau Dêmang Ardiguna | bagus sèdhêt solahnèki | jêng sultan ngandikaris | abêcik kaliwonipun | lawan Tirtawiguna | sirèki wêwêton ngêndi | inggih Lèpènmidêr pun Sutamênggala ||

2. lamun iku bapakira | iya wêruh

--- 48 ---

ingsun dhingin | omahe pan kidul wetan | saking ing pomahan mami | nanging bagus sirèki | iya lawan bapakamu | pan wong sêdhêng kewala | ngungkuli bapa sirèki | iya kaya wirun sèdhêting tanaga ||

3. apa sira kêndêl aprang | tur sêmbah dèrèng nglampahi | ya yèn nora kêndêl aprang | eman dhapurmu abêcik | nora ana mapaki | rêspatine urip iku | aja kongsi cinacad | maring samaning aurip | aja lunyu dèn têmên apawong sanak ||

4. wong bêcik dhapure uga | têtêkone dèn abêcik | mèmpêr Si Ranadiningrat | nanging jatmika sirèki | pantês dadi bupati | apacak wiraganipun | pawitane jatmika | mulane duwe wêwingit | iki patut jênênga Tisnawinata ||

5. lah iya sira gawaa | si jêbèng anjaluk kirim | iya sêmôngka maringwang | patang pikul sun kirimi | durung nêdhêng samangkin | pan iya sêmôngka gunung | yèn uwis padha tuwa | besuk ingsun kirim malih | tur sandika sira Dêmang Ardiguna ||

134. Pangeran Mangkunagara nyuwun pangayoman dhatêng Ingkang Sinuhun ing Surakarta, lumantar bok bakul grêji

6. wus kalilan budhalira | saking ing Sêmbuyan wukir | sapraptaning Surakarta | katu[8] solahing tinuding | kunêng gantya winarni | anênggih carakanipun | Pangran Mangkunagara | kang maring nagri Batawi |

--- 49 ---

Cadirana kalawan Patramênggala ||

7. praptane ing Batawiah | tan ana purun nampani | layange kaponthal-ponthal | amung iya kumasaris | kang purun amanggihi | maring ing carakanipun | nging pitutur kewala | layang tan purun nampèni | marang Sêcadirana Patramênggala ||

8. lah iya Patramênggala | miwah Sêcadiranèki | bandaramu aranana | apa lungguhe sayêkti | duta kalih nauri | gih satriya lênggahipun | lah iya yèn satriya | pasthi ana ratunèki | kirim layang dèn sahêna lan ratunya ||

9. lamun nora mangkonoa | layange tan bisa mosik | ing êndi ana satriya | ngungkuli ratune kêni | dadi mêtêngi bumi | bondhanakên tanpa ratu | ratune mèlu sapa | ya Mangkunagara iki | kang utusan pamit sampuning kalilan ||

10. lajêng mancal ing baita | ing lautan tan kawarni | praptanira nagri Têgal | mêntas saking baita glis | dharat maring Samawis | amomor ing lampahipun | lajêng saking Samarang | mêdal ing Surakartèki | saking Surakarta nunut lampahira ||

11. sapraptanira barisan | lajêng marak gustinèki | kumêpyur tyase kang mulat | sakala mèh sami pangling | dene kala tinuding | misih dhapur uwongipun | mangke praptane rusak | sipat kêkere sayêkti | wuwuh ngênês tyasira Kudanawarsa ||

12. miwah para mantri samya | tan ana [a...]

--- 50 ---

[...na] kang darbe galih | dinangu sasolahira | praptaning nagri Batawi | tan wontên anglanggati | wus tinutup bicarèku | wiwit ingkang bicara | mung satunggal kumasaris | purun panggih amituturi kewala ||

13. kula sami tinuturan | dadine panggawe iki | wit saking bêndaranira | kumlungkung kalêngki-lêngki | baya nora na malih | trah Mataram amung iku | mau dèn êla-êla | ya suprandene ngoncati | wus tinilar nututi môngsa kênaa ||

14. bêndaramu nora kêna | bicara lawan Kumpêni | yèn tan ana kang gendhonga | ratu roro salah siji | lah wis sirêpên ugi | dinawa mêmirang iku | wus bangêt luput ingwang | nora kêna dèn balèni | puluh-puluh dilalah kudu cilaka ||

15. dhingin lamun pêpanggiha | môngsa mangkenea ugi | jêr rêmbuge pijêr diya | dene ta kiyai iki | nora dèn wêwalêsi | yèn ora dèn têmu kuwuk | tur kyai pira-pira | ewon anumpês Kumpêni | aku mono matèni Walônda pira ||

16. sok padha kinira-kira | Walônda iku nyidrani | satêmêne nora ana | cidrane mung amiwiti | mring kang duwe nagari | mangkana wau kang rêmbug | ngungun kasèp ing lampah | ing mangkya pating kulithih | nora wurung rusak awêkasan sirna ||

17. anggung awayang-wuyungan | cipta tan ana dèn ungsi | angupaya sêratira | kang saking Surakartèki | duk anèng Pranaragi | ing Mamênang praptanipun | surate [su...]

--- 51 ---

[...rate] ari nata | kang saking Sri Narapati | Surakarta ngaturi kondur kang raka ||

18. nanging mangke ta wikana | sirna salêbêting jurit | sangsaya ribêt ing karsa | tinêlêng tan ana kêni | prayogane dèn ungsi | amung kang rayi sang prabu | nanging mangke ta paran | bok sang nata amutungi | nora kêna binalènana manawa ||

19. kaku saking cidraningwang | kapriye solah ngong mangkin | angrasa nora kabangkat | aprang kinarubut kalih | amuk kaambêg pati | môngsa kanggoa sabêdhug | umpêtan nora bisa | manawa umpêtan nglangit | angungsia jroning samodra kacandhak ||

20. pagene lêlakon ingwang | anêmu mangkene iki | Walônda wus kaputangan | saking dhèwèk ngadi-adi | Kumpêni wus angêjis | kunêng malih kang winuwus | sultan angeca-eca | kang anèng Sêmbuyan wukir | kathah oncat prajurit Mangkunagaran ||

21. pan bêbêcik ing pangeran | mung Gunungkidul Matesih | mangkya wong urut Sêmbuyan | têlas maring sultan sami | sauruting Matesih | têlas mring Surakartèku | tan ana jrih supata | pangeran anyupatani | samya nêrak nora ana jrih supata ||

22. ing Kajoran Kayuapak | baris Surakarta mangkin | wus arja kadi nagara | sakèhe kang para mantri | sanadyan wonge cilik | akathah sami nênandur | jagung katela kacang | wau ta wadana siji | gêdhe Radèn Tumênggung Pringgadiningrat ||

23. asangêt [asa...]

--- 52 ---

[...ngêt] pangèthèrira | wus ingantukakên malih | awit kasêntananira | wadanane kang kinardi | nênggih kaliwonnèki | Jayanagara Tumênggung | dene kaliwonira | ing Parambanan patinggi | pacak Radèn Angabèi Sumadita ||

24. malih ingkang kawuwusa | nênggih bok bakul garêji | wismanipun ing Katandhan | jalimêt pambakulnèki | tan ajrih dèn larangi | samana Surakartèku | rêmpêk lawan Mataram | dol tinuku dèn pêpêti | ingkang maring ing baris Mangkunagaran ||

25. lamun ana wong adagang | sabarang wus dèn undhangi | mring baris Mangkunagaran | lamun kawruhan Kumpêni | ingarah dèn cêkêli | binandanan tinalikung | sapih wong dêdagangan | wus kathah ingkang bilahi | nora mangan uyang wong Mangkunagaran ||

26. nora na wong bisa nginang | rong ratu ingkang mêpêti | wong akèh uyang ngêrangsang | sabên dina minggat sami | mung bok bakul garêji | andêmêr anyolong laku | lampah dalu kewala | enjinge praptanirèki | kinarubut dagangan sakêdhap têlas ||

27. bakul gêrji tinimbalan | mring pangran ing ngarsanèki | dinangu sira wong apa | ana ing Surakartèki | apa rôndha sirèki | miwah somahana iku | bok bakul aturira | ing Katandhan kula gusti | sayêktine kula inggih wong somahan ||

28. awon-awon pan kawula | inggih bojoning prajurit | Ki Ngabèi Udanpanas | lêlurah [lê...]

--- 53 ---

[...lurah] wong Durapati | pan inggih kang nindhihi | paos Bung Ngampèl pukulun | pangeran angandika | yèn mangkono sira iki | prajurit jro ingkang dadi lakinira ||

29. prajurite jêro pira | yayi prabu ing saiki | ni bakul gêrji tur sêmbah | wolung atus dèrèng luwih | apa arane sami | prajurite adhi prabu | ni bakul gêrji nêmbah | prajurit kawan dasèki | kalih atus kang asikêp waos binang ||

30. lêlurahipun sakawan | Mesabothi Mesaathik | Jalamprang Mesakakatrang | prajurit namèngyudèki | satus kang sikêp sami | waose gêlathik mungup | Lurah Rôngga Wêrcita | Dêmang Wêngkêr kang satunggil | satus malih wong Dorapati punika ||

31. lurahe laki kawula | satunggile udan riris | saragni satus lurahnya | inggih pun Mesajaladri | satus malih nisihi | pun Mesasura ranipun | Dorapati punika | Bung Ampèl sikêp ing jurit | tamtamane waos cêmêng pinodhang mas ||

32. lare-lare kawan dasa | sikêp karbin alus sami | katanggunge kalih dasa | lêlurah pun Panji Gringsing | Lurahe Yudapati | lawan Tirtakusumèku | liya saking punika | sawêg tinata nèng wingking | ingkang sampun pacak lurugan punika ||

33. pangeran malih ngandika | lakimu apa wong Bali | dene nama Udanpanas | apadene Madurèki | ni mbok gêrji wotsari | têtiyang Jawi satuhu | kalêbêt tiyang kina |

--- 54 ---

Lurah Kablitaran nguni | gulang-gulang kang nama pun Jaladara ||

34. pangeran asrêp tyasira | yèn kaya mêngkono bibi | apa ta sira kaduga | anglêbokna layang mami | matur bakul garêji | inggih kadugi pukulun | nyênyambat kang prayoga | iya iku wong apikir | wadon-wadon tinari sirèku kêna ||

35. sira bisa têtêmua | lan Ngabèi Wôngsaniti | lêlurah wong suranata | matur ni mbok bakul gêrji | guru dalêm pan inggih | dhatêng kawula ambiyung | lah iya layang ingwang | tibakna mring Wôngsaniti | sun wangêni bibi sira patang dina ||

36. katampane miwah ora | sira têmua lan mami | rewangana andêdonga | sun iki kawêlasasih | kapêlanggrang ing pikir | ni bakul gêrji asaguh | wangsul ing tigang dina | pinaring lorodan nyamping | sinungakên surat ni bakul umangkat ||

37. lampah dalu praptanira | ing nagari bangun enjing | ni bakul tangi sakêdhap | tangine bêbêthak sami | lakine dèn aturi | Kyai Udanpanas gupuh | praptane ing Katandhan | nyaine abisik-bisik | lah kiyai aku iki olih layang ||

38. Pangeran Mangkunagara | iya ingkang akêkirim | maring anakmu ing kana | Mas Ngabèi Wôngsaniti | iya turna tumuli | bok pinarêng iku besuk | yèn anakmu milua | milu nanggung ananggoni | pan mangkono iku layange pangeran ||

39. sinuhun nurut kewala | yèn anakmu

--- 55 ---

angaturi | ya kiyai pan pangeran | panarine marang mami | apa sira kadugi | ngaturêna layang ingsun | maring kangjêng suhunan | aturku inggih kadugi | ing aturku pan botên saking kawula ||

40. saakal-akal kawula | yèn anakmu mas ngabèi | kang ngaturna mring sang nata | yèn wis bênêr iku nyai | iki ta karêp mami | ing asar andhap sirèku | sêpining wong têmua | kowe nyai aja lagis | anggawaa malinjo durèn sêmôngka ||

41. bok andangu anakira | si paman sampun udani | iya sira umatura | pan paman têka ngamini | sakarsa-karsanèki | ing kabêcikan tinêmu | marèkakên wong aprang | iya golèk apa maning | pan anakmu wus mupugi ing aguna ||

42. sayêkti iku waspada | dadining ala lan bêcik | wong tuwa darma kewala | ngalor ngidul jurung amin | wusnya ingsun amulih | mung aturna taklim ingsun | nyai nuli mangkata | ingsun mulih mring Kusambi | nyai garji mangkat maring Suranatan ||

43. ing wanci sawusing asar | wau ni bakul garêji | bêkta panganan sadhulang | ing Wôngsanitèn wus panggih | jujug ing masjid alit | Ki Wôngsaniti kapangguh | kagyat bok gêrji prapta | agupuh bibi ing ngriki | sore-sore si bibi asigra mana ||

44. ngaturkên sal-angsalira | wau ni bakul garêji | durèn malinjo sêmôngka | mèsêm Ki Mas Wôngsaniti | adat têmên si bibi | wruhe kadoyanan [ka...]

--- 56 ---

[...doyanan] ingsun | nulya marpêki lênggah | sarya ngaturakên tulis | sêrat paran bibi anulya tinampan ||

45. lajêng binuka winaca | pèngêt sarta salam mami | Dipati Mangkunagara | senapati ing ajurit | lagya angsal salarik | kinèndêlan sarta jêtung | bibi nora kayaa | wahyu aibbing[9] Hyang Widi | dene kongsi si bibi dadia marga ||

46. ngungun-ngungun sadangunya | Ki Ngabèi Wôngsaniti | tinutugakên winaca | surat Pangeran Dipati | Mangkunagara nênggih | kang lagi kawêlasayun | luput amurwakara | tan wruh yèn durakèng bumi | mangkya dadi bêburon kadi mênjangan ||

47. saking yêkti tanpa tanah | mangke Paman Wôngsaniti | kula têmpuhkên si paman | pulihe tyase sang aji | bok maksih amutungi | kula nguni ingkang luput | sang nata krêp utusan | kula sêmbrana ing nguni | kula mangke kapok lamun dèn apura ||

48. punapa inggih sang nata | wus lila ing lair batin | lamun kula amanggiha | ing pakewuh tan sayogi | saking tyas tidha budi | sumimpang pakarya ayu | punapa inggih muspra | ing batin kula puniki | yèn manggiha inggih pati siya-siya ||

49. mangke kula wus angrasa | kalamun sri narapati | yayi Prabu Surakarta | pan inggih tan wontên malih | ngujurna maring mami | praptaning antakaningsun | paman kula sumôngga | ing karsane sri bupati | datan ana pantês [pa...]

--- 57 ---

[...ntês] pangungsèn asmara ||

199. Asmaradana

1. mangkana Kyai Ngabèi | Wôngsaniti dalunira | saos marang jro kadhaton | sêrat kang prapta binêkta | ing dalu katurira | duk winaca sang aprabu | gumujêng sarwi ngandika ||

2. ya wong kang mangkene iki | pikir sok gêgalak racak | wêkasing don tanpa gawe | kapriye iki bêciknya | yèn nora kinukupa | nora katon alanipun | antêpa wong asêsanak ||

3. yèn kalakona upami | nêmu pati siya-siya | sanadyan sinandhang dhewe | apêse gêgawa iya | maring kang kathah-kathah | yèn nora karêksa iku | tan wurung bubrah darajat ||

4. angsulana dhewe dhingin | gawaa parentah ingwang | yèn nyata têmên wus kapok | layang iku unèkêna | yèn têmên-têmên kangmas | nuli kaanaa iku | lakuning wakil bicara ||

5. wong roro salah sawiji | kang dadia awak-awak | môngka wakil bicarane | yèn nora Kudanawarsa | Kakang Mas Mangkuningrat | têtêmua lawan uprup | miwah lawan jênêng ingwang ||

6. yèn nora mangkana ugi | ingsun tan duwe pangeman | rêbut bêgja dhewe-dhewe | aja kakèhan pangôngka | aran wus nêdya nêmah | saiki namane têluk | dhingin namane pondhongan ||

7. lah ta iya angur êndi | lêbur datanpa kukupan | iya yèn rindhoa kiye | mulane aja kakehan | pikiran kakang êmas |

--- 58 ---

uwis rupak mangsanipun | nora kêna landhung karsa ||

8. sadalu Ki Wôngsaniti | dènira apagunêman | lan sang nata nèng panêpèn | pitungkas dalêm wus têlas | enjing sawêdalira | Ki Wôngsaniti agupuh | nyai gêrji ingaturan ||

9. karya sêrat sampun dadi | nyai gêrji praptanira | Ki Wôngsaniti lingnyalon | bibi puniki kang sêrat | kula kang darbe layang | nanging puniku kang mêngku | satimbalane sang nata ||

10. sapisan iki ta bibi | dika têmu lan pangeran | nuli kula nutugake | dika matur mring pangeran | nuntên ngaturna sêrat | mring kang rayi sang aprabu | kabêkta dika kewala ||

11. wus mathêm nyai garêji | sêrat sampun tinampanan | sapraptane ing wismane | manggil anak putunira | mangkat pukul sadasa | wanci asar sêlak jawuh | sipêng dhusun ing Paseban ||

12. sarêng byar angkatirèki | pukul wolu praptanira | ing barisan sami kagèt | enjing têmên nyai prapta | wus katur mring pangeran | sigra tinimbalan gupuh | têlung gêthèk praptanira ||

13. wus katur suratirèki | binuka mèsêm kadhadha | yêktos wutuh sarirane | mangkya karsane sang nata | yèn têmên-tinêmênan | linabuhan dadi bubuk | sang nata tangguh nanggulang ||

14. lamun kangmas maksih cilik | kaya ingkang dhingin ika | iya aja gêpoksenggol | wus padha ungkur-ungkuran | pangeran lêga ing tyas | karya sêrat badhe katur | dhatêng kang rayi sang nata ||

--- 59 ---

15. nanging sêrat maksih wingit | mila ni gêrji kewala | sigra sinangon angkate | kunêng wau Sri Narendra | Prabu ing Surakarta | nimbali mring tuwan uprup | sinungan wruh suratira ||

16. kang maring Ki Wôngsaniti | uprup langkung sukanira | umatur dhatêng sang katong | kadi kapok ing punika | inggih Mangkunagara | lumayu kabutuh-butuh | inggih sêdhêng kinukupa ||

17. gih pun Bapak Wôngsaniti | nuntên tuwan aputusan | kula bêktani kanthine | apan inggih pun Kêrkêran | sang nata angandika | yèn praptaa layangipun | sapisan êngkas kewala ||

18. uprup sira iku nuli | lan Wôngsaniti rêmbuga | matênge nuli kalakon | uprup umatur sandika | pun bapa kula undang | pamit mêdal tuwan uprup | sapraptanira ing jaba ||

19. manggil Kyai Wôngsaniti | sapraptane têtabean | uprup aririh têmbunge | bapa paran ta baiknya | dika besuk mangkata | kula bêktani puniku | Si Kêrkêran dika gawa ||

20. tuwan ingkang kula anti | pangeran nga[...]na[10] layang | dhatêng kang rayi sang katong | uprup iya bênêr bapak | lagi surat mring bapak | bapak dika yèn lumaku | nganggoa cara maksiyat ||

21. kula wèh bapak kulambi | bapak dika go sikêpan | punika kameja ijo | têkan rangkêpane pisan | bapak nuli dadia | wus tinampan sigra mantuk | prapta wisma gya kinarya ||

22. kunêng ni bakul garêji | praptanira wanci asar |

--- 60 ---

lajêng dhatêng Wôngsanitèn | tan mampir ing wismanira | wus prapta Suranatan | gupuh dènira lumêbu | kapanggih anèng pandhapa ||

23. dene agêlis si bibi | nulya ngaturakên surat | langkung lêga ing manahe | Ki Wôngsaniti lingira | lah bibi kula bêkta | pêpanggihan lawan uprup | sampun kongsi cucul dika ||

24. sigra binêkta mring loji | maksih ngangge prajuritan | ni bakul gêrji mathethe | sapraptane uprup mulat | nuju wontên ing jaba | sigra têtabean gapyuk | Mas Wôngsaniti lingira ||

25. lah tuwan nyai puniki | kang dinuta mring pangeran | ingkang sok bêkta surate | lah punika angsal surat | badhe katur sang nata | môngsa borong tuwan uprup | binêkta mring kantor sigra ||

26. uprup anggung dènnya nglirik | eram dènnya prajuritan | alah lanang pêthènthènge | tuwan uprup atêtanya | Pangran Mangkunagara | kari pintên baturipun | nyai gêrji aturira ||

27. abdine ingkang turanggi | tigang atus mung punika | dene inggih lamun rèrèh | gangsal atus kêkapalan | dharatipun punika | inggih wontên pitung atus | sampun botên sagêd wêwah ||

28. ngaturkên suratirèki | kang saking Mangkunagaran | Johan Abraham lingnyalon | dawêg bapak manjing pura | dika sami wontêna | si nyai dimène mantuk | sayah mêntas alêlampah ||

29. nyai gêrji lajêng pamit | uprup akèn [a...]

--- 61 ---

[...kèn] ngambil arta | sinangonan wolung kêton | lurik kêmbaya sakêbar | bok gêrji langkung suka | sarêng mangkat lawan uprup | uprup praptanirèng pura ||

30. panggih lawan sri bupati | sêrat katur ing sang nata | uprup sarwi matur alon | pun bapa inggih nèng jaba | sarêng lawan kawula | kinèn animbali sampun | Wôngsaniti praptèng ngarsa ||

31. sang nata amaos tulis | akathah prasabênira | nuwun apuntên lupute | kalangkung tidha upaya | mangke sakarsa-karsa | dhumatênga lara lampus | pun kakang botên suwala ||

32. pun kakang tan nguningani | pakèwêde kang bicara | Kumpêni rênggang rapête | môngsa boronga sang nata | pun kakang tan uninga | inggih mung suwitèng ratu | pêjah gêsang tan uninga ||

135. Ki Wôngsaniti kautus Kangjeng Sultan manggihi Pangeran Mangkunagara

33. kèndêl dènnya maos tulis | iki uprup kaya paran | iya sabêcik-bêcike | apa nuli wèh wêruha | marang Dêlèr Samarang | uprup alon aturipun | pan inggih tuwan antosna ||

34. lamun sampun anuruti | sapamundhut padukendra | praptaa awak-awake | salah satunggal punika | gih pun Kudanawarsa | yèn tan Kudanawarsèku |

--- 62 ---

Rayi Pangran Mangkuningrat ||

35. paran Bapak Wôngsaniti | apa bênêr atur ingwang | Ki Wôngsaniti anthuke | gih bênêr puniku tuwan | botên angayawara | tuwan manawi marucut | uprup alon aturira ||

36. gih pun Bapak Wôngsaniti | lampahe pênêd nuntêna | ya ta ngandika sang katong | êmbèn bae lumakua | ya karo Si Kêrkêran | iku pitayane uprup | uprup alon nambung sabda ||

37. iya bapak wus prayogi | besuk ngarêpakên môngsa | matêngkên rêmbug lan ingong | uprup sampun pamit mêdal | Wôngsaniti praptanya | ing wisma ngundhangi sampun | kônca kang badhe binêkta ||

38. gêdhong kaparak nguruni | sami panèkêt nyatunggal | sapraptanira ing êmbèn | sampun pinaring ing layang | samakta siyaganya | wontên kuda têlung puluh | satus lawan ingkang dharat ||

39. sampun mampir maring loji | uprup mulat latah-latah | si bapak wus dadi anom | abagus kaya pangeran | ikête cêmukirang | pinaringan ing sang prabu | lawan sapaningsêtira ||

40. nyampinge lurik patani | paningsêt cindhe puspita | rasukan kalejo ijo | baludru ijo lancingan | panji-panji pasmèn mas | rangkêp kotang bajonipun | mubyar kancing sama rupa ||

41. turanggane dèn paringi | kore dhawuk kasèmbukan | pun Garnat kuda wastane | Adipati Mangkupraja | ambêktani urunan | wadya sragêni wêwolu | lawan [la...]

--- 63 ---

[...wan] sikêp kalih wêlas ||

42. uprup pitungkase ngênting | saking ing loji wus budhal | pukul sanga ing angkate | lawan Dêmang ing Pacitan | Dêmang Suralêksana | nginte siyos wandenipun | Ki Wôngsaniti lampahnya ||

43. dupi siyos anarêngi | nèng ngarsa nênuntun marga | Dêmang Suralêksanane | kêkapalane sadasa | asri ing lampahira | kadya lampahe tumênggung | kapara asri punika ||

44. pan ijêm payungirèki | sorot kuning pinarêmas | kêkalih waos ulêse | bokor madharan ambêkta | lante ulês sangkêlat | ampilan turôngga wolu | sami rare munggèng ngarsa ||

45. Dêmang Pacitan tinuding | dhingini atur uninga | Mas Wôngsaniti wiyose | budhal ing dintên punika | saking ing Surakarta | caraka dêmang wus mamprung | lampahe nyongklang adhean ||

46. praptaning barisan nênggih | jêng pangeran nuduh lampah | sakawan para mantrine | yèn badhe tanggêl ing lampah | ing dhusun lèr Paseban | sêdhêng inêpna ing ngriku | esuke sêdhêng praptanya ||

47. pukul wolu bae prapti | Ngabèi Sindu alangan | kang nyaosi sugatane | sampun amragat maesa | nèng dhusun ing Paseban | wau mantri kang amêthuk | wontên lèr dhusun Paseban ||

48. sampun asar wancinèki | mantri jêro sami cingak | mulat sarakit-rakite | dene lurah suranata | gumêdhug nora nyana |

--- 64 ---

kang ngiring garudukipun | lan dhapure prayayinya ||

49. angungkuli pra dipati | mèh kadya para pangeran | bagus wingit pasêmone | wus apanggih ingaturan | tanggêl lampah sampeyan | inggih ing ngriki sadalu | enjinge botên rêkasa ||

50. wus makuwon sawadyèki | papan sampun pinaryoga | rinêsikan saosane | kêbak tlundhag kir-ukiran | sigra asung sugata | jodhangan prapta supênuh | mantri jro pamit sadaya ||

51. ngriyini lampahirèki | wanci rêp ing praptanira | lajêng sowan adêdalon | lan Kyai Kudanawarsa | para mantri sadaya | wau mantri kang tinuduh | Ngabèi Jayaliyangan ||

52. wus katur ing lampahnèki | pamêthuke dutèng nata | miwah dènnya mrênahake | sadalu ing sipêngira | inggih langkung prayoga | jêng pangeran lon andangu | bature ana wong pira ||

53. Jayaliyangan wotsari | kuda tigang dasa gangsal | wontên sawidak dharate | dene lurah suranata | lakune têka rowa | Jayaliyangan wotsantun | anuhun inggih sêmbada ||

54. inggih lawan kang dèn iring | kula angungun kalintang | mring Kudanawarsa linge | kyai kula botên nyana | kang lumiring ing ngarsa | kula nyipta wontên tamu | pan inggih wong agung liya ||

55. kang arsa kula takèni | saure inggih punika | Mas Wôngsaniti lampahe | kula gêgêtun [gêgê...]

--- 65 ---

[...tun] kalintang | pênêd-pênêd akathah | kang ngiring tênaganipun | kadi wong ngiring santana ||

56. nuli kang dèn iring kèksi | songsong ijo sasorotan | kulambi kuleja ijo | sikêpan arangkêp kotang | udhênge cêmukirang | patani bang nyampingipun | paningsêt cindhe puspita ||

57. êpèk kamus irêng nênggih | binalênggi ing toya mas | suwasa ulêr lulute | katimang cawi suwasa | sêmu panganggenira | dhasare inggih abagus | kadya Satyaki cangkrama ||

58. wontên èmpêre sakêdhik | kadi Suramangunjaya | kancane nauri bêkès | pan maksih bagus punika | mugi Jayawikôngka | wontên kêdhik iribipun | nging maksih bagus punika ||

59. pangeran ngandika aris | bêcike Kudanawarsa | batur saana-anane | bêcik urmat baris uga | matur Kudanawarsa | inggih ing salêrêsipun | duta salirèng narendra ||

60. dalu wadya dèn undhangi | enjing dèn pacak samêkta | saragni lan panumbake | ya apa ana sawidak | kang padha lagi prapta | kang maksih anganggo cênthung | Kudanawarsa pucungan ||

200. Pocung[11]

1. kadi langkung abrit cêmêng wontên satus | saking kathah prapta | mirsa yèn paduka mangkin | carêm lawan ari Prabu Surakarta ||

2. milanipun wadya kang wus dhongkol nusul | ngraos tan kabuwang | manggih aprang angsal kanthi | kathah prapta sami nutugakên trisna ||

3. ya ta wau datan [data...]

--- 66 ---

[...n] kawarna ing dalu | enjing sami tata | mêndhapi pakuwonnèki | binaladhah tinaruban ngajêngira ||

4. kang tinuduh Kudanawarsa ta mêthuk | kuda kawan dasa | amêthuk saloring kali | bêkta lêmpêr satalam jagung bakaran ||

5. kupatipun satalam iwak batutu | dublêg kuwalinya | ingulêsan janur kuning | Mas Ngabèi Wôngsaniti enjing budhal ||

6. kang amêthuk Kudanawarsa gènipun | satêngah onjotan | ngrêsiki ngandhap kusambi | mawi widhig akubêng mawi seseban ||

7. duk kadulu ingaturan kèndêlipun | raka jêngandika | Kyai Kudanawarsèki | ingkang mêthuk ing ngandhap kusambi ika ||

8. ya ta wau Mas Wôngsaniti andulu | mudhun saking kuda | Kudanawarsa marani | sarêng tundhuk gapyuk dènnya sêsalaman ||

9. milanipun adhi kula kinèn mêthuk | wantu sami tuwa | enjing pêrih ingkang galih | nyaosakên panulaking pêrih manah ||

10. alon muwus Kyai Kudanawarsèku | payo saosêna | iku padharaning adhi | akêmbulan nadhah katiga kêkêran ||

11. wusnya tuwuk asarap sami pikantuk | lorod maring wadya | wusnya nigan budhal sami | lampahira saparon onjotan prapta ||

12. wus kadulu jirap pasanggrahanipun | wus cêlak tumêdhak | Mas Ngabèi Wôngsaniti | akêkanthèn kalawan Kudanawarsa ||

13. pangran mêthuk munggèng kikising têtarub | angawe anyandhak | binakta marang pandhapi | linênggahkên [linênggah...]

--- 67 ---

[...kên] ing kursi ajêng-ajêngan ||

14. ya ta wau Kêkêran tinunggal lungguh | lan Kudanawarsa | Mas Ngabèi Wôngsaniti | ngaturakên surat saking ari nata ||

15. binuka wus winaos kadugi sampun | gumujêng pangeran | saryanggung dènnya anglirik | Ki Mas Wôngsaniti kang anggung sinawang ||

16. sang aprabu paran mangke watakipun | kula mangke paman | sampun nêmah nêdya mati | pintên banggi ing wuri amanggih gêsang ||

17. tiyang lunyu inggih paman cacadipun | dene trah Mataram | Ki Wôngsaniti nauri | sakalangkung cacade donya ngakerat ||

18. botên arus bêndara wong agung lunyu | apês ing ayuda | darajat lumayu gêndring | yèn wong agung sampun tinilar darajat ||

19. yêkti kuwur sapolahe ngawur-awur | pangeran alatah | paman lah kula puniki | anggorohi nanging goroh ing Walônda ||

20. wartinipun kapir wênang dèn balithuk | Wôngsaniti turnya | nadyan kapir-kapir kaki | pan Walônda wus mênêdi awit canggah ||

21. saking buyut mêdalkên karingêt sampun | anglabuhi karya | anjunjung karaton Jawi | sawarnine trah Mataram kapotangan ||

22. yêktinipun anggèr sampeyan puniku | lamun amiliha | mêngsah sayêkti basuki | mung satunggal kang kuwawi tuwan mêngsah ||

23. sawabipun sampeyan anambi kukum | yèn liya tan angsal | amung rama tuwan swargi | kang sinuhun sumare anèng Nglawiyan ||

24. liyanipun tan kêni paduka

--- 68 ---

mungsuh | mêngsah wong atuwa | kukumollah botên kêni | nadyan mênang-mênang panglulu kewala ||

25. yèn panglulu botên kangge tigang taun | sataun kewala | wangsul maring asor malih | ingkang pundi liring wênang kang minêngsah ||

26. aturipun rama paduka sang prabu | sumare Nglawiyan | dhatêng kang raka rumiyin | pangran arya kukum dèrèng kalêrêsan ||

27. milanipun rama paduka karuhun | narima nalôngsa | botên nêdha amrih pati | mring sampeyan botên nêdya karisakan ||

28. milanipun pun Rajaniti karuhun | mrih manggih dêduka | yèn sampuna tiyang lami | kalampahan pun Rajaniti kalunas ||

29. dosanipun kala sampeyan tinukup | Sakèbêr punika | lumantar tuwan abaris | Rajaniti katur ing rama paduka ||

30. nuduhakên dhatêng Sakèbêr pukulun | paduka lumajar | amor lan abdi lit-alit | Rajaniti dhatêng Sakèbêr tinêdah ||

31. hèh dèn gupuh Sakèbêr inggih puniku | kang audhêng pêthak | Pangran Mangkunagarèki | pun Sakèbêr wangsul nuntên anyanjata ||

32. tuwan gupuh narik dhuwung cara Wangsul | katur rama tuwan | sumare Nglawiyan nguni | duka nêpuk kadya anglunas-nglunasa ||

33. dadosipun paduka amalih mungsuh | sami-sami tapa | kalamun dèrèng prayogi | pan wong tuwa milalati dèn mungsuha ||

34. ngandikarum paman kiyai puniku | gih kiyai sultan | dèrèng kenging dèn wanèni | kang punika

--- 69 ---

dosa ing kalih prakara ||

35. wong asêpuh katutuh ing marasêpuh | nênggih kalih pisan | dunungipun pangabêkti | nunjang parang pangeran alatah-latah ||

36. pan kalantur dèrèng wontên kang atutur | pikir ngayawara | nuruti bramaning galih | mila paman sarira kaponthal-ponthal ||

37. botên rujuk kawula ananjuk-nanjuk | rungsang karangsangan | lunga ngênthir pothar-pathir | kocar-kacir kacicir tan kêna mêncar ||

38. pan kacakup anusup-nusup tan cukup | mèh thithik kacandhak | bosên tan bisa basuki | saparane umpêtan wus kapêpêtan ||

39. milanipun anggèr dèn kêkêl anungkul | wong wangkot kabrengkal | yèn arubuh angrubuhi | mring wong cilik punika tan tumut dosa ||

40. ngandikarum Pangran Mangkunagarèku | inggih putra dika | Dhimas Mangkuningrat benjing | asarênga lampahe kalih pun paman ||

41. lan tumênggung satunggil Pringgalayèku | môngsa borong paman | kature marang sang aji | ing cêguke tuna dungkaping bicara ||

42. sang aprabu dèn kathah apuntênipun | wus sah kang bicara | samakta badhe lumaris | Pangran Mangkuningrat lawan Pringgalaya ||

43. tan kawuwus ing marga amung sadalu | anèng pabarisan | Mas Ngabèi Wôngsaniti | budhal enjing lan Pangeran Mangkuningrat ||

44. angsul-angsul kang sêrat binêkta sampun | Pangran Mangkuningrat | lampahira kang umiring | liyan dharat kêkapalan pitung

--- 70 ---

dasa ||

45. mung sadalu enjinge pukul sapuluh | baris Kayuapak | tinuduh bupati siji | kang amêthuk Tumênggung Jayanagara ||

46. wus kapêthuk kidul dhusun Tawiyèku | Kapitan Bèl dènnya | mêthuk kapêthuk ing Samin | têtabean sakêdhap lajêng sarkara ||

201. Dhandhanggula

1. ya ta wau sapraptanirèki | Kasampangan uprup aparentah | baris urmat dragundêre | salutnan salawe wus | Kumpni Islam satus wus prapti | saos ana kuwonnya | Kasampangan rawuh | lurah niyaga satunggal | lan kagungan dalêm salendro wus enjing | mijil nèng Kasampangan ||

2. ing Sampangan pangeran duk prapti | sami têdhak saking kudanira | Wôngsaniti Kapitan Bèl | wadya pinarnah sampun | Pasampangan pakuwonnèki | pangeran lajêng sigra | numpak ing parau | mung bêkta abdi sadasa | Pringgalaya sakawan baturirèki | kilèn bangawan prapta ||

3. Kapitan Bèl sigra dènnya nganthi | anèng kanan lajêng lampahira | Ki Wôngsaniti kèrine | Pringgalaya ing pungkur | praptanira baris ngurmati | uprup mêthuk nèng jaba | têtabean gapyuk | binêkta manjing praptanya | jroning loji wus tata munggèng ing loji | urmat mariyêm munya ||

4. kaping sanga wadana jro sami | sêsalaman sami kang atuwa | sami abujung kang anèm | pangran asrêp tyasipun | mulat Sasradiningrat nênggih | mèsêm sarwi ngandika | Sasra ta sirèku |

--- 71 ---

sun tingali gêlis tuwa | matur dhêku gih bêndara kadipundi | sampun janjining badan ||

5. tuwan uprup pamuwusnya aris | Bapak Tumênggung Puspanagara | wus tanggung iki wayahe | yèn banjura malêbu | esuk bae pangeran iki | matura ing sang nata | mêngko yèn dinangu | gya larih janèwêr mêdal | Wôngsaniti sampun dèn caosi sopi | rame agêgujêngan ||

6. larih ping tri pangran dèn aturi | aso makuwon ing Kasampangan | yèn badhe enjing lêbête | sarêng bubaranipun | Kapitan Bèl kang tumut malih | ngatêr ing pasanggrahan | wau praptanipun | sugata wus panggih aglar | kang salendro adangu munya angrangin | pangeran wus alênggah ||

7. Kapitan Bèl sampun pamit mulih | enjing kewala prapta amapag | kang kantun eca lênggahe | niyaga lurahipun | tinimbalan prapta ing ngarsi | Pangeran Mangkuningrat | mèsêm ngandikarum | prayayi kônca niyaga | ingsun jaluk pêpatutan awak mami | urmatira gamêlan ||

8. sêmbadane ing gêndhingirèki | wong mêntas prapta kaponthal-ponthal | iya satiba-tibane | ing ngriki praptaningsun | pêpatutên tibaning gêndhing | lurah niyaga mênggah | dangu tan umatur | angatag malih pangeran | lah ta mara wèhana murah sun iki | mèsêm ing tyas graita ||

9. dhuh bêndara sampeyan puniki | mundhut gêndhing inggih gêndhing lunta | pangeran suka gujênge | gih môngsa

--- 72 ---

bodho ngriku | rame gujêngira miyarsi | suwuk ingkang gamêlan | nuntên angkatipun | wau ingkang gêndhing Lunta | sigra dhahar pangeran eca kang galih | nutug dènira dhahar ||

10. sri bupati sampun amiyarsi | lamun ingkang prapta rakanira | nanging tan lumêbêt mangke | sawab kasêlak dalu | badhe enjing sowan ing puri | ing dalu tan winarna | ing enjingirèku | sang nata ngundhangi wadya | urmat baris yèn kang raka mangke prapti | saragni kawan dasa ||

11. lan niyaga gôngsa Carabali | Kapitan Bèl enjing praptanira | ngirid pangeran praptane | ing loji agêngipun | urmatira mariyêm muni | tan dangu dènnya lênggah | lajêng lawan uprup | binêkta munggèng kareta | satêdhake saking kareta gya muni | kang Carabalèn ngangkang ||

12. Mangkuningrat ing busananèki | prajuritan pan lurik kewala | bajo nunggil lancingane | kêkalih dhuwungipun | carabalèn ingkang satunggil | kadya Pangeran Sampang | ing pasêmonipun | praptanira jroning pura | sêsalaman lan ari sri narapati | wusnya ngaturan lênggah ||

13. nanging dèrèng kêni dèn lakoni | dupi wau ningali sang nata | anggung barêbês waspane | dangu antaranipun | sampun sami sarèh ing galih | sang nata atêtanya | kakang mas rahayu | ing salampah jêngandika | matur dhêku sang nata inggih basuki | nata malih ngandika ||

14. tuwin Kakang êmas Adipati | Mangkunagara sami raharja | kakang mas ing sawingkinge |

--- 73 ---

umatur taklimipun | Pangran Mangkuningrat anuli | angaturakên sêrat | ing pamundhutipun | saking rasukan kewala | duk tinampan binuka sinuksmèng galih | mèsêm sri naranata ||

15. katri uprup sami munggèng kursi | dangu sang nata apêpoyokan | kakang mas mulus kesahe | dèrèng burik karuhun | ingkang raka nauri aris | duk rama jêngandika | sultan angadhatun | inggih wontên Kabanaran | langkung sangêt gèn kula sakit palênthing | kadi pêjah-pêjaha ||

16. nanging kangmas pantês mawi burik | rumiyin duk alagis kewala | sêmu mangke rêng-rêng mangke | ingkang raka angguguk | witing rama paduka mangkin | gih paman Singasêkar | inggih sakitipun | ing taun wingking punika | kala raka paduka kakang mas baris | Pranaraga Mamênang ||

17. dèn aturi pan lagya asakit | sakit cacarên amundhut toya | ing warti langkung sangête | Ramanta Singasantun | kadi botên pangandikaji | yèn mêwahi patuta | malah mindhak saru | ulêse kuning punika | angandika ing mangke gène nèng pundi | pun Paman Singasêkar ||

18. matur nêmbah nèng Mambêng samangkin | manahipun tan wontên ing teja | angucira salamine | rumiyin jêne bagus | inggih paman ing Singasari | alon matur kang raka | sayêkti yèn bagus | nanging acêblèh kewala | kirang sêmu sang nata ngandika malih | kalih jêng paman sultan ||

19. kalih Paman Arya Singasari | bagus pundi kang raka turira |

--- 74 ---

punika dede timbange | kantun sakaliripun | kantun sêdhêp kantun prak ati | manisipun sambada | miwah gandêsipun | wiraga dhapur pidêksa | gandêsipun anglangkungi tiyang èstri | pun Sawit pan kasoran ||

20. sami suka gumujêng sakenjing | prakawise amung tigang kêcap | gêgujêngan ing dangune | sami-sami wong agung | kula inggih dèrèng mênangi | kados rama paduka | gandês luwêsipun | kiyai sultan punika | yèn ngandika dèn ping kalih ping tigani | mindhak pantês kewala ||

21. inggih kangmas lajêng sapuniki | botên kantos wangsul mring barisan | kula duk putusan mangke | dhatêng dêlèr asung wruh | miwah dhatêng

nagri Batawi | kula badhe utusan | kalawan pun uprup | anglantakakên manawa | kakang êmas pangajêng-ajênge lami | sawab putusan kula ||

22. ngantosi srat kang saking Batawi | sapa uprup kang sira tanggênah | iya gêgadhèn têgêse | pun Braham badhenipun | alpèrès ing jalan kaki | [12] sang nata angandika | dene bocah ingsun | patang puluh bêbêkêlnya | sun gawa ning jajare pêpitu sisih | angkate besuk apa ||

23. uprup matur sumanggèng sang aji | yèn pênêde inggih angantosa | surat ingkang saking dêlèr | sang nata ngandikarum | iya bênêr bêcik anganti | kang raka pamit mêdal | sarêng lawan uprup | Carabalèn sigra munya | rakit tanjak sadaya kang anjajari |

--- 75 ---

satus sawidak binang ||

24. praptèng jawi nitih karetaglis | lampahira uprup lan pangeran | sampun prapta ing lojine | pangeran pamit laju | sayah marang pakuwonèki | binêtanan kareta | sigra dènnya laju | kilèning bangawan prapta | têdhak saking kareta pangeran aglis | lajêng numpak baita ||

25. praptanira ing pakuwon muni | gêndhing Lunta Pangran Mangkuningrat | kinèn nyuwuk gamêlane | nimbali lurahipun | lah patutên salina gêndhing | pan ingsun uwis seba | marang sang aprabu | wus mari kalunta-lunta | ing têgêse ingsun wus têtêp nèng ngriki | kaya tinandur mana ||

26. têtanduran anyar kang upami | iya nuli oyod arondhona | dèn abêcik sêsirame | lurah niyaga matur | gêndhing Rondhon pinundhut mangkin | pangeran angandika | môngsa bodho ngriku | gêndhing Rondhon sigra lêkas | Pangran Timur anulya dhahar tumuli | nutug panadhahira ||

27. uprup lawan kangjêng sri bupati | sami utusan dhatêng Samarang | tur priksa lamun tundhuke | dhatêng wak-awakipun | Pangran Mangkunagara mangkin | kadange kang dinuta | mangke inggih sampun | nèng nagari Surakarta | dadya dêlèr prasamya amangun pikir | prayogining prakara ||

28. Istimolor dinutèng sang aji | mring Sêmbuyan ngaturi uninga | Mangkunagara tundhuke | sultan angandikarum | iya Molor tarima mami | sira iku dinuta | marang anak prabu | têluke iku

--- 76 ---

manawa | jaluk miji marang Kumpêni pribadi | yèn nora mangkonoa ||

29. jaluk urun sawah maring mami | yèn sawahe iku ya urunan | dadi amiji têgêse | yèn sawah nora urun | iya iku nora amiji | dene bobote sawah |

Mangkunagarèku | yèn sawah Pajang Mataram | patang èwu tikêl lan bapakne dhingin | rong èwu kangmas arya ||

30. lamun bumi ing môncanagari | têka rongèwu iya luwiha | iku bobote bumine | matura anak prabu | yèn mangkono pratikêl mami | mayor nulya pamitan | mung sipêng sadalu | anèng barisan Sêmbuyan | sapraptane lajêng sumiwèng Narpati | Prabu ing Surakarta ||

136. Kangjêng Sultan ambibarakên barisan

31. kunêng wau kang winuwus malih | kangjêng sultan sampun pêparentah | bubarkên baris sakèhe | nanging pangantinipun | lamun Pangran Mangkunagari | wus manjing Surakarta | gène bubaripun | prajurit putra Madura | bubarira mêdal ing môncanagari | mampir ing Surakarta ||

32. kangjêng sultan kathahe ngintuni | mring kang rayi Panêmbahan Sampang | kuda pêksi pangajênge | Panji Kartayudèku | Kartasari wus dèn timbali | balane Dunggon [Dung...]

--- 77 ---

[...gon] gènnya | lan bala Madiun | panji kalih ingandikan | praptanira ing ngabyantara narpati | angujung pamit samya ||

33. angandika wau sri bupati | umatura marang pamanira | taklim ingsun kapindhone | dhingin jaluk maring sun | Dewaningsih sêlire swargi | kang kalap Pringgalaya | iku kang jinaluk | duk panjaluke maring wang | maksih anyar dèn ningkah Pringgalayèki | mêngko ta Pringgalaya ||

34. wus ngêmasi rôndha Dewaningsih | paran karsane ramakmu kana | iya apa ing samangke | misiha karsanipun | sira karo kang ingsun todhi | yèn wani ananggunga | karsane ramakmu | gawanên samêngko iya | Dewaningsih sun gawakakên sirèki | radèn kalih tur sêmbah ||

35. duka dalêm kula tan winênang | amung aprang padamêlan kula | botên winêling liyane | dene paduka dhawuh | kang punika pun Dewaningsih | kula matur kewala | yèn paduka dhawuh | malah arsa binêktakna | mring kawula pan ajrih botên winêling | prakawis kang punika ||

36. angandika alon sri bupati | yèn mangkono matura kewala | yèn misih karsa dèn age | anaa dutanipun | radèn kalih sami ngabêkti | nèng lêbu dalamakan | ing sasampunipun | angujung Ratu Kancana | lajêng pamit pinaringan sawarnaning | nêmbah wus sami mêdal ||

37. lajêng sakêdhap pamit ing loji | Uprup Yan Hèndrik Johan Abraham | utusan [utu...]

--- 78 ---

[...san] angatêrake | Kapitan Bèl tinuduh | wangsulira ing Sukawati | lajêng ungkur-ungkuran | wau lampahipun | wuwusên ing Surakarta | wiwit malih dènnya pêparon nagari | sami iras-ingiras ||

38. Ki Ngabèi Tirtanagarèki | Lurah Kadipatèn karepotan | dènnya nadhahi parone | kirang ing mantrinipun | anglawani paroning bumi | mantri kèh kapêndhêtan | manjing patang puluh | Ki Ngabèi Ônggasara | udan riris ing mangke dèn suwun malih | ragi mudhêng ing cacah ||

39. winangsulkên ing Kamantrèn malih | dorapati kalurahanira | Panji Gringsing kang ginawe | sinalin namanipun | wus anama Mesatankongkih | kalurahan tamtama | pan bêbêkêlipun | Kudasisimping kang nama | inginggahkên ing punika nama Panji | Panji Suradilaga ||

40. sarta pangwasa dipun wêwahi | mêngku prajurit ing jro sadaya | kadya mayor pangwasane | mangkana kang umatur | uprup dhatêng sri narapati | lampahipun pun Braham | pênêd nuntênipun | prandenipun mangke tuwan | gih Nikolas Harting langkung padukaji | antêpe têtanggungan ||

41. besuk apa bêcike lumaris | uprup matur inggih ari lurah | amarêngi dintên Sênèn | iya uprup panuju | Sênèn bae kongkonan mamampir |[13] mampir ing wismanira | uprup pamit sampun | sang nata apêparentah | Panji Suradilaga kinèn ambijig | bêbêkêl kawan dasa ||

--- 79 ---

42. sun duta marang barisannèki | Kakang êmas Amangkunagara | lan nênêm saragênine | panumbake wêwolu | amiliha kang bêcik-bêcik | besuk Sênèn atêrna | têmokna lan uprup | busana samaktanana | lan pundhutna panèkêt gandhèk kêkalih | iku angêmbanana ||

43. iya maring bocah kang sun tuding | prajurik[14] jro bêkêl kawan dasa | wus samya dhinawuhke |[15] ingkang badhe tinuduh | bêbêkêle wus dèn timbali | sabuk cindhe puspita | miwah Carawangsul | lan waos agêming lurah | sêkar pacar tatahan kang munggèng godhi | sopal kancana mulya ||

44. praptanira ari Sênèn aglis | wus samêkta kang badhe dinuta | wus sami pinanggihake | kalawan tuwan uprup | Panji Suradilaga ngirid | Dipati Mangkupraja | saking barisipun | sagung kancane wadana | wus kapanggih pra dipati anèng loji | samya andon asmara ||

§ Lajêng nyandhak jilid 21.

Isinipun

--- [0] ---

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. angrokok. (kembali)
3. Teks asli: Pucung. (kembali)
4. kèndêl. (kembali)
5. saradhadhunya. (kembali)
6. Lebih satu suku kata: lajêng prasamya nadhah. (kembali)
7. amiwiti. (kembali)
8. katur. (kembali)
9. gaibing. (kembali)
10. Naskah rusak: ngaturna. (kembali)
11. Teks asli: Pucung. (kembali)
12. Kurang satu suku kata: alpèrès ingkang jalan kaki. (kembali)
13. Lebih satu suku kata: Sênèn bae kongkonan mampir. (kembali)
14. prajurit. (kembali)
15. Kurang satu suku kata: wus samya dhinawuhake. (kembali)

Serie No. 1259t

Babad Giyanti

Anggitanipun Radèn Ngabèi Yasadipura I ing Surakarta.

Jilid 21.

Bale Pustaka - 1939 - Batawi Sèntrêm.

--- [2] ---

--- [3] ---

Kangjêng Sultan ambibarakên barisan.[1]

202. Asmaradana

1. Panji Suradilaga ris | matur ing sang adipatya | punika kônca badhene | kang kinarsakkên lumampah | dhatêng Mangkunagaran | Dipati Mangkuprajèku | marang uprup sigra bilang ||

2. uprup sigra dènnya manggil | marang kang badhe dinuta | Brêman prapta wus ingawe | lan prayayi kawan dasa | ingawe tumut sigra | binêkta mring kantor sampun | sami dènira mitungkas ||

3. sarean Brêman Kumpêni | lan prayayi kawan dasa | sinung surat dhewe-dhewe | wus têlas dènnya mitungkas | Dipati Mangkupraja | bêktakkên titihanipun | kang sami darbe gadhahan ||

4. urut Kanggabaya nênggih | tinumutakên sadaya | budhal saking loji gêdhe | wontên kuda kawan dasa | wau ing lampahira | ing marga datan winuwus | sadintên dènnya lumampah ||

5. asar kang amêthuk prapti | Ngabèi Sindu Kalangan | duta ingacaran kabèh | sampun amanggih saosan | kang badhe sasipêngan | sadalu kèndêl ing ngriku | enjing lajêng budhalira ||

6. tan adangu lampahnèki | amung satêngah onjotan | prapta jawining pakuwon | Tumênggung Kudanawarsa | lawan Ranadipura | ingkang sami mêthuk tandhu | tabean asêsalaman ||

--- 4 ---

7. tabe lan Brêman Kumpêni | salaman lan kawan dasa | lajêng angirid lampahe | prapta lêbêting taratag | pangeran sigra têdhak | saking kursi têdhakipun | tigang tindak lajêng nyandhak ||

8. tabe lan Brêman Kumpêni | sawusnya lajêng pinarak | pan sarwi ambagèkake | ing prayayi kawan dasa | sarwi ngaturkên sêrat | mèsêm sakêdhap angungun | sawusira maos surat ||

9. pangandikanira aris | iki Dêlèr ing Samarang | kudu Kudanawarsane | jinaluk marang Samarang | nanging kangjêng susunan | ing prakara wus ananggung | mung amrih ing praptanira ||

10. lajêng padha mring Batawi | layange dêlèr kalawan | sang nata ing pratelane | êmbuh kang kanggoa benjang | praptaning Batawiah | lamun kanggo sang aprabu | pasthi ingsun nuli prapta ||

11. yèn kanggo Dêlèr Samawis | andadak Kudanawarsa | maring Samarang lakune | hèh prayayi kawan dasa | lawan bakale sira | apa gawe ingonipun | sun rewangi adol tatal ||

12. ujêr wong Kaduwang iki | pèni-pènine mung tatal | dèn padha narima bae | gumujêng alatah-latah | padha madati sira | eman wong abagus-bagus | wong nyêrèt anyuda cahya ||

13. Sindu Kalangan kang warti | abdi dalêm kawan dasa | sadaya prasami nyêrèt | tan wontên nganggur satunggal | pan gangsal wêlas lurah | kang tinarka aturipun | inggih pêpijêt kewala ||

14. gumêr kang sami miyarsi | pangeran alatah-latah |

--- 5 ---

nulya angandika alon | ya payo Kudanawarsa | sugatanên wus awan | yèn wus prênahna dèn gupuh | pamondhokan kang santosa ||

15. nulya dèn iridi mijil | tata bangkuning paseban | sampun amajêng tumpênge | sawusira sami nadhah | pinrênah pamondhokan | mangkana gantya winuwus | sultan kang baris Sêmbuyan ||

16. têlike atur pawarti | yèn kang putra Mangkuningrat | Tumênggung Pringgalayane | sampun lumêbêt mring Sala | lan Walandi satunggal | lan prajurit patang puluh | inggih gangsal wêlas lurah ||

17. dhatêngipun kala wingi | mring baris Mangkunagaran | jêng sultan sapamirsane | wus anyipta lamun sida | tundhuke maring Sala | angundhangi balanipun | jêng sultan têngara budhal ||

18. lan sagung kang pra dipati | kang tinuduh baris pacak | sadaya binubarake | gumuruh agiyak-giyak | prajurit kang bubaran | sami suka manahipun | lampahe prapta Ngayogya ||

19. wus ngadhaton sri bupati | jêng sultan anggung kasukan | amênêdi kadhatone | duk lagya samadya côndra | kondure mring Ngayogya | kraman madêg barisipun | nama Pangran Madukara ||

137. Kraman Pangeran Madukara

20. wong sa-Wukirkidul sami | suyud pacak barisira | Pangran Madukara mangke | wus andadi barisira | katur marang Ngayogya |

--- 6 ---

sultan nuduh kang amukul | Pangran Arya Natabaya ||

21. wus budhal saking nagari | Pangran Arya Natabaya | prapta ing Wukirkidule | lajêng campuh ing ayuda | Pangeran Natabaya | sawadyane parêng anduk | amuk gêlaring ayuda ||

22. Pangeran Natabayèki | prajurite ingkang dharat | ingkang kinarya dhadhane | kang sarira nèng pangawat | mung kuda tigang dasa | binêkta anunjang purun | sarêng anyamêthi kuda ||

23. panêrode ambêg pati | kuwur kawur wong karaman | Pangeran Natabayane | nora kêna tinadhahan | andêr pati anunjang | karaman giris malêdug | Pangerane Madukara ||

24. wus sirna madyaning jurit | tigang dasa kang kacandhak | sami kinêthok sirahe | pinanjêr pinggir barisnya | gêgêmbunge prasamya | ingadêgakên ingêrut | lawan uwiting palasa ||

25. Pangeran Madukarèki | sirnane datan karuwan | binubarakên barise | Pangran Arya Natabaya | pan sarwi anjêjarah | gêmpuran wong Wukirkidul | kang jinarah binoyongan ||

26. ing marga datan winarni | Pangran Arya Natabaya | praptèng Ngayogya lampahe | katur marang kangjêng sultan | gêmpure wong karaman | kacandhak wong têlung puluh | sadaya kang tinigasan ||

27. Pangeran Madukarèki | sirna madyaning alaga | jêng sultan langkung sukane | nging Pangeran Natabaya | gêrahipun konduran | sadhatênge saking nglurug | tan wayu kacandhak gêrah ||

28. gêrahe samadya [sa...]

--- 7 ---

[...madya] sasi | jêng sultan ping tiga têdhak | sakalangkung gêngnya sihe | nanging Pangran Natabaya | pinasthi praptèng ajal | wong sa-Yogya wayang-wuyung | seda Pangran Natabaya ||

29. dene mêtoni prajurit | putra Kanatakusuman | langkung gêng gara-garane | lindhu ping pitu sadina | udane salah môngsa | prahara rêg sindhung riwut | agrèng agraning prabata ||

30. kêkês wadya sanagari | jêng sultan ngujung kewala | ngrasa lamun dandanane | prakosa prawirèng laga | sêmpal baune kiwa | sinatriya sudibyanung | môngka bauning nagara ||

31. sultan cuwa bêbakali | trah Pangeran Pringgalaya | mangkya jangêt kinatêlon | ibu trah Kapurubayan | marma ginadhang-gadhang | môngka manggalaning pamuk | lawan dhapure sêmbada ||

32. dêdêg parusa rêspati | agagah rikat arowa | tinonton kalah padha wong | wau pangeran dipatya | miwah Sang Adipatya | Danurja ribêt ing kalbu | dènnya jêng sultan sungkawa ||

33. manawi kasupèn inggih | dènnya tan atur uninga | dhatêng kang putra sang katong | Sang Aprabu Surakarta | Nyai Arya Suwônda | Dèn Ayu Lor kang tinêmpuh | umatura kangjêng sultan ||

34. Dèn Ayu Lor nusul aglis | dènira mujung jêng sultan | sampun angalèh panêpèn | sinusul dèrèng alênggah | Dèn Ayu Lor praptanya | aririh dènnya umatur | paduka botên utusan ||

35. mring putra dalêm sang aji | sang prabu ing Surakarta |

--- 8 ---

tur pirsa lamun sedane | Pangran Arya Natabaya | sultan amung sasmita | mung sakêdhap kêdhèpipun | Dèn Ayu Lèr nêmbah mentar ||

36. wus dhinawuhakên nuli | mring Nyai Arya Suwônda | wus lajêng dhinawuhake | mring Dipati Danurêja | carik wus kinèn karya | gandhèk dhinawuhan sampun | badhe marang Surakarta ||

37. umêsat dutanira ji | kang dhatêng ing Surakarta | ing Surakarta praptane | wus panggih Johan Abraham | lajêng binêktèng pura | surat katur sang aprabu | winaca ngungun miyarsa ||

38. surat sampun dèn wangsuli | mring Sang Prabu Surakarta | umêsat mantuk dutane | sapraptanira Ngayogya | lamine lampahira | inggih gangsal gêthèk dalu | sultan ingaturan pirsa ||

39. lamun wontên surat prapti | kang Putra ing Surakarta | kang prapta angsul-angsule | sultan règèng-règèng lênggah | amung amundhut wedang | dèrèng karsa mundhut sêkul | sampun kanêm gêthèk dina ||

40. wakil pangeran dipati | kang amanggihana layang | sampun kalêbêt surate | gandhèk prayoga kewala | tinampèn ing pangeran | dipati binakta laju | ingaturakên kang rama ||

41. wus tinampan tinupiksi | surat saking Surakarta | ing jroning surat karaos | aturipun ingkang putra | Sang Prabu Surakarta | inggih ing sakathahipun | sami amupus ing titah ||

42. yèn wus prapta watêsnèki | kula nyarêmi samodra | lamun jêng paman pamine | amanjangna kasusahan |

--- 9 ---

kamipurun kawula | yèn kangjêng paman amêsgul | kapêjahan kang santana ||

43. kêna sikuning Hyang Widi | ing samangke paman sultan | sintên kang dadi jênênge | pangaubane ngakathah | amusakani Jawa | tuladan kang kantun-kantun | nuntên paman makatêna ||

44. tipis mungguh ing Hyang Widi | angabarakên ing kathah | sultan duk miyarsa kagèt | angrasa yèn kawênangan | tur lêrês ingkang putra | ing Surakarta Sang Prabu | ature karana Allah ||

45. nimbali garwa kêkasih | Dèn Ayu Lor praptanira | sigra nguncalkên sêrate | Bok Êlor sun kawênangan | iya ing putranira | ing Surakarta nak prabu | Dèn Ayu Lor maos sêrat ||

46. wusnya mèsêm matur aris | lêrês putra padukendra | ingkang punika ature | wong tuwane mung paduka | ingkang pantês tuladan | kados gandhèk kang dinangu | mirsa paduka sungkawa ||

47. sayêkti raosing galih | inggih putra padukendra | tuwan nipisa tekade | wong tuwane kantun tuwan | kang pantês tinuruta | sultan sigra dènnya mundhut | lajêng dènira adhahar ||

48. lajêng parentah ing cèthi | warahên wong gamêl iya | konên ngambili dèn age | ya Si Jaka Kamandaka | lawan Si Bisawarna | katêlu Si Jayandaru | nuli padha dèn lêbokna ||

49. cèthi nêmbah nuli mijil | gamêl sampun dhinawuhan | angambili turanggane | Jayandaru Bisawarna | lan Jaka Kamandaka | wus lêjar tyasira prabu | kang angrontog roning kamal ||

--- 10 ---

138. Pangeran Mangkunagara kondur dhatêng Surakarta

203. Sinom

1. kunêng malih kawuwusa | sêrat kang dhatêng Batawi | surate kangjêng susunan | lawan Dêlèr ing Samawis | dêlèr arsa pêpanggih | dhingin Kudanawarsèku | dhatênga ing Samarang | dene surate sang aji | tuhu nanggung ing cidrane tinanggulang ||

2. dadya jendral nurut ika | ing kangjêng sri narapati | yèn Mangkunagara prapta | wus ambyuk ing sri bupati | sang nata anaguhi | sirna sangkêr walêripun | dene mungguh prakara | ingkang barang dèn lakoni | ingkang iku dêlèr wajib angrungua ||

3. dadya surat malih prapta | sêrat saking sri bupati | lan saking Dêlèr Samarang | luwih karsane sang aji | jendral amung nuruti | pananggunge sang aprabu | mila sêrat kang prapta | amung nuntên amurugi | mung kang raka enggala prapta nagara ||

4. sang nata srate kang prapta | dhatêng ingkang raka malih | lawan uprup sêratira | mratelakkên yèn wus dadi | surate sri bupati | kang inganggêp ing gurnadur | pangeran langkung suka | abdinira sri bupati | patang puluh kang limalas bêkêlira ||

5. Kumpêni Alpèrès Brêman | sami tinimbalan malih | pangeran nuntên mangkata | manjing ing Surakartèki | Rêbo ngajêng punika | uprup kang kinèn amêthuk | dhusun Gêmblung punika | Dipati [Di...]

--- 11 ---

[...pati] Mangkuprajèki | kanthi Wirawidigda lan Arungbinang ||

6. rinakit kang pasanggrahan | ing Gêmblung kang dèn pênêdi | sang nata pamêthukira | ing Tunggon dipun rêsiki | prayayi nambut kardi | sasak Sêmanggi sinambut | Rônggа Prawiradirja | mor baris Surakartèki | tumut barang sinambut wong Surakarta ||

7. têtiga Prawiradirja | punggawa ing Ngayogyèki | wau ta Alpèrès Brêman | lan abdinira sang aji | wong Patang Puluh sami | sadaya sinangon sampun | têtindhih pangiridnya | pinangadêg pinisalin | budhal saking barisan Mangkunagaran ||

8. mangkat pukul wolu siyang | tan kèndêl dènnya lumaris | ing pukul sadasanira | praptanira anèng loji | bêngawan nuju banjir | gandhèk lawan patang puluh | sipêng ing Pasampangan | mung bêkêl kawan dasèki | kang pinanggil uprup ing loji sipêngnya ||

9. têtanya paran pangeran | apa wus eca kang galih | ulate dene katara | sira kang bisa sayêkti | matara padha Jawi | pasthi yèn bisa anangguh | kawan dasa turira | tuwan wus eca kang galih | sadhatênge sêrat kang dhatêng punika ||

10. mulane ingsun têtanya | ya layang kang kari iki | bênêre kang gawe padhang | ingong tutur ing sirèki | matura ing sang aji | aja katon saking ingsun | iya iku katôndha | pangrungunira pribadi | ya Pangeran Dipati Mangkunagara ||

11. ingkang rayi kiniriman | bok lawas ana ing ngriki | watir dene sangunira |

--- 12 ---

kinirim intên sarakit | dèn êdol marang mami | rêgane pan limang atus | ingsun wèhi kewala | reyal limang atus aglis | sun balèkke intêne kang sakêmbaran ||

12. lawan iya sanggup ingwang | yèn lawasa ingkang rayi | Pangran Arya Mangkuningrat | ywa susah ingoning dasih | pan ingsun kang nanggupi | bature satus rongpuluh | pangerane sinôngga | dhahare saking jro puri | mung bature ingkang satus kalih dasa ||

13. sira esuk barêng ingwang | ingong malêbêt ing puri | ing dalu tan kawursita | enjang malêbu ing puri | ngaturkên surat prapti | lan angatas lampahipun | tinuduh amêthuka | ing kadhaton praptanèki | sira Uprup Yan Hèndrik Johan Abraham ||

14. ngaturkên surat kang prapta | nênggih angsul-angsulnèki | Pangeran Mangkunagara | kang ingutus dèn timbali | dinangu lampahnèki | mawas suka susahipun | matur yèn sampun eca | tyase lair lawan batin | mantun pêthak ing mangke sampun sumringah ||

15. dene inggih tinimbalan | ing Rêbo ngajêng puniki | inggih sandika lumampah | samakta sawadyanèki | dinangu wadyanèki | tigang atus botên langkung | ingkang sikêp gêgaman | ngobèng rêrubêde sami | ginunggunga gangsal atus botên kirang ||

16. sang nata alon ngandika | dadi uprup sira iki | besuk esuk lumakua | lawan Si Mangkuprajèki | aja sira luwihi | mung sêdhênge desa Gêmblung |

--- 13 ---

ingsun êmbène mapag | nèng Tunggon mandhêg wak mami | aja nginêp sirèki iya tulaka ||

17. ya karo Si Mangkupraja | tinggala wadana kalih | Wiradigda Arungbinang | padha wong tuwa prayogi | uprup umatur aris | kula nuwun ampat puluh | gih salurah kewala | sang nata badhe maringi | nuwun sèkêt pinaringan wolung dasa ||

18. lawan ingkang mêntas kesah | badhe pinaringkên malih | patang puluh kang limalas | lagya kèndêl tigang ratri | uprup mangkat tumuli | Dipati Mangkupraja wus | Rungbinang Wiradigda | budhal saking ing nagari | lan ambêkta lurah niyaga satunggal ||

19. kalawan sakancanira | kang binêkta gôngsanèki | pun Madat Kapringgalayan | uprup lan sang adipati | watawis kang angiring | wadya kang turôngga sèwu | Pangran Mangkunagara | budhal ing pakuwonnèki | lêt sadalu sampun asipêng ing marga ||

20. Yan Hèndrik Johan Abraham | lan Mangkupraja Dipati | pasanggrahan Gêmblung prapta | rinakit panggonan baris | sêsiyung angurmati | uprup sigra dènnya nuduh | Kêkêran lawan Brêman | mring gène pangeran aglis | pan kapêthuk ing marga pangran wus budhal ||

21. lajêng rinikatkên lampah | ing Gêmblung wus tata baris | rakit kang para dipatya | nindhihi baris pribadi | baris ingkang mêkasi | prajurit jro patang puluh | cêlak panggenanira | uprup lan sang adipati | wus katingal prajurit Mangkunagaran ||

22. tan dangu pangeranira |

--- 14 ---

wadyane yèn winitawis | kawan atus botên kirang | wus cêlak gamêlan muni | Kodhokngorèkirèki | Dipati Mangkuprajèku | myang Carabalènira | Tumênggung Wiradigdèki | sêlendrone Ki Tumênggung Arungbinang ||

23. kalawan tambur gumêrah | wus têdhak saking turanggi | Pangeran Mangkunagara | uprup sigra malayoni | gapyuk tabean aglis | agantya rangkul-rinangkul | aras-ingaras jôngga | Dipati Mangkuprajèki | nyandhak suku gêlosod dènnya karuna ||

24. pangeran jêtung kewala | têtanya mring uprup ririh | hèh uprup iki ta sapa | kang nangisi maring mami | wong ompong kaki-kaki | uprup alon aturipun | pangeran gih punika | Dipati Mangkuprajèki | pêpatihe rayinta tuwan susunan ||

25. jêng pangran dhêku kewala | sakala angrangkul aglis | saksana sarêng lumampah | praptèng pasanggrahan sami | Kyai Mangkuprajèki | apan maksih sênggruk-sênggruk | tumênggung kalih prapta | Rungbinang Wiradigdèki | sarêng mangsah ngujung prasamya karuna ||

26. pangeran jomblong kewala | mangkene antêpirèki | pra punggawa Surakarta | Mangkupraja sapa iki | matur saha wotsari | Tumênggung Wiradigdèku | wadananing panêkar | wadana sèwu satunggil | gih punika pun Tumênggung Arungbinang ||

27. wus sami lênggah atata | pangeran asrêp tyasnèki | mulat tangkêping punggawa | antêpe anrus ing batin | sun dhèwèk ingkang sisip |

--- 15 ---

dhingin marang ari prabu | anggung angamandaka | nora nglanggati sayêkti | mangkya ingsun kêna pêpanggiling papa ||

28. uprup anganthi jêng pangran | wus tata samya alinggih | nèng taratag pasanggrahan | kang kidul Pangran Dipati | Mangkunagara nênggih | kang anèng lèr tuwan uprup | drèl dragundêr gumêrah | mariyême anggêdhugi | Kodhokngorèk salendro barung mong swara ||

29. ing Sabtu Paing wulannya | Jumadilawal marêngi | sanga likur warsanira | mèh madyanira Jimakir | uprup sigra anganthi | pangeran binakta wau | ngiwa angidul ngetan | sami lumêbêt wismalit | amêmangun pirapêt kang prajangjian ||

30. wus dadya kang pinirêmbag | kang kinêmbang para pikir | Yan Hèndrik Johan Abraham | kang môngka badal sang aji | mangun ingkang prajangji | Pangran Mangkunagarèku | sang nata yèn sakita | pangran pasthi tumut sakit | yèn sang nata wibawa tumut wibawa ||

31. lan wênang kang upacara | saupacarèng narpati | lênggah ing nginggil satata | mung kaot dhampar lan kursi | sadaya sinanggêmi | sawusnya palêsta mêtu | wangsul malih taratag | lajêng dhadharan prasami | angladosi kaliwon lan pra dipatya ||

32. mariyêm ambal-ambalan | salendro munya angrangin | sawusnya sami dhadharan | uprup nulya pamit mulih | kalawan Adipati | Mangkupraja tumut mantuk | dene kang pra dipatya | binêkta mantuk kêkalih | Wiradigda kalawan Jayanagara ||

33. kêkalih ingkang tinilar |

--- 16 ---

nèng Gêmblung lan sukêtaris | Ki Tumênggung Arungbinang | Tumênggung Mangkuyudèki | tabe rangkulan sami | pangeran lan tuwan uprup | budhal mantuk mring Sala | sapraptanirèng nagari | lajêng manjing kadhaton panggih sang nata ||

34. ngaturkên taklim ing raka | katur saaturirèki | kang raka panêdhanira | sri narendra ananggêmi | barang panêdhanèki | kang tinanggêl marang uprup | sang nata duk putusan | marang ing Dêlèr Samawis | sapraptane caraka antaranira ||

35. sapêkên anulya undhang | ing wadya sri narapati | badhe amêthuk kang raka | ing Tunggon wus dèn rêsiki | pasanggrahan pêpanggih | banjêng taratag winangun | sang nata wus samêkta | budhal sawadyanirèki | lawan uprup dragundêre wolung dasa ||

36. sawidak jalan kakinya | kêrigan kang pra dipati | jawi lêbêt pamajêgan | mantri bupatine sami | miwah môncanagari | pra dipati samya tumut | gumuruh balakuswa | prajurit awarni-warni | asri tinon kadya panjrahing puspita ||

37. baris agêng sami ngêbyak | ing sabin rêndhêng mangsèki | sakala dadya leleran | kambah ing baris lumaris | pangarsa sampun prapti | ing Tunggon tinata sampun | sêsiyung amangawat | pra dipati nganan ngering | prajurit jro kang abaris ing ngayunan ||

38. sang nata sapraptanira | ing Tunggon pinarak aglis | munggèng taratag wangunan | lan uprup sigra anuding | sukêtaris duk prapti | tinuduh wus kinèn [ki...]

--- 17 ---

[...nèn] wangsul | ngenggalakên Pangeran | Mangkunagara nulyaglis | sukêtaris nitih kuda cêcongklangan ||

39. prapta ênggène pangeran | umatur sang nata prapti | sukêtaris aturira | Pangran Mangkunagara glis | budhal sawadyanèki | Alpèrès Brêman tan kantun | wau ing lampahira | wus prapta sakidulnèki | pasanggrahan sri narendra sigra têdhak ||

40. wus budhal saking turôngga | mantri jro garêbêg sami | wus cêlak manjing taratag | gapyuk sêsalaman aglis | sawang-sinawang sami | gumujêng rangkul-rinangkul | samyèngêt timurira | uprup têtabean sami | nulya sami tata asmara ing lênggah ||

204. Asmaradana

1. munggèng amparan sang aji | ngalèr ngilèn ajêngira | kang raka lèr kilèn gène | uprup sawetan sang nata | munggèng kursi pangeran | rinupêk rakiting lungguh | pangeran ngaturkên sêrat ||

2. tinampèn ari narpati | sinuksma driya wacana | wus titi ing pamaose | kang surat linêmpit sigra | dinèkèk jro rasukan | ingkang raka sigra matur | punika antêp kawula ||

3. sarambut tan nêdya gingsir | kang sampun kalêbêt sêrat | sang nata pangandikane | inggih kangmas sami uga | pundi Kudanawarsa | pangeran sigra umatur | têdah ing ngajêng punika ||

4. apan abdi dalêm lami | sang nata môngsa kilapa | mèsêm ngandika sang katong | bagea Kudanawarsa | iya wèt anom sira | Kudanawarsa agupuh |

--- 18 ---

manêmbah sungsun marngangah ||

5. hèh Si Kudanawarsèki | kakang mas iki karsèngwang | aja kakèhan karsane | nuli aja pisah-pisah | rina wêngi lan ingwang | mati urip rêmuk-rêmpu | bingung ingsun yèn pisaha ||

6. Kudanawarsa wotsari | saèstu karsa paduka | jêng raka paduka katong | apan wong suwitèng raja | yêkti manut sakarsa | yèn sampun panggih pukulun | kênthêle ingkang prakara ||

7. gumujêng sri narapati | lah iya Kudanawarsa | ing rèh aja kongsi cuwèr | apan padha kari lola | sun iki lan kakang mas | lah dawêg kakang mas sampun | amikir kang kudu nêbah ||

8. mungguh kang dhatêng Kumpêni | kakang mas panêdha kula | tan kenging yèn pisah adoh | nadyan manggiha prakara | kakang mas miwah kula | yêkti sarêng rêmak-rêmpu | singa-singa dadi lampah ||

9. pangeran miyarsa sêdhih | dene karsane sang nata | panyanane ing waune | asal wus canthèl kewala | prakara goning wisma | sanggène sasukanipun | milih padalêman desa ||

10. ing mangke sri narapati | karsane nêsêg kewala | kang raka kinarsakake | dalêm manunggil sapraja | rina wêngi ywa pisah | tan bêtah pisah sadulur | kapok wêwindon pêpisah ||

11. ing mangke kang raka prapti | kayungyun onêng ing driya | osiking tyas graitane | Pangeran Mangkunagara | yèn nora anuruta | sangêt dukane sang prabu | tan wun murwèng lagadira ||

12. ingkang karaos ing galih | lamun murwèng ing alaga |

--- 19 ---

kacandhêt dening putrane | jalu maksih bobot sanga | ewuh ginawa aprang | ingungsèkna marang gunung | kang putra Radèn Mas Sura ||

13. kang raka langkung kuwatir | dadya nêmah antêpira | nurut karsane sang katong | sang nata dhawuhkên sabda | upata yèn oncata | barang kang wis dadi rukun | sinêksèn Uprup Abraham ||

14. barang pamintanirèki | kang raka pan tinurutan | Pangran Mangkunagarane | sinêksèn Uprup Abraham | lan uprup asupata | ing sabarang jangjinipun | kang rayi lawan kang raka ||

15. anggung larih mriyêm muni | miwah drèle barondongan | angiras jangji gunême | wanci satêngah satunggal | rampung barang bicara | budhalira sang aprabu | kang raka binêktèng praja ||

16. nuju ing Rêspati Paing | Jumadilakir kaping pat | maksih Jimakir taune | mulat liman obahing rat |[2] ri kang sangkalanira | swaraning bala gumuruh | saking Tunggon budhalira ||

17. campuring bala mêrtani | mawarna ingkang busana | kang raka lawan sang katong | abayak turangganira | anggung ulungan sabda | kang raka lawan sang prabu | tan pêgat samarga-marga ||

18. sapraptanirèng Sêmanggi | Dèn Rôngga Prawiradirja | ingkang jagani sasake | lan Tumênggung Wiradigda | kèndêl wau sang nata | ngantosi panabrangipun | wadya prajurit sadaya ||

19. turanggi nabrang rumiyin | kore dhawuk pagêr waja | titihanira sang katong | tuntunan Kalamaruta | têlas kang balakuswa | sigra [si...]

--- 20 ---

[...gra] wau sang aprabu | têdhak lawan ingkang raka ||

20. akêkanthèn asta sami | lumampah wontên ing sasak | kang raka lawan sang katong | sakalangkung rukunira | caryan tyas kalihira | kang mulat kapiluhipun | emut larasing carita ||

21. wong agung surayèng bumi | lan Dipati Tasikwaja | tan pisah kala timure | mangkya pisah nêng-ênêngan | malah awawan ing prang | mangkya praptanira wawuh | mila onêng kalihira ||

22. wus nabrang kali Sêmanggi | wus sami nitih turôngga | ing loji wau praptane | baris wus angapit marga | têdhake sri narendra | nganthi kang raka gumuruh | drèl mariyêm barung Monggang ||

23. sampun kapanggih ing loji | Pangran Arya Mangkuningrat | ngabêkti marang rakane | pisah kalih têngah wulan | wontên ing Surakarta | tambur asar praptanipun | sang nata alon ngandika ||

24. lah kangmas dika ngulati | sasênênge manah dika | ingkang prayogi papane | inggih badhe padalêman | Dipati Mangkupraja | iridên para tumênggung | andhèrèka kakang êmas ||

25. uprup sigra marentahi | marang upêsir sadaya | kinèn tumut ing lampahe | Pangeran Mangkunagara | saking loji umangkat | sarêng sang nata ngadhatun | uprup ngatêr kondurira ||

26. wau pangran kang lumaris | lawan upêsir sadaya | miwah pra dipati kabèh | myang Dipati Mangkupraja | kang andhèrèk pangeran | ngalèr ngilèn lampahipun | praptèng Pepe guladrawa ||

205. Dhandhanggula

1. kèndêlira pan wismanirèki |

--- 21 ---

Kyai Tumênggung Amangkuyuda | amung punika sênênge | dene polatanipun | pinggir Pepe ing kanan kering | ara-arane jêmbar | wau Pangran Timur | ing Gadhing pakuwonira | mangkya nêdya anunggil kang dèn sênêngi | wismanira Rungbinang ||

2. sampun tamtu kang sami pinilih | wismanira Tumênggung Rungbinang | Pangran Timur pamilihe | pangeran ingkang sêpuh | Mangkuyudan pan wus dèn broki | lawan sabalanira | ing wanci wus surup | bubar Kyai Mangkupraja | sakancane miwah kang para upêsir | tabean lajêng bubar ||

3. amung Lurah Galadhag kang kari | sakancane galadhag sadaya | kinèn saos salamine | datan kawarnèng dalu | enjing prapta bala Kumpêni | jalan kaki sawêlas | rolas kopralipun | têlulas sareanira | ingkang badhe anjaga rina lan wêngi | pangeran pêparentah ||

4. Ki Tumênggung Kudanawarsèki | amondhongi mring kang para garwa | nèng bumi Kônggabayane | budhal sakancanipun | tigang dalu praptanirèki | Kyai Kudanawarsa | ing loji jinujug | anuju kangjêng pangeran | anèng loji kang para garwa duk prapti | uprup anyungga-nyungga ||

5. uprup angaturi sinjang bathik | satêngah kodhi ciyut lan wiyar | manjing sakodhi cacahe | kêling kathah warnèku | langkung suka kang para abdi | kondur sarêng kang raka | praptèng dalêmipun | enjinge lumêbèng pura | pêpanggihan lan ari sri narapati | lawan Ratu Kancana ||

--- 22 ---

6. pinisalin ingkang para abdi | anêniga sinjang lan sêmêkan | Dèn Ayu Sanawatine | puniku garwanipun | Kangjêng Sultan Balitar nguni |

apatutan satunggal | inggih ibunipun | Pangeran Mangkunagara | kang sinuhun kèngêtan timurirèki | asring ginulawênthah ||

7. ginagotong marang sri bupati | pinundhutan pangku sêsarean | si nini dawa umure | kapriye ta polahmu | duk kakang mas saba wanadri | binujung ing Walônda | kinêpung ing mungsuh | wus tuwa têka kangelan | ya ta matur Radèn Ayu Sanawati | purwa praptèng wêkasan ||

8. suka gumujêng sri narapati | aku nini akèh utang ingwang | mring sira duk timur kae | akathah tai uyuh | mêngko ingsun amalês nini | pêndhêmu Ngêndho ika | mung kari limang jung | sun wuwuhi pêdhakana | têlung êjung dadi wolung êjung nini | samêngko tampanana ||

9. lan iki nini lungsuran mami | nyamping papat iku padha sutra | tuwa ènthèng panganggone | marêbês awêtu luh | Radèn Ayu ing Sanawati | dene misih kèngêtan | timure sang prabu | wus nyandhak dharan bubaran | Radèn Ayu Sanawati dèn paringi | kêtone wolung dasa ||

10. ya ta wau duk samine prapti | para garwa lan kang nini sigra | ngaturkên angsal-angsale | pasaline sang prabu | miwah Ratu êmas misalin | kang para garwa samya | mring raka umatur | pan amung eyang paduka | bêgja agêng Radèn Ayu Sanawati | sang nata kadi bocah ||

11. anggêgotho [anggê...]

--- 23 ---

[...gotho] angarasi gigir | sêsarean pangkon lumah-lumah | maksih kaya duk timure | kang eyang tuturipun | rayi dika sri narapati | kaya duk timur mana | tan owah sarambut | tyas kadya mas blêg-êblêgan | kadya intên galenteran sri bupati | kula marêbês waspa ||

12. ingsun malês marang sira nini | kathah tai uyuh timur ingwang | pêndhêmu ing Ngêndho kae | kari kang limang êjung | diparo mring Sultan Giyanti | sun wuwuhi prakana | iya têlung êjung | ya wolung êjung kewala | pirangbara bêsuk nini Sanawati | wuwuh panandhonira ||

13. tampanana nini ing saiki | lawan lorodan nyamping sakawan | tuhu kathah pêparinge | kêtone wolung puluh | wau Pangran Mangkunagari | miyarsa têkonira | kang rayi wêtu luh | lah iya môngsa bodhoa | karatone sun buru lawan kiyai | ngrubut ro nora kalah ||

14. dika kinêpung kutha bathithit | têka isih akèh wong kang trêsna | iku bêcike galihe | kang marahi rahayu | bêgja nini ing Sanawati | môngsa liwat ping lima | kuthah tai uyuh | lah iku atining raja | aku mujur iki nyamping nagasari | kang dhasar sutra jênar ||

15. Pangran Mangkunagara praptèki | wontên nagara ing Surakarta | lêt sadina ing lêbête | panggih lan ari prabu | lagya kaping gangsal anuli | wontên surat kang prapta | dêlèr angsul-angsul | kala praptane kang raka | sêrat dalêm yèn ingkang raka wus manjing | nagari Surakarta ||

--- 24 ---

139. Kangjeng Sultan pêpanggihan kaliyan Dêlèr wontên ing Salatiga namtokakên lênggahipun sabin Pangeran Mangkunagara

16. dadya sêrat dêlèr angaturi | ing têdhake kangjêng sri narendra | ambêkta ing raka mangke | mring Salatiganipun | dènnya dêlèr arsa pêpanggih | mring kang Raka Pangeran | Mangkunagarèku | pangeran duk anèng pura | pirêmbagan lan kang rayi sri bupati | badhe mring Salatiga ||

17. lan utusan dêlèr mring Batawi | marang sultan nuwun Danurêja | praptaa Salatigane | lan nuwun rêmbagipun | mênggah Pangran Mangkunagari | sêmbadane jêng sultan | pintên sabinipun | sultan wus paring watara | patang èwu aja kurang aja luwih | dadi santana rosa ||

18. angsul-angsul wus prapta Samawis | dêlèr suka eca manahira | ngundhangi pra dipatine | pasisir ingkang sêpuh | datan kêna sêsambat sakit | tinandhua binêkta | badhe lampahipun | pêpanggihan Salatiga | kawuwusa ing Surakarta Sang Aji | duk lagya pirêmbagan ||

19. ingkang raka tyase sônggarunggi | Pangran Mangkunagara tan eca | kalêthêke jro manahe | wrat wêdalirèng tutuk | ingkang rayi sri narapati | nangguhi yèn dadia | kasangsaranipun | sakenjang anèng jro pura | kongsi bakda ngasar dangu dèrèng mijil | saking

--- 25 ---

sajroning pura ||

20. amarêngi dutaning sang aji | kang dinuta bêkêl kawan dasa | amundhut sabda lampahe | mring Kyai Kuthawindu | wong atapa sayêkti sidik | gêntur lamining gêsang | Ajar Kuthawindu | kadya wruh durung winarah | duta prapta nyai lurah bisik-bisik | umatur ing sri nata ||

206. Sinom

1. sang nata kayogya para | caraka kinèn nimbali | sapraptanirèng ngayunan | kayogya kang raka maksih | caraka dèn kêjèpi | wotsari mangsah mangayun | pranata aturira | pukulun dasih tinuding | amanggihi Ajar Kutha Asthawarsa ||

2. dhawuh ingkang pangandika | Ki Kuthawindu sirèki | nênggih pinundhutan sabda | ing kangjêng sri narapati | mungguh tyasing

Kumpêni | marang kang raka puniku | apa iya rangkêpa | iku atining Kumpêni | apa lômba Kumpêni marang kang raka ||

3. yèn Kumpêni arangkêpa | kalêthêk sêdya ngalani | nênggih marang ingkang raka | Pangran Mangkunagarèki | sang nata anglabuhi | mungsuh Kumpêni tan ketung | kèdêka lir bantala | sarambut datan gumingsir | dadya awu kèbêra ing angin gora ||

4. luluh madyaning alaga | langkung karaos narpati | madêg nata kari lola | miwah prajane pinalih | kadange lagi prapti | apisah salaminipun | durung mari onêngnya | yèn Kumpêni angalani | sipat kuping sang nata têmahan nekad ||

5. murwèng asmaradilaga | dadi bubuk tanah Jawi | nora wruh jagad gêmpuran | trêsnane kadang

--- 26 ---

kaèksi | wau duk amiyarsi | Panêmbahan Kuthawindu | gumujêng latah-latah | cukakakan ngêntrok wêntis | sarwi angling mas putu sira matura ||

6. ing gusti sri naranata | katêmênane pun kaki | durunge kang raka prapta | wus kailo mring pun kaki | ing sangkal bolong mêling | malompong katon gumandhul | yèn gunung Lawu rungkad | tangkêp lan gunung Mêrapi | gung aluhur wus dadi ratuning arga ||

7. sapa bisa ngogak-ogak | manungsa masrik lan mahgrib | sayêkti tan ana bisa | mas putu rasakna ugi | pralambange pun kaki | cumêplong ing rèh rahayu | praptane ingkang raka | gustinira sri bupati | anêtêpi ratu sêkti môndraguna ||

8. kasantikaning ayuda | prakosa ngasmarèng jurit | prawira digda sumbaga | kukuh bakuh datan kongkih | waskitha amunahi | nir para ri sudibyanung | nadyan ta ingkang rama | sultan tan dadi salilit | mung ratumu prawirèng jagad wiryawan ||

9. mas putu lah rungokêna | ing êndholku mêngko bêngi | sira dutaning narendra | ujar pamèr aja pangling | lajêng sipêng sawêngi | langkung dènnya sugun-sugun | langkung marang sidikan | kumutug dupanirèki | mukul kêlang kèndêle mangsah mêmuja ||

10. hong ilahèng pujinira | kumudhup kêmbanging urip | manglung-manglung anèng tawang | sun lirik têka ngêbyuki | mêkar puspita bumi | ambahu rumêksèng ingsun | bangbang manguyu dhomas | jawata manglung ngulungi | kang anjurung ambengkas pakewuh ingwang ||

11. linggara [ling...]

--- 27 ---

[...gara] tyase kang ala | Si Dêlèr Nikolas Harting | karia arum kewala | bungkêm cicir kocar-kacir | koming mangkang nêtêpi | Sang Hyang Wisesa wèh ayu | rahayu raganingwang | mukaning jagat ngawêri | kuwur kawur ingkang rawe-rawe rantas ||

12. wus sirêp pamujanira | nulya angajak umijil | sapraptanira ing jaba | mas putu aja kuwatir | gustimu sri bupati | prakara kang raka iku | tulus ing karaharjan | tan ana sawiji-wiji | suka gêrèh pèthèk saking ing kandhutan ||

13. kinarawat lawe abang | cangkêm gêrèh binathithik | punika mas putu benjang | pêndhêmên sangisor kursi | kursine dêlèr benjing | Nikolas Harting ing besuk | nêpsune pêrapatan | kang ala kêdhik kang mijil | yèn mêtua kabèh tan kêna sinôngga ||

14. wus kesah saking langgatan | praptaning wisma alinggih | anèng bale pacrabakan | alon wau dènira ngling | mas putu dadi wakil | apalêna japa iku | besuk ing pasamuan | aja doh lan sri bupati | sabatêke marang dêlèr amandênga ||

15. têdhak Jêng Ratu Kancana | anusul marang pêndhapi | sawab Ratu Mas miyarsa | mênyan ingkang amaringi | dènira amaringi | tigang kati mênyan madu | lênggah kèrining raka | ratu sarya tanya aris | iya kapan têkane Si Tutuskajang ||

16. sang natalon angandika | iya lagi têka iki | ratu ngandika mring raka | basakna kakang mas [ma...]

--- 28 ---

[...s] iki | wèh susah mring kang rayi | kapati prihatinipun | kakang mas alah dita | susahe rayinta aji | yèn luputa linabuhan lara pêjah ||

17. pan botên ngeman nagara | ngeman kadange sawiji | pangeran gumujêng latah | lah ratu kula puniki | lagya wruh antêpnèki | raka dika sang aprabu | yèn sampun kula myarsa | pasthi ical sônggarunggi | sakarsane môngsa ta sagêda oncat ||

18. apa gawe mêlang-mêlang | esuk sore têngah wêngi | sakarsane raka dika | sayêkti têka sumrinthil | manggiha lara pati | aja anuli anêmpuh | raka dika sang nata | tang[3] tuwa ludhêsa dhingin | yèn wus dadi balêthok wuri sumôngga ||

19. lah inggih benjang punapa | ing lampah pênêde nuli | sang nata alon ngandika | inggih kangmas lagi mikir | Sênèn ngajêng puniki | nuju

tanggal ping rolikur | dhatêng ing Salatiga | pan inggih sêlaning lagi | Rêbo Paing kadi angkate bicara ||

20. punapa rasukan dika | benjing kangmas yèn pêpanggih | kang raka alon turira | kula inggih kudu lurik | tan kudu bêcik-bêcik | wong alasan patutipun | inggih lurik kewala | ngandika sri narapati | sakarine kangmas bupati andika ||

21. wontêna saking sadasa | kang pênêd prabote sami | mantri jro ingkang prayoga | dianggo kangmas muwuhi | anunggila bupati | kangmas pasamuan besuk | dimène sami bingar | gih Si Kudanawarsèki | kula

--- 29 ---

ingkang paring lorodan rasukan ||

22. baludru wilis renda mas | sawêg kulangge ping kalih | baludrune pêpilihan | anulya pinundhut mijil | lawan lancingannèki | pasmèn mas baludru wungu | kang raka langkung suka | kulanggene jajal dhingin | Si Kudanawarsa puniku nèng jaba ||

23. pangeran anulya mêdal | bopong tadhahan pribadi | sapraptane regol sigra | ngawe Kudanawarsèki | iya jajalên iki | sira pinaring sang prabu | cinoba parêng caplak | mung lambunge sigar jênthik | sêsakipun nanging datan punapaa ||

24. gumêtêr Kudanawarsa | gugupe dènnya nampani | tan anyana pisan-pisan | sang nata kongsi pêparing | mring awak ingsun iki | pangeran sigra lumêbu | tadhahan gya cinandhak | mring nyai kaparak jawi | Pangran Mangkunagara praptèng pandhapa ||

25. umatur botên nyanaa | sêdhêng mung sasigar jênthik | lêlambunge ragi sêsak | têtapi inggih agampil | agêng Kudanawarsi | nanging gèpèng badanipun | sang nata kang sarira | akanthèt sayêkti gilig | wus mèh surup pangeran pamit gya mêdal ||

26. kang rayi paring mring raka | tigang atus reyal anggris | pasangon mring Salatiga | praptane dalêmirèki | wadyane dèn undhangi | iya Sênèn angkatipun | enjing nimbali koja | mundhut kêstop lawan kêsting | bayar satus badhe rasukan punggawa ||

27. ginêlak panggawenira | bupatine sadayèki | pan binabar anyakawan | rasukane kang

--- 30 ---

sinami | wuwusên sri bupati | ngundhangi wadyakuswagung | pan kinêrig sadaya | jaba jro kang pra dipati | amung Radèn endranata têngga pura ||

28. kinanthenan abdinira | kadipatèn sadayèki | liyan punika sadaya | sinuntak wadya prajurit | tuwin kang pra dipati | sadaya binêkta nêngguh | ubêkan sanagara | gung alit samaktèng jurit | pra dipatya sadaya maksih sarkara ||

207. Dhandhanggula

1. budhalira wau sri bupati | pukul wolu saking ing nagara | gumuruh wadyakuswane | wadana jawi ngayun | sèwu bumi ingkang nambungi | agêng lawan panêkar | wadya jro sumambung | kang prajurit kawan dasa | wong saragni namèngyuda dorapati | tamtama ngarsa nata ||

2. wadya kaparak ing kanan kering | kang angambil magêrsari kapang | wadya gêdhong ing wurine | kang raka munggèng pungkur | Pangran Mangkunagara nênggih | wadyane kang turôngga | wontên kawan atus | maksih ngêngrêng barisira | ingkang dharat anggarêbêg para rabi | kang munggèng wuri pisan ||

3. pukul tiga praptèng Bayalali | masanggrahan sadalu sang nata | sawadya budhal enjinge | ing rêndhêng mangsanipun | jawah adrês samargi-margi | dêlèr kang kawuwusa | sampun tigang dalu | praptane ing Salatiga | lêt sadalu Pêpatih Mataram prapti | Dipati Danurêja ||

4. wau lampahe sri narapati | pukul kalih praptèng Salatiga | gumuruh mriyêm urmate | abaris urung-urung | sakathahe wadya pasisir | dêlèr pamêthukira |

--- 31 ---

ing jawi wus tundhuk | tabean arêrangkulan | wadya piyak dêlèr lawan sri bupati | nganti praptaning raka ||

5. ingenggalkên pangran lampahnèki | adhèhan lêmbut ingkang turôngga | rêmpêg lawan prajurite | apajêg songsongipun | gumarêdêg turôngga pipit | dêlèr mèsêm umiyat | alon dènnya muwus | baik tu Mangkunagara | dupi cêlak udhune saking turanggi | dêlèr goyang kapala ||

6. kamiduwung dènnya sangêt cilik | dene sapêrti rare kewala | sigra lampahira tabe | mung wakêt wêtêngipun | lir maesa kalawan kambing | kinanthi asta kiwa | têngên sang aprabu | gumuntur kang mriyêm urmat | drèl sinapan binakta manjing ing loji | sang nata lan pangeran ||

7. sapraptane wus atata linggih | munggèng kursi dêlèr anèng têngah | sang nata munggèng têngêne | pangeran kiwanipun | pra upêsir ingkang nambungi | dêlèr anggung alatah | dene gujêngipun | cilike sariranira | têka dadi prajurit pranata baris | kandêl marang wong Jawa ||

8. ingaturan masanggrahan sami | yèn sampun rêrêm ingkang sarira | nuntên mangkat bicarane | sang nata lajêng kondur | amakuwon sawadyanèki | sang nata masanggrahan | Kalicacingipun | Pangeran Mangkunagara | pakuwone ing gêgunung dèn ênggoni | kidule ari nata ||

9. ya ta antawis ing tigang ratri | dènnya mangun dadining bicara | anèng pasanggrahan [pasanggraha...]

--- 32 ---

[...n] gêdhe | pojok lor kulonipun | kang sininggêt ing gêbyog sami | punika kang kinarya | gêdhong bicarèku | wus sami prapta sadaya | dêlèr ingkang nèng pasanggrahan dhingini | nulya kangjêng susunan ||

10. lan kang raka sarêngira prapti | wau Pangeran Mangkunagara | wus sami tata linggihe | kang munggèng ngarsa Prabu | Adipati Mangkuprajèki | Dipati Danurêja | nunggil jajaripun | Kyai Dipati Samarang | sakancane pasisir kang pra dipati | aglar ing ngarsa ngandhap ||

11. urmat mariyêm awanti-wanti | lajêng larih dêlèr lan sang nata | Pangran Mangkunagarane | myang Kumpêni gung-agung | sampun midêr kang punang larih | watara kaping tiga | nênggih larihipun | dêlèr ngancarani nulya | mring sang nata angantor kalawan malih | Pangran Mangkunagara ||

12. lan Uprup Abraham tumut manjing | dêlèr ambêkta piskal satunggal | kalawan sukêtarise | bakaur Jawa tumut | Kartabasa Bastam tan têbih | sang nata bêkta ingkang | ngampil lopakipun | Apanji Suradilaga | Pangran Mangkunagara bêkta satunggil | amung Mangunrêjasa ||

13. dêlèr kang lèr dènira alinggih | ingkang kidul wau sri narendra | lan uprup munggèng kèrine | pangeran kilènipun | sukêtaris êlère malih | ajajar lawan piskal | anulya sang prabu | alon dènira ngandika | marang dêlèr bapak dêlèr ingsun iki | têtêmu lawan dika ||

14. aprakara Kakang Mas Dipati | Mangkunagara [Mang...]

--- 33 ---

[...kunagara] asrah ing dika | manirèki darma bae | dêlèr alon umatur | gih tarima kasih sang aji | kula tan nêdya ginggang | rèh katêmpuh sêpuh | sukêr arus tanah Jawa | kadi botên pun bapa sagêd gumingsir | nata malih ngandika ||

15. lah suwawi kakang mas dipati | wicantêna ing sakarsa dika | mupung pêpanggihan dhewe | dêlèr nambungi wuwus | gih pangeran ta kadipundi | sukaning manah dika | pangran sigra muwus | nggih tuwan kang kula têdha | bawah kula lami ing Nglaroh Matesih | Gunungkidul Kaduwang ||

16. lan antuka bumi Sukawati | dêlèr muwus inggih amiliha | ingkang bumi kiwa bae | bumi têngên puniku | botên kêna dika ngarani | lawan tuwan pangeran | amung patang èwu | pan wontên adating kuna | kang anama inggih pangeran dipati | patang èwu sawahnya ||

17. Pangran Mangkunagara nauri | inggih lamun samantên kewala | apan batur kula akèh | sayêkti botên cukup | dêlèr sugal dènnya nauri | cukup kalawan boya | kula botên wêruh | kang rayi wruh sêmunira | lamun dêlèr ngolok-olok karsanèki | nguni lupute kakang ||

18. pan anyirêp têgêse sang aji | bapak pinikir ing pamondhokan | bilih tinêmu sarèhe | kakang êmas puniku | kula bêkta makuwon dhingin | sigra sami bubaran | dêlèr langkung rêngu | garundêlan turut marga | lan Danurja binêkta mundur mring loji | wuwusên sri narendra ||

--- 34 ---

19. ingkang raka wau lajêng ngiring | ingkang rayi gunêm pasanggrahan | sang nata pangandikane | kakang mas dêlèr wau | badhe ngolok-olok sayêkti | lupute kakang êmas | ingkang wau-wau | sang nata amundhut sêrat | ingkang saking jendral lan para radpêni | mring pangeran tan arsa ||

20. wa makatên langkung sri bupati | yèn akarsa têtulung kang raka | Kumpêni botên dahuwèn | pangeran duk andulu | surat saking nagri Batawi | wus ical manahira | kari samarutu | aturipun mring sang nata | inggih kula puniki sayêkti gampil | rèhning suwitèng raja ||

21. nadyan botên pinaringan nênggih | môngsa nêdya ginggang lan sang nata | sampun ta mênggah ing mangke | pinanci kawan èwu | sri narendra ngandika aris | inggih ta kakang êmas | dèn narima sukur | mring titah Sang Maha Mulya | kula ingkang pasthi tur angudanèni | cukup kalawan kirang ||

22. asal sampun amanggih rêrênggi | kakang êmas ing môngsa punika | linêgakakên atine | pan amung tulusipun | sampun wontên sawiji-wiji | ing panjênêngan kula | kang raka umatur | kula puniki susunan | lêbur luluh dadosa lamak sayêkti | ing jênêng padukendra ||

23. angandika kangjêng sri bupati | benjing enjing kang mas sampun kathah | dika muwus maring dêlèr | dêlèr kula satuhu | jêr suwita ing sri bupati | sampun ta pinaringan | sawah patang èwu | nadyan botên pinaringan | sawah sajung

--- 35 ---

môngsa nêdyaa gumingsir | rèhning katêmpuh tuwa ||

24. asal tulus jênênge sang aji | môngsa botên kinira-kiraa | wong amomong kadang anèm | lola umadêg prabu | botên wontên ngamping-ampingi | anuntun karaharjan | tuwa wajibipun | sampun kangmas kathah-kathah | pan puniku pakolèh anêrambahi | kang rakatur sandika ||

25. sampun bubar wus dadi kang pikir | ingkang raka makuwon sadaya | pangeran langkung ngungune | bêbudènira prabu | têmpak lair alandhêp batin | tan kêna jadha-jadha | ratu tyase wahyu | nora kêna pinapadha | dhingin wingi mangkenea bae uwis | tan ngêkèhkên mêmaras ||

26. ya ta kunêng kang winuwus malih | dêlèr dalu manggil Danurêja | lan Dipati Samarange | Nikolas Harting tuhu | runtikira anrus ing batin | mulat wong ngangkak-angkak | nêpsune kumrutug | cipta lamun tanah Jawa | ingkang pasthi iya angrêgêdi bumi | pikir kang tanpa ngrasa ||

27. sapraptanira bupati kalih | wus binêkta munggah nglotèng sigra | wus tata palinggihane | dêlèr asru amuwus | hèh Danurja praptanirèki | gawa prajurit pira | Danurja sumaur | tuwan wong kula piyambak | gangsal atus jêng sultan dènnya bêktani | prajurit jro akathah ||

28. prajurit jro ingkang para mantri | têtindhihe pun Ranadirada | prawira sêkti malihe | pangiriding katanggung | Jadirana Jayasurèki | prajurit jagabaya | miwah nirbayèku |

--- 36 ---

wirabraja brajanala | têtindhihe Kapitan Samangun bugis | Rôngga Jayapramuka ||

29. kadi wontên dhomas langkung kêdhik | prajurit jro ingkang kula bêkta | pêpilihan sadayane | tiga bupatinipun | prajurite nêmatus pasthi | Tumênggung Martalaya | Kartanadinipun | lan Rôngga Prawiradirja | punggawa tri pamuk manggalaning jurit | dêlèr mèsêm lingira ||

30. sapa bupati ingkang abêcik | wong pasisir alon saurira | Adipati Samarange | tuwan kabèh kang tumut | inggih sampun kula pilihi | kalih sadhèrèk kula | ing Lasêm lan Kudus | pun Dêmak miwah pun Kêndhal | inggih sami pênêd dèrèng angoncati | sabên yèn wontên karya ||

31. kêstabêle sami dèn wuwuhi | ngegosakên ing mariyêmira | mrih pratitisa tibane | marang pakuwonipun | Pangran Mangkunagara benjing | Danurja mèsêm mojar | tuwan yèn puniku | datan kongsi makatêna | kang anganthi putra dika sri bupati | kula ngandêl kewala ||

32. wêwatêke ratu kula lami | alus alêmês tyasira ngambar | angrêbuti wêwekane | dhap asor ngumalarum | apêsaja ing rèh sakalir | sayêkti

katangsulan | kang raka puniku | pasthi benjing enjing beda | têmbungane Pangran Mangkunagarèki | katut ing ari nata ||

33. dêlèr mèsêm iya benjing enjing | tinitenan pamêthèkmu iya | lamun salina têmbunge | bênêr kuwasanipun | Sri Narendra Surakartèki |

--- 37 ---

dalu sami bubaran | malih enjingipun | dêlèr ngundhangi siyaga | ing wadyagung wus aglar baris Kumpêni | tuwin kang baris Jawa ||

34. wus samêkta bupati pasisir | miwah Adipati Danurêja | pra dipati sakancane | nunggil panggenanipun | lan pasisir anunggil baris | Bupati Surakarta | sowan sadayèku | tan kantun sabarisira | wus samêkta wau kangjêng sri bupati | budhal lawan kang raka ||

35. saking pakuwon ing Kalicacing | sènès rakit bala Surakarta | tuwuh pangati-atine | winangsitan wadyagung | ingkang raka lan pra dipati | kagungan sri narendra | waos pêdhang dhuwung | kang angampil wong Kaparak | sinalinan kang angampil mêmilihi | prajurit kawan dasa ||

36. ingkang gagah-gagah prakosèki | kang abagus-bagus binusanan | dene wadya kaparake | sadaya kinèn kumpul | ing wadana kaliwonnèki | kang kenging kêkampuhan | amung mantrinipun | kabèh sikêpa gêgaman | panèkête anindhihi ngapalani | prajurit danasmara ||

208. Asmaradana

1. sigra budhal sri bupati | kumrutug wadya kumêrab | owah kang wadya tangkêbe | amuwuhi kaprayitnan | miwah wau kang raka | kadya wong krura sumêngkud | bayak ing prajurit maha ||

2. barise wadya pasisir | miwah baris ing Ngayogya | tinunjang ingilês bae | sadaya waos linigan | tan wontên kang sarungan | Bung Ampèl Galathik Mungup | myang kang sikêp waos [wao...]

--- 38 ---

[...s] benang ||

3. kang garêbêg sri bupati | tan ana wong kêkampuhan | sami prajuritan kabèh | sapraptane ing panggonan | dêlèr mêthuk ing jaba | tundhuk lawan sang aprabu | lajêng mring gêdhong bicara ||

4. tan owah pan kadya wingi | dêlèr dènira anggawa | piskal lan sukêtarise | miwah bakaure Jawa | Ki Bastam Martabasa | tuwin wau sang aprabu | myang Pangran Mangkunagara ||

5. wus tata dènira linggih | kadi sabên datan owah | gumuntur mriyêm urmate | miwah drèl ingkang sinapan | kadya prabata bêntar | wau kang wus tata lungguh | kang anèng gêdhong bicara ||

6. dêlèr kang miwiti angling | mring Pangran Mangkunagara | kadipundi ta ing mangke | dadine pikir andika | mungguh pratikêl kula | inggih sabin patang èwu | dika tulus botên tômpa ||

7. pangeran alon nauri | kula puniki pan gampang | rèhning amomong sang katong | botên ngarêp-arêp sawah | sampun ta pinancenan | inggih sawah patang èwu | nadyan botên sinabinan ||

8. môngsa nêdyaa gumingsir | lola katêmpuh ing tuwa | panjênêngane sang katong | sintên ingkang ngampingana | dènira tanpa yayah | nêdya nuntun ing rahayu | sawaha satus kewala ||

9. yèn sarta tuduh Kumpêni | kula nglakoni kewala | pan inggih botên kumêdhèp | inggih pirabara benjang | dêlèr alatah-latah | puniku pikir satuhu | sangêt ing panrimaningwang ||

--- 39 ---

10. cêkêl tangan dèn urmati | larih midêr kaping kalih | mêdal sami alok use | sami alênggahan jaba | tinata pra dipatya | larih mayêng wantu-wantu | urmat putus ing bicara ||

11. pangeran sampun atampi | gih kawan èwu kang cacah | tan ana pagaweane | dhahar aguling kewala | yèn kirang kang dhinahar | miwah kirang sandhangipun | nuwuna ing ari nata ||

12. miwah nêdha ing Kumpêni | têtêp dadi pêpunjungan | kalawan wau namane | tinêtêpakên kewala | Pangeran Adipatya | Mangkunagara jêjuluk | Senapati ing Payudan ||

13. kalawan dènira linggih | satata kalawan raja | amung sakêdhik kacèke | kursi kalawan amparan | miwah kang upacara | winênang sakarsanipun | mirib upacarèng raja ||

14. lawan ingkang songsong kuning | pinarêmas pan kalilan | lawan ing sapanginggile | sajênênge ari nata | pait milu paita | yèn arum milua arum | upamane Krêsnarjuna ||

15. ari manis milu manis | yèn papaa myang wibawa | têka katut milu bae | mupakat sinungan urmat | têgêse tur minôngka | plêkat prajanjeyanipun | mariyêm muni gumêrah ||

16. sinampurnèng para pikir | sadina dènnya drawina | amarêngi ing Kêmis Pon | Madilakir salawe prah | maksih Jimakir warsa | gêgawane kang pinundhut | Pangran Arya Mangkuningrat ||

17. lan pangeran anom sami | lan Radèn Adikusuma |

--- 40 ---

Tumênggung Pringgalayane | pinundhut ing ari nata | ingkang maringi sawah | dene ta pakaryanipun | maksih anunggil kang raka ||

18. mung kang pinundhut sayêkti | Rahadèn Adikusuma | lawan kêkalih kadange | sami pinundhut mring pura | winor ing panakawan | katri têtilaranipun | Pangeran Adiwijaya ||

19. kang sêpuh pinacak nênggih | mayor prayayi santana | wau ing surup bubare | sang nata badhe budhalan | duk anèng Salatiga | wolung dina pitung dalu | dêlèr kathah sungsungira ||

20. Pangran Mangkunagarèki | akathah pinisungsungan | busana mring tuwan dêlèr | dêlèr nuwun sadina kas | nutugakên kasukan | ing punika sang aprabu | lajêng dènnya pêpamitan ||

21. tabean rangkulan sami | myang Pangran Mangkunagara | datan kawarnèng dalune | enjinge têngara budhal | Upêsir ing Samarang | kang ngatêr ing Bayawangsul | nênggih upêsir sakawan ||

22. dêlèr antara sawêngi | budhal mantuk mring Samarang | bupati pasisir kabèh | Adipati Danurêja | mantuk marang Mataram | wau kondure sang prabu | Saptune praptèng nagara ||

140. Pangeran Mangkunagara besanan kaliyan Tumenggung Kudanawarsa

23. Dipati Mangkuprajèki | sakancane pra dipatya | kinèn amikir nuntêne | nênggih sawahe kang raka | Dipati Mangkupraja |

--- 41 ---

miwah kang para tumênggung | seba Kamangkunagaran ||

24. sarta kinèn angladosi | kasukane ingkang raka | dhadhu kêmiri lan kècèk | miwah paksi lawan sata | sagung kang pra dipatya | tangkêbe tan prabedèku | lawan ngladosi sang nata ||

25. Dipati Mangkuprajèki | matur mring kangjêng pangeran | èstune wau karsane | sabin kawan èwu mangkya | tanah pundi kinarsan | jêng pangeran lingirarum | ya têlung èwu kewala ||

26. urut Laroh lan Matesih | lan Gunungkidul Sêmbuyan | Matesih sapangidule | Nglaroh sapangalorira | Gunungkul Sambuyan | ya gênêpa têlung èwu | sèwu Kaduwang kewala ||

27. dene Kaduwang kang kari | limang atus misih bêra | iya sun urip-uripe | iku sun gadhuh kewala | wusnya sah kang pitungkas | tan alami sampun katur | ing Pangran Mangkunagara ||

28. yèn kang tigang èwu sabin | Matesih Nglaroh Sêmbuyan | Kaduwang patang èwune | sang nata maringi bandar | ing Gawok lan ing Taman | lan sagung wêwêngkonipun | Matesih Nglaroh Sêmbuyan ||

29. miwah Kaduwangirèki | isi pasar pira-pira | sadaya pinaringake | wau Pangran Mangkuningrat | wus sami pinaringan | sabinipun gangsal atus | rongatus gadhah Pacitan ||

30. pangran anom mantunèki | nama Radèn Wiratmaja | wus kawan atus sabine | Rahadèn Adikusuma | satus ari kalihnya | anyèkêt ing sabinipun |

--- 42 ---

ngiras maksih manakawan ||

31. Pringgalaya pan kinardi | sèwu majêgan Mataram | wus sami eca galihe | mangkana anggung kasukan | Pangran Mangkunagara | wong Surakarta sumuyud | aprasasat ari nata ||

32. pêpatih lan pra dipati | tuwin sagunging santana | kadya pasthi pasowane | ing Rêbo kalawan Ngahad | sebèng Mangkunagaran | anggung kasukan anayub | Pangeran Mangkunagara ||

33. ing Saptu watang miyosi | mantrine kang kawan wêlas | kang sami watangan dhèrèk | lima lan Kudanawarsa | nagari wuwuh arja | bubar watang sang aprabu | animbali ingkang raka ||

34. pukul sanga wêdalnèki | sabên Saptu pan mangkana | Pangran Mangkunagarane | mangkana asalin wulan | Rêjêb kaping sakawan | pangeran dènnya mêmantu | besane Kudanawarsa ||

35. putrèstri Dèn Ajêng Sawi | pinaringkên Bagus Budhal | wong Mangkunagaran kabèh | tugur nèng Kudanawarsan | dalême jêng pangeran | timbalane ari prabu | sagunging wadana jaba ||

36. samya tugur jalu èstri | Adipati Mangkupraja | pra dipati sakancane | akathah sêsumbangira | sabên dalu kasukan | miwah sira tuwan uprup | pan anggung tumut kasukan ||

37. lan akathah sumbangnèki | tuwin Dêlèr ing Samarang | inggih prapta sêsumbange | akathah awarna-warna | pangeran langkung suka | adhadhag wardayanipun | ing antêpe ari nata ||

38. mung urun dalêmirèki |

--- 43 ---

aprasasat sri narendra | kang atugur pêpatihe | lan sagung kang pra wadana | Sênèn Lêgi aningkah | bubar ningkah lajêng nayub | santana pêpak sadaya ||

39. para mantri kang ngladèni | kaliwon kang ngirid samya | gumuruh mriyêm swarane | sadalu malah kongsi byar | enjing Ki Mangkupraja | bêkta pangantèn lumêbu | ingujungakên mring pura ||

40. praptèng byantara narpati | wusnya ngujung mring sang nata | miwah Ratu Kancanane | lajêng pinaringan nama | pangantèn ing sang nata | anama Radèn Tumênggung | anênggih Suryakusuma ||

41. winalungsung wêdalnèki | mangkana Ki Adipatya | Mangkupraja sawêdale | angirid wau praptanya | ing Kamangkunagaran | dhawuhkên timbalan prabu | pangantèn pinaring nama ||

42. ing ari paduka aji | Radèn Tumênggung namanya | nênggih Suryakusumane | pangeran kalangkung suka | tuwin Kudanawarsa | langkung dhadhag ing tyasipun | yayah amarwata suta ||

43. nulya ing antara malih | salin wulan sasi Ruwah | nuju sapisan tanggale | pangeran nganyarkên ningkah | putra pambajêngira | kang antuk Radèn Mas Guntur | nguni panggih anèng wana ||

44. tan ngangge dèn sidhêkahi | anuju binujung mêngsah | milane karsanya mangke | winangun kang sidhêkahan | rinêngga winiwaha | tan pae kadya ing wau | tinuguran pra dipatya ||

45. pasumbang wong sanagari | kathah pêparinging nata | miwah uprup lawan dêlèr | kathah pasumbange prapta |

--- 44 ---

tumplêk kang pra santana | nèng Mangkunagaran tugur | anggung amboga drawina ||

46. pan sawulan pisan nênggih | Ruwah pangran adipatya | andina ngecakkên tyase | kasukan lan pra dipatya | tuwin kang pra santana | kèndêl Siyam wulanipun | amarêngi ping sadasa ||

141. Pangeran Pancuran seda. Putra-putranipun dipun kukup Kangjeng Sunan

47. miwah taune Jimakir | sêrat prapta sing Samarang | dêlèr tur priksa ing mangke | yèn Pangran Tirtakusuma | nênggih Pangran Pancuran | seda nèng Samarang Saptu | wulan Siyam tanggal astha ||

48. sumanggèng karsa sang aji | mênggah layone kang raka | miwah ing satêtilare | putrane inggih punika | tiga kang para kadang | sang nata kagyat angungun | animbali ingkang raka ||

49. lawan uprup dèn timbali | sapraptanira ing pura | anulya pinirsakake | sêrat kang saking Samarang | sang nata angandika | kula kangmas langkung ngungun | Kakang Mas Pangran Pancuran ||

50. tan wontên wartining sakit | mangke ta têmahan seda | kang raka umatur alon | inggih sampun karsaning Hyang | wêwatêsaning ajal | kalêbêt pocapanipun | wong nyêrèt umure cêkak ||

51. kalêbêt lêksana

--- 45 ---

kêdhik | punika raka paduka | inggih botên pêjah longong | sang nata malih ngandika | iki uprup karsèngwang | kabèh têtilaranipun | sun jaluk marene iya ||

52. sagarwa putranirèki | miwah kadange têtiga | padha ngumpula marene | ingsun ingkang kawajiban | iku angingonana | pun uprup alon umatur | punika langkung prayoga ||

53. sang nata sigra nimbali | Adipati Mangkupraja | lawan punggawa malihe | Tumênggung Sasradiningrat | kalih prapta ngajêngan | angandika sang aprabu | hèh Mangkupraja saosa ||

54. pomahan santana katri | nuli sambutên dèn enggal | aja doh lawan kadhaton | sakuloning kang pomahan | bocah sun suranata | kang badhe ngênggoni iku | Kakang Mas Toyakusuma ||

55. Kangmas Warihkusumèki | Kang êmas Ranukusuma | Ki Mangkupraja wotsinom | pukulun inggih sandika | prabu malih ngandika | Sasradiningrat sirèku | saosa marang Samarang ||

56. dene ta lakunirèki | kang wus muni layang ingwang | aprakara ing sedane | Kangmas Pangeran Pancuran | têtinggale sadaya | garwa putra kadangipun | sun pundhut marene padha ||

57. kakang mas dika nganthèni | lakune Sasradiningrat | kang raka sandika ture | inggih pun Ranadipura | kapalan tigang dasa | lan kêkalih mantrinipun | turônggane anyadasa ||

58. Mangkupraja sigra mijil | lan wau Tumênggung [Tu...]

--- 46 ---

[...mênggung] Sasra | prapta ing jawi kalihe | Tumênggung Sasradiningrat | lajêng pamit siyaga | Dipati Mangkupraja wus | parentah ing pra dipatya ||

59. yèn badhe anambut kardi | Adipati Mangkupraja | angirid punggawa kabèh | jênêngi akarya prênah | sakilèn Suranatan | cinêngkal lajêng wus dinum | Adipati Mangkupraja ||

60. asring jênêngi pribadi | milane kang nambut karya | gupuh sami mrih rikate | wus ambanjêng wismanira | rêrêsikane pundhat | wuwusên ingkang lumaku | Tumênggung Sasradiningrat ||

61. lawan Ranadipurèki | urunan Mangkunagaran | sikêp pitu kapalane | ing marga tan kawursita | wus prapta nèng Samarang | pêpanggih lawan gupêrnur | tinampèn surating nata ||

62. sinuksmèng driya kadugi | dêlèr sigra pêparentah | sawarnine têtilare | wau Pangeran Pancuran | kinèn angumpulêna | miwah kadange têtêlu | wus kinèn mêcah kaluwak ||

209. Pocung[4]

1. layonipun Pangeran Pancuran sampun | munggèng ing bandhosa | badhe linajêngkên mangkin | mring Mataram kaliwon kalih lumampah ||

2. nguni prabu bêktani salawatipun | miwah ingkang raka | Pangran Mangkunagarèki | mantri gêdhong wêwolu ingkang ambêkta ||

3. ngirid laku kêkalih kaliwonipun | praptaning Mataram | wus pinêtak layonnèki | ingkang kantun wus budhal saking Samarang ||

4. putranipun Pangran Tirtakusumèki | pawèstri satunggal | nama Dèn Ajêng [A...]

--- 47 ---

[...jêng] Kayati | kadang èstri satunggal Dèn Ayu Lanjar ||

5. lampahipun Sasradiningrat Tumênggung | lan Ranadipura | andhèrèkkên radèn katri | tan kawarna ing marga prapta nagara ||

6. praptanipun ing loji ingkang jinujug | nuju akasukan | Pangran Mangkunagarèki | pra santana sadaya myang pra dipatya ||

7. jaba ing jro tuwin ta pêpatihipun | horêg praptanira | Tumênggung Sasra angirid | pra santana katri kang saking Samarang ||

8. uprup mêthuk ing jawi sampun atundhuk | binêktèng jro sigra | tinêdahkên amurugi | mring kang Raka Jêng Pangran Mangkunagara ||

9. sami ngujung rinangkul lungayanipun | aganti katiga | nulya mring kang raka kalih | kinabêktèn Pangran Arya Mangkuningrat ||

10. nulya wau salaman lan malihipun | Pangran Dinagara | Pangran Adiwijayèki | nulya lawan Adipati Mangkupraja ||

11. lajêngipun pra dipati sêpuh-sêpuh | Ki Puspanagara | Rungbinang Wiradigdèki | lajêng lawan para tumênggung sadaya ||

12. ya ta wau wontên timbalan sang prabu | ngenggalakên sigra | ing praptane radèn katri | uprup lawan pangeran sami ngandikan ||

13. sampun munggèng pandhapa wau sang prabu | uprup lan kang raka | lan kang prapta radèn katri | sapraptane kadhaton panggih sang nata ||

14. lajêng gapyuk salaman lawan sang prabu | rèh andarpa cipta | wau sira [si...]

--- 48 ---

[...ra] radèn katri | panggih lawan sang nata kadya supêna ||

15. wus alungguh pangeran kalawan uprup | rahadèn katiga | nunggil dènira alinggih | Pangran Adinagara Adiwijaya ||

16. ngajêngipun Dipati Mangkuprajèku | sang nata têtanya | ing yuswane radèn katri | katur sami kang sami lawan narendra ||

17. taunipun Radèn Ranukusumèku | tan pati têbiha | iring-iringan kang warsi | wus mangkana Tumênggung Puspanagara ||

18. kinèn wau angirid radèn katêlu | mring saosanira | ing dalême radèn katri | kèrid marang Tumênggung Puspanagara ||

19. kadangipun èstri Dèn Lanjar ranipun | ing Pangran Pancuran | Pangran Mangkunagarèki | nuwun ing sang nata wontêna ing kula ||

20. sang aprabu nglilani panuwunipun | ature kang raka | mênggah ing jodhone benjing | kula botên kuwasa sumanggèng nata ||

21. sang aprabu inggih kangmas gampilipun | kang wontên ing kula | kangmas amung Si Kayati | mung putrane Kangmas Pangeran Pancuran ||

22. kang puniku dadi putri jro kadhatun | yèn jodhone benjang | sayêkti sami pinikir | inggih amrih ngularakên kang prayoga ||

23. sampun tamtu uprup lan pangeranipun | mêdal saking pura | tuwin sagung pra dipati | ya ta kunêng nagari ing Surakarta ||

--- 49 ---

142. Kangjeng Sultan mundhut wangsulipun ingkang Paman Adipati Natakusuma tuwin sanès-sanèsipun ingkang sami kakendhangaken dhateng ing Selong

24. kang winuwus nagari ing Ngayogyèku | duk sultan utusan | dhatêng nagari Batawi | kang ingutus apan Walandi kewala ||

25. lampahipun kangjêng sultan suratipun | mring gurnadur jendral | bêbukane punang tulis | pan amundhut Dipati Natakusuma ||

26. malihipun kang raka tilaranipun | Pangran Dinagara | miwah pangeran ngabèi | anêniga nèng Selong sami diwasa ||

27. tilaripun pangran ngabèi rumuhun | nguni sampun nama | inggih pangeran ngabèi | duk binucal sarêng ingkang paman-paman ||

28. mangkya sampun anglêgani pan gurnadur | sultan panêdhanya | jendral sampun anuruti | kinirimkên sadaya maring Samarang ||

29. kang tinuduh mêthuk apan Mayor Dungkur | binêktan punggawa | sakawan santana kalih | Pangran Natakusuma lan Pakuningrat ||

30. malihipun Rôngga Prawiradirjèku | miwah Martalaya | lan Tumênggung Kartanadi | sakawane Tumênggung Jayasudirga ||

31. dene wau Pangran Natakusumèku | binêkta nirbaya | miwah wong jagabayèki | jagasura wirabraja brajanala ||

--- 50 ---

32. mantrine jro salawe prah ingkang tumut | tri atus sadaya | prajurit jro kang umiring | lampahipun Pangeran Natakusuma ||

33. budhal esuk lampahira Mayor Dungkur | kang angiring samya | gêgamane pra dipati | lan prajurit ing jro cacahing turôngga ||

34. duk ginunggung kuda sèwu kawan atus | prajurit kang dharat | nêmatus pan botên luwih | Dungkur bêkta dragundêre salawe prah ||

35. lampahipun ing marga datan winuwus | wus praptèng Samarang | kèndêl dêdamêl pangarsi | pacak rakit munggèng satêpining marga ||

36. wuri tambur suling munya Carawangsul | gêgaman kang prapta | sri busananing prajurit | prajurit jro Pangeran Natakusuma ||

37. dêlèr mêtu anèng palataran dulu | ngiras pamêthuknya | Pangran Natakusumèki | Pangran Pakuningrat lan para dipatya ||

38. sami mudhun saking ing turangganipun | nganthi senapatya | Pangran Natakusumèki | samya ngadêg ngarsane baris pangarsa ||

39. dêlèr muwus bapak dipati dèn gupuh | liyat tu yang prapta | punya nak samuanèki | sigra nyêlak marang dêlèr sang dipatya ||

40. eram dulu sang adipati tanyarum | Anak Adipatya | Samarang wong Jawa mangkin | salin lagu dènnya anata gêgaman ||

41. Ki Posliyun Suradimanggala matur | inggih salin alam | Pangran Arya Mangkubumi | duk maksihe kalane amangun yuda ||

42. rakitipun baris Kumpêni pan sampun | duk wontên ing wana |

--- 51 ---

gawat pamasanging baris | yèn tinêmpuh amêncar ngamuk marênca ||

43. mungsuh agung wong akêdhik bisa ngêpung | pothèt gêlaring prang | Pangran Arya Mangkubumi | madêg sultan pasanging rakit binêkta ||

44. têtanyarum anak dipati puniku | ngèndêli punapa | matur Dipati Samawis | mila kèndêl kang songsong ijêm sakawan ||

45. kang apayung pêthak satunggil gêng luhur | Pangran Pakuningrat | Radèn Ônggadiwiryèki | punapa ta pandung ing putra sampeyan ||

46. duk angrungu radèn dipati kumêpyur | waspa darodosan | Si Jomblo têka gêng inggil | pan ing nguni wong kaya Ôngkawijaya ||

47. mêngko agung aluhur kadadènipun | kadya Baladewa | siyagane mêmêdèni | alon matur wau Dipati Samarang ||

48. kang asongsong ijêm sakawan puniku | pan sami punggawa | Tumênggung Ranadimurti | Martadirja Kartanadi Martalaya ||

49. cacahipun para tumênggung kang mêthuk | sampeyan punika | sakawan kang pra dipati | santanane kêkalih para pangeran ||

50. pêsiripun satunggil pun Mayor Dungkur | kèndêle punika | angêntosi senapati | anèng Buntas Pangeran Natakusuma ||

51. dêlèr muwus si bapak punapa pandung | marang putra dika | Si Ônggadiwirya nguni | tuwa pundi puniku inggih lan kula ||

52. sauripun tuwan ing watawisipun | botên kaot kathah | nging sêpuh tuwan sakêdhik | kala dika nguni wontên Wanakarta ||

--- 52 ---

53. ya ta wau salomprèt ingkang karungu | sasêle nèng ngarsa | Carabalèn munya wuri | pan kumrutug pêtêng magêrsarinira ||

54. prajurit jro kabèh magêrsarinipun | atusan kaparak | nirbaya jagabayèki | wirabraja brajanala kartiyasa ||

55. yutra mandhung nyangkraknyana martalulut | wong udamanggala | panamèng angapit-apit | prajuritan rêspati ingkang busana ||

56. bajonipun Pangran Natakusumèku | baludru rêng pelag | akait têpung binudir | pan ingore lunglungan burdir sacêngkang ||

57. songkokipun cêmêng ginarudha gêrus | winurti renda mas | amojah ijêm kasturi | alancingan baludru wungu pasmèn mas ||

58. dhapuripun pêkik sangêt ringkihipun | manis ulat ladak | kadya Bambang Parikêsit | duk cangkrama nèng laut titihanira ||

59. rata wungu pangirid sad pada satus | langlang ing samodra | mangkana wontên ningali | wong Samarang atitip têpining marga ||

60. lir sinawung kudane lan Mayor Dungkur | arja songsong pêthak | turangganira sêsirig | sarwi êsês lan Mayor Dungkur pocapan ||

61. dêlèr muwus lah sintên bapak puniku | pangeran kang prapta | pangeran gêdhe puniki | pêpatih jro pangran kapala bicara ||

62. mêngko pandung si bapak mring anakipun | Si Sumadiwirya | lurah mantri anom nguni | cêblung dika kang ladak Radèn Supama ||

63. dika masuk sampun dika tumut mêthuk | nulya [nu...]

--- 53 ---

[...lya] kur-ungkuran | dêlèr lawan sang dipati | Mayor Dungkur lan Pangran Natakusuma ||

64. sami mudhun saking ing turangganipun | tundhuk têtabean | lan Dêlèr Nikolas Harting | sagung baris munya drèl sênapanira ||

65. rame barung Kodhokngorèk Kalaganjur | swaranya gumêrah | kontrag nagari Samawis | dêlèr dangu rêrangkulan cêciuman ||

66. ya ta wau radèn dipati andulu | alon atêtanya | marang Dipati Samawis | anak Adipati Suradimanggala ||

67. gêndhingipun putranta sultan puniku | duk maksih nèng têba | wong gêdhe lamun pêpanggih | urmatipun cara paguting ayuda ||

68. langkung ngungun sang adipati angrungu | gih botên kadosa | Pangran Arya Mangkubumi | undhagi rèh barang asmaradilaga ||

69. sami mundur wau pangintipirèku | marang palênggahan | Natakusuma Dipati | lênggah lan Dipati Suradimanggala ||

70. dêlèr mundur angirid têtamunipun | prapta tata lênggah | Pangran Natakusumèki | Pakuningrat tinuduhakên mring bapa ||

71. duk andulu pangeran kalih andulu | sarêng ngrangkul pada | kakang adhi kanan kering | ting salênggruk tangise kadi supêna ||

72. pan adangu kang rama dhêluk angukruk | gantya pra dipatya | sakawan sami ngabêkti | mundur sami ing palênggahan wus tata ||

73. pra tumênggung sakawan ingkang dinangu | namane kalawan | ing kawijilane sami | dènnya pantês amrajuriti sadaya ||

74. matur [ma...]

--- 54 ---

[...tur] lamun kang kêkalih wijil Kêdhu | Mangkudirja lawan | Tumênggung Ranadimurti | wijil Sukawati kêkalih punika ||

75. ingkang sêpuh Tumênggung Martalayèku | kang anèm punika | pun Tumênggung Kartanadi | sami andêl tumut bêbakal karajan ||

76. lirikipun ki adipati angungun | punggawèng Ngayogya | patut-patut mrajuriti | asêmbada bagus-bagus rowa rikat ||

77. pra tumênggung dene padha wijil dhusun | solahe sêrigak | ngarèkakên wong nagari | duk ing nguni pra Dipati Kartasura ||

78. aturipun Pangran Natakusumèku | punggawèng Ngayogya | inggih sakawan puniki | sami pamuk sami manggalaning aprang ||

79. kang mêjahi Mayor Kalèrêg rumuhun | duk prang ing Pajênar | gih pun Adhi Kartanadi | kang mêjahi Kapitan Uce punika ||

80. gih pun Kakang Tumênggung Mangkudirjèku | sami andêl ing prang | sami julig aprang wêngi | ingkang rama angungun pamirsanira ||

81. dêlèr muwus anambungi tutur-tutur | bapak punya anak | satunggal prawirèng jurit | langkung wantêr Pangran Arya Natabaya ||

82. pan puniku yèn panjanga umuripun | langkung dèn la-êla | pan asring kinarya wakil | senapati paprangan sêsilih sultan ||

83. ngambil mantu dhasar santana ingugung | Pangran Natabaya | sampun kasumbagèng jurit | tan kumêdhèp nadhahi Mangkunagara ||

84. Mayor Dungkur alon anambungi tutur | Upêsir Ngayogya | yèn ngalurug dèn tindhihi |

--- 55 ---

Pangran Natabaya prasasat jêng sultan ||

85. pêjahipun Pangeran Natabayèku | sultan kawigaran | sungkawa kapati-pati | patang côndra datan kêna siniwaka ||

86. karya kuwur nagari Ngayogya bawur | dene ratunira | tan antuk nadhah aguling | wayang wuyung kongkalan andanasmara ||

210. Asmaradana

1. Pôncadakara Narpati | sèwu siwuhên jêng sultan | sabawa kawibawane | siniwi supe kasipat | pusêk pasuk kapasak | bangun mangungun winangun | linali-lali kèlingan ||

2. Gupêrnur Nikolas Harting | hèh Pangran Natakusuma | Si Dungkur liwat marase | wruh wêwatakane sultan | manawi kalantura | ingsun dèn iri ngrêrapu | liliha rêntênging driya ||

3. ngong kirim layang ping kalih | ngaturi sultan toleha | iya marang karatone | pikire kang kathah-kathah | Sang Prabu Surakarta | padha milua ngrêrapu | rêntênge kang rama sultan ||

4. jêng sultan mathêm ing galih | maring Pangran Natabaya | santana dadya mantune | dhasar prawira ngayuda | titi mungkasi karya | Pangran Natakusuma rum | umatur marang kang rama ||

5. ingkang cinatur puniki | Pangran Arya Natabaya | pun Adhi Dèn Bagus Komplo | Dipati Natakusuma | tumungkul rawat waspa | pira ta lawasirèku | ing patine arinira ||

6. kang putra umatur aris | kados sampun kawan wulan | sigra sumambung idêlèr | pan sarwi amêndhêt sêrat | kang saking kangjêng sultan | gangsal wulan têtêpipun |

--- 56 ---

amung kirang limang dina ||

7. wus sami petungirèki | Pangeran Natakusuma | nutugakên caritane | putra paduka duk pêjah | konduran saking aprang | mukul mêngsah Wukirkidul | tumpês Pangran Madukara ||

8. karaman kang madêg baris | gêmpur saking adhi êmas | kalih bêlah pêpatine | dene kang nungkul binônda | kacandhak jroning aprang | agêng alit pitung puluh | binêkta dhatêng Ngayogya ||

9. saunduripun pun adhi | anyandhak sakit punika | dilalah praptèng ajale | kontrag nagari Ngayogya | sultan langkung sungkawa | ing nagara têmah bawur | sultan tan nadhah anendra ||

10. alami datan anangkil | sultan kantos gangsal wulan | anggung mendragung wirangrong | sanagara awuyungan | dêlèr nambungi sabda | ing puniku Mayor Dungkur | langkung maras ing wardaya ||

11. sultan kalantur gêng wingit | kula ingiri kirima | layang pitutur mrih sarèh | elinga karatonira | Sang Prabu Surakarta | iya milu angrêrapu | rêntênge kang rama sultan ||

12. sultan tur layang ping katri | lan kang putra Surakarta | puniku awit lilihe | Dipati Natakusuma | langkung pangungunira | dangu dènnya sênggruk-sênggruk | karaos dhatêng kang putra ||

13. dangu luwaring prihatin | pun Adhi Mas Natabaya | kalangkung binadhe-badhe | senapati ing ayuda | kinudang prawirèng rat | ing prang winêca pinunjul | kuwawi wakiling sultan ||

14. putra paduka

--- 57 ---

narpati | andika dhatêng kang raka | adhi sêmpal bauningong | kang têngên sapatinira | iya Si Natabaya | dene bau kiwaningsun | sira lan Dhi Pakuningrat ||

15. ngêntèk têmên pêthèk mami | mring adhimu Natabaya | pasthi yèn abot bobote | ing asmara pabaratan | nora na wong mangkana | patute sadêdêgipun | lawan ulate sambada ||

16. dêdêg parusa rêspati | anggawa gawating ulat | atêtêg titih atanggon | wêwadi tan kawadaka | ringase nora liwat | ulêkan amor ing sêmu | sêmu samakta priyôngga ||

17. ingayonan kaping kalih | pun Adhi Mas Natabaya | kinèn gitik pangajênge | Dipati Mangkunagara | wontên Sampar palihan | tinunjang tama malêdug | punggawèng Mangkunagaran ||

18. sinêngka tandhinge apit | pangajêng Mangkunagaran | kawan atus kapalane | nêmatus prajurit dharat | Adhi Mas Natabaya | prajurite kalih atus | amung prajurit turôngga ||

19. kalih atus dharatnèki | putra paduka punika | Ranadimurti kang kinèn | dhèrèk lampahe adhi mas | mantri lêbêt sadaya | sigra anambungi wuwus | Ranadimurti wotsêkar ||

20. pukulun anglêlangkungi | kapurunane ngayuda | swargi putra tuwan anggèr | Jêng Pangeran Natabaya | tuhu prawirèng laga | miwah gung darajatipun | sabên angamuk prahara ||

21. duk prang Pasampar rumiyin | anuju katiga

--- 58 ---

ngêrak | sarêng umangsah jêng anggèr | nunjang mungsuh pan apitan | tan kenging ingaturan | sarêng nêmpuh mangsah ngamuk | prapta ruhara prahara ||

22. dadya bêdhile tan muni | mungsuh sami kajawahan | sinêrot sigra prang waos | mungsuh mawur mawurahan | tan amôngga puliha | binujung kathah kang lampus | punggawanipun kacandhak ||

23. kathah dènnya tuk pêpati | mêngsah wontên tigang dasa | mung satunggil pan abdine | lan ingkang kanin tiganya | mungsuh tri dasa pêjah | kacandhak urip sapuluh | Mayor Dungkur nambung sabda ||

24. milane kônca upêsir | yèn anglarag tinindhihan | Pangeran Natabayane | kaliwat sukaning driya | tan ana duwe maras | dene senapati tangguh | atêtêg titih ing gêlar ||

25. kinudang-kudang sayêkti | môngka sarananing yuda | pinêthèk abot bobote | Pangran Arya Natabaya | dêlèr alon wuwusnya | Pangran Arya Kusumèku | pintên ta jagul andika ||

26. alon dènira nauri | Pangeran Natakusuma | tuwan mung tigang atus wong | timbalane kangjêng sultan | yèn kurang jagulira | amundhuta têlung atus | animbangi sikêpira ||

27. mring Dêlèr Nikolas Harting | jagul pasisir dèn kathah | idêlèr alon saure | ya pangeran dadi lawas | sira anèng Samarang | iya ana pitung dalu | iya sira antènana ||

28. sun mêpêg jagul pasisir | sanadyan limang atusa | angur si[5] kapara luwèh |

--- 59 ---

duwèke rama paduka | kang saking Selong kathah | kang wontên ngriki karuhun | kacêkêle rama dika ||

29. langkung kathah guru dadi | sawarnine kang jarahan | timbalanipun sang katong | sinrahkên marang Walônda | nanging Kumpêni datan | wontên ingkang purun dumuk | inggih rinêksèng kewala ||

30. wutuh ayam datan kêpik | puniki layange cacah | satus èwu watawise | paringkês lan abrag-abrag | sadaya kang cinacah | kêdawa wadhahing candu | wontên satus kawan dasa ||

31. wingi kula angungkabi | akathah kang dadi lêmah | nanging dèn untala misèh | inggih êndême punika | gumêr kang amiyarsa | Pangran Natakusuma rum | êndême malah mandia ||

32. gumêr malih pra dipati | sampun kinèn pamondhokan | Mayor Dungkur loji kêbon | lan Pangran Natakusuma | dene kang pra dipatya | wus pinarnah kuwonipun | kunêng malih cinarita ||

143. Tuwan jendral misungsung gajah tuwin kareta dhateng Kangjeng Sultan ing Ngayogyakarta

33. srat dhatêng saking Batawi | gajah kalawan kareta | tuwan jendral kêkintune | dhatêng Sultan ing Ngayogya | kalamun durung mangkat | bapak dipati puniku | wasisan dèn barêngêna ||

34. enjing sami dèn aturi | Pangeran Natakusuma | lan punggawa [pungga...]

--- 60 ---

[...wa] sakancane | miwah sira ki dipatya | miwah kang para putra | kerid marang Mayor Dungkur | ing loji agêng wus prapta ||

35. amuwus Nikolas Harting | hèh Tuwan Pangeran Nata | kusuma wasisan mangke | ing lampahe rama dika | puniki surat prapta | gih saking tuwan gurnadur | kêkintun ing tuwan sultan ||

36. awarni liman satunggil | lan kareta sakêmbaran | cinacahna gêgawane | lawan pasangone jendral | marang putra lêlima | pra radèn ayu têtêlu | dunung e satungal-tunggal ||

37. Dèn Ayu Kulon satunggil | dèn ayu ngabèi lawan | Dèn Ayu Purubayane | Dèn Ayu Natakusuma | nunggal lawan kang raka | mung putrane ingkang jalu | nunggil pan putra lêlima ||

38. Putra Pangabean katri | kêkalih Ngadinagaran | Radèn Jurit kalimane | putrane sang adipatya | kang putri ibunira | pasangone tigang èwu | saking ing gurnadur jendral ||

39. Kyai Dipati Samawis | ingkang ngruktèni rêmbatan | matur wus sumêkta kabèh | dhatêng kang bêkta kareta | miwah gawa kang putra | manjing jagul pitung atus | tigang atus jagul Yogya ||

40. patangtus jagul pasisir | dadya amung gangsal dina | Pangran Natakusumane | anèng nagasi[6] Samarang | budhal amawi urmat | idêlèr pangatêripun | wangsule ing Paterongan ||

41. ingkang lajêng tumut ngiring | dhatêng ing Ngayogya pisan | kalih wêlas dragundêre | sarean kopral satunggal |

--- 61 ---

alpèrèse satunggal | gangsal wêlas jangkêpipun | kang lajêng dragundêrira ||

42. kèndêl Ungaran sawêngi | anèng Jambu sadalunya | duk saking Jambu budhale | praptanira anèng Sêcang | pukul satêngah rolas | baris agêng kang kadulu | anggabag awarna-warna ||

43. Pangeran Juru ningali | marang mayor atêtanya | tuwan dene gaman akèh | punika punapa prapta | talatah ing Mataram | mayor mèsêm sauripun | bapak pan dede Mataram ||

44. tanah ing Kêdhu puniki | nênggih pasanggrahan Sêcang | punika gêgaman katon | wadana panumping mapag | Rôngga Prawiradirja | ambêkta samantrinipun | ambêkta môncanagara ||

45. ing Garobogan Dipati | Tumênggung Yudanagara | dene waune namane | Dipati Suryanagara | duk sultan bêng-ubêngan | pan puniku andêlipun | lan Rôngga Prawiradirja ||

46. sami wawrat ing ajurit | sagah nadhahi Walônda | kalih sami pêpênêde | nulya prapta prênahira | baris siyung turôngga | saragni drèl kumarutug | ngangkang Kodhokngorèkira ||

47. angrantêg kang Carabali | praptanira ing taratag | prajurit pilihan kabèh | ingkang binusanan abra | sami abaris tanjak | ingkang songkok miwah cênthung | sêsondhèr cindhe anjêprah ||

48. eram dènira ningali | Dipati Natakusuma | wusnya lênggah punggawane | sarêng dènnya mêngkul pada | wusnya panêkarira | tabean lan Mayor

--- 62 ---

Dungkur | pra dipati roning kamal ||

211. Sinom

1. Pangeran Natakusuma | matur mring kang rama aris | punika pun Adhi Rôngga | môngka dipaning ajurit | pan kaipe sayêkti | ing putra paduka prabu | pamugari manggala | ing pamuk madyaning jurit | kalih samya pamunah ngasmarèng laga ||

2. dene satunggal punika | pun Adhi Radèn Suwandi | rayi paduka pun Paman | Ônggakusuma sêsiwi | kang sami bêbakali | samantên kadadosipun | putra tuwan jêng sultan | tan lyan punika kêkalih | katigane pun Tumênggung Jayadirja ||

3. nanging mangke sampun pêjah | saking Butuh asalnèki | pun Tumênggung Jayadirja | katri prawirane sami | sudira anrang wèsthi | prawirèng gêlar mong kewuh | sami entar têkiyar | polatan ing tyas undhagi | sang dipatya langkung ngungun angandika ||

4. hèh Suwandi apa sira | wus lawas gonira ngabdi | iya maring kangjêng sultan | Prawiradirja nambungi | tumut ambêbadhèni | ing putra tuwan pukulun | windon alas-alasan | amangan dhangkèling kunci | botên dipe yèn amanggih kadadosan ||

5. cêcindhil ngundha dipôngga | tigang èwu Sukawati | amungsuh jagad wutuhan | dora manggiha basuki | sang dipati lingnyaris | anak karsaning Hyang Agung | lamun maksih rinêksa | sintên ingkang amrih pati | nêmbah matur Dyan Rôngga Prawiradirja ||

6. saèstu ing sapunika | tandhinge sèwu satunggil | putra

--- 63 ---

paduka jêng sultan | kang saos dhêdhahar prapti | sigra sami abukti | pra dipati Mayor Dungkur | asarêngan sadaya | urmat rontaka mawanti | sarta pelog angrêrangin karawitan ||

7. Dipati Natakusuma | erame kapati-pati | mulat punggawèng Ngayogya | kathahe balanirèki | asrine busaneki | pantês lungguh tigang èwu | cindhe lawan pêndhok mas | pan mèh sarupaning janmi | èpèk rendan timang mas mèh cok irunga ||

8. miwah ta ingkang rasukan | baludru mantrês we krêstin | kêstop mêng sru sok êndhasa | kuna gon-anggon bupati | kang putra dèn bisiki | Pangran Natakusumèku | pangeran kaya apa | wong kang nganggo-anggo iki | panganggone para mantri ing Ngayogya ||

9. ing kuna iku wadana | iku nganggo saragêni | panganggone mantri kuna | olèhe ya têka ngêndi | kaya arinirèki | iya Si Suwandi iku | andêle karo bêlah | nyuriga pêndhok mas sami | bênting cindhe kabèh padha èpèk renda ||

10. kaya iku arinira | Rôngga Prawiradirjèki | alêlungguh sawah pira | samono prajuritnèki | lan busanane adi | para lêlurahe iku | malah ngungkuli padha | gon-anggon wadana dhingin | Mayor Dungkur miyarsa bêbisikira ||

11. gumuyu pamuwusira | si bapak agawok pasthi | busanane wong Ngayogya | dadya sami gujêngnèki | wau gunêm binisik |

--- 64 ---

mangkya angiras gumuyu | erame ki dipatya | wus lair sadayanèki | Mayor Dungkur ingkang nauri patanya ||

12. bapak putra dika sultan | bêrana botên gêdhongi | gêdhonge wontên ing wadya | abdine ingkang asabin | sèkêt salawe sami | pinangan kewala amung | botên angrukti sandhang | dene busananirèki | sajêg-jêge busana sapangadêgnya ||

13. pan saking sultan sadaya | tan milu urun sadhuwit | nadyan kaliwon wadana | yèn busananing bupati | saking sultan sayêkti | kabupatèn sadayèku | mantri-mantri punika | sapraboting wong aurip | salamine saking putranta jêng sultan ||

14. wus lorod panadhahira | binagi mring para dasih | jagul kang saking Samarang | patang atus wus ginanti | wadya môncanagari | kang

anyandhak jagulipun | dandanan abrag-abrag | prasami winot ing sapi | kang bumèni rêmbatan môncanagara ||

15. sadalu kèndêl ing Sêcang | enjing têngara munya tri | sagung prajurit turôngga | wus tata rinakit baris | ingkang saking Samawis | sadaya lumakwèng pungkur | Pangeran Pakuningrat | sakancane pra dipati | munggèng wuri lan Pangran Natakusuma ||

16. balane Prawiradirja | miwah wong môncanagari | kang sami lumakwèng ngarsa | balane lumakwèng wuri | Rawa Kalangbrèt sami | budhal swarane gumuruh | kuda rongèwu dhomas | banderane warni-warni |

--- 65 ---

tambur suling saruni sri kapiyarsa ||

17. Dipati Natakusuma | langkung hebat aningali | tandang rakit lumampahnya | gumrêgut bayak ngrêmpêgi | kadya umangsah jurit | alon mojar Mayor Dungkur | bapak lah itu liyat | jêng sultan wadyanirèki | dene iku bala wong môncanagara ||

18. dudu wong sajroning praja | rêmpêge kadya Kumpêni | têrlalu pandhe jêng sultan | parentah angrakit baris | nauri ki dipati | sun tuwan dadi wong dhusun | gawok-gawok kewala | gêlare nganyar-anyari | prandenipun ngungkuli kang kuna-kuna ||

19. tuwan duk alam kawula | tan wontên kadya ing mangkin | cênthung makatên punika | inggih anggit sapuniki | prajurit pra dipati | nguni kathah kang cêcênthung | nanging cênthung lawaran | tan nganggo têtèbèng ngarsi | lawan botên nganggo salaka tan ana ||

20. miwah songkoke punika | inggih tan kadi puniki | baris ngarsa kèndêl samya | sêsiyung angapit margi | ing Saragênèn prapti | balabur tabah angungkung | Kodhokngorèk munya prang | praptane sang adipati | sru gumuruh saragni êdrèl sadaya ||

21. têdhake saking turôngga | Mayor Dungkur kang anganthi | binêkta amasanggrahan | ngumpul sagung pra dipati | wus tata dènnya linggih | kursi angubêngi bangku | sêsaosan wus aglar | mantri gêdhong kang bumèni | lan Kumpêni juru masake satunggal ||

22. wus lajêng sami dhadharan |

--- 66 ---

Kodhokngorèk Carabali | sirêp salendro bêbuka | Titipati angrêrangin | wadya gumrah ing jawi | kang tata pakuwonipun | wusnya adhêdhaharan | ing pukul sawêlas wanci | abubaran pakuwone pra dipatya ||

23. ing dalune tan winarna | atêngara budhal enjing | tan owah lampahing bala | duk angsal sajam lumaris | wontên dêdamêl kèksi | anggamêng dhêndhêng ngêndhanu | sang dipati têtanya | punapi Kumpêni prapti | mayor mojar punika dede Walônda ||

24. prajurite kangjêng sultan | mantri lêbêt ingkang prapti | lan prayayi jagasura | miwah wadya nirbayèki | dupi cêlak kaèksi | mantri lêbêt munggèng ngayun | abajo cêmêng ginggang | calana sangkêlat abrit | pan baludru songkok rinenda ing êmas ||

25. amojah cêmêng sadaya | anyuriga cara Bali | anggendhong karga renda mas | èpèk katimang mas sami | karga mas acuwiri | pêthat mas sadayanipun | sangkêlat wungu karkas | sopal mas acêngkang sami | anaracak satus tan ana salewah ||

26. karbin ingkang kawan dasa | sawidak waosirèki | sopal mas agêgodhi mas | kêmbang pacar tatah sami | kêkambiling turanggi | bêbisan sadayanipun | dene wong jagasura | waos mas cêmêng gêrandim | arasukan cêmêng baludru renda mas ||

27. rasukan sami kinotang | saruwal sangkêlat abrit | renda

--- 67 ---

mas sami amojah | sadaya mojahe putih | akuluk cangkang sami | têpi mas têtèbèng ngayun | sadaya anyuriga | pêdhang suduk mas arakit | sami dhawuk turangganipun sadaya ||

28. baris satêpining marga | angetang ingkang lumaris | lurah sami sinongsongan | anggung dènira anglirik | wau dènira nglirik | sang adipati angungun | mayor bukak topinya | ngurmati baris kang prapti | gèdhèg-gèdhèg Dipati Natakusuma ||

29. nulya mingêr barisira | nèng wurine sang dipati | lêlampah antuk satêngah | êjam wontên baris malih | prapta gamêng kaèksi | kumrutug swaraning tambur | ngalik-alik sulingnya | duk mulat sang adipati | Mayor Dungkur sigra ngling punika bapak ||

30. puniki gêgaman prapta | prajurit katanggung nênggih | lan prajurit suranata | andêle sultan rumiyin | duk mêngsah lan Kumpêni | suranata andêlipun | yèn pangamuk kewala | kanthi lan mantri pinilih | anumpêsi ing Walônda pira-pira ||

31. katanggung ingkang rasukan | cêmêng abêbêsur sami | sami abadhong kancana | sarwa mas busananèki | suranata duk salin | sikêpan sangkêlat wungu | baludru talakupnya | lancingan sangkêlat abrit | mojah biru talakup cêmêng sadaya ||

32. renda mas nut ing dondoman | eramira sang dipati | mas renda datanpa karya | inganggèkakên wong cilik | apa sugih ngliwati | Kangjêng Sultan Ngayogyèku |

--- 68 ---

ing kuna pan wadana | kang nganggo mangkono iki | lan kaliwon para mantri nora nana ||

33. gèdhèg-gèdhèg sang dipatya | sadangunira ningali | kabèh iku winatara | panganggone wong sawiji | kalih atus watawis | para lurah têlung atus | dene nora kayaa | sugihe kang dadi aji | saking apa baya pamêtune iya ||

34. ambusanani balanya | iku ta donya saking ndi | dene ta nora kayaa | karsane kang among urip | salin gagrag wong Jawi | Pangran Mangkubuminipun | karatone ya mandah | anganggoa ing pasisir | baya duwe bala sakêthi busana ||

35. gêgaman iki sadaya | saking doh kadi Kumpêni | cinêlakan maksih Jawa | rowane alah Kumpêni | ya ta manjing nagari | kapêthuk kaliwon pitu | sami akêkampuhan | miwah wadyane kang ngiring | samya bêkta jambu salak sêsonggoman ||

36. timun kalawan sêmôngka | kapundhung dipun songgomi | prasami kèndêl sakêdhap | Mayor Dungkur nêdha sami | patêdhan sri bupati | timun salak lan kapundhung | kalawan tata lampah | tandhu-tandhu wus rumiyin | ngalun-alun baris marwata kusuma ||

37. bandera mawarna-warna | lor kidul sipat waringin | kurung baris sipat marga | surat kang saking Batawi | kang mêthuk anèng loji | talam mas lan payung agung | praptèng loji sakêdhap | mayor asalin kulambi |

--- 69 ---

pra dipati duk sami nginum sagêlas ||

38. wus lajêng ngiras kang surat | tandhu-tandhu munggèng ngarsi | sapraptanira Galadhag | mayor têdhak lajêng nganthi | marang sang adipati | parèstri sadaya ngayun | kadya wong mêntas bêdhah | nagara boyongan ngarsi | prapta ngalun-alun munya drèl sênapan ||

39. sayeram sang adipatya | mulat abyoring kang baris | pasang rakite prayoga | busananira mantêsi | têtela angungkuli | nguni-uni para ratu | tandhu mêdhun taratag | jêng sultan wus dangu mijil | siniwakèng ing wangunan danasmara ||

144. Adipati Natakusuma dipun paringi nama Pangeran Juru

212. Asmaradana

1. katur sami dèn timbali | dèn ayu ngabèi lawan | kang bibi Dèn Ayu Kulon | miwah Dèn Ayu Purbaya | Purbaya Radèn Dêmang | dèn ayu dipati sampun | minggah dhatêng sitibêntar ||

2. Munggang kang munya sitinggil | sinirêp wus dangu munya | inggahe prayayi wadon | Dipati Natakusuma | lawan mayor nèng wuntat | kangjêng sultan têdhakipun | jumênêng ngarsèng amparan ||

3. kang prapta sami ngabêkti | prasamya anjrit karuna | kadya supêna ciptane | jêng sultan gumyur tyasira | têmah ngrêntahkên waspa | dènira ngandika gupuh | mring Nyai Arya Suwônda ||

4. iridên manjing jro puri | sadaya [sa...]

--- 70 ---

[...daya] sampun binêkta | Mayor Dungkur majêng age | lawan wau ki dipatya | sultan jumênêng sigra | wusnya tabe Mayor Dungkur | sigra wau ki dipatya ||

5. angrangkul padaniraji | gupuh jêng sultan anyêgah | dadya salaman kemawon | sigra jêngkar kangjêng sultan | tumamèng dalêm pura | wau surate gurnadur | badhe winaca jro pura ||

6. sapraptanira jro puri | mandhapa alit kinêmbar | atata palênggahane | sêrat jendral gya winaca | wusnya mriyêm sauran | Dipati Danurêjèku | ngandikan kinèn ngirida ||

7. para putra ingkang prapti | nênêm ngandikan sadaya | wus prapta ing ngarsa katong | mangsah putra pangabèan | katri mangusap pada | nuli kalih ingkang maju | putra ing Adinagaran ||

8. anulya rahadèn jurit | putra Kanatakusuman | mangsah ngusap pada katong | Dipati Natakusuma | anggung dènira nyawang | mring sultan sabên katungkul | ing pasêmon winaspada ||

9. netrane amasopati | ajêro tajêm aladak | tumancêp jêjarotane | pantês angêntasi karya | wau ta wus tinampan | sakathahing pakêkintun | kang saking gurnadur jendral ||

10. jêng sultan angandikaris | mring Dipati Danurêja | hèh Danurêja sakèhe | santana kang lagi prapta | miwah iya si paman | prênahna nunggil wismamu | besuk nuli parentaha ||

11. wismane sawiji-wiji | rahadèn patih sandika | sigra mijil sarêng mayor | ngatêr ing pakuwonira | ênggène [ênggè...]

--- 71 ---

[...ne] sang dipatya | dina Sênèn praptanipun | Kêmis sami pinaringan ||

12. kampuh sapaningsêt sami | kuluk sami sinewaka | kerid ing Danurêjane | jêng sultan enjing sineba | munggèng ing sitibêntar | aglar punggawa gung-agung | kaliwon mantri santana ||

13. wadya jro anèng sitinggil | wadya jawi pagêlaran | supênuh wadya sang katong | Adipati Danurêja | ingkang ngandikan minggah | ngirid marang sitiluhur | kang paman sang adipatya ||

14. lan para putra prasami | praptanira ing ngajêngan | sigra parentah sang katong | Danurêja parentaha | lan padha ngèstokêna | lamun si paman puniku | Dipati Natakusuma ||

15. sun pundhut namane mangkin | iya kang Natakusuma | dhimas ingkang wus anangge | dene si paman dipatya | ya sun paringi nama | namaa Pangeran Juru | lan sawah pancinên sigra ||

16. patang atus sawah milih | têlung lawe Padhongkelan | si paman wismaa kono | babad alas Padhongkelan | ngadêgêna Jumuwah | lan sagung pradikan iku | sun srahakên maring paman ||

17. iya ingkang madanani | Pangulu Janudin mangkya | sun lorod kapangulone | ingsun gawe pamradikan | nunggala lawan paman | jêjêga Jumuwahipun | sawah salawe pêndhêmnya ||

18. lan nêmbêlas sun paringi | sawah pêrak Padhongkelan | dene ingkang ingsun gawe | wa Pangulu Dipaningrat | mulih pangulunira | Danurja nêmbah anuhun |

--- 72 ---

jêng sultan malih ngandika ||

19. tinggale kangmas ngabèi | wus nama ngabèi kuna | ing mêngko iya sun êlèh | Pangeran Silarong nama | rong atus sawahana | dene ta adhine iku | Rahadèn Ranakusuma ||

20. sun êlih namanirèki | lawan sun paringi nama | iya Pangran Arya Pamot | iya rongatus sawahnya | ingkang wuragil pisan | ya Si Warsakusumèku | Pangran Balitar namaa ||

21. sawah satus bae dhingin | lan aja dèn iri seba | yèn durung waras netrane | dene têtinggale iya | Kangmas Adinagara | kang tuwa arane iku | Rahadèn Wiryakusuma ||

22. sun junjung namaa mangkin | Pangran Arya Prangwadana | iya rongatus sawahe | adhine iya kang nama | Radèn Martakusuma | sun junjung namaa iku | Pangran Arya Natasana ||

23. dene iya ta si jurit | Paman Juru sutanira | sun kulawisudha mangke | sun karya wadana jaba | sangang atus sawahnya | dene ta jêjulukipun | Pangeran Jayakusuma ||

24. jêng sultan ngandika malih | Hèh Danurêja wasisan | Dhimas Purbaya tinggale | Si Darpa iku namaa | Pangran Kusumayuda | iya sawahe rongatus | lawan Si Mangkudiwirya ||

25. anake bok ayu nênggih | tinggale kang Mangkupraja | sun junjung namaa mangke | Pangran Arya Singasêkar | iya iku sun karya | dadia lêlurahipun | putra pulunan sadaya ||

--- 73 ---

26. tinggale dhimas ing nguni | adhi mas Mangkukusuma | iya namaa ing mêngko | Pangeran Mangkukusuma | Bok Ayu Suralaya | tinggale namaa iku | Radèn Arya Suralaya ||

27. nglurahi Si Singasari | kacèkana ya sawahnya | Singasari têlung lawe | lan bok ayu para rôndha | anyèkêt pancènana | kang dadi panandhonipun | dhahare maksih saking wang ||

28. Danurja nuwun wotsari | jêng sultan malih ngandika | Si Jipang mêngko sun paro | Si Tumênggung Natapura | Si Kartasari iya | nama Tumênggung Mataun | Danurja nuwun turira ||

29. lawan ingsun mundhut malih | sawah nêmatus kewala | Si Ranadirada mangke | iya tumênggung namaa | Si Tumênggung Urawan | ya mung lungguha nêmatus | iya tumênggung sosoran ||

30. Dhimas Natakusumèki | nêtêpi santana tuwa | misih angiras patih jro | lan Si Tumênggung Urawan | sêsabête adhi mas | ngrèh prajurit sadayèku | ing jro Tumênggung Urawan ||

31. Dhimas Natakusumèki | wruha matênge kewala | satus rongpuluh mantrine | panèkêt satus nêmbêlas | panglawe wolung dasa | surupe bocah katanggung | ingkang panêlung jung dhomas ||

32. panêlung lawe pra mantri | yèku têgêse lêlurah | patang puluh wolu kabèh | kang panatus salawe prah | wolu pangaro bêlah | karya rong lêksa nêmèwu | prajurit ing jro

--- 74 ---

sawahnya ||

33. iku mudhuna sapalih | barang karyane nagara | Danurja sandika ture | nulya kinêjèpan nyêlak | sampun binibisikan | sagunging para tumênggung | padha duwènana kajad ||

34. sakuwasane prasami | sakolure sowang-sowang | nora sun wangêni kèhe | sunat marang wong atuwa | tilas dhalang nagara | si paman Pangeran Juru | padha mêmule manpangat ||

35. gya nêmbah rahadèn patih | mudhun saking sitibêntar | Pangeran Juru sarênge | sapraptane sitibêntar | andhawuhkên parentah | sakèhe ingkang jinunjung | para putra saking Selan ||

36. anama pangeran sami | rongatus pinaring sawah | sami anyatus gajihe | wontên dene ingkang paman | madanani pradikan | anama Pangeran Juru | kawan atus amardika ||

37. padhongkelan dèn dhukuhi | têlung lawe padhongkelan | bumi kang pinunjungake | angadêgakên Jumuwah | patangtus sawah têbah | punjungan Pangeran Juru | sadaya saur kukila ||

38. ngèstokêna angèstrèni | jêng sultan jêngkar ngadhatyan | Adipati Danurjane | ngacarani pra dipatya | tuwin kang pra santana | kerid marang wismanipun | bubar praptèng Danurêjan ||

39. lajêng sêsaosan mijil | dhadharan sagung punggawa | wus nglorot nusul wedange | aglar ingkang nyênyamikan | wau kang kinêjepan | ya marang ing Danurjèku | Dèn Rôngga Prawiradirja ||

40. jinarwan parentahnèki |

--- 75 ---

jêng sultan kang gêgaiban | kang pinrih kulure dhewe | munjunga maring kang paman | mêmule mrih sapangat | Rôngga Prawiradirja wus | wangsul palênggahanira ||

41. nglairkên timbalan gaib | umatur marang Danurja | ki lurah kula ing mangke | ngaturi bêkti punika | ing rama jêngandika | inggih Jêng Pangeran Juru | sabin sèkêt kolur ing tyas ||

42. Danurja angatag malih | mring sagung para wadana | tumut ing payu ature | Pangeran Natakusuma | Pangeran Pakuningrat | sami nyèkêt bêktinipun | Kartanadi Martalaya ||

43. Jayaningrat ing Matawis | lan Tumênggung Natayuda | pêpitu kawolu patèh | ingkang nyèkêt baktinira | nging patih langkungira | saking ing sèkêt kawan jung | kang salawe kalih wêlas ||

44. ingkang nigang jung pan sami | punika gih kalih wêlas | ngalih jung rowêlas mangke | ingkang namung salawe prah | warata sanagara | sipat kaliwon tumênggung | lan pra lurah gêdhe samya ||

45. ginunggung cacahing sabin | Pangran Juru pêpunjungan | sèwu sawêlas jung kabèh | wus bubar saking Danurjan | nanging pinarentahan | kang nêdya niat têtulung | babad wana Padhongkelan ||

46. sagung ingkang pra dipati | sadaya sagah tulunga | babadi Padhongkelane | mangkana andina-dina | kang ambabadi wana | sadaya sami têtulung | pra dipati ing Ngayogya ||

47. tan cinatur laminèki | dènnya babad Padhongkelan | akathah kang ngêtutake |

--- 76 ---

atusan kang tumut wisma | pandhe miwah kêmasan | wus agêng Jumuwahipun | siti rata murah toya ||

48. Kyai Dhongkol Jayanudin | ngadêgake pamurukan | pondhoke santri wus akèh | miwah têtiyang kang prapta | mranggi ngamalo ana | wong sayang miwah wong bubut | wus têpung lawan nagara ||

49. anglajur lêlurungnèki | têpung lan lurung nagara | kêncêng lan lêmpêng sipate | wus agêng wêwarungira | kajuron langkung pelag | ting sarowèh toyanipun | karasan santri ngumbara ||

50. pangeran gêng kurmatnèki | marang santri angumbara | duk puniku timbangane | ki malangi kilèn kitha | Dhongkèlan kidul kitha | sami pamurukan agung | jêng sultan asrêp miyarsa ||

145. Sang Prabu ing Surakarta prasaben mawi serat dhateng ingkang paman Kangjeng Sultan ing Ngayogya, kapareng badhe pepanggihan kaliyan ingkang eyang Pangeran Juru lan sanès-sanèsipun

51. kunêng kawuwusa malih | Sang Aprabu Surakarta | sampun lumampah badhene | kintun sêrat mring kang paman | Jêng Sultan ing Ngayogya | lurah gandhèk duk lumaku | ngêmbani surat sarkara ||

213. Dhandhanggula

1. praptèng Ngayogya dutaniraji | pra dipati [di...]

--- 77 ---

[...pati] sampun ingundhangan | tuwin pra santana kabèh | yèn wontên surat rawuh | saking Surakarta nèng loji | wus katur kangjêng sultan | enjing lêbêtipun | anuju ing dina Soma | Pangran Juru ing pêndhak Soma sumiwi | wontên ing panangkilan ||

2. kangjêng sultan nuju tan tinangkil | dene karsa atamian surat | saking ing Surakartane | prajurit jro wus mêtu | tambur suling ingkang saruni | swara amônca warna | kagyat Pangran Juru | dalêdêg baris kang mêdal | praptèng alun-alun kang baris rinakit | sêsiyung ngapit marga ||

3. mingak-minguk langkung dening sêdhih | Pangran Juru isin têtakona | arsa nora nakokake | abingung manahipun | ana katon tan wruh ing warti | sênêp langkung ambata | wau Pangran Juru | iya iki ana apa | saya suwe sawangên tan wruh ing isin | asal lêga kang manah ||

4. sok wêruha prakarane ugi | anganthuki marang Martalaya | sigra marpêki andhêpès | ngandika Pangran Juru | kula anak tumênggung mangkin | sampun dadi wong desa | nèng Selong rong windu | puniki wontên punapa | prajurit jro prasami mêdal abaris | lan dandanan jro mêdal ||

5. sami ngalor payung gung satunggil | kang dèn iring lan talam kancana | tur sêmbah Martalayane | gumujêng aturipun | inggih wontên caraka prapti | sing nagri Surakarta | bêkta suratipun | wayah paduka sang nata | pan punika inggih badhe angurmati |

--- 78 ---

mangke praptaning sêrat ||

6. inggih dene samining narpati | nadyan putra ujêr padha raja | Pangran Juru andikane | gih talah nak tumênggung | wagêd têmên wong agung mangkin | ambusanani praja | mirungga tur patut | bisa angrêngga nagara | yèn wadone ayu luwês bêsus wasis | sèdhêt raga karana ||

7. awilêtan sèdhêt maratani | lêgi lêgawa raga wiraga | parêk driya wardayane | pantês gandêse anrus | sêkar banjar ambêbanjari | nagari ing

Ngayogya | rêspatine anrus | tunjung tajême ajaman | alam kula tan sagêd kadi ing mangkin | nagara Kartasura ||

8. kang amêthuk surat prapta ngloji | Mayor Dungkur sarêng angkatira | lan para dipati kabèh | duk prapta ngalun-alun | munya kang drèl Munggang sitinggil | drèle kadya Walônda | Pangran Juru ngungun | tambure munya brang-brangan | suling lawan sarunèn angalik-alik | êdrèle bal-ambalan ||

9. praptèng pagêlaran angêjèpi | lawan Adipati Danurêja | tuwin Pangeran Jurune | wus sami nyandhak wêdhung | Mayor Dungkur dangu ngêntosi | wus sarêng inggahira | ing sitimanguntur | sirêp drèl sapraptanira | srimanganti mayor wus lajêng pribadi | Dipati Danurêja ||

10. Pangran Juru lan para dipati | ing srimanganti kèndêl sadaya | miwah ta priyayi gandhèk | ing Surakartanipun | mayor praptanira jro puri | surat katur jêng sultan | tinupiksa sampun | kadriya [ka...]

--- 79 ---

[...driya] surasèng driya | urmat barung mariyêm mawanti-wanti | Dipati Danurêja ||

11. lan Pangeran Juru dèn timbali | tuwin kang pra dipati sadaya | lan gandhèk Surakartane | praptèng byantara prabu | matur nêmbah ing sri bupati | katur sawêlingira | ingkang putra prabu | kature apangkat-pangkat | gumalintir tatag tangginas tarampil | sèdhêt aparêk driya ||

12. myang gandêse ingkang andhawuhi | mêsês kadya ujungan sarkara | Pangran Juru kagèt-kagèt | mirsa satakêpipun[7] | lan solahe ingkang dhawuhi | tuwin kang dhinawuhan | rikat galakipun | anggubrasi manisira | langkung dangu Pangran Juru dongong myarsi | kramèng nila wacana ||

13. Pangran Juru mengo bisik-bisik | marang Adipati Danurêja | hèh anak ing satêmêne | alam kula rumuhun | wayah lagi samèntên nênggih | puniki misih bocah | kêkandhanganipun | dèrèng bisa sapocapan | lan wong tuwa puniki kaya gêlamit | sapocapan lan raja ||

14. ing ukara rêspati patitis | ing wêwatês prakara waspada | têka liwat gawokake | mèsêm Danurêjèku | pan paduka botên mêningi | inggih kang darbe anak | punika rumuhun | gandhèk pun Paman Gadhingan | andêlipun putranta bêndara swargi | Pangeran Purubaya ||

15. kados emut sampeyan ing mangkin | Pangran Juru ngungun amiyarsa | inggih anak pêpatute | dèrèng bisa calathu | duk ing alam kula rumiyin |

--- 80 ---

anulya kangjêng sultan | nguncalkên sratipun | ingkang saking Surakarta | Pangran Juru sigra dènira nampèni | jêng sultan angandika ||

16. paman sêrat ing Surakartèki | anak prabu inggih wayah dika | Pangran Juru nupiksa ge | mungêl lamun Sang Prabu | Surakarta arsa pangpanggih[8] | kalamun kangjêng paman | wontên lilanipun | pun eyang Kulon kalawan | Bibi Juru kula paman arsa panggih | inggih benjang gêntosan ||

17. sampun eyang Kulon lawan bibi | nuntên rama paduka kenginga | pun eyang Juru kenginge | panggih lan kula nuhun | gêgêntosan inggih rumiyin | titi pamaosira | surat malih katur | la-êla ingkang pamuntat | lamun èstu anglilani paman aji | kula utusan mapag ||

18. tigang dintên kang gandhèk nulyaglis | sinung angsul-angsul pamit mêsat | jêng sultan parentah mangke | kang badhe lampahipun | ngiringakên dèn ayu kalih | kang maring Surakarta | kaliwon tinuduh | nênggih gêdhong kering kanan | Mangunjaya kalawan Mangunyudèki | bêdhol samantrinira ||

19. myang panèkêt jajare kinêrig | wus sadhia ngantos dutanira | Sang Prabu Surakartane | wau ta kang winuwus | gandhèk saking Ngayogya prapti | katur srat wangsulira | ingkang rama Prabu | Kangjêng Sultan ing Ngayogya | Sri Narendra Surakarta marentahi | kang mêthuk mring Ngayogya ||

20. pan kaliwon gêdhong kanan kering | kêrig [kêri...]

--- 81 ---

[...g] samantri panèkêtira | sarta wau têtindhihe | Aryèndranatanipun | budhal saka Surakartèki | datan amawi surat | malah wus kapaung | tigang atus kang turôngga | tan winuwus ing marga lampahe prapti | nagari ing Ngayogya ||

21. Kadanurjan wau jujugnèki | linajêngkên ing Kajuron samya | Aryèndranata praptane | panggih lan kadangipun | Radèn Ayu Kulon pêpanggih | ngungun kadya supêna | miwah Pangran Juru | wadya wus cucul turôngga | wong Galadhag satus ingkang angladosi | lêlurah Danurêjan ||

22. pan sakawan juru angladosi | tan adangu sugata wus aglar | wong Galadhag saosane | rumat sakancanipun | wusnya kalih dalu dutaji | ngandikan mring jêng sultan | tumamèng kadhatun | kerid Dipati Danurja | lan Pangeran Juru sapraptaning puri | ngarsanira jêng sultan ||

23. kangjêng sultan angandika aris | hèh kaipe basuki ta padha | tuwin kang kari wismane | salamêtan bok ayu | matur inggih kang salam taklim |

bok ayu jêngandika | sultan ngandikarum | lah payo omong-omongan | êmbèn bae mangkata saking ing ngriki | iya ingsun têtanya ||

24. anak prabu sayêkti sun puji | bisa among mring Suryakusuma | amot jêmbar sagarane | nadyan kang tuwa tèngsun | amêngkua ngrasa tan bangkit | pan Si Suryakusuma | ing sadinanipun | gêgubras beka kewala | dhodhok beka lumaku miwah alinggih |

--- 82 ---

amangan turu beka ||

25. yèn mulusa atine sayêkti | ngrasa lamun sipating manungsa | mendah ing prang darajate | prandene anak prabu | têka bisa anyêratèni | matur Aryèndranata | punika saèstu | pangandika jêng paduka | èstu wagêd putra dalêm sri bupati | ing pirapêt tan kewran ||

26. arus amis angrèkèl nguthakil | anêracak mancak ngicak-icak | bêlarongan sadinane | amung cinipta arum | ing putranta sri narapati | yèku Aryèndranata | nora kadugèngsun | ambêg ratu waliollah | anak prabu utama marang ing ngèlmi | sukur ana kang bisa ||

27. yèn mangkono ki ipe puniki | arêp nutut ing wuri kewala | anak prabu pratikêle | anata tumbakipun | wasiyate agêming jurit | kabandhang duk prang Sima | Si Liyêp ranipun | iku bêcik sun ulihna | lawan ana anake wadon rumiyin | Dhimas Natakusuma ||

28. tan kaboyong duk prang Pranaragi | maksih rare Dèn Rara Maliyah | baya ing mêngko wus gêdhe | arsa sun jawab iku | muliha mring wong tuwanèki | matur Aryèndranata | punika panuju | nanging inggih mawi sarat | saratipun paduka paring upêksi | putra dalêm sang nata ||

29. môngsa sandea katur mariki | yêkti lingsêm botên ngaturêna | Dèn Lara Maliyah têmbe | putra paduka prabu | sayêktine kang marentahi | amboyong sami dharah | yèn wus atut mantuk | jêng

--- 83 ---

sultan gumujêng suka | iya rane anak prabu sun nunuti | bisa ngrêrapêt rênggang ||

30. iya sira bae layang mami | kang anggawa miwah ngaturêna | mring anak prabu wiyose | mring Suryakusumèku | ya bakayu ingkang sun iri | wong amrih rêrukunan | pan wajib wong sêpuh | anging duk ala mrih arja | narik bêcik angèlingêna wong lali | pitutur roning kamal ||

214. Sinom

1. dangu anèng jroning pura | sadaya wus kinèn mijil | praptane pakuwonira | dèrèng cucul sawêl[9] linggih | jodhang saking jro puri | jêng sultan patêdhanipun | kang dhahar tigang jodhang | satus jodhang kang angiring | kawaratan pênuh kang tamu sadaya ||

146. Andongèngakên kawontênanipun ing Selong

2. cinarita tigang siyang | nèng nagari Ngayogyaki | wus pamit Aryendranata | miwah radèn ayu kalih | kalilan budhalnèki | patêmpure kang wadyagung | dêdamêl ing Ngayogya | patang atus kang turanggi | lampahira ing marga tan winursita ||

3. prapta nagri Surakarta | pitulas ing Soma Manis | maksih Rajab ingkang wulan | lajêng makuwon wadyèki | wau dèn ayu kalih | lajêng tumamèng kadhatun | mêthuk [mêthu...]

--- 84 ---

[...k] ing palataran | wau kangjêng sri bupati | gurawalan kang bibi lawan kang eyang ||

4. ngêbyuki ngrangkul karuna | tan andipe yèn kapanggih | kadya ciptane supêna | adangu karuna sami | wus sarèh dipun irid | tumamèng ing dalêm agung | sang nata yun pranata | mring kang eyang mring kang bibi | langkung nyêgah kalihe akipa-kipa ||

5. tan wontên ratu pranata | yèn awrêda sami aji | dadya mung Ratu Kancana | ngabêkti eyang lan bibi | saosan lajêng mijil | sami dhadharan anutug | sawusnya linorodan | anyamikan ingkang prapti | apan sarwi kang eyang kôndha solahnya ||

6. kinarsakakên carita | kang eyang miwah kang bibi | duk wontên nagari Selan | katur sasolahirèki | kang paman lan kang kaki | Pangeran Purubayèku | lawan sang adipatya | manggih marmaning Hyang Widi | nalikane nèng Selong duk tigang wulan ||

7. ing praptane Sayid Musa | Ngidrus karamat sayêkti | satuhu sayid oliya | sabarang ciptane dadi | pun paman lan pun bibi | sami manjing anggêguru | ing Kangjêng Sayid Musa | mulihkên lara prihatin | nagri agêng ing Selong kontrag sadaya ||

8. pan kinarya murid tuwa | pun paman miwah pun kaki | sanagara puruhita | margi pun paman pun kaki | kathah ngaturi bêkti | sawarnine anggêguru | Sayid Musa tan arsa | dadya pun paman pun kaki | kang nampèni urmate wong sanagara ||

9. ing sawulan winatara | tigang

--- 85 ---

èwu malah luwih | malah marêngana môngsa | nakoda gêng-agêng prapti | saking nagri Surati | Kusta Bênggala Sêlangur | Nagurkaèdêrnabab | ingkang sami nuwun idi | nuwun barkah dhatêng Kangjêng Sayid Musa ||

10. punika ingkang jugala | nakoda bêkti ngurmati | ngantos nêmèwu sawulan | pun paman miwah pun kaki | kang pasthi andarbèni | yèn dintên Jumuwah dalu | para murid ngalêmpak | dêdarus inggih pun bibi | amaragad ngantos menda gangsal wêlas ||

11. tigang atus malah kirang | balônja ingon wong ngaji | makatên sabên Jumuwah | inggih saking andhatêngi | pasihaning Hyang Widi | wuwuh-wuwuh kadi uwuh | rêjêkining Pangeran | kadi wingka kêton Anggris | angungkuli kala wontên Kartasura ||

12. nuntên dinangu pun paman | ngaturkên sasolahnèki | saking Ibrahim Asmara | kintên wus waskithèng batin | ing lair anasabi | kang punika milanipun | sarat andangu têdhak | tunggil darah angangkêni | saking sangêt dènnya rumêksa sungkawa ||

13. dinangu kadoyanira | kala wontên tanah Jawi | pun paman matur gujêngan | ulam tempe dèn kangêni | lawan wowohan nênggih | salak durèn lawan pundhung | nôngka malinjo kênthang | ing sabên Jumuwah prapti | wêdalipun saking ing rasukan jubah ||

14. tempe kang lagya balibar | saking Kartasura prapti | sabên wêngining Jumuwah | mila tyase sami pulih | pun paman lan pun kaki |

--- 86 ---

saking karamating guru | mugi dadya wicara | dening wong kang ahli budi | apa dadak wau wêdaling karamat ||

15. katempelan siya-siya | siyane dene angambil | tempene wong ngupajiwa | yêkti batine ngligroni | ing sapanikêl pasthi | anêmu ing untungipun | nadyan ingkang kelangan | amanggih bêgja sayêkti | ingkang sami darbèke kenging karamat ||

16. milane wontên pawarta | nagri Surakarta nguni | wong katèmpèn kadhawuhan | rumiyin kang anaosi | tempe ing sabên ari | ing Pangran Purubayèku | pêndhak Jumuwah ilang | tempene ingkang pangaji | duk dèn êlèr nèng ambèn nêm uwang sirna ||

17. lir jinuput Suksmanasa | tan suwe nuli amanggih | rupiah ngisor kalasa | têtanggane dèn tuturi | dudu wadine iki | sirêpên aja na umung | baya iki bêndara | Jêng Pangran Purubayèki | anèng Selong êjime ingkang dinuta ||

18. lan karècèk Kartasura | ing sabên Jumuwah prapti | nèng Selong pratikêlira | kadya si tempe pan sami | ngungun duk amiyarsi | sang nata ngandika arum | inggih langkung karyeram | lamun karamating wali | walaltulah ing kaki miwah ing paman ||

19. pun eyang punapa lêga | inggih wontêna ing ngriki | kula suwune pun paman | Dèn Ayu Kulon turnèki | dhuh sampun sri bupati | langkung awon èstunipun | katon-katon [katon-kato...]

--- 87 ---

[...n] kawula | kang nuwun ing sri bupati | dêstun kula wong tan wêruh kabêcikan ||

20. cinakar saking ing wôngwa | tinarik saking awêrid | mring rama dika jêng sultan | mangke praptèng tanah Jawi | nuntên salin gènnèki | dèrèng malês pênêdipun | mendah ucaping jagat | dede manungsa sayêkti | angsal gujêng pan ing ngriki lan ing Yogya ||

21. pan botên satêngah côndra | sok inggih sami basuki | sang nata supe sakala | ngandika mingkis wêwadi | inggih lêrês pun nini | kula kasupèn satuhu | mung inggih kula eyang | badhe angaturi sabin | inggih kêdhik amung dadosa pratôndha ||

22. lire nyumbang paman sultan | purun angingoni kêdhik | supados inggih anyuda | paman sultan angingoni | kula tumut nguruni | sangang jung ing Sêkararum | mangkana ingkang eyang | tan sinung makuwon jawi | lan kang bibi tinunggil sajroning pura ||

147. Kangjêng Sultan utusan murugi Rara Maliyah ingkang kaboyong Pangeran Mangkunagara nalika pêrang ing Panaraga

23. wau ta antaranira | angkate dèn ayu kalih | pitung dintên kangjêng sultan | lumampah dutanirèki | lurah kaparak jawi | tinuduh Nyai Tumênggung | Natayuda mring Sala | Jêng Ratu Madurêtnèki | ingkang kinèn jujug anèng Surakarta ||

--- 88 ---

24. nyai tumênggung binêktan | saragni jagabayèki | rasukan abrit sadaya | satus alancingan abrit | cêcênthung cêmêng sami | satambur sasulingipun | cênthung mawi salaka | ing marga datan kawarni | sapraptane anjujuga Madurêtnan ||

25. panggih Ratu Madurêtna | angiras pantês kêkirim | ingkang rayi kangjêng sultan | mring kang bok ayu mêmarni | ratu ngandika aris |

marang ing nyai tumênggung | gih bibi benjang enjang | kula malêbêt ing puri | kula ngangge tur uninga mring sang nata ||

26. sawab[10] layange kang paman | nalangsa jujug ing kami | kang pinurih ngatêrêna | mring Si Mangkunagarèki | maripih ruwêdnèki | angêlus ingkang maruntus | Jêng Ratu Madurêtna | mring pura ngiras manggihi | kang santana saking nagari Ngayogya ||

27. sawusnya panggih sang nata | umatur ing sri bupati | sunan rama dika sultan | mangke utusan mariki | nyai tumênggung prapti | wisma kula kang jinujug | nadyan ngatêrna layang | mring Si Mangkunagarèki | dadak kula kang dèn ngiri ngatêrêna ||

28. wau kalane miyarsa | gumujêng sri narapati | alon dènira ngandika | alêrês ingkang angiring | amuwuhakên wajib | kaponakan lan sadulur | Jêng Ratu Madurêtna | mèsêm angandika aris | basakêna ki prabu butuh kewala ||

29. dangu nulya wêdalira | Jêng Ratu Madurêtnèki | sapraptaning dalêmira | putusan cêcala aglis | marang kang putra nênggih | Pangran Mangkunagarèku | matur ibu paduka |

--- 89 ---

pan arsa têdhak mariki | angandika Dipati Mangkunagara ||

30. hèh duta iya matura | ibu turana tumuli | duta wotsêkar umêsat | praptane matur ngabêkti | katur salampahnèki | nulya têdhak kangjêng ratu | lan Nyai Natayuda | pangeran mêthuk ing kori | munya peloh kangjêng ratu têdhakira ||

31. anêng lêlongkang mandhapa | saking tandhu têdhaknèki | lajêng mring dalêm kewala | wusira pinarak aglis | para rabi ngabêkti | para wayah sadaya wus | Jêng Ratu Madurêtna | pangandikanira aris | iya kulup lakuningsun iki uga ||

32. angatêr dhêdhayohira | lah iku kang anèng jawi | kongkonane bapakira | Yayi Prabu Ngayogyèki | lurah kaparak jawi | pan iku nyai tumênggung | pangeran dharakalan | mêdal sarwi ngacarani | dawêg bibi majênga malêbêt pisan ||

33. nyai tumênggung asigra | wingkinge jêng ratu linggih | pangeran nulya pinarak | nyai tumênggung sigra ngling | gusti sampeyan tampi | inggih salam taklimipun | rama paduka sultan | miwah ibu-ibu sami | miwah bêkti rayi paduka sadaya ||

34. andhêku nuwun kawula | tampi sihe jêng kiyai | pun bibi ambêkta sêrat | nyai tumênggung nyauri | inggih nanging ginaib | pangeran

ngandikan arum | dados kula digsura | kang ibu sigra nambung |[11] jêjaragan mulane mêtu saking wang ||

35. lah nya iki tampanana | gumujêng sarwi atampi | sampeyan [sampe...]

--- 90 ---

[...yan] kintuni urmat | rayi paduka kiyai | makotên karsanèki | kang sêrat binuka sampun | ing bêbuka kadriya | titi dènnya nupiksani | ingaturkên ibu sampeyan pariksa ||

36. tinampan nulya winaca | wus titi angandikaris | iki kulup tumbakira | binandhang prang Sima nguni | ngulihkên mring sirèki | pira-pira wong tuwamu | duwe eling mring sira | ngrasa tuwane sayêkti | sira kene kanggonan ing Si Maliyah ||

37. kaboyong prang Pranaraga | sutane pamanirèki | Si Supama kang jinawab | wong tuwa kang angèndhèli | wong tuwamu lwih bêcik | sira iku wajib cakut | kang putra latah-latah | inggih ta ibu sayêkti | salamine botên nêdya kira-kira ||

38. lah ta bibi nyai lurah | puniki srate kiyai | ngangge kalih atus yatra | puniki saru tan sipi | dadi kula puniki | kadi nampani têtêbus | tan nêdya wade bocah | Si Maliyah kulit daging | sami darah milane angangge yatra ||

39. nyai tumênggung asigra | wau dènira nauri | bêndara sanès punika | tunggiling rêmbatan nênggih | rama paduka aji | têtela timbalanipun | yèn dede ing prakara | ing rêmbatan gène jinis | kang salawe kinintun ing para wayah ||

40. sampun anggèr salah tômpa | kalangkung sanès sayêkti | pangeran alatah-latah | sukur yèn makatên bibi | nanging yèn yêktos bibi | kula inggih ngangge matur |

--- 91 ---

dhatêng sri naranata | inggih bibi amrih tartib | anambungi Kangjêng Ratu Madurêtna ||

41. kulup bênêr saking sira | yèku utama sayêkti | pan amrih kaparcayaa | marang kang duwe nagari | lan padha kulit daging | wau ta pundhutan mêtu | kang ibu sinaosan | miwah ta ingkang têtami | nutug dènnya wong agung panadhahira ||

42. sawusnya sami dhadharan | têtamu sarowangnèki | kondur Ratu Madurêtna | tamu pamit dhèrèk prapti | Kaendranata prapti | nuntên

pêndhak enjingipun | pangeran manjing pura | panggih lan ari narpati | matur lamun caraka Ngayogyasmara ||

215. Asmaradana

1. matur ing rayi Narpati | Dipati Mangkunagara | kula tamiyan sang katong | utusane rama tuwan | Jêng Sultan ing Ngayogya | nanging inggih kang jinujug | ibu Ratu Madurêtna ||

2. sinambat dhatêng kiyai | ibu kinarya jaruman | arênggang amrih rapête | panglêbure saru salah | amot ing kaemutan | punika surate katur | sang nata nampèni surat ||

3. winaos antuk sapalih | sang nata mèsêm ngandika | kakang mas paran ing mangke | karsa andika kakang mas | pênêd nuntên aturna | pira-pira ta puniku | darbèni eling kang tuwa ||

4. rèhning dadya nom puniki | kangmas sampun ngangkak-angkak | anikêlakên tuduhe | lair batine duraka | lan malihe kakang mas | boyong sami darahipun | cinara mungsuh wong

--- 92 ---

liya ||

5. amêthèl dhêngkul pribadi | pratingkah kang siya-siya | botên parah-parah ing rèh | pasthi nuntên dèn antukna | bênêre Si Maliyah | tumindak pintên puniku | anake Radèn Supama ||

6. sayêkti andalajati | anyuwèk-nyuwèk saruwal | tan wruh kalingkap ngurate | abangêt panutuh kula | maring dika kakang mas | mulane dika puniku | pêpênthul kaponthal-ponthal ||

7. lire pêpênthul pêpênthil | sanadyan padha daginga | yèn trah ing Mataram mangke | mung dika daging unusan | kabèh santana dika | kapengin padha kilayu | nunut kaprawiran dika ||

8. Paman Arya Mangkubumi | wite anunut kakang mas | nanging prayitna lakune | walêr sangkêr siningkiran | ngati-ati mrih tata | kang anunut bisa jêbul | culingkrik anama sultan ||

9. kang nginthil bisa angothil | kang dèn nunuti kapiran | kasrimpêt ing piangkuhe | pothar-pathir kompal-kompal | kadi buron manjangan | yèn sampuna kula kukup | tan wurung dadi rancapan ||

10. ingkang raka nulya pamit | sapraptaning dalêmira | sigra animbali age | utusane ingkang rama | nyai tumênggung prapta | hèh bibi kula pan sampun | matur dhatêng sri narendra ||

11. lajêng nênutuh dukani | sang nata dhatêng ing kula | akathah-kathah dukane | dene kongsi kinongkonan | wong boyong padha sanak | sêtun têmên botên urus | kakang mas piangkuhira ||

--- 93 ---

12. makatên sri narapati | dukane bênêr kewala | dene tan dèn ulihake | wong amboyong padha darah | bibi benjang mangkata | pan gawan kula rongatus | bibi dhatêng Si Maliyah ||

13. jêr kula wor para putri | nèng ngriki lara punapa | dhasar kadang sayêktine | mila kula aku anak | lan kula wèhi êmban | wau ta Nyai Tumênggung | Natayuda saurira ||

14. bêndara gih kadipundi | nadyan punika kang rama | tan kuwatir makatêne | amung lamine tan panggya | onênging asêsuta | pangeran suka gumuyu | bibi pan sami karasa ||

15. têpa ing badan pribadi | kangêne wong pisah anak | kula rada kabêsturon | tan kawarnèng dalunira | enjing wau angkatnya | wau ta nyai tumênggung | bêkta Dèn Rara Maliyah ||

16. apan ambêkta prajurit | kang cêcênthung kawan dasa | sawidak jagabayane | ambêkta mantri sadasa | lawan panèkêtira | dadya kuda kalih atus | ing marga tan kawursita ||

17. praptane ing Ngayogyèki | kalajêng katur jêng sultan | tinanggap ing saature | solahe nèng Surakarta | pan kadi cêcarita | ing pratingkah dukanipun | Sang Aprabu Surakarta ||

18. jêng sultan suka miyarsi | yèn Pangran Mangkunagara | dinukan ingolok-olok | dènnya boyong Dèn Maliyah | pan kongsi kinongkonan | dêstun yèn wong tanpa kusur | wong amboyong padha darah ||

--- 94 ---

19. nora dèn ulihkên nuli | kaliwat angangkak-angkak | wong liwat-liwat êdire | ngaku Pangeran Purbaya | kang ngajak mêmungsuhan | kang nadhahi walatipun | mila dhingini sarkara ||

216. Dhandhanggula

1. nyai tumênggung aturirèki | nênggih Kangjêng Ratu Madurêtna | sêdhahan jro kalih kinèn | angintip dukanipun | Sri Bupati Surakartèki | marang Suryakusuma | kunêng kang winuwus | Dèn Ayu Juru laminya | lan kang ibu nèng nagri Surakartèki | wus kawan dasa dina ||

148. Ngrêmbag ingkang badhe dados uprup wontên ing Surakarta

2. mung sadintên mring dalêmirèki | Pangran Dipati Mangkunagara | langkung sinuba-subane | kang pra santana kumpul | pan sadaya tumut manggihi | anèng Mangkunagaran | bubaripun surup | asipêng Kamadurêtnan | enjing pamit sang nata wus dèn lilani | kathah pêparingira ||

3. enjing budhal kaliwon kêkalih | sami gêdhong kang tinuduh lampah | bêdhol mantri panèkête | lan têtindhih Tumênggung | Rajaniti samantrinèki | kawan atus turôngga | ing pukul sapuluh | budhal saking Surakarta | lampahira mampir angujung nèng Pêngging | sadalu enjing budhal ||

4. apan namung sadalu nèng margi | enjing prapta ing pukul sadasa | ing nagari Ngayogyane | kunêng datan winuwus | ingkang [ing...]

--- 95 ---

[...kang] saking Surakartèki | Uprup Johan Abraham | praptèng mangsanipun | ginanjar kang tigang warsa | saking wêkêl nora wani nêdha malih | sami nèng Surakarta ||

5. pan kaduwung dènira apamit | Uprup Yan Hindrik Johan Abraham | tigang dina panangise | munggèng ngarsa sang prabu | langkung angrês sri narapati | kasèp tan katututan | surat jendral sampun | winangsulan ing sang nata | lamun Durpèl ingkang kinarya gêgênti | jaga rumêksèng praja ||

6. langkung dènnya mêdhot trêsna batin | dènyarsa mantuk nagri Walônda | kapalang-palang ciptane | gêng trêsna mring sang prabu | lan Dipati Mangkunagari | tuwin kang pra santana | dadya tyas sêdyarum | mangkate angusap waspa | wus kadyèstri angkate ing taun Alip | ping sanga likur Bêsar ||

7. ngantak-antak ing samargi-margi | Uprup Yan Hindrik Johan Abraham | parêng anunggil warsane | praptane Pangran Juru | petang ingkang sangkala nunggil | gunaning kang bramana | ngrasa tunggalipun |[12] Sri Bupati Surakarta | ing batine mring Abraham langkung asih | salamine mong suka ||

8. maksih suwung tumut bêbakali | Uprup Abraham milu kangelan | tanah Jawa badhamine | para prawira patut | dadi arja ing tanah Jawi | Surakarta wus tata | arja nagarèku | jaluka sapuluh warsa | lamun Abram limalas warsa sayêkti | pasthi antuk kewala ||

9. de wus kathah pakaryanirèki | tumut ngatutakên para raja | yèn wontêna panuwune | maring jêng sang aprabu |

--- 96 ---

pinundhutna kasèp kang kardi | mupus narima titah | cinêndhak ing laku | Yan Hindrik Johan Abraham | Uprup Durpèl praptane Surakartèki | lajêng tindak kuwasa ||

10. sèjèn ambêg uprup nguni-uni | datan wontên tingkah makatêna | ngêblêgi dêlèr angkuhe | amapag nyonyahipun | mawi mundhut wadana kalih | amapag Salatiga | kagyat sang aprabu | kapriye banjure baya | mapag nyonyah dadak anganggo bupati | maksih nimpên ing driya ||

11. ing pangunandikaning sang aji | apa arêp amuwuhi adat | tingkahe Si Durpèl kiye | nanging tansah sinamun | lami-lami sangkin katawis | yèn kala tatamiyan | ing santana agung | Dipati Mangkunagara | ukur-ukur ilang gupuhe tan kadi | uprup kang lama-lama ||

12. langkung tapi-tapi tan gumanti | nadyan Adipati Mangkupraja | tuwin pra dipati kabèh | tangkêbe ukur-ukur | othe-othe meme kaèksi | amung kêrêp sêsaba | maring dhusun-dhusun | angidul miwah angetan | miwah ngalèr sami anyanjata pêksi | cèlèng miwah manjangan ||

13. kongsi sipêng sawêngi rong wêngi | yèn mangilèn mring Pêngging sipêngnya | satêngah wulan lamine | miwah pitulas dalu | kongsi mantêp salawe wêngi | sagung gêgunung desa | nênggani atugur | amundhut pangaron anyar | lan jêmbangan anyar kalawan kuwali | tuwin sêkar sêtaman ||

14. karya pangkèng kajang kang kinardi | jêmbangan [jêmbang...]

--- 97 ---

[...an] anyar ingisèn toya | sarta sêkar sêtamane | dinèkèk pangkèngipun | mikat intên pakaryanèki | rina wêngi anendra | anèng pangkèngipun | Pêngging wetan kidul pasar | kang sinêmprong intên kapêndhêm ing bumi | Durpèl panêrkanira ||

15. apan roro gêdhene sacêngkir | mila Durpèl langkung pangungkihnya | salawe wêngi lawase | wikana antukipun | malih mampir Wanakartèki | lajêng pangobongira | mriyêm Ki Pamêcut | pinêcah sinêmpal-sêmpal | pan kinirimakên pamêcahan sami | dhatêng nagri Samarang ||

16. lami-lami kathah amiyarsi | kawistara mring para punggawa | panggawene Uprup Durpèl | tan pantês tingkahipun | karya susah kang nôngga kardi | galadhag mangkin awrat | saking polahipun | Nonah Durpèl dêdagangan | sri narendra kang raka dipun timbali | Pangran Mangkunagara ||

17. praptèng pura ngandika narpati | kadipundi puniki kakang mas | tingkahe Si Uprup Durpèl | kalantur tanpa tutur | kula botên tahan miyarsi | amêcah mriyêm kula | Kiyai Pamêcut | mèsêm kang raka turira | dhuh sang nata sinarèhakên sakêdhik | sampun tanggêl paduka ||

18. ujêr sampun kapyarsèng Kumpêni | yèn paduka narpati tamèng rat | alus alurus ambêge | dhêdhasar apurèku | sampun kongsi gêmpil arimpil | tata titi mêtatah | ywa wutah dèn wutuh | yèn tuwan nuntên ngarsakna | anandangi sayêkti kelangan titi | rêgag tyase Walônda ||

19. lamun [la...]

--- 98 ---

[...mun] rêgag tyasipun Kumpêni | nadyan dhangana kang pinarkara | agampang wêkasan angèl | sang nata ngandikarum | yèn makatên kangmas ririhi | kangmas animbalana | Si Mangkuprajèku | Arungbinang Wiradigda | miwah Sasradiningrat Puspanagari | dika sami rêmbagan ||

20. sigra mijil kang raka tumuli | saking pura praptèng dalêmira | nimbali Mangkuprajane | myang Puspanagarèku | Arungbinang Wiradigdèki | tuwin Sasradiningrat | prapta sadayèku | dalêm Kamangkunagaran | dhawuhakên pangandikaning Narpati | Pangran Mangkunagara ||

21. kang sinuhun kasusu ningali | nora tahan saru tiningalan | Uprup Durpèl piangkuhe | ingsun ingkang umatur | angaturi sarèh sayêkti | timbalane maring wang | nuli dika rêmbug | kalawan Si Mangkupraja | sakancane tukang bicara bupati | kumpula wisma dika ||

22. dinadèkna gunêm kang pinilih | pra upêsir ingkang aprayoga | gêntènana Uprup Durpèl | sang nata nuli mundhut | lan anggunêm panggitiknèki | alane ing pratingkah | iya Durpèl iku | Tumênggung Wirawidigda | sigra matur bêndara kang sampun asring | pun Bapak Mangkupraja ||

23. lan pun Arungbinang sampun julig | inggih bêndara kêrêp piyambak | ambucal Walônda gêdhe | Arungbinang sumambung | yèn Walandi ingkang babar ji | yèn môngsa winadulna | yèn pratingkahipun | akarya rusak wong desa | mung punika dandanan kang mitayani | sêbut nuntên binucal ||

24. sinalinan nuli ngati-ati | atêtarèn [atêtarè...]

--- 99 ---

[...n] sabarang prakara | tan purun tumindak dhewe | nuntên anut pukulun | ing kawula barang pakarti | mila momongan kula | Pagêlèn ping pitu |

senapatine Walônda | Rèke Markèt Pusèl Salêmbèr Dismani | Kospêr lawan pun Bagrak ||

25. pitu punika amung kêkalih | kang apênêd mung Kapitan Disman | lawan pun Kapitan Markèt | nanging mangke pukulun | inggih botên wontên ing ngriki | ingkang wontên punika | mung Walandinipun | pun Bapa Amangkupraja | lan pun Kakang Tumênggung Wiradigdèki | pun Kulman lan pun Sobrat ||

26. gih pun Mayor Sakèbêr rumiyin | pun Tumênggung Rajaniti wêgah | saking gênge piangkuhe | duk Pagamping rumuhun | asêsambat pun Rajaniti | pun Bapa Mangkupraja | nuntên dènnya ngêkul | amung kintun pêdhèt gangsal | sarta sêrat Sakèbêr angraja kêcil | angkuhe nèng barisan ||

27. botên sande angrusak wong cilik | nuntên mangkêl Sakèbêr kaponthal | kacathil pothèl cucuke | linorod lênggahipun | tinimbalan maring Batawi | Istimolor gumantya | senapatinipun | alus aluwês wêlasan | datan purun barang rèh tilar bupati | kang angladèni karya ||

28. kados inggih Pagêlèn rumiyin | pun Kapitan Bagrak ngingkrak-ingkrak | saking Rungbinang pocote | prasami ampuh-ampuh | alon wau dènnya nambungi | Dipati Mangkupraja | Dhi Wiradigdèku | manawi mangsane beda | ing barisan kalawan [ka...]

--- 100 ---

[...lawan] anèng nagari | puniku bok manawa ||

29. Adhi Arungbinang kadipundi | dika kang wus nglakoni lan kula | ambuwang Walônda gêdhe | Rungbinang sauripun | gih ki lurah lamun Kumpêni | samôngsa dèn lapurna | ing piangkuhipun | tan wande ngrusak wong desa | kadi upas tan wande ngrusak wong cilik | duk mangsane barisan ||

30. jêr Kumpêni mung arjaning bumi | ingkang dadi ugêring bicara | unggah udhuning panggawe | mung arjane prajèku | lawan êris kamar Kumpêni | sumambung Wiradigda | puniku ta ratu | anênggih kang darbe karsa | pinungkurkên prakara pamukul mangkin | ginupit mèt prayoga ||

31. inggih ingkang patut anggêntèni | sintên upêsir ingkang sambada | puniku rinêmbag ngakèh | Rungbinang aturipun | kula botên darbe prayogi | sawab Walandi kula | Pagêlèn rumuhun | tan wontên ngriki satunggal | yèn wontêna kang têtiga aprayogi | Rèke Markèt lan Disman ||

32. kula inggih purun ananglêdi | ingkang tigang prakawis punika | ingkang botên pun Salêmbèr | lan pun Bagrak puniku | kula botên purun nanglêdi | kang wontên ngriki samya | gih Walandinipun | kang

Tumênggung Wiradigda | lan Ki Lurah Dipati Mangkuprajèki | pun Sungrat lan pun Kulman ||

33. kalihipun sami pêkik-pêkik | Kakang Wiradigda lan ki lurah | kang wus waskitha baguse | pundi ta kang pinundhut | ing sênênge kang pra dipati | kang sinuhun pan darma | anut sênêngipun |

--- 101 ---

kang pra punggawa bicara | Wiradigda Rungbinang Puspanagari | tuwin Sasradiningrat ||

34. bok kasêlak kangjêng bêndarèki | dinangu marang Ari Sang Nata | Dipati Mangkuprajane | alon ing wuwusipun | Kulman Sungrat aluse sami | nanging kapara lanas | Sungrat watakipun | tapi salamête padha | ing têgêse jatmika Kulman sakêdhik | momot wruh ing raharja ||

35. datan ririh ing rèh ngarih-arih | Sungrat ambêkira ragi rikat | lanas salamêt batine | Kulman jaba jro alus | duk anglurug kinanthèn dhingin | prajurit kawan dasa | wong jro padha gêcul | prajurit agung-agungan | pêdhak ratu piangkuhe nora wigih | mring Kumpêni ngron kamal ||

217. Sinom

1. Mayor Istimolor ingkang | kêmbang lambe sok dèn incih | wadhuke arêp tinumbak | abrawala pêndhak enjing | nuli Kulman nindhihi | wani kalah ing piangkuh | bisa mrih pangrêrêpa | apurane dèn têtêpi | suyud kabèh prajurit jro kawan dasa ||

2. sami ambapa mring Kulman | apurane dèn têtêpi | anglabuhi lara pêjah | nêmua antêping jurit | katalèn sadayèki | prajurit jro patang puluh | kabèh tukang bicara | miyarsa ing kojahnèki | kyai patih lan Tumênggung Wiradigda ||

3. wus sami gilig sadaya | têtêp Kulman kang dèn pilih | Tumênggung Puspanagara | ngusuli watak sakêdhik | namung Kulman puniki | wontên inggih wagêlipun | dene Walandi [Wa...]

--- 102 ---

[...landi] Prêsman | wontên bedane sayêkti | pawartane puniku Kumpêni Prasman ||

4. yèn wontên ing tanah Jawa | tan kêni tumindak malih | liyane nama kapitan | sanès Kumpêni Walandi | para bicara sami | jêjaragan sami muhung | nadyan nora kênaa | pinilihakên kang bêcik | bubar saking dalêm Kamangkunagaran ||

5. Dipati Mangkunagara | sontêne malêbèng puri | wus panggih lan ari nata | palênggahan nèng pandhapi | matur sampun pinilih | lan para bicara wau | miwah pun Mangkupraja | lan bupati para pikir | rêmpêg turnya mung milih Kapitan Kulman ||

6. dene ta botên sumêlang | kang sami wontên ing ngriki | sanadyan langkung pênêdnya | kathah kang tan wontên ngriki | Rèke Markèt Dismani | tan wontên ngriki gènipun | kapitan kang têtiga | nèng Pagêlèn musthikani | purun nanggung pun Tumênggung Arungbinang ||

7. sang nata andikanira | inggih ta kakang mas inggih | sanajan botên kênia | pun Kulman jagi ing ngriki | angsal antuka salin | Kumpêni kang datan angkuh | wus kinèn karya surat | marang Idêlèr Samawis | wusnya dadya nuduh kêkalih punggawa ||

8. Tumênggung Wirawidigda | wadana lêbêt satunggil | Tumênggung Sasradiningrat | wus têlas tampi wêwêling | wau tumênggung kalih | wus lêstari lampahipun | ing marga tan winarna | sapraptanira Samawis | Wiradigda kalihe Sasradiningrat ||

9. lajêng wus panggih kalawan | Idêlèr Nikolas Harting |

--- 103 ---

tampi surat maharaja | winaos sinuksmèng galih | tamat wus dèn urmati | mariyêm lir gunung guntur | dêlèr aris têtanya | marang ing tumênggung kalih | kadiparan Si Durpèl ingkang pratingkah ||

10. tumênggung kalih saurnya | tuwan botên wontên malih | mung sanès ingkang kalawan | uprup ingkang dhingin-dhingin | Totlomondo lan malih | Johan Abraham puniku | sami kalih rujuknya | supêkêt lan sri bupati | tuwin lawan Dipati Mangkunagara ||

11. Nikolas Harting lingira | ewuh têmên ing tyas mami | Si Kulman arsa dèn angkat | kinarya mayor bragêdir | têtindhih ing prang kucing | karsane tuwan gurnadur | wus katon karyanira | nèng Jawa pitulas warsi | duk soldhadhu malah anama kapitan ||

12. ing prang têtela prawira | antuk pangeran sawiji | Pangeran Adiwijaya | Si Kulman ingkang anggitik | Sakèbêr Senapati | durung antuk sirahipun | ya punggawane mêngsah | ingkang kapupu ing jurit | bingarakên Si Kulman dukane jendral ||

13. wus padha kinira-kira | Kulman yèn gêdhea thithik | mayor anèng tanah Jawa | kaya kêlara nadhahi | ing Pangran Mangkubumi | kang kêna mring Kulman iku | aprênah ingkang raka | mring Pangeran Mangkubumi | ingkang rayi-rayi tan ana tumama ||

14. amungsuh Kapitan Kulman | Purubaya Singasari | Suryadi Mangkukusuma | têtêp Si Kulman prajurit | ya lêwih bêgjanira | yèku karsane sang

--- 104 ---

prabu | nadyan dudu Si Kulman | yêkti pinilih kang bêcik | kang sayoga bisa anjaga sang nata ||

15. sayêkti atur uninga | marang nagari Batawi | yèn Durpèl datan prayoga | ajaga ing sri bupati | sêrat wus dèn angsuli | nèng Samarang tigang dalu | codakaning narendra | Tumênggung Wiradigdèki | punggawa jro Tumênggung Sasradiningrat ||

16. wus budhal saking Samarang | datan kawarna ing margi | praptèng nagri Surakarta | surat katur ing sang aji | wêwangsul ing Samawis | gya tinupiksa sang prabu | kadriya têmbungira | Idêlèr Nikolas Harting | sampun susah ing driya paduka nata ||

17. yêkti nuntên kalampahan | nyuwun rèrèh ing sakêdhik | kula sawêg tur tupiksa | inggih dhatêng ing Batawi | sukèng tyas sri bupati | ingurmatan suratipun | wau ta sri narendra | kang raka dipun timbali | praptèng pura Dipati Mangkunagara ||

18. wus tata munggèng pandhapa | kang raka dipun uncali | surat kang saking Samarang | winaos sinuksmèng galih | suka Sang Adipati | Mangkunagara umatur | punika sampun eca | kula inggih nuntên mijil | akasukan lan sagung kang pra dipatya ||

19. dènnya Durpèl badhe ical | sukane kang pra dipati | salaminira jinaga | Kumpêni kang ngêpalani | amung Durpèl puniki | angkuh akuthuh tur rusuh | marma rame drawina | anutug bubarirèki | ya ta kunêng gantya ingkang kawuwusa ||

20. dutane dêlèr wus prapta | kang saking nagri Batawi | gurnadur [gurna...]

--- 105 ---

[...dur] nyakarêp marang | Idêlèr Nikolas Harting | singa ingkang prayogi | kang sayogya bangun turut | ajaga ing narendra | mangkana Nikolas Harting | kang pinantês Kumpêni saking Ngayogya ||

21. kala pan dar Pol Kapitan | punika lutnanirèki | pan dar Pol sapêjahira | punika kang minggah kaptin | môngka pulmakirèki | Baheman mring Mayor Dungkur | mangkya wus kaparcaya | pinundhut marang Samawis | nèng Samarang nama kapitan kumêndhan ||

22. dadya pangirid bicara | miwah pramukaning jurit | Kapitan Kumêndhan Beman | lan wus tate kula-kuli | lan para ratu Jawi | sultan kalangkung sahipun | têkone bisa ngômpra | nadyan wus dadi upêsir | yèn ngladosi anèng ngarsane jêng sultan ||

23. pindha ajidan kewala | sumarikut ithak-ithik | miwah yèn kala nèng têba | jêng sultan pratingkahnèki | suka namur ing wêngi | nilib analika mungsuh | Beman punika ngadhang | wus angangge cara Jawi | panggya sultan nulya lumampah nèng ngarsa ||

24. punika sagêde Beman | nyuwitani ratu Jawi | sabarang pakaryanira | dèn awaki lir pakathik | mila Nikolas Harting | tan wontên prayoginipun | liya Kapitan Beman | ngajur ajèr bisa manjing | yêkti bisa mirapêt jaga ing raja ||

25. wruh ing adat ratu Jawa | nir mamak sikara budi | wus dadya bicaranira | antawis samadya sasi | praptanirèng Samawis | angsul-angsule gurnadur | wus têtêp kang bicara | Durpèl [Durpè...]

--- 106 ---

[...l] sampun dèn timbali | mring Samarang pêcat saking Surakarta ||

26. Durpèl praptaning Samarang | Nikolas Harting tinuding | ambêkta Kapitan Beman | ingaturakên Sang Aji | Prabu Surakartèki | petor bêsar kang tinuduh | lan Kumpni kanthinira | praptane Surakartèki | sasi Sura taun Je tanggal kasapta ||

27. wus panggih lawan sang nata | miwah panggih Sang Dipati | Mangkunagara nèng pura | tuwin sagung pra dipati | santana pêpak sami | sêrate idêlèr sampun | winaca ingurmatan | wusnya sadaya umijil | saking pura Dipati Mangkunagara ||

28. lajêng ngatêrakên samya | lan pra dipati mring loji | tuwin kang para santana | sukak salamête sami | ing adêgira mangkin | munya drèl mriyêm gumuntur | umadêg Uprup Beman | Sura ping sapta Rêspati | ing taun Je nèng nagari Surakarta ||

29. sinangkalan rasa liman | angobahakên ing janmi |[13] antara ing pitung dina | Mayor Dungkur ing Samawis | praptèng Surakartèki | tinjo Beman madêg uprup | kathah pituturira | wêwatêke ratu Jawi | nora kêna kalamun kungkulan karsa ||

30. Si Durpèl anêmu ala | piyangkuhe kumawani | yèn nêmua kangjêng sultan | Si Durpèl pasthi bilai | sira wêruh pribadi | jêng sultan watêkanipun | katuju ingkang putra | sang nata ing kene alim | wa mangkono kapirsaa ingkang rama ||

31. Ki Pamêcut kang dèn gêcak | sultan pasthi bilaèni | iya saking parmaningwang |

--- 107 ---

bangêt ingsun anasabi | jêr padha duwe waris | mriyêm iya Ki Pamêcut | Sang Natèng Surakarta | liwat sabar apurèki | nora atur tupiksa marang kang rama ||

32. mring Kumpêni liwat ngeman | tan nêdya gawe bilai | kawênangana kang rama | Si Durpèl wus dèn sujèni | liwat matak tan sipi | asikara tambung laku | iku dèn eling sira | wêwatêke ratu Jawi | nora olèh ginagampang ing sarkara ||

218. Dhandhanggula

1. ya ta wau petor bêsar sami | lawan Mayor Dungkur ing Mataram | samya dhatêng ing dalême | Mangkunagara rawuh | Uprup Beman tumut angiring | Dipati Mangkupraja | ngirid pra tumênggung | miwah kang para santana | andrawina lan tamu Petor Samawis | tuwin Mayor Ngayogya ||

2. langkung suka pya boga sakenjing | bebas kuluking para dipatya | wuru rusuh rêrênggane | mayor lan petor anggung | mulat sukaning pra dipati | têlèdhèk kadi onclang | giyak bata rubuh | awit enjing rêp bubaran | tamu petor bêsar wus sawêlas wêngi | pamit mantuk Samarang ||

149. Pangeran Juru tindak dhatêng Surakarta

3. kunêng ingkang kawuwusa malih | kangjêng sultan nimbali kang paman | Pangeran Juru praptane | ing ngabyantara prabu | kangjêng sultan [su...]

--- 108 ---

[...ltan] angandikaris | paman dawêg rêmbugan | ngiras pantêsipun | anak Prabu Surakarta | wayah dika putrèstri mêdal ing pinggir | mangke sampun diwasa ||

4. paman sêdhêng antarane mangkin | nguni anak Prabu Surakarta | kang sampun mungêl surate | dènyarsa apêpangguh | lawan paman yèn sampun bibi | Bibi Kulon wus lawas | inggih praptanipun | saking nagri Surakarta | nulya gênti paman lumampah tumuli | dhatêng ing Surakarta ||

5. anak prabu ngarêp-arêp pasthi | dika dandan paman anuntêna | tan susah mawi srat manèh | yèn paman kang lumaku | kula paman sambèn wêwêling | wayah ta Ki Sundara | ngèngèrna puniku | mring Kangmase Surakarta | buyut dika ing Surakarta kang mijil | putri saking ampeyan ||

6. kula puhung de pambarêpnèki | Pangran Juru umatur sandika | jêng sultan pangandikane | sintên patut kang tumut | punapa ta kaliwon kalih | Pangran Juru turira | kagêngên pukulun | mung inggih mantri kewala | tiyang sêpuh cukup pan ukur lumaris | lampah alit kewala ||

7. kangjêng sultan mèsêm ngandikaris | botên kenging paman angringkêsa | lungsuran dhêdhalang gêdhe | kapindhone sêsêpuh | ing nagara mapan ing mangkin | ngangge baris watara | ngiring paman patut | bocahe paman piyambak | wontên pintên Pangran Juru matur aris | inggih satus balaka ||

8. ingkang kawan dasa sikêp karbin |

--- 109 ---

ingkang asikêp waos sawidak | mung punika kalothoke | jêng sultan ngandikarum | kula paman inggih gawani | mantrine kalih dasa | Pangran Juru matur | bilih kathahên punika | botên paman yèn kaliwon botên mawi | mantri kewala kathah ||

9. duk punika Pangran Juru nênggih | jênêngakên waose sawidak | sawidak nèh pamêthuke | sultan undhang wadyagung | anyalini pamêthuk sami | mêthuk Kajuron samya | ingkang kinèn niru | waos prajurit jro samya | miwah agêm dalêm sadaya sinalin | pamêthuke atelat ||

10. pamêthuk Kajuron caranèki | kangjêng sultan alon angandika | paman saragni numbake | para busananipun | Pangran Juru umatur aris | inggih pun anak Rôngga | Prawiradirjèku | kula sambat mêmantêsa | dipun pantês arasukan gandhul putih | sangkêlat wungu samya ||

11. talakupe lan saruwalnèki | ingkang numbak sami kêkomboran | panji-panji saragnine | jangkangan lurahipun | banderane wungu aciri | dul bakaripun pêthak | langkung saking patut | kula eram astahfirlah | padha tiru ratuning wong Yoja iki | wasis ngrakit busana ||

12. duk kawula prapta wontên margi | abdi dalêm kang mêthuk sadaya | kula anggung kagèt-kagèt | takèn dhatêng pun Dungkur | lampah kula samargi-margi | prajurit dalêm samya | wadya jro kang mêthuk | busanane warna-warna | ing gagrage rowa ngungkuli Kumpêni |

--- 110 ---

rowane rowa rikat ||

13. Mayor Dungkur gumujêng nauri | bapak sudhah jadi orang dhesa | nèng nagri Selong kalamèn | lakar inggih pinunjul | kangjêng sultan yèn busanani | tuwin gêlaring aprang | wagêde kalangkung | apikir kadi kajiman | wong Kumpêni hebat tan ana kadugi | ing gêlare jêng sultan ||

14. kangjêng sultan mèsêm ngandikaris | inggih paman mugi ta tulusa | sawabing lêluhur kabèh | pamujine nak prabu | ingkang dadi pandonga sami | paman kalamun prapta | ing Surakartèku | panggihe wayah andika | anak prabu Si Bibi Kulon awarti | duk saking Surakarta ||

15. trus lan wong kathah pawartanèki | lamun Anak Prabu Surakarta | nyata putra pambayune | paminggir bibèkipun | dudu saking si êbèng nênggih | nadyan si makatêna | paman kula muhung | yèn pinarêng karsaning Hyang | wayah dika pan Ki Sundara ing benjing | katura wayah dika ||

16. Anak Prabu ing Surakartèki | panakawan panggih laki paman | liwat bêcik patêmone | sandika aturipun | Pangran Juru nêlas winêling | wus mêdal saking pura | prapta dalêmipun | angundhangi balanira | sigra budhal saking Ngayogya nagari | wuwusên Surakarta ||

17. Adipati Mangkupraja myarsi | lamun Pangran Juru badhe prapta | utusan mêthuk patihe | Suradirja lumaku | kuda satus ingkang lumiring | mantri jawi sadasa | kang mêthuk Dêlanggu | ngaturkên sugatanira |

--- 111 ---

kèndêl anèng Dêlanggu amung sawêngi | enjinge budhalira ||

18. praptanira ing Surakartèki | Sênèn Lêgi Ruwah kaping gangsal | maksih nunggil ing taune | duk Beman madêg uprup | Adipati Mangkuprajèki | lajêng atur uninga | ing jêng sang aprabu | yèn Pangran Juru praptanya | timbalane sang nata nêngna sawêngi | esuk iridên seba ||

19. kunêng dalu kawuwusa enjing | Pangran Juru sampun dhinawuhan | kerid kya patih lampahe | prapta ing loji sampun | lawan uprup sampun apanggih | lajêng dènnya siyaga | wau tuwan uprup | wus lajêng uprup adharat | praptèng pura pun Beman lajêng pribadi | wus panggih lan sang nata ||

20. Pangran Juru lan kyai dipati | ing srimanganti wau kèndêlnya | uprup alon ing ature | inggih pun Kaki Juru | kèndêl wontên ing srimanganti | lawan pun adipatya | ngandika sang prabu | wus kinèn nimbali sigra | Nyai Soka mijil sampun andhawuhi | pangran lan Mangkupraja ||

21. ya ta gupuh wong agung kêkalih | sampun kerid marang nyai lurah | praptèng byantana prabune | sang nata tilar gupuh | ing amparan jumênêngnèki | ing ngarsaning amparan | Pangran Juru gapyuk | sang nata dhodhok sakêdhap | sêsalaman pangeran asru turnèki | bopong minggah ing dhampar ||

22. sampun uwas-uwas padukaji | nadyan kaki tan wontên narendra | sêsaman palênggahane | amung lan gurunipun |

--- 112 ---

sêsamaning lawan narpati | mangke lawan Walônda | lan santananipun | kang senapati ngayuda | pan pun kaki botên prawira ngajurit | gumujêng sri narendra ||

23. inggih sami basuki pun kaki | paman sultan sami karaharjan | Pangeran Juru ature | pan inggih taklimipun | rama tuwan sri narapati | malih nata ngandika | pintên laminipun | pun kaki nèng nagri Selan | aturipun inggih gangsal wêlas warsi | lumampah ing nêmbêlas ||

24. sarwi ngungun matur waspa mijil | anggung anyawang pangungunira | lir nyupêna panyiptane | akathah kang dinangu | wau kangjêng sri narapati | alon kang pangandika | marang tuwan uprup | Si Kaki Juru ing benjang | yèn lumêbu aja nganggo maring loji | ambanjura kewala ||

25. Uprup Beman sumôngga turnèki | inggih lêrês ing karsa sang nata | Bapak Pangeran Jurune | susah apan wong sêpuh | yèn mawia mampir mring loji | benjing pulang kewala | bapak dika besuk | têtêmua lawan kula | dene mangke sumiwia sabên ari | lêstaria kewala ||

26. uprup sampun kalilan umijil | sri narendra abêbisik marang | Dipati Mangkuprajane | kancamu pra tumênggung | padha nêmonana mring kaki | lan padha angujunga | mrih supangatipun | sandika ki adipatya | sri narendra kaki mijila rumiyin | maksih aragi sayah ||

27. benjing ênjing lumêbêta malih | nulya mêdal [mêda...]

--- 113 ---

[...l] saking pura lawan | Dipati Mangkuprajane | prapta pakuwonipun | kapatihan kang pra dipati | tan kongsi ingundhangan | wadana prapta wus | Tumênggung Wirawidigda | Ki Tumênggung Rungbinang Mangkuyudèki | tuwin Jayanagara ||

28. sampun munggèng pasowan ing jawi | tuwin kaliwon mantri akathah | kang sami wontên kajate | miwah sudagar ngindhung | ingkang sami abdi ing nguni | panèkêt panlawenan | akèh kang panajung | Pangeran Juru praptanya | pakuwone gêdhong sakilèn pandhapi | duk cucul kampuhira ||

29. myang wadana lêbêt sawêg prapti | kerid Tumênggung Puspanagara | miwah Sasradiningrate | lan Tirtawigunèku | tuwin Puspakusuma sami | Dipati Mangkupraja | nèng pandhapa sampun | ngaturi kang pra wadana | nèng pandhapa wus sami dèn suwarani | kang rumiyin ngujunga ||

30. sakathahe kang wadana jawi | nuntên wadana lêbêt gumantya | sami sandika ature | wau Pangeran Juru | sinaosan dhahar rumiyin | sadaya sêsemekan | pan wong agung sêpuh | sakit sêsarap kasepa | ri wusnira Dipati Mangkuprajèki | ngirid kang pra wadana ||

219. Asmaradana

1. sakawan wadana jawi | kang ginawa ki dipatya | yèn sampun nuli agêntos | wadana lêbêt sadaya | kèrid Sang Adipatya | Mangkupraja wus atundhuk | wus tata dènira lênggah ||

2. umatur sang adipati | punika prayayi kônca | wadana ngujung kajate | inggih dhatêng ing sampeyan |

--- 114 ---

sigra Ki Wiradigda | ngujung sangêt anguswa sru | ngusapa lêbuning pada ||

3. Pangeran Juru tanyaris | sintên puniki dhi lurah | Ki Mangkupraja ature | punika pun Wiradigda | kadi supe sampeyan | inggih saking karsanipun | wayah paduka sang nata ||

4. kinarya wadana jawi | panumping kawiragunan | mèsêm wus emut driyane | gih adhi pun Wiradigda | sêdhêng dadi wadana | pênêd karyaning prang pupuh | duk Talgaji palayapan ||

5. gantya Rungbinang ngabêkti | nguswa suku dalamakan | wusnya dangu ing undure | Pangeran Juru têtanya | sintên adhi punika | gya Mangkupraja turipun | pun Tumênggung Arungbinang ||

6. wadana sèwu samangkin | dene rumiyin punika | pun Ônggawangsa ing Winong | bapakne panèwu lama | lajêng kadange tuwa | inggih panèwu ing Sèwu | ing Winong pun Ônggawangsa ||

7. punika kang wontên jawi | Pangeran Juru kemutan | apa ta sira arine | kang aran Surawijaya | inggih jasad kawula | Pangran Juru mèsêm muwus | sêdhêng dadia wadana ||

8. punapa dika tan eling | Adhi Lurah Mangkupraja | duk ing nguni wadanane | wong Sèwu Ki Kandhuruan | pocot panèwunira | Ki Ônggawangsa pan wurung | dene kadange taruna ||

9. pamogoke datan apti | kaparentah ing wong liya | kinêpung wong sa-Pagêlèn | parandene nora kalah | punapa inggih dika | Surawijaya rumuhun |

--- 115 ---

tur sêmbah inggih kawula ||

10. mèsêm Pangran Juru angling | patut dadia wadana | kêrta jaman wus dadi lok | nambungi ki adipatya | dhasar mangke punika | katog pênêd damêlipun | ngantos putra tuwan sultan ||

11. têdhak Pagêlèn pribadi | saking panasing wardaya | kang rayi kalih kawone | Pangeran Arya Panular | miwah Pangeran Rôngga | binalêdig sabên tarung | esuk sore dèn gêgacar ||

12. tan sagêd ngancik paminggir | mila sultan sangêt suka | ngawaki gêcak Pagêlèn | kula Kêdhu linangkungan | kula ngili kewala | Walandi kula rongatus | kalong sèkêt ngajak minggat ||

13. edan kudu ngajak ngili | nangis kudu mring Samarang | prang sapisan bok pinindho | pasthi bebas babar pisan | pun Adhi Arungbinang | sultan anggung dèn balithuk | dening layang kamandaka ||

14. gumêr sagung kang miyarsi | Pangeran Juru ngandika | mèsêm sarwi gèdhèg-gèdhèg | adhi lurah kangjêng sultan | asring dènnya ngandika | atutur ing wêgahipun | mungsuh Anak Arungbinang ||

15. botên wêgah ing ajurit | wêgah dening kamandaka | sajroning srat sêsambate | arsa nora dèn gugua | jênênge senapatya | senapatining prang pupuh | wajib angapurèng mêngsah ||

16. kang sêsambat atur tulis | sanadyan nêdya acidra | sok aja saking wak ingong | senapati tan ngapura | buta tuli kewala | tindak sakrama sakramu | dudu trah prajurit nyata ||

--- 116 ---

17. lawan dudu wong abêcik | akarya apêsing rewang | iku trah wong ala bae | urakan tur sêngkan anyar | wong lanas watêk kêras | nistha madya tan dèn etung | nora mikir kautaman ||

18. kang satêngah wuwusnèki | senapati bêk apura | têmah nora kinawêdèn | tan ana kapok wong cidra | iku ambêg wong murang | bingung kumprung tur kapaung | gugup tur kurang santosa ||

19. yèn kula gitik nagari | pan dèrèng nate rêkasa | amung inggih ing Pagêlèn | paman ngantos gangsal wulan | ing Pathi Pakalongan | Dêmak pun Rôngga Madiun | mung nigang êjam kewala ||

20. nèng Pagêlèn mila lami | botên lami ing ayuda | pijêr ngraoskên surate | patêluke Arungbinang | têluk batin kênia | ing batin sampun kadulu | mêmêlas sambat angrêpa ||

21. kula têngga gangsal sasi | amung prang kaping sakawan | wiwit prang Pamêlarane | kala saking Kêdhu prapta | pinêthuk prang Mêlaran | Kapitan Kospês kang lampus | dragundêre kawan dasa ||

22. prang Ungaran kaping kalih | tan wontên upêsir pêjah | Walandi alit kemawon | kaping tiga prang ing Ngambal | Kumpêni tigang dasa | duk prang ping sakawanipun | prang Jênar sasat kiyamat ||

23. saengga rêbah ing wukir | ribut arukêt pawornya | pêjahe Kapitan Uce | Kumpênine tiga bêlah | lajêng angalih papan | prang Jati Pandhawa riwut | Mayor [Ma...]

--- 117 ---

[...yor] Kalèrêk kang pêjah ||

24. tumpêsan bala Kumpêni | dragundêre kapat bêlah | tri atus jalan kakine | nungkul gêsang sèkêt gangsal | dene Kumpêni Islam | pêjah sèwu kalih atus | lan wolung dasa sakawan ||

25. akathah têtiyang mati | mungsuh rewang ingkang pêjah | lamine wontên Pagêlèn | inggih pijêr jêjagongan | surate Arungbinang | gih paman wêkasanipun | sêsambat atutur warta ||

26. tuwan badhe dèn aturi | dhatêng ing rayi sampeyan | Dipati Jayaningrate | têdhak dhatêng Pangangsalan | mila mangke kawula | ajrih yèn darbea atur | nyaru wuwus tanpa ngrasa ||

27. sayêkti agêng kang pikir | tuwan lan rayi sampeyan | mèh timbang sami wawrate | punika pantês prayoga | nglawanana bicara | kula pun Rungbinang nuhun | datan pantêsa bicara ||

28. kalawan jêng padukaji | kula ingkang damêl nistha | abdi kang damêl pangraos | purun lêlawanan sêrat | patik langkung nêracak | gih amung bicara jagul | punika purun kawula ||

29. yèn rayi sampeyan benjing | dhèrèk sakarsa paduka | Pagêlèn gampil kemawon | sadaya yèn tanah Jawa | kadi botên sumêlang | kula paman têka nurut | dicêngengong Arungbinang ||

30. panggraitèng kula batin | Si Rungbinang iki baya | wus agilig ing rêmbage | lan si adhi Pakalongan | de wruh bakal kongkonan | adhi mas marang ing ingsun | amung [a...]

--- 118 ---

[...mung] ngêlêti kang dina ||

31. pun adhi dutane prapti | pun Rôngga Purwadipura | angaturakên surate | kula baris Barengkelan | dhimas ngaturi têdhak | masang sônggarungginipun | dêlèr sangêt butarêpan ||

32. pun adhi mas angêngijing | sampun tan purun nunggila | wong Pakalongan barise | buh mangsanipun gapruka | mila kangmas dèn rikat | têdhak paduka pukulun | dhatêng nagri Pangangsalan ||

33. kula gugup mara nênggih | mring pun adhi Pakalongan | dadya tilar ing Pagêlèn | mila dèrèng kongsi rata | Pagêlèn misih mangkak | paman saking wagêdipun | Si Tumênggung Arungbinang ||

34. sangêt ngungun kula adhi | èngêtane kangjêng sultan | ing mangke anggung pinoyok | Adhi Lurah Mangkupraja | nguni sapolah kula | rêmbag papetar puniku | jêng sultan èngêt sadaya ||

35. mila kula dèn poyoki | kabèh kaluputan kula | sultan wiwit majartine | lêlakon kula kang salah | puniku kang cinêgah | amurwa kula rahayu | amrih luhur ing wêkasan ||

36. bab Pangran Têpasanèki | puniku yèn kangjêng sultan | botên patitis kisase | maksih pantês ingapura | sinupatan kewala | nuntên dèn srahna puniku | kang senapati santosa ||

37. makatên pikire adhi | sultan awas ing wêweka | tiwas kawula pêpinton | dene kirang pangapura | mila apêsing aprang | sultan panggraitanipun | tiwas kula winiweka ||

--- 119 ---

38. Mangkupraja turirèki | inggih ta sampun dilalah | sabarang yèn kêdah dados | têka emut ing wêweka | nyêgah tuladhan lêpat | wong agung sarêng gumuyu | sami ta botên kadosa ||

39. sigra gumantya ngabêkti | Tumênggung Jayanagara | Pangeran Juru têtakèn | dhi lurah puniki sapa | matur ki adipatya | puniki wijiling dhusun | ing Lumbu Sutawijaya ||

40. pênêd damêle ngajurit | mila kinarya wadana | ingagêngkên wadanane | Tumênggung Jayanagara | Pangran Juru ngandika | gih nadyan wijiling dhusun | lamun puniki sêmbada ||

41. ing dhêdhapuran prayogi | utawi pênêding karya | ing paprangan prawirane | pantês andhokohi yuda | ulate galak tatag | kaya anyuduka gapruk | arowa gagah asinggah ||

42. mundur gantya kang ngabêkti | Ki Tumênggung Mangkuyuda | Pangran Juru gya têtakèn | sintên puniki ki lurah | matur sang adipatya | gêbal sampeyan pukulun | anak panèkêt nirbaya ||

43. kadangipun paman Wêdhi | kang anèm pun Sutamarta | saking kaparak wijile | katingal pênêding karya | mila inggih kinarya | wadana bumi pukulun | kang karya wayah paduka ||

44. Radèn Sukrama rumiyin | mêningi alam sampeyan | toging damêl lacak lècèk | balik ing putra andika | Jêng Sultan ing Ngayogya | duk sakêdhap prang kaburu | nuntên balik ing Walônda ||

45. nuntên sultan unggul malih | Kumpêni malih kasoran |

--- 120 ---

nuntên enggal wangsul malèh | ing putra paduka sultan | inggih Radèn Sukrama | sultan watak sêtya tuhu | Radèn Sukrama dèn lunas ||

46. prasami kêkês ing wuri | dene kadang naking sanak | kasêmbuh dadi ipene | bolak balik ati rucah | milanipun dèn lunas | gumujêng Pangeran Juru | inggih talah adhi lurah ||

47. watak tanggon mati urip | mantêp watake jêng sultan | nadyan kadang tuwa lècèk | punika kinarya lunas | inggih Radèn Sukrama | ki adipati umatur | mila ing mangke karsanya ||

48. walah paduka sang aji | ing bumi tumut angiwa | ingkang bumi jênêngane | gêbal sampeyan punika | ingkang karsa sang nata | kinarya wadananipun | ing mantri bumi samangkya ||

49. Pangran Juru mèsêm angling | adhi yèn wiji kaparak | pantês minggah saênggone | nadyan Panajung dadosa | bupati tanya nyêngka | Radèn Sukrama puniku | dede wataking prawira ||

50. wadana lêbêt gya prapti | Tumênggung Puspanagara | ngirid prapta sakancane | duk sami tata alênggah | Pangran Juru têtanya | sintên ta adhi puniku | matur wau ki dipatya ||

51. pan wadana lêbêt sami | nguni pun Kakang Tohjaya | ing Lamongan Ngabèine | mangkya kinanthi sang nata | duk jêngkar Pranaraga | atilar Lamongan labuh | saanak putu binêkta ||

52. anglabuhi lara pati | kondure putra paduka | ing nagri duk karêbate | inggih pun kakang punika |

--- 121 ---

tan kalilan mantuka | mring Lamongan karsa prabu | kinanthi nèng Kartasura ||

53. rêmak rêmpu angantêpi | ing punika pan kinarya | ing têngên wadana gêdhong | Tumênggung Puspanagara | pangran sigra anyandhak | agupuh ing astanipun | Tumênggung Puspanagara ||

54. adhi lurah kawuleling | duk Pamrêbung lawan kula | kuyu-kuyu salamine | mangke sêdhêng kinanthia | mukti anèng nagara | wêwalêse sêtya tuhu | abdi kang alabuh pêjah ||

55. tan kalilan angabêkti | asêsalaman kewala | mung mangsah mundur sêmbahe | agantya Tumênggung Sasra | Pangran Juru têtanya | ki adipati sumaur | inggih pun Sasradiningrat ||

56. pun Paman Kartayudèki | ing Warung kang asêsuta | ingkang pinundhut sang katong | manakawan nèng jro pura | duk jêngkar botên pisah | mangkya kinarya pukulun | wadana kaparak kanan ||

57. Pangran Juru ngandikaris | pan punika pulang kandhang | mantri kaparak bapakne | iki angungkuli bapa | nulya Puspakusuma | ki patih matur nakipun | pun Kakang Puspanagara ||

58. wadana kaparak kering | Pangeran Juru ngandika | eling nagara wêwinèh | dika ing ngriki dhi lurah | ing tabêd dèrèng ilang | punggawane bagus-bagus | pantês angrèh pêpucungan ||

220. Pocung[14]

1. pra Tumênggung Ngayogya gih bagus-bagus | nanging maksih kêmba | botên nyamlêng kadi ngriki | botên asor patute dika dhi lurah ||

2. inggih lamun lêlawanan bicarèku |

--- 122 ---

bilih kalêrêsan | mratikêlakên ing pikir | lamun botên kalêrêsan ta wikana ||

3. ing Ngayogya pan amung jêng sultanipun | kang gawat kaliwat | tatag tanggon amrih titih | titikane ing tata tinula-tula ||

4. barang laku tanggah tangguh têtêg kukuh | tan mingsêr satêbah | winawas wani ngantêpi | gêgamane ing batin mung lakaola ||

Tamat.

--- [0] ---

Isinipun

... Kaca

--- [0] ---

... Kaca

1. § Miturut babon ingkang sumimpên ing Kon. Bat. Gen. v. K. en W. (kembali)
2. Sengkalan: mulat liman obahing rat (Kêmis Paing, 4 Jumadilakir 1682 A.J., Rabu, 24 Februari 1757 A.D.). (kembali)
3. kang. (kembali)
4. Teks asli: Pucung. (kembali)
5. di. (kembali)
6. nagari. (kembali)
7. satangkêpipun. (kembali)
8. pêpanggih. (kembali)
9. sawêg. (kembali)
10. sabab. (kembali)
11. Kurang satu suku kata: kang ibu sigra nambungi. (kembali)
12. Sengkalan: gunaning kang bramana ngrasa tunggalipun (Ahad, 29 Bêsar 1683 A.J., Minggu, 3 September 1758 A.D.). (kembali)
13. Sengkalan: rasa liman angobahakên ing janmi (Kêmis, 7 Sura 1686 A.J.), sic. seharusnya: Sêlasa, 7 Sura 1686 A.J., Selasa, 19 Agustus 1760 A.D. (kembali)
14. Teks asli: Pucung. (kembali)

DATA NASKAH
Jilid 1
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -

Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 1 dari 21
Jilid #: 1
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 15.5 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Oct 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 2
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti

Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.

18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 2 dari 21
Jilid #: 2
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259a
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 78
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 15.5 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-78 + 2 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.

Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 3
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.

11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 3 dari 21
Jilid # : 3
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259b
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -

Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya

Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Asli
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.7 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman] + 1 halaman kosong. Angka Arab.

Sebelumnya 1 2 Berikutnya

Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Asli

Jilid 4
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.

3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka

Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 4 dari 21
Jilid #: 4
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259c
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.8 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 5

Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.

19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 5 dari 21
Jilid # : 5
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259d
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.7 x 10.9 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi

Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Oct 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 6
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.

12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 6 dari 21
Jilid # : 6
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259e
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2

Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.8 x 10.9 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman]. Angka Arab.

Sebelumnya 1 2 Berikutnya

Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Oct 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 7
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.

5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 7 dari 21

Jilid #: 7
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259f
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.7 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman] + 1 halaman kosong. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 2000
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 8
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa

Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :
1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.

21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.
Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 8 dari 21
Jilid #: 8
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259g
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.7 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman] + 1 halaman kosong. Angka Arab.
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 1999
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 9
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.
7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.

14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 9 dari 21
Jilid # : 9
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259h
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka
Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1937
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya
Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4

Ukuran teks : 16.7 x 10.8 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman] + 1 halaman kosong. Angka Arab.

Sebelumnya 1 2 Berikutnya

Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 1999
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy

Jilid 10
Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985

Katalog

Katalog # : 985
Titel : Babad Giyanti
Versi : Balai Pustaka
Tahun : 1937-39
Image : Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Kisah perlawanan Pangeran Mangkubumi kepada Pakubuwana II, dan diakhiri dengan serangan Pangeran Mangkubumi ke Panaraga. Di samping itu, merupakan uraian peristiwa yang terjadi di beberapa tempat seperti Wirasaba, Japan, Keduwang, dan Giyanti, sebelum terjadinya perjanjian Giyanti.
Kata kunci : aksara, babad, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital :

1. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 01). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1061.
2. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 02). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1062.
3. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 03) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1063.
4. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 04). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1064.
5. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 05). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1065.
6. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 06) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1066.

7. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 07). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1067.
8. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 08) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1068.
9. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 09). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1069.
10. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 10). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1070.
11. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 11) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1071.
12. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 12). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1072.
13. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 13) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1073.
14. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 14) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1074.
15. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 15) . Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1075.
16. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 16). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1076.
17. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 17). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1077.
18. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 18). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1078.
19. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 19). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1079.
20. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 20). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1080.
21. Babad Giyanti, Balai Pustaka, 1937-39, #985 (Jilid 21). Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad Giyanti #1081.

Deskripsi

Judul
Luar : Babad Giyanti
Dalam : -
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : Balai Pustaka
Penyusun
Tidak ada data
Jilid
Jumlah : 10 dari 21
Jilid # : 10
Series ref. : Balai Pustaka No. 1259i
Jilid titel : -
Penerbit : Bale Pustaka

Tempat : Batawi Sèntrêm
Tanggal : 1938
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 79
Gambar : -
Kosong : -

Sebelumnya 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 Berikutnya

Sumber
Jumlah : 1 dari 2
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 985
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : F4
Ukuran teks : 16.8 x 10.9 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : 1 halaman judul + 1 [tanpa nomor halaman] + 1 [tanpa nomor halaman] + 4-79 + 1 daftar isi [tanpa nomor halaman] + 1 halaman kosong. Angka Arab.

Sebelumnya 1 2 Berikutnya

Digitisasi
Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Aug 1999
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #985 Fotocopy